# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

www.ziyouz.com kutubxonasi

ӨЗБЕКИСТАН ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫНЫҢ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИ

ҚАРАҚАЛПАҚ ГУМАНИТАР ИЛИМЛЕР
ИЛИМИЙ-ИЗЕРТЛЕЎ ИНСТИТУТЫ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

***Көп томлық***

77–87-томлар



НӨКИС «ИЛИМ» 2014

www.ziyouz.com kutubxonasi

ББК 82.3 (5Ў-6К)
К 59

Қарақалпақ халқының аўызеки көркем дөретпелери кең тараўлы. Соның үлкен бир саласын прозалық жанрлар қурайды. Халық прозасы жанрлары қурамында түп-тамыры дүньяўий қәдириятлар менен ушласатуғын *мифлер*, бөрттирмели ҳәм қыялый тоқымаларға қурылған *әпсаналар*, даналық ой-пикирлердиң түйини болған *рәўиятлар*, аўызша тарийх хызметин атқарып келген *аңызлар*, дереклик әҳмийетке ийе *аўызеки гүррицлер*, ата-тек шынжырласлығын баянлаўшы *шежирелер*, дилўар инсанлар тилинен дөрелген *шешенлик сөзлер*, күлкили ис-ҳәрекетлерди сәўлелендириўши *анекдотлар*, тапқырлық пенен айтылған *жүйели сөзлер* ҳәм қыйсыны қыйыстырылған, жалықтырмайтуғын *лаплар*, инаным-исенимлер тийкарында қәлиплескен *ырым-тыйымлар* бар болып, олар неше әсирлер бойы халықтың руўхый талапларын қанаатландырып келди. Соның менен бирге, булар қатарынан гейде прозалық, гейпара ҳалларда тутас поэзиялық үлгиде айтыла келип, адамның жақсы нийетинен, яки ғәзеп туйғыларынан дөрейтуғын *алғыслар ҳәм қарғыслар* да орын алған.

Бул дөретпелердиң басым көпшилиги биринши мәрте жеке-жеке жанр түринде усы көптомлыққа енгизилмекте ҳәм олар ишки тематикасы бойынша системаластырылған ҳалда жиберилип отыр. Усынылып отырған көптомлық тилшилер, әдебиятшылар, фольклортаныўшылар, мәденияттаныўшылар ҳәм халық аўызеки дөретпелери менен қызығыўшы барше оқыўшылар қатламына арналған болып, ол жасларды ўатаншыллық руўхында тәрбиялаўға, кең жәмийетшилик ўәкиллери арасында миллий қәдириятларымызды үгит-нәсиятлаўға ҳәм ен жайдырыўға хызмет етеди.

Бас редактор:
*профессор Н. Қ. Аимбетов*

Жуўапты редакторлар:
*филология илимлериниң кандидаты А. И. Альниязов*
*филология илимлериниң кандидаты Ж. Хошниязов*

Бул көптомлық Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Илим ҳәм технологияларды раўажландырыўды муўапықластырыў Комитетиниң И1-ФК-0-24819-санлы Инновациялық гранты жәрдеминде баспадан шығарылды.

К 59 **Қарақалпақ фольклоры**. Т. 77-87 / Бас редактор Н.Қ.Аимбетов; Жуўапты редакторлар: А.И.Альниязов, Ж.Хошниязов. ӨзИА Қарақалпақстан бөлими, Қарақалпақ гуманитар илимлер илимий-изертлеў институты. — Нөкис: «Илим». — 2014. — 560 б.

ББК 82.3 (5Ў-6К)

ISBN 978-9943-374-39-3

© «Илим», 2014

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


Киригиў ........ 4

Мифлер ҳәм мифлескен әпсаналар ........ 13

Әпсаналар ........ 43

Аңызлар ........ 81

Шежирелер ........ 179

Раўиятлар ........ 223

Шешенлик сөзлер ........ 285

Аўызеки гүрриңлер ........ 325

Жүйели сөзлер ҳәм лаплар ........ 393

Анекдотлар ........ 427

Ырымлар ҳәм тыйымлар ........ 493

Алғыслар ҳәм қарғыслар ........ 531

Түсиниклер ........ 555




www.ziyouz.com kutubxonasi

***«Ҳәр қандай халық яки миллеттиң мәнаўиятын оның тарийхынан, өзине тән үрп-әдет ҳәм дәстүрлеринен, турмыслық қәдириятларынан бөлек ҳалда көз алдымызға келтирип болмайды. Бул бағдарда, әлбетте, мәнаўий мийрас, мәдений байлықлар, әййемги тарийхый естеликлер ең әҳмийетли факторлардың бири болып хызмет етеди».***

**ИСЛАМ КАРИМОВ**

*АЛҒЫСӨЗ*

*Қарақалпақ халық прозасы көп тараўлы болып, мыңлаған жыллар даўамында халқымыздың миллий орталығындағы руўхый зәрүрликлерди қанаатландырып киятырған қәдириятлардың бири. Олардың пайда болыўы, қалиплесиўи, дөретилиў усылларының раңбареңлиги, бай эстетикалық ҳәм этикалық қунлылығы, олардың мазмунында халықтың тарийхый турмыс қалпиниң өзине ылайық тәризде сәўлелениўи, миллий туйғылардың ҳәм дәстүрий салт-сананың, пикирлеў, ойлаў, баянлаў өзиншелигиниң түрли қырларын тәмийинлеўши көркем факторлар илимий көзқарастан айрықша қызығыўшылық пайда ететуғынлығы сөзсиз.*

*Бул мәселениң әҳмийетин өз ўақтында түсинип, усы бағдардағы изертлеўлерди баслап берген Н.Даўқараев, Қ.Айымбетов, О.Кожуров ҳәм т.б. алымлар қарақалпақ фольклорындағы бурыннан үрдисли дәстүр болып киятырған поэзия жанрларынан проза жанрларын өз алдына ажыратып алыўға ҳәм оларға тийисли илимий бақлаўлар жүргизиўге қозғаў салды. Профессор Қ.Айымбетовтың 1920-30-жыллары жәрияланған илимий пикирлери сол дәўир көзқарасларына ылайық жуўмақластырылғанлығы айқын. Себеби, бул бақлаўлардың түп мәнисинде қарақалпақ халық прозасы түрлериниң ҳәрқыйлылығын баҳалаў менен бирге, оларды бир-биринен ажыратып алыў, атамалар таңлаў зәрүрликлерин келтирип шығаратуғын тийкарлар жатлескен.*

*Өткен әсирдиң 40-50-жылларына келип, қарақалпақ халық прозасын түрлерге ажыратыў мәселеси әдеўир кеңейди. Халық аўызеки дөретпелериниң үлгилери бойынша мағлыўматлардың көплеп жыйналыўы ҳәм илимий-теориялық әдебиятлардың жаңа қалиплесип киятырған илимий орталыққа тартылыўы менен жаңаша пикирлеў тенденциялары пайда болды. Халық прозасы туўралы жүзеге келген пикирлер қарақалпақ халқының аўызеки дәстүрий прозалық жанрларын түрлерге ажыратыўды толық ҳалында өз ишине қамтымаса да, соңғы изертлеўлерди дурыс жолға бағдарлайтуғын өзгешеликлери менен әҳмийетли екенлиги тақыйық.*

*Қарақалпақ халық прозасын жыйнаў, жәриялаў машқалалары XIX әсирдиң соңында ҳәм дерлик XX әсир даўамында әмелге асырылса да, бул процесс XX әсирдиң 60-70-жылларында айрықша ҳәўиж алды. Бул дәўирде Өзбекистан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының жумыс баслаўы ҳәм онда арнаўлы қарақалпақ фольклоры бөлиминиң ашылыўы усы ийгиликли истиң бирқанша алға илгерилеўине мүмкиншиликлер туўдырып берди. Жыл сайын өткерилетуғын фольклорлық экспедицияларда көп тараўлы халық аўызеки дөретпелери қатарында қарақалпақ халық прозасының да ҳәрқыйлы үлгилери жыйылып, «Қарақалпақстан» баспасында «Қарақалпақ халық легендалары менен анекдотлары» деген атамада 1962-жылы басылып шықты. Кейин бул китап толықтырылып ҳәм бирқанша тематикалық өзгерислер киргизилген ҳалда, арадан отыз жылды өткерип «Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери» деген ат пенен қайта жарық көрди. Бул басылымларда қарақалпақ халық прозасының айырым үлгилери түрлерге ажыратылып жиберилгени менен, елеспели дәрежеде жанрлардың араласыў ҳалатлары сезиледи. Буның баслы себеби, әлбетте, қарақалпақ халық прозасы жанрларына жетерли ҳәм анық классификация исленбегенлигинде еди.*

*Қарақалпақ фольклоры түрлерин классификациялаў, соның ишинде қарақалпақ халық прозасы жанрларын терминлик жақтан анықлаўда белгили илимий нәтийжелерге ерискен*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*профессор Қ.Мақсетов «Миф термини ҳәрқыйлыша, қәлеген орында қолланып келеди. Қандай да бир ҳәдден зыят қыялый әўретлелерге де миф деп айтыўшылық ушырасып қалады» деген дурыс тоқтамға келеди.*

*С.Бахадырова өзиниң халық прозасына арналған мақаласында олардың терминлик атамаларын белгилей отырып, илимде аңыз, әпсана, миф, легенда, болмыс, рәўият ҳәм т.б деген атлар менен бериletуғынлығына тоқтап, «Бүгинги күнге дейин толық түрде өз изертлениўин таппаған, және сабақлықларда, бағдарламаларда, илимий мийнетлерде еле алжасықлы пикирлер менен жасап киятырған жанрлар бар. Олар әпсана, аңыз, легенда, миф, халық гүрриңлери» деп ескертип өтеди ҳәм оларды изертлеўге бағдарлаўшы пикирлер менен бирге, халық прозасы жанрлары араларындағы өзине тән өзгешеликлерди дәл ҳәм анықлап бериў ўазыйпаларын да белгилеп береди. Әлбетте, халық прозасы жанрларының терминлерин қәлиплестириў, оларды өз орынларында пайдаланыў мәселеси узақ ўақытлардан бери тилге алынып киятырған, бирақ елеге шекем тийисли жуўмақларға ийе болмаған таласлы-тартыслы илимий объект екенлигиниң өзи бул мәселени үзил-кесил шешиў зәрүрлигин келтирип шығарады. Егер мәселениң усы жағын басшылыққа алсақ, халық прозасы жанрларын тәртиплестириў машқаласы, оларға ат таңлаў, жәмийетлик орталықтағы атқарылатуғын хызметлерин анықлаў, композициялық дүзилисине итибар бериў, идеялық бағдарына, көркемлик дәрежелерине дыққат аўдарыў жумысларын тутас ҳалында әмелге асырғанда ғана тийисли шешимлерди таба алыўымыз мүмкин екенлиги көринеди. Соның ушын да биз, ең биринши гезекте, ҳәрқандай жанрдың өзине тән өзгешеликлерине дыққат аўдарыўымыз тийис. Оларды тереңнен үйрениў ҳәм анықлаў келешектеги ўазыйпалардың бири болып, ҳәзирше бизге мәлим болған терминлик атамалардың критерийлерин белгилеўди ҳәм халық прозасы жанрларын қәлипке түсириўди өз алдымызға ўазыйпа етип қойдық. Бунда биз ҳәрбир жанрдың атқаратуғын хызмети, объекти ҳәм қаҳарманлары, реаллыққа қатнасы, дүзилиси ҳәм көркемлиги, идеялық бағдары сыяқлы бирқатар әҳмийетли өзгешеликлерге сүйенемиз.*

***Мифлер ҳәм мифлескен әпсаналар.*** *Мифлер – қарақалпақ халық прозасы қурамындағы ең ески түрлердиң бири. Инсан өзиниң ойлаў, пикирлеў қабилетлерин қәлиплестириў ҳәм жетилистириў барысында өзин қоршаған орталыққа, дүньяға көзқарасларын билдириў мақсетинде ҳәрқыйлы тоқыма сюжетлерди пайда еткен. Тилсимли сырларға толы ҳәм түсиниксиз болмыс адамларды ойланыўға, олардың себеплерин билиўге умтылдырған. Бул дәўирлерде диний үгенимлер еле толық қәлиплесе алмай атырғанлықтан, мифлердиң мазмунлары көбинесе илаҳий күшлердиң қатнасысыз, «сап» ҳалында баян етилетуғынлығы да усыннан болса керек. Мифлердеги инсанлардың қызығыўшылық талапларын қанаатландырыўшы факторлар олардың себеплерин түсиндириў зәрүрлигин келтирип шығарған. Солай болса да, бизге шекем жетип келген мифлик түсиниклердиң басым бөлеги дерлик диний басламалардан ибарат екенлигин қатаң esапқа алыўымыз тийис. Бунық себеби, ҳәрқандай дин ең биринши нәўбетте халықтың санасында қәлиплескен руўхый жетискенликлерин, сезим-түйғыларының жемислерин өзине бойсындырыўға ҳәрекет етеди ҳәм солар арқалы үгит-нәсият жумысларының өнимлилигин, нәтийжелигин тәмийинлейди. Биз мәселениң усы тәрепин есапқа алған ҳалда ҳәм жыйналған мағлыўматлардың көлемлерине, мазмунларына тийкарланып, олардың атамасын «Мифлер ҳәм мифлескен әпсаналар» деп белгилеўди мақул көрдик.*

*Мифлер ҳәм мифлескен әпсаналардың қаҳарманлары жаратыўшылар, жаратыўшы қудайлар, әпсанаўий пайғамбарлар, гейпара ғайрытәбийий күшлер ғана болыўы мүмкин. Мифлердиң объектлери бизди қоршаған тәбият әлеми – аспанның, аспан денешелериниң, жердиң, ҳәрқыйлы тәбият ҳадийселериниң пайда болыў себеплерин, тиришилигимиз ушын зәрүрли болған жанлы-жансыз жаратылыстың (дарақ, көл, дәрья, теңиз, таў, ат, ҳаўа ҳәм т.б.) пайда болыў дереклерин түсиндириўи менен ажыралып турады. Мифлердиң дәслепки басқышларының объектлери антропоморфлық өзгешеликлери менен де көринеди. Онда Адам Ата, Ҳаўа Ене, Нуў ҳәм Сулайман пайғамбарлар мәдений қаҳарманлар сыпатында тиришиликти баслаўшылар, оны қорғаўшылар ҳәм қәлиплестириўшилер образларында көринеди.*

*Мифлердиң руўхый орталығымыздағы ўазыйпасы сол өзлери пайда болған дәўир талапларына ылайық ҳәм белгили бир жәмийетлик тәсирлердиң нәтийжесинде пүткил болмыстың жаратылыс себеплерин түсиндирип бериўден ибарат.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Мифлер басым көпшилиги қара сөз (проза) түринде, атқарыўшылары «ҳақыйқат» деп тапқан, бөрттирме сюжетлер жәрдеминде образлары идеалластырылған гиперболизмлердиң ҳәм фантазиялық пикирлеўлердиң эпикалық нәтийжелерин өз мазмунларына жәмлестиреди. Оның идеялық өзгешеликлери, бул дүньяға келип жасаў несип еткен адамлардың өзлери тиришилик етип отырған болмыстың сырларын билиўи, оларды қәдирлеў, ҳүрметлеў, жақсы менен жаманды ажыратып үйрениў сыяқлы түсиниклеринде айқын көринеди.*

*Қарақалпақ халық мифлери ҳәм мифлескен әпсаналары айтарлықтай дәрежеде көп емес. Оның тийкарғы себеби, бурынғы аўқамлық дәўирдеги миллий-руўхый мийрасларға деген қәдирсизлик, бийпарўалылық, итибарсызлық болды. Гейпаралар өзлериниң миллий руўхый мийрасларын «өтмиштиң қалдығы» деп баҳалаўға шекем жетти. Соның ақыбетинде мифлер өз ўақтында жыйналмай қалды. Соған қарамастан, ҳәзир биз жәмлестирип баспаға усынып отырған материаллар ӨзР ИА ҚҚБ фундаментал китапханасында сақлаўлы қолжазбалардан, китабый дереклерден ҳәм қарақалпақ халық аўызеки дөретпелерине қызығыўшы ықыласлылардың берген дала жазыўлары менен толықтырылды. Оларды паспортизациялаў мәселесинде ҳәрбир эпикалық мағлыўматтың қолжазбалар фондындағы сан көрсеткишин ҳәм инвентарь санларын бериўди мақул көрдик. Егер ким қайсы материал менен толық танысқысы келсе, усы дереклер арқалы оларды излеў ҳәм табыў мүмкиншиликлерине ийе.*

***Әпсаналар.** Қарақалпақ халық прозасы жанрларының ишинде әпсаналар айрықша орын ийелейди. Олардың пайда болыўы, қәлиплесиўи, раўажланыўы басқышлары тарийхый-жәмийетлик тәсирлердиң нәтийжесинде әмелге асырылады. Яғный онда күнделикли турмыс мәселелери баслы әҳмийетке ийе болады. Мәселен, дүнья жаратылғаннан кейин оны қәлипке келтириўши күшлердиң, адамлардың күнкөрис жағдайларын жақсылаўға қаратылған образлар ҳаққында сөз етиледи. Ата-бабаларымыз тийкарынан шарўашылық, дийқаншылық, өнерментшилик, балықшылық кәсиплери менен шуғылланған. Усы кәсип өнер ийелерине «тийкар салған» адамлар сол кәсипке берекет келтиретуғын пирлер сыпатында әпсаналардың бас қаҳарманларына айланады. Булардан тысқары, дiний уламалардың таң қаларлық кераматларын баянлаўшы мағлыўматлар да әпсаналардың ең салмақлы эпикалық материаллары болып табылады.*

*Әпсаналардың тийкарғы ўазыйпасы – тарийхта жасап өткен, яки жасағаны беймәлим болса да, болғандай етип тәрипленетуғын, халық сүйген қаҳарманларды ардақлаў, улығлаў, олардың кераматлы ҳәрекетлерин үлги етип, әўладтан-әўладқа жеткериўден ибарат. Әпсаналар тәбияты жағынан қospалы жанр, олардың мазмунлары синкретизмге толы болады. Айырым мифлик образлар бираз жумсартылған ҳалда әпсанаға өтеди, ал әпсана ҳешқашан да мифлик сыпат ала алмайды. Оның есесине, аңызлар да әпсанаға айланыўы мүмкин, бирақ әпсана аңыз бола алмайды. Демек, әпсаналар мифлер менен аңызлар ортасында қәлиплескен, олардың сюжетлик, мотивлик элементлери менен байытылған, соның менен бир қатарда, өзине тән атқаратуғын хызметлерине, объектине, қаҳарманларына, көркемлик ҳәм идеялық дәрежелерине ийе жанр есапланады.*

*Аты-аңызы әпсанаға айланған қаҳарманлар: Зәңги баба – қарамал пири, Ўайсил Қара – түйениң пири, Жылқышы ата – жылқы пири, Шопан ата – қойдың пири, Шекшек ата – жанлық пири, Дийқан ата – дийқаншылық пири, Даўыт ата – темиршилер пири, Султан Үўейс – суўдың пири, Айдар – самалдың пири, Найлеж баба – шығыршылар пири, Қыдыр ата (Ҳәзирети Қыдыр) – жолаўшылар пири, Шаҳымардан – ашықлар пири, сондай-ақ уллы тулғалар сыйынған, журтшылық тан алған: Жайылхан, Қаўыс-Қыяс, Арыслан бап, Қарасан баба, Ҳәзирети Султан, Ҳаким ата ҳәм т.б. қаҳарманлар әўладлар санасында узақ ўақытлардан бери тәрипленип киятырған ел халықтың ғайбана мәдеткерлери, кәмбил пирлери сыпатында улығланады.*

*Муқаддес Қураны Кәримниң сүрелеринен, аятларынан орын алған пайғамбарлар – Йусип, Ибрайым, Исмайыл, Ийса, Мухаммед ҳәм халифалар – Омар, Оспан, Әлий сыяқлы қаҳарманлардың эпикалық образлары тутасы мен әпсаналық сыпатқа ийе. Сондай-ақ, әпсаналардың қатарына археологиялық тарийхый орынлар ҳаққындағы гүрриңлерди де жатқарыўымыз мүмкин.*

*Әпсаналарда анимистлик, фетишлик, магиялық исенимлер айрықша дыққат-итибарға алынады. Мақсети – жәмийеттиң раўажланыўында пирлердиң, кераматлы тулғалардың, басқа да ғайры күшлерге ийе субъектлердиң «қамқоршылық» орнын белгилеў.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Әпсаналардың көркемлеў усыллары халық прозасы түринде образларды асыра тәриплеў, фантазиялық пикирлеўдиң ҳақыйқат түринде сүўретлениўи менен тығыз байланыста әмелге асырылады. Ал идеясы ҳәрқандай кәраматлы субъектлердиң адамларға «пайдалы» тәреплерин үгит-насиятлаў, сол арқалы турмыс-тиришилик машқалаларын жүйлестириў, жәмийеттиң раўажланыўын тәмийинлеўге қаратылған болады.*

*Бул басылымға енгизилип отырған әпсаналардың текстлери ӨзР ИА ҚҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондынан, бурын басылып шыққан китаплардан, республикалық баспасөз бетлеринде жәрияланған материаллардан ҳәм жеке авторлардың жәриялаған китапларынан, халық аўызеки дөретпелерин жыйнаўға қызығыўшы оқыўшылардың топлаған мағлыўматларынан алынды. Тағы бир ескерте кететуғын жағдай, Қарақалпақстаннан тысқарыда жасайтуғын қарақалпақлар әпсаналарының бурын жәрияланбаған жаңа нусқалары тарийхый мәдений өтмишимизге ҳүрмет жүзесинен топламға жиберилип отыр. Әлбетте, ҳәзирги күнде де халқымыз орталығында еле жұртшылыққа мәлим болмаған әпсаналар көплеп ушырасады. Соның ушын да биз, әпсаналарға тийисли барлық мағлыўматларды таярланып отырған томға толық қоса алдық деген пикирлерден аўлақпыз. Тийкарғы мақсетимиз жәмийетлик мүлкке айланған, яғный китапханамыздың қолжазбалар фондында есапқа алынған материаллар үстинде текстологиялық жумыслар ислеўден ҳәм оларды жәриялаўдан ибарат болды.*

***Аңызлар.*** *Аңызлардағы сөз етилетуғын ўақыялар, ҳәдийселер, образлар дүркини тарийхый турмыс пенен тығыз байланыста болып, тарийхый фактлерге тийкарланған болады. Атқаратуғын ўазыйпасы бойынша қандай да бир болып өткен тарийхый ўақыяларды, турмыста жүз берип өткен елеўли ҳәдийселерди, белгили адамлар ҳаққындағы, анық географиялық орынлар, урыў, қәўим, халық атамалары туўралы зәрүрли мағлыўматларды әўладтан-әўладқа жеткерип туратуғын өзгешеликлери менен көринеди. Аңыз ҳәрекеттеги жанр болғанлықтан, ол жәмийетлик орталық талапларынан келип шығып, өз мазмунларына ҳәр қыйлы дәўирлик қатламлардың аңыз етиўге ылайық болған кеширмелерин сиңдирип алады. Аңыздың бас критерийи тиккелей тарийхый-жәмийетлик ҳәм ҳақыйқый турмыслық ўақыялардың көркем түриндеги қыялый фантазиялық тақымалар менен байытылғанлығы арқалы белгиленеди. Соның ушын да ол илимде «аўызеки тарийх» түринде пайдаланылады. Аңызларды тарийхый турмыслық тәсирлер, руўхый зәрүрликлер пайда етеди. Олардың мазмунларындағы көркем қосылмалар сол тарийхый ҳақыйқатлықты тастыйықлаўшы хызмет атқарады.*

*Аңызлар қысқа сюжетли бир ямаса еки тарийхый мағлыўматларға бағдарланған болады. Деген менен, ўақыялы композициялық тутаслықлардан қуралған, гиперболизм менен қандырылған метафора, теңеў, эпитет сыяқлы көркемлеў қураллары менен безелген кең қамтымлы («Тумарис», «Шырақ», «Ҳаяллар патшалығы ҳаққында аңыз», «Гүлдирсин», «Шымбай», «Дәўқара» ҳәм т.б.) дөретпелер де аз емес. Аңызларда тақыма сюжетлер әпсаналарға қарағанда кемирек қолланылады ҳәм фантазиялық пикирлердиң өзинде де тарийхый шынлыққа бет бурыў тенденциясы сезилип турады. Тийкарынан аңызлар тарийхый турмыстың көркем халықлық дөретиўшилик усыллар менен, тақыма сюжетлер жәрдеминде де ҳәрқандай тарийхый фактти тастыйықлаўға қаратылған өзгешеликлеринен көринеди.*

*Аңызлардың идеясы халық қаҳарманларының үлгили ислерин, айрықша хызметлерин, белгили бир географиялық маканлар атамаларының пайда болыў себеплерин, урыў, қәўим, халық атамаларының келип шығыў дереклерин көрсетиў менен бир қатарда, оларды ҳүрметлеў арқалы миллий санамыздың өсип-жетилисиўин тәмийинлеўден ибарат.*

*Аңызлардың басым бөлеги қарақалпақ халық прозасының басқа жанрлары сыяқлы фундаментал китапхананың қолжазбалар фондында сақланады. Наўбеттеги басылымды таярлаўда, биринши гезекте, усы материаллардан пайдаланылды. Аңызлар сан жағынан оғада көп болғанлықтан, оларды текстологиялық таллаўға көбирек итибар берилди. Себеби бул жанр бойынша бирин-бири қайталаўлар, мотивлескен турақлы сюжетлердиң ҳәр қыйлы адамлардың атлары менен байланыслы сөз етилиўи, гейпара текстлердеги сюжетлик шубалаңқылықлар, ўақыялардың тамамланбай қалыўы яки дурыс шешим таба алмаўы, оғада жаромсыз тәриплеўлер ҳәм т.б. кемшиликлер аңызлардың бир дүркинин қайта қарап шығыўға*

www.ziyouz.com kutubxonasi

туўра келди. Аңызлардың тәсирин, баҳалылығын арттырыў мақсетинде бурын жарық көрген китаплардағы, журналлардағы, газета бетлериндеги мағлыўматлар жыйналды ҳәм арнаўлы дизимге киргизилип, есапқа алыў санлары менен жиберилди. Усы жанрға байланыслы ҳәзирги информаторлар тәрепинен жыйналған материаллар да қайта исленип, тийисли талапларға ылайықластырылып жиберилди.

**Шежирелер.** Ата-бабалардың өз изиндеги әўладлары ушын қалдырған ең қағыйла ата мийрас мүлки – шежире болып табылады. Шежирелер тийкарынан турмыслық талапларға байланыслы болған зәрүрликлерден келип шыққан. Ҳәрқандай халық, миллет ўәкиллери, ҳәтте урыўлар, тийрелер өзлериниң шығысын, дереклерин билиўге қызығатуғынлығы тәбийий қубылыс. Усы ҳақыйқатлыққа сүйене отырып, биз шежирелердиң пайда болыў дереклерин узақ өтмишке апарып тақаўымыз мүмкин. Бирақ биз ҳәзирше қолымызда бар мағлыўматлар менен шекленди.

Қарақалпақ шежирелериниң қаҳарманлары әдетте Арыўхан, Ақшолпан, Майқы бий, Жайылқан ҳәм т.б. урыўбасылар, қәўимбасылар, улысбасылар түринде белгили болған ўақтында үлкен-үлкен урыўлық бирлеспелерди пайда еткен қыпшақлар, қоңыратлар, маңғытлар ҳаққында да шежирелик мағлыўматлар жийи ушырасады. Әсиресе, жеке урыўлардың келип шығыўы, олардың атамаларының пайда болыў себеплери (қыят, ашамайлы, қолдаўлы, кәндекли, балғалы, қазаяқлы, тийекли, теристамғалы ҳәм т.б.) ҳаққындағы сөз етилетуғын гүррыңлер мазмуны жағынан да, саны жағынан да миллий орталығымызға кеңнен таралып кеткен. Шежирелердиң тийкарғы мақсети – ҳәр ким өзиниң кимлердиң әўлады екенлигин билип жүриўи ҳәм ата-бабаларының руўхларын ардақлап, оларды мақтаныш етиўинен ибарат. Ал ўазыйпасы – келешек әўлад ўәкиллерин өз ата теги менен таныстырып барыў, шежире шынжырының үзилип кетпеўин тәмийинлеў.

Шежирелер жазба түрде де, аўызша түрде де, қосық қатарлары арқалы ямаса қара сөз бенен де баян етиледи. Олардың мазмуны тарийхый дереклерге тийкарланады. Халық шежирелеринде қаҳарманды идеалластырыў тенденциясы басым орын ийелейди. Шежирелерди жыйнаў ҳәм жарияла̌ў, өз алдына жанр сыпатында үйрениў мәселелери еле кешеўиллеп киятыр. Бердақтың белгили «Шежире» дәстанынан басқа халық шежирелери (айырым китаплардағы үзинди мағлыўматларды есапқа алмағанда) еле толық жарияланбаған. Олар өз мүғдарда бизиң китапханамыздың қолжазбалар фондында арнаўлы илимий-әмелий экспедициялар ўақтында жыйналған материаллардың араларында сақланады. Олар бир орынға жәмленип, информаторлардан алынған соңғы мағлыўматлар менен қоса бир қатар текстологиялық жумыслардан кейин баспаға жиберилди.

**Рәўиятлар.** Рәўият бизиң миллий орталығымызда елеге шекем жанр сыпатында өзиниң илимий баҳасын алмаған. Ол гә аңызға, гә әпсанаға кешип, тек тийисли жеринде пайдаланыўға болатуғын жәрдемши термин дәрежесинде ғана белгили. Бирақ жыйналған материалларды үйрениў нәтийжелери оны белгили бир жанр термини сыпатында қолланыў мүмкин екенлигин көрсетеди. Әсиресе, олардың мазмунындағы миллий руўхый толғанысларға жақын болған үгит-насиятлар дыққат-итибарға ылайық. Себеби аўызеки дәстанлардың тийкарынан «Рәўийлер рәўият қылып айтыўынша» деген сөз дизбеклери менен басланыўы өтмиште рәўиятты айтыўшы арнаўлы сөз шеберлериниң болғанлығын ҳәм олар өз сөзлерин басқаларға үлги, ақыл-насият сыпатында баян еткенлигин аңлатады. Қала берсе, айырым сөзликлерде рәўиятлар нақыл, үлги сөз түринде де түсиндирилген. Усыларға тийкарланып, миллий аўызеки прозалық дәстанларымыздан орын алған, әсла адамгершилик пазыйлетлерди улығлаўшы, Ана Ўатанды ардақлаўға, ата-ананы ҳүрметлеўге, өнер үйрениўге, әдеп-икрамлылыққа, ар-намыслы болыўға, денсаўлықтың қәдирин билиўге ҳәм т.б. бағдарлайтуғын ҳикметли гүррыңлерди тарийхый дәстүрди сақлаған ҳалда «рәўият» деп атаўды мақул деп таптық.

Рәўият миллий халықлық прозамызда өзиниң атқаратуғын хызмети бойынша адамларды ақылландырыўшы, ар-намыс туйғыларының қәдирин түсиндириўши, жақсыны жаманнан ажыратыўға үйретиўши, адасқанларды туўры жолға бағдарлаўшы, улыўма, барлық жақсы пазыйлетлерди үгит-насиятлаў ўазыйпаларын әмелге асырады. Рәўиятлар тиккелей ақыл-насият түринде айтылмай мысал, тымсал түринде аўыспалы мәниде де бериліўи мүмкин. Онда ўақыялардың мазмун ушын зәрүрли элементлер турақлы сақланады. Көбинесе

www.ziyouz.com kutubxonasi

*тарийхта болған ўақыялардың қарапайым адамлардың ямаса эпикалық қаҳарманлардың ис-ҳәрекетлеринен үлгилер мысал түринде сөз етиледи. Рәўият текстлеринде диалоглар да пайдаланылады.*

*Рәўият текстлери ӨзР ИА ҚҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында сақлаўлы материаллардан сайлап алынды. Бурын әпсаналарға, аңызларға қосылып жүрген текстлер рәўият жанрына енгизилип, қайта тикленди. Оларды толықтырыўда Шығыс халықларының кең тарқалған ақыл-насият типиндеги аўызеки дәретпелериниң миллий мәдений орталығымызға үйлесимли тәреплерине терең итибар берилди ҳәм өзимиздиң арамызда айтылып жүрген дидактикалық мазмундағы текстлердиң вариантлары миллий руўхый мүлкимиз сыпатында басылымға жиберилди. Рәўиятларды жыйнаўда айырым авторлардың китапларындағы халық аўзынан жазып алынған мағлыўматлардан да пайдаланылды. Сондай-ақ, рәўиятларға ықлас қойған базы ақсақалларымыздың, аналарымыздың берген жаңа мағлыўматлары халқымыздың тарийхый турмысы тийкарында қәлиплескен дәретпелер болғаны ушын ҳәм бул жанрдың өмиршеңлигин тастыйықлаўшы факт ретинде усы китапқа енгизилди.*

***Шешенлик сөзлер.*** *Халқымыздың мәдений-психологиялық, турмыслық келбетин белгилейтуғын өзгешеликлериниң бири бизге шекем жетип келген шешенлик сөзлери арқалы көринеди. Ҳақыйқатында да, ата-бабаларымыздың жасап өткен турмыс орталығында сөзге шешен, ҳәзиржуўап, ойлаў, пикирлеў қәбилети айрықша адамлар болған. Халық олардың айтқан сөзлерин үлги тутып, әўладтан-әўладқа мийрас сыпатында өткерип келген. Мәселен, ўақтында шешенлиги менен белгили болған Асан қайғы, Жийренше, Мәңке, Маман бий, Ережеп тентек ҳәм т.б. инсанлардың ел-журтқа танымалы болыўы олардың сөз өнериндеги тапқырлығы менен түсиндириледи. Солай екен, шешенлик сөзлер тиккелей тарийхый тулғалардың аты менен байланыслы болып, тақсан ойдың түйинин бир сөз бенен шешетуғын шеберлигин, дәл мәўритинде таўып айтылған сөзлериниң тийимлилигин, тәсиршеңлигин, айырым даўлы, бәсекили машқалаларға төрелик етиўдеги тапқырлығын, ақыллылығын, урыс-қағыс, даўжанжеллерди сапластыратуғын сөз қүдиретин баян ететуғын миллий ой-пикирдиң жемиси болып табылады. Шешенлик сөзлер адамларға күшли эстетикалық тәсир жасайды, ой-өристи кеңейтиўге, қанаатланыўшылық сезим-түйғыларын қәлиплестириўге ҳәм раўажландырыўға хызмет етеди.*

*Шешенлик сөзлер ҳаққындағы материаллар тийкарынан китапхана қолжазбалар фондынан, халқымыз арасында елеге дейин айтылып жүрген мағлыўматлардан, баспасөз бетлеринде жәрияланған эпикалық дереклерден алынды. Соның менен бир қатарда, республикадан тысқарыда жасаўшы қарақалпақлардың шешенлери, туўысқан халықлардың сөз өнери усталарының өз ара қатнаслары туўралы мағлыўматлардан пайдаланылды.*

***Аўызеки гүрриңлер.*** *Аўызеки гүрриң түриндеги текстлер бурынлы-соңлы жанр сыпатында есапқа алынбаған. Олар баспаға таярлаў барысында өз алдына ажыратып алынды. Себеби аўызеки гүрриңлер турмыслық зәрүрликлердиң дерлик барлығын өз мазмунына қамтыйды. Онда болған ўақыялар да, болмаған ўақыялар да баян түринде бериледи. Тийкарынан, қандай да бир әҳмийетли деп табылған ҳәдийселерди, жеке адамлардың гейпара өзгешеликлерин, географиялық орынлардың атамаларын ямаса басқа да бир объектлер ҳаққында тек ғана қонықлы мағлыўмат бериўши функцияға ийе. Ол мазмуны жағынан аңыз жанрына бираз жақын келеди. Бирақ аўызеки гүрриңлерде фантазия ҳәм артықша бөрттирме сюжетлер ушыраспайды. Ўақыяларды тастыйықлаўшы факторлар жүдә сийрек жағдайларда қолланылады. Әсиресе, бундай усыл гейпара анықланыўы шәрт болған ой-пикирлердиң манилерин шешиўде ғана пайдаланылады. Қандай жағдайда да аўызеки гүрриңлер ўақыяны, ҳәдийсени ямаса белгили бир объекттиң үңгил-шүңгилин түсиндирип бериўши емес, ал хабарлаўшы, солар ҳаққында мағлыўмат бериўши характерге ийе болады. Соның ушын да аўызеки гүрриңлер көбинесе биринши беттен айтылады. Деген менен, олардың мазмунында түсиндириўши факторлардың орын алыўын тәбийий ҳалат деп белгилеўимиз зәрүр. Бирақ олар тийкарғы әҳмийетке ийе болмай, аўызеки гүрриңлердеги хабарлаўшы ўазыйпаны байытыў ҳәм раўажландырыў ушын хызмет етеди. Аўызеки гүрриңлердиң басланыўында ўақыяның қай жерде болғанлығы (қалай?),*

www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақыт бирлиги (қашан?), хабарлаў барысындағы эпизодлар баянлаўлар, тамамланыўындағы эпиўайы жуўмақ айрықша дараланып турады. Аўызеки гүрриңлер текстлери тийкарынан ӨзР ИА ҚҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондынан, китапларда жәрияланған материаллардан, информаторлардың берген мағлыўматларынан алынды ҳәм текстологиялық бақлаў жумысларынан кейин қайта исленип, баспаға таярланды. Олардың ҳәр қайсысы өз алдына инвентарь санларына ийе.

**Анекдотлар (күлдирги сөзлер).** Анекдот – айтыўшы ҳәм тыңлаўшы қатнасында айтылатуғын, қысқа қайырымлы, күлкили жуўмақланатуғын аўызша жанр. Ата-бабаларымыз пүткил өмири даўамында күлкили сөзлерди айтыўдан ҳәм тыңлаўдан жалықпаған. Бул дәстүр атадан-балаға өтип, елеге шекем өзиниң әҳмийетин жоғалтпаған. Анекдотлар көбинесе адамлардың минез-қулқына, ис-ҳәрекетлерине, гейпара ерси қылықларына байланыслы сөз етиледи. Олар жай күлдирги (юмор) ҳәм өткир ҳәзил (сатира) түринде әмелге асырылады. Бираз халықлардың анекдотлары көпшиликке белгили бир адамның аты менен байланыслы болып, оның жүрген жери ойын-күлки, ҳәзил-дәлкек сөзлер арқалы тәрипленеди. Қарақалпақ халқында бундай қаҳарман Өмирбек лаққы аты менен белгили. Сондай-ақ, Алдар көсе, Хожа Насыратдин сыяқлы күлки шеберлериниң сөзлери де халқымыз орталығында кеңнен мәлим болған. Анекдотлардың тийкарғы дөретиўшиси – халық, ал баслы объекти – адам. Мақсети – адамларды сөз күши арқалы күлдириў менен бир қатарда, олардың өзин-өзи қадағалаўға, сынап-минеўге, тәрбиялаўға бағдарлайтуғын психологиялық иммунитетлерин күшейтиўден ибарат. Анекдотлар дүзилиси жағынан ылғый диалоглардан турады. Оғада аз муғдарда баянлаў түриндеги күлкили ўақыялар да анекдотлар топарына енгизилиўи мүмкин. Идеялық жақтан жәмийетлик мәплерди үгит-насиятлаўшы мазмунға ийе. Адамлардың ийгиликли мақсетлерине ерисиўинде эстетикалық заўық бағышлаўшы өзгешелиги айрықша баҳаланады.

Анекдотлар халық прозасының үлгилери жәрияланған китапларда өз алдына жанр түринде пайдаланылған. Ол өз алдына орыс ҳәм басқа да қоңсылас халықлардың тиллерине аўдарылып, бирнеше мәрте жарық көрди. Соған қарамастан, фундаментал китапханамыздың қолжазбалар фондында еле жарыққа шығыўын күтип атырған мағлыўматлар оғада көп. Биз мәселениң усы тәрепине дыққат аўдарып, оларды топтамлыққа киргизиўди мақул көр[…]ик. Әлбетте, соңғы дәўирлерде республикалық баспасөз бетлеринде, журналларда жәрияланған материаллар ҳәм информаторлардың жаңадан берген мағлыўматлары да итибардан шетте қалмады. Солай да болса, анекдотлардың бас-аяғын толықтырыў мүмкин емес. Себеби, ол ҳәрекеттеги жанр сыпатында миллий-мәдений орталығымыздағы орнын ҳешқашан жоғалтпайды ҳәм дәреле береди.

**Жүйели сөзлер ҳәм лаплар.** Жүйели сөзлер ата-бабаларымыздың сөйлеў мәденияты жетискенлигин, ой-пикир қәбилетиниң жоқары дәрежесин көрсетеди. Бул жанр да аўызеки халық прозасының еле изертлеў объектине айланбаған жаңа түрлериниң бири. Оның қаҳарманлары – ел арасында аты шыққан, журт басқарған, әсекили мәселелерге төрелик еткен бийлер, батырлар, қазылар, шайырлар, жыраўлар, бақсылар, әпиўайы пуқаралар. Мазмуны жағынан айтылған сөзге утымлы жуўап қайтарыўға қаратылған, адамның ойлаў ҳәм пикирлеў қәбилетиниң нәтийжелерин сөз етеди. Бул жанрда сөзден сөз шығарып айтыў өнери, айтылған сөздиң жүйесин таўып, оған нақ ҳәм анық жуўап қайтарыў дәстүри тиккелей басшылыққа алынады. Жүйели сөзлердиң дүзилиси диалоглардан ибарат. Айырым мағлыўмат түриндеги жүйели сөзлер де өзиниң нақлығы, тазалығы, анықлығы менен ажыралып турады. Олар тутасы менен эстетикалық тәсиршеңликке ийе.

Жүйели сөзлер арнаўлы жыйналмаған. Белгили фольклоршы алым Қ.Айымбетовтың «Жүйели сөзлер» деген китапшасынан басқа материаллар жоқ есабы. Бирақ китапханамыздың қолжазбалар фондындағы мағлыўматлар менен танысыў барысында ҳәм базыбир информаторлардың берген материаллары тийкарында бул жанр туўралы әдеўир текстлер баспаға таярланды. Олар көбинесе заманагөй турмыслық фактлар менен байытылған. Тарийхый әҳмийети бар жүйели сөзлер оғада аз ушырасады. Бул бағдарламаға лап сөзлерди де киргизиўди мақул көрдик. Себеби ҳәр қандай айтылған лап сөз жүйели тийкарға ийе болады. Соның ушын

да ол көпшилик тәрепинен лап түринде қабыл етиледи. Лаплардың қаҳарманлары апиўайы пуқаралар, турмыслық предметлер, белгили затлар ҳәм т.б. сол тәризли жанлы-жансыз буйымлар. Онда ўақыялар бастан-аяқ лап түринде сүўретленеди. Мақсети – адамларға ой салыў, дурыс пикирлеўдиң әҳмийетин дәлиллеў, дөгерегинде болып атырған ўақыяларға исеним туйғыларының беккемлениўин тәмийинлеў. Олар тутасы менен гиперболизмге, фантазияға оғада бай болады. Лаплар тәсиринде ҳақыйқатлықтың қәдир-қымбаты баҳаланады. Лаплар баспасөз бетлеринде аз да болса жарияланып киятырса да, арнаўлы түрде жыйналмаған. Соған қарамастан, халық прозасының белгили бир түри сыпатында қолда бар материаллар томға жиберилди.

**Ырымлар ҳәм тыйымлар.** Қарақалпақ халық прозасының тарийхый басқышта қәлиплесиўин ҳәм раўажланыўын тәмийинлейтуғын тағы бир турмыслық фактор – ата-бабаларымыздың өзлерине зыянлы деп табылған қәўип-қәтерлердиң алдын алыў ушын ислеген илажлары туўралы мағлыўматлар болып табылады. Олар узақ ўақытлар даўамында күнделикли турмыслығымыздың таяныш сыпатында бизиң әждатларымыздың тыныш-тотыў, бийғам өмир кешириўи ушын хызмет етип келген ҳәм усы күнлерде де өз әҳмийетин жоғалтпаған. Буны бизиң замандасларымыз тәрепинен жыйналған ырымлар ҳәм тыйымларға байланыслы мағлыўматлар толық тастыйықлайды. Ҳақыйқатында да, ырымлар ҳәм тыйымларды жәмийетлик тәшўишлеримиздиң бир бөлеги деп есапланған менен, оларды халықлық дәстүрлер қатарына қосыў мәселеси шын мәнисинде итибарға алынбаған еди. Ҳәзир болса, қолда бар мағлыўматларымыздың сапалылығына ҳәм салмақлылығына сүйене отырып, оларды халық дәстүрлериниң ҳақыйқый үлгилери дәрежесинде таныўымызға толық имканиятлар бар екенлигине ықрар болдық.

Ырымлар ҳәм тыйымлардың атқаратуғын хызметлери бири-бирине уқсас болғаны менен, олардың арасында парқ өзине тән өзгешеликлер бар. Мәселен, ырымлар бәрқулла жақсы ниетлерди әмелге асырыў ушын пайдаланылады. Ал тыйымлар болса, адамлардың зыян-зәҳметтен сақланыўын, бәле-бәтер, қәўип-қәтердиң алдын алыў кереклигин ескертип отырады. Соның ушын биз оларды еки үлкен топарға бөлип, бир қәлипке келтириўди мақул таптық. Әлбетте, ата-бабаларымыздан мийрас болып киятырған руўхый мүлкимиз бизиң ҳәзирги күнги талапларымызды қанаатландырмаўы мүмкин. Бирақ мәселе онда емес, биз бәрқулла ең биринши гезекте миллий-руўхый саналылығымызды жетилистириў ҳәм толықтырыў ушын бизден бурын жасап өткен әждатларымыздың мәдений турмыс-тиришилик дәстүрлерин терең үйрениў арқалы өзимиздиң заманагөй талапларымызды қанаатландырыў имканиятларына ийе боламыз.

**Алғыслар ҳәм қарғыслар.** Қарақалпақ халқының өзине тән өзгешеликлериниң бири олардың күнделикли турмысымызда елеге шекем пайдаланылып жүрген алғыслары менен қарғысларында көринеди. Булар тутасы менен ишки руўхый психологиялық кеширмелерди сыртқа шығарып, ислеген жақсылығы ямаса жаманлығы ушын шеригине өз кеўилин (миннетдаршылығын яки ғәзебин) билдириў мақсетинде қолланылады. Олар көбинесе қол жайып, пәтия бериў түринде әмелге асырылады. Қандай да бир өнер үйрениўши устазынан пәтия алмастан сол кәсиптиң нанын жеўге батына алмаған. Алыс сапарға атланғысы келген жолаўшылар сол елдиң жасүлкенлериниң пәтиясын алып жолға шыққан. Ҳәрқандай мереке, той-жыйын, ас-әбат, лазымлар пәтия менен басланып, пәтия менен тамамланған.

Пәтия ҳәрбир шаңарақ орталығында да орынланыўы шәрт болған үрдисли дәстүрге айланған. Тилекке қарсы, бундай пәтия текстлерине ўақтында дурыслы кеўил бөлинбей, белгили себеплер менен дыққаттан тысқарыда қалып қойғанлығы оғада өкинишли. Ол ҳәрекеттеги жанр түри болғанлықтан, оны еле де болса жыйнаў, жариялаў, изертлеў жумысларына тартыўға мүмкиншиликлер бар. Пәтиялар (алғыслар) поэзия түринде көбирек ушырасады. Сондай-ақ, уйқаслы проза түринде де кең тарқалған. Оның авторы ҳәрбир пәтия бериўши адам бола алады. Сондай-ақ, қарғыслар да, терис пәтия да қол жайыў жолы менен әмелге асырылады. Зейинге қатты тийген ямаса пәнт берген адамларды қарғаў тәсиринен психологиялық кеширме сыпатында ҳәрбир адам жеке имканиятларына, минез-қулқына байланыслы өзлериниң ғәзеп туйғыларын жәрия етиў мүмкиншиликлерине ийе болған. Айырым адамлар

www.ziyouz.com kutubxonasi

*қарғыс «шеберлери» де болған. Олар қарғаса, таслар тасқын болып, суўлар терис ағатуғын болған. Бунда сөздиң магиялық қасийети басым әҳмийетке ийе болады. Улыума алғыста да, қарғыста да магизм караматлы күш есабында тән алынған. Биз өз мүмкиншиликлеримизден шыға отырып, оларды қолымыздан келгенинше жыйнап, текстологиялық бақлаўлар менен баспаға усыныўды мақул деп есапладық.*

*Утыры келгенде еслетип өтиўимиз тийис болған бир мәселе, Бердақтың «Шежиреси», Әжинияздың «Демишлер» дөретпеси ата-бабаларымыздың өтмиштеги тарийхый турмысы менен байланыслы болғанлықтан, олардан шежирелик мағлыўмат түринде пайдаланылды. Биз бул томларға таярлаған халық аўызеки прозасы текстлериниң көпшилиги қолжазбалар фондында сақлаўлы дереклерден алынды ҳәм заманласларымыздың жанкүйерлик ҳәрекет-лериниң натийжесинде топланды. Мәселен, «Аўызеки гүрриңлер» бойынша М.Қошқаров, А.Ережепов, М.Төребаев, А.Реймов, Ә.Ырысқулов, А.Асқаров, М.Мадираҳимов, А.Бабажанов, П.Таңатаров, Т.Қудияров, Ж.Аманбаев, Ш.Тилеўов, К.Қутлымуратов, П.Үббинияз‌ов, А.Матов, Ә.Жаббарбергенов, Ж.Сабыров, М.Әбдираманов ҳәм т.б., «Анекдотлар» бойынша: Ж.Қаниязов, А.Қаниязов, А.Дәўлетов, П.Орынбаев, Т.Опаев, К.Ийсаев, С.Аббазов, М.Бердиев, Б.Хожақулов, «Аңызлар» бойынша: Ж.Розымов, А.Пусырманов, М.Жумамуратов, Т.Насыров, Ә.Сыдықов, И.Ахметов, А.Реймов, «Рәўиятлар» бойынша Ә.Әлимбетқызы, Т.Алламуратулы, Қ.Нуратдинов, Қ.Дуримбетов, М.Нуржанов, С.Меңлиева, «Шешенлик сөзлер» бойынша: Ә.Қощанов, Д.Қасымов, «Ырымлар ҳәм тыйымлар» бойынша А.Әбдиев, С.Әмирлан, Қ.Турекеев, «Патия-тилеклер» бойынша С.Әмирлан, Т.Ешназаров, К.Омароваларлар тәрепинен жыйналған текстлер ҳәм аты көрсетилген жанкүйерлердиң қолжазбалар фондымызға тапсырған материаллары халық прозасы үлгилерин мазмунлық жақтан байытыўға қайырлы жәрдемлерин тийгизди.*

*Томларды таярлаўда ӨзР ИА ҚҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында сақлаўлы Қ.Мамбетназаров, Т.Нийетуллаев, А.Каримов, А.Пирназаров, А.Муртазаев, М.Низаматдинов, Ә.Алымов, П.Өтепов, Т.Бегжанов, О.Досланов, О.Саиымбетов, С.Баҳадырова, С.Бекназаров, Қосекеев, П.Жаббарбергенов, О.Бекбаўлов, Д.Қосымов, Ж.Хошниязов, А.Бекимбетов ҳәм т.б. қолжазба мағлыўматларынан пайдаланылды.*

*Алға қойылған ўазыйпаларды әмелге асырыўда қарақалпақ халық прозасының гейпара үлгилери жарияланған және авторлықтағы китаплардың да орны өз алдына. Буған мысал сыпатында Қ.Айымбетовтың «Халық даналығы», «Жүйрик сөзлер» китапларын, Л.С.Толстованың «Қубла Аралбойы халықларының тарийхый аңызлары» мийнетин, Қ.Мақсетовтың ел жазыўларынан алынған мағлыўматларды, К.Мамбетовтың «Қарақалпақ шежиреси» китабын, Ә.Пахратдиновтың «Мәнили гәплер ҳәм халық апсаналары», Г.Хожаниязов ҳәм О.Юсуповлардың «Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар», Қ.Қунназаровтың «Бесқала», М.Жуманазарованың «Ешим ахун ҳәм оның урим-путақлары», А.Дәўлетмуратовтың «Ҳәр заманға бир заман», сондай-ақ, Т.Жумамуратов жариялаған «Халық ырымлары», С.Әмирлан тәрепинен жыйналып баспадан шыққан «Қарақалпақ халық апсаналары» китапшалары ҳәм т.б. баҳалы дереклерди көрсетип өткен мақул. Усының менен бирге, жәмийетлик басламада ҳәрекет етип кийатырған «Әмир Едиге сарайы» этнокарханасы хызметкерлери тәрепинен жыйналып, бизиң қолжазбалар фондымызға тапсырылған материаллар да тийисли рәўиште пайдаланылды.*

*Қолжазбаларды баспаға таярлаўда Өзбекистан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институтының илимий хызметкерлери филология илимлериниң кандидатлары А.Алыниязов, Ж.Хошниязов, илимий хызметкерлер Г.Нуратдинова, С.Әмирлан, А.Идрисов, А.Бекимбетов, П.Өтениязов, Г.Бегмуратова, компьютер операторлары Б.Сейтбекова, Ш.Сабымбетов, А.Пурханова, Р.Юлдашева, А.Бекбергенова, У.Мамбетмуратовалар қатнасты.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

77- ТОМ



# МИФЛЕР ҲӘМ МИФЛЕСКЕН ӘПСАНАЛАР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘЛЕМНИҢ ЖАРАТЫЛЫЎЫ
(Р-1298, №183811)

Бисмиллаҳи раҳманир раҳим! Әмма, имам Жаафар Садық ўа имам Ҳасан ибн Алий Разийаллаҳу Анҳу андақ рийаят қылурларким, бир күни Расул алайҳиссалам яранлары бирлан отырып ерди, Жабир ибн Абдуллаҳ ал Ансарий сырттан кирип, сәлем берип, айтты:

– Я, Расулуллаҳ! Ҳақтаала ҳәмме афарийнаштан аўўал қайсы нәрсени халқ қылды? Бизлерге баян қылың.

Анда Расули худа айттылар:

– Ҳәмме нәрседен аўўал мениң нурымды жаратты. Ол нур Ҳақтааланың бирлигине ўа қудиратина он екки мың йыл тамаша қылур ерди, ол заманлардағы бир йыл бу заманларның мың йылына барабар турур. Андын соң Аллатаала ол нурды сәжда қылмаққа әмир етти. Ол нур сәждадын башын көтермей йүз йыл йатты. Мундын соң тақсым етти Аллатаала ол нуры Мууҳаммадни он ҳыссаға. Әўўелги ҳыссадын аршны йаратты, андын соңғы ҳыссадан қаламни йаратты, үшиншли ҳыссадан лаўҳны йаратты, төртиншидан күрсини йаратты, бешиншидан айны йаратты, алтыншыдан йулдызларны йаратты, йетиншидан периштеларни яратты, сегизлиншидан күрсини йаратты, тоққызыншыдан мүҳминларнин нурын йаратты, онланшыдан, Муҳаммад Мустафа Саллаллаҳу алайҳиссаламның нурын йаратты.

Андын соң қаламға фарман болды:

– Бу лаўҳаға йазғыл! – деб.

Қалам не йазарын билмей, қырық йылғаша «Ла илаҳа илла-лаҳ» деп такирарлады.

– Әй, бар Худая, не сөз йазайын, билмасман, – деди.

Андын соң Аллатаала ҳайбат бирла қәламға назар қылды, нида келди:

– Я, қалам, «Муҳаммадун Расулуллаҳ» деп йазғыл!

Қалам ол ҳайбат назардин титреб, ушы шақ болды. Андын соң лаўҳаға «Муҳаммадун Расулуллаҳ» деген сөз йазылды. Әне, моллалар қаламин шақ қылмағунча хат йаза билмаслар. Андын соң Аллатаала аршта он сәккиз мың бурж бина қылды. Ҳәр буржында он сәккиз мың рукн пайда қылды. Ҳәр рукнда он сәккиз мың қандил бина қылды. Ҳәр қандилдиң улуғлығы андағ турур, йетти қат асманны бир қандилге салсалар, шундағ болғайким, бир йүзүкни саҳраға ташлағандек болғай.

Андын соң төрт фариштани халқ қылды, улуғлығы андағ турурким, башын кетерсалар, башлары арш аяқыда, аяқлары бейиштин түбине тийипти.

Ҳақтааладан парман болды:

– Аршны кетариң! – деген.

Булар ҳәршанд ҳәрекет қылды, левин кетере билмеди, әжиз келди.

Ҳақтааладан илҳам болды:

– Бу тасбиҳти оқың! – деп.

– Субҳана зил мулки ўал малакут субҳана зил иззати ўал азамати ўал қудрати ўал жабарут субҳанал маликил ҳаййиллазий лайамут суббухун худдусун раббул малаикатал ўар-руҳ.

Бу тасбиҳнин бәрәкәтидан аршны кетардилар. Андын соң аршны кетариўши фариштаਲарға, аршның әтирапындағы фаришталарға парман болды:

– Аршны таўап қылыңлар ўа мениң меҳминларимни тилек қылыңлар!

Фариштелар аршны кетариб, арш түбинда турыб, тилек тиледилер.

Андын соң түбинда бир инжу йаратты, улуглығы йетти йүз йыллық йол турур. Аны қызыл якут бирла зийнат берди.

Андын соң қаламға парман болды:

– Язғыл, бандаларимниң ишларини аўўалдан қыяматгача башына не келурин, не қылурын.

Қалам лаўҳил маҳфузға йазды:

Аўўалдан та ақырғача болажақ ишларниң ҳәммасин йазды.

Лаўҳил Маҳфуз өзинше пикир қылды: «Худаның ҳәр не илими менде йазылды, мениң бирле барабар болды».

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аллатааладан нида келди:

– Хаҳласам, барны йоқ қылурмен, йоқны бар қылурмен.

Соң арштан төмен бирла инжу йаратты, улуғлығы йетти қат асмандан йүз шандан улуғырақ турур. Әўуал курси болды, Ҳақтаала Қуръандан хабар берди, ол курси астында бир яқут йаратты, улуғлығы беш йүз йыллық йол турур. Ҳақтаала аңа назар қылды, ол яқут суў болды. Андын соң төрт шамал йаратты. Бири – баду була, бири – баду жунун, бири – баду саба, бири – баду шамал. Шамаллар есип, йер йүзин айналдырдылар. Андын соң отны йаратты. От суў йүзига келди, дүт болды. Ол дүт йетти пара болды. Бир парасы күнүк болды, бири инжу болды, бири тамыр болды, бири мыс болды, бири күмүш болды, бири алтын болды, бири яқут болды, бири капикдин әўўалги асман болды. Инжуден екинши асман болды, тамырдан үшинши асман болды, мыстан төртинши асман болды, гүмистен бесинши асман болды, алтыннан алтыншы асман болды, қызыл яқуттан жетинши асман болды.

Желге парман болды. Жел суў йүзине келди. Суў толқын бирла көпик болды. Ҳақтаала Жабирайыл, Микайыл, Исрафыл, Әзирайылға парман қылды:

– Көпиктиң төрт гөшасын төртиңиз тутыңлар! – деп.

Булар капикни тутып силкитдилар, йер болды. Ол йерниң әўўалги орны ҳала ханайы Кааба турур.

Жабр ибн Абдуллаҳ сорады:

– Я, Расуллаҳ, көпик неден болды?

Расули Худа айтты:

– Көпик толқыннан болды.

Йане сорады:

– Йер қарары неден болды?

Айтты:

– Гәҳиқаптан турур. Гәҳиқапның бийиклиги беш йүз йыллық, кеңлиги екки мың йыллық йол турур. Гәҳиқапның арқасында бир жаҳан бар турур, бир йери бар мушкдин, бир йери кафурдин, бир йери бар алтындин, бир йери бар күмүшдин. Анда йетмиш мың туў әлам бар турур. Ҳар аламниң түбинде йетмиш мың фариштa бар. Алар Ҳақтааланың фикрига машғул турур, ҳамме таат-ибадатта турур. Алар адамларны ўа шайтанларны билмаслар. Алар бир дам худадын ғапыл болсалар, йанып, күл болып кетурлар.

Андын соң, ол тарафларда бир йылан бар турур, аның узынлығы он екки мың айлық йол, йўўанлығы беш йүз йыллық йол турур. Ўа яне ол тарафларда бир балық бар турур, ол аламны мисли түндек ҳалқадай орап алған.

Абдулла йане сорады:

– Я, Расулуллаҳ, йердиң астында не турур?

Расули Худа айттылар:

– Бу йетти қат йер бир фариштаниң башы бирла көтәриб турур. Ол фариштаниң улуғлығы андағ болғайким, бир қолы күншығыста, ўа бир қолы күнбатышта турур. Йерниң атираплары ол фариштаниң екки қолында турур. Ўа ушбу фариштаниң екки аяғы зумрад деган ташның үстинда турур. Ол ташның улуғлығы, йўўанлығы беш йүз йыллық йол турур. Ўа ол таш бир ҳөкизниң арқасында турур. Ол ҳөкиздиң шақлары бир саҳраның үстинда турур. Саҳра дегенимиз бир ташдур, улығлығы, қалыңлығы йетти қат асман ўа йетти қат йердек турур. Бу ташны бир балық бойны бирла көтәриб турур ўа арқасы йердан беш турур. Ол балық бир улуғ дарья ишинде турур. Ол дарьяның асты шамал турур. Шамалны Кудайтаала өз қудирати бирла сақлап турур. Та билгейсан, аламниң соңы ўа бинаси сол шамалдур. Бу дүньяны ақыры шамал қарап етер, – деди.

Йане Абдулла сорады:

– Я, Расулуллаҳ, йерниң астында не турур?

Расули Худа айтты:

– Бир ҳөкизниң үстинде турур. Ол ҳөкизниң қырық мың башы, ҳар башының арасы беш йүз йыллық йол турур. Ўа ол ҳөкиз балық үстинде турур. Балық суўда турур, суў шамал үстинде турур, шамал қараңғылық үстинде турур, қараңғылық дозақ үстинде турур, дозақ сижжин үстинде

www.ziyouz.com kutubxonasi

турур. Сижжин худаның қудиратинда турур. Киши аны билмаслар. Әмма ҳекизниң алдында бир пеште халқ турур, ол ҳекиз пешшеден қорқып, тебрана алмас.

Ҳар асманның үстинде көп фариштаҳарни халқ қылтанлар. Ҳаммеси Худаның таатында. Худадан бир саат ғапыл болмас. Әўўалги асманның фариштаҳари саждада, екинши асманның фариштаҳари рукуда турур. Әмма екинши асманның улуғ фариштасининг ярымыны оттан, ярымыны қардан йаратып турур. Қар отны сендирмай турур. Үшинши асманның фариштаҳари қыямда, тертинши асманның фариштаҳари қаадада. Ҳаслы калам, ҳар асманның фариштаҳарининг тиллери арабийдур, лекин бир-бири бирла сезлашмаслар. Дайым мулақат тасбиҳда турур. Худайтааланы дайым зикир етерлер, бир дам Худадын ғапыл йүрмаслар. Ўа периштелердин сүўратлари түрлик-түрлик, базысы адам сүўратли, базысы ат, сыйыр сүўратли, базылары буркут ўа арыслан сүўратли, ўа йане ҳар сүўратлар ҳар түрли шакилге хаҳласа кирарлар ўа йерниң фариштаҳари ҳам шу мазкур сүўрат ўажибларида болур. Олар бир саат ибадаттан халы болып турмаслар. Әй, Худайым, Сенга лайық ибадат қыла билмадик. Ҳақтаала аламни алты күнде йаратты. Егер қалесе, бир дамда халқ қылур ерди, сабаб не болды? Алты күнде халық болды. Сабаб ол ердиким, ҳар бандаларим ҳар ишни сабыр бирла қылсынлар, ашықмасын. Ашықмақ шайтан пейлидур. Ўа йана, хошўақытлықның килти сабырлықдур.

Аллатаала шемби, екшемби күни йетти қат йерни, йетти қат асманны йаратты. Дүйшемби күни айны, күнни, йулдызларны йаратты. Сийшемби күни йер йүзиндаги жами жаниўарларны ўа бейиштиниң ишиндеги маҳлуқларны ўа ҳаўаның қушларыны ўа асманның фариштаҳарини йаратты. Шаршемби күни дарьяларны йаратты ўа сууларны ағызып раўан қылды ўа йердан булақлар шығарды, ўа дарақлар, гиялар шығарды. Ҳар маҳлукатларның рызқларын қысмат етип, тақдир йаратты. Пийшемби күни беҳиш ишиндаги ҳурларни йаратты. Ол ҳурларни жума күни беҳиштен шығарып йане киргизип, беҳиш ишиндеги ҳамма ажайыб ўа ғарайыб нарселерниң ҳаммасин киргизди. Ол ҳурларни беҳиштдин хаҳласа шықыб, хаҳласа киретуғын қылыб, яхшы нематлар бирла беҳиштда тоқ қылды. Ўа жума күни ҳамма жаҳанны араста қылды, Йерни ўа асманны бир қабатының үстинда бир қабатыны қылды. Ўа ҳамма маҳлуқларны ез жайында қойды, ағный асман маҳлуқларын асманда, йер маҳлуқларын йерде, ҳар қайсысын ез жайында қойды. Ҳар маҳлуқ ез жайында қарар тапты. Жума күни муннан соң ол дозақны йаратып, Маликнин парманында қылды. Ҳар фариштаниң сағында мың қолы, солында мың қолы, ҳар қолында мың бармағы бар еди, ҳар бармақта мың аждарҳа-йылан бар. Ҳар йыланның улуғлығы йетмиш мың йыллық йол турур. Ҳар йыланның атирапында йүз мың шаян бар. Егер шаян бир адамға заҳар салса, ол йетмиш йыл беҳуш болур. Ҳар фариштаниң қолында бир отлығ амуд бар. Ол амудның бирин бу дүньяға ташласалар, ўа даў, пери, жамики дүнья адамлары қыяметке шекем зор қылып кетерселер, кетере билмес.

Бу фариштаҳарға амир болды:

– Дозаққа кириңлер! – деп.

Периштелер қорқып кира билмадилар. Жабирайыл беҳиштен бир йүзүк шығарып, буларның пешанасыға меҳир басты. Ол йүзүкта «Ла илаҳа иллалла, Муҳаммадур Расулулла» йазылған еди.

Андын соң аларға дозақ кар қылмады. Ҳар банданиң тилинде «Ла илаҳа иллалла, Муҳаммаду Расулулла» болса, дозақ оты кар қылмағай. Әмма, дозақ йетти табақ турур. Әўўал жаҳаннем, екинши лазақ, үшинши ҳутайын, тертинши сақар, бешинши сайыр, алтыншы жаҳим ҳам йеттинши ҳаўия. Әўўелги дозақта асый гунакар меҳминлер болар, екинши дозақта тарсаларнын жайыдур, үшинши дозақ жеҳитлернин жайыдур, тертинши дозақ (сабиун деген) кафирлерниң жайыдур, бешинши дозақ аташпараст кафирларның жайыдур, алтыншы дозақ бутпараст кафирлар ўа мүшрик болған кафирлар жайыдур, йеттинши дозақ мунапықлардың жайыдур.

Оннан соң Ҳақтаала бир қушқа екки мың йыллық амир берип йаратып турур. Бу дүнья йүзин данайып арзанға толтырып, айтты:

– Бул дана сениң рысқың турур.

Қуш бир күнлерде дананың барлығын жеп ада қылды. Тек бир данагы қалды. Ол данди йүз йыл бир қанатының астында, йане бир жүз йыл екинши қанатының астында қойды, йане бир йүз йыл арқасында қойды, йане йүз йыл алдында қойды, йане йүз йыл тишите типлаб отырды,

www.ziyouz.com kutubxonasi

йане йүз йыл суусын йутты, шул дананың қуўатынан йане йүз йыл арам алды. Андын соң аш болып, еллик мың йылдан соң ўафат болды.

Андын соң йер йүзинда йане бир ат йаратты. Ол ат күндиз отлап йүрар ерди, жами йер йүзиндаги отлар ада болып түганса, енди не йерман деб, қайғыў бирлан арықлар еди, ол ҳам еллик мың йылдан соң ўафат болды.

Андын соң дүнья йүзинда бир тахта таш йаратты. Ол таштан от шығарды. Ол оттан парийлерни йаратты. Аларға пайғамбар йүбарди. Алар пайғамбарны өлтирип, фасад ишлар қылды. Әлқысса, жинлар дүньяда, йер йүзинда макан туттылар ўа маишат еттилар.

## ӘЗӘЗУЛ ҚЫССАСЫ
(Р-1298, №183811)

Ҳақтаала дозақтың Сижжин деген жайында екки сүўрат йаратты. Бири – куш сүўратинда, бири – кийиктиң сүўратинда. Бир раўиятта – бири шаян сүўратинда, бири жылан сүўратинда. Екеўи жуфт болдылар, алардан Әзәзул пайда болды. Олар дозақта мың йыл ибадат қылды. Андын соң дүнья йүзига шықты. Йер йүзиндаги ҳамма мақлуқлар ўа фариштәлар тамашаға келдилер. Мың йыл ибадат қылды, йер йүзинда сажда қылмаған бир қарыш йери калмады. Андын соң аны Ҳақтаала асманга шығарды. Анда ҳам мың йыл ибадат қылды. Әлқысса, ҳар асманда мың йыл ибадат қылды, ҳар асманда илҳами илаҳий бирла илим оқыды, ҳар асманда аның башы тиймаган бир қарыш йер қалмады. Андын соң таўбага барды. Алты мың йыл башын саждада қойып, ҳажат тилеп айтты:

– Әй, Бар Худаў! Маңа Ләўҳул Маҳфузны кергизгил.

Исрапылга парман болды, Ләўҳул Маҳфузны көрсеттилер, аның ушунким, Исрапыл алайҳиссаламны Ләўҳул Маҳфузға хабардар етип қойыпдур. Ҳар не ки, Ләўҳул Маҳфузда бар ишни билур эрди. Әлғарез, Әзәзул Ләўҳул Маҳфуздағы болажақ ишлариниң баригин көрди. Ҳамма ишлар Ләўҳил Маҳфузда хат болып жазылып турур. Шул хатлар ишинде бир хатны көрди. Хатта айтылған сөзниң кайфияты бу турур: «Бандаларим арасында бир банде болғай, ол он беш мың да үш йүз жыл сажда қылғай. Ақыры ҳар сажда қылғаны ушын даргаҳындан қуўылып, маржун болғай. Атын Иблис дегейлар».

Әзәзул ол хатны көрип, үш йүз йыл сажда қылып, йығлап турды.

Нида келди:

– Я, Әзәзул, бандаси хожагының парманын тутмаға, аны не қылмақ керек?

Әзәзул айтты:

– Андағ банданиң сазағы – ланет турур.

Нида келди:

– Хат йазып, маҳир басғыл!

Әзәзул хат йазды: «Андағ банда Иблис болғай» деп ҳам оған маҳир басты. Андын соң Ҳақтаала Әзәзулни беҳишке киргизип, газийнедар қылды. Бу арадан он беш мың да төрт йүз йыл өтти. Ол заманларның бир күни бу заманлариның йүз күни бирла барабар турур.

Әзәзул улуғ алым болдыким, бир күрси (тахт) үстинде отырып, периштелерге ўаз айтур еди. Жабирайыл, Микайыл, Әзирайыл, Исрапыл ўа йане басқа периштелер күрси түбинде отырып, дарис оқып, ўаз ешитур ерди. Алар пикир етер ердилар:

– Әгар бизлардан бир гүнаҳ садир болса, Әзәзулни шапийҳ қылурмыз, – деб.

Күнлерден бир күни ол периштелердиң кези Ләўҳул Маҳфузға түшиб, ол хатны көрип, йығлаштылар. Әзәзул айттылар:

– Әй, периштелер, не ушын йығларсызлар?

Булар айттылар:

– Йа, халийфа! Йазылпдур, бизлардиң арамызда бир бендени шықарур даргаҳыдан, бардут маржун қылур.

Әзәзул айтты:

– Аның ушын қорқмаңыз! Мен сизларни тилаб алурмен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Периштелер шадыман болдылар.

Бир күни Әзазул арыз қылды:

– Әй, Бар Худая! Йер йүзиндаги парийлар пыскы фасад масият ишлар қылдылар. Меңа лашкер бериң! Аларны йер йүзидан кетарайин.

Ҳақтаала аңа йетмиш периште ҳамраҳ қылды. Әзазул йер йүзига түшиб, парийларни, инсу-жинсларни қуўып, оларды шел-жазийра, тағлар арасына жиберди. Өзи көп периштелери бирлан йер йүзинда қалдылар.

Күнлерден бир күни Ҳақтааладан нида келди:

– Әй, периштелер, топырақтан адам йаратып, йер йүзинда халифа қылармен.

Периштелер айттылар:

– Кимге халифа қылурсен?

Ҳақтаала айтты:

– Енди сизлер ҳар асман араларында боларсызлар. Аның ушынким, әжийналардан соңгы йерда маскан тутқан периштелер эрди.

Периштелер айттылар:

– Ол адам ҳам парийлардек, яғный жинлардек фасад ўа масият ишлер қылурлар, қуны наҳақ қылурлар, ўа бизлар тасбиҳ сана айтып, сениң ҳамдиңе машғул болып, бизлер халифалыққа ылайық ўа аўла един.

Ҳақтаала айтты:

– Ол нарселерни мен билурмен, сизлар билмассизлар. Ҳала, мен сизларниң араңызда Иблис бар, аны ҳам билермен, сизлэр билурмисиз? Адамларының ҳикматин мен билурмен, ўа ақыбетинде ҳар адамның болажақ ишлари ўа раҳату, азабу меҳнатдан. Ўа йане Иблисниң Адам пайғамбарға ўасўаса ишлари бар, ўа муннан ғайры ҳар не болажақ ишларниң барисин мен билурмен, сизлар билмассизлар, – деди.

Әзазул айтты:

– Әй, Бар Худая! Агар ол Иблис бу периштелерниң тайыпасыдан болса, бу периштелерди ол Иблис болмақтан аман бергил!

Ҳақтааладан нида келди:

– Бердим! – деп.

Периштелер шадыман болдылар. Әзазул периштелерни тилеп, өзин тилемеди. Аның ушынким, кишн дуўа қылса, әўўал өзин тилемек керек, андын соң ата-анасын, башқа мөҳминлерни тилесин.

## МУХАММЕД ПАЙГАМБАРДЫҢ АРШҚА БАРЫЎЫ

(Р-539, № 176382)

Бул түн тас түнек болып, дүнья жүзинде тыныншлық болған. Ҳайўанлар да тым-тырыс, ҳатте аққан суў, самалдың да сести еситилмеген. Бул түн тaўықлар да шақырмаған, ийтлер де үрмеген екен дейди.

Жабирайыл периште сонда атты пайғамбарға береди. Бул бирақ жаниўарға усамайды екен. Бети адамға уқсас, көзлери жулдыздай жанып турған, күндей жарқыраған қанаты болған екен. Мухаммед атқа минбекши болғанда, аты мингизбепти. Сонда Жабирайыл периште атқа:

– Саған усы ўақытқа шекем тири бенде минген емес, сен Аллатааланың сүйикли пайғамбарын мингизиўиң керек. Бул Адам ата әўладларының уллысы, пайғамбарлығын тастыйықлаўшы мөр таңбасы бар, бирде-бир бенде оның ғамқорлығысыз жанетке кире алмайды. Бул пайғамбар Алланың жибергени, – депти.

Сонда ат пайғамбарды мингизип көкке көтерилген екен. Мухаммед пайғамбар жерден көкке көтерилгенде Жабирайыл периште оны қайтадан жерге түсирипти. Оған еки ракат намаз оқытыпты. Пайғамбарымыз оның себебин сорағанда:

– Бул жер Аллатааланың Муўса пайғамбар менен жолыққан жери, – депти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соннан кейин және атқа минип, көкке көтериледи. Аз ўақыттан кейин Жәбирайыл периште Мухаммедти тоқтатып, қайтадан жерге түсиреди ҳәм оған еки ракәт намазын оқытыпты. Себебин сорағанда:

– Бул муқаддес жер, бунда ҳәзирети Марямнан Иса пайғамбар дүньяға келген, – депти.

Соннан кейин Мухаммед пайғамбар және аспанға көтериледи. Ушып баратырса, оң тәрептен оған:

– Мен сеникимен, сөйлесип қалайын, сениң садық бендеңмен, – деген даўыс еситиледи.

Бирақ ат тоқтамайды, Мухаммед те қарамайды. Себеби оны қүдирети күшли Алланың өзи тоқтата алар еди. Аздан кейин Мухаммедке шеп тәрептен де сондай даўыс еситиледи, оған да қарамайды. Соннан кейин алдынан дүньяның ең ҳасыл липасларын кийген ҳәм безенген, қараған көз тоймайтуғын бир нәшәр шығады. Ол да Мухаммедке:

– Сеникимен, бир сөйлесип қалайық, мен саған ашықпан, сениң ең жақын бендеңмен, – дейди.

Бирақ ол бунда да иркилмейди. Себеби оны иркиў тек жаратқан Алланың қолында еди. Соннан кейин ол қасындағы Жәбирайыл периштеден:

– Бағанағы оң ҳәм шеп тәрепимнен шыққан даўыслар ҳәм алдымнан шыққан гөззал қыз ким? – деп сорайды.

Сонда Жәбирайыл периште оған:

– Оң тәрепиңнен еситилген даўыс жеҳиттиң даўысы еди. Егер оның даўысына қайырылып, сөзин тыңлап болып бул жерге түскениңде сениң барлық үмметлериң (яғный бул сениң адамларың деген сөз) жеҳит болып кетер еди. Ал шеп тәрепиңнен еситилген даўысқа қайырылып, оның менен сөйлесип, жерге түскениңде, барлық үмметлериң өзге динге енген болар еди. Себеби сени шақырған ғайры динлиниң даўысы еди. Алдыңнан шыққан гөззал қыз болса – бул дүнья. Егер сен сол қызға қайырылып, оның менен сөйлескениңде, сениң үмметлериңниң ҳәммеси бул дүньяның қызығы менен бәнт болып, о дүньяның ғамын жегенди қояр еди ҳәм бәри қырылып кеткен болар еди, – депти.

Пайғамбар соннан кейин ушып келип, Аллатааланың ибадатханасының алдына келип түседи. Мухаммед аттан түсип, атын өзинен бурынғы пайғамбарлар ат байлаған қазыққа байлайды. Соннан кейин ибадатханаға кирип, өзинен бурынғы сол жерде отырған Ибрайым, Мүўса, Ийса ҳәм басқа пайғамбарлар менен ушырасады. Олар менен сөйлесип, бирге намаз оқып болғаннан кейин аспанның бир нурлы зиңгиси түсирилипти. Мухаммед Яқып пайғамбардың қойған тасына аяғын басып, Жәбирайыл ништен қолтықлағаннан кейин сол зиңгиге минип, көтерилип кетеди. Аллатаала зиңгини нурдан өскен екен дейди. Мухаммед аспанның биринши қабатына көтериледи. Бул аспан гүмис болып жарқырап, сәўле шашып тур екен. Оның гүмбезли аспанындағы жулдызлардың ҳәр бирин гүзететуғын периштелер болыпты. Олар бул аспан әлемин кесапатлы руўхлардан қорғайды екен. Мухаммед ишке киргенде, оған қарсы бир ғарры шығыпты. Жәбирайыл периште сонда Мухаммедке:

– Бул сениң бабаң Адам ата, оған тәжим ет, – депти.

Мухаммед оған тәжим етип сәлем береди. Адам ата оның сәлемин алып, оны қушақлап, өз әўладларының арасындағы ең уллысы ҳәм пайғамбарлардың ишинде ең жоқары дәрежелиси деген екен. Аспанның бул қабатында түрли мақлуқлар болыпты. Булардың бәри периштелер болып, олардың ҳәр бири жердеги сол қусаған мақлуқларға жақсылық етип, солардың тилегинде жасайды екен. Олардың арасында бир ақ қораз болып, оның басындағы кекили аспанның екинши қабатына жетип тур екен. Бул қораз ҳәр күни таңда Аллатааланы ҳәм басқа мақлуқларды оятады екен. Аллатаала өзи үш даўысты жақтырады екен: қуран оқығанның даўысын; тәўбе қылып, таңрыға жалбарынғанның даўысын; ҳәр күни азанда Аллатааланы айтып, бар мақлуқты, бендёлерди уйқыдан оятыўшы қораз даўысын. Ал қыямет күни қораз шақырмайды екен.

Соннан кейин Мухаммед пайғамбарымыз ҳәм Жәбирайыл периште аспанның екинши қабатына шығады. Бул аспан айнадай жарқыраған полаттан қуйылған екен. Бул жерде олар Нуў пайғамбар менен ушырасады. Ҳәзирети Нуў пайғамбарға да тәўбе етип, сәлем берип, қушақласып көриседи.

Аспанның үшинши қабатына көтерилсе, бул жер адам бенде исенбестей сулыў гаўҳар таслар менен безетилген екен. Бунда көзиниң арасы ат шаптырым, даў периште отырады екен.

Оның қол астында сансыз қуралланған лашкерлери отырады екен. Алдында адам исенбестей үлкен дәптер жайыўлы тур. Ол барҳама бир нәрселерди жазып, бир нәрселерди өширип отырады екен.

– Бул отырған әжел периштеси Әзирайыл, – деп таныстырады Мухаммедке Жабирайыл периште. – Егер ол кимниң атын дәптерине жазса, демек, сол маҳалде ол дүньяға келгени, ал кимниң атын дәптеринен өширсе, демек, сол маҳалде оның жанын алғаны.

Соннан кейин олар аспанның гүмистен исленген төртинши қабатына шығады. Ондағылардың арасында узын бойлы периште айрықша көзге түседи. Оның жүзи солғын, қасиретли көзлеринен үзилмей жас ағады екен.

– Бул көз жас периштеси. Гүналы бенделерди қайғырып, адамзат муңын муңлап, олардың басына түсетуғын аўыр күнлерди алдын-ала болжап билип, әзапланып жылап тур, – деп түсиндиреди Жабирайыл периште Мухаммед пайғамбарға.

Соннан кейин сол алтыннан түмбезленген аспанның бесинши қабатына көтериледи. Бунда Мухаммед Қарун пайғамбар менен ушырасады. Аспанның бул қабатында от периштеси бар екен. Олардың түри жүдә бадбәшер болыпты. Олар отырған тахтың әтирапында жалын лаўлап, ал аяғының астында болса отқа қыздырылған адамлар үйилип атыр екен. Егер олар усы бадбәшер көринисинде жерге түскенде, таў-таслар ерип, теңизлер кеўип, тиришилик дүньяғы қорқыныштан қыйрап, набыт болар еди. Оған ҳәм оның қол астындағы периштелерге гүналы бенделерден ҳәм қудайын умытқанлардан өш алып, оларды жазалаў ўазыйпасы жүкленген екен.

Буннан кейин Мухаммед ҳәм Жабирайыл периште аспанның алтыншы қабатына көтериледи. Бул қабат жылтыр таслар менен өрилген екен. Бул жерде жартысы қардан, жартысы оттан жаратылған периште бар екен. Оның қары еримейди, оты сөнбейди екен. Әтирапындағы периштелер «я Алла, от пенен қарды бириктирген таңирим, өзиңиздиң садық бенделериңизге раҳим етиң» деп ибадат қылады екен. Бул аспан менен жерди сақлаўшы периште екен. Сонда Жабирайыл периште Мухаммедке:

– Бул периште адамларды саған таўбе еткизип, пайғамбар екениңди тан алыўы ушын, Аллаталаға қулшылық қылдырыў ушын сениң үмметлериңе периштелер жиберип турады. Қыямет-қайымға шекем усы ўазыйпаны орынлаўшы. Бул жерде Муўса пайғамбар менен ушырасады. Басқалар Мухаммедти кеўилли күтип алса да, бул жылап тур екен. Мухаммед оның себебин сорағанда:

– Мен өз халқымның турақсыз бенделериниң көбисин бейишке киргизген едим. Енди өз халқымның адамларының ишинен меннен де көп адам киргизе алатуғын мийрасхорымды көрип, сүйсингенимнен жылап отырман, – депти Муўса.

Жетинши, ең соңғы қабатында пайғамбарлардың атасы Ибрайым менен дийдарласады. Бул жер нурдан тоқып исленген екен. Бул жерде турпаты жердей, жетпис мың басы бар, ҳәр басында жетпис мың аўыз, ҳәр аўзында жетпис мың тил, ҳәр бир тил жетпис мың тилде сөйлейди екен. Сөйлегенде де бәри Аллатааланы айтып, оған сыйынып сөйлейди екен. Усыған қарап турғанда Мухаммедти гүллеп турған үлкен бир бәйтерекке мингизеди. Бул Аллатала тахтының (тахты көзге көринбейтуғын болған) оң жағында өседи екен. Оның шақалары аспан менен жердиң арасына жайылып кеткен. Есапсыз периштелер усының саясында жасайды екен. Оның ҳәр бир жапырағы пилдиң қулағындай. Мың түрли қуслар усы дарақтың шақасына қонып, Қуранның сүрелерин даўыслап сайрайды екен. Бул ағаштың жемиси сүттен татлы, палдан мазалы болыпты. Жаратқанның барлық мақлуқларын асыраўға бул теректиң бир мийўеси жетеди екен. Бул теректиң астында төрт дәрья ағады екен. Екеўи бейишке, екеўи жер бетине шығатуғын Нил ҳәм Ефрат дәрьяларына айланатуғын екен. Соннан кейин Мухаммед Жабирайыл периште менен Аллаталаның ибадатханасына барады. Бул гәўҳар таслар менен безетилген ҳәм ишинде мәңги өшпес шырақлар жанып тур екен. Ибадатханаға киреrде Мухаммедке үш ыдыс тутады. Биринде шарап, биринде пал, биринде сүт бар екен. Мухаммед сүт қуйылған ыдысты алып ишеди де, басқаларына тиймейди. Сонда Жабирайыл периште Мухаммедке:

– Дурыс қылдың. Егер шарап қуйылған ыдысты алып ишкениңде, үмметлериң ҳақ жолдан адасып кетер еди, – дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул ибадатханаға ҳәр күни жетпис мың периште келип, жети рет айланып ибадат қылады екен. Мухаммед те усыны ислейди. Жабирайыл периште ибадатхана сыртында қалады. Аллатааланың дийдары он еки мың қабат пердениң артында болмаса, қудирети күшли қуданың ашық назери бир түскенде оған инсан әўлады тетепки бере алмай, турған жеринде набыт болады екен. Қудайтаала қолларын созып, бир қолын Мухаммедтиң көкирегине, екинши қолын ийнине қояды. Сонда Мухаммедтиң жүрети муз басқандай қалтырайды. Сай-сүйеги сырқырап, мийи аўытқып, есинен танып қалады. Бирақ ол өзине келип, денесине қан жуўырып, Аллатаала менен дийдарласады, көп ўәсиятлар тыңлайды. Бул қуранға киргизилген мусылман бенделери ушын атқарыў шәрт болған аяттың сүрелери еди.

Аллатаала ибадатханасынан Мухаммед қайтып киятырып Муўса пайғамбарды көреди. Оған Аллатааланың күнине елиў рет намаз оқыўды тапсырғанын айтады. Сонда Муўса:

– Сен буны орынлата алмайсаң. Үмметлериме мен де сеннен бурын усылай ислеўге ҳәрекет етип көрдим, бирақ үмметлерим ушын бул жүдә қыйын болды, орынлата алмадым. Сен Аллатааланың даргайына барып, қайтадан азайтыўын сора, – дейди.

Мухаммед Аллатаала даргайына барып, намаз санын қырыққа түсирип келеди. Муўса пайғамбар оны да, күнделикли намаз санын азайтпасаң, үмметлериң орынлай алмайды деп, қайта үгитлеп, Мухаммед қайтадан Аллатааланың даргайына барып, намаз санын бес рәкәтке түсирген екен. Муўса пайғамбар:

– Аллаталаға барып, буннан да азайтыўды сора, – дейди.

– Бул талаплардың аўыр машақатларын басымнан кеширгеннен кейин айтаман, – депти Мухаммед. – Аллатаала айтқан тилетимниң барин орынлап атыр гой, бенделер ушын аўыр емес, – деп хошласып кетип қалады.

Нурдан исленген аспа заңгиден баяғы ибадатхананың алдына түсип, атына келеди. Сөйтип атланады да, баяғы өзин Жабирайыл периште алып кеткен жайына келеди.

Мине, Мухаммед пайғамбарымыздың Аллатала менен дийдарласыўы. Бенделериниң биреўлери оған исенбей, Мухаммедке:

– Егер сен Аллатааланың ибадатханасына анық барған болсаң, сол ибадатханың ишки көринисин сүўретлеп бер, – депти.

Мухаммед буннан албырапты дейди. Себеби ол сол ибадатханаға түнде барған еди ҳәм ишине үңилмеген еди. Сол ўақытта Жабирайыл периште пайда болып, ибадатхананың сүўретлемесин, ишки көринисин оның алдына тутыпты ҳәм Мухаммед оны айтқан екен.

## АДАМ ӘЛӘЙҲИССАЛАМ ҚЫССАСЫ

(Р-1298, №183811)

Әмма, Ҳақтааладан пәрман болды:

– Әй, Жабирайыл, йер йүзиндан бир қабза (қысым) топырақ алғыл!

Жабирайыл келип, топырақ алар болғанда, йер айтты.

– Әй, Жабирайыл, не қылурсен?

Жабирайыл айтты:

– Сендин бир адам жаратып, йер йүзина ҳамма адамларны халифа қылур.

Жер айтты:

– Әй, Жабирайыл, ол Худаның ҳаққы-ҳүрмети ушын меннен топырақ алмағыл! Меннен адам деретсе, ол адам фасад-масият иш қылур, аны дозаққа салур. Доӯақ отыға мениң тақатым йоқдур.

Бул сөз бирлан Жабирайыл қайтып кетти. Андын соң Микайылны жиберди. Йер ана ҳәм шундаӯ деди ялбарып. Андын соң Исрапылны жиберди. Йер ана ҳәм ялбарып, шундаӯ сөз айтты. Ол ҳәм қайтып кетти. Андын соң Әзирайылны жиберди. Йер ҳәршанд ялбарды, Әзирайыл қылмады, йерниң наласыға қарамады, йер йүзидан бир қабза (қысым) топырақ алды.

Ҳақтааладан нида келди:

– Я, Әзирайыл, йердиң наласыға нешик қарамадың?

Әзирайыл айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Мен сениң ҳамириңди тутарман, йерниң наласы бирла ишим йок

Ҳақтаала айтты:

– Әй, Әзирайыл, Малакул-маўит бол! Енди адамлар жанын сен алғыл!

Әзирайыл айтты:

– Әй, Бар Худая! Бандалариң мени душман тутарлар.

Ҳақтааладан нида келди:

– Я, Әзирайыл, аның ушын ғам жемегил! Мен бандалаbримниң жанын бир таризлик бирла алурмен. Сендин ҳам кермас, мендин ҳам кермас. Бираўни оттан, бираўни суўдан, бираўни қылыштан, бираўни хасталықтан, ҳар кимни бир ис бирла өлтирурмен

Андын соң ол топырақны Йаман шаҳри бирла Тайыф деган йерниң арасына текти. Қырық күн үстига ғам шашмесинен суў текти, қамыр қылды. Андын соң Раҳмат дарьясыдан суў салдылар, ылай болды. Екки йыл үсти думан болды. Екки йылдан соң сүўрат болды. Тайыф бирла Маккениң арасында қырық йыл сүўрат болып йатты, башы Маккете қарап, аяғы Тайыфқа қарап қырық йыл йатты. Андын соң афтабның ыссығлығынан кепти, гербиштек болды. Шамаллар урып, ишинен шамал өзи шықты.

Бир күни Әзазул периштелер бирлан келип, адамның сүўратини көрди, адам көзине жаман көринип кетти ўа сорады:

– Бу не турур?

Периштелер айтты:

– Қудайтаала топырақтан адам халқ етипдур.

Әзирайил адам қалибине кирди. Йетмиш мың дарья көрди, йетмиш мың шаҳар көрди. Дарьялар маўиж урур, илгари өтип йурар болды. Нагаҳ ышқ оты шуғла урып, Әзазулни күйдирар болды. Әзазул қашып шықты.

Сонда ол: «Адамның иши кең эркан» деп, ҳасад бирлан яман көрип, үстига түпирди, ол киндикниң үстига түшти.

Ҳақтааладан Жабирайылға парман болды:

– Алып ташлағыл, – деп.

Жабирайыл алып таслады. Киндиктиң ойығы андын болды.

Ҳақтааладан парман болды.

Жабирайыл, Микайыл, Исрапыл, Әзирайылға йетмиш периштелер бирла адам жанын, нурын бир табаққа салып келтирди. Йетти қат йер, етти қат асманның периштелери тамашаға келдилер.

Ҳақтааладан парман болды:

– Әй, жан, бу қәлибиңе киргил!

Жан айтты:

– Әй, Бар Худая! Мен нураный (нурдан жаратылған) болсам, бул қалип зулманый (қараңғы) болса, мен аңға кирсам, йүз бала ўа меҳнат көрармен, – деди.

Анда Ҳақтаала айтты:

– Әй, жан, киргил! Киргеннен соң қәлибиңни хуб яхшы көрарган. Шықмағынны хош көрмай, шықарда зорлық ўа икраҳлық (қыйыншылық) бирла шықарсан.

Ҳануз жан адамның ағзыдан дымағыға кирди. Адам көзин ашып, баданига қарады: «Недин болған эрканман?» деп көрсе, ҳамма бадани ылай турур.

Худайтаала адамға өз баданин аның ушун көргизди, таинки, лайдан болғанын көрип, такаббур етмасин ушун.

Андын соң жан адамның башыға йайылды, бойныға кирмай турур болды. Периштелер жанды баданға қыстадылар.

Анда Әзазул:

– Жанның наласына бақмас ердим. Ҳақтаала мени аның парманында қылса, мен аның парманын қылмас ердим, агар аны мениң парманымда қылса, аны мен ҳалак қылар едим, – деди.

Бир периште адамның димағыға кирип қарыш қылды. Адам акс урып, «Әлҳамдулиллаҳ», – деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жабрайылға парман болды:

– Ол акс суўыны алып сақлағыл. Андын Ийса атлы пайғамбар халқ қылурмен!

Андын соң жан адамның кекирагина келди. Адам қыям турмакка ашықты. Қыям турмаққа имканы, қудирати йетмади. Адам асығыўшыдур. Андын соң жан ишка ўа қарнына йайылды. Таам, иштаҳа қылды. Мундын соң жан тамам баданиға йайылды. Бадани гешт, ўа қан, ўа тамыр, ўа синирге айналдылар. Ўа калипдин адам сүўрати, адам пайда болды. Бундан сон Аллатаала Ҳазирет адамға тырнақдан баданга тери қылды. Күн-күндин ҳүсни зияда болды, гөяки ақ гүмишдек болды. Периштелер тамашаға келип кердилар.

Андын сон Ҳақтааладан нида келди:

– Я, адам, сенга раҳмат қылдым, – деди.

Адам акса урғанда: «Әлҳамдуллаҳ» деп еди, анда периштелер: «Йараҳманалла» деди. Бас, «Йараҳманмалла» парыз болды. Ҳар ким акса урып, «Әлҳамдуллаҳ» десалар. Андын сон Ҳақтаала Жабирайылға парман қылды, беҳиштдан ҳилла келтирип, адамға кийдирдилар. Башыға таж қойдылар. Алтын тахт үстинде олтырғызып, Ҳақтаала жумла периштелерге парман қылды:

– Адамға сажда қылыңлар! – деп.

Ол сажда таҳият саждасы еди. Худа қамири ушын ибадат деп, ҳамма малайиклар саждаға баш қойдылар. Әзазүл адамны ҳүрматлап саждаға баш қоймады, такаббур йүзидан айтты:

– Мен аташ, нураный (оттан, нурдан жаратылған) болсам, ол ҳаки зулманий (қара топырақтан) болса, аңа сажда қылып, иътиқад қылман, – деди.

Әмма, таўқы лаънат ҳаўада муаллақ болып турып еди, Әзазүлнин бойныға түшти. Дарҳал сүўрати бадал болды. Периштелер аны көрип, шүкиранасыға йане бир сажда қылдылар. Ҳала, әўўалғы сажда парыз болды, соңғы сажда ўажып болды.

Иблис айтты:

– Әй, Бар худая! Мени сен шайтан қылдың, адамны бир бөҳәле қылдың.

Андын сон Ҳақтаала Әзазүлге өз хатын өзине көргизди. Йезып турур: «Ҳар банда өзинин хожасының әмирин тутмаса, сазаўары лаънат болсын!» деп. Иблис бул хатты көрип, йығлап айтты:

– Әй, Бар Худая! Адам ушын мени даргаҳындан қуўаладың. Маңа мүҳлат бергил. Ўа тирик айлаб олтурмағил. Та нафх суур урып ҳамма жанлар қырылып, нешша йыллар өтгандин сон йане қайтадан нафх сааний суурға урылып, ҳамма жанлар тирилгунча мени тирик қойғыл, – деп тилак тилади.

Анда Аллатаала жаўаб берди:

– Нафх әўўалга шекем тирик қойдым! – деп.

Андын сон Иблис айтты:

– Әй, Бар Худая! Йане ҳам бир ҳажатым бар, бергил! Мени адам көзинен пинҳан қыл. Адамнын гешти бирла посты арасында жай бергил. Әллаҳы, адамны йолдан аздурурман. Улуғлығым ҳақы ҳүрмати бирла, адамны әўўелгидан аздурурман. Мағар яхшы салих бандаларин қутылур, - деп қасамяд етти.

Анда Аллатаала жаўаб берди:

– Бердим! – деп.

Шайтанның мурады ҳасыл болды. Бунман соң Аллатаала айтты:

– Дозақты толтурурмен сенин аўладың бирлан ўа сенин ўасўасың бирлан, сенга табелардан – деб қасамяд етти.

Андын соң шайтан адамның арқасыға түшти.

Андын сон Ҳақтаала периштелрге парман қылды:

– Адамны тахт бирла көтариб, асманны гездирин! – деп.

Периштелер адамны тахты бирла көтерип, йүз йыл асманды гездирди, асмандағы барлық ажайып-ғарайып нарсаларни көргизди. Андын соң оны беҳиштке киргизди. Түрли-түрли неғматлар йеб, тиллалар кийиб, беҳиштларни сайран етти. Адамға ҳамме наргени берди. Лекин адамның бир арам-қарары болмады, зияда дилтаң болды. Аның ушунким, өз жынысы йоқ еди. Ҳүрлар ҳам жуфтлық қылмады. Олар адамға:

www.ziyouz.com kutubxonasi

-Ҳақтааладан әмир йоқ жуфтлыққа, – дедилар. – Ўа йане ҳамма келимлармиз, – дедилар.

Адамға жуфт керак болды. Адам қыял бирла йатур эрди, не уйғақ ерди, не уйқыда ерди, Жабирайыл алайҳиссалам келиб, адамның шап қабырғасындан бир қабырға алды. Адамға хеш заҳмат йетмади. Әгар заҳмат йетга, хатунлар мундағ шийрин болмас еди. Ҳақтаала ол қабырғадан Ҳаўаны халқ йетти. Ҳақтаала өз ғазийнесиндеги барлық нәрсени Ҳаўаға берди, беҳиш тиллаларын кийдирди ўа башыға таж қойды.

Адам көзин ашып, бас ушында отырған Ҳаўаны көрди. Адам айтты:

- Әй, Бар Худая! Бу ким турур?

Нида келди:

- Сениң жуфтың.

Адам бийқарар болып, қол узатур болды.

Нида келди:

– Әй, адам, никаҳ қылмағунша қол тийгизбегил!

Андын соң ҳүрлер келип, парда бағлап, табақ-табақ жаўаҳырлар нисар қылдылар. Йетти қат асманның периштелери туўбы дарақты түбинда жам болдылар. Ҳақтаала өзи-өзине сана айтып, никаҳ етип, хутба оқыды.

Андын соң Адам алайҳиссалам Ҳаўаға қол узатар болды. Ҳаўа өзин шекти.

Ҳақтааладан нида келди:

– Әй, адам! Ҳаўаның никаҳ ҳақын ҳам қалың малын бергил. Таки саңа ҳалал болсын.

Адам айтты:

– Әй, Құдая! Ҳамме нәрсе сеники турур. Мен не берейин? – деди.

Ҳақтаала айтты:

- Мениң ҳабибимга он мартебе салаўат йибаргил, – деди.

Адам айтты:

– Ҳабибиң ким турур?

Ҳақтаала айтты:

– Ҳабибим – Муҳаммед Мустафа турур. Ол сениң фарзендиң турур. Он сегиз мың аламни аның туфайлидан халқ етибмен, – деди.

Адам айтты:

– Аны маңа көргизгил.

Ҳақтаала айтты:

– Бас бармағыныңның тырнағына бақғыл!

Адам назар қылды. Әўўалдин ақыртача болатурған фарзандлерин көрди. Ортада Муҳаммед Мустафаны көрди. Аңа салаўат айтты.

Андын соң Ҳақтаала айтты:

– Я, адам, Муҳамад Расулуллаҳның ҳаққы-ҳурмети ушын Ҳаўаны саңа ҳалал қылдым. Беҳишда сайран қылғыл! Ҳәр түрли нағматлар ўа мийўаларны Ҳаўа бирла еккилариңиз йеңизлар! Лекин буўдай дарағын йемагил! Әгар йесаңиз, залымлардан боларсызлар. Шайтаннан хабардар болғыл, йолдан шықармасын. Я, адам, беҳишда төрт нарса болмас: ашлық, шөллик, йалаңғашлық, афтаб болмас.

Адам алайҳиссалам беҳиш қапыларын көрди. Беҳиш қапылары маҳкам еди. Адам пикир етти: «Мен бейиште, шайтан дүнйада қалды. Ол бу йерге неşук кирар» деп фараған болды.

Әмма, шайтан Ҳақтааланың атларыдан үш ат билар ерди. Исми-Аъзам дерлар. Ол атларны оқып, беҳиш қапысыға келди. Адамның исян-эибаны йақын келди. Адамның тырнақ териси терига табдил болып, юмшақ бадан болып қалды. Ҳаля, адамларның тырнақлары шу тырнақ бадандин қалып турур, таинки, адамлар аўўалги ҳалларын йадына тутсын деп.

Әлқысса, шайтан беҳиш қапысыға келип турды. Ол заманларда таўыс бирлан йылан беҳиш қапысын сақлар еди. Таўыс беҳиш гүнгирасы үстинда отырур эрди. Бир ўақытта биреў Ҳақтааланың Аъзам исмин оқып оның қасына келди. Таўыс оған:

– Бас, бу йерда не ишларсен? – деди.

Ол айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Периштемен, бехишка кирмак ушун келдим.
Таўыс айтты:
– Бехиште адам бар. Мен адам үстига киргизмасман. Сен шайтансаң, – деди.
Шайтан айтты:
– Мен саңа үш дууа үйретейин, хала, бири – қарры болмассен. Бири – тоңмассен, бири – бехишдан шықмассен, агар ол дууаларны оқысаң.
Таўыс йыланға машўарат қылды. Йылан айтты:
– Бизлерге әмир йоқ турур, киши киргизмаймиз. Сен шайтан турурсен.
Шайтан айтты:
– Агзыңны ашғыл, мен кирейин, – деди.
Йылан агзын ашты, шайтан кирип, айтты:
– Мени буўдай ягашының алдына алып барғыл, – деди.
Йылан андаг қылды. Шайтан ол йерда ялғандын нала тартып, йығлады. Аны ешитиб, ҳүрлар тамашаға келдилар. Ҳаўа ешитиб, ортаға түшти ўа айтты:
– Әй, йылан, нешүк йығларсан?
Шайтан айтты:
– Сизлар ушын йығларман. Ҳар ким буўдай мийўасын йемаса, бехишдан шықар.
Ҳаўа айтты:
– Ялған айтурсен.
Шайтан ялған ант ишти ўа айтты:
– Ҳар ким ялған ант ишса, шайтан бирла дозақта бир йерда болур, – деди.
Шайтанның сөзин йылан айтты деп фаҳим еттилар. Андын сон Ҳаўа қырық қәдем йүриб, бир дана буғдай алды. Буғдайның данасының орнынан үш қатра қан тамды. Ҳаўа бугдайны алып, башына қойды. Бир каса тилип алып жеди. Қалғанын зәҳийра қылды. Шу қан ушун хатунлар бала туўса, қырық күн қан көрар. Аны нифас дерлар. Ўа йана бир айда үш күн қан көрар. Аны хайз дерлар. Ўа йана хала таҳарет қылурда төрт агзаны йуўмақ парыз турур. Бу маъсулият нәрсәларнин куллисиниң ҳәм сабаблари бугдай йемакдин болды. Адам буғдай йеб, қуўаты бирла жима қылды. Бул да парыз болды ҳәм таҳаретте агзаны йуўмақ парыз турур. Себеби не турур, өзге агзаны йуўмак парыз емаслар, ол болдыким, йүзи бирлан буғдайға бақты, аяғы бирлан йүрди, қолы бирлан алды, башы бирлан кетарди. Бу агзалар гүна қылды. Анын ушын йуўмақ парыз турур, та гүнаҳдан пак болсын деп йууўарлар.
Ҳаўа Адамға келди ўа айтты:
– Я, Адам, буғдай йегил, мен йедим.
Адам айтты:
– Йемасмен, анын учунким, Ҳақтаала парман қылды, буғдай йема деп.
Ол ўақыт буғдай адамның көзине жилўа берди. Адам айтты минган тахтына:
– Мени алып қашғыл, – деди.
Тахт адамны он мың йыллық йерга алып барды. Бугдай йәне ҳәзир болды. Жилўа қылды. Буғдайның дарахты күмүшдан, япырақлары забаржаттан эрди. Буғдай бир ҳалаўат мийўа ерди, замча миқдарынша, хала бугдайның қысық йери Адам ўа Ҳаўаның алған жайы турур.

## АДАМ АТА ҲӘМ ХАЎА ЕНЕ
(Р-1242, №183023)

Ең әййемги заманларда дүньяда тиришилик жоқ екен. Усылай жер неше-неше жыллар тиришиликсиз жасапты. Ақыры Жаратқан Тәңири буннан қызық болмайды екен деп, дәслеп Адам атаны жаратыпты. Адам ата дүньяға келип, ҳеш нәрсеге қызықпапты. Бул да болмайды екен деп, қасына Ҳаўа енени жаратыпты. Екеўи буннан кейин бир-бирине ес болып, тиришилик ете баслапты. Күнлердиң бир күни хаял жукли болып бир ул, бир қыз туўыпты. Ҳаўа ене еки емшегин алжастырмай емизеди екен. Оларды қосайын десе, өзлеринен басқа адам жоқ. Ақырында оң жақтағы емшегин емген улға шеп емшегин емген қызын қосып, «барың, тиришилик етиң» деп жибере берипти. Соннан жер бетинде тиришилик басланыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМ АТА ҲӘМ ҲАЎА ЕНЕ ТУЎРАЛЫ
(Р-539, № 176382)

Бул апсана бойынша, дәслеп қудай Адам атаны жаратып, соңынан ол уйқылағанда оның бир қабырғасынан Ҳаўа енени жаратады. Сөйтип оларға мәңги өлмейтуғын өмир берип, бейиштиң бағына жибереди. Оларға қудай бейиштиң барлық жемислеринен жеп ләззетленип жасаўға рухсат етеди де, бирақ бейиштиң ортасында өсип турған бир дарақтың миўесин алып жеўди қадаған етеди. Бир күни шайтан жыланның кебин кийип, Ҳаўа ене бәлек жүргенде қасына келип, қудайдың жеме деген миўесин жеўге үгитлейди. Шайтанның азғырыўына ерип Ҳаўа ене сол миўеден жейди ҳәм Адам атаға да жегизеди. Ол дарақ «жақсылық пенен жаманлықты билиў дарағы» екен дейди. Миўени жегеннен кейин олардың көзлери ашылып, дәслеп өзлериниң жалаңаш жүргенлигин биледи. Буны билип қойған қудай Адам ата менен Ҳаўа енеге қаҳари келип, булардың бул гүнасы ушын мәңгилик өлмейтуғын өмирден айырады ҳәм оларды бейиштен шығарып, жерге қуўып жибереди. Олар сол гүнасын жуўыў ушын өлгенше мийнет ислеп, азап-ақыретли өмир кеширсин дейди. Адам ата ҳәм Ҳаўа ененин усы гүнасы олардан өнип өскен урим-путақларына өтип, жердиң жүзиндеги адамзаттың ҳәммеси олардың ислеген гүнасынан пәклениўи ушын, өз өмириниң ақырына шекем қудайдың жолына мийнет етип, оннан өмиринше жалынып кеширим сораўлары керек дейди.

## ЖЕРДИҢ ДӨРЕЛИЎИ
(Р-1302, № 183830)

Әййем заманларда жер болматан, оның орнын қуры суў ийелеп турған. Сүймырық деген қус суўдың астынан уйықты тумсығына салып алып шығып өзине уя ислей баслайды. Сол уйыққа шаң-тозаң, шөп-шаланлар жыйналып үлкен жерди пайда етеди. Соннан жер пайда болған екен.

## КИЙЕЛИ ҚАРАТАС
(Р-539, № 176382)

Адам ата менен Ҳаўа енени бейиштен жерге таслағанда екеўи еки жерге түскен екен. Адам ата бир таўға, ал Ҳаўа ене бир теңиздиң бойындағы атаўға түскен екен. Соннан олар бир-бирин излеп таба алмай, еки жүз жыл айралық ҳәм жеккелик азабын басынан кеширген екен. Шеккен азабын көрип отырған Қудайтаала аяп, бир-бирин қайтадан табыстырған екен. Адам ата мың да бир тәўбе етип, Аллаға сыйынып, ибадатхана сорапты. Адам атаның тилеги қабыл болыпты. Перишелер ақша булттан ақ шатыр ислеп, оны Адам ата бейишке күнде баратуғын ўақтында ибадатханасының қасына тигип береди. Соннан кейин Адам ата ҳәр күни қудайға сыйынып, ҳәр күни периштелерге қусап усы ибадатхананы жети рет айланатуғын болған. Адам ата өлген күни сол ибадатхана, яғный периштелер тигип берген ақша бултлы шатырлар аспанға қайта көтерилип кеткен екен. Ал оның орнына Адам атаның баласы тастан ҳәм ылайдан тап сол ақ бултлы шатырға қусатып ибадатхана салыпты. Бирақ топан суў тасқыны оны қыйратып кеткен екен. Ҳәзирги Мәкке қаласы сол орынға салынған деседи. Ибрайым пайғамбар өзиниң баласы Исмайыл менен бирге сол жерге ибадатхана тиклепти. Сонда Жәбирайыл перийте оған бир тас әкелип берипти. Бул тас Адам ата жерге тасланғанда оның менен бирге тасланған екен. Ол тас Адам ата менен бирге жерге түскени менен топан суўдың уйымасына түсип сүңгип кеткен, соннан Жәбирайыл перийте алып шыққан дейди. Ал енди биреўлер Алла Адам атаны жерге таслағанда оны жақсы көрмейтуғын, гүнаны көп ислеген периштеси менен бирге таслаған, сонда ол тасқа айланған екен дейди. Ҳәзир буны Меккеде кийели қара тас дейди. Аллатала бул тасты жерге таслағанда аппақ болған, бирақ қуданың гүнакар бенделери оны ерниң тийгизип сүйе бергеннен кейин тас қарайып кеткен екен дейди. Усы Меккеге зыярат исленген күнлери урыс-қағыс деген болмаған. Усы зыярат ўақытлары жаўласып жүргенлер қуралларын таслаған, урылар да өз талапларын тоқтатқан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТОПАН СУЎЫ
(Р-1242, №183023)

Өткен заманлардың биринде жер жүзин суў басып топан тасыўы болатуғын билип Жабирайыл Нуў пайғамбарға хабарласыпты. Бул сумлы хабарды еситкен Нуў пайғамбар бир ушан кеме соқтырып, адамлар, ҳайўанлар, қуслар, жанлы-жанликлер менен барлық жаратылыстың жуп-тыларын жыйнап, кеме толғанша тийепти.

Нешше күнлер суўда жүзип жүргенинде тышқан Нуў пайғамбардың кемесин тесип, кеме суўға ғарқ болатуғын болыпты. Усы ўақытта кемедеги жылан тесикке тығын болып, кемени суўға батыўдан аман сақлап қалыпты. Жыланның усы қылған жақсылығына Нуў пайғамбар сыйлық бермекши болып, жыланды шақырып алыпты.

– Сен бизлерди суў апатшылығынан аман алып қалдың, сениң не тилегиң бар, сора, беремен, - депти.

– Мен бир тилегим бар, ол да болса, маған мазалы қан берип бир тойғызсаң болғаны, - депти.

Сол ўақытта Нуў пайғамбар қанның ашшысы менен душшысын ҳәм мазасын билип келиў ушын сонаны жумсапты. Сона жанлы мақлуқлардың қанын сорып, бәрин тексерип шығыпты да, ишиндеги қанның мазалысы адамның қаны екенин билипти. Бул хабарды Нуў пайғамбарға айтыў ушын адамның қаны мазалы деп киятырған сонаның алдынан қарлығаш шығып, оның тилин суўырып алыпты, соннан баслап сонаның тили байланып, ызылдайтуғын болып қалыпты.

Сона Нуў пайғамбарға келип ызылдай берипти. Нуў пайғамбар оның не деп турғанына түсинбей, қарлығаштан сорапты. Сонда қарлығаш:

– Ең мазалы қан – қурбақаның қаны деп тур, – депти.

Соннан берли жылан қурбақаның қанын сорыйтуғын болыпты. Ал қарлығаш адамларға жақсылық ислеп, жыланнан аман сақлап қалғаны ушын Нуў пайғамбар қарлығашқа:

– Мен саған адамзаттың төбесинен орын беремен, – депти.

Мине, соннан берли қарлығаш өз уясын адамзаттың жайының үстине салады. Қарлығаш әййемнен адамзаттың досты болған, сонлықтан оған адамлар жаманлық қылмаўы керек.

Суў қайтып, кеме бийикте қалады. Ҳайўанатлар тарқап, тек адамзат қалады. Қараса бир ой-дан, қумның арасынан түтин шығып атырғанын көреди. Жердиң бетин суў алса да, бул қалған не зат екен деп барса, бир кемпир отыр екен. Кемпир айтады:

– Усы жерде бир ешким бар, соны бағып, оның жүнинен шарық ийиремен. Сөйтип оны қарызыма беремен деп отырман. Ҳазирети Баҳаўатдин жолына жети теңге садақа беремен, – дейди.

Кемпирге:

– Сен қалай қалдың жер бетин топан суў басқанда? – дейди.

Сонда кемпир:

– Ешкимниң аяғы ызғар болып келеди, неге десем, жер бетин топан суў алған екен ғой, – дей-ди.

Сонда адамзаттан кемпир, ҳайўанлардан ешки артық қалған екен дейди. Кемпир менен ешкиниң ақырзаман, қыямет-қайымнан аман қалыўы – ол да бир қудайдың қудирети екен дей-ди.

## ТЕМИРҚАЗЫҚ ЖУЛДЫЗЫ
(Р-1242, №183023)

Аспандағы жайнаған жулдызлар ишинде басқалардан гөре айрықша жарқырап туратуғын жулдызлардың биреўинин Темирқазық жулдызы деп айтылыўында бир сыр бар екенин ата-ба-баларымыз былай тарийплейди.

Темирқазық жулдызы қаққан жулдыздай бир орында турады. Басқа жулдызлар қозғалса да, ол қозғалмайды. Усы Темирқазық жулдызының қасында еки жулдыз орналасқан. Оның биреўи Ақбоз ат, ал екиншиси Көкбоз ат жулдызы деп аталады. Усы еки жулдыз мудамы Темирқазық

www.ziyouz.com kutubxonasi

жулдызын айланып жүреди де қояды. Ал енди усы Ақбоз ат жулдызы менен Көкбоз ат жулдызына жақын жерде жети жулдыздын қақшыйып қарап турғанын көресиз. Усы жети жулдыз жети қарақшы жулдызы деп аталады.

Бир күни жети қарақшының Темирқазық жулдызына байланған Ақбоз ат пенен Көкбоз ат жулдызларын урлап кетиўге келген хабарын периштелер Ақбоз ат пенен Көкбоз атқа хабарлапты. Сол ўақытта Аллатаала барлық периштелерин жыйнап:

– Сенлер ҳәзирден баслап Темирқазық жулдызындағы байлаўлы турған Ақбоз ат пенен Көкбоз атты урлаўға келген жети қарақшыны турған жеринде қатырып таслаңлар. Себеби қарақшылар Ақ боз ат пенен Көк боз атты урлап кетсе, ертеңги күни дүньяға келген пайғамбар пияда қалады, барың, сол еки атты қорғап қалыңлар! – деп жумсап жиберипти.

Периштелер Аллатааланың ҳәмирин бәржай етип, атларды сақлап қалыпты. Пайғамбарымыз минген тулпардың анасы Ақбоз ат, атасы Көкбоз ат екен деседи.

## ШОЛПАН МЕНЕН ҮРКЕРДИҢ ТАРТЫСЫ

(Р-1242, №183023)

Аспан әлеминдеги еки мың жулдызлардың ишиндеги Шолпан жулдызы менен Үркер жулдызының арасындағы тартыс, сулыўлыққа таласыў елеге шекем питиспей киятырғанын хәр ким де билетуғын шығар. Шолпан жулдызы бир ханның маңлайына питкен, сулыўлықтан ҳешкимди алдына салмайтуғын қызы екен. Шолпан бойжетип камалына келгенде ер таңлап, өзи сулыў, өзи ақыллы, батырлықтан алдына жан салмайтуғын жигитти аңсап, өз үйинде отырып қалыпты. Буған әмирлик жолдас болғандай адам табылмапты.Ең ақырында Шолпан «бүйтип жүргенше мен бул жерде жүрмей-ақ қояйын, зерикkенде сырласып, шеримди тарқатаман, аспандағы Үркер жулдыздың қасында болғаным жақсы болар» деп Аллатааладан тилек тилеп, Үркерге жибериўди өтинипти дейди. Аллатаала бир периштесин жиберип, Шолпанды Үркердиң қасына алып барыўды буйырыпты.

Шолпан барып Үркердиң қасында қырық қызы ҳәм сиңлиси менен ойын-саўық қурып отырғанын көрипти. Шолпан Үркер менен сиңлисиниң ҳәм қасындағы қырық қызының өзинен де сулыў екенлигин көрип, бул жерде олар менен тура алмасын билипти де, алып барған периштеге:

– Ҳүрметли периштем, мен алып келгениң ушын тәңир жарылқасын, Аллатаалаға да алғысым көп. Бирақ мен бул сулыўлардың қасында көзге түспей қалатуғын түрим бар, сол ушын мени басқа бир жулдызларға, қала берсе, күн шығар тәрептеги жулдызлардың биреўине апарағой, – деп жалыныпты.

Периште сол жерде Аллатааладан пәрман алып, Шолпанды күн шығардағы жулдызға алып ушыпты.

Ҳәзирги Шолпан жулдызы аталған жулдыз сол Шолпанның барған жулдызы екен. Шолпан жулдызы таң саз бергенде көринип, айдай жарқырап турады екен. Адамлар оның сәўле шашқан шуғласына ҳәўес етип, қызларының атын Шолпан қойыўға әдетленипти. Шығыс тәрептен көринетуғын сол жалтыз жарық жулдыз ханның сулыў жалғыз қызы жасап турған Шолпанның аты менен аталып кетиптими деседи.

## ҮРКЕРДИҢ СИҢЛИСИ

(Р-1242, №183023)

Ал енди Аспандағы бир топ шоқ жулдыздың Үркер болып атыўында да бир сыр бар екенлигин ҳәрким биле бермейди. Үркер деген қыз өзиниң қырық қызы менен жүргенинде дини де басқа, тили де басқа елдиң сан мың ләшкерине тап болып, булар қырық қызды қолға түсириў ниетинде болады. Үркер баслаған қырық қыз қарсылық көрсетиў мүмкиншилиги болмаған соң, Аллатааладан жәрдем сорап жалбарынады. Аллатаала өзиниң периштелерин жиберип, жаў бара алмайтуғын аспан әлемине алып шығыўын буйырыпты. Периштелер Үркерди қырық қызы ме-

www.ziyouz.com kutubxonasi

нен аспанға алып шығыпты. Аспандағы шоқ жулдыз душпаннан үркken қызлар болғаны ушын ҳәм Үркер қыздың аты менен Үркер жулдызы болып кеткенине неше заманлар болғанлығын қудай билсин.

Үркер қасындағы қырық қызы менен аспанға ушып кеткенде жалғыз сиңлиси зар қағып душпан қолында қалып қойыпты. Үркер барған жеринде есап қылса, сиңлисиниң жоқ екенлигин билип, Аллатаалаға жылап, сиңлисин әкелип бериўди сорапыпты. Үркердиң бул тилеги Аллатаалаға жетип, периштелериниң биреўин Үркердиң жаў қолындағы қалған сиңлисин апасына апарып қосыўға буйрық берипти. Периште Үлкердиң сиңлисин апасына алып шығып апағына жақынлаған жерде аспанда аты шыққан жети қарақшы периштениң алдынан шығып:

– Әй, Аллатааланың сүйген периштеси, бизлер жүрген жети мүсапирмиз, бизлердиң тамағымызды писирип, кийимимизди жуўып беретуғын ҳеш кимимиз жоқ, сол ушын қасыңдағы сиңлиңизди бизлердиң биреўимизге некелеп кетпейсиз бе? – деп жалынпыпты.

Периште булардың бул жағдайына рәҳими келип, Үркердиң сиңлисиниң келисими менен жети қарақшының биреўине ҳақ некесин қыйып берген екен дейди. Солай етип жети қарақшының қасындағы жулдыз Үркердиң сиңлиси екен деседи халық.

## ШАЙТАН
(Р-1302, № 183830)

Дәслеп шайтан адамзат пенен тең өмир сүрипти мыш. Күнде араласады екен дейди. Адам ата азанда аңға кетсе, балалары шайтанның балалары менен ойнайды. Бурын тып тынып жүрген олар енди бир-бири менен урысып, төбелесетуғын болыпты. Күнде усылай қайталана бергеннен кейин Адам ата ашыўланып, Ҳаўа енеге кейипти. Адам ата кетиўден шайтан балалардың анасы және оларды булардың қосына алып келип кетеди екен.

Бир күни Адам ата олардың жат қылық үйреткенлигин көрип, балта менен шаўып-шаўып, бәрин өлтирип, көмип кетеди. Кеште келсе, және олар ойнап жүрген. Ертеңине тағы да шаўып, туўрамлап кетипти. Кешқурын келсе, тағы да тирилип кеткенлигин көрипти.

Ағамда тура сала оларды бирме-бир шаўып, қазандағы гөшке қосып қуўырып, балалары менен барлығы тойып жеп алыпты. «Уўҳ, қутылдық-ғой» деп ойлапты Адам ата. Сол ўақытта шайтанлардың анасы келип қарқылдап күлипти де:

- Бәри бир, бизден қутыла алмайсыз. Биз бурын адамның сыртында жүрсек, енди ишине кирип алдық. Енди өмир бойы бирге жасаймыз. Ўа ҳа ҳа! - деп шақалақ атып күлипти.

Әне, соннан бүгинге шайтан питкен адамның ишине кирип алғанмыш.

## ЕШЕКҚЫРЫЛҒАН
(Р-84, № 37513)

Шолпан ең жарық жулдыз. Оның туўылыўы менен таңның атыўын белгилейди. Бир топар саўдегерлер таң алдында жолға шығады екен. Қыстың қәҳәрли бир күни гезекши болып отырған адам шығыста туўған бир жулдызды Шолпанға жорып, адамларды оятып, жолға түсип кетипти. Сөйтип баратса, жуўғарада ататуғын таң жоқ, адамлар адасып, ешеклер қырылып қалған. Соннан сол жулдыздың атын «Ешекқырылған» дейди екен. «Шолпан туўса, суў суўыйды, тәрези туўса, таң суўыйды» деген де гәп бар. Адам өлге, басын Темирқазыққа қаратып қояды.

## АЙДЫҢ БЕТИ НЕГЕ ТЫРТЫҚ
(Р-539, № 176382)

«Айдың бети неге тыртық» деген әпсанада айтылыўынша, Қуяш бир байдың қызы болған, ал оның ери Ай басқа бир байдың баласы болған екен. Олар екеўи бир-бири менен урысып қалып, Қуяш айдың бетин тырнап, бетине тыртық салғаннан кейин екеўи адамларға көриниўге уялады екен. Бирақ адамлар жердиң бетин жақтыртыў ушын олардың көринип турыўын өтиниш етипти. Соннан берли олар бири-бирин көрмей, ушыраспай, адамларға көринип жүредимиш.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЙ МЕНЕН КҮН

(Р-539, № 176387)

Күн менен Ай бир адамның еки қызы (егиз қыз) болған екен. Күнге шайтан келип, Айды жаманлайды.

– Сеннен Ай сулыўырақ, сен оннан сулыў емессең, - дейди.

Айды қызғанған Күн Айға барып,оның бетин өзиниң ыссылығы менен күйдирипти. Айдың бетиндеги дақ соннан қалған екен. Соннан бери еки туўысқан бир-бирине жақынламайды екен деп айтысады.

## ТАСҚЫРМАН

(Р-1207, № 182886)

Бир жети журтқа даңқы кеткен бай болған екен. Ол гүзде егин-тегинлерин жыйнатып, бир неше қырман гүдилеп болғаннан кейин сықмарлығы тутып, диййханларға дурыслы ҳақыларын бермепти. Сонда қолына ҳаса услаған, ийман жүзли, ақ сақаллы ғарры келип байға:

– Егер сен усы диййханларың болмағанда усыншама қырман шашлармедиң? Егинлериң атызда қалып, ийт-қусқа жем болмай ма? Солардың арқасынан усындай байлыққа қолың жетип жүргенин умытпа! Ҳақыларын бер, мийнетлеринен раҳат тапсын, – дегенде, бай:

– Сен ғарры, бул истиң басында жоқсаң, қасында жоқсаң, буған араласатуғын жағдайың жоқ. Олар қудай қарғаған адамлар. Мен болса, қудай сыйлаған адамман. Бергим келгенинше бердим, артық берсем, даўлетим таяды, сен өз бардарың менен жүре бер, жолаўшымысаң, жолыңды тап, - депти.

Сонда ақ сақаллы ғарры қаҳарленип:

– Сен қудайды билетуғын ба един?! Енди оның қудиретин көр, мына жыйнаған қырманларыңның бәри тасқа айлансын! – деп, ҳасасын жерге урыпты. Қатара турған гүдилер сол заматта тасқа айланып қалыпты. Жолаўшы ғарры дәрҳал көзден ғайып болыпты. Соннан бери бул жер «Тасқырман» аталып кеткен.

## КҮН НЕГЕ ҚЫЗАРЫП ШЫҒЫП, ҚЫЗАРЫП БАТАДЫ?

(Р-1242, №183023)

Күн – лаўлап жанып турған от. Айтыўшылар оны дозақ оты дейди екен. Оған барған адамларды периштелер қоллап, аман алып қайтпаса, сол заматта жанып кетеди екен. Күн аспанды айланып жүреди екен де, оның жүрисинде де бир қызық жағдайлар бар қусайды. Күн шығарда ерт болып қызарып батады екен. Оның былай болып шығыўында да үлкен сыр жасырынған. Дәслебинде Күн өз орнында қозғалмай турады екен. Сол ўақытта Аллатаала периштелерин шақырып алып:

– Сенлер қозғалмай қатып турған күнди аспанға алып шығыңлар! – деп буйрық берипти.

Периштелер:

– О, Күн! Тез арада аспанда көтерил! Соған Тәңиримизден буйрық бар, – депти.

Бирақ Күн периштелердиң айтқанын тыңламай, қақшыйып тура берипти. Буннан кейин Аллатаала периштелерди жумсапты:

– Сенлердиң жай айтқаныңа көнбесе, зорлық пенен шығарыў жолын табыңызлар, - деп, және күнге жумсапты.

Периштелер Күнге барып, аспанға шығыўға және буйрық берипти. Күн периштелердиң айтқанына қулақ салмапты. Буннан кейин периштелер Күнниң белине темир шынжыр, темир буғаў салып аспанға тартып шығарыпты. Күн периштелердиң қылған зорлығына шыдамай, ерт болып қызарып туўатуғынының себеби соннан екен. Қала берсе, қатынлардың туўарда, адамлардың ашыўланғанда бет-аўзының қызарып кетиўи, таўықлардың туўарда кекилиниң қызарыўы да сол қыйналыўында, ашыўланыўында емес пе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай етип, Күнниң қызарып, көл-дәрьяның бетине түсип, дәрьяның шуғласы аспанға көтерилип, аспандағы бултлардың қызарыўы да усыннан екен.

## КҮН НЕГЕ ҚЫЗАРЫП ШЫҒЫП, ҚЫЗАРЫП БАТАДЫ?

2-вариант

(Р-1242, № 183023)

Сол заманда дини де, тили де басқа бир тайпа ел болады екен. Ол Күнди өзлериниң қудайы деп есаплайды екен ҳәм ҳәр күни Күнниң шығарында оған қарап табынады екен. Күн аспанға көтерилгенде жер бетине жарық түсип, пүткил шөп-шар, ҳайўанатлар бир жасап қалады екен де, Күн батарда жерди қараңғы басып, қорқыныш пенен ҳүрлеп турады екен. Күнниң бул ҳәрекетин жаңағы капир ели аңлыў менен болады екен. Буны сезген Күн шығарда қыйналып, ашыўланып, аспанға шықпайман деп қызарады да турады екен.

Усы ўақытта Күнди атыў қысып, бар даўысы менен бақырады екен. Усы Күнниң бақырған даўысын еситкен ҳайўанлар менен адамлардың жүреги жарылып өледи екен. Ендигиден былай Күнниң бақырған даўысын еситпеў ушын бир ғана себеп бар екен. Сол ўақытта Күнниң шығар тәрепинде бир үлкен шаҳар болыпты. Ол қаланың атын «Жабылса» деп атайды екен. Сол Жабылса шаҳариниң жетпис үш базары болады екен. Базар ығы-жығы, шаўқымлы, кернай-сырнай тартылған, барлық ойын саўықтың неше түрлери сол жерде ғана өтеди екен. Әне, Күнниң шығардағы бақырған даўысы сол базар ишиндеги адамлар менен ҳайўанларға еситиледи екен.

Жабылса шаҳариниң әтирапында «Қабалақ» деген бир ел жасайды екен. Ол елдиң адамлары бүгинги адамдай емес, жүдә үлкен болады екен. Қабалақ елиниң бир адамы екинши бир жақта туратуғын елдиң адамларын бир етигине салып алып, буркып ағып турған дәрьядан ары бир өтип, бери бир өтип, ойнап жүреди екен. Бирақ сол Қабалақ елиниң адамларын мусылман журтының адамлары деп есаплайды екен. Мухаммед алайҳиссаламды пайғамбарымыз деп таныйды екен. Олар таң намазын оқыў ушын азан шақырғанда Күн өз-өзинен қорқыншқа ушырап, қызарып бөртип аспанға көтерилиў менен болады екен. Бул ўақытта Күн төртинши аспанда турады екен. Төртинши аспаннан келген Күнниң жыллылығы жерге, суўға, таўларға түсип, жер-жаҳанды ыссылық басады екен. Күнниң тезлиги соншелли, адамның астындағы ат бир атлағанда Күн бир айшылық жолды жүрип өтеди екен.

Усы жүрис пенен Күн өзиниң батар жерине барып қып-қызыл болып қызарып турады. Усы ўақытта да бағанағы капирдиң адамлары далаға шығып, қудайымыз бенен амапласып қайтайық деп, қақшыйып қараў менен болады. Күн усы капир елиниң қылығынан қорқып, қызарыўы менен қақшыйып турып қалады екен. Усы жағдайлардан хабары бар Аллатаала периштелерин жумсап:

– Күнге барып, капирлерден қорқып қақшыйып турған болмайды, өз орнына барсын, түнниң қараңғысы да мусылманлар ушын жүдә зәрүр, бар, усыны Күнге хабарлаң! – деп буйрық берипти.

Периштелер барып, Күнди батырып қайтып, Аллатаалаға хабарын жеткереди екен. Усы ўақытта да Күнниң қызарып турған сәўлеси көл, дәрьяға түсип, оның шуғласы менен аспан тағы да қызарады екен де, Күнниң қыйналып бақырған даўысы жер бетиндегилерге еситилмейди екен.

## ПАЙҒАМБАР ҚЫЗЫ

(Р-1207, №182886)

Төребек ханым, Нәзлымхан сулыў, Пайғамбар қызы – Шамун-Набийдиң қызлары болған Төребекханым, Нәзлымхан сулыў бойжетип, турмысқа шығып кеткеннен кейин Шамун-Набийдиң журтын жаў шабады. Сонда Пайғамбар қызы Әмиўдәрьяның жағасында турған кемеге минип қашады. Кеме жүз деген жағына жүзген, бурыл деген жағына бурылған. Изинен қуўып киятырған жаўдың кемелери жақынласып қалғанда Пайғамбар қызы минген кеме жағадағы

www.ziyouz.com kutubxonasi

бир таўдың капталында баратыр екен. Қыз кемеви сол таўға қаратып бурып, оган жеткен жерде «Таў жарыл» дейди. Таў қаққа бөлинип, Пайғамбар қызының кемесине жол береди. Кейин жаўдың кемелери келемен дегенше таў қайта пителип қалады. Сол жер Пайғамбар қызының хурметине Пайғамбар қызы аталған екен деседи.

## ҚУС ЖОЛЫ

(Р-1207, № 182886)

Аққуўлар жүрген келте бирден суўық түсип, олар жыллы жақларға ушып кетиўге мажбүр болады. Бирақ палапанлары олардың изине ере алмай қалып қояды. Сонда ана аққуўлар палапанлары адаспай изинен ушып барыўы ушын жол бойы парлерин таслап ушқан екен. Соннан қус жолы пайда болған.

## СУЎПЕРИ

(Р-1299, №183812)

Бурын биреўдиң қызы анасының айтқанын тыңламай, күн батқан соң кудыққа суўға келген. Суўға енди келип, шелегине арқанды байлап жиберген екен, бетине бир нәрге шарп етип тийипти. Қызға сол жерде суўпери салқынын салыпты. Қыз есинен талып калыпты. Қызды үйине әкелгеннен кейин оянып, өзин-өзи жулып, делбе болып кетеди.

Қыздың ата-анасы моллаға оқытқан екен, моллалар оған суўпери салқынын салғанын айтады. Ақыры қыз келе болмай жинли болып кеткен.

Суўпери көбинесе суўға шомылған адамларға зиянын тийгизеди. Ол адамларды билдирмей суўға шомылыўға шақырады екен. Көбине олар шаңқай түстиң ўақтында шақыратуғын қусайды. Суўға түсиўден ол билдирмей аяғынан тартып суўдың астына алып кетеди я болмаса суўда шомылып жүрген балаларды алып кетиўге қуштар екен.

## ЗУЛҚАНДЕР ПАТША

(Р-1207, № 182886)

Бурында жердиң астын-үстин сораған Зулқандер деген патша өткен. Ол бир күни жер астындағы сорамын аралап көрейин деп жер астына түседи. Жердиң астындағы Зулқандердиң бийи оған бир кесе ун береди.

– Алдын нан етип же, караматын соң-соң көресең, – дейди.

Бирақ оның жердиң үстине шығыўы қыйын болады. Оған Суймурық деген қусты береди.

– Мағар алып шықса, усы қус сени жердиң үстине алып шығар, - дейди.

Сексен қойды пүтинлей Суймурықтың үстине артады. Суймурық Зулқандерге шарт айтады.

– Сен мениң үстимде отырып көзиңди ашыўшы болма. Ашсаң, екеўимиз де набыт боламыз, – дейди. Кейин: – «Қан» деген ўақта қойдың етинен кесип алда аўзыма таслай бер, – дейди.

Зулқандер мақул дейди. Суймурық патшаны арқасына жайластырып жердиң астынан үстине көтерила баслайды. Патша Суймурықтың айтқанын ислеп, «қан» деген ўақытлары бир кесе гөшти аўзына салып, көзин жумып отыра береди. Бир ўақлары көзимди ашып көрейин, қай жерлерде баратыр екенбиз деп көзин ашса, дөгерегиниң бәри жанып турған жалын екен. Суймурық:

– Көзиңди жап, болмаса күйип баратырмыз, – деп бақырады.

Зулқандер көзин қатты қылып жумып, қадимги әдетинше сораған ўақта қойдың гөшин Суймурықтың аўзына салып отыра береди. Бир жерлерге келгенде шыдамы жетпей, тағы көзин ашады. Қараса, дөгерегиниң бәрин суў қаплап киятыр екен.

– Көзиңди жап, болмаса суўға шөмип кетемиз, – дейди Суймурық.

Дәрҳал көзин жумады. Зулқандер Суймурыққа қадимгидей аўқатын берип отыра береди. Бир жерлерге келгенде сексен қойдың гөши де таўсылады. Енди не қыламан деп отырғанда суймурық «қан» дейди. Зулқандер оң санынан бир солқым гөш кесип, Суймурықтың аўзына са-

www.ziyouz.com kutubxonasi

лады. Тағы бир жерлерге келгенде «қан» дейди Суйимурық. Патша сол санының гөшин кесип береди. Бираз ўақыттан соң:

– Ал, енди көзиңди аш, – дейди.

Көзин ашса, патша өзиниң даргасының алдында турған екен. Суйимурыққа:

– Енди сиз қайта бериң, – деп рухсат берди.

– Жақсы, саған үш парымды таслап кетейин, керек болып қалағойсаң, бирeўин түтетсең, мен алдыңда ҳазир боламан. Маған соңғы берген гөшлериң нениң гөши еди? – деп сорайды.

Патша:

– Мениң санымның гөши еди, – дейди.

– Ўах, билмеген екенмен, гөшиңниң мазалы екенин билгенимде сени көрген бойы жеп қойған болар едим, – дейди Суйимурық.

Патша шорыларын шақыртып, баяғы бир кесе унды жабыўды буйырады. Ол ун суйықлаў ийленип, тандырда турмай, түсип қала береди. Қайта-қайта түсип, қозға күйе берген соң қара көмеш пысып қалады. Бул нанды патшамыз жемейди деп, шорылар басқа уннан нан жаўып апарып береди. Қара көмеш нанды сол ўақта келе кеткен падашының қолына услатады.

– Сениң теңиң мынадай нан, усыны же, – дейди ҳаяллар күлисип.

Кәл падашы күлге былғанған шөректи жей баслаған екен, барлық шөплер тилге кирип, оның менен сөйлесе баслапты.

Патша ҳаяллардан нанды сорайды.

– Ырасыңды айтың, болмаса дарға астыраман, – дейди.

Ҳаяллар ырасын айтады.

– Дурыслап жаўа алмаған соң, әўелги көмеш нанды кәл падашыға бердик, – дейди.

– Жақсы онда, – деп, патша кәл падашыны шақыртады.

Падашы келгеннен кейин:

– Нанды жегеннен кейин не болды? – дейди патша.

– Шөптиң тилин билетуғын болдым, тақсыр, – дейди падашы.

Оған Ҳаким Улықпан деген ат берип, патша оны оң жағына отыратуғын ўәзир етип тайынлайды. Соннан баслап Ҳаким Улықпан таўип атанған екен.

## ТАСБАҚАҒА АЙЛАНҒАН САЎДАГЕР

(P-1299, №183812)

Баяғы заманларда оғыры иши тар, қатты сықмар бир саўдагер болған екен. Ол питип қалған бай болса да, дүнья үстине дүнья қосылыўы ушын ҳеш нәрседен таймайды екен. Тарезиден урып, киси ҳақысын жеў оның тийкарғы кәри екен.

Усы саўдагерге иси түсетуғын адамлардың сабыры таўсылып, олар бир күни қазының алдына саўдагердиң үстинен шағым етип барыпты. Қазы оларды тыңлап болып, шағымның дурыснадурыслығын өзи тексерип көриў ушын пақыр кийимин кийип, саўдагердиң дүканына барыпты да, оннан азғантай дуз өлшеп бериўди сорапты.

Саўдагер қарыйдардың кийимине қарап, пуллы емеслигин билип, мурнын жыйырып, тарезиге дуз салыптып, оны өлшеп берипти.

Қазы екинши бир дүканға келип, жаңағы дузды өлшеп көрген екен, саўдагер өзи бары-жоғы жүз мысқал дуздан жигирма мысқалын кем берген екен. Ол қатты ашыўланып саўдагердиң дүканына қайтып барып:

– Ҳәй, надан, басқа қасыл нәрселерден жеп қалғаныңда гүнаң буншелли аўыр болмас еди. Дуздан жырып қалыўдың гүнасының аўыр екенин билмейтуғын бедиң, тарези тасының астында қалғыр! – депти.

Сол сөзди айтыўы мәттал, қазының қарғысы қабыл болып, саўдагер ийретилип-шыйратылып тасбақаға айланыпты.

Саўдагердиң тасбақаға айланғанынан хабар тапқан адамлар: «Ақыры, қудайдан таўыпты» деп қатты қуўанысыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

–Олардың қуўанғанын көре алмаған тасбақа сонда да қылған исине өкиниўдиң орнына, «олардан өшимди алайын» деп, адамлардың мың да бир дәртине даўа мәргия деген шөпти аўзына салып, жасырып жүреди екен.

## СУЛӘЙМАН ПАЙҒАМБАР
(Р-1207, №187886)

Әзелде Сулайман пайғамбардан асқан бай, көзи ашық жан болмапты. Ол пүткил жан ийесиниң бәриниң тилин түсинеди екен. Қустың не сайрағанын, ақшың не сес берип атырғанын, шөптиң неге сылдыр еткенин – бәрин-бәрин сезедиэкен. Бирақ, бир перзентке зар екен.

Пайғамбар жан-жаққа қараса, түйе боталаўда, бийе қулынлаўда, қой қозылаўда, қыйшы, әйтеўир, жанзат питкенниң бәри балалап атыр.

– Хәй, сонда Аллатаала неге мени бир перзенттен қысты екен? – деген ой келди басына. Күни-түни усы қыял басынан кетпеди. Жупты-ҳалалынан сорады, ол ҳеш нәрсе айта алмады. Бас уазири менен кеңести, ол да жақ ашпады. Қазы-калан менен ойласты, ол да ийнин қысты. Нәтийже шықпаған соң, Аллатаалаға жалбарынып, ҳеш қашан тилек тилеўин тоқтатпады.

– Хәй, Жаратқан ийем, жер бетиндеги қыбырлаған жанзаттың бәрине перзент бердиң де, өз сүйген бендеңди, бул әлемге жиберген елшиңди усы тәрептен жуда еттиң ғой, – деп ҳәр гез сорап тура берди. – Усыған бир жуўап болар ма? – деп қосып қойды.

Бир күни тағы налыш етти:

– Хәй, пүткил әлемниң ийеси, бизди бина еткен Қудиретлим, күлли жан-жәниўарға тел бердиң, бизге де бирдеңе берсең болмай ма? – деди.

Пайғамбардың тилеги қабыл болып, Алладан саза келди:

– Хәй, сүйген қулым, тилегиң бәржай! Мен бирдеңе беремен. Бирақ бир шәртим бар. Сен жубайың, бас ўазириң, ҳа журтыңның қазы-каланы алдында сыр айтыўың керек. Соны умытпа! – дейди

Алланың инаяты менен пайғамбардың қосағы көтерди, тоғыз ай, тоғыз күн, тоғыз саат өткеннен кейин жас босанды. Пайғамбардан барып журт сүйиншиси алды. Пайғамбар қуўанышы қойнына сыймай жетип келсе, перзент дегени – усқыны не адамға, не басқа жанзатқа уқсамайтуғын бирдеңе... Я қолы, я аяғы жоқ, басы мойнына жабысып питкен мақлуқ. Пайғамбардың үмити пуш болды, қапашылық қайта басты. Үскини қуйылды. Аллатаалаға тағы да мұңын шақты.

– Я, жаратқан ийем, биз бир сүйген қулыңыз болсақ, сизден бир түйк сорап едик, берген перзентиң усы ма? Биз сизди панамыз деп, шын нийет пенен оны сораған едик. Қалың журттың алдында аса масқара болдық ғой. Бизди усылай күлкиге қалдырайын дедиңиз бе? Бар жақсылығыңыздың артынан жаманлығыңыз да бар ма еди?! Енди халыққа қайсы жүзимиз бенен қараймыз?! Изимизде қалатуғын туяғымыз усы ма? – дейди.

Алладан және аян болады:

– Хәй, қулым, сен меннен бирдеңе сорадың. «Бирдеңе» бердим. О басында тилекти қате тиледиң. «Нийетиң жолдасың» дегенди билмедиң. Жас ўақтыңда перзент жөнин ҳеш ойламадың. Саған бир шәртим бар деген едим. Енди соны бежер. Арқағын онсын кире берерсең. Сен анаў бирде айтқанымдай, жубайыңды, бас ўазириңди, қазы-каланыңды бир жерге жыйнап, әўели өзиң бас болып ишки сырыңды жайып сал. Сен сөйлеп болғаннан кейин жубайың айтсын. Оннан соң бас ўазириң ишиндеги сырын төксин. Усыған қазы-калан гүўа болсын. Қалғаны маған аян. Ишиңизде сыр қалмасын!

Сулайман пайғамбар неше күн ойланды. Ақыр-соңы жубайына айтты.

– Усындай бир мәсләҳәт бар, сен сонда ишиңдегини қалдырмай айт!

Ўәзирге де соны айтты. Бирақ ҳеш кимниң жүреги буған даўамады. Пайғамбар Аллаға жалбарыныўдан тынбады.

Алладан тағы саза келди:

– Сыр демей-ақ қой. Арзыўыңды, арманыңды айт де. Онда дәс әўел жубайың айтсын. Соң бас ўазириң айтады. Соңынан өзиң айт!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул Пайғамбарға мақул түсти. Қазы-каланды шақыртты. Бәри жыйылды. Пайғамбар өзи бас болып былай деди:

– Ал, қудай қосқан қосағым, сен маған бағың шатқалы берли ишиңде шемен болып қалған арзыў-арманыңды айт, биз билейик. Мине, қазы-калан, мынаў бас ўәзир, бәримиз сирли сарайда отырмыз. Мынаў қурсағыңнан шыққан балаң. Қане, ишиңде дәрт қалмасын, айт, – деди.

– Шабазым, менде не сыр, не арзыў-арман болсын. Ерим сиздей жети ықлымды сораған патша болса, ишкеним алдымда, ишпегеним артымда, хилле менен пиллеге оранып отырман. Хожейиним патша болса, биз патшаның ҳаялы болсақ, не арман болсын бизде. Бирақ, сонда да гей-гейде бир нәрсеге қыялым кететуғын еди. Усы патшамыз талай тойлар берип, не бир жаўырыны жер иймегенлерди палўанларды гүрестиреди. Сонда олардың тулғасына сүйсинип турып, бойым жыбырлап сала беретуғын еди. «Пах, усы нар палўанның бири менен ақ төсекте армансыз аўнасам, қушағында балқысам» деген жаман қыял ойымнан өтер еди. Әўели ҳақ, бирақ, бул тек ойым. Усы ўақытқа дейин патшамыздың көзине шөп салмадым, төсегин аяқ асты етпедим. Кессеңиз, мине басым, алсаңыз, жаным ҳәзир, – деп көз жасын көл етип жылап, боз-боран болды.

Бир заматта ажайып бир ўақыя жүз берди. Қундағы шешилген майып-мажырық бенденин аяғы шықты. Алдын ол тәнеге тутасып кеткен еди. Отырған жамаәт өз көзине ҳеш исенбеди. Патша ишинен шүкирлик етти. Қазы-калан «Бәрекелла» деп тәселле берди. Пайғамбар енди бас ўәзирге бурылды. Бас ўәзир:

– Бир қасық қанымнан кешсеңиз, патшайым. Артық-кем кеткен жерим болса, кешириң! Негизи мен сиздей уллы патшаға бас ўәзир болғанымнан Аллатаалаға мың бир мәрте миннетдарман. Патшайым, мен сиз сораған әлемниң өзиңизден кейинги көз-қырағы болсам, мен ушын буннан артық бахыт бар ма? Менде наўа арзыў жоқ, шүкирлигим мол. Солай болса да, айырым ўақытта көўлимнен жаман пикирлер өткен гезлер де болды. Ол бирақ бурынырақта еди. Ол ырайдан қайттым. Бендеги натүкирлик ылайық емес екен. Сондағы ойым, бир күн ўақыт келип Сулайман пайғамбар Алланың аманатын тапсырса, орнына мен патша болаўпысам, деген қыял еди. Мен бәри бир пайғамбер бола алмасымды билдим. Ол тек Алланың еркиндеги ис екен. Тақсыр, бунның бәри өтти-кетти, кешириңиз, – деп, пайғамбердиң аяғына жығылып, еңкилдеп жылап жиберди.

Бас ўәзирдиң жылағанын көрген өзгелердиң де көўли босасып кетти. Қазы-калан:

– Сабыр етиң, сабыр! – деп тоқтатты.

Сол гезде нәресте де қышқырып шырқырай баслады. Қараса, бөпениң еки ийни қозғалып, бир демде денесинен қолы жаздырылып шықты. Қазы-калан:

– О, тоба! – деп жағасын услады. Патша ишинен Аллаға сыйынып отырды. Ендиги гезек патшаға келди. Қазы-калан да патшаға қарады. Сулайман патша бир жөткеринип алды да гәп баслады:

– Мениң Аллатаалаға шүкирлигим көп. Жас ўақта перзент жанын ойламадық. Тилекти дурыс тилемедик. Енди бәри орнына түсип киятырғандай. Мени пайғамбар етип жаратты, қустың да, аңның да, тиришилик атаўлының бәри-бәрисиниң тилин билемен. Және оларға ҳүкимимди жүргизе аламан. Жер-дүньядағы шайтан питкенниң басына күн туўғыздым. Олар адамзатқа қылатуғынын қыла алмайтуғын болды. Бирақ, олар толық жойылмаған екен. Олар етимизге енип кеткен екен. Менде арзыў-арман болмады. Лекин көўлиме шайтан салған бир болмағыр әдет тез-тез тәкирарлана береди. Базда оны өзим де аңламай қаламан. Менде не арман болсын. Маған жаҳанның түпкир-түпкиринен елшилер, карўанлар, сәлемшилер келеди. Қулласы, келиўши көп. Сонда мен жети ықлымға ҳүкимим жүрген патша болсам да, бир жаман пыйғылда отырар едим. Қане, ким не әкелди екен? Маған не тартыўы бар екен? Қолындағы саўғасы не зат болды екен? – деп баладай соны ҳәўес етип отыраман. Болмаса маған не жетпей атыр?! Буны айтыўдың өзи уят! Менде ҳеш кемис нәрсе жоқ. Тек бир тилегеним гедек еди, оны да Алла берди. Лекин, өзимиз Алладан «бирдене» деп сораған едик, сол «бирдене»ни бере қойды. Енди көз жасымызды төгип, «перзент» деп зар-зар әйлеп атырмыз. Усы бизиң бар жағдайымыз, – деп гәпин питкерди.

Сол ўақытта нәрестениң қысылған, демиккен даўсы шығып, ҳәмме шоршып кетеди. Бәри жалт бурылса, бирдеңе тыпыршылап, мойны, сол басы орнына келип, адам баласы кейпине ен-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ген екен. Усылайынша пайғамбар өз қатесине көзи жетип, перзентли болғаммыш. «Нийетиң – жолдасың» деген гап соннан қалған екен.

## СУЛӘЙМАННЫҢ ӘНГУШТАР ЖҮЗИГИ
(Р-141, №50413)

Сулайман патша өзиниң Әнгуштар атлы сыйқырлы жүзигиниң жәрдеми менен пүткил дүньяда ҳүкимлик сүрген екен. Ол тек адамлардың ғана патшасы емес, пүткил жанлы-жанлиқлердиң, қуслардың да патшасы болып, олардың тилин де түсинеди екен.

Бир күни оның қас душпаны болған бир дәў Сулайманның Әнгуштар жүзигин урлап алып кетеди ҳәм Сулайман дүньяға ҳүкимдарлығынан айрылып қалады. Ол енди қатты қапаланып, бир дарьяны жағалап кетип баратырып, дарья бойына қоныс басқан бир балықшының үйин көрип қалады ҳәм балықшының үйине барып, оған хызметкер болып жалланады.

Сулайманның патшалық еткен ўақтында оның жүда жақсы көретуғын бир пышығы менен күшиги болған екен. Олар Сулайманның басына түскен қыйыншылыққа қатты қыйналып, оған қалай болмасын жәрдемлесиўди ойласыпты. Екеўи жүзикти дәўдиң алғанын билип, оның үйине келип, уйқылаўын аңлыйды. Дәў аңық уйқыға кеткенде пышық қуйрығы менен дәўдиң мурнына сүйкелип өтеди. Дәў қатты түшкирип жибергенде, мудамы дәўдиң тилиниң астында сақланып жүрген Әнгуштар жүзик оның аўзынан атлығып шығыпты. Пышық пенен күшик жүзикти ала қашыпты. Дәў уйқысынан оянып оларды қуўыпты. Екеўи қашып киятырса, алдынан бир дарья шығыпты. Олардың екеўиниң арасында жүзикти дарьядан ким алып өтиўи ҳаққында жәнжел шығыпты. Күшик өжетленип, жүзикти дарьядан өзи алып өтпекши болыпты. Олар дарьяда жүзип баратырғанда алдынан үлкен толқын шығып, күшик суў жутып, Әнгуштар жүзигин суўға түсирип алыпты. Сол әтирапта жүзип жүрген үлкен бир балық оны жутып жиберип, пышық пенен күшик жылап қала берипти.

Сулайман балықшының үйине хызметкер болғаннан баслап, бурын балықшының аўына өзи, ҳаялы, қызы ушын үш балық түсетуғын болса, енди төрт балық түсетуғын болған екен. Балықшы буған қуўанып, Сулайманды жақсы көрип қалыпты. Ол Сулайманды өзине күйеў бала етип алғысы келипти.

Бир күни балықшы өзиниң тутып алып келген балықларын қызына тазалаўға берипти. Қыз балықлардың биреўин тазалап атырса, оның ишинен таң қаларлық бир жүзик шығыпты. Ол жүзикти Сулайманға инам етипти. Сулайман жүзикти танып, бармағына салады. Усыннан-ақ дәрриў патшалық оның дәстине келипти. Қайтадан Сулайман Әнгуштарға не буйрық берсе, бәри орынланыпты. Сулайман қайтадан патшалық тахтына минипти. Усы ўақыттан баслап, жаңа күн, жаңа дәўир басланыпты.

## СУЛӘЙМАН ПАТША ҲӘМ КӘНИЗЕК
(Р-1299, №183812)

Бурынғы заманларда жети ықлымға ҳүкимдарлық еткен Сулайман деген уллы патша өткен екен. Дәўлети менен байлығы менен әлемде оннан өтерлик патша болмаған екен. Оның сарайы алтын гербишлерден салынып, гәўҳар таслар менен безелипти. Сол сарайда патшаның өзи менен бирге оның төрт жүз ҳаялы жасапты. Ҳаялларының тек бир кәнизегинен басқасы патшалардың қызлары екен да, кәнизеги болса узақ бир журттың балықшысының қызы екен.

Бир күни Сулайман сол төрт жүз ҳаялы менен сарайда айшы-ишретке берилип отырып, ҳаялларына:

– Мен сизлерге бул дүньяның барлық бахтын, даңқын, ләззетин, байлығын инам еттим. Қане, сизлер буның есесине маған не инам ете аласызлар? – деп сәўал берипти.

– Мен саған уллы ҳүкимдар әкемниң бар дәўлетин беремен, – депти оның ҳаялларының бири болған Рум патшасының қызы.

– Мен де саған пүткил Шығыстың бар байлығын, күшин инам ете аламан, – депти Шын патшасының қызы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай етип, ҳар патшаның қызы Сулайманға өзлериниң қудирети жеткен байлық пенен дәўлетти инам етиўди ўәде етипти.

Гезек баяғы канизекке жетипти.

– Қане, сен маған не инам ете аласаң? – депти Сулайман канизекке.

– Уллы ҳүкимдар, мен тек тутқан балығы менен күн көретуғын бир балықшының қызыман. Мен сизге өзимниң опадарлығым менен муҳаббатымнан басқа ҳеш нарсе бере алмайман, – депти.

Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин, бир күнлери Сулайман патшаның душпанларының бири сарайдан өзине хызмет ететуғын адам таўып, оның барлық дәўлетиниң себепшиси болған сыйқырлы жүзигин урлап алыпты.

Сулайман патша бир күнде барлық дәўлети менен тажы-тахтынан айрылып, оның өзи узақ бир атаўға сүргин етилипти. Ол енди кимсесиз бир атаўда өз несийбесин өзи таўып жеп жасай берипти. Ол сол атаўға ара-тура келип туратуғын кемелердеги адамлардан өз елиниң хабарын сорастырып турады екен. Кемедегилер оған енди оның тахтына басқа адамның ийелик еткенин, ҳаялларының сол патшаға тийисли болып, бахытлы жасап атырғанын айтыпты.

Бир күни Сулайман балық аўлайын деп жылымын таярлап отырса, көз ушында бир қайық көрinipти. Қайық атаўға жүзип келгенде, оннан Сулайманның баяғы канизеги түсипти. Сулайман канизектиң қасына барып, оны баўрына басып:

– Сен бул жерде не қылып жүрсең? – деп сорапты.

– Мени бул жерге сатан болған опадарлығым менен муҳаббатым баслап келди, – депти.

Сулайман менен канизек бираз жыллар сол атаўда бахытлы өмир кеширипти. Сулайман балық аўласа, канизеги оны тазалап аўқат етипти.

Бир күни Сулайманның аўына бир үлкен балық илинипти. Канизек балықты тазалап отырса, ишинен бир жүзик шығыпты. Ол жүзикти алып, дәрриў оны Сулайманға көрсетипти. Сулайман өз жүзигин танып:

– Мениң душпаным теңизде жүзип, оны тамашалаўды жақсы көретуғын еди. Шамасы, ол жүзикти жоғалтып алған усайды, – деп оны бармағына қайтадан кийипти.

Сыйқырлы жүзик сол заматта оның жоғалтқан барлық дәўлетин ҳәм тажы-тахтын қайтарып берипти. Ол тахтын қайтарып алғаннан кейин барлық ҳаялларынан ўаз кешип, канизекти патшалықтың мәлийкасы етип жариялап, оның менен өмириниң ақырына дейин бирге жасапты.

## ӘТШЕК

(Р-1299, №183812)

Баяғы заманда бир жылқышы жасаған екен. Сол жылқышының Қудайдан тилеп алған бир улы болыпты. Бала үлкейип, жылқышы оны жумсайтуғын жасқа келгенде, баласы жумсаған исти питкермей, сылтаў айтып келе беретуғын әдетке ушырапты.

Бир күни жылқышы баланы өзиниң минип жүретуғын атын әкелиўге жумсапты. Бала сыртқа шығып кетип бир майданнан кейин қайтып келип:

– Ат жоқ, ата, – депти.

Жылқышы өзи далаға шығып, атын излеп таўып келипти.

Арадан бираз ўақыт өтип, жылқышы қыслаўға кетерден алдын өзине етик тиктирмекши болып, етикши устаны үйине шақыртыпты. Уста келип, жылқышы менен баласына етик тигиўге кирисипти. Ол жылқышының баласының етигин тигип болып, оны баланың аяғына кийдирип көрмекши болып шақыртыпты. Бала етикти аяғына кийип көрипти. Етикши етиктиң кемисин дүзеп отырып, жумысын белгиси келмей балаға:

– Балам, бизиң атқа бир қарап жиберсең-о, – депти.

Бала аттан хабар алыў ушын сыртқа шығып кеткен болыпты да, бир майданнан кейин айланып келип, баяғы әдети бойынша:

– Аға, ат жоқ ғо, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда баласының әдетинен хабардар әкеси қатты ашыўы келип:

– Ҳә, ат жоқ болғыр! – деп салыпты.

Сол ўақытта құданың ҳәмири менен бала құсқа айланып ушып кетипти. Соннан баслап адамлар төбесинде пәпеги бар бул ажайып қусты оның ҳәмме ўақыт «әтшөк-әтшөк» деп жүриўине қарап, «Әтшөк» деп атайтуғын болыпты.

## БҮЛБҮЛ

(Р-1299, №183812)

Буннан сан мыңлаған жыллар бурын Булдырық қасгаптың елинде еки егиз ағалы-қарындас бири-бири менен аразласқанлығы себепли Алланың қаҳарине ушырап, ағасы бозторғайға, ал қарындасы бүлбүл қусқа айланыпты.

Қусқа айланғаннан кейин де булардың басы писпей, орынға таласып шатақ шығара берипти.

Соннан соң Жаратқан оларға былай деп шәрт қойыпты:

– Екеўиңиз сайрап жарысасыз. Қайсыңыз жеңгениңиз, соныңыз усы маканда, адамлар арасында қаласыз, – депти.

Олар Жаратқанның шәртине ыразы болыпты. Келисилген күни тири жанның бәри жыйналып, олардың жырын баҳалаўға келипти.

Жарысты бозторғай баслапты. Ол қолынан келгенше жағымлы ҳаўазы менен бозлап, жыйналған жанзатты өзине қаратыўға ҳәрекет етипти. Оның даўысы көпшиликке мақул болыпты.

Наўбет бүлбүлге келипти. Оның кем-кем қәўижге минген сыйқырлы ҳаўазы жыйналғанларды лал қалдырыпты. Олар усы ўақытқа шекем бундай ҳаўазды еситпегенлигин мойынлап, жан-жақтан:

– Бул билди! Бул бизиң көўлимизди таба билди, – деп шуўласа баслапты.

Қулласы, жыйналғанлардың тилегине бола, бүлбүл адамлардың арасында, ең көркем бағларда жасайтуғын болып ҳәмир етилипти.

Бозторғай болса, бул ҳүкимнен наразы болып: «Мениң тығысым қалпақ торғай, маған тийген қарап болғай» деп, елден тығысып кетипти. Соннан берли халық арасында жыраўлар жырлап жүретуғын, бул еки қус ҳаққында мынандай қосық қалған қусайды:

Бүлбүл қустың баласы,
Бийикте болар уясы,
Бийикти өрлей суў алса,
Биймаза болар анасы.
Бозторғай қустың баласы,
Бозаңда болар уясы,
Бозаңды бойлай суў алса,
Бозығып жүрер анасы.

## САҚСАҚ

(Р-539, №176382)

Таў баўырында жасап, «сақ-сақ» деп сайрайтуғын қус бар. Сақсақлар ағалы-инили екен. Олар көп жанжеллесе бергени ушын анасының қарғысына ушырап, қусқа айланып кеткен екен. Ҳәзир олар «сақ-сақ» ҳәм «сағ-сағ» деп анасына өз саў-саламатлығын билдиреди екен.

## ДОҢЫЗ

(Р-1299, №183812)

Бәяғы заманлардың биринде бир балықшы болған екен. Бир күни ол теңизден балық аўлап қайтырып, жолда бир дийўанаға дус болыпты. Дийўана оның балық толы қалта арқалап қайтырғанын көрип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Мен бир ел гезген диййана едим, маған қарнымды тойдырғандай балық берсең, пятиямды берер едим, – депти.

Балықшы сонда ишинен «Күни менен әлдим-азарда тутқан балығымнан не ушын мына бийталап диййанаға бериўим керек» деп қызғанып:

– Бул қалтадағы балық емес, – депти.

Сонда диййана кебиндеги Қызыр ата оған:

– Сеннен сира адамларға жақсылық шықпас. «Пейлиңе бола, адам сүйместей ҳайўан болағой» деп терис патия берген екен, қуданың ҳәмири менен балықшы доңызға айланыпты. Соннан берли доңыз адамлардан қашып, тоғай, көллерди макан ететуғын болыпты. Ол өзиниң пейлине бола, қолайы келсе, адамлардың егинлерине түсип, оларды бийзар қылады екен. Сонлықтан адамлар арасында турпайы, қопал адамларды доңызға теңеў әдет болып қалған екен.

## ИЙТ

(Р-1299, №183812)

Әўел баста ийт адам болған екен. Оның атасының азан шақырып қойған негизги аты Сақ екен. Сақтың өз анасы ерте қайтыс болып, әкеси бир жас дуўахан ҳаялға үйленеди. Өмиринде екиқеси қанамаған өгей ана Сақты жүдә жаман көреди екен. Ол мудамы ийни келсе, баланы үйге дарытпай аўыр жумысларға жегип, оны адамларға жек көриниши етип қойыпты.

Сақ өгей анасы буйырған жумысларды мойын таўламай ислеп, оның оты менен кирип, күли менен шығып жүре берипти. Ол муштай басы менен бир үйир қойды жайлаўға алып шығып, күни менен дурыслы аўқат жемей, өгей анасының берип жиберген қатты нанын суўға басып жеп жүре берипти.

Бир күнлери баҳар келип, оның падасындағы қойлар қозылай баслапты. Енди бийшара Сақтың мойнындағы мийнети оннан бетер артыпты. Ол таң азаннан кешке шекем олардың изине ерип жүрип, күнди бир дем алмай өткереди екен. Усындай азаплы күнлердиң бирине ол қатты шаршап уйқылап қалыпты. Сол күни қойларға қасқыр шаўып, Сақ орнынан турып барамап дегенше бирталай қой менен қозы қасқырға жем болыпты.

Бирталай малынан айрылған Сақтың әкеси өгей анасының азғырыўы менен баланы жазалаўды оған тапсырыпты да, өзи бир айлық сапарға кетипти. Баладан қалай қутылыўды билмей жүрген өгей анаға бул жүдә қол келип, ол дуўа оқып, баланы сол ўақытта намәлим бир ҳайўанға айландырып жиберипти. Енди өгей ана оны үйден қуўып салайын десе, түри қасқырға мегзеп кететуғын бул ҳайўан үйди айланшықлап кетпейтуғын қусайды.

Арадан бир ай өтип, Сақтың әкеси сапардан қайтып келипти. Ол үйине жақынласқанда бағы ҳайўанға айланған бала оның алдына жуўырып шығып, оның аяқларына сүйкенип, қыңсылапты. Сонда жаман ҳадийсениң болғанын сезген ол дәрриў ҳаялынан баласын сорапты. Ҳаял оған:

– Шабазым, оны жазалаўды сен өзиң маған тапсырдың, – депти.

– Саған баламды жазалаўды тапсырған мен ақмақ екенмен, – деп белиндеги қанжарын суўырып алып ҳаялдың көкирегине ашыў менен бир урыпты. Ҳаял сол жерде жан тапсырыпты.

Енди баласын өз ҳалына қайтарыўдың шарасы жоқлығын билген жанағы киси ҳайўанға айланған баласын қушақлап отырып, «и-и-й» деп үн салып жылапты.

Соннан баслап адамлар бул адамға садық, жақын жәрдемши бул ҳайўанды «Ийт» деп атай баслапты.

## БӨДЕНЕ

(Р-1299, №183812)

Илгери ўақытларда адамлар арасында дуўасы дарьяның ағысын бағындыратуғын, илимли бир данышпан улама жасаған екен. Ол адамлардың ақ-қараны айырып, илимли болыўы ушын көп мийнет етипти. Усы мийнетлерине жараса, оның халық арасында шәкиртлери де көбейипти.

Күнлерден бир күни сол устаз шәкиртлери менен ел аралап киятырып, журт есигинде жүрип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

жетимликтиң азабын көрип, үстинде бийт өрип, бир байдың атқорасының қасында аяқ-қолын баўырына тырып, уйқылап атырған бир баланы көрип қалыпты. Кекге данышпан балаға реҳими келип, оны өзи менен алып кетипти. Үйине келгеннен кейин ол баланы басқа шакиртлери менен қосып оқыта баслапты.

Таўып алынған бала жүда зейинли шығып, көп узамай басқа шакиртлерден озып, анаў-мынаў билимлерде устазы менен бәсекилесетуғын дәрежеге жетипти. Оның билиминиң тарийпи халық арасына тарала баслапты. Бирақ ол илиминиң басқалардан артық екенлигин билип, көўли менменликке берилипти. Енди ол қасындағы мектеплес жолдасларына менсинбей қарап, ҳәтте устазына да гези келсе, гәп қайтаратуғын болыпты.

Данышпан устаз шакиртиниң азғынлап кеткенин сезип, оны туўры жолға салыўға ҳәрекет етипти. Бирақ көўлин әлле қашан шайтан жаўлап алған шакирт устазының үгитлерине қулақ салмапты. Ол устазының үгит нәсиятын қызғаныш деп түсинип, оны басқаларға жаманлайтуғын дәрежеге жетипти.

Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин, бир күни сол елдиң ҳүкимдары елдеги ең билимли, уламаларды сарайына мәсләҳәтке шақыртыпты. Көптиң қатарында бул алымның да исми шақырылғанлар дизимине жазылыпты.

Сарайдың шабарманы устаздың сарайға шақыртылғанлығы ҳаққындағы хабарды көп узамай елге алып келипти. Буны еситкен баяғы шакирт халықты жыйнап алып:

– Бул аймақта билими меннен өтетуғын алым жоқ. Сарайға мен барыўым керек, – депти.

Сонда шакиртиниң бул гәпин еситкен устаз оған:

– Дурыс айтасаң! Егер мен ҳақыйқатында да жетик алым, дана устаз болғанымда, сен буншелли тәрбиясыз болмаған болар един. Мен қанша билим берген менен, сен менлик бола алмай, бетеўлигиңше қалдың. Ҳәй, бетен-ай, – деп көзине жас алыпты.

Сонда бендесиниң бул әдийписизлигине қаҳәри келген Аллатаала жаңағы шакиртти қас пенен көздиң арасында үсти басы шубар, түсиниксиз нәрселерди тынбай сайрап жүрген бир қусқа айландырып жиберипти.

Адамлар бурын өзлери көрмеген бул қусты не деп атарын билмей, көўли қабарған устаздың ең ақырғы айтқан «бетен-ай» деген сөзи менен оны «Бедене» деп атап кетипти.

## ҲӘККЕ

(Р-1299. №183812)

Баста Саўысқан бир қойшыманның улы екен. Аўыл сыртындағы қойларды ийт-қустан қорыўды соған тапсырыпты. Саўысқан мал басында қараўылшылық етермиш. Саўысқан жүда сақ екен. Аңшыл аңғарымпазлығына бола, оны гүзетке жиберермиш. Сәл өткен сести мүлт жибермей еситетуғын Саўысқан, малға жақынлап жүрген жыртқыш аңлардың келиўин тыңтыңлап билермиш. Күнде-күнде бир талап пенен жүре берип, зеригипти. Қойшыларды бир алдамақшы болыпты. Сөйтип, елең-алаңда аўылға тапырақлап шаўып келип, «Қойға қасқыр шапты-ҳо, қойға қасқыр шапты», «Жылдам болыңлар, қойды бөлип алып қуўып кетти» деп жар салып, елди тырт уйқысынан оятып, азан менен аўылды дүрликтирип ете шығады. Атой салып ҳәммени «атланшап» етеди. Албырасқан малшылар әрре қозғалып, шапқылаўы менен қой басына барса, тым тырыс, қойлар орнынан қайырылып, баяў жайылып баратыр екен. Жан-жаққа жуўырысады, аманлық. Олар саўысқанның жалған сөйлегенине ашыўланып үйлерине ғырра қайтыпты.

Тағы бирде Саўысқан адамларды усылай алдап, қуры ҳәлеклепти. Елдиң исениминен айырылған Саўысқан күнлердиң күнинде ырастан-ақ қойларды қасқыр тартып атырғанының үстинен шығады. Жан пәрманы менен жуўырып, «Қойға ийт-қус тийди» деп жар салып, хабар берсе, ҳешким қозғалмапты. Анда жуўырыпты, мында жуўырыпты, тири бендени исендире алмапты. Ақыр соңында шаршап-шалдығып, берилерди үркитиў менен өзи әўере болыпты. Барибир ҳеш нәтийже шықпапты. Қанша қой-жанлықты қасқырлар қансыратып, талажансар етип кетсе, биразын бөлип әкетипти. Аўыл адамлары бул ўайраншылық ўақыяны соңынан би-

www.ziyouz.com kutubxonasi

лип, «Ўах, әттең!» деп ғапылда қалыпты. Сауысқанның алдыңғы айтқан өтириклери өзиниң жолына тосық болып, дуйым елдиң наразлығына дуўшакер болыпты.

Сауысқан кейин де өтирик сөйлеў әдетин қоя алмай, журтқа пәнт бере бере берипти. Сырын билмегенлерди «пахта менен баўызлап» кетипти. Сауысқанның суйықлығы жәми жамаатке әшкара болып, «ҳаққи» деген ат келипти. Аляқ алдампазлығынан суйықққа шығып қалыпты.

Ең соңында қарғысқа ушырап, бүгингидей турққа ийе болып қалған екен. Келе-келе «ҳаққи» аты «ҳәкке» болып айтылып, усы ат пенен атала баслапты. Ҳаккениң сауысқан деген өз аты да қосыла жүриўи оның әўелги исин еслетип турармыш.

### ПЫШЫҚ

(Р-1299, №183812)

Атам заманлардың биринде батырлығы, байлығы менен даңқ шығарған бир баҳадыр болыпты. Алптың аты жер жарса да, перзентсизлик себеп, көўилиниң бир жағы жарты екен. Ол перзентли болыўдың барлық шарасын излеп, нешше әўлийелерге түнеп, Алладан өзине бир тырнақ тилепти, бирақ оның тилеклери қабыл болмапты.

Оның перзентсиз өтиўинен қорыққан ағайин-туўғанлары перзент алып асыраўды маслаҳат берипти. Кеңпейил, алп жигит олардың сөзин жықпай, бир узақ ағайинлеринен бала алып асырапты. Асырап алған баласын ҳеш кемлик көрсетпей өсирипти. Көўли не тилесе, таяр етипти.

Арадан жыллар өтип, бала ержетип, қаны асырап алған әкесиники емеслиги билинип, ол түрли қылық көрсете баслапты. Ол асырап алған әкесиниң мал-дүньясына мәсирип, менменликке берилип, бийшара-пақырларды кемситип, дүньясы көплердиң алдында бас ийипти. Өзин әкесиниң алдында сыпайы тутып, былай шыққанда адамларға турпайылық пенен әдепсизликтиң нешше түрин көргетипти.

Күнлерден бир күни ол өзиниң пада-пада қойы турып, бир шопанның маңлайына питкен жалғыз қойын тартып алып, сойдырыпты. Усы ўақытқа шекем батырдың көўлине қарап шыдап келген халықтың бул сапары шыдамы таўсылып, олар баланың үстинен шағым етипти. Сонда өмир бойы намәртликти өзиниң қас душпаны деп билип келген батыр бул гәпти еситип, төбе шашы тикке турыпты. Ол дарриў асыранды улын алдына шақырып алып:

– Мен сени халыққа береди, бирақ тартып алмайды деп өсирдим. Сонша мал-дәўлет саған азлық етти ме? Барибир пасықлығына бардың. Буннан ҳайўан болғаның абзал еди, – деп өзиниң маңлайына урыпты.

Сол ўақытта әке қарғысы оқ болып, сол жерде турған халықтың алдында жаңағы жигит пышыққа айланыпты. Сол-сол екен, пышық өзи мийнет етиўди жақтырмағанлығы себепли, адамлардың арасында жасап қалып, ол не берсе, соның менен күнелтип, ебин тапса бир-еки тышқан тутып жеп жүреди екен.

### ҚУМЫРЫ

(Р-1299, №183812)

Бир заманларда қумыры қус емес, ал бир патшаның сулыўлықта теңи жоқ қызы болған екен. Оның ата-анасының қойған исми Қумар болыпты. Қумар бойжеткеннен кейин қасына қырық қызын алып, шикарға шығып, көўлин жазып жүриўди әдет етипти.

Сол журтта Көкен атлы бир мерген жигит бар екен. Бул жигит те бой-сыны менен өзи қатарлы жигитлердиң алды болып, кемиги – тек кәмбағаллығы екен.

Күнлерден бир күни Қумыры қасындағы қырық қызы менен шикарға шығыпты. Тап сол ўақытта Көкен де күндеги несийбесин излеп, қуралын саплап аң аўлаўға атланыпты. Сөйтип жүрип, қыз бенен қырда ушырасып қалыпты. Жигит өзиниң атқан аңларынан қызға инам етипти. Сол жерде жаслар арасында жыллылық пайда болыпты. Енди олар сол кең сахрада тез-тез ушырасып туратуғын болыпты.

Еки жастың қуўанышлары менен ушырасыўлары көпке созылмапты. Қызының аңшы жигит

www.ziyouz.com kutubxonasi

пенен ушырасып жүргенинен хабар тапқан қыздың әкеси қызға үйден шығыўды қадаған етеди. Сонда дуўаханлықтан хабары бар қыз кептерге айланып, сүйген жигитиниң алдына ушып баратуғын болады. Бирақ буннан анасы хабар табады. Күйеўиниң бул сырдан хабар таўып, қызды жазалаўынан қорққан қыздың анасы сол жердеги бир дуўахан кемпирге сырын айтып, бул истиң алдын алмақшы болыпты.

Дуўахан кемпир қыздың анасына берген ўәдесине муўапық, кептердиң ушып келетуғын жерине барып оны күтип отырады. Сол ўақытта усы жерге Кекен де жетип келеди. Жигит дуўахан кемпирдиң бул жерге бийкарға келмегенин көўли сезип, оқжайын таярлап, бир бүктиң артына жасырынып кемпирди аңлып отырады.

Бир ўақытта қумыры кебине енген қыз да ушып келип бир тасқа қонады. Усыны күтип турған кемпир енди қызды өз ҳалына қайтаратуғын дуўаны оқыйман деп атырғанда, жигит кемпирдиң арқасына оқ жай менен атады. Оқ тийип жараланған кемпир сонда жан айбатта:

– Сен себепли өлип кетер болдым. Қудайым өмир бойы қумыры болып қалғайсаң, – депти де жан тапсырыпты.

Қыз өз ҳалына қайтыўға урынып қаншелли дуўа оқымагын, бирақ қыз ҳалына ене алмапты. Кемпирдиң дуўасы күшлилик етипти. Сол-сол екен, қумыры қус өз сүйген жигитин излеп, қырды гезеди екен.

## АҚҚУЎ

(Р-1299, №183812)

Баяғы заманларда аты әлемге белгили бир патша болған екен. Сол патшаның сулыўлықта теңсиз бир қызы болыпты. Қыз он сегиз жасына келгенде оның сулыўлығының даңқы жети ықлымға тарапты. Оны ҳаяллыққа алмақшы патша менен шаҳзадалардың есап-саны болмапты. Бирақ қыз олардың ҳеш қайсысын қәлемепти.

Күнлерден бир күни патшаның қызы қасындағы хызметкер қызлар менен сарайдан онша узақ емес жердеги көлдиң бойына дем алыў ушын келипти. Қызлар суўдың бойында дем алып отырса, көлдиң бойындағы төбешиктиң артынан сырнайдың жағымлы даўысы еситилипти. Жас малийка сырнайдан шыққан сазды мәлҳам болып еситипти де, оны ким шертип отырғанын билгиси келип, қасындағы бир хызметкер қызына:

– Мына сазды шертип отырған адамды дәрриў таўып, алдыма алып келиңлер! – депти.

Хызметкер қыз дәрриў төбешикке қарай жуўырып кетипти. Барып қараса, сын-сымбаты жүдә келискен бир жигит қойларын жайып, өзи бир шетте сырнай шертип отыр екен. Ол жигиттиң қасына барып:

– Сизди малийкамыз шақырып атыр, – депти.

Жигит хызметкер қыздың гәпин еки қыла алмай, үндемей оның изине ерип малийканың алдына келипти. Сарайда ҳеш қашан бундай көркем жигитти көрмеген малийка оны бир көриўден сүйип қалыпты. Жигит те өмиринде бундай гөззал қызды көрмегенине ықырар болыпты.

– Сен кимсең? – деп сорапты малийка жигиттен.

– Мен усы жердиң шопаныман, – депти жигит.

Олар бир-бирин таслап кете алмай, біраз әңгимелесип отырыпты. Жигит малийкаға сырнайы менен ол ҳеш қашан еситип көрмеген сазларды шертип берип, оның көўлин шад етипти.

– Қәлесеңиз, малийкам, бул жерге ҳәр күни келиң. Мен сизге бүгингиден де жақсы намаларды шертип беремен, – депти жигит малийка менен хошласып атырып.

Сол-сол екен, малийка жигитти бир күн көрмесе тура алмайтуғын болыпты. Ол таң атыўдан қасына садық хызметкер бир-еки қызын ертип, көл бойына қарай асығады екен. Еки ашық кем-кем бир-бирине үйренисип, буннан былай не болса да бирге болыўға ант ишисипти.

Еки ашықтың қуўанышы узаққа созылмапты. Қоңсы мәмлекеттиң малийкаға қашшан-ақ ашық болып жүрген патшасы қыздың әкесине үлкен дабдеба менен жаўшы жиберипти. Қыздың әкеси өзине қарағанда күшлирек патшаның гәпин жерде қалдыра алмай, малийканы оған ҳаяллыққа бериўге ырзы болыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзиниң қонсы патшаға узатылатуғынлығынан хабар тапқан қыз қатты қайғыға түсип, әкесиниң алдына барып:

– Ата, мен бул патшаға турмысқа шығыўды қәлемеймен, – депти.

– Мен оған сени бериўге ўәде бердим. Егер ўәдемди бузсам, халқым қәўип астында қалады, – депти.

Малийка еки от арасында қалыпты. Сонда патша әкесиниң сөзин ҳеш қашан еки қылмайтуғын қызының буншелли өзгергенинен қәўипленип, оның ең жақын хызметкерин алдына шақырып, оны қыстаўға алыпты.

Өлим жазасынан қорққан хызметкер қыз патшаға малийканың бир шопан жигитке ашық екенин, олардың ҳәр күни таңда көл бойында ушырасатуғынлығын айтып қойыпты. Патша хызметкер қыздың гәпин еситип, қатты ғәзепленип, еки жалладын алдына шақырып алып, малийка менен ушырасыўға ҳадди сыйған шопан жигитти өлтириўди буйырыпты.

Өз малийкасының сырын айтып қойған хызметкер қыз еткен исине қатты ҳүждан қыйналып, малийкаға келип болған исти баянлапты.

Сүйген адамын өлимнен қалай қутқарыўды түни менен ойлап басы қатқан малийка, ертеңине «не болса, болар» деп тәўекел етип, жигитти қәўиптен хабардар етиў ушын таң атыўдан өзи көл бойын қарай жуўырыпты. Ол узақтан буны күтип турған жигитке қарай кетип баратырған еки жалладты көрип, жерге дизерлеп отырыпты да қолларын жоқарыға көтерип: «Жаратқан ийем, бизлерди қутқарағөр! Екеўимизди бир-биримизден айырма!» деп жалыныпты. Ҳадийсени көктен бақлап турған Жаратыўшы оның тилегин қабыл етипти. Жалладлар енди шопан жигиттиң алдына жеттим дегенде, жигит те, қыз да аппақ аққуўларға айланып, көкке қарай парўаз етипти. Олар соннан баслап тәңириниң қудирети себеп, бир-биринен айрылмайтуғын, садық жуплыққа - муҳаббат тымсалына айланыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

78- ТОМ



# ӘПСАНАЛАР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АБЫҲАЯТ – МӘҢГИ ТИРИШИЛИК ШӘШМЕСИ

(Р-1242, №183023)

Даўыл сүргинине түскен бултлар жеңилген парсы шахының ләшкериндей ызғып баратыр. Қула дүзде дөң басында жетимсиреген ғарры байтеректиң қуўрақ шақаларын жағымпаз ызғырық самал үсти-үстине жулқылай түседи. Ол қартайған, бес қушақ жетимсиз белин көлденең қурт ғеўлеген. Ол өзиниң соңғы күнлери жақынласқан гезде бағзы уйтқып өткен жаслық гезлерин, күшине толысып турған шағларын есине түсирген ғарры қусайды. Байтеректиң есине түсиргендей неси жоқ дейсең?

Ол маўжирел аққан өзектиң бойына еңилди. Бир жағы егиншилик, екинши жағында саўлатлы сыпатларына сүйенген бийик-бийик жайлары бар, зер гүмбезлери күнге шағылысқан салтанатлы ески дала турады. Усы жерден өтетуғын үлкен карўан жолынан муңлы қоңыраўлардың даўысы, түрли тилде сөйлеўши каўанлардың даўысы еситилетуғын еди. Байтеректиң астындағы усы гүзардан жети патшаның ләшкери өтти. О, бул байтеректиң көрмегени сыяқлы, көргени де көп. Ал енди ше? Енди оған жыллар ағымында ғаррылық келип жетти. Ғаррылықтың да бахытлы ҳәм бахытсыз түрлери болады ғой, тап соның бахытсыз түри байтерекке келип, өзиниң тиркис қоллары менен панже салып, «жетер сонша жыл турғаның» деп, оны арман-берман шайқайды. Өйткени оның тереӊ тамырларын муздай суў менен жуўып турған өзек әллеқашан кеўип қалды. Қурғақшылықтың ақыбетинен ел маканынан бөзип, егислик жерлер қашшан-ақ қаңырап қалған. Патшалардың әдилсизлигинен ҳәм олардың үзликсиз қыян-кести жаўгершилигиниң салдарынан салтанатлы қаладан да адам өмири әўлақ кетип, енди оның муңлы қарабаханаларында жапалақлар мәлшийип отыр, ара-тура байғуслылардың жан шошыттарлық байбайы еситиледи. Ал Искендер патша болса жақында бир қыстың күни усы жерден өтип баратырып әскерлерине: «тоңсаңыз, мына теректи шаўып, жағып жылыныңлар» деп маслаҳат берди. Оған не? Бир гезде оның әкеси қүдиретли Филипп патшаның бул байтеректиң жасыл көленкесинде саялап өткенин, ҳәтте шатырын тигип отырып түсленип кеткенлигин Искендер қайдан билсин, биле қойғанда да, бул жаҳангир патшадан қандай мийрим-шапәәт болыўы мүмкин?... Ғарры байтерек ызғырық самалдан дирилдеп, оның қуўрақ шақалары тыным сыз тербеледи...

Ғарры тасқа жамбаслап жатып, жыртық кийимлери менен тозған сүйеклерин желден қымтай түсип, байтерекке узақ тигилип отырды да, бир маҳали қарқылдап күле баслады. Басы салбырап, маңлайынан тамшылаған терин жеңи менен қайта-қайта сүртип, ҳалықлап отырған жигит сескенип, ғаррыға таңырқаныў нәзери менен едирейе қарады:

– Аға, заманыңның қатал әдетине илаж қыла алмай, оған ықтыярсыз көнип, сени тирилей қойымшылыққа апаратырман ғой? Өлер алдында сениңки не күлки, айтыңшы? – деп телмирди жигит.

– Ҳеш... Ешейин, өзим-ақ күлип атырман. Ха-ха-ха...

– Өзиң-ақ неге күлесең? Мүмкин емес! Күн тәңирисиниң ҳаққына жалынып өтинемен, айтшы, аға, мәниси не? Не ушын күлдиң?

– Ўа-ҳа-ҳа...

Ғарры және де қаттырақ күлди. Жигит ҳәтте албырағанынан орнынан түргелип, не ислерин билмей, аяғына от басқан таўықтай, әкеси жатырған тасты шыр айланды. Өлим деген қатты қыйын ис ғой. Адам өзиниң өлимге гириптар болғанын алдын-ала сезсе, көп жағдайда ақыл-ҳуўшынан айырылыўы да гәззап. Жигит усылай ойлаған еди.

– Ўай, даўран-ай? – деп мәнили есиеди ғарры ҳәм гөне терекке және бузылған қалаға узақ тигилип жатты да, қапелимде жалт бурылып жигитке саўал берди:

– Адамды қартайған гезде тирилей-ақ қойымшылыққа апарып таслаўды неге шығарғанын билесең бе?

– Бул жөнинде мен, ырасымды айтсам, еле ойланып көрмеген екенмен, аға. Шынында да, не ушын олай ислейди? Бәлки, бул қудайдың буйрығы шығар? Ал егер солай болса, қудай не ушын адамларды жаратады? Сен ҳәмме илимнен хабардарсаң ғой, аға. Бир жуўабын айтып кетши маған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Жоқ, бул қудайдың буйрығы емес. Бул адамның өзиниң буйрығы. Адам қартайғаннан кейин өз хожалығына масыл болады, бала-шағасының мойнына артықмаш жүк болады. Соның ушын ғаррыларды «пайдасыз» адам сыпатында өз балаларына арқалатып апартқызып, әўлийешиликке таслатыў жөнинде қайғы бир патша парман шығарған. Бул соның ақыбети, улым, зәлели жоқ, «халыққа дәстүр болса, қатын, арқама мин» деген екен бireў. Сол айтқандай, мени жыллы отағымның басынан арқалап алып шыққан екенсең, кел, енди мени тезирек әўлийешиликке апарып таслап, үйиңе қайта ғой. Сениң айыбың жоқ бунда. Елдиң дәстүринен атлаў қыйын, деген менен, улым, бул шынында да әдалатсызлық ғой.

– Аға, айтқаның дурыс ғой. Бирақ мениң не илажым бар? Енди сен жаңағы күлгениңниң себебин маған қашан айтқаныңша усы жерде отырaман. Керек десең, сениң қасыңнан ҳеш кетпеймен, әке ҳәм бала соңғы демимизде де бирге боламыз.

Ғаррының баласына мийримли әкелик көзлери менен төлмирди де, бирақ қаттылықты көп көрип қатып-семген жүзи ишиндеги қайғыны дәрҳал ишке жутып жиберди.

– Мейли, айтайын,– деди ол жамбасы астындағы тасты шуқлап отырып. – Мен де өз әкемди қойымшылыққа арқалап киятырып тап усы тасқа отырып дем алған едим, жеңим менен жүзимнен терими сүрткен едим. Әкеңе не қылсаң алдыңа сол келеди. Әўлелеримиздиң баладай ақылсызлығымыз мениң күлкимди келтирди. Ақыры ойлап қара, адам қартайғаны ушын неликтен жазықлы болыўы керек? Ямаса ғаррылықты сорап я урлап ала ма? Адам ҳәмме нәрсени өмиринше өзи ушын ислеп-ислеп тырбанып, ал соңынан қартайған гезинде өзин-өзи қорлайтуғын болса, бул неге күлкили болмасын, балам!?

Жигит биреў ийтерип жибергендей болып орнынан ушып-ақ түрегелди ҳәм әкеси жатырған, өзи отырған жалпақ, суўық сур тастың астынан жылан шығып киятырған сыяқлы көзи шырасынан шығып, сол тасқа мелшийип қарады да, турып қалды.

– Дурысынан келгенде, қартайған гезинде адамның қәдир-қымбаты артыўы тийис. Сен үйимиздиң алдындағы жүзим ағашын мысалға алып қара. Оны биз соншама еңбегимиз бенен бағып-қағамыз. Ол дәслеп өзиниң сулыў жапырақларын жайып алады. Жазға қарай сол жапырақлар қалыңласып, оның арасына аппақ гүллердиң сығалап қарап турғанын көресең. Ал гүзде ше? О, гүзде жүзим өзиниң ширеге шыртылдап толған аўыр солқымларын көтере алмай ийиле баслайды. Сөйтип, шийрин жүзим данелерин үзип жеўге ямаса оннан ләззетли ишимлик ислеп ишиў мақсетинде оның дөгерегинде адамлар пал ҳәррелериндей үймелеседи. . Ғаррылық та сондай. Оның белинен мәдары кетип, жүзим шақаларындай ийилсе де, басында пискен жүзим солқымларындай ақыл бар. Ол ақыл соншама аўыр қыйыншылықлар арасынан теңиз маржанларындай терип алынған. Бул туўралы бир данышпан «ғаррылық – ақыл ҳәм тәжирийбе алтынлары салынған гәне гүзе» деп қандай сулыў гәп айтқан? .

Ғаррының узақ сөйледи. Бирақ оның айтқан сөзин жигит өз әкесиниң аўзынан еситип емес, бәлки мына бир кәпарлы сур тастың бетинен оқып турғандай еди. Әллен ўақытта ол қараңғы түн қушағынан безип, алыс аспан жийегине батып кеткен айға қарады:

– Аға, өлер алдында көп сөйлеп қыйналып қалдың ғой. Батпан қайғыдан пәтери пайда түспейди. Қәне, мин арқама. Ақыры, сени қәбириңе апарып таслағаным ушын мен жазықлы болмайман ғой. Қайтама мойнымдағы парызлы исимнен қутыламан. Журт алдында жүзим төмен болмайды. Ал ақлығың мени де арқалап киятырып усы тасқа минтенде сени жыллы сезим менен еске аламан. Мениң қолымнан келери ҳәзирше усы...

Ғаррының қарсыласқан жоқ. Ол көзин жумып, баласының терлиген қарыўлы енсесине басын қойып, анасы арқалаған нәрестедей тербелип келе берди. Ол ишинен қуўанып та киятыр. Өйткени ғаррының, яғный ақыл ҳәм тәжрийбе алтыны толтырылған гәне гүзени алдай алыў мүмкин бе? Өз баласының қойымшылыққа емес, ал үйине қайтып алып киятырғанын сезип киятыр. Мейли үйге қайтып апарсын. Бир күн болса да, өз бала-шағанның алған демин еситип, оларға жақын жерде жатқан жақсы. Бәлки, ҳеш ким билмес, сөйтип бир күнлери тыныш жатып, жыллы төсегинде өлер. Қанша айтсаң да қула дүзде, әўлийешиликте қаңғырып өлгеннен сол абзал ғой, ал оның есесине қылыштан өлиў – бул ерлик ис. Бәлки, айырым өсекшил ҳәм күншил қоңсылар сырды ашып қояр, ал ондай жағдайда, мейли, патшаның қылышынан-ақ өлермен. Ал

патша еситсе, тек ғаррыны өлтирип қояр ма екен? Қатал үрп-әдетти бузғаны ушын алды менен ғаррының жалғыз баласын өлтирсе ше?

Усы ойға келгенде ғаррының тула бойы музлап, тырысқан желкесине қумырысқа өре баслайды.

– Ҳай, балам, қайт изиңе, мен үйге бармайман. Мени буйрықлы маканға апарып тасла, – деп бақыражақ болды ғарры. Бирақ аўыл арасына кирип, ҳәтте есигиниң алдына өз қолы менен еккен, тәрбиялаған жүзим бағының ишине де кирип қалғанын сезип, «қой, бақырсам қоңсы-қобалар еситип қояр», – деп ойлады да, көзин жумып баласының мойнына бөккемирек асыла түсти.

* * *

Бул сапары енди булт емес, адамлар ызғып киятыр. Ешекли, арбалы, пияда арқаларына артынып-тартынып, аламанның арасында шубалып, бәленд таўдың етегине жақынлады. Шаўқым, атлардың оқыраныўы, ешеклердиң аңқырғаны, дүсирлеген туяқ сести, арбалардың шыйқылдысы менен ғытырлысы бәри қосылып, бир түсиниксиз ҳәм биймәни гүўилдиге айланған. Бирақ бул гүўилдини қулағы ҳәр бир сестен ҳәм үннен қатты ҳарыған лық сезиледи. Гүңкилдескен сеслерден наразылық еситиледи.

– Искендер патшаның қудай тәрепинен берилген жасқа да қанаат қылмағаны ғой. Бизди бунша шуўлатып Қап таўының етегине айдағаны қалай? Ал биз бул жерге келгенде абыҳаят суўын қалай таппақшымыз? Ол бар суў ма, әлле жоқ суў ма? Әйтеўир бир иси ериккен биреў айта салған ғой. Шарапқа мәсирип отырған патша да исене қалған.

– Қанаатын жойтқан адамның көзи бир қысым топыраққа ғана тойыўы мүмкин, басқа ҳеш нәрсеге тоймайды.

– Искендер Зулқарнайын жети журтты жаўлап алды. Құдиретли парсы патшасы Дара оның қаҳарына төтепки бере алмай, үш рет әскерин таслап қашты. Мен саған айтайын, бир жола Дара патшасы урыста әскери жеңилгенде Искендерди көре сала көшпели алтын шатырының ишине шапанын шешип таслап қашқанын өз көзим менен көргенмен. Мысыр менен Балықтың алтын-гәўҳары Искендердиң аяғының астында баканшақтай шашылды. Мине, усылардың бәринен келип Искендерге шақ та шықты. Халық арасында соның менен «саған Искендерге уқсаған шақ шығар дейсең бе?» деген кекесин сөздиң пайда болыўы да соннан. Оллаҳый, Искендер патшаның еки мүйизи бар, бул туўралы маған патшаның шаштарезиниң таңҳа өзи айтқан, – деп сыбырлады ешекли жолаўшылардың бири екиншисине. – Ал абыҳаят суўын ким ишсе, ол ҳеш өлмейтуғын болса керек. Патшаның анаў Аластун деген устазы ол суўды патшаның тапсырмасына муўапық излеп тапқан. Аластун китапларды ақтарып, олардың биреўинде Қап таўының етегинде «мың булақ» деген бар едимиш, сол «мың булақтың бир шашмесинен абыҳаят суўы ағадымыш» деп жазылғанын көрген. Искендер енди сол суўды излеп табыў ушын халқын қыран-жоян етип, бизди мына саратанның ыссысында алысқа айдап киятыр. Ал биз ол суўды қалай табамыз? Ол шашмелердиң қайсысында абыҳаят суўы бар екенлигин мениң мына минип киятырған ешегим биле қоймаса, адам билмейди.

– Биз енди сол мың булақтың барлық шашмелериндеги суўды татып көрип, дәмине қарап болжаймыз ғой шамасы?

– Бәлким, солай ислейтуғын шығармыз. Булақтың басына барғаннан кейин патшамыздың өзи абыҳаят суўын қайтип излеўдиң бир илажын айтар. Деген менен, қайтсе де булақтың суўы деген жарықлық мың да бир кеселдиң даўасы болады деседи ғой журт. Соған қарап, мың булақтан суў ишкен соң мына ақсақ аяғымның сырқырағаны қойып, дүзелип кетер-аў деген үмит пенен мен қуўанып та киятырман.

– Ўай, сорлы ақсақ! «Ҳәркимниң бир дәрти бар» деген. Ал мен болсам, сол мың булақтың ишинен қудай урған абыҳаят суўын ишип қояман ба деп қорқып киятырман, – деп екинши ғаўға сақаллы киси шеп көзин қысып күлди. – Өйткени ол суўды ишип қойып, изинде өле алмасаң, дүньяның аўыр машақатын шегиў менен қаңбақтай жумалап кетип отырасаң ғой... Қой, шырағым, батпан уўайымнан өнгери пайда жоқ. Мине, мың булаққа келдик пе деймен, көштиң

www.ziyouz.com kutubxonasi

алды тоқтады ғой, жора, себеп пенен жолда танысып қалдық, енди қосты да бирге басайық, – деди ағыра сақал киси ақсаққа қарап, ҳәм ешегиниң дорбасындағы бес-алты қақпаш балықты қымтастырыңқырап қойды.

* * *

Арқанның узыны, гәптиң қысқасы жақсы деген. Қысқасы, абыҳаят суўы табылыптымыш. Ол былай болыпты. Гәҳиқап таўының етегине келип адамлар шатырлары менен қосларын тигип, патшаның буйрығы бойынша абыҳаят суўын излеўге киристи.

– Еситпедим демеңлер, усы таўдың етегиндеги мың булақтың биреўинде абыҳаят суўы бар. Ҳәр булақтың суўынан ҳәмме татып көресиз, татымы әзмаз турышлырақ, шала пискен майектиң ийисиндей биймағдайлаў ийиси бар жыллы суў болса, сол шәшмени белгилеп, бир шийшесин патшаның шатырына әкелип бересиз, егер де әкелмесеңиз, жасырынып қоста қалсаңыз, айыплы болып өлесиз. Абыҳаят суўынан таўып алып келсеңиз, бағ-дәўлетли бай болып, өмириңизше күлесиз. Ҳәмме соған жүресиз, ҳәмме соған жүресиз, еситпедим демеңлер, – деп патшаның узын гегирдек жаршысы қыя тастың үстине шығып қыйғыра баслады.

Сол күни-ақ патшаның шатырына шийше көтерип жуўырыўшылар көп болды. Өйткени мың булақтың көпшилик шәшмелериниң суўы татымлы, әзмаз турышлырақ, шала пискен мәйектиң ийисиндей биймағдай ийиси бар суў болып шықты.

«Енди Абыҳаят суўын қалай табамыз?» деп, патшаның адамлары албырасып отырғанда бир жигит шатырға кирип келди де, патша отырған, пил сүйегинен исленген кәшпели тахтың алдына саққа жүгинип, патшаға құллық етти.

– Тақсыр, қүдиретли патшайым, сизиң ҳүрметли атыңыздың арўағы менен ант етемен, мынаў әкелгеним Абыҳаят суўының дәл өзи, - деп бир шийше суўды патшаның алдына қойды.

– Ҳеш ким әкелген суўының абыҳаят шәшмеси екенлиги жөнинде бундай исеним менен ант ишкен жоқ еди. Қане, бала, сен усы суўдың мәңги тиришилик суўы екенлигин қалай дәлиллейсең? – деди Искендер патша.

Жигит сонда қойнынан бир қақпаш балықты суўырып алды да, оның аўзына шийшедеги суўдан азғана тамызып еди, балықтың аўзы шалпилдеп, былтаң-былтаң етип тирилип, қолда турмай туўлай баслады.

Патша қуўанғанынан узын муртларын таўлап, көзлерин сығырайтып, сылқ-сылқ күлди. Сонда патша жигитке жақын келип:

– Бул суўды сен кимниң жәрдеми менен таптың? Бул сендей оқыў, билимнен хабары жоқ, өнерменет жас жигиттиң қолынан келетуғын ис емес. Қане, ырасыңды айта бер, – деп күлди.

Жигит албырай баслады. Ол патшаның алдында өтирик сөйлеўге батылы бармады.

– Мен өзимниң ғарры әкемди еки дийўалдың ортасына салып жағырып келген едим. Сол ғарры маған бунда кетеримде былай деди:

– Балам, сен өзиң менен бирге бес-алты қақпаш балық ала кет. Мың булаққа барғаннан кейин ҳәр шәшмеге қақбаш балықты қуйрығынан услап батырып ала бер. Абыҳаят шәшмесине батырғанында балық тирилип кетеди. Әне, сол суўдан патшаға алып бар, бирақ өзиң ишиўши болма.

Мен усылай иследим. Бир ҳәптеге дейин солай иследим. Бир ҳәптеге дейин қақпаш балықлардың көбиси суўға жибип, пыш-парше болды. Ақыры мен үмитсизлендим де, бир тастың қуўысында жаттым. «Адамды қартайғанда тирилей әўлийешиликке апарып таслайтуғынының себеби, ол қартая келе алжыйды екен ғой. Олай болмағанда, қақпаш балықтың қайта тирилиўи мүмкин бе? Алжыған ғаррымның сандырағына ерген мен де ақмақ екенмен» деп қапталымда жылан көзиндей жылтырап ағып атырған булаққа мына ең соңғы қақпаш балықты атыў менен ылақтырып жиберген едим, ол дәрҳал тирилип, шыпырлай баслады.

Усы жерге келгенде патша жигиттиң сөзин бөлди.

– Болды, болды, жигитим. Бәрекелла! Сен не тилейсең патшаңнан?

– Тақсыр, қүдиретли патшайым, усы Абыҳаят суўын ишип, дүнья турғанша турғайсаң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мениң сизден уллы тилегим – елдиң дәстүрин атлап, ғарры әкемди жасырып сақлағаным ушын өзимниң жанымды ҳәм сол байғус ғаррының қанынан кеш. Оннан кейин бизиң турған аўылымыз жылда суўдан тарығып, ашаршылыққа ушыраймыз, егер рети болғандай болса аўылымыздың дақыллары менен жүзимликлери жайнап-жаснап, суў ишип турғандай бир жап қаздырып берсеңиз, бизиң тухым-тәбериғимиз сизиң саўлығыңызды тилеп жасар еди, – деди жигит ийбене сөйлеп.

Патша жигитке сын көзи менен қарап бираз отырды да, «жәллад» деп бақырды. Үстине қара кийим кийген еки жәллад айбалталарын жалаңлатып жетип келди. Сонда шарапқа масирип отырған, есин жоғалтқан патшаның кейпи бузылысқанын көрип Аластун:

– Қүдиретли патшайым, сабыр етиң? Сиз бул жигитти өлтирмекшисиз ғой, солай емес пе? Сиз бул пухараңыздың тилегин өзиңизге хорлық деп сезесиз. Шынында да жети журтты жаўлап алған, мол дәўлеттиң ийеси болған патшадан бундай ҳеш нәрсеге арзымайтуғын тилекти тилеў ерси көринетуғыны ырас. Қанаатқа берекет деген. Бул жигиттиң қанаатшылығы егер патшаларда болғанда урыс, жәнжел деген нәрсе болмас еди. Сиз, мине жети журтты жаўлап алдыңыз. Оған да қанаатланбай, маған абыҳаят суўын излетип, китапларды ақтарттыңыз, халқыңызды Гәҳикап таўының етегине айдап, қысым қылдыңыз. Енди бул жигитти өлтирежақсыз. Жақсылыққа жақсылық жоқ па? Егер бул жигитти өлтиретуғын болсаңыз, мына мени, яғный өзиңиздиң бийшара муғаллимиңизди де қоса өлтириң. Егер жарылқайтуғын болсаңыз, жигитти ҳәм оның әкесин ғана емес, ал ҳәмме ғаррыларға да рақим қылың. Ғаррыларды әжелинен бурын өлтириў дәстүри адамшылықты қорлаў деген сөз. Бул қудайдың емес, қандай да бир залым патшаның шығарып кеткен заңы. Соңлықтан сиз әдиллик қылғыңыз келсе, сол нәлетий дәстүрди бийкарға шығарыңыз. Ғаррылық – бул ақыл ҳәм тәжирийбе алтынлары толтырылған гене гүзе. Оны мәзгилсиз сындырыўға болмайды. Егер бул бала әкесин жасырып сақламағанда, сиз, бәлки, абыҳаят суўын таба алмас та едиңиз, – деп Аластун патшаға нәсият оқый баслады.

Қаҳәри қайтып, сабасына түскен Искендер патша жәлладларын қайтарып жиберди де:

– Кел енди, мен мына алым Аластунның өтинишине муўапық гүнаңнан өттим, ҳәм ғаррыларды қойшыпылыққа апарып таслаў жөниндеги дәстүрди бүгиннен баслап бийкар еттим. Ал сениң аўылыңа мен арна қазып, қумырысқаның жумысына бийлик етип жүриўге ўақтым жоқ ҳәм бундай ҳеш нәрсеге арзымайтуғын ис пенен айланысыў патшаға мүясар емес. Сени патшалығымның ең болмағанда үштен бирин сорар деп тәме еткен едим. Ал сен ақылда әкеңе тартпайтуғын бир көргенсиз жигит екенсең. Бар, кете бер, – деп, патша абыҳаят суўын әкелген жигитти желкесине жуп таяқ урғызып, шатырдан қуўып жибереди.

***

Абыҳаят суўы табылғаннан кейин халық шубырысып елине қайтты.

Искендер патша өзин енди ҳәдден тыс қүдиретли сезип, ўақыты хош, кеўили жәм болып киятыр. Ол өзине табиў адамларын ҳәм ең сайланды лашкерлерин алып, жол-жөнекей кеўил көтерисле етип қайтты.

Патшаның жолы узын-қыйыры жоқ сыпсыған тоғай еди. Патша тоғайдың аңларын қырып аўлап киятыр. Ол ҳәзир өзин жер қудайы сыпатында сезеди. Сезбеске не? Ол жети журттың үстинен ҳәмирин жүргизеди. Ол енди өлмейди де. Енди ол дүнья жүзин тегис жаўлап алыў ушын елине барыўдан лашкер жыйнаўға тисин қайрап киятыр. Бул сондай урыс болады, ондай урысты дүнья жаралғалы көрмеген. Оның шегирткедей сансыз қалың әскери енди Ҳиндистан тоғайларын қаплайды. Шығ ўәлаятының шексиз далаларын қарабаханаға айландырады.

Патша усындай шийрин қыялда киятыр еди. Ол әлле қайдан:

– Искендер патша, ҳәй, Искендер? – деп шақырған даўысты еситти.

Атлар үркип кетти, патшаның қуйқасы жуўлай баслады. Хаў, ақыры ол есин билгенли ҳеш ким оның атын бундай ҳүрметсизлик пенен айтыўға жүрексинбетеғ ғой? Ҳәмме оған «тақсыр, қүдиретли патшайым» – деп қуллық қылады. Ҳәттеки, өзин тәрбиялаған уллы алым Аластунға шекем оған «қүдиретли патшайым» деп қол қаўсырып, иззет пенен хабарласады. Ал бул не

www.ziyouz.com kutubxonasi

әламат? Ямаса изде киятырған адамлардың биреўи шарапқа мас болып, ес-ақылын ишип қойды ма, әлле?

Бирақ қапелимде сол даўыс тағы қайталанды. Бул сапары даўыс тап патшаның атының алдыңғы оң аяғының астынан шықты.

– Искендер патша, асқынлама, тарт атыңның басын, – деди сонда шөп арасынан.

Патша абайлап қараса, жерде жатқан бир қуў геллени көрди.

– Мен баяғы Сулайман патшаның геллесимен,– деди қуў гелле, – мен дүнья жүзиндеги адамзат әўладына ғана емес, ал маған Қудайдың өзи жиберген тилсимли жүзиги арқасында қусларға да патшалық қылдым. Ақырында қуслардың жәрдеми менен мен абыҳаят суўын таптырып иштим. Енди мен, мине, мың жылдан бери өлмей, хор болып аяқ астында қуў геллем шырып жатырман. Буннан мың жыл бурын маған Жабирайыл периште келип, «мен сениң жаныңды ала алмайман, өйткени сен абыҳаят суўын иштиң. Ал енди мың жылдан кейин дүньяға Искендер деген қаҳарлы патша келеди. Сени бир өлтирсе, сол ғана өлтириўи мүмкин. Егер ол да өлтире алмаса, сен мәңгиге жанлы қуў сүйек болып жата бересең» деген. Соннан берли мен сени күтип атырман. Саған нәсиятым, абыҳаят суўын ишиўши болма ҳәм мени өлтирип кет, – деп қуў гелле Искендерге жалына баслайды.

Искендер аўыр ойланып турып қалды. Ол қуў геллеге узақ тигилип қалды да, не ислерин билмей, көк аспанға көз таслады. Бултлар көшип баратыр. Куслар аўыр қанатын сермеп туў аспан жийегинде кем-кем көзден жоғалды. Барлық нәрсе ҳәрекетте, барлық нәрсе көшиўде. Бул дүньяда оған мәңгилик жоқ сыяқлы көринди. Ол атының басын тежеп, қуў геллеге қарады:

– Ҳәй, Сулайман патшаның геллеси! Берген ўәсиятың ушын миннетдарман. Шынында да, мен абыҳаят суўын ишпеймен. Ал сени де өлтирмеймен. Өйткени сен маған душпанлық еткениң жоқ, бәлки, үлкен дослық иследиң. Ал енди хош бол, – деп Искендер патша аттың басын бурды.

Қуў гелле қатты қорқыўға түсип албырай баслады. Ақырында ол ийегиндеги бар күшин жыйнап, Искендер патшаны ең жаман сөгислери менен сөгип, бақыра баслады. Сонда ғәзепленип ашыўға минген Искендер айланып келип, қылышын қынабынан суўырып:

– Не дейсең, алжыған? – деп бир дәпинген еди, оның қорқынышлы айбатынан-ақ қорқып қуў геллениң ийеги сылқ етип, жан тапсырды...

Искендер аўыр ойға түсип узақ жүрди. Ол ҳеш ким менен сөйлеспеди. Ақырында ол өзиниң ақылгөйи болған Аластунға қарап еди, ол да басын төмен салып киятыр екен.

– Абыҳаят суўы жерге төгип таслансын, – деди патша ҳеш кимге қарамай ҳәмир етип.

Аластун қойнындағы алтын қутыны алды да, оннан шийшени шығарды ҳәм аттың үстинен турып абыҳаят суўын жолдың ернегине төгип жиберди.

Сонда абыҳаят суўы ажырық шөптиң үстине төгилиптимиш ҳәм оннан соң қарға ишиптимиш деседи.

## ИСКЕНДЕР ЗУЛҚАРНАЙЫН

(Р-1207, №182886)

Бурынғы өткен заманда Искендер Зулқарнайын деген патша өтипти. Ол урыспаз патша болып, дүньяның көп жерин бағындырып алыпты, сонда да дүньяның көбине көзи тоймапты.

Бир күнлери Искендер Зулқарнайын көп мыңлаған ләшкерин урысқа таярлап, бир үлкен патшалықты бағындырып алыўға жол тартыпты. Искендер урысқа шығарда жер силкинип, күн тутылып үлкен дүбелей болады екен. Искендер патша узақ жолға шығып, күн түни сел жаўын болып, елат жаўынға ғарқ болыпты.

Искендер бағдар алған патшалықты қырғынға ушыратып, адамлардың қанлары жаўын суўы менен сарқырап ағып, жер бетин қан суўы басыпты. Искендер бул патшалықты өзине бағындырып алып, өз патшалығын дүньяға жайыпты.

Искендер үлкен жорықтан келгеннен кейин өз патшалығында көп иркилип жатпайтуғын патша екен. Ол аяқ жетер жердеги патшалықтың көбисин өзине бағындырып алыпты.

Бир күни Искендер жатып қыял етеди. Мен барған патшалық ҳәмме ўақытта мениң күшиме

www.ziyouz.com kutubxonasi

шыдам бере алмады, аяқ жетер жердеги елдиң барин бағындырып алдым. Усындай қарыўлы лашкерлерим, жолбарыстай күшим турғанда жер бетиндеги елатлықтың патшасы мен болмай ким болады, деп ойлайды.

Искендер патша лашкербасыларын жыйнап алып, бир жыллық азық-аўқатын таярлаўға, ат-жарақларын сайлаўға буйрық береди. Искендер патшаның лашкерлери үш ай таярлық көрип, бир күни азан-қазан уллы шаўқым менен бирнеше мыңлаған лашкерлерин ертип, жер алды қарабарақ, еситпеген, көрмеген патшалық излеп жол тартыпты. Искендердиң лашкерлериниң көплиги сонша, оның бас-аяғына атлы адам бир жети күнде зорға жетеди екен. Жерден көтерилген шаң менен аспанды қаплаған қара булт бир-бири менен уласып, жер бетин түнерген қараңғылық басыпты.

Искендер патша үлкен бир жазийралық далаға шығып, отыз күн, отыз түн жүрипти. Ҳеш жерден патшалықтың дерегин таппапты. Бул узақ жол адам баласы түўе, жаратқанның алдында дизе бүкпеген Искендер патшаның да дийкесин кетирип, дымарын қуртыпты. Патша алып шыққан суўларын таўысып, шөлден өлер халатқа жетипти. Усындай ҳалда киятырса, алдыларынан сарқырап ағып турған бир булақтың суўының үстинен шығыпты. Патша суўды көрип жүреги жарылғанша қуўаныпты да, ҳай-пайына қарамай жата қалып, суўдан мийрин қандырыпты. Бул суў басқа суўларға қарағанда патшаға ажайып суў болып көринипти.

Искендер патша суўды ишип болып, бул суў жай булақтың суўы емес, абиҳаямзамниң суўы болыўы мүмкин деп, өлген балықты салса, тириледи дегенди патша еситиўи бар еди, усыны ислеп көрмекши болады. Патша алып шыққан қақпаш балығын алып, суўға салады. Балықтың суўға түсиўден ерлеп жүзип кетеди. Искендер патша бул ҳадийсени көрип аң-таң қалады.

Патша лашкерлерин жыйнап алып

– Бул ажайып сырлы суў екен. Буны өрлеп, сағасын таўып алайық. Бул суўдың ийеси өзимиз екенин белгилеп, үлкен бир ойын-саўық өтейик, – деп, лашкерлерин атландырып булақтың сағасына жол тартады.

Бирнеше күн жол жүрип барса, ағып турған әбизамзам суўының сағасында алтын жалатқан сарайдың дарўазасын көрипти. Дарўазаны ашып, ишке кириўге ҳәрекет еткен менен, ҳешқандай ашылмайды. Искендер қатты қаҳарға минип, дарўазаны урып, «аш» деп бақырады. Бир ўақытта дарўазаның ишинен:

– Бул жерде саған орын жоқ, саған кириўге болмайды. Бул жер жаратқанның жататуғын орны, – деген даўыс шығады.

Сол ўақытта Искендер патша:

– Бул жер жаратқанның жайы болса, мен жер жүзиниң патшасы Искендермен. Мен жер бетиндеги күшлилердиң күшлисимен. Мениң алдымда жаратқанның бас иймеген бендеги жоқ. Не ушын ашпайсаң? – деп қаҳарға минипти.

Дарўаза ишиндеги адам:

– Биз жер бетиндеги адамлардың барин жеңип алдым, күшлилердиң күшлисимен деген адамды таныймаймыз. Биз өз напсисине өзи рәҳим қылатуғын, жер бетиндеги адамға аяныш көз бенен қарайтуғын адамды таныймыз. Бул орын сондай адамлардың келетуғын орны, – деп жуўап береди.

Искендер патша қанша күш салып дарўазаға кирмекши болса да ҳеш қандай илаж ете алмайды. Қандай қыян-кески урыстан қайтпаған патшаның жүреги бир ғана дарўазаманға батына алмады. Патша ашыўынан қайтып, жалына баслады. Өмиринде патшалар алдынан көсе өтпеген Искендер патша усы жерде урыссыз жеңилиске түстим деген ойға түседи.

– Әй, жаратқанның бейиши гүзетшиси, мени еки бастан ишке киргизбедиң, мени билген адам пүткил әлемниң патшасы дейтуғын еди, егер мени ишке жибермесең, бул дарўазаға келгенимниң бир белгиси болсын, маған бир зат таслай гой. Пүткил жер бетиндеги халық адам баласы аяқ баспаған жерге барғанымды билетуғын болсын, – деп жалынады.

Усы ўақытта бейиштиң гүзетшиси:

– Ма, саған, ақылынан адасқан адам патшасы, – деп, жудырықтай қуў сүйекти Искендер патшаға ылақтырады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Искендер патша қуў сүйекти қалтасына салып, лашкерлерине келип анықлап қараса, қуўарған қуў сүйек екенин көрип ҳайран қалады. Сонша күн, сонша түн жүрип келгенде бир дарўазаманға ҳалым келмей, оның үстине берген сыйлығы қуў сүйек деп, патшаның көзи қызарып, тула бойы қалтырап, сүйекти ылақтырып жиберипти. Сол ўақытта лашкерлериниң ишиндеги ақылгөй бир әскербасшысы:

Жоқары мәртебели патшамыз, дарўазаманның сизге берген сыйлығында әжайып бир сыр бар. Сиз буның сырын ҳәзир көресиз. Бул сыйлыққа тең келетуғын зат жоқ. Сиз тәрези алдырып, барлық алтын-гүмисти тәрезиниң бир басына, ал бул сүйекти бир басына салып тартып көриңиз. Сиз буның қаншелли салмағының бар екенлигин өз көзиңиз бенен көресиз, – дейди.

Искендер патша ақылгөй әскер басшысының ақылын тыңлапты. Тәрези алдырып, бир басына сүйекти, екинши басына ат басындай алтынды салып, тәрезини тартқан екен, тәрезиниң сүйек салған басы жерден көтерилмепти. Алтынның үстине бир батпан гүмис салыпты, тәрезиниң сүйек салған басы сира қозғалмапты. Буны көрип турған Искендер патша алтыннан пуў берген айбалтасын, алтын-гүмистиң үстине салып, тәрезиниң басын айбалтам басар деп ойлапты. Бирақ сүйек салған тәрезиниң басы өз орнынан қозғалмапты. Сол ўақытта патша жудырықтай сүйектиң қүдиретине ҳайран қалып, буған тең келердей не зат бар деп ойға кетипти. Искендер патша өз билмеслигин лашкерлеринен жасырмай:

– Бул сүйекке тең келгендей не нәрсе бар екен? – деп сорайды.

Сонда ақылгөй әскер басшысы:

– Буның ҳәмелин биз табамыз, – деп орнынан ушып турады да, жерден бир уўыс топырақты алып, сүйектиң асықтың қарамындай шуқырына салады. Усы ўақытта тәрезиниң сүйек салған басы жоқарыға көтерилип, алтын салған басы жерге тарс етип түсипти. Искендер патша бул ҳәдийсени көрип аң-таң қалыпты. Сонда патшаның ақылгөйи:

– Тақсыр патшайым, бул сүйек адамның көз сүйеги. Адамның көзи кишкентай болса да, дүньяның барлық байлығына, қызығына тоймайды. Алтын да, мал-мүлк те, ҳүрмет-атақ та адамның тири ўақтындағы көзин ҳеш қандай толтыра алмайды. Болған үстине болғанды, көрген үстине көргенди тилеп турады. О дүньяға барғанда ғана барлық байлық пенен ҳүрмет жоқ болады. Сол қурдым көздиң кишкене шуқанағы бир тана қысым топырақ пенен толады. Оның бержағында көз қумары толған емес, уллы патшайым, – дейди.

Искендер патша ақылгөй әскер басшысының бул сөзине таңғайын қалып, өзиниң сонша жыл ел шаўып тапқан барлық байлығының қызықлы раҳатын бир қысым топырақ астында қалатуғынына көзи жетипти. Сол күннен баслап елине қайтып, қалған өмирин өз елинде өткериўге серт етипти.

## ИСКЕНДЕР ЗУЛҚАРНАЙЫННЫҢ ШАҚЫ БАР

(Р-1242, №183023)

Бурынғы өткен заманда Искендер Зулқарнайын деген патша болыпты. Искендер анасынан туўылғанда тас төбесинде бир бөртиги бар екен. Сол бөртик өсе-келе шақ болыпты.

Искендер жети жасына келгенде дүнья жүзине патша болыпты. Ол басындағы шақын сездирмеў ушын басына ҳәмме ўақыт төбеси шошақ бас кийим кийип жүреди екен. Ел болған соң шаштарезсиз болсын ба, Искендер патша шашын алдырыўға барыпты. Шаштарез Искендердиң басындағы шақты көрип, жүреги жарылғанша қорқыпты. Бирақ аяғынан димар кетип, қолы қалтырап, әлдим-әзәрде патшаның шашын алып болыпты. Искендер патша шашын алдырып болыўдан сол жерде шаштарезди өлтириў жолына түсипти. Солай етип шаҳардеги аты шыққан шаштарезлердиң ҳәммесин өлтирген хабары пүткил шаштарезлерге жайылып, патшаның шашын ҳеш ким алмайтуғын болыпты.

Бир күнлери Искендер патшаның шашы өсип, шашы желкесине түсип, не қыларын билмей отырғанының үстине бир ғарры кирип келеди. Искендер патша ғарры менен сөйлесип болғаннан кейин:

– Ата, мениң шашымды алып бересең бе? – дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шаштарез ғарры:

– Бир қасық қанымнан кешсең, алайын, тақсыр, – депти.

Искендер патша көп ойланып отырып ақырында:

– Бар, кештим. Бирақ Искендер патшаның басында шақы бар, – деп хеш кимге айтыўшы болма. Егер айтсаң, өзиң өлимдар, мал-мүлкиң талаўда болатуғынын есиңнен шығарма, – деп ҳәмир етеди.

Ғарры хеш кимге айтпасқа ўәде берип, патшаның шашын алып үйине қайтады.

Шаштарез үйине қайтып киятырып Искендердиң шақына ҳайран қалып өз-өзинен ҳаўлығады. Буны ишинде сақлаўға шыдамы жетпейди. Биреўге айтып шерин тарқатайын десе, патшадан қорқады, айтпайын десе, иши дүбирлеп, ес-ақылынан айырылады. Ғарры патшаның шашын аламан деп үлкен бәлеге қалады. Сол күни шыдайды, келеси күни шыдаўға шамасы келмейди. Ғаррының иши толып, өлер ҳалатқа келеди.

Ғарры шаҳардан шығып, бир шөл-жазийрадағы гене қуйының үстинен шығады. Бул жерден хеш ким еситпес деген қыялға кетип, аўзын гене қуйының аўзына басып, үш рет «Искендер патшаның шақы ба-ар» деп бақырады. Ғаррының айтыўы сол, гене қуйының иши «Искендер патшаның шақы ба-ар» деген гүңиренген сес болып кетеди. Ғарры бул сестен жаны шығардай қорқып, бир көлге келип, қалың қамыслықтың арасына жасырынады. Ғаррының бул жерде де иши дүбирлеп жата алмайды. Ол және «Искендер патшаның шақы ба-ар» деп қышқырады. Сол ўақытта қатты самал есип, қамыслардың баслары ийилип шайқалып, бир-бирине айтқандай сезиледи. Ғаррының қулағына «Искендер патшаның шақы ба-ар» деген шуўлаған сес еситилгендей болады. Ғарры бул жерде де мәкан таппай, жөн алды қарабарақ кете береди. Сол кетистен бир тоғайлыққа ушырасады. Шаштарез ғарры қалың қуўрайдың арасына кирип, бул жерден хеш ким еситпейди деген ойға кетип «Искендер патшаның шақы ба-ар» деп қышқырады. Усы ўақытта ғаррының қумарын тарқатып, жаны жай тапқандай сезеди. Бирақ бул хабар әллеқашан-ақ Искендер патшаның қулағына жетип, ел-халыққа жайылған еди.

Искендер Зулқарнайын патша халық арасында тарап кеткен «Искендер патшаның шақы бар» деген сөзге ары келип, ишқыста болып дүньядан өтеди. Орнына шаштарез ғарры патша болып мурат-мақсетине жетеди.

## ҚУСЛАР ПАТШАСЫ

(Р-1242, №183023)

Бурынғы өткен заманда қуслардың патшасы болыпты. Күнлерден бир күн қуслар патшасы өзине қуслардың пәринен үй салдырмақшы болады. Қуслардың бәрин жыйыпты. Ҳәмме қус келсе де, байыўлы келмепти. Шақыртыўшы барса, уясына кирип кете берипти. Ең ақырында болмағаннан кейин, қуслардың патшасы байыўлыны шақырып келиўге қарлығаны жиберипти. Қарлығаш ушып барыпты. Байыўлы қарлығаның келгенин билмей, уясының аўзында хабарсыз, парўайы-пәлек отырғанда қарлығаш жалқысынан шарп етип бүрип алыпты да, қуслар патшасының алдына апарыпты.

Қуслар патшасы:

– Неге шақырғанда үш күннен бери келмейсең? – деп сорапты.

Сонда байыўлы:

– Тақсыр, үш күннен бери келмегеним, ой ойлап отыр едим, – депти.

– Ол қандай ой?– депти қуслар патшасы.

– Тақсыр, сиз қустың пәринен үй салдырмақшы болыпсыз. Қуры пәр үй бола ма? Ол үйдиң шаңарағы қайда, керегеси қайда, уўығы қайда, соны ойлап отыр едим, – депти.

Сол ўақытта қуслар патшасы ойланып көрсе, шаңарақсыз, уўықсыз, керегесиз үй болмайтуғынын аңлап, қуслардың аяғынан тусаўларын алып, дарқан етипти. Сөйтсе, байыўлының келгенин күтпей-ақ қусларды жула баслаған екен, сонда ҳәмме қуслардан бурын жарғанатты жулған екен. Басқа қусларға гезек келгенде байыўлыны да алып келген екен. Қуслардың ишинде ғарға менен шымшық тусаўын шешиўге асығып ушып кетипти. Жарғанаттың жүнсиз болыўы, ғарға менен шымшықтың адымламай секирип жүриўи соннан қалған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОРҚЫТ БАБА

(Р-1242, №183023)

Жаңадарья бойында қарақалпақлардың Шийрин деген қаласы болған. Ҳәзирги ол жерлерде Қорқыт ата деген әўлийе бар. Ерте ўақытларда сол жағада Қорқыт деген адам өткен. Ол қудайға:

– Мен өлетуғын болсам, қырық жыл бурын хабар бер, – дейди екен.

Қудайтаала буған келисипти. Бир күнлери хабар келеди. Қорқыт ата буннан қорқып, ҳәр жерде қашып жүре береди. Ол қай жерге барса, сол жердиң адамлары «Қорқыт деген киси өледи екен, соған гөр қазып атырмыз» дейди. Соннан қашып, Қорқыт Жаңадарьяға келеди. Ол ақыры шаршап, өлимнен қутыла алмайтуғынын түсинеди. Адамларға:

– Мени бир гилемниң үстине отырғызып, Жаңадарьяға ығызып жибериңлер, – депти.

Солай исленеди. Қорқыт дарьяның ортасында, гилемниң үстинде қобыз шертип кете береди. Қорқыттың қобызының даўысын еситип, Шийрин қаласындағы қырық қыз майданға шығып, қосық айтып шақырады. Бирақ Қорқыт келмейди. Ығып кете береди. Сонда қызлар Қорқытты қарғайды. Қорқыт тас болып қалады. Соннан Қорқыт атаны Жаңадарья бойына жерлеген екен.

## ҚОРҚЫТТЫҢ ГӨРИ

(Р-1242, №183023)

Қорқыт баба өлимнен қатты қорқады екен. Ол қалай болмасын, қайткенде өлмей қалыўға болатуғын жолларды ойлайды, ҳеш таба алмайды. Не болғанда өлмеў мүмкин? Таў тас болғанда ма? Ол бийик таўларға барады.

– Таўлар, сизлер мәңги жасай аласыз ба? – дейди.

Төбеси аспан менен ушласқан таўлар:

– Жоқ бизлер де қартаямыз, бизлер де өлемиз, – дейди таўлар.

Ол ушы-қыйыры жоқ телегей-теңизге барады.

– Мүмкин, сизлер өлмейтуғын шығарсыз? – дейди Қорқыт ата.

– Жоқ, бизлер де қартаямыз, бизлер де өлемиз, – дейди теңиз.

– Енди ким бул дүньяда өлмей қалады?

Қорқыт баба өз сораўына жуўап таба алмай, дүньяның төрт мүшин гезип келеди. Қай жерге барса да, алдынан гөр қазып атырған адамалар шығады.

– Бул не? – деп сорайды адамлардан Қорқыт баба.

– Қорқыттың гөри, – деп жуўап береди адамлар.

Қорқыт буннан және қорқып қашады. Бирақ алдынан гилең Қорқытқа гөр қазып атырған адамлар шыға береди. Ақыры ол шаршап, өзиниң өмири туўралы, бул өмирдиң гөззаллығы, бул тиришилик дүньядан өлимге адам өзин-өзи қыймайтуғыны туўралы қолына қобызын алып жырлай баслайды.

Ол суўдың бетине гилемди жайып жиберип, оның үстинде қолына қобызын алып жырлай баслайды. Оның қобызының даўысын барлық адамлар еситип, дүньядағы барлық тиришилик етиўши жанлы мақлуқлар бир майдан қобыздың даўысына мәс болып дем алады. Сонда Қорқыт баба дүньяда өлмей қалатуғын – қобыз бенен нама екен, – деген жуўмаққа келеди. Ол қобызын тартып, усылай кете береди. Бир жерлерге келгенде шаршап, көзи илинип кетеди. Сонда оның қобызын тыңлап киятырған суўжылан Қорқыт бабаны барып шағып алады. Сөйтип, Қорқыт баба қанша өлимнен қашқаны менен, оннан қашып қутыла алмайды. Бирақ ол адамларға ҳеш өлмейтуғын қобыз бенен наманы таслап кетеди.

## ҚАЙДА БАРСАҢ, ҚОРҚЫТТЫҢ ГӨРИ

(Р-1299, № 183812)

Қорқыт деген адам қарақалпақларға да, қазақларға да, өзбеклерге де, қулласы түркий тиллес халықлардың барлығына теңдей атақлы жыраў болған. Көп жасаған. Ол ел аралап жыр айтып жүрип, «мен өлмеймен» дейди екен. Мусылманларда қартайған адамның тири ўақытларында

www.ziyouz.com kutubxonasi

герин қазып қоятуғын бир дәстүр бар. Гөрди сол ғарры адамның өзи я жақын ағайинлери қазып қоады.

Қорқыт жүда қартайған. Халық оны қатты ҳүрмет ететуғын болған. Соның ушын аўылының адамлары қашан болса да бул өледи ғой деп, оны ҳүрметлеп, герин қазып қойыпты. Бир пийшемби күни Қорқыт әўлийеге барса, қазыўлы турған гөрди көрипти. Адамлардан «бул кимниң гөри?» деп сораса, адамлар оған «бул Қорқыт атаның гөри» депти. Қорқыт қорқып кетипти. Бул аўыл мени сыйламайды екен деп, дарҳал басқа аўылға көшип кетипти. Барса, ол аўылда гөр қазып атырған адамлардың үстинен шығыпты. «Бул не?» деп сораса, бул «Қорқыт атаның гөри» деп жуўап берипти. Соннан Қорқыт ата ол аўылды да қойып, басқа аўылларға қарай көшипти. Қайда барса, гөр қазып атырған адамлардың үстинен шыға берипти. «Бул кимниң гөри?» десе, ҳәммеси «Қорқыт атаның гөри» деп жуўап бере берипти. Соннан соң ол қазақ, өзбек, түркменлердиң елдерине қарай көшипти. Қайсы елге бармасын, оның алдынан гөр қазып атырған адамлар шыға берипти. «Бул кимниң гөри?» десе, олардың ҳәммеси бул «Қорқыттың гөри» деп жуўап берипти. Соннан соң Қорқыт ата, «қой, болмады, елиме қайтайын, бул адамлардың сықылы жаман екен, мени тирилей-ақ көмип таслар, адамлардың бул ҳәрекетине қарағанда, мен сира өлетуғын шығарман. Өлетуғын болсам, өз елимде өлейин» деп, қайтадан қарақалпақларға қайтып келипти.

Ол келгеннен кейин адамлар:

– Хә, Қорқыт ата, не болды? – деп сораса:

– Қайда барсам, мениң гөримди қазып атырған адамларды көрдим. Соннан соң өлсем өз елимде өлейин деп, елиме қайттым, – депти.

## ҚОРҚЫТ АТА ҲАҚҚЫНДА ӘПСАНА
(Р-1207, №182886)

Қорқыт ата халыққа жақсы саз ойлап таўып бериўди әрман етипти. Ол бәринен де бурын халықтың түсинигине қайым, олардың муң-зарларын айтатуғын жағымлы саз ҳаққында көп жыллар ойланып жүрипти. Бул ушын ол ҳәр түрли усылларды ислеп көрипти. Ҳәр түрли саз әсбапларын соғып, шертипти. Бирақ халыққа жағымлы бир саздың иретин таба алмапты. Бир күнлери қобызды таўыпты. Оны ислеў ушын көп ағашларды жонып ҳәлек болыпты. Бирақ оннан ҳеш нәтийже шығара алмапты. Қорқыт атаның қобызды жонып ҳәлек болып жүргенин шайтанлар көреди екен. Шайтанлар оған, қобызыңды көрсет десе, ол көрсетпейди екен. Оннан кейин Қорқыт атаға бир ой келипти. «Неге шайтанлар меннен қобызды сорап жүр? Оларға неге кереги бар екен? Буларды бир аңлып көрейин» деп, тоғайдан шығып кеткен кисиге усап, тоғайдың шетинде шайтанлардың не қылып жүргенин аңлыпты.

Шайтанлар өз-ара сөйлесип атырған қусайды. Қорқыт ата оларға көринбей сөзлерин тыңлапты. Шайтанлар:

– Қорқыт ата жүдә бир әжайып исти баслаған екен. Бирақ оннан бир нәтийже шығара алмапты. Егерде ол киси тоғайдағы доңыз сүйкенген қурғақ жигилдик-жийдениң ағашынан қобыз жонса, оннан тостаған шығарса, оның тостағанын бақыраўық түйениң бас терисинен қапласа, оған киснеўик аттың қуйрығынан алып қыл тақса, оннан кейин қумлықта ямаса таўда өсетуғын сасық қуўрайдың ширесинен жақса, гөне қабақтан жонып тийек салса, дүньяда табылмайтуғын шыққыш әсбап болар еди, – десип атыр екен.

Қорқыт ата бул сөзлерди еситип, шайтанлардың айтқанындай етип қобызын ислеген екен, түрли-түрли намаға шертилетуғын саз әсбабы болыпты. Сол-сол екен, қобызды биринши жаратқан Қорқыт ата қобыздың пири болыпты. Соннан кейин барып халықта ҳәр түрли саз әсбаплары келип шыға берипти дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГҮМБЕЗИ ДӘУУАР

(Р-1242, №183023)

Кеғалай көк теңиздиң ортасында саўлатлы, гүңгираларына алтын шаптырылған гүмбез бар деседи. Бул гүмбез айланып турады екен де, жыл он еки айда есиги ашылып, басқа ўақта жабық турса керек. Ким илимди ышқы етсе, сол адам дүньяның барлық ләззетинен кешип, сол гүмбезди излейди ҳәм көтерген көк теңиздиң жағасына барып, гүмбездиң жағаға айланып келиўин, өзи маҳалинде есигиниң ашылыўын күтиўи керек. Бул гүмбези дәўўар деп, яғный илим ажайыбаты делинеди.

Гүмбези дәўўарға кеўили саррас, жаны таза ҳәм қатаң зейини бар, зийрек адам ғана кириўге миясар болады.

Несип етип, оған кирген адам отыз жыл илим ҳикметин үйренеди. Бирақ ол нан орнына илим нуры менен аўқатланады. Соньлықтан гүмбези дәўўарға кирген адам нәтийжеде бир оймақ аўқат жемейди дейди. Буның есесине ол отыз жылда дүньяның илимин оқып таўысқан. Оймақша көнбеген, зериккен адам шайммий болып, изинде мәўлети питпей-ақ шығарып тасланады.

Илимге қанып шыққан адам отыз жыл дегенде қурғаққа жибериледи де, журтқа илим-өнер үйретиўге жумсалады.

Несин айтасыз, бирақ бул гүмбези дәўўарға кирип, илим нуры менен қанып шыққанлар дүньяда ҳәр елде бирли-ярым ғана кисилер болады. Бул гүмбездиң ажайып тилсимин ең дәслеп Афлатун ҳәм Аластунлар ашты да, өзлери оқып шығып, илим дүньясында ҳүкимин жүргизди. Бул гүмбезде Фирдаўсий, Муралы-Шер, Наўайы, Хожайы Ҳафыз, Абусий деген уллы адамлар оқыўға миясар болған.

## БАРАҚТЫҢ ТАМЫ

(Р-1242, №183023)

Барақ батыр қус салыўды жуда қумартады екен. Бирақ қус салғанда қусын қаялы баплап береди екен. Бир күни ҳаялы Бараққа:

– Батыр, бүгин қусты алып шықпа, – депти.

Сонда Барақ:

– Неге? – деп сорапты.

Ҳаялы Бараққа:

– Бүгин буның еки уяласы келди, қусты қашырып аласаң, – депти.

Барақ батыр ҳаялының айтқанын тыңламай, қусты алып шығады. Қусты аңға жиберсе, оның аң менен жумыс болмай, өз алдына қаңғып кете береди. Барақ далбайын қолына алып тақырса да, қайырылмай, ҳәр жерге қонып отыра береди. Қус сонда жасынан қолға үйреткен Барақты таслап кетиўге қыймай, ал қалайын десе, уясларын жаны қыймай, соңынан Барақты бүрип өлтирейин деп Бараққа қарғы шабады. Барақ қустың бузық қыял менен киятырғанын көрип, атының баўырының астына кирип кетеди.

Үйден шыққанда қустың жаман қыялын сезген Барақтың ҳаялы изинен бақлап киятырған екен. Келсе, қус аттың баўырының астына кирип жатқан Барақты бүрип өлтирген екен.

Сонда қатын қустың бир тегеўринин кесип жиберип:

– Жерде мен батырман деп зарлайын, аспанда сен тегеўриним деп зарла, – деген екен.

Солай етип, Барақ өз қусының тырнағынан өлген екен.

Барақтың тамы ҳәзир де бар. Бершы зәўдың күн шығар жағындағы Жаңадарья деген жерде. Оның тамында Барақтың қусының тырнағының сүўрети де бар дейди көрген адамлар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИБРАҲИМ САҲАБАНЫҢ БАЛАСЫ ИСМАЙЫЛДЫ ҚУРБАНЛЫҚҚА БЕРИЎИ

(Р-1242, №183023)

Ибраҳим Халилдиң аэн бийперзент болған. Егер перзентим болса, перзентимди қурбанлыққа шалар едим, деп жылапты. Биййбиҳажар деген ҳаялы бар екен. Киши ҳаялын желмаяға миндиҙип, жел маяның тоқтаған жерине түсирип кел деп жибереди. Желмая үш күн жүрип, төртинши күни бир шуқырдын жанына барып шөккен. Ҳаял сол жерде ҳамилели болған. Қудайтаала секгеўилдиң палын шығарып, соны жеп жүре берген. Ол ҳаял босанған соң баланың атын Исмайыл қойған. Баланың тепкилеген жеринен суў шығады. Жолаўшылар суўға үйир болып, олар отырған жер карўан жолға айланады. Биййбиҳажар баласы менен сол жерде бола береди. Исмайыл жети жасқа келеди. Булардың хабары Ибраҳимге жетеди.

Қудайтаалаңың Ибраҳим Халийге, балаң Исмайылды қурбанлық қылып шаласаң, деген парманы келеди. Ҳақ парманын Ибраҳимге Жабирайыл жеткереди. Ибраҳим ҳақ парманына қайыл болып, ҳаялы Ҳажарға Исмайылды жуўындырып, кийиндир деп тапсырма береди. Ибраҳим Исмайылды Макке шаҳариниң сыртына, бир шөл-жазийраларға алып шығады. Баласына билдирместен жип пенен пышақ та алып шығады. Жолда иблис шайтан Исмайылдың басын айландырып, «сени атаң өлтирмеге алып баратыр» дейди. Исмайыл иблистиң азаўлы гаплерине исенбей, оған тас атады, иблисти қуўып жибереди. Бир ўақытлары Ибраҳим менен Исмайыл аталы-балалы болып таўдағы Исмайылды қурбанлық қылатуғын жерге жетеди. Атасы Ибраҳим сол жерде баласы Исмайылға оны қурбанлық қылыў ушын кудадан парман келгенлигин айтады. Сонда Исмайыл:

– Ҳақтың пәрманын тутып, маған рәҳим қылмаң, қудаға асый болмаң, мени қурбанлық қылсаңыз, жанымды бериўге таярман, мениң усы сөзимди қабыл қылыңыз, мени қурбан қылың, – дейди.

Баласы Исмайыл атасы Ибраҳимниң алдына үш шәрт қояды:

– Биринширден, аяғымды байлаң, қол-аяғым қозғалып кетип, сизге қаным шашырап, гүналы боларман. Екиншиден, жүзимди жерге қаратып қойың, себеби сизиң көзиңиз маған түсип, сиз рәҳим қылып, асый болып қаларсыз. Үшиншиден, қурбан қылып болған соң қанлы кийимлеримди анама апарып бериң, сағынғанда көйлегимди ийискеп, мийрин қандырар ҳәм меннен естелик болсын, – дейди де:

– Қол-аяғымды байлаңыз, меннен кеўил үзиңиз, ҳақ буйрығын қылыңыз, тез болыңыз! – деп жүзин жерге қаратып, аяқларын узатып, Исмайыл тәслим болып жатады.

Исмайылдың аяқ-қолларын байлап, Ибраҳим шалса, пышақ өтпейди, тасқа салса, пышақ тасты қақ бөледи, бирақ Исмайылдың басын кеспейди. Сол ўақытта қуданың қүдирети менен пышаққа тил питип, Ибраҳимге:

– Сен айтурсаң кескил деп, Жаббар айтур кесмегил, нешик аны кесейин, – деген саза келеди.

Сол ўақытта Аллатаала тәрепинен Исмайылдың орнына қурбанлыққа басы қара көк қошқар жибериледи. Қудадан Исмайылдың жанын тилеген мыңсан периштелердиң тилеги қабыл болады. Исмайылдың ҳаслынан оның әўладлары Мухаммед пайғамбар дүньяға келип, ол үмметлериниң ҳүрметине миясар болып, қуданы бир биледи.

## БИЙБИМӘРЬЯМ ҲӘМ ИЙСА ПАЙҒАМБАР

(Р-1242, №183023)

Күнлердиң бир күнинде Бийбимарьям қуданың қүдирети менен некесиз Ийса пайғамбарымызды туўыпты. Ийса жас ўақтынан баслап-ақ бир қүдиретли күшке ийе болып, дуўа менен соқырдың көзин, ақсақтың аяғын жазып, өлини де тирилтеди екен.

Ийса жас ўақтында анасы Бийбимарьям менен таўда жасайды. Бес ўақыт намазын оқып, ораза айын да сол жерде өткереди. Ол ҳайўанатлар менен сөйлесип, жанлы-махлуқлар менен жақсы қатнаста болады екен. Бир күни Ийса бир жаққа кеткенде Әзирайыл қуда ҳәмири менен

www.ziyouz.com kutubxonasi

Марьямның жанын алыўға келипти. Әзрайыл Марьямның «балам келсин, соннан соң жанымды алыўға қайылман» деген сөзине қарамай, жанын алып кетипти.

Ийса үйине келсе, өлип қалған анасын көрипти. Ийсаның анасын периштелер ақ жаўып, арыў кепинлеп жайғастырады. Сол жерде Ийса анасының басына барып, қудадан анасын көриўге тилек етеди. Қудирет пенен гөр жарылып, гүллер арасында жатқан Ийса тири анасын көреди. Сол ўақытта анасына тил питип «Малға көўил бөлмегил, ҳақ буйрығын қоймағыл» деген нәсият айтады.

## ИЙСА ПАЙҒАМБАРДЫҢ ҚАМАЛЫЎЫ

(Р-1242, №183023)

Ийса пайғамбарға исенимсизлик билдирген душпанлары оған қатты азап береди екен. Душпанлары Ийсаны қамап қойып өлтирмекши болғанда, оған қуда ҳәмири менен Жабирайыл периште келипти. Жабирайыл периште қамақта жатқан Ийсаға тамның төбесиндеги тесиктен хабарласқан ҳәм оған, сени шығарып аламан, деген ишарат билдирген. Сонда Ийса Жабирайылға қарап, «басым сыйға да, еки ийним сыймайды ғой» деп, еки ийнин көрсетипти. Жабирайыл периште:

– Маған жақынлап келе бер, шығарып аламан, – депти ҳәм шығарып алып, душпанларынан қутқарыпты.

Христианлардың шоқыныўы, яғный қолын маңлайына, оннан соң еки ийнине тийгизиўи соннан қалған деседи.

## ЮСУП ПАЙҒАМБАР

(Р-1242, №183023)

Күнлердиң бир күнинде Юсуп пайғамбарымыз түс көрип, түсиниң кейни не боларына ҳайран қалып, түсин атасы Яқубқа жорытыў ушын келипти.

– Ата! – депти Юсуп атасы Яқубқа, – мен түнде бир ажайып түс көрдим. Түсимде маған күн менен айдың ҳәм он бир жулдыздың қадалып қарап турғанын көрдим, – дейди.

Сонда атасы баласы Юсупке:

– Шырағым, мына көрген түсиң бир ажайып түс екен, бирақ бул көрген түсиңди туўысқанларыңа айтып жүриўши болма, олар саған жаманлық ойлап жүриўи мүмкин, – деп зинҳар-зинҳар тапсырыпты.

Яқуб баласы Юсупты басқа балаларынан төре жақсы көреди екен ҳәм бир ели қасынан шығармайды екен. Юсуптың ағалары атасының Юсупти жақсы көретуғынын сезеди екен ҳәм оны қалай болмасын пайытын таўып өлтириў нийетинде жүреди екен.

Бир күни Яқубтың балалары атасына келип:

– Ата бизлер Юсупти өзимизден жақсы көремиз, Юсуп барлық ўақыт сизиң қасыңызда болып, ҳеш қызық көре алмай жүргенин сиз билесиз. Бизлер бүгин Юсупти шикарға алып шығып, құс салып, ийт жүгиртип қызық көрсетпек деген нийеттемиз, сол ушын Юсупты бир күнге қыдыртып қайтыўға руқсат етсеңиз деп сорап келдик, – дейди.

Яқубтың балалары бир әмеллеп атасын көндирип, Юсупти шикарға алып шығыпты. Олар аўылынан бир күншилик жол жүргеннен кейин бағы көкиреклериндеги жаманлығын баслаўға кирисипти. Юсупты бир шыңыраў қудыққа таслап, Юсупти қасқыр жеп кетти деп, көйлегин қанға бояп, атасы Яқубтың қолына услатыпты. Сол ўақытта Яқубтың еки көзи көр болып қалыпты.

Юсуп шыңыраў қудықтың ишинде жата берсин. Бир күнлери басқа бир елдиң карўанлары сол қудықтың үстинен шығып, түйелерин суўғарып, өзлери де шай-суў ишиў ушын сол жерте жүклерин түсирип, қудыққа шелек салса, ай десе аўзы, күн десе көзи бар бир сулыў бала жигиттиң шелекке асылып шыққанын көрип ҳайран қалысыпты. Карўанлар Юсупти алып кетип, Мысыр шаҳариндеги бир байға сатады. Ол байдың киши ҳаялы Юсуптиң сулыўлығына ашық болып, оған көўлин билдиреди. Юсуп ол ҳаялдың айтқанына көнбейди ҳәм сол жерден туре қашады. Ҳаял қашып баратырған Юсуптиң көйлегиниң етегине жабысып, көйлегиниң бир

www.ziyouz.com kutubxonasi

қапталын жулып алып қалады.

Ҳаялдың байы кеште келгенде:

– Сениң сатып алған қулың маған харамлық қылды, буны бул жерден жоқ етпесең, мен бул үйде турмайман, – деп Юсупти жаманлайды.

Юсуп болған ўақыяны айтқан менен, байдың ҳаялы шарбаяқлап, өзиниң айтқанына көндиреди. Солай етип, бай Юсупти жазаға буйырып, зинданға таслайды. Юсуп қудықта жатып, патшаның берген жумбақларын шешип, азатлыққа шығады. Ол бир елге барып, ашлықтың азабын шегип атырған елди тоқлыққа шығарады.

Юсуп өзи ҳүкимлик сүрген елди тоқлыққа шығарып, аты әлемге жайылып кетеди. Күнлердиң бир күнинде баяғы өзине жаманлық еткен ағалары ҳарып-шаршап Юсуптиң елине келеди. Ағалары Юсупти танымайды, ал Юсуп ағаларын танып, оларға көп жақсылық қылады ҳәм өзиниң Юсуп екенлигин айтады. Сол жерде Юсуп ағаларына үстиндеги көйлегин шешип берип:

– Усы көйлегимди атама апарып бериң ҳәм мениң тири екенлигимди хабарлаң, – дейди.

Юсуптың ағалары көйлекти атасы Яқубқа берди. Яқуб көйлекти көзине сүрткен екен, неше жыл көр болып қалған көзи ашылыпты.

Юсуптиң ағалары оннан баяғы ислеген қыянетлерин кешириўди өтинеди. Юсуп ағаларына кеширим берип, оларды тахтқа миндирип, өзи Аллатааланың нуры жаўған бендеси саналып, пайғамбар дәрежесине көтерилипти.

## ҲӘЗИРЕТИ ӘЛИЙ МЕНЕН КЕСИКБАС БАТЫР
(Р-1242, №183023)

Муҳаммед пайғамбар бир күнлери өзиниң ең жақын адамлары Әбиўбакир, Омар, Оспан ҳәм Әлий және отыз үш мың саҳабалары менен сәўбет қылып отырғанының үстине аяқ-қолы жоқ, домаланған ғана басы бар биреў кирип келипти. Ол жыйналған пайғамбар менен саҳабалардың алдына келип, еңирегенде өксиги төгилип, көз жасы менен өзиниң басынан өткен аянышлы жағдайын айтып береди. Кесикбасты саҳабалар Әлий пайғамбардың алдына жақынлатпақшы болып, орнынан көтерейин десе, басты қозғалта алмайды. Сейтсе, ол Аллатааланың жүзин көриўге мүнасип болған бир кудиретли адам екен. Кесикбас адам пайғамбардың алдында:

– Мен он еки мүшем сау ўақтында Аллатаала менен әңгиме-сәўбет қурып, елиў мәрте ҳажылық жасадым, жарлы-жақыбайларға ғамхоры болдым, барымды оларға садақа қылып үлестирип берип турдым, – деп, өзиниң сондай әдиўли адам екенлиги туўралы таныстырады.

Бир күнлери Кесикбас батыр тулпарына минип, өзиниң туўған қаласы Нурдан аспанға ушыпты. Жолда периштелер менен ушырасып, сол жерде Ийса пайғамбар менен әңгиме-дүкан қурысып, яр-дос болыпты. Ийса пайғамбар менен бирге көкке ушып, Аллатаалаға қуллылық қылады екен. Ол Қызыр Ильястың досы болған адам екен. Қайда жүрсе де, Қызыр Ильяс пенен бирге жүреди екен. Сейтип жүргенинде Кесикбастың есине ҳаял, бала-шағасы түсип, қапа болады. Себеби зулым дәўлер Кесикбастың аяқ-қолын ҳәм балаларын жеп қойған еди, ал ҳаялын шынырау қудыққа алып кеткен болады. Усы аянышлы жағдайларын айтып, Кесикбас Аллатааладан жалбарынып тилек тилейди. Сол ўақытта, қандай қарсыласқан жаў болса да, бети қайтпаған Әлий батыр пайғамбардан Кесикбастың аяқ-қолын пүтинлеп, дәў жеп қойған балаларын таўып, тутқындағы ҳаялын қутқарып, қуллады, Кесикбасқа азап-ақырет берген дәўлерди қырып-жойып келиўге Аллатааладан урықсат сорапты:

– Егер де усы Кесикбасқа қол ушымды бере алмасам, еркек атымды атаман ҳәм Дүлдүл аттың белине қайтып минбеймен! – деп ант береди.

Аллатаала қаншама тәўелле қылып, қәўипли жер, бармай-ақ қой, десе де, пайғамбарлардың айтқанына көнбейтуғынын билдирип, тулпарына минип, зулфиқар қылышын қолына алып, Әлий батыр Кесикбас батырды ертип алыстағы дәўдиң елине атланыпты.

Кесикбас батыр Әлийдиң алдында ат шаптырым жерде ушып отырады, сейтсе, оның қанаты бар екен. Ол жол жүрип баратырып Қураны-каримди яд етип, Әлий менен бес ўақыт намазды да қаза қылмайды. Әлий Кесикбастың бул қасийетине ҳәўеси келип, жақсы көргенлиги сондай, Кесикбастың еки бетинен шорп-шорп еттирип сүйип те алады. Олар сол кетистен жети күн, же-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ти түн тынбай жүреди, талай таў таслардан, телегей тениз бенен пышық мурны батпайтуғын тоғайлықтан, ушса қустың қанаты күйетуғын сахралардан өтип, Кесикбастың ҳаялын алып кеткен қудықтың басына келеди.

Сол жерде Әлий Кесикбасты қудықтың басында қалдырып, өзи менен бирге алып шыққан бир жүз елиў қулаш арқанды белине байлап қудыққа түседи. Әлий Аллатаалаға сыйынып, қудықтың түбине қарай кете береди. Сыртта қалған Дүлдүл менен Кесикбас батыр еки қолы жағасында, Әлийге аманлық ҳәм сат сапар тилеп, зар қағып тура береди. Арадан жети күн өтип, сегизинши күни Әлийдиң табаны қудықтың төменине тийеди. Ол усы жерде қанша жатқаны белгисиз, шаршағаны соншелли, қатып уйқылап қалыпты. Оянып қараса, өзиниң қудықтың түбинде жатқанын көрип, Аллатааладан мәдет сорап жалына береди. Солай етип, қарсы алдында турған үлкен дәрўазаны көреди, дәрўазаны ашса, алдында турған әжайып сарайға тап болады. Сарайдың ишине кирип барса, тум-тусқа сәўле шашып турған ҳаялға көзи түседи. Қайғыдан қапа шеккен ҳаялдың алған деминен сарай солқылдап, көз жасынан сарқырап булақ ағып турған екен. Сөйтсе, баяғы излеп киятырған Кесикбастың ҳаялы екенлигин биледи. Екинши жайға барса, аяқ-қоллары кисенлеўли бес жүз адамның жатырғанын көреди, булардың барлығы мусылман әўладынан екен. Әўелинде булар мың адамнан көп екен, даў олардың ҳәр күни бес-алтаўын жеп, булар қалғаны екен. Тири қалғанларына Әлийдиң барлық даўлерди нықпырт етип, буларды қутқарып қайтатуғыны түсинде аян берип, олар күнде қудаға қулшылық қылып, Әлийдиң келиўин сарғыла күтип отырған екен.

Ҳәзирети Әлий сарайдың және бир бөлмесине киргенде бойы минардай, басы гүмбездей, ҳәр бир саўсақлары мисли адамдай даўди көреди. Қараса, ҳәрбир шығарған леби түтиндей болып бурқырайды. Уйқылап жатырған даўди зүлфиқары менен шабайын деп турады да, бул намәртлик болар, оны оянғаннан кейин күш сынасып көрейин деп, даўдиң басын шапқанды қойып, бар даўысы менен бақырады, бирақ даў оянатуғын бәле емес. Екинши рет бақырған екен, сол ўақытта таў-тас гүңиренип, жер-жаҳан қозғалып кетеди. Уйқыдан сәтем алған даў уйқысынан оянса, қарсы алдында қақшыйып турған ҳәзирети Әлийди көрипти. Даў бир батпан келетуғын тоқмарын алып Әлийдиң тас төбесинен урған екен, Әлий дизесине шекем жерге кирип кетипти. Солай етип даў үш ретке шекем Әлийди урады, Әлий ҳеш үндеместен қақшыйып тура береди. Ендиги гезек Әлийге келеди. Әлий қылышын қолға алып:

– Әй, даў, мен сениң менен былай келисейин: сениң маған күшиң келмейди, сен мусылман динине кирсең, жаның өзиңде қалады, егер бул шәртти орынламасаң, өз обалың өзиңе, – дейди.

Бирақ даў мусылман динине кирип, қудаға қулшылық қылыўдан бас тартады. Буннан кейин Әлий даўдиң әй-пайине қарамай, турған жеринде қолындағы қылышы менен басын қағып түсиреди. Усы ўақытта гүўлеген даўлер келип Әлийге жабылады. Әлий қылышын оңлы-соллы сермеп, бес жүзге жақын даўди қырғатын салады, ал қалғанлары қашып бәдар кетеди.

Ҳәзирети Әлий қудықтағы барлық мусылманларды, Кесикбастың ҳаялын азатлыққа шығарып, өлген ҳәм қашып кеткен даўлердиң мал-мүлки менен дүньясын оларға бөлип берипти. Сөйтип булардың барлығын қудықтың түбине бир жерге жыйнапты. Баяғы қудықтың басында қалған Кесикбас батыр менен Дүлдүл аты жоқ, арадан нешше айлар өткенин Әлийдиң өзи де билмейди. Әлий адамларды қудықтың ишинен жарық дүньяға қалай шығарарын билмей қатты қыйналыпты. Әлий Аллатаалаға жалбарынып көмек көрсетиўин тилейди, руўхына дуўа оқыйды. Сол ўақытта Аллатааладан тилеги қабыл болып, Әлийге Жабирайыл периштени жиберипти ҳәм қанатына мингизип Кесикбастың ҳаялы менен гүллән мусылманларды алып қайтыўға буйрық берипти. Усы ўақытта Әлий барлық жамаатн менен шуқыраў қудықтан қалай шыққанын өзи де билмей қалады.

Пайғамбар барлық саҳабалары менен Әлийди күтип алыўға алдынан шығыпты. Қуўанышы қойнына сыймаған Кесикбас батыр Әлийдиң Дүлдүл атын минип, Аллатааланың алдына келип, бар алғысын жаўдыра берипти. Аллатааланың елшиси Кесикбастың барлық нийетиниң орынланыўы ушын Аллатаалаға дуўа оқыўға тилек билдиреди. Сол заматта қуданың елшиси Муҳаммед алайҳиссаламның өткен дуўасы қабыл болып, Кесикбас батырдың аяқ-қолы пүтинленип, жас жигитлик шағына келипти. Кесикбас ҳаялы менен саў-саламат көрисип, Әлийдиң ғамхорлығы менен мурат-мақсетине жетипти дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫДЫР АТА

(Р-539, №176382)

Ертеде халық ишинде Имамжан, Мағзымжан деген еки бала болыпты. Екеўи сегиз-тоғыз жасларында ойнап жүргенде қасына Қыдыр ата келеди. Балалар ҳәзирети Қыдыр атаға сәлем береди. – Атларыңыз ким? – дегенде, өзлерин Имамжан, Мағзымжан деп таныстырады. Сонда ҳәзирети Қыдыр ата балаларға былай деген екен:

– Имамжан үлкейгенде дәрьяның арқа жағына, ал Мағзымжан болса ержеткеннен соң дәрьяның қубласына ийелик етеди, – дейди. – Халыққа әдиллик қылың, жетим-жесирдиң мүңын тыңлап, оларды орынлаўға, талабын қанаатландырыўға тырысыңлар, – деп кетеди.

Екеўи үлкейип, ҳәзирети Қыдыр айтқанындай, биреўи дәрьяның арқасына, биреўи дәрьяның қубласына басшылық етип, халықтың күн кериси жақсы болып күн кеширеди. Бир күнлери Имамжан ханға барып қайтырса, жолда жатырған жалаңаш балаға көзи түседи. Имамжан баланы жерден көтерип алады. Сол ўақытта ҳәзирети Қыдыр пайда болып:

– Бул илаҳийда аспаннан түскен бала, адамзат баласы емес, – дейди.

– Атын ким қоямыз? – дегенде:

– Аты Қарақул ҳәзирети болады, – дейди.

Ол Аллаталаның перзенти, халық пенен бирге жасаған кәраматлы адам.

## САЛИХ ПАЙҒАМБАР

(Р-539, №176382)

Ибраҳим пайғамбар дүньяға келместен алдын Аллатала адамларға Салиҳ пайғамбарды жиберген екен. Бирақ адамлар оны «пайғамбар» деп есапламапты ҳәм оған:

– Егер Қудайтаала жибергени ырас болса, қүдиретиңди көрсет. Мына жерге ақ түйе туўдыр, сонда сениң пайғамбар екенлигиңе исенемиз, – дейди.

Сонда Салиҳ пайғамбар Қудайға мүрәжат еткенде, таў бирден қақ айырылып, арасынан бир түйе шығып сол жерде туўыпты дейди. Сонда адамлардың биразы Салиҳты пайғамбар деп таныса, ал биразы еле де исенбеген екен. Салиҳ пайғамбар оларға түйени таслап кетипти ҳәм:

– Бул түйеге тиймеңлер, егер оған тийсеңиз, бәриңиз апатқа ушырайсыз, – деп айтып кетипти.

Түйе күндиз отлап жүреди екен, егер суў ишетуғын болса, булақтағы суўдың бәрин қалдырмай ишип қояды екен. Бирақ сол жердеги адамлардың бәрине жететуғын сүт береди екен. Басқа түйелер болса оннан қорқады екен. Бир күни адамлар түйени услап алып, сойып таслапты. Сол ўақытта бирден аспан гүркиреп, ел үстине жасын түсип, сол жердеги адамлардың бәрин жоқ қылып жиберипти. Мине, Аллатала өзине қарсы бенделерине усындай жазалар береди екен. Усындай және бир елдиң адамлары жума күни балық аўлайды екен. Усыны ислегени ушын олар Алланың қәҳәрине, кәраматына ушырап, үлкен адамларын шошқаға, жас балаларын маймылға айландырып жиберген екен дейди.

## МУХАММЕД ПАЙҒАМБАР

(Р-539, №176382)

Мухаммед пайғамбарымыз туўыларда анасы ҳеш толғатпаған, қуяш дүньяны түнде де жақты қылған дейди. Ал, пайғамбарымыз болса көзлерин аспанға қаратып, «Қудайтаала уллы, оннан басқа қудай жоқ, ал мен оның пайғамбарыман» деген екен. Усы ўақытта көллер бирден кеўип кетип, дәрьялар тасқан дейди. Сонда адамлар:

– Бул бала сондай бир қүдиретке ийе болады, ҳәтте уллы бир патшалық орнатып, адамларға жаңа бир дин әкеледи, – деген екен.

Периштелер Мухаммедтиң еки ийнине пайғамбарлық мөрин басып кеткен, сонлықтан оның ийнинде қал болған. Көктен еки периште түсип, Мухаммедти жатқызып, оның жүрегин ғуўырып

www.ziyouz.com kutubxonasi

алып тазалаған екен дейди. Себеби Адам Атадан қалған гуналар оны қылмыс ислеўге ийтермелемесин деп солай ислеген екен. Периштелер усы гуналарды алып таслап, жүректи тазалаған екен. Мухаммедтиң жүрегин тазалап, орнына ийман, билим, пайғамбарлық нурын салып кеткен екен дейди.

## ХАБИП МАЛИК
(Р-539, №176382)

Ҳабип Малик деген дәўлетли адам болыпты. Журт оның билимлилиги ушын «дана Ҳабип» деп атар екен. Ол барлық илимнен, дин талиматларынан хабардар, ҳамме динде болған, тек өлип көрмеген билгир екен. Сол ўақытта Ҳабип Малик бир жүз қырық жаста екен. Соның ушын да ол барлық затларды көрип-билиўге ўақты жеткен екен. Ол Меккеге өзиниң лашкерлери менен келеди. Ҳабиптиң бир қызы болады, ол гүңелек, гереҢ ҳам соқыр болады. Меккедеги Каабадан шыпасы тийер деп оны зыяратқа алып келген екен. Ол Мухаммедти шақырып алып, оның ўасиятлап жүрген диний талиматы бойынша сорайды. Ҳабип те бутқа табынатуғын болған. Мухаммед усы Ҳабипке барар ўақтында ҳаял, бала-шағасы «бармаңыз, сизге қастыянлық қылады» десе де, «Аллатаала яр болсын» деп барған екен. Мухаммедтиң шашларынан пайғамбарлық нур шашылып, үстинен хош ийис тарайды екен. Мухаммед үйинен жолға шыққанда атлар кисНемей, түйе бозламай, қулаққа урғандай танадай тым-тырыслық ҳүким сүреди екен. Дана Ҳабип пайғамбарды жыллы жүзлилик пенен күтип алып, оған:

– Сен өзиңди пайғамбарман, Қудайтааланың елшисимен дейди екенсең. Егер усы дурыс болса, дүньяға келген ҳар бир пайғамбар белгили бир карамат көрсетип, халықты исендирген. Нуў пайғамбар аспанда жети түрли реңде шуўла шығарған, Ибрайым пайғамбар жанып турған отты сөндирген, Исмайыл пайғамбар қурбанлыққа шалынар ўақтында орнына қозы шалынып кераматлы ис болған. Муўса пайғамбардың кераматлы хасасы болған, ал Ийса пайғамбар өликти тирилткен ҳам бир аўыз сөз бенен уйытқыған самалды тоқтатқан. Демек, сен пайғамбар болсаң, өнериңди көрсет, – депти ҳам Ҳабип еки талап қояды. Биринписи:

– Ҳабиптиң шатырында не бар ҳам ол бул жерге не ушын алып келинген?

Бул сораўға Мухаммед еңкейип отырып, қумға бир нәрселерди сызады. Сөйтип, басын көтерип, оған тилсиз, қулақсыз, соқыр болып туўылған қызын бул жерге шыпасы тийерме екен деген нийет пенен зыяратқа алып келгенин айтады.

– Сен ҳазир шатырыңа кирип, қызың менен сөйлесип, Аллатааланың қүдиретине ийман келтир, – дейди.

Ҳабиб данышпан шатырына кирсе, пүткиллей саўалып кеткен қызын көрип, Мухаммедтиң пайғамбарлығына тәўбе етти.

Екинши талабы:

– Тал түсте аспанды қара түнек қылып, сол Каабаның үстине айды туўғыз, – деди.

Мухаммед пайғамбар бул кераматты да көрсетеди. Тал түсте ымырт түсип, аспан түнереди. Кааба ның үстине ай сәўлесин шашып турады. Сөйтип, ай да зыяратшыларға қосап Каабаны жети рет айланған екен. Және аспандағы ай Мухаммедтиң алдына жарқ етип түсип, сол жеңинен кирип, оң жеңинен шыққан екен. Мине Мухаммед өзиниң пайғамбарлығын өз бенделериниң алдында усындай кераматлар менен тарийплеген екен дейди.

## ӘКИМ УЛЫҚМАН – КӘРАМАТЛЫ ТӘЎИП
(Р-1242, №183023)

Жамшид патшаның заманында Ҳаким Улықман деген тәўип болды. Улықман жети жағынан жер астында илим оқып, жер бетинде желкилдеген шөп қоймай үйренип шығады.

Жас жигит гезинде Улықман аўыр дәртке сазаўар болған анасын емлеў ушын «ақ сүйек» деген шөпти излеп Теҳиқап таўының етегиндеги хош табиятлы жарларды гезип жүргенде бир сайғақты көреди. Сайғақ бәлент таўдың басында турып тил-забанға кирип:

– Ҳай? Улықман тәўип, сениң анаңа қудай дәрт берди, енди сен оны өлимнен алып қалмақшысаң, қудайдың буйрығына қарсы шықпақшысаң. Бул қустаныйлық болмай ма? – депти.

– Наўқасқа шыпа излеген менен адам қустаны бола бере ме? Мен анамды өлимнен алып қала алмайман, бирақ оның кесел дәртинен емес, өз дастығынан қартайып өлгенин көргим келеди. Оннанша сен өз алдыңда турған шарасыз адамға жәрдем бер, дәртке даўа болсын, «ақ гүйеки» шөптиң өсетуғын жерин таўып бер. Мен өлгенше сени әдлап жүрейин, – деди Улықман.

– Бул әтирапқа адамзат тұқымынан ҳеш ким келиўге жүрексинбеген еди. Кел, енди саған жаманлық қылмай-ақ қояйын. Мен өзим-де сениң келиўиңди күтип тур едим. Сен мениң саўалыма дурыс жуўап таптың. Бир жола мен туяғым менен қумырысқаны басып едим, ол да он еки таўланып, зорға жан берди. Ҳәр ким де дәртке даўа излейди. Мениң де өзиме ылайық дәртим бар. Мениң үш елигимниң биреўи туўылғалы берли көзи көрмейди. Тастан жығылып, алдыңғы бир аяғы да өңип кетти. Оған ем болатуғын шөп минерлиги менен түсерлиги жоқ қыямай шыңның басында өседи. Сен қасийетли шыпа китабыңнан көрип, излеп келген шөбиң сол. Енди сол шөпти алыўдың ҳәмелин тап ҳәм мениң елигимниң дәртине де дәрман берип кет, – дейди сайғақ.

Улықман көп ойланып турды да, сайғаққа:

– Мен бул шөптиң қай жерде өсетуғынлығын билмеймен. Қыямай жартастың бәлент жарқабағында өсип турғанын китаптан көрип едим. Соның ушын мен бир өгиз терисин ҳәм қырық қулаш арқан алып келгенмен. Енди сениң жәрдемиң сол болсын, маған сол қыямай тасты көрсет ҳәм сол жерге гүйимурық қусты алып кел, – дейди.

Сайғақ Улықманды сол тасқа апарды ҳәм қоныл отырған гүйимурық қустың алдына барды. Гүймурық жемтик көргеннен кейин турсын ба, сайғақты қуўа жөнеледи. Ал сайғақ болса белгили қыямай тастың қасына келип, тас қуўысына жасырына қойды. Жемтигин жойытқан қус жерде жатқан өгизди көрип, оған пәнже урады да, көтерип алып қыямай тасқа минеди. Улықман терини тилип жиберип сыртқа шығады ҳәм қусты үркитип, әтирапына қараса, ҳәр гүли зүмрәт тасындай жарқырап жанып турған шыпалы шөплерди көрип, қуўанып кетеди. Дәрҳал ол кисесин шөпке толтырып, арқанды бир путаға байлап, сырғып түседи. Сайғақтың елигин емлеп, елине келип, өз анасын кеселден жазады.

***

Сөйтип, Ҳаким Улықман «тәўип» деген ат шығарып, оның ҳәмири алдында жети патша жорғалапты деседи. Ол ел аралап, кеселлерге ем буйырып жүреди.

Бир күнлери Ҳәким Улықманға бир кесел дийхан келеди. Оның тула бойы гүп болып исип кеткен еди. Улықман шыпа китабын қарап отырды да, изинен оған:

– Сениң емиңди ҳәзирше мен таба алмадым, жына дәрини излеп көр, соннан бир тәўир боларсаң, – деди.

Наўқас тәўиптиң «саған ем жоқ» дегенин түсинди ҳәм, ең болмаса таза ҳаўада ылағып жүрип өлейин деп, үйине бармастан қула-далаға қаңғырып кете берди. Ол диңкеси қурығанша жүре берди. Ақырында бир гүди жантақтың қасына барып «уҳ» деп жығылды, қатты шөллей баслады. Жығылып жатып дөгерегине қараса, туў алыстан бир таўтайлақ желип киятырғанын көрди. Тайлақ келе сала екинши бир гүдиштектен жантақ жей баслады. Ал бир ақ жылан сонда шөртилип келип, тайлақтың тирсегине оралды да, өрлеп барып, оның желиниң сылқ-сылқ еме баслады. Жылан еме берди, еме берди, ақырғында жуп-жумалақ болды ҳәм тарс етип айырылып жерге түсти.

Таўтайлақ та үйирине қарай желип кете берди.

– Енди мен бул жерде өз өлимимди күтип, азап шегип жатқанша, жыланның ишинен төгилген сүтти жалап, заҳәрленип-ақ өлейин, – деп, дийхан зорға еңбеклеп, қарсысындағы жантақ гүдиниң қасына келсе, жарылып өлген жыланды ҳәм оның қасында атам заманғы аттың туяғының бөршимек болып қатып қалған из-шанағында шымпилдеп толып турған сүтти көрди. Ол ет-бетинен жатып сүтти ишип таўысты ҳәм шып-шып терлеп, бийҳал болып, сол жерге сулқ түсип жатып қалды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кесел диӣхан неше саат, неше күн уйықлағанын өзи билмейди. Әйтсе, таң атқан, исиклери қайтқан ҳәм бойы қустай жеңил. Кеселден дерек жоқ. «Бул түсим шығар» деп ойлайды ҳәм өзиниң ол жер, бул жерин шымшып та қарап атыр. Жоқ, түси емес. Ол түргелип, аяғын басып, адым атыўға да сескенип бираз турды. Соңынан қуўаныштан езиўи қулағына жетип, жайраңлап басып, аўылына қарай жүрип кетти.

Аўылына келип, адамлардан сорастырып қараса, Улықман тәўип сол жерде бир қоңсы аўылда екенлигин билди ҳәм ол тез арада Улықманды излеп таўып, былай деди:

– Тақсыр Ҳаким Улықман-аў, сиз маған ем жоқ дегендей едиңиз ғой, ямаса мен сизге түсинбедим бе?

Сонда Ҳаким Улықман да алдында аўыр дерттен сарғайып, қулындағы қаддине келип турған кеселди арқасынан қағып қуўанды:

– Сениң кеселиңе қандай ем керек екенин мен билгеним рас. Шыпа китабына қарап көрсем, онда былай деп жазылған екен, – деп Улықман диӣханға оқып бере баслады.

– Бир таўтайлақты оқжылан емиўи керек, әне, сол жыланның ишиндеги әзлап заҳарленген сүт несип етсе, сениң кеселиң сонда жазылыўы керек еди. Ал енди ол тайлағы қурғырды қалай табайын ҳәм оны емиўге оқжыланды қалай мәжбүрлейин! Түсинип турсаң ба, әзизим?! Сонлықтан мен бул емди саған буйырсам, «мына тәўип шылғый саў емес көринеди, өзи түйениң қуйрығы жерге тийгенде әкен гөрден тирилип шығады деп тур ғой. Қайдағы бир жоқ нәрсени сандыраклап турғанын қара» деп, мени адамлар әжиўелеп, аўылынан қуўып шығарар. Сол ушын мен саған ем буйыра алмадым. Бирақ сениң таңириниң таза ҳаўасын жутыўға қуштар болып, сырқат дастығынан безип, далада қаңғырып кеткениң жақсы болған. Сен сол сүтти таўып ишкенсең. Ал енди маған сол оқжыланның өлигин көрсетиўиң керек. Өйткени ол жыланның басында алмасты да еритип жиберетуғын күшли заҳар бар. Сол заҳарден мың да бир аўырыўға дәри-дәрман жасалады, –деп Улықман тәўип китабын жапты.

• • •

Күнлердиң күнинде ҳаким Улықманға айтсаң адамның ақылына сыймайтуғын бир семиз патша келди. Патша отырса тура алмайтуғын, турса отыра алмайтуғын, қасында қиятырған адамды мойнын бурып көре алмайтуғын еди. Еки ўәзир еки қолтығына кирип, қара тер болып сүйеп тур, ал патша еки ийнинен дем алады.

– Аяғыңа бас урып қуллық қыламан, қудиретли Улықман тәўип, патшалығымның тең ярымын саған беремен, тек бир шыбын жаныма көкирегимди кеңейтиңкиреп берсең болғаны, – деди ол бир сөзди бес бөлип, ҳалықлап.

Улықман тәўип патшаның алдынан бир қарады, туў сыртынан шығып және қарады, сөйтип күтпеген жерден, төмен қарап турып:

– Қудиретли патшайым, мен де өзиңиздей бир бендемен, ал таўсылып турған демге тек кимниң илажы бар екенлигин өзиңиз түсинесиз ғой, – дейди.

Буныгыз да зорға турған патшаның жүреги аўзына тығылып, сылқ ете қалды. Әллен ўақта өзине келип, алдында турған тәўипти жети атасынан былай қарғап, шығып кетеди. Бул да аз дай, Улықман тәўип патшаның изинен қарап турып:

– Тақсыр, патшайым, маған патшалығыңыздың ярымын бериўге асықпай-ақ қойың, алпыс күннен кейин патшалығыңыз оныңыз да артыңда қаңырап қалайын деп тур. Өлимге илаж жоқ, – деп бақырды.

– «Өлгенниң үстине тепкен» болды деген, усыдан артық бола ма? – деп ойлады патша ҳәм буўыны қурып, адым жерде бир талып, көп күнде сарайына жетти.

Патша енди өз өлимин күтип, төсек тартып жатып алды. Адамға өз өлимин күтиўден жаман не болсын! Күн санаса, күн өтпейди, түнди түнге урып, қайғы шегеди. Туўған-туўысқаны, ел-журты менен хошласады. Бети семип, қарны қалталанып, патша күн сайын тап таслап, аза баслады. Сөйтип, қараңғышылық пенен алпыс күн де толды-аў. «Тәўип болған менен, ол қудай ма, қәтелесиўи мүмкин, бәлки, бес-алты күн соңырақ өлермен» деп, тағы жүре берди. Бирақ тәўир болғанын өзи де сезбеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақырында дати шыдамай, ат жаллап, Улықманды алдырып:

– Алыс күнде өлесиз дегенициз қайда тауып? – деп оған бақырайып қарады патша.

Ал тауып үндемей патшаның тамырын услап отырып, оның тауир болғанын сезди. Сонда да ол:

– Тақсыр-аў, бенденин айтқаны дал келе бермейди, ғой, мүмкин қарыўлы денеңиз алланың ҳамирине көнбей атырған шығар. Бирақ, асып кеткенде енди бир ай ғана өмир сүриўиңиз мүмкин, – деди, күлимсиреп.

## ҚОБЛАННЫҢ ТУЎЫЛЫЎЫ

(Р-39, № 37341)

Ҳазирети Әлий капирлерге қарсы урысады. Урыстың тыныспасында ол намаз оқып отырғанында астында торы аты бар, он төрт жасар, айдары желкилдеген бала келип, Ҳазирети Әлий намазын оқып болған соң сәлемлегеди екен. Сол ўақытта душпан да келип, қыйналып турған ўағы екен. Әлийдиң душпанларын қырыўға жәрдемлесип, торы атлы бала бираз ўақыттан соң көзден ғайып болыпты. Әлий ҳайран болып, Муҳаммед пайғамбарға келип:

– Ол торы атлы ким болады? Сондай бир ўәкил көрдим, – деп сорапты.

Сонда ол:

– Ендиги мөмминлер ушын туўылатуғын қуданың шери – Қубылы Қоблан, – депти.

## ЕЛИН САҒЫНҒАН БАЛА ҲӘМ КӘРАМАТЛЫ ИЙШАН

(Р-1207, №182886)

Бир әңгиме бар. Оны адамлар Қараз ийшанға, екинши бир адамлар Қаллибек ийшанға тийисли деп айтысады. Аўылдан бир жетим бала «Жипек жолы» карўанлары менен қосылып кетип қалады. Солай етип Кабатуллаға барады. Қанша жыллар өткени белгисиз. Ол аўылын сағынады. Сол жерде бир бай менен танысып, өзиниң аўылға қайтқысы келип жүргенлигин айтады. Ол киси:

– Ҳәр жума күни сизиң елден бир ақ атлы адам келеди. Ҳасасын ана жерге суғып, атын байлайды. Жума намазын оқып болғаннан соң және атына минип қайтады. Реҳими келсе, бирде сол киси алып кетиўи мүмкин, – дейди.

Бир жума күни таң атқаннан соң сол жерде аңлып отырады. Сол айтқандай түс шамасында ақ атқа минип бир киси келеди.

– Ассалаўма әлейкум, тақсыр! – деп сәлем береди. Атының жылаўын услап аттан түсиреди. Ол сәлемин қабыл алады, бирақ сөйлеспейди.

– Зиярatыңыз қабыл болғай! Нийетлериңиз қабыл болғай, аға! Мени алып кетиң елге, – деп жалынады.

– Илажы жоқ, – дейди ийшан ҳәм жума намазын оқып болып ақ атына минип кетип қалады.

Ҳәр келген сапары жаңағы келген кисиге жалына береди. Ҳәр келген сайын ол да «илажым жоқ» дейди. Усы аўҳалда бир ай өте ме, еки ай өте ме, әттең ол елин сағынған киси кетер ўақытта аттың алдында көселеп жатып алып жылайды. Жатқан адамды басып өтпеў керек.

– Яқшы, алып кетейин. Бир шәртим бар, – дейди.

– Қандай шәртиң бар болса да, қайылман, аға! Тек елге жеткерсең болар, – дейди.

– Елге барғанда ҳеш қашан ҳеш кимге де кимниң әўлеглилигин, қалай келгениңди айтпайман деп шәрт айт, – дейди.

– Шәрт айттым, ҳеш ўақытта да айтпайман, аға. Ант ишемен, – дейди.

Атына мингестиреди. Көзин шаршы менен байлайды. «Мен аш деген ўақытта аш» дейди. Көзин жумады. Бир ўақытлары аттың туяғының сести яки қыймылдысы билинбей кетеди. Көзиниң қыйығын салып қараса, аспанда ушып киятырғанын көреди. Ол киси аман-есен ағайинлерине қосылады.

## ХОРЕЗМШАҲ ҲӘМ НАЗЛЫМХАН СУЛЫЎ

(Р-448, № 176391)

Хорезм халқы үш рет толысып, үш рет жоқ болған екен. Бунның себеби – елдиң толыгқан ўақтында айдарха келип елди жутады екен. Ел қайтадан жыйнала баслаған күнлердиң биринде Хорезм деген бир сайыл аўыл аралап жүреди екен. Хорезм елди жутатуғын айдарханы жоқ етипти. Соның менен ели оны өзлерине хан сайлап алыпты. Хорезм халыққа жайлы әдил хан болыпты. Хорезмниң әдиллиги пүткил халыққа тарады.

Сол ўақытта ноғайдың бир патшасы бар екен. Ол Хорезмниң әдиллигин еситип, соның әдиллигин өз көзим менен көрип қайтайын деп, диийўана сыпатта кийинип, Хорезм ханды көрмеге жол алады.

Ноғайдың ханы неше күнлер жол жүрип, Хорезм ханның жерине жетиседи. Ноғайдың ханы жолда кетип баратырып жарадан түйеге ушырасады. Не де болса усы жардан секирип түйеден қутылайын деп жардан секирген ўақытта уйқылап атырған адамның үстине түседи. Ол адам сол жерде жан тапсырады.

Бул өлген адам бир диийўана сайыл екен. Оның баласы бар екен. Диийўананың баласы «сен мениң атамды өлтирдиң, сени ханның алдына алып бараман» деп, услап алып Хорезмшаҳтың алдына алып барады. Шаҳ булардың арызын сорайды. Сонда атасы өлген жигит:

– Тақсыр, мынаў адам мениң атамның үстине түсип, атамды басып өлтирди. Соның ушын буннан мениң атамның қунын алып бересең, – дейди.

Хорезмшаҳ даўагерге:

– Бул адам сениң атаңды қаслықтан өлтирмеген екен, тосыннан болған ўақыя екен, сол ушын сен даўды қойып, келисе қойың, – деп ақыл берипти.

Жигит шаҳтың бул төрелигине келиспейди. Буннан кейин Хорезмшаҳ:

– Олай болатуғын болса, бул адамды сениң атаңның жатқан жерине жатқарамыз. Сен жуўырып келип усы адамның үстине түсип өлтиресең. Егер үстине түсип өлтире алмасаң, атаңның қунын сорағанды қоясаң, – депти.

– Бул бир қыйын ис екен. Мен атамның өлимин кештим, – деп, даўгер адам жайына кетеди.

Өлимнен аман қалған ноғайдың патшасы Хорезмниң әдиллигин өз көзи менен көрип, буған қатты ыразы болып:

– Назлымхан деген қызым бар, сол қызымды саған беремен, – деп ўәде етип, елине қайтады.

Ноғайдың патшасы елине келгеннен кейин бойжетип отырған қызы Назлымханды қасына көп адам қосып, елинде қалған Хорезмшаҳқа ҳаяллыққа жибереди. Назлымхан неше күн жол жүрип Хорезмниң елине жетеди. Бирақ бул ўақытлары Хорезмшаҳ Назлымхан келместен бурын аўырып өлген екен.

Назлымхан Хорезмшаҳтың ҳүрметине өз алдына үлкен минар салдырады. Ол күта сулыў болғаннан кейин, оны айттыратуғынлар көбейеди. Бирақ Назлымхан буларды алдап, ҳеш қайсысына тиймейди. Ҳәзирги Хожели қаласының күнбатыс-қубласындағы Назлымхан сулыў деген жер соның атына қойылған деген халық гүрриңи бар.

## СҮРЕ

(Р-1207, №182886)

Мамытжан мақсымның әкеси Абдимажит ҳажы ийшан Мәкке-Мукаррамада бес жыл оқыған. Бирге жолдасы менен елге пиядалап қайтып киятырып «Ясин» сүресин айтып келе берипти. Жолдың бойында жас қыз қой бағып отыр екен. Қыздың қойлары үркип қашып кетипти.

– Сизлер Құранды қәте оқып, қойларымды үркиттиңиз, – депти қыз.

– Бизлер бес жыл оқып, медресени питкерип киятырмыз. Яқ, бизлер емес үркиткен, – депти.

Жаңағы қыз сәққа жүгинип, «Ясин» сүресин оқыпты. Қашып кеткен қойлары қайтып келип, мойнын төмен түсирип турыпты. Қыз айтыпты:

– Ал, сиз оқың, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Булар оқыған екен, қойлар және латырақлап қашып кетипти.
– Кимнен тəлим алдыңыз, сиңлим? – деп сораған.
– Атамнан, – депти қыз.
Сол жерде Ҳажы ийшан кейин қайтып, және үш жыл оқыған екен.

## ИЙШАН ҲƏМ ҚЫДЫР АТА
(Р-1207, №182886)

Жас ўақтында ақ Имам ийшан ақыллы, зийрек, парасатлы болып, басқалардан айрылып турған. Бир сапары Хийўа ханы шикарға шығып, Мискин аўылының үстинен өтип баратырса, жолда бир топар баллар ойнап отырған екен. Атлыларды көрип ҳəммеси қашып кеткен. Жас Имам қашпай, үстин қағып, жолдан шетке шығып сəлем берип турған. Ханның назери кетип, ат үстинде турып оның қулағынан тартқан. Бала үндемеген. Қулағынан тартып көтерген. Үндемеген. Қулағынан көтерип турып хан былай депти:

– Келешекте бай болар десем, маңлайында аша туяқтың белгиси жоқ, хан болар десем, қарақалпақта ханлық жоқ. Келешекте улама боларсаң, – депти.

Имам ийшан жас ўақларында атлы зиyaратқа Шыбылый шейхқа киятырған. Ол ўақта Кегейли арнасы дәрьяның саласы болып, толып ағып турған дейди. Тек Қарый-ийшанның тусында өткел болған. Сол жерге келсе, бир ақ салле кийген ғарры, ол да арғы жаққа өтпекши болып турған екен. Сəлем береди.

– Ата, атқа миниң, екеўимиз мингесип өтейик, – депти Имам.

– Балам, биз пиядаға үйренип қалғанбыз, сиз иркилмей кете бериң, – депти.

Бала қылмаған. Аттан түсип, ғаррыны атқа мингизип, өзи кейнине минип, суўдан өткен. Сөйлесип келе берген.

– Балам, қай жерге барасаң?

– Шыбылый шейхқа зиyaратқа бараман, – депти.

– Екеўимиздиң де жолымыз бир екен. Атыңыз ким? – деген ғарры.

– Атым Имам.

– Сениң атыңды мен Имаматдин деп қойып едим, балам. Мине ушырасқанымызға қара, – депти.

Ғарры баладан көп нəрселерди сорап сынап көрипти.

Шыбылый шейхқа келген жерде басына ақ салле кийген қырық адам ғаррыны аттан түсирип алыпты. Ғарры балаға:

– Ағаңа Аллаберди Əзиз бабадан сəлем айтып бар, сени Бухарага оқытсын. Медреседе оқып билим ал, балам, – деп, ғарры пəтиясын берипти.

Сол жерде:

– Ата, сизиң атыңыз ким? – деп ғаррыға қараған ўақта, ғарры да, қырық саллели адамлар да көзден ғайып болыпты.

Бул Аллаберди Əзиз баба болып жүрген Қыдыр ата екен дейди. Имам үйине барғаннан кейин бул көргенлерин әкесине айтады.

## ШЫБЫЛЫЙ АТА
(Р-1299, №138812)

Шыбылый ата қойымшылығы Кегейли аймағындағы «Дəрўазақум» хожалығы сорамында, Қуўанышжарма бойында жайласқан. Оның бир қапталы көгилдир лалазарлық болса, екинши тәрепи – Қызылқум. Қойымшылық қапталында Қуўанышжармадан өткел болған. Аңыз дереклерде усы өткелдиң дарғашысы Ғайып ата күнлердиң биринде суу астында жатырған адамды көреди ҳəм оны суўдан шығарып алады. Гүўта мантығып, өлим ҳалатында жатырған адам Ғайып дарғаға:

– Қудайдың дийдарына ашық болып, өзимниң тиришилигимди жойып, оның жолына аталған



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әбиў Бакир Шыбылый деген адам едим. Бул исиме сиз араластыңыз, Қудайдың буйрығы солай шығар. Мени усы жерге жерлең. Зиyaратқа келгенлер дәслеп сизди зиярат етсин, – дейди.

Ўақыттың өтиўи менен Ғайып дарғашы да әлемнен өтип, атаның қәбири қасына жерленеди. Мине, сол айтылған ўәсиятқа ылайық, қойымшылыққа келген зияратшылар дәслеп Ғайып ата қәбирин, соң Шыбылый ата қәбирин зияратлайтуғын болған.

## ҲАЯЛЛАР ХАНЛЫҒЫ ҲАҚҚЫНДА ӘПСАНА
(Р-1299, №183812)

Бул ўақыя бурынғы өткен заманда жердиң, аспанның, адамлардың ҳәм үрп-әдетлердиң ҳәзиргидей емес, ал басқаша ўақтында болған екен. Дүньяда үлкен бир патшалық болыпты. Тек сол патшалық ғана дүньяға бир келген, ондай патшалық дүньяда ендигиден былай болмаса керек. Себеби тәғдирдиң ҳүкими менен жоқ болған патшалықтың қайтадан туўылыўы, қайтадан дүньяға келиўи мүмкин емес екен.

Бул халықтың патшасы ҳаял болған. Оның ўәзирлери де, диўанбеги де, лашкерлери де, молласы менен қазылары да ҳаяллардан болыпты. Бул гил ҳаяллар патшалығы еди. Ол патшалықтың орайлық қаласы Самирам деген қала болып, оның ханы Занай деген ҳаял екен.

Ол қала ҳәзирги қалалардай емес, ал ақылға уғрас келмейтуғын әжайып қала болып, отыз жети мың берененин үстинде орналасқан еди. Бул қалаға ҳеш ким өз ерки менен кире алмайтуғын, ҳеш бир адам ең бийик аттың үстинде турып та, ең узын найзасы ҳәм ең узын арқанлары менен де оған шыға алмайтуғын еди. Соның ушын да бул ҳаяллар патшалығы узақ өмир сүрге итимал.

Усы Самирам деген қалада еркеклер де болған, бирақ булар күта аз муғдарда екен. Бул қалада кеңес өткеретуғын да, гүнакарларға ҳүким шығаратуғын да, урысқа баратуғын да, аң аўлайтуғын да ҳаяллар болған. Ал еркеклерге болса далаға шығыў қадаған етилген, олар үйлерди жыйнастырып, балаларды жубататуғын болған. Жубатқанда да тек ер балаларды жубататуғын болған, ал қызлардың ҳәммеси ержеткенше бир жерге, Занай ханның сарайына жыйналып, сол жерде тәрбияланатуғын болған.

Бул ўақытта жаңа туўылған қызлардың ҳәммеси тири қалдырылады екен де, ал ер балаларды бир жерге жыйнап, бир қатарға дизип жатқарып, олардың жүзден бирин ғана қалдырып, басқаларын жыйнап, төмендеги қасқырлардың, жолбарыслардың, арысланлардың ҳәм жыртқыш қуслардың алдына жемтик етип ылақтырып таслайды екен. Ал тири қалатуғын, дүньяда буннан былай өмир сүретуғын бахытлы баланы бир соқыр кемпир таңлап алады екен. Оннан кейин соқыр кемпир тап тағдирдиң өзиндей болып, баланы қалай керек болса, солай жумсай беретуғын болыпты.

Күнлерден бир күн ҳаял патша Занай жүкли болып, ай-күни жақынлапсыпты. Гүзде аспан көк липасын таслап, гүр липасын кийинип, жер үстине көз жасын көл етип төге баслайды. Сонда жерге төгилген көз жасынан дәрьялар тасады, көллерге суў лыққа толады, сонда да аспандағы көз жасы – суў азаймайды.

Занай ханның туўатуғын ўақты жақынлағанда бир соқыр кемпир тап усылайынша еңиренип жылай берипти. Ол көп ўақыт жылапты. Оның көз жасы көл болып, Самирам қаласының беренелеринен төмен қарай ағыпты. Бир ўақытлары жылап отырған соқыр кемпирди көрген халық оны қоршап алып:

– Сениң буншама жылаўыңа не себеп болды? – деп сорапты.

Сол ўақытта кемпир жыйналған халыққа қарап:

– Ҳәзирги күнде бизиң басымызға аўыр қайғы-ҳәсирет түсейин деп тур. Бул қайғы-ҳәсирет бизиң ханымыз Занайдың қурсағында. Өйткени ханымыз қыз емес, ал ул туўа қойса бар ма, жаңа туўылған нәресте бизиң ҳаяллар патшалығымызды қуртады.

Кемпир усыны айтып болып, еңкилдеп жылай-жылай, қапелимде серпилген думандай көзден ғайып болады. Ал кемпирдиң отырған жеринде шаппаттай ҳөл қалады да, ол да ҳа демей-ақ қуяшқа кеўип кетеди.

Усы күнлери Занай хан қатты ойлана баслайды. Ал ҳаяллар оннан да бетер ойланады. Бир

www.ziyouz.com kutubxonasi

күни сол қаланың ең ғарры ақылгөйлери жыйналып, усы тууралы отыз жети күн, отыз жети түн отырып ойласық қурады. Бирақ бул ойласықтан ҳеш нарсе шықпайды. Енди қаланың ең жас ақылгөйлери жыйналып, отыз жети күн ҳәм отыз жети түн отырып ойласады. Буннан да ҳеш нарсе шықпайды. Буннан кейин жаңа ғана аяқларын тапыл-тапыл басып киятырған биргелки балалар менен қызларды жыйнайды. Сол жыйналғанлардың ишинен бир кишкене қыз Занай ханға ҳәм пүткил Самирам қаласының халқына қарап былай дейди:

– Халайықлар, сизлерге неге бунша қабырғаңыз қайысып, қапалана бересизлер? Буның ойланатуғын ҳеш нарсеси жоқ. Егер Занай хан ул туўатуғын болса, баланы алыңлар да, төмендеги қасқыр, арыслан жолбарыс ҳәм жыртқыш қусларға таслаң. Бул бала ҳеш ўақытта тири қалып қатарға қосылатуғын болмасын!

Қыздың бул кеңесин еситкеннен кейин пүткил Самирам қаласындағы адамлардың қуўанышы қойнына сыймайды. Олар басларына төнип турған бул апаттан оңай қутылыўға болатуғынын билип қуўанысады. Булардың ишинде бир адам – бахытсыз ана Занай хан ғана бурынғыдан да бетер ойланып, алтын гилемниң үстинде отыр. Ол айыпкер адам сыяқлы халыққа қарай алмайды.

Бир ўақытта адамлар ханның жүрегинде қандай ғулғула болып атырғанын сезип, Занай ханның туўыўын аңлыў ушын дәрриў өзи тасжүрек, өзи қырағы еки жасаўыл ҳаялды таўып келеди. Буннан кейин Занай ханды сол ҳаялға қосып, ҳаяллар гарайына апарып қамап қояды. Адамлар, Занай хан өзиниң аналық жүреги шыдамай, баласын аяп, сақлап қалып, өз патшалығына тағы да апат келтирмесин, деген ой менен сол еки ҳаялға оны күни-түни аңлыўды муқыятлап тапсырады.

Занай хан көпке шекем қыйналады, азап шегеди, бирақ шыдайды. Минекей, Занай ханның туўатуғын ўақты-саты де жақынлап қалады. Ол туўаман дегенше қуяш тек еки рет шығып, еки рет батыўы керек еди.

Бахтықара Занай хан өзин аңлыў ушын қойылған хызметкер ҳаялларын шақырып алып жалына баслайды:

– Сизлерге кетергениңизше алтын, сарайдан үйлериңизге шекемги аралыққа төселгенде қанша ҳасыл зат кетсе, сонша беремен. Сизлерден бир ғана тилегим бар, ол да болса туўған баламның аман қалыўына жәрдем етиң, – деп жалынады.

– Жоқ, биз сизиң бул айтқаныңызды ислей алмаймыз, – деп жуўап береди қараўыл ҳаяллар.

Буннан кейин, Занай хан оларға:

– Мен сизлерге тек таслап емес, ал өзлериңиз қәлеген жигитлериңизди ҳаялынан айырып алып бериўге де ўәдемди беремен. Мениң бир тилегим, мениң жаңа туўған жас нәрестемди аман қалдырсаңыз болды, – деп жалынады.

– Жоқ, биз буны ислей алмаймыз, – дейди жасаўыл ҳаяллар.

Занай хан не қыларын билмейди, көп ойланып, басы мең-зең болады. Тек Занай хан емес, ал оның жасаўыл ҳаяллары да ойланады.

Занай ханның туўыўына саррас үш саат қалған ўақытта баяғы тасжүрек ҳәм қырағы жасаўыл ҳаяллар оның қасына келеди де, сыбырласа баслайды. Буны сезген Занай ханның жүрегинде булардың кеўилин таптым-аў деген қуўанышлы сезим пайда болады.

– Бизлерге усы жердеги еркеклерден емес, төсекте емин-еркин жата алатуғын, қалаға кире алмай жүрген жигитлерден күйеў керек. Егер беретуғын болсаң, сондай еркеклерден бер, – дейди ҳаяллар.

Занай хан бул ҳаяллардың тилеклерин орынлағысы келмей, көпке шекем шыдайды. Бирақ толғақтың ең ақырғы минутында, жас нәрестениң ингалаған даўысын еситкен ўақтында:

– Сизлер төменде жүрген еркеклерден қәлеген жигитлериңди алыңлар. Тек бир өтинишим, мениң жас перзентимди аман сақлап қалыңлар, – дейди Занай хан ҳаялларға.

Буннан кейин жасаўыл ҳаяллар жаңа туўылған баланы алып кетип жасырады да, бир бөбек қызды алып келип, Занай ханның қолына салады. Кейин далаға шығып, келип турған халыққа қарап:

– Халайықлар! Бир аяғы гөрде, бир аяғы жерде, қартайып, болдырып отырған, алжыған

www.ziyouz.com kutubxonasi

соқыр кемпир жууҳалық пенен көз жағын көл қылып, сизлерди алдаған екен. Соның ушын да ол кемпирдиң жаны жаҳаннемге кетти. Занай хан ул емес, қыз туўды. Инанбағанлар, минекей, мынаў ҳәзир ғана туўылған қыз. Бул жерде еглеңбеңлер, Занай ханға қутлы болсын айтыңлар! – деп хабарлайды.

Бул қуўанышлы хабар Самирам қаласының ҳәмме жерине, пүткил ҳаяллар патшалығына таралады. Бул хабарды еситкен ҳаяллар ҳәр түрли жипек таўарлары, ҳинд орамаллары, алтыны, қант, нан шереклери менен қутлы болсынға барға, базы биреўлери Занай ханға жылқы, қой-ешки, түйелерден, қулласы, төрт түлик малдың ҳәр қайсысынан мың бастан айдап апарып береди.

Баяғы тасжүрек ҳәм қыраағы жасаўыл ҳаяллар өзлерине күйеў таңлаўға әллеқашан-ақ кирисип кеткен еди. Олар төменде анадай жерде еки атлы жигитти көреди. Олардың басында қара қурашы бар. Көзлери түнги булттан шыққан жулдыздай қара қураштың астында жылт-жулт етеди. Үстилеринде алтын зер шапан, ал атлары басынан туяғына шекем ҳәр түрли қымбат баҳалы таслар қадалған қайыслар менен безелген.

Ҳаяллар жоқарыдан төменге зәңгилерди таслап, жаңағы еки жигитти безенген атлары менен қоса жоқарыдағы Самирам қаласына тартып шығарады. Булар Самирам қаласында бола береди. Күн өз ўақтында шығып, өз ўақтында батып, ўақыт өз гезеги менен зымырап өте береди. Күн артынан ҳәпте, ҳәпте артынан ай, ай артынан жыллар өтеди.

Занай ханның туўған баласы басқа бир ҳаялдың қолында саат санап, күн санап өсе, ал усының менен бирге ханның асыранды қызы да бой тиклеп өсе береди. Солай етип Занай алыстан өз баласының бой-сымбатына қарап қуўанып, ҳәкимлик етиў менен жубанып жүре береди. Тасжүрек, қыраағы ҳаяллар да өзлериниң төменнен көтерип алған күйеўлери менен апақ шапақ болып, татыў турмыста жасап, өзлериниң бахтына мардыйып жүреди.

Арадан онлаған жыл өтсе де, ҳаяллар патшалығының үстине ҳеш жерден бәле ямаса апат төнбейди, ҳеш қандай қәўип-қәтер де болмайды. Буннан кейин Занай хан ҳәм оның жасаўыл ҳаяллары баяғы ўәлий кемпирдиң үстинен күлип, масқаралайды.

Занай ханның баласы камалаға келип, Самирам қаласындағы барлық жигитлерден де сулыў болады. Оған Искендер деп ат қояды. Бундай ат елеге шекем бул қаладағы адамлардың ҳеш қайсысына да қойылмаған еди. Бир күнлери аспанда қап-қара төнерген бултлар пайда болады. Самирам қаласының үстин қаплап турады. Енди бир бәлениң болатуғыны усы қаплаған қара булттан сезилип тургандай, даланлықтан ҳәўлирген самал даўысынан да апаттың жақынлағандай көринеди.

Самирам қаласында күтә бир аўыр аўҳал жүзеге келип, қорқынышлы апат күтпеген жерден пайда болады. Усы ўақытлардан баслап ерлер бир-бири менен ым қағысып, сыбырласып, ҳаялларға одырайып қарайтуғын болады. Буннан соң булардың ҳәммеси қаланың ортасындағы үлкен бир майданға жыйналады. Олар ханның жасырып қойған баласы Искендерди ортаға алып, оның қыр дөгеректин қоршап турып, ҳәммеси бирден жабырласып, уў-шуў болады. Бирақ булардың ишинен айрықша бир адамның ғана даўысы еситилип, бир адам ҳәммениң атынан сөйлеп турғандай тым-тырыс. Ол адам ханның баласы Искендер екен. Ол ҳәмме ушын бас қатырып ойлап турыпты.

Еркеклер былай дейди.

– Биз ендигиден былай сизлердиң төнерген ҳаял тәртибиңизге көнбеймиз, ендигиден былай биз сизиң ҳаял ханыңызды мойынламаймыз. Биз өзлеримизге жаңадан Искендерди хан етип сайлап алдық, бизиң ушын енди жаңа хан менен бирге жаңа заман да келди. Буннан былай халықты өзлеримиз басқарамыз, урысқа да, аңға да өзлеримиз барамыз, ҳаялларды да өзлеримиз таңлап аламыз, ал сизлер, ҳаяллар, бизлердиң орнымызда үйлерде жумыс ислейсизлер, бала бағыў, бизлерге аўқат писирип бериў, кийим тигип бериў – ҳәммеси сизлердиң мойныңызда болады. Соның менен бирге, бизиң балаларымызды – жас нәрестелерди төмендеги қасқыр, арыслан, жолбарыс ҳәм жыртқыш қуслардың жемтигине таслаўға жол қоймаймыз. Басларыңыздағы оқ өтпес, қылыш кеспес кийимлериңизди бизлерге бериң, ал сизлер өзлериңиз шойын менен қоладан қуйылған қазан ҳәм қуманларға ийелик етиңлер. Өткир қылышларды, узын найзаларың ме-

www.ziyouz.com kutubxonasi

нен жуўан арқанларыңды, оқжай менен оқларыңды бизлерге бериңлер, ал өзлериңиз қоларыңа ийне, бел, кегеў ҳәм қазан былғайтуғын шөмиш алып, үй хызметин ислеңиз. Егерде сизлер өз еркleriңиз бенен айтқан нәрселерди бермесеңлер, онда бизлер күш жумсап зорлық пенен аламыз. Пүткил ҳаяллар болып, биз бенен урысыўға шығасызлар, кимниң күши басым болса, соның айтқаны болады.

Занай хан ерлердиң бул қылған исине қатты қаҳәри келип, пүткил ҳаяллардан дүзген лашкерлерин бир жерге топлайды да, өзи қолына қылышын алып ерлер менен саўашқа кирисип кетеди. Отыз жети күн, отыз жети түн қырғын урыс болады. Самирам қаласының барлық көшелери ҳәм майданлары қанға боялады.

Бул қырғын саўашты ҳаяллар ерлерден басым келеди. Себеби, ерлер аз. Жүз ҳаялға бир еркектен келетуғын болса, оның үстине ерлер муш пенен урса, ҳаяллар қылыш пенен, найза ҳәм сарыжайлар менен қырғынға ушыратады. Занай ханның лашкерлери еркеклердиң өлгенинен қалғанларын қолға түсирип, оларды үш тәрептен орып қоршап алады, ал олардың ханы Искендердиң қол-аяғын қыл арқан менен байлап алып кетеди.

Ҳаяллар патшалығының қазылары кеңеске жыйналып, батынбаған, барлық бәле ҳәм апатқа себепши болған қаланың ортасындағы дөңгелек майданшада турып, ҳаяллар менен арысландай айқасқанларды жазалаўға кириседи. Көрген адамлардың төбе шашы тик турсын деген ой менен, Искендерди қатты қыйнап, азап-ақырет берип өлтириўге ҳүким шығарады. «Оның жүрегин ийменктен келген өткир пышақ пенен кесип алып, оны узын найзаның ушына илдирип қаланың үстине қадап қойыў керек. Оннан кейин тирилей териси сыйырып алынсын, терисин сыйырып алғанда да күта әстелик пенен, ҳәр саатта алақандай жери кесип алынсын», деп көрсетилген еди усы шығарылған ҳүкимде. Буннан кейин «өзин-өзи хан көтерген Искендерди Занай ханның өзи өз қолы менен өлтирсин», –деп уйғарылды.

Искендерди жаўызларша азаплап өлтириўди ҳәмме адам көрсин ҳәм оның өлимине адамлардың көўли толып қуўансын, деген мақсет пенен оны қаланың ең бийик жерине шығарады.

Занай хан өлим жазасына ҳүким етилген баланың қасына келип, оған тигилип қарайды, бирақ көзи ҳеш нәрсени көрмейди. Ол өзиниң бахытсыз баласын да, жан-жағын қоршап алған дүркин-дүркин адамларды да, өзиниң қаласын да, патша сарайын да, ҳәтте аспанды да көрмейди. Оның көзин нур шашып турған күнниң шуғласы да шағыстыра алмайды. Ҳәмме нәрсе оның жасқа толған көз алдында думандай болып булдырап көринеди.

Занай ханның еки көзинен аққан жас қызыл қыя қумлар менен қоршалған батыстағы алыс теңизге қарай аға баслады. Ҳәзирги Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья сол Занай ханның еки көзинен аққан жасынан пайда болған, деген аңыз сөз ел ишинде пайда болады.

Занай хан ана емес пе, ол қолындағы өткир қанжарын көтерейин десе, қолы лаң болып қалғандай қыймылдамайды, темирдей қатып қалған. Буннан кейин Занай хан өзиниң қол астындағы пүткил ҳаяллардың алдында турып өз қылмысын мойынлап, өкинип былай дейди:

– Халайықлар, шынында мен сизлерди алдаған едим. Мен өзимди де, пүткил ҳаяллар ханлығын да қурттым, бул исте маған мениң садық малайларым болған тасжүрек ҳәм қырағы жасаўыл ҳаяллар жәрдем берди. Мен қыз емес, ул туўдым. Мен оны сизлерден жасырдым, минекей мынаў мениң балам, тап өзимниң қурсағымнан шыққан балам. Бағы соқыр кемпир шын гәпти айтқан еди, бирақ бизлер сол дурыс сөздиң үстинен мазақлап күлдик. Мен өз қурсағымнан шыққан баламды, өзимниң туўған перзентимди өлтиргеннен гөре, пүткил патшалықты жоқ еткеним, оннан қала берсе усы ийменк өткир қанжарды өзиме урғаным абзал. Халайықлар, мен айыплыман, баламның орнына биринши болып өзим өлемен! – деп, Занай хан қолындағы өткир қанжарын туўра көкирегине тақап, тап жүректиң қақ ортасынан урып жибереди. Усы ўақытта хан астындағы алтын зер менен нағысланып тоқылған гилемниң үстине шалқасынан қулайды.

Сол заматы-ақ аспан селк ете қалып, оны қара булт қаплайды ҳәм ҳаяллар патшалығының қаласы Самирамның өренелери қышырлай баслайды. Ҳаяллардың бәри бирден аўыр гүрсинеди, ал ерлер ғалаба шадлыққа бөленип, қуўанышы қойнына сыймайды.

Ҳаяллардың үрейи ушып кетти, олардың жан-зәрреси қалмай, үйлерине тым-тырақай қашып кетеди, қуўыс-қолтыққа барып жасырына баслайды. Ал қурал-жарақларын қорққанынан көшелерге таслап кетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерлер сол қурал-жарақларды жыйнап алып, үйлердиң есиклерине сыртынан наҳан қулып урып, ендигиден былай қалаға өз билгениниңе ҳакимлик ете баслайды. Ерлер ҳаяллар патшалығын өзине бағындырғаннан кейин ҳамме ҳаялларды өз ара теңдей бөлисип алады. Бирақ ерлер аз да, ҳаяллар көп еди. Сонлықтан да ҳаялларды бөлискенде бир еркекке жүз ҳаялдан туўра келди. Сол ўақыттан баслап бир ҳаял бир еркекке тийисли болыпты. Бирақ оны да басқа ҳаяллар менен шериклесип алыпты. Ал еркеклердиң болса бир неше ҳаяллары болып, қайсы ҳаялын жақсы көрсе, сол ҳаялының үйине барып гилемниң үстинде ҳаз етип жататуғын болыпты.

Соның менен ҳаяллар патшалығының алтын даўири питипти, оның орнына ҳәзирги даўирдей кеңислик заман емес, ал басқа бир оғада қыйын, зимистан даўир басланыпты.

Наҳан аўыр қулыплар, бийик дийўалар, аўыр қайғылар, көл болып төгилген көз жаслары... Отыз жети мың жыл бурын заман усылайынша басланыпты ҳәм тағы да отыз жети мың жыл даўам ете береди.

## АҚШАКӨЛ

(Р-1207, №182886)

Бурынғы өткен заманларда бир Ақша хан деген адам өткен. Сол ханның отырған жеринде көл пайда болған. Сол ушын көл ханның атына қойылып, Ақшакөл болып аталып кеткен.

Бир неше заманның өтиўи менен, Султан Сүйин деген патша көлге қуйып турған арнаның сағасын байлатып таслайды. Буннан кейин көл тартылып қалады да, аяқтағы елге суў бармай қалады. Усы көлдиң үсти менен ағатуғын арнаның аяғында Назлымхан сулыў деген болады. Ели суўсыз қалғаннан кейин, ол елинен қырық қулынлы бийени жыйнатып, арнаның сағасын аштырып келиўге таярлайды.

Назлымхан сулыў ҳәр жерге бир бийени байлап, арнаны байлатқан Султан Сүйин патшаға барады.

– Бизлер суўсыз қалдық, бизге бөгеген арнаның сағасын аштырып бер, – дейди Назлымхан сулыў патшаға.

Сонда Султан Сүйин патша Назлымхан сулыўға:

– Егерде сен маған тийетуғын болсаң, арнаның сағасын ашып беремен, болмаса ҳәлекленбе, – дейди.

Буннан хабары бар Назлымхан Султан Сүйинди алдап, «тийемен» деп, арнаның сағасын аштырады да, елине қарай қашады. Ол қулыны аўылда қалған қырық бийени гезекпе-гезек минип елине келеди. Султан Сүйин патша жете алмай пант жеп қалады.

Қыздан пант жеген Султан Сүйин патша:

– Әй, қудайым, мен ҳаялдан пант жедим. Мениң жер бетинде тири жүриўиме болмайды, – деп жердиң астына кирип кетеди.

Ҳәзирги Қызылқалаға жақын жердеги Султан сарай деген жер аты усы Султан Сүйинниң атына қойылған деседи. Өйткени, усы Султан сарайда жердиң астында қазылған үңгир бар. Усы үңгир Султан Сүйинниң жатқан үңгири деседи.

Арадан бир неше жүзлеген жыл ўақыт өтиўи менен кейин Ақшакөлдиң суўы қурып қалады. Оннан кейин және суў толады. Бул ўақытлары көлдиң басында Естемес деген адам отырады екен. Көлдиң аты Естемес көл болып аталады да, Ақшакөл аты қалып қойды. Соның менен бул жердиң аты баяғы Естемес көл деген атты да қойып, Торанғыл сай деген ат пенен аталып кетеди.

1952-жыллары Торанғыл сайға қайтадан суў түсип, үлкен көлге айналады. Соның менен халық ең бурынғы аты – Ақшакөл деп атап кетти. Ақшакөлдиң тарийхы усындай болған.

Ақшакөл Топырақ қала ҳәм Қызыл қаланың қубласында жайласқан. Еки арасы шама менен алты-жети шақырым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАҚҚАЛА
(Р-1302, №183830)

Арал теңизиниң астында Адақ деп аталатуғын қала бар екен. Сол қаланың патшасы қыз екен. Патша қыз сондай әдил болады, оның қол астындағы ел бахытлы, тоқ жасайды. Патша қыздың даңқын еситип, басқа бир елдиң патшасы оны айттырып келеди. Қыз патшаға тиймейди. Буған ашыўланған патша Әмиўдәрьяның сағасын байлап, қыздың қаласын суўсыз қалдырады. Халқының суўсыз қырылыўға келгенин көрип, қыз патшаға келип, өзиниң оған тийиўге рийза екенин айтады. Бирақ қыз, изимнен суў жеткен жерде тийемен, деп шарт қояды. Қыз қулыны аўылда қалған атты минеди. Гәўир қыздың изинен тез суў жетсин деп, суўды қатты атызады. Бирақ қулыны кейинде қалған атлар суўға жеткизбейди. Соннан Адақ қаласы суўдың астында қалып, усы Арал теңизи пайда болған екен деседи.

## ТӨК ТАЎЫ
(Р-1302, №183830)

Бурынғы заманда бир әжет дәў адамларға жаманлық ислетиси келип, Әмиўдәрьяны бөгеў ушын етегине топырақ салып, дәрьяға келеди. Әмиўдәрьяның суўынан күн көрип отырған халық шуўлап, дәўди тоқтататуғын адам излейди. Сонда бир кемпир:

– Дәўди мен тоқтатаман, – дейди.

Кемпир дәўдиң изинен барып:

– Дәрьяны бөге, адамлар суўсыз қалсын, –дейди.

Буны еситкен дәў:

– Мен сениң айтқаныңды ислеймен бе?! – деп, етегиндеги топырақты сол турған жерине төгип кетеди. Ол топырақ ҳәзир таў сыяқлы болып үйилип жатыр.

## МҮЙТЕН
(Р-1302, №183830)

Мухаммед пайғам-бардың Тамин деген саҳабасын перилер Мадийнадан көтерип кетип, Дағыстанға апарып таслайды. Тамин – мүйтенлердиң арғы бабасы. Ол жерде мусылман пери менен кәпир перилердиң урысының үстинен шығады. Мүйтенниң жәрдеми менен мусылман пери кәпир перини жеңеди. Мүйтен бул хызмети ушын перинин журтында қалдырылады, periден қыз апереди. Мүйтен мектеп ашады, бала оқытады. Ол елине қайтқысы келеди. Арадан сегиз жыл өтеди. Сол жүргенде Қыдыр ата бултқа айтып, мүйтенди миngизип жибереди. Булт оған «жерге қарама» дейди, лекин мүйтен жерге қарап қояды. Сайтип оны булт жерге қарағаны ушын тоғайға таслап кетеди. Тоғайда ол бирнеше жыл жасайды, үстине жүн шығып кетеди. Мүйтен деген сөз «мүй» – жүн, «тен» – дене, яғный үстине жүн шыққан адам деген сөз екен. Ол бир неше жылдан соң елине келсе, ҳаялын биреў алайын деп атыр екен. Ҳаялы оны танымайды. Оны Әлий танийды. Үсти-басын жуўып, жүнин алған соң барып ҳаялы танийды. Соннан баслап жойтылған адамның ҳаялына сексен жылға шекем неке түспесин делинеди.

## ТАМДЫБУЛАҚ
(Р-586, №180080)

Атам заманда бул Қызылдың ортасында журт аз болған. Сол гезде Ҳажар деген киси усы маңайда тиришилик етер екен. Ҳажардың ай десе аўзы, күн десе көзи бар, ақылына көрки сай, әри паң, бойлы-сойлы жаңғыз бир қызы болыпты. Бул қыздың туў сыртынан ашық болған жигит-желең сан-санақсыз көринеди. Ел-елаттың аўзындағы әңгиме де сол қыз туўралы. Бирақ ол ҳешкимди унатпайды.

Толған айдай толықсып, бул қыз өсе берсин. Енди әкесине уўайым түсипти:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Хаў, бизиң қыз үй болыўды ойлаймекен, өзи?

Ҳәжардың үйине саўшы келип, күнде биреў сорап келип атырған екен да. Оның ишинде не бир серкелер, не бир еркелер бар екен. Байлығы менен дүйим Қызылды аўчына қатарып атырған байлар да бар, олардың баллары ямаса инилери бар.

Бир күни «Қой, қурысын, журттан уятты» деп, Ҳәжар қызы менен сөйлесип, мәни-жайды айтады.

– Қызым-аў, сен бизиң жар дегенде жалғыз қызымыз болсаң, бизде сеннен өзге ул да, қыз да жоқ. Таянышымыз да, сүйенишимиз де таңҳа өзиң, шырағым! Енди бизиң не күнимиз бар?! Қары қойдың жасындай жасымыз қалды. Енди өзиңниң бир шаңараққа келин болып түсип, түтин түтеткен күниңди көрсек, деген нийетимиз бар. Анаңның да, мениң де бир Алладан тилегимиз сол. Ақ босаға буйырып, тойыңды көрсек, артымызға алаң болмас едик. Өзиңниң не ойлағаның бар?

– Майли, ата! Мениң де ойлағаным бар еди, соны айтайын.

– Айт, жаным!

– Сиз мени бар мийримиңиз бенен өсирдиңиз. Анам ақ сүт берип камалға келтирди, бар тәрбиясын берди. Мен де сизлердиң ҳадал перзентиңиз болып, мына жалпақ журттың да алғысын алсам деймен. Сиз күлли халыққа жар салғызсаңыз. Егер ким де ким бул Қызылға дайрадан (дәрьядан) суў әкелип, ел-халықтың мүтәжин питкерсе, сол жигит мениң қызыма ылайық деңиз. Ол уят емес, бурынғының жолы. Әне, сол иске басын байлап, журт ушын жан күйдирген ер-азаматқа мен де яр болып, турмысқа шығаман.

Ҳәжар жан-жаққа жаршы жөнелтип, қызының шәртин жеткереди. Халық қыздың ақылына тәнти болып, сүйсинеди. Арадан күн өтеди, ҳәпте өтеди, айлар өтеди. Тым-тырыс. Баяғы жаўшы жиберген бозбалалар да, сөз салған жигит атаўлысының қай қайсысы да бул иске жүреги даўамай, үнсиз қалыпты. Шәрттиң аўыр қойылғанына Ҳәжар қысылыпты. Ҳәжар дүнья-малға кенде емес, ол да усы ортаға белгили байдың бири еди.

Ол заманда дайраның ең жақыны Әмиў той. Әмиўдиң суўы Қызылдың бир шетине келип, қумға сиңип кетип турған. Әмиўдиң өзи жаяў адамға бир неше ҳәптелик жол. Ал дайраның сағасы айлық жол екен. Сол ўақта Ақтаўдың жанбаўырында жалғыз үйли жарлы жигит күн кеширеди екен. Басына питкен малы жоқ, бирақ байларға шопан-шопшық болып жүрген ол жигиттиң аты Аймақ екен. Ҳәжар байдың қызының ысмы Қарлығаш екен. Қарлығаш қыздың хабары Аймаққа де жетеди. Қудайдан басқа панасы жоқ Аймақ бул хабардан көўли толып, «әр таўекел, мен де бағымды көрейин, байдан пәте алайын» деп төресинен руқсат алып, жолға шығады. Халық ишинен Аймақтың тилегин тилеп, ай барып, аман оралыўын күни-түни Алладан сорап отырады.

Аймақ сол кеткеннен күнди түнге улап, сәл тын алса, тағы да жүрип, неше қыр-адырлардан асып, өмири көрмеген жерлерди басып Әмиўге де жетеди. Булақ суўынан жуда болып, қақтың қаңсыған суўын ишип жүрген халқын дайраның суўына қандырсам, деген Аймақ мести толтыра суў қуйып алады. Суўды аларын алып болып, енди оны ағызбай тамызбай жеткериў жағын ойлап, бас қатырады. «Я, бир Алла!» деп тағы да тартып отырады. Түнеў күнги өзи келген жол менен төтелеп тартады. Жолда аңқасы кепсе де суў ишпей, тек ернине тийгизип қояды. Тағы да күни-түни тынымсыз сапар шегеди. Жүрген сайын суў да азая береди. Сәл көз шырымын алса, соншама қанаат тутып, диңкелегенине қарамай илгери баса береди. Ойпатқа түскен жерде елге жақын қалғанын билип қуўанып кетеди. Сол ўақта қолындағы мес ушып кетип, ортасынан қақ бөлинеди. Жалма-жан қалған суўды алып қалыўға тырысады. Суўдың төгилип кеткен жери соннан берли Сегети аталыпты. Оның ол бастағы аты Суўкетти екен. Ҳәзир Секитти деген аты да бар. Аса қыйналса да, қалған суўды дин аман жеткизейин деп жанталасады. Ақтаўға жақын қалған жерде местен үлкен бир тамшы тамып, суў тағы азайыпты. Ол жер үлкен Тамды аталыпты. Күнниң ыссылығынан жыртық местеги суў да пуўланып, азғана тамшы қалыпты. Және бир жүргенинде кишилеў тамшы жерге тамыпты. Бул жер Киши Тамды екен. Енди таў етегине жеткенше ҳеш жол өнбей, илгери басқан аяғы кери кетип, Аймақ әбден болдырады.

Аўылға да өлдим-азарда жетипти. Қараса, местиң түбинде бир-ақ тамшы суў қалыпты. Аўылдың бир адамы Аймақты асыға күтип отырған екен. Аймақ оларды көрип қуўанып, суўдың толық

www.ziyouz.com kutubxonasi

буйырмағанына гүрсинип, өз басынан кеширгенин бастан-аяқ айтып берип, түни менен гүррин қурады. Халық оны еситип, жигиттиң ерлигине сүйсинсе де, қыйнала-қыйнала тарқасады. Қанша тыңласа да, Аймақтың әңгимесин есите бергиси келип, зорға үйлерине қайтады. Бәри азанда келиўди уйғарады. Азанда қараса, кешеги Аймақтың меси турған, тамшы тамған жерде мөлдир булақ сылдырлап ағып атырғанмыш. Булақтың бойында көкке бой созған қос шынар өсип шығыпты. Аўыл-елден уялған Аймақ сол күни түни бойы Аллаға жалбарынып суў сорап, сол отырған жеринде есинен аўып қулаған екен. Аймақтың тилеги қабыл болып, оның меси турған жерден булақ атылып шығыпты. Аймақтың өзи байшынарға айланып қалған емиш.

Сол түни Аймақтың келген хабарын еситип, Қарлығаш та оны көриўге асығады. Теңқурбылары менен ол да жетип келипти. Ол Аймақтың орнында таўланып аққан кәўсер булақты ғана көреди. Бир ўақта оның көзи шынарға түсип қатып қалады. Оның Аймақ екенлигин биледи. Жигиттиң мәрт минезине ырза болған ол шынарды баўырына басып, көз жасын көл қылады. Усы пайытта Қарлығаш та шынарға айланып, байшынарға жабысып қалыптымыш. Аң-таң болған қурбы-қурдаслары аўзын ашпа лал болып қалады. Сол күннен берли бул булақ «Тамдыбулақ» деп аталған екен. Ал, булақ бойындағы бир-бирине жабыса өскен қос шынар – қос жүректиң ықласы болып, мәңгиликке байланып қалған дейди.

## АЙДАР

(Р-586, №180080)

Таўдағы үлкен үңгирлердиң биринде Айдар жасайды екен. Жаздың ыссысында күн қапырық болып кетсе, журт ысқырып, Айдар бабаны жәрдемге шақырады. Айдар журттың шақырғанына дәрриў келе қоймайды. Оннан кейин оған жаман хабар айтып, қәўпин ушырады. Сол гезде ол қозғалады. Ол қыймылдаса жел турады. Айдарды шақырған ўақытта:

– Айдар, ҳә, Айдар,
Ыссыға шыдамай,
Анаң өлди-ай,
Қудыққа түсип,
Балаң өлди-ай,
Қаялыңды уйқы басты,
Айланды қайғы басты.
Шаққан-шаққан кел,
Шамалыңды жибер! –
деп үш мәрте ысқырады. Сол сәтте жел келеди. Келмеген жағдайда тағы да:
– Айдар, ҳә, Айдар,
Демиңди қайтар,
Шөлден балаң өлди,
Жерден хабар келди, – деп,

кишкене балалар үсти-үстине ысқыра береди. Соны еситкен Айдар жалма-жан орнынан турып жүгиреди. Сол гезинде шамал еседи. Ыссы Айдардың деми қусайды. Ол дем алған гезде аўзынан ыссы жалын шығып турар екен. Айдар – шамалдың пири екен. Дийқан да, шопан да, күн жерге түсип ысып кетсе, оннан медет күтеди.

## ӘЙЙЕМ КЕМПИР

(Р-586, № 180080)

Илгериде жер жаралмастан алдын Ийемиз самалдың, жаўынның пирлерин жаратыпты. Әййем кемпир – жаўынның пири қусайды. Оның қулағы еситпейди. Тек гүлдирмама ойнаған гезде ол қулағын түреди. Балалар алды менен Гүлдирмаманы шақырады:

Гүлдир мама, Шүлдир мама,
Шалдыр мама, Жалдыр мама,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жала бултты қуйдыр, мама,
Жаўынынды жаўдыр, мама.
Онда да жаўын болмаса, барлық бала жыйналып:
– Сел мама, Селдир мама,
Бултты айдап келтир, мама,
Гүлдирмама ойнасын,
Жаўын жаўсын, қоймасын.
Жылға сайды толтыр, мама, –

деп қосыла жар салады. Жалпы, жети маманы гезекпе-гезек шақырады. Ақырында тасбақа тәўып, соны аўдарып үстине шаптырады. «Енди Әййем кемпир сарысын» дейди. Әййем кемпир тасбақаны көрсе, жини тырысып, үстине жиппередимиш. Әййем кемпирди «мама» деп шақырады.

Әййем мама, қамшылат,
Жаўынынды тамшылат, – дейди. Сол ўақта өз-өзинен булт келип, жаўын себелеп қуйды. Әййем кемпир булт оиткенди қамшы менен шықпыртып айдап келип, аўели өзи шаптырады. Сон қорққанынан булт та қуйып береди дейди.

## САМАНБАЙ

(Р-1299, №184812)

Кегейли жақта Саманбай деген адам жасаған екен. Ол ержүрек, март хәм адамгершиликли болғанлығы ушын аўыл адамлары оны батыр деп атаған. Саманбай күн кешириў мақсетинде Әмиўдәрьяның оң жағасына көшип келип, адамларды дәрьяның арғы жағасынан берги жағасына алып өтетуғын дарғашы болып ислей баслапты. Ол адамларды тек дәрьядан өткерип қоймастан, оларды хәр түрли апатлардан, әсиресе, жайын толқынынан қорғап, жағаға аман-есен жеткереди екен.

Бир күни қолында хасасы бар, аппақ кийим кийген, ақ сақаллы ғарры Саманбайдың кемесине минип:

– Балам, дәрьяның арғы тәрепине өткерип қой, – депти.

– Болады, ата, – депти де, Саманбай дәрьяның күшли ағысында кемегин айдай баслапты. Олар дәрьяның ортасына келгенде ақ сақаллы ғарры:

– Балам, жаңағы жағада мениң қоржыным қалып қойыпты, сол жағаға қайта айда, – депти.

– Әжеп болады, – депти де, Саманбай кемени изине қарай айдапты. Олар қоржынды алып, кемеде жүзип кете берипти.

Кеме дәрьяның ортасына келгенде ақ сақаллы ғарры тағы да:

– Балам, жаңағы жағада хасам қалып қойыпты. Қайығынды және сол тәрепке айдай ғой, – депти.

Саманбай және қайығын кейинге қарап айдап, хасасын алып қайтыпты.

Ақ сақаллы ғарры дәрьяның ортасына келгенде Саманбайға:

– Балам, картайған адамның мийи қурығыр. Сол жағада пул салатуғын шыжлан қалтам қалып қойыпты. Егер қыйналмасаң, соны да алып қайтайық, – депти.

Терлеп тепшип, ескек есиўден қолы талып шаршаған Саманбай маңлайындағы терди билеги менен сыпырып:

– Әжеп болады, ата, – депти де, бар күшин жыйнап, дәрьяның қатты ағысына кемени изге қайтарып, шыжлан қалтаны да алып қайтыпты. Солай етип олар дәрьяның арғы жағасындағы Хожа ели тәрепке жетипти. Кемеден түсип болғаннан соң ақ сақаллы ғарры:

– Балам, сабыр-тақатлы, март азамат екенсең. Илайым, мәртебең буннан да зыяда болсын. Атың мәңгилик болып ел аўзында қалсын! – деп ақ патиясын берипти де, көзден ғайып болыпты.

Адамлардан жәрдемин аямайтуғын бул батыр хәм бийминнет адамның даңқы көп жерлерге тарқатылыпты. Сол ўақытлардан баслап ол жасаған жер «Саманбай елатыи» деп атала баслапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲАКИМ АТА
(Р-1207, № 182886)

Ҳәзирети Ҳаким ата қай жерден келгени биймәлим. Ол Буўрахан бабаның елине келип, тоғайды шаўа береди. Тоғайдың бажбаны бул ҳәдийсени Буўрахан бабаға айтып келеди. Хан сонда:

– Ол киси менен исиң болмасын, бир жайдың орнын ашып, жай салажақ, – дейди.

Буўрахан бабаның үш қызы бар екен. Оның қасийетли адам екенлигин билип, оған жәрдемге үлкен қызын жибереди. Қызы үйине келгеннен кейин:

– Не иследиң? – деп сорайды.

Қызы:

– Бардым, отырып-отырып қайттым. Маған ҳеш нәрсе деген жоқ, мен де ҳеш нәрсе демедим. Сөйтип қайттым, – дейди.

Екинши қызы да усылай етип қайтып келеди. Кейин ең кенже қызын жибереди. Қызы Ҳаким атаның қасына барып, ол не ислесе, бул да соны ислеп жүре береди. Жай питкенше жанында болады. Жай питкеннен кейин де қыз Ҳаким атаның жанында бир ақшам түнейди. Бирақ Ҳаким ата қызға тиймейди. Ертеңине қызға:

– Атаңа барып айта ғой, жай питти, өзиң бизге мүнасип нашар екенсең, – дейди.

Қыз атасына бул гәплерди айтып береди. Ҳаким атаның бул қыздан Асқар-Мамыт, Султан-Үбби деген еки перзенти болады. Балалары жигит болып жетилисип киятырған күнлердиң бир күнинде ата-анасы шай ишип отырып бири-биринен: – Қайсы баланы таўир көресең? – деп сорасыпты. Сонда кемпир – Асқар-Мамытты, Ҳаким ата – Султан-Үббини, – деген екен. Ҳаким ата:

– Онда шақырайық, кимниң баласы бурын келер екен, – дейди.

Кемпир Асқар-Мамытты шақырады. Бетинде маши менен ҳа демей-ақ жетип келеди. Ол жақын жерлердеги аңызға маш себип жүрген екен. Ҳаким ата Султан-Үббини шақырады, келмейди. Үш мәртебе шақырады, келмейди. Бираз ўақыттан соң келеди. Атасы:

– Мен сени жақсы көретуғын балам деп жүр едим, бүгин мени қатты иренжиттиң, шақырғанда келмедиң, ғапылмедиң? – дейди.

Сонда Султан-Үбби:

– Бир топар балықшылар қайығы аўдарылып, суўға ғарқ болайын деп атырғанда жәрдем сорап бақырды. Сиз бул жақтан бақырдыңыз. Адамлар ҳәлек болмасын, атамның жумысы сәўелеў шығар деп, соларға кеттим. Қайықты тиклеп, балықшыларды ишине салып, темир арқан менен қырға шығарып киятырман, ата, – деп, ийниниң арқан тилген жерлерин көрсетеди.

Буған да инанбайды.

– Инанбасаң, ата, адамлар ертең үйиңе назир әкеледи. Сонда өзлеринен сорарсаң, – дейди.

Айтқанындай, суў апатынан аман қалған адамлар Ҳаким атаның үйине садақаларын әкелип кетеди. Көп мал жыйылады. Оларды сойып, гөшин қазанға салып писиргеннен кейин Султан-Үбби адамларға:

– Сүйегине тиймеңлер, тек етин жең, – дейди.

Адамлар етин жеп, сүйеклерин жыйнастырып қоя береди. Атасының көўли буған да жибимейди. Сонда Султан-Үбби:

– Ата, мына сүйеклерге жан бер, – дейди.

– Балам, жан бериў қолымнан келмейди, – дейди Ҳаким ата.

– Онда бизге пәтия бериң, биз жан беремиз, – дейди Султан-Үбби.

Атасы пәтиясын бергеннен кейин Султан Үбби қолындағы шыбықты силтеген сайын сүйеклер терисине қапланып, мал қаддине келип, отлап кете берипти. Ҳаким ата сонда баласына қарап турып:

– Әй, балам, еки қошқардың басы бир қазанға сыймайды деген гәп бар еди, мен кете берсем де болады екен енди, – депти.

Сонда баласы турып:

– Ата, ата кетпек жоқ, бала кетпек бар, баланды үш мәртебе сатып жеўге ҳақың бар, мен кетермен, – дейди.

– Кетпе, балам, бир әмеллеп оқысармыз, – дейди.

Ҳаким ата бул гәзди кемпири Әнберге айтады.

– Баланды пинҳамы жайға салып сақла, ол кетип қалмасын, – дейди.

Султан Үббини анасы қараңғы жайға киргизип, есиктин сыртын тамбилеп қояды. Кеште тамағын береди. Азанда барса, жоқ екен. Жайдын түңлик теситинен кептер болып ушып шығып кетипти. Ҳәзирги кептер қуслар Султан-Үббинин қанынан тарқалғанмыш. Ҳаким ата зар қағып баласын излеп, енди қайлардан табарман баламды деп жүргенде бир кептер оған:

– Баланды бир тапсаң, ғайып ерен қырық шилтеннин арасынан табарсаң, аяғына темир гейүш, қолына темир ҳаса алып излегенде солар отырған жерден табарсаң, дейди.

Ҳаким ата аяғына темир гейиш, қолына темир ҳаса алып, баласын излеўдиң жолына түседи. Арадан бир неше жыллар өткеннен кейин бир таўдын жанбаўырында отаў тигилген екен. Барса, отаў ишинде Ғайып ерен қырық шилтен баяним қурып отырған екен, ишинде Султан-Үбби де бар екен. Ол атасына «кимсең?» дегенде «мени» деп жуўап береди Ҳаким ата.

– Мениммлигин еле қалмаған екен ғой, ата, енди биз сизге жоқпыз. Султан-Үббиден сексен еки ер дөрер еди, сексен еки ерден айрылып болдыңыз, қара жер, – деп, кептер кебине айланып ушып кетиптимиш.

## АНА ҲАЙЙИЎИ

(Р-589, №180082)

Баяғы заманда қарақалпақтын бир қызын иргелес еллерден биринин жигити унатып қалыпты. Қыз да жигитти қәлепти. Бул ис шарниятқа туўры болса да, халықтын сол ўақыттағы әдет-заңына қайшы екен. Анасы қызының бир сырды айта алмай жүргенлигин түсинипти де, ақыры бир күни оны сөйлетипти. Қыз ишки сезимин жасыра алмай, өзиниң ғайрыжуртлы бир жигитте көўили бар екенин билдиреди. Анасы бул жағдайларды еситкеннен кейин бунын ақыбети жақсы емеслигин, солай бола қалса, қызының ғана емес, ал ата-анасы да ел-халықтың қарсылығына ушырайтуғынлығын ескертеди. Қыз истиң бундай түс алатуғын болғанына қатты қыйналады. Жигит те бул жағдайды билгеннен кейин басқаша жол излеп:

– Олай болса, қайтсең де ананның ырзалығын ал. Қалғанын маңлайымыздан көрермиз дағы..., – дейди.

Қыз тағы да қыйналып отырып, анасының қайылшылығын сорайды. Қызының анық кетиўге бекингенин билген анасы:

– Яқшы, қызым, сен өз байдалыңа шаўып баратырсаң. Мен ғой берген сүтиме ырзыман. Бирақ патиям менен қоса бир ескертиўим де бар: Илайым, алған жолыңнан қайтпағайсаң, ал гедекли болғанында аия айтпағайсаң. Әўмийн! – деп жүзин сыйпапты.

Соңғысы ана наласы емес, дәстүр талабы еди...

Ырзашылық алыў менен бирге қатаң ҳүкимди де еситкен қыз өз сүйгени менен кете берипти. Қыз өзге бир жұрттын ортасына келин болып түсип, жаңа өмир баслапты. Ийилип түскен журтына да унап, өзиниң үлгили тәреплери менен аўыл-елге сыйлы келин болыпты. Лекин бир неше жыллар перзентли бола алмай, бир тырнаққа зар болып жүреди. Ол бул жағдайдың себебин өз журтынын әдет-заңын бузып кеткенлигинен деп билип, иш-ишинен ыңжылады. Күни-түни ата-анасын ойлайды, ҳәтте түслеринде де олардан кеширим сораў менен болады. Сөйтип жүргенде тилеги қабыл болып, бойына ҳамиле питеди ҳәм айы-күни жеткенде аман-есен көз жарады. Нәрестели болғанына соншелли қуўанса да, анасының соңғы сөзи ядына түсип, перзентине ҳайийу айта алмайды. Себеби, анасының «айя айтпағайсаң!» деп зинҳарлағаны қулағынан кетпейди екен.

Көп узамай узақ ўақыт күткен жигербенти шетнеп қалыпты. Жылап-еңиреп, етеги жасқа толады. Тәғдир исине шара жоқ, ҳәрким де басқа түскенди көре береди екен.

Күн артынан күнлер, ай артынан айлар, жыл артынан жыллар жылысып, келиншек тағы да көтереди. Дүньяға бир гедек келипти. Нәресте нәренжан болғанлықтан тек сулқ болып жата береди, анасының уўызын да еме алмайды. Не илаж, ана бул перзентиниң де дийдарына тоя алмапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаратқанға жалбарыныўын ҳасла тоқтатпаған ана байғус перзент дағынан қаншелли қый-налса да, жақсылықтан үмитин үзбейди, шүкирлик етеди.

Аз ба, көп пе, арадан тағы да бираз ўақыт өтеди. Бир күнлери ол ҳамилели болады. Мийрими шексиз жаратыўшымыз, жас ийис сағынған жубайларға және бир перзент берипти. Ана пақыр жүрек-баўрынан жаралған жигербентин баўрына басыпты, аймалапты, ал ҳайййиў айтыўға келгенде анасының соңғы сөзлери оны тоқтатады екен.

Тилекке қарсы, бул нәресте де кеселбент болып, күннен-күнге төменлей береди. Күн-күннен сенип баратырған перзентине қараған сайын ана жүреги езилип, «аҳ-ўаҳ» шегипти. Аллаға дат-пәрият әйлеп, ең болмаса, усы перзентине өмир бериўин сорапыпты. Сондай азаплы дәмлердиң биринде неше күнлик уйқысызлықтан кирпиги сәл ғана илигип кетеди ҳәм сол қасқағым сәтте қулағына анасының «Айя, айт қызым, ҳайййиў айт!» деген сазасы жеткендей болады. Түси, я оңы екенин биле алмай, бирден силкинип кетеди ҳәм өз-өзинен ыңылдап бәбегин ҳайййиўлей береди. «Айя» намасы еситилгенде, өлимсирай түске енген нәрестениң жүзинде тиришилик нышаны билине баслайды. Ол ҳайййиў айтыўын тоқтатпапты. Әсте-ақырын шақалақтың да бети бери қарапты. Усылайынша ана ҳайййиўи өлим түнлигин биротала серпип таслапты. Әне, «ана ҳайййиўи» деген...

## БИЙБИ-ПАТМА
(Р-1299, №183812)

Әпсаналарда айтылыўына қарағанда, Мухаммед пайғамбардың қызы Бийби-Патма анадан артық туўылған ақыллы ҳәм шырайлы ҳаял болып, Аллатаала оған перзент бермей сынаған екен. Ол өзи ушын тәғдирге тән бере де, күйеўине бийперзентликти мүнасип көрмей, оны және бир мәртебе үйлендириўди уйғарыпты. Ол өзиниң нийетин жақын әменгери болған кекге хыз-меткерге айтып ойласыпты.

– Балам, – депти көпти көрген хызметкер ҳаял, – күндеслик ҳаял адам ушын ең аўыр жүк. Сениң Мухаммед пайғамбардың қызы болғаныңның өзи өриң ушын үлкен бахыт, усы нәрсе сениң кемисиңди өтейди. Ойланып көр! – депти.

Бийби-Патма сонда кексе хызметкер ҳаялға:

– Мен ушын бул аўыр жүк емес, мен ушын жупты ҳалалымның перзентли болыўын көриўден гөўаплырақ нәрсе жоқ, - депти.

Арадан көп ўақыт өтпей, Бийби-Патма дөгеректеги жақсы қызлары бар ақсүйеклердиң шаңа-рақларын қайта-қайта сорастырып, өзи күйеўи ушын қалыңлық таңлапты.

Келин келетуғын күн келипти. Келинди алып киятырған көш үйге жақынлағанда баяғы хыз-меткер ҳаял Бийби-Патма жатақ жайының босағасына шеңгелдиң кишилеў бир шақасын таслап-ты. Бир ўақытта келинди алып киятырған көш үйге жақынласып келгенде, адамлардың «Келин киятыр! Келин киятыр!» деп көштиң алдына қарай жүўырысыпты. Күндесиниң қандай на-шар екенин көриўге ынтық болып, жүреги дүрсилдеп турған Бийби-Патма да жүўырып сыртқа шыққанын сезбей қалыпты.

Сонда баяғы кексе хызметкер ҳаял оның қасына келип:

– Әне, көрдиңбе, бийкем? Күндесликтиң зардабына шыдамай, үйден жүўырып шыққаныңызды билмей қалдыңыз, ҳәтте аяғыңызға кирген шеңгелди де сезбедиңиз, себеби күндеслик аяғы-ңызға кирген шеңгел зардабынан мың есе аўыр. – депти.

## ИСКЕНДЕР ЗУЛҚАРНАЙЫНның АНАСЫНА ХАТЫ
(Р-141, №50413)

Дүньяның ярымын ийелеген Искендер Зулқарнайын өлими жақынласқанын сезип, анасына бир әскери арқалы хат жоллапты. Ол жазған хатында анасына усы хатты алғаннан кейин, сарай-да үлкен дастурхан жайып, мийманларшылыққа ағайин-туўғанынан хеш кими өлмеген адам-ларды мират етиўди сорапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Анасы Искендердиң хатын алғаннан кейин, баласының айтқанындай етип, сарайда үлкен дастурхан жайыўға буйрық берип, миймандаршылыққа ҳеш ағайин-туўғаны өлмеген адамларды мирәт етиўди буйырыпты.

Сарайдағылар оның буйрығын дәрҳал орынлап, сарайда үлкен дастурхан жайылып, Искендердиң анасы келетуғын миймандарды күте баслапты. Арадан бираз ўақыт өтсе де, жайылған дастурханға бир де мийман келмепти.

Сонда ғана Искендер Зулқарнайынның анасы баласының не айтпақшы екенлигин түсинип, көзине жас алып, аўыр мусийбетке өзин таярлай баслапты.

## МӨҢКЕ БАТЫР ҲӘМ ЖЕЗТЫРНАҚ

(1299, -№183812)

Бул ўақыя ертеде Сырбойы қарақалпақлары арасында болып өткен. Ол ўақытлары Сырдың суўы мол болып, дәрья жайылып аққан, бәҳәрде жағалықты басып кеткен. Сырдәрьядан саға алған салалардың да кенарына сыймай, қыр-дегерегин тегис суў астында қалдыратуғын гезлери көп болып турған. Дәрьяның еки бойы дүт тоғайлық. Тоғайлар аң-қусқа кенде болмаған. Халықтың аңшылықтан да, шарўашылықтан да, дийқаншылықтан да несибеси түўел болыпты. Сыр суўының жағасында қарақалпақтың қытай арысы қайшылы тайпасының қыдыр урыўынан бир келата шашаў-шашаў аўыл болып отырады. Тоғай арасындағы аўылдың өзи ҳәр жерде қараиып отырған бир-бир үй екен. Тоғай иши оғада қәўипли болған. Бақташылар малдың изинен бир ели қалмай жүрмесе, ийт-қус күн бермеген. Жалғыз-жарым жүрген адамлар да базда жезтырнақтың ҳүжимине ушырасып турған. Жезтырнақ адам қәлпинде, лекин қолының тырнақлары соядай болады екен. Тырнақлары үзын ҳәм наятый өткир болып, бир ирғандаадамның алқымын ап-аңсат орып жибереди екен. Сонан соң олжасының қанын соратуғын көринеди.

Жалғыз үйли Мөңке исмли жигит түсте ергенекти илдирип дем алып жатырса, есиктиң бекем етип илинген ырғағын таидырып жиберип, бир сулыў келиншек баса-көклеп кирип келеди. Мөңке бийтаныс жәўанның есикти қандай еп пенен ашып киргенлигине ҳайран қалады. Оның қолына көзи түсип кеткенде барып бойын жыйып алып, қарсысында турған «назалим» – адамызат емес, ал анық жезтырнақ екенин сезеди. Сыртта турғанда анаў-мынаў аша алмайтуғын есиктиң ырғағын жезтырнақтың сүйир саўсақлары менен сырғытып түсиргенин аңлайды. Өзине келген Мөңке жезтырнақтан көзин айырмаған халда дәрҳал керегеде илиўли турған жарағына умтылады. Мөңкениң оң қолына жарақ алып үлгергенин көрген жезтырнақ бир адым артқа басып, екеўи бирер мәўрит көз бенен арбасып турады. Қарсыласына ҳеш илаж ете алмаған урғашы жезтырнақ көз илеспес шаққанлық пенен жалт бурылып бир секиреди де, қаппаматта тоғайға сиңип жоқ болады.

Мөңке бир заман аң-таң болып турады. Нәзери өткир, қасы-көзи қыйылған, шашы узын, тек бармағы менен тырнағы демесе, адамнан айырмасы жоқ бул мақулықтың тас болмаса өзине қәўип төндирежақ екенлигин есине түсиреди. Жүреги тез-тез соғып, енди не ислеў зәрүрлигин ойлайды. Еситиўинше, жезтырнақ бир келген жерине және қайтып айланады екен. Енди оған қарсы шара көриў керек. Не де болса, өзи бир исласын табыўды абзал биледи.

Шынында, жезтырнақ бул үйде көптен Мөңкениң жекке өзи екенин абайлап, оны сыртынан аңлап жүрген екен.

Бурынғылардың әдиси бойынша Мөңке қараман ағашты кесип, оны адам турқы тәризли етип қурастырып, үстине күндеги жаўкийимин кийгизип, дәл өзи сыяқландырып жатқызып қойыпты. Ал өзине қолайлы тасалаў жерди таўып алып, қылышын белине байлап, кейниниң не боларын сырттан бағып жатыпты.

Түн ортасы болған ўақытта Мөңкениң өзи секиллендирип қойған ағаштың қасында қарaң етип биреў пайда болады да, бас салып тум-тусына саўсақларын суғып кеп жибереди. Аўзын тамағына басқан гезде телпек ушып кетип, қуры ағашқа тиси сақ етип тийеди. Тырнақларын қайтып суўырайын десе ала алмай, бажылдайды да қалады. Мөңке жуўырып барып жезтырнақтың ба-

сын шаўып түгирип, оннан соң онының ағашқа кирип қалған қолларын кесип алады. Таң алдында жезтырнақтың денесин жерлеп, оның тырнақларын орап аршаға салып қояды. Болған ўақыяны сыр сақлайды. Жезтырнақлар өзлериниң арасынан биреўди кимниң өлтиргенин билсе, оннан өш алмай қоймайтуғын усайды. Егер атын билип қойса, душпанының изине түсип, оны қайдан болса да таўып алып, жазым етеди екен. Олар қысқа-қысқа сөйлеп, ым-ишараны түсинген көринеди.

Мәңке бир күни тоғайдан барып ағаш шабады. Бир гезде өзиниң туў сыртында кимниңдур турғанлығын сезеди. Арқасына қайырылса, бир кимсе көрингендей болады ҳәм көзди ашып-жумғанша тасаланып қалады. Бир қараса, қапталынан келеңке өткендей болады. Бирese алдылаўынан зуў етип бирдеме жуўырып өтип кетеди. Оңым ба, түсим бе екен деп, көзин уўқалап жиберсе, арасында да изинен бир сулдердиң ерип, бул айланса, ол да айланып, өзиниң қыр-соңынан қалмай жүргенин биледи. Оның жезтырнақ екенине тақыйық көзи жетеди. Енди өзи де ҳийле ойлай баслайды.

Шабажақ болып атырған тағы бир теректи тигинен айырады да, бир жағын өзине тартып турады. Сол ўақытта жезтырнақ та көринеди. Жезтырнақты өзине түсиникли ишара менен жәрдемге шақырады. Жезтырнақ жуўырып келип, ортаға қолын салып теректиң ортасынан қақ бөлинген, бирақ еле ажырамаған келеси жағын өзине қарай тартады. Усыны күтип турған Мәңке теректиң өзиниң қолындағы жағын қатты тартып, қайта жиберип қалғанда, жезтырнақтың қолы ағаштың ортасында қысылып қалады. Дәрриў жезтырнақтың бармақларын шаўып алады. Жаназаттың жаны қыйналмасын деп, жезтырнақтың геллесин де қағып түгеди. Усылай бул жезтырнақтан да қутылады.

Мәңке усыннан кейин де адамларға topылып жүрген бирнеше жезтырнақты тирилей тутып, қолын кесип алыпты. Мәңкениң даңқын дүйым журт еситип, жезтырнақтың тырнағын көриўге көп-көп адамлар келеди. Ол заманда жезтырнақтың тырнағы наятый қымбат турады екен. Бул батырдың жезтырнақ тутқанынан хабардар болған саўдагерлер Мәңкеге келип, оның тырнағын сатып алады. Мәңке буннан кейин жезтырнақларды топар-топары менен қолға түсиреди. Халық өзлерине тынышлық бермеген жезтырнақлардан баспүкил қутылады. Мәңке енди басқа да қайыр-сақаўатлы ислер ислеп, бурынғы бекинислерди тиклеп, қалалар қурып, халықты сол жерлерге қайта қоныслап шығарады. Өзге журтлар жезтырнақты әскер шығарып та қурта алмай, ақыры жыс тоғайларды қурғы өртеп жиберсе, Мәңке бул жанзатларды бирим-бирим услап, топар-топары менен де тутып, халықты жийи-жийи дөнип турған қәўип-қәтерден жеке өзи қутқарыпты.

## КЕТЕНЛЕР
(Р-4, № 50408)

Кетенлер деген батыр жигит болған. Оған хан ҳешким буза алмайтуғын, жаўға алдырмайтуғын қала салып бер деп буйырған. Жигит усталарды жыйнап бирнеше күнде салып питкерген.

Бир күни ханның қызы өзиниң қурдаслары менен шикарға шығып қаланы көриўге келген де Кетенлерди көрип ашық болып қалады. Кетенлер де бул қызды шеп көрмейди. Күнлерден бир күн Кетенлер қызды қалаға алып қашып келеди. Буған арланған хан өзиниң бир неше мың ләшкери менен қаланы қаплап урыс етеди. Бирақта ислеген иси бийҳуўда кетеди, қаланы ала алмайды. Ақырында жигит қызын алып ханның алдына өзи барады.

– Сиз ҳешким алалмастай беккем бир қала сал деп едиңиз, қаланы салдым. Сизди сынап көрейин, сизден күшли бул жағада хан жоқ, қызын алып кетейин, изимнен қуўады ғой, қаланы алса, қорғанның өзиз болғаны, буза алмаса, беккемлиги деп ойладым, басқа ой болған жоқ, мине қызыңыз, тақсыр, – деп, алдына бас ийипти.

Жигиттиң дилўарлығына қайыл болған хан:

– Бар, жаның азат, қызымды да саған бердим, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТѲРЕБЕК ХАНЫМ

(Р-1243, №183024)

Бир заманларда усы жағалардың ханы Тѳребек ханым деген қыз болған екен.

Тѳребек ханым ѳзи сулыў, ѳзи ақыллы қыз болады. Оған дарьяның оңарындағы Султан Санжар Мазилеп ашық болады. Қыз оны қәлемейди. Соннан кейин Султан Санжар Әмиўдарьяны байлатып, аяққа суў жибермейди. Тѳребек ханымның журты суўдан кемтар болады. Халық суўсыз қарап болып, посыўға қарайды. Ели-журты қырылатуғын болған соң, Тѳребек ханым ғарры патшаға ўәде бериўге мәжбүр болады. Оған былай дейди:

– Мен саған тийейин, дарьяны аш, дарьяңды байлаған жериңди жықтыр да, изимнен қуў. Жетсең, мен сеники болайын, – дейди.

Оған Султан Санжар ырзы болады. Тѳребек ханым жүйрик, қулынлы бийелерди жыйнатып, Мойнақтан баслап дарьяның басланған жерине шекем хәр ат шаптырым жерге қулынды бир жерге, бийени бир жерге байлап кете береди. Тѳребек ханымның ырзалығын алған патша дарьяның бѳгетин жығыўға буйрық береди. Бѳгет жығылады. Тѳребек ханым патшаға қарап:

– Түргелип турған түйениң қуйрығы жерге тийген күни сизиң мен туўралы мақсетиңиз иске асады, – деп қашады.

Хан қуўады, жете алмайды. Себеби қулынлы бийе ѳзиниң қулынына жеткенше қатты шабады. Соның менен Тѳребек ханым жаўдан қутылады. Елге суў келип, ел-журт суўға ғарқ болады. Бирақ оның хешқандай пайдасы болмаған, себеби көп ўақыттан берли иркилип жатқан суў бирден атлығып кетип, жол бойындағы далаларды басқан. Соның менен бизиң усы жағадағы Адақ деген қала да суўға кеткен. Бирден пат пенен келген суў астында неше қалалар менен аўыллар қарап болған. Самалсыз тынық күнлерде суўлардың түбинде тас гербиштен салған жайлардың қалдығын кѳресең.

## НАЗЛЫМХАН СУЛЫЎ

(Р-539, №176382)

Хожелидеги Назлымханның қасында жети гүмбезли мазар бар. Моллалардың айтыўынша, бул жерге Мухаммед пайғамбардан бурын жасаған Шамун-Набий пайғамбар жерленген. Шамун-Набий пайғамбар күшли болып, көп кераматлар көрсеткен. Оның хаялы қоңсысы менен (капир менен) байланыс жасаған екен, бир күни бурын билип қойған пайғамбар оны жекпе-жек гүреске шақырыпты. Пайғамбардың хаялы капир менен жер астындағы жол менен байланыс жасаған екен. Пайғамбар оннан күшли болады, оны көрген Шамун-Набийдиң хаялы ѳзиниң ериниң тайып жығылыўы ушын оның аяғының астына бир қап тары себеди хәм пайғамбар тайып жығылады. Бирақ ол ѳзиниң ийтиниң жәрдеми менен капирди жеңген екен. Буған жығылғанына ашыўы келген пайғамбар, капирдиң алдында неге дизе бүктим деп, ѳзиниң аяғын дизесинен тѳменин шаўып таслайды. Усының себебинен оның ѳзи де ѳледи. Пайғамбар ѳлгеннен кейин оның жети қызы әкесине жети гүмбезли мақбара салдырған екен. Бул гүмбездиң узынлығы отыз метр. Бул пайғамбардың дизесинен жоқары жағының узынлығы екен дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

79- ТОМ



# АҢЫЗЛАР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ХӘКИМ УЛЫҚПАННЫҢ БАЛАСЫН ҮЙЛЕНДИРИЎИ

(Р-46, №50412)

Ҳәким Улықпанның жалғыз баласы бар екен. Баласы ержетипти. Үйлендирмекши болып, баласына қыз излепти. Қайсы қызды көрсе де, салланып жүрген биреў. Иошки табияты Улықпанның көўлине унамапты. Мен ақшыны бул жүристен таба алмайман, көўлимдегидей адам менен сөйлессем, табылар деп, Ҳәким Улықпан базарға барып, базар қызған ўақытта баласын сабайды, ҳәмме тамашасына қарап тарқалып кете береди. Баласын ертип, және бир қалаға апарып, базарда және сабайды. Бул адамлар да бурынғы базардағыдай етеди. Және басқа бир қалаға барып, базарда баласын сабап атырғанда он үш-он төрт жасар бир қыз келип, баласын сабап атырғанының себебин сорайды. Сонда ғарры:

– Бул баланың жазығы сол, бар десең, барады, кел десең, келеди, – дейди.

Сонда қыз:

– Бар десең, барса, кел десең, келсе, өзи билип ислей алмаса, өлтир, обалы жоқ, – дейди.

Улықпан:

– Қарағым, сениң атың ким, кимниң қызысаң, үйиң қайда? – деп сорайды.

Қыз атының ким екенин, кимниң қызы екенин ҳәм қай жерде екенин айтып береди.

Ғарры сорап тaўып алып кеште сол үйге қонақ болады. Ғаррысы менен сөйлесип, құдалыққа келиседи. Сөйтип, сол қызды баласына алып берди. Усы қыз Улықпанның ойынан шыққандай келини болыпты.

## АПЛАТУН ТӘЎИПЛИГИ ҲӘМ АЛАСТУННЫҢ ТАПҚЫРЛЫҒЫ ҲАҚҚЫНДА

(Р-1242, №183023)

Бир күни Аплатунға аўыр кеселди алып келипти. Кесел күта төмен аўҳалда, гөр аўзында жатыр еди. Ол, «қай жериң аўырады» деген саўалға тек: «басым» деп сыбырлаўға ғана шамасы жетипти. Кеселдиң үмитсизлигин көрген Аплатун оның басын ашып көриўге тәўекел етипти.

Аплатунның Аластун деген шәкирти болып, ол даналық ҳәм тапқырлықта устазынан да өткен еди. Бул жағдай устаз бенен шәкирт ортасында бираз илимий таласларды, келиспеўшиликлерди туўдырады. Усының алдында ғана Аплатун менен Аластун адамның мийин емлеў мәселеси бойынша пикир араз болып, гийнелесип қалған еди. Соннан берли Аластун устазыникине келмейди де.

– Адамның басы үш сайдан туратуғынлығын, сайлар арасында жүй барлығын, тақсыр, өзиңиз билесиз. Мине, сайлардың бирин қопарып алып, мийди ашыўға, ем салғаннан кейин қопарылған сайды орнына қойып ҳәм сыртындағы терини тигиўге болады. Оннан адам өлмейди, – деген еди шәкирт.

Ал Аплатун болса:

– Жоқ, шәкиртим, адамның басын ашыўға болмайды. Өйткен жағдайда кесел сөзсиз өледи, – деп турып алған еди.

Аластун көп китаплардан мысаллар келтирип ҳәм тиккейибелер айтып, өз ойын дәлиллемекши болып көрди, лекин оның менен устазын пикиринен қайтара алмады.

– Мүмкин, Аластун бир нәрсе билетуғын шығар. «Илим қурбансыз болмас» деген, бул кесел бәри бир өледи ғой, тәўекел, бир сынап көрейин, – деген жуўмаққа келеди Аплатун.

Буннан соң ол кеселди жатқызып, оған бийҳуш қылатуғын бальзам суўын ишкизеди. Оннан кейин кеселдиң бас терисин алып, сүйекти жалаңашлайды да, әбейлап ғана бастың бир қасасын қопарып алады.

Мине әжайып көриниc: мийге бир кене жабысып тур. Оның өзиниң өткир налетий аяқларын мийге сұғып жиберип, бүрип турыпты. Енди оны алып тасласа, кесел жазылып кетеди. Бирақ оны қалай алып таслаў керек? Жулып алыўға болмайды, себеби мийдиң пердеси бийттиң қабығынан да жуқа, жыртылып кетиўи итимал. Егер перде жыртылса, мий ағады, мий ақса, демек, адам өледи, деген сөз. Бальзам суўының мәўлети де өтип баратыр, кесел оянса, және өледи.

Аплатун не ислерин билмей, табанына қоз басылған таўықтай бир орында шыр айналды. «Не ислеў керек, не ислеў керек?» деген сөзди ол қайталай береди.

Бул ўақытта Аластунның ашыўы басылып, устазын көрип қайтыў ҳәўеси менен үйинен шыққан еди. Мине, ол Аплатунның үйине келип те қалды. «Устазым бир илим менен шуғылланып атырса, қалақыт берип қоярман» деп, ол қар келгенинде бир кишкене патиктен сығалайтуғын еди. Енди ҳәмме мәселе оған аян болды. Шәкирттиң көкирегинде қуўаныш, устазға муҳаббат, ал кеселге тилеклеслик сезими оянып кетти. Ол устазына жәрдем бериўди ойлады. Сөйтип, ол патиктиң тасасында бүгып турып, «Ўәз» деди де, қаша жөнелди.

Аплатун бул ғайбана сеске селк ете қалды, бирақ көп ўақыт өтпей-ақ оның басына бир ой сап ете түсти:

– Қандай ўақта «Ўәз» деген сөз шығады? – деп саўал берди ол өзине өзи ҳәм: – Әлбетте, бир затқа сөз



www.ziyouz.com kutubxonasi

басылганда, - деп жуўап берди. Сөйтип ол куўанып, бир ески бизди отқа қыздырды да, мийге қатып турған кенениң қыр аркасына тийгизип алған еди, торс етип жерге түсти. Буннан кейин қопарылған сай орнына қойылып, териси пухта тигилди. Бираздан кейин кесел оянып, көзин ашты ҳәм көп узамай қулындағы қаддине келип, саррас айығып та кетти.

Сонда Аплатун шәкиртине мақтанып:

– Аластунжан, сизиң айтқаныңыз дурыс, басты ашып көриўге ҳәм емлеўге болады екен. Бирақ мийге кене кирип кетсе, оны алыў қыйын болар екен, – деди.

– Мийге кене кирип кетсе дедиңиз бе?.. Қулағынан кирген болса... – деп куўақыланды Аластун ишинен күлип.

– Қулағынан болса, қулағынан шығар. Әйтеўир, сондай бир кесел келтирилген еди, ғарип устазың өзиниң тапқырлығы менен оған шыпа бериўге жүрек етип, дәртине дәрман айта алды...

– Әзиз устазым, сиз қудиретли ис қылгансыз. Ал кенени алыў жолын сиз қалай үйрендиңиз? – деп көзин қысып, күлди шәкирти.

Сонда устаз «патиктен «ўаь» деп кеткен ешек ҳәрре шығар дегем, мына сум екен ғой» деп аңлай қалды. Бирақ ол бул қолайсыз аўҳалдан шығыўдың жолын излеп:

– Әлбетте, оны маған айтқан сиз, устаздан озған шәкиртим, - деп, Аластунның аркасынан қағып сылқ-сылқ күлди ҳәм ҳақыйқатлықтың жүзине тикке қараўға мәжбүр болды.

## ИМАМ ИЙШАННЫҢ ТУЎЫЛЫЎЫ

(Р-1299, №183812)

Имам ийшанның әкеси Қайыпназар бий Түркистаннан көшип келип, Мискин атырапына қоныс басқан. Қайыпназар бийдиң жаңа үйленген күнлери екен. Жас келиншеги шарық ийирип отырса, үйине бир ғарры келип, оннан үйдиң ийесин сорапты.

– Ол алыс жерге кетти. Жумысыңыз болса маған-ақ айта бериң, ата.

– Бизлер көшип баратыр едик. Арбамыздың алты кегейи сынып кетти. Сизиң үйиңиздиң алдында арба турғанын көрип қайрылдық, – депти ғарры.

– Ата, әне балта тур. Керек жерин ала қойың, – деп балтаны көрсетипти.

– Күйеўиңиз бақырмас па? – депти ғарры.

– Күйеўим жақсы адам. Сизлердиң мүтәжиңиз питсе, бақырмайды. Ҳәм арбаны қос өгизи менен әкешешем маған еншиге берген, – депти.

Ғарры балтаны алып сыртқа шығыпты. Балтаның сести еситилипти ҳәм бираздан соң:

- Мынаў балтаңыз, – деп, ғарры балтасын ишке әкелип берипти ҳәм рахметин айтып, сыртқа шығыпты. Жане ол ишке қайтып кирип:

– Шырағым, пәтиямды берип кетейин. Ендиги жылы усы күнлери уллы болғайсаң. Атын Имаматдин қойың. Ел-халыққа ҳидаят жолын көрсетиўши имам болғай. Илая әўмийин! – деп пәтия берипти.

Келиншек изинен сыртқа шығып қараса, ғарры көринбепти. Арбаның да ҳеш жери алынбаған екен. Усылай етип, атаның пәтиясынан Имам ийшан туўылады.

## ЖИЙЕН ЖЫРАЎ ҲӘМ АМАНБАЙ БАТЫР

(Р-1242, №183023)

Жийен бир кембағал адамның баласы екен. Бир күни қой бағып жүрсе, бир жаў келип, Жийенниң елин шаўып, оларды ат алдына салып айдап алып кетеди. Сонда Жийен он сегиз жаста екен. Душпанлар буларды айдап өз елине апарып, хәр қайсысы қолға түскен тутқынларды бөлисип-бөлисип алады. Жийен хожайынның шопаны болып, бир-еки жыл қойдың ишинде жүреди.

Бир күни Жийен қой бағып жүрип уйқылап қалыпты. Түсине Қыдыр ата енип, қолына қобыз береди. Жийен оянса, қосық айтқысы келип атыр екен. Ол бир ағашты қобыз етип, қосық айтып отырса, бир топар атлы адамлар жетип келипти. Бирақ Жийен бул адамларды көрмепти. Адамлар қула дүзде қосық айтып отырған адамға ҳайран қалып:

- Сен кимсең? – деп сорайды.

– Мен Қарабай батыр дегенниң баласыман, – дейди.

– Тойға бармайсаң ба? – дейди адамлар.

– Тойға барар едим, мына қойлар аўзыма түсаў болып тур, таслап кетиўге тағы болмайды, – дейди.

Атлылардың ишинде Қарамырза батыр деген бар екен. Ол тойға барған жерде Қарабай батыр менен ушырасады. Сонда Қарамырза батыр турып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

- Қарабай батыр, сениң олжа қылып алған балаң бар екен, соны маған сатасаң ба? - депти.

Оған Қарабай батыр турып:

- Мениң олжа балама не бересең? - депти.

Қарамырза батыр турып:

- Мен сениң олжа баланды алғаным ушын көп нәрселер беремен, -депти.

Сөйтип Қарамырза батыр олжа баланы сатып алыпты ҳәм бағанағы қой бағып жүрген жерине Жийенди излеп келип, оны тойханаға алып келеди. Жийен тойда қосық пенен өзин Қарабай батырдан Қарамырза батырдың сатып алғанын, шопанлықтан қутқарғанын баянлап, оны былай мақтайды:

> - Әўўел, әўўел, әўўел айтайын,
> Аты жақсы қудайды айтайын,
> Қарамырза батырды айтайын,
> Өз журттың дилбары,
> Ашылған екен гүлбары,
> Қарамырза батырды айтайын, - дейди.

Қарамырза Жийен ушын қарамалдан тоғыз бас, қойдан тоғыз бас, жылқыдан тоғыз бас, түйеден тоғыз бас мал берип, баланы алады ҳәм үйине қайтарып жибереди. Жийен өз ели Түркистанға келеди. Сол ўақытлары Түркистанда Аманбай батыр деген бар екен. Сол өзиниң әскерлерин жыйнап, қалмақлар менен урысып, еки мыңдай жигитлери менен қолға түсипти. Оларды қалмақлар шетинен өлтирип атыр екен. Сол ўақытта Жийен жыраў келип:

> - Алалай менен булалай,
> Ат болады жорға тай,
> Жер шылымға қостым най,
> Ертеде өткен Нуртай,
> Мусылманның балларын,
> Қосақлап қойдай қырған жоқ,
> Хожам сендей болған жоқ, - деп жылайды.

Сонда қалмақтың ханы:

- Тили кесилгир-ай, сен бул жырды әўелден неге айтпадың? Мен енди қанша адамлардың ҳаққына қалдым, - деп, қалған адамларды босатып жиберипти.

## САПАР ЖЫРАЎ

(Р-46, №50412)

Қарақалпақлардың өз алдына лапызы бар, шебер жыраўларының бири Сапар жыраў еди. Оның абыройы, әсиресе, Мойнақта айрықша еди. Ол «Қоблан», «Алпамыс», «Ершора» дәстанларын жырлағанда, халық оны силтидей тынып тыңлап турыўшы еди. Адамлар оны өз заманының уллы жыраўлары Нурабулла, Әбдирасул ҳәм Бала менен тең қоятуғын еди.

Сапар жыраў Дилим жыраўдың изине еки жыл ерип, деп нама ҳәм «Қоблан», «Ершора», «Шарьяр» дәстанларын үйренген. Сапар жыраў дәстан жырлағанда, әсиресе түн жарпынан кейин толып-тасып айтады екен.

Дилим жыраў тойларға баҳа кесисип барады екен, оның өзиниң келисимли баҳасы болған. Сол күни тойда мың тилла түссе де, оның менен иси болмайды екен. Ол сол келискен нырқына қайыл болып, оннан кем болса, тойға бармайды екен.

Дилим Сапарға өзиниң ең жақсы шәкирти сыпатында өзиниң қобызын сыйлаған. Ол ўақытлардың дәстүри - устаз шәкиртине өзиниң қобызын берип жиберип, өзи қобыз соқтырып алады екен.

Дилим пәтия бериўге Сапарды шақырғанда ол бармаған. Адамлардың айтыўына қарағанда, ол өзин еле бундай пәтияға мүнәсип емес деп санаған. Бундай жүк мени майырар деп қорққан.

Бир сапары ол түсинде өзиниң сүттиң қаймағын жалап атырғанын көрип, түсин Мырзан деген ағасына жорытқанда, ол Сапарға:

- Я шайыр боларсаң, я бақсы боларсаң. Мазалы нәрсе соған жорылады, - деген екен.

Сапардың әкеси Суўралы, Суўралының әкеси Сералы, оның әкеси Теке, оның әкеси Тилеген. Тилеген күта сазенде адам болған, ол қарақалпақ намаларының барин шерткен. Өлеринде «Бир арманым - дуўтардың басына булбул қондыра алмадым, бирақ шаңыраққа қондырып едим» депти.

Ол үйленейин деп қыз қыдырып шыққан. Бир жерге барса, бир қыз дуўтар шертип отыр екен. Сол қызды айттырып алып қайтқан. Сонда қасындағы жигитлери:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Сонша қыздың арасынан сайлап алғаның усы ма? – десипти.
– Сизлер мениң қулағым менен оны тыңлағаныңызда, бундай демеген болар едиңиз, – депти.
Адамлар Тилегенниң сол ҳаялдан болған қызынан Бердақ туўылған дегенди айтады.

## АҚЫМБЕТ ҲӘМ ХИЙЎА ХАНЫ

(Р-1242, №183023)

Хийўа ҳүкимдары Мәдемин хан өзиниң патшалық шан-шалтанатын мақтаў ҳәм көўил котериў ушын өз қол астындағы еллерден атақлы бақсы, жыраў, шайыр ҳәм сазенделерди Хийўаға жыйнайды. Сонда қарақалпақ бақсысы Ақымбет те шақыртылған екен.

Хан бақсыларды алды менен өзиниң сарайындағы бақсылары менен айтысқа түсиреди. Гезек Ақымбетке келгенде Ақымбет ханның Тамбур деген күта атақлы бақсысы менен айтысыўға мәжбүр болады. Тамбур өзиниң ең жақсы атқаратуғын «Шыршўан» деген намасын айтып, гезекти Ақымбетке берген екен, Ақымбет бул наманы Тамбурдан да жақсы етип айтыпты. Гелме-гезекти қойып, дәсме-дәске түсирип берген екен, адамлар Ақымбетке аўа берипти. Өз бақсысының жеңилгенине кәўетленген хан қастын тигипти. Оны үш күн тыныпсыз айттырыпты. Ақымбет бул сынақтан да өтеди. Даўысын қалдырыў нийети менен Ақымбетке шыйым суўын бергизеди. Бирақ оның сарайдағы әзбек досты сақландырып, сол арқалы ишпей, бул шыйым суўын қойнына қуйып жибереди.

Енди хан әбден ашыўы келип, қазының алдына Мақтымқулының китабын қойып:

– Аўзын бағып тыңлап отырың, егер усы китаптан бир сөзди қалдырып, я ғалет айтса, маған хабар бериң, – деп буйырады.

Ақымбет бул сынақтан да сүринбей өтеди. Бирақ зорлыққа шыдамай тыныпсыз айтып, енди «қуйылып-қуйылма» деген кеселге ушырайды. Лекин қайтқанша сыр бермейди. Ақыр соңында илажы қурып, өз сөзине байланған хан Ақымбетке:

– Сынақтан сүрникпей өттиң, бақсы, қәне, тилегиңди айт, – депти.

Сонда Ақымбет ханға:

– Тақсыр, бир қасық қанымнан кешсеңиз, тилегимди айтайын, – деген екен, хан аларып:

– Кештим, – депти.

Ақымбет ханға тикленип қарап:

– Тақсыр, енди мениң былай, илая сиз мени көрмең, мен сизди көрмейин. Басқа тилегим жоқ, – депти.

«Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табар» деген, сонда да хан оған бир ала қайыслы ат берипти. «Ала қайыс» деген наманы Ақымбет сонда шығарған екен.

## МУЎСА ҲӘМ АҚЫМБЕТ

(Р-1242, №183023)

Муўса бала бир тойда саз шертип, қосық айтып отырса, бир ғарры:

– Сазы бар екен да, аттең, сөзи жоқ екен, – депти.

Буны қулағы шалған Муўса намысланып, «қалай да сөз үйренбесем болмас» деген қарарға келеди. Ол дуўтарды Пирлепес қасқа деген атақлы сазендеден үйренген екен. Ал Пирлепес қасқа Жийен жыраўдың заманласы, теңи-тайы жоқ сазенде киси болыпты. Ол бир жола қара үйде дуўтар шертип отырғанда сазды сулыў шерткени соншелли, бир бүлбүл шаңарақтан пәлпеллеп ушып келип, дуўтардың қулағына қоныпты мыш, деген әпсана тараған. Мине, жас Муўса сол Пирлепес қасқаның барлық сазларын үйренеди. Енди оған сөзди ким үйретеди?

– Ақымбет бақсыға бар, – деп ақыл береди жасүлкенлер.

Муўса Шорахан әтирапында, Аққамыс деген жердеги қарақалпақлардан еди. Ол енди кемешилерге қосылып салдаў тартып, Шымбайға келеди.

Ақымбет Шымбай қаласының арқасында Бақанлы деген жерде турады екен. Ол аты қарақалпаққа белгили бақсы болып, гүрлеп турған ўақты еди. Тегинликте жол болсын сорамайтуғынын билген Муўса Ақымбеттиң үлкен ҳаялының есигине барып хызмет қылады да, көп узамай ҳаялға жағына баслайды. Ол ҳаялдан Ақымбеттиң перзенти жоқ еди. Сонлықтан бәйбише жас Муўсаны өзине хызметлик бала етип алады ҳәм Ақымбеттиң алдына апарады.

– Ақымбет, мына бала Шораханнан сени излеп келип, хызметиңди ислеп жүргенине мине үш ай болды. Сен неге оннан жол болсын сорамайсаң? – дейди ҳаялы баланы күйеўине таныстырып болып, ҳәм енди оны шәкирт етип алыўын өтинеди.

Буннан кейин Ақымбет балаға минислигине бир тунан, шертиўине бир ғенетоз дуўтар берип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

шәкиртлерине қосады. Бирақ кеўил аўдармайды. Қай жерге барса, Муўса Ақымбеттиң ҳәм шәкиртлериниң атларын жайғастырады, хызметин ислейди, кеште атлардың арасында шыбынға таланып, қыста суўыққа тоңып жатады. Сөйтип ол белгили атқосшы балаға айналады. Ал басқа шәкиртлери болса оның үстинен күлип:

– «Майға жарысып өкпе де қалқады» дегендей, сен де бақсы болғың келеди-аў. Сеннен оңлы атқосшы да шықпайды, – деп күлиседи ҳәм Муўсаның басынан такибай алып, азап беретуғын болады.

Бирақ Муўса азаптың бәрине көнеди. Ол тойларда атларды бағып, шыбынға таланып жатып, Ақымбеттиң айтқан дастан ҳәм қосықларын еситип үйрене береди. Сөйтип ол Ақымбетке бес жыл шәкирт болады. Ақымбет оған тек соңғы жыллары ғана кеўил аўдарып, өз алдына айтқызып тыңлаған ҳәм оның ажайып хош ҳаўаз сазенде екенин мойынлаған.

Бир күнлери Ақымбет Қаратаўдың аржақ бержағынан мийман алып, үлкен той береди ҳәм мийманлардың алдына келип:

– Ағайинлер, мен енди қартайдым. Бирақ изимде алты шәкиртим бар. Оларды усы жерде сыннан өткериўимиз керек, – деп, шәкиртлерди сынға сала баслайды. Ең қыйын төрт наманы сайлап алып, олардың ҳәр шәкиртине гезекпе-гезек айтқызып шығады. Сонда Ақымбет ҳәр шәкиртин ҳәр жерге бөлип атырып, Муўсаға:

– Муўса, мен сени ҳеш жерге де бөле алмайман. Әрисиңди шеклеўге ҳақым жоқ. Өйткени сен меннен де өткир бақсы болып жетилистиң. Соның ушын төрт тәрепиң бирдей қубла. Сен пүткил Қара атаңа ҳәм сезиңди, ҳәм сазыңды жүргизесең, – деп пәтия береди.

Сөйтип, ат баққыш шәкирт бала биринши рет даңқлы өмир босағасын усылай атлаған екен.

### ШЫҢҚОБЫЗ
(Р-1242, №183023)

Шымбай бетте жасайтуғын қарақалпақтың мүйтен урыўынан шыққан, қолы өнерли Арыўхан деген қыз болған екен. Ол жүдә нағыслап қур тоқыйды екен. Бир күни кешке дейин қур тоқып, шаршап, бир нәрселерди ойлап отырғанда қурдың жиплерин ўақты-ўақты кесип таярлайтуғын пышағы жерге түсип кетипти. Қараса, неше жыллардан бери пайдаланған полат пышағының сабы түгип қалған. Төмен түсип баратырып жипке тийип кетип «дың» етип, жағымлы бир сес шығады. Қыз дәрриў пышағын алып, қызықсынып қарайды. Қараса, пышақтың сап жағы биздиң ушындай жиңишке, бирақ биздей жумыры емес, қыяқтай жуқа екен. Бармағы менен азмаз қайыстырып аўанына жиберип қалса, оннан жалаң сес шығады. Шаршап отырған қыз соннан жағымталлы сес шыққанына қуўанып, ҳәр қыйлы етип шертип ҳәлекленип отырады. Ақырында оның астына тилт қойып, ернине апарып, кеңесине тутып, еки тистиң арасын пышақтың қырындай ашып, пышақтың жаңағы жиңишке сабын аўыздың ишине қарай шертип қараса, полат ушының сести бурынғыдан гөре жақсырақ ҳәм ашығырақ шыға баслайды. Ҳәтте, намаға да келгендей болған. Ол полаттағы бундай қасийетти сезип, ол ўақыттағы Шымбайдың шебер темиршилеринен есапланған, қарақалпақтың маңғыт деген тийресинен шыққан Шамурат уста дегенге барады.

Арыўхан Шамурат устаға болған ҳәдийсени бир бир баян қылады. Зейинли ҳәм шебер Шамурат уста мәселени аңлап, қыздың айтқанларын иске асырыўға тырысады. Нәтийжеде сол Шамурат уста бир саз әспабын соққан, оның атын шыңқобыз деген. Қыздың шыңқобызының тили пышағының сап жағы болғанлықтан, оның бас жағы пышақ болып қала берген. Өйткени ол қур тоқып отырғанда сол пышақ пенен жип ҳәм қурды кескен. Ерикkенде дем алып, пышақтың сап жағындағы шыңқобызды шертетуғын болған.

«Бир қыз сондай қобыз соқтырыпты» деген хабарды сол замандағы той-мерекелерде жаңа көзге түскен, дуўтарға нама қоса алатуғын, қосық айтып жүрген қоңыратлы, қазаяқлы урыўынан Турымбет қызы Зийбагүл деген хош ҳаўаз қыз еситип келип, Арыўханның шертип отырғанына қарап таң қалыпты. Зийбагүл Шамурат устаға барып:

– Қур тоқыўшы қыздың қобызындай қобыз соғып бер, ҳақыңды беремен, бирақ қобызың пышақсыз болсын, – деп қасында отырып алыпты.

Шамурат уста:

– Ҳәзир қолым тиймейди, ертең кел, – десе де, Зийбагүлдиң өзи қобызға сондай ышқыпаз болғанлықтан, устаның қасынан шықпаған. Бойлы сынлы, хош ҳаўаз қыз устаның алдында өтиниш етип, «жан аға» деп турған соң, Шамурат уста:

– Нәзериңди қайтармайын, бир буйымын түсип келе қойыпсаң. Соғып берейин, бирақ керикти өзиң басасаң, – дейди.

– Қыз баланың араласатуғын иси емес еди ғой, ол қалай болар екен? – депти Зийбагүл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Уста Шамураттың өзи де сол жумысқа Зийбагүлди ылайық көрмей отырған еди.

– Саған бул жумысты ислетпес едим, көрик басатуғын шәкиртимди бир жаққа жумсап едим, – дейди.

Жумысым тезирек питсин деп, Зийбагүл устаның көригин басыўға ыразы болыпты. Қайтсин ақыры, шыңқобызға ышқы кеткен Зийбагүл темиршиниң көригин басып, шыңқобызды өзи айтқандай етип дүзеттирип алыпты.

Шыңқобыздың атын шығарған, оны саз әсбабы етип қатарға қосқан сол шебер қуршы қыз Арыўхан менен қоңыратлы қыз Зийбагүл екен.

Той-мерекелерде Зийбагүл сазенде сыпатында шақырылып, дуўтар шертетуғын бақсы менен қатар Зийбагүл де тыңлаўшыларға шыңқобыз шертип, тамаша береди екен. Зийбагүл қарақалпақтың көпшилик намаларын шерте билген. «Әтшек», «Жетим қыздың зары», «Қара жорға» деген намаларды да шыңқобыз бенен атқарады екен. Той-мерекелерде Зийбагүлге тойхана сыйлықты дуўтар шерткен бақсылардан кем бермеген. Айырым жағдайларда ҳаял-қызлар ер бақсылардан гөре Зийбагүлди көбирек тыңлап, бақсы келген тойға халық әсиресе ҳаял-қызлар көбирек келетуғын болады. Ҳаяллар емин-еркин отырып, оның намасын тыңлайды екен.

Той-мерекелерге барса, Зийбагүл шыңқобызы менен дуўтарын алып барады екен. Тыңлаўшылардың талабы бойынша ҳам дуўтар, ҳам шыңқобыз шерткен, қосық та айтқан. Өзи таза намалар шығарған. Ҳәзирги «Шымбай намасы» деп аталып жүрген нама да сол Зийбагүлдиң шығарған намаларының бири усайды.

Шамурат устадан шыңқобыздың соғылыўын үйренемиз деп Хожелиден, Қоңыраттан ҳам басқа жерлерден, қалалардан жас темирши усталар келген. Шыңқобыз соғыўды үйренип, өз елиндеги ҳәўескер қызларға шыңқобыз сатып таратқан.

## БАЙНИЯЗ БАҚСЫНЫҢ НАМАСЫ

(Р-173, № 50409)

Заманында Байнияз бақсының алдына адам түспеген. Еки адамның даўысын жалғағанда да Байнияздың даўысына шақ келмеген.

Бир күни Байнияз бақсының намасын айтаман деген бир бақсыны қара үйге жатқарып уйқылатып, бир қыз бетин желпип отырады. Үйдиң дөгерегине де суў серпиледи.

Сол күни Байнияз бақсы бир жақтан атлы киятыр екен. Жаңағы қыз атлы киятырған Байнияз бақсыны танымай:

– Атыңды арманырақтан айда, бул үйде Байнияз бақсының намасын айтаман деген бақсы уйқылап атыр, – дейди.

Байнияз буның менен иси болмай, аўылдың шетиригиндеги бир гедей ғаррының үйине барып түсип қонақ болады.

Ғарры Байнияз бақсының атына жем берип турып, қозы дуўтарға тийип кетип, «дыңң» етип кетеди. Байниязға барып:

– Дуўтарың бар екен, дуўтар шерте аласың ба? – деп сорайды.

– Азы-кем, – дейди Байнияз бақсы.

– Онда бир-еки нама шертип бер, – деп ғарры жалынып қоймаған соң, шертип еди, ғаррының көзинен жаслары ериксиз шығады. Ғаррының өтиниши менен бир-еки аўыз қосық айтып еди, кем-кем сол күнги тойда отырған адамлар еситип, халық жыйнала баслайды. Келгенлер Байниязға:

– Тойханада бир-еки аўыз айтып бериң, – деп, Байниязды қоярда-қоймай бақсы айтылып атырған жерге апарады.

Сөйтип Байнияз бир нама, бағанағы Байнияз бақсының намасын айтады деген бақсы бир нама айта баслайды. Байнияз бақсы қызыңқырап:

– Ҳә, яранлар, мусырманлар,

Жаман күнлер өтип кетти, – деген намасын айтып болыўдан анаў бақсыны бирotala тоқтатады. Аздан кейин жаңағы бақсы шығып, тойдан кетип қалады. Қыза-қыза терлеген ўақта сол аўылдың бир катқудасының қызы Байнияз бақсыға бир кесе шай әкелип береди. Бийқуш болған ол қыз бақсының терлеген терин жипек орамал менен сыйпайды. Отырған жигитлердиң арасында биреўлери:

– Бақсының бетинен сүйип алды, – деген, және биреўлери:

– Бақсының бетиндеги терин сыпырды, – деп, аз-аздан сыпсың басланады. Буны көрип шыдай алмаған қыздың ағалары тойда шаўқым көтерип, мерекени бузады.

Тағы бир күни хан үлкен той берип, бақсылардың барин жыйдырады. Булардың ишинде Сүйеў ҳам Байнияз бақсылар да болады. Көп бақсылардың ишинен Сүйеў ҳам Байнияз бақсылар айрықша көзге или-

www.ziyouz.com kutubxonasi

еди. Жаралып шыққан усы еки бақсының қайсысының басым екенлигин белгилеў пайыты келеди хәм бас байрақты кимге бериў кереклигин анықлаў керек болады. Сонда хан ҳәзирет түркменниң Әкил деген уллы адамына булардың қайсысы белент бақсы екенлигин айырып, инам бериўди тапсырады. Әкил екинши бир сазды хәм наманы айттырып кимниң басым екенлигин айырыў ушын бир адамға тапсырады. Ол адам, Сүйеў бақсы түркмен миллетинен болғанлықтан, биринши тезекти Сүйеў бақсыға береди хәм байрақты да соған бериўге нийетленеди. Ол Сүйеўге барып:

– Гөрўғлыны доңыз қамаған жеринен айт, – деп усынады.

Сүйеў:

– Ол наманы билмеймен ғо, – дейди.

Оннан соң усы наманы Байниязға да усынады. Байнияз, усы қалай болар екен деп, Гөрўғлының бир урыста жеңилип қайтырғанда Сапар кесениң «бүгин урыс тамам болды» деп айтқан қосығын айтады да, қайырмасында «Гөрўғлыны доңыз қамап, даўлар гүмбир-гүмбирледи, суўлар шүмбир-шамбырлады» деп наманы жақсы атқарып шығады. Сонда түркменлер: «Әмма ғалпағың бақшысы айтқыш екен» деп, сыйлықты Байниязға алып береди.

## ОРЫНБАЙ БАҚСЫНЫҢ ОН ТӨРТ ПЕРДЕСИ

(Р-46, № 50412)

Бир күни Жаңабай бақсы бир жумыслары менен Орынбай бақсының үйине барып қалыпты. Ол Орынбайдың үйинде отырып, керегеде илдириўли турған дуўтарға көзи түсип, оған он төрт перде тартылғанын көрип қалыпты. Сонда ол ҳайран болып, Орынбай бақсыға:

– Мына перделердиң кереги жоқ ғой? Ямаса мази байлап қойыпсыз ба? – деп дуўтарды алыпты.

Сонда Орынбай оған:

– Қане Жаңабай аға, қайсы перделер керек емес. Керек емес дегенлериңизди қыйып таслайын, – депти.

Жаңабай оған бир еки перденн көрсетипти. Сонда Орынбай ол көрсеткен перделерге қарап:

– Биринши көрсеткениңиз «Айжамал» пердеси, мынаўсы «Налыш» пердеси, ал мынаўсында «Алыңнан», «Мухаллестиң» төрт түри шертиледи. Булардың арасында керек емес перденин өзи жоқ, – депти.

## ҚУТЫМ БАҚСЫ ҲӘМ ОНЫҢ ШӘКИРТИ ОРЫНБАЙ БАҚСЫ

(Р-46, № 50412)

Орынбай бақсы устазы Қутымнан саз хәм сөз үйренип, он еки-он үш жасларынан баслап дуўтар шертип айта баслаған, әўеле халық аўзындағы қосықлардан айтып, соңынан маңғытлы Сүйеў бақсының шәкирти Атажан гөрден хәм Әмет бақсыдан үйренген.

Қутымнан биреўлер:

– Еки шәкирт таярлап шығардыңыз. Қане, буның қайсысы бақсы? – деп сорапты.

Сонда Қутым:

– Орынбайдан өзиндей болып шәкирт қалмайды. Жаңабай бақсы болмайды, – депти.

Қутым өз дәўиринде ханның сазендеси менен саз шертисип жарысып, оны жеңген. Ол «Шырўаны кетер», «Салки ширўан», «Молла Ерман», «Найлермен», «Мың түмен», «Дас нама», «Ешбай», «Көр қыз», «Налышлардың түр-түри», «Қоша дас», «Қошым палўан» намаларын аса шеберлик пенен шерткен. Ол усы намаларды көркейтиў ушын ҳәр наманың ишинде сайқалын берип, наманы байытқан.

Адамлардың айтыўына қарағанда, ол:

– Жигирма жыл бақсышылық еттим. Соның он жылын халықтың ортасында қорқпай еркин айттым. Аржағындағы он жылда излениў менен бақсыларға жалтақлап жүрдим, – деген екен.

Бақсы «Гөрўғлыдан»: «Әрep Райхан», «Базирген», «Қырмандали», «Әўез үйленген», «Ботакөз айым» бөлимлерин, «Юсуп Ахмед», «Ҳүрлиқа Ҳәмира», «Ашық Ғәрип» дәстанларын айтқан, «Ранайли», «Ираны», «Саятык», «Қоша дас», «Қошым палўан», «Ширўани кәтер», «Молла Ерман», «Ылғал», «Найлермен», «Налыш», «Алақайыс», «Көр қыз», «Дардиң иси» намаларын шерткен.

Орынбай бақсы да шеберликте Қутымнан қалыспаған. Оның жолы да устазына уқсас. Орынбай да Маңғытта ханның сазендеси Сабыр гүрек пенен саз шертисип жарысқан. Ғанийбай деген жигит Сабыр гүректен:

– Ким менен саз шертистиңиз, кимлер шебер бақсы? – деп сорапты.

Сонда Сабыр гүрек:

– Көп адамлар менен жарыстым. Бирақ қоңыратлы Орынбай дегенниң жүда шебер сазенде екен, – деп, Орынбайға жоқары баҳа берген.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир сапары Актөбеде үш жүз бақсының жыйынында басқарыўшылар бақсыларға «жетпис перде байлап шертиң!» депти.

Ҳеш ким шерте алмаған. Сонда Орынбай бақсы басқарыўшыларға:

– Керек пердемди тағы шерте берсем бола ма? – депти.

Сөйтип Орынбай жетпис перденi камине келтирип шертип берип, ҳәммени таң қалдырған.

Бир күни Орынбай Гәнеге Дәўлетбай ғиржекши менен бир түркменниң тойына барған. Булар қуры қонақ болып барғаны ушын, қасына дуўтары менен ғиржегин алып бармаған екен.

Олардың ким екенин билиўден, адамлар «Бизлерге Орынбай саз шалып берсин» деп өтиниш етип қойыпты. Бақсы сонда:

– Мейли, ықласыңыз жерде қалмасын. Дуўтар менен ғиржек алдырып береғойың, – депти.

Соннан Орынбай бақсы дәслеп «Нама басыны», изинен «Жекке дәс», «Мухаллес»ти атқарған қусайды.

Сонда түркменлер оған:

– Ҳәй, қарақалпақ, дәстаннан билжагиң бармы? – депти.

– «Юсуп Ахмед»ти айтаман, – депти Орынбай бақсы.

– Әй, туўған акеңнен айланайын, айт, – депти олар.

Сол күни Орынбай таң атқанша, соннан түске шекем, оннан кешке шекем саз шертип, дәстан атқарған. Келген мийманларға палаў тартқанда олар бақсының алдынан кете алмай, «жемеймиз» десипти. Палўан тутыс пенен ат шабыс, улақ ойын да жайында қалған. Ақырында той ийеси менен мереке басқарғанлар Орынбайға:

– Қоя ғой, шырағым, өзи сениң билмегениң жоқ екен, – десипти.

Сол тойдан Орынбай бақсы гилы қоржынның еки жағын сарпайға толтырып қайтқан екен.

## АРЗЫ БАҚСЫ

[Р-450, №176393]

Ақымбет деген бақсы он төрт урыўда болған екен. Оған жизия береди екен. Буның мәниси: ким оны айттырса, он тилла пул, бес қадақ набат, жарты қадақ көк шай, бир жипек шапан берген. Буған қудирети келмесе, ҳеш ким айттыра алмайды екен.

Қоңыратлыда Абылғазы ийшанның жийени Арзы билимли молла екен. Буны илим көтерип, мешиттен шығып кеткен ўақытларында қыз-жигитлер арасына барып, қысса китапларды оқып, қосық айтып отырады екен. Буларды көрип жүрген бир киси:

– Тәқсыр ийшанымыз, сизиң жийениңиз молла Арзы қыз-жигитлердиң ортасында бирдейине қосық айтып отырады, – дейди.

Ийшан буны аңлып бир күни барса, оның киятырғанын сезип, жигит-қызлардың ортасында китабий мәселелерди айтып отырғанын көреди. Ийшан жаңағы кисиниң айтқаны жалған екен деп, кетип қалады.

Бир күнлери мешитке пүткиллей бармай, Арзы бақсы, Арзы бақсы атанып атқа шығады.

Арзыда енди Ақымбетти бир көрсем деген қыял пайда болады. Ақымбетти излеп талап етип кетеди.

Бир күни Ораз аталық келин түсирип, үлкен той берейин деп атыр деген дабарасын еситип, соған кетеди. Барса, тамамы бақсы жыраўлар жыйналған екен. Бул бақсылардың басшысы Ақымбет екен. Арзы бармастан бурын-ақ бақсыларды ҳәр үйде отырған жигитлердиң үстине бөлистирип болған екен. Арзы да бақсыман деп кирип барады.

Ақымбет бақсы Арзыны кемпирлердиң үстине алып барады. Арзы шай ишип, бес-алты аўыз кемпирлерге қосық айтып берип, Арзы аталықтың үстине келеди. Бул жерде Ақымбет бақсы айтып отыр екен. Арзы «ассалаўма-әлейкум» деп кирип келип, есикте отырады. Арзы аталық:

– Балам, сен өзиңди бекиткен жерде отырып мәс қылсаң, байрағыңды алар едиң, – дейди Арзы моллаға. – Бул Ақымбет деген хан бақсысы, буның менен айтысып қаларсаң, – дейди.

Сонда Арзы:

– Мен аржақтан талабан болып киятырман, рейим етсеңиз қайтеди, ата, – дейди.

– Балам, жассаң ғой, майырылып қаларсаң, – деп және айтады ол.

Сонда Арзы:

– Рухсат етсең, ең болмаса саз шертисип көрсем еди, аға, – дейди.

Турымбий қулағын салып тыңлап отыр екен:

– Ол баланы қыстай берме, бир дизе орын берейик, шамасын көрсин, – дейди.

Бийлер төрге шығарыўға рухсат етип, алдына салып бир шәйнек көк шай әкелдиреди. Бала шайға мақул қанып алғаннан соң Арзы аталық:

– Бир дәс мухаммес шертип бер, – дейди.

Бала шертипти. Бул Арзы аталыққа унап қалады. Және ол:

– Қане, балам, бир мухаллес айт, – дейди.

Сол ўақытта Арзы дастандағы Ҳазирети Әлий менен баба Рәўшанның сөйлесип турған жеринен атқарып береди.

Сонда Арзы аталық:

– Балам, молламысаң? – дейди.

– Молла емес, миймانман, – дейди Арзы.

Соннан соң Ақымбет пенен айтысқа түседи. Ақымбетти күнде еситип қалған және күндеги үйреншикли қосықлар болған соң, баланың сөзлери тәсирли ҳәм жағымлы шығады. Ақымбетке, сен қойғой, дейди. Бала соннан күн шыққанша айтады. Бир ўақытта бийлер:

– Мухаммес пенен отыра бериппиз, бизлерге бир ертек айтып бермейсең бе? – депти.

Бала сонда Ашық Айдын пирден айтыпты. Өмирде бийлердиң еситпеген сөзи, қулағына жүда унап қалыпты. Сөйтип ҳәмме ҳайран қалып, рахметин жаўдырыпты. Байрағына бир қара қасқа жорға жипек-ше жонасы менен, ер-турманы менен, кос бастырғысы менен, көйлек дамбал, жипек шапан берипти. Бул Арзы аталықтың Ақымбетке қойған бас байрағы екен. Сол күннен баслап Ақымбет бақсы дуўтар услаўды таслап, Арзыға патиясын берипти.

## АРЗЫ МЕНЕН ДОСЫМ

(Р-450, №176393)

Қыятта Досым бақсы деген болған. Дуўтарының тары арбаның тартыў арқанындай, колларының сайтағы темир жабаның сабындай екен. Жүдә күшли адам болған.

Өзи түркменлердиң ишинде отырып, оларға унағанлықтан, қарақалпақларға бермеген.

Бир күни Арзы усы Досым бақсының хабарын еситип излеп барады. Сол ўақытта Арзы жигирма үш жасында екен да, ал Досым алпыс жасында екен. Қонақ болып сорасады. Арзы қыятпан деген. Сонда Досым:

– Ойбай, шырағым, қыят болған ағайин екенсең, – деп, жақсы күтеди.

Арзы өзиниң бақсышылық ететуғынын айтыпты. Сонда Досым:

– Түркпен тутас айттырмай, қәлеген жеринен бөлип айттыра береди. Сен оларға жараған болғаны ғой, балам, – депти.

Екеўи бир тойда «Юсуп-Ахмет»тен айтысыпты. Сонда Арзының сазы да, сөзи де Досымнан өтип шығыпты. Досым Арзыны жақсы сыйлап, сарпайлап қайтарыпты.

## ТӨРТ ШӘКИРТТИҢ КӘРИЯТЫ

(Р-1296 №183776)

Бухара медреселериниң биринде үш-төрт күн даўамында оқыў тоқтап қалыпты. Себеби медресениң мударриси уш-ты-күйди жоқ болып кеткен екен. Бул хабар Бухара әмирине шекем барып жетипти.

Әмир «Кимде-ким мударристи көрсе, тиккелей патшаның сарайына алып келсин!» деп буйрық шығарыпты.

Төртинши күни ҳәмелдарлар мударристи Әмирдиң сарайына сүйрелеклеп алып келди.

Сонда әмир оған:

– Дамла, төрт күннен берли медреседе сабақты тоқтатып, өзиңиз қай жаққа кеңгырып кеттиңиз? – деп сорапты.

Сонда устаз әмирге:

– Бир уллы халықтың төрт уллы перзентин шығарып салып қайттым, – деп жуўап берди мударрис.

– Ол қандай уллы халық? – депти әмир ҳайран болып.

– Уллы қарақалпақ халқының төрт уллы алымын, – депти мударрис.

Сонда әмир ашыўы келип оған:

– Еле тарийхта санға илинбей жүрген көшпели қәўимниң келгиндилерин оқытқаның аздай, оларды бунша ҳүрметлеп, көкке көтергениңиз не? – депти.

Сонда ол:

– Уллы дәрежели әмиримиз! Уллылық халықтың санына қарамайды. Мениң бул шәкиртлеримде мийнет сүйгишлик, кишипейиллик, сабырлылық, туўры гөзлим сыяқлы пазыйлетлер бисяр екен. Олар усы пазыйлетлери менен устазының барлық ақыл ҳәм илимин ийелепти. Ҳәтте олар еле мен оқый алмаған китапларды, мен билмейтуғын илим ҳәм ҳикметлерди оқып үйренипти. Мен оларға барлық билимлеримди берип, өзим қуры алақан қалып баратыр екенмен. Сонлықтан олар менен үш күн жолдас болып сөйлесип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

әдеўир тәлим алып қайттым. Енди сол қарақалпақлардан үйренип келген илимимди медиреседеги талабаларына үйретежақпан, – деп жуўап берди мударрис.

Бул төрт алымның бири – Әжинияз шайырдың устазы Елмурат ахун, екиншиси – Қурбаназар ахун, үшиншиси – Бесим ийшанлар екен деседи.

### БӘРИ ДЕ ЖАСЫНДА ШАППАТ УРМАҒАННЫҢ КЕСИРИНЕН
(Р-1296, №183776)

Мақтымқулы шайыр болып жетилгеннен кейин патша, бек, бай, ҳәмелдарлардың иллетлерин сынға ала берипти.

Күнлерден бир күни сол елаттың бир үлкен ҳәмелдары Даўлетмәммед Азадыйға:

– Балаңыз не ушын ҳәкимниң зейнине тийе береди? – депти.

Сонда Азадый:

– Балаға ўақтында таяқ та керек екен. Жазалаў ҳәм тәрбияның бир түри екен. Егинге керекли тегин, суў берилип турса, ол жақсы өседи. Оның зейнин ҳеш қайтармаған едим. Нәтийжеде балам өр минез болып өсти. Бәри де жаста балаға шаппат урмағанымның кесиринен болды, – депти.

### АТА ДЕГЕНГЕ НЕГЕ АШЫЎЛАНАСАҢ?
(Р-1296, №183776)

Мақтымқулы ҳәр мезгилге бир мәртебе «ата» деп айтып қоя береди екен. Атасы себебин сораса, ол дым үндемейди екен. Бир күни Даўлетмәмед Азадый:

– Ҳа, жаңы қарыскыр, неге «ата» деп қақсай бересең? – деп улына бақырған екен. Мақтымқулы сонда:

– Ата, сиз «алла» деп күнине мың мәртебе сыйынғанда, мениң ҳәр мезгилде бир рет «ата» дегениме неге ашыўланасаң? – деп жуўап қайтарады.

Даўлетмәмед Азадый тек өз халқына емес, басқа халықларға да үлгим болып отырған адам болса да, «мени Аллаға неге теңгересең?» деп улына ашыўланып, оған: «Сениң гәзлериң китап болып басылмасын. Тек бақсылардың дуўтарында ғана айтылсын» деп терис пәтия берипти.

### БЕРДАҚ ШАЙЫР МЕНЕН ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫРДЫҢ АЙТЫСЫ
(Р-1242, № 183023)

Бир күни Ерназар аталық, Әдил аталық деген өз заманының көзге көринген адамлары Шымбайда Даўлет пушықтың үйинде отыр екен. Булардың үстинде Бердақ та бар екен. Сол жерде отырғанлардың биреўи қалаға Әжинияз ахунның келгенлигин айтады. Отырған аталықлар буны еситип:

– Бул еки шайырды айтыстырып, тамашасын көрейик, – десип, бир адамды Әжиниязды мирәт етиўге жиберипти.

Жиберген адамы көп узамай сол жерге Әжинияз ахунды алып келеди. Әжинияз келгенлер менен аманлық сорасып болып:

– Бүгин Шымбайға базарлап келип едим, сизлер шақырып атыр деген соң келип турғаным, – депти.

Сонда аталықлар:

– Сиз атыңыз көп жерлерге тараған белгили адамсыз. Сизди Бердақ шайыр менен таныстырып, тамаша көрейик деп шақыртып едик, – дейди.

– Бердақ шайырды мен де еситетуғын едим. Усы отырғанлардың ишинде қайсысы Бердақ бала? – деп сорапты Әжинияз.

– Мине мынаў отырған бала, – деп, олар Бердақ шайырды көрсетеди.

Әжинияз Бердаққа қараса, бала айтысыўға жүдә қумар болып отырған екен. Сонда Әжинияз ахун Бердаққа қарап турып:

– Қәне, аталықлардың бул сөзине не дейсең? Айтыссаң қайсақ екен? – деп сорайды.

– Жақсы аға, бир майдан тамаша берейик, – депти Бердақ.

Сол ўақытта Әжинияз ахун турып:

– Қой, иним, булар еки ийт таластырып тамашасына қарағандай етежақ бизлерди, – дейди.

Бердақ сөз мәнисине түсинип, дым үндемепти.

Сейтип Әжинияз орнынан турып:

– Ал енди, аталықлар, жумысларыңыз өнтсе, бизлер қайтамыз, – деп кетип қалыпты.

Әжинияз елине барғаннан кейин ҳаялының ағасы молла Ибадулла деген киси

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Нете Бердақ пенен айтыспадың? – деп сорайды

Сонда Әжинияз:

– Егер де мен айтысып араб-парсы сөзлери менен араластырып қосық шығарғанымда, ол түсинбей қалады. Соның ушын мен оны қысындырмайын деген ой менен айтыспадым, – деп жуўап берипти.

## БЕРДАҚ ШАЙЫРДЫҢ СУЎПЫ БОЛЫЎЫ

(Р-89, № 37436)

Бердақ бираз қартайған шағында Қарақум ҳәзиретке барып оған суўпы болған екен. Бир күни ол ҳәзиреттиң қолын алыўға келгенде, сал сүрнигип кетип жығылыпты. Сонда шайыр қарап турыўдың есабын таппай:

– Суўпы болғанлар мәрт екен,
Болмағанлар намәрт екен,
Ғәррыллық жаман дәрт екен
Үгтуханым ауыр келди, –

деп, дәрриў суўырып салып қосық шығарған екен.

Соннан соң ҳәзирет оған:

– Ҳә, бәрекелла, шайыршылықта ҳеш кимнен кем болмассаң, – деген екен.

## ҲҮРЛИМАННЫҢ ТАҚЫЯСЫ

(Р-1242, №183023)

Бердақ шайыр бир күнлери үйине гәрежети менен қоса базардан тоғыз тақыя сатып алады. Үйине қайтып киятырып жолда бир таныслығының үйинде қонады. Азанда бағы тақыяны тексерип қараса, тақыя тоғыз емес, он тақыя болып шығады. Буны көрип Бердақ ҳайран болады. Тақыя қызлар ушын тигилген ҳәм оғада сулыў екен. Бул зыят тақыяның бир қасийети бар шығар деп, оны балаларына да, қызларына да бермей жасырып қояды. Себеби бул қасийетли тақыяны балам я қызым кийсе, бақсы болып кетер, бақсышылықтың өзи аўыр жол, ол жолға балаларым гириптар болмай-ақ қойсын деген ойда болады.

Бердақ қартайып, төсек тартып жатады. Бердақ жатқанда бағы тақыяны кәлшигиниң астына қойып жатады екен. Буны Бердақтың қызы Ҳүрлиман сезип, бир күни атасы уйқылап атырғанда урлап алып басына кийип, тойға барады. Тойға барса, қыз өзинен өзи қосық айтқысы келип, өзинде бақсышылық сезим пайда болады. Буны әкеси еситип, қызына:

– Балам, сен бул тақыяны кийме, – деп нәсият береди. Бирақ Бердақ өлгеннен кейин бул тақыя Ҳүрлиманның қолында қалады. Арадан көп ўақыт өтпей Ҳүрлиман турмысқа шығады. Күйеўге шыққаннан кейин алты күн өтип, ол исип аўырады. Сол аўырып жатырғанында әкеси түсине енеди. Түсинде Ҳүрлиманға:

– Балам, әке жолын қуўып, пәтия ал, – дейди.

Ол дәслеп шырайын жуўпқа ләрсетпей қосық айтып, биреўге дутар шерттиреди. Соң уялғанды қойып, «Гүл-Бүлбүлди» шертеди ҳәм айтады. Усыннан баслап Ҳүрлиман бақсышылық жолына түскен екен дейди.

## МУРАЛЫ-ШЕР ҲӘМ СУЛТАН СҮЙИН ТУЎРАЛЫ СӨЗ

(Р-1242, №183023)

Султан Сүйин патша қайда жүрсе де өзиниң ақыллы ҳәм дилўар ўәзири болған Муралы-Шерди қасынан қалдырмайтуғын еди.

Ўәзир Муралы-Шер ақылға жетик, тилге жүйрик адам болды. Патша ол ўәзири менен сөйлесиўди де, қыдырыўды да жақсы көрди. Ал Муралы-Шер патшаға тар кезеңде, тайғақ жерлерде өзиниң ақыл нуры менен жол таўып берип жүретуғын еди. Сонлықтан Муралы-Шерди патша жақсы көреди, ал басқа ўәзирлер жек көреди.

Бир күни олар екеўи нөкерлери менен ел аралап жүрсе, бир қалада ажайып бир сулыў қызды патшаның көзи шалып қалды. Патша Муралы-Шерге сол қыздың ким ҳәм қайдан екенин тез хабарлаўды буйырыпты. Ал бул қыз ҳақыйқатында Муралы-Шердиң көўил татыў қызы болып, «енди қосылысамыз» деп жүрген гези екен. Сонда да ол патшаның тилин қайтарыўды ылайық көрмей, қыздың үйине ат шаўып барады да, көп узамай қайтып келип, оның усы жерде бир саўдагердиң қызы екенлигин айтады.

Султан Сүйин сарайға келгеннен кейин тилла жамнан шарап ишип отырып Муралы-Шерге:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Достым, сен билесең бе? Мен кешеги саўдагердиң қызына ашық болып қалған усайман. Соны сорап барып кел, – деп сыбырлайды.

Муралы-Шердиң басынан қуйылған суў аяғынан шыққандай болады. Бирақ ол сыр бермейди. Атланып кетеди де, сылбырап қыздың үйине келеди.

– Саған патша ашық болып қалыпты. Қане, кийин тез, – дейди ол қызға.

Қыз оған исенбей бираз турады да, анығын билгеннен кейин қатты ашыўланады ҳәм:

– Өлсем де бармайман, мен тек сизди сүйген едим, еле де солай болады, – деп турып алады.

– Ашық болғаны рас, бирақ мен саған «қане, кийин, патшаға барасаң» деп жортаға сынаў ушын айтыл едим. Мен сени патшаға апармайман, өзим де бармайман, не көрсек, бирге көрермиз, – деди ўәзир.

Қыз аўыр ойланып жүре береди. Ол өзиниң сүйикли адамына үлкен қәўип туўғанын, өзине жақсы болмайтуғынын, ал Султан Сүйинниң шарапқа масиргенде ҳәр қандай бузақылықтан да қайтпайтуғынын жақсы түсинеди. Сөйтип ол Муралы-Шерге былай дейди:

– Сиз сарайға қайта бериңиз. Қыз қылмайды, «келип узатып әкетпесе, мен ийт емеспен ғой, әйтеўир биреўге ерип кете беретуғын» деп айтты дериз. Оннан кейин өзи келер, аржағына жуўапты өзим табарман, – деди.

Муралы-Шер жуўабын патшаға келип айтты да, сол күннен баслап үйинен шықпай жатып қалды. Патша ертеңине ҳеш кимге билдирмей атланып кетип, жолаўшы сыпатында қыздың үйине барды. Барса, қыз өзин-өзи пышақлаған, туўған туўысқанлары қара кийинип, аза тутып отырғанының үстинен шығады.

– Қызыңыз неге бундай бахытсызлыққа ушыраған? – деп сорайды патша үй ийесинен.

Үй ийеси оған:

– Ҳәй, шырағым, патшаң әдил болмаса, көретуғының усы ғой. Патшаның Муралы-Шер деген бир жақсы ўәзири бар, қызым сол ўәзирдиң қалыңлығы еди. Муралы-Шер патшаның қыяметлик досты еди. Бирақ патша қызымды көрип, сол дослықты бузып, ўәзирине қыянет қылмақшы болды. Қызым сол азапқа шыдамай өзин-өзи өлтирип қойыпты, – деп жуўап береди.

Буны еситкен патшаның мәслиги тарқап сала берди.

– Нәлет болсын ондай патшаға, нәпси ушын қыяметлик дослықты бузған! – деди өзине-өзи намысы келген патша ҳәм сол түни билдирмей сарайға келди. Ол енди өзиниң ең жақсы достының ҳәм жанкүйер ўәзириниң қатты зейнине тийгенин билди. Бул қолайсызлықтан қутылыўдың ҳәзир ҳеш жолы жоқ еди. Сонлықтан ол тек шарап ишип, тахтына сүйенип мүлгип отыра берди.

Қыздың өзин-өзи өлтиргени жөниндеги хабар көп узамай Муралы-Шерге ҳәм басқа да сарай адамларына еситилди. Муралы-Шер қатты қапа болды. Ал басқа ўәзирлер болса «буны енди патшамызға қалай билдиремиз» десип, шыр-пыр болысты.

– Буны патшаның ғәзебине ушырамай, бир билдирсе Муралы-Шер билдирер, – дести ўәзирлер ҳәм Муралы-Шерге келип, қыздың өлгенин патшаға еситтириўди сорады.

Сонда Муралы-Шер тахтта отырған жеринде Султан Сүйинге келип:

– Сарўиниң саясында солды гүл, нетпек керек? – деп бир аўыз байт айтты.

Патша қысынып төмен қарады. Ол сөз не ҳаққында баратырғанлығын жақсы түсинип, Муралы-Шерден қатты уялды. Султан Сүйин басын жерден сал көтерип:

– Сарўинден табыт жасап, гүлден кепин етпек керек, – деп жуўап берди.

Бул узақ заманлар ишинде аңызға айланып кетиўи ажайып, сулыў айтылған ҳәм өткир ҳақыйқатлықты билдириўге қаратылған байиттиң мазмуны өзинен-өзи түсиникли еди.

«Патшаның саясы күн түсирмей, соннан бир гүл солып қалды, енди оны не ислеў керек?» дегени еди Муралы-Шердиң. Ал буған қашшан-ақ түсинген патша өз байити арқалы: «Мен айыпкермен, мениң сүйегимнен табыт жасап, гүлге безеп, қызды жерлең» дегени, яғный өзиниң пасық ис қылғанына өкингени еди.

## КҮНХОЖА ҲАҚҚЫНДА АҢЫЗЛАР

(Р-39, № 37341)

Күнхожа мениң әкемниң әкеси менен жас екен. Қырық сегиз жасында көзинен айырылған, баласыз болған, әўлийе қыдырған. Түркистанға Хожа Ахмет Яссаўийге барып түнеген, бала тилеген. Түсинде, бир перзент бердик, деп аян берилген. Күнхожа жолда киятырып:

– Келип-кетер дәўлет ушын,
Қуўанба көўлим, қуўанба,
Келип-кетер мийнет ушын,
Қыйланба көўлим, қыйланба

www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнхожа Мамут деген балалы болады. Бирақ ол баласы да узақ турмай шетнейди. Ол перзент дағынан көп қыйналады, тек Күнхожаның өзи ғана емес, үйиниң иши менен қыйналады. Күнхожаның бир қызы Мамуттың өлгенин аза тутып, өмиринше кийлегиниң жаға бауын көктен тағып өтиен.

Күнхожа Хожа Ахмет Яссауийдиң басына барғанда тилек пенен мынадай сөзлерди айтқан:

– Ата пийрим, баба пийрим,
Деп келиппен мен сени,
Өз күшигим, өз мурийдим,
Дерменен деп мен сени, – деген.

Бир байдың тойында бай Күнхожаға «мени мақта» деген. Күнхожа байға қарап турса, көзлери көккөмбек, аяқлары ҳәм қоллары ебетейсиз, узын екен, ол туўралы дәрриў мынадай қосық шығарған:

– Шашы-сақалың сап-сары,
Көзлериң периўзадек,
Қол-аяғың қып-қызыл,
Қымбызға писken ғууздек, –

дегенде, бай «жүр» депти.

Бир бий Күнхожаға қусымды мақта деген, сонда ол қусты былайынша мақтаған:

– Секкизни алар,
Тоққызны алар,
Ҳүким етсе,
Җеккизни алар.

Бий турып, Күнхожаға:

– Қусымды еле де жақсылап мақта, – деген. Сонда ол:

– Әл ҳауаға шығып кетсе,
Сүттиң қаймағын буза алмас,
Бир қыл менен байлап қойса,
Сексен талпынса үзе алмас, – депти.

## ӘЖИНИЯЗ ҲӘМ МОЛЛА ҚОЖБАН
(Р-46, № 50416)

Әжинияз қазақ жерине барып, молла Қожбан дегенниң үйинде моллашылық еткен. Молла Қожбан сол ўақлары қазақлардың ең абыройлы адамларынан бири болған. Бул гезде қазақта атақлы шайыр Қыз Мәнеш деген болған. Қыз Мәнештен аўылындағы барлық шайырлар жеңилип, буған молла Қожбан қатты арланып жүреди екен. Әжинияз молла Қожбанның баласына, айтып жүр деп, бир қосық жазып береди. Баласы әкесиниң алдында отырып қосықты оқып отырғанда, қосық Қожбанға қатты унайды. Баласынан «Буны қайдан алдың?» деп сорайды. Баласы Әжинияздың жазып бергенин айтады. Молла Қожбан сол күннен баслап Әжинияздың изине түседи. Қыз Мәнеш пенен айтыс деп күнде ортаға алып қоймайды. Бирақ Әжинияз:

– Қыз Мәнеш пенен айтысып болмас, ол усы елде аты шыққан үлкен шайыр, және айырым сөзлеримиз ауыр тийип жүрер, ол жат елде жақсы болмас, – дейди.

Сөйтсе де, Қожбан айтысыўға көндирип, тойға алып келеди. Әжинияз Қыз Мәнеш пенен айтысып, оны жеңеди. Бирақ Мәнештиң аўылының жигитлери Әжиниязға топылыс жасайды, сонда Қожбанның жигитлери оларды тойдан қуўып шығады, той даў менен тарқады. Бунда молла Қожбан ортаға түсип, төрелик етеди.

## СӨЗ ЖҮЙЕСИН ТАПСА, МАЛ ИЙЕСИН ТАБАР
(Р-1299, №184812)

Бир жылы Қарақум ийшан жай салмақшы болыпты. Жай көмекке көўил жетер адамлардың барлығын қалдырмай шақырыпты. Жай көмекке шақырмаған адамлар да келипти. Оған ким дән, ким қой-ешки, ким баспақ-тана әкелип атыр екен. Жай салыў азаннан басланып кетипти. Көп жерлерде тандырға нан жабылып, мал сойылып, қазанлар қайнап атырса керек. Түске таман Қарақум ийшанның өзи адамларды көриўге шығыпты. Ол ҳәр жерге барып, жумыс ислеп атырған адамларға ҳармасын айтып атырса керек. Сол ўақытларда келиўшилердиң ишинен биреў:

– Жаңа мына жерден өткен атлының ким екенлигин байқамадыңлар ма? – деп сорапты.

– Қайдем билейик! – депти адамлар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда ол адам

– Ол Бердақ шайыр еди ғой, – депти.

Оның бул гәпин еситип турған Қарақум ийшан:

– Хәў, Бердақ етти ме? Бердақ шайырды айтасаң ба? – деп ықлап сорапты.

Жаңағы адам:

– Аўа, Бердақ шайыр. Мен оны таныйман, – деп жуўап берипти.

Қарақум ийшан өзинен-өзи турып ашыўланып:

– Егер биз Қарақум ийшан болсақ, журт кәмекке жығылып бизге келип атырса, ол буны көрип турып қайырылмай өтип кеткени қалай? Қане, еки атлы Бердақ шайырдың изинен тез қуўып жетиң! Олай-бу-лайына қарамай, оны усы жерге алып келиң! Оның менен сөйлесип көрейик! – депти.

– Әжеп болады, тақсыр! – деп еки адам атланып, Бердақ шайырдың изинен қуўып жетипти.

– Сизди хәзирет шақырып атыр, – депти олар.

– Бармайман! – депти Бердақ.

– Жоқ, бармасаң болмайды! Бизлерге сизди қалай болмағын алып келесең деп буйырды, – депти еки адам.

Бердақ шайыр бармаса болмайтуғынын билип, изине қайтыпты. Келсе, ийшанның жай кәме-ги. Үлкен жыйын. Қарақум ийшанның өзи оның басында тур екен. Бердақ шайыр аттан түсип Қарақум ийшанға сәлем берип, оның қасына келипти. Қол алысып сәлемлесип болғаннан кейин ийшан ашыўлы түрде Бердақ шайырға:

– Қане, Бердақ, көрип турсаң, кәмек болып атыр. Биз Қарақум ийшаны болсақ, сен Бердақ шайыр болсаң, буны көрип турып қайырылмай кетиўге сен уялмайсаң ба? – депти салмақлы сөйлеп.

Сонда Бердақ шайыр ийшанға:

– Тақсыр! Жай кәмектиң болып атырғанлығын көрдим де, барлығына түсиндим де. Бирақ қасымда еки адамым бар еди. Қайрылайық десем, олар айтқанымды қылмады. Соннан кейин бул жерде иркиле алмадық, – депти.

Ийшан бурынғысынан бетер даўысын бәлентирек көтерип:

– Хәў, олар кимлер? – деп сорапты.

Бердақ шайыр үндемепти. Сонда ийшан шайырды алып келиўге жиберген еки адамға қарап:

– Бердақтың қасында кимлер бар екен? Ол адамлар қайда? – деп сорапты.

Ол еки адам:

– Тақсыр! Бизлер Бердақтан басқа адам көрмедик. Бердақ шайырдың бир өзи кетип баратыр екен, – десипти.

Ийшан Бердаққа қарап:

– Еситип турсаң ба? Қасыңда адам жоқ деп атыр ғой. Сиз жалған да сөйлейсиз бе, шайыр? – депти.

Сонда Бердақ шайыр Қарақум ийшанға қарап:

– Тақсыр! Мениң еки адам дегениме сиз түсинбедиңиз. Олардың биреўи – мендеги жарлылық, ал екиншиси – ғаррылық еди, – депти.

Қарақум ийшан лам-лим демей үнсиз қалыпты. Бердақ шайыр сол жерде атына минип, сапарын даўам етиўге жөнепти.

Бул ўақыяның гүўасы болып турған халайық:

– Әстапыралла! «Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табар» деген усы екен да, – деп таң қалыўы менен қала берипти.

**МАМАН БИЙДИҢ ТҮСИ**

(Р-1299, №184812)

Маман бий отыз жасына келгенде жарлы түсе баслапты. Ол қатынына:

– Үйде сойғандай мал-әлден не бар? – деп сорағанда, қатыны:

– Баспақлы сыйыр бар, – депти.

Сыйырдың баспағын сойып, аўылдың атқаминерлериниң барлығын шақырыпты. Жыйылып келген жигитлерге Маман бий:

– Жатсам, көкирегиме қырық қарлығаш уя салады, усындай бир қәдийсе түс көрдим, сизлер жақсыға жорың, – депти.

Жигитлер:

– Қырық қарлығаш уя салса, дәўлетли боларсаң, ийманың шығар, – деп жорыпты.

Маман бий бул жорыўға қанаатланбапты.

Ақыр соңы сыйыр сойып, басқа аўылдың атқаминерлерин шақырыпты. Оларға жаңағы түсин айтып-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ты. Олар да жақсыға жорып кете берипти. Бул түсти «теркинлетпесем» болмас деп, Сансызбай бийдиң аўылына барады. Барса, Сансызбай бий кетейин деп жорыққа шыққан екен. Маман бий менен сәлемлесип жол сорапты. Маман бий:

– Кете бериңиз, бирақ қашан келетуғыныңды айтып кетиңиз, – депти.

Сансызбай:

– Усыннан кетсем, он алты күнде келермен, болмаса отыз еки күнде келермен, – депти. – Егер оған шыдамасаңыз, келиниңизге айтарсыңыз, – деп, руқсат алып кете берипти.

Маман бий жатып он алты күн күтеди. Сансызбай келмейди. Маман бий ойланып-ойланып, Сансызбайдың қаялын сынамақшы болып:

– Жаўлығыңыз неге кир, көйлегиңиз неге кир? – деп сораў береди.

Сонда қаял Маман бийге тикке турып жуўап қайтарады:

– Жаўлығымның кирлиги – қонағымның көплиги, көйлегимниң кирлиги – дәўлетимниң барлығы, – депти.

Маман бий сонда:

– Япырмай, келинжан-ай! Сансызбай болса келмеди, келген жумысымды саған айта берейин, – депти. – Мен бир түс көрдим. Жатсам, төсиме келип қырық қарлығаш уя салады, бул не болады, келин? – депти.

– Ал, ата, жорыдым, – деп далаға шығып кетеди. – Сизге төрт қере кийиз таярладым, және мына шаңанды ийниңизге тартыңыз, усыннан кейин қарлығаш уя салмақ түўе, қарақус та уя салмас, – депти.

Әне, келин жорыды деп, жигитлер менен қайта берипти. Маман бий қантып қиятырып жигитлерге айтыпты:

– Үй тозды, үйдиң үзиклери де тозды, жатсам, үстиме күн түсип, жаталмадым, сол еди мениң көрген түсим, – деп, қайтып келип үйин кийизден жаўып алыпты.

## МАМАН БИЙДИҢ ХӘМЕЛДЕН ТҮСИЎИ

(Р-1299, №184812)

Жаңадарьяда тийкарынан он төрт урыў арасынан он мың үйли қарақалпақлар жасаған. Орынбай бий басшылығындағы маңғытлар менен Ешан бий басшылығындағы қытайлар бес мың үйли еди. Ҳасан бий менен Есенгелди бий басшылығындағы бессары урыўы, Тоқполат бий басшылығындағы қыпшақлар хәм оймаўыт Маман бий басшылығындағы кенегес оймаўытлар бес мың үйден ибарат еди.

Қоңырат бийи хәм ҳәкими Айдос бий Хийўа пуқаралығын Муҳаммед Әмин инақ тусында қабыл етип, Хийўа ханына садық болды.

Муҳаммед Раҳим хан Айдос бийге:

– Оймаўыт кенегес бийи Маманға айт, елдиң бирлигине турсын. Елин кәпиртпесин, – дейди.

Бирақ Маман бий Айдос бийдиң айтқанын тыңламайды. Муҳаммед Раҳим ханның өзи Жаңадарьяның арғы жағында «Көкөзек» деген жерге үш жүз әскери менен Маман бийдиң алдына шығады. Хан Маман бийге:

– Кейин қайт, – дейди.

– Ханымыз, ўәжлесейик, мениң Сизге айтар гәпим бар, – деген Маман бий.

Көкөзекке барлық қарақалпақ бийлери шақырылады. Сол жерде Маман бий сөз алып, ўәз айтады.

– Ханымыз, бизиң пуқара халықтың күн көриси жүдә төмен. Сизиң салған салығыңызды төлей алмайды. Оны төлеў ушын дийқаншылық етип, егин егиў керек. Оның ушын жап-салмалар қазып, суў әкелиў керек. Бул иске хан басшылық етпесе болмайды. Екинши жағдай – малға жайлаў, суўат, көл керек. Бизде бир бий менен екинши бий усы жөнинде даўласып, жағаласып қаламыз. Буны арашалаўда бизлер қырылысайын деп жүрмиз. Ҳәр бийдиң тийисли шегарасын белгилеп бериўиңиз керек. Сонда ғана салығыңыз төленеди, ханымыз, – дейди Маман бий.

Сол жерде хан барлық бийлерге – маңғытлар бийи Орынбай бийге, қытайлар бийи Ешан бийге, қоңыратлар бийи Есенгелди бийге, қыпшақлар бийи Тоқполат бийге хәм улыўма қарақалпақлар бийи Айдос бийлерге шегараларын белгилеп, мөр басып, жарлық береди. Ал оймаўыт бийи Маманға жарлық қағаз берилмейди. Сол жерде оймаўытларды кенегеслер бийине қосып жибереди. Маман бий хәмелден түсип қалады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАМАН БИЙ ҲӘМ САНСЫЗБАЙ

(Р-1242, №183023)

(екинши вариант)

Маман бий Әмиўдарьяның батыс тәрепиндеги Қаратаўдың Ақтаў деген жерине қоныс басады. Ақтаўдан және Даўқараға көшеди. Бул жерде отырған қазақлар Маман бийлерди қонаққа шақырып:

– Сиз қарақалпақ ағайинлер, не себептен бизиң үстимизге көшип келдиңизлер? – деп сораў берипти.

Қарақалпақлар:

– Ел ағасы Маман бий түс көрип еди, соны жорыйтуғын адам табылмай, сизлерге жорытыў ушын келип атырмыз, – депти.

Сонда қазақлардың бир бийи:

– Маман бий, түсиңди айт? – депти.

Маман түсин айта баслапты:

– Түсимде тесиме қырық қарлығаш уя салыпты. Оянғанымда, биреўи қалмастан үйимнен шығып кетипти, – депти.

Маманның түсин еситкен олар:

– Бизлер бул түсиңизди жорый алмаймыз. Әлим, Шөмен деген туўыслар бар, солардың ишинде аты шыққан түс жорығыш Сансызбай деген адам бар, бир жорыса түсиңди сол жорыйды. Қазақ болғаны менен, бәри түс жорый алмайды, – дейди.

– Сансызбай қайда? – деп сорайды Маман.

– Ол үш күннен кейин келеди, – деп жуўап береди.

Маман бий оны күтеди. Үш күннен кейин Сансызбай келеди, оған Маман бий түсин айтады.

– Мен сизиң бул түсиңизди жорыйман. Сиз бизиң үйге бара бериң. Бизиң үй Сырдарьяның Ақийек деген жеринде. Мен өзим Бухараға баратырман, – дейди.

Маман бий Сансызбайдың үйине барып, он күн жатады. Сансызбай келмейди. Оннан соң ол ҳаялынан жуўап сорайды, ол жуўап бермейди, жигирма күн жатады, Сансызбай келмейди. Ақыры Маман бий:

– Шырағым, мен көп егленип қалдым, енди рухсат болса да, болмаса да кетемен, – дейди.

Сонда Сансызбайдың ҳаялы Маман бийге:

– Ата, жумысыңды айт, – дейди.

– Жумысым – түсимди жорытайын деп едим, – дейди.

Сансызбайдың ҳаялы оның келген жумысын билип, түсин жорып қойған екен.

– Сизиң түсиңизди әлле қашан-ақ жорып қойыппан, ата, – дейди.

– Қәне, айтшы, шырағым, – депти Маман бий.

– Тесиңе қырық қарлығаш уя салса, үйиңниң қырық тесиги бар екен, сол тесигиңнен күн түседи екен. Мен сизге жигирма ерели кийизди түйеге таңдырып қойдым. Соны ал да, үйиңди пүтинлей жап, мениң питиргеним сол, – депти.

Маман бий жолға атланып кеткеннен кейин Сансызбай келеди. Ол ҳаялынан:

– Қарақалпақ ағайинлердиң аламан бийи Маман деген киси бизиң үйге келиўи керек еди. Ол киси келди ме? – дейди.

– Аўа келди. Түс көрип келген екен. Сиз көп кешиккен соң кетип қалды. Түсин өзимше жорып, үйи тозған екен деп, жигирма ере кийиз берип жибердим, – дейди.

– Сен ол кисиниң түсин оңлап жорый алмапсаң. Оның «түсимде тесиме қырық қарлығаш уя салыпты, оянсам, бәри ушып кетипти» дегени – ол барлық қарақалпақларды бириктирип, бир жерде боламыз деген нийети бар екен, бирақ бул нийети болмай, көўли жабығып жүр екен, сен бул түсти дурыс жорый алмапсаң, – дейди ҳаялына.

Сансызбай Маман бийдиң көўлин алыў ушын бес жүз қой айдап Маманның елине кетипти. Жолда изинен жетип:

– Бир кийиз үй не болады, мына қойларды сизге берейин деп алып келдим, ата, – депти.

Маман бий пәтиясын берипти.

Маман бий усы қойларды айдап, Жаңадарьяға көшеди. Бирақ суў излеп таба алмайды. Бул ўақытта Жаңадарьяның сағасын Бухара ханы байлатқан екен. Маман бий бөгетти жықтырып, Жаңадарьяны суўға ғарқ қылады. Бирақ Байдулла деген биреў Бухара ханына барып:

– Маман бий сизиң байлаған жериңизди жықты. Сырдарьяда суў азайды, – деп хабар береди.

Буны еситкен Бухара ханы Маман бийди қырық жигити менен Бухараға шақыртады. Хан оның қырық жигитин босатады да, өзин дарға асламақшы болады. Маман дар арқанның астына барғанда хан:

– Мениң төрт сораўым бар, соған ирикилмей жуўап берсең, мен сени дардан азат етемен, – дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хан сәўалын айтады:

– Суў сағасы не болады, сөз сағасы не болады, жол сағасы не болады, өтирик пенен растың арасы қанша жер шығады? – депти.

Сонда Маман бий турып:

– Суў сағасы булақ, жол сағасы туяқ, өтирик пенен растың арасы төрт ели, – депти.

Бухара ханы буны еситип, қолын қулағы менен көзиниң аралығына салып жиберсе, төрт ели екен. Сонда Маман бий:

– Көз бенен көрген рас, қулақ пенен еситкен өтирик, – дейди.

Маман бийди хан өлим жазасынан қутқарады. Маман бий Жаңадарьяға қоныс басып, өз тиришилигин өте берген екен.

## ЕСЕНГЕЛДИ МЕНЕН АЙДОС БИЙ

(Р-1242, №183023)

Есенгелди махрем қарақалпақлардан жыйналған салықларды жыйнастырып, бир күни өзиниң күйеў баласы Майбастың үйине қонақ болады. Майбас Айдостың туўысқан ағасы болып, оған Есенгелди өзиниң туўысқан қарындасын турмысқа шығарған.

Ханның ең жақсы махреми хәм қайнағасы үйине қонақ болған соң Майбаста не турыс, мал семизин сойдырып, изzеттиң барлық жақсы түрлерин көрсетип, Есенгелдиниң басына еки көпшик, белине еки көпшик, аяғына еки көпшик қойып, тамақты аўзына шайнап салғанға шекем Есенгелдиниң хызмети ушын тақ турған.

Усы мәҳәлде Майбастың душпанлары Айдостың үйине барып, хәр түрли ҳийлелик сөзлер менен алдап, Майбастың ислеген ислерин бирим-бирим айтып шағынып, және Майбастың қарақалпақлардың арын аяқ астына басқанын айтады.

Бурыннан жаманлаўы қанып жүрген ҳәдийсеге Майбастың мына қылған иси қосымша болып, Айдостың төбе шашы тик турып, түри бузылып, қарыў-жарақларын асынып, Майбастың үйине атланады. Ондағы мақсети – айтылған сөзлер рас болса, Есенгелди махремди өлтириў еди.

Ашыўға минген Айдос аттан түспестен Майбастың қара үйиниң есигин қамшысы менен көтерип, аўҳалдың барлығын өз көзи менен көреди де, гырра кейнине қайтады. «Егер де азанға шекем усы қаддин бузбай отыра берсе, жаңғардың геллесин алайын» деген ашыў кернейди.

Айдос кетиўи менен Есенгелдиниң де мазасы кете баслайды. Ол Айдостан қәўипсинип, таң атар-атпастан жолға шығады хәм Хийўаға қарай жүрип кетеди.

Күнниң шығыўына Айдос Майбастың үйине келеди де, Есенгелдиниң Хийўаға кетип қалғанын билип, изинен қуўады. Қаратаўға жақынлатан жерде изинен қуўып жетеди хәм оннан барлық жыйналған теңгени және хан мөрин бериўди талап етеди.

Сонда Есенгелди:

– Мөрди маған хан берди, «халықтан салық жыйна» деди, хан ҳәмири. Салық жыйнадым, теңге халықтики, алып баратырғаным хан ғәзийнеси, солай болмаса да кейин тартып алсаң, иләжым жоқ, ал өз қолымнан бермеймен, – деп жуўап береди.

Қаҳәри келген Айдос Есенгелдиниң жағасынан алып, көнжыгасын қанжары менен кесип жиберип, теңге салған қоржынын тартып алады хәм қойнындағы мөрин де басып алады. Солай етип, алған олжалары менен өзи ханға бара береди. Айдос бий жол бойынша қонған жеринде Есенгелдиниң атынан ханға хат жазып жибере берген.

Хаттың мазмуны мынандай екен:

«Уллы мәртебели патша, мен сизиң махремиңиз Есенгелдимен, қута қартайдым, салық жыйнаўға күшим жетпей баратыр. Бизиң елимизде Айдос деген адам бар, өзи батыр хәм қаҳарли жас жигит. Соны орныма махрем етип сайлаўыңызды сорайман. Сол ушын мөр менен жыйналған теңгени Айдосқа берип жибердим».

Усы мазмунда Есенгелди махремниң атынан жазылған үш-төрт хат Айдостан бурын ханға барып жетеди. Айдос Хийўаның қаласына кирип барыўдан-ақ ханның қойған адамлары оны жақсы қарсы алып, ҳүрметлеп, ханның алдына алып барады.

Солай етип, хан хатқа исенип, Есенгелдиден хабар болмағаннан кейин Айдосқа «бий» деген атақ берип, үлкен ҳүрмет пенен қарақалпаққа қайтарады.

Айдос ҳәмелди тартып алғаннан кейин аўылына қайтып киятырып Босай деген байдың садақасының үстинен шығады. Садақада хызмет етип жүрген жигитлер Айдосты ҳүрмет пенен қабыл етип алып, таяадан тигилген отаўға киргизбекши болып, Айдостың отаўға кириўин өтинеди. Айдос бий отаўға кирейин



www.ziyouz.com kutubxonasi

деп турғанда, бул отаўдан қашығырақ тигилген ерекше бир отаўға кези түседи. Айдос бий иркилип турып, көринген отаўдың ким ушын тигилгенин ҳәм онда кимлер бар екенин сорайды. Сонда хызмет етип жүрген жигитлер ол отаўда Есенгелди маҳремниң бар екенлигин билдиреди. Айдос хызметши жигитлер тәрепинен усынылған отаўға кирмейди де, жигитлерге қарап:

– Ҳәмелди болса мен тартып алдым, ханға барып ҳәмел әкелген де мен, сонда неге Есенгелдиге айрықша отаў тигип, мени оған киргизбейди?! – дейди де, отаўға қарап жүре береди.

Отаўға кирип барса, Есенгелдиниң бир өзи отыр екен. Айдос бий үйге сәлем берместен-ақ кирип келип, отаўдан орын алады.

Аз ўақыттан кейин сыйлы тамақ келеди, бас Есенгелдиниң алдына қойылады. Тамақ жаңа алына баслағанда Айдос бирден:

– Ҳәмел болса менде, хан мәри де менде, сонда неге басты мениң алдыма қоймай, Есенгелдиниң алдына қояды? – дейди де, Есенгелдиниң алдындағы басты тартып алады.

Бул ыза қаҳарленген ҳәм ашыўы келген Есенгелди сол ўақытта бирден орнынан турады да, тамақты жеместен кетиўге ыңғайланады. Кийимлерин кийип, белине камарын буўып атырып Есенгелди Айдосқа қарап:

– Ҳәмелимди тартып алдың, мәримди тартып алдың, қоржын толы теңгемди алдың, үндемедим, ол аздай, үйге киргенде сәлем бермей, жасулкеңди көзге илмедиң, онда да үндемедим, ал енди алдымдағы басты тартып алғаның не қылғаның, заңғардың баласы? Еле басшы да боларсаң, баслай алмай да жүрерсең, бас та жерсең, ақырында өзиңниң басыңды да жерсең, мен қуры кеткеннен, бир нышан қалдырып кетейин. Айдос, сен мақаў кесел боласаң, жүўернемек боласаң, болмаса тұқымқурт боласаң, – депти де, отаўдан шығып кетип баратырып:

– Келеси жумада мениң намазым болады, соған барарсызлар, жигитлер, – деп шыға атланыпты.

Усыдан баслап Адос бийдиң хан алдындағы абырайы ҳәм бийлер арасындағы мәртебеси күшейе баслайды.

## МАМАН БИЙДИҢ АЙДОС БИЙГЕ МӘСЛӘҲӘТИ

(Р-1296, №183776)

Қарақалпақ Түркистан жағынан аўып келип, Жаңадарья деген жерде бир неше жыл ўатан етип, бир неше себеплер бойынша оннан да аўып, Хорезмге келипти. Бир топары Орынбай, Маман деген баслықлары билен сол Жаңадарьяда қалған еди.

Қарақалпақлар Хорезмге орналасқаннан кейин ҳүкиметислери булар қолында болған ўақларында Есенгелди маҳрем, Айдос бий дегенлер баслық болып турғанында қанатлының қағыўын, тумсықлының шоқыўын көрмей турған екен.

Бир күни Хийўаның ханы менен мәсләҳәтлесип, Жаңадарьяда қалған ағайинлерин аўылы менен көширип алып қайтыўға Айдос бий барып, келген жумыс жөнин айтып отырғанында Маман менен Айдостың ортасында мынадай гүрриңлер болыпты:

– Маман

– Бийлигиң қай жерлерге жетеди?

Айдос:

– Жоқарысы Майлыжеңгел, төмени Арал теңизи, еки ортасы қарақалпақ. Буған ханның араласы жоқ.

Маман:

– Ханға қадир-қымбатың қандай?

Айдос:

– Ханның еки маҳрем ўазири бар. Мен Хийўаға қарай жүрсем, сол еки маҳрем Қоскөпир деген жерден алдымнан шығып, күтип алады дағын, екеўи атымның жылаўынан услап, жаяў жуўыра береди. Сол барысым билан Хийўа есигинен атлы кирип, хан болатуғын жайдың есигинде аттан түсемен. Еки маҳрем сол жерде атты услап қала береди. Ханның өзи есиктиң алдына шығып қарсы алады. Қушақласып көрисемиз. Ишкериге киремиз. Тахтқа екеўимиз жанасып отырып сөйлесемиз. Ислеримизди питкеремиз. Ўәдени бир жерге қоямыз да, мен шығаман. Хан бағанағы қарсы шыққан жерине алып келип салады. Сол жерде атымды тутып, барған еки маҳремниң биреўи қолтықлап, биреўи зәңгимди басып атландырып, екеўи жылаўымда жуўыра береди.

Арналған қосыма апарып түсиреди. Мен елге қайтпағанша хызметте болады. Хийўаның ишинде бирер жерге қыдыра қойсам, жылаўымда жуўырып жүргени-жүрген. Елге қайтарман болсам, және Қоскөпирге дейин жылаўымда жуўырып шығарып салады.

Маман:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Сөзиңниң сынған жери бар ма? Ыррайың қайтқаны болды ма?

Айдос:

– Жоқ. Жән сөзим еки бастан мақул, әлеге дейин жән болмаған сөзлерим де мақул болып турады.

Маман:

– Бул мәртебелерди қайдан, не себеплерден болды деп билесең?

Айдос:

– Елимниң көплиги, аўзының бирлиги, ел қорғандай батырларым, елдиң сөзин айтатуғын шешенлеримниң салдары хийўалының жүрегин суўлатып турғаны. Өзимниң ерлигим оның үстине.

Маман:

– Олай болса, сен бизге кеш деп айтпа. Қайтып кете бер. Мәртебең қутлы болсын. Биз усында турсақ, ислериң пайдалы болар.

Айдос:

– Жоқ. Бәримиз бирге болайық, бирлик қылайық. Орынбайға, саған зор дәрежели жарлық мөхир алып келдим. Елдиң ҳәзин де, мийнетин де бирге ортақласайық.

Маман:

– Сениң ерлигиң болса да, бирлигиң жоқ. Ҳәзирги мәртебең, ҳәзлигиң удайына болар деп ойланып, келешекке үлги салып, болжай алмай, қам-қайысты қуўалап жүрипсең.

Айдос:

– Буны не себептен айтасаң? Мениң қайсы бир исимнен мин таптың?

Маман:

– Сен аңсадек адамсаң, ойланбайсаң. Жаңадағы айтып отырған мәртебелериң – бизиң мунда турғанымыздан. Биз сениң жел жағыңа қорғанбыз, Жаңадарьяда сондай ағайиним бар деп жүре берсең, усы мәртебеңе шаң қонбас, удайына кетеди. Егерде қоймай алып барып, журттың бар жоғын бир тесикке қамадың бар ғой, оннан соң Хийўаға барғаныңда Қосқапирден алдыңнан шығатуғын мәҳремлер сен барғаныңда жалғанның уйқылатан болып жатар. Есиктеги қуллары жақын жоллатпай қуўып турар. Сениңдей аңғедек адам шыннан алданғаның билгеннен соң ишқыста болып өлер, ямаса жоқ болып, сүйеги дүзлерде қалар. Бир өзиңниң өмириң болса, өзи билсин. Ал елдиң көрген жәбир-машақаты кимниң мойнына болар екен?

Айдос:

– Олай болмаға жол жоқ. Елимиз, жигитлеримиз жақ болып турғанда, мундай истен қайғы жоқ.

Маман:

– Отызлаңның майын ишкен хийўалы әле саған араласар. Араңа бузықлық салар. Елде жарымас жигитлерди таўып алар. Биреўин ҳәмелге, биреўин пулға қызықтырып, өз инилериңниң қолы билен өзиңниң жағаңнан алдырар, бара-бара зораяр. Ис қолдан кетер. Соң өкингенниң пайдасы болмас.

Айдос:

– Сизиң бул сөзлериңиз бизиң журтымызды көрмегеннен соң, қыял билен айтылған бир сөз. Бу күнде бир қадиримизди тиклеген ис, сенлер барғаннан соң қарақалпақтың орны үлкеймесе, киширер деп қорыққаныз.

Маман:

– Сейтсе де, бул сапар қайтып, истиң түрин барлап, тереңнен ойлап көр. Мақул көрсең, қайтып келе ғой, соған дейин мәўлет бер.

Айдос:

– Бул жасыма келгенимше атасы басқа хийўалыдан, ат айланбас айлақурдан түп деген түнлигимиз жерге түспей, сағымыз сынбай келгенде өз туўғаным – сизлерден сағым сынып, көрместей болып кетермен, – деди.

Маман өзиниң балаларына:

– Болмас, балалар, түйелерди қамалаң, арбаларды майлап, жегиң. Егер кисини өкпелетип жиберип, бир ис арттыра ма деп жүргеннен биз де арасында бирге болып, көре қояйық. Тислесе, өз бармағы, – деди де, елин көширди.

## АЙДОС БИЙ ҲӘМ ОНЫҢ ПЕРЗЕНТЛЕРИ

(Р-1299, №184812)

Айдостың Ырза, Төре, Мырза Сейит деген үш баласы болған. Ең үлкен баласы Мырза-Сейит – батыр ҳәм ақыллы жигит болған. Ол аң аўлап, қус салып, ел аралап жүреди екен. Айдостың өзи менен туўысқан Бегис ҳәм Мыржық деген еки иниси болып, олар да батырлықтан өз ўақтында алдына адам салмайтуғын

www.ziyouz.com kutubxonasi

жигитлерден есапланған. Мине, Айдостың еки иниси менен Мырза Сейит келиспей, барлық ўақытта мәлеллесип, басы писпей, мереке-мәжилислерде илиниспей қала бергенлиги себепли Мыржық пенен Бегис Қоңырат бетке, Турым бийдиң қарамағына кетип қалған болады.

Бегис пенен Мыржық Турым бийдиң ең жақсы көрген, исенген ҳәм сырлас жигитлеринен есапланған, мерекеде үлкен абырой және қурметке ийе болып өмир сүрип жүрген ўақты екен.

Турым бий хан алдында күта абыройлы болып, өзиниң сөзге шеберлиги, ойлап тапқырлығы, қыйыншылық болып қалған жағдайларда тез жол табыў усыллары жағынан қарақалпақ бийлери арасында белгили орында турған адам болған.

Мине, усы ўақытта Турым бий Айдос бийдиң Есенгелдиден ҳәмелди тартып алғанын ҳәм хан алдында абыройының жақсы екенин еситип, қызғанып, күнлей баслайды. Ол Айдос бийдиң баласы Мырза-Сейит пенен инилери Бегис ҳәм Мыржық ортасында ала аўызлықты келтирип шығарыўға және оларды бир-бирине мүмкиншилиги болғанша душпанластырыўға күш жумсайды.

Буннан басқа, Турым бий Айдос бийге арнаўлы хат жоллайды, хатында: «Ал, туўысқаным Айдосжан, сениң еки иниң күта биймаза екен, бул жақта мениң жүда мазамды алды. Олар күнде мениң жанымды алып, әскерлеримди үгитлеп, саған қарай атланысқа шықты. Енди сен тез ўақыт ишинде адам жыйнап, тез қуралланып таярлық көрмесең, Бегис пенен Мыржыққа қарсы турмасаң, елиңди бүлдирип, сени жоқ қылады» деп жазған болады. Айдос қатты ашыў менен урысқа таярланады. Айдос баяғы баласы Мырза-Сейитти өлтирип кеткеннен кейин-ақ еки инисине күта қатты қаҳары келген еди. Сол ушын Айдос урысқа күта пухта таярланады.

Әскерлеринен айырылып қалған Бегис пенен Мыржық узақ жол жүрип келип, Көкөзекке атларын салып, жүзип жаңа ортаға келгенде Айдостың батыры Арзы батыр жасырынып турып буларды гөзлеп атады. Оқ Бегиске тийип, көзи тынып, аттың басын меңгере алмай, дәрьяның ортасында турғанында Арзы батыр барып найза менен шаншып өлтиреди, дәрьяға ығызып жибереди. Усы ўақытта Мыржық қорққанынан кейин қарап, дәрьядан шығып қашып кетеди де, үш жылға шекем оның өли-тиригин ҳеш ким билмеген.

Аўыр қайғы ҳәм ел гезиўден сарсылған Мыржық өз туўған елин сағынып, үш жыл дегенде аўылына қайтып келип Көкөзектиң бойында, ҳәзирги Мыржықтың қумының шығыс бетиндеги Ораз аталықтың жайының жанына келип қоныс басқан. Қалай болмасын Айдос пенен пиир жасап, өткен ўақытларда кеткен қәтеликлерди ортақласпақшы ҳәм мойынласпақшы болып, усы жумысты жақсы шешиўдиң жолларын қарастыра баслаған.

Усы мәҳәлде аўыз алалыққа гириптар болған Айдостың ағайинлери Мыржықтың ел арасына көшип келгенин еситип, қалай болмасын, қандай жол менен болса да Мыржықты өлтирип, оның басын Айдостың алдына апарып қойсақ абыройлы болмас па екенбиз? – деп, Мыржықты өлтириўдиң ретин гөзлеп жүреди.

Олар мәслаҳәт төбесине шығып, ҳәр түрли жолларды шамалап, Мыржықты өлтириўдиң жолын излестирсе де, ҳеш ретин таба алмайды.

Биреўлери үйине барып, түнде уйықлап атырғанда өлтирейик десе, екинши биреўлери ерте азанда даўыслап шақырайық. Кийлеп шықса, қылыш пенен шабамыз да өлтиремиз, деп айтқан менен де, сәл жерде қолымыздан жазым болып, бизлерди қырып кетер деп, батына алмайды.

Ақырында қолдаўлылар тәрепинен үйимластырылған бул ойласық Мыржықты бир үйге дослық деген тәсил менен шақырып, «Айдос пенен жарастырамыз» деген сылтаў таўып, арнаўлы үй тигип, төрге отырғызып, «әне, Айдос келеди, мине, Айдос келеди» деп, қара үйдиң ишине он, он бес қарыўлы жигиттен кирип, бир жигит Мыржықтың мойнына қыл шылбырды илмешек салып, есикке қарап тартып, ерғенекке кепленген ўақытта иштеги жигитлер тум-тустан қанжар урып өлтириўдиң жолын ойласады.

Қолдаўлылардың жуўҳалығына, «Айдос пенен жарастырамыз» деген сөзине инанған Мыржық саўыт-сайманларын киймей, шақырылған қара үйге барып, арманда өлип кетеди.

«Әўлийени таныйды көзли киси, сыпайыны таныйды сөзли киси» дейди халық. Қолдаўлылардың Мыржықты бир сумлық пенен шақырғанын сезген ҳаялы Қумар Мыржықтың жаў-жарақларын, саўыт-сайманларының барин бөктериўге таңып, өзи еркек кийимлерин кийип, «Мыржықты алып барған үйдиң сыртына барып турайын, илажын таўып, үйден аман шыға қойса, саўыт-сайманы менен қурал-жарағы қолына тийсе, еплеп қутылып кетер» деген ой менен қара үйдиң сыртына жаңа келгенде, «ўақ» деген Мыржықтың даўысы ҳәм ғаўырласқан көп адамлардың сести еситиледи. Бир бәлениң болғанын билген Қумар қашады да, үйине келип, «Мыржықтың жалғыз баласы Ернazарды да қолдаўлылар өлтирип қояр» деген ой менен Турым бийдиң қәўиминде баспаналаў ушын басын алып қашып кетеди, қараўыллар Қумардың кеткенин билмей қалады.

Мыржықты өлтирип, мурадына жеткен ақылсыз қолдаўлылар оның гәўдесинен басын кесип алып, Айдостың алдына алып барады. Айдос Мыржықтың басын көрип, өкирип қоя береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Хәй, атаңа жүз мың нәлет қолдаўлылар! Мениң Мыржық баўырымда не қастыларың бар еди? Олар Мырза-Сейитти өлтирген болса, оның қаны ушын Бегисти өлтирдиңиз гой. Мыржықта қандай әкеңиздиң ҳақы бар еди? – деп өксип жылап қоя берипти.

Баяғы «Айдосқа Мыржықтың басын кесип жағынамыз» деген қолдаўлылар баслы-басына қашыпты. Айдос бул қайғыдан көп ўақытқа шекем азап шеккен. Халықтан қанша салық жыйнаў жумысын да ўазийпасына түсирген.

Хан Айдостың тиреклери – Мырза-Сейиттиң, инилери Бегис пенен Мыржықтың өлип кеткенлигин билип, Айдостың да көзин жойып, қарақалпақлардың еркин пүткиллей өзине қаратып алып, езиўди ойлап, Айдосты Хийўаға шақырады ҳәм усы ўақытта хан өз ҳәмелдарлары менен Айдосты өлтириўдиң жолын ойластырады.

Туўысқанларынан жүдә бийик айырылған Айдос барлық қайғыны арқалап, еңсеси түсип Хийўаға зордан жетип келеди. Белгили өзиниң түсетуғын жерине атын байлап, хан сарайына қарай жүрис қылады.

Айдос сарайға киргенде Хийўа сарайының жаллатлары Айдосты бурынғыдай қарсы алмайды. Хан сарайына кирер жерде Айдостың еки досты алдынан шығып, болған ойласықларды толық Айдосқа түсиндирип, тек ғана қашып кетиў керек екенлигин айтады. Айдос буған қайыл болмағаны менен де, еки досты оны зорлап көндиреди.

«Жалғызлық жыланға жарассын» дейди халық. Айдос хан сарайынан кейин қайтып, қорған дәрўазасына келсе, дәрўаза қулыплы тур екен. Усы жерде Айдостың басына жалғызлық түсип, әзәзуллердиң қурбаны болып, өлип кеткен баласы Мырза-Сейитти, инилери Бегис пенен Мыржықты ойлап, ботасын жоғалтқан нардай бозлайды. Не илаж? Қайғырыў адамды қайғы түбине жеткергеннен басқа пайда бере ме? Айдос белин беккем буўады ҳәм қатты қаҳарге келип, қорған дәрўазасының алдында турған сақшыларды тырқыратып қуўып, қулыплы дәрўазаның тутқасын услап тартып жибергенде дәрўаза түбинен қопарылып кетеди. Айдос шығып, ат байлаған жерине барып, қайдасаң өлим деп, ҳайт қояды.

Айдостың қашып кеткени туўралы хабар тез ўақыттың ишинде Хийўаның көпшилик белгили жерлерине тарқалады. Бул хабарды еситкен Хийўа ханы жылдамлық пенен әскерлерди топ-лап, Айдостың изине қуўғыншы жибереди.

Қашқан адамның оңы бола ма? Айдос алды-артына қарамай, сол кеткеннен ҳеш жерде иркилмей үйине келеди де, бала-шағалары менен бирге жүклерин нарларға артып, Қызылқумға қарап жол тартады. Көп жерлерден асып, олар шөлде жол бойы қудықлардан суў ишип кете береди. Айдостың ҳаялы:

– Изимизден ханның әскерлери қуўып келер, сол ушын жол бойындағы қудықларды көмип кетейик, – деп ақыл берсе, Айдос:

– Мениң усындай аўҳалға түскенимди билип, еки көзим – Төре менен Ырза изимнен излеп келер, сонда қудықлар көмиўли болса, шөлде зар болар, – деп қудықларды көмдирмейди.

Ханның қуўғыншылары Айдостың изинен тындырмай қуўып отырады да, Бершиниң таўының шығыс-қублағында изинен жетеди. Хан нөкерлериниң басшылары бул жерде сумлық ойлайды. Айқасып тирилей услайын десе, Айдостың қарыўлы екенин биледи, қырып кетер деп қорқады да, Айдосты сөйлесиўге шақырады. Айдос өзиниң саўыт сайманларын кийип, қарыў-жарақларын асынып сөйлесиўге шығады. Нөкер басшысы Айдосқа:

– Бизлер сизге дослық нийет пенен келдик, уллы мәртебели ханымыз сизди қарақалпаққа хан етип сайлаўды мақул көрип отыр еди, сиз қашып кетипсиз. Хан бизлерди сизге жиберди, ал сиз болсаңыз қурал-жарақ, саўыт сайман менен шығып, бизлерди душпаныша қарсы алып отырсыз. Егер де сиз бизиң сөзимизге исенбесеңиз, мине қолымдағы Қуран урсын, – деп, қолына услап турған қара китапты көрсетеди.

Динге исенетуғын ҳәм қаша-қаштан әбден зыққы шыққан, қайғыдан жүреги жарылып, албырап турған Айдос саўытын жаңа шеше баслағанда, ханның нөкер басшысы бирден қылышты сермейди. Айдостың геўдеден айрылған басы жумалап жерге түседи. «Кең пейил тозбас, кеңесли ел азбас» дегендей-ақ, журтсыз, кеңессиз қалған Айдос саўытын шешип атырған ўақытта артында турған Арзы батыр: «Ўаҳ, екеўимиз де өлдик» деп бас бармағын аўзына салып, оны тиси менен тислеп жулып алған екен, – дейди. Солай етип, хан қуўғыншылары өз мақсетлерин иске асырып, елине қайтады ҳәм Айдостың келлесин Хийўа ханына саўға қылады.

Айдостың қуўғынға ушырап кеткенин еситкен еки баласы – Ырза менен Төре бағып жүрген малларын қоя береди де, өз жайлаўына келеди. Бурынғы отырған журтында Айдос ҳәм бала-шағаларының көшип кеткенин биледи де, бундай қыйыншылыққа себепши болған Турым бий деп еситип, Турым бийдиң журтына жол тартады. Жолда баратырып, жайылып жүрген Турым бийдиң көп малларын алдыларына салып қуўып, Таллықтың жағасына келеди. Усы жерде көп жүристен шаршаған атларды, маллардың барин арғы жағаға өткериўге күши жетпейди де, Ырза менен Төре де аты менен бирге суўға кетип өледи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЙДОС БИЙ, БЕГИС ҲӘМ МЫРЖЫҚ

(Р 1242, №183023)

Султамурат бийдиң Айбас, Мәйбас, Айдос деген үш баласы болады. Мәйбастың еки баласы болады. Үлкени – Мыржық, кишкенеси – Бегис.

Бегис күта шырайлы, жүзине көзи түскен адам изине ерип кете беретуғын сулыў болған. Палымбет бийдиң әкеси Бегим бийдиң қалыңлығы Бегисти жақсы көрип, астыртын байланыс жасап, соннан жүкли болып қалыпты. Сонда халық:

- Өзиң елге ағасаң, ал инилериң бузықшылық қылады, бул қалай? – деп Айдосқа айып тағады.

Бул сөзге шыдай алмаған Айдос инисин қатты сабайды. Айдостың сабағанына шыдай алмаған Бегис Қоңыратқа қашып кетеди. Бул ўақытта Қоңыраттың ҳәкими Төре деген екен. Бегис Төреге қарап:

- Мени ағам менен жарастыр, – дейди.

Тез арада Бегистиң абырайы көтерилип кетеди. Бир күни Қоңыратқа Хийўа ханының бир адамы келеди. Ол Бегисти Қоңыратта көрип, ханға:

- Айдос Мыржық пенен арқаны ийелеп, енди иниси Бегисти Қоңыратқа жиберип қойыпты. Сөйтип, бари биригип, Хийўаның ханлығын алмақшы екен, - деп ханға айтып береди. Буннан кейин хан «Өз көзиң менен көрип кел» деп, бир исенимли адамын жиберипти. Ол адам «дуп-дурыс екен» деп барады. Соннан кейин Хийўа ханы Айдосты шақыртқан. Сөйтип оннан:

- Айдос баба, Бегис қайда? – деп сорапты.

- Бир жаман ис қылып, оған кейип едим, соған ашыўланып, Қоңыратқа көшип кетти, – деп жуўап берипти.

Сонда хан:

– Мына жақтан Төре менен Бегис, бунғынан Мыржық пенен өзиң Хийўаны шабажақсаң, буны билемиз. Ҳәзир сени дарға асаман, әмаса зыйыққа отырғызаман, – депти.

Сонда Айдос:

– Егер ондай болса, мени жибериң, өзимниң ҳақ екенимди көрсетейин, – депти.

Хан рухсат етипти. Айдос елине қайтыпты. Бегис бул ўақларь өзине келип, «ағамнан бөлек жүргеним болмас, кеширим сорап, елге қайтайын» деп ойлайды. Бир күни Бегис «ағам менен жарастыр» деп ҳәммеге айттым ғой, енди мен ағама бара берейин, мениң булай айтып жүргенимди ол да еситкен шығар, – деп келе берипти. Айдостың үйине келсе, ол жоқ екен. Қазақдарьяда бир бай суўпы шақырып, соған кеткен екен. Айдос ағасын көриў ушын Бегис сол жерге жетип, үйге кирип барса, Айдос песин оқып атырған екен. Намазын оқып болғаннан кейин қолынан алайын деп, Бегис есик бетке таман, бир дизерлеп отырған екен. Айдос намазды оқып болып, қапталында жатырған «ақ қылыш» деген қылышын алып, Бегис қолынан алыў ушын умтылған ўақытта қылышты тартып жиберипти. Қылыш Бегистиң бир жақ шекесин ала түсипти. Бегис жан айбат пенен далаға жуўырып шығып, сол пат пенен өзин суўға таслайды ҳәм сол жерде жан тапсырады. Бирақ қай жерге жерленгени белгисиз.

Бегистиң өлгени ҳаққында Мыржыққа хабар береди. Ол сол ўақытта «Мыржықтың қумы» деген жерде отырады екен. Мыржық буған күта қапа болады. Бегисти жерлеп болғаннан соң адамлар Айдосқа «Мыржықтың түри жаман» деп айтып барады. Сонда Айдос:

- Бегистиң өлимине мен қыйналған жоқпан ба, атаңа нәлет жолдаўлылар! Бегис келди деп маған алдын биреўиң хабар бермедиңлер әмаса ашыўымды басып болмай әкелмедиңлер, – деп қатты қапа болыпты.

Арадағы адамлар Айдосқа «Мыржық сени өлтирмекши» деп айтып бара берипти. Ақырында Айдос бутан исенип, тоғыз адам жиберипти.

– Мыржықты өлтирип келмесеңиз, бәриңиздиң басыңызды ақ қылыш пенен шабаман, – депти.

Ол тоғыз адамның екеўи Мыржықтан үлкен екен. Бесеўи Мыржық пенен жаслы, екеўи киши. Олар Мыржықтың үйинде жоғының үстине келеди.

– Мыржық қайда? – деп сорайды ҳаялынан.

– Мыржық малға кеткен еди, – дейди ҳаялы Кумар оларға ҳәм:

- Аттан түсиң, кешикпей келип қалады, – деп мирәт етеди.

– Таңир жарылқасын, бизлер Мыржықтың алыстағы жоралары едик. Ойлағатуғын жумысларымыз бар еди. Келе қойса бизиң изимизден барар, бизлер Есим дарьяның бойында ат отлатып турамыз. Кейите келип қонақ боламыз, – деп кетип қалады.

Көп узамай Мыржық та келеди.

– Бир майданлықта бир топар атлы келди, сениң жораларың екен. Есимниң бойында ат жайып отырамыз, келсе изимизден жетсин деп кетти. Бирақ түрлерин жаман көрдим, сақланыңқырап барарсаң, шабазым, - дейди Мыржықтың ҳаялы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Не айтып отырғаның өзиңниң, мени излеп келген жораларым шығар, – деп олардың изинен атын шаба жөнеледи. Барса, тоғызы да ат жайып отыр екен. Шетинен сәлемлесип, бесеўиниң қолынан алып үлгергенде олар Мыржықты бас салады. Сол жерде Мыржықты өлтирип, үстине шапанын айқыра жаўып, олар кетип қалады.

Мыржық кешиккеннен кейин Қумар изинен барса, Мыржықтың өлигиниң үстинен шығады.

Қумар булардан қорқып, «жалғызым Ерназарды да өлтирип қояр» деп төркинине кетипти.

## АЙДОС БИЙ

(Р-89, № 37436)

Қарақалпақ халқы ата журты Түркистаннан келип, Хорезм жерине орналасып атырған ўақытта Майбас бий деген адам басқарып, соң ол қартайып аўырыўға шатылғаннан кейин оның орнына Хийўа ханы тәрепинен жаўынгер Есенгелди бий деген келеди. Ол да халықтан алынатуғын хәр түрли салықларды жыйнаў ушын қарақалпақлардың бир топарының өз ишинен адам табыўды ойлайды.

Ақырында, жас күнинде шаққан, халықты басқарыўға уқыбы, таланты сол ўақытта-ақ сезиле баслаған, Бухара медресесинде оқып атырған Айдосқа хат жазады. «Туўған-туўысқанларыңның бирази шетнеп атыр» дегенди еситсе де, Айдос жуўапарада қайта қоймайды.

Бул сөзлерге қулақ аспағаннан соң ел-елат оған екинши рет хат жоллайды. Ол хаттың ишинде мынадай сөзлерди келтиреди:

«Жақсы атларымыз да, ең жақсы сулыў қызларымыз да, хасыл, гүл өзгерген жерлеримиз де, қымбат баҳалы затларымыз да қолдан кетти, елде ерк болмады... Жерменлер кеўлине келгенин тартып алғаннан соң халық бүлиниўге қарады».

Тап сол ўақытта усы сөз Айдосқа жүрегине қанжар түйрелгендей болып тәсир етеди де, ол ес-ақылынан айырылып, қапа болады. Оқытқан устазларынан жуўап алып, өзиниң туўған елине қайтады. Келгеннен кейин хеш қандай той-мерекеге қатнаспай, қыз-келиншеклерге де хәзил айтып ойнамай, елден ерек жерге отаў тигип жата береди. Аўыл жасүлкенлериниң арасында «Айдосты халыққа аға болады деп шақыртсақ, бул ғой той-жыйынларға бармай, қыз-келиншеклерге нәзер аўдармастан, бир өзи бир жақта «Нуралы жер» болып жатыр. Бизлердиң сөзимиздиң аяқ астында қалғаны ма, болмаса бул баланың ойлап атырған ойы бар ма екен-әй» деген ғалаўыт туўады. Хәр жерде усындай сыпсың-сыпсың сөз басланады. Есенгелди бийдиң тутынынан қысылған халық Айдостың тезирек көпшиликке аралысқанын мақул көреди. Оннан да басқа пүтхил елдиң аўырманлығын тайсалмай хан алдында шешер деген пикирде болған үмитдарлар, оның сол гездеги пишиминен, көзқарасынан усы сөзлерине дерек тапқандай болып, сүйсинеди.

Жекке-сийрек адамларға таныла келген баланың ерлиги, жағымпазлық етип, қыйпақлап сөйлеўи кәйгыдан басын көтере алмай жүргенлерге қуўат ендиреди. Деген менен, Айдос қандай дәрежеде бирли-ярым адамлардың көзине түссе де, ол сәдек, тәўекелшил болады. Өсек тарақтанларды да, шынын айтқанларды да бир көзқарастан баҳалайтуғын билимсиз, адамның әмири менен барабар истиң түйинин шешиўге олақ жеңилпеек жигит болып, ел басқарыўшылардың қатарына қосылады.

Есенгелди бий халықтан аўыр салықларды ендирип жүрип, Айдостың ағасы Майбас бийдиң үйине қонып отырғанда асылған тамақты өз қолы менен жемей, Майбасқа аўзына салдырып, жаңа туўған баладай арқасына тонын жаўып, әлпешлеп, не десе соны таярлап, далбиреклеп хызмет етип жүргениниң үстине Турым бийдиң әкеси Аймурза бий Айдосты алып келип сырттан:

– Ағаңның ислеп отырған исине қара, аўқатты өзи жегендей Есенгелдиниң қолы жоқпа еди, я адамға ҳүрмет еткенниң мәниси усындай бола ма? – дейди.

Усыннан кейин Айдос етине бурыш жаққандай қатты намысы келип, қылышты қолына алып, өзиниң ағасын шаўып таслайын деп умтылғанда, тағы да Аймурза бий арашаға түсип, Айдостың ашыўын сорап, жарастырады.

Қапелимде қаўпыржып қалған Есенгелди бий аң-таңы шығып, булардың арасына суғылысып, үжипли сөз қоспайды. Суп-сур болып, көзиниң астынан Айдосқа қарап, шаншылып отыра қалады. Айдос оның қоржынға салып, атына бектерип қойған ақшасын көрип, оны шешип алмай, қанжар менен кесип алады. Сонда Есенгелди бий Айдосты қасына шақырып:

– Шырағым, сен болайын деп жүр едиң. Сен мениң қарғысымды алма. Мен ғой тоғыз ханның сарқытын ишкен адамман, – дейди.

Айдос бурыла берип:

– Сен тоғыз ханның сарқытын ишкен болсаң, тоғыз байдан айрылған тул қатынсаң да, – дейди.

Есенгелди бий жылап:

– Жүўернемек бол, қыршыныңнан кет, тулымқурт болғайсаң илайым, – деп жөнине кетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қапаланып баратырған Есенгелди бийдиң алдынан бир жигит шығып

– Жасуллы, мен сизди аўылдан излеп шығып едим. Жақында бир улы болып, соның қуўанышына той бериў ушын, қағыстырып-соғыстырып жыйнаған-тергенлеримди шашайын деп едим. Соған сизди шақырып келип турман, – дейди.

– Жақсы, барайын, – деп, Есенгелди сол күни ақшамы менен той жеп, күндизги қызығын баслаў ушын мерекеге басшылық етлеге шығып кетеди.

Тап байраққа ат жиберер ўақта Айдос пенен **Аймурза** бий де барады. Той ишинде бир адам:

– Есенгелди аға, атларды қай жерден қашырамыз? – дейди.

– Айымбет ийшаннан қашсын.

– Атларды Қараөзектен қашырыў керек. Айымбет ийшаннан қашса, атларға жабир болады, – дейди Айдос.

Есенгелдиге қарсы бундай сөз айтқан қандай аўзы батыр адам деп, журт таң қалады. Ат байраққа Қараөзектен жибериледи. Кешқурын жолға шабылған атлар да келип, той тарқар ўақытта Есенгелди бий:

– Халқым, елим, мен сизлерден иштим-жедим. Тилим де тийди. Енди маған үлкен-кишилер ырза болың. Мен сегиз-тоғыз күн турып, өлемен. Оныншы күни – намазым. Сизлер менен мениң хошласқаным, ырзаласқаным хәм өлер алдымдағы сизлерге берген хабарым усы, – дейди.

Есенгелди бий көп узамай өзиниң айтқан күнлериниң биринде қазаланады. Айдос болса сол қәддинде бир неше жыл халыққа аға болып, турмыс кеширип жүре береди хәм Хийўа ханының «Майлышеңгел» деген жериниң бир жағын өз қол астына сорайды.

**Хийўа ханының** қусбегиси халықтан закат аламан деп жүрип, Майбас бийди урып, хорлағанда, оның Мыржық, Бегис деген Айдос пенен қаналас инилери хан қусбегисине қарсы атларын минип, қылышын белине байлап шығады. Қусбеги бул саўғаны еситип, қашып ханға барады. Тек өлимнен басын саўғалап қалғаны болмаса, қусбегиниң ханға алып барған базарлығы болмайды. Қуры алақан қусбегини хан қағытып сөйлеп:

– Жыйған салығыңыз қайда? – деп сорағанда, қусбеги:

– Қарақалпақ халқы аш екен, бир жылға мәўлет алды, – дейди.

– Жоқ, тақсыр. Бегис, Мыржық закат бермейди. Елдиң маңлайына апармастан бизлерди қуўып салды, – дейди сонда биреўи турып.

Хийўа ханы өзиниң ҳәмелдарлары менен бирге Бегис пенен Мыржықты қалай өлтирип, барлық елге өзиниң үстемлигин жүргизиўдиң шарасын ойлайды. Ақырында әскер алып барсақ қырғын болар, алдаў пенен өзин-өзине өлтиртейин деген пикирге келеди хәм бул қурыққа басқалардан гөре Айдостың оңай түсетуғынын ҳийлекер хан алдын ала шамалайды да, оған астыртын хат жоллап, шақыртып алады. Хан көзин жыпылықлатып отырып, Айдостың пайдасын ойлаған киси қусап:

– Сизди аллекелип қалар деп, көп қорқаман. Сонда да тәғдирдиң баслаўы болар, – дейди, сал еңсесин көтериңкирең қойып.

Бул ушырма сөздиң кейниниң не менен питетуғынын билмеген Айдос, дар жолында турған кисидей көпаллыққа ханға берилип сөйлеп, изине ерген халықтың мәпин уттырып алады. Ол:

– Бизден неге қорқасыз? Биз болсақ өзиңиздиң пухараңыз, – дейди жуўасып.

Сумырай хан тамсанып:

– Мен қәўип етпей не қылайын. Жақсы көретуғын адамым тарыққанда арқа сүйер қәўендерим, жаўға шапсам, жараным едиң. Ақылыңа сай питкен күшиңе мен ырзы болып, қуўанғанымнан жанымды қоярға жер таппаўшы едим. Бирақ, сениң сол мәртебеңди қызғанып, журт көзине танылып, өзгана елиңе аға болғаныңды күнлеп, еки бирдей баўырың Бегис, Мыржық мудамы сыртыңнан жаманлап, мениң қулағымды тындырмайды. Ағамның билимине қайыл шылығымыз жоқ, атамның абырайын өзиме алып бер деп жүр. Қалаға келген сайын соның үстинен сөз қозғайды. Мен тыпыршылап, айтпаса екен деп отыраман. Сонда да олардың балалығы ма, болмаса кисилик жарыстырғаны ма, әйтеўир сөздиң аўыр-жеңилине сер салмай, көўилине келгенин ислегиси келеди. Мен соған бир сениң ушын қыйналаман, узақ өмириңниң қысқарыўына жүрегим сызлап, қатаң қайғыраман, қапа боламан, – дейди Айдостың бетине жалт қарап.

Бағанадан бери уйып, Хийўа ханының қайырқомсып айтқан сөзлерин селт етпей тыңлап отырған Айдостың мына сөзди еситкенде жаны бирден сескенип:

– Хаў, олар сөйтип жүр ме?! – депти.

Аўзын пышықтай аңлып, енди не дер екен деп, қасында турған қусбеги-мехтерлер, Айдостың жолдан тайып түскенин көргенде жүзлерине қан жуўырып, «сол сөзди биримиз де еситип жүрмиз» деп гуўалық берип, дастурхан басында ант ишеди. Ортаға Қуранды қойып, жениниң ишине бизди салып, «усы айтылған сөзлер өтирик болса, бизди Қуран урсын» деп бизди қымтаңқырап, қарсы алдына тутады да, қар қайсысы маңлайын бирим бирим Қуранға тийгизеди. Булардың бул ҳийлесин Айдос сезбейди, мәтгапыл

www.ziyouz.com kutubxonasi

қалады. Жаңағы жәдигөйлердиң ант ишип, Қуран услап, я өлим, я журим деп жуўмақ жасаған сөзи сырттан қараған кисиге шәртли болып, ырастай көринсе де, негизги аўырманлық, қудай жағынан қуранның күши менен туўдыралатуғын бәле-мәтер Хийўа ханының тәрепдарларына жантаспастан, қолларындағы бизге тийисли болып қалады. Олардың күннен бурын ойлаған бул ойы Айдостың қийлекер ханға сатылып кетиўине себепши болады. Хийўадан усындай өгей сөзге иши толып, бар ҳүжданның соның кеўилдегидей тамамланыўы ушын бел байлаған Айдосқа аўылына келгеннен кейин де жалпылдақ дослары қосылады. Сөйтип, Бегис пенен Мыржықтың үстине барады. Барса, Мыржықтың ҳаялы тары салып, қуўырып атыр екен. Дәрҳал бир жигит қара үйдиң есигин аша сала ишке кирип:

– Мыржық аға, сизди Айдос ағам шақырып атыр, шамағы Хийўалы менен қаг болып келген бе деймен, – дейди.

Мыржық кийимлерин иле сала шала-пала кийип, сыртқа шығып хабарласпақшы болып, босағадан атлай бергенде, ҳаялы турып:

– Жаў жоқ деген жар астында деген, жарақларыңды алып кетсең болмай ма? – дейди.

– Қатын да ақмақ бола береди екен-аў, Айдос ағам турғанда жар астында жаў не жейди, – деп бара берипти.

Мыржық Айдосқа сәлем берип, аман-есенлик сорасқаннан соң:

– Ҳаў, аға, неге келдиң, түсиң қашып тур ғой? – дейди.

– Жоқ, қарағым. Өзиңниң болғаның ғой, – деп Мыржықты әңгимеге айландырып турғанда Айдос қасына ерип келген еки адамға ым қағып, белги бергенде, олар аңлаўсыз турған Мыржықты арқан менен орап алады. Айдос қулашын кере қылышты тартып жибергенде, оның басы тәни екиге бөлинеди. Мыржықтың ҳаялы ериниң гөўдеси думалап анадай жерде жатқанын көреди. Айдосқа қарсы қарап:

– Ладан, мениң нем кетер? Өзиңниң ерисиң тарылды. Жаў жағындағы панаңнан айрылдың, басыңа келген бахытты қаралы еттиң, иниңди өлтирдиң, – дейди де, Мыржықтың алты жасар баласы Ерназарды көтерип қашып кетеди.

Айдос сондай алдаўшылық жол менен Бегисти де өлтиреди. Еки инисиниң гөўдесин алып, Хийўа ханына атланады. Айдос Хийўаға барса, бурынғыдай абыройы болмайды, оның атын бурын жылаўлап журген адамлар енди сәлем де бермейди, хабар да алмайды.

Хан еки батыр жигиттиң геллесин көрип, Айдостың шыннан ладан екенин биледи. Оған бийлик те бермей мысқыллап, хорлап өлтирмекши болады. Бирақ Айдос еки достының жәрдеми менен Хийўадан қашып, өз елине келеди ҳәм өзи қатарлы алпыс бийди шақырып алып, бир алманы бөлип жеп, Хийўа ханына қарсы урысыўға ўәделеседи. Нәтийжеде олар да Хийўа ханының тәрепине өтип кетип, жекенесирегеен Айдос Түркистанға қашады. Отырған маканы, үй жайы бүлинеди, бағы қаңғырады. Ақылынан адасқан азғана елдиң сатылған басшысы өмирин хорлайды. Бир жол алып кеткен бахытсызлықты қайтарыўға албыраған, ақмақ бийдиң шамасы келмейди. Енди ол тек өзиниң қара басының ғамын ойлап, әбден болдырғанлықтан Хийўа медресесинде оқып атырған еки баласы – Ырза менен Төреге де ақыл айтып, қол бере алмайды. Сумырай Хийўа ханы Айдостың қорқып қашқанын билип, оның изинен шағын қуралланған нөкерлери менен қуўады ҳәм бағын панапаўға жер таба алмай жүрген бийди тағы да алдаўшылық пенен услап алып, азаплап өлтиреди. Бул ўақытта қарақалпақ халқының азатлығын Бегис пенен Мыржықтай болып қорғап жүрген Арзы батыр айрықша кәзге түседи. Ол Айдостың Хийўа ханына шыннан сатылғанын тек өлер алдында ғана биледи. Усындай қорлыққа шыдамай бас бармағын тислеп жулып алады ҳәм арманлық пенен Хийўа ханы ләшкерлериниң қолынан өлип кетеди. Тирилей қолы артына байланып, көкирек сүйеги қанжар менен тилинип, батырдың жүрегине муздай суў сепиледи.

Хийўада оқып атырған Ырза менен Төрениң де оқыўын даўам ете бериўине мүмкиншилик болмайды, қуўдаланады. Әкесине усамаған жаслардың алдында басшылық еткендей адам болмағанлықтан, олар да азғана қарсыласқаннан кейин, Ырза урыс ўақтында қоршаўда қалып, Таллық дарьясына кетип өледи де, Төре ол урыста аман қутылып, қайын журтында усланады ҳәм Хийўаның жаллатлары тәрепинен зулымлық пенен өлтириледи.

Хийўа ханының нөкерлери Айдостың балаларын өзине қоспай жолын бөгеп, екеўин еки жаққа айырып қуўады. Сонлықтан олардың күши бириклей, тармақланып кетеди де, бириниң кейнинен бири өлиўине себепши болады. Сөйтип, Айдостың туқымларының көпшилиги Хийўа ханы тәрепинен қаза табады.

Ақырында, бәрғы Мыржықтың алты жасар баласы Ерназар алакөзди аталары қыз кийимин кийгизип, Хийўа ханының газзапларынан жасырып қалады. Ерназар он жети жасына шыққанша қыз аты менен аталып жүреди де, ханның бир сейилинде гүреске түсип жығып, соннан соң барып жигит екени анықланады. Ол Айдостың дәўиринде сағы сынған қарақалпақ халқын қайтадан қатарға қосып, залым Хийўа ханына бас иймести, өзиниң ишинен шыққан сатқын адамлардың оғынан өлип кетеди.

## АЙДОС СЫНШЫ
(Р-1299, №184812)

Айдос Арзы, Дүйсен деген инилериниң үйине барып отырғанда, үйинде үш жасар қарындасы бар екен, адамлар майданға шыққанда Айдос «тупай, тупай» деп басынан сыйпап, арқасынан қаққан екен. Майданға шыққан ўақлары жолдаслары Айдостан:

– Неге ондай еттиң? – деп сорапты.

Сонда Айдос:

– Үш журтқа касапаты тийетуғын нашар екен, төбесинде нышаны бар екен, өлмесеңлер көрерсизлер, – депти.

Ол қызды бир байдың жалғыз баласына атастырып қойды, ержетип күйеўлеп жүреди екен, сөйтип жүргенде басқа биреў менен жүрип, өзиниң күйеўин ат тепти етип, буўып өлтирип, аттың астына таслапты. Әкесине ат тебиўип өлтирди деп хабар жибереди, әкеси бақырып-шақырып, жаманлатқыр, сатан не болды деп, аттан булай бир, булай бир өтеди. Аттың көзинен жасы мөлтилдеп тура береди. Баласын алып аўылына кетеди.

Енди қыз күйеўди болса өлтирип, жорасына тийетуғынына қуўанып жүре береди. Жеңгелери:

– Қатты кеттиң ғой, аўмыттай ағаларың бар, абайласаң о, – депти.

Қыздың аты Бөпелей екен. Ол:

– Арзы ағам болмаса, Дүйсен ағамның аўзына шөп өшшеп алдым ғой, – депти.

Дүйсен ағасы арт жағынан ат жетелеп еситип келе береди, есиктен келип Бөпелей атты жетелеп қублаға қарап жүре береди. Сол ўақта төрде турған қылышты алып барып атты тусап атырған қызға:

– Бөпелейжан, аўзына шөп өшшеп алған ағаң келди, – депти.

– Ўай-ўай, аға, не жазығым бар еди? – дегенде, қызды тең бөлип таслапты.

Айдос:

– Қыздың жорасы Төремуратты да өлтириў керек, – дейди.

Ол еситип тоғайға қашып кетеди. Тоғайда жүрип қосшының қасында жатып, алма-гезек уйқылайды екен. Бир ўақлары бир шаң көринеди. Қосшысы «қашайық аға» десе, Төремурат «Бул жерге адам келмейди» деп арқайын жата береди. «Ал келди» дегенде, «Ўай, ишинде пәлеңше ағай бар ғой, маған тиймейди» дейди.

Сол ағасы алды бурын барып, услап шалады.

Төремураттың ағасы Байжанбай Хийўаға барып, ханнан Төремураттың қунын алыўға қағаз әкеледи. Сөйтип хан шақыртады. Айдос, Дүйсен, Арзы үшеўи кетеди. Айдос оларға ойласып:

– Қунын алса, соншама қолдаўлыға бир шайыдан келмейди, ал қанын алса, қалай қыламыз? – депти.

Сонда ағасы Арзы:

– Мени бере бер, – депти.

Иниси Дүйсен:

– Мен ини болып неге жарайман, усындай қыйын-қыстаўда болмаса, мени бер, – депти.

Арзы бийперзент екен, ол:

– Әй, шырағым, сениң балаларыңның «аға» деп жылағанын еситкенше, өлгеним жақсы, мени бер, – депти.

Булар Хийўаға барып, жатып-жатып қайта берипти, қун да, қан да бермей аман келипти. Байжан және барып қағаз әкеледи, солай етип үш мәрте барады, үшеўинде де аман келип, ақыры қойды.

## АЗНАҒУЛ БЕССАРЫДАЙ
(Р-1299, №184812)

Айдос бий елден салық жыйнап жүргенде қытайлылардың аўылында бир үйде сулыў келиншекти көрип, ашық болып қалыпты. Соннан кейин «ол мениң ҳаялым болыўы керек» деп елге зорлық етип, сол үйден ол келиншекти алып кетипти. Айдос бийдиң бул зорлығына ҳеш ким илаж ете алмапты. Ол аўылдағы бир жекке жигиттиң ҳаялы екен. Жигит ҳаялын Айдос бий алып кеткеннен кейин бессары Барақ батырдың үйине барып:

– Мениң ҳаялымды Айдос бий алып кетти, – деп налыпты.

Ол жигит Барақтың есигинде неше күнлер жүрипти. Барақ батыр оны аяп, урысса да, сөйлесик пенен болса да жигиттиң ҳаялын Айдостан алып бериў ушын Айдостың қаласына жақын жердеги бес мешиттиң бири – Нурылла ахунның мешитине келип қоныпты. Бул жерге ҳаялын Айдос бий алып кеткен жигитти де қосшы етип ертип келипти.

Барақ батыр келип қонып атыр деген хабарды биреўлер Айдосқа жеткерипти. Айдос Барақ батырдың неге келип атырғанын түсинипти.

Азанда Айдос:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Барып келиң, Барақ батыр не қылып атыр екен, – деп биреўди мешитке жиберипти.

Барса, Барақ батыр бир арба қызыл шеңгелди далаға төктирип, соның үстинде жаланаш аўнап атыр екен. Ол адам Айдосқа не көргенин айтып келипти.

Айдос:

– Онда бизиң менен урысқа келген екен. Бағаны ҳаялды дәрҳал апарып бериң, – деп Айдос өз адамларына тапсырыпты.

Ҳаялдың Айдостың есигине келгенине бир жылдан асыпты. Ол жүкли де болып қалған екен. Ол, енди бурынғы күйеўиме не бетим менен бараман деп, шатақ шығарыпты.

Сонда Айдос:

– Шатақ болмай турып ҳаялды Барақ батырдың қолына тапсырың, – деп буйырыпты.

Оннан кейин ҳаялдың ыҳтыр-шыҳтырына қарамай, арбаның азна ағашына байлап, Барақ батырға апарып берипти.

Ҳаял үйине келиўден босаныпты. Сол баладан өрбигенлердиң барлығы ҳеш нәрсени тыңла-майтуғын, шатақ болып туўылыпты. Енди оннан туўылған балаларды бессары емес, қолдаўлы Айдос бийдиң тухымы деп айта алмай, бессарыларды сыпайылатып «Азнағул бессарының тухымындай» (азна ағашқа байлап алып келгенлиги ушын), «Азнағулдай» деп атайды. Соннан елде «Азнағул бессарыдай» деген гәп қалған.

## АЙДОС БИЙ ҲӘМ ЖӘНИБЕК

(Р-1299, №184812)

Жәнибек қазақлардың бир адамын өлтирип қойыпты. Қазақлар қун алыўға келипти ҳәм елиў сыйырға питим жасапты. Қазақлар қайтып баратырғанда алдынан бала Айдос шығып:

– Қунды неге келиўтиңиз? – депти.

– Елиу сыйырға, – депти қазақлар.

Сонда Айдос:

– Бизде сыйыр үшке бөлинеди: ана сыйыр, тана сыйыр, бала сыйыр, – депти.

Қазақлар қайтадан Жәнибекке қайтып келипти. Айдостың айтқанын қайталапты. Буны ким айтты дегенде, «бир бала айтты» депти. Жәнибек Айдос шығар деп ойлап, әстелик пенен Айдосқа бийликти бере баслапты.

«Халықтан халық туўады, мың қойдан гәўҳәр, мың жылқыдан тулпар туўады» дегендей, Айдостың әкеси де бий болған екен.

## ЕРНАЗАР ПАЛЎАН

(Р-1242, №183023)

Қарақалпақтың Ережеп, Турым деген бийлери Хийўа ханы менен қарақалпақларды дослас-тырыў нийети менен Хийўаға барып:

– Еки елдиң татыў жасаўы ушын, хан ийемиз, қарақалпақ ишине барып той бериңиз,– деп кеңес береди.

Хан бул мәсләҳәтти қабыл етип, гүзде ат шаптырып, той береди. Сол ўақытта Арзы деген кисиниң мың жылқысы бар екен. Сол жылқының ишинен бир Бөрте деген ат туўылады. Сол ат төрт жасқа толады. Ол атты пүткил қарақалпақ халқы болып, «байраққа қосамыз» деп тилек тилеп, атты жарысқа таярлайды. Тойда барлығы болып бир жүз елиў ат байраққа жибериледи. Той он бес күнге созылады. Сол тойда Арзының Бөртеси атлардың алдында келеди. Хийўа ханының сиясатынан қорққан Турым бий менен Ережеп бийлер ханға:

– Ат та хандики, халық та хандики, атыңыз байрақтан биринши болып келди, – деп қутлы болсын айтыпты.

Сонда хан ҳәзирет марапатланып, орнынан турып, бийлердиң қутлы болсынын қабыл етипти.

Ат байрағынан кейин гүрес басланыпты. Бул гүресте Қоқан ханының Қоңыраўлы палўаны менен гүресиўге Хийўа ханының қол астындағы паўанларын салыўға адамлар қорқысыпты. Себеби, жеңисти Бухаралы палўанның алып кетиўине көзлери жетипти. Сол ўақытта Турым бий арланып, ҳәзиретке:

– Тақсыр ханым, арзым бар, – депти.

– Арзың болса, айт, – дейди хан.

Сонда Турым бий:

– Қоқан ханның палўаны менен гүресиўге бизиң елимизден ҳеш кимниң шықпаўы ар-намыс емес пе? Егер рухсат етсеңиз, сизиң зинданыңызда жети жылдан бери жатқан бир адам бар. Бизиң арымызды алса, сол алып береди, – дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хан Ерназар палўанды умытып кетиен екен

– Ол ким? – деп сорапты хан

– Ерназар деген қарақалпақ бала,– депти Турым бий

Сол ўақытта хан Ерназарды зинданнан шығарып әкелиўге рухсат етипти. Турым бий менен ханның пәшшабы Ерназарды алып келиўге кетипти. Ерназарды зинданнан шығарып алып келсе, жигиттиң шашлары, тырнақлары өсип кеткен екен.

Бул ўақытлары Ерназар келгенге шекем ханның басқа палўанларына бас байрақты бергизбей тоқтатып қойған екен

Ерназарды Хийўа ханының алдына әкеледи. Хан оның ҳалленип алыўы ушын он бес күн бермекши болады. Бирақ Ерназар ҳәзир гүреске таяр екенлигин айтып, ханнан рухсат сорайды. Хан рухсат етеди

Буннан кейин Ерназар ортаға шығып, Қоқан палўаны менен гүреске түседи. Ерназар алысыў гезекти «қонақ едиңиз» деп Қоқанлы палўанға береди. Қоқан палўаны биринши гезекти алып, Ерназарды жыға алмайды. Гезек Ерназарға келеди. Ол Қоқан палўанын қушақлап көтерип, Қоқан ханының алдына апарып таслайды. Сол ўақытта қарақалпақлардың ишинен Ерназардың күшине марапатланған биреўи күлип жибереди. Хан ол адамның күлгенин айып көрип, үлкен жазаға буйырыпты

Той тарқағаннан кейин Турым бий Ерназар палўанның Қоқанлы палўанды жыққанына қутлы болсын айтып, хан ҳәзиретке екинши рет келипти. Хан қутлы болсынды қабыл алады

Той тамам болғаннан кейин Хийўа ханы:

– Ат байрағыңызды алың, – деп, Турым бий менен Ережеп бийди шақыртады

Ортаға бир шеппенди жайып, хантеңгеден мың тилланы (хантеңгеден тоғыз теңге бир тилла) берген екен. Сол ўақытта Турым бий қапталындағы қосбаўлы пышағын шығарып алып, теңгени санаўға ериниң, ортасынан төртке бөледи. Теңгениң тең жартысын хан алдына ысырып:

– Ҳәзирети ханымыз, барлық қарақалпақ халқы да, озып келген ат та сизики, мынаны сиз алыңыз, – депти.

Буған ханның ўақты хош болып, аттың ийеси Арзыға аталық ҳәмелин берип, Арзы сол жерде «Арзы аталық» болыпты

Хан Ерназарды алдына шақырып алып:

– Мынаў сениң палўан байрағың, – деп, тилла салынған табақты Ерназарға усынады

Ерназар ханға қол қаўсырып турып:

– Тақсыр ханымыз, байрақ сизики. Мениң бир тилегим бар, егер соны берсеңиз, мениң байрағым сол болсын, – дейди

Хан Ерназардың бетине қарап:

– Айт тилегиңди, орынлаймыз, – дейди

– Ҳәзирети ханымыз, сиз айыпқа буйырған қарақалпақтың аллыс бийи менен кешеги тойда гүналы болған жигиттиң бас бостанлығын берсеңиз, мениң тилегим сол, – дейди Ерназар

Хан Ерназардың тилегин орынлап, ат байрағын алып, ханлығына қайтыпты

## ҚАЗЫЎШЫЛЫРҒА ЖЕҢИЛЛИК ӘКЕЛГЕН ЕРНАЗАР АЛАКӨЗ

(Р-1242, №183023)

Өткен дәўирлерде ханның аўыр жумысларынан халық кута көп азап көрген

Қазыў кута аўыр болып, өзине тийген шегин бөле алмаған адам болса, оны көмип таслайтуғын ямаса урып өлтиретуғын болған

Хан ҳәмелдарларынан аўыр азапқа қалған халық өз-ара көп ойласып, бизлерге жеңиллик алып берсе Ерназар алакөз алып береди деп, оған адам жибереди

Халықтың тилегине ылайық Ерназар ат минип, Хийўаға кетеди. Кетер алдында:

– Ертең кешке айланып келемен, егерде оннан кешиксем, өлди деп есаплай бериң, – деп ескертеди

Айтқанындай, келеси күни кешке жетип келе жығылады. Оның қолында ханның жеңиллик берген гүўалық қағазы бар екен.

Ерназар бийжардай болып, жатып қалады. Тәўиплер, тәжирийбели кисилер сер салып, абайлап қараса, Ерназар Хийўаға барып хан менен сөйлесиўге кеткенде оның минип барған атының ер-турманларына хан адамлары душпанлық етип, адамға зыянлы заҳәр жаққан екен. Жол жүргенде усы заҳәр денесине әзмазлап сиңип қалыпты. Мине, сол ўудың себебинен жығылған екен

Адамлар аўыл бойынша қатық жыйнап, Ерназардың ўу сиңген жерине ем етип, зордан келеге келтирипти.

Халық ушын жанын пида етип жүргенде ханның мийримсиз малайлары Ерназарға усындай жаманлық ислейди

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕРНАЗАРДАН ХАН ҚОРҚАДЫ ЕКЕН

(Р-1242, №183023)

Халықтың тилеги бойынша ямаса тиккелей өзиниң жумысы болағойса, Ерназар алакөз Хийўаға барып, хан менен хабарласып қайтады екен. Оның ержүрек, батырлығынан сескенген хан сарайы алдында турған қараўыллары, хан жалладлары, хан ҳәмелдарлары болсын, Ерназар алакөзге «тек» деп оның райын қайтарыўға бата алмайды екен. Ҳаттеки, оны көрген адамлардың айтыўы бойынша, ханның өзи де Ерназар алакөзден қорқады екен дегеди.

Ханның Ерназардан қорқатуғынын ханның өзи ҳеш кимге билдиргиси келмейди екен.

Бир күни ханның ўәзирлери, ақылгөйлери ойласып ханға былай депти:

– Тақсыр, сиз уллы мартебели адамсыз, Ерназар келгенде орныңыздан турып, түриңиз бузылып қарсы аласыз, ол қалай болғаны?

Тийкарында хан қүта сыйлы қонақ келгенде ямаса сырт еллерден патшалар ямаса елшилер келгенде ғана орнынан турыўы керек екен.

Сонда хан:

– Жоқ, мен қорқпайман, Ерназардан да адам қорқаменен, – деп жуўап қайтарыпты.

Хан ҳәмелдарлары ханның Ерназар алакөзден қорқатуғынын дәлиллеп, өзине көрсетпекши болып, сумлық ойлап таўыпты.

Ерназар Хийўаға келипти. Жақын ўақытта хан сарайына келеди деген хабар таралыўдан хан ҳәмелдарлары билдирмей ханның зерли шапанын астындағы көпшикке тигип қойды. Усы ўақытта Ерназар хан сарайына кирип келеди. Хан орнынан ушып турып, оның менен бирге тигилген көпшик те салбырап хан шапанына илинип турғанын хан ҳәмелдарлары көрипти.

Ерназар кеткеннен кейин хан ҳәмелдарлары ханнан неге орнынан турғанын айтыўды өтинипти.

– Ҳәй, әзаматларым, мен Ерназардан қорқпай ҳәм ол келген ўақытта орнымнан турмай не қылайын, Ерназар есиктен кирген ўақытта еки ийининде еки арыслан ала түсетуғындай болып, көзлери масаладай жанып келеди. Соннан кейин орнымнан турғанымды билмей қаламан, – деп жуўап берипти.

## ХАЛЫҚ АЛҒЫСЫ

(Р-1242, №183023)

Қарақалпақтың белгили бир жеринде урлық пенен аты шыққан бир адам болыпты. Ол елди бийзарға келтирген, өзи күшли, батбашер биреў болса керек.

Ол бир күнлери Ерназар алакөздиң даңқын еситип, соның менен бир күш сынасып көриўди арман етеди екен. Бул ойын ол барлық жүрген жеринде айтып жүрипти.

Урыдан әбден бийзар болып, мазасы кеткен халық өзлери ақ Ерназарға хабар жеткериўге мәжбүр болған.

Ерназар ҳеш ўақытта өзлигинен биреўге тиймейди, азар келтирмейди екен. Бирақ барған адамлар бул қарақшының халықтың тынышын алып жүргенин айтып қоймағаннан соң, келипти.

Ерназар атақлы уры менен ушырасқаннан кейин, оған бул ислерин қойыў кереклиги туўралы көп кеңес берген. Уры буған көнбеген, өзиниң гүресиўге тайар екенлигин билдирген.

Ақырында халықтың өтиниши ҳәм урының тилеги бойынша Ерназар уры менен гүресипти. Гүрес көпке созылмаса керек, Ерназардың гүресте сүйенетуғын ҳәмели жанбас урыў екен, бир жанбас урғанда урының жанбас сүйеги гүл-опат болыпты.

Халық урының қыянетшилигинен қутылғанына Ерназарға алғыс айтыпты.

## ЖҮРИТИЎИН ТАПСА, ҲӘМЕЛДИҢ КИШКЕНЕСИ ЖОҚ

(Р-1242, №183023)

Ерназар алакөз ханға жақпай қалғанлығы себепли көп ўақытқа шекем оны хан «ақ үйли» етип қойды. Ол турмыстан қысылып, күн көриси қыйынласа баслайды.

Бул қорлыққа шыдамаған Ерназар алакөз ханға барып ҳәмел сорайды. Хан Ерназар алакөзге:

– Бар, саған самалды ҳәмел етип бердим, – деп жуўап берипти.

– Әжеп болады, тақсыр, – деп, Ерназар шығып кетеди.

Бул буўдай писиктиң ўақты екен. Ерназар базардан еки-үш шыпта сатып алады да, қай жерде буўдай қырман алып атырған адам болса, оның ким болғанына қарамастан, барады да өр жатына шыптаны тутып, самал жибермейди. Себебин сораған адамларға:

– Хан маған самал ҳәмелин берди, – деп жуўап береди.

Усы ҳадийседен кейин адамлардан ханға арыз түсе баслайды. Хан Ерназарды шақырып алып

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Енди саған шылым ҳәмелин бердим, – деп хабарлайды.

Ерназар буған да «әжеп болады» деп шығып кетеди. Қалаға барып шарбақларға кирип, ким болса да, шылым шегип отырса болды, қолынан тартып алады да, шылым пулын алады. Егер ким де ким қарсылық көрсетсе, «хан ҳүкими» дейди де, өлтире сабайды. Азын-аўлақ ўақыттың ишинде бул ҳәмели менен де Ерназар пүткил қаланы бийзар етеди.

Ханға көп адамнан арыз түседи. Ҳеш илажын қылмаған хан Ерназарды шақырып алып, өзиниң қәлеген жумысын берген екен. «Жүритиўин тапса, ҳәмелдиң кишкенеси жоқ» деген сөз соннан қалған екен.

## ЕР ЖИГИТКЕ ҚУС ТА, ИЙТ ТЕ ЖАРАҚ

[P-1242, №183023]

Бир күни хан Ерназар менен сөйлесип отырып, гәптиң арасында:

– Ер жигитке не жарақ болады? – деп сораған екен, Ерназар ханға:

– Ер жигитке ийт те, қус та жарақ болады, – деп жуўап берипти.

Буның бир ҳалын көрейин деп, хан ҳәмелдарларына буйрық береди. «Бүгин қалада жаны бар адам егиклери иштен илип, далаға шықпай отырсын, ким де ким далаға шықса, өзи өлимдар, малы патшалық» деп жар урғызады. Хан ҳүкими орынланбай қала ма? Қала азмаз ғана ўақыттың ишинде тым-тырыс болады.

Усы ўақытта хан Ерназарға руқсат береди де, жаллатларға қорғанның дәрўазасын бекитип, қараңғыда байлаўлы турған жараған түйени көшеге босатып жибериўди буйырады.

Жоқты көрмей иши писип турған түйе ҳеш бир қыймылдаған жан таба алмай жүргенде жаңа ғана сарайдан шыққан Ерназарды көреди.

Түйениң тап берген пайтта Ерназар жан-жағына қараса, қолайлы ҳеш жарақ таба алмапты. Түйе болса жақынлап қалған. Усы ўақытта бир буралқы ийт Ерназардың жанынан өте бергенде, Ерназар ийттиң артқы аяғынан услап алыпты да, келген түйениң басына урыпты. Ийт болса шыт-шыты шығып кетипти, ал түйениң омыртқасы үзилип кетип, турған жеринде сеспей қалыпты. Ерназар ҳеш нәрседен хабарсыз адамдай өз жөнине кетипти.

Хан барлық болған ҳәрекетти бийикте турып ўәзирлери менен көрип турған екен. «Ер жигитке ийт те, қус та жарақ» деген сөздиң мәнисине сонда түсинипти.

## ЕРНАЗАР КЕНЕГЕС ПЕНЕН УШЫРАСЫЎ

[P-1242, №183023]

Ерназар алакөз заманында кенегес Ерназар бий деген адам болыпты. Ол да өз заманында белгили адам болған.

Бир күни усы Ерназар бий атлы қус салыўға шығыпты. Күни менен ат үстинде сандалып, қус салыпты, бирақ қанша сарсылып жүрсе де, аң табылмай, бос болып баратырғанда аўылына қайтып киятырса, алдынан бир дуғыжым, қара пәрен жигит шығыпты. Ол пияда қус салып жүрип-ақ қоян, қырғаўыл, түлкилерден көп аң алыпты.

Ерназар бий жаңағы пияда жигиттен услаған аңын басып алмақшы болады да, атты қаттырақ айдап, қамшы менен керилип арқасына бир урады да, атқа қақтырып кетеди. Пияда абайламаған киси қусап, артына бурылып та қарамай жүре береди.

Буған Ерназар бийдиң ашыўы келип:

– Ҳәй заңғар, адамбысаң ямаса шайтанбысаң? – деп дүўсилеп, үстине және ат айдайды.

Пияда жигит артынан келип қалған аттың суўлығынан услап тартып жибереди. Ат оммақана атып, үстиндеги Ерназар бий әдеўир жерге ушып кетип, жалп етип қулайды. Аттан жығылған оңлы бола ма? Орнынан тура алмай атырғанда аттың шылбыры менен аяқ-қолын байлап, кишкене оқпанға шалқасына таслап, қусын жанына қойып, атты минип кетип қалады.

Солай етип, бир үйге барып қырғаўыл, қоянды көп етип астырып, бир адамды Ерназар бийге жиберип:

– Тез әкелеғер, қосшым, өлип қалар, – деп тапсырады.

Көп ўақыттан кейин Ерназар бийди алып келеди, шайгәсып отырып алғаннан кейин жаңағы жигит Ерназар бийге қарап:

– Көргенсиз жигит екенсең, қамшы менен урдың, атқа қақтырдың, үндемедим, екинши үстиме ат айдағаның не қылғаның? «Өзиңди ер билсең, басқаны шер бил» деген халық нақылын еситтиң бе, заңғардың баласы! Сен ат минип жүргениң менен, шамаңды байқаўың керек. Мен Ерназар алакөз деген боламын, – деп, тағы да көп сөзлер менен оған насият берип, кейийди.

Ерназар бий қатты қысынып, атын ҳәм де үстиндеги мелле шапанын Ерназар алакөзге саўғаға берип, кеширим сорап тарқасады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲӘЛЕК БОЛМАЙ-АҚ ҚОЙЫҢ, БАЛАЛАРЫМ

(Р-1242, №183023)

Ерназар ханға жаманатлы болып Хийўадан қашып киятыр екен, изинен он-он бес атлы адам қуўыпты.

Ерназар олардан бурын келип, дарьядан кеме менен өтип кетипти. Қуўғыншылар дарьяға келип, дарғадан Ерназардың дерегин сорапты. Дарғашы көп ўақыт бурын бир жигиттиң өтип кеткенин айтыпты.

Барлығы дарьяның арғы бетине шықпақшы болып кемеге мингенде қуўғыншыларға қарап дарғашы:

– Балаларым, изинен қуўып ҳәлек болмай-ақ қойың, – депти.

Себебин сорағанда дарғашы:

– Жаңағы өтип кеткен жигиттиң бир өзи мингенде суў кемениң жийек ушына шамаласып еди, сизлер барлығыңыз мингенде де кемеге бир сал қаңбақ жүклегендей-ақ болды, – деп жуўап берип, қуўғыншылардың Ерназар алакөзди услаў қолынан келмейтуғынын ескертипти.

Солай етип, олар Ерназардың изинен қуўыўға қорқып, сол жерден изине қайтыпты.

## ЫРЗАМАН, УЛЫМ!

(Р-1242, №183023)

Ерназардың анасы Қумар аналық деген болған. Ол күта ақыллы, зийрек, сөзге шебер ҳаял болыпты. Ол Егенгелди маҳремниң қызы екен.

Ерназар алакөзге оқ тийип жараланғанын биле тура, үш күнге шекем оның үстине ҳеш ким бара алмайды. Ақырында өлгенин анық билип, хан әскерлери Ерназардың басын кесип, Хийўаға алып кетеди.

Хийўа ханы Ерназардың келлесин алғаннан соң, оның туўған анасын көрмекши болып, буны қандай ҳаял туўды екен деп қызықсыныпты. Сөйтип, Хийўаға анасы менен қарындасын шақыртыпты.

Ерназардың басы қоржыннан алынып, ханның алдына қойылған ўақытта ханның қурейи қалмай, орнынан ушып турады. Буны көрип туўған анасы:

– Ырзаман, улым, берген ақ сүтиме! Журтлардың тирисинен қорқпаған хан сениң өлигиңнен қорқып, орнынан турып атыр, – депти.

Сонда хан буны көрип:

– Ат бийеден, ер анадан туўады, деген дурыс екен. Ерназардың туўған анасында карамат бар екен, – деп сын берипти.

## ЕРНАЗАР АЛАКӨЗ – НӨКЕР

(Р-1242 №183023)

Иран шахларына қарсы жүргизилген сапарлардың биринде Хийўа ханы жеңилиске ушырайды. Нөкерлери басқа таўып, кейин серпилип қашады. Аты жүйрикләр, жүйриклери қутылады да, келиги жаманлары қоршаўда қалып қояды. [illegible] қалған екен. Алакөз артына айланып келип:

– Хан ҳәзиретимиз, сиз мына атыңыз бенен жаўдан қутыла алмайсыз. Сиз тутқын болып қолға түссеңиз, ел басшысыз қалады ҳәм дағдарысқа ушырайды. Хорезмди жаў басып алға, журттың толысы тегилип, ортасы шайпалады. Сонлықтан сиз мениң жүйрик атыма миниңиз. Мен сизиң атыңызды алайын. Мен өлген менен ҳеш гәп болмас. Өли болсам бир шуқыр, тири болсам, ағабын таўып бир жағынан шығарман, – депти.

Хийўа ханы:

– Сиз аман-есен Хийўаға барсаңыз, маған көрсетерсиз, – деп қолындағы жүзигин алакөзге берипти ҳәм өзи жаўдан қашып қутылыпты.

Ерназар алакөз ханның жаман ябысы менен жортақлап киятырғанда қызылбастың еки батыры оны қолға түсирипти. Алакөздиң аяқларын байлап, үйине алып келипти. Батырлардың анасы бар екен. Ерназар оны көрийден туўған анасы Қумар ядына түсип, жылап жиберипти ҳәм ақ шашлы кемпирдиң қушағына бойын таслапты.

Батырдың анасы Ерназардан сорапты:

– Сен неге жыладың? Мениң алдыма не ушын басыңды тийгиздиң? Бул сениң өлимнен қорққаның ба я мағаң жақынлығың ба?

Оған Ерназар алакөз былай деп жуўап берипти:

– Мен бир жесир ҳаялдың баласы едим. Жаў қолына тутқын болып түстим. Сизиң балаларыңыз мени

www.ziyouz.com kutubxonasi

бул елатқа ерксиз алып келди. Сизди көргенимде өзимниң ақ сүт берген өзийз анам ядыма түсип кетти. Мен өзимди бийлеп тура алмадым. Ананың аты ана емес пе? Анама болған перзентлик сезим мени сизиң қушағыңызға бойымды таслаўға мәжбүр етти. Бул мениң өлимнен қорққанлығымнан ямаса өлимнен қутылыў ушын сизге жарамсақланғанлығымнан емес, бәлким, анаға болған пәк меҳир муҳаббатым шығар...

Батырлардың анасының баўыры ерип кетти ҳәм ол Ернаазар алакөзди өз перзентиндей жақсы көрип қушақлап сүйди. Ана көзиниң жасын сүртип былай деди:

– Бурын мениң улым үшеў еди. Ең үлкени саўашта өлип, улым екеў болып қалды деп қайғырып жүр едим. Тәңир маған өлген улымның орнына ғайыптан тағы бир ул берди. Балаларым, сизлер бул жигитке енди тутқын деп қарамаңлар. Берген ақ сүтиме мени ырза болсын десеңиз, оның аяқ-қолларын тез шешиңлер ҳәм өзлеримиздиң туўысқан инимиз деп есаплаңлар, – депти.

Батырлар ананың буйрығын булжытпай орынлады. Ернаазар алакөз жас жағынан бул жигитлерден киши еди. Сонлықтан ол көбинесе үйде қалатуғын болды. Ағалары шикарға шықса ямаса саўашқа кеткенде алакөз батырлардың анасына келип бирдей жылайтуғын еди. Бир күни ол кемпир Ернаазардан:

– Ишкениң алдыңда, ишпегениң артыңда, кийимге де зар емессең. Я биреўден хорлық көрип жүрсең бе? Сен неге жылай бересең? – деп сорады.

– Мениң бул елатқа тутқын болып түскениме де әдеўир ўақыт болды. Мениң аўылда қалған анам мен қайтып бармағаннан кейин, «улым шейит өлген шығар» деп ойлап, күни-түни зарланып отыр. Ол есиме түскенде, мен де өзимди тута алмайман, – деп жуўап береди Ернаазар.

Алакөздиң батырлығын, ақ көкиреклигин батырлардың анасы күтә унататуғын еди.

– Улым, жағдайыңды жақсы түсинемен. Сен бизиң елатқа тутқын болып түстиң. Мен саған рухсат еткен менен, еки балам саған тиймеген менен, сени аўыл адамлары тутып алса, өлтирип қойыўы мүмкин. Сени аман қутқарғандай жүйрик ат бизде ҳәзирше жоқ. Сени бир қутқарса, ер жете келе Сары бийеден туўған торы тай ғана қутқарыўы мүмкин. Сен оған күнде түрли жемис ҳәм тағамлардан қосып исленген бир жентек тақан берип баға бер. Кететуғын күниңди өзим айтаман, – депти батырлардың анасы.

Ернаазар алакөз торы тайды сыйпап-сылап өзине үйрете баслады. Ананың кеңеси бойынша ол түрли жемис ҳәм тағамлардан қосып исленген тақаннан қырық қосыўысын аўыстырып алады. Торы тай да егин, камалына келеди. Бир күни кемпир:

– Енди елиңе қайта бер, – деп рухсат береди. – Сени аўыл адамлары қуўар. Қуўғыншылардың қарасын көрген ўақытта жаңағы тақаннан бир қосыўысын атыңа бер, бир қосыўысын өзиң же. Оның қасийети бар. Ол сизлерди шөллетпейди де, аш қылмайды да. Бар, жолың болсын, балам, – деп, батырлардың анасы Ернаазар алакөзге ақ пәтиясын берип қалады.

Ернаазар алакөздиң қашқанлығын сезип, қызылбаслар оның изинен қуўады. Қуўғыншылар жақынлаған ўақытта бир қосыўыс тақанды аты, бир қосыўыс тақанды өзи жейди де, атына «шуў» дейди. Торы аттың қарасы көринбей қалады. Солай етип, Ернаазар алакөз Хорезм шуқырына келип жетеди. Хорезмге келген ўақытта баяғы еки батыр «Хош бол, Ернаазар иним» деп, оның менен алыстан хошласып қалады. Қуўғыншылар да алакөзди енди услай алмайтуғынын билип, аўылларына қайтады.

Ернаазар алакөз жүзикти [illegible]. Хан оған жоқары қәмел береди. Буны қызғанған хан ҳәмелдарлары алакөзди жаманлап, орнынан алдырады. Ернаазарға қандай ҳәмел берсе де, халықтан пайын алып жүреди. Оннан қорққан хан ҳәм оның ҳәмелдарлары алакөзди барлық жумыс-тан босатып, аўылына қайтарады. Жақсылыққа жаманлық ислеген ханға қарсы Ернаазар алакөз көтериликке шығады.

## ЕРНААЗАР КЕНЕГЕСТИҢ АЛАМАНДЫ ҚУТҚАРЫЎЫ

(Р-80, № 50411)

Хийўа ханы қызылбаслардан жеңилип, әскерлериниң көбиси қырылады. Азық-аўқат, от-жеми таўсылып, хан да албырайды. Сол мәҳәлде алыстан буланлап бир нәрсе көринеди. Хан ләшкер басшысына сол жаққа қарай жүриўди буйырады. Кем-кем бул нәрсениң түтин екени байқалады. Оған жетсе, қуўырылған кабап, үйилген қулан, жыйылған от-жем, азық-аўқаттың үстинен шығады. Ҳәммеси қуўанысып сөйлесе баслайды. Булардың қызылбас емес, хорезмли адамлар екенин билип, бир путаның түбинде жасырынып отырған Қабыл түргеледи. Оның атасы Түркистаннан келген қарақалпақтың белгили бир байы болып, баласы дүзде қулан аўлап жүрген екен.

Хан:

– Бизди Хийўаға жеткере аласыз ба? – дегенде, Қабыл:

– Жеткеремен, – деп жуўап береди. – Бирақ сизлер бир күн дем алыңызлар. Атларыңыз жемге, өзлериңиз аўқатқа тойыңызлар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қабылдың көзге көринип турған затларынан басқа, ҳәр жерде көмип, жасырып қойған қәрежетлери де бар екен. Бул затлардың ҳәммесин хийўалыларға әкелип береди. Хан ҳәм оның лашкерлери Қабылдың жолбасшылығы астында Хийўаға келеди. Қабылға ҳәмел, көп жер ҳәм сарпай инам етиледи.

Хан Қабылдың шардареси деген жерден (хан менен оның биринши ушырасқан орны) үлкен сарай салдырып бермекши болады. Жасаўылбасылары барлық қарақалпақ пуқарасын жыйнайды. Сол ўақыттағы халықта не бар еди дейсең? Олардың алып шыққан азығы жолда таўсылып, еки-үш күнге бармай-ақ аштан өле баслайды. Аламан ғалаба қырылажақ болады.

Сол ўақытта Ерназар кенегес бала жигит екен. Ярым ақшамда ол:

– Хийўа ханының буйрығы! Аламан, аўылларыңызға тарқалыңлар, болмаса сизлер аштан өлесизлер. Кимде ким аламанды иркемен десе, өзи өлимдар, малы патшалық – деп жар қышқыртады.

Ҳәрким өз аўылына тарайды. Хан ҳәмелдарлары Хийўаға қайтып келеди. Хан қарақалпақ бийлеринен:

– Елиңизде ондай батырлық көрсеткендей ким бар еди? – деп сорастырады.

Бийлердиң биреўи:

– Ерназар бала болыўы керек. Сол бала келсе, орнымнан қалай турғанымды билмей қалатуғын едим, – дейди.

Хан ақылгөйлери:

– Ерназар кенегести таўып келип, басын алдырыў керек, деген буйрық шығарыңыз, – деген мәҳәлде Ерназардың өзи хан сарайына жетип келип:

– Излеп әўере болмай-ақ қойыңлар, мен пиядалап жаңа ғана жетип турман, – депти.

Хан:

– Аламанды неге тарқаттың? – деп сорайды.

Ерназар кенегес:

– Бир адам жайлы болғанда не, болмағанда не? Халық қырылмасын. Халықтың көз жасы сизиң бурында бир неше мәртебе тасып қайтып турған дәўлетиңизге кес болар ма деп қорқтым, – деп жуўап қайтарады.

Хан Ерназар кенегеске тийисли сарпай, ҳәмел, ат-жарақ берип жибереди. Кейин-ала Ерназар, «ҳәмел – шәмал» дегендей, көўлине жел толып кетип, пуқараны көзи көрмей қалады.

## ЕРНАЗАР ШОЙЫНШЫ

(Р-91, №37515)

Бурынғы өткен ўақытта Шымбай ўәлаятында Ерназар шойыншы деген палўан жигит әмир сүрипти. Ол жасынан күшли ҳәм шаққан жигит болып ер жетипти.

Бир күни усы Ерназар шойыншы қазақ арасын аралап жүрсе, бир байдың үйиниң үстинен шығыпты. Бай менен таныса келе, байға өзиниң палўан екенин айтады.

Ертеңине азанда бай сыйырды бир жаптың бойына ҳамал...

– Кимде ким сыйырлардың аяғын буўып, биреўлеп өткере алса, өткерген сыйыр өзиники болады, – деп хабарлайды.

Ортадан бул сыйырларды алатуғын адам табылмапты.

Ең кейнинде Ерназар шойыншы сыйырларды жаптан өткерип, барлығын алады, бай буған күтә рийза болады.

Көп кешикпей аўылда той болып, онда гүрес тутылады. Байдың баласы күтә қарыўлы жигит екен. Оның менен Ерназар шойыншы гүресип, көп қыйыншылық пенен жығады. Усы гүресте шойыншы Ерназардың еки бармағы шыққасланыпты дейди.

Ерназар шойыншы бул тойдан көп дүнья алып аўылына қайтып келсе, аўылласлары оның жолына айдай қарап отыр екен. Себеби түркменлерден бес палўан келип, қарақалпақ бойынша барлық палўанларды жығып атыр екен.

Ерназар булардың барин де жығып, халық алғысын алыпты деседи.

## ЕРНАЗАР КЕНЕГЕС

Р-1299, №184812

(биринши вариант)

Қабыл бий өлгенде Ерназар он төрт жаста екен. Хийўада бир мерекем болып, Есим тақылдақ Ерназарды Хийўаға алып барады. Хийўаға барғанша қайтып сәлемлесиўди, қайтип гәплесиўди, қайтип отырыўды түсиндирип барады. Ерназар ханның оң жағында отырған. Сонда ханның ўәзири:

– Ҳәй бала! Ары кет! Неге бул жерде отырсаң? – депти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Мен жуўаппының жуўазында отырғаным жоқ. Отырсам, әкемниң орнында отырман, – дейди Ерназар.
Сонда хан Ерназарға қарап:
– Сиз Қабыл бийдиң улымысыз? – деп, сол жерде дуўа еткен екен дейди.
Ўазирдиң әкеси жуўаз айдаўшы екен.

### ЕРНАЗАР КЕНЕГЕС
(Р-1299, №184812)
(екинши вариант)

Ерназар алакөз Хийўа ханына қарсы шығыў ушын дарьяның арғы жағасындағы «Гене қайыр» деген жерде дөңгелек ор қазып, сол жерге қарақалпақлардың алпыс бийин нөкерлери менен шақырады. Ерназар алакөз ҳәмме бийлерге былай депти:
– Хийўа ханы менен қайтадан урысамыз. Бизлерге яўмыт түркменлери, араллы өзбеклер қосылып, бирге урысатуғын болды. Бүгин хеш жаққа кетпеймиз. Таң атқан ўақта жүрис етемиз. Бир алманы алпыс бий жеп, ант етемиз, – дейди.
Сонда Ерназар кенегес сөйлепти:
– Бизиң нөкерлеримиз бундай үлкен урысқа тайын емес екенлигин кешеги урыста көрдик. Көп адам қырылып қалды. Шаншықы, жаба, шоқмар менен ханның бир атса да мылтығы бар, қылыш, қалқаны бар әскерлерин қалай жеңемиз. Өткен урыста тек мылтықтың даўысынан қорқып, сен, пәленше бий, сен, төленше бай, бүктиң арасында жасырынып жүрдиңиз. Аққөзлик етпейик. Салық ҳәм басқа мәселени сөйлесиўлер жолы менен-ақ шешип турайық. Ханға елши жиберейик. Ал азатлық алыўды кейин, қарыў жарақланып, нөкерлерди урысқа тайынлап болып баслайық, – дейди.
Бирақ бул пикирди Ерназар алакөз қабыл етпейди.
– Бизлерге қазақлар да жәрдем етеди. Бул рет бизлер жеңемиз, – депти.
Ерназар аталықтың пикирине Әзберген бий, Арзы бийлер, Таўтакөпирден Төле бийлер қосылған. Хийўа ханына төрт бий жазғырып хат жазады, қол қояды. Хатта жаңа урыс болатуғынлығы айтылады, хан тегилмеслигин өтиниш етеди. Урыстың алдын алып, Ерназар алакөзди кеширип, сөйлесиўлер жүргизиўди сорапады.
Хат тайын болады. Енди хатты Хийўаға ким жеткереди? Ерназар кенегестиң атқосшысы, шимаўыт урыўынан Жаргүлен деген болған. Хатты соған тапсырады. Ерназар аталықтың Жалта деген ерым тулпар аты болған.
– Хатты таңда ханның өзине тапсырасаң. Таң атпастан бурын орнына келип турасаң, – дейди Ерназар аталық.
Жалтаның ордан секирип өткенин қараўыллар билмей де қалады. Сол ўақыттағы Хийўа ханы Сейид Муҳаммед хан уйқысынан оянып, хатты оқыйды.
– Төрт бийге де бизден сәлем айтың. Бизден сәўза – тәрҗеўине де мына тилланы бериң. Егер жаң болар болса, шекпениниң оң тамағын қайырып тиксин, – депти хан.
Ийттиң сүўрети қуйылған алақандай төрт алтынды алып, бул жаңа саа берип киятырған ўақытта атқосшы жетип келеди. Жалта қара тер болып, биринши пәтте ордан секире алмай, пысқырып қаймығып кетеди. Екинши рет секиртейин деп атырғанда қараўыллар сезип оянады. Есим тақылдақ деген Ерназар кенегестиң ақылгөйи ҳәм тыңшысы барып, оның қулағына сыбырлайды.
– Ал, Ерназаржан, басыңның ғамын же, – дейди.
Ерназар кенегес Жалтаға минип қашады. Сол қашыўдан ол Қарақум ийшанға барып паналайды. Ерназар кенегес бул урыста қатнаспаған. Алманы да жемеген дейди.

### ЕРНАЗАР АТАЛЫҚ ҲӘМ АТҚОСШЫ
(Р-1299, №184812)

Ерназар аталық Қоқан ханлығында елши жумысын атқарып қайтқан. Ол салық мәселеси бойынша ханға барғанда әлеп нәсиетли Дос деген кисини өзи менен алып кетеди. Ол киси дәўдей, сыңылсыз адам болған.
– Хан менен бирге аўқат жеймиз. Сен есиктиң аўзында аңлып тур. Табақ алынатуғын ўақытта мен «Дос!» деймен. Сен туўры келип, хеш кимди тыңламай, табақты алып кет, – деп оған жол бойы түсиндирип барған Ерназар аталық.
Хийўаға ҳәр сапары келгенде хан оның менен бирге аўқат жейди екен. Бул сапары да бирге аўқатланыпты. Бир ўақлары аталық «Дос» депти. Ол тарбыйған қап-қара қоллары менен табақты алып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

басип баратырып аўзын урадай ашып, палаўдың барин бир асап, шайнамастан жутып жиберипти. Кейин табақты шеп қолтығына қысып турып:

– Тақсыр, патия еттениз, – депти.

Хан патия етеди.

– Бул ким? – деп сорайды хан.

– Бул мениң атқосшым. Аўылдағылардың ең жеңлиси усы, ханымыз. Усындайларға маған салық төлетиў қыйын болып тур, – депти аталық.

– Төлемесе төлемесин. Енди буйдайларды алып келме, – депти хан.

Солай етип, жолын тапқан Ерназар аталық салықтың ярымын азайтып қайтыпты деседи.

## ҚОШЫМ ПАЛЎАН

(Р-1299 №184812)

Ерназар аталықтың жүзден аслам нөкери болған. Оймаўыт аўылының шығыс тәрепинде «Аталық төбе» деген жерде Қошым палўан соған басшылық етип, шатыр қурып, ойнатып жатады екен. Хийўа ханы лашкерлеринен жеңилип қалғаннан кейин аталық пенен мәсләхәтлесип, Қошым палўан қазақтың Қазалы жағына кетип қалады. Далаңлық пенен Қошым палўан кетип баратырса, бир төбешиктиң үстинде жалғыз бир нашардың отырғанын көреди.

– Ҳаў қарындас! Жалғыз өзиң бул жерде не қылып отырсаң, – дейди.

– Түйе менен суў алып атыр едим, батпаққа батып қалды. Төрт адам шығара алмады. Аўылға кетти, әўметланып ҳәм тағы да адам алып келеди, – дейди.

Қошым барып көрсе, ойпаңға түйениң аяқлары кирип кеткен екен.

– Қарындас, айып көрмең. Мен қарўаннан адасып қалдым. Наныңыз болса, бериң, ашпан, – дейди.

Нан жеп, суў ишип ҳәлленип болғаннан соң батқан түйеге барып, дәслеп қуйрығынан тартып, кейин алдынан тартып саўмалап, түйени батпақтан шығарады. Ап болған түйе қырға шыққан соң отлап, жайылып кетеди. Қошым палўан көп иркилмей кетип қалады. Аўылдан баяғы кеткен адамлар қайтып келсе, түйениң отлап жүргенин көреди.

– Буны ким шығарды? – дейди олар.

Нашар болған ўақыясын айтады.

– Қай тәрепке кетти?

– Арқа тәрепке кетти? – дейди нашар.

Изинен адам барып, Қошым палўанды ертип аўылына алып барады.

Аўыл бийи оны қонақ етип күтеди. Ким екенин, қайдан ҳәм қай жаққа баратуғынын сорастырып, сөйлескеннен кейин аўыл бийи:

– Үйде бола бериң. Аўылды уры-баспашылардан қорғаң, – деп өтиниш етеди. Оған үй-жай берип, үйлендиреди.

Арадан сегиз ай өткеннен соң Қошым елин сағынады.

– Бул жүрисим болмас, елге барайын, – деп, бийден рухсат сорайды.

Әкеси қызының жат елге кеткенин қәлемейди.

Қошым палўан:

– Жалғыз өзим-ақ кетемен, – дейди.

Буның пикиринен қайтпайтуғын өжет адам екенин билип, оның қайтыўына бир түйеге азық-түлигин жүклеп берип, узатып салады.

## ЕРНАЗАРДЫҢ КЕЛБЕТИ

(Р-80, №50411)

Ерназар узын бойлы, буйдай рең, қара қаслы, ала көзли, еки бетиниң алмасы қып-қызыл, мурты қулағына жеткен, омыраўы үш адамның омыраўындай, егиз қабырға, кең жаўырынлы, жуўан қурық мойынлы жигит болған. Күш жағынан он жигиттей болмаған менен, жети жигиттиң күши болған. Ерназар теңликке көнсе де, кемликке көнбеген, ар-намысын жибермеген азамат болған. Адамлардың айтыўына қарағанда, анасы Ерназарға жүкли болғанда жолбарыстың жүрегине жериген.

Қумар аналық баласы әлмесинен алдын түсинде аспаннан бир айбалта түсип, сол айбалтаның жерде жүрген жолбарыстың басын шаўып түскенин көрген. Ол сонда-ақ баласының жақын арада бул дүньядан кететуғынын сезген. Әсиресе халықтың ядында қалғаны – бул Ерназардың анаў-мынаў адам тик қарай алмайтуғын ала көзлери менен айбаты екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Батырдың хектем даўысы оның душпанларын ақылдан састырған. Ерназар «халық баласын жылатпайман» деп еки жерден қорған салып, Хийўа ханына қарсы гүреснен. Өз ўақтында ханның алтын шекпенин тартып алып кийген.

Ерназардың қабири Қазақдарьяның бир таўының бойында. Ерназардың қабирин адамлар «Ердин қабири» деп зиярат етеди.

## ЕРЕЖЕП ТЕНТЕКТИҢ ТУЎЫЛЫЎЫ

(Р-45, № 50409)

Ережеп тентектиң бабасы Сери тентек деген киси болған. Сери тентектиң баласы Қулшы тентек деген киси. Усы Қулшы тентектиң баласы – өзимизге белгили, атағы шыққан Ережеп тентек болған.

Ережеп тентектиң атын хан қойған дейди.

Әдил аталық ханға барып:

– Қулшы тентек дегенде бир яқшы қус бар, сол сизге жүда миясар, шақырып, сорап алсаңыз қалай болар екен? –деп жеткерип барады.

Дәслеп Әдил аталық келип:

– Қулшы, сендеги қустың даңқы ханға түсипти. Сени хан шақырып атыр, қусыңды да алып бар, – дейди.

Қулшы бул хабарды Әдил аталықтың өзи жеткерип барғанлығын дәрҳал сезе қойды.

– Сизден басқа ким айтсын, сизден болған ғой. Не шара, хан шақыртса барамыз да, – деп ханға барады.

Қусы менен барған Қулшыға хан:

– Айып етпесеңиз, сизиң қусыңызды сорап отырман, – дейди.

Қулшы бир майданға дейин дым үндемей отырады. Ақыр соңы басын көтерип:

– Яқшы, алағойың, тақсыр, – депти.

Хан алтын түймели бир шапан, бир қосыўыс тилла береди ҳәм:

– Мениң ханлық дәўиримде еситинди жел ашып, жел жапсын ҳәм уллы болғайсаң. Егерде айтқаным келип, уллы бола қойсаң, баланның атын Ережеп қойғайсаң, – деп пәтия береди.

Бир жыл өткеннен кейин Қулшы уллы болып, атын Ережеп қояды.

## ЕРЕЖЕП ТЕНТЕКТИҢ БИЙ БОЛЫЎЫ

(Р-1242, №183023)

Хийўа ханы қарақалпақлардың өз ишинен бий сайлайтуғын болып, ҳәзирги Қаратаўға келип жатыпты ҳәм барлық қарақалпақлардан бий болады-аў деген адамлардың бәрин хан алдынан өткеретуғын болыпты. Хийўа ханы таўдың басына төсек салдырып шалқа ортасына жатып, келген қарақалпақларға қолын бермей, аяғын көтере берипти. Келген қарақалпақлардың бәри ханның тек аяғынан услап сәлемлесип кете берипти.

Гезек Ережеп тентекке келипти. Ол сәлемлесейин деп ханға келсе, оған да аяғын көтерипти. Сонда Ережеп тентек:

– Тур, заңғар, сениң аяғыңнан алып сәлемлесетуғын қарақалпағың мен бе?! – депти.

Сол ўақытта хан орнынан ирре турып, Ережеп тентектиң қолынан алып:

– Қарақалпаққа бий усы болады, – депти ҳәм оны қарақалпақ халқының бийи етип сайлап кетипти.

## ТУРЫМ БИЙ

(Р-1299, №184812)

Бир сыбайлас отырған халықтың басшыларының өз-ара араласыўы хан ҳәмелдарларына қарақалпақ халқының айырым басшыларын жоқ етиўге жол ашып береди.

Хийўа ханы бурын Турым бийге ҳеш илаж ете алмайды екен. Себеби Бегис пенен Мыржықтан, Айдос бийден ҳәм оның баласы Мырза-Сейиттен айбынады екен. Әйткени Турым бий де Есенгелди маҳремниң күйеў баласы болып, оларға да жақынлығы бар еди. Енди болса Турым бийдиң елде бас көтерер бир өзи болып қалды, ол ҳақыйқатында да өзин күта жалғыз сезди, оның үстине усы ўақытлары Турым бийдиң картайып, күши азая баслаған дәўири еди.

«Ғаздың абатлығы айдың кели менен, ердиң абатлығы пайтақ ели менен» деп халық бий-қарға айтпаған ғой. Хан Турым бийди есапқа да алмаған, оның менен иси де болмайды. Ол өз аўылында ҳеш кимге белгисиз жата береди. Турым бийдиң бурынғы хан алдындағы абырайынан ҳештеме қалмайды. Усы аўҳаллардың келип шығыўына өзи себепши болғанын түсинеди ҳәм өзиниң бий болып даңқы шығыў

www.ziyouz.com kutubxonasi

жүргени Бегис пенен Мыржықтың, Айдостың арқасынан екенин жақсы биледи.

Не илаж? Болған нәрсе болып кетти, қайғырған менен, орнына келмейди. Турым бий де барлық иске қайыл болып, өз қәўиминде жата береди.

Бир күни хан өзинин ҳәмелдарлары менен сөйлесип отырып, қус салыўды мәсләҳәт етеди. Ханның бир ўәзири:

– Хай, уллы мәртебели ханым, қарақалпақтың Турым бийи қус салыўды күта жақсы көретуғын еди, ол бизлер менен бир неше мәртебе қус салып еди. Ҳәзир ол өз қәўиминде жумыссыз жатыр деп еситемен. Турым бийди де қус салыўға бирге алып жүрсек, қусы ҳәм жақсы аты болса, бирге тамаша көрип қайтар, егерде қусы ямаса белгили аты болмаса, масқара қылып, күлкиге алып қайтармыз, – деп өтиниш қылады.

Хан келисим береди.

Турым бийге аңға шықпастан бурын хабар бериледи. Турым бий қатты қапа болады. Себеби онда жақсы ат та, жақсы алғыр қус та жоқ еди. Деген менен, Турым бий бир ой табады. Ол ханнан хабар келген күннен баслап бир ҳаккени услап алады да, соның уйқысын алып, аң аўлаўға үйретип, қайтара береди.

Хан аңға шығатуғын күни Турым бийге хабар береди. Турым бий де бир жаман атты минип, қолына бир ҳаккени қондырып, хан қусшылары менен бирге кете береди. Хан ҳәм оның жалпылдақлары Турым бийдиң бул аўҳалын көрип, бир майдан оны масқаралап күлисип алады.

Булар азаннан кешке шекем қус салады. Хан қусшылары бир неше мәртебе өзиниң қусларын аңға жиберсе де, олар аңға шаппай, басқа бир жаққа ушып кетеди ямаса аңға жақынлап турып, жерге қонып қала береди.

Ҳайран болған хан қусшыларының алдына Турым бий түседи, барлығы жыйналып, Турым бийдиң жанына келип:

– Ҳаў, Турым бий, сиз неге қусыңызды аңға қоспайсыз? – деп сорайды.

– Әй, азаматлар, уллы патшамыздан рухсат болса, қусты аңға қосамыз, әлбетте, – дейди.

Хан қусын салыўға рухсат береди. Турым бий ҳаккени қолына қондырып, адамлардың алдына шығып, алға қарап азмаз жүрген екен, бир қоян қаша жөнелипти. Турым бий де қолындағы ҳаккени жиберип қалған екен, ҳакке қоянның изинен зымырап барып, қоянды бүрип, тыпжылтпай отыра қалыпты, ҳәмме ҳайран болыпты.

Турым бий шаўып барып қоянды ҳаккеден жаздырып алып, оны сойып, ҳаккениң аяқ баўынан жаздырып, өз жөнине қоя берипти.

Сонда хан:

– Ҳаў, Турым бий, сен неге қусыңды тағы сала бермедиң? – деп сорағанда, Турым бий:

– Әй, тақсыр, ҳаккениң ҳақы бир қоянлық, – деп жуўап берипти.

Хан не дерин билмей, адамлары менен сол жерден изине қайтыпты дейди.

Бирақ Турым бийге Хийўа ханы бурынғыдай бийлик еттирмейди. Турым бий өмириниң ақырында бийликтен түсип, зордан күн көрип, қапалылық пенен дүньядан өтипти.

## ТУРЫМ БИЙДИҢ ОЙҚАНЫ
(Р-1299, №184812)

Турым бий деген қарақалпақларда аты шыққан бий болған. Ол Хийўа ханының ақылгөйи болып, хан қасында отырған адамлардың бири екен. Ханның пәрманы менен ол бийлердиң үстинен қарайтуғын бийлердиң бийи болып танылған.

Ол өзи Қоңыратта жасаса керек. Халық батырлары Бегис пенен Мыржық Турым бий отырған жерге келген сайын оның үстинен күлип:

– Ҳа, бий аға, қашан қарақалпақларға теңликти әперегең, өзиң болсаң Хийўаға сатылған адамсаң, сениң де келлеңди алыў керек, – деп, оны масқаралап, ермек қылып кетеди екен.

Сол себепли Турым бий, халық батырлары болса да, Бегис пенен Мыржықты жек көреди екен. Бирақ Турым бий батыр жигитлерге хеш нәрсе ислей алмайды екен.

Бир жылларда Айдос Есенгелди меҳрем дегеннен бийликти басып алады. Есенгелди меҳремниң қарындағы Турым бийдиң ҳаялы екен. Сол себепли Турым бий Айдос бийди де жек көреди екен.

Бир күнлери Турым бий Бегис, Мыржық және де Айдос бий үшеўин жоқ қылыў мақсетинде арнаўлы сапар менен Хийўадан Қоңыратқа келеди. Ол өз үйине Бегис пенен Мыржықты шақырып алады. Оларға:

– Айдос ҳәмелпараз, жаман адам. Ол бийликти Есенгелди меҳремнен тартып алды. Енди ол елди, халықты бүлдиреди. Айдос қарақалпақларға бийлердиң бийи болғаннан, сизлердиң биреўиңиз бий болыўыңыз керек. Оннан енди бийликти алыў қыйын. Өйткени ол ханды алдап алып кетти. Енди тек оннан урысып, жеңип аласаң! Соның ушын екеўиңиз Айдостың қаласына атланыўыңыз керек. Мен сиз-

www.ziyouz.com kutubxonasi

лерге Қоңыраттан әскер жыйнап беремен. Барып Айдостың қаласын шабың, өзин өлтириң. Биреўиң сол жерде оның орнына бий болың. Мен Хийўада сизлердиң бийлигиңизди қуўатлайман. Әне, сонда қарақалпақларға теңлик келеди, – деп түсиндиреди.

Солай етип, ол аңқаў батырлар Бегис пенен Мыржықты Айдосқа қарсы атланыўға үгитлейди.

Турым бий Қоңыраттың әтирапынан Мыржық, Бегис пенен бирге Айдос бийдиң қаласын шабыўға баратуғын үш жүзден көбирек нөкер жыйнап алады. Оларды Бегис пенен Мыржықтың қолларына тапсырады. Турым бий Бегис пенен Мыржықтан жасырып, өзиниң әскерлерине төмендегидей купыя тапсырма береди:

– Сизлер Бегис пенен Мыржықтың басшылығында Айдостың қаласына атланасызлар. Кешке шекем жүрип, Таллықтан өтесизлер. Алдыңыз кеш болып қалады. Қараңғыда жүриў қыйын. Соның ушын түнде тоғайға қоныўға туўра келеди. Тоғайдың бир ашық жеринде үш жүзиңиз қонасыз. Түнде ҳәмме уйқыға кетеди. Бегис пенен Мыржық та уйықлайды. Әдетте, батырлар қатты уйқылайды. Сол ўақытларда сизлер билдирмей, Бегис пенен Мыржықты далаға таслап, биреўиңиз де қалмай қашып Қоңыратқа қайтыңлар. Олар екеўи дузде уйқылап қала берсин! Азанда өзлери уйқысы қанып турар. Қасларында адам қалмағанын көрип, не қыларын билмес. Екеўи Қоңыратқа қайтыўға арланар. Әри ойланып, бери ойланып, Айдостың қасына өзлери-ақ шабыўға атланар. Булар барғаннан соң я Айдос бий өлер, я Бегис пенен Мыржық өлер. Түбинде бир қырылыў болар. Сизлер қайта бериңлер, – деп тапсырады.

Усындай мақсет пенен Турым бий Бегис пенен Мыржыққа Қоңыраттан әскер жыйнап берип, Айдос бийдиң қаласына қарай атландырады.

Булар қаладан шығып кетиўден Турым бий екинши туўры жол менен басқа бир адамнан Айдос бийге төмендегидей хат жоллайды: «Айдос бий, сениң Бегис Мыржық деген еки аңқау инилериң бар екен. Олар бир күни келип, бизиң жасап турған Қоңырат қаламызды шаўып кетипти. Енди бүгин әскер жыйнап, сениң қалаңды шабыўға кетипти деп еситип отырман. Урысқа таярланып отырмасаң, қыйын болады. Буны мен саған билдириўге миннетлимен!»

Айдос та Турым бийден хат алғаннан кейин бийғам болмайды. Қоңыраттан үш жүз атлысы менен шығып, Айдос бийдиң қаласына атланған Бегис пенен Мыржық Таллыққа келгенде геўгим түседи. Тоғайдың ашық жерин таўып, еки батыр әскерлерге қоныўға буйрық береди. Тоғайда дөңгеленип қонысбасады. Түнде ортаға от жағылады, тамақ жейди. Уйқылаўға жатады. Еки батыр ха демей-ақ уйқылап қалады. Кейин үш жүз атлы бурынғы Турым бийдиң тапсырмасы бойынша Таллықтан өтип, түни менен қашып Қоңыратқа келеди. Азанда Бегис пенен Мыржық оянса, екеўи ғана қалыпты. Әскерлер жоқ. Екеўи ҳайран болады. Олар ҳақыйқаттан да енди кейин –Қоңыратқа қайтыўға арсынады. Не ислеў керек? Ойлайды. Не де болса, екеўимиз-ақ Айдосқа қарсы урысқа барайық деп, Айдос бийдиң қаласына атланысып дайым етеди.

Айдостың қаласының түбинен Көкөзек деген дәрья ағады екен. Дәрьядан Бегис алдында, Мыржық кейнинде өтип киятырғанда урысқа таярланып турған Айдостың Арзы батыр деген и алдында ат пенен жүзип киятырған Бегисти атып, жаралы етеди. Бегистиң аяғы кетип, аттың ериниң басына асылып, кейин қайтайын десе, атқа күши жетпейди.

Кейнинде киятырған Мыржық Бегистиң бул аўҳалын көрип, атын кейин қайтарып, Көкөзектен шығып, тоғайға қашып кирип кетеди.

Арзы батыр пилтели мылтықты жане оқлап, атып үлгере алмай қалады.

Арзы батыр кейин қашқан Мыржықты, әлсиреп киятырған Бегисти көрип, атын Көкөзекке салып жиберип Бегисти шанышқы менен шаншып-шаншып, суўға ийтерип ағызып жиберип, оның атын ел тәрепине алып шығады.

Ағасы өлген соң Мыржық көп ўақытлар арланып жүрип, бир күни өзи Айдостың қаласын шабыўға келеди. Бирақ сол сапары Айдос бий елден салық жыйнаўға кеткен болып шығады. Бул сапары ол Айдосты өлтире алмайды. Бирақ Мырза-Сейит деген Айдостың үлкен баласы Қозғанбай деген жерде, Ақжағыстың бойында қус салып жүрген екен, ол соны излеп таўып алады. Мырза-Сейит Мыржықтың түрин жаман көрип, қусты таслап, қалаға қарай қашады. Мыржық оның изинен қуўады. Қалаға жақынлаған жерде изинен жетип, найза түйреп Мырза-Сейитти өлтиреди. Айдостың баласы Мыржықтың найзасы тийип қулап жан тапсырған жерге жерленеди. Ҳазир ол жерде – Айдос қаланың қасында, Сейитшилик деген үлкен әўлийе бар.

Солай етип, Мыржық Айдостың өмирине үлкен қәўип туўдырады. Айдостың қаласы қамал болады. Ағасы менен инисиниң өз-ара душпанласып қырылысыўына халық ҳайран қалады.

Бул Хийўадағы Турым бийдиң салып жүрген ойқаны екенлигин ел биледи. Соннан елде «Турым бийдиң ойқаны» деген гәп қалады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТҮЛКИЛИ ТӨРЕБЕК

(Р-1242, №183023)

Хийўаның ханы Мухаммед Әмин өлгенде ханның Хожамурат, Төре бий деген еки баласы қалған. Дәстүр бойынша хан өлгеннен кейин үлкен баласы хан болыў керек екен, бирақ кишкенеси Хожамурат хан болып кетеди. Соннан кейин Төре инисине ашыўланып, Қоңыратқа келип ел жыйнап, өз алдына хан болған ҳәм Хийўа ханына бағынбаған. Төре бийдиң басшы адамлары араллы өзбек Тәжимурат жақа, қарақалпақ Түлкили Төребек дегенлер болған. Сөйтип олар бес жыл даўамында халықты өзлери басқарған ҳәм Хийўа ханы менен ҳәр жылы урысқа шығып турған. Олар Қоңырат қорғанын Хийўалыларға бермеген. Буннан кейин Хийўа ханы олардың арасына жансыз жиберген ҳәм «Төре бийди ким өлтирсе, ат бағындай алтын ҳәм жоқары ҳәмел беремен» деп ўәде еткен. Бул ўақытлары Тәжимурат жақа өз басшысына опасызлық етип, Төре бийди өлтиреди. Хийўа нөкерлери Қоңыратты шабады. Көтерилисшилер жеңиледи. Түлкили Төребек қырға, қазақлар арасына жасырыныўға мәжбүр болады. Қырда ол бир жылдан көбирек жүреди. Усы ўақытлары, Хийўаға орыслар әскер алып киятыр, деген хабар тарайды. Хийўа ханы «Ким орыслар менен бизлерди урыстырмай, парахат жол менен жайластыра алады?» деп, адам излетеди. Сонда халық:

– Бул ис тек Түлкили Төребектиң қолынан келеди, – деп жуўап береди.

Хан оны излетип таўып алып, Хийўаға алдырады. Хан:

– Төребекжан, сен былтырдан бери қайда жүр единң? – дейди.

Түлкили Төребек:

– Қазақтың шопаны өлсе, ҳаялы оны азалап, бир жыл үйинде отырады. Мениң көп дузын ишип, өз хызметин қылған адамым өлди. Соны азалап былтырдан бери жатыр един, – дейди.

Хан Төребекке:

– Сен досыңа садық хызмет еткен екенсең, енди бизге де ҳақ көкирегиң менен хызмет етесең бе? – дейди.

Түлкили Төребек:

– Сизге төбем менен хызмет етемен, – дейди.

Хан оған:

– Ҳәзирден баслап иске кирис, – деп буйрық берипти.

Түлкили Төребек:

– Жоқ, ҳәзирше буйырған жумысыңды орынлай алмайман, – деп жуўап берипти. – Себеби Қоңырат көтерилисиниң басшысы Төре бийдиң келлеси жылына шекем хан сарайына илдириўли тур. Дәслеп сен маған ағамның келлесин бер. Мен оны гейдесине қосайын ҳәм басына естеркиш әўлийе салайын. Соған кететуғын қәрежет, уста таўып бер. Оннан соң қандай жумысқа буйырсаң да, бараман, – деп ўәде берипти.

Хан еле Хожамурат екен. Бақталаслықта туўысқан ағасын өлтирип қойғаны, оның сүйегин басқа адамның излеп келгени ядына түсип, хан жылап жиберипти. Ол Түлкили Төребектиң өтинишин орынлапты. Төре бийдиң келлесин гейдесине қосыў ушын ғәзийнеден мың тилла ажыратыпты. Пискен гербиштиң ҳәр бирин бир тилладан алып, Топ атқан деген жерден оған естелик орнатады.

Төребек хан менен Хийўаға қайтып киятырған орыс әскерлериниң алдынан шығады. Түлкили Төребек Хийўа ханын урыссыз орыс патшалығына жизия төлейтуғын болып келистиреди.

Ол ўақытта орыс тилин тек Түлкили Төребек ғана биледи екен. Себеби ол Қоңыратқа келгенде бир орыс пенен тамыр болып, соннан үйренген қусайды. Бул ўақытта Қоңырат көтерилисине қатнасыўшылар орыслар менен байланыста болған. Төре бийдиң исенимли адамы Түлкили Төребек бурынырақта еки сапар он төрт урыўдан Сейтбек ҳәм басқа адамлар менен бирге орыс патшасына елши болып барған. Екинши сапары ол орыслардан әдеўир әскер алып қайтады. Хийўа ханы бул истен хабары бар. Төре бийдиң ҳәрекетине қосылған ҳәр бир қарақалпақ үйинен бир адам өлтирмекши болады. Қарақалпақлар орыслардың қоллап-қуўатлаўы бойынша бул жазадан азат етиледи.

Түлкили Төребектиң тәсири артып кетеди ҳәм көтерилистиң қайтадан басланыў қәўпинен қорқып, Хийўа ханы ҳийлекерлик жолына өтеди. Ол ақыллы, батыр жигитлерди халықтан бөлип алыў ушын сарай хызметине тартыўға, олардың бала-шағаларына Хийўа шаҳаринде турыўға рухсат етеди. Бирақ Түлкили Төребек:

– Хийўаға көшип келмеймен, өз халқымнан бөлинбеймен, – деп қарсылық билдиреди.

Хийўа ханы Түлкили Төребектиң бул тилегин де есапқа алады ҳәм оған:

– Сиз сарай хызметине керек адамсыз. Сизиң жақынырақ жерге қоныслағыўыңызға рухсат етемиз. Сиз өзиңизге табия хожалықлар менен келиңиз ҳәм Ташаўыз шаҳарине жақын қолайлы бир орыннан еки мың танап жер аласыз, – деп жалынады.

Түлкили Төребек ханның бул усынысын қабыл етиўге мәжбүр болады ҳәм өз аўылын Ташаўызға

www.ziyouz.com kutubxonasi

кеширип апарады. Ол жердеги аўылды қоңсылары «шыпталы қарақалпақлар» деп атайды екен. Түлкили Төребек төменги қарақалпақлардан бөлинбегеннен кейин ханға хызмет етиўге мәжбүр болыпты. Бирақ сарай хызметине алыўды ол ханның жарылқаўы, жазадан азат етиўи деп есапламайды. Керисинше, жер аўдарыў халықтың бирлигин бузып, күшин бөлшеклеў деп сезеди. Усы ўақытлары қарақалпақлар Хийўа ханына қарсы көтерилис шығарға, қозғалаңның басшыларын, ҳәмелдарларға тилеклес болған адамларды өз елинен айырып алып, Хийўаға жақын жерлерге қоныслaverandıратуғын болған. Усындай себеплер менен Түлкили Төребек тусында бес жүз үйли қарақалпақлар Майлышеңгелдиң күн батар жағында Тақта деген жерден мың танап егислик майданды алып, сол жаққа көшип барыпты. Бундай сүргинге айдалған қарақалпақлар Хорезм ўәлаятының бир қанша жерлеринде болған ҳәм олар Хийўа ханына қарсы екинши мәрте көтерилис шығарыў имканиятынан айырылған.

Түлкили Төребек ол жаққа барғаннан кейин хан әскерлериниң жүзбасысы болған. Ол қартайғанда көзли болыпты дейди. Бирақ Төребек баратуғын жерин адаспай таўып алады екен. Мудамы оның алдында бир ақ түлки жүреди екен ҳәм аты оның изинен ереди екен. Сонлықтан халық оны Түлкили Төребек деп атайды екен. Ҳәзир Түлкили Төребектиң тухымлары алты атаға келипти деседи. Оның үрим-путақлары Хорезм ўәлаятында, Ташаўыз ўәлаятындағы Рунум жап, Алтмыш жап деген жерде, Қанлыкөл районының Қанлыкөл хожалығында жасайды деседи халық.

## ТӨРЕ БИЙ

[Р-1242, №183023]

Төремурат (Төре бий) ҳәм Хожамурат екеўи ағайинли киси болған. Еки ағайинли жигит Қоңыратта дос-татыў турады екен. Бир күни Хожамурат «үйлеримиздиң аўызбиршилиги бизлерден» деп, өзин көрсетип мақтанса керек, сонда Хожамураттың ҳаялы:

– Үйдиң аўызбиршилиги еркектен емес, қатынлардан, бизлерден, – дейди.

Хожамурат:

– Қойсаңа, – деп қатынына урысып таслаған.

Буған ашыўы келеген қатын бул сөзлерди бир алдыңа келтирейин деп, қолайлы жағдайды излейди.

Бир күни Төремураттың үйине қонақ келип, соған сойылған қойдың артқы аяғын Хожамураттың баласына, алдыңғы аяғын Төремураттың баласына услатып салады қой сойып отырған адам. Усыны көрген Хожамураттың ҳаялы мәселедиң түйинин етип, өзиниң байына:

– Көрдиң бе, қайнағаның қылып отырғанын. Хожамураттың баласы артта болсын деп артқы аяқты сениң балаңа берди, бизлерди өзлеринен кем көреди, – деп жортаға шатақ шығарады.

Буған өкпелеген Хожамурат Төремурат ағасынан хожалығын бөлеклеп, Қоңыратты таслап, Хийўаға көшип кетеди. Хийўалы Қоңырат пенен жаў болып, Төре бий менен душпан болып турғанда Хийўа ханы Хожамураттың Хийўаға келиўин айрықша ўақыя деп биледи. Оған хийўалылар ҳүрмет көргетип, үлкен ҳәмел береди.

Төре бий хийўалы менен жети жыл даўамында урыс қылады. Хийўалы Төре бийди жеңе алмайды. Төре бий басқарған қоңыратлы арал өзбеклери Қоңыратта Төре бийдиң қаласы деген үлкен қорған салады. Төре бийдиң басшылығында Хийўа ханына бағынбайтуғын, оған салық төлемейтуғын еркин ел болғысы келеди. Хийўалылар Төре бийдиң бағыныўын талап етеди ҳәм «сизлерди барибир ашырқатып аламыз» дейди. Сонда Төре бий хийўалыларға былай деген екен:

– Қалбай деген байым бар, байлығы тасып атыр, мүнде барсам да, байлығынан бере береди. Оннан қала берсе, сүтилмек деге бағым бар, жылына үш писеди, әўели көгин жеймен, оннан соң гүлин жеймен, оннан соң собығын жеймен. Буннан басқа үш ай саўыным, үш ай қаўыным, үш ай қабағым, үш ай шабағым бар, – деп, олардың абай-сиясатына көнбейди.

Төре бий қатты айбатлы киси болған. Ҳәр қандай адам оның туўры нәзерине барыўға айбынады екен. Оның «Ақша» деген зор аты болған. Ақша атына минип туўры қиятырғанында қандай жүрекли адам болса да, қорқатуғын болған.

Жети жыл удайына урыс халықтың жанына тийеди. Усы жағдайдың аўырлығы гейпара турақсыз басшылардың Хийўа ханы менен тиллесиўине, урыстан шаршаған халықтың ўақытша кейлинен пайдаланыўға мүмкиншилик туўдырған.

Сол ўақыттағы Қутлымурат деген Төре бийдиң сардары Төре бийдиң көзиниң әкетлигинен есерип, сынаў ушын бир жола шығырдың маслығының астынан алып өтеди. Төре бий атта қиятырып ҳақыйқатында да көзи әзи көретуғын болғанлықтан, шығырдың маслығына өзин урып алады. Буны абайлаған Қутлымурат екинши рет бир отырыспада түргелип кетип баратырғанда геўишлерин терис қояды. Онда да Төре бий көзиниң әкетлигинен терис қойған геўишти көрмей, киймекши болады. Қутлымурат бираз сынаўдан кейин Төре бийдиң көзиниң жақсы көрмейтуғынын билип, оны өлтирмекши

www.ziyouz.com kutubxonasi

болады. Оны өлтириў жүда қыйынға түседи. Төре бийдиң Ақша аты астында, қара шолақ қылышы дәстинде турғанда хеш ким өлтире алмайтуғынын ҳәмме биледи.

Бир күни ақшаўырақ тигилген Төре бийдиң отаўының қасында байлаўлы аты менен ерге қыстырыўлы турған шолақ қара қылышын Қутлымурат урлап алады да, үйдиң туў сыртынан «жаў келип қалды» деп дәўрық салады. Уйқылап атырған жеринен ушып турып далаға жуўырып шыққан Төре бийдиң абайсызда теллесин алады. Солай етип, қоңыратлылар жети жыл даўамында Хиўа ханға қарсы түрескен өз бийлерин өз қолы менен өлтиреди.

Әлбетте, Төре бийди өлтириўде Хийўа ханың қоллайтуғын Қутлымурат қуўанғанлар Төре бийдиң теллеси ушын сыйлық алыў мақсетинде теллени Хийўаға алып барады. Төре бийдиң теллеси Хийўаға барған ўақытта хан:

– Хай, надан қоңырат, – деп қарқылдап күледи.

Төре бийдиң теллесин көрген Хийўадағы иниси Хожамурат бул иске қыйналып:

– Әттегене-ай, Төре бий менен жаў болып отырғанымыз, Хийўа менен ел болып отырғанымыз еди, басын тенлесине қосып қойғойың, – деп, теллени алып келгенлерди Қоңыратқа қайтарады.

Иниси Хожамурат ағасы Төре бийден айра түскенине пәнт жеп, ағасын «Пайғамбар қызы» әўлийесине жерлеп, басына естелик жай салдырған екен дейди.

## ПАНАХАН

[Р-1242, №183029]

Төре бий өлгеннен кейин оның жақынлары басынан қорқып, жан сақлаў ушын Хийўаға қашады. Себеби Қутлымурат Төре бийди өлтириўи менен оның жақынларынан бас көтергенлердиң ҳәммесин тұқымқурт қылыў қәўпи туўады. Хийўаға қашқанлардың ишинде Төре бийдиң жийени Мухаммед Пана деген жигит пенен Шеримбет батыр деген де болады. Пана Төре бийдиң жийени болғаны ушын жан сақлап қашып келсе, Шеримбет батырдың Көк ат деген атын Қутлымурат басып алғаннан кейин Шеримбет батыр өкпелеп, Хийўаға кетип қалады. Әне, Хийўада Пана да, Шеримбет те талап ислеп жүре береди. Мухаммед Пана деген жигит азада ҳәм күш-қарыўы жүдә бөлек болған.

Усылай етип жүргенде Мухаммед Пана менен Шеримбет екеўи Хийўада ушырасып қалады, гәп бир-бирине «сен не қылып жүрсең?»нен басланады. Екеўи дәртлесип, еллери ядына түсип жыласып, «Киси елине патша болғаннан, өз елимизде шопан болған артық» деп, екеўи Хийўадан Қоңыратқа қайтыуға ўәделеседи. Олар бир неше күн жол жүрип, Қоңыратқа кешке жақын келеди. Қоңыраттың ишинде Қанжаптағы «Бийдиң көпири»ниң қасында жағада екеўи бет-қолын жуўып отырса, Қутлымурат бийдиң арғы жайдан көпир таманға бир өзи астен атлы киятырғанын көреди. Мухаммед Пана менен Шеримбет батыр буны көрип, бир-бирине «Көктен тилегенди жерден берди қудайым» дейди де, екеўи жағадан жоқарыға шығады ҳәм Қутлымурат бийди аттан аўдарып, теллесин алады, лашын «Бий көпирдиң» астына тығады. Усы ўақытта күн батып, қараңғы түсип кетеди. Пана менен Шеримбет батыр Қутлымурат бийдиң арызхананың үстинде қонып шығады. Ертеңине азан менен «заман кимниң заманы, Панаханның заманы» деп жар урдырып жибереди. Пана хан болып, Шеримбет батыр болып, Қоңыратта бир ақшамда өзгерис болады.

Пана хан өзиниң зулымлығынан ба, ямаса Төре бийдиң қаны ушын ба, бас көтерген бий, ҳәкимлердиң балаларын тұқымқурт қылады. Түркменлер менен тил бириктиреди. Хийўа ханы менен де тиллеседи. Пана ханның заманы жүдә аўыр болады. Бир жағынан зулымлық, екинши жағынан ашлық, үшинши жақтан ала аўызлық ханға деген халықтың жек көриўшилигин күшейтип жибереди. Буннан кейин Қоңыраттың бас көтерген бийлериниң ҳәммеси Әзбергенниң қорғанына қашып барады. Әпиўаны халықтың ўәкиллери бас қосып, Панаханның зулымлығына қарсы қырық жигит жыйналып, қара қойды сойып, ханды қулатыў ушын мәсләҳәт қылады. Бирақ биринши мәсләҳәт билинип қалып, қырық жигит дарға асылады. Екинши рет тағы қырық жигит жыйылып, мәсләҳәт етеди. Олар ханның отырған жерине бастырып киреди. Пана хан адамлар бастырып киргенде «Не қылып едим, Қоңырат?» деп, жети қабат жайдың төрине қашады. Адамлар Панаханды тутып алып, тирилей азаплап өлтиреди. Қашқан жеринен Шеримбетти, оның балаларын да тутып алып өлтиреди. Өйткени Пана ханның жаллады болған Шеримбет шоқмар менен бир урып, гүнасыз бенделерди өлтиретуғын болған. Панаханның кемпирин балалар сарсаң кесекке салып өлтирген.

Панахан барлығы болып Қоңыратта он төрт ай ғана хан болған. Ол усы ўақыттың ишинде халыққа жаманлықтан басқа хеш қандай жақсылық көрсете алмаған. Панаханның усындай зулымлығының арқасында халық арасында мынандай қосық пайда болған:

Пана хан болды ханымыз,
Гүнжара болды наңымыз,
Егер Хийўалы келмегенде,
Шығар еди жанымыз.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МОЛЛА ПИРИМНИҢ ҚАМАЛЫ
(Р-1242, №183023)

Өз заманында Қутлымурат хан боламан деп Қоңыратты салдырған екен. Қоңырат питкеннен кейин қырық жигит Пананы бас етип, Қутлымуратты шалып өлтиреди ҳәм Пананы хан тиклейди.

Пана хан болып турған ўақтында халықты бүлдиреди. Пананың әскери келип Бозатаўды шабады. Мине, усыннан молла Пирим деген адам қамал ислеп қорғанады.

Молла Пирим менен Өтепберген екеўи жақын адам болған. Молла Пирим қамалды үлкейтип, қала салмақшы болады. Бирақ Өтепберген буған келисим бермейди. Молла Пирим қала салыўға киристеди.

Буннан кейин Өтепберген қасына онлаған адамды ертип Тербенбес деген жерге келеди. Молла Пирим қала салып, түркменлер менен урысады. Усы дәўирде Әжинияз ахун да болады. Қаланы жаў алған соң, душпан молла Пиримди услап алады, бирақ өлтирмейди. Әжинияз ахунды бенде етип, ешекке терис мингизип айдап қайтады. Усы ўақытлары Әжинияз шайыр «Бозатаў» шығармасын жазады. Әжиниязды айдап киятырып түркменлер оның ахун екенлигин билген соң босатып жибереди.

Молла Пиримниң шабылыўы қыста болады. Молла Пирим дәрўазаманның ҳақын бермегенликтен дәрўазаман өкпелеп кетип қалады. Усыннан пайдаланған душпанлар дәрўазаны бузып кирип, қаланы басып алады. Қаланың Порхан қайтпа деген шығыс арқа жағынан Пиримниң өзи жаў кирместен бурын қашып қутылады.

## ӨЙТПЕГЕНДЕ, ҚУРБАҚА ЖУТТЫРАСАҢ БА?
(Р-1299, №184812)

Халықтың айтыўына қарағанда, бир заманларда қарақалпақлардың бир бөлими Бухара ханлығына қараған. Олар Мийнкөл деген жерде жасаған. Бул жердеги қарақалпақлар Бухара ханлығына қарсы көтерилис жасаған. Оларға Әмиў бойының қарақалпақлары да жәрдемге келген. Усы көтерилисте Бухара ханы жеңилиске ушырап, кейин қарақалпақлар не тилесе, сол тилегин орынлаған. Хийўаның қарақалпақлардың Бухара ханы қарамағындағы көтерилис жасаған қарақалпақларға жәрдемге барыўын Хийўа ханы астыртын қуўатлаған. Оның мақсети, егер қарақалпақлар Бухар менен аш болса, Хорезмге көшип келиўи мүмкин, деп ойлаған. Бирақ ўақыттың өтиўи менен, Бухара ханы көтерилисти басып таслап, көтерилис жасаўшыларды қатты жазалаған ҳәм Хийўа ханлығынан көтерилиске келип қатнасқан Хорезм қарақалпақларын да жазалаўды жазалағанда да Бухара ханының жазасын қолланыўды өтиниш еткен. Бухара жазасы – жазалы адамларға тири қурбақа жуттырады екен.

Усыны дәлил етип, Хийўаның ханы бурыннан жек көрип жүрген урыўлардан үш мыңдай қарақалпақты Хийўаға шақыртып жазалаған. Хан ҳәр күни, ҳәр саатта алдына он-оннан адам шақыртып, оларға шелекке салып қойған тири қурбақаларды көргеткен.

– Усыннан бир-бир қурбақадан жутасыз. Жутпасаңыз, халықтың көзинше асып өлтиремиз, – деген.

Жазалы адам ойланып-ойланып, бир тири қурбақа жутқан менен өлермекенмен деп, бир қурбақадан жутқан. Қурбақа жутқан адамларды адамға көрсетпей, үлкен жабық сейисханаға апарып таслай берген.

Қурбақа адамның ишинде тегинликте өлмейди екен. Ишти тырнап, еки үш саатта адам өле берген. Солай етип, Хийўаның ханы Бухара қарақалпақлары көтерилисине жәрдемге барған үш мың қарақалпақты қурбақа жуттырып өлтирген. Бул ең аўыр жазаның түри екен. Бул халықтың ядында умытылмас из қалдырған.

## АМАНБАЙ БАТЫР
(Р-1242, №183023)

Аманбай Үйсейин деген Бухар ҳәмелдарының баласы екен. Ол жаслайынан жигерли, шаққан, батыр болып өседи. Аманбай қыйқан болған соң, әкеси оны үйинен қуўып жибереди. Ол күни үшын бир ийшанның үйинде ийшанның тәрет суўын жылытып берип жүре береди. Сөйтип жүрип, узақ жерлердеги аты шыққан байлардың малын айдап алып қайтады екен. Ийшанның сол елге аты шыққан ала аты болады. Аманбай сол аттың ықласы менен бағады екен.

Бир күни Аманбай бир топар мал айдап келгенде, малдың ийелери изинен жетеди. Аманбай ийшанға тәрет суўын жылытып берип, ийшан да таң намазын оқыйын деп атырғанда мал ийелери ийшанның үйине кирип келеди. Ийшан намазын оқып болып, жолаўшылардан жол болсын сорайды.

– Бизлер мал жойытқан жоқшымыз, урыны қуўып келдик, – дейди жолаўшылар.

– Ол ким? – дейди ийшан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Мынаў отырған жигит, – деп Аманбайды көрсетеди.

Ийшан:

– Мүмкин емес, бул мениң исенимли атқосшым, – деп ақламақшы болады.

Сонда Аманбай Ийшанға қарап:

– Ақламаң тақсыр, болсақ болған шығармыз, – дейди.

– Онда, бар балам, мына ала атты ал да кете бер, сен бул жерге сыймасаң, – депти.

Солай етип, Аманбай жигитлерин ертип, ала атты минип алып, үлкен байларды талап, малларын сойып жеп жата береди.

Бир күнлери Аманбайдың әкеси өледи, соған ас бериў ушын әмирден мал сораса:

– Саған беретуғын малым жоқ, өзиң тавып ала бер, – дейди.

Буған ашыўы келген Аманбай әмирдиң малларын айдап келип сатып, әкесиниң асын береди. Буған әмирдиң ашыўы келеди хәм Аманбайдың жигитлерин әскер жыйнап келип қырып таслайды. Олардың арасында аман қалғанларынан Жийенди әмирдиң алдына услап алып келеди. Жийен хәм жыраў, хәм шайыр адам екен. Әмир оған:

– Адамлар сени жыраў хәм шайыр деседи, сен ағаңды мақта, – деп буйрық береди.

Сонда Жийен жыраўдың Аманбайды мақтап айтқаны екен:

– Алалай менен булалай,
Ат болмай ма жорға тай,
Жер шылымға ментим пай,
Ертеде өткен Аманбай,
Аманбайдың ала аты,
Қолтығында қанаты,
Аманбай жаўға шапқанда,
Жарқылдайды полаты, –

деп салдырта береди. Бул қатарлар аталардың жырына айланып қалған екен.

## ИСПАНДИЯР ХАН

(Р-80, № 50411)

Хийўаның ханы Мадирейим хан әкеси Сейтимбет хан өлгеннен кейин орнына хан болып, 93 жасында қайтыс болады. Мадирейим хан өлген жылы – қуйрықлы жулдыздың туўған жылы еди. Хан өлгеннен кейин еки қатынының баласы – Сейдулла менен Испандияр ханлыққа таласады. Испандияр хан болады. Лекин ол жас болғанлығы себепли, оның жумысына Ислам хожа деген адам басшылық етип отырады. Ислам хожа ханның адамларына «Ақ патшаға хат жазып, орыс алдырып, балаларды оқыттырайық. Тил-тәлим үйренсин» деп ойласады. Буннан кейин ол адамлар Ислам хожаны ханға жаманлайды. Хан «далаға хеш адам шықпасын» деп буйрық берип, Ислам хожаны сойып өлтиреди.

Испандияр хан қарақаптал (сөз) кеселине шалынады. Усы ўақытлары ханның жалпылдағы Капжурсин беглербеги (табып урыўынан):

– Алды ашылмаған қырық қызды көрсен, жазыласаң. Бирақ шариятта төрт қатыннан зыят алыўға болмайды деген рәўият бар, сол ушын қырық қызды биримлеп керип, талақ қылып таслайсаң, – дейди.

Испандияр ханның қол астында Жүсип ийшан деген адам «Испандияр өз халқының ырзын зорлады, ол өзиниң қызындай болыў керек, хан шариятты бузды» деген сөз таратады. Буннан кейин беглалы, Шамлы кал деген түркменлер Шыйықназар деген батырды басшы қылып, Хийўаның ханы Испандиярға қарсы көтерилиске шығады. Испандияр хан Жумағул дегенди басшы қылып түркменлерге қарсы қояды. Түркменлерди қырғынға ушыратып, баяғы сөз тараткан Жүсип ийшанды услап алып қамайды.

## ХОЖЕЛИ ЎАҚЫЯСЫ

(Р-1299, №184812)

Хийўаның соңғы ханларының бири Испандияр халық арасында ең зулым хәм бузық хан сыпатында ат қалдырды. Әсиресе, оның пүткил ханлықты ларзеге келтирген «Хожели ўақыясы» аты менен белгили иси узақ ўақытлар даўамында халықтың ядында ең жаман күнлер сыпатында сақланып қалды.

Испандияр хан өзиниң ырққа сыймайтуғын әдетлерине бола, «қарақаптал» кеселине шатылады. Бир ақмақ тәўип оған, егер ол еле еркек көрмеген қырық қыз бенен жыныслый қатнас жасаса, кеселден айығатуғынын айтыпты. Тәўиптиң айтқан усыпасы оған хат пенен қәлем болып, ол ханлықтан қызлар алдырыўға буйрық береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ханның қолына түскен еки қыз ханға қарсылық көрсеткени ушын үстине қайнаған суў қуйып өлтириледи. Ханның хызметкерлери екинши мәртебе Хожелиден жигирма қызды хан ҳәремине алып кетиў ушын келетуғын болғанда, халық өз қызларын Әмиўдарьяның оң тәрепине, Нөкиске жибереди. Сонда он алты қыз минген қайық аўдарылып, қызлар дарьяға ғарқ болады.

Хан сонда да хан ҳәремине қыз тасыйтуғын, халық «өметедек арба» деп атайтуғын арбасын және Хожелиге жибереди. Арба менен келген ханның адамлары Хожелиниң ҳәкими Әўез хожаға ханның буйрығын жеткереди. Әўез хожа Хожелиниң муфтийи Асаматдин хожа ҳәм Махмуд хожалар менен ойласып, ханның буйрығын орынламаўға келиседи. Буның үстине, Хожелиниң үлкен уламаларының бири Ша Сасун ийшан ханнан келген адамларға:

– Ханға хожелишилер қыз түўе, қаншық ийт те бермейди екен деп айтып барың, – депти.

Арадан бир-еки күн өткеннен кейин Хожелиниң халқы Юсип порхан дегенниң үйиндеги мерекеде ойласып, бул исти Әўезжан хожа менен ойласып, кейин Хийўаға ханның алдына барыўды келиседи. Олар Хожели халқының усындай келисимге келгени ҳаққындағы хабарды ханға жеткериў ушын қаланың ең абырайлы адамлары болған Қазақбай саллақ ҳәм Дурдыбай ханға жибериледи.

Соның арасында Хожелиниң дуч келген нәрсе менен қуралланған халқы алты жүз адам болып, Хийўа тәрепке жүрис қылады. Жолда оларға маңғытлылар, гүрленлилер ҳәм сол әтираптағы майда аўыллардан да адамлар қосылып, олардың саны үш мың адамнан асып кетеди.

Олар Хийўаға жақынлаған жерде тоқтап, ханға тахттан ўаз кешиўди, егер бул талап орынланбаса, Хийўаға ҳүжим қылатуғынын айтып, елши жибереди.

Арадан бирқанша ўақыт өткеннен кейин ханның адамлары келип, булардан бир неше адамды келисим ушын сарайға мирәт етеди. Хан сарайына маңғытлы Дарғабек басшылығында сегиз адам кетеди.

Хийўа ханы орыс патшасы армиясының Хийўа гарнизонының баслығы Колосовскийдиң жәрдемине исенип, ўәдесинде турмай, оларды зинданға салдырады.

Өз жетекшилериниң зинданға тасланғанлығынан хабар тапқан көтерилисшилер Әўез хожаның нөкер басшысы Абдиқадир жүзбасының қол астына бирigип, Хийўаға топылыс жасайды. Хийўа жанында олар ханның тәрепдарлары менен бир неше күн ғаўаш жүргизеди. Бирақ Хийўа тәреп басым келип, көтерилисшилер тарап кетиўге мәжбүр болады.

Буннан кейин Абдиқадир жүзбасы қасындағы адамлары менен түнде Хийўаға жасырын кирип, зиндан жанындағы бир үйден зинданға қарай жер асты жолын қазып, баяғы зинданға салынған жолдасларын қутқарып алады.

Буннан кейин бул иске түркмен Жунайдхан араласады. Ол Хийўаны алып, Исфандияр ханды тахттан аўдарыўға ериседи, бирақ ол орыс патшасы тәрепдарлары оны хан деп тан алмайды.

Орыс патшасы ҳәмелдарларының көмеги менен Исфандияр тахтты қайтарып алады. Олардың басшылығында ханлыққа С.Галкин басшылығында жазалаў отряды жибериледи.

Хан Галкин менен Маңғытқа келип, Дарғанбекти ҳәм оның тәрепинде болған бирнеше адамды дарға астырады. Соң олар Хожелиге қарай жол алады.

Жазалаўшылардың киятырғанынан хабар тапқан Әўез хожа менен жақсы қатнаста болған Аррекли бай оған шет елге қашыўды маслаҳат береди. Сонда Әўез хожа:

– Мен хожелишилерди бундай жағдайда таслап кете алмайман. Не болса да, тәғдиримнен көремен, – деп жуўап берген екен.

Испандияр Галкин менен Хожелиге келип, көтерилисти басқарған Әўез хожа, Махмуджан хожа, Асаматдин ийшан, Баҳаўатдин қарий, Машариф муфтий, молла Юсип, Кожабай хожа, Хожалепес қазый, Абдиқадир жүзбасы, Худайберген дийўан сыяқлы елдиң намысы ушын гүрескен адамларды Хожелиниң «Кәмир базар» майданына алып шығып, дарға астырады.

Халық олардың денелерин Ережеп қалпе қойымшылығының қасына жерлейди.

Арадан еки жыл өткеннен кейин бул қанлы ўақыяның себепшиси болған Испандияр хан Жунайдхан тәрепинен өлтириледи.

## ҚОҢЫРАТ

(Р-46, № 50412)

Ерали хан қалмақлар менен қатты урыс еткен, қалмақлар Хийўаның дөгерегиндеги халықларды тезтез келип талай беретуғын болған. Еккен егини, тапқан мал-дүньясын талап ала берген, буған қарсы халық ғалаба көтерилип, жаўды Қоңыраттың аржағындағы Үстирттен асырып салады. Жаўды биротала туқымқурт етиў ушын Ерали хан әскерлери менен Үстирттиң үсти арқалы қуўа береди, бирақ атлары шаршап, суўын таўысады. Қалмақлардың әскерлери изинен көмекши әскер келип, қайтып топылады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ералы ханның әскерлери жаўға тәтепки бере алмай, жарым жолда изге айланып қашады. Ералы ханның аты семиз, бақҳы ат екен, жолда исип, кейинлеп қала берипти, сонда әскерлердиң ишинде бир қоңыр атлы бала артына айланып шаўып келип, өзиниң жүйрик атын ханға береди. Хан буған қуўанып, атқа минип, балаға қолындағы жүзигин береди. Сөйтип, Ералы хан аман қутылып кетеди, изден жеткен жаў баланың еки қолын артына байлап, урып-соғып ханының алдына айдап барады. Қалмақтың ханы:

– Хорезмниң пухарасымысаң? Сен не ислегениңди билесең бе? – дейди.

Бала:

– Әлбетте, билемен, – деп жуўап береди.

– Сени не күтип турғанын да сезесең ғой?

– Дурыс, тақсыр, сеземен, – дейди бала.

– Ондай болса, хан ушын, яғный биреў ушын өзиңниң жаныңды аямағаның не, биз сени ҳәзир дарға асамыз, басыңды ийтке таслаймыз, не пайда таптың? – дейди.

– Дурыс, тақсыр, мен өлсем, өлемен кетемен, жылап атырған бала-шағам жоқ, өлтирсеңиз өлтире бериң, ийтке салсаң да, дарға ассаң да алдыңда турман, маған бәри бир. Ал ол дүйим журттың басшысы қолға түсип, дарға асылса, үйиринен айырылған жылқыдай алды-артына кетип, қырылмай ма?! Ел бүлгинге түседи, ата баладан, бала атадан айырылып, посып кетпей ме? Оларды солай еткенше, мениң бир өзим өлгеним жақсы емес пе, тақсыр?! – депти.

Хан баланың гәпине узақ ойланып отырып:

– Бала ырастан да қатты ақыллы екен, ҳәрбир адам халық ушын, хан ушын усыншама жаны ашып, бир адамның баласындай ғамхорлық етип умтылса, ҳеш қандай жаўға алдырмайды екен, – деп, баланы босатып жиберип, сол жерден елине қайтып кетипти.

Бала пайыў-лиада неше күнде Хийўаға келсе, «Қоңыр атты минген бала ким?» деп қалаға жар урғызып, ҳеш жерден таба алмай атыр екен. Биреўлер «мен едим» деп барып жүргенлердиң де есап саны жоқ екен, патша «бул емес» деп қайтарып жибере берген. Бир күнлери бала ханның алдына барып «мине, тақсыр» деп, жүзигин берип, атын сорайды, сөйтип қайтарман болады. Баланың отыз үйли аўылы менен бирге «әмир-әмирине салық төлемейсен» деп, қолына жарлық жазып береди. Сол отыз үйли қоңырат усы жерге жайғасқан соннан отыз үйли Қоңырат аўылы, Қоңырат қаласы болып кетиен. Сол баланың ақлық-шаўлық, қуўлықларын да, қалада туратуғын жериниң атын да умыттым. Бир нәрсе баба дегенде ҳәр ханның ўақтында қайта мөр басылып келген жарлық бар еди. Туқым туқымына ҳеш қандай салық төлемеген.

## ҚОҢЫРАТ АТАЎЫ

(Р-1299, №183812)

Бурынғы ўақытта ҳәзирги Қоңыраттың турған орнын суў алып, теңиз болып турғанда, усы теңиздиң ортасында бир атаў болған екен. Суў тасқыны басып киятырғанда сол атаўға шығып, басқа жаққа қаша алмай, бир қоңыр ат тайы менен қалып қойыпты. Соннан баслап сол атаў «Қоңырат» деп атала баслапты. Суў қайтып, әтирап кебе баслағаннан кейин де адамлар:

– Ҳәмме жерди суў алса да, бул атаўға суў шықпайды екен, – деп, сол атаўға көшип келип қоныс таба баслапты.

Өзлерине жайлы макан таба алмай жүргенлер Қоңыратқа көшкенлерден:

– Қай жерге көшип бардыңлар? – десе, олар:

– Бизлер Қоңырат атаўына көшип бардық. Ол жерде дүньяны суў алса да, үйрекке бир пул дегендей, өркайын стыра бересең, – деспити.

Солай етип атаўдың дөгерегине халық топланып, ол үлкен маканға айланыпты.

## ҚОҢЫР АТЛЫ АДАМ

(Р-1299, №183812)

Бурынғы ўақытта ҳәзирги Қоңырат аймағында жасап атырған халық арасында қатты ашаршылық болыпты. Сол жылы еккен егинлер питпей, ҳәмме елде қатты қурғақшылық болған екен.

Сол ашаршылықта адамлар ишерге нәрсе таппай жүргенде, бир күни бир бийтаныс қоңыр ат минген адам пайда болыпты. Ол ҳәр күни атына тийеп бир батпаннан дән әкелип, халыққа үлестире баслапты. Сонда дән таппай жүргенлер жаңағы қоңыр атлыдан дән алып киятырғанлардан:

– Дәнди қайдан алдыңлар? – деп сораса, олар:

– Бир қоңыр атлыдан алдық, – деп жуўап береди екен.

Солай етип, адамлар сол қоңыр атлы берген дән себепли ашаршылықтан аман қалыпты. Соннан бул ел сол қоңыр атлының аты менен «Қоңырат» болған екен деседи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЕР-СУЎ УШЫН ТАЛАСЛАР

Р-45, № 50409]

Бурыныракта Гене Үргенишге қарақалпақлар жасайды екен. Қарақалпаққа Мойшақлы Юсипбектиң Майқаласына шекемги жерлер тийисли екен. Сол ўақытта қарақалпақтың ишинен атақлы адамлар – баймақлы Тилеўмурат бий, қазаяқлы Насыратдин бий деген кисилер болған. Қарақалпақлар қонсылас, ҳәзирги Шоманайдың шет жағасында турыўшы айырым түркмен аўыллары болып, олар қарақалпақ бийлеринен суўды, жерди алып пайдаланар екен. Жерди жарымшыға алып егеди екен. Бир күни Тилеўмурат бийден түркменнин қарахожа деген урыўының баслығы Мамбет деген жарымшыға жер сорап алады. Тилеўмурат рухсат етеди. Оның артынан екинши урыўдың бир бийи келип жер сорайды. Ол жерди Мамбет қарахожаға бергенин айтады. Соның үстинде соңғы келген урыўдың адамлары, не ушын бизге бермей, Мамбет хожаға бердиң деп, Тилеўмурат бийдиң иниси Дәрьябайды көп атлы болып келип өлтирип кетеди. Мамбет ҳәм басқа жақын урыўдың адамлары менен де урыс болып, булардан көп адам өледи. Мамбет ҳәм балалары қаза табады. Қарақалпақ ҳәм түркменлердиң арасында бир-бирине ишенбеўшилик күшейеди. Солай етип, түркмен дәслеп жерди жарымшыға алып, соңынан өзлерине ала баслайды.

Жарымшыға жер берсең, жер ийесин жеринен шығарады дегендей, түркменлер қарақалпақларды жерлеринен ысырып шығара баслайды. Усы дәўирден түркменлер өзлериниң ишинен онлаған атлы баспашы төлемлестирип, қарақалпақ аўылларының шет-шебирлеринен малларын урлап, айдап кетип жүрген. Қарақалпақлар бул аўҳалды Хийўа ханынан жеткереди. Хийўа ханы араларынан жүзбасы сайлап қойыўды усыныс етеди. Сол ўақытта Тилеўмурат ҳәм Насыратдин бийлер тийекли Сейдалы деген жүзбасылыққа усынады. Сейдалыны жүзбасылыққа сайлаўының себеби, биринshiден, қонсылас түркмен аўыллары менен ашпенли болмаў мақсетинде болса, екиншиден, Сейдалы ғайратлы ҳәм басқаларға қарағанда питеген қарыў жарақты билетуғын жигит болады. Оннан қалса, басқа урыўдың жигити, қандай бәне болса, соған болсын деп ойлайды.

Сейдалы жүзбасы ханның рухсаты менен өзиниң қолына онлаған нөкер алады. Буларды Хийўа ханы қурал жарақ пенен тәминлейди. Баспашылардың жолын тосыўға күде береди. Бир күни жасырынып жүрип баспашының онлаған атлысының ишиндеги басшысын атып түсиреди, қалғанлары қашып кетеди. Жаңағы баспашының геллесин бир бийик жерге асып қояды. Ҳәзирги «Гелле асқан» деп аталатуғын жер де сол болса итимал. Сейдалы жаңағы баспашының геллесин Мадирейим ханға алып барады. Соннан баслап жоқарылай баслайды. Усындай жағдайлар болғаннан кейин Сейдалы яўмытлардың ашпенли болыўынан қәўипсинип, елде мынадай тәртип орнатады:

– Түркменлер менен қатнаспайған, сырды алады, егер де қатнасқың келсе, түркменлер меннен пәтек алғын, – дейди.

Усы дәўирде халықлардың арасында:

– Қыйт етсең, геллең кетер,
Сейдалы изиңнен жетер,
Өкпе хатың болмаса,
Бу йерлерден өтпе яўмыт, –

деген қосықлар тараған.

Қазаяқлы Насыратдин менен баймақлы Тилеўмурат бийлер тийеклиге бийлик, батырлық жетти деп күнлеп, және де, Сейдалыны босатыў керек, болмаса түркменге жаў боламыз деп қәўипсинип, Сейдаланы ханға жаманлайды. Нөкер жыйнап, соның бәнеси менен елди жеп атыр, дейди. Сөйтип Юсипти жүзбасы етип сайлаўға ханға усыныс етеди. Юсип жүзбасы болады. Урыўы қазаяқлы екен. Сол Юсип жүзбасының Бегимниязы деген баласы да болған.

Юсип жүзбасы болыўы менен түркмен ҳәм қарақалпақлар араласып кетеди. Юсиптиң өзи қазаяқлы болмаған, ҳәм елден Сейдалы қусап Насыратдинди гәрежет пенен тәминлей алмаған. Соннан соң нөкерлер тарай баслайды. Талаўшылық күшейеди. Бул 1900-жыллары Мадирейим ханның тусында болса керек. Усындай жағдайда халық қайтадан Сейдалыны жүзбасы етип сайлайды. Бар абырайы қашқан соң Сейдалы бурынғыдай ҳүкимин жүргизе алмайды. Усының кейнинен түркменлер, неге қайтадан Сейдалыны жүзбасы қойдыңыз деп, Насыратдин бийдиң иниси Байжанның қызы Бийбайшаны алып қашады. Насыратдин бий өзиниң таныс яўмытлары арқалы көп пул төлеп, Бийбайшаны зорға қайтып алады. Бийбайшаның бурынғыдай абырайы болмайды, ол түркменлер алып кетпегиннен бурын жаслайынан Тилеўмурат бийдиң баласы Мырзамуратқа пәтия оқып қойылған екен. Ең соңында Бийбайша жетпис жасларына келген Өтеп көнши деген сарры өзбекке басын шатады. Бийбайша Гене Хожелидеги заводтың жанындағы үлкен гене қапырдиң қубла тәрепинде жасаған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЙҚЫ БИЙ

(Р-22а, № Я9951)

Қазақ, қарақалпақ, өзбектиң бир атасы Майқы бий болған. Майқы бий үш балаға енши бергенде былай деген екен:

– Балалар, енши алысқанда май сүртисип енши алыңлар, араларың майдай жумсақ болсын.

Бирақ бул балалар енши алысқанда Майқы бийдиң сөзин тыңламайды. Енши алғанда май сүртисип енши алып айрылыспай, алмас сүртип айрылысқан екен. Сонлықтан аға-ини үш баланың арасы майдай жумсақ болмай, алмастай қатты болыпты, деседи.

## ТАҒАБЕРГЕН СЫНШЫ

(Р-1296, №183776)

Әтеғалидан соң Есенгелдиниң әўладлары жарлы түсип, Шаҳарбай беглербеги қырға тамыр излеп кетеди. Тағаберген сыншы:

– Уллы елдиң уллы перзентиниң үрим-путағы ағайин излеп келипти, – деп, белгили қазақ байларына оны таныстырыпты. Олардың ҳәр бири Шаҳарбайға сарпай ҳәм түйелер береди. Ол демде байып кетеди. Сонда Тағаберген сыншы Шаҳарбайға:

– Сениң буған күшиң жетпес, – деп, өз адамлары менен малды ойға айдап келеди. Ол Шаҳарбайды Хийўа қаласына ертип барады ҳәм олар үлкен бир ҳәмелдарға мийман болып, оны жақсылап сарпайлайды.

Соннан хан ҳәмелдары оған көўили питип:

– Не тилегиңиз бар? – деп сорайды.

Сонда Тағаберген сыншы оған:

– Сиз Шаҳарбайға тийисли ҳәмелди алдырып берсеңиз болды, – дейди.

Жаңағы ҳәмелдар Шаҳарбайға беглербеги деген ҳәмелди алып береди.

## ДӘЎЛЕТ ПУШЫҚ ҲӘМ ТАҒАБЕРГЕН СЫНШЫ

(Р-1296, №183776)

Тағаберген сыншы Шаҳарбайды өзине ертип, қарақалпақ бийлерине, ҳәмелдарларына мийман болады. Ол сол ўақытта бираз картайған адам екен.

Олар Дәўлет пушықтың үйине келген екен. Дәўлет пушық кеште де, азанда да «Ғарры, бул күнде қандай ҳәмелдесең?» деп сорап қоймапты. Сонда Тағаберген сыншы оған:

– Ғарры адам қандай ҳәмел алыўы мүмкин? Оның орны қуўыста! Бурынлары дәўлет қусы деген болатуғын еди. Ол адамларды таңлап, басына қонатуғын еди. Бул күнде ол адам таңламайтуғын болып кетти. Ақсақтың аяғына, шолақтың қолына, пушықтың мурнына қонып атыр. Алдың жоқ, өзиң шыққан жүйрик екенсең, артқы жағың ҳәм болмас, – деп пәтия берипти.

Көп кешикпей Дәўлет пушық қайтыс болады. Тағаберген сыншы айтқандай, Дәўлет пушықтың туқымынан атқа минер шықпапты, деседи.

## ӨТЕПБЕРГЕН БАЙ

(Р-1296, №183776)

Кенегес Ерназар аталықтың егеде болған, дәўлетиниң де толысқан, ал қыятлы Садық аталықтың жас жигит, жаңа ҳәмелдар болған ўағы екен.

Бир күни Ерназар аталықтың үйине Садық аталық келип қонады. Жанында картайып қураған Өтепберген бай да бар екен.

Ақшамшылықта гүрриңлесип отырғанда Ерназар аталықтың иниси Нуралы қара деген Өтепберген байды муқатып болып, бир кекесин сөз сөйлейди:

– Атеке, жасың болса картайды. Дәўлетиң болса мол деп еситемиз. Енди қудай деп бала-шағаның алдында барлықтың ҳәзлигин көрип отыратуғын ўақтың екен. Усы жасқа келгенде бирнәрсе тамар ма екен деген кисидей, өз қатарың жоқ, жалаң жас жигитлердиң изине ерип, сыпайыгершилик қуўып жүргениң айып. Көп жигиттиң ортасында бир өзиң тап қойдың ишинде жүрген жалғыз ешектей көринесең, – депти.

Сонда Өтепберген бай оған:

– Сениң қайғың жоқ. Қатепли бир қара нарың (Ерназар аталық) бар. Үстине артқан жүгинди көп арттың-аз арттың демей, аўдырмай-қалдырмай, табаны, қолтығы жерге тиймей, нәзерлеген жерине алып

www.ziyouz.com kutubxonasi

барып ҳәм алып келеди. Сен қайғысыз арқайын үйиңде жатасаң. Мениң күшиме толмаған бир тайлағым бар (Садық аталық). Тапқан жүгимди соған артып, өзим жетелеп, бир жерде аўып, бир жерде ақсап, қолтығы, табаны жерге га тийип, га тиймей барады. Сол жүкти жолда қалдырмаслық ушын тайлағымды жетелеп мен де жүремен. Аўса, дүзетемен, жәмеклесемен, – деп жуўап берипти.

Сонда Ернязар аталық инисин қатты кейип:

– Саған ким қойыпты Өтепберген байды келеке қылмаға? Ҳалын билмеген ҳәлек болады деген. Тур, найсап, Өтекеге бир сарпай алып келип жап! – депти.

Нуралы қара Өтепберген байға бир қара шекпен жаўып:

– Мени апиў етиң, – деп кеширим сорапты.

## ӨТЕПБЕРГЕН БАЙ МЕНЕН ҚУТЛЫМУРАТ БИЙ

(Р-1296, №183776)

Араллы қоңырат Қутлымурат бий өз заманында зор, айтқан сөзи ханға өтимли, сөзи сынбайтуғын бир адам болған екен.

Оның менен заманлас қарақалпақ Өтепберген бай тилге шешен, ақылы толық болса да, сөзи ханға көп өтимли емес екен.

Өтепберген байдың ханнан питетуғын бир жумысы болып, бир өзи барғаны менен питпейтуғынына көзи жетип, сөзи өтимли адамды алдына салып бармаға нийетленип жүргенде Қутлымурат бий Хийўаға атланыпты.

Өтепберген бай да изинен бир қосшысы менен оның изинен атланып жүре берипти. Ол өзиниң жумысын Қутлымурат бийге түсиндирип айтыўдың ебабын таппай, ақыры атқосшысына:

– Сен Қутлымурат бийдин бир қапталы менен қаш, мен қуўайын, бийдиң көзи түсип, бир сөз сорамас па екен? – депти.

Қосшысы қашып, артынан Өтепберген бай қуўып, бийдиң тусынан өте бергенде бий қосшыға:

– Хийўаға баратқан адамлардың биреўи аталық, биреўи бий болайын деп баратыр. Өтепберген бай не болайын деп баратқан екен? – деп сорапты.

Сонда Өтепбергенниң қосшысы:

– Аға, буны өзинен сора, – деп тусынан өте берипти.

Сол ўақ қосшысын қуўып киятқан Өтепберген бай да бийге қапталласып келипти. Бий сол сөзин буған да айтыпты.

Сонда Өтепберген:

– Аға, мен хан болайын деп баратырман, – депти.

Қутлымурат бий ҳайран болып:

– Хан болғаны қалай? – депти.

– Жигиттиң айтқан сөзи тыңланып, көңлиндеги иси пите берсе, сол хан болғаны гой, – деп жуўап берипти.

– Жақсы, – депти Қутлымурат бий.

Олар Хийўаға барып түскеннен кейин Қутлымурат бий Өтепберген байға:

– Алдыма түс! – деп, оны ханға алып барып, алды менен муның исин питкерип қайтарған екен.

«Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табар» деген сөз соннан қалған екен.

## ҚАЗЫ ҚОСЫМ ҲӘМ ЕСЕН АХУН

(Р-1296, №183776)

Бурынғы заманда ашамайлы урыўының жапар тийресинен Қазы Қосым деген адам болып, түрли даў-жанжелди шеше алатуғын ақыллы ҳәм дилўар улама сыпатында халыққа танылыпты.

Таллық болысының басқарыўшысы Күлен Қудайшүкир улы тоғыз қатын алыпты. Шарияттың қағыйдасы бойынша төрт қатыннан артығына неке оқыўға болмайды екен. Сонлықтан сол елаттағы уламалар тоғызыншы ҳаялдың некесин қыйыўға жүрексинбепти. Сол себепли Күлен болыс Қоңыратқа арнаўлы адам жиберип, Қазы Қосымды шақырыпты.

Қазы Қосым болыстың үйинде бир-еки күн мийман болып, қонақ асын жепти. Берген инамын алып, сарпайын кийип, аўылына қайтыпты.

Сол елатта Хийўа медиреселеринде қазы менен бирге оқыған Есен ахун деген киси жасайды екен. Ол илими жағынан Қазы Қосымнан да алық, туўры сөзли адам болып, сол себепли ҳәмелдарлар оны жақсы көрмейди екен. Аўылдың бир шетине кишкене бир ылашық соғып, сол жерде балаларды оқытады екен. Кемпири де ертерек дүньядан қайтып, жалғыз баслы мектеп молласының ҳақысы, үсип көрген, гадақа

www.ziyouz.com kutubxonasi

есабынан тамағын асырайды екен. Қазы Қосым атқосшылары менен қайтып киятырғанда Есен ахун оның алдынан шығыпты:

– Күн жумадан бузылады, ел уламадан бузылады, – деп ата бабаларымыз бийкарға айтпаса керек. Сиз не ушын шарияттың барлық шартин биле тура, қылаплық ислеп, Күлен болыстың тоғызыншы қатынының некесин қыйдыңыз? – депти.

– Үлкен ҳәмелдарлардың қайсысы сизиң менен ҳәм бизиң менен ойласып атыр? – депти Қазы Қосым. – Олар кеўлине не келсе, соны ислеп жүр. Күлен болыс тоғыз қатын менен алле қашан ерли зайыплы болып, айшы-ишрет қурып кеткен. Бизди тек некелерин қыйды деў ушын шақыртқан. Егер мен де саған қусап, буны ислеўден бас тартсам, тағы бир улама барып, болыстың хызметин баржай қылады. Ондай жағдайда биз қазылықтан, ҳүрмет иззеттен, ат-тон сарпайдан да айрыламыз. Күлен болысқа жек көринип қалмаўымыз ушын шақырған ўақтында келдим. Қонақ асын жеп, берген инамын қабыл алдым, сарпайын кийип, атын миндим. Бирақ өзимниң көрген-билгенимди жазып кеттим. Инанбасаңыз, барып оқырсыз, – депти Қазы Қосым.

Күлен болыс Қазы Қосым аўылына кеткеннен кейин Таллық елатының уламаларын үйине шақыртып:

– Сизлер ахунман, молламан деп халықты қуры алдап жүр екенсизлер. Улама болатуғын болсаңыз, неге мениң ҳаялларымның некесин қыйып бере алмадыңыз? Сизлердиң қолыңыздан келмеген хызметти жапар Қазы Қосым бир майданда баржай қылды, – деп, Күлен болыс бир бет қағазды оларға көрсетипти.

Есен ахун қағазды алып оқып қараса, онда мынадай сөзлер жазылған екен: «Көлде жүрген жалғызақтан тоғыз мегежинди айырып ба? Таллық болысы Күленниң тоғыз қатыны өзине қутлы болсын!»

## ӨТЕШ БАТЫР ҲАҚҚЫНДА
(Р-141, № 50417)

Бир күни Өтеш аўырып қалған. Түнде иниси Қаражан келип, жаў келип қалды деп, хабар берген. Кемпир:

– Бара ғой, шырағым, бармасаң болмас, – деп маңлайын сүйген.

Өтеш мылтығын қолына алып бара берген. Былайырақ шығып:

– Қаражан, Ғайыт, жаў қайда? – деп бақырған.

– Мына жаққа кел, – деп биреў ишара еткен.

Теректиң басында турған бир түркмен Өтешти атып түсирип, өлгенин билип, қасына келген. Өтешти көрип:

– Адам айбынатуғын жигит екен. Тирилей қолға түсиргенде ҳәм оны өзимизге қосып алғанда болар еди, – деп арман еткен деседи.

* * *

Бир күни қоңсы келиншек Өтештиң үйине кирип барыпты. Қараса, Өтеш муртын қулағына еки орап қойған екен. Көзи касадай, бирден кирип барғанлықтан ба, қорқып кетип, ийба менен сәлем берипти.

Өтеш қонғыны көрсетип, кемпирине:

– Бул кимниң ҳаялы, – депти.

Кемпири:

– Қоңсы бабаның ҳаялы ғой, – депти.

Өтеш:

– Келиншек, тартынбай, үйден буйымың болса, алып тура бер, – депти.

Өтештиң өзи нанды ошаққа писирип атыр екен.

* * *

Қырдан алты қазақ Қанлыкөлге көшип келген. Булардың талабы урлық екен. Өзлерин алты құдай деп атайды екен. Бир күни Өтештиң аўылына жақын туратуғын бир жарлының сыйырын тартып алыпты. Ол киси Өтешке барып, сыйырын алты қазақтың тартып алғанын айтып жылапты. Өтештиң буған реҳими түсип, ертеңине алты құдайдың аўылына барып, ортаңғы үйдиң шаңырағын атып түсирген, және бир үйдиң де шаңырағын атып ортасына түсирген. Урылар жабырласып далаға шыққан.

Өтеш оларға:

– Кимлерсиз? – деген.

Сонда олар:

– Бизлер алты құдаймыз, – деп жуўап берген.

Өтеш:

– Сизлер пәленшениң сыйырын алдыңыз ба? – деп, бағанағы кисиниң атын айтып, сыйырын сол

ўақытта таптырған. Бул уры қазақлар Өтештен қорқып, ертеңине Қанлыкөлден көшип кеткен. Өтеш туўралы қосықлар шығарылған. Өтештиң Сапар деген баласы, Қаражан, Сайыт деген болған. Олар туўралы да қосықлар шығарылған.

• • •

Өтештиң балалығы менен жаслығы кәмбағаллықта өткен. Ол анасына ерип түркменлердиң арасына кеткенде Гөнениң сыртында Күмшүнгүлди жайлаған дәўлетли Яўмыттың қойын баққан.

Бир күни оның түркмен баярының еки баласы гүзлик бийдай ектирип атырғанда басқа бир түркмен олар менен жәнжеллесип, жаңағы еки баланың биреўин атып кетеди.

Бул хабарды еситкен шопанлар жайлаўда жүрген Өтешке келип:

– Баярыңның басына үлкен бир мүсийбет түсип атыр, – деп, болған ҳәдийсени оған айтып берипти.

Өтеш дәрриў түркменниң үйине келеди. Сонда баяры оған:

– Көйлекли туўылған перзентим еди. Жабирде қалдым, – деп көзине жас алыпты.

Өтеш баярына:

– Маған дәрриў мылтық алдырып бериң, – депти.

Баяры оның ләтин көрип, Хожам ханның берзеңкисин жүз тиллаға әкеп береди.

Түс ўақта Өтеш атланып, баярының баласын атқан түркменниң үйине кирип барады. Түркмен орнынан ушып тураман дегенше Өтеш оны қақ маңлайынан атады. Соның арасында мылтықтың даўысын еситип, далада жүрген және бир түркмен ишке жүўырып киреди. Өтеш қас қақпастан оны да о дүньяға раўана етеди. Кейин баярының қасына қайтып келип:

– Душпаныңды өлтирдим, – дейди.

Буннан кейин баяры оған мал бақтырмай, түркменниң Аман, Таған деген атақлы жигитлери қатарында атқа миндиреди.

Өтештиң бул иси халық арасында дуў-дуў әңгиме болады. Буны Гөнеге келген хан да еситеди. Хан бир күни нөкерлери менен оқ атыўды машқы етип атырғанда қасындағыларға Өтештиң мергенлиги екенлигин айтады. Қасындағылар ханның алдына Өтешти шақыртып алдырады. Өтеш келгеннен кейин хан оған мылтық берип, нышанда турған алманы көрсетеди. Өтеш хеш қыйналмай алманы атып, оны қақ бөледи. Сонда хан оған:

– Патшалыққа керек адам екенсең, – депти.

## КӨЗИҢЕ ГҮРЛЕННИҢ БАЗАРЫН КӨРСЕТЕЙИН БЕ?

(Р-1299, №184812)

XIX әсирдиң басында Хийўа ханы Айдостың басшылығында Жаңадәрья бойындағы қарақалпақларды урыссыз өзине бағындырыўдың алдында:

– Егер қарақалпақлар урыссыз Хийўаға бағынса, оларды бес жыл бойына барлық салықтан азат етемен, – деп ўәде қылған.

Қарақалпақлар Хийўа қарамына орналасып алғаннан кейин хан ол шәртин бузған. Арадан еки жыл өтпей-ақ халықтан салық талап ете баслаған. Әлбетте, хан салықты қарақалпақлардың бәрине бирден емес, бир шетинен баслап салып көрген. Еңәўели Хийўа ханы өзлерине жақын жерлерге орналасқан Майлы шеңгелдеги, Гүрлен әтирапында жасаўшы қарақалпақлардың маңғыт урыўына салық салған. Маңғыттың салықтан бас тартқан аўылларын хан өз әскерлерине шаптырған. Буны еситкен қарақалпақлар көтерилис жасап, Хийўа әскерлери менен қарсыласқан. Олар:

– Хан бес жыл салық алмаймыз деген шәртинде турсын, – деп үзил-кесил талап қойған.

Буны ханға айтып барса, хан:

– Бермегенлеринен тартып алың, егер салық төлемеймиз деп көтерилис жасаса, қырып таслаң, – деп ләшкерлерине тапсырған.

Бул халықтың қатты қаҳарын келтирген. Салық жыйнаўға шыққан хан нөкерлери менен халық арасында соқлығысыў келип шыққан. Қарақалпақлар хан әскерлеринен басым келген. Өзи базар күни екен, жеңилиске ушыраған хан әскерлери Гүрленниң үлкен шарбақтағы базарына қашып кирген ҳәм базаршылардың арасына жасырынған. Базардың ишинде қырғын урыс басланған. Базардың тас-талқаны шыққан. Базардағылардың кимисиниң уны, кимисиниң дәни, кимисиниң тақаны, кимисиниң қасыбайы шашылған. Сол күнги Гүрленниң базары адамлардың ядынан шықпастай болған. Саўашта Хийўа ханының ләшкерлери жеңилиске ушыраған. Соннан елдиң ишинде анаў-мынаў деп мурнын көтерген адамға «Көзиңе Гүрленниң базарын көрсетейин бе?» деген тарийхый сөз қалған екен, деседи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИМГЕ КЕРЕК ҚУРБАНҚУЛДЫҢ СЫРНАЙЫ?

(Р-1299, №184812)

Қоқанның ханы қарақалпақлардан ҳаяллыққа қыз сораған. Қарақалпақлар қыз бермеймиз деп қарсылық көрсеткен, себеби зулым ханның ҳаяллыққа қыз сорағаны халықтың намысына тийген. Солай етип, халық ойласып, ханлыққа қыз бермесликке шешим еткен. Буны еситкен Қоқан ханы қарақалпақларды шабыўға таярланған. Ханның лашкер тартып елге келетуғынын билген қарақалпақлар, елди жаўға шаптырмайық десип, ханның әскерлерин тоқтатыўдың илажын ойлап табады.

Олар Қоқан ханына адам жибереди. Ол ханға барып:

– Қарақалпақлар елинен ханға сулыў қызлардан бир қыз береди. Бирақ ханға қыз бергени ушын халық оны қырық күн той берип узатпақшы. Елде бақсы-жыраўлар болғаны менен, сырнайшы жоқ. Соның ушын тойға сырнайшы соратып жиберди, – дейди.

Қоқанның ханы хабаршының гәпине инанады. Қарақалпақларды шаппақшы болып атырған атланысын тоқтатады. Хан қасындағы ўәзирлери менен ойласып, қарақалпақтан келген адамға Қурбанқул деген атақлы сырнайшыны қосып жибереди.

Қарақалпақлар хан жиберген сырнайшыға өз алдына отаў тигип береди. Ол ертең сырнайды шертетуғын шығарман деп күнде сырнайды сазлап, майлап, таярлығын көреди. Бирақ басланатуғын той болмайды. Арадан бираз күнлер өтеди. Сырнайшы жүда зеригип кетеди. Бир күнлери сырнайшы:

– Той болмайтуғын болса, қайтайын, – дейди.

Ал қарақалпақларға ўақыттан утыў керек болады. Той болмай, сырнайшы Қоқанға барса, хан лашкер тартып, елге қәўип туўады. Сонда биразлар:

– Буны бүйтип қуры қаратып қойғаннан, елди аралатып сырнай шерттирейик. «Бизде тәртип солдай, тойдан алдын елди аралап сырнай шертиледи дейик», – деп те усыныс етеди.

Лекин көпшилик буған қайыл болмайды. Ондағы мақсет – халық болса аза кийинип отыр, «кимге керек сол Қурбанқулдың сырнайы» деп, шерттирмейди. Солай етип, бул гәп сол тарийхый ўақыялардан қалған екен дейди.

## БИЗИҢДЕ ХОЖА ҚОРЛЫҒЫН КӨРСЕТЕЙИН БЕ?

(Р-1299, №184812)

Бурынғы заманларда Жәнибек деген хан болыпты. Ол жүда залым болған. Сол заманлардан ел ишинде ҳәзирге шекем мынадай гәплер қалыпты:

Бурынғы өткен заманда,
Жәнибек хан болыпты,
Пухарасын аямай,
Аш-арығына қарамай,
Салық салып алыпты,
Айтар гәпи сол екен:
Сыйса да бер он теңге,
Сыймаса да да бер он теңге,
Берер затың болмаса,
Жәнибек ханның бүйрығы,
Бостан елди еңгеге,
Деп қыслаўға от берген.

Жәнибек ханның зулымлығынан ели-халқы басқа жақларға көше берипти. Буны көрген Жәнибек хан:

– Булар қай жақларға барып қонысып атыр екен? Барған жерлеринде меннен әдил хан таўып атырма екен? – деп, көшкен елдиң тәғдийри менен қызығыпты.

Ол бир күнлери Жәнибек ханның халқы Үргениш патшасы Әдилқутлық ханның елине барып қонысып атыр екен, деген хабар еситипти.

Жәнибек хан ойланыпты: Әдилқутлық хан бизден әдилмекен? Егер әдил болса, Әдилқутлықтың әдиллигин көрейин, және де бизден қашып көшкен елдиң қонысығын көрейин деп, Жәнибек хан жаман жаман кийимлер кийип, босқан елдиң изине ере берипти. Ол көп күнлер жаяўдан-жаяў жол жүрипти. Аш болып, ишерге тамақ таппай, өлерге келипти. Бир күни көшлерин түсирип, тамақ жеп отырған кәрўанның үстинен шығыпты. Бурын гөш жеп үйренген патша, олардан бир қадақ гөш сорапты. Сонда кәрўаншылар:

– Биз сизге бир қадақ гөш беремиз. Бирақ керек ўақтында сол бир қадақ гөшти өз етиңнен кесип бересең? – деп оның алдына шәрт қойыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өлейин деп турған патша:

– Мен Әдилкутлық ханның елине баратырман. Сол жерге аман жетсем, сизлердиң маған берген гөшиңизди етимнен кесип беремен, – деп ўәде етипти.

Оннан кейин карўанбасы Жәнибекке бир қадақ гөш берипти.

Жәнибек хан және елдиң изинен жүриўин даўам етипти. Бир майданлыққа келгенде ол бир жараған түйеге дус болыпты. Қашқан менен, кутылыўы гүман болыпты. Жәнибек жерден бир жудырықтай тасты алып, қуўып киятырған түйениң басына урған екен, түйениң көзи парта шығыпты. Түйе жата қалыпты. Оның изинен түйениң ийеси киятыр екен, түйесиниң көзи шығып қалғанлығын көрип, Жәнибекке «төлейсең» деп даў салыпты. Жәнибек буған да «Әдилкутлықтың елине барсам, төлеймен» деп ўәде етеди.

Жәнибек күнлерден бир күн Әдилкутлықтың елине жетипти. Хешким оны үйине киргизбепти. Оған қонақ жер ўайым болыпты. Дүзде жатыўға хан қорқыпты. Егер бағда жатсам, хеш ким тиймейди деп ойлап, ол үлкен пақсадан асырылып, бир шарбақтың ишине түсипти. Бағдың ийеси пақсаның қасына кат қурып, өлеси бир ғаррысын сол катте жатқарып бағады екен. Жәнибек тап сол ғаррының үстине түсипти. Ғарры сескенген қатып өлипти. Ғаррының баласы Жәнибектиң жағасынан тутып, әкемди сен өлтирдиң деп, оннан күн талап етипти. Жәнибектиң беретуғын заты жоқ. Ғаррының баласы оны сабап-сабап, Әдилкутлық ханның алдына апарыпты. Барса, баяғы Жәнибекке гөш берген карўанбасы, Жәнибек көзин шығарған түйениң ийеси де отыр екен. Солай етип, ханның алдында Жәнибекке даўым бар дегенлер көбейипти.

Әдилкутлық хан барлық даўагерлердиң гәплерин тыңлап-еситипти. Әдилкутлық бир сыққыласы, көрнекли адам екен. Хан даўагерлердиң алдына шәртлер қойыпты. Әкеси өлгенге:

– Ҳәзир бағлы ҳәрем табамыз, сени ҳәремниң сыртына жиберемиз. Сен сол каттиң қайсы жерде турғанлығын таўып, усы кисидей болып тап үстине түссең, онда күн өндиремиз. Егер үстине түспей, басқа жаққа түссең, сени дарға асамыз, – депти.

Даўагер ойланып турып:

– Онда мен қойдым. Ол өзи өлеси ғарры еди. Бул қасақана өлтирмеген болыўы керек, – деп, сөзинен тайыпты.

Солай етип Әдилкутлық Жәнибекти бир даўдан қутқарыпты.

Хан карўанбасыға:

– Ҳәзир қолыңа пышақ беремен. Бул адамды жалаңашлайман. Сен оның қалеген жеринен бир қадақ гөш кесип аласаң. Сонда бир қадақтан көп кессең де, аз кесип алсаң да, дарға асаман, – депти.

Карўанбасы:

– Ол өзи беремен деп жүргеннен кейин даўласып келип едим, болмаса даўым жоқ, – деп танып шығыпты.

Солай етип, Әдилкутлықтың әдиллигинен Жәнибек екинши даўдан да кутылыпты.

Енди хан түйениң ийесине:

– Ҳәзир бир түйе табамыз, – депти. – Соннан соң қолыңа жудырықтай бир тас услатамыз. Түйени бир-еки адам алдыңа салып қуўады. Сонда сен усы киси ислегениндей етип түйениң оң көзин урып шығарасаң. Егер түйениң оң көзине тасыңды тийгизе алмасаң, өзиң өлимдар, малың патшалық болады, – депти.

Түйениң ийеси:

– Мен даўды қойдым, – депти.

Солай етип, Жәнибек барлық даўдан кутылыпты. Жәнибек өзиниң елине, халқына зулымлық етип жүргенлигине түсинипти.

Сонда Жәнибек хан Әдилкутлыққа қарап:

– Мен де сендей хан едим. Елим, халқым посып көше берди. Булар қайсы жерлерден жай таўып атыр екен, ол елдиң патшасы менен бир сөйлесип көрейин деп келип едим. Елим сизиң қол астыңызға келип орналасып болды. Сиз маған қарағанда әдил екенсиз. Мен енди сизге қызымды беремен, сени өзиме күйеў бала етемен. Солай етип әдилликти сеннен үйренемен, – депти.

Әдилкутлық ғарры адам екен. Жәнибек ханның қызы Төребек ханым әкесиниң сөзин сындырмай Әдилкутлыққа ҳаяллыққа келисим берип келсе де, оны ғарры болғаны ушын менсинбей, Әдилкутлықтың бас ўәзири Алмас дегенди ойнас қылыпты. Көп узамай бас ўәзир Әдилкутлықты өлтирип, Жәнибектиң қызы Төребек ханымды өзи ҳаяллыққа алып, өзи хан болыпты.

Буны еситкен Жәнибек хан қызына өкпелеп, оның менен қатнасыўдан бас тартыпты.

Арадан көп жыллар өтипти. Жәнибектиң ели Әдилкутлықтың жұрты Үргенишке келип болыпты. Жәнибектиң қызы бир күни өзиниң күйеўи Алмасқа айтыпты:

– Мениң әкемниң халқы сениң елиңе келип болды. Енди онда адам аз қалған болса керек. Сен қарақалпақлардың елин өзиңе оп-оңай бағындырып аласаң, – депти.

Буны еситкен Алмас Жәнибектиң елине атланыс жасапты. Арал, Әмиў бойын жағалаған еки ел уры-

www.ziyouz.com kutubxonasi

сып көп қан төгилипти. Урыста Жанибектиң әскерлери Алмастың әскерлеринен басым келип, Алмас елине қашыпты. Оның изинен қуўып келген Жанибек ханның әскерлери Алмастың басын кесип алыпты.

Жанибек хан Әдилқутлықты өлтирген, еки елди бүлгиншиликке салған өзиниң қызы екенлигин билип, оны да өлтирмекши болыпты, бирақ қызы қашып кетипти. Қызды излеп таба алмапты. Оннан кейин Жанибек хан дүньядағы китапханларды шақырып, китап аштырыпты, палкерлерди алдырып, пал аштырыпты, қоррандозларға қорра таслатыпты. Булардың ҳәммеси: – Қызың Хожа елинде жасырынып атыр, – дей берипти. Ол ҳәзирги Хожели болса керек.

Жанибек хан хожа елине келип, қызды ким-ким таўып берсе, мың тилла беретуғынлығын дағазалапты. Ҳеш ким қыздың дерегин айтпапты. Қыздың қаякта екенлигин айтпаған соң Жанибек хан Хожа елинде күнде еки адамды халықтың көзинше жазалай берипти. Бир жылда Хожа елиниң халқы аўыр мүсийбетке қалыпты. Бирақ ҳешким қызды айтпапты. Хожа елиниң халқы таўсылғаннан кейин ханның қызының өлиги қуйыдан таўылыпты. Солай етип, Хожа ели қыз себепли адам басына түспеген қорлық көрипти. Бундай Хожа қырғыны, Хожа қорлығы елден елге гәп болып тарапыпты. «Хожа қорлығы» деген гәп елде усыннан тарқалған екен дейди.

## САҒАН КИМНИҢ СӨЗИ БАР ҚОШЫМ ПАЛЎАН, ӘКЕҢНИҢ ЕКИ ҚЫРЛЫ ПЫШАҒЫ БАР!

(Р-1299, №184812)

Қошым палўан деген – Жаңабай шайырдың әкесиниң дайысы. Қошым палўан шайыр ҳәм уста болған. Уста болғанлығы ушын еки жүзли өткир жоңғыға телетиннен қын соғып алып, жоңғыны мудамы қасынан қалдырмай алып жүрген. Ол жоңғы менен дус келген жеринде ертенек пе, уўық па, соға берген. Керек жеринде ағашты жона берген. Барған жеринде балта ма, бел ме, пышақ па, саплап кете берген. Керек десең, соның менен мал да, таўық та соя берген. Дуўтар да соққан. Дуўтар шертип, қосық та шығарған. Гүреске де түсе берген. Ал оның жийени Қаратай да палўан болған. Баласы Жаңабай шайыр да дарьяның аржақ бержағында арқасы жерге тиймеген палўан болған. Адамлар оған «Саған кимниң сөзи бар» дейди екен. Бунын мәниси – «Ҳәй сен, Жаңабай, Қошым палўанның әўладысаң ғой, сен жықпай, ким жығады, саған кимниң сөзи бар» дегенди аңлатқан. Бул тийкарынан «Әкең палўан, дайың палўан, әкеңниң дайысы палўан ҳәм шайыр. Қолынан келмеген иси жоқ, сен оның әўлады болсаң, әлбетте, сен де қуры емессең» деген түсиникти береди. Солай етип, бул сөзлердиң келип шығыў тарийхы Жаңабай палўанға байланыслы. Ҳәзирги түсинигинде де «сен ислемей ким ислейди, әлбетте, сениң қолыңнан келеди» дегенди аңлатады.

## ҚУЛЕКЕ ТАЎИП БУЙЫРГАНДАЙ

(Р-1299, №184812)

Қулеке таўип қарақалпақларда болған, тарийхый адам. Халықтың айтыўына қарағанда, ол өз дәўиринде халық таўиплилигиниң ең жетик адамларынан есапланған. Ол киси ҳаққында елде жуда көп гәп тараған.

Қулеке таўиптиң тарийпи Хийўа ханына да жетипти. Хан көп таўиплерди шақыртыпты. Солардың қатарында қарақалпақлардан Қулеке таўип те бар екен. Ҳәмме таўиплер ханның алдында жыйналып болғаннан кейин биреў аўзы буўылған үлкен бир ала қап әкелип, таўиплердиң алдына қойыпты.

Хан таўиплерге:

- Қане, қаптағы сынық затты дүзейсизлер! - деп ҳәмир етипти.

Ханның ҳәмири бойынша қапты ана таўип бир ұслап, мына таўип бир услап көрипти. Таўиплердиң ҳешқайсысы қаптағының қандай сынық ҳәм нениң сынығы екенин билмепти. Гезек Қулеке таўипке келипти. Ол қапты услап-услап көрип, емлеўге кирисип кетипти. Бир ўақытлары қапта бир дүңкийген нәрсе пайда болыпты. Бир ўақытларда Қулеке ханға қарап:

– Болдым, тақсыр, – депти.

Хан қапты алып келген адамға:

- Қане, енди қаптың аўзын шеш! – депти.

Шешсе, қаптың ишинен үлкен бир тандыр шығыпты.

Хан гүлалы тандырды сындырып қапқа салып әкелдирген екен. Ким соны қаптың сыртынан таўып, тандыр қылып қураса, сол таўип деп есапланады деп ойлаған екен. Оны Қулеке таўип соғып берипти.

Буннан кейин оған хан:

– Сарайда қал, хан таўиби боласаң – деп өтиниш етипти.

Қулеке таўип «қалмайман, елиме кетемен» деп, ханның айтқанын қылмай, қарақалпақларға қайтып келипти дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СУМЛЫҚТЫ АЛА ТАНА БАСЛАЙДЫ

(Р-1299, №184812)

XVIII әсирде Қарақалпақлар Жаңадарья, Қууандарья әтирапларында жасаған. Ол жерлерде халық жақсы күн көрген, бағлар, жүзимзарлықлар көп болған. Ел жүдә тойған. Соған қарамастан, бир күнлери қарақалпақлардың қоңырат арысының урыўлары Үргениш, Хийўа тәмиилерге қарай көшемиз деп гәп тапқан. Бирақ халықтың көбиси бул мәканнан көшиўди мақул таппаған. Қарақалпақлардың еки арысының жасүлкенлери жыйналысып, халықты орнынан қозғамаў ушын талай мәртебе сөйлесик жүргизген. Бирақ қоңырат урыўлары буны тыңламай, көшпекши болады. Әгирезе, бул урыўдың Хорезмге қарай көшиў мәселесин Айдос бийдиң бабасы Ҳажыгелди бий деген басқарады. Ол сол ўақытларда сексен жети жасында екен. Ҳажыгелди бий өгиз минип жүреди екен, өзи жүдә ири адам болған.

Бурынғы заманларда бизиң халқымызда өгиз, танаға минип жүриў дәстүр болған. Бул ҳаққында әдебиятымыз тарийхында да белгили мағлыўматлар бар. Мәселен:

Тал таяғын қолына алып,
Қара суўға тақан шалып,
Өгиз минсе ата-ана,
Минип жүрген заман өткен,
Қырда минсе қара малға,
Суўда минип жекен салға,
Ушырасқан соң сол аўҳалға,
Көп қысылшақ дәўран өткен,
Өгиз минсе ата-ана,
Баллар минип баспақ, тана,
Табылмай дурыс мәнзилхана,
Түўегилмес арман өткен, –

деген қатарлар бар.

Халық Хорезмге көшиўге таярланып атырғанда Ҳажыгелди бий өледи. Оннан кейин қоңыратлылар және көшпей қалады. Жаңадарьяда Ҳажыгелди бийдиң толық ас әпатын берип болғаннан кейин оның баласы Султан бийдиң басшылығында қоңыратлылар Хорезмге қарай көшеди. Халық көшкенде, әжемнен қалған дәстүр еди деп, Султан бий жолға шығарда миниўге көликлери көп болса да, көшти баслап жүриў ушын бир ири ала тананы ертлеп минип шығады. Ал балалары Айдос пенен Майбасларға да тана мингизеди. Сонда Айдос отыз жаста, Майбас отыз жети жаста екен.

Жаңадарьядан қарақалпақлардың пүткил қоңырат урыўлары қалмай көшеди. Он төрт урыў көшпей, орнында қалады. Қоңырат урыўлары Хорезмге жеткенге шекем таң атқаннан кешке шекем жол жүрип, ҳәр күни кешке жеткен жерине келип қонады. Азанда ала тананы минип Султан бий жолға шықса, халық изине ере береди. Олар көшип киятырып көп еллердиң үстинен өтеди. Адамлардың қайсы жерлерде тоқтайтуғынлығы басшыдан басқаға белгисиз болады.

Ала тана көшти баслап жүрсе, ҳәмме жүреди, ала тана жүрмесе, халық өз орнынан қозғалмайды. Сол ўақытлардың өзинде адамларда «көшти ала тана баслайды» деген гәп қалған. Түркистаннан Хорезмге қарай ала тана минген биреў үлкен бир халықты көширип басқарып киятыр, деген хабар Хорезмниң халқына қашшан жеткен екен.

Көп күнлерден кейин халық Хорезмге жетип орналасып, Хийўа ханлығына бағынған. Көп жыллардан кейин Султан бий өлип, және бираз ўақытлардан кейин оның орнына Айдос елге бий болған. Айдос бий болғаннан кейин елде салықтың түрлери көбейген.

Мәселен, жер салығы, шөп салығы, суў салығы, жан салығы ҳәм тағы басқалар. Айдос бий елге «бул салық хан ҳәмири» деп дағазалаған. Елге «төлесең де төлейсең, төлемесең де төлейсең» деп ҳәмир еткен. Ел жүдә бүлинген. Бурынғы ата журты Түркистанды, Жаңадарьяны арман еткен. Халық ол жақлардан бул жақларға неге келдик деп налыған. Айдос бий өзиниң зулымлығын халыққа күннен-күнге өткерген. Елде оған қарсы ҳешким тура алмаған. Қарсы турғанды ол жазалаған. Ҳешким наразылығын оларға ашық айта алмаған. Ала тана баслап келген күнлер халықтың ядынан шықпаған. Адамлар жыйналған жерлерде Султан бий, Айдос бий деп олардың атларын айта алмаған менен, бәлени баслап, халықты бүлдирип жүрген ала тана мингенниң тухымлары, яки бәлени табатуғынлар ала тана мингенлер деп айтысатуғын. Солай етип, халық бәлени Султан бийдиң тухымлары баслайды деўдиң орнына, «бәлени ала тана баслайды» дейтуғын болған. Халық Султан бий, Айдос бий деген атлардың орнына «ала тана» деген гәп пенен алмастырып айтқан.

Ўақыттың өтиўи менен бул гәптиң мәниси бираз өзгериске ушыраған. Егер биреўди бир нәрсеге жаңсызлық иследи деп гүманланса, адамлар «бәлени ала тана баслайды» деп айтатуғын болған. Ҳақыйқатында, бул зулымлықтың себебинен келип шыққан гәп болған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАҢАБАЙ ПАЛЎАН

[Р-91, № 37515]

Өткен ўақытта қарақалпақ халқының арасында Жаңабай палўан деген жаўырыны жерге тиймеген, атағы шыққан палўан өмир сүрипти.

Жаңабай жас ўақтынан гүреске араласып, күши менен журтты таң қалдырыпты.

Бир күни Қоңыраттың Қанлыкөл деген жеринде Ибрайым болыс үлкен той берип, бул тойға елдиң барлық жерлеринен палўанлар, бақсылар, масқарапазларды шақыртыпты. Тойға Хорезм ҳәм Қарақалпақта атағы менен, күши менен көпшиликке танылған Шойынышы палўан менен Алабас палўан да келипти.

Шойыншы палўан менен Алабас палўан екеўи тойға келген палўанлардың барлығын жығып, бас байрақты алатуғын болады.

Тойға Жаңабай палўан да шақыртылған болады. Бирақ Жаңабай басқа бир тойға кетип, иркилинкиреп, ўақтында келе алмайды.

Бас байрақты алыўға жаңа рухсат берер алдында Жаңабай палўан келатыр деген ғалағыт түседи.

Жаңабай палўан сол заман ҳаўаз, сазенде болса керек. Арбаның үстинде қосық айтып, саз шертип тойханаға кирип келипти.

Усы тойда ол Шойыншы менен гүреседи. Шойыншыны жыға қойыў аңсатқа түспепти. Деген менен, күшине жаңа толысқан Жаңабай палўан Шойыншыны жығады. Бул тойда ол атағы шыққан көп палўанларды жығып, палўан табақ ҳәм палўан байрақты алады.

Халықтың аўзында Жаңабайға отыз бир жасында көз тийип өлди деген сөз бар.

Жаңабай палўан ел аралап жүргенде бир атағы шыққан палўан менен ушырасады. Ол палўан да сазенде ҳәм қарыўлы екен. Усы палўан менен Жаңабай жарысқа түседи. Жаңабайдың сазын еситкен жаңағы палўан:

– Мен өзимди жети қырлы деп жүрсем, сен сегиз қырлы жигит екенсең. Меннен сазды да, күшти де арттырдың, – деп, гүресиўге бата алмай қайтып кетипти.

Жаңабайға усы жигиттиң көзи тийипти, деседи халық.

## АСАН БИЙ

[Р-46, 50412]

Гүз айында хан Асанды салық жыйнаўға жумсапты. Асан жети нөкери менен Жийдели-Байсында қонады, кейин Түркистанға барады. Ол ўақында Түркистанды Маман бий деген сорайды екен. Шымбай Дәўқара байдың баласы екен, төрт ылашық отарға шығып отыр екен. Қарақалпақтан сонда Дәўқарада бир үй жоқ екен, тамамысы қазақ екен. Булар Маман бийге барып қонады, салық жыйнатуғын болды. Ол жердеги халық «салық деген не бәле?!» деп, салық бермейди. Он күнге дейин салық ала алмайды. Оннан соң Асан еки пай. Түркистанның бийлери бир пай болып, жети нөкер менен салық жыйнаўға кириседи. Салықты еки ай жыйнаған қусайды. Түркистанның бийлери менен кеште гүрриңлесип отырғанда бийлер Асанға:

– Аға, дәрья сағалы дегенге қуўанамыз, бизди көширип, баслап баратуғын адам жоқ, – дейди екен.

Сонда ол:

– Бир-еки ат жүги теңгени көрсе, жарым хан ҳәзирет және жумсар. быйыл алдын тайтақ қыс болды. Жа-рын келсек, дуз тартып көширермиз, балам. Жол баслаў, көш көшириў деген ҳеш нәрсе емес, – дейди Асан.

Сөйтип Асан бир-еки ат жүги теңге алып қайтқан дейди.

Келеси жылы хан Орал менен Торғайға барған деп жумсапты. Түркистаннан салық жыйнады деп еси-тип, олар өзлери жыйнап қойған екен. Қыйналмай-ақ бес-алты ат жүги теңгени алып қайтады. Қайтарсын Түркистанға келип қонады. Сонда Асан:

– Былтыр ўәде еткен едим, соған келдим. Көшетуғын болсаңыз, ғамлана қойың, – дейди

Сөйтип жети жүз арба жегип көшкен екен дейди. Бираз жол жүрип, Тарқыслаў деген жерге келип, сол жерде қонған екен. Ақанда жети жүз арба менен жолға шығып кетеди, алдан соң арбалардың бийик күнға тоғынлары кирип кетип, өте алмайды. Оннан арбалардың бирин бир тақырға үйеди. Қазалының жолындағы «Гүпшек қалған» деген соннан аталған екен. Арбалары қыйрап қалғаннан кейин өгизлерди түликти өгизлерге артып, ақыретти көрип көшкен екен дейди. Ким баласын арқалап, ким қызын арқалап, алың-де тасламай жетеклеп, қыйыншылық пенен зорға шығады. Соннан жүрип отырып Жаңадәрья деген жерге отыз үш күн дегенде келип қонған екен. Оннан соң Есим бойына қондырады. Баҳәрдиң күни бул халық аштан өледи деп, Кегейлини салы жап қылып қаздырған Асан деген киси екен. Бурын Кегейлиниң орны қус ушса қанаты күйетуғын ыссы, сексеўиллик шөл екен деседи. Бул жап қулай берген ҳәм көз аштырмаған, ызғарына мәкке-сәкке еккен дейди. Келеси жылы және қаздырған, жер ызғарланған соң

www.ziyouz.com kutubxonasi

қуламаған. Халықтың тамағы тойды. Келеси жылы және қазған, үш жылда жақсы дийхан болған. Аған аталық сонда тоқсан бирде екен. Сол жылы Айдостың Хийўадан оқып қайтқан жылы екен. Ол Айдосқа:

– Мен картайдым, Түркистанда көп ағайин қалды, қалғанын сен көшир, – деген екен.

Айдос жети күннен кейин Хийўаға барып:

– Маған жәрдем бериң, – депти.

Хан:

– Не жәрдем? – деп сорайды.

Сонда Айдос:

– Түркистанда мениң көп ағайиним бар екен. Соны көширип келемен. Мениң ағайиним көбейсин, сениң пухараң көбейсин, – деген.

Хан көшиў узын жолға шыдамлы болады деп, Айдосқа мың түйе берген екен. Айдос ханға:

– Қарақалпақ түйе аўзын ашса, таслап қашып кетеди, үйренген сарўанлардан елиў адам бер, – депти.

Көп ойласықтан кейин хан елиў сарўанды түйе менен бирге алып кетиўге руқсат етипти. Айдос жети күн Хийўада жатып, жол-жорығын саплап алып, Түркистанға жол тартыпты. Түркистанда қалған қарақалпақларды мың түйе менен көширген Айдос екен дейди. Көперде жети ақсақал көшпей қалған. Маман бий:

- Аға, көп әжеттиң, ондалы-мындалы болайық, – деген екен, лекин Айдос айтқанын етпепти.

Айдос мың түйе менен көширип әкелген елди Егим бойына қондырыпты. Елиў сарўанды да жибермей, түйе бақтырады. Өзи жети күннен кейин Хийўаға атланады. Және Хийўадағы ханға барып:

- Тақсыр, жәрдем бересең, – дейди.

Хан «не жәрдем?» деп сораған да:

– Тақсыр, «бүлген елден бүлдирген алма» деген, бул халық қыстан шықпайды, – дейди.

Сонда хан:

– Үй басына он сомнан пул берейин, – дейди.

Айдос:

– Он сомың төрт-бес батпан тары да болмайды, тақсыр. Мениң сизге арзым бар. Ол да болса, мың түйени қазы хат пенен берсең, оны халыққа сатып жедирсем, сонда қыстан шығады, – депти.

Хан:

– Айдос балалық етпе, үй басына он сомнан ала бер, – деген екен.

Бул сапары Айдостың арзы питпей қайтады. Және жети күн өткеннен арзы етиўге барады. Бул сапары ханның ырайы бosaңсыған екен, бирақ бунда да арзасы орынланбай қайтады. Үшинши рет және барады.

– Бес-алты бала аштан өлди, оларды қара үйге салып қулып урып кеттим, соны көретуғын нөкер бересең, – дейди Айдос. – Айдостың ағайинлери өлсе, Мәдирейимниң пуқарасы өлсе, саған да, маған да жақсы ат болмас.

Хан қазы-калан, қазы-ордасын шақырып:

– Усы көшекти буларға бериң, бул қарақалпақ бәле менен Хийўаға ойран салайын деп жүр. Келгенде көзине қарамайсыз ба? Мың түйени алыңлар, питти, – депти хан.

Айдос:

– Әй, тақсыр, беретуғын болсаң, қазы хат пенен бериң, қарақалпақ ишип кетер, жеп кетер, тыныш кетер, мың түйениң сораўына мен қаларман, – депти.

Хан:

– Сен тири болсаң, биз тири болсақ, қазы хат неге керек? – депти.

Сөйтип, Айдос мың түйениң руқсатын алып елге қайтыпты. Ол ўақта узақ базар, келте базар деген болады екен. Хәр түйени алпыс-жетпис теңгеден сатып, бийдай-жүўери алып, халыққа үлестирип, бийдай писиўге үлестирип жиберген екен дейди.

## ӘЗБЕРГЕН

(Р-46, №50412)

Әзберген деген қазақ жигит жас бала ўақтында түримен басшыларына қырық жигит пенен бәнде болады. Үйлерине апарғаннан кейин балаларды белистириўди ойласады. Ишиндеги басшысы балалардың ишиндеги ең батырын алғысы келеди. Буларды сынаў ушын олардың көзинше қырық пышақты ушын жоқары қаратып қадап, үстине бир зат жаўып, балаларды таслаўға буйырады. Балалар бағанағы көрген пышақлары бар шығар деп қорқып, мәжбүрлесе де, үстине бойын атпайды. Сонда Әзберген, маған қашан болса да бир өлим бар ғой деп, пышақ бар жерге өзин атады. Басшылардың басшысы оны:

- Бир туўған жигит екенсең! – деп қушақлап алады. Оны үйине апарып, өзиниң баласындай етип

www.ziyouz.com kutubxonasi

сақлайды. Бала жигирмаға шығады. Баспашылардың басшысы Аўған патшасының баласын урлап алып сатыўды, қызын өзине ҳаяллыққа алыўды мақсет етип қойған екен. Әзбергенди сынаў ушын ҳәр күни бир неше шақырым елден дүзге шығып кетип, адастырып қайтады, жигит кеште таўып келе береди. Алты ай даўамында усындай дүзге үйретеди.

Бир күни Әзбергенге, шаҳар төгемиз деп, бир қаланы шабыўға бармақшы болады. Түнде дем алып жатып, қалаға тартады. Биринши ләңгедан түркмен атын қарғытады, аман өтеди. Оннан кейин Әзберген де қарғытып, аман өтеди. Аўғанның патшасы қыдырып кетиен екен. Әзбергенге қызды әкелип береди де, өзи баланы алып шығыўға кетеди. Қызды басшысының үйине әкеледи. Баспашының қызы Әзбергенге жылап, мынадай дейди:

– Енди әкем келген соң сени өлтиреди, мына қызды жесир қылады. Усы қызды сен алып қаш, – дейди ҳәм екеўине еки жақсы ат таўып береди.

Бир күн өткеннен кейин баланы жайғастырып келсе, Әзберген үйинде жоқ екенин көреди. Қашып кеткенин билип, кейнинен қуўады. Сонда қыз найза менен баспашыны шаншып өлтиреди.

Буннан Әзбергенниң елине екеўи кете береди. Бир жерде булақтың басында дем алады. Қыз булаққа шомылады. Әзберген уйқылап қалады. Оянып қараса, қызды жылан сорып өлтирипти. Қызды сол жерге жерлеп, басына жай салып, Әзберген елине келеди.

Енди бағы күнлерди умытады. Барымтадан мал алыўға бел байлайды. Бир күни бир жерде жайылып жүрген он еки түйени көрип, соны қуўып келмекши болады. Түйеге жақынласа бергенде бир қыз бенен бир жигит Әзбергенниң жаманлық қылайын деп, түйени қуўып баратырғанын көрип, изинен қуўады. Қуўып жетип, оны найза шаншып, атына байт етеди. Әзберген жигитлери менен елине қашып барады. Бул екеўи мурындық ата излеп жүрген екен. Әзберген бир жыл жатып жарасынан жазылады. Бир жылдан соң жаңағы екеўи излеп келип, Әзбергенди шақырып:

– Әй, жигит, мени пышақ пенен шалып өлтир, жақсылап көм, – деп жалынады.

Сонда ол жигит айтыпты:

– Сен түйелерди сатарсаң, ишинде бир ақ баслы түйем бар, сол өтпес, – депти.

Ақ баслы түйеден басқасының бәрин сатыпты. Ақ баслы түйени ҳәр қалаға апарып сата алмай жүргенде бир адам сатып алады. Ол адам былайырақ шығарып:

– Бул түйедеги мениң иним еди. Сен қалай өлтирдиң? – деп сорайды.

Әзберген бағы ислеген ислерин айтып береди. Ол адам, бизиң үйге кон, инимниң ҳаялын беремен деп, зорлап қоярда-қоймай үйине ертип кетеди. Сөйтип Әзбергенди қонақ қылады. Қатын да төсектиң астына қылыш алып жатқан екен. Ҳаялдың қапталында оны жатқарады. Ҳаял қолын созса, өзимдей жигиттиң ҳаялына жантаспайман деп, жолампайды. Ҳаял жигиттиң қылышын майлап, шақырлатып жүреди, силтеп турады. Жигиттиң мәртлигин сынап, тиймейди. Солай етип жети ақшамды өткереди. Кетерде қошласып:

– Сен бағ ектир, жети жылдан кейин барамаң, – деп ўәде етипти.

Айтқан ўақтында қырық атлы болып келип, Әзбергендикинде қонақ болады. Әзберген буларды күтип сыйлап жибереди. Усы айтқан Әзбергенниң ҳаўлиси, бағы деген Қоңырат бетте бар қусайды.

## ИЙГИЛИК ПАЛЎАН
(Р-46, №50412)

Бурынғы заманда Ийгилик палўан деген болыпты. Ол бир гүресте хан палўанын жығып өлтиреди. Бул жақтан келген бийлер:

– Әй, Нарым-ай, – дейди.

Сонда хан:

– Нарың не шекеди, – дейди.

Бийлерден биреўи:

– Нарым пүтин жүк көтереди, – дейди.

Ийгилик бийлердиң демеўи менен он сегиз батпан жүкти ийнине көтереди. Қанша жүк көтерсе де, хан палўанын жығып өлтиргени ушын ханға гүналы болады. Бийлер палўанды жасырып, елге қашырып жибереди.

Өлген палўанның иниси ержетип, арадан бирнеше жыл өткеннен кейин Ийгиликти излеп шығады. Ол излеп киятырға, арбасы сынып, жапта отыны менен жатқан бир адамды көреди. Арбасы сынып атырған адам бир ўақытта суўдағы жатқан арбасын жүги менен көтерип, сыртқа шығарады. Оннан кейин жаңағы келген жигит те атты ийнине қағып салып, арқалап жаптан өткереди. Жигит:

– Ийгилик палўанның үйи қайсы? – деп сорайды.

– Ҳа анаў, – деп көрсетип жибереди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит, бул Ийгилик палуанның өзи шығар, «ерден ердиң қәўпи бар деген» деп, сол жерден қайтқысы келеди. Сонда да сонша жерден келгенинен кейин, үйине барады. Барса, Ийгилик палўанның отына жетке-нин айтады. Бираздан кейин Ийгилик палўанның өзи де келеди. Баяғағы киси Ийгилик палўанның өзи екенин таныйды. Ийгилик палўан келген жигитти сыйлап сарпай жаўып қайтарады.

## ОРАЗ АТАЛЫҚ
(Р 91, № 34658)

Ораз аталықтың Әўез, Есназар соқыр деген балалары болыпты. Әўез деген баласы жасы толып жигит болып, қыз излеп жүр екен. Төремурат бегежейли дегенниң ержеткен қызы болыпты. Ол қута сулыў, ел айырған қыз болға керек. Сол аўылда Камал шайтан дегенниң үйине түсип, сол арқалы қызды алдырып сөйлеседи.

Қыз:

– Дүньядан тақ өтсем де, саған тиймеймен, – депти.

Әўез:

– Егерде сен мени алмасаң, Ораз аталықтың баласы емеспен, – деп шәрт етеди.

Әўез Камал шайтанның шайтаншылығы менен, дүнья-малдың көплиги менен қызды келисимге кел-тирипти, үйине қайтып ямаса болып жүре береди.

Бир күнлери Ораздың Есназар соқыр деген баласы да қыз излеп, ел аралап жүрип Төремурат бегежейлиниң қызы бар дегенди еситип, соның аўылына барады. Бул жерде ким бар деп сорастырып жүрип, Камал шайтанға бул да тап болыпты. Ол мақсетин Камал шайтанға айтады. Сонда Камал:

– Сен өзиң болсаң соқырсаң, оның үстине ол қыз елде бир өзи, саған тийе қоярмекен. Тийтен күнде де көп мал керек, дүнья керек, – дейди.

– Дүньяға келетуғын болса, ол гәп емес, – дейди Есназар. Бунда Әўез туўралы хештеме айтылмайды.

Көп дүнья алған Камал Есназар менен белгили күнди белгилеп, сол күнге қызды оның артына мингестириўге ўәде қылып қала береди. Белгили күни Есназар жолдаслары менен қызды алып кетиўге келеди. Усыған шекем қызды Камал шайтан келистирип, атқа мингестириўге таярлап қояды.

Ол қызға:

– Әўез сени бурынғы айтылғандай, саз-салтанат пенен алыўды қойды. Ол бир жаққа кеткеекен екен, сол ушын пәленше күнге ол атлы келеди, соған мингеспесең болмайтуғын болды, – деген, қыз келисим берген.

Соның менен, қыз Есназар соқырдың артына мингестириледи. Олар жүрип отырып, таң ата үйине жақынласа бергенде қыз алдындағы жигитке қараса, мудамы бир тәрепке қарай береди екен.

– Хаў, бала, мынаў соқыр ма?! – депти.

– Не өзи? Соқыр болсам да артыма минип киятырған гой, – депти Есназар.

Соннан қыз бойын аттан таслапты. Сол жерде қызды сүйрейтип урып, үйине апарып, келинди түсиреди. Ағасы Әўез келинин көрейин деп келсе, зар жылап турған баяғы өзиниң қалыңлығын көреди. Тез шығады да, атқа минип, қылышын қолына алып Камал шайтанның үйине қарап шабады.

Камал шайтан да усындай болатуғынын билип, атты ертлеп, үйинен шығып бир төбе тамды тасалап тура береди. Әўез де жигитлери менен қуўылып Камалдың үйине түсе бергенде, Камал да, Ораз аталықтың үйи қайдасаң деп, атты қуйындай ушырады. Оның қашқанын көрип қалып, Әўез де изинен жаздырады.

Камал көп бурын барып аттан секирип түсип, атты қоя береди де, өзи Ораз аталықтың үстине кирип барады. Сол ўақытта Ораз аталық қартайып отырған адам екен.

– Ораз аға, әссаламўа-әлейкум, мени мына балаларың өлтиретуғын болып еди ғой, сизге келмегеним-де. Мен Әўезиңди көрсетип, соқырыңа қатын әпердим. Болмаса сениң соқыр балаңа қатын тийе ме, соның ушын хәзир мениң изимнен қуўып Әўез киятыр, қолында қылышы, жүзинде ашыўы, көкирегинде дығы – депти.

Ораз басын көтерип қарап:

– Отыра бер, өзимиз көремиз, – депти.

Соның арасында Әўез де келип:

– Камал, қайда жайың болса, шық! – деп бақырады.

Сонда Ораз аталық Әўезди шақырады. Ол келген соң:

– Әўез, сен не ислеп жүрсең? Камалдың жүрегиндей жүрек хешқайсысыңызда жоқ, оның ислеген исин хешқайсысыңыздың қолыңыздан келмейди. Сен Камалға тиймек түўе, жанынан жүрип көр, құдайдың баласы екенсең! – депти де, Камалды үлкен сый менен елине қайтарыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЙЫМБЕТ
(Р-1299, №184812)

Аңызларда айтылыўына қарағанда, ерте заманларда Түркистанда шығысы кенегес урыўынан Айымбет, Байымбет ҳәм Қулымбет деген ағайинли үш жигит болған екен. Олар аң аўлап, көлде ғазға дузақ салады екен. Бир күнлери бир ғарры келип, Қулымбеттен Кабатулланың жолын сорапты. Өзи бир ғазын қашыртып, күйип-писип турған Қулымбет:

– Ғазымды үркитесең, ғарры, билмеймен, кейин қайт, – деп оның менен сөйлеспеген.

Буннан кейин ғарры Айымбетке келип, оннан жол сорапты. Ол ғарры менен сөйлесип, сәлемлесипти. Кабаның жолын силтепти. Келген ғарры Айымбетке патиясын берип былай депти:

– Шырағым, бул талабыңды қой. Жанлы мақлуқларға көп азап берме. Аўылыңа қайт. Жайыңның күншығыс тәрепинен шеңгелден қалың етип, беккем қыспалап, мың қой сыятуғын қора соқ, мықлы ерtенек қой. Соны келеси сәрсенби күни питкерип, кеште қораның аўзын ашып жат. Көп қойлар келип, тола баслағаннан соң таң атады. Көк қошқар келеди. Қора толғаннан кейин, қошқар қалған қойларды ишине ертип, ерғенектен шыққан ўақытта сыртқа шығып, ерғенекти бекит. Усы айтқанларымды ислесең, бай боласаң. Сол байлық сениң жети урпағыңа жетеди, – деп патиясын береди де, ғарры кетип қалады.

Айымбет аўылға барып үлкен кетпенди қолға алып, шеңгелдиң қалың жерине тийисип кетеди. Күн демей, түн демей шеңгел шабады. Оны арқалап тасып, үлкен қора соғады. Ҳаялы болса:

– Сен алжыдың. Үйде жейтуғын тамақ таўсылды. Көлге барғанды да қойдың. Үйиңде бир ешкиң жоқ, бунша қора соғып, – деп төңқылдайды.

Айымбет ҳаялының сөзин де, басқылаған аўылдағы жораларының сөзин де тыңламайды. Қораны айтқан күни питирип, түнде ерғенегин ашып жатады. Таң саз берген маҳалде қойлардың маңыраған даўысынан оянады. Ол «я, алла бергейгөй» деп көрпеден турмай жата береди. Уллы шаўқымнан ҳаялы оянады. Ол керегеден далаға қараса, көп қойлардың кирип атырғанын көреди.

– Ҳа, ағасы, тур ҳа-тур! Көк қошқар қойларды ертип әкетип баратыр, – дейди.

Шаўқым күшейеди. Қошқарлардың гелле таслаған даўыслары еситиледи. Еле таң ата қойма-ған екен, кемпири қоймағаннан соң, Айымбет жуўырып, менен жалаң аяқ қораға барады. Енди ерғенекти бекитип атырғанда еле иште жүрген көк қошқар Айымбетти пәт пенен келип дүгип, шығып кетеди. Айымбеттиң аяғы сынып, соннан баслап ақсақ Айымбет бай атанады.

## РЕЙИПНАЗАР
(Р-1299, №184812)

Ережеп тентекке аталық:

– Балларымды сынап бер, – депти.

Балларының бәри бир көрпеде қара үйде уйқылап жатқан екен. Ережеп тентек көрпени ашып жиберип, балларға қарапты. Ережеп тентек адамға нәзерин саларда еки көзиниң қабағын бармақлары менен ашып турып қарайды екен.

– Түпәлем, түпәлем. Жата бериң, келе боларсыз, – деген.

Қара үйден шықса, қостың түбинде тыр жалаңаш баланың қаўынды шопағы менен жеп отырғанын көреди.

– Ҳа! Кенегеслерди бир шыбығы менен айдайтуғын мында екен го, – деп Рейипназарды көрсеткен дейди.

Рейипназар көп жыллар болыс болған. Ғейтназар қажыдан Қудайназар туўылады. Қабыл бий Әмиўдарьяның шеп тәрепи, ҳәзирги Тақыятас қаласы тусына кенегеслерди көширип апарған. Сол жерден канал қазып, суў апарған.

Қабыл бий қартайған соң орнына баласы Ерназар бий болады. Сонда аўыл адамлары Қабыл бийге келип:

– Балаңыз орныңызды басып, бий болыпты, – деп қутлы болсын айтып атырғанда Қабыл бий:

– Терисине қутлы болсын. Аңда болса, жалайған, балаңда болса, сорайған, – депти.

## ҚОШЫМ ПАЛЎАН ҲӘМ ҚАЗАҚ ПАЛЎАН
(Р-1299, №184812)

Қазаллы жақтың атақлы палўаны Қошым палўанды излеп келеди. Бир нарға өзи минген, және бирине баҳалы затлар тийеген. «Егер жеңгем, дос болайын, жеңилсем, мына затларды саўға етейин» деп сорастырып келе береди. Қошым палўанның ағаш усташылықтан хабары бар екен. Ол тамның қуяшында арбаға көшер соғып, гүпшегине кийдирип көрип атыр екен. Түйели қазақ оннан Қошым палўанның үйин сорапты.

– Мына көпирден өтип, оң таманға қарап жүр, анаў шеттеги там, – деп, көшерди гүпшеги менен қосып көтерип көрсетипти.

– Хаў, усы аўылдың жол силтеўшиси мынаў болса, Қошым палўанға барып, оның менен гүресиўдиң не кереги бар?! Хаў шырақ! Сениң менен дос болайын. Қонақ ал, – деп түйесинен түсипти.

Сөйтип олар қыяметлик дос болған екен.

## РЕЙИМ БОЛЫС ҲӘМ БАЙНАЗАР

(Р-1299, №184812)

Рейим болыстың орынбасарлары болған. Болыс оларды сынап көрмекши болып:

– Әй, Тилеў добал! Үш жыл болды бирге жүргенимизге. Үйден шай ишпин деп айтпадың ғо? Бул қалай? Иртеңди көрип, шай ишейик, соған таярланып жүр, – депти.

Бир күнлери:

– Тилеў добал, не қылдың? – деп сораса:

– Оңкасы болмай жүр, – деп жуўап берипти.

– Онда, Алламурат мәрем, сен шай бере ғой, – депти болыс.

Буған да бир ҳәптедей мүддет берген. Бул да:

– Болыс аға! Ҳаялым аўырып жүр, – депти.

– Ал, Байназар араншы, гезек саған келди. Аман-саў булар гезегин өткерди. Сен не дейсең? – депти болыс.

– Мен, болыс аға, ҳәзир-ақ тайынман, – депти Байназар.

– Онда, ертең түске барамыз. Сизлер еле умытпаң. Сизлерден де шай ишемиз, – депти болыс.

Сонда Байназар жалғыз ешкисин сойып, буларды күткен. Ол да буўаз екен, ишинен баласы шыққан. Сонда Байназар:

– Тапқан биреўин сойды, таппаған екеўин сойды, болыс аға, – депти.

Болыс ўақты хош болып, дем алып, пәтиясын берген. Кетеринде былай депти:

– Байназар, саған құдайым береди. Бирақ жанарсаң да, өшерсең. Тилеў, сениң артқы жағың қараңғы. Алламуратқа да соған усаған сөз айтқан. Кейин Рейимназар болыс қайтыс болғаннан соң Байназар болыс болған.

## ҚЫРАН ҚАРАҚШЫ

(Р-1299, №184812)

Бир күни Имам ийшанға қартайған бир адам келип:

– Мен суўпы болайын, пәтияңызды бериң, – деп, алып келген затларын ийшанның алдына қойыпты.

Ийшанның қырық суўпысы болған. Жаңағы келген адамды таныған суўпылар ийшанның қулағына сыбырлапты:

– Бул аты шыққан Қыран деген қарақшы, ury, адам өлтирген. Бул жерге жолатпаң, тақсыр, – депти.

Ийшан ойланып қалыпты.

– Құръаны кәримнен «Ясин» сүресин ядлап келиң. Қырық парыздың ярымын үйренгеннен соң келерсиз. Ҳәзир сиз тайын емессиз, шырағым, – депти ийшан.

– Солай ма? – депти қарақшы.

Есиктен шығып баратырып қырық суўпының қапының қасында турған геўишлерин урлап алып кетип қалған. Ол заманда аяқ кийим қымбат. Суўпылар ийшанға арыз етипти.

– Оны өзлериңиз барып шешиң, – депти ийшан.

Суўпылар қарақшыға барып, жалынып, ең соңында оны ийшанға алып келипти.

– Сениң айтқаның бола қойсын, шырағым. Урлық еткениңди қой. Суўпылыққа алайық. Қолыңды жай.

– Тоқтап турың. Мен бул суўпылардай көп жүре алмайман. Мен тек үш күн суўпы болсам болады. Соған пәтия бериң, – депти.

Не илаж, сөйтип ийшан пәтия берипти. Үш күн өткеннен соң ийшанға, қарақшы дүньядан өтти деген хабар келипти.

– Астаўпыралла, – депти ийшан. – Мен усы таўды паналап келип едим. Бул кисиниң тилегиниң алла тәрепинен қабыл болыўына қаран. Марҳумның атына усы таўдың атын қояйық, – депти.

Соннан баслап адамлар оны Қыран таў деп атайтуғын болған. Қыран тек бай адамлардың малларын урлап әкелип, ғәриплерге береди екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАЎЕКЕЛ ЕРДИҢ ИСИ

(Р-1299, №184812)

Хийўаның ханы қарақалпақлардың азабын берген екен. Халықтың ишиндеги сулыў қызларды патша хаяллыққа алыў ушын бирме-бир алдынан өткерипти. Сонда ел шетиндеги бир елеспесиз шалашықта туратуғын жарлы кисиниң он алты жасар жас әспирим перзенти патшаның көўлине унапты. Хан усы қызды хаялының үстине алмақшы болыпты.

Буны еситкен қыздың әкеси өз перзентиниң ықбалына тырысып, наўше гүлдей нарестени қырыққа шыққан адамға бериўди мақул көрмей ханға барып арыз айтыпты.

Сонда хан ол кисини дарға асыўға буйрық берипти. Жаллатлар қыздың әкесин жаңа дарға аса бергенде арқа беттен бир ақ атлы келипти де, дардың арқанын кесип жиберипти.

Жаллатлардың зүрейи ушып, болған ўақыяны ханға айтқанда, хан:

- Дар арқанын кескен кисини алдыма әкел! – депти.

Жаллатлар жаңағы кисини алып келгенде хан оған:

- Хаў, бендем! Дардың арқанын неге кестиң? - дегенде, ол киси:

- Тақсыр! Бул дүньяда жаман да өтеди, жақсы да өтеди. Мен де дүньяда өзимнен кейинги үрим-путақларыма ат қалдырып кетейин деген мақсет пенен дардың арқанын кесиўге таўекел еттим, – депти.

Сонда хан:

- Хай, заңғар! Баладың ғой! Таўекел – ердиң иси. Бирақ ерлик билекте емес, жүректе. Сениң де дардың арқанын кесиўге таўекел еткен жүрегиң ушын, бар, гүнаңды кештим, – депти.

Нәтийжеде олардың екеўи де өлимнен аман қалыпты. Сөйтип таўекелликтен ерликке жетискен жигит – қарақалпақтағы Ерназар батыр екен.

## ДӘЎЛЕТ ПУШЫҚ ТОЙДА

(Р-1299, №184812)

Сейтназар ҳажы той бергенде Дәўлет пушыққа айтылмай қалған екен, ол аўылындағы пәтли бес-алты жигитти ертип, тойға келеди. Тойханадағы ҳажыға бир адам келип:

– Ҳажы аға, буўдай атызды басқылап, онлаған атлы берман киятыр. Барып, оларға жолды көрсетип қайтайын ба? – депти.

– Яқ, барма. Ол Дәўлет пушық шығар, оған тойға айтылмай қалыпты, даў шығарайын деп киятырған. Оларға тийме, – депти ҳажы.

Дәўлет пушық туўры тойханаға атты айдап, Сейтназар ҳажыға:

- Қәне, ҳажы жора! Неге тойыңа айттырмадың? Ҳәмел бар ўақта хызметлик дос болып едик. Ҳәмелден түскен соң дослық қойыла ма? – депти.

Сейтназар ҳажы болса оның қолынан алып, аттан түсирип:

– Айтыўшыдан болыпты, ашыўды қой, достым. Той пайыңды жеп кет, – деп, бир қойды сойып берип күтипти дейди.

## ЕРИМБЕТКЕТКЕН

(Р-488, №176391)

Еримбеткеткен деген арнаның аталыў себеби мынандай болған екен. Усы арнаның бойында Еримбет деген киси жасапты. Гүзде қой қырқымы ўақтында Еримбет иниси менен екеўи қойларды арнаға айдап келип, жуўа баслайды. Бир ўақытлары ағып турған суў бир қойды ыққа қарай ағызып алып кетеди. Буны көрген Еримбеттиң иниси қойды услаў ушын өзин суўға таслайды. Бирақ ол суўда мантығып, шөге баслайды. Еримбет инисиниң суўға кететуғынын билгеннен кейин жүзип барып, инисин услайды. Сол ўақытта иниси ағасының мойнынан қапсыра қушақлайды да, жибермейди. Сөйтип, сол жерде екеўи де суў түбине кетеди.

Соннан қазирги «Еримбет арна» сол кисиниң атына байланыслы «Еримбет кеткен» болып аталып кеткен.

Бул арна Төрткүл районының Қызылқала массивинде жайласқан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕДИГЕНИҢ ДАНАЛЫҒЫ
[Р-1302, №183830]

Едигениң заманында патшаның алдына бир балаға таласқан еки ҳаял келеди. Сонда патша Едигеге:

– Баланың ҳақыйқый анасын тауып бер, – дегенде, Едиге:

– Баланы қақ ортасынан бөлип, екеўиңизге бөлип беремен, – дейди.

Сонда баланың ҳақыйқый анасы:

– Балам тири жүрсе болар, бөлмең, – деп жалынады.

Сондай етип, баланың анасын Едиге анықлайды.

## ЖУПАР ҚОРЫҒЫ
[Р-1299, №184812]

Бухарада «Жупар қорығы» деген жер бар. Оның тарийхы төмендегише.

Өтмеш заманларда Ибрайым деген байдың Жупар деген ҳаялы болған. Жупардан он бес бала, Ибрайымның тоқалынан да он бес бала туўылады. Ибрайым өлгеннен соң Жупар отыз баланы алып, өз туўған ели – Көкөзек пенен Төрбенбести таслап, Бухараға көшеди. Ол жерде бир қорықтың үстинен шығады. Ол Бухар ханының қорығы екен.

Жупар аса ақыллы кемпир болған. Ол қасындағы адамларға:

– Усы жер бизлерге қолайлы екен. Усы қорыққа қоныс басайық? – деп кеңес береди.

Бирақ қасындағы адамлар менен баллары:

– Бул ханның қорығы, хан бизиң төлемизди алады, – деп, қарсы турады.

Жупар буларды зорлап, усы жерге қоныс бастырады, отыз бала Жупардың тәрбиясында болады. Балалардың ҳеш қайсысы Жупардың айтқанынан шықпайды екен.

Бир күни ханның қорықшысы келип, ханға:

– Тақсыр, Сизиң қорығыңызға бир аўыл зорлық пенен қоныс басты, – деп хабар береди.

Сонда хан:

– Мениң қорығыма руқсатсыз келип қоныс басқан қандай адамлар, бунда бир мәни бар шығар? – деп өзи қасына жети ўәзирин алып, көриўге келеди.

Жупар ханды үйге киргизип, отыз баласына сәлем бергизеди. Жыбырласқан отыз баланы көрген хан:

– Булардың бәрин өзиң туўдың ба? – депти.

– Жоқ, он бесин өзим, он бесин тоқал туўды, – депти Жупар.

– Усы шырайыңызға, усы ақылыңызға бола, үстиңизге қалай ҳаял алдырдыңыз? – дейди хан.

Сонда Жупар:

– Қатынның жаманы ерин қызғанады, ханның жаманы хан жерин қызғанады, тақсыр, – депти.

Хан сөзден жеңилип, «қанша жер ийелегиңиз келсе, ийелей бериң» деп руқсат берген екен. Сол Жупар жасаған жер «Жупар қорығы» деген ат пенен ҳәзирге шекем белгили.

## ГҮЛДИРСИН
[Р-1242, №183023]

Бурынғы өткен заманда Хорезм елинде Гүлистан деген абат ел, суўға мол қала болады, оның ғарры патшасының Гүлдирсин деген қызы болады. Жасынан әдепшлеп тәрбияланған Гүлдирсин бойжетеди.

Сол мәҳәллерде елине моңғоллар топылады. Буннан секенген, сескенген халық Гүлдирсинниң әкесиниң қаласына келип тығылады. Қаладағы халықтың басына қайғы-ҳәсирет түседи. Көп жерлерди ҳарап қылып киятырған душпанлар қалаға жақынласады. Ақырында кең даланы, гүлленген бағларды ўайран қылып, қаланы қоршап алады. Халық қаланы мәртлерше қорғап, күш бириктирип турады. Душпанлар халықтың қарсылығын жеңе алмайды. Сөйтип, бир неше айлар өтеди. Қаладағы азық-аўқат таўсылып, ашаршылық басланады. Бирақ ол халық қуралларын тасламайды, душпанларға бағынбайды.

Бир күни патша ҳәмелдарлары менен лашкербасыларын кеңеске шақырады. Кеңес қатнасыўшылары-нан биреўиниң пикири мақулланады. Бул ойласық бойынша, патша қаладағы ҳәр бир үйден бир уўыс бийдайдан жыйнатып, еки-үш өгиз таўып, ең соңғы данди жегизип, бир неше күн бағып, оларды қаланың дәрўазасынан шығарып жибереди.

Ашлық қаланы қамал қылған душпанларды да дәрмансызландырады. Душпанлар қаладан шыққан өгизлерди услап алып сояды. Олардың ишинен шыққан бийдайларды көрип, душпан лашкерлери:

– Егер олар қарамалларды усындай етип бағатуғын болса, олардың еле жыйнаған азық-аўқатлары көп

www.ziyouz.com kutubxonasi

екен қамап турыў пайдасыз, қаланы алыў болмайды, ашлықтан аман қалыў ушын тез арада қайтып кетиў керек, – деп шаўқым салады, араларында алағадалық басланады.

Буны еситкен душпан лашкербасылары да қамалды даўам еттириў пайдасыз деген ой менен лашкерлерин алып, кейин қайтыўға таярлық ете баслайды. Бирақ Гүлистан патшасының қызы Гүлдирсин өз ел-журтына қыянет қылады. Ол қала әйналасын қоршаған дийўаллардың үстинен урысты сейлеп жүрип, душпан патшасының баласының сулыў екенлигин билип, шаҳзадаға хат жазып, гүлистанлылардың сырын ашып береди. Хатты оқжай оғына орап, оларға қарап атады. Ел қыянетшиси Гүлдирсин өз хатында: «Атамның егизлерди жибергендеги мақсети – сизлерди алдаў, қала халқы ашаршылықтан қырылып атыр. Шыдаң, қаланың өзи бағынады» деп жазған болады.

Душпан лашкербасылары «тағы еки-үш күн шыдайық» деген ой менен, қайтып кетиўди қойып, қаланы қамал еттириўди даўам қылады, үш-төрт күннен кейин гүлистанлылардың бир қатары ашлықтан өле баслайды. Буған шыдай алмаған қала халқы дарўазаны ашады. Душпанлар басып киреди. Халық таланады, қала өртенеди. Көп адам қырылады. Тирилерин қул етип алады. Гүлдирсинниң әкесиниң басын қаланың минарасына қыстырып қояды. Қызды душпан патшасының алдына апарады. Оның кеңесшилери, лашкербасылары: «Бул перзент биздиң патшамыздың баласына ылайық екен» деп ойлайды.

Шаҳзада асаў ат алып келиўге буйрық береди. Оған қыздың шашынан байлаўға тапсырады. Кеңесшилери менен лашкер басшылары:

- Бунымыз қалай? Сиз ушын бул қыз ата-анасынан, ел-журтынан кешип берилди ғой, – дейди.

Оларға шаҳзада:

- Бул дурыс, бирақ ол билмеген, көрмеген адам ушын ата-анасынан, ел-журтынан кешкен, халқына қыянет қылған болса, олардай жақын болмаған меннен бунын кешиўи, қыянет етиўи соншелли жеңил болыўы мүмкин. Басқа биреўге қыянет қылмасын, – деп жуўап қайтарады.

Шаҳзаданың ҳәмири орынланады. Гүлдирсин ат қуйрығына байланады. Асаў ат қыянетши қызды тастан-тасқа, шептен-шепке сүйрейди. Оның паршаланған денеси қула дүзде қалып, аққан қаны әнмили далаларды ҳайранлыққа сазаўар етеди. Ўатан қыянетшисинен жәбирленген халық сол қарап болған қалаға Гүлдирсин деп қояды. Усы жаўлардың шабыўлыўынан кейин ол қала қайтадан қамалға келмейди де, халық оны таслап, басқа жаққа көшип аўдарады.

## ДОСНАЗАРДЫҢ АЛЛАЯРЫ

(Р-1299, №184812)

Аллаяр Досназаров Москваға Калининниң алдына кирип:

– Барлық миллетлерге автоном берип атырсыз, қарақалпақларға неге бермейсиз? – деп сорапты.

Калинин оған:

– Сизлер қазақларға тилиңиз де, түриңиз де жақын халық екенсиз, қазақлар менен бирге жасай бериң, – депти.

Сонда Аллаяр Досназаров:

- Яқ, биз қазаққа усамаймыз, биз өз алдымызға миллетпиз. Яқшы, қазаққа жақын болсақ, қазақлар «Бозатаўды» айтып бергиниши, – депти.

Отырған қазақлардан бирде-бир қазақ «Бозатаўды» билмепти. Соннан кейин Калинин оған:

- Сизлерге автоном бердик, – депти.

## БАҒДАТ

(Р-1242, №183023)

Бурын Бағдат қаласы турған әтирап суўлық екен. Суў қурып баслаған соң еки адам келип қоныс басқан. Олар Сарының көлинен дуз әкелип сатады екен. Биреўиниң ҳаялы жоқ екен. Ҳаялы жоқ киси ҳаялы бар киси уйқылап атырғанда оны өлтирип, ҳаялын алмақшы болады. Ол енди өлтирейин деп атырғанда, ҳаялы бар киси оянып кетип, қасындағы кисиниң өлтирмекши нийетин билип:

– Мени өлтирмекши екенсең, өлтирерсең. Бирақ мениң аманатымды ҳаялыма тапсыр. Ҳаялым ҳәмиледар еди. Ул туўса, атын Дат қойсын, – деп тапсырыпты.

Айтқанындай, ҳаялы ул туўыпты. Атын Дат қойған. Ҳаялға сол жигит үйленипти. Екеўи жертөледе сейтип жасай береди.

Сол елге жақын Абдулла хан деген хан шикарға шығып жүрге, жертөледен шығып турған түтинди көрип, қайырылыпты. Келсе, бир кемпир баласы менен отыр екен. Кемпир баласын жумсаған сайын «Дат» деп атын айтатуғын усайды. Хан бунының мәнисин сорапты. Анасы бәрин айтып берипти. Хан Даттың

www.ziyouz.com kutubxonasi

әкесин дарьяға ағыпты да, усы жердиң барин Датқа берипти. Қалаға сол бала ҳәкимлик етипти. Солай етип, усы қаланың аты Бағдат атанған екен.

Бағдаттан алыс емес жерде қалмақтың қаласы бар екен. Олар Бағдатқа топылыс жасап турады екен. Қаланы қанша қамал етсе де, ҳеш ала алмапты. Қанша излесе де, қаланың ишине киретуғын жолды ҳеш таба алмапты. Қаланы қанша қамал етсе де, қала халқы берилмепти. Ақыры қалмақтың патшасы енди кетпекши болып отырғанда патпелекке жазылған хат қағаздан ушып келеди. Хатта қаланың дәрўазасы қайсы жерде екенлиги айтылған екен. Бағдат патшасының қызы қалмақтың патшасына ашық болып қалған екен. Хатты сол қыз жазған екен. Сөйтип, қалмақлар қаланы алған деседи.

## ШЫМБАЙ
(Р-539, №176382)

Шымбай қаласының орнында бурынлары қалың тоғайлықлар болып, ол жерде жыңғыл, қамыс, жантақ уғаған жабайы шөплер қаплап жатқан. Сол жерде қарақалпақ аўылларының биринен Шымбай деген жигит талап излеп шығыпты. Ол усы қалың тоғайлықта өзине имарат тиклеп, дийханшылық пенен шуғылланады. Жерлерди ашып, егин егип, мол өним жыйнап алады. Өнимдер топырақлардан жыйнаған өнимлерин сатып тиришилик еткен. Буны көрген адамлар бул жерге көплеп келе баслаған. Соның менен бул жер үлкейип, қалаға айланған. Адамлар өзлериниң өнимлерин сатып, өзлерине керекли затларын алып, жақсы күн кеширген. Шымбай халыққа жаны ашып, халықтың сөзин сөйлеген. Усы адамның атына байланыслы бул жер «Шымбай» деп аталған. Адамлардың айтыўынша, ертеде Шымбайдың орны үлкен бағ болып, ол жерден жемислердиң барлық түри табылатуғын болған. Халықтың күн көриси көбинесе соннан болатуғын еди деп айтысады адамлар.

***

Бурынғы өткен заманларда тал, торańғыл питкен бир тоғай болып, ол тоғайды аралап аққан бир өзек бар екен. Бирақ тоғайдың ишинде, арнаның бойында ел, адамзат жоқ екен. Соңына таман узағырақ жерлерден халық келип, арба, шығырларына кегей кесип алып қайтады екен. Сол ушын арнаның аты Кегейли аталған екен.

Сол заманлардағы ашлықтың себебинен Шымбай деген бир жигит өз елинен аўып-тозып кетип, жолы сол тоғайға түсипти. Ол тоғайды аралап жүрип арнаны таўып алады ҳәм оның бир жерин балық аўламаға қолайлап, қос басып, шолпы сүзе береди. Шымбай шолпыны қанша көп сүзсе де, ҳәр күни еки балық түсип, артық ала алмайды. Сол еки балықты жеп, ҳаялы менен екеўи аўқат қылып отыра береди.

Арадан бир неше жыл өткеннен соң Шымбайдың ҳаялының жанында бир ийт пайда болыпты. Ийттиң келиўин Шымбай өзине бир жақсы ырым билип, үмитленип, асырамақшы болыпты. Сонда қатыны:

– Асырайсойғақ жақсы болар еди, бирақ күнделикли ырысқымыз еки балық, өзимизге зордан тамақ болады, буны қалай асыраймыз? – депти.

Сонда Шымбай турып:

– Жан бергенге жай берермен деген, бир жағдайы болар, болмаса шала курсақ болып тойған бир адам болармыздағы, – деп, сол күни өзлериниң балығынан бөлип ийтке де салады.

Ертеңине шолпы сүзсе, үш балық түсипти. Соннан булардың ийтке ықласы артып, тәрбият қылып, бир үйде үш жан өмир кеширеди. Сол күни Шымбайдың ығбалы ашылып, берекеттиң питкен күни екен. Салған шолпысы қуры шықпайтуғын болып, алған балықларды сақлай алмай, сүзгенди қойып турған екен.

Бир күни қатыны менен ойласып, ел қыдырмақ болып, қатынын үйде қалдырып, өзи ийтин ертип кетсе, тоғайдан жол таппаған жеринде ийттиң баслаўы менен сүлдер таўып, көп күнлерде ел тапқан екен. Өзиниң турған жеринде сондай бир пайдалы тоғай ҳәм балықлы арнаның хабарын айтқаннан соң, ашлықтан еле қутылып болмаған халық ерип барып балық алып, тоғайдан ағаш ҳәм кегей қырқып, қатнасық басланып, Шымбайдың да бахты ашылып, жанланбаға қараған. Мал көбейген, жан-жақтан ашарықлар келип қонып, Шымбайды панalaп отырыўшы ел де көбейген. Солай етип, халық орналасқан жердиң аты Шымбай деп, арнаға Кегейли деп ат берилген.

Шымбай күннен-күнге байыйды, үй-үскенеси дүзеледи. Шоманай деген бир қызы, Даўқара, Тазқара деген уллары болады. Шымбай аўылы қуралып, оның байлығы, жер-суўының пайдалылығы туўралы ҳаўаза елге жайылып кетеди. Бул хабар өзиниң елине де жетеди. Шымбайдың атасы еситип, бир күнлери излеп таўып алып, қонақ болады. Баласы менен танысып, үйинде бираз күн жатып, қарыганлығын шығарыпты. Шымбай да қонақ қылып, әбден күтип, сыйлапты. Ғарры бир күнлери жүрермен болып, жуўап сораса, баласы Шымбай:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Үйирлеп жылқы, padалап мал, қоралап қой алып кетиң, – деп алдына салыпты.

Атасы буның барин қабыл алмай:

– Мен енди малды не қылайын, өзине несип етсин, – дейди.

Шымбайдың атасы сыншы ийги екен. Келгеннен берли барлап қарап, бул даулетлердиң қайдан питкенин, қайгыгының бағына бола жыйналып турғанын биле алмай тур еди. Хошласып, далаға шығып, атының үстине мингеннен соң ғарры жан-жақты болжап қараса, еректеги қой қораның сыртында бир көк ийттиң жатқанын көрип, Шымбайдағы дәўлеттиң бари сол ийтте турғандай болып көринеди.

– Балам, анаў жатқан ийтти шақыршы, – дейди ғарры.

Шымбай «Кутлы аяқ» деп шақырады. Ийт келип, қуйрығын былғаңлатып турады.

–Ҳай, балам, үйиң жалғыз, ийт-қуслар бар, сол ийтиңди берсең, дүнья-малдың барин бергендей көрейин, – дейди.

Шымбай «яқшы» дейди де, ийттиң мойнынан байламақшы болып жип излеп, үйге киреди. Соның арасында ийт те барып, үйге тутыўлы турған туўырлыққа сарыйды. Шымбай ийттиң мойнына жип тағып, атасының тебингисине байлап береди. Ғарры ийтке қараса, баяғыдағы дәўлет ийтте жоқ екенин сезеди. Шымбайдың ғаррысы «дәўлет қайда кетти екен?» деп жан-жаққа қараса, үйге тутыўлы гене туўырлықта турғанын көреди.

– Ҳай, балам, мына ийтиң өзиңе қутлы болсын, өзим ғарры адамман, ийтиңди үйге алып бара алмаспан, жибере бер. Мениң қуры кетпегенимди мақул көрсең, үйиңниң оң жағына тутылған гене туўырлықты алып, мениң артыма бөктере ғой, гөнеңди көзиңдей көрип жүрейин, – дейди.

Шымбай «яқшы» дейди де, үйиниң белбеўин шешпете айланыса бергенде бир көк тоқлы келип, ийттиң сарыған жерин жалайды. Шымбай туўырлықты бүклеп, атасының артына бөктере-йин деп атырғанда ғарры серлеп қараса, мунда да қут жоқ.

– Ҳаў, бул қалай болды? – деп жан-жақты серлесе, дәўлеттиң көк тоқлыда турғанын көреди.

– Өзим ғарры адамман, оған-буған айланып, кешигип қалдым. Балам, бүгин хеш жерге кете алмаспан, – дейди ғарры.

Баласы:

– Бүгин де қоның, ертең ерте турып кетерсиз, – дейди.

Атасы сонда:

– Мынаў жүрген көк қасқа тоқлыны сойып, ишегин шығармай писирип, басқа кисиге дәмин да таттырмай, мениң алдыма қоярсаң, соны жеп, патиямды берип-ақ кетейин, – деп, аттан түседи.

Шымбай «яқшы» деп, аттың жылаўын услап, әкесин қолтықлап аттан түсиреди. Атасы үйге киреди. Күн кеш болады. Тоқлының гөши қазанда қайнап писип те жақынлайды. Тоқлының гөши писип шамалаған ўақытта Шымбайдың баласы Дәўқара уйқысынан оянып:

– Апа, ет бер, – деп қыңырлық етеди.

Ҳешким ерке баланы жубата алмайды. Шымбайдың қаялы сорпаның үстине шошайып шығып турған тоқлының тилиниң ушына қолын алып барған екен, ени бармақтай жери қолына келеди, тилди алып балаға береди. Бала да соның менен жай болады. Керсенге салынған ет ғаррының алдына келеди. Ғарры етлерди қараса, баяғыдағы қут етте де жоқ. Ҳайран болып, тоқлының мүшесин, тилин бирим-бирим түўеллейди. Сол ўақытта, атаның қолынан ет жеймен деп келип, дизесин шығанақлап отыра кеткен төрт жасар Дәўқараға қараса, қуттың бари Дәўқарада турғанын көрип, Шымбайды шақырады.

– Ҳа, балам, мен саған қонған дәўлеттиң қутын әўладымның барине тегис бөлип берермен деп едим, бул олай болып шықпады, тек сениң өзиңниң әўладыңа ғана несип еткен екен. Мынаў Дәўқараны таза сақла, – деп атланып кетеди.

Шымбайдың дәслепки қонған жери бара-бара қала болып, Шымбай қаласы атанып, Дәўқара деген орын Шымбайдың баласы Дәўқараның атағына аталған екен. Таллқара ҳәм ҳәзирги Шоманай деген жер Шымбайдың қызының түскен жери екен. Шымбайдың уўы узайып, жаны жайылып, байып, үстине ел жыйылып, қала бола баслайды. Бирақ мал сақламаққа қолайы кетип қалады. Шымбай малды сыйдыра алмағаннан кейин отарға жибермеге ойланады.

Назерлеген иси алдына басып турған баласы Дәўқара малдың басынан қалмай, отаўы менен көшип барып, малға жай болған бир кең орынды қоныс еткен. Сол қоныс Дәўқараның жайлаўы, қыслаўы болып «Дәўқара» деп аталыпты. Малының өсиўинде кемис жоқ, елдиң қуралып толысыўында да кемис жоқ, бирақ Дәўқараның неше баласы бары мәлим емес. Белгили Макария деген бир қызы бар екен. Ол қыз ержеткен. Дәўқара өзи узақ жерде болған бир бай менен қуда болып, Макарияның күйеўи келип-кетип, қалыңлық ойнап жүреди екен. Бир жола Макарияның күйеўи келип жатқанында түнниң ярымы болған ўақыт екен. Узақтан бир гүрилди сес пайда болыпты. Бул гүрилдини еситип, елиниң зәрреси қалмай қорқысыпты. Сол ўақытта Макарияның күйеўи:



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Қайнатама бар, маған өзиниң тулпарын берсе, усы гүриллиден хабар алып келер едим, – депти.

Макария барып, бул сөзди атасына айтып, тулпарды ертлеп береди. Күйеў тулпарға минип алған соң Макарияға:

– Сен кийимлеринди кийип, белиңди буўынып, жетдеңди алқымыңнан алып, есиктиң алдында таяр бол. Егерде бир жаманлық ис болса, жаў иси, жаў-жалем алып кетермен, – деп, өзи гүрилди шыққан жаққа қарап кетеди.

Барып қараса, таўдың үстинен адам бойы асырылып, жарланып ағып киятырған суўдың гүриллиси екенин көреди. Тулпардың басын бурғаншелли суўдың алды келип, тулпардың төсине қағады. Макарияның күйеўи атқа қамшы басып қашады да, қутылып, аўылына келип, отаўдың алдында таяр болып турған Макарияны артына мингестирип алып ҳайдай береди.

Макарияның қай жерлерге барғаны белгисиз. Бирақ узақта Макария деген журт бар екен. Макарияның қашып барған жери екен. Сол атақ Макарияның атынан болған екен. Шымбайға қонған бахыт Макарияда болған екен. Соның ушын Макария деген журт онда даўлетли болып киятқан екен емиш, – деп қарақалпақтың ғаррылары гүрриң етеди екен.

## ҚЫРЫҚҚЫЗ ҚАЛА
(Р-1242, №183023)

Қарақалпақлардың бир бөлими Гөне Үргенишке көшип келеди. Олардың арасынан Мүйтен Мирен деген киси Гөне Үргенеште отырғысы келмей, Арал бойына көшип кетеди. Теңиз жағасына келип, балықшылық пенен шуғылланады. Гөне Үргеништен бир жарлының қызына үйленеди.

Мирен өзи уқыпсыз, ал ҳаялы күта искер, ақыллы болады. Ол аў, сал тоқып күн көреди. Күнлердиң күнинде олар бир қызлы болады. Қызы бир жасында жүрип, бир ярым жаста сөйлейди. Оған Теренияз деген киси:

– Сен Гөнеден келген жарлы едиң, енди гүллендиң. Қызыңның аты Гүлайым болсын, – дейди.

Қыз үш жасында сөзге шебер, шешен болады. Енди сол аўылдағы отыз-қырық қыз күнде Гүлайым менен ойнайды екен. Қыз тоғыз жасына келеди.

Бир күни бир жарлының баласын сол елдиң патшасы дарға асып өлтирмекши болады. Хан балаға саўал берип, үш күн мәўлет береди.

– Усы саўалды шешсең, өлимнен азатсаң, шеше алмасаң, өлимдарсаң, – дейди.

– Дүньяда кимлер бири-бири менен татыў? – дейди.

Бала Гүлайымды излеп келип, буның мәнисин сорайды.

Гүлайым:

– Дүньяда бирин-бири жақсы көретуғын ерли-зайыплылар татыў дей ғой. Бирақ мени айтпа, – дейди.

Бала ханға келип, сораўдың шешимин айтады. Хан:

– Далиллеп бер? – дейди.

Бала далил таба алмайды. Гүлайым сол ўақлары дардың жанына келип тур екен, өзи далиллеп береди.

– Мен жас ўақтымда әкем менен шешемниң ортасында жататуғын едим. Түнде уйқылап, азанда қарасам, шетте жатқанымды көремен. Ал әкем менен шешемниң қушақласып жатқанын көремен. Соған қарағанда, ерли-зайыплы екеўи татыў болса керек, – дейди.

Патша:

– Дурыс, – дейди.

Патшаның тоғыз қатыны бар еди. Соған қарамастан, Гүлайымды алмақшы болады.

Жаўшы жибергени менен, қыз жуўап бермейди. Қыз сондай сулыў болса да, кийиўге кийими болмайды. Аң терисинен кийим тигип кийеди екен. Патша жақсы кийимлер жибереди, қыз алмайды. Он төрт жасар Гүлайым кейинги жаўшыға:

– Патшаның өзи келсин, – дейди.

Гүлайым туўылғаннан кейин әкесиниң аўҳалы жақсыланып, таўир-ақ бай кетерген екен. Гүлайымның қолынан келмейтуғын өнери жоқ, он бармағы ойылған шебер, ҳәтте етикти де өзи тигеди екен.

Патша бир күни өзи келсе, Гүлайымды көрип аттан қулап, талып қалады. Сол ўақытта Гүлайым патшаның кийимлериниң нағыс үлгисин жерге сызып алады. Бир ўақытлары патша есине келеди.

Гүлайым патшаға үш шарт қояды:

– Биринши шартым – алты ай мәўлет бер, кейин мени жыққан, аласаң. Екинши шартым – қырық қызым бар. Ойнап жүрген қырқын қырық жерге қояман, шунатайың менен түртип, биреўин жықсаң да, мен саған тийемен. Үшинши шартым – қырық қызымды қатарластырып қояман. Арғы шетиндеги ийнеге берги шетинде турып қырық қулаш жипекти өткизип берсең, тийемен, – дейди.

Патша алты ай ойланады. Сөйтип таўекел етип келеди. Аттан түсерде қызды көрип, қалтырай баслайды. Гүресте патша жығылады.

Екинши шартте түртемен деп, патшаның шунатайы сынады. Үшинши шартти де орынлай алмайды. Енди патша Гүлайымды алалмағаннан кейин, оның аўылына «Гүлайымның тийкары жаман қыз» деп өсек таратады. Гүлайым буған қатты қапа болып, әкесинен руқсат сорап, тоғайға шығып кетеди. Тоғайда жүрип балық терисинен әкесине етик, ақ терисинен патшаның кийиминиң үлгисинде кийим тигип әкелип береди. Әкеси бул кийимди кийеди. Енди сол аўылдың адамлары: «Гүлайым патшаның кийимлерин урлап қашқан» деген өсек таратады. Буған қыздың арыў келип, Аққаладан Қырыққалаға қарай көшеди.

Гүлайымның қырық қызының ата-анасы да «қызларымызды Гүлайымнан айырмаймыз» деп, олар да көшеди. Гүлайымның дайысының қырық мың жылқысы бар екен. Дайылары:

– Усы жылқылардың ишинен сайлап биреўин ал, – деиди.

Гүлайым көп жылқының ишинен бир ақтақ бийени услайды. Буны көрип, атасы қызына:

– Неге дайыңнан жаман ат алдың? – дейди.

Бир жылдан кейин бийе үсти тегис, сондай сулыў тай туўады. Бул тайды Гүлайым өзиниң тилине үйретеди. Усы ўақыттан баслап қыздың атағы шығып, абырайы өсип кетеди.

Гүлайымның батырлығы халыққа жайылып кетеди. Буны Аққаланың патшасы еситип, қыздың батырлық айбатынан қорқып, және маған пайдасы тийер деген нийетте оған қурал-жарақ, ат береди. Гүлайым қасына қырық қызды алып, әскерий ойын үйретип жүре береди, даңқы көп патшалықларға жайылады. Той болса, гүреске биринши болып түсип, бас байрақты алатуғын болады.

Гүлайымның ҳәм оның қырық қызының даңқы жердиң төрт мүйешине жайылады. Буны бавғы Гүлайымды айттырған алпыс жасар қалмақтың ханы еситип келеди. Урыс Аққалада болады. Гүлайымның қырық қызы қалмақ пенен шайқасады ҳәм тезде жеңеди. Патша өкиште болып, ақыры өледи.

Аққаланың патшасы Гүлайымның ақылына, халықтағы ҳәр қандай дәўди шеше алатуғын зейинлилигине исенип, оған тахтты бермекши болады. Қыз:

– Батырдың иси – ел қорғаў, бизге хандық жараспайды, – деп, алмайды.

Гүлайымның даңқын еситип, ҳәр тәрептен мен деп көкирегине урған батырлар келе баслайды. Қара теңиз бойынан бир дәў келип, Гүлайымның қырық қызының қарсы киятырғанын көрип, урыспай-ақ басынады. Дон бойынан Полат, Шойын, Тас деген үш жигит келеди.

Гүлайым Шойын менен Тасты ҳә демей-ақ жығады. Полат пенен көп күн шайқасып, бир-бирин жыға алмайды. Буннан кейин Гүлайымға Қырымның палўанлары Аннас, Ермак дегенлер келди. Гүлайым бул екеўине де:

– Полатты жыққан менин менен гүрессең, жығылсаң, кейин қайта бер, – дейди.

Арыслан Гүлайымның бөлеги екен. Арысланды Гүлайымның анасы жасында бир ҳалте аўызландырған екен. Гүлайымның анасы Гүлайымға жасында «Арыслан деген бөлең бар» дейди екен. Бирақ олар бир-бирин көрмейди. Арыслан Гүлайымнан алты ай киши болған. Бир тойда Гүлайым адамлардан «Арыслан деген палўан келипти» деп еситип, излеп барады. Екеўи гүреске түспекши болады, бирақ екеўи де қалтырай береди. Бурын ҳеш қалтырап көрмеген Гүлайым буған ҳайран қалады. Қыздың сулыўлығына Арыслан ҳайран қалады. Сонда Арыслан қызды танып:

– Көп жыл болды, атың менен таныстым, қолыңды бер, көрисейик Гүлайым, – деп, усы жерде екеўи танысады. «Еки аяқлыда бөле татыў, төрт аяқлыда бота татыў» деген усыннан қалған екен.

Екеўи танысқан соң, гүреске түспейди. Еки батыр бир-бирине ашық болып қалады.

Бавғы Гүлайым жыға алмаған Полат қырық мың әскер менен Гүлайымның елине урысыўға келеди. Буның киятырғанын Гүлайым еситтеди. Аққаланың патшасы бийикликте қырық гез етип қала салады. Гүлайым душпанды сынаў ушын қаланың дөгерегинде қырық түйе буўдай жыйнайды. Жаў жақынласқанда бул қырық түйеге қырық қыз от береди. Түтин буриқырап, душпанға қаланы көрсетпейди. Полаттың әскери басқа бир қалаға қарай жол тартады, жолда батпаққа батып қырылады. Сол жердиң аты «Қырған қала» деп аталады.

Полат лашкерлери қырылғаннан кейин қалмақлар Гәўҳиқаптың аржағына өтип кетеди. Олар кетип баратырып қарақалпақтың көп қызларын әкеткен.

Едил бойында жасаған Арысланның елиндеги жигитлер Гүлайымды алты улдың ортасындағы қыз деп еситип, оны Арысланға айттырыў ушын келеди. Қыз жеңгелери ишинде Мейир деген қуда балларды сынаў ушын үйдиң алдына қамыс төсеп:

– Үйге қамысты шатырлатпай кириң, – дейди.

Қуда баллар да елде сөзге шешенлерди сайлап алып шыққан екен, ишинде Айқар, Шайқар деген сөзге шебер еки жигит бар еди. Шайқары:

– Сиз қасты қақпай, бармақты қыймылдатпай, қамысты төсей бериң, – депти.

Сөйтип, Мейир сөзден жеңилип қалыпты дам күйеўлердиң алдына бир табақ сөкти қойып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Қытырлатпай жең, – депти.

Шайқар және қыз жеңгеси Мейирге:

– Қырық қызыңды қатарластырып отырғыз. Соның арғы шетиннен сәнти көтерип, кекирегиңди дирилдетпей кел, – дейди.

Жигитлер қыз жеңгесин жеңеди.

Арыслан менен Гүлайым қосылады ҳәм сол жердиң айырым халқы менен Түркистанға кешеди. Гүлайым жети патшадан өз елин қорғаған. Гүлайымның қәбири Түркистанда, ал оның қырық қызы олар Түркистанға көшкенде усы жерде қалып, ҳәзирги «Қырық қыз» деген жерде жасаған екен дейди халық.

## ҚАРАБАЙЛЫ

(Р-1242, №183023)

Қарабайлы бурынғы ўақытлары Лаўзан деген жердиң қубласынан ағады екен. Сол жерден Ийшан жыққынға сексен жыл аққан дейди. Оннан соң суў Мамыйға қарап ағып турған жыллары хан Аллақул деген екен.

Усы ўақытлары теке түркмен Рамберген инақ деген адам ханның қасында отырады екен. Бир күни инақ ханға:

– Нөкерди ҳеш нәрсе көрип, билмеген гедейдиң балаларынан алдық, сол ушын бизлер урыста жеңилип қалдық. Енди нөкерди бай баласынан алыў керек. Өйткени бай баласының жүреги қайтпаған ҳәм олар өз абыройлары ушын таласады, – дейди.

Соннан, бай баласының атын алайық, гайратлы болса, өзин алайық деп, нөкерге алатуғын адамларды хатлап шығады. Бирақ усы күнлери елде оба кесели пайда болып, жыйналған нөкерлердиң көпшилиги өлип кетеди.

Усы ўақытта урыс болып, урысқа қатнасқан қырық адамнан тек сегизи аман қалады. Бул ўақытта дәрья Үргенштиң алдынан теңизге қуйып турады екен. Ҳәзирги Қарабайлы деген жерде отырған мың үй қара жалаў байлап отырады екен. Соннан сол жер «Қарабайлы» деп аталып кеткен.

* * *

Қарабайлы Түркистаннан көшип келген қарақалпақлардың күши менен қазылған. Бул жапты қазыўда қатты тәртип орнатылған. Тәртип бойынша, қазыўшы күн шықпай келиўи тийис болған. Күн шыққан соң келген адамды сабайды екен. Сол күнлери бир жигит өзиниң сүйген қызына жасырынып барып жүрген екен, бир күни хәбирек уйқылап, күн шығыўға қалып қояды.

– Енди мени өлтиреди, – дейди жигит қызға.

Қыз:

– Бир ақбоз ат таўып бер, – депти.

Сол атты таўып алып, бир жағын қараға бояйды. Сөйтип, жаңағы жигит жапты қазып атырған аламанның тусынан «Мурапларды урыңлар» деп бир қышқырып өткенде қара ат болып көринеди, ал екинши рет өткенде ақ ат болып көринеди. Оның қандай ат екенлигин ҳешким анықлай алмайды. Биреўлер ақ атлы десе, биреўлери қара атлы еди деп таласады. Усы аласапыранлықта қазыўшылар мурапларды сулайтып салады. Усыннан баслап, бурын қызыл жалаў байлап қазыў қазып турған қазыўшылар қара жалаў байлап, бул жер «Қарабайлы» аталып кеткен.

## «ҚАЛЛЫ ЖАҒЫС»

(Р-539, № 176382)

Булай аталыўының себеби – Назархан менен Шымбайға бул жерден базаршылар өткен. Бирақ Қуўаныш жармада көпир болмаған. Халық ишинде Қаллы деген атамыз усы дәрьяның бағына көшип келип орналасады ҳәм адамлардан шай пулы алып, дәрьядан өткерип отырған. Соннан бул жер «Қаллы жағыс» деп аталып кеткен.

## ХАЛҚАБАД

(Р-539, №176382)

Бурынлары ҳәр урыў бөлек-бөлек болып отыратуғын болған. Ийшан қала – ийшанлардың орналасқан қаласы болғанлықтан, солай аталған. Халқабадқа келсек, бул жерди Ханмақсым келип басқарған. Халық түркменлер менен шабысқан. Түркмен шабысында Ханмақсымға тийген оқ өтпей, түркменлерди жеңип, сол жерде «халық абат болсын деген нийетте «Халқабад» деп атаған дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЙҒЫР ТАСИЛИНДИ ҚОЙ

(Р-1299, №184812)

Бир заманларда хийўалылар менен қарақалпақлар шегара жерге даўласқан. Хийўалылар Майлышеңгелдиң дөгерегине қарақалпақларды жақынлатпайтуғын болған, ал қарақалпақлар оннан да арманырақ отырмақшы болған. Еки жақ әўеле хатқуда, жасаўылан жиберисип, сөйлесип көрген. Ең ақырында келисимге келген. Буны өз-ара ойлағыкта уйғырлар тапқан.

– Түнде еки жақтың адамлары сол жерге барып, қудайға, пайғамбарға, ата-бабаларға сыйынып жатамыз. Қудайтаалладан «Жер хийўалыларға тийисли ме, я қарақалпақларға тийисли ме, саза бер» деп тилеймиз. Егер саза келсе келгени, келмесе көрермиз, – деп келиседи.

Түнде еки халықтың ўәкиллери қағына көп адамларды алып, талас жердиң шегарасында қудайтааладан тилек тилеп жатады. Ал оның алдында түнде уйғырлар өзлериниң бир сексен жастағы ғаррысын ҳеш кимге көрсетпей, талас жердиң шегарасына көмеди. Өлместей қылып үстине шеңгел, жантақ таслайды. Оған:

– Сен таңның алдында саза бересең, – деп тапсырыпты.

Буннан хийўалылардың хабары болмайды.

Ҳәмме қудайтааладан тилек тилеп жатса, таңның алдында жер гүңиренген. Бунда:

– Бул жер қарақалпақлардың ата-бабасының жери. Хийўаға тийисли емес. Бул жерди хийўалылар тартып алып, егин еккен менен, апатшылыққа ушырайды, – деген анық саза келеди.

Ҳәмме жатқан адамлар буны еситип қашады. Үйлерине барып, көбиси садақа береди. Буннан кейин хийўалылар жерден ўаз кешеди. Солай етип, жер қарақалпақларға қалады. Бул уйғырлардың ойлап тапқан тәсили арқалы иске асады. Соннан елде «уйғыр тасил» деген гәп қалады. Бирақ бир неше жыллардан кейин сатқынлар буны хийўалыларға айтып қояды. Хийўа ханы еситип ашыўы келеди ҳәм қарақалпақтың уйғыр урыўларын қырып жибереди. Соннан көп уйғырлар қорқып, уйғыр емеспиз деп, қарақалпақтың найман урыўының атына өтип кетеди. Ал уйғыр-найман болыўының себеплери де усыннан екен дейди.

## ЖЕРШЫЛЫМ ШЕККЕН ҚАРАҚАЛПАҚ

(Р-1299, №184812)

XIII әсирдиң басларында қарақалпақлардың бир топары Гөне Үргеништиң қубла жағасына келип орналаса баслайды. Буны биразлар қарақалпақлардың Түркистаннан Қотан көл менен Тақыркөлге келип биринши орналасыўы еди деп те атайды. Қубласы, бул ўақыя Сарайкөлден қублароқта болған.

Бул Хийўа ханлығы менен түркменлердиң арағындағы жер екен. Хийўаның ханы қарақалпақлар келип орналасып атыр дегенди еситип, олардың жаўынгер халық екенлигин билип, олардың үстине лашкер тартып өзи келеди. Хан әўеле келип атырған елдиң басшылары менен сөйлесиу жүргизеди. Қарақалпақлар бул жер ата-бабамыздың жери деп, ханды тыңламайды. Егер Хийўаның ханы урысса, урысатуғын да болады.

Сонда қарақалпақтың ўәкиллери Хийўа ханына төмендегидей шәрт қояды:

– Биз бул жерге жаңа келип орналасып атырмыз. Еле бул жерди толық ийелегенимиз жоқ. Еки жақтан төрешилер сайлайық. Егер усы аймақтан жер шылым ушырасса – қарақалпақлардики, егер ағаш шылым шықса – хийўалылардики, – деген келисимге келипти.

Хан буған қайыл болыпты. Еки тәрептен төрешилер сайланып, сол аймақ бир ай даўамында изертленеди. Ҳақыйқатында да көп жерден жер шылым табылады. Төрешилер бул ўақыяларды көзбе-көз, жүзбе-жүз айтып келеди. Бирақ хан утылған болып қуры кетпеў ушын:

– Онда бул шарўаға тийисли, қазақлардың жери, – деп дағазалайды.

Бундағы ханның сумлығы – өзи айтыста жеңилгеннен кейин қарақалпақларды қуўатламайтуғын болғанлықтан, түркменлер қуўатлар деп ойлаған екен. Себеби бул жерде түркменлер менен қазақлар жаў болып турған екен.

Хийўа ханы қайтып кеткен. Қарақалпақлар жер шылымды сылтаўлап қалып қойған екен дейди.

## ҚАНЛЫКӨЛ

(Р-84, № 36834)

Бурынлары қызыл суў көп болған. Арпан муз болып, Мамыйға қарап аўнаған. Суў Мамыйға қырық жети жыл аққан, жетпис жети жылда суўдан шыққан. Әне, соннан соң қолдаўлы бир жыл, араллылар бир жыл, қазақлар бир жыл, қолдаўлы Ерназар бир жыл мәпленген. Бир күни көлге жылым салыўдың үстинде қытай менен қолдаўлы айтысады. «Жылымды алды менен бизлер саламыз» деген қытайлардың бир ада-

www.ziyouz.com kutubxonasi

мын қолдаўлылар урып өлтирип, тура-тура қашқан. Қытайлар қуўып жетип, қолдаўлылардың үш адамын услап, өлини арбаға салады. Сол ўақта Жаңа қалада Изейли деген ҳәким екен. Өлини ҳәкимниң алдына апарады. Ҳәким қазыны шақырады.

– Мына адамды өлтирген анаў кисилер, – деп, үш адамды көрсетеди. Өлини жерлеп, үш адамды Хийўа ханына айдап апарады. Хан оларды қазыға тапсырады. Қазы болса шариятқа буйырады. Шарият бойынша, бир адамды үш адам өлтирсе, үш адамның қунын төлеў керек екен. Гейтип, қолдаўлыларға үш адамның қуны түсип, бир мың бес жүз тилла бериўи тийис болады. Лекин олар бул ақшаны таба алмайды.

Усланған адамлардың ҳәр қайсысынан бес жүз тилладан төлеўди талап етеди. Олар бул ақшаны төлей алмай, орнына ҳәр қайсысын бир ярым мың тиллаға баҳалап, үш қыз береди. Ол қызлардың атлары – Тоян, Мақи, Бийби деген екен.

Қанлыкөл деп айтылмағы – көлдеги муздың үстине адамның қаны төгилгени себепли усылай аталған екен.

## ҚАРАТЕРЕҢ
[Р-22а, № 82401]

Қарақалпақ жериниң арқа бетинде, Қызылқумның арқа-батысында Тербенбес таўы деген бир бийик төбе бар. Сол төбениң түсерлигинде Қаратерең деп аталған бир көл бар. Жергиликли ел адамлары көлдиң суўы терең, суўының реңи қара, сонлықтан Қаратерең деп аталған деседи. Ғаррылардың айтыўынша, бул көлдиң асты бир заманларда үлкен бир қала болған, суў алғаннан соң көл болып кеткен. Қаратерең көлиниң суўы астында елеге шекем сол қала бар екен деседи.

## ҮРГЕ
[Р-46, № 50412]

Үрге – ертеде бир қалмақтың қызы болған. Үлкен суў басқыны болып, соннан елди ақыллылық пенен қутқарған. Халықты жыйнап, таўдың баўрайына қала салдырған. Елди шабыўға келген талай жаўларды қайтарған, халық қаланың атын қыздың атына қойған, соннан Үрге болып кеткен.

## ҚАРАЖАР
(Р-1012, №18269 к)

Мына жерде Кеўсер деген өзен бар. Сол жерде Мискин ата деген адам болған. Ол былай ырақта жасайтуғын, сабақлас болған бир ийшан менен: «Егер өлсек, екеўимизди бир жерге қойатуғын болсын» деп ўәделескен. Усы жерде қарабарақ өсип турған бир бийик шоқалақ қум болған екен. Өлгеннен кейин өзлерин соған қойдыратуғын болыпты. Бир күнлери сол Мискин атаның жол досты қайтыс болыпты. Әлий ийшанның аўылынан мақсымлары ийшанды бермеген, өзиниң аўылына қойған. Ал Мискин өлгеннен кейин оны усы шоқалақ қумның басына қойған. Сол тезде ол шоқалақ қум бийик екен, узақтан жарланып, қараўытып көринип турады екен. Соның ушын да ол жер «Қаражар» деп аталған.

## ҚЫЯТ-ШАМАМАЙЛЫ
(Р-1012, №18269 к)

Қыят ашамайлы деген арыс еки атаның баласы болады, қыят мың үйли болады, ашамайлы тоғыз жүз үйли болады. Тоғыз жүз үйли ашамайлыны Әўез бий басқарады. Сол ўақытта мың үйли қияттың бийи өлип, азайып турған ўақты екен. Бир күни қияттың арасынан Өтеберген деген ғарры адам шығады. Ол ҳәмелге қызығып, ҳәмел усламаған, лекин елдиң атқуда, билгир адамы болады. Өтебергенниң атқосшысы – он жети жасар Садық деген жигит болады. «Болар бала бес жасынан белгили» дегендей-ақ Садық жасынан шаққан, ақыллы жигит болады.

Бир күни Өтеберген Садықты Әўез бийге жибереди. Жибергендеги мақсети – Әўез бийден саға сорап алыў еди.

Садық Әўез бийдиң үйине барса, бий уйқылап атыр екен. Садық Әўез бийдиң ҳаялына:

– Мен бир жумыс пенен бийге жолыққайын деп келип едим, – дейди.

Ҳаялы:

– Бул ўақытта уйқысынан оятып жолыққан менен, саған мәнили жуўап айтпайды, – дейди.

Әўез бийдиң ҳаялы қойыў етип уйытып қойған қатықты Садықтың алдына әкелип қояды. Садық

www.ziyouz.com kutubxonasi

...ятықты төрт бөлип, бир бөлимин ишеди де, қолындағы қамысының бүлдирги сабы менен үйдиң есигин ашып сыртқа шығады, елине қайтады.

Әўезбийдиң заялы қатты ойшыл, сынап билгиш екен. Бала шығып кеткеннен кейин ол күйеўине:

– Сен турып, баланың сораўына жуўап бериўиң керек еди. Ол билекшил, күшли екен, наўзаның ушы менен елиңди бөлип, бир бөлиминде қалдыраман деген ой менен ашыўланып шығып кетти, – депти.

Әўез бий бул сөзге итибар бермейди.

Садық үйине барады. Баланың қатты ашыўланып келгенлигин билген Өтепберген екеўи атланып Хийўа ханына барып арыз етеди.

Өтепберген хан менен қол алысып, танысып болғаннан кейин хан:

– Қане, айт, қандай жумыслар менен келдиң? – деп сорайды.

Сонда Өтепберген ханға:

– Хан шырағым,

Мениң айтқан сөзиме нан шырағым,

Ашамайлының балалары қамырдан түйе қылып ойнайды,

Қыяттың балалары нан деп жылайды,

Бул төменги отырған халықпыз, шырағым, – дегенде, хан оған:

– Көрген шабириңизди айта бериң, – деп сорайды.

Өтепберген мың үйли қыят пенен тоғыз жүз үйли ашамайлының ғыбайлас бир жерде қоныс басып отырғанлығын, суў болмағанлықтан қыят урыўының аш екенлигин, суў алып, дийханшылық етип отырған ашамайлы урыўының тоқ екенлигин, қыят урыўы ашамайлы урыўының бийи Әўезден суўға сағаға ала алмай отырғанлығын шебер, дилўарлық сөзлер менен түсиндирип айтады. Хан хаткерине барыўды буйырып жибереди. Екеўи хаткерге барады. Хаткер булардан парасы ушын қырық қашар сорайды:

– Қырық қашардың бәри де бир жылы туўылған болсын, барлығы мөңи жоқ, қара болсын, – дейди.

Бул олардың епке келсе жумыс питкермейин деген ҳийлеси еди. Бул сөзге Садық қатты ойланады. «Буларды қайдан табамыз? Бундай қашар бизден табыла ма?» деп ишинен қыйланады.

Сонда қатты ҳәкери келген Өтепберген:

– Хәй, туўмай кеткир! Мың үйли қыяттан мендей бай қырық үй шықпай ма, ҳәр байдың барлық ...ының ишинен бир-бирден жаңағы бизлерден сораған мөңсиз қашар табылмай ма?! Барлығы да табылады, – деп, басында өзи отырып жазды(ра)ды.

Хатты буларға берип, ҳәкимге тапсырма буйрық береди. Ҳәким үш үйге бир белдардан салып, он үш күн жазыў қаздырып, Куўандарьядан жаптың сағасын алған. Сол жап «Қыятжап» деп аталған. Ол уақыта қыят жаптың аяғы ҳәзирги Жайлының үстине қуйған.

Қыятлар жапты қазып алғаннан кейин дийханшылық етип, қурғынлы хожалық бола баслаған. Бир күнлери Өтепберген Әўез бийден:

– Мына жерлериңнен егис ушын қыятларға жер бер, – деп сорайды.

Булардың ханға барып жүргенине ашыўлы Әўезбий:

– Сен алжыған ғаррры менен сөйлеспеймен, – дейди.

Сөйтип, турып шығып баратырған ўақтында Садық:

– Ол ғаррры болса, биз қатарың емеспиз бе? – деп, Әўез бийдиң шалғайынан услап жерге отырғызады.

Сол ўақта:

– Ҳәркимниң бир жайы бар, ат бола ма деген дәмеги бар, – деп Өтепберген сол жерде көтерилип қуўанады.

«Жери байдың ели бай» деген, халық жыйналып, дийханшылық ислейди. Өтепберген байдың балаға көўли питип, Садыққа мөр-жарлық алып берип, аталық ҳәмелди әпереди.

## «СУЎЕНЛИ» АРНАСЫ

(Р-1299, №184812)

Хожелиде жаңа арна қазылып, игие түскен ўақытлары Хийўа ханы келеди. Ханның келгенин еситкен қала ҳәкими арнаны жағалап жиятырып, балық аўлап жүрген адамды көреди. Ҳәким балықшыдан еки үлкен суўен сатып алып, ханға қуўырып береди. Балықтың мазасын татқан хан балықты қай жерден алғанын сорапты. Ҳәким қаланы екиге бөлип ағып турған арнаның жақында қазылғанын ҳәм балықты усы арнадан услағанлығын айтып берипти. Буны еситкен Хийўаның ханы:

– Арнаңызда балық көп болсын, аты «Суўенли» бола қойсын, – деген екен.

## АЯЗҚАЛА
(Р-1299, №184812)

Бул қала Аяз атлы шопан жигиттиң атына қойылған деп айтысады. Аяздың басына «бахыт қусы» қонып, хан болады. Ол усы қалаларды салдырады. Хан болған дәўиринде ол менменликке берилмеў ушын шопан болған күнлеринде кийген кийимлерин қасына илдирип қойып:

– Аяз хан, ҳалыңды бил, шопан тоғына бақ, – деп өзиниң шопан болған ўақытларын еске түсиреди екен.

## НАЗЛЫМХАН СУЛЫЎ
(Р-1299, №184812)

Назлымхан – бир патшаның қызы болып, оның сулыўлығы жер жүзиндеги халықларға тарқалады, қызды айттырып көп патшалардан елшилер келеди. Қыз ҳеш кимди қалемейди. Қызға Әбиўталип атлы уста жигит те ашық болады. Қыз жигитке өзиниң ашықлығын сүўретлейтуғын, дүньяда теңи жоқ имарат тиклеўди буйырады. Уста қыздың тилегин орынлап, усы мақбараны салады. Қыз жигитке берген ўәдесинде турмайды. Буған шыдай алмаған уста жигит мақбараның гүмбезинен өзин таслап өледи. Жигиттиң ҳақыйқат ашық екенин көрген қыз да мақбарадан өзин таслап өледи. Еки ашықтың қәбири усы мақбарада сақланады. Олардың бирине «өмир ажайып, бирақ ол мәңги емес» деп жазылған.

## ҚАЙДАН ШЫҚҚАН ҚАЛҚАМАН?
(Р-1299, №184812)

Бир заманларда Айбүйир таўының етегинде Кетенлер базары деген үлкен базар болыпты. Ол қарақалпақлардың қолдаўлы урыўының қалийжан деген тайпасының базары екен. Бул үлкен бир урыў болып, Айбүйир таўынан Арал теңизиниң етегине шекемги, қатте Сыр, Түркистан жағаларына шекемги аралықларда жайласыпты. Олар басқа халықлардан гәрезсиз жасаған. Кетенлер базарында ҳәмме нәрсе молшылық ҳәм арзан болады екен. Журтшылық оны Қалийжанлардың базары деп атаған. Бул базарға қазақлар да, түркменлер де, өзбеклер де базарлаўға келеди екен. Бул жерди хорезмлилер «қалийжанлар» ямаса «халқы аман жерлер» деп айтады екен. Соның ушын ол тил тийгизиўге болмайтуғын, илаҳийда жаратылған ҳүрметли орын деп танылған. Көп жыллар даўамында «Қалийжан», «Қалийжанның ели» деп те, «халқы аман» ямаса қосылып «қалқаман» деген сөзге де көшип кеткен. Сол себепли елде сөз айтыўға болмайтуғын адамлар болса, бул «қайдан шыққан қалқаман» деп айтылатуғын болған.

## «ИДИРИС» НАМАСЫ
(Р-448, №176391)

Муўса бақсы Оразалы болыстың үйинде отырып дуўтар шертипти. Муўса бир шерткен намасын қайталамай шертип берипти.

Муўсаның шерткен намасы Оразалы болысқа күта унап қалады. Болыс Муўсаға әдирас шапанды сарпайға береди. Соннан баслап Муўсаның сол шерткен намасы «Әдирас» (халық арасында «Идириc») намасы болып аталып кеткен.

– Бул ҳәзирги «Яша пери» намасы, – дейди Султан Юсупов. Бул киси Муўсаның туўған жийени. Өзи де дуўтар шертеди.

## «НАР ИЙДИРГЕН» НАМАСЫНЫҢ КЕЛИП ШЫҒЫЎЫ
(Р-61, №34628)

Бир журтта Қалнияз жат деген адам Әзербайжан журтына баратыр екен. Жолда бир байдың үйине барып түсленеди. Шай ишип, дем алып отырса, Ақнурхан атлы бир келиншектиң ботасы өлген ингенди саўмақшы болып, сүт шығара алмай, қыйналып атырғанын көрип, Қалнияз жат келиншектиң қасына келип бир нама шерткен екен, инген ийип, сүт берипти. Әне, сол нама «Ақнурхан» деп аталып, түйе саўған келиншекке байланыслы деретен екен. Ҳәзир бизде бул наманы «Нар ийдирген» деп атайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

### «АРЫЎХАН» НАМАСЫ
(Р-61, №34629)

Муўса бақсы тойдан қайтып киятырып бир қыздың үйине келип түсленеди. Қыз шай, нан берип хызмет етеди. Сонда Муўса бақсы сол қызға:

– Сен бир жақсы нашар екенсең, саған бир нама шертип берейин, – деп, бир қосық айтады.

Сонда қыз:

– Мениң атым Арыўхан еди, сол айтқан намаңыз «Арыўхан» деп аталсын, – деп, Муўсаға сарпайға бир жипек тон кийдирип жибереди. «Арыўхан» намасы усыннан келип шыққан екен.

### «ШӨЛ АСҚАН» НАМАСЫ
(Р-1299, №184812)

Сатемир ханның әскерлери узақ шөлде суў таба алмай, аўыр азап көрген. Сол әскерлердиң ишинде бир жыраў көрген азап-ақыретлерин баянлап, усы наманы шертипти. Ол «Шөл асқан» деп аталған екен. Жыраў жырлаған бул нама Сатемир хан әскерлериниң шөлистаннан аман-есен өтиўине жәрдем, күш-қуўат болыпты.

### «ТАЎДАН АСҚАН»
(Р-1299, №184812)

«Таўдан асқан» намасында көшкен ел ҳаққында, көшиў қыйыншылығына шыдамай, көшке ере алмай турған кемпирлердиң көўлин көтериў ушын шертилген нама екен. Наманы тыңлаған кемпирлер өзине күш-қуўат алып, жүрип баратырған көшке ерген екен дейди.

### «ЖЕТИ АСЫРЫМ»
(Р-1299, №184812)

«Жети асырым» намасы қарақалпақлар жасап турған шөлистанлықты, еспе қумларды, еспе қумлардан көшип өтиўдиң қыйыншылығын жырлайды.

### «ЖАМАНШЫҒАНАҚ»
(Р-1299, №184812)

«Жаманшығанақ» намасының пайда болыўы ҳаққында мынадай гәп бар. Халықтың көпшилиги жериниң суўы тайып, егин еге алмай, ашаршылыққа ушырап, Әмиўдәрьяның ерине қарай жол жүрип, сапар шегеди екен. Ол замандағы тийкарғы көлик кеме болған. Адамлар дәрьяның өрине қарап кемесин сүйреп салдаў тартып, аўыр азаплар шеккен. Сол қыйыншылықларды сүўретлеп шығарылған нама – усы «Жаманшығанақ» намасы екен.

### «БЕСКЕМПИР»
(Р-1299, №184812)

Бир күни елдиң бир жеринде той болады. Тойға дәстүр бойынша көп адамлар келеди. Келген адамларға табақ тартылады. Бир үйде бес кәсе адам отыр екен. Тойды басқарып жүрген адам табақ тартып жүрген жигитлерге:

- Мына үйде бес кемпир отыр. Соларға табақ тарт, – дейди.

Табақ тартылады. Усыннан баслап бес кәсениң балалары «бес кемпир» аталып, урыў атамасы да соннан келип шыққан екен.

### АСАН ҚАЙҒЫ
(Р-1299, №184812)

Асан қайғы жас ўақтында серилик қурған адам екен. Жасында оны Асан қайқы дейди екен. «Қайқы» деген – дәли, салқы, сал-сери деген сөз еди. Жас та болса қатарына бас болып, мырзалық етип, көзге түсип қалған көринеди. Ол заманда көйкүлар аўыл-аўылды аралап, қай жерде той-тамаша болса, жыйын болса, сонда барған. Көптиң жыйналған жеринде не бир өнер түрлери көрсетиледи. Оны еситип, журт тағы

www.ziyouz.com kutubxonasi

да ағылады. «Той десе қуўбас жумалар» дегендей, ол гезде басқа не қызық бар? Бир жерде думан болса, пүткил халық солай қарай ығады ғой. Сондайда жыйналған қарақурым халықты көрип турып Асан қайғы:

– Ўах, әттең! Түбинде усы адамның бәри өледи-аў, – деп, соны қайғырады екен. Өзи журт көўлин көтергени менен, иши усы жағын ойлап, қынжылатуғын кусайды. Жүйткиген қуланды көрсе де, жылысып суўсыған жыланды көрсе де, оның кемшил жағын уўайымлап турады екен.

Қуйрығы жоқ, жалы жоқ,
Кулан қайтип күн көрер?
Аяғы жоқ, қолы жоқ,
Жылан қайтип күн көрер? – деген ғой.

Гейткен қайғы жигит келе-келе Асан қайғы атаныпты. Асан қайғы қарақалпақтың бир бөлегин Жәнибек ханның қараўына киргизген. Баласы Абат батыр ханның қасында болған. Булардың ата-теги – қытай қарақалпақ.

## БАЙПОЛАТ БАБА

(Р-1299, №184812)

Қарақалпақта өткен атышуўлы адамлардың бири – қайшылы қәўиминиң бабасы Байполат баба. Ол киси көп әскерге ийелик қылған. Түркистанда турған. Улама болған. Халық Байполат шайық дейди. «Қытайдан ул туўылса улама болар» деп баба тұқымына айтылған. Түркистанда қарақалпақты әўели «Хақ мусылман» деген. Кейин бир өгек шығып, «пирсиз қарылпақ» деп келеке етиўшилер пайда болған. Солардың сөзин бийкарлап, қарақалпақтың пири бар екенин, оның Қорасан екенлигин усы Байполат баба көптиң көзинше дәлилин табып айтып берген. Қорасан пирдиң қәбирин ашып көрсетип, оның белгилерин ашпай турып айтып берген. Кудайкул шайық гүўаға турған. Сол жерде ас тарқатып, көптиң көзин жеткерген. Сол ушын қарақалпақ баласы «Байполат бабам» дейди.

Қорасан – пирим, Кудайкул,
Адассам өзиң жолға сал.
Тарықсам жәрдем бериўши,
Байполат атлы бабам бар, –

деген сөз усы себептен айтылған. Байполаттың ерлиги көп болған. Оны тарийхты тексерген адамлар биледи. Усы жақтың қариялары шежире айтса, Байполатты сөзге қоспай тура алмайды.

## ЖАҢАДӘРЬЯ БАТЫРЛАРЫ

(Р-1299, №184812)

Елибай қарақалпағының биразы бурын Сыр бойындағы Жаңадәрья әтирапында жасаған. Нуртай батыр, Орынбай батырлар жат журтты Сырдан бери өтпермеген. Өткен-кеткен карўаннан салық алып турған. Алаштың гейбир урыўлары бери өтейин десе, оған жол бермеген. Нуртай батыр:

– Ҳә, қазақ, атыңды кисентов,

Байталым иш таслайды, – деп, дәрьяның берги жағында турып, қазақтың ҳәрресин уширады екен. Нуртай қазақты қан қақсатқан. Ол өзи жетим бала екен. Мамап бий нәўше ўағында Нуратаға келип, усы баланы тәўир көрип, қайсарлығына сүйсинип, ертип кеткен екен. Бирақ қазақты көп шаўып, өзимизге жаў қылып алған. Нуртай батырдың озбырлығы қазаққа жаман өткен.

«Қазаққа Нур жоқ, қалпаққа Сыр жоқ» – деген сөз ел-журт Жаңадәрьядан көшкен соң айтылған. Халық жан жаққа бөлинген. Сонда ата-бабамыз:

Жаңадәрья жай қалды,
Қуўан деген сай қалды.
Балларымның азығы,
Бузаўымның қазығы,
Жийде менен тал қалды, –

деп зар еңиреп, Елибайға түскен екен. Елибайда шарўа қарақалпақлар отырған. Сырдан келген халық дийқан болған. Көп ўақыт қыйналған. Малға жайлы болған соң, олар усы қарақалпақтың ортасында орналасып қалған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОТАР БУРҚЫТ
(Р-1299, №184812)

Нурата әўелден қарақалпақтың жери. Бул жерде таңке, неаис, шуйит, саниурын, пыльжыўыт деген урыўлар бурыннан отырады. Таўдағы қарақалпақты «Таўлылар» деп атайды. Биразын «Жаман түрикпен» деп те кеткен. Булар Маңғышлақта түрикпен менен иргелес отырған. Сонлықтан да буларды «Жаман түрикпен», «Маңғышлаў» деп те айтады. Ал жоқарыда аты аталған урыўлар сол жердиң тийкарғы халқы. Бул жерлерге, усы халықтың арасына Буркыт деген ел келген. Шамасы, олар қырғызға жақын. Олар келе сала қарақалпақтың жақсы жайлаўларына жабысып, жерлесип отырған елди ысырған. Егин егип отырғанның да жерлерин ийелеп алған. Сол заманда шыққан сөз: «Қус жаўызы – бүркит, журт жаўызы – Буркыт. Отар буркыт», – дейди. Ақыры бунын хабары Әмирге түскен. Әмирдиң теги өзимизден, қарақалпақ, маңғыт. Жасүлкен адамлар Ақмаңғыт деп айтып отыратуғын еди. Оны еситкен Әмир буркытларды бөлип-бөлип жиберген. Нуратадан түп-тамыры менен көширтиен. «Қарлыққа Гыр жоқ, Бурқытқа Нуф жоқ» – деген сөзлер сол себептен шыққан. Буркыт журты қарақалпақты «қарлық» деген. Солай етип, бурқыттан қутылған. Олар басқа елди де шапқан ғой. Негизинде «Қарақалпақтың базары да, мазары да Нуратада» деген дурыс сөз. Жер түбинде өз ийесине қала береди екен. Нуратаға жети журт келип кеткен.

## БУХАРБАЙ БАТЫР
(Р-1299, №184812)

Маңке батырдың тұқымынан Бухарбай батыр деген шыққан. Усы ортадағы қарақалпақ Бухарбайға арқа сүйеген. Бурынғылар:

Бай болсаң, журтыңа пайдаң тийсин,

Батыр болсаң, жаўыңа найзаң тийсин, – деген ғой.

Бухарбай да қарақалпақтың намысын қолдан бермеген батыр болыпты. «Бухарбай өлсе, қарақалпақты басып қоямыз» деп Сырдың арғы бетиниң батырлары айтады екен. Изине көп түсипти. Қарақалпақтың көп батырын сарт та, қазақ та аңсызда өлтирген. Ақыры қарақалпақ та сумлыққа көшкен. Бир күни Бухарбай Қуўанның базарына барса, изинен Жалаңтөс деген батыр аңлып жүрген екен. Бухарбай да тисқаққан, сақ адам екен, түнде ат болып кислейди. Сөйтсе, Жалаңтөстиң аты да кислейди. Оның жақын жерде екенлигин биле қояды. Кийиннен тез сексеўилдиң сазағына ийтизеди де, орнын өзгертип, өзи сырттан бақлап жатады. Бир гезде Жалаңтөс жағырынып келип, томарды Бухарбай батыр деп, шаўып келип жибергенде қылышы жас, қатты сазақтың арасында қысылып қалады. Ол қақ маңлайдың тусы деп Бухарбайдың басын шабыўды ойлаған екен. Сол арада Бухарбай да жетип келип, Жалаңтөстиң өзин шабады. «Биреўге гөр қазба, өзиң түсерсең» дегендей, Бухарбайды өлтириўди неше күннен берли ойластырып, изинен қалмай аңлып жүрген Жалаңтөстиң жазымы да өзинен болады.

## ҚАРАҒАЗЫ БИЙ
(Р-590, №180083)

Бухардың қарақалпағында Қарағазыдан артық бий болмаған. Оның өзиниң соңғы журнағын Бұқыш бийлер айтып кеткен. Олардың сөзин «шешим» дейди екен. Қарағазының көп сөзин палапаниның Надири, Сакен-Сындар биледи. Қарағазы қарақалпақтың қоңырат арысы тобықлы тайпасынан шыққан. Тобықлы – Тамдының сыртында. Қарағазы бийдиң өмириниң соңы Қарадарақ жақта өткен.

Қарағазыдан сорапты:

– Аға, ең көринип турған айыптың түрин айтып бериңизши, – деп.

Сонда Қаракең:

– Арғымақтың лекилдеп желгени айып,

Азаматтың кеңкилдеп күлгени айып,

Аламанның жаўдан ығып жүргени айып,

Алабайдың үйден шығып үргени айып, – дейди.

Биз «Қаракең» десе, Қарағазы бийди түсинемиз. Ана жақта «қаракең» деп тек қарақалпақты айтады. Бизде «Қаракең айтыпты», «қаракең олдай деген», «қаракең бундай деген» десе, пақат Қарағазы бийге егимиз кетеди. Ол кисиниң сөзлери тегилип, өзгеше айтылған ғой. Сол ушын оның жай сөзин де «Қарағазыдан қалған қара жыр» деп отырады. Қарағазы бийдиң көп сөзи өзи менен кеткен ғой. Бизиң айтып жүргенимиз бержақтағысы. «Қамыр ушынан патир» дей ме, тап сондай.

www.ziyouz.com kutubxonasi

**ЕСИМ БАТЫР**
(Р-1299, №184812)

Есим батыр – Есеке батырдың урпағы. Есимниң шын аты Есмурат, әкесиниң аты Есемурат екен. Журт Есеке деп кеткен. Есим батырдан Буқыш бий туўылған. Ол көмекшер киси болған. Есим батырдың атышығыўы да Қырдың батырларына сес көргетиў менен белгили болған. Жалаңтөсти жеңген. Қырдан келген карўан Есимниң атының изин көрсе, соны да кесип өте алмаған. Олар Есимнен күта қорққан. Оған бажы пул төлеп турған. Есим батырдың қасқа аты болған. Сол жолға қулағын тигеди де, бир нәрсе боларын сезеди екен. Буны билген Есим:

Есим жаў деп жылар,
Қасқа ат жол деп жылар,
Буқыш даў деп жылар, – дейди екен.

Буқыш жасынан даў-жанжелди шешиўге қумар болған деседи. Есим батыр бийик Төрткүлтөбеде тоғызқумалақ (тоғызтомалақ), шатыраш (шахмат) ойнап отырады екен. Карўан келсе:

– Ал, аға, мынаў сизиң пайыңыз, мынаў атыңыздың пайы, тағысын-тағы, – деп, салығынан қутылған.

Есим салықтан түскен мал-жарақты қара халыққа тарқатып берген. Өзи өмири мал жыйнаған. Тек астына минген қасқа аты, бир қара үйи, бала-шағасы бар. Тапқан-тутқанын елге үлестирип берип отырған. Есим (Есмурат) батыр қарақалпақтың қытай арысы шөмишли тайпасының әлсейит урыўынан. Оның саңқ тийресиниң батыр саңқ атасынан шыққан.

**БУҚЫШ БИЙ**
(Р-1299, №184812)

Буқыш бий Есим батырдың бел баласы. Өзи шешен, өзи көсем болған адам. Буқыштың алдын ҳеш ким кесип өте алмаған. Бухар әмириниң өзи де оннан айбынған. Буқыштың мүйели сөзи көп. Соның биринде былай дейди:

Басшыда жайсаң сол болар,
Ел-журтын дурыс жөнлесе,
Қазыда жайсаң сол болар,
Әдилинен тергесе,
Жигитте жайсаң сол болар
Журтын бир жаўға бермесе,
Бийде жайсаң сол болар,
Туўры жолға сермесе,
Байда жайсаң сол болар,
Не керексе, ал десе,
Төреде жайсаң сол болар,
Ҳәрне иске сал десе,
Шорада жайсаң сол болар,
Сораған ўәжди бер десе,
Қарада жайсаң сол болар,
Садақа ардан жап десе.

Бул сын сөз. Жақсы ат, дурыс перзент, әр туўралы:

Жүйрик ат – жигит пырағы,
Манзилине жеткизер,
Уллы ул – ата шырағы,
Уллыға қарап бет дүзер,
Жақсы әр – үйдиң турағы,
Жатты да жақын еткизер, –

деген сөзи де бар.

Буқыш бийден Тағаймурат, Бегмурат, Жолмурат, Наммурат, Нармурат, Жанмурат, Халмурат, Шамурат, Қосмурат, Досмурат деген балалар туўылған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БУҚЫШ БИЙ ҲӘМ АҢҒАРА БИЙ

(Р-1299, №184812)

Ерим батыр дүньядан өткеннен кейин-ақ Қырда қысылған шөмекейлер Елибайға қарай өткен. Олар келгеннен кейин қарақалпақтың қонысы тарылған. Әсте-әсте олар қарақалпақты өз жеринен қысып шығарыўға күш салған. Ең жақсы жерлерди ийелеўге ҳәрекет еткен. Буның соңы даўға уласады. Қазақ жағынан Аңғара бий даўға араласады. Ол Буқыштан бир жас киши екен. Қарақалпақтан Буқыш бас болады. Олар Аққудықты даўлайды. Даўда қарақалпақ жеңетуғын болады. Өйткени, жер усылардики. Әўлийе де, жайлаў да — бәри ата-бабасынан берли ийелеп келген жерлери. Сол гезде әўлийеге адам қойған менен, басына тас жаздыртыў онша әдетли үрдис емес екен. Аңғара бий соны сезип, қуўлықты асырады. Бир түнде Нуратаға адам жибертип, сол жақта тас таярлатады. Бир-еки ата-бабасының атын, өлген жылын жаздыртып, қарақалпақтың қорымына қойдырады. Даўдың басы Әмирге жетеди. Әмирдиң ўәкилине де олар пара берип қойған екен. Буқыш оны қылмайды. Бухардан келген ўәкиллер сөзди Аңғараға береди. Аңғара:

– Ха, Буқа, мына жер енди ийелерине қайтарылсын. Туяқты көтеретуғын ўақтыңыз жетти, – дейди.

– Буған не дәлилиң бар? – дейди Буқыш.

– Мына мазардағы қәбирди көр, мениң аталарымның аты жазылған. Ол биреў емес, екеў, – дейди Аңғара.

– Ҳаў, сол еки бейиттен басқағы кимдики екен, билдиң бе? – деп қарсы даў айтады.

Аңғара дабыл айта алмайды.

– Билмесең, билип қой! Баяғыда Қырдан ҳарып-талып еки қазақ келип, усы арада өлип еди. Ақ жуўып, арыў кепинлеп қойдық. Қалтасынан шыққан қағаздан аты-жөнин билип, басына тас қойдырттық. Әйтеўир, мусылманның баласы ғой деп, жыл асын да берип едик. Онда сениң не даўың бар? – деп Буқыш айтқанда, Аңғара биротала лал болады.

– Буқа, және не мүддаҳаңыз бар? – дейди ўәкиллер.

– Бул Аққудық о бастан қарақалпақтың қытай-қыпшақ еллериниң жери. Арамызда азырақ қоңыратымыз бар. Қолдаўлы, тобықлы туқымы, қыят бар. Бир жылы Үстирттен тоғыз үйли жан маңғыт келди. Солар бар.

– Оған не дәлилиңиз бар? – дейди ўәкиллер.

– Сол тоғыз үйли маңғыт келгенде жер бергенбиз. Олар да бақуўат еди. Ҳәр үйде бир-бир қыз бар, шетинен ерке. Солар жаз бойы мына булақтың басында сырғанақ тебетуғын еди. Әне, олардың өзи гўўа, – дейди Буқыш бий.

– Ҳе, қыс емес, жаз күнинде не сырғанақ? – дейди ўәкил.

– Байдың қызы бәри де. Қыста ойнаған ойынын жазда да ойнағысы келеди. Сосын анаў жылтыр тастың бетин айнадай етип тегис қылып берген. Қасында жолбарыстың изи бар. Соны қызық көреди. Олар сол таста ойнайды. Ҳәзир де жаз айы. Балалар сонда сырғанақ тебеди. Исенбесеңиз, барып көриң! Баяғы сырғанақ тепкен тоғыз қыздың тоғызы да усында отыр, оларды бирме-бир сөйлет, – дейди.

– Жақсы! Туўры жуўап! Не саўал бар басқа? – дейди олар.

– Саўал жоқ, талабымыз бар, – дейди бий.

– Айтыңыз!

– Айтсам, енди қайтып алаш баласының бул араға табаны тиймесин! Жеримизди өзимизге қалдырсын, буларды тез көшириң, – дейди.

Шөмекейлерден жәбир көрген урыўлар шуўлап қоя береди:

– Ет жаманы – кемекей, ел жаманы – шөмекей дегени ырас екен-аў. Сол болмаса қаңғырып қала жаздадық ғой, – деп ҳаўлынан жарылады.

Шөмекейлер сол күни-ақ үйлеринен шығып, уўлап-шуўлап, азан-қазан болып көшеди. Аспан жерге түскендей, күн ыссы екен. Кемпирлер жолда жығылып, шал-шаўқан жарамай қалып, балалар көшке ере алмай, нағыз шубырынды болады. Бәриниң бағын қосыў қыйын. Қулағанды Аңғара бий арбаға салдыртып, намысқа тырысады.

Бир күн өткеннен кейин қарқаралы көш емес, қаралы көш кейпине енеди. Зар еңиреген балалар, даўысы қарлыққан аналар, ғарры-қуррылар аса әбигер тартады. Көш қырылыўға қарайды. Аңғара бий көштиң ишине бир адам қалдырып, «қара көринсе, хабар бер» деп тапсырады. Изимизден келер-аў деген онда дәме болады. Көш кете берсин!

Буқыш бий ойланады: «Қой, қурсын, бир тайпа ел қырылып қалар. Ашыў менен айтып едим, изинен жетейин» деп, алпыс түйеге жүз жигирма дүңгир суў артып, булар да жөнеледи. Көш сол ўақытта Қамыслының сайы деген жерге барып қалған екен. Болдырса да, артына қарай-қарай баратырған екен. Адам да, мал да, келик те – бәри де суўсап, зордан сүйретилип баратырған екен. Изде қалған қараўыл бала

Буқышты алыстан танып, қуйғытыўы менен Аңғараға келеди.

– Сүйинши, ата! Буқыш бий киятыр! – дейди бала.

– Аўзыңа май, балам, азамат ғой Буқа! Ел-журт ушын туўған ер ғой! Бизди жаманлыққа қыймапты. Өзим де сөйтип ойлаған едим. Көўлим алдамапты. Енди бизге өлим жоқ. Тек өзимиз арсызлық еттик, – деп жылап жибереди.

Буқыштың алдынан шығып, «баўырымлап» көриседи. Аңғара Буқыштың мөтиресинен мийри қанғанша суў ишеди. Жүз жигирма дүңгир менен жанды да, малды да тегис суўға қандырып, Буқыш бий халықтың алғысын алады. Бий көшти тоқтаттырады. Пиринен қайтқанын айтады. Журт оған да жылайды.

– Өгизди босатың! – дейди Буқыш.

Өгизди босатса, жерди тарпып, шақы менен шуқығанда булақ атқылайды. Буқыш:

– Әне, мына жерде қамыстың қуры шықпағанын билип едим, суў жақын екен ғой, – деп өз шамасын айтады.

Сол жерде халық маўқын басып, көшти түсиреди. Қарақалпақ аўыллары ерийлик жасап, оларды қайтадан күтип, мийман етеди. Шөмекейлер соннан берли Елибай жерине биротала қоныс басып қалады.

## МАЙЛЫ

(Р 590, №180083)

Майлы – бизиң ески атамыз. «Балталылар» деген бурын «Майлыбалта» десе толық айтылған болады. «Айбалталы Айбарыс» деген бабамыз болыпты. «Айбалталы Айедил» деген бабамыз атайы ер болған Майлыбалта өскен ата. Таўелибайда «Майлылар» дейди. Майлының гөне журты усы Елибайда. Аяққудық жақта «Майлы», «Гөне Майлы» деген жерлер бар. Сол жерлерде майлыбалталар мәкан басып отырған.

Майлыбалтадан Мадан, Сымбыл, Жадиқ, Қыйра деген аталар тарайды. Усы аталар Қызылқумда отырған. Тамды жерин жайлаған Қыңыр тұқымы Сымбыл атадан тарайды. Олар кейин Султанрабатқа көшип кеткен. Тамдының түбиндеги Қыңыр солардың қонысы.

Қыңырда кейин қолдаўлылар отырған. Ақыры оларды Бозғыл балалары ығылаған Сырдың бойындағы майлыбалталар арасында көп болдым. Сонда олар «биз Тамдыдан келгенбиз» деп айтады. Байырқумда Келеген аталығы жасайды. Олар да «Биз Тамдының қарақалпағымыз, Бурар кисисимиз» деп сөйлейди.

«Майлы» деген жер аты да арғы бабаларымыздан қалса керек. «Досжан майлы» деген де жер бар бул өңирде.

## БАЛҚЫ БАПЛАЎ

(Р-1299, №184812)

Керизбулақтың күншығар сыртында Кийик таўы бар. Ол ара әзелден Томаўлының жери. Қоңырат арысының қолдаўлы тайпасында Томаўлы батыр, Томай котши деген өткен. Солардың тұқымын беселер яғаса бескемпир дейди. Бескемпир урыўының Көкирек атасы сол Кийиктиң таўын жайлаған. Оның күнбатар жағында айдик жота бар. Шығыс жағы үш-төрт төбеден кейин Айдарлының айтақырына тутасады. Жерлери ири қараға да, қой-жанлыққа да, падаға да қолай. Ара-арасында Қырдан келген шарўалар бул араны қолайлап жүрген екен. Бирде баяғы жотаға келип, бир жерди белгилеп, олардың бир адамы сол араға қылыш көмип кетеди. Бул шөмекейдиң ишиндеги бозғыл тайпасына сиңген қайқы тармағының балқы урыўының адамы екен. Олар әлим ортасында отырған соң сыйыспай, жеп таппай, қыйналыста жүрген екен.

Бир жылы Қырда қалың қар жаўып, байлар бар малынан айрылып қалады. Балқылар соннан әгте-әсте жылжып Елибайға келеди. Кийиктиң таўына көш түсиреди. Ол ўақытта руқсатсыз бир қонысқа қонбаған. Ал булар жер ийесинен сорамай, тоқтап турған екен. Енди бескемпирлер атқа минип барады. Олар жақсы қарсы алады. Булар үндемейди. Олар да үндемейди. Бескемпирлерди жақсылап күтеди, ат-шапан береди. Соңынан олардың ақсақалы айтады:

– Әй, баўырлар, бәриңизге рақмет! Бизиң жеримизди жаўға бермей алып отыр екенсиз, енди қонысымыз да бир болсын, анда болайық!

Булар аң-таң болады. Оннан кейин олар айтады:

– Биз қуда болмайық, ағайын-анда болайық, дедик! Усыны бузбайық, – деп такирарлайды.

– Жер жөнин айтқаныңызды түсинбедик, – дейди.

– Хе, буның дәлили, баяғыда бабамыз қылышын усы жерлерге көмип кеткен дейтуғын еди, соны көрсеңиз, анықыз де билесиз, – дейди.

Барып қараса, ҳақыйқат. Соннан бескемпир менен балқы ағайин болады. Ески сөз билетуғын адамлар

www.ziyouz.com kutubxonasi

балқының негизи – бөлинип қалған қарақалпақ деседи. Солай етип, балқылар ап-аңсат қонысты алады. Журт буны «Балқы баплаў» дейди. Сол ўақытта олар басқа аймақларды да усылай ийелеген ямаса қыз берип, қатнасты қалыңлатқан.

Балқы, балқы, балпы,
Балақлары салпы,
Сабаяқта қымыз бар
Сапыра ишкен бир қыз бар.
Балқының қызын алма,
Бәлесине қалма, –

деген сөз соннан қалған.

Балқы алимбет, өтарбай, тоқхожа, әнтек, қыйыққалтаң, гәмет, ақбалқы деген аталарға ажыралады. Балқыларды шөмекейлер де айырған. «Балқы – суў бетинде қалқы» дейди. Ҳәзир балалар усылай ойнайды. Олар да бурын суў бойында болған. «Сырдың суўын ишкен сум болар» деп, балқылар бесжемпирлерди бир алдап баплаған екен.

### ГӨРУҒЛЫ
(Р-590, №180083)

Гөруғлы гөрбан да, гөрбар да емес, ол сардар. Аңыздың айтыўынша, Ахмет сардардың ҳаялынан туўылған. Анасы Ҳилал пери дейди. Мен ҳәй өзим жыраўдан еситпедим, журттың айтыўынан билгеним әйтеўир усы Тамды беттиң жыраўлары Гөруғлыны он түр етип жырлаған. Жыраўдың еки түри бар: бири қобыз бенен жырлайды, бирпарасы домбыра, ләҳәй менен жырлайды. Екеўиниң айтыў жолы жақын. Гөруғлыны билмейтуғын жыраў жоқ аў қарақалпақта. Сырға барып үйретип жүрген бизиң қарақалпақтың жыршылары.

Гөруғлы гөрде туўылған екен. Журт көреди ғой бир күни. Бир бала мазараттан шығып, тағы да ойнап кирип кетеди. Енди сол баланы аңлыйды. Бала адамның қарасын көриўден жасырынып қалады. Әўели оның ул я қыз екенин биле алмаған. Соннан «ул болса мына егер менен қамшыға келер, қыз болса қуўыршақ пенен ойнар» деп, мазаратқа аттың егерин, қасына қамшы қояды, қуўыршақ қояды.

Гөруғлы аттың егерине минип ойнайды, сейтип биледи бала екенин.

### ҚОС ҚУМАЛАҚШЫ
(Р-1299, №184812)

Тәғелибайда Шыңберген қумалақшы деген өткен. Бирде ол тағы журтынан шығып, жолда бир қудықтың басына келеди. Сол жерде шайла бар болып, онда бир ҳаял жасайды екен. Ойы – усында тың алып, азанда жүрип кетиў. Күндеги әдетине басып, үй-ишине қумалақ салып көриўди жөн көреди. Қумалақты жаяды. Кези жайсыз жағдайды оқыйды. Қумалақ «Үйиңе барсаң – ҳаялың, жолда түнесең – өзиңе өлим келип тур» дегенди уқтырады. Үш марта ашады, үшеўинде де солай. Бирақ есеңкиреп қалады. Бир заманнан кейин атына минип, қайтадан жолға түседи. «Даў де болса үйге жетейин, әйтеўир бир өлим күтип тур екен, демимиздиң питкен жери болар» деп, асығыс-үсигис жөней береди. Қумалақ сол ашылўлы күйинде қалады.

Шыңберген кеткеннен кейин сәлден соң сол жерге тағы бир жолаўшы тоқтайды. Қараса, ашылўлы қумалақ тур. Қумалақты қозғап көрсе, бир қумалақ ашылмай қалған екен. Өзинен алдынғы жолаўшының суўыт жүрип кеткенин, қумалақты сол ашқанын биледи. Иләди көрсе, жаңа, аттың тезегиниң ийиси бурқырап тур. Оның еле узап кетпегенин шамалайды. Бул жолаў-шы атақлы балкер, қумалақшы Таңжарық деген адам екен. Таңжарық аттың жылаўын жаздырып, шаба жөнеледи. Әдеўир жүргеннен кейин алыстан бир қара көринеди. Өзинен алдынғы жолаўшы екенин билип, атты ерине жибереди. Ҳәдемей изинен де жетеди.

– Ассалаўма әлейкум, төрем!
– Ўәлейкум, ағасы!
– Жолда еки жерде тоқтаған сенбедиң?
– Мен едим, қайдан билдиңиз?
– Сен қудықтың басында бир, сал шыға бере тағы қумалақ ашқан екенсең. Мен соның сырын билип киятырғаным.
– Ҳе, не екен? Тез айтың, мен үйге жетиўим керек, – дейди Шыңберген.
– Сабыр ет, сабыр! Ҳәзир барин айтаман.
– Хош? – дейди Шыңберген шыдамай.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Мен сениң жолыңды ашып берейин. Сен ашқанда «Үйиңе барсаң, хаялың, жолда қонсаң өзиң өлесең» деген мани шықты ма?

– Дурыс, қалай билдиңиз? Енди жолымды қайтип ашасыз?

– Сәл сабыр ет! Сен қырық қумалақтың сырын билипсең де, қырық биринши келгенде гилтти таппапсаң. Мен буны ашып, изиңнен қуўып жетип келип отырман. Тез қоржыныңды ал да, силки, сонгын билесең, – дейди жолаўшы.

Дәрриў қоржынды ала сала қаққа, ишинен ийреңлеп сур жылан түседи.

– Әне, көрдиң бе, жолда түнегениңде қоржынды басыңа дастанып жатар едиң. Мына жылан сени шағар еди. Үйиңе барғанда «не базарлығы бар екен?» деп хаялың қоржыныңды ашар еди. Жылан оны шағар еди. Әне, қырық биринши шешилди.

Сол арада екеўи қушақ айқастырып, мәңгиликке дос болған екен.

## ҚЫПШАҚЛАР
(Р-590, №180083)

Ҳәзирет Әлийдиң заманы екен. Әлий Қап таўындағы қәбийлелерди динге түсириў ушын урыс ашқан екен, әскери оларға бас бере алмапты. Таўлыларды ҳеш ала алмағаннан кейин қайтыўға ыңғайласып турса, алыстан буўдақ-буўдақ шаң, көп аттың көриниси менен дүсирлиси еситиледи. Көз жиберип қараса, көк жалаўлы Жайылқан лашкерлери екен. Айқай-сүренине қулақ салса, «Ақпышақ!» деген уран айтылып киятыр екен. Қарақалпақ қолы екенине толық көзи жетип, қуўанып кетипти. «Сизге жәрдемге келдик» дейди олар. Тамғаларына қарап, булардың қарақыпшақ батырлары екенин аңлапты.

Әлий келген әскерлерге өз арасынан Хожа сайлап, ҳәр қайсысын ҳәр тәрепке бас етеди. Қыпшақ қолы таў халқын биринен соң бирин бас ийдирип, мусылман қылады. Сол шапқында жабылар алғы сапта жүрип, көп ерлик көрсетеди. «Қыпшақ қолының нағыз хожалары – жабылар екен» деген атақ алады. Ҳәзирети Әлий қыпшақтың ҳәр бир азаматының белине ақпышақ байлап, жеңисти алып бергени ушын олардың биразын Қап таўын жайлаған халықларға хожа етип қалдырып кетеди. Бул хабарды Муҳаммед пайғамбар еситип «Ушбуў түрклер мениң өз үмметлеримдур. Кимдур бул халыққа бас иймесе, оларға заўал болур. Қарақалпақлар – мениң Машрықтағы қолқанатымдур» депти.

Жабы урыўының атына айтылатуғын:

Әйне жабы – Дашти Қыпшақлық,<br>
Минген атлары топышақлық,<br>
Кимдур қыпшаққа тил тийгизсе,<br>
Өзи әлимдар, малы патшаҳлық, – деген сөз Ҳәзирети Әлийден қалған екен.

## ТОҒАНАСТЫҢ ТОҒЫЗ ТОМАЛАҒЫ
(Р-590, №180083)

Қыпшақтың ең зор батыры Тоғанас болған. Тоғанас батыр усы Улы Қызылда жасаған. «Тоғанастың тоғыз улы» деп ат шығарған батырлар аты қыпшақтың намына айланған. Тоғанастың тоғыз улы, инисиниң бе, ағасының ба бир улы, ени қулы – соны менен он еки қыпшақ Тоғанастың атына өткен ғой. «Он еки баўлы қыпшақ» деген солар. «Нам батырдан қалады».

Мынаў Аяққудықтың таўында Тоғанас өз балалары менен тоғызтомалақ ойнайды екен. Балаларына ермек болсын деп сол араға ойып тоғызтомалақтың тақтасын жасатып берипти. Сол әле бар, тап сол күйинде. Тоғызтомалақты қазақ түйениң тезеги менен ойнайды. Биз кесек пенен, тас пенен ойнаймыз.

## ҲӘЗИРЕТИ ӘЛИЙ
(Р-590, №180083)

Ҳәзирети Әлий – пайғамбардың күйеў баласы. Ол шийийлердиң кәпбасшысы, биз сунниймиз. Ҳәзирет Әлийдиң бул орталарға келген-келмегени белгисиз. Бирақ раўийлер «Ҳәзирет Әлий Нурға келгенлер» деп рәўият қылады. Нурдың таўында ойдық түйениң орны бар. Соны «Ҳәзирети Әлийдиң түйесиниң шөккен орны» дейди. Аяққудықтың басындағы тасбулақта да тап сондай из бар. Ол жолбарыстың изине уқсайды. Тастың бетинде таңба баждырайып тур. Ҳәзирети Әлийге қарақалпақ халқы жәрдемге барған екен. Ҳәзирети Әлий әмир-әмиринше «қыпшағым-қосшағым» деп кетипти.

Оның аңызы былай:

Ҳәзирети Әлий Қап таўының етегиндеги бир талай халықты ала алмапты. Енди қайтыўға мейил турғанда алыстан ала-бурқан шаң көринипти. Шабарын жиберсе, «Ақпышақ!», «Ақпышақ!» деп уран са-

www.ziyouz.com kutubxonasi

лып келатырған қарақалпақ қолы екен. Лашкердиң алды келип жеткен тезде «Бәрекелле! Қуп шағында келдиңиз, қуп шағында...» деп қуўанышты. Сол «қупшақ» деген сөз бара-бара «қыпшақ» болып кеткен-миш. Сөйтип бул қыпшақ динге түспей атырған таўдың халқын тегис бағындырып бергенмиш. Жабының да «Динди Жабы-Дәшти Қыпшақ!» деп ұранға шығып жүргени сол гөз екен.

Әне, Ҳәзирети Әлийдиң хикаясы.

## МӨҢКЕ БИЙ

(Р-590, №180083)

Ноғай заманында Мөңке бий жас болса керек та. Халықтың басына ташпиш түсип даўдирep жүрген күнинде «Сиз не айтасыз бул күнимизге» дегенде:

– Жайықтан берман өткенде,
Жырғалы кеңес қурмадың,
Едилден берман өткенде,
Егели кеңес қурмадың,
Келе бийлер кеңесип,
Келели кеңес қурмадың, –

деп сын айтқан екен.

Мөңке бий алдағыны болжап кеткен киси. Қарақалпақтың қалаларын, қара қулдың бийлик ларын, барин айтып кеткен. Жұрттың айтыўы ырас болса, бизиң уғы Тамдыны да сөзине қосып кеткен екен Мөңкениң бир сөзинде:

Қаразымды зым басар,
Бухараны қум басар,
Тамдыны жер тартар,
Төрткүлди суў басар, – депти мимш.

Қай ўақ, бир ўақ Қаразым жұртын «зым» басармыш. Бухараны қум басып келатыр ҳәзирдиң өзинде. Тамдының бар байлығы алынып, астын тайсақ болып үңирейип атыр, бир зилзәле болса, үсти опырылып кетеди. Төрткүлди бир суў басқаны бар. Бари келип тур сол сөздиң.

## ШАМЛЫБЕЛ

(Р-590, №180083)

Булдырықтың жұрты Шамлы екен. Бир бәлент, бир жоталы болып келгени ушын ол араны «Шамлыбел» депти. Қысқартып «Шамбил» деген. Усы Шамлыбелде Гөруғлы әўезди Булдырық қассаптан тартып алады екен. Ескиниң айтыўы солай. «Гөруғлы» жыраўын қарақалпақтың барлық жыраўы жырлаған. Бул бир жырлаў емес, көп дастан. Бағ аяғы алпыстан асады. Соның оннан асығын бизиң жыраўлар жырлаған. Ал мына дастегилер барин биледи. Бегмурат жыраў да жырлаған. Соның барлығында Шамбил айтылады. Ол өзи былай:

Шамбил, Шамбил болғанда,
Шамбил абат болғанда,
Қырық жигиттиң жегени,
Қанты-набат болғанда,
Шамбил қандай Шамбил еди,
Ақ дарўазалы Шамбил,
Көк дарўазалы Шамбил,
Көпне хаўазалы Шамбил еди.

Кенимиқтың түбиндеги Шардараның қасында Шамбилдиң дарўазасы болған. Кенимиқтағы жыраўлар ҳәр жайдың орнын анық айтып береди. Шардара да Бухар әмирлериниң оннан бурынғы патшазадалардың барғасы болған. Әйерде зор шардаре болған. Орны турғой әле.

## СЕРИК - СЕРИК

(Р-590, №180083)

Тоғанас батыр балалары менен «серик-серик» ойнайды екен. Енди ол ата-бабаның ойыны ғой. Биз де ойнадық, өзиң де ойнап жүргениңди көрдик. Биз ҳәзиргиниң баласындай болып ешек пенен емес, ат пенен ойнаймыз. Сөйтсек, кемпирлер кейийди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

– Ағанда жоқ арғымақ,
Тағанда жоқ арғымақ,
Қайсы атаңның касиби
Ат үстинен қарғымақ,

Аттан-атты жарыстырып турып қарғыймыз да, «се – рик» деп қуйғытып шабамыз. Атқа ерген ийтти ала қашамыз. Арты «улақойын» болады.

Тоғанастың балаларының ишинде енишисине жағал тай тийген генжетайы өте епшил екен. Қарғыўдан да сол алық, ылақты да сол алады. Өзи сүтқурткан генже. Тоғанас баба сол баласына пәтийе берип, жағал тайлы баласының қолында қайтқан екен. Сол жағал ат минген баласының туқымы «жағалтай» аталыпты. Сол Жағал аўылдан енши алып шыққан балалары «Жағалбайлы» атанады. Жағалтайдан да, Жағалбайдан да батыр көп шыққан. Тоғанастың туғырын алып қалған жағалтайлар – қыпшақтың үлкен үйи.

## ОҢ ҚОЛЫМ, СОЛ ҚОЛЫМ – БӘРИ ДЕ ӨЗИ ҚОЛЫМ

(Р-1299, №184812)

Бурынғы ўақытлары қолдаўлы қарақалпақта «ноқта ағасы» деп аталған. Өз заманында Турымбийдиң Ноқта бий деген лақабы болған. Елди жақлаған Ноқта бий ханға аса жаға бермеген.

Төрт жигит дарға жегилейин деп турғанда:

– Тақсыр ханым, әпиў ет, – деп Турымбий араға түсипти.

Хан гүналылар ишинде Қоңыраттың жигитин былай қалдырып, қалған маңғыт, қытай, қыпшақтың жигитлерин бәри-бир дарға асажақ болыпты. Сонда Ноқта бий:

– Тақсыр ханым-ай! Қудай жарылқаса ҳәмме бендесин тең жарылқайды, патша пуқарасын әпиў етсе, тең әпиў етеди. Барлық халықтың атағы өзи болған соң, бир перзентин екиншисинен кем көрмейди, мына пуқараларыңның бәрин әпиў ет, – депти.

Хан турып:

– Әй, Ноқта бий, өзиңниң қоңыратыңды әпиў еттим, енди жениңе кете бермейсең бе? – депти.

Турымбий айтыпты:

– Тақсыр ханым-ай, «Оң қолым, сол қолым, бәри өзимниң қолым», қайсысын кессең де қансырап өлемен, өлтиргең, төртеўин теңдей өлтир, мына Палўан атаға өз қолым менен көмип, жайғастырып қайтайын, әпиў етсең, теңдей әпиў ет, алдыма салып қарақалпаққа айдап қайтайын, – депти.

Хан гүналыларды әпиў етипти.

## ТҮП ҚЫПШАҚ

(Р-590, №180083)

«Қыпшақтың атасы қарақалпақ, қарақалпақтың ағасы қыпшақ» деседи шежирешилер. «Түп қыпшақ» дейди бизди. Басқа қыпшақтың бәри бизиң Қара бабамыздан, Әлипбай бабамыздан, Тоғанас батырдан тараған. «Алты арыс қарақалпақ» дейди ғой, ол мыйтен, қоңырат, қытай, қыпшақ, кенегес, маңғыт. Ҳәр қайсысы бир арыс.

«Арыс» деген атты әўелги алғаны қыпшақ туқымы екен. «Арыс» деген де атақ. Бул алты ел жаўынгер болып, ер болып, «арыс» атанған.

Ертеде Қырда жер даўы болған. Сонда Уллы жүз бенен Орта жүз даўласыпты. Ақыры ортасынан «төбебий» сайлап, еки ел бир мәмилеге келипти. «Жер орта жүздики де, уллы жүздики де емес, бул орта әжелден Қыпшақтың журты. Өз жерин халық Қыпшаққа қайтарайық» деп шешипти. Биреўлер:

– Ҳаў, Қыпшақ орта жүзге кирмей ме? – дегенде, бийлер:

– Жоқ, Қыпшақтың түби – түпқыпшақ. Түпқыпшақ ол – Қараның туқымы, қарақалпақ. Оларды биз сол ушын «Қарақыпшақ» деймиз. Қыпшақ тек орта жүздиң ортасында қалып кетпеген. Арғын менен араласып ағайин болып кеткен. Арғын менен араз болып жүрген де Қыпшақ. Қыпшақтан өкпелеп, бул жаққа келди ғой Арғын ата баласы, – депти.

Тағы да сондай жер даўы болыпты. Бул Балқаш жақта болған. Уллы жүз бенен Орта жүздиң даўы. Ол ўақытта Арқадағы Қоңырлар Түркистанға түспеген. Жер сол қоңыраттики екен. Жерди арғын менен үйсин даўласқан. Ең соңында бийлер «Жер – қоңыраттики» деп сөзди тоқтатады. Еки жақтың даўагерлери «Онда Уллы жүзге тийисли», «жоқ, Орта жүзге тийисли» деп, ҳеш түсинбей қалыпты. Себеби, Қоңырат сол еки жүздиң арасында отырады екен. Олар еки жүзге де кирмеген, тек өз жаны менен, жолы менен жеринен узап кетпеген. Бир бийшикели:

– Қоңырат ким, сонда? – депти. – Мына жақ Қыпшақтики, мынаў Қоңыраттики болса, булар ким? – дейди ғой.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда Теле бий айтыпты:

– Қазақта Қыпшақ жоқ, Қоныратта қушақ жоқ. Бул ол заман, бул заманнан берли бар сөз. Соған тоқтадық, – депти.

Гаптиң поскеллеси, Қыпшақ бизиң арамызда жүрип «қазақ» атаныўп жүр. Қоңырат та сондай. Қоныраттың да қушаққа тартар баўырының бәри қарақалпақта, екеўи де арамыздағы аралағып жүрген ел, дегенди еки аўыз сөз бенен уқтырыпты.

Соннан кейин гапти басы ашылмаған «Төбебий» деп те айтылады.

**НУР АТА**

(Р-590, №180083)

Нур Ата – қадимнен киели жер. Ийшан аталар «Қудайдың нур ата еткен жери» дейди. Қарақалпақ баласы қашан-қашаннан бери Нур әтиринде ыстықаўмет қылады. Бүйерде «Қарақалпақ қорымы» деген үлкен мазарат бар. Қорым – қорып турылатын орын. Бул жер әтте қабиристан. Усы заманда журт Түркистанды «Екинши Мекке» деп зыярат қылса, ерте ўақта Хәзирет Султанның өзи буякты зыярат қылған. Хәзирет Султаннан Түркистандағы шайық уламалар:

– Нур сизге нешик улық? – деп сорағанда, ол:

– Ол қарақалпақ ушын улықдур. Қарақалпақтың базары да Нур, Қара мазары да Нур, – депти.

Ол заманда Нур Ата жерин «Нур» деп қысқа ғана атайды екен.

Қара мазар – баба мазар, бабалар қорымы деген сөз. Қырдың халқы уллысын Йассыға, Хәзирет Султанға апарып қойса, Нурдың халқы өз ийги-жақсыларын Нур Атаға қояды. Нур қабиристанына Нур Ата қойылғаннан кейин барып, бүйер тағы да үлкен аўлийеге айланған.

Нур Атадағы қарақалпақ қорымы мың-мың жылдан берли бар. Кейин ол араны хожалар ийелеген. Нур Атада Иктам ийшан бар. Солардың әўлады Нур Атаның небир тарийхын биледи.

**САРЫ ЖАЙЛАЎ**

(Р-590, №180083)

Ысылдаған Сары қум бүйерлер Қызылдың ишинде ап-анық көринип турады. Артыў-артыў қум етекке түссең жал-жал болып турады. Шарден келген адам бүйерлерде ел бар деп ойламайды. Көп халықты аман алып қалған да – Қызыл, қырда қурғақшылықтан жутап тарыққан журттың бәри Қызылға келип қулаған ғой. Сөйтип, мал-жаны жай таўып, «Сары жайлаў» аталған бүйерлерде ирге тепкен. Солардың бири Назарбай деген бай менен Алтынтаяқ Ахмет деген адам екен. Сары жайлаў – Молдыйманның жериниңески аты.

Алтынтаяқ Ахмет асқан бай адам болған. Жети айели бар екен, жети айелден төрт-бес қызы бар да, ул баласы болмапты. Сол төрт-бес қызды Бухарада тәлим алған моллабашқа оқытады екен. Бул молла-имам келбети келискен жигит болыпты. Ахмет бай оны «Молдеке», «Молда ийман» деп шақырады екен. Негизин биреў төлеңгит дейди, биреў ақмаңғыт дейди. Анығын билмедим. Әйтеўир журт ол кисини байдың айтыўы менен «Молда ийман», «Молдыйман» атап кетипти.

Алтынтаяқ Ахмет кербаз адам болған. Қолына алтыннан хасса услап жүреди екен. Ул көрмегенсин сегизинши айел алыпты. Оны журт «Мыңқой» дейди екен. Соған қарағанда, қыз қалыңы мың қой болғанаў шамасы.

Сол «Мыңқой» аталған жас келиншек пенен Молла ийман көўил қосыпты. «Сен арыстай азамат болсаң, мени қалайша мына қақсал қартқа қыя алдың? Кетермиз, бул шабардан кетермиз» деп, жигит пенен ерип кетиўге өзи қуштар болыпты. Моллекең де намысқа тырысып, алып қашыпты. Сөйтип, Үрмеде отырған Назарбайдың аўылына апарыпты. Назарбай бир мәжбүр таўып, жарым көўил, қос ашықты қутқарып қалыпты. Алтынтаяқ Ахмет те тынышыпты.

Ересине Молла ийман Назарбайға қудық қазып берипти. Бул қудық ҳәзир де «Назарбай» аталады. Назарбайда шүйит Жубатқан Булакбаев неше жыл қой бақты.

Назарбай молла-ийманға «Сен бул моллашылықты қой, тап-таўир-ақ қудықшы екениңди көрдик, сениң маңлайыңды қудықшылық ашады» деп, тағы бир қудық қаздырыпты. Оған «Молдыйман» (Молла ийман) деп ат қойғызады. Сары жайлаў деген жердеги бул қудықтың орны бар, әле. Оны ҳәзир «Гене» дейди. Жаңа аўылдың аты да соған орай «Молдыйман» аталды.

Молдыйманның сыртындағы «Кемпир қарақшы» Назарбайдың жалғыз улы қайтыс болғанда кемпириниң қайғыдан соқтырған белгиси.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## «ХОЖАҚЫРҒЫН»

(Р-1207, № 182886)

«Хожақырғын» деген гәп бар. Араблар да Хожжез деген залым патша болады. Оның бир ўазири хожа болады. Бир күни патшаның даргайына бир диййана келеди. «Мынаны диййанаға апарып бер» деп, хожаның қолына бир гаўҳар береди. Хожа диййанаға бермей, гаўҳарды өзи алып, қолына бақыр услатып жибереди. Диййана арадан ўақыт өткерип, тағы келеди. Тағы сондай жол менен хожа гаўҳарды иелейди. Диййана үшинши келгенинде оны патша шақырып алып:

– Мен саған еки гаўҳар бердим. Ишип-жеўиңе, кийиниўиңе сол жетпей ме? – дейди.

– Сен маған гаўҳар емес, ярым теңгеден еки теңге бердиң, – деп жуўап береди диййана.

– Яқшы онда, – деп, қолына тағы бир гаўҳар услатады.

Патша диййана кеткеннен кейин, сарпай бәлистириў болады деп, елиндеги хожаларды шақыртып, шетинен қырғызып таслайды. Соннан «Хожақырғын» атлып кеткен екен.

## МЕТЕР, ЕРЕЖЕП БИЙ ҲӘМ ТУРЫМ БИЙ

(Р-1299, №184812)

Ережеп аға бий баба, халық ушын халыққа зулым атанбайын деп, Хийўа ханынан:

– Метер ўазыйпасын атқарыўға адам бер, – депти.

Ол метер халыққа (салық төлемеге я жағдай айтпаға баратуғынларға) пешеханадан аяғын шығарып көрсетуғын дәрежеге келипти. Еси бар жигитлер Аға бий бабаға шиқаят етипти. Қара пуқара адамдай болып ол сәлемге барға, метер пешеханадан қол алысыўға аяғын шығарыпты. Таярланып барған бий пакиси менен метердиң бас бармағын аяғынан кесип алыпты да, ханға барып, болған ҳадийселерди баян етип, бармақты көрсетипти.

Ол метер қайтсе де ханға жақынлаў адам болса керек, соншама мәели, лаўазымына қарамай, Ережеп бийди дарға асыўға буйырыпты. Ол заманда Хийўада қарақалпақтың бийлериниң өз алдына шардарасы болады екен. Сол жерде турып бийлер ханлықтың хызметлерин атқарады екен. Бийлердиң бәри жағдайды еситиўден атларына мине-мине майданға қарай шаўыпты. Қоңырат Ноқта бий лақаплы Турым бий қыйғырып, дар арқанын Ережеп бабаның мойнына салажақ жәлладтың дыққатын өзине қаратып қолын иркипти, атты шаўып баратырып дар арқанын кесип жиберипти. Қайта айланып Ережеп бий бабаның байлаўлы қолларын ат үстинде турып шешипти.

– Қоңырым-ай, қоңырым-ай, – деген екен дейди сонда Ережеп бий.

Қоңырым-ай дегени – қоңыратым-ай дегени екен. Соннан Турымбий тар қапылы кең сарай – хан отырған датқа жайға барыпты. Есиктен кире бойын жерге таслап:

– Тақсыр ханым, бир қасық қанымнан кешиң, арзым бар, – депти.

Хан үндемей отыра берипти.

Жайдың жары ортасына келип және бойын жерге таслапты:

– Тақсыр ханым, арзым бар, – депти.

Хан үндемей отыра берипти.

Үшинши мәрте ханның қарсы алдына барып:

– Тақсыр ханым, бир қасық қанымнан кешиң, арзым бар, – депти.

Сонда барып хан:

– Ха, Қоңыраттың Ноқта бийи, кештим бир қасық қанымыздан, айтың арзыңызды, – депти.

Әне усы ўақытлары қарақалпақтың бийлери, батыр-нөкерлери ҳәмде ханның сарай ҳәмелдарлары изли-изинен ийин тиресе келип датқа жайды толтырып турды дейди.

– Хийўада Муҳаммед Раҳим ханның Турым бий деген бийи болған екен, астырғанды кескен екен, байлағанды шешкен екен, деген атым қалсын деп, дар арқанын кесип келдим тақсыр, – депти.

– Дар арқанын кесип келдим,

Шийрин жаннан кешип келдим, десең, көзсиз батырым. Қане Турым бийдиң сарпайын келтириңлер, – депти хан.

Метер шапан келтирипти. Оны ханның өзи Турымбийдиң ийнине жаўыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

**ЖӘДИГЕР**

(Р-1299, №184812)

– Жигит ўақтымда жылына еки мәрте көретуғын едим, жигит ағасы болғанымда еки жылда бир көретуғын болдым. Көзли болған жан ағам Сырым бий өкпели дейди, жети жылдан берли бармаппан. Бул мениң қартайғанымның белгиси шығар. Әй, дүнья, қой дүнья, Сырым бийдей ағамды көрейин, хақ дийдары буйырса, тәңири сәлемимди берейин, – деп, Турымбий Қызылды гөзлеп, турыжланып ат белине минди дейди. Қызылға қыйып баратуғын ол заманда өрбажол жоқ, жолда төрт қонып, бесинши күнге қарағанда аттың үсти бийге аўырлық етипти. «Ана жерде дем алайық, мосыны қойып, ыссы суў қайнатып берейик» дегенлерди тыңламай, бий жүрисин даўам етипти.

Қараса, буларға дуўырлап еки атлы шаўып келе берипти. Келе сала атларынан түсип, булар менен қол алысып көриси пти. Аман-түўелден соң:

– Ал ағалар, сизлердиң киятырған дәрегиңизди кеше суўыт баратырған бир жолаўшылар айтып өтти. Соннан пәтиўаңызды алып қалайық деп азғана ғамланып едик, үйлеримизге түсип шай-суў ишип өтесиз, – депти жигитлердиң биреўи.

Турым бий үндеместен әтирапты серлеп қарапты.

– Ҳо анаў булдыраған қос өркеш егиз қум ба?

– Аўа, ата, аўа, – деп жуўап берипти сөйлеген жигит.

– Оның арты Ақшүңгил ме?

– Аўа, ата, аўа.

– Бәрекелла, Алла сапин салғанының алды болсай. Жолды жарыдан аўдарыппыз. Ал, балам, не елсиз, бийиңиз қайда, ол ким? – деп сорапты Турым бий.

– Ата, жаңа өзиңиз айтқан Ақшүңгил деген елмиз, елдиң бийи биз пақырмыз. «Балабий» дейди елимиз, қулағымызға азан айтып қойылған атымыз Мырзабек деген, – депти сөйлеген жигит.

– Онда, балам, баслай ғой елиңе.

Турым бийди мақул дем алағойсын деп бир өзин бир отаўға киргизипти. Алдына дөңгелек табақ тартып, Балабийдиң өзи ет туўрап, хызметин етипти. Балабийдиң қарўақ-қарўақ мыйық тартып қоятуғын әдети бар екен. Бирде мыйық тартқанына Турым бийдиң көзи түсип, «я алла, я алла, ла илаҳа иллаллаҳ» деп жиберипти. Бетине ҳайран болып Балабий қараған екен.

– Жаратқан Жаббар ийем, Тәңири тааллаҳ, жоқтан бар еткенине, берген ғаниймет демлерине мың қатла шүкир аллаҳуў акбар, – деп, Турым бий жүзин сыйпапты. Балабий де «аўмийин» деп жүзин сыйпапты. Турымбий буннан буғына өзин беккем усламаға ҳәрекет етипти. Сонда да Балабийдиң жүрисин көргиси келип тақаты шыдамапты. Сыртқа қосыла шыққан Балабийге:

– Балам-ай, ҳо анаў ақ тикенниң үсти бетинен шамалы сындырып әкеп берши, тисимди шуқлайын, – депти Турым бий.

Басын иеп ийин бетке сәл қыйсайтып, сабырлы жүрис пенен баратырған палўан денели тулғаны енди әбден таныған бий:

– Ўақ ўақ, Жәдигерим екенсең ғой, қарағым көзим екенсең ғой, Тәңиримтаалам бар екенсең ғой, берген екенсең ғой, – деп аўзы кемсеңлеп сөйленипти.

Талай әли тирини, телпек дирилдесе даўларды көре-көре гөршимек болып қатып қалған баўыры ерип, еки көзинен жас парлап атып кете берипти дейди.

Бул аўҳалына ҳайран болған Балабийдиң жаўрынынан сүйип, маңлайына тийгизипти, сөйтип:

– Жәдигержан-ай, енди мени үйге киргизе ғой, – депти.

Жолаўшылар сол күни қонып мақул дем алыпты. Азаңғы шай үстинде Балабий:

– Ата! Ханлар, бий, батырлар, шешен-жыраўлар ҳаққында көп әңгиме-рәўиятлар еситкенбиз, бизиң Қызылдың халқы Турым бий-Сырым бий әңгимелерин қызығып, сүйсинип айтады. Егер Алла жол берсе, Сырым бийге сизлер менен бирге сәлемге барсам бола ма? – деп сорапты.

Турымбий:

– Мақул, балам, мақул, – депти.

Сырым бий жатқан отаўдың сыртынан Турым бий, бурыннан әдети екен:

– Аға, келдим ғой, – деп сүренлепти.

– Келе ғой, шырағым, келе ғой.

– Аға, соқырман деме енди, еки гәўҳар көзиңди әкелдим, мерекеден қалдым деме, мерекеге апаратуғын еки аяғыңды әкелдим. Халық пенен көрисетуғын еки қолыңды әкелдим, – депти.

– Алла бергенбекен? – депти Сырым бий.

– Аўа аға, Алла берген екен, – депти Турым бий.

- Сен оны билмейтуғын един гой, билмейтуғын затыңды излемейсең, қалай көристиң?
- Қудай көристирди, – депти Турым бий.
- Жадигериң қаяқта?
- Жадигерим қасымда, ага, – депти Турым бий.

## ҮЙИНЕН ҚУЎЫЛҒАНЛАР
(Р-1207, №182886)

Даўқара деген адам илгери ўақытлары өткен. Оның атасы менен бир қазақтың байы Порлытаўға шекем шарўа жайлайды екен. Бир сапары екеўи гүрриңлесипти.

– Неше балаң бар? – деп сорапты шарўа қазақ.

– Үш балам бар, екеўи үйленди, биреўин үйлендире алмай жүрмен, – депти.

Ол байдың да үш қызы болып, ең кишкенеси есаланлаў екен. Сөйтип турмысқа шыға алмай жүр екен.

– Ондай болса, баланы үйлендириў бизге парыз, қызыңды турмысқа шығарыў саған парыз, еки есаланды қосайық, енди олар тақ өте ме?! – деп, екеўи де қуда болыўға қол берисипти. Биреўи балағына, биреўи қызына енши беретуғын болып келисипти. Сөйтип екеўи бирigип балларына отаў тигип береди. Бир көлдиң етегине апарады да, оларды усы жерде жасай бериң деп таслап кетеди.

Арадан көп ўақыт өтпей суў тасқыны болып, отаў суўдың астында қалады. Олар далада қалады. Қыз шешесине келип жағдайын айтады. Шешеси:

– Бир парызымыздан қутылдық, қызым, енди өзлериңиз еплеп күниңизди көре бериң, – дейди.

Жигиттиң әкеси де усы сөзди айтады. Илажсыз көл бойына қайтып келип, қамыстан қос соғып, көлге аў салып балық аўлап, тиришилик етеди. Күнде аў салса, аўына шабақтан артық балық түспейди. Бир күнлери екеўи қайран болып отырса, қубла тәрептен бурқыраған шаң көринеди. Не де болса барып көрейик деп, жолға түседи. Ол бир байдың журты екен. Ийелери көшипти. Байдың гөне журтында тек бир күшиктен басқа һеш нәрсе қалмапты. Ең болмаса балықтың шөбересин жейди ғой деп, оны алып келипти. Сол күшик келиўден олар балыққа ғарқ болып қалыпты. Сен бизлерге қут болып келген екенсең деп, күшикти жүда сыйлапты. Сөйтип аўлары майланып, олар балықтан байып кетеди. Бирақ «Сорлай» деген бурынғы атағы қалмайды.

Заман өзгерип, елде ашлық болады. Байлар көл бойындағы қақпаш балықларға дүнья-малларын аўмастырып алады. Ерли-зайыплар бир жыл еки жылдың ишинде байып кетеди. Малын жайыўға жайлаў таппай, Қусқана таўға шығып кетеди. Оның төрт шопаны болады. Сөйтип жүргенде һаял Даўқара деген бала туўды. Еки жылдан кейин Шымбай деген бала туўады. Өз ата-аналары балларын умытып та кетиен екен. Жолаўшылардан «Сорлай» деген байдың барын еситеди. Сонда баласы есине түсип, барып көрейик деп келсе, баласы менен келинин адам көргисиз болып кетиен. Бай өзинше, булар қаңғырып қалып еди, қалайынша байыған екен деп ойланып турса, бир сурлиў қойдың арасында басында шыра жанып киятырған ийтин көреди. «Хе-е, булардың дәўлети усы ийт екен-ғо» деген пикирге қашады. Бай олардың қонақ асын жеп болып қайтайын деп атырғанда ийтин сорайды. Оны услап, байлап алып баратырғанда ийт тоқтап, отаўға сарыйды. Бай ийт сарыған шийди сорыйды. Оны алайын деп атырғанда бир қызыл қозы келип шийди жалайды. Сол ўақытта бай:

– О, сорым-ай, мына қызыл қозыны маған сойып бериңиз, жеп кетейин, – дейди.

Қозы писерге жақын қазанды айланшықлап ойнап жүрген Даўқара менен Шымбайға қозының тилин бөлип береди. Уш жағын Шымбай, түп жағын Даўқара жейди. Табақ алдына келген соң тилди сорайды. Үй ийеси балларының жеп қойғанын айтады. Сонда бай отырып:

- Қудай саған дәўлетти шын ықласы менен берген екен, мен сонша талаплансам да, ала алмадым. Шымбай деген балаң қатты саўдагер болар, Даўқараң қатты бай болар, кем болмассаң, – деп жолына түскен екен.

Сорлай Хийўа ханға барып жер сорайды, жайлаў сорайды. Сонда хан:

– Өзиң аралап шық та, қәлеген жериңди ал, – дейди.

Сорлай Шымбай менен сол жерде кәрўан сарай салып қалады да, Даўқараға мал бағыў ушын қолайлы жайлаў деп Бәрши таўдың етегин таңлайды. Заманында Даўқара деген атақ соннан қалған. Бул жерлерди Жаңадарьяның суўы басып, еки рет жалпы бүлгиншиликке ушырады. Даўқара, Шымбай деген атамалар қарақалпақлар көшип келместен бурын пайда болған.

## ҲӘКИМ АТА
(Р-1207, № 182886)

Ҳәзирет Ҳәким ата Мәкке-Мәдийнеден шығарда астына ақ түйе минип жүрген. Оған:

– Ақ түйеден түсегөрме, шөккен жеринде түгерсең, – деген.

Ақ түйе мол жүрип, жол жүрсе де мол жүрип, Пайғамбар қыяның қасындағы Жумалақ тауға шөккен. Ҳәким ата песин оқып алайын деп сол жерден намазжай ислеген. Ҳәзир үлкен қара тас бар. Сол тасқа Ҳәким атаның суққан ҳасасының орны бар. Ақ түйениң шөккен жеринде түйениң тас табанының батқан жери тур. Ҳәким ата «бизиң мәканымыз усы жер екен» дейди. Кейин Қуўандарья тәрепке бетлеп, сол жерлерди мәкан еткен. Пайғамбар қыяы Ҳәким атаның қызы болған.

## СУЎПЫ АЛЛАЯР
(Р-1207, № 182886)

Суўпы Аллаяр Мәдирейим ханның пәшшабы болған. Бир күни бир ҳаялдың кишкене баласы аўырыпты. Оны тәўипке апарса:

– Балаң жазылып кетер, шошқаның аўнаған жерине аўнат, – депти.

Шошқаның жатағын излеп излеп таба алмай, тәўипке қайтып барыпты.

– Ондай болса, Аллаяр пәшшаптың орнына аўнат, – депти.

Оны аңлып жүрип баласын аўнатқаннан кейин баласы тәўир болып кетипти. Балам тәўир болды деп, баланың анасы тәўипке барғанда:

– Ол да шошқаның биреўи гой, – деген екен.

Аллаяр пәшшап бул гәпти еситип, «астапыралла, мен рас-ақ шошқа болғаным ба» деп, ийшанға барып шатырхат сорапты. Ийшан:

– Саған суўпы болыўға болмайды, – деп қайтарып жиберипти.

Сол қайта-қайта барабергеннен соң ийшан оған:

– Сен қалаға барып, саллаққана базарынан бир малдың ишек-қарнын, телле бас-аяғын ал, сейтип бирин-бирине тийгизбей әкелсең, сениң менен соннан кейин сөйлесемен, – депти.

Аллаяр пәшшап саллаққанаға барып қассаптан ийшанның айтқан нәрселерин алып, қарынды басына кийген, ишекти мойнына ораған, туяқларды қолына услаған, теллени аўзына тислеген. Сейтип, ийшанның үйине қарай тартқан. Буны көрген адамлар «Аллаярды жин урыпты» деп шуўлаған. Ийшан ўәдесинде турып, Аллаярға суўпылық шатырхатын бергенмиш. Соннан суўпы Аллаяр болып аты шығып, китап шығарғанмыш.

## ӘНЕС САҲАБА
(Р-1207, № 182886)

Әнес саҳаба он жигити менен пайғамбарға зыяратлап барыўға таярланған. Олар жолға шығып, бир неше ай жол жүргеннен кейин бир урыстың үстине шығады. Әнес саҳаба қараса, бир жағы Пайғамбардың тәўының астындағы адамлар екен. «Ха, урысып атырған пайғамбардың адамлары екен ғой» деп, булар да қарсы тәреп пенен урысқа түсип араласып кете береди. Сол урыста ҳәзирети Әлий де бар екен.

– Анаў бизлер тәрепке болысып урысып атырған кимлер екен, билип кел, – деп, оны жумсайды Пайғамбар.

Сонда ол Әнес саҳабаны изине ертип келген екен. Әнести көрген пайғамбар:

– Өзимниң бегим екенсең ғой, ким екен десем, – дегенмиш.

Пайғамбар Әнести Мәкке-Мәдийнеге алып барып, Ҳәзирети Билалдың қызын алып береди. Оннан бир перзентли болғаннан кейин Әнестиң ҳаялы қайтыс болады. Сол баладан қазақ дереген. Қазақ дегениң мәниси – қасында ақ мен болғанмыш.

## АЙРАН АЎЫЛ
(Р-1207, № 182886)

Айран аўыл деген аттың шығыўы себеби, ең дәслеп бул жерге қырдан бир шарўа қазақ келип қоныс басқан. Өткен-кеткенлер сол қазақтың үйинен айран ишип суўсынымызды қандырайық деп бурылады екен. Жердиң қунарлылығын таңлайтуғын адамлар жерди қазып көрип, қайтадан көмеди екен. Егер топырағы жетпей қалса, ол жер жер болмайды деп, басқа жерди қазыўға кирисken. Молла Үбби жер қазып

www.ziyouz.com kutubxonasi

жарип жүргенде Айран ауылдың топырағын қазып, қайта көмип көрсе, әдеўир топырақ ауысып қалыпты. Сөйтип, дийханшылық етемиз деп, адамлар усы жерге қоныс басыпты. Бирақ қазақтың айраны себепли аўыл «Айран аўыл» атанып кеткен.

## ҚАРАҚУРСАҚ

(Р-1207, №182886)

Қоңырат аймағында «Қарақурсақ» деген бир аўыл бар. Бул атаманың келип шығыўы туўралы қатықулақ, қысқасы, дилўар бабалардан мийрас болып қалған мынандай рәўият бар.

Әййем заманларда Қоңырат бабаның атақлы бес улы болған екен. Олар: Бақтамғалы, Қостамғалы, Қанжығалы (Ханжығалы), Айыллы, Тартыўлы деп ат алған екен. Қанжығалы бабаның он үш ул перзенти болыпты. Күнлерден бир күни ол уллларын алдына шақырып алып, қол астындағы жерлерди өзиниң балаларына әдалатлық пенен бөлип бермекши болыпты.

Хәр бир улына наўбет пенен жерлерди бөлистирип, шек-шегараларын белгилеп бере баслапты.

Бул гәплерди еситип, отаўда уршық ийирип отырған Қанжығалы бабаның кемпири:

– Он төртинши улымыз да жерден бос қалмасын, – деп сөс берипти.

Ҳаялының жүкли екенлигинен бийхабар Қанжығалы баба ҳайран болып, кемпирине қарапты.

Сонда кемпир:

– Қара қурсақта да несибесин күткен биреў бар! – деп бетин бир сыпып, төмен қарапты.

«Қурсақ» сөзи бурынлары «ҳамиле» деген мәнисти аңлатар екен. «Қара» сөзи – «гүманлы», «енди пайда болып атырған» дегенди билдирер екен. Яғный, енди ғана ҳамиле пайда бола баслаған ҳалатты халық «қарақурсақ» деп атайды екен.

Усылай етип, Қанжығалы баба өзиниң ең кенже, еле туўылмаған баласына да өз аймағынан жер мийрас ажыратып берген екен ҳәм соннан баслап «Қара қурсақ» деген атама халық арасында тарқалған екен, деп айтысады қариялар.

## АЙМАҚ АТА ҲӘМ АЙТОТЫ

(Р-589, №180082)

Айтоты шайыр Қызылқумның ишиндеги Шыбықлы мәканында туўылған. Бул орталда атақлы Аймақ жыраў жасап өткен екен. Айтоты жети-сегиз жасар гезинде қозы-улақларға қарап жүрип, бир дөңде уйқылап қалады. Түсинде басында гиппасы бар, қолында аслайдай қобызы бар, ақ шапанлы, ақ сақаллы ата қолынан услап турғызыпты. Бул кисиниң картайса да жүзинен нур қуйылып турған келбетине, бир қолы менен жеңил тартып алған қарыўлылығына ҳайран қалған Айтоты:

– Сәлем бердик, ата! – дегенде:

– Саламат бол, қызым! Аймақ жыраў деген атаң мен едим, – дейди бул бийтаныс киси өзин таныстырып.

Өзинде өнер болмаса да, қосық айтыўға, сөз тыңлаўға ҳәўес болып жүрген Айтоты «Өмиримде биринши көргеним жыраўым – Аймақ ата болды ма!?» деп ишинен таңырқанып турғанында:

– Қане, қызым, маңлайыңа берейин бе, таңлайыңа берейин бе? – дейди жыраў.

Айтоты ирикпестен:

– Ата, таңлайыма бер! – деп қуўанып, пәтия сорайды.

«Ал онда таңлайыңа бердим!» деп, Аймақ ата да дуўаға қол жаяды. Айтоты жүзин сыйпаўы менен көзин ашса, бул түси екен. Сол-сол екен, оның қара сөзиниң өзи де уйқасып, онда шын шайырлық қәбилет пайда болыпты.

## ҚЫТАЙ УЛЫ УЛАМА БОЛАР...

(Р-589, №180082)

Қарақалпақтың уллы бийи Толы баба ҳәр арысты сынаған ўақытта «Қытай улы улама болар» деп тәриплеген екен. Уламалық биринши қаңлыларға қоныпты.

Қаңлыларға:

– Хожа да, төре де, сейит те, сейдин де, дин жолын тутқанның бәри сениң тұқымыңда, – депти.

Қайшылыларға:

Қаңлыдан соңғы жол сенде екен. Хожасызға – хожа, төресизге – төре болыўға ылайық екенсең, – деп есletipti

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазаяқлыларға:

– Урпағың ийл болып, желдиң үстинде, жаўдың бетинде жүреди екенсең. Уламаға тең болсаң да, кем болмассаң. Бирақ адырлығың басым екен, – деп тәрип берипти.

Қамшылыларға:

– Қам бабаның арўағы сениң тұқымыңа аўыпты. Әли-әўладың арўақлы, арқалы болады екен, – деп болжапты.

Қанжарлыларға:

– Динди ғана емес, тилди де берипти. Азыўлысы да, аўызлысы да өзиңде екен, – деп сүйсиниипти.

Қылышлыларға:

– Уламалық пенен байлықтың шеги бир түсипти. Жолды усласаң, жулдызың жарқырап тур екен, – деп ескертипти.

Қырқарлыларға:

– Уламалық жүрегиңде екен. Сеннен де арўақ айланып кетпейди. Урпағыңа батырлық пенен байлық айланады, – депти.

Қазықлыларға:

– Илим-билимниң түп қазығы өзиңде екен. Уламалықтың нышаны тұқым-тебериңиңде де бар екен, – деп шүкирлик билдирипти.

Қырықтамғалыларға:

– Уламалықтан да, батырлықтан да бийнесип емес екенсең. Әттең, тұқымың сыртқа көп шашылады екен, – деп сын айтыпты.

Толы баба буны олардың һәрқайсысының үйинде бир күн қонып, сәўе көрип айтқан екен.

## КӨЛЕГЕН

(Р-589, №180082)

Бурынғы заманда қараның қалмақ жаў шаўып, қазаяқлылардың қырсадақ тийрегиниң бир аўылы тегис қырғынға ушырапты. Сонда тек бир ер бала қалған екен. Бул бала да жаў қолында кетипти. Ол жаўдың жылқысын бағып жүргенде, тезек терип жүрген бир қыз бенен жолығады. Қыз да бенде болып түскен екен. Сораса келе, екеўи де бир елден болып шығады. Олар бирнеше жыл жаўдың хызметинде жүре береди. Бала ер жетеди, қыз бой жетеди.

Қыз бир күни жигитке:

– Сен өзиң қарап жүрген атлардың ишинен екеўин таңла, екеўмиз қашайық. Егер оны ислей алмасаң, мен саған бир сыр айтайын, – дейди.

Қыз өз аўылында белгили бир байдың жалғыз қызы екенин айтады. Ата-анасы туўралы айтып берген қыз қолындағы жүзикти жигитке береди.

– Мына жүзик – ең қымбатлы затым. Буны әкем өзиме арнап соқтырған. Мениң аўылыма барып, усы жүзикти әкеме көрсетсең, әкем қызының тири екенине көзи жетеди. Бирақ сен мен жөнинде бирден айтпа, бир айны келгенде әсте-ақырынлап айт. Жүзикти ең соңында дәлил етип көрсеткейсең, – дейди.

Жигит қыздың сөзи үстинде ойланып жүреди хәм қуры жүрмей, көз астына алып жүрген бир тулпарды суўытып баслайды. Бир күни қайымын тапып, жигит жаў қолынан жырылып шығады. Бирнеше ай жол басып, сорастыра-сорастыра қыздың аўылына да жетеди. Қыздың әкеси шынында да атақлы бай екен. Бирақ жылдан берли жалғыз қызынан айырылып қалып, онша кеўил хошлығы жоқ көринеди.

Қыздың әкеси менен жолыққан жигит өзиниң басынан кеширгенлерин бир бастан айтып баслайды. Жигиттиң сөзин тыңлап отырса, буның бенде болып кеткен ўақыты өз қызының жоғалған тусына туўра келиңкирейди. Бай қызықсынып, жигитке қарыйлы сораўлар береди хәм бул баланы унатып қалады. Бир күни бай өзиниң жалғыз қызының да жаў қолында кеткенлигин, бирақ һеш жерден дерегин таппағанлығын айтады. Қызының түр-түсин де түсиндирип береди. Усыны айтқаннан кейин жигит өзиниң сол қыз бенен танысқанлығын, бирнеше жылдан берли екеўи жаў қолында бенде болып жүргенлигин, қызының саў-саламат екенлигин билдиреди.

Бай дәслебинде «Усы бала мениң айтқаныма сәй қылып, гәзди қурап айтып отыр-аў» деп, исениңкиремейди. Сол ўақытта жигит қыздың айтқан сөзлерин әкесине түйирин қалдырмай айтып, кисесиндеги жүзикти көрсетеди. Буны көрген ол көзине жас алып, жигиттиң айтқанына толық исенип, оны баўырына басып, маңлайынан сүйеди. Қызының тири екенлиги ушын жигиттен «Меннен не қалесең, соны ал» дейди. Жигит һешнәрсе дәметпейди.

Бай оған «Егер сен маған қызымды аман-есен алып берсең, айтқан тилегиңди бәржай етейин» дейди. Жигиттиң өзи де қызды жаў қолынан қутқарыўды ойлап жүрген екен. Ол байдан еки жүйрик ат пенен бир қатар ер

www.ziyouz.com kutubxonasi

қарыўын сорайды. Бай оның барлық айтқанын таўып береди. Айтылған керек жарағы питкеннен кейин байдан пәтия алған жигит жолға шығады. Бир айға шамалас жол жүрип, баяғы өзиниң бенде болып жүрген жерине келеди. Сол жердеги таўдың арасына атларын жасырып, өзи аўылды аңлыўға өтеди. Аўылды алжаспай таўып келген екен. Аўлаққа шыққан жеринде қызды да табады. Қыз бенен тиллескеннен кейин қашыўға қолайлы күнди белгилеп, жигиттиң өзи таў арасында жасырынып жүреди.

Араны узатпай бир сәти түскен күни екеўи еки ат пенен қашып шығады. Жигит өзине таныс болған жоллар менен жүрип отырып, ҳәр жер – ҳәр жерде атларын суўытып алып, бир айға жақын мүддетте қыздың аўылына да жетип келеди. Қыз ата анасына қуўысады, жигит ўәдесин орынлайды. Бай өз қызының аман-есен келгенлиги ушын шашыў береди. Қыздың ата-анасы жаўжүрек жигитти уялтып қалады ҳәм өзлериниң жалғыз қызының тек усындай мәрт азаматқа ғана мүнәсип екенлигин биледи. Бул арада қыз бенен жигиттиң де бир-бирине болған исеними, сүйиспеншилиги күшейген екен. Бай жалғыз қызын усы жигитке қосып, үлкен етип той береди ҳәм ел-халықтың пәтиясын алып, оларға бөлек отаў тиктиреди, өз алдына еншисин береди. Жигит байға әри күйеў, әри сүйеў болған соң, журт «Бул азамат ғаған ғай болды, көлеңке болды» деп қуўанысыпты. Бай да қуўанып «Аўа, көлеңкем екен, көлегем екен» депти. Келе-келе «көлеге» сөзи «көлеген» болыпты. Жигит өсип-өнип, үбирли-шүбирли болғанда да бай баяғы сөзин тәкирарлай берер екен. Сол-сол екен, бул жигиттиң туқым-тәбериги «Көлеген» аталып кетипти. Әне, көлеген урыўының ўәсли сондай.

## ҚОРҚЫТ БАБАНЫҢ ҚОБЫЗЫ

(Р-588, №180401)

Қорқыт баба аңның да, қустың да, жанлының да, жансыздың да тилин биледи екен. Баба гә тоғай аралап, гәҳи дала гезип, жер-жаҳанның хабарын билип жүриўди әдетке айландырыпты. Бир күни оған «ханның баласы ғайып болыпты» деген хабар жетеди. Желден еситкен хабарын елден де еситеди. Хан «Ким мениң баламның аманлығын билдирсе, басынан аяғына дейин алтынға малындыраман» деп шар тәрепке хабар жибереди. Қорқыт баба бул хабарды да еситеди.

Төрт тәрепке қулақ түрсе, «Ханның баласы қаза болған, ханның баласы қаза болған» деген суўық хабар тал-тал еситиле береди. Түсинде де, оңында да сол хабар аян болады да турады.

Ханнан тағы жарлық шығыпты. Онда: «Кимдур мениң балам туўралы жаман хабар жеткизсе, өзи әлимдар, малы патшалық», – депти. Буны еситкеннен кейин хан улының дәрегин билгенлер де оны айтыўға батылы бармайды. Ҳешким ҳешкимге ҳешнәрсе айтпайды.

Қорқыт бабаның көз алдына ханның баласының жазым болғаны қайта-қайта келип, сол хабар қулағынан да, санасынан да кетпейди. Бул жағдайдан қутылыў ушын ол бир саз түрин соғыўға киріседи.

Ойланып жүре-жүре бир әсбап соғады. Бирақ оның сести өнишелли шықпайды. Бир күни уллы сәскениң ўақтында сол әсбабын услап отырса, сырттан бир жақсы нәмалар еситиледи. «Қулағыма нәле беретуғын қәдимги ызың ба?» деген ой менен отырса, ол ҳаўазлар жақын жерден және шығады. Қорқыт баба үйиниң алдына шықса, қапталдағы жолдан бир топар жигит-желеңлер саз даўысқа салып, қосық айтып өтип баратырған екен. Баба оларды тыңлап тура қалады. Тыңлаған сайын тыңлағысы келеди. Шынында да булардың ҳаўазлары ашық, даўыслары кең лепсизлы екен. Қорқыт баба олар та-а узап кеткенше, ҳаўазлар талып-талып, ҳәлсин-ҳәлсин еситилгенше тыңлап тура береди.

Песинниң ўағында баяғы топар тағы да топын бузбаған ҳалда кери қайтады. Және қосық айтып киятырған екен. Бирақ, бул жолы даўыслары пәсең, онша жанлы шықпайды. Баба олардың алдынан шығып:

– Ал, жол болсын! Қайда барып, қайдан киятырсыз? – дейди.

Жигитлердиң ағабийи:

– Әлей болсын! Тойға барып, тойдан киятырмыз, – деп жуўап береди.

Қорқыт баба:

– Әйгитай! Тойлап киятырған болсаңлар, неге баяғыдай пәтиңиз жоқ? Ҳаўазларың жанлы шықпай киятыр ғой?! – деп сорайды.

– Аўа дурыс, баяғы кетип баратырғанда биз ашқурсақ едик. Соннан шығар, ҳаўазымыздың ашық, йошлы болғаны. Ҳәзир, тойдан тойып киятырмыз, – деп жуўап береди.

Буны еситкен Қорқыт баба, «Онда мен де қобызымды мынадайын компайтып қоймайын, қарнын орта етейин» деп, ишин тегип, сести ашық шығатуғын етеди.

Сол ўақытлары ханнан да хабар жетеди. «Қорқыт баба жанлының да, жансыздың да тилин билетуғын еди. Не ушын тым-тырыс. Неге мениң ғамлы көўилиме тәселле бермейди. Шақыртың Қорқытты» деген-нен кейин баба енди ғана ҳаўазы жиңлесе баслаған сазын қолына алып, ордаға жөнеледи. Хан Қорқыт бабаны ҳүрмет-иззет пенен күтип алады.

– Ал, сөйле, абызым, – дейди хан.

Қорқыт баба сөйлеў орнына қобызын сазға салып, муңлы нама шала баслайды. Нама кем-кемнен шерли болып, отырған адамларды түўел қайғыға батырады. Хан да, қасындағы адамлар да жылап, аҳылап уҳилеп кетеди.

Бир пайыт өзин жыйнап алған хан:

- Баба, сен неге маған қайғылы хабар жеткизип турсаң? – деп ҳәктем сөйлейди. – Мен, ким жаман хабар жеткизсе, өзин өлимдар етемен, деп едим. Бундай хабар Сизден шықты ғой, аҳ?! – деп зәҳәрин шашып, орнынан ушып турыўы менен қылышқа қолы барып қалады.

Сол ўақытта Қорқыт баба:

- Тақсыр, дат! – дейди.

- Датың болса, айт! – деп хан орнына қайта отырады.

- Уллы ханымыз! Бул хабарды жеткизип турған мен емес, мына сазым. Тәңирдиң буйрығын усы айтып тур, – дейди.

Хан қаҳарли үн менен:

- Ойын мына шайтанның ойыншығын, – деп, қобыздың бет қапламасын кескилеп таслайды. Әне, қобыздың иши ойық болыўы соннан екен. Бул әсбаптың әўелги устасы Қоңыр улы Қорқыт баба дейди.

## АЙЫЛЛЫ АЙМАҚ ЖЫРАЎ
(Р-589, №180082)

Аймақ жыраў Аяқбулақ аймағында жасаған. Жас ўақтынан-ақ «Айыллы Аймақ жыраў» деген ат пенен белгили болыпты. Жыраўдың шын аты Аймуҳаммед екен. Бухарға келип, патия алған жыраўлар Аймақ жыраўдың басына түнемей кетпеген. Жыраўдың аманат жатқан жери Қызылдың ишиндеги Гене деген макан. Жыраўдың қазасынан кейин ол жер «Аймақ ата» деп аталған. Аймақ ата Шаңқай жыраўдың ғайбана устазы болыпты. Елдиң аңызына қарағанда «Аймақ жыраўдың әрўағы Шаңқайға қоныпты-мыш». Бухар әмири Наўрыз сейилине шыққанда Аймақ жыраўды уллы жыйынға шақыртып, оның қобызының қудиретине таң береди екен. Оның қобызы оғада үлкен болып, буны өзи «айқобыз» деп атаған. «Аймақтың айқобызы» деген сөз соннан қалған. Жыраўдың шәкиртлери:

Аймақ жыраў жырласа,
Айман халық жыйналар,
Айқобызы зарланса,
Аламан жаўлик қыйналар –

деген сөзди көп еслейтуғын болған. Аймақ жыраўдың атасы Ермақ батыр да қолына қобыз алған әрўақлы адам болған екен. Жыраўдың түп бабасы Айыллы Орақ деген батыр болыпты. Аймақ жыраўдың өзинен урпақ қалмаған. Жыраў дүньядан өтеринде айқобызын қәбири басына қойыўды нәсиятлапты. Халық жыраў тилегин баржай етипти. Барлық Бухар жыраўларының уллы устазы Аймақ жыраў екен.

## ТУҒЫРЛЫ ТУРҒАЙ ЖЫРАЎ
(Р-589, №180082)

Туғырлы Турғай жыраў Аяқағытпа деген жерде жасаған. Ол Жийен жыраў менен замандас екен. Турғай жыраў қарақалпақлардың қарамойын урыўынан болыпты. Қарамойынның Даянқараған деген атасынан шыққан Турсын жыраўдың баласы екен. Турсын Туғырлы деген киси аўыл арасындағы жыраў болған екен. Ал Турғай жыраў арғы жаты Түркистан, берги жаты Қоқанға белгили болған.

Турсын жыраўдың балалары өзли-өзинен шетинеп қала береди. Усыннан кейин жыраў Арыслан бапқа түнеп, Ҳәзирети Султанға зияратлап, Қорасан бабаның басына барып, Нуратада қудайы тарқатып, ҳаялы екеўи әўлийеден әўлийе қоймай көп жүреди. Ҳақ тилегин берип, ҳаялы бирден үшем туўады ҳәм усы балалары турады. Олардың атын да Аман, Есен, Турғай деп қояды. Аман менен Есен атайы шабандоз болады, ал Турғайға ата кәри - жыраўшылық қонады. Турғайдың жыраўшылығы туўралы Жийен жыраў:

– Бухарда бар Турғай жыраў,
Булбил яки торғай жыраў, - деп айтып кеткен-емиш. Турғай жыраў бозторғайдың сестин салып, гәҳи булбил болып та сайрайды екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҒАТАЙ БИЙ
(Р-22а №82401)

Қоңырат арысына аға болған Қабыл бий деген өткен. Ол Хийўа ханының жақсы көретуғын қәлпеси болған. Қабылдын қәлпелиги соншелли, ханның қолындағы қустың жуўырған аңға көзи түсип ушар болса, әўели Қабылдың қолына бир қонып алып ушады екен. Егер қус Қабылдың қолында жиатырған болса, солай аңға салады екен. Ханның қолына қоныўын өтиниш етсе, оны да орынлайтуғынға уғайды

Бир күнлери қоңырат арысынан биреў қыпшақлардың бир адамын өлтирип қойып, олардың арасында күн даўы күшейеди. Қоңыратлар қыпшақларға «күн алың» десе, олар «ақ қан аламыз» деп келисимге келмейди. Олар ханға барайын десе, қоңыраттың Қабыл бийи турған жерде өз сөзлериниң өрлемейтуғынын биледи. Усыннан кейин қыпшақлар тоқсан жастағы Ағатай бийге барып

– Ар-намыс бир еди. Әдил сөз адасып, хан менен Қабыл жарасып, жақсыны өзине, жаманды бизге қаратып тур. Аға, усының илажын өзиң таппасаң, қыпшақлар қан түўе, күнға да зар болатуғын түри бар, – дейди

«Ар намыс кетти» дегеннен соң Ағатай бий тетикленип, зарре омыраўын көтерип

– Балалар-ай, мен өз дастығымда өлермен бе екенмен деп едим. Әжелим Хийўадан шығар, барғам барайын. Дәслеп мен атарман, арызды аларман, соң олар атар, олардың оғы өтер. Таўекел, барайын, – деп ат арбаға минип, Хийўаға жөнеледи. Хан алдына арыз бенен барған Ағатай бий

– Ағатай деген мен едим,
Атаңыз бенен тең едим,
Атылды пәтли жалғыз оқ,
Қаңғып келип қадалды
Туўры берсең төрелди,
Қадалған оқ суўырылар,
Қыйсық берсең төрелди,
Тақсыр әў, ақыбети бар,
Гөриниз сизиң қуўырылар, – дейди.

Сонда хан:

– Қоңыраттан күнынды алыўға руқсат! – депти де, жаллатларын шақырып:

– Бул адамды елине ақ жүзли, абырайлы болып баргандай етип қайтарың, – депти

Бундай етип буйрық берилсе, кийген кийимин, отырар орнын дарилеп, бара өлетуғын етип қайтарады екен.

Ағатай бий де елине аман жетиўден қазаланыпты

Бул Ағатай бий өз заманында патшадан тийесили мүлкесин алып, заға басшы, көпке қосшы болып өткен инсан екен

## БАЙЫМБЕТ БАТЫР
(Р-1299, №83812)

Маңғыт Байымбет мырзаның жас гези екен. Қызылбас пенен болған бир урыста ол «батыр» атанады. Оған дайы журты қыпшақлар торы ат «мингизеди». Сол торы аттың «тулпар туқымы» екенин билип, ол оны сейислей береди

Бул гез – «Айдосқала» деген кенттиң питип, қарақалпақтың бас бийи Айдос бабаның «қоныстойы» бериўге таярланып атырған мәҳәли екен. Бир күнлери көптен күткен той да басланады. Тойда жигирма, отыз, қырық шақырымлық мәнзиллерге ат жибериледи. Байымбет батыр да байгиге өзиниң торы атын қосады. Байымбеттиң торысы алдына ат түтирмей, айланбадан биринши болып келеди

Бул ўақыя оның елин қуўанышқа бөлеп, маңғытлар өзли-өзинен сүйинши сорап, бир көтерилип қалады. Атқа Маман бий де ынтық болып, оған сын береди. Торының даңқынан хабары бар басқа бийлер де өзли-өзинен оны саўдалап келе баслайды. Бирақ, батыр ҳеш қайсысына да бермейди

Торы аттың тарипин еситкен Хийўа ханы Айдос бийге:

– Бундай тулпар бизге мүнасип. Оны Хийўаға келтириң, – деп адам жибереди

Айдос баба ел бийлери менен кеңесип, атты ханға саўға етиў керек, деп уйғарады. Байымбет батырға бийлер өз шешимин билдиреди. Лекин, батыр оған ырзалық бермейди

Қай заманда болғын, елдиң, халықтың атын усындай тулпарлар да шығарған. Байымбет батыр Есенкелди бий менен ойласады. Есенкелди бийдиң де пикири батыр менен бир жерден шығады. Елдиң абырайлы кәтқудасы Жаўынбай хожа да булардың тәрепин алады. Байымбет батырдың бирбеткейлигин билген Айдос бий Әмнет ийшанға адам салып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Қалай да, атты ханға тартыў ететуғын болайық. Усыны өзиңиз ҳал қылып бериң, – деп сәлем айтады.

Енди Әннет ийшан қатерге түсип:

– Хан ийемниң ықласы кете қойған екен, сенлер де түўе, бир атқа сонша жабысып... Торы ат шыққан үйирден тағы бир тулпар туўылмас па? Қарақалпақта ат қалыпты ма? Оннан да сол торыны берип, абыройлы болмайсыз ба? – деп гәп ашады.

Әннет ийшан ханның да исенимли адамларынан болған. Десе де, ол Байымбет батырды да, оны жақлаған Жаўынбай хожаны да өз дегенине көндире алмайды. Усы жерде Әннет ийшан менен Жаўынбай хожа айтысып қалып, буның изи насырға шабады. Уламалар ҳәмирге келмей, бир-биринен нала болып, терис пәтия етиседи. Екеўиниң де нәзери қатты екен. Арадан үш күн өтип, олар бириниң изинен бири қайтыс болады.

Енди Хийўа ханы Байымбет батырға өшигеди. Айдос бийге астыртын хат жоллап, Байымбет батырды өлтириўди ҳәм маңғытларды шабыўды тапсырады. Қоңыратлар тегис атқа минеди. Ақыбети усындай боларын сезген намыслы батыр «Ел бүлгенше, өзим-ақ бас саўғалайын» деп, түни-түни суўыт жүрип, Қырдағы қабақлардың арасына кетеди.

Байымбет батыр усылайынша барған елине сиңеди. Батырдың шериги жалғыз ғана сол торы аты болады. Күнлер өте береди. Дәслеп жалқы жүрген батыр соң үйли-дәскели болып, Ақшабийке исимли қызға үйленеди. Өзи алты ата Алшынның белли батырына айланады. «Кимсең, Байымбет батыр» атанады.

Бир күни тойда Байымбет батырдың тамағына сүйек кетип, нардай азамат демде азып-жүдеп, болдырып қалады. Бул Ақшабийкениң бойындағы ҳәмилесиниң айы-күни шамаласып турған ўақытлары екен. Ал, батырдың аўҳалы аўырласа береди. Өзиниң өлетуғынына көзи жеткен батыр қостарын жанына отырғызып, оған көп сырды ашады ҳәм жубатыў айтады:

– Мениң шыққан тегим – қарақалпақтың маңғыт ели, оның ишинде шүйинт урыўынан. Анам Шынар – жағалтайлардан... Усыннан аман-есен көз жарып, уллы болсаң, баламның атын Шүйитбай деп қойғайсаң. Қыз туўсаң, анамның исмин бер! – деп аманат етеди.

Көп узамай батыр көз жумады.

Батыр қайтыс болғаннан кейин Ақшабийке босанады. Ул перзентли болып, исмин Шүйитбай деп қояды. Сол Шүйитбай өсип-өнип, оннан Амаллық, Шуғыл, Сырлыбай, Жағалтай деген балалар туўылады. Шүйитбайға дәўлет питип, ҳәр баласы бир-бир аўыл болады. Мине, бир аттың себебинен Байымбет батыр усылай елден айра түскен екен.

## АҚМАҢҒЫТ АҚША БАТЫР
(1299, №183812)

Ақмаңғыт Ербатыр мырзаның Ақпан, Тоқпан, Улықпан, Соқпан деген балалары өз батырлығы, сақыйлығы ҳәм ақыллылығы менен ел-елатқа танылған. Булардың үлкени Ақпан батыр. Ақпан батырдан Жансейит, Бақсейит, Бексейит, Ерсейит, Мәрсейит, Нурсейит деген перзентлер дөрейди. Жансейит Бухарада оқып, тәлим алған екен. Оның урпақлары көбирек илим билимге бейим болады. Бирақ қандағы батырлық қәсийет Жансейит бабаның барлық әўладларына да өтken көринеди. Жансейит уламаның үлкен ҳаялы Сарыбийке анадан Ақша, Көкше деген еки бала, Қуллы, Жаныкей, Керкем деген үш қыз туўылады. Сарыбийке ана табиятынан сары сынлы ҳәм қолы ашық, кең инсан болғанлықтан ел-журт арасында «Сарыкемпир», «Молбийке» атанған. Сарыбийке ана – муйтенниң бақшақ урыўынан болады. Жансейит бабаның киши ҳаялы Малийке ана – қара қоңыратлардан болған. Қара қоңыратлардың ишиндеги тоқсабалардан. Қара қоңыратлардың негизи қыпшақ болып, бир жылы олардың аўылын тосаттан жаў шаўып, еркек киндиктиң бәри қылыштан өтеди. Солардан аўыл сыртына отынға кеткен жети бала ғана тири қалып, олар дайы журты қоңыратлардың қолында тәрбияланғанлықтан «қара қоңырат» аталады. Малийке аналықтың шығысын негизге алған ел уллы аналарын «Қаракемпир» атандырады. Малийке аналықтан Бекше, Екше деген еки бала, Ханзада, Ақық деген еки қыз туўылады. «Улдың аты үйкес, қыздың аты қыйғаш» деген нақылға жүгинген Жансейит баба перзентлерине усылай исм бергенге усайды.

Жансейит бабаның басқа ҳаялларынан да перзентлер болып, олардың балалары да кишкентайынан усы еки аналыққа баўыр басып өседи. Қарақалпақта «Маңғыттың қызы ерге ес еди, ләбизи тас кеседи, қыз алсаң Маңғыттан ал, ҳасылы қызға өтеди» деген ески гәп бар. Сол айтылғанындай, Жансейит бабаның бойындағы кәраматлар, пәзийлетлер қызларына, олардан дөреген жийенлерине, жийеншелерине де көбирек жуққан деседи.

«Қаракемпир» атанған Малийке аналықтан туўылған Бекше ҳәм Екше мырзалар да атқа шыққан атақлы батырлар болыпты.

Сарыбийке мамадан туўылған Ақша менен Көкше кесек минезли балалар болады. Ақша мырза кишкен-

www.ziyouz.com kutubxonasi

тайынан парўайап болып өседи. Өзи уйқышыллаў екен. Күн сәскеге таянғанда өзине сала, қойды «қудыққа қулатып», өзи қарүйдиң батыс тәрепине өтип уйқыға киригеди екен, түсте отаўдың арғы жағына шығып жатады екен, түс аўа отардан тағы бир хабар алып, иргениң шығыс тусына шығып уйқылайды екен. Күн қалай қарай аўға, Ақша мырза да көлеңкеге қарай аўысып, қурым кийизди таслай салып, уйқыдан бир бас көтермейди екен. Қатар-қурбылары Сарыбийке мамаға «бул бала уйқылы-ояў гезинде бойына питкенге уқсайды-аў» деп ҳәзиллесетуғын усайды.

Күнлерден бир күни жылқыға жаў шаўып, аўылдың тайлы-туяғы қалмай жарағына жуўырғанда, улы шаўқымнан уйқысы бузылған Ақша мырза өзине сала түси я оңы екенин билмей, үстине жадағайды иле сала атына ырғып минип, жаўға қарай шаба жөнелипти. Ақша мырза астына ерсиз аттың арқасы батқанын да елемей, шаба береди. Путында тек шолақ дамбал, ийнинде жалбыраған жадағайдан басқа ҳештеңе де жоқ екен. Сонда да ол алды ашық, төси жалтыраған ҳалында артына қарамастан «Маңғыт-ҳай!» деп қыйғырыўы менен жаўдың изинен елерип умтылады. Басқалар дуўлығасын кийип, саўыт сайманын ағынып, муздай қурсанып шапса, бул жалаңаш күйде-ақ жалаң қолын шоқмар тәризли етип түйиўи менен жоқары көтерип, жаўды әдеўир жерге дейин қуўып салып, алды-артына қарамай қашқан қарақшылардан жылқы үйирин түп-түгел қайырып әкелип болып, қайтадан үйдиң иргесине қарай аўнап жата кетипти. «Жалаң аяқ, жалаң бас, жалаң мойын, жалаң төс жаў қайтарды» деген сөз соннан қалған екен.

Бир күни Ақша мырзаның Шағатай деген жорасы «буның менен бир ойнайын» деп, уўлы тиси жулынған ала шубар жыланды әкелип оның қойнына салып жибереди. Жылан жылыса келип Ақша мырзаның мойнына оратылады. Бир гезде мырзаның алқымы қысылып, жутқыншағы мул-муздай болып кетеди. Дем алыўы аўырласқаннан кейин уйқысы қашып еплеп көзин ашса, қулағы ма, жағы ма — жалп-жалпайған бир бәдбашер жылан мойнынан орап, енди аўзына кириўге қолайласып киятырған.

Оны ислеген жорасы «не қылар екен?» деп сырттан бақлап турады. Ақша мырза көзин қайтадан жумады да, жыланның аўзына кириўин күтеди. Жыланның ҳәрекетин өз деми ҳәм оның ысылдысынан байқап жатады. Сол ўақытта жылан ас-адамның ийиси келип турған, аңқайып ашыўлы қалған аўызға кире береди. Ақша мырзаның аўзына жыланның бойы төрт елидей кирген гезде оны ғырш еттирип бир тислейди де, тили суўмаңлап қалған басын түпирип таслайды. Жыланның басқа жағы ийрелеңлеўи менен қала береди. Ақша мырзаны күни менен үй артында бақлап турған жорасы сол ўақытта «ўаҳаҳалап» күлип жибереди. Ақша мырза даўыс шыққан жаққа жалт қараса, жорасы. Жаңағы исти «соннан келген бәле» деп пәмлеп, «Пай, үсийтип адамның шырышын бузасыз-аў» деўи менен қайтадан оң жағына қарай аўдарылып, тағы да уйқыға бас қойған екен.

Он төрт - он бес жаслар шамасында ўақыттың өзинде ақ Ақша мырза өзи қатарлы жигитлерге бас болып, олар менен «әскер ойынын» өтиереди ҳәм өзинен кишите де үлкенге де жол жоба көрсете алатуғын дәрежеге жетиседи. Усындай пазыйлетлери ҳәм ел қорғаўдағы ерликлери менен толайым журтқа танылған Ақша мырза он жети-он сегизлерге келгенде батыр атанады. «Отызда орда бузар» шаққа жеткенинде қалың елге бий болады.

Ақша мырза, Ақша батыр, Ақша бий деген атағы менен көпшиликке мәлим журт ағасының әўладлары бабаның көзиниң тирисинде-ақ алты бирдей гүрең аўылды қурайды. «Алты аўыл Ақша» деген ибараның мәниси усыннан шыққан. Ақша баба жети урпағына шейин сын берип кеткен екен. Бабаның айтқанлары айдай келип, арадан неше әўладлар алмасса да, оның болжаўы дурысқа шығыпты.

## АҚМАҢҒЫТТЫҢ АҚПАНЫ МЕНЕН ТОҚПАНЫ

(Р-1299, №183812)

Ербатыр мырза таң алдында көрген түсин анасы Тыныштай мамаға айтады:

– Жыс тоғайдың арасы менен кетип баратыр екенмен. Бир гезде атым қулағын қайшылап тура қалды. Қарасам, алдымда еки бала арыслан турған екен. Аттың үркетуғынын билдим де, дизгинди тартып, қыя жолға салып кеттим. Оңнан изиме жалт бурылсам, бағанағы бала арысланлар бизге жақынласып қалыпты, жуўырған сайын олар үлкейип киятыр. Изиме жеткен гезде оянып кеттим.

Тыныштай ана баласының түсин тыңлап:

– Қуда қәлесе, балам, арыстандай қос ул көреди екенсең, олар да өзиңниң изиңди басқандай беглер болар. Усы түсимизди пайғамбарлар жорытсын! Әмин! – деп тилек етеди.

Арадан айлар өтип, Ербатыр мырзаның жубайы Күнсулыў көз жарады. Туўылған ул перзенттиң атын Ақпан деп қойды. Ақпан алты айлық болғанда Күнсулыў көкел сүти менен екинши перзентин көтереди. Арадан тоғыз ай, тоғыз күн өтип, айы-күни жетип туўылған бул баланың исмин Тоқпан деп қойды. Тыныштай ана еки ақлығын да «жүреги кең болсын, қысылып жатпасын» деп, бесикке бөлетпейди, қус төсекте өсиреди. Ақпан менен Тоқпанның шешеси Күнсулыў да, мамасы Тыныштай ана да қыпшақ қызлары

www.ziyouz.com kutubxonasi

екен. Дасқал өскен қос ул дайы журтына барғанда бир-бир үйир жылқы алып, оларға маңғыттың қылышы тамғасы басылады.

Бурын Наўрыз сейили ўақтында ақсақаллар ҳарқыйлы ойынлар, сынлар өткерип, балалардың қабилетин байқаған. Жаяў жарысқа жиберип, жүйриклигин, асық ойнатып, алықлығын, жамбы аттырып, мергенлигин, ат үстинде өнер көрсеттирип, шаққанлығын, гүрес тутқызып, палўанлығын аңлаған ҳәм т.б. Усындай жамаат жам болғанда Ербатыр мырза көпшиликтиң көзинше еки баласын сынамақшы болады. Оларды жанына шақырып:

- Балаларым, мен ҳәзир бирин ана тусқа, бирин мына тусқа сабын жерге беккем етип көмип, ушын жоқары қаратып еки қанжар қояман. Сизлер туў ана белгиден бери қарай жүўырып келип, усы қанжардың үстине бойыңызды таслайсыз. Усы ара – тарип, - деп, еки жерге қанжарды нықлап қойды да үстине шаршы жабады.

Сөйтеди де:

– Ал, балаларым, орынларыңа барыңлар. Белги берген ўақытында жүўырасызлар, – деп, екеўин межели жерге жибереди.

Балалары шапқылағып кетеди. Олар кетиўден қанжардың орнына өзи таярлап тахтаи етип жонып шығарған, қуўраған гөўректиң ишиндеги бос жағын тикейтип қойып, үстине орамалды жаба салады. Ақпан менен Тоқпан көрсетилген жерге барып турған гезде әлеўмет олардың қызығына қарағып, еки сабийге көз тиреди. «Жүўырың!» деген гезде екеўи қулдыраңлап шаўып келип, шаршының үстин баса-маса қулайды. Ербатыр мырза да, халық та еки баланың бойында бабаларына тән қасийет бар екенине көзи жетип, олардың желкесине түпиреди. Балалардың туўысқы екенлиги, бегли белгили болады. Ербатыр мырза балаларының жолы ашылыўы ушын бир жан шығарып, ел ақсақалларының пәтиясын алады. Бул бурынғы бабалардан қалған жол екен.

Күнлерден бир күни Ақпан менен Тоқпан асық ойнап жүрсе, олардың жанына ақ сақаллы, ақ сәллели, ақ шапанлы, ақбоз ат минген бир қария келеди. Екеўи бирден қарияға сәлем береди. Ол сәлемди әлик алып, балалардан жол сорайды. Ақпан менен Тоқпан қарияның алдына түсип отырып, аўылдың арқа тәрепиндеги дақыл жолды бабаға көрсетеди. Үлкен гүзар жолдың бойына шыққан соң қария:

- Қарақларым, екеўиң де болайын деп турған бала екенсеңлер. Мен Шашлы Әзиз атлы бабаңызбан. Қыйналсаңыз, қысылсаңыз, қай ўақ мениң атымды атасаңлар, жаныңызда тайын боламан. Мен бүгин екеўиниң халыңнан хабар алыўға келип едим. Шүкир, көрдим өзлериңди. Қане, балаларым, қолларыңды жайыңлар! – деп сабийлерге пәтиясын берип, көзден ғайып болады.

Олар аң-таң болыўы менен қалады. Лекин бабаның кескин-кейипи бир өмир екеўиниң есинде қалады. Баба бирнеше мәрте олардың түслерине де енеди.

Ноғайдың заманы екен. Ол ўақта қарақалпақта «Ел шетине жаў келсе, мен барайын» деп өмирин турған жигитлер еки үйдиң биринде болған. Аўылдан онша узақ болмаған тусқа атларын суўытып жүрген Ақпан менен Тоқпан тепсең жерде емин еркин жайылып жүрген жылқыларды топа-торыстан бас салып, суўыт айдап баратырған бир топ түси суўық адамларды көрип қалып, биреўи «Тоқпан! Ҳа Тоқпан!» деп қыйғырса, екиншиси «Ақпан! Ҳа Ақпан!» деп айқай салып қарақшылардың изинен түре қуўады. Екеўи бирден «Ўа, пирим, Әзиз баба!» деп бақырады. Сол сүреңлеўи менен оларды қуўып жетип, ҳәрқайсысы бес қарақшыны байлап-матап аўылға алып келеди. Бул Ақпанның он бести толтырған, Тоқпанның он төртке қараған шағы екен. Аўыл адамлары қарақшыларды сораўға тутып:

– Бизиң бул еки баланың қолына соншаңыз қалай түстиңиз? - дегенде:

- Гил батырлардың атын ураңлап шапқан қалың лашкер келип қалғандай болды көзимизге. Аяқ-қолымыздан жан кетип қалды, – депти.

Ақпан менен Тоқпан сонда:

- Бизлердиң қапталымыздан тутас ақ кийинген, ақ ат минген Шашлы Әзиз бабаның өзи «Келдим, қуўатларым!» деп шаўып өтти, – дейди.

Қарақшылардың көзине қапланған нөкердей болып көринген қос батырға қонған баба арўағы екен. Усыннан кейин булар барда елге уры-қары жолай алмай жүрген..

Ақпан менен Тоқпан гилең сайдың тасындай сақа жигитлерди топлап, оларды мүздан қарыўландырып, ертеректе бенде болып кеткен маңғыттың еки аўылын жаў қолынан азат етеди. Булардың бир топары «жаманшақ» деп лақап алса, елге соң қосылған екинши аўыл «қосар» атанады. Бул Ақпан менен Тоқпанның бири жигирма бирдиң үстинде жүрген, екиншиси жигирмаға жаңа илигип турған гези екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛТЫ ЖАСАР АСҚАР
(1299, №183812)

Арғы теги бир түбирден өрбиген туўысқан еки журттың узақ жыллар жаўласқан ўақытлары екен. Қанша ўәжлер айтылса да, олардың катқудалары бир келисимге келе алмайды. Бийлердиң бир мәселени шеше алмай жүргенин абайлаған Асқар олар күнде жыйналатуғын «маслаҳаттөбе» деп аталатуғын бийик дөңге келип, ақсақаллардың гәпине қулақ түреди. Гәплериниң рамаўчинен байқаса, еки тәрептиң бийлери де бири-бириниң сөзлерин тыңламай атырған көринеди. Усы даўды шешиў ушын неше мәрте адам жиберилсе де, ортадағы машқала шешимин таппаған екен. Бул Оразақ батырдың баласы Асқардың жаңа алтыға шыққан ўақты болса керек. Әкесиниң бир дизесин баса, ийегине қолын қойып ериелеп отырған Асқар:

– Аталар, усы ески даўды питистириўге мен барып қайтайын да... – деп айтып қалады.

Еле «ойын баласы» деп жүрген Асқардың тосаттан айтқан бул гәпине ҳәм батыл шешимине бийлер қайран қалысады. Солай да болса, «Ақыл жастан...» деген нақылды еслеген елат ағалары асқардың бул ыкласын, бул ойын дурыс көреди.

Бийлер олар ойластырған питимге «баланың барыўы» мәселесин ортаға салса, Асқар сөзди онша созып отырмастан:

– Маған бир түйе менен бир серке берсеңиз болды, арғы жағының бир илажы болар, – деп, гәпти шорта кесипти.

Әкеси Оразақ батырдың балалығында шоқ болғанлығын билетуғын бийлер Асқарда да «бир нәтийже бар» екенлигин аңлап, оның айтқан талабын қанаатландырыў илажын ислейди. Бала жол жүреринде олар Асқардың жетегине бир түйе менен серкени услатып турып, «Исиң оңына басқай!» деп пәтия берип қалады.

Асқар түйе менен серкени жетегине алып, айтылған мәнзилге де барады. Түйе менен серкени жетеклеген баланы көрген қоңсы елаттың ақсақаллары:

– Ей, балақай, жол болсын! – деп қарсы алады.

– Әлей болсын, аталар! – деп Асқар да сәлем береди.

– Қайдан келдиң, қай жаққа жол алдың? – дейди бийлер.

– Мен сизлерге келдим, – дейди Асқар.

– Не шаруа еди? – деседи бийлер.

– Әкемниң бир тентек иниси бар еди, әкем екеўи атасынан қалған ғалы-гилемди бөлисе алмай, неше жылдан берли даўласып жүр. Ақыр-соңында сол даўды питистириўге өзим белсенип шықтым, – деп түсиник береди бала.

– Айтпа, сениң өзге үлкениң жоқ па еди, а? – дейди бийлер.

– Бар! – деп, балақай түйени көрсетеди.

– «Үлкен» дегенде, биздей ийегинде сақалы бар жанды айтып турмыз, – дейди ақсақаллар.

– Сақалы бары да бар, минекей! – деп серкени көрсетеди.

– Вай-бай, бала-аў, мына жанын не дейт...? – деп бийлер бир-бирине қарасады.

Сонда олардың ишиндеги жасүлкени:

– Айта бер, балам, шаруаңды, – дейди де, баланың сөзине құлақ қойды.

Асқар айтады:

– Мениң әкем өзиниң туўған иниси менен бир гилемди неше жылдан берли бөлисе алмай жүр. Олар ортасынан кескенди қәлейди, мен узынасына кескенди дурыс көремен. Соны олар шеше алмай-ақ қойды, соған сизлер не дейсиз? – деп сораўлы тигиледи.

Бийлер бир аўыздан:

– Оны ортасынан бөлгеннен соң ол кимге жетеди? Узынасына бөлген дурыс ғой! – деседи.

Асқар:

– Онда, сизлердиң гәпиңиз усы даўға кесим болды. Мен соны айтаман, – деп жүриўге руқсат сорайды.

Бийлер Асқарға пәтия берип, өз қатарларынан алыс болып турған бул баланың ҳәдден тыс зийреклигине ырза болады.

Сол пайытта бийлердиң биреўи:

– Мына баланың дийдилеп турғаны және биз даўласып жүрген Сырдың бойы болмасын тағы?! Мүмкин, соны астарлап айтып турғаны шығар?! – дейди.

– Асқаржан, сениң айтып турғаның «жер кийкилжиңи» емес пе...? – дейди бийлердиң биреўи.

– Аўа, сол еди, аталар! – деп жуўап береди Асқар.

Сонда ғана бийлер Асқардың сөзиниң төркинине түсинип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Ҳа, мына шежик бизди анық бекиштирди. Үлкенлер үдделей алмаған исти бул балақай бежерди. Астаўпыраллаҳ! Астаўпыраллаҳ! Бул төремиз анаў-мынаў емес, ҳақыйқый бала бий болып шықты, шынында да сездиң шынайы маманы екен, – деп Асқарға қайыл болады.

Олар Асқарды қайтадан шақырып алып, үстине шапан кийгизип, астына ат миндиреди ҳәм «Ендигидей былай сениң атың «Маман, Маман, Маман болсын!» деп, үш мәрте тәкирарлап, ақ пәтияларын береди. Соннан баслап Оразақ батырдың бул баласы «Маман» атанып, соңынан алты арыстың атақлы ҳәм ардақлы бийи болған екен.

## КӨККӨЗ БАТЫР ҲӘМ КӨКЖАЛ БАРАҚ

(Р-1299, №183812)

Қазаяқлы Қараша палўанның тұқымында Көккөз батыр деген өткен. Оның шын аты Манас екен. Арғы ата-бабаларын «Көпуста» деп те атапты.

Көккөз батыр әўелде Хийўа ханының наййбы болыпты. Наййптың хызмети – өз қарамағындағы халықтың хабарын ханға билдирип турыў ҳәм салықтың ўақтында жыйналыўын тәмийинлеў екен. Хан наййпларының абырайы сарайдағылардан кем болмапты. Көккөз батырдың сүсы басым болып, ханнан ўәкиллик алған салық жыйнаўшыларды өзи басқарып, оларды бассындырмайды екен, басқаларға да пай бермейди екен. Сарай ҳәмелдарлары да Көккөзден айбынатуғын болыпты. Олар ханлық ғәзийнесине түсетуғын салықты өзлери қабыллап алғаннан кейин, оннан жырып қалады екен. Бара-бара олардың арасы ашыла баслайды. Баста аз-аздан алса, кейин ала алқымды мүдиў кеңейтипти.

Ғәзийнеге түсетуғын салық муғдары кемейгеннен ханда да гүман пайда болады. Ал, сарай ҳәмелдарлары Көккөз батырдың хан алдына барып қойыўынан қорқып, астыртын ойласық қылады. Олар өзара келисип, биринен кейин бири Көккөзди ханға жаманлап бара берипти. Ҳәмме бирдей жайсыз хабар жеткизе бергеннен соң хан Көккөзден шын қәдиксирейди ҳәм барлық ҳәмелдарларды алдына шақырып алып, олардың пикирин бирме-бир тыңлайды. Бир-бири менен тил бириктирген сарайдағылардың сөзи бир жерден шығып, Көккөзге жаза сорайды. Хан Көккөзди хызметинен алыўға буйрық береди ҳәм оны жазалайтуғын болады.

Бул ўақ Сырдың арғы жағындағы қарақалпақларды Бараҳ султан қайта-қайта шаўып турған түс екен. Жаўыз болғаны ушын журт оны «Көкжал Барақ» деп атапты. Көкжал Барақ қарақалпақты бир емес, бирнеше мәрте қатара шабады. Ол мың-мыңлап малды, он мыңлап жанды алдына салып айдап, Арқаға кетеди. Көкжал Барақ қарақалпақтың бир бөлегин өзине қосып алған Абылқайыр ханның да ордасына топылыс жасап, оны да жазым қылады. Сол тусқа, Абылқайыр ханның баласы Ералы султан Көккөздиң Хийўа ханының наййбы ҳәм Елибай қарақалпақларының белли батыры екенин еситеди. Ералы султанның ордасында да бирнеше қарақалпақ батырлары болып, Көккөздиң хабарын солардан билип турған екен ҳәм оның өз сорамына келиўиниң тилегинде екен. Ералы султан Қырда «хан» деп аталған.

Хийўа ханының сыртынан жаза буйырғанын өз тилеклеслеринен еситкен Көккөз бир түнде елди тик аяққа турғызып, барлық малы-жаны менен Ералы султанның журтына атланады. Кетеринде Елибай жерин туўысқаны Қара батырға тапсырады. Көккөздиң изине ергенлер көп болып, бир тайпа ел Сырдың арғы тәрепине өтип кетеди. «Журт үстине журт келсе – ол да ханның даўлети, журт үстинен журт кетсе – ол да ханның зәўмети» деп, өз журтына аз емес, бир тайпа елдиң Көккөз батырдың басшылығында келгенине Ералы султанның көўили шад болады. Елибай журтшылығы Ералы султанның журтын «Әли қалмақ» деп жақтырмаса да, оларға қосылған өз баўырласлары «Байсары балалары» барлығы ушын қарым-қатнасты да үзгиси келмейди. Сол аралықта орда ийесиниң Баракқа қарсы урысажақлығын еситип, сырттағы қарақалпақ батырларының базылары олар менен биригеди. Оның үстине Көккөз баслаған бирлүтин қол тағы келеди. Сейтип, Ералы хан қарамағында Арыс балаларының қарасы көбейеди.

Ералы хан Көккөзди исенимли билип, көп өтпей оны өз ордасына нөкербасы етип қояды. Ханның ордасын қорғаған Көккөз басшылығындағы қарақалпақ нөкерлери тұқым-тебериги менен «төлеңгит» аталып, төре әўладларының қасына жайлағады.

Көккөз сарайдан кеткеннен кейин оның айыбы жоқ екени белгили болып, Хийўа ханы оны алдыртқысы келипти. Өзиниң исенген адамы болғаннан кейин ағайинлерин жиберип шақырттырады да. Бирақ, Көккөз келгенлерди кейин қайтарады. Ералы хан да өз батырын жибергиси келмейтуғынын мәлимлейди. Көккөз күнде өз нөкерлери менен серик ойынын өткереди екен. Ералы хан Көккөздиң ер минезин ҳәм жан майданында сыналған нағыз сардар екенлигин аңлап, оған әскер дүзиўди буйырады. Тез арада сайлы-сайлы жигитлерден әскер дүзиледи. Көккөздиң исине көўили толған хан оны әскербасы етип жариялайды. Әскер ойыны өте береди.

Бир күни Ералы хан әскер ойынын көрип, олардың қан майданға түсиўге таяр екенин аңлайды. Ол

Кеккезге әкеси Абылқайыр ханның кегин қайтарыў ушын Көкжал Баракқа қарсы атланысқа шығыў кереклигин айтады. Көкжал Барақ бир қарақалпақты емес, Сыр бойындағы барлық аўыл-аймақты тоз-тоз еткен екен. Ол Түркистандағы хожалар Көкжал Барақтың үстинен ҳүким шығарып қойғанлығын да батырдың есине салады. Кеккездиң тилеги де Барақ султан менен жекпе-жекке түсиў екен. Кеккез аз әскериниң урысқа таяр екенлигин билдиреди. Кеккез бенен оның нөкерлериниң де ойы бир жерден шығады. Кеккез Қорасан бабаның аўлады Ер Сейитпенбет пенен дос екен. Ол урысқа атланарда хожалардың пәтиўасын алып, Ер Сейитпенбет пирден пәтия алады. «Я, Арыслан бап!», «Я, Қорасан баба!», «Я, Ақпышақ!» деп, пирлер менен ата ураңды айтып шыққан батырлар урысқа атланады. Кеккездиң қасында баласы Жумақай да болады.

Бир айға шамалас жүргеннен кейин булар Барақ султанның қолы менен ушырасады. Бир-бирине хабар салғаннан кейин таярлығы бар еки тәрептиң қолы да урысқа кирисип кетеди. Көкжал Барақтың әскерлери көп екен. Әўелги гезде Барақтың күши басым көринге де, «қаналастың, қарындастың қаны ушын» деп шыққан батырлар урысқа пәтленип түседи, қарсыласларын састырады. Бирақ, Барақ султан Арқаға қарай шегине отырып, ҳийле-тәсилди көбейтеди. Ойламаған жерден постырма қойып, Кеккез қолын бираз шығынға ушыратады.

Ашық майданда урысып қалған Кеккез әскерлери тосын ҳүжимлерден албырайды. Оның үстине Арқада қыс ерте түсип, жыллы жақтан барған жаўынгерлер буған шыдамай, өзлерин суўыққа алдырып алады. Әскердиң саны семсий баслайды. Аўыр жараланған нөкерлерди Кеккездиң өзи елге қайтарады. Урыс бирнеше айларға созылып кетеди. Кеккездиң адамы азайып қалса да, қайтпай урыс сала береди. Ақыры Кеккез батыр Көкжал Барақты жеңеди. Көкжал Барақ қарақалпақтың атышўлы батырының қолынан усылай қаза табады.

Кеккез батыр қолы Көкжал Барақты жеңген гезде Ер Сейитпенбет пир қатты аўырып жатырған екен. Ол жаңы үәлилерде Кеккездиң күшиниң басым екенин, оны арўақ қоллап турғанын, Жумақайдың да урысқа түскенлигин ҳәм жақын арада олардың жеңис пенен оралатуғынлығын айтады. Ер Сейитпенбет пир Қармақшының тусындағы Сарбулақ деген жерге дәпин етиледи.

Ералы хан Кеккез батырдың жеңис пенен қайтырғанын еситип, ақ түйелерди сойдыртып, уллы тойды баслап жибереди. Батырды сән-салтанат пенен күтип алады. Жеңис пенен оралған нөкерлердиң барлығына сайға береди. Той үстинде Кеккез батырға асық жилик усланады. Кеккездиң ерлиги ушын оған «Шаҳаман» деген атақты берип, хантамға сыйлайды. Кеккез батыр урпағы енди қазақлының тамғасы менен қатар, төрелердиң хантамғасын да еншилейди. Кеккез батырдың исми шежирете «Шаҳаман» деп киргизиледи ҳәм бул атақ журтшылық арасына кең жайылып кетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

80- ТОМ



# ШЕЖИРЕЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ШЕЖИРЕСИ

(Р-1255, №183198)

1526-жыллар шамасында қарақалпақ халқы Едилден көшип келген дәўирде Түркистанды Батыр хан деген басқарады екен. Бул жерге бурынырақ көшип келген қолдаўлы Ҳажыгелди деген адам өзиниң пазыйлети, ҳүсни менен ханға жаранып, ўазир болады, патшадан ҳәм билими көп болады. Сол ўақытлары ханлықтың бул бөлиминен бажы пулы көп келеди. Ҳажыгелдиниң себебинен қарақалпақ халқы қоныс таўып, мал бағып, егин егип, ҳәр жақтан көшип келип орналаса береди. Енди Жийдели-Байсын жағына Қошқар аталық болады. Мияңкел жағына Асан аталық болады. Бул еки адам қолдаўлыдан шыққан. Енди Қорығы Жупар, Сарсебиз жағына Қарамойыннан Ерназар деген адам тоқсаба әмелин алады.

Күнлерден бир күн шуғыллардың сөзи менен Қошқар аталық Батыр ханға жаманлы болып, Хийўа ханына қашып келеди. Қошқар аталықтың еки баласы бар екен. Ораз ҳәм Әлий балғалы деген бул балалар Хорезмге, Хийўа қаласына көнликпейди. Атасын тыңламай, Түркистанға қайтып келип, көп ағайинниң ишинде мас болып жүре береди. Еки баланың келгенин Батыр хан еситип, оларға хызмет жасап, өлтирмекши болады. «Мениң ғәзийнеме кирип, көп ақшамды алды» деп, қазы-каланның алдына алып келеди. Сонда қарақалпақ жигитлери бул еки баланың дайысы, шериўши урыўынан Төбет батырға хабар береди. Ол қасына Тайлақ батырды ҳәм басқа да жигитлерди жыйнап, Батыр ханның алдына келеди. Сонда батыр Төбет ханға:

– Бул еки бала урлық етип, ғәзнаға түспейди. Оларды маған бериң, – дейди.

Батыр хан оған:

– Қарақалпағыңды ақлама! Жөниңизге жүре бериң! – депти.

Сонда Төбет батыр еки балаға поляттан исленген бир бизди берип:

– Бизди наңға «я, Аллаҳ» деп бас! Ҳақ болсаң, биз наңға кирмейди. Егер қара болсаң, биз наңға шаншылады, – дейди.

Соң ханға қарап:

– Мен балаларға полат биз бенен бир нан бердим. Олар бизди наңға шаншады. Егер олар ҳақ болса, биз наңға кирмейди, қара болса, биз наңға шаншылады. Биздиң ушы наңға кирмей, ушы екиге айрылса, онда сениң бизге жаў болғаның. Қалғанын ертең азанда сөйлесемиз, – дейди де, жигитлерин ертип шығып кетеди.

Батыр хан өзиниң қазысын шақырып алып оған:

– Мени Төбет батырдың жигитлери өлтирсе, шабылған басымды алып орнына қойсаң, мен қайтадан тирилемен. Егер олар мениң басым менен гөўдемниң арасынан ийт өткерсе, онда мениң биротала өлгеним, – дейди.

Батыр ханның бул гәпин Төбет батырдың жансызлары еситип, оған жеткерип барады.

Ертеңине азанда ҳәмме жыйналып, қазының алдына келеди. Усы жерде Ораз балғалы полат бизди ҳәммениң алдында «Я, Алла» деп наңға шаншыйды. Биздиң ушы екиге айрылады. Төбет батыр ашыўы келип, қаҳәр менен қылышын алып, Батыр ханның басын шаўып таслайды. Оның жигитлери Батыр ханның гөўдеси менен басының арасынан ийт өткереди. Солай етип, Төбет батыр еки жийенин өлимнен сақлап қалады. Енди қарақалпақ халқының Түркистаннан көшиўине себеп болды. Бул Батыр хан деген ҳақлы төре, Саңқай әўлийе дегеннен еди. Саңқайдың ақлығы Еримбет хожа Тахтакөпирде жасаған.

* * *

Енди Батыр ханның орнына Әмир патшасы келип, Таўке ханды хан сайлап кетеди. Сол мәҳәлде көшип келген қарақалпақ халқының айланшық етип отырған саны бир мыңға толады. Есап жүзинен енди Әмирден хабар келеди: «Бир адамыңды хан көтер» деген. Енди төре табылмайды. Қарақалпақ жигитлери ханның алдына барып ойласып, бир баласын сорап алып, қарақалпаққа хан көтереди ҳәм Әмир менен келисип, аз-маз ўақыт парахат табады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Таўке қарақалпақ халқына салықты көп салып, халықты ашлыққа гириптар етеди. Сонда қарақалпақ батыры Төбет батыр бас болып Таўке ханның алдына келеди ҳәм халықтың арыз-мұңын айтады. Сонда Таўке хан оларға:

– Ҳәй, жигитлер! Кимсиз? Атларыңыз ким? – дейди.

– Атым Төбет. Қасымдағылар мениң қосшыларым, – деп жуўап береди.

– Атаң саған ийттиң атын қойған екен, болмаса халқыңа хан болғандай адам екенсең, – деп, олардың арзына қулақ салмайды.

Халықтан ғалық ақшаны көп жыйнап, Таўке ханның баласы салықты түйеге артып кетейин деп атырғанда қарақалпақ жигитлери оған:

– Бунда ғарип-қәсер, жетим-жесирлер бар. Усылардың пайын берип кетиң, –деседи.

Бирақ Таўке ханның баласы олардың сөзине қулақ аспай, сөз алысып, олар ханның баласын өлтирип қояды. Бул хабарды Таўке хан еситип қапа болып, Қоқан ханы Музаппар менен бирлесип, өш алыў ушын қарақалпақты қатты қыса баслайды. Сонда халықтың аўзындағы:

Әўеле бул қалаға ҳажы келди,
Хан өлген соң қай журттан бажы келди,
Ийт атлы шаҳариңди алар деген,
Бабағы Таўке ханның сөзи келди, –

деген сөз нақыл болып, қарақалпақтың Түркистаннан көшиўине себеп болады.

Қоқан ханы қарақалпақтан қыз соратып, адам жибереди. Жигитлер ойласады. Сонда Асан аталық:

– Ерназар тоқсабаны ертип өзим бараман. Дәлилин өзим айтаман, – деп, жигитлерден жуўап алып Қоқанға кетеди. Барып Қоқан ханына:

– Сизиң қыз сорағаныңыз қалай? Бул ҳеш қандай мазҳабте болмаған сөз. Биз сизиң пухараңыз бия. Өз қызыңызды сорағаныңыз айып, – депти.

Хан Асанды көндиремен деп, оны көп урдырып, қыйнайды. Асан «қыз берилмейди» деп, бир сөзинен таймайды. Қоқан ханы Асанды дарға астырып өлтиртеди. Ал Ерназар жазымын таўып қашып, «Елдеги батырлар менен келип, геллеңди алмасам, енемнен туўмай кетейин» деп, неше күн жол жүрип елге келеди. Тортай батыр, Хожаназар, Қосназар, қытайдан Асан бақ, Төбет, Тайлақ бас болып көп жигит бирлесип, Қоқанға топылыс жасаған. Олар Қоқан ханы Музаппардың геллесин алады, бирақ халқына тиймейди, бала-шағаны жылатпайды.

Енди қарақалпақ халқы Қоқан қорығы, Жуўар Сарсебиз, Мияңкөл, Түркистан, Нуратаға дейин тарайды. Енди Ерназар тоқсаба Жийдели-Байсында тоқсаба əмелин алып турғанда шуғыллар оны Әмир-Темирге жаманлап, Әмир Ерназарды тоқсаба əмелинен айырады. Сонда гүлли қоңыр жигитлери буған көнбей, Бухардың Шалеке деген базарын талайды. Бул хабарды Әмир еситип, араға адам түсип, Ерназарға тоқсаба əмелин қайтып берип, жарасық болады. Сонда бизиң қарыяларымыздың толғаўы:

Әмир Ерназарды тоқсаба қылды,
Көрмей-билмей Әмир екн сөйледи,
Шуғылға инанып шығарып қойды,
Тоқсаба əмелди қайтарып берди,
Бул иске көнбеген халықтан айрылдым,
Гүлли қарақалпақ болып топланды,
Ўақты саҳар Нақышбентте жыйналды,
Бул иске көнбеген халықтан айрылдым

* * *

Енди бул маҳалде ғалаўыт болып, мал қуўыспа көп болады. Бир жағы қазақ, бир жағы тәжиклер келип, қарақалпақтың малын қуўып кетеди. Сонда кенегес-маңғыттан көп адамлар барып, малды қайтарып алып қайтады.

Жоқарыдағы себеплер менен Түркистанда урыс болып, енди қарақалпақ халқы күн көриўге

www.ziyouz.com kutubxonasi

илажы қалмай, Сырдарьядан өтип, малларын айдап көше-көш болып, Жаңадарьяға келип түседи. Бул 1596-жыллар шамасында. Келсе, бул жер қазақ жери екен. Қазақ жигитлери оларға «көш!» деп күн бермейди. Сонда Нуртай батыр қазақтың Нурбай деген бийи менен тамыр болып, гүлли қоңырды ең бир отлы, жақсы жерден қонысландырды ҳәм қазақ жигитлери менен жақсы дослықта күн кеширеди.

Қытай халқы тентек, оты жоқ жерде отырып, күн көре алмай, қазақтан барымтаны көп қуўысып, жанжел көп болады. Қоңыр халқы парахат отырады ҳәм халық көп қорықпай, үш жыл шамасында өмир кеширеди.

Олар Хорезмге мал сатып, базарын көрип, жериниң жақсы екенин билди. Сол ўақта Қыпшақтан басқа базар жоқ. Енди қытай халқы қоңыраттың бул өслигин ҳәм байып баратырғанын көрип күнлеп, қоңыр халқына көп жаманлық ислейди. Сонда Нурбайдың бир инисин қытай жигитлери өлтирип, Қоңыраттың аўылының ишине әкелип таслап кетеди ҳәм қазақларға хабар береди. Қазақлар өлген адамды таба алмай жүргенде, олар бирге излескен болып таўып береди.

Енди қазақ халқы жаў болып, өлимтигин Нуртай батырға апарып таслайды. Енди гүлли қоңыр болып қазақларға құн төлейди. Ҳәр үйге бир тилладан келип, қалғанына қазақлар мал айдап кетеди. Кейинен қазақлар Қызылордадан уйымласып атырған әскерин алып келип, гүлли қоңыр менен урыс болып, еки жақтан көп адам қаза табады. Қожаназар, Қосназар батырлар өлип, қоңырдың даўлети қайтады. Нуртай усы еки батырдың өлгенине иши жанып, ол да өледи. Усы үш батыр Ақийек деген таўдағы Нуртай әўлийеси деген жерде жатыр.

Енди қоңыр халқы оларды қазақ пенен жаў қылып, халықты бүлдирген қытай жигитлерине өкпелеп, Хорезмге қарай кете берсин, ендиги сөзди қытайдан еситиң.

Сол ўақытлары қытайдың Барақ батыры өледи. Буны еситкен қазақтың Сарыбай батыры жигитлерине:

– Барақ өлипти. Иниси Асан жақсы болса, барып пәтия етип қайтайық. Асан жаман болса, олжа қылып, шаўып қайтайық, – депти. Олар көп адамы менен Асанның жұртына келипти. Асан оларды жақсы қарсы алып, аттан түсирип, бир отаўға киргизип, малдың жақсысын сойдырып, бир ақшам мийман етеди. Азанда олардың үстине барып сөйлеседи. Мийманларға және гөш тартырады. Сонда Сарыбай ойлап отырып: «буған бир ис қылайын, сынап көрейин» деп, Асанның аўзына бармағы менен суйқап жибереди. Сонда Асан қолында гөш туўрап отырған пышағы менен Сарыбайдың санын түйрep алып отыра береди. Сонда Сарыбай:

– Ҳай, Асан! Бул не қылған исиң? – дейди.

– Сениң қол найзаңнан қалай? – дейди оған Асан.

Сонда Сарыбай:

– Әй, Асан, сениң исиңди қыларман, – дейди.

– Биздей атасы бар адам бир ис қылады. Сендей атасы жоқ баланың қолынан ҳеш нәрсе келмейди, – дейди.

Асан Сарыбайдың қыздан туўылып, оң жақта қалғанын билетуғын еди.

Асанның бул сөзине ашыўланған Сарыбай елине қайтып, бир мың әскер жыйнап келип, гүлли қытайды қамап жата береди. Далаға адам шығармайды. Сонда Асан:

– Қоңырдан айрылып қалғанымыздың сазасын тартып атырмыз. Бүгин ақшам еки қазақты бастырып өтип, қоңыратлыларға, Айдосқа хабар бермесеңиз, баримиз өлемиз, – дейди.

Сонда шаққан еки жигит атланып, түн ишинде уйқылап жатқан қазақтың қарнынан басып, қазанын тегип, қашып кетеди. Сонда қазақларға «Енди кешеги кеткен Айдос келсе, ҳәммемизди қырып кетеди. Оннан да қашыўымыз керек» деген талаўыт түсип, бари қашып кетеди. Азанда келип қараса, бир адам жоқ.

Сонда Асан айтады:

– Қоңырдан айрылып қалғанымыз жарамас. Күнимизге қоңыр батырлары жарар, – дейди.

Сонда қытай халқы жолларда жаман арбаларды қалдырып, «көше-көштен әрман қалмады, енди жақсы, көшпестей мекан, жақсы басыў таўып, ел парахатшылық болса» деп, ең басында мунын айтып, жол жүрип, бир күнлери Даўқарабастан асып түседи. Енди бул жерге келсе, бул Даўқара Хийўа ханлығына қарайды екен. Сонда олар келген елде «Қарақалпақ халқы көшип ки-

www.ziyouz.com kutubxonasi

атыр, адам жейтуғын бале қусайды» деп, Қылыш бий деген адамы қала салған ҳәм усы Қорғанша деген қараўылханаға көп адамды бекитип қойған. Хийўаға, Қара мәтерге «Жолда бир қала бар. Сол жерге қарақалпақ халқы келип, малларын айдап жибере берген. Бурын орнығып отырған халқына бүлгиншилик түсип, көп ғалаўыт болып, отырықшы халықлар қублаға қарай көше баслады» деген хабар жетеди. Хийўа ханы әскер жиберип, ортада азмаз урыс болып, әскерлер ирибаслы адамларды тутып алып кетеди. Хийўаға апарып, ақ үйли етип қоя береди. Сол заманда Байрамалы-Тәжен менен Хийўа жаў еди. Тайлақ батырды Тәженге елши етип жибереди, себеби бурын барған елшиниң қулақ-мурнын кесип, шунтыйтып жиберген екен. Сонда қарақалпақлар Тайлаққа:

– Тайлағым, қашан келесең? – дейди.

– Қудайтаала жүрим берсе, Тайлағың атам болғанда келеди, – дейди.

Енди Тайлақ Байрамалыға аман-есен барады. Барып, Хийўаның ханының әтинишин, халқының муңын айтады. «Урыс болмасын, балаларымыз жыламасын деп келдим» дейди.

Тайлақ Байрамалы-Тәжениниң қызылбас ханы менен урыспақшы болып, әскер жыйнаған мәҳәлине тап келеди. Байрамалы-Тәжен Тайлаққа:

– Усы урысқа сен мениң менен жүр. Соннан аман-есен келсек, жумысыңды питкерип жиберемен, – дейди.

Тайлақ оның бул шәртин қабыл етип, Байрамалының әскерлери менен Қызылбас патшалығының урысына барады. Урыста еки патшалықтың әскерлери еки тәрепте сап тартып турады. Ортаға еки тәрептиң палўанлары күш сынасыў ушын шығарылады. Усы гүресте Байрамалы жигитлериниң басы кесилип, тек гейдеси алып келине береди. Сонда арадан биреў гүреске қарақалпақтың елшиси Тайлақты жибериўди усыныс етеди. Сонда Байрамалы ханы Тайлаққа:

– Ҳәй, Тайлақ, енди сен бармасаң, биз көп батырдан жуда болдық, – дейди.

– Хоп болады, – дейди Тайлақ, ҳәм атланып ортаға шығады. Қызылбастан бир палўан ортаға шығады. Палўан Тайлақты айландырып көп жүреди.

– Батыр болсаң, жекпе-жеке шық! – деп бақырады.

Тайлақ жаў палўанының қайымын таўып, «я, Алла» деп көкирегине найза урып, аттан бир аўдарып алды. Кейин оның басын алып, аты менен қоса әкелип береди. Бул батыр қызылбаслардың ең күшли бас батыры еди. Енди басқа батырлары Тайлақтан қорқып қалғаны ушын, оларды гелле қылыў қыйын болмайды. Ол ҳәр күни бес-алты гелле ала береди.

Енди еки ханның арасына елши түсип, арада питим болады. Сөйтип аман-есен келип, көп күн жатып дем алып, бир күни Байрамалы ханына барып жумысын айтады. Сонда Байрамалы хан питим хат берип, ат-тон сарпай менен Хийўаға қайтарады. Енди неше күн жол жүрип, аман-есен Хийўа ханына келип питим хатты береди ҳәм сөзин баян етеди. Тайлақ бабаның себебинен гүлли гүнакар болып, ақ үйли болғанлар аман-есен елге келип, парахат жасайды. Енди қарақалпақ Түркистаннан көшип кеткен соң Түркистанға ҳәм Қоқанға Болымша ханды Әмир-Темир рухсат етип сайлап қояды.

Сол ўақытлары Хийўа ханлығы менен Қоқан ханлығы арасында ғалаўыт ҳәм келиспеўшилик көп болады. Бул ўақытларда Хийўада Аллақул ханның дәўири екен. Қарақалпақта Ерназар кенегес аталық екен. Сонда Хийўа ханы Ерназарды шақырып алып, он еки түйеге жүкленген базарлық пенен елши етип Қоқан ханына жибереди.

Ерназар аталық бир неше адамлар менен жол жүрип, Қоқанға келип түседи. Қоқан ханында мийман болады. Қоқан ханына жумысын айтып, урыс-қағыс болмаў жағын, жарасық жағын көп өтинеди ҳәм он еки түйе базарлығын береди.

Сонда Қоқан ханы Ерназардан:

– Сен кимсең? Ата-бабаң ким? Олар қандай адамлар болған? – деп сорайды.

Сонда Ерназар айтады:

– Ҳаслымыз – қарақалпақ, кенегес урыўынан боламыз, Едилден, Түркистаннан көшип келип, Хорезмге орналасқан халықпыз, – дейди.

Сонда Қоқан ханы оннан:

– Сизлерде Ережеп деген бала бар ма? – деп сорайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерназар:

– Ережеп тентек деген он сегиз жасар бала бар, – деп жуўап береди.

Сонда Қоқан ханы:

– Бәрекелла, Кенжембай шүйгейдиң әўладынан басқа адам қурыды ма елшиликке? Ҳәй, Ерназар, сен он еки түйеңди алып қайта бер! Сениң бабаң бизиң бабамыз Едиге төрени жалғыз баласын Нуратдин менен ҳәм Тоқтамыс хан менен жаў қылып, елди бүлдирип, қарақалпақты қонылыстан қозғап, елди бүлдирди. Сен де бизиң басымызға жетерсең, – деп, Ерназар кенегести қуўып жибереди.

Енди Ерназар көп күн жол жүрип Хийўаға келип, Аллақул ханға сәлемге барып:

– Жумыс питпеди, – дейди.

Сонда Аллақул хан айтады:

– Араңызда басқа гәп болды ма?

Ерназар айтады:

– Хан Ережеп тентекти сорады, – дейди.

Сонда хан:

– Ережеп тентектиң бабасы Артық заманында Қоқанға хан болып, оларға жақсылық қылған жери бар еди. Енди Ережеп тентекти жиберейин, – деп, адам жиберип шақырып алып, Ережепке:

– Ҳәй, Ережеп, Қоқанға елшиликке барып қайт, улым, – дейди.

Ережеп «Хоп болады» деп орнынан турып-отырады. Сейтип, қасына қосшыларын ертип, он еки түйе базарлық пенен жөнеп кетеди.

Бир неше күн жол жүрип, Қоқан ханына барып жетип, мийман болып жата береди.

Бир күни Қоқан ханына сәлемге барады. Қоқан ханы оннан:

– Кимсең, ата-бабаң ким? – деп сорайды.

Ережеп айтады:

– Ҳаслым – қарақалпақ, атым – Ережеп, атам Қолшы, оның аталары – Күнбақ сери, Артық сери, – дейди.

Сонда хан орнынан ушып турып, Ережеп пенен қайтадан қушақлап көрисип отырып:

– Бабаң Артық сери шамалы хан болып турған ўағында бизиң тұқымымызға көп жақсылық еткен, – дейди. – Сениң бабаңның жақсылығы ҳәм караматы себепли, – деп, қолына келисим хат берип, бурынғы он еки түйеге тағы он еки түйе қосып, жигирма төрт түйе етип береди.

Ережеп бала неше күн жол жүрип, мәслик пенен Хийўаға қайтып келди. Келип Аллақул ханға сәлем береди. Питим хатын ҳәм жигирма төрт түйе жүкти алдына қойды.

Сонда Аллақул хан жүдә мәс болып, балаға жақсы жайдан жай берип, күте береди. Ережеп бала бир неше күн жатып дем алып болып, ханнан руқсат сорап барады. Сонда хан айтады:

– Енди қайтасыз ба? Жақсылап дем алдыңыз ба?– дейди.

Ережеп бала:

– Бизлер аўылдан кеткенимизге көп күн болды, ханымыз. Қайтсақ жақсы болар еди.

Сонда хан оған:

– Сизди ўәзир етип тайынласам, қалай көресиз? – дейди.

Сонда бала оған:

– Бул шаҳариңизде хан болғанымнан, Әлийдиң майданында шамалға қарап отырғаным жақсы, – дейди.

Сонда Аллақул хан Ережепке «Ағабаба» деген әмел береди. Бир шоры ҳәм ат-тон, сарпай берип, елге қайтарады. Енди бала аман-есен елге қуўысады.

* * *

Ҳикаят енди Хийўа ханлығы менен Мары ханлығының урыс баслаўы ҳәм журттан әскер ала баслаўы ҳаққында болады.

Хийўа ханы қарақалпақтағы бий-аталықларды шақырып алып, еки атлық әскер сорайды.

Сонда бийлердиң оданбасысы Турым бий бас болып ханға келип арзын айтады:

– Ҳәй, тақсыр ханымыз, бизиң халқымыз тазадан қонысланған халық. Оның үстине, олар аш,

www.ziyouz.com kutubxonasi

үстинде үйи жоқ, жуттатуғын жутымы жоқ. Еки атлық әскер – бир мың адам болады. Оларға ат-тон, жарақ ҳәм азық керек. Бир атлық, яғный бес жүз адам болса, соны дүзеп таўып берейик, – дегенде қарақалпақ бийлери ханның алдынан қуўылып шығады.

Енди бийлер бир адамды Ережеп бабаға жибереди. Баба жуўық арада келе қоймайды. Бийлер буған көп қысылады. Буның үстине, ҳәр күни ханнан жасаўыл келип:

– Ҳәй, қарақалпақ бийлери, неттиңиз? – деп қоймайды.

Бир күни Турым бий далада турып: «Ўақ, мениң бир жар спғарым бар еди, келмеди» дегенин Хиўа ханы еситип:

– Шул Турым қарақалпағын өлтирмеген, қарақалпақ халқы адам бере ме? – депти.

Және бир күн өтип, Ережеп баба келеди. Бабаны бийлер аттан көтерип түсирип, жайға киргизип, болған аўҳалды айтады.

Сонда баба бийлерге:

– Азанда ханға барайық. Барғанда бир жағымда Турым бий менен Айдос, бир жағымда Қабылжан ҳәм басқа қарақалпақтағы көп бийлер кейнимде толып турса, сол Хийўа ханынды қаўша сатып жүрген сарт қурлы көрмеймен, – дейди.

Сонда бийлер:

– Берекет тап, баба, – деп, ертеңине азанда ханның дәстине гүўлеп кирип барады. Хан турып, Ережеп бабаға қапталынан орын берди. Баба ханға халықтың мүңын, аш екенин айтады ҳәм бир атлық адам бере алатуғынын билдиреди. Сонда хан оның гәпин еки қыла алмай, бирақ сол бир атлық адам менен оның өзиниң урысқа барып келетуғынын айтады.

Сонда баба:

– Хоп болады, – деп орнынан турып, – халық ушын душпан менен урысып өлген адамның арманы жоқ, – дейди.

Сонда хан айтады:

– Бир атлық адамыңды алып кел! Халқың аш болса, өзим ғәзнадан ат-тон, жарақ, азық беремен, – дейди.

Бийлер «әжеп» деп тарқасады. Енди олар қайтып келип, ойласық қурады. Бий баба:

– Енди биздеги ең жақсы бир батырды ҳәм ҳәр урыўдан жигитлерди жыйнап алып, бес жүз жигитке өзим бас болып барсақ, қуда қәлесе, Хорезмге келетуғын жаўдың инине суўды қуямыз, – дейди.

Енди қарақалпақ батырлары жыйналып, Хийўаға барып ханнан жаў-жарақ алып, Ережеп баба әскербасы болып, Хорезм әскерине қосылып сапар шегип, жолдың жәбирин шегип, бир неше күнде патшалық дәбдебе менен Марыға жетеди. Бир неше күн жатып, атларға, адамларға дем берип, арадағы елшилер сөйлесип, еки тәрептен патшалық әскерлер сап тартып, туў көтерип турылады.

Ол ўақындағы тәртип: еки тәрептен жекпе-жекке батыр палўанлар шығады екен. Сол шәрт пенен еки тәрептен палўанлар шыға баслайды. Хийўаның бир неше палўаны ортаға шығып, геллеги душпанға кетип, геўдеги мында келеди. Олардың ҳәр бир күни усындай жағдайда өте береди.

Бир күни Мары жағы зор келип, бирден бас салып, буяқтағы Хийўа адамларын қамап алады. Халық ортада қалып, пышық басқысы болып, Хийўа әскери алды-алдына қарамай қашып кетип, Аллақул ханның туўы жығылып, хан душпанның астында қалды. Байрамалыдағы батырлар ханның басын кесип алмақшы болды.

Сонда Ережеп баба аттан түсип, ханды астына басып турады. Душпан ҳәр түрли жарақ пенен оны урады, лекин жарақ кәр етпейди, бирақ маңлайынан қылыш шаўып, қан ағып тура береди. Енди буны қарақалпақ батырлары көрип, бирден ат қойыўды ойласыпты. Олар: «Хан өлсе, атасының гөрине болсын. Ережеп бабаны өлтиртип елге қайтқанымыздан гөре, өлгенимиз жақсырақ» деп, жаўға бирден ат қойыпты. Бирин шаншыпты, бирин қылышлапты. Көп душпан ерлерге зорлық етип, ортаға киргизбей турады. Сонда Амангелди, Айдос баба, Тәбет, Тайлақ, Көпен батыр ҳәм Асан, Барақлар бас болып, көп адамларды қырып, ортаға басып киреди.

Марылы батырлар буны көрип, алды-алдына қарамай қаша баслайды. Батырлар барып

www.ziyouz.com kutubxonasi

...ерсе, туў жығылған, Аллақул ханды бабаның астына басып турғанын көрип, батырлар орнынан турғызып, атларына мингизип алып, майданға шығады. Кейин буларды әкелип шатырға түсирип, гүлли қарақалпақ батырлары ҳәм Хорезмнен келген батырлардың тирилери жыйналып, қалған жаўды Марыға тығып, қаланы қамайды. Сонда қала халқы сасық қамал болып, араға адамлар түсип, елшилер келип, жарасық болады. Мары халқы бағынып, жизия төлейди ҳәм ҳүкимге тиймеўге келисим жазысады. Көп күнде олар Хиўаға қайтып келип, аз ўақ дем алып, Ережеп баба Аллақул ханнан жуўап алып, елге қайтады. Бай бабасының караматы ҳәм әўлийеси менен қарақалпақ халқы көп ўақлар парахатта болады.

* * *

Енди ҳикаят он үш баланың Хийўада өлгени ҳаққында.

Майқы бийдиң үлкен баласы Жайылған бай, оның баласы Нағадай бий. Нағадайдың үлкен ҳаялынан бир бала болады. Атын Қарабек қояды. Буннан еки бала туўады – Айдар, Әлибек деген. Қандыўлы қостамғалының бабасы сол заманда нағадай Илбарыс ханның қызын алады. Буннан бир бала туўады. Ханның қызы туўғаны ушын атын Төребек қояды. Төребектен еки бала болады – бири Досан, бири Байман. Еки бала еншилес болып, малларына туғыр тамға салып қоя береди. Енди Досаннан он жети бала өсип, камалға келеди. Байманнан алты бала ер жетеди ҳәм түп бабасы Майқының патшалық дәскасы да сонда қалады. Алтыннан туғыры бар екен, сол туғыр тамға болады. Досан менен Байман еншилес болған малларына туғыр тамғалар салған, енип-өсип, бир-биринен айрылғанда:

Туғыр тамғалы халқым, сеннен айрылдым,
Байман темиршиден туўды алты уғыл,
Бирлеспесин сорсаң, аты Арзықул,
Екиншиси ақ балғалы шемиршиси шул,
Тоқмухаммед қараталшы түркмен бул,
Шул алты қардаштан жане айрылдым, –
деп айтқан толғаўын ғаррылар еле айтысады.

Енди Досанның он үш баласы ер жетип камалға келгенде Хорезмге көшип келген дәўирлер екен. Сол маҳалде заман патырат болып, қоңыр халқын ҳәм Досан, Байман болғанын күнлеп, Хиўа ханына жаманлаўшылар болған екен. Олар «Ҳәр ўақта бәле Досанның он үш баласынан келеди» деп ханға гәп жеткереди екен.

Енди Досанның он үш баласы қыдырып, асыўдан өтип Гене Үргенишке келип, Шайқы Нажматдинди ҳәм хожа Шайқы Шариф бабаны зиярат етеди. Ибн Саҳибты көреди. Соң олар ҳазирети Палўан атаны да зиярат етеди.

Сол ўақта Хийўа бир кәше екен. Қуңқар деген ханы бар екен. Сонда бул он үш баланы дем алып атырған жеринде урып өлтиреди ҳәм барлық ат-тонларын талап кетеди.

Бир неше күннен соң қарақалпаққа хабар түседи. Бәрғы он үш жигиттиң он үш отаўына қара байланады. Ҳаяллары басына, жигитлери мойнына қара орамал байлайды. Бир жылға дейин азалайды. Бурынғы ўақта жас жигит өлсе, бир жыл азалайды екен.

Күнлерден бир күни бир үйде үлкен ас болады. Бул асқа басшылық етип отырған қолдаўлыдан Ташбай деген жасүлкен адам екен. Қытайдан бир молла қуран оқып отыр екен. Сол маҳалинде есиктен сегиз жасар бир бала кирип келеди, оның мойнына қара орамал байланған екен. Сонда молла оған:

– Кел, қара мойын бала, – дейди.

Буны Ташбай еситип:

– Мениң мойныма қара салған, көңлиме жара салған қудаймекен десем, қызыңды урайын, қытай екен. Ўақ, молла, терис оқы, – деп қышқырғанда, Байман темир дуканында зат соғып атыр екен. Ол балғасын алып жуўырып келип, молланың басына урып жибереди. Молла жан таслим етеди.

Енди бул хабарды еситип, қытай халқы келип, үлкен даў болады. Байманды қашырып жасырып қояды. Көп ўақ даў болып, арата ҳәр түрли жақсы адамлар түсип, гүлли қоңыр болып күн

www.ziyouz.com kutubxonasi

төлейди. Үйге бир шайыдан жетпейди. Сол «Қарамойын» деген атақ ҳәм урыў соннан қалды. «Балғалы батыр киятыр», «Балғалы мырзаға киятыр» деген сөз бенен балғалы атағы ҳәм урыў аты соннан қалады.

* * *

Сол Хийўада өлген он үш баланың қанын алыў ушын гүлли қоңырдан бир мың адам болып атланып, қыста муз үстинен Әмиўден өтип, Хийўаны қамап, ханы Қуңқарды, Рустем инақты өлтиреди. Палўан атаға барса, Гөне Үргенишке қашып барып Шайхы Нажматдин Қубраға тығылып қалған екен. Буны өлтириў ушын қуўып барады. Сонда Нажматдин Қубра жигитлердиң алдынан шығып:

– Ҳәй, балларым, ашыўыңызды маған бериң, – деп сорайды.

Жигитлер:

– Бизиң он үш баланың өлиўи Палўан атадан болды. Пирим, оны бизге бериңиз. Биз оны өтирмегенше, көңлимиз питпейди, – дейди.

Сонда баба оларға:

– Ботаны паналаған шымшық та тири қалады. Ашыўыңызды маған берсеңиз, ҳаққыңызға дуўа етейин. Туқымыңыз көп болғай, алдыңызға адам шықпағай, – деп дуўа етеди.

Жигитлер оның дуўасын алып, Палўан атаны таслап, Хийўаға келди. Енди Досым бий деген қала салып, Әмир ханлығынан рухсат алып ҳәм Гөнедеги Қаразымшағына келип, гүлли қарақалпақтан бир неше хожалықтан адам көшип келип, дәрьяның қубласында он еки жыл шамасында қарақалпақлар мәкан дүзетеди.

* * *

Турым – қолдаўлылардан. Оның ең кейни Қоразбек болыс. Турымның ўағында Хийўадан Сәрен маҳрем деген Көкдарьяның бойына қала салады. Сонда теңизден кемелер келип, Көктен Сәрен қалаға шығып турады екен. Қарақалпақтан қанша адамларды аталықлар әкелип, қаланы сала баслайды. Сәрен көп зулым болады. Бул зулымлық Турымға жақпайды. Турымды Сәрен үш ирет шақырады, сонда ғана келеди. Келип, Сәренге сәлем береди. Ол сәлемин алмай:

– Ҳәй, Турым қарақалпақ, шақырғанда неге келмедиң, қызыңды урайын, егиз қоңырат?! – дейди.

Сонда Турым ашыўланып, Сәренниң аўзына жудырық пенен урып жиберди. Сәренниң еки тиси сынып, аўзы қара қан болды. Сәрен Хийўаға барып, ўақыяны ханға баян етеди: «Қарақалпақтың Турым егизи еки тисимди урып сындырды» деп ханға мақуллатады.

Буннан кейин Турым бий де атланып барып, ханға сәлем берип, арзын айтады. Сонда хан Турым бийге:

– Ҳәй Турым, бул неткениң? Өлетуғыныңнан хабарың бар ма? – дейди.

Сонда Турым ханға:

– Ханым, сен – үлкен қыят-қоңырат, мен – кишкене қолдаўлы-қоңырат. Мынаў Сәрен маҳрем бизлерге күйеў бола тура, қоңырдың қызын боқлады. Соған ашыўым келип, «билек бизден, күш сизден» деп урғаным ырас. Тақсыр ханымыз, енди не қылсаңыз, ықтияр өзиңизде, – деп тура береди.

Сонда хан:

– Ондай жарамсыз исти бизиң хызметкеримизге екинши етпеңиз, – деп, оны қайтарып жиберди.

Турым бәледен қутылып, Хийўаның қаласын аралап баратырса, жаллатлар бир түркменниң баласын сүйреп, дарға асыў ушын үш ағашқа алып баратыр екен. Сонда түркмен баласы:

– Ҳәй, Турым аға, мен наҳақтан өлдим ғой, – деп бақырады.

Жаллатлар баланы урып айдап кете берди. Баланың жылаған даўысы қулағынан кетпейди. Турым бий рақими келип, тура жүгирип барса, баланы енди дарға асқан екен. Бий барып қылышын суўырып алып, арқанды кесип жиберип, баланы изине ертип ханның үстине кирип барады. Барса, жаллат қашшан-ақ барып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Турым қарақалпақларды кесип, гүнакарды алып кетти, тақсыр. Көрдиңиз бе қарақалпақтың жаўлығын!? – деп даdлаған екен.

Соның үстине барады. Сонда хан:

– Ҳай, бийақыл қарақалпақ, ҳәр ўақ елимди мойнына алып келесең, – дейди.

Сонда Турым айтады:

– Сен атаның баласы, мен инининң баласы, сизге арқа сүйеп еттим. Соңғыға «Мәдеминдей ханы бар екен, Турымдай бийи бар екен. Байлағанды шешеди екен, асқанды кеседи екен» деген ат қалсын дедим. Сизден усы гүналы адамды бериўиңизди үмит етемен, –дейди.

Сонда хан:

– Барекалла Турым, сизге бермесек болмас, – деп, босатып жибереди.

Енди түркменлер Турымды қонақ етип, ат-тон, сарпай берип қайтарады.

* * *

Турым менен Қара метер Даўқараның жери ушын даўласып, хан ҳәзиреттиң алдына барып жүгиниседи. Хан оларға:

– Қандай сөзиңиз бар? – дейди.

Қара метер айтады:

– Даўқара мениң жерим, мен қала салып отырман, – дейди.

Турым айтады:

– Мен келип ,тоғай ҳәм қөл астынан ашып, жер еттим, - дейди.

Олар ҳеш келисимге келмейди. Сонда метер Турымға:

– Сениң бабаң Түркистаннан көшип келгенде Даўқараның жери сениң түйеңниң қоржынында келиппеди, ҳәй заңғар! – дейди.

Сонда Турым оған:

– Сениң бабаң Суўнақ Гуржистаннан дорбаның түбинде келгенде Даўқараның жерин дорбаға салып келген бекен. Сендей ҳәслы жоқ адамның ели ғәр болады, – дейди.

Ҳәмме тым-тырыс болады. Хан ҳәммеге қарата:

– Турың, кетиң! – дейди.

Ҳәмме тарқалып кетеди. Турым бий иркилип, бир өзи қалып, ханға:

– Ҳәй ханым, «бас кеспек бар, бирақ тил кеспек жоқ» деген сөз бар. Енди бала-шағаны көрип өлейин, – дейди.

Сонда хан бир адамға:

– Турым бабаны шаҳарден шығарып сал, – деп буйырды.

Турым аман-есен қайтады. Бирақ Әмиўдиң арқасы қарақалпаққа дерек болып қалады. Турым дәрьядан өткеннен кейин аяғы аўыра баслайды. Үйине келип, төсек тартып жатады. Душпанлар зәңгиге уў жаққан екен. Турым бий он бес күн жатып, дүньядан қайтады. Солай етип, ол халық ушын, халықты қонысландырыў ушын жан береди.

* * *

Ол мәҳәлде Айдос он сегиз жасар. Хийўадан оқыўды питкерип келген ўағы екен. Аўылға келип, адамлардан «аўҳал қалай?» деп сорайды. Адамлар оған аўҳалдың жақсы емес екенлигин, Серен келип қала салып атырғанын ҳәм сол себепли халықтың жағдайының жаман екенлигин, Сереннин қасында Есенгелдиниң маҳрем болып жүргенин жеткереди.

Айдос бир күни бир тойға барып, Есенгелди менен сөйлеседи:

– Гүлли қарақалпақ болып бирлесип, ханның алдына барып, ҳал-аўҳалларымызды айтып, ишимизден бир адамды аға етип алайық. Соннан соң ойласық пенен ислеген жумыс жақсы болар еди, – дейди.

Сонда Есенгелди мәрем айтады:

– Даўлети қайтқан қарақалпақсаң, сениң сөзиң бола ма?! – дейди.

Бул сөз Айдосқа жақпайды. Сол маҳәлде табақ тартылады. Есенгелди маҳремниң алдына бас қойылады. Айдосқа жас жигитлер менен бирге қойылады. Сонда Айдос барып басты алып, өз табағына қойып жей береди. Буған Есенгелди ашыўы келип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Еле бий де боларсаң, басыңа түсce, басқара алмай басың балеге де қалар. Жасүлкенге тийсең, бале табыўың да аңсатырақ болар, – деп өкпелеп, тамақтан жемей қайтып кетеди.

Бир күни Айдос Серенниң үстине барайын деп жүрис қылады. Барса, бир отаўда тамақ жеп атыр екен. Сырттан сыгалап қараса, Серен шалқасына жатыр, Есенгелди маҳрем Серенниң аўзына гөшти салып отыр. Сонда Серен оған: «Ҳай баба, бүгин шаршап қалыпсыз. Бир гөшти мениң аўзыма сал, биреўин өзиңиздиң аўзыңызға салың» деп отыр екен. Бул исти көрип Айдостың ашыўы келип, үйге кирип, Серенниң жамбасына тебиўп жибереди. Сонда Серен:

– Айдос деген мақаў бала келди деп еди, гөл сен шығарсаң, – деп, орнынан турып атқа минип, Хийўа қайдасаң деп кете береди.

Соннан гүлли қарақалпақ болып жыйналып кеңес етип, ортасынан Айдосты бий етип ортаға алып, гүлли бийлер Хийўаға кетипти. Барып ҳаммеги ханға сәлем берипти. Сонда хан оларға:

– Бизиң Серен маҳремди тебиўп қуўып жиберген адамды көрсет! – дейди.

Сонда бийлер айтады:

– Тақсыр ханымыз, арзымыз бар, – дейди.

– Арзыңызды айтың! – дейди.

Бийлер:

– Қудайтаала оған қол берип қойыпты, нәгмет берип қойыпты. Жатып алып, Есенгелди маҳремге аўзына аўқат салдырып отырғанына ашыўымыз келип, тепкен өзимиз, тақсыр. Бизге өзиңиздиң салған медреседе оқып барған Айдосты аға етип бергениз, – дейди.

Хийўа ханы Айдосты аға етип, ақпышақ берип, бий етип жибереди. Барлық бийлер қайтады. Халық паракатшылық таўып, аз ўақ дем алады.

* * *

Айдос баба өлгеннен кейин Ерназар бий көп ақ үйли болған бенделердиң ишинде кете береди. Сонда Ерназар он еки жасында екен. Хийўаға барлық адамды жаяў айдап барады. Барғаннан кейин өз алдына гүлли гүнакарларды бир қарабахана жаман тамларға апарып таслайды. Төсек-көрпе, кийим ҳәм азық-аўқат болмайды. Олар усындай қыйыншылық пенен хан орагын орып, масақ терип, балларға тапқан данин қуўырмаш етип береди. Кемпир-ғаррыларға тақан түйип, арадан алты жыл өтеди.

Бир күни Ерназар хан жанына келеди ҳәм халықтың муңын айтады. «Бир ҳәмел бермегениз, күн көре алмайман, тақсыр» деп, қол қаўсырып тура береди. Сонда хан Ерназарды масқара етип:

– Шамалды алағой, – дейди.

Ерназар «хоп болады» деп шығып кетеди. Барып, қырман атып турған адамлардың өрине шыпта тутып отырады. Шатақ шығарған адам болса, «хан ҳәмири» деп басып сабап, данин тартып алды. Келисимге келген адамнан бергенин алады. Көп халықтан көп дан жыйнап, ақ үйли болған адамларды ханға тойдырады. Бенде халық буның тапқаны менен күн кеширеди. Бул ханға жетип барып, хан оған «бул исиңди қой» деп, зорға қойдырады.

Енди Ерназар бир күн тағы ханға барып, ҳәмел сорайды. Сонда хан ашыўланып:

– Онда, аттың дигиригин алағой, – дейди.

Ерназар «хоп» деп шығып кетеди. Енди Ерназар көп бийлердиң атына барып, дигиригин кеспекши болады. Сонда бийлер «бул не?» деп жәнжел қылады. Ол «ханның ҳәмири» деп бийлерди басып сабап, олардан көп ақша жыйнап алады. Буннан кейин бийлер ханға дадқа келип, Ерназарды қойдырады.

Ерназар бир күни және ханның алдына барып қол қаўсырып турады.

– Тақсыр, бизге бир ҳәмел бермесең болмайды, – дейди.

Сонда хан оған:

– Ондай болса, пайекши бола ғой, – дейди.

Ерназар «хоп болады» деп шығып кетеди. Ол енди қалендерханаға барып, бир атаға жағдайын айтады:

– Көзиңиз тек ақшаны көрсин, баба. Бизге бир қол шылым, бир қалта ақ темеки бер, – дейди.

Қалендер айтады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Уғлым, сен Ерназар алакөзсең, пулды дәўлетине қарап ал. Аш-пақырға жантаспа, балам. Байды, бийлерди аяма, – деп, бир шылымды орап, бир қалта темекини белине байлап жибереди.

Енди Ерназар қатар отырған баққал, шеришилерге шылымды берип:

– Бир теңге бер, – дейди.

Сонда олар:

– Ҳәй, бийақыл қарақалпақ! Неге сатан бир пул беремен? – дейди.

Ерназар:

– Бул ханның ҳәмири, – деп, қолын онын қалтасына суғып, бир теңгеден алып ете береди. Асылғаны болса, бир қолы менен жағасынан услап, көкирегинен басып, нықлап бир урып ете береди.

Сол күни Хийўаның базары екен. Кешке дейин ақшаны жыйнап, салтақ қойнына салып, шапанының төменинен буўып толтырады. Кеште ханның алдына барып белбаўын шешип:

– Бириншн тапқан ақшаны сизге әкелдим, – деп, оны ханның алдына төгеди. Ханның алды үйилип қалды. Сонда хан айтады:

– Барекелла, ҳәмелдиң уллы-кишиси болмайды екен. Егер адамы болса, әлбетте, – деп күледи.

Хан өзи жермен болған соң, ақшаны алып, Ерназарға бир қосыўыс теңге берип:

– Буны үйиңе ырысқы ет. Усы ҳәмелиң менен күн кешире бер, – дейди.

Енди Ерназар ҳәр күн пайекшиликтен күн көрип, кешедеги адамлардан шексе де алды, шекпесе де пул алады. Солай етип тағы еки жыл халықты асырайды. Енди Ерназар он сегиз жасына келеди.

Бир күни Хийўаның ханы Мәдемин хан бир үлкен той бермекши болып, қалаға жар шақыртады. «Пален күни той басланады, қырық күн тамаша болады» деп узақ патшалықларға хабар жибереди.

Сөйтип тойдың таярлығын тутады.

Енди сол айтылған күни адамлар келе баслайды. Қарақалпақ, қазақ, өзбек, түркпен ҳәм аўған, қызылбас палўанлары да келип қалады.

Той басланып, он бес күн шамасында гүрес болады. Хийўа ханның небир қоңыраў таққан палўанлары жығылып қала береди. Сонда барлық хийўалылар қапа болып, төмен қарап отырады.

Хан кеп бийлерди шақырып, жыйнап алып кеңеседи:

– Бизде қандай палўан бар, барының бәри жығылып болды. Ар-намыс басқа халыққа кетти, – дейди.

Буған бийлер үндемейди. Сонда арадан биреў шығып:

– Тақсыр, сиздеги гүналы болып келген Ерназар қарақалпақ болмас па? – дейди.

Хан буған қайыл болып, Ерназарды шақырып:

– Ҳәй, улым, гүресесең бе? – дейди.

Сонда Ерназар:

– Гүресейин, бирақ мени жети күн тойдыр ҳәм жақсы кийим бер, – дейди.

Хан шәртке қайыл болып, оны қарақалпақ бийлерине қосып жети күн бағады. Буннан соң гүреске әкеледи.

Келсе, бир қызылбас палўанының ортада жараған түйедей аўзынан көбик шашып турғанын көреди. Сонда Ерназар Турым бийге:

– Аға, мен ҳәр ўақ ашыўым келмесе, адам жығалмайман. Саған ҳәр ўақта қарап тураман. Сонда сен қасыма келип, жаўырныма бес-алты қамшы тартып, «Көтер нарым, көтер!» деп бақыр. Сонда мениң кароматымды көресең, – дейди.

Енди ханнан «Ерназар шықсынлар!» деген рухсат болады. Ерназар ортаға шығып, палўан менен аттай айқасады, буўрадай шайқасады. Услаған жерин ети менен қосып жулып алады. Қошқар болып дүгиседи, ҳәр түрли тутым көрсетеди.

Бир ўақытта Ерназар қызылбастың жағасынан услап тартып, арқасына қарайды. Сонда Турым бий жүгирип барып, қолындағы дыры менен Ерназардың арқасына бир урып: «Көтер нарым!» дейди.

Соны күтип турған Ерназар қызылбас патшасынан келген палўанды қол ушына «Ҳақ-жаббар» деп көтерип әкелип, Мәдемин ханның алдына атып урады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда хан ҳәм бийлер: «Барекалла, сени туўған анаңнан!» деп гүўлеседи. Байрақты қарақалпақ бийлери алып келип ханның алдына қояды. Хан бир шаршы теңге менен байрақты қайтып береди.

Бирақ ханның қасындағы душпанлар:

– «Көтер нарым, көтер» дегени неси? – деседи.

Сонда хан оларға:

– Бул нар ғой, – дейди.

Сонда биреў:

– Нар қанша жүк көтереди? – дейди.

Хан Турымға қарап:

– Ерназар нар ма? – дейди.

– Аўа, тақсыр, нар, – дейди.

Хан да қарап турмай:

– Нарың он еки батпан жүк ҳәм бир қазақты көтере ме, бий аға? – дейди.

– Көтереди, тақсыр, – дейди.

Турым Ерназардың ийнине он еки батпан жүк пенен бир қазақты миндиреди. Ерназар жүкти көтерип әкелип ханның алдына таслайды.

Енди хан айтады:

– Ҳәй, Ерназар, сизге инамға қусбеги деген ҳәмелди бердим. Буның үстине барлық ақ үйли болған халқыңа елиңе қайтыўға руқсат еттим, – дейди.

Ерназардың арқасында ҳәмме ақ үйлилер ҳәм қарақалпақ бийлери елге қайтып қуўысады.

Енди Ерназар қусбеги бий болып көп күн даўран сүреди.

Сол заманда Әмийдиң арқасына Жанғазы хан еди. Сол жағдайда Ерназар кенегес жаманлық етеди. Қыпшақ халқы менен бирлесип, мал урлайды ҳәм Жанғазы ханға жаманлап, астыртын хабар береди. Бул сырды сезген Ерназар бир келген жасаўылды урып жибереди. Жасаўыл Жанғазы ханға буны айтып барады. Жанғазы хан өзи келип:

– Ҳәй, Ерназар, бул не қылғаның? – дегенде, Ерназар умтылып Жанғазы ханды пышақ пенен урады. Арағa бийлер түсип, оларды айырып жибереди.

Енди Жанғазы хан Хийўаға кетеди. Буны билген қарақалпақ бийлериниң барлығы да Хийўаға кетеди. Олар Хийўа ханына Қылышбайда жолығады. Барса, Жанғазы хан қашпан ақ Ерназарды жаманлаған екен.

Хан берген ҳәмелин қайтып алады ҳәм оны гүнакар етпекши болады. Бийлер бул иске көнбей, Қылышбай қаласын шаўып кетеди. Сол жерде жаўлығын билдиреди. Гүлли қарақалпақ бийлери кеңес етип, хийўалы менен урысыўға ант етип, бир алманы алпыс бий бөлип жейди. Өзлерине төре таўып, хан көтериў керек болады. Сондай төрени хан көтерейик деп излесе, Ерназар кенегес қашырып жиберипти. Иниси Зарлық төрени мал бағып жүрген жеринен услап алып, хан көтереди. Гүлли қарақалпақ ҳәм хийўалы болып урыс басланады.

Хожелиде көп урыс болып, хийўалы әскерин қубылаға көп жерге дейин қуўып барады. Түркмениң Хожаназар сардардың тирилей тутып келтиреди. Енди барлық Хийўа әскери жыйналып, қарақалпақ әскерин қырмақшы болады.

Барлық қоңыратлылар дарьядан өтеди. Қытайлылар ханнан қолы барына исенип, өтпей қалады. Түн ишинде барлық қытайлылар басқы таўып, дарьядан өтеди. Азанда қараса, қытайдан көп балалар ар жақта қалыпты.

Елшилер барып сөйлесе, түркменлер:

– Бизиң Хожаназар сардарымызды берсеңиз, балаларыңызды аласыз, - дейди.

Олар түркмениң сардарын апарып берип, балаларды алып қайтады. Енди усы абыройы менен турмай, олар ханның Орынбордан киятырған он тоғыз ушан кемесин талайды ҳәм Қутлымурат гереңи деген дарғасын өлтиреди. Бул олжаны алғанда бар батырлар кейинги ўақта бирим-бирим қазаланып, азая баслайды.

Ерназар истиң қыйынға кеткенин билип, Изим жолға Қыран қала деген қала салды. Дарўазаны бекитип жата берди. Арағa Асан хожа, Сейитлер түсип, хийўалы менен жарастырайық десе, Ерна-

www.ziyouz.com kutubxonasi

зар қылмайды. Қазақларға барып көмек сорап, әскер әкелип, хийўалы менен урысайық десе, алма жеген алпыс бий ермейди. Хийўалы көп әскер менен келип Ерназарды қамайды. Арба қамал болып жата береди. Нешше елшилер келсе де, Ерназар питиспей, урысады.

Шайтан пейилли хан адамларға:

– Кимде-ким Ерназарды өлтирип берсе, беглербеги ҳамелин беремен, – дейди.

Сонда Ерназардың өзиниң ағайини Шоңқы Ерназарды атады. Ол аттан аўып түсип, «Ўаҳ, дүнья кеттим-аў» деп ашыў менен қылышты сермегенде, қылыш арбаның көшерин қыйып түсипти.

Енди оның қарындасы ат минип, басына телпек кийип, алты күн урысады. Алты күннен соң әскерлер қалаға басып кирип, Ерназардың басын кесип алып кетеди. Көп адам өлтириледи. Өлмегенлер қашып кетеди. Адамлар жаңа туўылған Мәмбетназарды көк көйлек кийдирип, қазан астына тығып сақлап қалады.

Хийўалылар Ерназардың геллесин ҳәм Зарлық төрени Хийўаға алып кетеди. Зарлықты Хийўада өлтиреди.

Ендиги дәўирде Пазылбек бий болады, баласы Әдил аталық болады. Ораз деген-әм аталық болады. Айдостың тұқымынан Ережеп тентек «ағабаба» деген ҳәмел алады. Сөйтип, азмаз ўақыт парахат заман болады. Бирақ қыс қатты болып, муз қатып, түркмен қутырып, халықты қабатуғын дәўир болады.

Бизиң халық та урысқақ болып, қала қурып, өз басын қорғайды. Майданда қалған малларды түркмен қуўып кете береди, бирақ небир мәрт, ғошшақ жигитлер барып, малларын қайтарып әкелип, елдиң арын арлап, урыс қылады.

Хийўа ханының бундай алаўызлықты тоқтатыўға ҳалы болмайды. Өзиниң жақын жериндеги халқын зорға қорғайды.

Сол заманда қазақ, ноғайларды орыслар алып, олар бизиң халқымыздың көзине жақсы көринеди. Бизден адам барып, орыс патшасынан адам ҳәм жәрдем сорайды. Сол Хийўаның ишинен бир дийўанбеги орыслар менен тил алысып, астыртын хабарласып турады.

Енди орыс әскери екиге бөлинип, бирөўи Қоңырат қаласының күнбатардан Қызыл менен айланып, бир бөлеги шығыстан, Қызыл менен Түйемойыннан өтип, бир күнде Хийўаға жетеди. Хийўа ханы топ атайын десе, баяғы дийўанбеги дәриге суў қуйып, атылмайтуғын еткен екен. Хорезмди орыслар бийлеп алады. Буннан кейин жаў шабыў мәселеси болмайды. Бирақ жер-суў бай, аталық, болыс, ақсақалдың қолында болып, қуны жоқ жарлы-гедей адамлар жалланып күн көреди. Салықтың көбин ашлар төлейди, суў да аз болып, ақпай қалады. Бир жыл өтип, қатарасына еки жыл ашлық болады.

Енди аш болған қарақалпақ жигитлери шапанды үш жеринен буўып алып, жол тартып кете береди. Алдынан адам шығып: «Қайда барасыз?» десе, «Жоқарыға, түркменге ҳәм Хийўаға дейин барып, күнликшилик етемиз» деседи.

Енди қарақалпақ халқының урыўға бөлиниўи ҳаққында

Майқының баласы неге урыўға бөлинди? Бурынғы ғаррылардың сөзи бар:

Қыпшақтың тұқымы мал урлайды. Ҳеш бир малдың ен тамғасы болмайды. Әлибектиң тухымы тамға салады. Малдың оң аяғында бир белги болады. Сол аяғында қос белги болады. Сол себепли қостамғалы атанған. Досан менен Байман еншилес болған. Малларына тұғыр тамғалар салған. Өнип-өсип, бир-биринен айрылған. «Балғалы халқым, сеннен айрылдым» деген сөз соннан қалған болыўы керек.

Енди ғаррыларда мынандай бир гәп бар:

Адам керўан, кетер көшип,
Бир күн әжел майын ишип,
Лаҳат ишине жатар түсип,
Қайтып мунда келен бар ма?
Мениң затым қарақалпақ,
Өзим әмий, тилим жалпақ,
Меҳрибандур маған халық,

Қарақалпақты көрген бар ма?
Ҳасан-Ҳүсайин – егиз анық,
Хаўарыж өлтирди барып,
Матам тутып қалпақ кийди,
Ушбу сөзди билен бар ма?
Маликтен бир уғыл болған,
Аның атын Туман қойған,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Туман қара қалпақ кийген,
Ата-бабасын билен бар ма?
Туманнын улы Өзбекти,
Өзбек атадан жалғызды,
Өзине бий, өзи бекти,
Өзбек хожадан қыз алды,
Өзбектейин болған бар ма?
Хожа қыздан уғыл туулды,
Мунын атын Жийен қойды,
Жийеннен Майқы бий туғды,
Ата-бабасын билен бар ма?
Майқынын журты Қырымды,
Кафирлар салды зулымды,
Майқы журтқа бийлик қылды,
Мундай әдил болған бар ма?

«Ҳасан, Ҳусайын – егиз бала шахид болғаннан кейин туман қара қалпақ кийип азалап, қарақалпақ болыўы соннан болды» деп жазған сөзи ҳәм байити бар.

Енди сол Майқы бийдиң бес ҳаялы болады. Биринши, үлкен ҳаялы Жайлыбийке деген. Бунан еки бала туўады. Үлкени Жайылған, иниси Сейилхан болады. Жайылған гүлли Қоңыраттың бабасы болады. Жайылғанның астында баяғы Майқының торы аты болады. Соны минип жүрер екен. Ҳаяллар: «Қоңыр атлы қайнаға киятыр» дейди екен. Соннан Қоңырат болады.

Жайылғанның баласы – Нағадай. Бабасы Майқының патшалық дасқасы – алтын тутырық Нағадайда қалады. Нағадайдың алты ҳаялынан он баласы болып, ең үлкен баласы – Қарабек. Оннан туўылған еки бала – Айдар, Әлибек қолдаўлы-қостамғалы болады.

Сол заманда Нағадай Илбарыс ханның қызын алады. Буннан еки бала болады – Досан, Байман деген. Досаннан қарамойын, Байманнан балғалы болады. Майқының екинши ҳаялы Арыўхан деген. Буннан Қыят деген бир бала болады. Ол Жайылғанға қосшы болады. Жайылған қыз алерип, хожалық етип жибереди. Бул да қоңырат болады. Ураны – Жайылған. Бул қыяттан ашамайлы, тийекли, қабасан, баймақлы бөлинеди.

Үшинши ҳаялы Шаўлыбийке – Шоқай деген адамның қызы екен. Будан еки бала болады. Биреўи – кенегес, биреўи – маңғыт.

Майқы бийдиң төртинши ҳаялы Улбийке деген. Ол Қытай патшасының қызы екен. Бул ҳаялынан еки бала болады. Үлкени – Қытайбек, кишиси – Қыпшақ. Қытай тоғыз урыўға бөлинеди, қыпшақ бес урыўға бөлинеди. Барлығы он төрт урыў болады. Қытай халқы бай болып, Түркистанда Уллытаўды жайлаған. Булардың ураны «Уллытаў» болады. Қыпшақ бийе саўып, бир үлкен байталдың терисин саба етип толтырып қойып отырғанлықтан, «Тоқсаба» деген уран соннан қалады.

Майқы бийдиң бесинши ҳаялы Ақшолпан деген. Буннан үш бала туўылады. Бириншиси – Мүйтен, екиншиси – Бөденетай, үшиншиси – Бүркитбай. Майқы өлген соң, Ақшолпан Жайылған байдың ылақ-қозысын бағып, үш баласы менен адам болып, камалға келеди. Қоңырат болады, ураны «Ақшолпан» болады. Бул балалардың тағрифи шежире ҳәм қосық етилип жазылған:

Тағриф етсем мен атамды,
Яд етсем өткен бабамды,
Жыйнап алып көп адамды,
Майқы ханлық етken екен.

Макан етип Қырым жерин,
Сонда таўып айтып сөзин,
Жоқарыдан алып орын,
Халықтың ғамын қылған екен.

Бир торғайдан халық болысты,
Макан етти мол қонысты,
Тағдир қылған бундай исти,
Хан атасы болған екен.

Көшип Қырымның жеринен,
Айырылып туўған елинен,
Барып Едилдиң еринен,
Қонып макан қылған екен.

Едилдиң бойын жайлады,
Желиге қулын байлады,
Ырысфақымыз сыймады,
Көп шарапты ишкен екен.

Ҳәр адамның келди гәйи,
Үстинде тигилген ақ үйи,
Сол маҳалде Мөңке бийи,
Халыққа аға болған екен.

Ормамбети аға болды,
Батый ханнан инам келди,
Сөйтип халқы абат болды,
Шады-қуррам болған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Абат болған халықтың күни,
Бирдей болды күни-түни,
Халыққа аға болған ери,
Ормамбети өлген екен.

Аға өлип, қапа болды,
Истиң кейни қандай болды,
Уллы, киши жыйылып келди,
Қызға кеңес салған екен.

Халайықты көрди көзи,
Қыз да болса ақыл өзи,
Сарышаның айтқан сөзи,
Бирим-бирим келген екен.

Бул жерде бир тымсал алайық,
Едилден көшти халайық,
Көшиўге болды ылайық,
Халқым ҳайран болған екен.

Көшип келди дәрья Сырға,
Үйин тикти бийик қырға,
Мал отлаўға жери мырға,
Жақсы қоныс болған екен.

Бирге келди бөлген халайық,
Қаза қурып, алды балық,
Макан болды жақсы анық,
Қазалыны салған екен.

Қарақалпақ қоныс етти,
Қазақ деген толып кетти,
Күлли қазақ жаўлық етти,
Түркистанға көшкен екен.

Батыр хандай ханы болды,
Жабы келди, ўәзир болды,
Қарақалпақты жыйнап алды,
Жақсы қоныс болған екен.

Батыр ханы дәхмет етти,
Батыр Төбет келип жетти,
Батыр ханды гелле етти,
Соңы жаман болған екен.

Енди ханы Тәўке болды
Бир баласы мәлим болды,
Қарақалпақта ол да өлди,
Баласынан айрылған екен.



«Әўеле бул қалаға бажы келеди. Хан өлген соң Ийт атлы шәҳәриңди алар» деген баяғы Тәўке ханның сөзи келеди.

Деген сөзди халық айтып,
Душпанды жаман муңайтып,
Ханларға жаман қол қатып,
Кейнин ойламаған екен.

Қыз сораған Музаппарға,
«Бермеймен» деп Асан барды,
Асан ушын қурды дарды,
Асанды өлтирген екен.

Ҳәмме батыр бирден барды,
Қарақалпақ хабарланды,
Гелле қылды Музаппарды,
Олар Қоқанды алған екен.

Ерназар тоқсаба болғанда,
Әмир еки сөйлегенде,
Гүлли батыр атланғанда,
Әмир қатты қорққан екен.

Гүлли батыр барғанында,
Ол Шелекти алғанында,
Әмирге хабар барғанында,
Әмелди қайтып берген екен.

Әмир ханы зорлық қылды,
Қарақалпақ бирлик қылды,
Батырларым ерлик қылды,
Ҳешким тиймеген екен.

Батырларым ағам болды,
Халқым, жағаң пүтин болды,
Жаңадәрья мәкан болды,
Үш жыл дәўран сүрген екен.

Нуртай Нурбайды жақлады,
Қытайға бул ис жақпады,
Ортаға отты таслады,
Ислер қыйын болған екен.

Қазақ, қарақалпақ урысты,
Алла келтиргей бул исти,
Қозғады отырған қонысты,
Хорезмге көшкен екен.

Асып түсти Дәўқараға,
Қылыш бий салған қалаға,
Алды барды Тазқалаға,
Жақсы мәкан болған екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арқа Хийўаның жери еди,
Үстине халық келеди,
«Бул жаман халық» дер еди,
Қубла қарай көшкен екен.

Бул сөзлердиң көп кемиси,
Қандай болар сөз тегиси,
Қарақалпақ қусбегиси,
Халқын қорғап жүрген екен.

Жигитлери етип тойын,
Душпанларға етип ойын,
Жайлап Кегейли бойын,
Көп қонысты тапқан екен.

Көшип барды Аққалаға,
Шарўа жайлаған далаға,
Қарсы турған көп балеге,
Айдос бабаң болған екен.

Хәр адамның келди гейи,
Қарақалпақтың толды мийи,
Қолдаўлының Турым бийи,
Ханға қарсы турған екен.

Шерийшиде Төбет, Тайлақ,
Қытайда бар Асан, Барақ,
Беллеринде болып пышақ,
Жаўға қарсы турған екен.

Хийўа ханы етти зулым,
Ол ханларда жоқдур билим,
Қарақалпақтың көрген күнин,
Күнәфшилик болған екен.

Хийўа ханы залым болды,
Көп жерлерге малим болды,
Байрамалы жаўлық қылды,
Тайлақ елши болған екен.

Сөз айтпасаң аўел бастан,
Түсинбейди хешким қастан,
Өшин алып қызылбастан,
Тайлақ елге қайтқан екен.

Досанның он үш баласы,
Зияратдур муддаасы,
Барғаны Гене қаласы,
Пирлерди зиярат қылған екен.

Маслих пенен жатқанында,
Жаны рахат тапқанында,
Хийўалының қоллаўында,
Урылар шахит қылған екен.

Гүлли қоңыр ол атланды,
Хийўаға барып топланды,
Гелле қылды ол қуңқарды,
Сөйтип қанын алған екен.

Хамме бирден көшип барып,
Душпанына бале салып,
Досым бийи қала салып,
Майлышеңгелди алған екен.

Серен қаланы салғанда,
Гүлли аталық келгенде,
Үш-төрт ирет шақырғанда,
Турым келмей қалған екен.

Ең соңында Турым келди,
Серен оған жекиринди,
«Қызың урайын, қоңыр» деди,
Турым салып кеткен екен.

Гереннин сындырып тисин,
Турым жаман қылды исин,
Ийем билгей ендигисин,
Серен Хийўаға кеткен екен.

Қарақалпақ бийлери атланды,
Хийўаға барып топланды,
Ўәжге тутты олар ханды,
Сөйтип жанин тапқан екен.

«Қыят, Қоңырат, сен ағасы,
Қолдаўлыдур, биз иниси,
Күйеў болды, сол кемиси,
Соннан тиси сынған екен».

Енди Турым алды күшти,
Бийлик қылды жети пушты,
Саў-саламат елге түсти,
Елге аға болған екен.

Тағрип еттим Ережепти,
Тентеклиги асып кетти,
Ол Хийўада бийлик етти,
Ағабаба болған екен.

Хийўа ханға шалғай жаўып,
Маңлайыны қылыш шаўып,
Көп душпаннан аман қалып,
Кароматлы болған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кемиси жоқ ата тегинен,
Хийўа шықпады шегинен,
Ережептиң себебинен,
Халық парахат болған екен.

Және жаздым ол Айдосты,
Буның хеш болмады досты,
Қан такпеклик болды қасты,
Батыр аңқаў болған екен.

Тең бөлип салық теңгени,
Шерик қылмай ханнан өзгени,
Мөтерге бермей теңтени,
Жүда уят болған екен.

Айдостың жоқ хеш кемиси,
Хийўалыда болды иси,
Бегис, Мыржық еки иниси,
Жүда күшли болған екен.

Еки жасаўыл келип жетти,
Салық пулды алып кетти,
Бегис, Мыржық қуўып жетти,
Сабап, қумға шашқан екен.

Ханның адамын урғаны,
Бегис, Мыржықтың қутырғаны,
Ханға қарсы ис қылғаны,
Үш батырдың әжели екен.

Ерназар ақ үйли болғанда,
Хийўаға айдап барғанда,
Көп жәбирди көрди сонда,
Жүда зулым қылған екен.

Ол Ерназар күшке толып,
Ханға жағып, сардар болып,
Хан палўанын қатты жығып,
Қусбеги әмел алған екен.

Саў саламат елге қайтып,
Хәмме душпанды муңайтып,
Өз елинде ханлық етип,
Қорған қаланы салған екен.

Өз басына қатты кетип,
Зарлық терени хан етип,
Гүлли бийлери ант етип,
Бир алманы жеген екен.

Көп кемени талап алды,
Өз басына бәле салды.
Хийўа ханы қамап алды,
Арба қамал болған екен.

Шайтан болды Хийўа ханы,
Қамап алды сол қаланы,
Геллесин алып Ерназардың
Шахид болып қалған екен.

Зорлық етип алды қаланы,
Көп өлтирди жас баланы,
Халық көрип түрли бәлени,
Журт хәр жаққа қашқан екен.

Мамбетназарды жасырды,
Сумлықты ханнан асырды,
Жәнелтип ылғый қасқырды,
Аман алып қалған екен.

Бирлик етти хәмме халық,
Ханның алдына барып,
Питим болып, төлеп салық
Халық парахат болған екен.

Дәреди Әдил аталық,
Күн-күннен барар пат алып,
Хийўадан келди хат алып,
Бул да жермен болған екен.

Аталық болды Оразы,
Бөлинди халықтың биразы,
Пухарасы болмай ырazы,
Көп салықты алған екен.

Қыс болса түркмен шабады,
Қай жерде малды табады,
Қарақалпақты қамады,
Бул да жаман болған екен.

Хәр урыў салып қаланы,
Малларды соған қамады,
Батырлар атты шабады,
Тастай қамал болған екен.

Ханнан дәрамат болмады,
Аталық еки кийнин жалмады,
Пара жегенин қоймады,
Халық көшиўге кирген екен.

Патшасы залым болады,
Дәрьяда суўы болмады,
Көп адамлар аштан өлди,
Көби қублаға көшкен екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дийқан болды хийўалыға,
Хызмет етти араллыға,
Қызын сатты тамағына,
Қатты қыйын болған екен.

Орысияттан әскер келди,
Келип алды Хийўа ханды,
Журт елине қайтқан екен.

Дийўанбеги жол баслады,
Суў қуйып дәрьяға таслады,
Ханның ойы иске аспады,
Журты қарап болған екен.

Орыс горады арқаны,
Қубладан қарақалпақ тарқады,
Залымлар басын шайқады,
Қолдан ғарбыз кеткен екен.

Сорады ақсақал, болыс
Күн-күннен көбейди урыс,
Жуда үлкейди қоныс,
Бул да жермен болған екен.

Байдың жумысын оңлады,
Дийқан турғанлар оңбады.
Жарлыға қоныс болмады,
Хар қолтықта журген екен.

Байдың малын жарлы бақты,
Қатынлары отын жақты,
Балларын арқалап бақты,
Жутым жаман болған екен.

Қарақалпақ күнин етти,
Жақсы сөзи шарапатты,
Ғарры сөзи нәсиятты,
Билгенлерге ўасиятты,
Билмегенлер надан екен.

Қулақ салып көп тыңлаған,
Жақсының сөзин аңлаған,
Кисиге жаманлық қылмаған,
Ол ақылға толған екен.

Шақырған жерге бармаған,
Кисиниң тилин алмаған,
Айтқан сөзине турмаған,
Ең жаманы болған екен.

* * *

Шыңғыс дәрьяның ерине жатқанда Майқы бий қырық жигит пенен барып ақшам мийман болып жатып, Майқы бийдиң Шыңғысқа айтқан толғаўы:

Бу Шыңғыстың ақылы азды,
Еки иниси журтты бузды,
Хан табағын дара қойды,
Басқасын еки-ара қойды,
Қырқы қарап турып еди,
Шыңғыс алың-алың деди,
Барисин бир өзи жеди,
Патиясын оқыды,
Қырқы келип сәлем берди,
Шыңғыс тағзим етип турды,
Сол ақшам мехман болыпты,
Баршеси менен таныспы,
Майқы баслап сөзледи:
– Сениң исмиң Шыңғыс ханды,
Көп йығлатма бул мийманды,
Мүсәпирдиң ақлы лалды,
Еки иниң журтты бузды,
Мениң айтқаным қылмасаң,
Қырымға сен хан болмасаң,
Сени алмай қуры қайтсам,
Сағыў-саламат жүргениңди,
Мен Қырымға барып айтсам,
Алмалы Керикли еңирер,
Қырымдағы бүлген елат,
Баршеси саған интизар,
Атаңды сен еңиретип,
Халқыңды көп бозлатып,
Анаң қойды Шыңғысхан,
Мен хам қойдым Шыңғыс хан,
Еки иниңди қыялмай,
Ноғайыман айрылдым,
Жаў жағыма қала болған,
Жел жағыма пана болған,
Ноғайымнан айрылдым,
Йүз он бесте яшым бар,
Аўара болған басым бар,
Сени алмай кетпеймен,
Сеннен басқаны күтпеймен,
Айтқан сөзим тутпасаң,
Изиме мениң ермесең,
Жалғыз өскен Шыңғысым,
Халқым болды үш қысым,

Меннен кеңил калмасын,
Мендей ҳешким болмасын,
Сақалымды кермесең,
Ақ сақалым сан болмас,
Кеп халқыма бармасаң,
Еки болып сен жүрме,
Шыным менен тыңласаң,
Сол айтқаным алғысым,
Тыңламасаң Шыңғысым,
Усы айтқан қарғысым,
Ашыўлансаң, елтирши,
Жүўермектен кетпе сен,
Ал енди, Шыңғыс, елгеним,
Айтып енди болғаным, –
дейип Майқы йығлады.

Енди Шыңғыстың Майқыға қарап айтқан сези екен:

– Енди, баба, билиңиз,
Қаңғырған бала мен болдым,
Ўалатизна мен болдым,
Алтын ханға баралмай,
Бабама сәлем береалмай,
Жүгикара мен болдым,
Қайтып сени кералмай,
Анама хызмет қылалмай,
Доғақы бала мен болдым,
Нағашымнан айрылдым,
Қырым журтка қайрылып,
Барайын десем үйим жоқ,
Енген-ескен жерим жоқ,
Белгили мениң атым жоқ,
Атам мениң күн болды,
Қуда ҳамири шул болды,
Алтын хан деген түп бабам,
Шын мәниде ол султан,
Айым деген мамам бар,
Жан ишинде ол жанан,
Оған не деп барайын,
Ол елатқа мен барсам,
Ҳаслымды не деп айтайын,
Арзым есит, бабажан,
Буралқыны бақпа ҳасла,
Бир күн қайрылмай кетер ол,
Бәдҳасылды сақлама,
Қырып бир күн кетер ол,
Иззетке ҳасыл жарасар,
Жақсыға ҳасыл жарасар,
Қаңғыға ҳасла сыр айтпа,
Сырыңды билип алған соң,
Өзи болып алған соң,
Басыңа бәле келтирер,
Мен бир жүрген қаңғыны,
Қырымға султан болалмас,
Паналарға атам жоқ,
Сағаларға ағам жоқ,
Ат байларға иним жоқ,
Баба, мени қаңғыртпа,
Патшалық пенен исим жоқ,
Жалғыз жүрип болдым тоқ,
Ата, мени бозлатпа,
Ханлық пенен исим жоқ
Мениң пәндим алмасаң,
Бармасам, мени қарғасаң,
Қарғыс алған оңбайды,
Туқымқурт болып мен кетсем,
Жақсы керсең, қол қылыш,
Жаман керсең, тил қылыш,
Маңлайы сорлы анамның,
Кезде жасы кел болар,
Алтын шашы жүн болар,
Енди мениң болғаным,
Айтқаныңды қылғаным,
Бул дүньяның түби жоқ, –

деп, бала бозлай береди. Майқы бий бас болып, қырық адам болып, иттифақ билан Шыңғысты хан кетереди. Майқы хан атасы болып арбаға миндирилип, Майқының торы атын қосып, Қырымға келеди. Шыңғыс хан болып, ели абат болады. Шыңғыстың атасы жоқ, күннен болған еди. Буның баллары жети султан ҳам ярым хан Жәнибек хан, Жеңгент хан, аның уғлы Тоқтамыс хан, қазақ илинде хан султан Шыңғыстың зурийадыдур.

• • •

Қарақалпақ халқының бурынғы енип-ескен жери Қара теңиз бенен Каспий аралығында, Қырым деген жер. Улты – қарақалпақ, дини – мусылман. Узақ ўақытлар даўамында ҳәр патша қорамында күн кереди.

Бир заманларда қарақалпақ ишинен Майқы бий ез халқына патшалық етип, халқын қорғайды. Сол заманда ол татар ҳам ноғайлыларды да қорғаған. Алтын хан деген ҳәр жақтағы душпаннан ез халқын ҳам қарақалпақларды да қорғап турған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Майқы бий қартайып, бир жүз он бес жасына келгенде орыс патшасы ноғайлы халқына жаў болып, қатты ҳүким жүргизген, соның салдарынан халық көп азапланған.

Алтын хан өлген соң ноғайлы көше баслаған, «ноғайдай бүлген» деген сөз халық қулағында сол заманнан қалған.

Ноғайдың бир баласы бөденеге аў қурып, соның үстинде түркменниң бир баласы менен урысып олар менен жаў болып қалған. Соның салдарынан елде тынышлық болмай, халық ҳәр тәрепке көшип қаша баслаған.

Алтын ханның улы жоқ, жалғыз қызы болған. Аты Алмалы көриклн деген екен. Қыз ерсиз жүкли болып, бул атасына сезилиoти. Атасы қызды тебежеге салып, көп алтын-гүмис пенен дарьяға ағызып жибергизеди.

Дарьяның аяғындағы қарақалпақ халқында Тумаўыл мерген деген карши тутып отырып услап алған, сандығын сыртқа шығарып қараса, ишинде сулыў бир қыз отыр екен. Қыз жүкли екен. Ол кейин уғыл туўған. Атын Шыңғыс қойған. Тумаўыл қызды өзине никаҳ етип алғаннан кейин Бөденетай, Бүргелтай деген еки бала туўылған. Үш бала ержетип, камалға келгеи. Соң Шыңғыс атасы бар еки баладан бөлинип, атасы жоқлығы билинип, Едил дәрясының ерине, моғыл халқына жақын жерге барып аң аўлап, аўқат таўып жүре береди. Бирақ енесине:

– Дарьяға ҳәр ўақта барып тур. Суўда қустың пәрин көрсең, тири болғаным, көрмесең, өлгеним. Жеген қусымның пәрин дарьяға салып тураман, – деген екен.

Сол заманның билимданлары жыйналып, буларға Майқы бий бас болып, Алмалы көриклиге келип кеңес етеди:

– Халық бүлди. Бунның илажы қандай болады? – дегенде, патшаның қызы:

– Усы дарьяның ериндеги Шыңғыс келсе, патша болып, халық абат болады, – дейди.

Майқы бий бас болып, жигитти излеп таўып, Шыңғысты арбаға миндирип, Майқы хан атасы болып, аман-есен елге келген. Халық көшпекпи болған ҳәм баяғы Шыңғыстың жайлаған Майқы бийдиң көрген жери Едил-Жайықтың бойына қарақалпақ халқы орналасқан. Ноғай халқы Қазан, Самар, Уфаға орналасқан. Түркмен халқы Хорезм ҳәм Дарғанға барады.

* * *

Қарақалпақ халқы Едил Жайықтың бойында мал бағыўға жақсы екен деп турақласады. Бир жағы ноғай ҳәм татар, бир жағы қазақ, бир жағы моңғол, усы халықлардың арасында жақсы күн көрис етип отыра береди. Сөйтип, Майқы бийден гүлли қарақалпақ өнип өскен.

Сол ўақлары өзге дин тутыўшылар менен мусылман арасында келиспеўшилик көп болады. Орыс патшасы езиўшиликке баслайды. Сол ўағында Шыңғыстың ақлығы Батый хан деген орыс басқыншылығын қайтарып, халқымыз аз ўақлар Едилде паралат отырды.

Сол дәўирде қарақалпақ халқына Ормамбет бий ҳәм Меңке бий деген адамлар аға болады.

Бир күнлери орыс патшалығы жақын келип, үш жүз жыл урысқан ноғай, татар халқын ала баслайды. Заман патырат болады ҳәм халықта әдел қалмайды. Сондағы Меңке бийдиң айтқан толғаўы:

– Геўиш пенен маси жоқ,
Етик шығар деп еди,
Әкесинен баласы,
Жетик шығар деп еди,
Шапаны жоқ, белбеў жоқ,
Кисе шығар деп еди,
Жүгинис жоқ, малдас жоқ,
Күйеў шығар деп еди,
Пишенин қалар баўлықсыз,
Қатының жүрер жаўлықсыз,
Улың болар көрмедик,
Қызың болып әдепсиз,

Парахор болар бийиңиз,
Жекеннен болар үйиңиз,
Үстиңе душпан келгенде,
Салығым деп бир алып,
Жер малы деп бир алып,
Анық таўып бермесең,
Қамшы менен урғанда,
Күндей қайнар мийиңиз,
Меңке бийдиң ақылы,
Ақыл емес, нақылы,
Муны, халқым, билиңиз.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақ халқының ағалық етип турған Ормамбет бийи өлип, басшысы өлгеннен кейин халыққа дағдарыс түсип, барлық қарақалпақ билимпазлары кеңес етеди. Ормамбет бийдиң улы жоқ, үш қызы бар еди. Халықтың қария ҳәм билимпаз жигитлери қызларға кеңеседи:

– Ормамбет бий өлгенде,
Ул қалмады, қыз қалды.
Үш қызлардың генжеси,
Алтын қустың панжеси,
Сарыша айым дер еди.
Сарыша айым алдына,
Тамамы халық келеди,
Жыйылып кеңес қылады,
Сонда айым сөйледи,
Сөйлегенде не деди:
– Ҳә, ноғайым, ноғайым,
Енди кетти оңайың,
Барлық халық көшкенде,
Қалай болар жағдайың?
Дәўлетиң тайып турғанда,
Келиспейди оңайың,
Ақыл жыйнап өзиме,
Алдымды болжап қарайын.
Ҳә, ноғайым, ноғайым,
Сол кеткеннен кетерсең,
Жолды мәскан етерсең,
Табаның тозып жолларда,
Талай қумнан өтерсең,
Ҳешбир жерге орнығып,
Макан тутып алалмас,
Көп сергиздан боларсаң,
Ақыры халқым, айланып,
Ақдарьяға жетерсең.
Оннан ҳәм арман өтерсең,
Оннан арман өткен соң,
Залым ханның зулымынан,
Күн көралмай, сорлы халқым,
Көп жәбирди көрерсең.
Сарттан болар бийиңиз,
Патлаўық болар үйиңиз,
Егиўге жер табалмай,
Күнликши болар исиңиз,
Ақыр күниң көралмай,
Сартқа қызың бересең,
Сарттан болған балаңды,
Жийеним деп сүйерсең,
Балаңды алып отырып,
Әдилиң түсип адыңа,
Қуў тезектей күйерсең,
Мөңке бийдиң ақылы,
Ақылы емес, нақылы, –
Деген сөздиң мәнисин,
Сол ўақлары билерсең.
Мал бағыўға жер таппай,
Жалғыз ешки саўының,
Арқанлап саўыў күн болар,
Дадыңды айтып барыўға,
Сол ўақ ағаң ким болар?
«Жер, малы» деп бир алар,
«Салығым» деп бир алар,
«Закатым» деп бир алар,
«Шөп аўыз» деп бир алар,
«Жамбас пул» деп бир алар,
Бир жылдан соң бас шабар,
Бас шапқанда не қылар,
Патшадан көрип көп азап,
Талқаның жаўға алдырып,
Халқың жаман бүлинип,
Өлдим-талдым дегенде,
Ақдарьяны сен өтип,
Арқалап макан қыларсаң,
Енди аз ўақ дем алып,
Тазадан халық боларсаң,
Сол дәўирлер болғанда,
Арқадан келер бир бәле,
Атыны қояр ояздай,
Арқаңды қысар аяздай,
Тамғалы қағаз сақларсаң,
Атаңнан қалған мазардай,
Мениң айтқан бул сөзим,
Алдыңнан шығып, сор халқым,
Ҳалыңның қандай боларын,
Әдиллик пенен сораған,
Қарун байға теңгерип,
Бир басшыны табыўды,
Ықбалыңнан көрерсең.
Ормамбеттиң сол қызы,
Сөзин тамам қылады,
Билгир қыздың айтқаны,
Алдымыздан шығып тур.

* * *

Ноғайлылар залым патшаның қорлығы себепли қарақалпақ халқының үстинен өтип, бир нешшелери қазаққа, бир нешшелери Хорезмге асып түскен.

Қарақалпақ халқы үстинен қонсы ноғайлардың бүлип көшкенин көрип, булар да ҳаўлығысып, Түркистанға қарай жол тартып көше баслаған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аш балаға, бала атаға қарамастан, жан алды қарабарақ жүре берген. Едилден Сырдарьяны гөзлеп, қазақ даласы, Қызылқум шөллери менен ҳарып-шаршап, бала-шағаларды көп ҳарықтырып, Қызылдағы түрли шөп ҳам гияларды шөплеп, ҳайўанларды аўлап, шорпа орнына көрек қылып неше күнлер жол жүреди. Сырдарьяға жете алмай, аяқлары қабарып шаршап, жоллар да айбей, бир ай сабылады.

Бир күнлери қатты шаршап, бир бийик қумның үстине барлық қариялар ҳам адамлар жәмлесип отырғанда, сол халықтың жыраўы Жийен жыраў Едил-Жайығын жоқлап жырлаған:

– Баққасы бала уйқылатпай,
Жыланы жылқы жуўсатпай,
Келим сеннен айрылдым.
Түбин кессе – гүпшегим,
Ушын кесе – шапшағым,
Тоғайым сеннен айрылдым.
Мал отлаўға жери кең,
Жары менен суўы тең,
Едилим сеннен айрылдым.
Жарлы менен байы тең,
Ешкиси менен қойы тең,
Жайығым сеннен айрылдым.
Түби малыма қазығым,
Балаға мазалы азығым,
Жийдем сеннен айрылдым.
Төрт түлик малды айдадым,
Сүт пенен майды шайнадым,
Жөлиге қулын байладым,
Маллар сеннен айрылдым.
Айдын шалқар көллерим,
Жағалай қонған еллерим,
Таўдан аққан булағым,
Жағалай шапқан ылағым,
Жайлаўым сеннен айрылдым.
Жаз күнинде саўыным,
Гүз күнинде қаўыным,
Жыйнаған ас қабағым,
Қыс күнинде шабағым,
Халқым, соннан айрылдым.
Елимде атлар шабысқан,
Дослар менен таныcқан,
Уллы байрам тойларда,
Халықлар менен жарысқан,
Жылқым сеннен айрылдым.
Халқымның саны жер еди,
Малымның саны көл еди,
Көл менен жерим барында,
Көп ҳасыллар енеди,
Көп ҳәзликтен айрылып,
Халқым шуўлап келеди,
Сырдарьяға жете алмай,
Ҳарып-шаршап жатқаным,
Бул қайғыдан қутылсам,
Маған таңның атқаны, –
Деп сөзин тамам қылады.

Енди жигитлер кеңесип болып айтысады:

– Бул Қызылқумда жата берсек, аштан өлип қаламыз. Оннан да суў таўып ишейик. Қара суў қара жерим жерге апарады деген, тынбай көшейик, – деп, көп халық Сырдың аяғына қулайды.

Аш болған халық Сырдың аяғына қала салып, балық услап, аш болған бала-шағаны тойдырады. Жаз күнлери егин егип, арпа-бийдай сепип, арпа-тарыы көбейеди. Қарақалпақ халқы тоя баслайды.

Бул масликти көрген қазақ халқы сол жерде көбейе баслайды. Барлық халық жыйылып, Қазалы қаласын салып, күн көрип ҳам базар болып кетеди. Қазалы соннан қалады.

Бул уйымласқан халықтың күн көрисин күнлеп, қазақтағы байлар орыс губернасын алып келип, зорлық етип, гүлли қарақалпақты көширип жибереди. Буннан соң бизиң халқымыз дарьяның ерине қарай көше-көше, барып Түркистанға орналасады.

* * *

Қарақалпақ халқы 1526-жыллар шамасында Түркистанға көшип келеди. Сол даўирде бул елди Бухара ханлығы сораған ҳам Хорезм шаҳы қосымша ҳүким жүргизип турған заман екен.

Сол ўақында қарақалпақлардан бизиң елимизге аға болған, қолдаўлыдан Асан деген адам Ашлықа ҳәмелин алған.

Қарамойыннан Нуртай әўладынан Ерназар да Бухар ханы менен келисиўиниң арқасында ҳәмелли болады. Қоңырда Хожаназар, Қосназар, Қытайда Асан барақ ҳам Амангелди, Төбет айлақ деген батыр жигитлердиң ғайраты менен халық бираз ўақыт паракатшылықта болады. Халық егин егип күн кеширеди. Бир жағы Қызыл болғанлықтан, мал шарўашылығы буған қосылады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақ халқы бир жағы қазақ даласы, аржағы Ташкент, қублада Самарқанд, батысы Буқарға дейин жетеди. Өзинде Түркистан, Ғыждыўан, Жийдели-Байсын, Жупар қорығы, Қозы гузар хам Сарсебиз, арқасы Нурдың таўына дейин орналасады ҳам толысады.

Сол заманларында Әмир өз сорамына зулым болып, халықты езе баслайды. Пуқарасына ҳар түрли жапа етеди.

Қоқан ханы Музаппар деген қарақалпақ халқына қыз салығын салады. Бул қыз соратыў қарақалпақ азаматларына қатты аўыр тийеди.

Сонда хан Асан аталық ҳам Ерназар тоқсабаны шақырып алып, «қыз бересең» деп көп зорлайды. Асан оған көнбейди. Сонда Қоқан ханы Асан аталықты дарға асып өлтиреди. Ерназар тоқсаба қашып келип, гүлли қарақалпақтан адам жыйнап атланыс етип, Музаппарды өлтирип, өшин алады ҳам Шалак деген қаласын шаўып, өзине қаратады.

Ендиги жағында жаңа болған хан булар менен жарасық етип, Ерназар ҳам Амангелдини халыққа бий етип, ықтыяр берип қояды. Халық аз ўақыт парахатшылықта жасайды.

Қазақ халқының байлары орыс патшасынан күш алып, қарақалпақларға қарсы урыс баслайды. Гүлли қарақалпақ халқы әскер жыйнайды. Бухар әмири көмек бермейди. Қазақ, қарақалпақ бир-биринен барымтаға малды қуўып алып алып кете берди. Сол себепли елде адам өлиўшилик көп болады.

Сол заманда Бухара әмирлигинен әсиресе, тажиклер мал қуўа баслайды. Сонда қарақалпақ батырлары тажикти шаўып, оларды ишке киргизбейди.

Кенегес, маңғыттан тоғыз жигит тажикке қас болады. Тажиклер олардан қатты қорқады.

Елде көп ғалаўыт болып, бир жағынан әмир қысып, бир жағынан қазақ басқыншылары топылып, гүлли қарақалапақ халқы енди Сырдарьядан өтип, Жаңадарьяға келип топланады. Сонда да ғалаўыт, шабылыў көп болады. 1590- жыллар шамасында халық үш жыл жәбир-жапашылық пенен күн кеширеди.

Сол ўағында қазақ, қарақалпақ болып урыс басланып, еки жақтан да көп адам өледи. Хожаназар, Қосназар батырлар да сол урыста қазаланады. Нуртай батыр Хожаназар, Қосназардың өлимине қапа болып, ишқыста болып, өкелинен өледи. Усы үш батыр өлгеннен кейин қарақалпақ халқы Хорезм шуқырына, Әмиўдиң арқасына көшип келди. Сол үш батырдың сүйеги Ақтеректиң таўында, соның жиңишкелеў жеринде Нуртай аўлийеси деген жерде жатыр.

## ТЕҢТАМҒАЛЫ

Баяғы бир заманда қара қоңыратларды қызылбас жаўлап, сол ўақта әдеўир жан тутқында қалып кеткен екен. Арадан жыллар өткеннен кейин әсир түскен елдиң бирazын Елбөри бий қутқарып, қайтып әкелипти. Қызылбас арасынан алып келинген бул аралас топарды халық «түрикпеналы» деп атап кетеди. Елбөри бий түрикпеналы топарын еменалы аўладлары менен еншилес етип, бөлек шығарады. Еменалыдан тараған түменалы туқымлары оларды жатсынбай, жақын тартады. Түрикпеналылардың ишинде Қултай деген бир бозыбалa жигит болады. Елбөри бий бул жигитти өзиниң жалғыз улы Байбөриниң қасына қосып, ырғақлылардың жылқысына бас-көз етеди. Қултайға жәрдемши етип, қолбала балаларды қосады.

Елбөри бий елалаламай, еменалы менен семеналы аўладларын жеке-жеке аўыл етип шығарады. Жетим жесири, туўысы менен туўмасы аралас болған бул жарлы жақыбай пуқараларды бий журт қатарына қосып, қоңыраттамғадан тамғалық дүзеттиртип, «теңтамғалы» деген атты береди. Усыған байланыслы халық арасында:

Еменалы ел болды,
Еншилеске тең болды,
Жетим қозы қой болды,
Жетимек те зор болды, - деген сөз қалады.

Теңтамғалының тамға алған дәўири ҳам елге теңескен тусы сол Елбөри бийдиң бийлик еткен заманы, Қултай бабаның жигит ағасы болған ўақытлары екен. Қултай бабаның қолбалалары да өзинен өсип-өнип «тайлар туқымы» деген ат алады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАМОЙЫН
(Р-1242, №183023)

Қарақалпақтың ең арғы бабасы Жайылхан, Сейилхан, Алаш дегенлер болған екен Сейилхан түркменниң бабасы. Жайылхан Қоңыраттың бабасы екен. Сейилхан деген бабамыздың қаялын сегиз сан малға алып, соннан сегиз сан Сейилхан деп аталғанда, Жайылхан бабамыздың қаялын алты сан түйеге алған екен. Ол ўақытта олар ата журты Түркистанға келип, сол жерде отырған екен.

Буннан айтыўларға қарағанда, қарақалпақлар он төрт урыў емес, ал төрт урыў – Кенегес, Маңғыт, Қытай, Қыпшақ болып бөлинеди. Бул төртеўи Жайылханның баласы. Усы төртеўиниң де арғы ата-бабасы Бегенетай, Бергентай деген бабамыздан тарады деседи. Булар жас ўақтында ойнап жүргенде төбелесип, ағайинлери жақ-жақ болып айырылысып кеткен.

Түркистанда отырғанда бир кисиниң отыз улының жигирма сегизи Хийўа ханына базарлап келемиз деп Хийўаға келеди екен. Булардың келгенин хийўалылар көрип, қайран қалады. «Түри басқа, өзлери ири адамлар» деп ханына хабар береди. Оларды хан қонаққа шақырып, булардың бирқаншасын өлтиреди. Булар кешиккеннен кейин, қалған екеўи соларды излеп келеди. Олар мойнына, билеклерине аза етип қара орамал байлаған, соннан қарамойын атанып кеткен деседи.

## ҚОЛДА ТАМҒАЛЫ ҚОЛДАЎЛЫ
(Р-589, -№180082)

Қоңыраттың қабырғалы тайпасының биреўи қолдаўлы. Қоңыр бий бир баласына тамғасын атының қолдаўына – алдыңғы аяғының жоқарысына бастырған да, биреўине аттың сандаўына – артқы аяғының қапталына бастырған. Аттың қолына тамға салғаны «қолдаўлы», санына басқаны «сандаўлы» атын алған. «Қолда тамғалы қолдаўлы» деген сөз соннан қалған. Қолдаўлы туқымы көп болыпты. Орын бийдиң заманында оларды үлкен қолдаўлы, киши қолдаўлы деп екиге бөлген екен. Үлкен қолдаўлыны «үлкен үйли», киши қолдаўлыны «киши үйли» деп атаған.

Үлкен үйлиден: суўынбай, кийикбай, қоянбай, маянбай.

1. Суўынбайдан – үлкенберик, жанқораз, қараша, жел.
2. Кийикбайдан – жийенбет, борай.
3. Қоянбайдан – бескемпир, алтыбай.
4. Маянбайдан – қайып, қазыбек, күлкихожақ, сарытон, ийшантоп, бийполат.

Киши үйлиден: жақсыбай, жаманбай, аманбай, алыбай, толыбай.

1. Жақсыбай – елибай, келдибай.
2. Жаманбай – жаманаўыл, қайдаўыл.
3. Аманбай – қалқаман, мүлкаман.
4. Алыбай – манақ, қалмақ, қаўыншы, қарасыйрақ.
5. Толыбай – жәримбет, жәлимбет. «Төрт үйли толыбай» атанған жәримбеттен жаманқоңырат, жуқа, қызылаяқ, қыйра деген кешелер өрбиген.

Қолдаўлы туқымында бийлик тийгени бескемпирлер. Бескемпирлер «Тоғыз үйли томаўыл» атанған. Оның ишинде майшы-шалы, таз, алаўкөз, көкирек, кенек деген кешелер өсип-өнген.

## ҚАЗАЯҚЛЫНЫҢ БӨЛИНИЎИ
(Р-539, №176382)

Қазаяқлы жетиге бөлинеди: 1) қылмойын; 2) мырзай; 3) мерген; 4) күйик; 5) бақсы; 6) көп уста; 7) сабик. Қазаяқлы аталыўының себеби, аяғының, қолларының арасында ғаздикиндей тутас перде болған, соған бола усылай аталған. Бабамыз: бир-бириңизден қыз алмаң, қыз алсаңыз, бир-бириңизге жаў болып кетесиз деп, буларға енши бермейди. Егер қыз алысатуғын болсаңыз, үш атаға жетпең, – деп терис патиясын береди. Соннан қыз алыспайды. Көп уста

www.ziyouz.com kutubxonasi

әўладлары Қаравзек алдында, изейкештиң жағасында жайласқан. Сабик әўладлары «Қуралпа» хожалығында жайласқан. Аўылда атақлы адамлардан Сақаў палўан, Артық бақсылар өткен. Булар да қазавқлылар болған. Ғайбулла бақсы да сол жерде жасаған. Сақаў палўан сақаўлығы себепли усылай аталған.

## ЖЕТИ АҒАЙИН

(Р-1299, №183812)

Халықта «житит — жети ағайин, журт – жети ағайин» деген сөз бар. Қанлас, қаналас туўысқанлар «қан ағайин» болады, ата жағынан жақын жанлар «жан ағайин» аталады, тийреге қарап кеткенлер «тум ағайин» саналады, жами урыўласлар «жам ағайин» есабына киреди, қаўимлес адамлар «ара ағайин» делинеди, бир арыстан тарқалған қабырғаласлар «жар ағайин» қатарына жатады, арғы сағасы бир болғанларға «қар ағайин» деп айтылады. Қараның алты улы бир-бирине «қар ағайин» болады.

Сүйети бир болғаны менен тили, тиришилиги бөлек болып кетип, узақласқан, жатласқан қар ағайинди «нам ағайин» деп айтады. Олар «жети ағайин» есабына қосылмайды.

## АЛТЫ АРЫСТЫҢ СЫНЫ

(Р-1299, №183812)

Қарақалпақтың түп бабасы – Қара бий. Халық Қара атамыздың алты улын да «бий» деп атапты. Асасы, ол алтаўы да жасынан бийликке араласқан екен. Қара бий оларға енши бөлистиргенде, бир-бир тулпар атты да алдыларына тартып, «Ал енше, тамғаларыңды баса бериң» деп буйырыпты.

Бийдиң алты улының ишинде биринши болып Мүйтен бий өз еншисине тийген бараң аттың қолдаўына айыр сүңгиниң белгисин басыпты. Қара бий «Өб-бө, балам, урпағың топ жарып, ортаны айырып жүретуғын ер болады екен» депти.

Қоңыр бий саман атының саўырын сыйпалаған болып еки бармағын басып жүргизипти де, қолының изиниң үстинен босағатамға басады. Баба оған «Бәў, балам, қара шаңарағымның босағасы да, қарайым журтымның бас сағасы да өзиң, өзиңниң заў-затың екен» депти.

Қытай бий бөз атының саңдаўына шөмиштамға салыпты. Қара бий бул баласына «Балам, сен ордамның ийеси, қара қазанымның ийеси болдың» депти.

Қыпшақ бий торы атты айланып көрип, оның қабырғасынан сүбесине шейим бир сызып, алиптамға түсирипти. Қара бий сонда «Балли, балам, қабырғалы ел болатуғын болдың, батырлық, бийлик сенде қалады екен» депти.

Кенегес бий алдына тартылған торлаңға көўили толып, атының жамбасына атанақтамға урады. Қара бий оның қасына келип «Бәрекелле балам, сен де жамбастан қалмайтуғын болдың, төрт тәрепиң тең екен» депти.

Маңғыт бий тарланнан туўған тулпарын тутып турып, аттың саўырына қазықтамға салады. Қара бий сонда «Иншалла балам, урпағың саўырлы ел болып, елатымның түпқазығы болады екен» деп сын берипти.

Қара бийдиң алты улы да өсип-өнип, алты улыс аймақ болған екен.

## ҚЫПШАҚ УРЫЎЫ ҲАҚҚЫНДА

(Р-1207, № 182886)

Оғузлар дәўиринде сәркардалардың ҳәммеси де бала-шағаларын арбаға салып жүретуғын еди. Себеби, узақ созылып кеткен саўашлардың өзи соны талап етти. Усындай саўашлардың биринде Оғуз ханның батыр беклериниң бири қазаланды. Оның ҳаялы ҳәмиледар еди. Күйеўиниң қайтыс болғанын билип, саўаш майданына барған. Күн суўық еди. Ҳакисине сол жерде толғақ тутып қалып, ҳаял не қыларын билмей, бир гиддиман ширик ағаштың қуўысына кирип, теректиң

www.ziyouz.com kutubxonasi

қабығының арасына баласын туўды. Оғуз хан бул ҳадийсени еситип, ол баланың атын Қыпшақ деп қойды ҳәм өз қәўендерлигине алды. Себеби, ески түрки тилинде иши қуўыс ағашты қыпшақ деп атайды екен. Соңынан ол баланы тәрбиялап Аттил (Едил) журтына патша етип тайынлады. Барше Қыпшақ ели оның нәсилинен тарқалған дегеди.

## ОҒУЗ ХАННЫҢ УРПАҚЛАРЫ

(Р-1207, № 182886)

Оғуз ханның алты улы болып, олар Күнхан, Айхан, Жулдызхан, Көкхан, Таўхан ҳәм Теңизхан деп аталады. Күнханнан төрт ул: Қайи, Баят, Әлқаўли, Кераўли; Айханнан төрт бала: Язир, Ябир, Дуруға, Докар; Жулдызханнан төрт ул: Оўшар, Қарнақ, Бекдили, Қарқин; Көкханнан төрт ул: Баяндур, Бәчана (печенег), Шаўлдыр, Жабин; Таўханнан төрт бала: Салур, Әмар, Алайонтлы, Үргир; Теңизханнан төрт ул: Игдир, Бикдиз, Оба, Қиник. Олардың бәри де қарақалпақлардың пайда болыўында белгили тәсири болған. Бирақ, солардың ишинде Көкханның баласы Бәчана тийкарғысы есапланады.

## ШЫҢҒЫС ХАННЫҢ АТА-БАБАЛАРЫ

(Р-1207, № 182886)

Шыңғыстың әкеси Есугей баҳадыр, оның атасы Биртин хан, оның атасы Әбиў хан, оның атасы Қабыл хан, оның атасы Илинжақ, оның атасы Туман хан, оның атасы Будату, оның атасы Байсуңқар хан, оның атасы Будақур, оның атасы Қайду хан, оның атасы Мурти, оның атасы Дутыман хан, оның атасы Дутахун, әйтеўир әдеўир ханлардың атларын келтиреди. Ана тәрепинин шежиресин Қаян ханнан баслап Жулдыз ханның ақлығы Аланқуўа аналық пенен тамамлайды.

## ЕСТЕРЕК БАБА

(Р-589, №180082)

Кенегестиң түп бабасы – Естерек бий. Халық Естерек бийди «Кенегес баба» деп атаған. Естерек бийдиң алты улы алты тайпалы ел болған. Естеректиң иниси ағасы Әлип бийдиң әўладлары менен булар жети келе елге айланған. Бул қәўимлердиң ортақ тамғасы – атанақ, жаўға шабар ураны – «Естерек!» болған. Кенегес-Маңғыт бириккен гезде, «Жаўлы-Шаўқай!» деп уранлаған.

Естерек баба балалары аўыл-аўыл болып бөлек шыққаннан кейин оларға өз алдына тамға берген. Биринши келгенине тақ сызық салып әлиптамға, екинши келгенине найзаны шаншып турып сүңгитамға, үшинши келгениниң алдына қазықтай ушы сүйир жуўан темирди таслап сүйментамға, төртиншн келгенине ағаш жоңғысына қаратып сүргитамға, бесинши келгенине қарўйдиң қанатын сызып керегетамға, алтыншысына жерди урып кетпентамға, топ болып келип қалған жетиншисине айқыш-уйқышлап көптамға нышанын салдырып көрсетип, сол тамғаларын умытпаўды тапсырады. «Тамғаңа қарап таныс, ураныңа қарап уйыс» деген сөз сол заманнан қалған.

Естерек баба Әмиўдәрьяның жағасында жасаған. Бабаның қәбири басында бийик жалғыз терек болған. Терек өсип турған жерди халық «Естерек баба», «Кенегес баба» деп зиyaратлаған. Аманбай бий ханнан сол жерди сорап алып, бабаның басына сырық байлап, белги қойдыртқан. Естерек баба жасаған жердеги гөне изди таўып, сол арадан жап қаздыртқан.

## МУЎСА БИЙ ҲӘМ ОНЫҢ ӘЎЛАДЛАРЫ

(Р-1207, № 182886)

Оқлас ханның баласы Муўса бий (XVI-әсир) дәслеп Түркистанда турып, Шайбаный ханның Орта Азияны жаўлап алыўына үлкен жәрдем көрсеткен болса да, қайтадан Едил-Жайық бойларына кетип қалады. Солай етип, ол Сарайшыққа барып, Ағабий дәрежесин ийелейди.

Муўға бий аўладлары – Шайқым, Сейтек, Қасым, Досым Орақ, Қазый, Юсип ҳәм Исмайыллар ҳәммеси де аға султан болып, айырымлары хан атанды. Соңынан ноғайлы султанлары арасында жер талас болып, Сейтек Хорезмге, Досым Сибирьге, Орақ пенен Қазый Кавказға кетти. Барлығы да қара басы кеткен жоқ. Өзлерине тийисли улысларын алып кетти.

Муўға генже балалары Юсип пенен Исмайыл қарамағында болған «алты улы ноғайлы» (Мүйтен, Қоңырат, Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғытлар) азайыңқырап барып, XVI әсирдиң ақырында және қарақалпақлар атанған еди. Бул орданы ең соңғы ханы – Муўға бийдиң ақлығы болған Тынахметтиң баласы Ормамбет бий. Ол өмириниң ең соңғы гезлери хан дәрежесин ийелеген.

## АҒА БАТЫРЛАР

(Р-1299, №183812)

Жайыл бийден Едил бий менен Жайық бий туўылады. Едил бий ел басқарып, «Айедил» деген даңққа ийе болады. Айедилден: Байедил, Жанедил, Миредил, Бийедил, Ақедил, Бекедил, Ередил батырлар аты қарақалпақтың арына шапқан, атайы ерлер екен.

Байедил батырдың тухым-теберигиниң ишинде Асаннан тараған Ер Жадик аўлады өнип-өсип, хан да, бай да, бий де, ер де, шора да, палўан да усы қәўимниң ортасынан көп шығып, ашамайлы тайпасының даңқын жайған. Жадигердиң қара шаңарағына ийе болған Бесбала аталығы «шоратуқым» атанады. Бесбала аталығынан қара, сары, абыз, ақай, паңқара деген тийрелер өрбийди.

Жапар батыр аўлады да бир аўыл болады. Беке батыр үрим-путақлары да бир урыўды қурап, олар «Бийтуқым» деген атама менен танылады. Беке менен туўысқан Бекполат батырдан тараған таўбасар, жаўбасар туқымлары өнип-өседи.

Ашамайлы тайпасындағы аз шаңарақ жаман урыўы «қаратуқым» аталады. Ақылша урпағы «батыртуқым» деген атқа миясар болған. Ашамайлы тайпасының уллысы «шоқ» ямаса «шоқтуқым» аталып, белли урыўларды қураған болса, олардан кейинги ең абырайлы аўыллары «Беке балалары» екен.

Беке батыр ел бийлеген, халық оны «Бегим улы Ер Бекей» деп те тәриплейди. Беке де, оған тетелес Бекполат та арўақлы батырлар болып, жасынан-ақ топ жарып шыққан. Беке батырдың шын аты Бийполат болыпты. Беке өз заманында журт сораған.

Беке батыр қайтыс болғаннан кейин оның аўылын да түркменлер шаўып, ойлаған үйли жанды ат алдына салып айдайды. Беке батырдың өзинен дереген, жети аўыл болып отырған жети баласының биразының урпақлары да усылай түркмен қолында кеткен. Түркменлер оларды «бегейлер» деп атаған. Кейиниде бегейлер түркменнен бөлинип шығып, Маңқыслаўды жайлаған.

Беке урпағынан шыққан Бекназар деген киси бий болмаса да, тереңи сөзи бар бийшикеш инсан екен. Бекназардың Құдайназар, Байназар деген еки улы болады. Усы балалар аяқланып, қатарға қосылған ўақытта Бекназар бийшикеш мезгилсиз қазаланады. Дәстүр бойынша атадан қалған қара шаңараққа да, мийрасқа да Байназар ийелик етип, Құдайназар дүнья-мүлкке қызықпай, өз тиришилиги менен күн кеширe береди.

Құдайназардың жасы жигирма беске келсе де, қаялы «көз жармай» жүрген көринеди. Бекназар бийшикеш «он үште – отаў ийеси» деп еки улын да ерте үйлендирген екен. Жыл өткен сайын Байназардың дәўлети тасып, байыған үстине байып, балаларын да үйлендирип, үлкен ордалы аўылға айланады. Булар «байтуқым ашамайлы» атанады.

Байназардың байлығы асқаннан кейин жайлаў тарылып, ағасынан руқсат алып көшип кетеди. Бирақ кетеринде «Сизди өзим келип көширип әкетемен» деп ўәде етеди. Жалғыз жарлы үй журтта қала береди. Құдайназар иниси Байназардың бирге алып кетпегенине қатты ары келеди. Құдайназардың қаялы Улбийке күйеўин сабырға шақырып, үй ийесине тәселле береди.

Ақыл-парасаты мол Улбийке – қоңырат елиниң белли атқаминерлериниң бири Байбуўра байдың қызы болған. Бекназар бийшикеш Құдайназарға қыз таңлағанда, оны өзи сынап, Улбийкени қолына келин етип түсирген екен. Улбийке – Байбуўра бийдиң «улдай» көрген қызы

www.ziyouz.com kutubxonasi

болған. Улбийкеден соң бий уллы да болыпты. Кудайназардың түп дайылары қыпшақтың майлыбалта урыўы да, өз дайылары Қазаяқлы тайпасының мырзакелди аталығынан еди. Ол ўақта қазаяқлының қанкелди, жанкелди, хожакелди, мырзакелди аталықлары да Қырды жайлаған.

Байназардан хабар болмаған соң Кудайназар Жем бойында отырған дайы журтларының ортасына көшиўди уйғарады. Оның үстине Байбуўра бий де Аралдың бойына көшип барып, аралбай урыўы менен қоныслас болыпты. Аралдың арқа жағалаўында ашамайлылардың да жайлаўлары болған көринеди. Байназарды күте-күте еки көзи төрт болып, ақыр-аяғында Кудайназар Жем бойына, дайыларының арасына көшип келеди.

«Бөлингенди бөри жер...» дегендей, аўелде өз елинен бөлек көшкен Байназар аўылын, көтырган көш «туқымы байлар» деп еситкен Арқаның жолтоғарлары шаўып, малы-мүлкин тартып алып, улын қул, қызын шоры қылып, өз еллерине «сийбе» етип қоғып жиберипти.

«Журт аўыстырсаң перзентли боласаң» деген ырымға исенген Улбийке Жем бойына келгеннен кейин аяқ-қолы шаққанласып, Аллатаала бар жақсылықты сездиргендей бола береди. Бир күнлери түс көреди. Түсинде арысланның үш күшиги үстине минип алып, көкиретине таласып атырған екен. «Бул сырды тек әкеме ғана айтайын» деп, Кудайназардан «төркинлетип қайт» деп өтинеди. Ерли-зайыплы жолға шығады. Булардың келетуғынын Байбуўра бий сезип жүрген екен. Байбуўра бий үйдиң артқы жабығын аштырып, самалға бетин берип жатырса:

– Турыңыз, отағасы, қызыңыз бенен күйеў балаңыз келди, – дейди жубайы Зерде.

– Келерин өзим де билип едим, – деп, бий орнынан турады.

Үш күнге шекем Байбуўра бий қызынан һешнарсе сорамайды. Улбийке де кейинин күтеди. Байбуўра бий қызының салдаманлығына, сабырлылығына сүйсинеди, қызының ўәжин тыңлаўға шақырады.

– Ата, еки сыр көрип едим, бири түс, бири оңымда болған ис, – дейди Улбийке.

– Айта бер, – дейди Байбуўра бий.

Улбийке аўели түсин баянлайды.

– Қарағым, арыстай үш уллы болайын деп турған екенсең, Алла жолыңды ашсын. Әмин! – деп жүзин сыйпайды.

– Екиншиси, усы жаққа киятырғанымызда тас төбемизде бир шөким булт пайда болып, биziң бағытымыз бенен қозғалып, илесип келе берди.

– Жанларым-аў, Алла бережақ үш улыңыз да анаў-мынаў емес, арқалы, арўақлы, төбесинде булт ойнаған батыр болайын деп турған екен. Ол булт емес, бабаң Беке батырдың арўағы ғой. Иншалла, Тәңир жарылқасын! – деп, тағы да дуўаға қол жайды Байбуўра бий.

– Ата, енди мениң буйымтайыма түйеден қара нарды бас етип, үш төбен жылқыдан шубар айғырды бас етип, үш үйир, сыйырдан сары ала буғаны бас етип, үш пада бериңиз, – дейди.

– Айтып отырған үш жаныўар да малымның басы еди, қорғанымның қуты еди. Дәўлетим қызға өткен екен. Ала ғой, жулдызым, бахтың жансын! – деп пәтиясын берип, қызы менен күйеў баласын қарқаралы көш пенен елине қайтарады.

Байбуўра бийдиң айтқанындай, Кудайназардың қуты артып, мал басы өсип, төрт-бес жыл ишинде әдеўир қурғын хожалық ийесине айланады. Улбийке де изли-изинен үш улды дүньяға әкелип, үйди қуўанышқа толтырады. Кудайназардың улларының исми – үлкени Хожаназар, ортаншысы Сүйиндик, кенжеси Төлес болған.

«Болар бала бес жасынан белгили» дегендей-ақ, Кудайназардың үш баласы да кишкентайынан баслап өзгелердиң нәзерин аўдара баслайды. Ересек кисиниң өзин сөзден албыратып таслайтуғын, сусты басым бул балалардың төбесинде булт көшип жүретуғынын журт та байқайды. «Қулынларым көзикпегей» деп тиленген Улбийке айдары желкилдеген балаларын баўырына басып турып ойланады.

Азанғы алқастың ўақтында Кудайназарға:

– Ағасы, Сиз бабаңыздың гөне журтына барыўды бир ойлап көрдиңиз бе? Ҳәзир ол жақта жаў да жоқ, ел де жоқ дейди.

«Гөнежурт» дегени – Байедилден де арғы бабаларының макан еткен жери – Арал теңизиниң бойы екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Ҳе, не еди? Бизди биреў қуўып атыр ма?

– Ҳаў, енди балаларыңыз өсип киятыр. «Мынаў бабамнан қалған журт еди» деп өз маканына ийе болып отырса, жараспай ма? Қудайға шүкир, арғы жақта Қабаған менен Ғақыў, оның қасында Қарахожа бар екен. Бәри өз туўысыңыз ғой. Айыллы ағайинлер де бар, дейди...

Улбийкениң сөзи Қудайназарға мақул түсип, өзине қараған азғана аўылы менен Аралға қарай көшеди. Аралдың арқа тусындағы Қуланлы деген жерге көшип түсиреди.

Теңиздиң жағасы болған соң бул жер бултсыз болмайды. Улбийке усыны нәзерде тутып, «журт бөбеклеримниң төбесинде жүрген бултты сезбесин» деген пикирди де ойлаған екен.

Ол гезлери Аралдың бойын айланып уллы карўан жол өтип турғанға усайды. Үш бала усы жол бойында тасаланып турып, карўан жақынлағанда оқжайларын гезенип алдынан шыға келеди екен. Сөйтип, өткен-кеткен карўаннан бажыпул өндирип, оны жарлы-жақыбайларға үлестирип берип жүрген. Жем бойында жут болып, булардың қасына кембағалласқан қарақалпақ шарўалары көшип келген екен. Үш туўысқан карўаннан түскен бажыпулды жаңа қоңсыларына тарқатып берип турған. Кем-кем қайсы карўан болса да бажыпул төлеўге көнликтиреди. Көп алмаса да, бергенин алып қалып, карўанды қуры жибермейди.

Карўанлар белгили жерге келип иркилип, үш бозбаланы күтип туратуғын болған. Мәбада «Көринбеге, өтип кетемиз ғой», деген қыялдағы карўаншылар болса, карўан жақынлағанда тасадан дуўлығалы үш бас көринип, еглениўге мәжбүр еткен. Ҳәр сапары, жоқ жерден қалқыйып шыға келетуғын дуўлығалы үш бала усылай «Үшбаслар» атала баслайды. Журт енди усы үш жигитке арқа сүйеп, буларды «Үшбас батыр» деп те тарийплейтуғын болады.

Бир күнлери «Үшбас батырлар» даўрығы Бухар ханына да жетеди. Ол ўақытта Қара Бухардың ханы Субханқулы болған.

Субханқулы хан ағайинли үш батырды шақырып, Нурата қарақалпақлары арасынан қоныс ажыратып береди. Буларды ханлықтағы белгили батырлар дизимине киргизеди. Сол гезде Хожаназар он тоғызда, Сүйиндик он жетиде, Төлес он бесте екен. Усы үш батыр Субханқулының атланысларына қатнасып, саўаш майданында өз тәсиллери менен урысады ҳәм қарсы тәрепти жеңеди. Бухар ханы булардың төбесинен булт кетпей, ерип отырғанын өз көзи менен көреди. Үш батырды да олжадан қуры қалдырмай, булардың арыў таңлап алыўына руқсат етеди.

Бул батырлар Түркистан қарақалпақларын жаўдан қорғаў ушын бирнеше жыллар Күнгейлик жақта да жасайды. Бирақ Сырдың қуйылысындағы қарақалпақларды тағы да түрменлер шапқанын еситип, елден қол жыйып, солай қарай атланады.

Хожаназар батырдың басшылығындағы қарақалпақлар узақ жыллар урысып, түркменге бенде болып кеткен урыўлардың биразын қайтарып алыўға ериседи. Жаўдың бир жағын жайратып Сүйиндик жүрсе, бир шетин қайтарыўға Төлес жиберилген. Усы үш батыр өзлерине тән урыс усылын шебер меңгерип, үшеўи де жеңиске жетип отырған. Үшеўи үш тәрепке кеткенде, төбелериндеги булт та узақтан созылып, сағымланып тутасып турған, дейди халық аңызы..

Үш батырдың журты «Үшбас аўылы» атанып, олардың кишиси Төлес усы қараўанға бий болады. Төлестиң қара қылды қақ жарған әдиллигине, кесимли бийлигине сүйсинген журт оны «Қарадан шыққан Хан Төлес» ямаса «Қара Төлес» деп атаған. Төлес бий өзи бас болып, Бухарадағы Доған батырдың көшке қосыла алмай қалған үрим-путақларының бирнешеўин елге көширип әкеледи.

Өмир-өмиринше өз журтын жаўдан қорғап өткен усы үш батырдың ҳәрқайсысының бирнеше ҳаяллары болған. Олардың урпақларынан бирқанша аўыл кейинирек Үстиртке келип макан басқан ҳәм биразы Қырда қалып кеткен. Үшбас урпақлары қайда жүрсе де, ата жолын даўам еттирген. Атақлы Алатаў батыр, Ақтаў батыр, Алтай батыр, Ақтай батыр, Қул батыр, Қуўаныш батыр, Шер батыр, Тағай батыр ҳәм т.б. ерлер усы тұқымнан шыққан. Усы батырлардың жаўға шабарда сай бойындағы самби талдан найзаға сап сайлап, ағаш кескен жерлери «Найзакескен» аталған. Хожаназар батырдың урпағы Есенкелди махрем қарақалпақтың Қоңырат арысының бас бийи болған.

Төлес бий урпағы Қулжуман – атышуўлы Қул батыр болса, Ҳажыбай қазы – атақлы ұлама Ешим ахунның әкеси Әжибай бий.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘЖИНИЯЗ
## *ДЕМИШЛЕР*

Әўелха дүньяға келди банижан,
Елли мың жылдан соң паний демишлер.
Инси-жинси, жанлы-жансыз бар инсан,
Адам – карўан, дунья – сарўан демишлер

Қудирети күшлидур не қылса субҳан,
Кептен соң жаратты топырақтан инсан,
Кими капир болды, кими мусылман
Баршенин атасы Адам демишлер

Минәўўар яратты ай менен күнди,
Руўзы-шаб дийерлер күн менен түнди,
Таўқы ланет шайтан мойнына минди,
Аның аты Иблис шайтан демишлер

Дәргаҳынан қуўды жырақ, даш болды,
Ҳақтың ҳамири билен бу не иш болды,
Адам менен шайтан сонда қас болды,
Сол себептен бизге душман демишлер

Абыл, Қабыл дөреп Адам, Ҳаўадан,
Нуўҳы, Набий, Шийит кешти дүньядан,
Билмем, нешше мың жыл кешти арадан,
Бул дүнья бир паний заман демишлер

Қарун кези дунья-малдан тоймады,
Луқман ҳаким мың жылгаша өлмеди,
Сонша өмир бир зарреше болмады,
Соңы бу дүньяның арман демишлер

Бу жаҳанга бина болған төрт хаттаб,
Құрьан, Таўрат, Забкур, Инжил дәўир хаб,
Инсанларга қуда берсин деп инсап,
Шариятқа хызмет еткен демишлер

Мусылманлар тутып қуръан тәғбирин,
Муҳаммед үммети қуда бирлигин,
Шуның билен жуўып кеўилдиң кирин,
Ҳақ ҳамирин машқул еткен демишлер

Гап айтсам келеди сөзлер дамбе-дам,
Көпдур алғанларым ҳаяттан илҳам,
Әлий ибн Әбиў Талиб Шарияр ҳам,
Диндарлықтан шейит кеткен демишлер

Нешше әсир өтип кеткен арадан,
Әўладлары туранларға тараган,
Алтын Орда қажетиме жараған,
Дин мусылман күн кеширген демишлер.

Инсаният болсаң қуданың қулы,
Әўладлары Муҳаммедтин үммети,
Мунасибли болмақ шариятның досты,
Паныйлыққа садық болмақ демишлер

Дин Муҳаммед пайғамбарлар өткенди,
Төрт шарияр оған хызмет еткенди
Налыш етип бу дүньядан өткенди,
Руўзы-шәб паний дүнья демишлер.

Кеширерсиз сөздиң болса хатасы,
Әбиўбакир Муҳаммед қәйин атасы,
Биринши шарияр ҳәм халифасы,
Дуғрылық жолыны тутқан демишлер

Омар, Осман, төртинши Шарияр Әлий,
Төрт шарияр дер олардың жами,
Ҳасан-Ҳүсен әўладлары Сейид Әлий,
Мусылманға шекис болған демишлер.

Айта берсең көпдур ҳаят түрлери,
Фятима вер бийпатпаның пирлери,
Баршемиз бир Муҳаммед үмметлери,
Ҳаслы нешше мың жыл урпақ демишлер.

Ҳәр урпақтан муҳажирлер көп келип,
Суўдыр сөзли пасық жаҳадке толып,
Бийлер ингапсыз жалатай болып,
Елге мушкил ислер түсти демишлер.

Болмпты бир жылы ыграпыл дәўыл,
Ордасы бузылып бирликли қаўыл,
Көп көшке ушырап бир нешше аўыл,
Мусылманға посып кеткен демишлер

Бир нешше жыл өтип кеткен арадан,
Түркистаннан қарақалпақ тараған,
Дин Хорезм ҳажетине жараған,
Урпағы бир, қәўми-гардаш демишлер.

Айта бергем бу ҳаятны атма-ат,
Хорезмли диар маңғытлы қыят,
Назериме бина болды бул ҳаят,
Хат етип Зийўарын язды демишлер

Маңғыттың көп болур манзил ханасы,
Ата теги бир әўладтың баласы,
Қоңырат деп ат қойған қайин атасы,
Сап көтерип еңши алысқан демишлер

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазақ, қырғыз, тажик, түркмен даламыз,
Өзбек, маңғыт, қытай-қоңырат сағамыз,
Бир жағадан бас шығарып барамыз,
Мусылманның әўладлары демишлер

Маңғытлы Қоңыратбек Қытайбек аты,
Қолдаўлы, ашамайлы, мүйтен, қыяты,
Қыпшақ, кенегес, барша зүрияды,
Он төрт ықлым қарақалпақ демишлер.

Арамыздан неше дәўир жыл өткен,
Қарақалпақ саны сан мыңға жеткен,
Инсапсыз залымлар ўас-ўайран еткен,
Елди аямастан қырған демишлер

Жайхун, Сайхун – еки дарья сағасы,
Қан макандур қарақалпақ даласы,
Өзбек, қазақ, қарақалпақ баласы,
Әнжимлесип макан еткен демишлер

Жаҳанға хаятдур Хорезм аты,
Өзбек, қарақалпақ, маңғыт елаты,
Мың жылға барабар Хийўа шаўкети,
Қаўми-ғардаш, түркмен сырлас демишлер.

Мақтымқулы, Мир Алишер Наўайы,
Туран, Түркистан, Хорезм жайы,
Халқы ушын хызмет еткен удайы,
Ҳәзирети инсанлар гешти демишлер.

Хорезм дер мусылманның панасы,
Күн-күннен өсер сезим-санасы,
Мың еки жүз жигирма жыл санеси,
Бу хаятны Зийўар жазған демишлер

Ғардашымыз ал Хорезм елаты,
Инсанға сайдур оның қанаты,
Хийўалыға мәлим Ҳажынияз аты,
Талим алған елим мениң демишлер

Жайхунды жағалап маңғыт еллери,
Ата макан қарақалпақ жерлери,
Хан тәрептен қоршаўланып беллери,
Дарья гүзарына көшкен демишлер

Инсан болсаң ялған гапни сөзлеме,
Тақыйқын айт, напсиқаўлық гөзлеме,
Рахимсиз исти ҳаргиз гөзлеме,
Ҳәслымыз бир инсанийат демишлер

Бирликли ис тиришиликтиң ураны,
Шуғыл сөзлер бузақының қуралы,
Татыўлық дос инсаният нышаны,
Насийҳаты пайғамбардың демишлер

Жаман сөздиң ақыры опат келтирер,
Инсанды әзәзүл шайтан алдирер,
Ғаўғалы ис бир күн басыңа жетер,
Намәртлерден аўлақ қашқыл демишлер

Пазыйлетиң болсын инсанлық сенде,
Әдеп-икрамлылыққа болсаңыз бенде,
Такаббирлик тутма бу әзиз тәнде,
Жақсылыққа кеўил бөлгил демишлер.

Инсанға тилеңиз әўел денсаўлық,
Дүньяның ташўиши инсанға бағлық,
Жасартыў, көркейтиў, болмақ кемтарлық,
Өзиңниң пығлыңа бағлы демишлер

Бул хаятны яздым елге хат етип,
Қарақалпақ әўладларын яд етип,
Барше ғардашларны ықтықат етип,
Ҳикаятым тамам болды демишлер

**БЕРДАҚ**
***ШЕЖИРӘ***

Расуўлиллах Бурақ мүнүб,
Қабы қаўсейн барған екан,
Худа бирлан раз айтышыб,
Ҳақ дийдарын көрган екан.

Гүл йүзлари шамси-қамар,
Әбуўбакир, ҳәзирети Омар,
Осман, Әлий – төрт чаҳарйар,
Пайғамбарның йараны екан.

Отуз үч мың саҳабасы,
Жүмла арабиң қабиласи,
Хызмат етдилар барчаси,
Пайғамбарның замани екан.

Көрүңлар халықның шежирасин,
Ешитиб шежираниң маънисин,
Барчаниң ата-бабасын,
Айтыб байан қылған екан.

Әнес, Малик екки киши,
Пайғамбарның сахабасы,
Әнес қазақның бабасы,
Шундын алаш болған екан

Маликнин уғлы Разыхақ,
Йашлықында койды ғулфақ,
Кийган екан қара қалфақ,
Шундын «қалфақ» болған екан

Сахра халқы кечүб гезмак,
Кантли ерур ўатан тузмак,
Қалфақнын уғлыдур Өзбак,
Өзбак йекка болган екан

Өзбак йашында үйланди,
Он бешинда уғлы болды,
Аның атын Жийан қойды,
Жийан батыр болған екан

Жийаннин йоқдур ағасы.
Бирга туғқан ҳам иниси,
Жийан қоймақның маниси,
Қыз оң йақда туғқан екан.

Жийанга хақ назер салды,
Мал дунйасы абад болды,
Жийан заъйыфны кеб алды,
Үч заъйыфы болган екан

Байбичадин Майқы туғды.
Сыпайычылық йолын қуўды,
Өзалдан өзи бий болды,
Хан атасы болған екан.

Майқының утлы Жайылған,
Йана бириси Сейилхан,
Жайылған аты уран болған,
Қоңырат уран қылған екан

Жайылған билан Сейилхан,
Сейилхан йаўмыт түркмен болған,
Майқыдан тугуб айрылған,
Ол Қоңыратның туғқаны екан

Бир заъйыфы Сарназ екан,
Хүўри парининг өзи екан,
Хытай хотанның қызы екан,
Жийан шундын алған екан.

Сарназдан туғды Хытайбек,
Хытай тонын қылды йиртак,

Йана биринин аты Чақ,
Хытай- Қыпчақ болған екан.

Малы-дүнйа тилла болды,
Кийган тоны ҳилла болды,
Хытайбек дамулла болды,
Илим талаб қылған екан.

Молла намаз шуруъ етди,
Чақ алдыдын йүгүрүб етди,
Намазыны фасыд етди,
Ол бузғуўчы болған екан

Чақ йаш бала ерка углы,
«Қыб» дамаклик араб тили,
Қыбчақдур түрки маъниси,
Шундан қыбчақ болған екан

Хытайбек ҳам қой йығнады,
Қойы жаҳанға сығмады,
Уллы таўларны жайлады,
Уллытаў уран болған екан

Қыбчақ ҳам йылқы йығнады,
Желига қулун бағлады,
Қымыз-сабасын сайлады,
Тоқсаба уран болған екан

Бир заъйыфдын екки уғыл болған,
Муйтан билан Хытай туткан,
Туғқан анасы Аруўхан,
Хытайға уран болған екан.

Жийан ортасына қонды,
Майқы оң йанына қонды,
Хытай сол йанына қонды,
Шундын оң, сол болған екан

Мүйтан тухымы тентак болды,
Жайылғанға саўда салды,
Жайылган бай барин қырды,
Екки бала қалған екан.

Андын екки бала қалған,
Баланы асыраб сақлаған,
Асыраб сақлаған Ақчолфан,
Мүйтанга уран болған екан.

Өзбак йана заъйыф алды,
Қалыңы йетти сан болды,
Йетти сан ат шундын қалды,
Андын үч уғыл туғқан екан

www.ziyouz.com kutubxonasi

Теке, Кене, бири Маңғыт,
Маңғыт дийан кулли Маңғыт,
Теке дийан Теке йаўмут,
Кене Маңғытның тутқаны екан.

Кене, Маңғытдур ағасы,
Кене тентакдур иниси,
Ҳар иш етса кесдур иши,
Ул Кенекес болған екан.

Чөлларда кезар жераны,
Жеранға қурған араны,
Кенегес, Маңғыт ураны,
Чаўлы-чаўкай болган екан.

Муйтан, Қоңырат, Хытай, Қыбчақ,
Кенегес, Маңғыт - жуп, теке – тақ,
Бари алты уруў қаралфақ,
Өзбакдин айрылған екан.

Айланурлар неччә заман,
Уллы йуртлар бар мусулман,
Аның падшасы Алтун хан,
Уллы падшаҳ болған екан.

Падшаҳда бардур алтун тахт,
Худа берди ҳам даўлат-бахт,
Ол падшаҳның фарзанди йоқ,
Бир начары болған екан.

Асыл аўлад дер затыны,
Көрдум шежирәда хатыны,
Алмалы көрукли дер атыны,
Ҳуўр перийдин болған екан.

Падшаҳ кызына жай салды,
Жаннат киби сарай салды,
Қырық қызны хызматкар қылды,
Падшаҳ киби болған екан.

Күмуш айна, алтун тарақ,
Жайыны көрсан зарўарақ,
Қойуб таўҳари-шамъчыраг,
Шундын йахшы болған екан.

Салган екан уллы жайны,
Йеди набат шакар, чайны,
Қыз көрмади күнуў-айны,
Шул жайда банд болған екан.

Ол қыз он беш йашқа кирди,
Шул сарайда умур сүрди.

Жайны тешиб күнни көрди,
Күнга ҳаўас болган екан.

Қыз ашыгыў-шайда болды,
Неччә йыллар айда болды,
Шундын ҳамила пайда болды,
Күндин бахра алған екан.

Алқысга қыз йүкли болды,
Бул сырны анасы билди,
Алтун ханға байан қылды,
Падшаҳ ҳайран болған екан.

Алтунханны хыйал тутды,
Усталарына амир етди,
Усталар сандук түзатди,
Алтундын қафлаған екан.

Қыз ҳамила йазуқ билан,
Кийим-кечшак, азуқ билан,
Малыў-дуниа, қызық билан,
Ол сандукға салған екан.

Қыз бийчара турды, йатды,
Намазшам болды, таң атды,
Сандуқны дарийаға атды,
Падшаҳ амир қылған екан.

Екки адам мерган ерди,
Кийик, қулан атар ерди,
Дарйада сандуқны көрди,
Еккиси душ болған екан.

Бирининң аты Томаўлы,
Йане бири Шабан көрди,
Мақсуўдыны Худа берди,
Тилак қабул болған екан.

Томаўыл мылтық көзлади,
Нышананы берик түзлади,
Шабан «атма» деб сөзлади,
Андын соң атмаған екан.

Алтун сандук зийад, деди,
Зарар болса уйат, деди,
Туғры атма хыйа ат, деди,
Шундын хыйат болған екан.

Томаўылның қаҳари йатды,
Сандуқнын бурчына атды,
Қырға айланды, булар тутды,
Суўдан сүйраб алған екан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Екки мерган ҳам сөзлашди,
Маслаҳат кылыб ойлашды,
Ичи-тышыны файлашды,
Маслаҳат шул болған екан.

Шабан кер алтунны алды,
Томаўыл таўаккал қылды,
Аның файы ичи болды,
Ўаъдаги шул болған екан.

Мерганлар дарйадек ташты,
Ол сандуқиның ағасын ачты,
Қызны көрүб, ақлы шачды,
Бир парий олтурған екан.

Айат, ҳәдийсдур сөзлари,
Жан алур жадыў көзлари,
Шамси-қамардўр йүзлари,
Илаҳийдин болған екан.

Көрүңлер аслы затыны,
Ешитиңлар илтифатыны,
Лайлатул ақшам толғатды,
Айы-күни толған екан.

Сандук аққан дарйа суўды,
Ул начарны насиб қуўды,
Ҳазирети Йүсифдек уғул туғды,
Атын Чыңғыс қойған екан.

Андын соң Томаўыл алды,
Расўл сүннат никаҳ қылды,
Томаўылдын бир уғыл болды,
Беданатай болған екан.

Ул начарға раҳмат йағды,
Ҳиммат қурын белга бугды,
Йана ҳам бир уғыл туғды,
Ул Баркалтай болған екан.

Томаўылның үч уғлы бар,
Чыңғыс бағда лала гүлзар,
Еранлар, пийрлар мададкар,
Аслы күндин болған екан.

Булар келди он беш йашқа,
Ана бирдур, ата башқа,
Екки иниси Чыңғысқа
Көб йаманлық қылған екан.

Ол еккиси тараф болды,
Чыңғысқа йаманлық қылды,
Чыңғыс йуртдан кетар болды,
Көңли йаман қалған екан.

Чыңғыс айтды: Ман кетарман,
Дарйа ерина йетарман,
Барыб шунда жай тутарман,
Насийбам шул болған екан.

Алмалы көрүкли йығлады,
Чыңғыс бағрыны дағлады,
Айралыққа бел бағлады,
Зары-тирйан болған екан.

Чыңғыс: йазларман, кышларман,
Насийб аўлардын ушларман,
Фарин дарйаға ташларман,
Нышаным шул болғаn екан.

Анасы айтды: Күлмасман,
Өлук-тирикиңни билмагман,
Әжал йетмай, ман өлмасман, –
Дейүб афған қылған екан.

– Анажан, маңа жаўаб бер,
Ҳаққымға дуъа қылыб тур,
Ҳафтада бир дарйаны кер, –
Дейиб ўаъда қылған екан.

Фаный дүнйаға келганим,
Фар ақса, аман болғаным,
Ўа гар ақмаса, өлганим,
Шундын маълум, – деган екан.

Аслы аўлад йетти пуштың,
Акраба йок қаўми хыйшың,
Сан ҳам мандин айра түшдиң,
Насийбаң шул болған екан.

Мандин саңа сабаб болды,
Жайың қалды, хараб болды,
Күйиб бағрың кабаб болды,
Әзелда йазылған екан.

Әжал келиб, жан чықға тандин,
Разы болғыл, анам, мандин,
Ман ҳам айра түштим сандин,
Бахтым қара болған екан.

Қулақ салың ошбу сөзга,
Умрим йетмас тоқсан йүзга,
Әзал башдан Аллаҳ бизга,
Айралықны салған екан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Йығларман анам-каъбам деб,
Меҳрибан пушты панам деб,
Сан йығларсаң «жан балам» деб,
Қыйамат күн болған екан.

Бала ананың көз йашы,
Урды фалекниң гардиши,
Сабыр қылмақ мардниң иши,
Шүкүр субҳан қылған екан.

Йығламағыл қайтыў-ғам йеб,
Қылғыл дуъаны руўзы-шаб,
Сани ҳаққа тафшурдым, – деб,
Хошлашыб айрылған екан.

Ели-халқы, фуқарасы,
Тул, йетимниң көзда йашы,
Бийыхтыйар малы, башы,
Йурты ўайран болған екан.

Йахшылар маслаҳат қылды,
Алмалы кәрүклигә келди,
Келиб бир уғлын тилади,
Тилак қабул болған екан.

Тилакини қабул етди,
Келганларниң иши битди,
Чыңгыс йуртдан чықыб кетди,
Дейүб, афған қылған екан.

Бу екки уғлум хан болмас,
Мундын махлуқ инсан болмас,
Хан болуб йурт тута билмас,
Екки уғлын сынаган екан.

Қырық адам талаб қылыңлар,
Ҳар йерга сораў салыңлар,
Чыңғысны тафыб алыңлар,
Ханыңыз шул болған екан.

Айтқан сөзи нақыл болды,
Алмалы кәрүкли ақыл болды,
Бу сөз йуртга мақул болды,
Фатыҳа оқуган екан.

Ҳар уруўға хабар салды,
Торы ат минуб Майқы келди,
Қырық кишига башчы болды,
Майқы сардар болган екан.

«Қырық адам болун жам» деди,
«Қоңыр атлы йигит ким?» деди,
Шул торы атны қоңыр ат деди,
Шундын Қоңырат болған екан.

Мүйтан ураны Ақчолфан,
Хыйат ураны Аруўхан
Майқыбий Қоңыр ат болған.
Еккиси қошулған екан.

Сөзниң фаркын билмас надан,
Әўўал адам, ахыр хатам,
Нийат етүб қойды қадам,
Ханны талаб қылған екан.

Бир неччә күнлар йол йүрди,
Келиў, бийабан чөл йүрди,
Ҳар бир йерга сораў салды,
Ҳеч хабар болмаған екан.

Нә йерларниң суўын ичди,
На саўдалар баша түшди,
Арадан алты ай кечди,
Шуңача табмаған екан.

Такаббирлик таўазыъны,
Ҳақ кечүрсин йазықыны,
Әда қылды азуқыны,
Ач-афтада болған екан.

Майқы табды ақыл-пйды,
Ҳар күнда бир атны сойды,
Атның етина бир тойды,
Шунда аўқат қылған екан.

Сәрдар башы Майқы бийди,
Отуз тоққыз атны сойды,
Майқы атын соңга қойды,
Ат йахшысы болған екан.

Кезди неччә баланд тағны,
Дарйа, теңизни, атаўны,
Бир күн көрди ақ отаўны,
Майданда қурулған екан.

Сардары Майқы бий екан,
Ақ отаў Чыңғыс үйи екан,
Атаў бир белли жай екан,
Шул атаўда болған екан.

Өзгаси майданда қалды,
Екки адам тыңчы болды,
Намазшамда Чыңғыс келди,
Атдын түшиб, бағлаған екан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўларыны үйга алды,
Очақ қойуб, қазан асты,
Қазанын асыб ет салды,
Ети кайнаб пишкан екан.

Өзи қайнайды, пишади,
Бисмиллаҳ деб бир ачады,
Етин жуб-жубдан қошады,
Караматын қылған екан.

Мийасар етди жаббар Ҳақ,
Ханнын табағын қойды тақ,
Йасады йигирма бир табақ,
Келганларин билган екан.

Ашны чара-чара қойды,
Хан табағын дара қойды,
Бийга екеў-ара қойды,
Ўалийуллаҳ болған екан.

Алың, алың, алың, –деди,
Сиз меҳрибан болуң, –деди,
Барини бир өзи йеди,
Фатийҳа оқуған екан.

Шунда булар хабарлашды,
Үйга кириб саламлашды,
Аман-есанлик сорашды,
Сөзлашўб танышған екан.

Меҳман болуб шунда йатды,
Ертаси билан таң атды,
Майқы барина сөз қатды,
Хан маслаҳат болған екан.

Қойды қушбеги, меҳтарди,
Чыңғыс ханны хан кәтарди,
Майқыға ыхтыйар берди,
Хан атасы болған екан.

Хан назаринда даргаҳны,
Қуруб отаўда баргаҳны,
Маслаҳат қылды арбаны,
Арба керак болған екан.

Қоңырат табды бир арысын,
Маңғыт табды бир арысын,
Өзга йағынын барисин,
Өзгаларга салған екан.

Шунда қаңлы уста болды,
Қағыб-соғыб арба қылды,
Шүйит ҳам шүйини салды,
Шундан шүйит болған екан.

Арбаға Чыңғыс хан минди,
Хан атасы Майқы минди,
Ат жегиб, ат арба қылды,
Йолга раўан болған екан.

Бир неччa кунлар йол йүрди,
Чексиз бийабан чөл йүрди,
Аман-есан елга келди,
Ханны алыб келган екан.

Қырық кеча-күндүз той қылды,
Байрақ қойуб, атын чабды,
Мерган алтун қабақ атды,
Тойын тамам қылған екан.

Хан келди, йурты тоқ болды,
Уғры-қарақчы йоқ болды,
Зорлуқы йоқ теңлик болды,
Йурты абад болған екан.

Чыңғыс аслы кимдин болды,
Атасы йоқ, күндин болды,
Йетти Султан ҳам Йарым хан,
Чыңғыс ханның аўлады екан.

Жанибекхан ҳам Жаңайхан,
Анын уғлы Тоқтамышхан,
Қазақ ичинда хан султан,
Чыңғыс ханның чүрйады екан.

Екки уғлы Томаўылдан,
Бөданатай шундан болған,
Беркелтайы, Дәўимбайы,
Томаўлнын чүрйады екан.

Будынжар билан Қағынжар,
Чылжуўыты йана ҳам бар,
Муйтан, Хыйат болды булар,
Терадан айрылған екан.

Әўўал бабамыз Майқы бий,
Анын уғлы Жайылған бай,
Жайылғаннын уғлы Нағадай,
Нағадай бий болған екан.

Нағадай бий йурт ағасы,
Жумла Қоңыратиның бабасы,
Отуз уғулның атасы,
Уғлы отуз болған екан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ешитиң, йана бир сөз бар,
Сөз манисин билмак даркар,
Жайылган уранлы Қоңырат бар,
Отуз уғулның зурйады екан.

Батырлар кирса саўашға,
Назар етмас дагыў-дашға,
Жайылғандын ураны башқа,
Муйтан билан Хыйат екан.

Қоңырат ураны Жайылган,
Муйтан ураны Ақчолфан,
Хыйат ураны Аруўхан,
Ҳайал уран болған екан.

Асыл аўлад дер затыны,
Кердум шежирада хатыны,
Ҳайал демакниң адыны,
Балки ердан зийад екан.

Нагадай углы Қарабек,
Аның уғлы Жанибек, Қаллибек,
Жанибек уғлы Ҳайдар, Әлийбек,
Углы екки болған екан.

Әлийбекним углы Ағадил,
Йана бириси Байадил,
Ҳайдардан Едил, Жанадил,
Ул ҳам екки болған екан.

Әжел йетди, Ҳайдар елди,
Екки уғлы йетим қалды,
Тертиги енчилаш болды,
Бирга талаб кылган екан.

Дунйа бийжай ҳаддин ашды,
Ол тертиги енчи алышды,
Малларына тамға басды,
Тамға шундын қалған екан.

Қолына басған – Қолдағлы,
Санга басган - Ачамайлы,
Жубдан басған – Қоштамгалы
Тамғасы қош болған екан.

Тертисиндин зурйад қалды,
Йазылган шежире кат калды,
Ҳайдар, Әлийбек деб ат қалды,
Сабаби шул болған екан.

Нағадай уғлы Қарабек,
Қарабекния уғлы Халлибек, Жанибек,

Қаллибек углы Қулжан, Толыбек,
Ол ҳам екки болған екав.

Еккиси саўдагар болды,
Хандын жығалы хат алды,
Шундын Ханжығалы болды,
Сабаби шул болған екан.

Қулжан сәўдагар гежи алды,
Гежи сатыб саўда қылды,
Шундын Бугежели болды,
Гежи сабаб болган екан.

Ағадил уғлы Толыбай,
Толыбай уғлы Тыныс, Сарыбай,
Сарыбайның углы Бадекбай,
Базаргулфан болган екан.

Базаргулфаң уғлы Томай,
Барчани йаратды Худай,
Йана бириси Меңлибай,
Андын Майчы болған екан.

Томай елчи дархан болды,
Ол Томайдан беш уғыл тугды,
Бешиси ҳам кеса болды,
Беши Бешкамфир болған екан.

Хожакелди, Ҳажыкелди,
Ҳажыкелди уллы бай болды,
Уғлы Ханкелди, Жанкелди,
Йана бири Султан екан.

Ханкелди уғлы Қарабаш,
Қарабаш уғлы Ешжан, Нийаз,
Нийазның уғлыдур Ораз,
Ол аталық болған екан.

Ҳажыкелди уғлы Султан,
Андын Айдост, Майбас туўған,
Айдост йуртқа ага болған,
Киши асыб дар қурған екан.

Айдост бий йуртнын ордасы,
Екки уғлы – Ырза, Тәреси,
Ерназар бий немереси
Ол қушбеги болған екан.

Маўж урған дарйадак ташды,
Қылычыдан қанлар сачды,
Уч ағач қуруб киши асды,
Хан сыфатда болған еван.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ырзаның уғлы Искандар,
Алтун қазық, тилла камар,
Искандар уғлы Қаландар,
Бул ҳам болус болған екан.

Толыбайдан Худайберди,
Худайберди йетим қалды,
Бир заъйыфдан үч уғул болды,
Ҳасан йахшы болған екан.

Хожай, Қадирқулы, Жуман,
Қарасыйрағыў, Қалқаман,
Қалқаман билан Мулкаман,
Ол Хожайның зурйады екан.

Бул сөзда йоқдур шубҳа, шак,
Ҳасаннин уғлы Фолатбек,
Фолатбек уғлыдур Түбек,
Уғлы тәртәў болған екан.

Айымдан Бердибек, Хожай,
Есанбек билан Мырзатай,
Андын соңғысы Айтымбай,
Уғлы Өтаган болған екан.

Байымнан Сүйин, Сенгирбай,
Гүлим, Еркинбай, Жарқынбай,
Жуман, Шонқара, Атекей,
Жуман бийдан тугқан екан.

Әўўал бабасы Жуман бий,
Шонқара уғлы Аймырза бий,
Маҳмуд аталық, Төре бий,
Ели йуртдан озған екан.

Бир заъйыфдын Даңқы болды,
Андын Қысағағыў туғды,
Казақбай Бекфолат ерди,
Соңы Басбай болған екан.

Маматқулның үч уғлы бар,
Манақ, Билек, бири Қошқар,
Олжагыс қалмақ заъйыфы бар,
Қалмақ шундын туғқан екан.

Ағадил уғлы Йахшыбай,
Худайберган, Қарадилбай,
Қарадил уғлы Дурыс, Толыбай,
Байлан батыр болған екан.

Байланның уғлы Жолумбай,
Аның иниси Меңлибай,

Есан, Түўелбек, Фолатдай,
Қайсы батыр болған екан.

Меңлибайдан Бердиалий бар,
Бердиалийниң беш уғлы бар,
Хожамжар билан Келийар,
Түйебай батыр болған екан.

Бириси Есаналий бай,
Ғайыб батыр билан Жаңай,
Сүйири батыр, Қарабай, Нуртай,
Карлыбай бий болған екан.

Қарадил уғлы Дурыс, Толыбай,
Хожақ, Хафыз, Жарманбет бай,
Баймырадбай йана Боранбай,
Байжан, Жамет болған екан.

Қулеке суўфы, Қотум, Қулбай,
Барчани йаратды Худай,
Келмамбетнин уғлы Матай,
Ермамбет бий болған екан.

Келмуҳаммед, Матай десам,
Йуртдан озған бари чечан,
Ақлық, шаўлығы қазы-ийшан,
Иҳтисабын қылган екан.

Койанбайдан Жыл, Жармамбет,
Хайыр қылсаң, қылма миннат,
Йана бириги Ырысмамбет,
Ол паҳлаўан бий болған екан.

Жылҳафыз уғлы Туўхожа,
Беш намазын қылыб қаза,
Өзи бир тантак биймаза,
Базар хыйра туғқан екан.

Туўхожа уғлы Базарбай,
Худайберди, Қурбанбек бий,
Қурбанбек уғлы Қуўаңышбий,
Қалмамбет бий болған екан.

Турсун деган қызыл айақ,
Уки тантақ, Қошқар сайақ,
Үкиси бир йаман сайақ,
Жаман Қоңырат болған екан.

Байадилдан Бесим болды,
Бесимбийдан беш уғыл болды,
Еки уғлы ҳасыл болды,
Ол Бийка, Бекфолат екан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызыл шадыр, йашыл шадыр,
Алдыныңда душман йатыр,
Бийкадан туғды үч батыр,
Йаў көринсе алған екан.

Хожаназар, Сүйиндүк, Толас,
Еранлардин болған нафас,
Бири бирйдан кам емас,
Гөруғлыдай болған екан.

Хожаназар уғлы Шералы,
Андын маҳрам Есанкелди,
Мамбетбий уғлы Елгелди,
Соңы Абдулла болған екан.

Бекфолатның екки уғлы бар,
Жорық жортуб, қылды сафар,
Бири Түркман, бири Букар,
Ол Әўезбий болған екан.

Шарайна ал, бек саўыт кий,
Сүйиндүк уғлы Еркин бий,
Садирбек йүзбашы Саксанбай,
Сүйиндүкнин зүрйады екан.

Батыр болсаң бол Ақтаўдай,
Қулжуман қазы, Ҳажыбай,
Қуўаныч батыр, Тағай, Тоғай,
Ол Толасның зүрйады екан.

Бийадилдан Ачамайлы,
Ҳайдар уғлы Қоштамғалы,
Хандакли билан колдағлы,
Енчисин бир алған екан.

Бир сөз бар, қылалы изҳар,
Ҳайдарның екки уғлы бар,
Малға салған тамғасы бар,
Тамғағы қош болған екан.

Едил малға тамға салды,
Тамғасыны санға басды,
Қош тамға Ачамай басды,
Ачамайлы туғқан екан.

Жанадил ҳам тамға салған,
Тамғасыны колға салған,
Шыржеган билан Карынжуўған,
Қолдағлының туғқаны екан.

Хан ҳазратдин жаўаб алыб,
Үрге йолға қалъа салыб,
Үч уруўға падшақ болыб,
Көңүлдагин қылған екан.

Қалъасын мукым шайлады,
Душманның йолын байлады,
Адам қошуб қош ҳайдады,
Бийлар егүз болған екан.

Бай болсаң бол Ғанийбайдай,
Досан батыр, Досқулдай,
Исмайыл билан Тоғанайдай,
Қунтай баба болған екан.

Жангелди бабан, Жаўлатбай,
Аның уғлы Ҳайдар, Нуртай,
Ким болды Арзы аталыкдай,
Раҳматуллаҳ болған екан.

Бердақ суўфы дийар атын,
Қолдағлы дер аслы затын,
Ҳайдар, Әлийбекнин зүрйадын,
Айтыб тамам қылған екан.

Алғур шуңқарның панжаси,
Арын мырзадур генжаси,
Огуз угулның өзгаси,
Арынча болмаған екан.

Йокдур сөзүмнин хатасы,
Хан Жанибек қайнатасы,
Ханның қызы бахшийдеси,
Хан күйәўи болған екан.

Ханның қызыдур анасы
Арын мырзадур атасы,
Төребек мырзадур баласы,
Бул ҳам төре болған екан.

Аның уғлы Үмми, Султан,
Үмми уғлы Сағыр, Сарсан,
Қырық чиҳилтандин дуъа алған,
Пийрдан нафас болған екан.

Шул ўақыт ханы Елбарыс хан,
Чыңғыс аўлады саҳрадан,
Ҳукүми йүрүб Беш қалъадан,
Хийўаға хан болған екан.

Елбарысхан сүрди падшаҳлык,
Падшаҳлықны берди халық,
Ўазийр Ағадил аталық,
Ханға ўазир болған екан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сарсандан Әдийна туғқан,
Әдийнадан аталық болған,
Әдийнадин Есе инақ болған,
Хийўаға инақ болған екан.

Қызыл баш Надиршаҳ келди,
Шаҳ келуб Хийўаны алды,
Үч йүз алтмыш киши елди,
Аъла шаҳийд болған екан.

Ғайыб Хийўаға хан болды,
Қоразбеги султан болды,
Ақыбати ўайран болды,
Мадеми инақ болған екан.

Мәдеми уғлы Әўез инақ,
Худа берди ҳам дәўләт бақ,
Елтүзар хан, Қутлымурад инақ,
Әўез инақдын туғқан екан.

Андын соң Муҳаммедраҳим хан,
Титирашиб Курди, Гүржистан,
Йетти ықлым саҳыбқыран,
Тамамыў йуртны алған екан.

Ўәлийдур Аллаҳқул ханы,
Берди куда дуў жаҳанны,
Әдалатлы қутбы заманы,
Йурты абад болған екан.

Нағадай бий минди тулфар,
Салды туйғун, лачын, шунқар,
Шуңқар тулатиан туғур бар,
Туғур кимда қалған екан.

Такаббирлик таўазыъны,
Хақ кечүрсүн йазуқыны,
Ол туғурның қазықыны,
Бурунждын сафлаған екан.

Тарийфини десам башдын,
Әрмансыз ат билан қушдын,
Нуқыра алтын, күмүшдин,
Туғурны қафлаған екан.

Падшаҳлық уллы дастгаҳдин,
Кердүм қағазда нусхадын,
Шаббаз Ўәлийдин башқадын,
Натийжа табмаған екан.

Аллаҳ йадын айтмағунча,
Ақшам түнәб йатмағунча,
Ўәлий алдын тутмағунча,
Йаўға ҳам чабмаған екан.

Ҳақ бизни йаратды инсан,
Мүшкүлимни әйла асан,
Нағадайның уғлы Досан,
Досан батыр болған екан.

Манзил узақ, йүк ағырды,
Әжәл адамға уғурды,
Алтун қафлаған туғурды,
Досан батыр алған екан.

Ол туғур Досанда қалды,
Досан малға тамға салды,
Мал бөлүшүб, енчи алды,
Туғур тамға салған екан.

Зибаны ҳақлық қылычы,
Хайры-иҳсан ақыл иши,
Хош мүлақат сөзлемиши,
Досан батыр болған екан.

Бабасыдур бий Нағадай,
Досан батыр, батыр Ғесай,
Оразай, Мамыр бий, Чалығбай,
Алты ата болған екан.

Дәўлатлидан дәўлат кетди,
Бийдәўлатка наўбат йетди,
Бир он йети батыр етди,
Ул Досанның зүрйадь екан.

Тасаддуқдур башы, малы,
Ҳиммат берган ҳазрати Әлий,
Шайтанға меңзар хийўалы,
Алдаб чақырыб алған екан.

Қызыл шадыр, йашыл шадыр,
Барчани йаратды Қадир,
Бул айтқан он йети батыр,
Хийўалыдан елған екан.

Ол он йети батыр елди,
Ақ үйға қара бағланды,
Матам тутуб, аза қылды,
Зар айлаб йығлаған екан.

Йүзүн йыртыб йара салды,
Он йети үйға қара салды,
Шундын қара мойун болды,
Сабаби шул болған екан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мард йахшы намард йўзидин,
Мард уғул қайтмас сөзидин,
Жасыбай бийниң қызыдин,
Ол үч батыр туғқан екан.

Падшаҳ минган алтун тахты,
Ол үч батыр ҳам қалфақды,
Дайысы учун Рустам инақны,
Қарқыратыб чалған екан.

Малыў-дүнйа, сийму-зарниң,
Болмас баҳасы гәўҳарниң,
Қаныны он йети ерниң,
Ҳақыйқатдан алған екан.

Мүйтен, Қоңырат, Хытай, Қыбчақ,
Кенегес, Маңғыт, Ақпышақ,
Бари алты уруў қаралфақ,
Үрганижни жайлаған екан.

Аз емасдур, қаралфақ көб,
Йер майы деб, чөб фулы деб,
Қаралфақны хийўалы йеб,
Муқум бийзар қылған екан.

Аты қалфақ болуб кеңашти,
Мунда олтурмақ абести,
Қаралфақ бүлди да кечди,
Йолға раўан болган екан.

Барча қаралфақ үч мың үй,
Балғалыдын Аннақул бий,
Йуртның йахшысы Едил бий,
Көб насийҳат қылған екан.

Қаралфақның бари кетди,
Арадан неча күн етди,
Йаңадарйасына йетди,
Ҳарыб-чарчаб барған екан.

Насийҳатимни тутунлар,
Сөзүмни қабул етиңлар,
Дарйаны өтүб йатыңлар,
Дарйа қалъа болған екан.

Унтерт уруў суў етмади,
Насийҳатыны тутмады,
Сөзүни қабул етмади,
Берги йақда болған екан.

Көчүб қачдың күни-түни,
Едил бийниң бар ма мини,
Таң ла йаўның келар күни,
Ҳисабым шул болған екан.

Қоңырат болған өтүб йатды,
Он терт уруў етмай йатды,
Таң да атды, йаў да йетди,
Мың баланы алған екан.

Қыбчақ, Хытай - екки уруў,
Кенегес, Маңғыт – терт уруў,
Манмансиган он терт уруў,
Йығлай-йығлай қалған екан.

Екки бийдан кеңаш алыб,
Мал баласын берикка салыб,
Жайылған аты Қоңырат болуб,
Қайтыб суўдан өткан екан.

Қоңырат суўны кечүб өтүб,
Йаўмут билан урыш етүб
Сардарыны тирилай тутуб,
Хожаназар батыр алған екан.

Мың бала йаўмутда қалды,
Сардары қалфақда болды,
Сардары билан алыс қылды,
Мың баланы алған екан.

Хийўалы билан қасд болуб,
Хожаназар батыр баш болуб,
Артық, Ырыс йолдаш болуб,
Қурт ойыныи салған екан.

Бир худаның хахлаўында,
Йаўмут келиб талаўында,
Үч батырның жылаўында,
Хызыр-Илйас болған екан.

Қызыл шадыр, йашыл шадыр,
Орусда бар губернатыр,
Айдост билан Рүстам батыр,
Йығында айтушган екан.

Рүстам айтубды – Қоңыратсаң,
Көб қаралфақға сынатсам,
Хаўфақи, қорқақ, қуры атсаң,
Қоңырат қандай адам екан.

Айдост айтыбды – Қоңыратман,
Алмас гаўҳарман, Фолатман,
Чыны Қоңырат, ҳасыл затман,
Маңғыт тажик туғқаны екан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хызмет етдим ханға, инақға,
Аға болдум қаралфақға,
Бир силтиган чығанақта,
Мың баланды алған екан.

Кенегес маңғыт, йоқдур есиң,
Қарақчылық санин касбиң,
Үч батырдай бар ма кишиң,
Кимиң шундай болган екан.

Айдост баба чыны ерди,
Алған екан намус-арды,
Бурунғы еткан ишлари,
Соңғыларға қалган екан.

Айдост бийниң сәзи етүб,
Намус келүб, арын йутуүб,
Екки бурнидын қан кетүб,
Еси ағыб йықылған екан.

Йаўмыт ойнады, утулды,
Сардары тирилай тутулды,
Қаралфақ йаўдан қутулды,
Йолга раўан болган екан.

Қаралфақ Үрганждин качды,
Булар тарефина ашды,
Барыб Елибайдан түшди,
Бир неччә күн болган екан.

Қаралфақ кечүб бүлүнди,
Бүлингани сыгыр йылыды,
Йурт шул йерда үч бөлүнди,
Үч тарафка кетиан екан.

Кенетес, Маңғыт, қоруғ Жуфар,
Шахрисабиз, Хытай, Қыбчақ бар,
Жийдали-Байсында Қоңырат бар,
Бир неччә йыл болған екан.

Қаралфақ – бир махлук инсан,
Ҳар нечүк дийни мусулман,
Ата йуртыдур Түркистан,
Түркистанға бармаған екан.

Неччә кант Түркистан – ажаб жай,
Он төрт уруў ач, Қоңырат – бай,
Чымылдық уғурлабдур Хытай,
Фирдин қарғыш алган екан.

Қарғыш алды худай атыб,
Карақчы болды түн қатыб,
Тутуб алды, аңлыб йатыб,
Байлаб кишан салған екан.

Тутыб алыб, кишан салды,
Угурлық соңы дуъа болды,
Дуъаның соңында йаў болды,
Атушуб, чапышган екан.

Уғурлаб малды, ала салды,
Жанасғанға жала салды,
Даўлашғанға бәла салды,
Шүйтуб көчбай қалған екан.

Түркистандын Қоңырат көчди,
Сыр, Хаўанға келиб түшти,
Малы-башы андын да өсти,
Мукум абад болған екан.

Узақ түшти арамыз деб
Ачлықдан йоқ чарамыз деб,
Биз ҳам көчүб барамыз деб,
Келиб хабар салган екан.

Келганларин урар болды,
Йолын тосуб турар болды,
Көчса йолда қырар болды,
Қоңырат ўаъда қылған екан.

Түркистанның йолы алыс,
Он төрт уруў етди намыс,
Уғурлаб көмүб көмүр қамыс,
Йалған даъўа салған екан.

Ата бабамыз Жайылған,
Желига қулун байлаган,
Қазақ йаў болуб қоймаған,
Белли нышан қылган екан.

Он төрт уруў ар-намусын,
Көрдиң ишиниң чаласын,
Көрсатиб көмүр қамысын,
Қоңыратны алдаған екан.

Он төрт уруў көчүб бүлди,
Кими йолда ачдан өлди,
Сыр, Хаўанға булар ҳәм келди,
Қоңыратка тафышған екан.

Келиб Қоңыратқа тафышды,
Бала-қададай йафышды,
Йана йаў болуб чафышды,
Ағзы ала болган екан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазақның йылқысын алды,
Анын соңы бала болды,
Қазақ кеб йурт, зорлық қылды,
Қаралфақ қозғалған екан.

Чалга шыдаб қазақ турды,
Әўўал кечкан Жаўынгурды,
Жаўынгурды Худай урды,
Үч йыл бурын болған екан.

Сыр, Хаўаннан кечүб бүлди,
Кечүб, бүлиб ойға келди,
Жайхун дарйадан йаф алды,
Декқанчылық қылған екан.

Үч йылдын соң чүллүк кечди,
Худа берди аңа дасти,
Аман еган келиб түшти,
Жаўынгурға қошылған екан.

Қарамойун, Мүйтан, Қолдаглы,
Ачамайлы, Қийат, Балғалы,
Хандакли билан Қоштамғалы,
Чүллүк тамга салған екан.

Феъли йаман, Жаўынгурды,
Шумлук етүб кетин бурды,
Чүллүк аны басыб урды,
Ахырзаман салған екан.

Жаўынғур кетди мундын кечүб,
Кесе етак болды насүб,
Малының құлағын кесүб,
Йаў тамғасын салған екан,
Шундын Жаўынғур болған екан.

Он төрт уруў кечбай қалыб,
Йаңадарйата қалъа салыб,
Қошназар билан Нуртай болуб,
Қазақ билан чабысған екан.

Қазақ етди ар-намусны,
Алты алаш болуб табысты,
Қошназар қайтмай чабысты,
Қазақдын қырылған екан.

Ат құйруғын учдан ерүб,
Қорыққан екан йаўны көрүб,
Қошназарны йаўға берүб,
Нуртай үйга келган екан.

Қошназарны ташлаб кетиб,
Қашғанлығыны ар етиб,
Үйинда бир хафта йатыб,
Нуртай батыр өлган екан.

Барчани йаратды Худай,
Неччa йыл кечди, неччa ай,
Ойма́ўыт билан Орунбай,
Нуртайдан соң болган екан.

Қазақда той байдақ-байдақ,
Атан түйе мүнүб жайдақ,
Шерүўчида Тебат, Тайлақ,
Хытайға аға болған екан.

Батырда бардур алтун тахт,
Худа берди даўлат ҳам бахт,
Айдост бий, Қутлымурат инақ,
Йығын тартыб келган екан.

Ҳар кимга бир болды насүб,
Хийўалының кеңли ясүб,
Атышыб, чабысбай елласүб,
Он тарт уруўны алған екан.

Йад етүб қадир Алланы,
Нақ салды салық тилланы,
Сыйға бериб қыз филланы,
Айдост баба алған екан.

Айдост бий сыйға қыз алуб,
Қыз алуб кеңли хош болуб,
Ул-қызга өлаң той қылуб,
Өлаңни айттурған екан.

Йүрди Айдостнын ҳүкүми,
Қыз-келинларнинг салами,
Шундагы айтған өлани,
Нақыл болуб қалған екан.

Елим кечди Шаҳрисабизга,
Дарйа қуйар көк теңизга,
Қачар келиб ғарры егүзга,
Қоңырат зорлық қылған екан.

Душманнын даўын ечүрүб,
Достнын гүнасын кечүрүб,
Он тарт уруўны кечүрүб,
Бабан айдаб келган екан.

Қарамойун Жасыбайға,
Андын сонра Манибайға,
Жасыбайдан Аманбайға,
Он екки ата болған екан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Неччага дунйа-мал берди,
Наччага илми-хал берди,
Маңа такаллум тил берди,
Худа насиб қылған екан.

Ошбу тилниң бар игаси,
Кеңлумда жайдур шежираси,
Барчаниң ата-бабасы,
Шундын маълум болған екан.

Китаб кердум мусаннифдин,
Сөз ешитдим Андалибдин,
Маниң сөзум бир ҳарифдин,
Бари тамам болған екан

Расуўлга уммат, Ҳаққа қул-ам,
Қудират ишини на билам,
Бағда сайраған булбулам,
Ўақтым хазан болған екан

Алтмыш йетмиш йашда өзум,
Бир көзум бар, йоқ бир көзум
Ўақтым өтди, йоқдур ҳазим,
Гул йафрағы солған екан

На йахшы-йаманны кердум,
Йети-сегиз ханны кердум,
Уч даўир заманны кердум,
Заман чеб айланған екан.

Алым сөзи – шарийъатдур
Дуў жаҳанда шарафатдур,
Қарыйа сөзи ўасийатдур,
Билмаганлар надан екан

Йашы йеткан қарыйаларның
Биймар йатған хасталарның,
Дуъасы мақбул аларның,
Адам ғафыл болған екан

Малыў-дунйа зийнат ерди,
Адуўдин деб хабар берди,
Қарун дунйада на керди,
Дунйа соңы йалған екан

Бийгайрат, бийақыл болдум,
Илими йоқ, намақул болдум,
Ҳақ амириндин ғафыл болдум,
Өмурим бийкар еткан екан

Худа берди бу зибанны,
На раҳманы, на шайтаны,
Билмасман суўди-зийаны,
Ҳалым мушкул болған екан.

Алтмыш-йетмиш йашға келдим,
Хазан урған гулдак солдым,
Таўбакари суўфы болдым,
Ўақтым йақын келган екан

Шийрин зибан нуктаданлар
Қулақ тутың, мусылманлар,
Мани айыб етмаңиз, жанлар,
Насийбам шул болған екан

Ўужуўдимдин дарйа ташты,
Дарбанд йықылды, йол ачты,
Худа тақдийр еткан ишни,
Табдил етмак йалған екан

Бу сөз илаҳийдин келди,
Кеайб кеңлума жай болды,
Ичим, тышым – бари толды,
Андын соң айтылған екан

Бердимурад Ҳақнын қулы
Саҳрада өскан булбули,
Бу шежирани йылқы йылы,
Халықға машҳуўр қылған екан

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

81- ТОМ



# РӘЎИЯТЛАР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДУШПАННЫҢ ПАЙДАСЫ
(Р-1292, №183767)

Рәўийлердиң айтыўына қарағанда, күнлерден бир күни жас Искендер Зулқарнайын устазы Аплатуннан:

– Устаз, дослардың адамға тийер пайдасы көп екени белгили, ал душпанның инсанға пайдасы тийиўи мүмкин бе? – деп сорапты.

Сонда Аплатун шәкиртине:

– Дурыс, дослардың бизге пайдасы көп. Себеби олар бизлердиң жаман тәреплеримизди мудамы жасырып, жақсы тәрепимизди көрсетиўге урынады. Сол себепли жаман әдетлеримизден хабар таппай-ақ өмирден өтип кетемиз. Душпанларымыз болса жаманлығымызды мудамы ашкара етип келеди. Мен барқулла буннан пайдаланып, душпанларым бетиме басқан жаман иллетлеримнен қутылыўға ҳәрекет етип келдим, – депти.

## АЛТЫН НАН
(Р-1292, №183767)

Дүнья жүзин жаўлап, алдынан шыққан еллерди шетинен бирим-бирим ийелеп киятырған уллы Искендер Зулқарнайын әскерлери бир жерлерге келгенде азықларын таўысыпты.

Сонда ол бир неше әскерине сол жерде макан еткен бир кишкене елаттың адамларына барып, оларға мийман болатуғынын хабарлаўды буйырыпты.

Кешқурын ол әскерлерин алып, хабар жиберген елатқа келсе, сол жердиң халқы сәркарданың алдына нанның орнына табаққа алтын салып күтип алыпты. Буны көрген сәркарда ҳайран болып:

– Ҳаў! Буны жеўге болмайды ғой? – депти.

Сонда оны күтип алыўға шыққан сол елдиң ақсақалы:

– Ҳай, уллы сәркардам, неге ҳайран боласыз? Биз сизди «нанға қанаат қылғанда, бүйтип дүньяны гезбес еди» деп, алдыңызға нанның орнына алтын көтерип шығып едик, – депти.

## ӘЖЕЛДЕН ҚАШЫП БОЛМАС
(Р-1292, №183767)

Рәўиятларға қарағанда, бурынғы заманлардың биринде бир жүда қорқақ адам жасаған екен. Бир күнлери оның журтына душпан бастырып келипти. Ҳәмме жанын жаббарға берип, жаў менен алысып атырға, ол жанын сақлаўды ойлап, панада тығылып жатады екен. Ҳәмме оның қорқақлығын билгени ушын үндемей қолларын бир силтеп, оның бул қылмысына көз жумып қоя берипти.

Күнлерден бир күни ол ҳәммени таң қалдырып, қылышын жалаңашлап саўаш майданына шығып, жаў менен шайдай айқасыпты. Сол күннен баслап ол қай жерде қәўипли душпан болса, сол жерде тайын болатуғын болыпты. Кем-кем оның қорқақ аты умытылып, енди оны ҳәмме «батыр» деп атайтуғын болыпты.

Бир күни адамлар оннан:

– Сен бир қорқақ адам единң. Сени батыр еткен нәрсе не? – деп сорапты.

Сонда ол:

– Бир күни саўаш әйне қызған мәҳәлде жан сақлаў ушын бир шуқырды панапал жатыр едим. Бир ўақытта бир оқжайдың оғы зуў етип келип қасымдағы топыраққа қадалды. Оқжайдың оғы қадалған жер әсте қыймылдады. Қарасам, оқ топырақтың астында жатырған жыланға барып тийген екен. Сонда мен, қанша жасырынсаң да, әжелиң анық келсе, оннан қашып қутылып болмайтуғынын түсинип жеттим, – деп жуўап берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИБРАТ

(Р-1292, №183767)

Раўиятларға қарағанда, бир жигиттиң ата-анасы картайып, күштен қалғаннан кейин күтимге мутаж болып, баласына аўырлығы түсетуғын болыпты.

Сонда жаңағы жигит оларға берген асын миннет қылып, оның үстине, бир иси келиспей қалса, бар ашыўын олардан алатуғын болыпты. Анасы өлгеннен кейин жигит қолы қалтырап, аўқатын зорға ишетуғын әкесин ески бир әжирege бөleклеп қойыпты.

Бир күни әкеси аўқат жеп отырып, қолы қалтырап, қолындағы аўқат салынған кесесин түсирип алыпты. Буны көрген баласы ғаррыға ағаш қырмада аўқат бериўди ҳаялына буйырыпты. Ғарры буны көўлине аўыр алса да, дым үндемести, ендигиден былай сол гөне ағаш қырмадан аўқат ишетуғын болыпты.

Арадан жыллар өтип, бир күни бағғы жигит он жасар баласының талдың саясында отырып, әлле нәрселер менен машқул болып отырғанын көрип қалыпты. Баласының не қылып отырғанына қызықсынып, қасына барса, баласы бир бөлек ағашты жонып отыр екен.

– Балам, бул ағаштан не ислейжақсаң? – деп сорапты ол.

– Аға, мен усы ағаштан атамның қырмасына усаған қырма ислейжақпан. Сизлер анам екеўиңиз қартайғанда сизлерге усы қырма менен аўқат беремен, – депти.

## ШАЙТАН СУЎЫ

(Р-1292, №183767)

Раўийлердиң баян етиўине қарағанда, бағзыда – инсанлар бағ егиўди үрдис қылған ўақытларда ҳәмме миўелерди егип, наўбет жүзимге келгенде олар Аллаатала инам еткен жүзимниң тұқымын жойтып алып, оны ҳеш жерден таба алмапты. Адамлар жан ийнине от түсип, ҳәмме жерди тинтип, қарап шығыпты. Бирақ жүзимниң тұқымы ҳеш жерден табылмапты. Сонда шайтан адамларға:

– Жүзимниң тұқымын мен алдым. Оны сизлерге тек бир шәрт пенен қайтараман. Шәртим: Сизлер жүзимди еккениңизден кейин мен оны үш рет суўғараман. Шәртиме қайыл болмасаңыз, жүзим деген миўениң не екенин билмей-ақ жасай бересиз, – депти.

Жүзимниң қандай миўе екенин билмей өтиўди қәлемеген адамлар шайтанның шәртине ырзы болыпты. Олар шайтан қайтарып берген жүзим тұқымын бир қасылдар жерге египти. Шәртке муўапық, шайтан жүзимди үш рет суўғарыпты.

Шайтан жүзимди биринши мәртебе түлкиниң, екинши рет жолбарыстың, ақырғы рет доңыздың қаны менен суўғарыпты.

Жүзим пискеннен кейин адамлар оның миўесин жеп, суўынан шарап таярлаўды үйренипти. Соннан берли ким сол шараптан ишсе, әўеле, түлкидей, көрмеген адамы менен де дос тутынып жылмаңлайтуғын, және көбирек ишсе, жолбарыстай мәртлиги тутып алдынан шыққанды сабайтуғын, ақырында шарапқа тойып алып, доңыздай жерге аўнайтуғын болыпты. Соннан берли адамлар шарапты «шайтанның суўы» деп атайтуғын болыпты.

## САҚЫЙЛЫҚ

(Р-1292, №183767)

Раўиятларда айтыўларына қарағанда, қәдимде сақыйлығы менен даңқ таратқан Ҳатамтай сақый исмли адам өткен екен. Оның жалғыз иниси болыпты. Ҳатамтай сақый дүньядан өткеннен кейин иниси оның исин даўам еттириўди ойлапты. Өзи тири ўақтында Ҳатамтай диййўана, жетим-жесирлерге садақа беретуғын жетпис тесиги бар бир гүмбез құрдырған екен. Ол өзи усы гүмбездиң ишинде отырғанда усы жетпис тесиктен садақа ушын созылған қоллардың биреўин де бос қайтармаған екен.

Кишкене баласы ағасының исин даўам еттирмекшилигин билген анасы баласына:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Балам, сен бул нийетиңнен қайт! Себеби сен еки дүньяда да ағаңдай бола алмайсаң, – депти.

Анасының гапи кеўлине келген иниси, оның үгитине қулақ салмай, ағасы садақа үлестиретуғын баяғы гүмбездиң ишине кирип отырыпты.

Анасы үстине жупыны кийим кийип, баласы отырған гүмбезге барып, тесиклердиң биреўине қолын тығып, садақа сорапты. Жигит оның қолына бир неше теңге салыпты. Кемпир және бир тесиктен қолын созыпты. Усы жағдай үшинши мәртебе қайталанғанда жигит кемпирдиң қолын таныпты:

– Хай, кемпир, мен жаңа ғана саған садақа бердим. Қайта-қайта қайыр алыўға уялмайсаң ба? – деп жекирипти.

Сонда кемпир оған өзин танытып:

– Әне, балам, мен саған айтпадым ба? Бул ис сениң қолыңнан келмейди деп. Мен бир ўақытлары Ҳатамтайды да усылай етип сынап жетпис тесиктиң бәрине қолымды тығып садақа сораған едим. Сонда ағаң бир қолдың жетпис мәртебе садақа сорағанын билсе де, оны бос қайтарған жоқ еди, – депти.

## ҲАТАМТАЙДАН ДА САҚЫЙ ЖИГИТ

(Р-1292, №183767)

Бир күни адамлар Ҳатамтай сақыйдан:

– Өмириңизде өзиңизден де сақыйырақ адамды көрдиңиз бе? – деп сорапты.

– Аўа, көрдим, – депти сақый. – Бир күни узақ сапарға кетип баратырып, жолда бир жигиттиң үйинде қудайы қонақ болдым. Ол мени бир қой сойып мийман етти. Ертеңине жигит пенен хошласып, енди кетейин деп атырып, оның қоңсысынан кеше маған атап сойылған қойдың жигиттиң маңлайындағы жалғыз малы екенин, оның усы қой ушын киси есигинде төрт жыл жүргенин билип қалдым, – депти.

Сонда адамлар Ҳатамтайға:

– Сиз жигиттиң бул сақыйлығына қандай жуўап қайтардыңыз? – депти.

– Мен үйиме қайтып келип, оған жүз түйе ҳәм жүз қой алып барып бердим, – депти.

Сонда адамлар оған:

– Сизиң сақыйлығыңыз, барибир, жигиттиң сақыйлығынан өтипти ғой, – депти.

– Яқ, – депти сонда Ҳатамтай сақый, – мен сақыйлықта оннан өте алмадым. Себеби мен оған бар дүньямның бир тал бөлегин ғана инам еттим, ал ол мен ушын бар дүньясынан кешти, – депти.

## ДОСЛЫҚТЫҢ МӘНИСИ

(Р-1292, №183767)

Раўиятларға қарағанда, бир ханның жақсы ўәзири болған екен. Күнлерден бир күни патша сарайдағы шағымшылардың сөзине ерип, ўәзирди лаўазымынан босатыпты.

Сол күннен баслап ўәзирдиң өмиринде өзгерислер басланыпты. Баяғы алдында жорғалап жүрген жора-жолдаслары, ағайинлери, буның арқасында күн көрип турған туўған-туўысқанлары ўәзирге тил ушында көўил билдирген болып, кейин оның ҳалынан хабар алыўды қойып, бара-бара қатнасықты пүткиллей үзипти. Ўәзир тағдирдиң бул соққысына ҳайыл болып, әтирапындағылардың мысқылын, өсегин дым үндемей көтерип, тыныш өмир сүре берипти.

Арадан бираз ўақыт өтип, баяғы патша ўәзирдиң айыпсыз екенин анықлап, оны қайтадан сарайға шақыртып, айыбын жуўыў ушын енди оған сарайдың бас ўәзири лаўазымын тапсырыпты.

Ўәзирдиң енди патшаның ең жақын адамына айланғанын еситкен оның барлық дос ҳәм жақынлары үйине келип, оны үлкен лаўазым менен қутлықлап, оннан хабар алыўға ўақытлары болмағанлықларын айтып кеширим сораған болыпты.

Оларды индемей тыңлап отырған ўәзир сонда:

– Хош гап, басыңда әмелиң бар ўақытта ғана өзлерин жақын көрсететуғын ақмақ дослар ҳәмме жерде де бар, – депти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖУЎСАН ИЙИСИ

[Р-1292, №183767]

Сахрада туўылған бир шопан бала жаў қолына бенде болып түсипти. Душпан оны узақ үлкелердиң бирине қул етип сатып жиберипти.

Арадан жыллар өткен сайын жигит өзиниң туўылып өскен журтын, ата-анасы ҳәм туўған-туўысқанларын әсте-ақырын умыта баслапты. Тәгдирге тән берип, өзге журттың адамына айланыпты. Ақыр-ақыбет сабырлылығы, ақыл ҳәм зейинлилиги арқасында ол сол журттың ҳәкими дәрежесине жетисипти. Өзи ҳәкимлик еткен журтты қырық жыл басқарып, бираз қартайыпты.

Күнлерден бир күни оның ана журты тәрептен бир карўанның жолы ол басқарып атырған үлкеге түсипти. Елди аралап жүрген ҳәким сол карўанға дус болыпты. Ол сол жерден өтип баратырып, карўанды қорғап келген бир атлының қасына келгенде аттың ерине байланған бир тутам жуўсанның ийиси мурнына келипти. Ҳәким дәрҳал аттан түсип, жуўсанды алып, оны мийри қанғанша ийискепти. Сонда оның көз алдына балалықта қой баққан далалары, ели, ата-анасы ҳәм туўған туўысқанлары келипти. Ата журт сағыныщы оның жүрек-бәўырын өртеп жиберипти. Ҳәким қасындағыларға бир аўыз сөз айтпастан, атына секирип минип, усы ўақытқа шекем ерискен дәўлет ҳәм байлықларынан ўаз кешип, өз журтына раўана болыпты.

## КӨЗСИЗ ИБАДАТ

[Р-1292, №183767]

Ҳәмме раўийлерге таныс болған бир раўиятқа қарағанда, бир журтта үлкен суў тасқыны болыпты. Халық жан сақлаў ушын дус келген таманға қарап қаша баслапты. Сол тасқында бир адам жан сақламақшы болып жайының төбесине шығыпты. Тасып атырған суў оның тобығына келгенде оның қасына бир қайық келипти. Қайықтағы адам оған:

– Ҳәй, адам, қайыққа мин! – деп оны қайыққа шақырыпты.

Сонда тамның басында отырған адам оған:

– Яқ, қайығыңа минбеймен. Мен өмир бойы тәңирине ибадат қылдым. Ол сөзсиз мени өз панасында асырайды, – деп жуўап берипти.

Суў және кем-кем көтерилип, оның белине жеткенде, оның қасына және бир қайық келип, ондағы адам:

– Ҳәй, бирадар, қайыққа мин! – депти.

– Яқ, мен бир өмир тәңирине ибадат еттим. Ол сениң жәрдемиңсиз-ақ мени сақлайды, – депти.

Тасқын суў көтерилип оның алқымына келгенде, оның қасына және бир қайық жүзип келип тоқтапты. Қайықтағы адам оны қайығына миндирейин десе, жаңағы адам тағы:

– Яқ, өмир бойы еткен ибадатларымның есесине тәңири мени сақлаўы тийис, – деп қайыққа миниўден және бас тартыпты.

Қайық оның қасынан кетиўден, ол «ғылқ» етип суўға ғарқ болыпты. О дүньяға барғаннан кейин ол тәңирине өкпелеп:

– Мен өмир бойы саған садық болып, ибадат етип келдим. Сен неге мени қутқармадың? – депти.

Сонда тәңири оған:

– Ҳәй, ғапыл бенде, сениң жаныңды сақлап қалыў ушын алдыңа үш рет қайық жибердим, өзиң минбедиң, – депти.

## ДАНЫШПАН ӘКЕ

[Р-1292, №183767]

Раўийлерден ўасият болып қалған бул раўият, мазмунына жараса, заманлар асып бизге дейин өлмей жетип келген екен. Онда тап етилиўине қарағанда, бәйти заманларда мал-дәўлети тетис бир адам жасаған екен. Оның бир кемиси – бийдәўлет, қосжақпас жалғыз перзенти екен. Әке баласын қәнипа тәрбиялаўға урынбасын, оның мийнети босқа кете берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арадан жыллар өтип, бир күнлери ол бийдаўа кеселге шатылып, әжели жетипти. Сонда ол жалғыз перзентин қасына шақырып алып:

– Балам, мен өлгенимнен кейин мениң бар дәўлетим саған қалады. Мына турысыңда сен көп өтпей-ақ оны бийҳуўда саўып, таўысатуғын түриң бар. Оның қәдирине жететуғын ақыл, шамасы, сенде ҳәзирше жоқ қусайды. Өзиңе усаған бийдәўлетлер менен оны исырап етип, барыңнан айрылғаннан кейин көзиңе ҳеш нәрсе көринбей, жаныңа қаслық етиўди ойлаўың анық. Мен үйимиздиң қасындағы ески қораның патитине бир арқан асып қойыппан. Мабада, жаныңды қыйғың келип қалса, тек сол арқанға барып асылыўды умытпа, – деп жан берипти.

Бала әкесиниң өлимине көп қайғырып отырмапты. Оның топырағы суўымастан-ақ, өзине усаған жораларын қасына жыйнап, қай жерде ойын күлки болса, сол жерде тайын болып, ўақтын хошлап жүре берипти.

Арадан көп ўақыт өтпей есапсыз мал-дүньяның да ақыры көринипти. Жигит оны да ҳеш ойлап отырмай сарп етип, енди күни қатты нан менен қара суўға қалыпты. Оның ҳеш нәрсесиз қалғанын билген баяғы жора-жолдаслары да жоқлаўды қойып, оннан ҳал-аўҳал сорамайтуғын болыпты. Қайта, көрген жерде оны кемситип, ҳәтте оның менен бир дастурхан әтирапында отырыўды арсыматуғын дәрежеге жетипти. Қулласы, ол сол дөгеректиң ең жаман адамына айланыпты. Бул нәрсе жигитке қатты батыпты. Нан табайын десе, қолында өнери жоқ. Ақырақыбет жаны да көзине көринбей, баяғыда әкеси айтқандай, бундай етип жасағаннан өлимди абзал көрипти. Сонда әкесиниң айтып кеткен арқаны есине түсип, баяғы ески қораға кирипти. Кирсе, ырасында да бир арқан қораның патигине асыўлы турғанын көрипти. Жигит жылапсықлап болып, гүрмекти мойнына салыпты. Тозыўы жеткен ағаш оның салмағын көтере алмай, шорта сынып, жигит жерге жығылыпты. Бир ўақытта ағаштың сынған жеринен заў етип бир талай алтын теңгелер жерге төгилипти. Жигит жерге төгилген теңгелерди жыйнап отырып, өзиниң бундай данышпан әкеге сай перзент бола алмағанын түсинип жетипти ҳәм оннан қалған соңғы мал-дүньяны ақылға муўапық жумсап ҳәм оны көбейтиўге бел байлапты.

**АНА ЫРЗАЛЫҒЫ**

(Р-1292, №183767)

Данышпанлардың рәўият етиўлерине қарағанда, бир оқымыслы жигит ҳажылық сапарына шығыўды нийет етип, бир уламаның алдына оның сапар алды пәтиясын алыў ушын барыпты. Ол уламаның алдына кирип, оған ийилип сәлем берип, өзиниң нийетин баян етипти.

Сонда оны үндемей тыңлап отырған улама:

– Анаң бар ма? – деп сорапты.

Жигит ҳайран болып:

– Аўа, тақсыр, анам бар, – деп жуўап берипти.

– Ондай болса, дәрҳал үйиңе барып, оның хызметин ет! – депти.

Сонда улама оның бул гәпиниң жигитке жақпағанын сезип:

– Мен өзимниң жетпис жыллық өмиримниң ишинде жалаңбас, жалаңаяқ, азықсыз, жалғыз өзим он мәртебе ҳажылық сапарына бардым. Усы сапарларымның барлық саўабын саған бердим. Сен соның есесине анаңның саған болған ырзашылығын маған бер, – депти.

**ӨСЕКШИНИҢ ЖАЗАСЫ**

(Р-1292, №183767)

Ноғайлы дәўиринен халық арасында мынандай рәўият қалған екен. Бир киси Ормамбет бийдиң алдына келип, әдиллиги менен ат шығарған және бир бийди жаманлап:

– Пәленше сен ҳаққында жаман гәплерди айтты, – депти.

– Қашан? – депти оған Ормамбет бий.

– Кеше, – депти жаңағы адам.

– Қай жерде? – деп сорапты Ормамбет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Өзиниң үйиндеги зыяпатта, – деп жуўап берипти ол.

– Сол зыяпатта не жедиңиз?

Жаңағы адам зыяпатта жеген тағамларының бариниң атын айтып, санап берипти.

Сонда Ормамбет бий оған:

– Сол бийдиң алдына қойған сонша тамағын қарныңа сыйдырыпсаң да, бир аўыз сөзин сыйдыра алмадың ба? Тур, жоғал! Көзиме көринбе! – деп оны алдынан қуўып салыпты.

## ЖАҚСЫ ПЕРЗЕНТ

(Р-1292, №183767)

Баяғыда ел басқарған бир ҳүкимдардың еки ҳаялынан еки перзенти болған екен. Ҳүкимдар еки баласынан үлкенин кишкенесине қарағанда көбирек жақсы көреди екен. Оның бул иси екинши ҳаялына жақпай, бир күни ол буны ишине сыйдыра алмай ҳүкимдардың алдына келип:

– Шағаным, сен не ушын үлкен балаңды киши балаңнан үстин қоясаң? Олардың екеўи де өз перзентлериң емес пе? – депти.

Сонда ҳүкимдар киши ҳаялына, буның себебин ҳәзир билесең деп, үйиндеги бир хызметкерин шақырып, оған бир тапсырма берип еки баласының алдына жиберипти.

Ҳүкимдардың тапсырмасы менен хызметкер алды менен оның киши баласына келип, хожасының тапсырғанындай етип:

– Егер әкең өлип, ҳүкимдарлық сениң қолыңа өтсе, маған қандай инаят көрсетер едиң? – депти.

Хызметкердиң бул сөзи балаға майдай жағып:

– Егер әкемниң әмели, мал-дүньясы маған тийисе, мен сени өзиме ең жақын мәсләҳәтши етип аламан, – депти.

Хызметкер тап усы гәпти ҳүкимдардың үлкен баласына да келип айтыпты. Бул гәпти еситкен үлкен ул орнынан ушып турып, хызметкердиң жүзине бир шапалақ тартып:

– Ҳәй ақмақ, өмир бойы әкемниң хызметин етип, дузын иштиң. Оған өлим тилеўге қандай ҳаддиң сыйды? – деп оны алдынан қуўып жиберипти.

Хызметкер оннан зорға қутылып, болған ўақыяны асыздай, тамызбай ҳүкимдар ҳәм оның ҳаялына жеткерипти.

Сонда ҳүкимдар лал болып қалған киши ҳаялына:

– Мен олардың арасындағы парқты әлле қашан аңлағанман, – депти.

## СӨЗДИҢ ПАРҚЫ

(Р-1292, №183767)

Өтмиштиң дүньяға даңқ таратқан ҳүкимдарларының бири бир ақшам жағымсыз түс көрип, уйқысынан шоршып ояныпты. Түсинде ол аўзындағы барлық тислериниң түгилип қалған көрген екен. Ҳүкимдар орнынан тура сала ўәзирин қасына шақырып, сарайдың бас палкерин алдырып, оған түсин баян етип, оны жорыўды буйырыпты.

Сонда сарайдың бас палкери патшаға:

– Бир қасық қанымнан кешиң, ҳүкимдарым. Бул түсиңизге қарағанда, сизиң барлық жақын-жуўықларыңыз өлип, өзиңиз жалғыз қалатуғын қусайсыз, – депти.

Ғәзепленген ҳүкимдар палкерге жүз қамшы урыўды буйырып, түсти жорыў ушын басқа палкерди табыўды буйырыпты. Сарай хызметкерлери адамлардың мәсләҳәти менен бир ғарры палкерди сарайға, ҳүкимдардың алдына алып барыпты.

Кепти көрген ғарры палкер ҳүкимдарға ийилип сәлем берип:

– Ҳүкимдарым, бул түсиңизде сизиң өз жақынларыңызға қарағанда узақ өмир сүриўиңиз аян етилипти, – депти.

Ҳүкимдар оның бул сөзлерине ырза болып, палкерге қазнадан жүз тилла инам етиўди буйырыпты.

Сонда ҳүкимдардың қасында турған ўәзир

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Олардың екеўи де сизиң түсиниздн дурыс жорыды, бирақ не ушын оларды ҳар түрли сыйлықладыңыз? – депти.

Сонда дана ҳүкимдар оған:

– Дурыс, олар екеўи де түсимди дурыс жорыды. Бирақ оны баян етиўде екеўиниң арасында аспан менен жердей парқ бар, – деп жуўап берипти.

## АТА МЕҲРИ
(Р-1292, №183767)

Ата-ана ҳәм перзент қәдирине жеткен ҳәрбир адам бул раўятты жүда жақсы биледи екен. Онда баян етилиўине қарағанда, бир ата-бала патшаға жаманатлы болып, патша олардың ҳәр бирине жүз дүрре урып жазалаўды буйырыпты.

Жалладлар ҳүкимди орынлаў ушын ата-баланы қала майданына алып шығыпты. Алды менен әкеге жүз дүрре урылыпты. Әке мыңқ демей жүз қамшыға шыдапты. Енди сезек балаға келипти. Жалладлар балаға бир қамшы урғанда, әке жан әйбатта аҳ урыпты. Оның пәрядынан майдан ларзеге келипти. Сонда патша жалладларды тоқтатып, әкеден:

– Өзиңе жүз дүрре урылғанда мыңқ етпедиң. Балаңа бир дүрре тийиўден-ақ неге бунша аҳ урдың? – деп сорапты.

Сонда әке патшаға қарап:

– Мени урғанда, дүрре мениң денеме тийди, соның ушын бир әмеллеп шыдадым. Бирақ балама тийген қамшы мениң жүрегимди тилди. Оның зардабына ҳасла шыдап болмас екен, – депти.

## ҲИКМЕТ
(Р-1292, №183767)

Ҳаким Улықпан Даўыт алайҳиссалам даўиринде жасаған бир қул болған екен. Раўятларға қарағанда, ол бир мың алты жүз жыл өмир көрген.

Бир күни Таңри оған:

– Мен сени ақыл-парасатың ушын сыйлықламақшыман. Қалесең пайғамбарлықты, қалесең ҳикмет берейин, – депти.

– Маған ҳикмет бер, – депти Улықпан.

Таңри оған соншелли көп ҳикмет берген екен, ҳәтте пайғамбарлар да оның маслаҳатлерине мүтәжлик сезген екен.

## ӘЖЕЛДЕН ҚАШЫЎ
(Р-1292, №183767)

Ҳәзирети Сулайман даўиринен қалған раўятта сөз етилиўине қарағанда, бир адам ҳәзиреттиң сарайына ҳаўлығып келип, оны Сулайманның алдына апарыўды өтиниш етипти. Сақшылар оны ҳәзиреттиң алдына апарыпты. Ол ҳәзиретке сәлем берип болып:

– Ҳәзиретим, бүгин таңда мен Әзирайылды көрдим. Ол маған ҳайран болып, бир қарап, кейин индемей кетип қалды. Шамасы, ол мениң жанымды алмақшы болып жүрипти. Мени оннан қутқарың! – депти қорққанынан дир-дир қалтырап.

– Хош, мен саған қандай жәрдем бериўим мүмкин? – депти Сулайман.

Сонда жаңағы адам оның аяғына жығылып:

– Ҳәзиретим, сизиң қолыңыздан ҳәмме нәрсе келеди. Құдиретиңиз шексиз. Мени әжелдиң аяғы жетпейтуғын узаққа, Саҳрайы Кибирге апарып таслаң, бәлким мен сонда өлимнен қутылып қаларман, – депти.

Ҳәзирети Сулайманның бул бендеге реҳими келип, самалды шақыртып, оны Саҳрайы-Кибирге апарып таслаўды буйырыпты. Самал оның буйрығы менен оны Саҳрайы-Кибирге апарып таслапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол күни Сүлайман әжелге дуғ келип, оннан:
– Ҳай, Әзирайыл, сен кеше неге бир мусапирди буншелли қорқыттың? – деп сорапты.
Сонда Әзирайыл оған:
– Мениң ол бендеге ҳайран болып қарағанымның себеби, Аллатаала маған оның жанын Саҳрайы-Кибирде алыўды буйырып еди. Мен бул адамның жүз қанаты болса да, бүгин Саҳрайы-Кибирге жетип бара алмайды ғой деп ойлап, соған ҳайран болып едим, – депти.

## АЛЛАНЫҢ ЫРЗАЛЫҒЫ

(Р-1292, №183767)

Таңри қыямет күни бендесине:
– Ҳай, инсан, бийтап болып жаттым, неге мени келип көрмедиң? – депти.
Сонда бендеси ҳайран болып:
– Ҳай, Раббим, сен меннен узақтасаң. Сени қалай көриўим мүмкин еди? – депти.
Таңри сонда:
– Ең жақын достың бийтап болғанда барып көрмедиң. Егер барғаныңда, мени сол жерде көрер едиң, – депти ҳәм сөзин және даўам етип:
– Надан бендем, өзиң тоқ болдың, бирақ мени ойламадың, – депти.
– Жаратқан ийем! Пүткил әлем қолыңда. Мен қалай сениң ғамыңды жеймен? – депти бендеси оған.
– Сендей бир бендем алдыңа мүтәж болып барғанда, мүтәжин питкермедиң. Оған жәрдем бергениңде, мени көрген болар едиң, – депти.

## МӨМИННИҢ ҲАҚЫ

(Р-1292, №183767)

Халық арасында жүдә мөмин, ақкөкирек, бирақ күтә жарлы бир жигит өткен екен. Бир күнлерн ол үй-жайлы болыў мақсетинде узақ журтларға жумыс ислеп пул табыў ушын сапарға шығыпты. Ол көп жол жүрип шаршап, бир салманың бойына дем алыўға отырыпты. Аш болып суўға тигилип отырса, суўда бир дана алма ағып киятырған қусайды. Жигит дәрриў алманы суўдан алып жепти де, бирден басына «Мына алманы ийесинен сорамай жедим-аў» деген ой келипти. Ол көп ойланып отырмастан, алма ағып келген бағдың ийесин излеп, салманы жағалап кетипти. Бир неше күн жол жүрип бағды таўып, оның ийесине болған ҳәдийсени айтып:
– Мен сол сораўсыз жеген алмам ушын сизиң ҳарқандай жазаңызға таярман, – депти.
– Ондай болса, – депти бағдың ийеси, – алмамды сораўсыз жегениңиз ушын мениң тили, аяқ-қолы жоқ, оның үстине көзи соқыр жалғыз қызыма үйленесең, – депти.
Жигит бағдың ийесиниң бул аўыр шәртине иләжсыз ыразы болыпты. Неке оқылып, той өтип болғаннан кейин жигит даяланың алдына шымылдыққа кирипти. Қараса, шымылдықта он еки мүшеси пүтин, сулыўлықта теңи жоқ бир қыз отыр екен. Жигит шымылдықтан жүўырып шығып, қыздың әкесиниң алдына барып:
– Бул маған тийисли қыз емес ғой? – дегенде, қыздың әкеси оған:
– Яқ, бул сол мен саған ўәде еткен жалғыз қызым. «Қызымның тили жоқ» дегеним – ол ҳеш қашан жаман гәпти сөйлемейди, «көзсиз» дегеним – өз еринен басқаға қарамайды, ал «қол-аяқсыз» дегеним – жаман иске қарай жүрмейди дегеним еди. Оған тек сендей ақкөңил жигит ғана мүнасип, – депти.

## УЛЛЫ ШАЙЫҚТЫҢ ЕРЛИГИ

(Р-1292, №183767)

Өзиниң жаўызлығы менен дүньяны титиреткен Шыңғысхан Хорезмди жаўлап алыўдан алдын Нажиматдин Кубыраға елши жоллап, уллы шайық ҳәм оның үрим-путақларына рақым етип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

олардың қаладан шығып кетиўине рухсат бергенлигин айтыпты. Сонда уллы устаз ҳүкимдардың елшисине:

– Мен бул топырақта жетпис бес жыл жасадым. Усы халық пенен өмиримниң ашшы-душшысын таттым. Енди оның басына аўыр күн туўғанда таслап кете алмайман, – деп жуўап берипти.

Буннан кейин устаз өзиниң басқа журтлардан келип оннан тәлим алып атырған шәкиртлерине өз ўатанларына қайтыўға рухсат берипти. Бирақ оның шәкиртлериниң биреўи де устазды таслап кетиўди қәлемей, оның қасында қалып, қаланы жаўдан қорғаўға таярланыпты.

Шайық қолына қылышын алып, жаўға қарсы шығыпты. Қала ушын хорезмлилер жан алып, жан берип, жаў менен соңғы тамшы қаны қалғанша мәртлерше алысыпты.

Қалаға кирген жаў уллы устаздың Хорезм байрағын қолына услаған ҳалда өлип жатырғанының үстине шығады. Олар устаздың қолынан байрақты жулып алыўға қанша ҳәрекет етпесин, буның үддесинен шыға алмапты. Ақыры жаў сәркардасы оның байрақты услап турған бармақларын шабыўға буйрық берипти. Ҳәтте жүрек жутқан жаў да оның бул мәртлигине тан берипти. Бул ерлик ҳаққындағы рәўият әсирлер аса аўыздан аўызға өтип, халық ушын ибрат үлгисине айланыпты.

## КӘРАМАТ

[Р-1292, №183767]

Хорезм халқы арасында уллы шайх Нажимаддин Кубыра ҳаққында ажайып бир рәўият сақланып қалған екен. Бул рәўиятқа бола, Шыңғысхан ләшкерлери Хорезм пайтахты Үргеништи жаўлап алмақшы болғанда шайх қала дәрўазасы үстине шығып, аяғын созып отырып, өз кәраматы менен қаланы жаўдың көзине көринбейтуғын етип қойды.

Бул ҳәдийсе шайхтың кәраматы екенин Шыңғыстың бир ақылгөйи сезип, ол өз сәркардасына:

– Бул, сөзсиз, шайх Нажиматдин Кубыраның кәраматы. Енди Хорезм тек хорезмлилердиң ғана көзине көринеди, – депти.

Сәркарда жаңағы ақылгөйдиң маслаҳәти менен бир хорезмли сатқынды алдына тутып әкеледи. Ол душпан сәркардасының буйрығы менен Нажиматдин Кубыра менен ушырасып, оған душпан менен келисимге келиўди маслаҳәт береди. Бирақ уллы шайх сатқынның маслаҳәтин алмапты.

Қаланы қалай болмасын қолға киргизиўди мақсет еткен душпан ақыры ҳийле ойлап, хорезмлилер арасында «Нажиматдин Кубыра душпан менен тил бириктирди» деген өсек таратып, Хорезмшах Мухаммед ҳәм шайхтың арасына суўықлық салыўға ерисипти.

Мухаммед Хорезмшах ғәзеп атына минип, әскерлерине шайхты қала дәрўазасынан түсирип алып, жазалаўды буйырады.

Әскерлер Кубыраны қала дәрўазасынан зорлап түсириўи мәттал, қала қайтадан душпан көз алдында пайда болады. Усыны күтип отырған душпан дәрриў қаланы күш пенен алып, оның халқын мисли көрилмеген азапларға гириптар етеди.

## КИШИПЕЙИЛЛИК

[Р-1292, №183767]

Ертеде өзиниң әдалатлылығы менен ат қаддырған бир патша шебер бир зергерди алдына шақыртып, оған дүньяда сийрек ушырасатуғын бир яқут тасты берип, оннан жүзик соғып бериўди буйырыпты.

Арадан бир неше күнлер өтип, ол жүзикти көриў ушын және сол зергерди сарайына алдырыпты. Алдына келген зергердиң әлле неден қорқып, қуты ушып турғанын көрген патша оннан:

– Неге бунша қалтырайсаң? – деп сорапты.

Сонда зергер тутлығып:

– Бир қасық қанымнан кешиң, ҳүкимдар! Мен жүзикти соғып, енди қасын орнатайын деп атырғанымда яқут қолымнан сандалға түсип, төрт бөлекке бөлинип сынып кетти. Мен

www.ziyouz.com kutubxonasi

алдыңызда айыплыман, – депти.

Сонда ҳүкимдар сол жердегилердиң ҳәммесин ҳайран қалдырып:

– Мейли, қапа болма, устаханаңа қайтып, олардан төрт жүзик жасай ғой, – депти.

## ДҮЗИЎЛИКТИҢ СЫЙЛЫҒЫ

[Р-1292, №183767]

Мары қаласының ҳүкимдары өзинен ажайып бир естелик қалдырыў ушын ҳеш жерде теңи жоқ бир медиресе қурдырыўды нийет етипти. Имарат салынып атырғанда оның үстини ушын жүда дүзиў ҳәм беккем ағаш керек болыпты. Усталар усы үстин ушын мүнасип ағашты көп излепти. Олар ҳәмме жерди излеп, ақыры бир кәмбағал жесир ҳаялдың есигиниң алдында өсип турған ағаштың алдында тоқтап, оны үстин ушын ең мүнәсип деп таўыпты. Усталар ағашты бир табақ тиллаға баҳалапты. Ҳүкимдардың буйрығы менен ҳүкимдар қазнасынан жесир ҳаялға бир табақ тилла теңге берилипти.

Ҳеш бир кемиги жоқ ағаш иморатқа ажайып бир үстин болып, жүдә жарасыпты. Имарат питкеннен кейин баяғы жесир ҳаял оны көриўге келипти. Ол алтын суўы жүргизилген үстинге қарап:

– Дүзиўлигиң себеп мүнасип жерден орын алдың, мени де жоқшылықтан қутқардың, – депти.

## АЛЫМ ҲӘМ ДАРҒА

[Р-1292, №183767]

Бир күнлери бир атақлы алым Әмиўдәрьядан өтиў ушын бир дарғаны жаллапты. Олар салға минип, дарьяның ортасына келгенде алым бир мақтанғысы келип, дарғаға:

– Ҳай, дарға, есап-китапты билесең бе? – деп сорапты.

– Есап-китапты билиў қайда, мен бир ғапыл дарға болсам, – депти ол.

– Онда ярым өмириң зая болған екен, – депти алым оның үстинен күлип.

Арадан көп ўақыт өтпей дарьяда даўыл басланып, толқынлардың пәтине төтепки бере алмаған сал суўға шөге баслапты.

– Жүзиўди билесең бе? – деп бақырыпты дарға алымға.

– Яқ, билмеймен, – депти алым.

– Онда өмириңниң бәри зая болды дей бер, – депти дарға.

## ШАЙЫРЫН ҚӘДИРЛЕГЕН ЖУРТ

[Р-1292, №183767]

Қәдимде жер бетинде ел, қәўим қоймай басып алып, өмири атланыста өтип киятырған бир қанхор сәркарда Әмиўдарьяны жағалап жайласқан бир елатты да бағып алыўды мақсет етипти. Ол өз ләшкерлери менен усы елаттың шегарасына келип, тыңшыларын шақырып, оларға усы елаттың халқы, әскерий күши ҳаққында мағлыўмат жыйнап қайтыўға буйрық берипти.

Арадан бир неше күн өткеннен кейин тыңшылар қайтып келипти. Сәркарда қасына жәрдемшилери ҳәм батырларын жыйнап тыңшыларды тыңлапты.

– Биз елатты бастан-аяқ араладық. Бир сапары үлкен бир зыяпаттың үстинен шығып қалдық. Елдиң ҳүкимдары да сол жерде екен. Зыяпат қызған ўақытта ҳүкимдар отырған отаўға қолына саз услаған бир жас өспирим кирип келди. Оны көрген ҳүкимдар орнынан турып, жаңағы балаға қасынан орын берди. Биз сол жердеги биреўден: «Ҳүкимдар орнынан турып ҳүрмет көрсеткендей, бул бала ким өзи?» деп сорадық. Сонда ол: «Бул бала бизиң шайырымыз» деди, – депти тыңшылардың бири.

Сонда сәркарданың қасында отырған жәрдемшилердиң бири:

– Егер олардың ҳүкимдары кирттай баланың алдында орнынан ушып турып, қасынан орын беретуғын дәрежеде ақмақ болса, биз бундай халықты дым аңсат бағындыра аламыз, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы ўақытқа шекем олардың сөзин дым үндемей тыңлап отырған саркарда:

– Яқ, ертең-ақ изимизге қайтамыз. Өз шайырларын, өзлигин усындай дәрежеде қәдирлеген халықты қырып жибериў мүмкин, бирақ оларды ҳасла жеңип болмайды, – депти.

## ЕКИ ДИЙЎАНА

(Р-1292, №183767)

Рәўиятларға қарағанда, еки дийўана ел гезип жүрип, урыс болып атырған бир елдиң үстинен шығыпты. Урыс жүргизип атырған әскерлер оларды тыңшылар деп ойлап, тутқынға алыпты. Дийўаналардың бири әззи еди, себеби ол оразада еди. Екиншн дәрўиш күнине үш маҳал аўқатланғанлығы себепли қарны тоқ еди. Душпан оларды енди қурылып атырған бир дийўалға салып сылап жиберипти.

Арадан еки ҳәпте өткеннен кейин олардың айыпсызлығы анық болып, сылаў қопарылыпты. Қараса, бақуўат адамның өлип, ал әззи адамның тири қалғаны аян болыпты. Бул иске ҳәмме ҳайран қалыпты. Сонда бир данышпан адам:

– Олардың бири өз нәпсиниң қулы еди. Сонлықтан ашлыққа шыдам бере алмай өлди. Екиншиси сабырлы еди, усы сабырлылығы менен нәпсин жеңгени ушын тири қалған. Сонық ушын бул жағдайдың ҳеш таңланарлы жери жоқ, – деген екен.

## КҮШ – БИРЛИКТЕ

(Р-1292, №183767)

Бир адамның үш баласы болып, олар ҳеш өз-ара келисе алмайды екен. Сонлықтан күн-ара жәнжеллесип, шаңарағының берекетин қашырыўдан басқаны билмепти.

Олардың бул ислерине тақаты тақ болған әке балаларын алдына шақырып, бир дәсте бәўылған жыңғылды берип:

– Қане, мынаны сындырып көриң, – депти.

Балалары дәстени алып, ҳәр қайсысы өзлериниң күшлерин көрсетип, оны сындырыўға урынып көрипти. Бирақ олардың ҳеш қайсысы бул истиң үддесинен шыға алмапты.

Сонда әке дәстени жаздырып, оннан бир-бирден жыңғылдың шыбығын суўырып алып, балаларына берип:

– Қане, енди сындырып көриң, – депти.

Балалары шыбықларды ап-аңсат сындырыпты.

– Көрдиңлер ме? – депти әке, – күш тек бирликте. Егер ҳәммеңиздиң аўзыңыз бир болса, ҳеш қыйыншылық сизлерди жеңе алмайды, – депти.

## ДАНА УСТА

(Р-1292, №183767)

Рәўиятларға қарағанда, бир уста Үргениш деген әзим қалада әжайып бир минар қурыпты. Оны тамашалаўға келген бир топар кеше балалары минарды әри-бери айланып, тамашалап болып, устаның алдына жүўырып келип:

– Уста ата, қурған минараңыз сәл қыйсықлаў екен, – депти.

Сонда уста:

– Бәрекелла зейниңизге, ҳәзир буны туўрылаймыз, – деп, шәкиртлериниң биреўине арқан әкелиўди буйырыпты. Уста арқанды алып, шәкиртлерине минараны айландырып байлатып болып:

– Қане балаларым, сизлер қарап турың. Минар дүзиўленгенде маған айтасыз, – депти де, бес-алты балаға арқанды тартыўды буйырыпты.

Жаңағылар арқанды ҳәр тартқан сайын уста қалған балаларға:

– Қалай, минара дүзиўленди ме? – деп сорап турыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ўақытларда балалар:

– Дузиўленди, дузиўленди, – деп шуўласыпты.

Сонда бул иске түсинбей, ҳайран болып турған устаның шакиртлердиң бири устазының алдына келип:

– Устаз, арқан менен усындай үлкен минараны дузиўлеп болмайтуғынын билесиз ғой, неге бундай еттиңиз? – деп сорапты.

Сонда дана уста шакиртине:

– Минараның дузиў екенин бизлер билемиз. Бирақ балалар қала бойлап «Минар қыйсық екен» деп гәп тарқатса, ҳәмме оларға исенеди. Егер олар «Минара қыйсық еди, бизлер оны арқан менен тартып дузиўледик» десе, ҳешким оларға исенбейди, – деп жуўап берипти.

## ШАРҚЫПӘЛЕК ДҮНЬЯ
(Р-1292, №183767)

Қәдимги заманлардың биринде асаў Әмиўдиң бойындағы бир елатта төрт түлиги пүтин бир бай жасаған екен. Бир жылы дарья тасып, жаңағы елатты суў басыпты. Байдың өмир бойы жыйнаған мал-дүньясы, бала-шағасы да суўға ғарқ болыпты. Тек байдың жалғыз өзи ғана аман қалыпты. Ол қутырып аққан суўдан бир әмеллеп жағаға шығып:

– Аллам, қалған өмиримди толы еткейсең, – деп шүкирлик етип гүбирленип отырған қусайды.

Ғарры байдың бул гәпин сол жерден өтип баратырған бир ҳаўайы жигит еситип:

– Ақсақал, жасың болса жетпистен асыпты. Бул жағына бес күнлик өмириң я бар, я жоқ. Алладан және толы өмир сорағаның қалай? – деп оның үстинен күлип өтип кетипти.

Арадан жыллар өтипти. Баяғы ғарры байдың үстинен күлип кеткен жигиттиң елинде сол жылы қатты қурғақшылық болыпты. Жигиттиң малларының бәри қырылып, бала-шағасы аштан өлипти. Ҳәмме нәрсесинен айрылған жигит бир тислем нан излеп, дийўана болып ел гезип кетипти. Ол усылай етип ел аралап жүрип, дарьяның бойына қурылған бир жақсы отаўдың алдына барып, садақа сорапты. Отаўдың алдында ойнап жүрген еки бала ишке жуўырып кирип, бир жас ҳаялды шақырыпты. Иштен шыққан ҳаял дийўананың аўҳалын көрип, оған рейими келип, отаўға мирәт етипти.

Ҳаял аўқат асып, жигиттиң қарнын тойдырыпты да:

– Сиз демиңизди алып жатаберин. Ҳәдемей ғаррым да келеди, – депти.

Арадан көп ўақыт өтпей отаўға баяғы, жигит үстинен күлип кеткен ғарры кирип келипти. Олар бир-бирин дәрриў-ақ таныпты. Ғарры ҳаялы алдына қойған асты жеп отырып:

– Баяғыда сен менен ушырасқаннан кейин мен дарьяны жағалап көп жол жүрип, усы аўылға келип қалдым. Аўылдың адамлары мени қабыл етип, мына өзиң көрген жесир ҳаялға үйленип, усы жерде қалдым. Далада ойнап жүрген еки бала мениң перзентлерим. Мийнет етип, мал да таптым. Сен мени ушыратып, үстимнен күлгениңде мен қудайдан усы нәрселерди сорап отыр едим, – депти.

## УРЛЫҚШЫЛЫҚТЫҢ МАШАҚАТЫ
(Р-1292, №183767)

Бир жас жигит жан қыйнамай, көп дүнья табыўды мақсет етипти. Ол ойлап-ойлап, урлықшылық бул ушын ең қолай кәсип деген жуўмаққа келип, оны жақсылап үйренбекши болыпты. Тәжирийбели урылар оған узақ бир қаладағы атағы шыққан урының мәнзилин силтеп:

– Бул өнерди саған тек сол киси ғана үйрете алады, – депти.

Жигит не машақатлар менен жол басып, атақлы урының үйин таўып барып, оған хабарласып, мақсетин айтыпты. Сонда атақлы уры оны тыңлап болып, алдына ас қойып:

– Қане, шеп қолың менен аўқат жеп көр, - депти.

Ҳәўескер уры өмиринде шеп қолы менен аўқат жеп көрмегенлиги ушын бул истиң үддесинен шыға алмапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда устаз уры оған:

– Балам, сен таңлаған кәсиптиң бир жаман жери бар. Қанша уста уры болсаң да, қолға түсериң бар. Сонда, әлбетте, жаза сыпатында бир қолың шабылады. Соннан кейин күн көриў ушын шеп қолың менен ас ишиўиңе туўра келеди. Сол себепли ең алды менен шеп қолың менен аўқат жеўди үйрениўиң керек болады, – депти.

Сонда ҳәўескер уры бирден өзине келип, «Таўды-тасты талқан қылатуғын бундай қолдан айрылғаннан гөре, урлықшылықтан ўаз кешкеним абзал емес пе?» деген қарарға келипти.

## МИЙНЕТТЕН ӨНГЕН АЛТЫН

(P-1292, №183767)

Рәўийлердиң ҳәмийше ҳикая ететуғын бир раўиятына қарағанда, қанша жуўырса да, бир тапқаны бир тапқанына жетпей, бир етек баласын қалай бағарын билмей, басы қатып жүрген бир жарлы жигит болыпты. Ол ҳәр кимниң есигинде не буйырса, соны ислеп жүрип, журттан «Пәлен деген таўдан адамлар алтын таўыпты» деген гәпти еситипти. Ҳәмме машақаттан бир дегенде қутылыўды ойлаған жигит бала-шағасын ҳаялы менен он еки жасар үлкен баласына таслап, алтын шыққан таўды излеп жолға раўана болыпты.

Жигиттиң ҳаялы менен баласы шымшырқадай балаларға жеўге не берерин билмей, төлесиниң қасында басы қатып отырса, сол жерден өтип баратырған бир аўылласы ҳаялға:

– Қарындасым, балаң мениң үйиме бир ешек жыңғыл апарып берсин. Ҳақысын беремен, – деп үйин силтепти.

Ҳаял жылдам орнынан ушып турып, баласы екеўи төлегине жақын жердеги тоғайдан бир ешеклик жыңғыл жыйнапты. Жыңғылды қоңсысының ешегине артып, жаңағы кисиниң үйине барыпты. Үйдиң ийеси оған жыңғыл ушын бир қысым майда пул берипти.

Сол-сол екен, ҳаял менен бала ҳәр күни бир ешеклик жыңғыл қопарып, оны қалаға ямаса аўылды аралап жүрип сатып, тапқан пулына жегениинен аўыстырып жыйнап, бир ешек сатып алыпты. Бәҳәрде ҳаял баласы екеўи жыңғылдан босаған жерди аўдарып, жегениинен аўыстырып бийдай египти. Гүзде егинди сағынып атырған партаў жер мол зүрәәт берипти. Ҳаял менен баласы енди базарға сатыўға бийдай алып шығыпты.

Алтын излеп кеткен әке айтылған алтынды таба алмай, әўере-сарсаң болып, үш жыл дегенде излеген алтынынан гүдерин үзип, үйине де бос қайтыўға бети шыдамай, жумыс излеп базарға келипти. Жумыс излеп базарды аралап жүрге, бийдай сатып отырған ҳаялы менен баласына көзи түсипти.

Жигит ҳаялы ҳәм баласы менен жылап-сықласып көрисипти. Ҳаялы ерине бар аўҳалды айтып берипти. Сонда жигит:

– Мен излеген алтын үйимниң қасында-ақ екен ғой. Мен болсам оны узақлардан излеппен, – деп жылаған екен.

## МИЙРАС БӨЛИСТИРИЎ

(P-1292, №183767)

Қәдимги заманларда бир атақлы байдың үш баласы болған екен. Бай қартайып, өлими жақынласқанын сезип, үш баласын қасына шақырып алып:

– Балаларым, мен басымдағы дүнья-малды табыў ушын көп мийнет еттим. Соның ушын оның бийҳуўда сарп болыўын қәлемеймен. Дүньямның ең көп бөлегин ишиңиздеги ең жақсыңызға қалдыраман, – депти.

Балалары буған ыразы болыпты.

Күнлерден бир күни бай балаларының аннан қайтатуғын жолына алтын теңге толы ҳамиянды таслап қойыпты. Оны дәслеп аннан қиятырған байдың үлкен баласы көрипти. Бала дәрриў «Бул, шамасы, мениң әкемниң иси болса керек» деп қәўипсинип, ҳамиянды алмай өтип кетипти. Оның изинде қиятырған екинши бала ҳамиянды көрип, «Буны атам көрмеди ме дейсең, бир тап болмағанда, ол ҳамиянды алар еди» деп ойлап, бул да ҳамиянға қол тийгизбепти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәммениң изинде киятырған генже бала ҳамиянды көрип, оны аттан түсип алыпты. Жан-жағына қарап, ҳешким көринбегеннен кейин, қайтадан атына минип, қалаға қарай раўана болыпты.

Кишкене улдың алтын теңге толы ҳамиянды алып кеткенин көрген еки ағасы болған ўақыяны дәрҳал әкесине жеткерипти. Усы ўақытта киши ул да үйине жетип келипти. Сонда әкеси оннан:

– Қане, балам, сен не дейсең? – депти.

Сонда киши бала:

– Мен алтын теңгели ҳамиянды алып, оның ийесин жақын әтираптан таба алмай, из қуўып қалаға қарай кеттим. Қалаға барып, ҳәмме жерден оның ийесин изледим. Бирақ ҳеш ким «ҳамиян мениким» демеди. Ақыры оның ишиндеги теңгелерди жетим-жесирлерге бөлистирип берип киятырғаным еди, – депти.

Бул гәпти еситкен әке:

– Бәрекелла, балам, мийрасымның көби сеники, – депти.

Оның гәпин еситкен үлкен баласы:

– Ата, бул әдалаттан емес. Сол ҳамиянды мен де көрдим, бирақ биреўдиң ҳақы деп алмадым, – деп наразы болыпты.

Сонда әкеси оған:

– Сениң ҳамиянды алмағаның – биреўдиң ҳаққынан қорққаның емес, ал биреў буны көрип қалып, мийрастан қуры қалыўдан қорққаныңнан, – депти.

## ЕҢ ЖАМАН ҲӘМ ЕҢ ЖАҚСЫ МҮШЕ

(Р-1292, №183767)

Бурынғы заманларда бир бай жасаған екен. Сол байдың бир жүдә ақыллы хызметкери болған екен. Бай ўақты-ўақты сол хызметкериниң ақылын сынап көриўди жақсы көреди екен. Бир күни ол хызметкерин және сынап көриў ушын қасына шақырып:

– Бир қойды сойып, оның ең жақсы мүшесин мениң алдыма алып кел! – деп буйырыпты.

– Әжеп болады, – деп хызметкер шығып кетипти.

Хызметкер бир қойды сойып, оның тили ҳәм жүрегин табаққа салып, байдың алдына алып келипти.

Арадан бир неше күн өткеннен кейин, бай хызметкерин шақырып алып:

– Және бир қой сойып, енди маған оның ең жаман мүшесин алып кел! – деп буйырыпты.

Хызметкер шығып кетип, бир қойды сойып, және оның тилин ҳәм жүрегин байдың алдына алып барыпты.

Сонда бай оған:

– Неге қойдың ең жақсы мүшесин сорасам да, жаманын сорасам да тил менен жүректи алып келдиң? – деп сорапты.

Сонда оған хызметкер:

– Хожам, егер пәк болса, ҳеш нәрсе тил ҳәм жүректен жақсы емес. Егер наләк болса, ҳеш нәрсе олардан жаман болмайды, – деп жуўап берипти.

## ДОСТЫҢ ҮШ ТҮРИ

(Р-1292, №183767)

Бир данышпан устаздан шәкирти:

– Устаз, ҳақыйқый дос қандай болады? – деп сорапты.

Оған устазы:

– Балам, жолыңда достың үш түри ушырасады. Бириншиси – жан дос, ол ең ҳақыйқый дос еспланады. Себеби ол досты ушын жанын да аямайды. Екиншиси – тил дос болып, оның дослығы тек тил ушында болады. Басыңа ис түскенде оннан қуўат таба алмайсаң. Үшиншиси – бул дастурхан дос болып, ол тек сениң дәўлетли күнлериңде ғана қасыңда болады, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИЙДАЎА ДӘРТ

(Р-1292, №183767)

Ҳәким Улықпаннан бир күни шәкиртлери:

– Сиз өзиңиз көрген кеселликлерден қайсы бирине даўа таба алмадыңыз? – деп сорапты.

– Мен дерлик барлық кеселликлерге даўа таптым, тек еми табылмаған жалғыз кеселлик бар. Ол наданлық, – депти устаз.

## БАЙ ҲӘМ ДАНЫШПАН

(Р-1292, №183767)

Бир уллы данышпан мал-дүньясы моллығы менен даңқ таратқан бир бай менен сапарға шығыпты. Олар бираз жүргеннен кейин карўандағы адамлар жақын жерде қарақшылар бар екенин айтыпты.

Сонда қорқып кеткен бай:

- Я, Парўардигар, олар мени таныып қалса, мен не қыламан, – деп нала шекипти.

Оның гәпин еситкен уллы данышпан:

- Я, Парўардигар, олар мени танымай қалса, күним не кешеди, – деп Аллаға сыйыныпты.

## ӨТКИНШИ ДҮНЬЯ

(Р-1292, №183767)

Шәкиртлери бир уллы данышпаннан:

– Қандай ис болыўына қарамастан, неге жүзиңизден барҳама күлки арымайды, устаз, – деп сорапты.

Сонда дүньяның барлық жақсы-жаманын татып көрген устаз шәкиртлерине:

– Дүнья өткинши, онда жоғалтылған ҳеш нәрсе қайғырып уўайымлаўға арзымайды, – деп жуўап берипти.

## АРАСТУДЫҢ ИСКЕНДЕРГЕ ЎАСИЯТЫ

(Р-1292, №183767)

Искендер патша ҳәмме ўақыт атланысқа кетер алдында устазы Арастудан нәсият тыңлайды екен. Бир күни ол усындай сапар алдынан устазының алдына барып:

– Устаз, мен Шығысқа атланыс етпекшимен. Ол жерлерде түрли адамларға дус келемен, мен оларға қандай қатнаста болыўым керек? – деп сорапты.

Сонда данышпан устаз уллы саркардаға:

– Уллы шәкиртим, қай жерде болмасын, мудамы адамларда өзиңе қарата душпанлық сезимин оятпа. Биреў саған душпанлық етиўге умтылса, оның орнына өзиңди қойып көр. Досларыңның сөзлерине қулақ сал. Олардың иззет хүрметин орнына қой. Және бир ең баҳалы нәсиятым: әдиллик ететуғын жерде жаўызлық етпе! - депти.

## МУСИЙБЕТКЕ ҚАТНАС

(Р-1292, №183767)

Шәкиртлери Аплатуннан:

– Устаз, басына мусийбет түскен адам өзине қандай тәселле бериўи мүмкин? - деп сорапты.

Сонда устаз шәкиртлериниң бул сораўына:

- Ақыллы адам «Бул мусийбеттиң болыўы тәбийий еди» деп өзине тәселле берсе, ал ақмақ «Тек мен емес, басқалардың да басына усындай мусийбет түскей» деп өзин жубатады, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДОС ТАҢЛАЎ

[P-1292, №183767]

Бир күни шәкиртлери пир-устазынан:

– Устаз, қандай адамлар менен дос тутынған абзал? – деп сорапты.

Сонда устаз оларға:

– Мына үш тайпадағы адамлар менен дос тутынған мақул:

Биринши, илим менен шуғылланатуғынлар, олар өзлериниң өмириниң көпшилик бөлегин излениўге сарплағаны себепли, жаман иллетлер оларға жат.

Екинши, ақкөкирек адамлар, олар ҳәмме ўақыт досларының жақсысын асырып, жаманын жасырады ҳәм жақсылығы ушын дәмегөйлик етпейди.

Үшиншиси, бийғәрез адамлар, олар ҳеш қашан пайда көриў ушын дос тутынбайды, – деп жуўап берипти пири устаз.

## ҚОРЖЫНДАҒЫ БИЛИМ

(P-1292, №183767)

Раўиятларға қарағанда, өз заманының атақлы тәўиплериниң бири Ҳаким Улықпан илим орайы Бағдатқа келип, тиббий илимлер бойынша сабақ алыпты. Ол алған билимлери умыт болып кетпеслиги ушын, барлық еситкенлерин ҳәм оқығанларын қағазға түсирип барыпты.

Арадан жыллар өтип, оның бундай қағазлары бир қоржыннан асқанда болажақ тәўип ўатанына қайтатуғын болыпты. Ол Бағдатта алған билимлери жазылған қағазларын қоржынына жайластырып, бир керўанға қосылыпты.

Керўан мәнзилдиң ярымына барғанда қарақшылардың ҳүжимине дуўшар болыпты. Қарақшылар керўандағы адамлардың байлықларын бирим-бирим тартып ала баслапты. Гезек бала Ҳаким Улықпанға келгенде қарақшылар басшысы оннан:

- Қане, мына қоржынында не бар? – депти жигиттиң арқасындағы қоржынды көрсетип.

Сонда жигит:

– Бул қоржынға тиймеңлер! Олар мениң бес жыллық мийнетимниң жемиси. Олардың сизлерге ҳеш кереги жоқ! – деп жалыныпты.

Сонда қарақшылардың баслығы жигитке қарап:

– Ҳәй, надан, қоржынға сыйып, урлаў мүмкин болған нәрселер ҳеш қашан сендеги илим бола алмайды, – депти.

Арадан көп жыллар өтип, уллы Ҳаким Улықпан бул ўақыяны өз шәкиртлерине айтып берип, ҳикаясының соңында:

– Ырасын айтсам, мениң сол қарақшыдан еситкеним өмиримде еситкен ең ақыллы гәп еди, – деген екен.

## БИР ҚЫСЫМ ТОПЫРАҚ

[P-1292, №183767]

Баяғыда дүньяның жүзине патша болған Рүстем деген өтипти. Ол дүньяның жүзин алдым деп жүрсе, бир елдиң алынбай қалғанын еситипти. Ол дәрҳал сол елге атланыс жасап, оны басып алыпты. Рүстем енди сол елдиң патшасын өлтирейин деп сарайға келсе, патша қәшшан-ақ басының ғамын жеп, сарайын таслап қашып кеткен екен.

Рүстем әскерлери менен тез арада патшаның изинен жетип, оны өлтирип болып, оның сарайына қайтып келипти. Сарайға келип қараса, ҳәмме жер сып сыйдам болған қусайды. Сонда ол қәҳәрге минип, әскерлерине сарайдағы бар байлықты ким алғанын билиўди буйырыпты. Көп узамай сарайдағы бар байлықты оның жақын ақылгөйлериниң бири алғанлығы мәлим болыпты.

Ашыўын жүўенлей алмаған Рүстем:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Мениң арқамда сонша байлыққа ийе болса да, көзи тоймаған бул ақылгөйдиң дәрҳал еки көзин ойып алыңлар! – деп буйрық берипти.

Патшаның лашкерлериниң қолына түсип, енди өлими анық болған ақылгөй сонда лашкерлерге:

– Мени өлтирип, көзимди ойып алғаныңыздан кейин оны алақаныңызға салып Рүстемге апарың! Ол мениң көзимди тәрезиге салып өлшеп көрсин! – дептн.

Садық лашкерлер дәрҳал оның тилегин бәржай етипти. Рүстем ақылгөйдиң тилегине муўапық көзди дәрҳал өлшетиўге кирисипти. Олар көзди тәрезиге салып, екинши тәрепине тас қойыпты. Бирақ көз тәрези тасынан аўыр келипти. Ҳәмме ҳайран болыпты. Рүстем және тас келтириўди буйырыпты. Бул таслар да көзге тең келе алмапты. Сонда патшаның буйрығы менен сарайдағы барлық байлықлар тәрезиниң екинши тәрепине салыныпты. Булар да көзди баса алмапты. Қорқып кеткен патша екинши ақылгөйин шақыртып, бул истиң мәнисин сорапты.

Сонда ойланып қалған ақылгөй лашкерлерге:

– Тәрезидеги барлық нәрселерди алыңлар! – деп буйырыпты.

Хызметкерлер дәрҳал тәрезиниң екинши тәрепин босатыпты. Енди ақылгөй Рүстемге қарап:

– Тақсыр, тәрези тасына бир қысым топырақ салсаңыз! – депти.

Рүстем ҳайран болып, жерден бир қысым топырақ алып оны тәрезиге салыпты. Сонда бир қысым топырақтың салмағы тәрезини басып кетипти.

Сонда ақылгөй Рүстемге:

– Тақсыр, адамның көзи тек бир қысым топыраққа ғана толады, – деп жуўап берипти.

## ЖАЙЫН

(Р-1292, №183767)

Бурынғы өткен заманда Әмиўдиң Аралға қуяр жеринде мүйтенлердиң аўылы отырады екен. Бул аўылдың халқы балықшылық пенен шуғылланады екен. Сол аўылда бир жарлы балықшы еки баласы менен жасайды екен. Ғарры жүдә атақлы балықшы болып, тек ири балықларды ғана аўлайды екен. Арадан жыллар өтип, балықшы қартайып, енди ол балық аўлаўға теңизге шыға алмайтуғын дәрежеге жетипти. Буны билген ғарры балаларын қасына шақырып алып:

– Мен енди қартайдым, бурынғыдай балық аўлай алмайман. Шаңарақты енди сизлер бағасыз. Мениң қурал-сайманларымды алып теңизге шығыңлар, – депти.

Ғаррының балалары оның айтқаны менен теңизге шығыпты. Бирақ олар арадан бир неше ай өтсе де, тек майда-шүйде балықларды ғана аўлай алыпты. Бурын небир үлкен-үлкен балықларды аўлап үйренип қалған ғаррының буған көўли толмапты. Ол және балаларын қасына шақырып алып:

– Қәне, жыйналыңлар! Теңизге шығамыз. Өзлериңиз бенен еки кеме алыңлар. Кемелердиң биреўине қурал-сайманларды, екиншисине баўланған қамыс тийеңлер! Мен сизлерге балық аўлаўды үйретемен, – депти.

Солай етип, ғарры еки қайықты бир-бирине тиркеп, қасына еки баласын алып ашық теңизге шығыпты. Олар теңизде еки күн жүрипти. Екинши күни ғарры:

– Балаларым, алдымызда көринип турған не? – деп сорапты.

– Ата, көз ушымызда ақ таў көринди, – депти балалары.

– Олай болса, қайықты сол ақ таўға қарай айдаңлар, – депти.

Олар ақ таўға жеткеннен кейин ғарры:

– Қәне, енди алдымызда және не көринди? – депти.

– Алдымызда ақ таўдың үстинде еки терек көринди, – депти балалары.

– Жүдә жақсы, енди сол ақ тереклерге қарай жүремиз, – депти енди ғарры.

Олар бираз жүзип, ақ таўға жақынласса, таў дегени Аралдағы қурдымнан шығып атырған ақ көбик екен.

Сонда ғарры балаларына:

– Ал, балаларым, енди қатты абайлы болыңлар! Қурдымға қараң! Не көрип турғаныңызды маған айтың, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Балалары ғаррыға қурдымның аўзында еки жайынның жатырғанын ҳәм булардың еки терек деп жүргени жайынның еки мурты екенин айтыпты.

– Олай болса, – депти ғарры, – еки жайынның суўдың үстине қарай жатырғанын шанышың, – депти.

Еки жигит қолындағы өткир шанышқыны пәт пенен жайынға шанышқанда, жайын жан айбатта буларға қарай умтылыпты. Еки жигит зәрреси қалмай қорқып кетипти. Сонда ғарры оларға:

– Албыраман! Енди қайықтағы қамысты жайынның аўзына қарай бирим-леп ылақтырың, – депти.

Жаны көзине көринген жигитлер ғаррының айтқанындай етип, қамысты жайынның аўзына ылақтыра берипти.

Иши қамысқа толған жайын жүзе алмай, суўдың бетинде қалқып қалыпты. Жигитлер оның уртын тесип, арқанды өткерип, аўылына қарай сүйреп кете берипти. Усылай етип, олар аўылына аман-саў жетип барыпты.

Аўыл халқы ғарры менен оның балаларының әкелген жайынының үлкенлигин көрип, жағаларын услап таң қалысыпты. Олар бәри жәм болып, жайынды зорға бөлеклеп алыпты. Жайынның үлкенлиги соншелли, бир аўыл адам оны дузлап, қақлап, бир неше ай азық етипти. Ал ҳаяллар оның омыртқасының ойығына арқайын бир тандырлық қамыр ийлеп алады екен.

Ғарры балықшы көзден қалып, арманлы болған ўағында усылай етип жайын аўлап, шерин тарқатып, қумардан шыққан екен. Соннан кейин оның еки баласы да ҳеш нәрседен қорқпайтуғын, тап атасындай балықшы болып жетилипти.

## ҲӘЗИРЕТИ ӘЛИЙДИҢ ПУШАЙМАНЫ

(Р-1292, №183767)

Күнлердиң бир күнинде атын минип қыял сүрип киятырған Ҳәзирети Әлийге «Егерде жердиң услайтуғын тутқасы болғанда мен оны басыма көтерип жүрер едим» деген менменлик қыял келипти. Сөйтип киятырса, жолда бир ғаррының отырғанын көрипти. Сонда ол жаңағы ғаррыға:

– Ҳәй ғарры, не қылып отырсаң?–деп сорапты.

– Әй, балам, мына жүкти арқама сала алмай отырғаным. Усыны арқама салысып жиберсең, жақсы болар еди, – депти.

Сонда Ҳәзирети Әлий аттың үстинде турып, жүкти қамшысы менен көтермекши болған екен, қамшысы шорта сыныпты. Ол дәрриў аттан түсип, қос қоллап жүкти көтерген екен, аяғы дизесине дейин жерге кирип кетипти.

Сонда буның исине қарап турған ғарры:

– Ҳәлеклембей-ақ қой, балам, бул жүкти көтергенлер көтерсин. «Я, бисмилла» деп жүкти арқасына қағып салып кете берипти. Сөйтсе, ғаррының көтерип жүргени жердиң тарттен бир бөлеги екен.

Ғарры көзден ғайып болғаннан кейин Ҳәзирети Әлийдиң қулағына «Сен менменлик еттиң, Әлий. Бул ғарры Қыдыр ата пир еди» деген саза келипти. Сонда Ҳәзирети Әлий өзиниң еткен менменлиги ушын қатты пушайман жеген екен.

## ҲӘЗИРЕТИ ӘЛИЙДИҢ АШЫЎЫ

(Р-1292, №183767)

Ҳәзирети Әлийдиң минип жүрген Дүлдүл лақаплы аты Қаратаўға келип отлайды екен. Ол ўақытта Қаратаў басқаша аталып, ол жер от-шөпке бай, мал жайылымға қолайлы жай екен.

Ҳәзирети Әлий бир жаққа атланар болса, аты бир шақырғанда жетип келеди екен. Бир күни ол атын бир шақырады, аты келмепти, еки шақырады, келмепти. Әлий бар даўысы менен үшинши мәртебе шақырғанда ғана аты жетип келипти. Сонда қатты ашығып турған ол:

– Сен отлаған жерде мал отлайтуғын шөп болмай, қара тасқа айланғыр, – деп жерди қарғапты.

Соннан баслап сол жерде шөп көгермей, қара тасламққа – ҳәзирги Қаратаўға айланып кетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУДАНЫҢ ШЕРИ
(Р-1292, №183767)

Рәўиятларға қарағанда Ҳәзирети Әлийди адамлар артықмаш күшлилиги ҳәм қүдирети ушын «Қуданың шери» деп атайды екен. Ол шапса қылыш, атса, оқ өтпейтуғын болған. Оның денеси тек намаз оқығанда ғана босасып, балқыйды екен. Буны билген душпанлары оны намаз оқып отырған жеринде қылыш урып өлтирген екен деседи.

## ҲӘЗИРЕТИ ӘЛИЙДИҢ ЖАҚСЫЛЫҒЫ
(Р-1292, №183767)

Ҳәзирети Әлий пүкил инсаниияттың ғамхоршысы ҳәм жанашыры болған екен. Бир жарлы адам бир байдан қарыз ала берип, қарызы көбейип кетип мың тилладан асып кетипти. Бай келип жарлыдан қарызын сораса, бийшара жарлы ҳәзирше төлей алмайтуғынын айтыпты. Сол ўақытта жарлының жаңа бой жетип отырған қызы бар екен. Бай жарлыдан қарыздың есесине сол қызын бериўди талап етипти.

Жарлы байдан үш күнге мәўлет сорап, өзи ойласыўға Әлийдиң алдына келипти. Әлий бул ўақытта он төрт жаста екен. Ғаррының дәртин еситип, Әлий Аллаталаға:

– Әй жаратқан ийем, маған ақ патиянды берсең, мен мына бийшараның қызын қутқарар едим, – деп жалыныпты.

Оның дадын еситкен Аллатаала оған патиясын берипти. Әлий ғаррыны ертип жолға түсипти. Жолда кетип баратырып, ғарры Әлийден:

– Балам, малың бар ма? Ямаса көмнўли пулың бар ма? – деп сорапты.

Сонда Әлий:

– Ата, мениң ҳеш нәрсем жоқ, – депти.

– Малың ямаса пулың болмаса, балам, мениң қарызымды қалай төлейсең? – депти ғарры.

– Ата, арқама мин. Жолда ҳаргиз көзиңди ашыўшы болма! – деп, ғаррыны арқасына миндирип, басқа елатқа апарып жерге түсирипти де, оған:

– Ата, бул елдиң қул базары бар. Сен мени усы қул базарға салып, мың тиллаға сат. Кейинги жағын өзим келистиремен, – депти.

Олар екеўи қул базарына келип, ғарры қуллардың баҳасын сораса, мың тиллалық қул жоқ екен. Буны көрип Әлий ғаррыға:

– Бул бир өзи мың қулдың жумысын ислейди деп айт, – деп тапсырыпты.

Қул базарына келген бир бай Әлийди мың тиллаға сатып алыпты. Ғарры үйине қайтып, қарызынан қутылыпты. Әлий байдың хызметин орынлаўға кирисипти.

Бир күни байдың елинде үлкен той болып, бай тойдағы гүресте Әлийди бир дәў палўан менен гүреске салыпты. Дәў палўан Әлийди мисе тутпай, оны көтерип ылақтырмақшы болыпты. Бирақ ол Әлийди орнынан қозғалта алмапты. Буннан кейин ол Әлийди қылыш пенен шаппақшы болыпты. Сол ўақытта Аллатааланың қүдирети менен оның қасында Дүлдүл аты менен зулфиқар қылышы пайда болыпты. Әлий қылышы менен дәў палўанды екиге бөлип таслапты. Буннан қорққан капир ел мусылман динине кирипти.

## СУЛАЙМАННЫҢ ЖАРҒАНАТҚА ЖАҚСЫЛЫҒЫ
(Р-1292, №183767)

Даўыт атаның қырық улы қуданың ҳәмири менен дүньядан өтип, ол соған қапаланып жатып, уйқылап кетипти. Сол уйқысында ол бир түс көрипти. Түсинде Аллатаала аян берип:

– Әй, Даўыт, саған қырық улыңның орнына қырық ул берейин бе? Ямаса солардың қырқына татыйтуғын бир ул берейин бе? – депти.

Сонда Даўыт оған:

– Мен қартайған шағымда қырық улды көлеге келтире алмаспан. Маған бир ул берсең болар, – депти. Оянса түси екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы ўақыядан кейин күнлердиң биринде Даўыттың ҳаялы жүкли болып, оннан бир ул туўылыпты. Даўыт улының атын Сүлайман қойыпты. Сүлайман жаслайынан-ақ қудайдың қүдирети менен кароматлы бала болып өсипти. Ол жер жүзиндеги барлық жанзаттың тилин биледи екен. Оның «Ангуштар» деген жүзиги болып, усы жүзиктиң қүдирети менен ол Сүлайман патша деген атаққа ийе болыпты.

Бир күнлери Сүлайман патша өзине қустың парынан төсек ислетпекши болып, ҳәр қустан бир парден жыйнатыпты. Усы жыйында жарғанат барлық парын берип, өзи жалаңаш қалыпты. Басқа қуслар оның тыржалаңаш болып қалғанын көрип, үстинен күлип, қоймапты. Бул жарғанаттың жанына тийип, ол қуслардың үстинен Сүлайман патшаға арыз етипти.

Сонда Сүлайман оған:

– Мен қалған барлық қусларға күндизди, ал сениң бир өзиңе түнди беремен, – депти.

Соннан берли жарғанат басқа қусларға қосылмай, бир өзи түнниң хожейинине айланыпты.

## НАШАРДЫҢ БАХТЫ

(Р-1292, №183767)

Рәўиятларға қарағанда, әйемде еки урыў бир-бири менен қоңсы болып, алыс-берис етип отырған дәўирлерде бир қәўимниң урыў басшысының төрт ул ишинде жалғыз, сулыўлықта теңи жоқ, еркe қызы болған екен. Оғузлардың даңқлы әўладларының ардақлы ҳаялларының биринен туўылған бул қызды урыў баслығы өлген ҳаялы ҳүрмети ушын жүдә қәдирлейди екен.

Қыз он сегиз жасқа келгенде Қыпшақ журтының ҳүкимдары қыздың әкесин шаңарағы менен уллы тойға мират етипти. Ол ҳаялы, уллары ҳәм қызын қасына ертип, хызметкерлерин алып үлкен дабдебе менен тойға келипти.

Тойға келген барлық ақсүйеклер менен батырлар қызды бир көриўге қуштар болып, оның жолын аңлыпты.

Күн кеш болғанда өз адына отаў алып, қурбы-қурдаслары менен ўақты-хошлық етип отырған қызлардың отаўына бир жигит рухсат сорап кирипти. Ол қызларға саз шертип бериўди усыныс етипти.

Отаўда отырған қызлар жигитке көзлери түсип, ҳәммеси бирден тым-тырыс болып қалыпты. Олардың ҳеш қайсысы бурын бундай келбетли, сулыў жигитти ҳеш жерде ушыратпаған екен. Урыў баслығының қызы да ол билетуғын ақсүйеклер, ел батырлары арасында сулыўлықта бул жигитке тең келетуғын жигиттиң жоқ екенлигин бир-ақ билипти. Жигит те қызлардың арасынан әйне оны таңлап, көзиниң астынан оған қарап отырып саз шертипти. Қыз жигитке қатты ашық болып қалыпты.

Арадан көп ўақыт өтпей, қыздың гөззаллығының даңқын еситкен барлық урыў басшыларынан, ақсүйек батырлардан оғуз қәўими бийиниң үйине қызды сорап жаўшылар келе баслапты. Қыздың әкеси өлим төсегинде жатқан ҳаялының «Қызымды жылатпа, илажы болса, оны өз қәлеўи менен узат» деген ўәсиятына бола, қыздың кимди өзине раўа көретуғынын билиў ушын қасына шақыртыпты.

– Әкежан, мен өзимди айттырғанлар ишинен ҳеш кимди қәлемеймен! Бир қыпшақлы сазенде жигит мениң жүрегимнен орын алды, мен тек соның менен бахытлы боламан, – депти.

Сонда әкеси:

– Ўах, перзентим, не қылып қойдың! Анаңа берген ўәдем болмағанда, мен ҳеш қашан буған жол қоймаған болар едим. Еле де кеш емес, ойланып көр, жигербентим. Ата теги әллеким болған адам сениң қәдириңе жетпейди, – депти.

Лекин ашық қыздың көзине ҳеш нәрсе көринбепти.

Көп узамай пүткил елди таңландырып, қыздың әкесиниң тик қәддин бүккен, жигит жиберген жаўшылар қызды келинликке сорап урыў баслығының есигине келипти. Қыздың әкеси жупыны ғана кийинген жаўшылардың алдында айыбы бар адамдай төмен қарап отырып, зорға қызым бериўге ырзашылық билдирипти.

Белгиленген той күни қыз өзине тийисли бир неше арба мал-мүлк пенен жигиттиң аўылына узатылыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигиттиң аўылында оның жағдайына жараса той өткерилипти. Еки ашық өзлеринше өмир кешире баслапты.

Арадан бир неше айлар өткеннен кейин жигит «табыс таўып келемен» деп, тез-тез ел аралап кететуғын болыпты. Сонда қыз жигитти мүтәжлик бәлесинен қутқарып, оған халық алдында абырай алып бериў ҳаққында ойлай баслапты. Ол бир шешимге келип, өзиниң әкесиниң үйинен әкелген кийим-кеншек, зеби-зийнетлериниң бәрин сатып, орнына мал алып падаға қосыпты.

Күйеўи гәзенделик етип ел гезип кеткенде ол жаздың ыссысы, қыстың суўығы демей, өзи еркектиң кийимин кийип, жаллаған шопанына мал бағысыпты.

Бир-еки жылдан кейин пададағы жақсы төллеринен сатып, бираз дүнья жыйнапты. Арадан және азырақ ўақыт өтип, қыз өз сүйгенине арғы ат сайлап миндирип, қамқа тон инам етип, белине қамарыдан белбеў байлатыпты.

Жигитти бул дүнья қаяқтан келип атырғаны ҳасла қызықтырмапты. Ол енди кимсең, абырайлы урыўбасының күйеў баласы болып, той-мерекелерде төрде мардыйып отыратуғын болыпты.

Арадан және жыллар өтипти. Бирақ негедур Тәңри оларға перзент инам ете қоймапты.

Бир күни ҳаял суўықта қатты аязлап аўырып, төсек тартып жатып қалыпты. Оны емлеў ушын узақтан атақлы тәўип шақыртылыпты. Тәўип қызды көрип отырып аўыр гүрсинипти. Буны сезген ҳаял тәўиптен оның нете бунша аўыр гүрсингениниң себебин сорапты:

– Қызым, нашар адамға аўырлық ететуғын мийнетти етип, өзиңе үлкен мийнет арттырып алыпсаң, жақын арада аяққа турып, перзент көриўиң шамалы. Кеселиң асқынлап кетипти, – депти тәўип.

Тәўиптиң жуўабын еситкен ҳаял қатты қапа болыпты. Бул жағдайдан хабар тапқан күйеўи ҳаялының алдына келип: «Қапа болма, тәўир болып кетерсең» деген тәселледен басқа ҳеш нәрсе айтпапты.

Айлар изинен айлар өтсе де, ҳаял аяққа тура алмапты. Ол «Ким мениң ҳалымнан хабар алар екен» деп, есикке қарап жатып күнди өткеретуғын ҳалға келипти. Күйеўи анда-санда ғана хабар алса да, «енди хожалық ташўишлериниң бәри соның мойнына қалды» деп көўли ҳеш жаманлыққа бармапты. Ҳәрбир күнинен «бүгин тәўир болып кетермен» деп үмит етипти. Тек есигиндеги хызметкер ҳаял ғана оның күнине жарапты.

Ҳаял бир күни ерте таңда уйқысы қашып ояў жатырса, сырттағы ошақ басынан әллекимниң әсте сыңсып жылаған даўысын еситипти. Тыңлап қараса, хызметкер ҳаялының даўысы. Ҳаял жатқан жеринде хызметкериниң атын айтып, оны қасына шақырыпты. Хызметкер ҳаял көзиндеги жасын сыпырып, үндемей қара үйге кирип келипти.

– Қане, айт! Не ушын азан менен жылап отырсаң, ким сениң көўлиңе тийди? – депти.

– Кешириң бийкем, ҳешким көўлиме тийген жоқ, – деп жуўаптан қашқалақлапты хызметкер ҳаял.

– Мен саған қолымнан келгенинше жақсылық етип, өзимниң ең жақын адамым сыпатында қарадым. Басыңа бир ис түскен болса айт, жәрдем берейин – депти.

Өзи тура алмай, төсек тартып жатырса да, басқалардың ғамына шерик болған бийкесиниң бул гәпине ҳаялдың көўли бузылып, және жылап жиберипти.

– Бийкем бул гәпти айтып, сизиң көўлиңизге азар бермеўим керек еди. Мен сизиң қәдириңизге жылап атырман. Сиздей инсанды Тәңриниң бир пәс бендеге мүнәсип көргенине қәне алмай атырман. Сиз басыңызға теңеген күйеўиңиз жақында үстиңизге өзине усаған бир жаланаяқты ҳаял етип алмақшы. Гейдеңизде жаныңыз бар болғанлығы себепли, бул хабар сизге аспаннан түскендей болмасын деп айтып атырғаным, – депти зар жылап.

Ҳаял кешқурын күйеўин келгенше ләм-лим деп ҳеш кимге аўыз ашпапты. Кешқурын күйеўин алдына шақыртыпты.

– Шабазым, – депти ол аўыр гүрсинип, – мениң менен ойласпай бир ис қылмақшы екенсиз. Шыдамың да пейлиңе жараса екенин жүда кеш аңладым. Мен сен ушын ҳәмме нәрседен ўаз кештим, ал сен меннен еки-үш жыллық сабырыңды аядың. Сениң ең соңғы тилегим – мени әкемниң үйине қуўыстыр, жуўабын өзим беремен, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Онысыз да перзентли болыўдан гүдерин үзип, кесел ҳаялдан қалай қутыларын билмей жүрген жигит ушын бул гәп жүдә мақул түсипти. Ертеңине-ақ ол бир атты арбаға жектирип, үстине ҳаялды жатқарып, қасына хызметкерин қосып оны теркинине жиберипти. Арба аўылға жақынлағанда ҳаял оны тоқтатып, хызметкерине:

– Маған әкемниң дийдарын кериў несип етпейтуғын усайды. Үйге денемди алып барғаннан кейин әкеме қызың өлер алдында «Жалғыз қызының денесин, өз әўладына мүнасип болмаса да, ата-бабалары қасына жерлесин» деп айтты дегейсең, – деп жан таслим етипти.

## БИРЛИК

(Р-1292, №183767)

Раўиятларға қарағанда, қәўимлер өзлерине жайлы қоныс таба алмай, Әмиў менен Сырды айланшықлап макан излейтуғын бәяғы заманларда бир қәўим булардан ертерек жай таўып қоныс басқан еки қәўимниң үстине қосып көшип келипти.

Олар өзлериниң малға жайлы, отлы-шөпли маканды тапқанына қуўанып, қарынлары тойып, маллары көбейип, бул ушын тәңирге шүкирлик етип, бир неше жыл өмир сүрипти.

Күнлерден бир күни усы қәўимниң сардарының жолы қоңсы қәўимлердиң маканына түсипти. Ол қоңсыларының жерин аралап қыдырып, олардың булардан да жақсы жасап атырғанын, ал жерлериниң булардың жеринен де қунарлы екенин көрипти де, кеўлинде қызғаныш пайда болыпты. Сардар үйине қайтып келип, өзиниң бас масләҳәтшисин қасына шақырып алып:

– Мен бүгин бизге қоңсы қәўимлердиң ийелеген жериниң бизлердиң жеримизден анағурлым жақсы екенин көрдим. Сиз бар ақылыңызды иске салып, усы жерлерге қалай ийелик етиўди, оны олардан қалай тартып алыўдың жолын табың, – депти.

– Буның жолы жүдә аңсат, – депти ақылгөй.

– Қалайынша? – депти саркарда.

– Сиз олардың жерин ҳеш күш жумсамай-ақ ийелеп алыўыңызға болады. Буның ушын ең алды менен үлкен зыяпат бериң. Сол зыяпатқа еки урыўбасыларын қасындағы адамлары менен шақырасыз. Зыяпат соңында «Бизде сондай дәстүр бар» деп, урыўбасылардың тек биреўине ғана сыйлы тон кийдиресиз, – депти.

Ақылгөйиниң нени нәзерде тутқанын дәрриў түсинген саркарда тезде иске кирисипти. Ол үлкен зыяпат берип, оған қоңсы урыўбасыларды да жәрдемшилери менен бирге шақыртып хабар жиберипти. Белгиленген күни олар бир топар болып зыяпатқа жетип келипти. Зыяпат соңында саркарда барлық мийманларды алдына шарлап:

– Ал, мийманлар, мен бизиң қәўимниң әзелден киятырған дәстүрине бола, ең абыройлы мийманымызға сыйлы тон жабаман, – деп, мийман урыўбасылардың биреўиниң атын айтып, оның ийнине салтанат пенен тон кийдирипти.

Сол ўақытта тоннан бос қалған урыўбасының адамлары арасында «Ҳаў, бул қалай болды? Бизлердиң абыроймыздың булардан кем болғаны ма?» деген ғаўырлы пайда болыпты.

Бир ўақытта үстине тон жабылған урыў басы саркарданың алдына келип:

– Саркарда, мен сениң мақсетиңди түсиндим. Бизлер де сизлер усап жаўгершиликтен азап шегип усы жерге қосып келгенимизде мына қоңсыларымыз қасынан макан берип еди. Тийкарында, сыйлы тонның ийеси басқаларға жақсылық еткен қәўим ҳәм оның басшысы еди. Сизлерди де усы жерге сыйыстырған солар, – деп, үстиндеги тонды шешип, оны екинши қәўимниң басшысының ийнине жаўыпты.

## ПАЗЫЙЛЕТ

(Р-1292, №183767)

Раўийлердиң рәўият етиўине қарағанда, ертеде бир данышпан өзиниң азамат болған баласын үйлендирипти ҳәм оған енши бөлип берип, бағқа шығарыпты. Жеке шаңарақлы болған ул өзине жайлы қоныс қарап, аң-қусы мол жерди таңлапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнлерден бир күни данышпан улы менен келининиң ҳал-жағдайын билиў ушын жолға шығады. Баласы жасайтуғын жерге жетип келип, баласының есигиниң алдына келип, аттан түседи. Бирақ, негедур, ҳешким үйден шығып күтип алмапты.

Үйге бир адым жер қалғанда ғана ийтлердиң үргенин еситкен келини есиктен басын шығарып қарап, қайтадан көринбей кетеди де, бираз ўақыттан кейин сыртқа шығып, қайын атасына сәлем береди. Келини сәлем бергеннен кейин ғана данышпан босағадан атлайды ҳәм төрге өтип жайласып отырғаннан соң дуўаға қол жаяды. Ол аманлық-есенлик сораспақ барысында баласының аңда жүргенлигинен хабардар болады.

Жан-жақты сер салып қарап отырып, келининен олардың турмыс-тиришилигин, оңысығын сорапты.

Келини атасына жағдайларының төмен екенлигин, жийи тарығатуғынлығын, ериниң табысы берекетсиз болып, бир тапқаны бир тапқанына жетпейтуғынлығын, әне күлип-ойнайтуғын жаслық ўақытларының қызықсыз өтип атырғанлығын айтып налынады.

Жай-жағдайға түсинген ата сонда орнынан турады да, келинине асығыс жумыслары барлығын, улының келиўин күтпей-ақ жолға түсетуғынын айтады.

Атасының отырмайтуғынына көзи жеткен келини:

– Балаңызға не деп қояйын? – деп сорайды.

Сонда атасы:

– Балам табалдырығын өзгертсин, – дейди.

Ҳеш нәрсени түсинбеген келини,

– Айтайын, айтайын, – деп қала берипти.

Бир күнлери данышпанның баласы оның алдына келип:

– Ата, келип кеткениңизди еситтим ҳәм ескертиўиңизге әмел қылдым, – депти.

Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин ата ҳалынан хабар алыў ушын баласының үйине тағы келипти. Ол баласының үйине жақынлағанда тандыр басында нан жаўып турған жас келиншек бийтаныс жолаўшының туўры усы шаңараққа киятырғанлығын көрип, жуўырып барып оған сәлем береди ҳәм жаңа жабылған патирден усынады. Ата ат үстинде турып патир шетинен бир тислем алады да, аўыз тийеди ҳәм пәтия ислегеннен соң үй ийесиниң жан-жосағын сорайды.

Келиншек күйеўиниң аңға кеткенлигин, қас қараймай қайтатуғынлығын айтады ҳәм атаны үйине кирип, шай-суў ишип кетиўге мирәт етеди. Ол аттан түсиўге ыңғайласқан мийманға жәрдем етип, оны аттан түсирип алады.

Баласының үйине кирген ата үйге өзгеше бир лайыздың киргенин сезеди. Келиншек жуўырып жүрип, ғаррының алдына дастурхан жайып, керек нәрсениң бәрин қояды да, аўқаттың ғамына киriседи.

Ғаррыы шай ишип отырып, келиншекке өзиниң ким екенин айтады. Ғаррының өзиниң қайын атасы екенин билген келиншек оған және ийилип сәлем береди. Ғаррыы енди келиншектен ҳал-аўҳал сорайды.

Атасы не сораса да, келини ҳәмме нәрсеге шүкиршилик билдирип, күнкөрислериниң жаман емеслигин, күйеўиниң тынып-тынышмайтуғынлығын, турмысына кеўили тоқлығын, журт қатарлы түтин түтетип отырғанлығын айтады ҳәм хожейининиң қолы ашықлығын, жетим-жесирге, ғарип-қәсерге қайырқом екенлигин де еслетип өтеди.

Келининиң сөзлерине ырза болған ата оған алғыс айтып, өзиниң еле узақ жол жүретуғынлығын, баратуғын жерлери барлығын айтып, орнынан турады.

Атасының иркилмейтуғынын анық билген келини жолға жетерли жолазық таярлап, оны орамалға түйип алып шығады. Ғаррыы пәтия берип, атланажақ болғанда келини:

– Ата, улыңыз келсе, не дейин? – депти.

Сонда ғаррыы:

– Қарағым, балама, әкең «табалдырығына беккем болсын» деп айтты дерсең, – депти де, атын бурып жолға түсипти.

Ата нәсиятына садық болып қалған перзент өзиниң бул ирет жубай таңлаўда қәтелеспегенлигин аңлап, жуппы-ҳалалы менен татыў-тәтли, бахытлы-саадатлы дәўран кеширипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕКИ ҚУСЫРДЫҢ ЕМИ
(Р-1292, №183767)

Бир күни бир адам келип данышпаннан:

– Устаз, ҳәр бир бенденин бир кусыры болғанындай, мениң де еки кусырым бар, олардан қалай қутылсам болады? – депти.

– Булар қандай қусырлар екен? – деп сорапты устаз.

– Басыма қыйыншылық түскенде бул дүньядан түңилип кетемен. Гейде азғантай жетискенликке ериссем де, басар-тусарымды билмей, асқынлап кетемен, – депти.

Сонда устаз оған:

– Балам, бунын еми жүда аңсат. Үйиңде жақында дүньяға келген гөдек, жасарын жасаған кексе адам бар ма? – деп сорапты.

– Аўа, устаз, сол айтқан еки адамыңыз да үйимде бар, – деп жуўап берипти.

– Ондай болса, дүньядан түңилгениңде сол жас гөдекке қара. Ол саған бул дүньяда еле жасаўың керек екенлигин ядыңа салады. Кеўлиңе менменлик келип, асқынлағанда кексе атаңа қара. Сонда сен бул өмирдиң өткиншилигин, асқынлап ҳеш жерге бара алмайтуғынлығыңды түсинесең, – депти.

## ИНСАН ПАЗЫЙЛЕТИ МЕНЕН ИЛЛЕТИНИҢ ӨЛШЕМИ
(Р-1292, №183767)

Бир күни ийгиликли ислери әлемге белгили уламаның шакиртлериниң бири оның алдына келип:

– Устаз, инсанның пазыйлетлери менен иллетлериниң өлшемин не менен салыстырыўға болады? – деп сорапты.

Сонда устаз шакиртине:

– Инсан соншелли дәрежеде уллы, оның пазыйлетлерин өлшеў – дүньядағы ең бийик таўға еңбеклеп шығыў азабы менен тең. Соның менен бирге, инсанның иллетлерин өлшеў усы таўдан төмен қарап еңбеклеп түсиў азабы менен барабар, – деп жуўап берипти.

## ТИРИЛИКТИҢ ҚӘДИРИ
(Р-1292, №183767)

Раўийлердиң баян етиўине қарағанда, бурынғы заманларда бир жүда дәўлетли патша өткен екен. Ол узақ жыллар өз елин әдил басқарып, халқы оның дәўиринде кемлик не екенин билмей жасаған екен. Арадан жыллар өтип, патша қартайып, тахтын баласына тапсырып, аманатын аллаға тапсырыпты.

Әкесиниң тахтына ийелик еткен жас патша халықты басқарыўда бираз қыйналыпты. Бурын марҳум патшаның айбатынан қорқып, әзелде ис қыла алмаған сарай әмелдарлары енди жас патшаның тәжрийбесизлигинен пайдаланып, ҳәр қайсысы оған өз ҳүкимин өткериўге умтылыпты. Ақыбетинде мәмлекетте тәртипсизлик ҳүким сүре баслапты.

Елдеги бундай жағдай булардың әзелги душпаны – қоңсы патшаға жүда қол келип, ол бар әскери менен жас патшаның журтына бастырып кирипти. Мийрим шапаат не екенин билмейтуғын душпан гүлленген қалаларды сахраға, елдиң көкирегинде жаны бар адамларын қул етип айдап, қарсыласқанларының барин қылыштан өткерипти. Жас патшаның әскербасы менен ақылгөйлери өз ҳүкимдарына ҳеш жәрдем бере алмапты. Көпшилиги басының қамын ойлап душпан тәрепке өтип кетипти.

Қыян кести саўашлардың биринде жас патша да душпан қолына бенде болып түсипти. Душпан әскерлери оның патша екенин билип, өз патшасының алдына айдап әкелипти. Жеңисине масирген патша:

– Мен сениң жаныңды алмайман, бирақ сени өлгеннен бетер етемен. Усылай етсем, мени ҳеш

www.ziyouz.com kutubxonasi

қашан мисе тутпаған әкеңниң руўхы мың азапланады, – деп, жас патшаға қуллық таңбасын бастырып, оны басқа қуллар қатары арна қазыўға айдатып жибереди.

Өлмесе де өлгеннен бетер болған жас патша еки жасаўылдың қараўыллығында қазыўдың барлық азабын шегип, өлимин күтип жүре берипти. Ол ҳәр күни өзине тийисли шекти қазып келип, қудайдан жанын тезирек алыўды сорайтуғын дәрежеде түскинликке түсипти.

Күнлерден бир күни оның қасына және бир қулды әкелип қосыпты. Жаңағы қул күни менен басқалар қатары аўыр жумыс ислесе де, ҳәмме ўақыт тетик ҳәм кеўилли жүреди екен. Оның бундай дәрья тасса да топығына келмей жүрнси қулға айланған жас патшаны ҳайран қалдырып, ол бир күни жаңағы адамнан:

– Сениң усындай өмирден түңилмей кеўилли жүрисиңниң себеби неде? – деп сорапты.

– Мен ертеңги күнге исеним менен жасайман. Ал сениң бунша ели түскинликке түсиўиңниң себеби неде? – депти ол жас патшадан.

– Мениң саған қарағанда жоғалтқан нәрсем көбирек, – деп, жас патша оған басынан өткенлериниң бәрин баян етип берипти.

Оның өткен өмирин еситкен жаңағы адам сонда патшаға:

– Тақсыр, сиз дерлик ҳеш нәрсе жоғалтпапсыз. Сизге ең керек нәрсени бахтыңызға душпаныңыз аңламай өзиңизде қалдырыпты, – депти.

Сонда жас патша оның бул сөзине ҳайран болып:

– Бул баслы нәрсе не екен? – депти.

– Бул – сизиң жаныңыз. Көкиректе жан болса, жоғалқан ҳәмме басқа нәрсеңизди қайтарып алыўға болады, – депти.

Оның бул сөзи жас патшаны қатты ойландырып, ол сол күннен баслап жоғалтқан нәрсесиниң бәрин қайтарып алыў ҳаққында бас қатыра баслапты. Ақыр-ақыбет бир реже дүзипти. Ол дәўлетли күнлеринен естелик етип, белбеўине таңып сақлап жүрген бир дана алтын теңгени алып, буларды қараўыллап жүрген жасаўыллардың биреўине барып:

– Мына алтын теңгени алып, мениң ҳәм қасымдағы шеригимниң бул жерден қашыўына жәрдем бер, – депти.

Жасаўыл тек патшалардың ғәзийнеханасында ғана болатуғын бул алтын теңгениң қунын дәрриў-ақ билипти де, ашкөзлиги басым келип:

– Жақсы, сизлер өзлериңизди өлгенге салып жатасыз. Мен жасаўылбасыға сизлердиң өлгениңизди айтып, денеңизди дәрьяға ылақтырыман. Қалғанын өзлериңиз билесиз, – депти.

Ҳәммеси патшаның дийдилегениндей болып, олардың денеси дәрьяға ылақтырылыпты. Еки қашқын бир әмеллеп дәрьядан жүзип шығып, баслары аўған тәрепке раўана болыпты. Олар ғәрип кийимде, диийўана сыпатта ел аралап, елдеги барлық жағдайдан хабардар болып, душпан патшадан наразы адамлардың кейпиятын бақлай баслапты. Жас патша елди жаўлап алған патша себепли әмелден айрылғанларға әмел, мал-мүлклеринен айрылғанларға есап-гансыз мал-дүнья, жақынларын жойтқанларға оларды таўып бериўди ўәде етип, ақыры қол астына көп тәрепдарларды топлап алыпты. Олар патшаға әскер жыйнаўға жәрдем етипти.

Ал ерискен жеңислерине мәсирип, бир өмир дүньяға ҳүкимдар болып қаламан деп ойлаған екинши патша ўақтын әйшы-ишретке сарплап, өзине көп душпан арттырыпты. Бара-бара сарай әмелдарлары да астыртын ҳәрекет етип атырған патша ҳаққында хабар таўып, оның менен жасырын ушырасып, оның исин қоллап-қуўатлайтуғынлығын айтыпты.

Патша өзиниң нийетин әмелге асырыў пайыты келгенине көзи жеткеннен кейин, бир күнде ҳәмме күшлерин жумсап, душпанын тахтан қулатып, мәмлекетин қайтарып алыпты.

Ең баслысы, жас патша тириликтиң қәдирин усындай машақат арқалы түсинип, өмир бойы оны қәдирлеп жасапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АНАНЫҢ ЖҮРЕГИ

(Р-1292, №183767)

Жуда көп заманлар даўамында инсаният өз турмыс тәжрийбесинен алынған бир-биринен ажайып рәўиятлар жаратып, келешек әўлад оларды мудамы ядетип келген екен. Бирақ олардың арасында мына рәўиятты инсан көзлерине жас алмай ҳикая ете алмайды екен.

Онда баян етилиўине қарағанда, бир жас жигит аўылының ең сулыў қызына ашық болып, оның ышқында күйип жаныпты. Ол қалай болмасын сол сулыўға ийелик етиўди ойлапты. Ақыры қыздың алдына барып, оған қыз ушын ҳәмме нәрсеге тайын екенин айтыпты.

Сонда жаңағы тәкаббыр сулыў қыз жигитке:

– Егер сен маған өз анаңның жүрегин әкелип берсең, мен сениң шын ашық екениңе исенемен ҳәм сениң қостарың болыўға қайыл боламан, – депти.

Қыздың бул гәпин еситкен жигит қатты қапа болыпты. Үйине келип әри ойланыпты, бери ойланыпты. Ақыры қыздың шәрти орынланбаса, оның басқа адамға кетиўи ҳаққындағы ой оған тынышлық бермей, жигит ҳеш нәрседен хабарсыз анасын өлтирип, оның жүрегин көкирегинен суўырып алыпты. Жигит жүректи орамалға орап, атына минип қыздың аўылына қарай шаўыпты.

Жигиттиң аты бир жерлерге барғанда томарға қағылып, үстиндеги жигит аттың үстинен ушып түсипти. Ақылсыз жигит орнынан тура алмай ыңырсып жатырса, оның қасына түскен орамалдағы жүректен:

– Қулыным, ҳеш жериң аўырмады ма? – деген сес келипти.

Бул гәпти еситкен жигит орамалдағы жүректи баўырына басып, кең даланы басына көтерип өксип-өксип жылапты деседи.

## АНАНЫҢ ЖАНЫ

(Р-1292, №183767)

Рәўиятларға қарағанда, Тәңри әўел баста инсанларды жаратқанда оларға өз жанын қәле-ген адамға бере алыў имканын инам еткен екен. Арадан бираз ўақыт өтип, ол бейишти зыярат-ламақшы болып келсе, бейиште тек ҳаяллар ғана жүрген қусайды. Сонда ол бул иске ҳайран болып, қасындағы периштесинен:

– Неге бейиште тек ҳаяллар жүрипти? – деп сорапты.

Сонда периште оған:

– Әй, Тәңрим, булардың бәри өз перзентиниң жақты дүньяны тәрк етиўин қәлемей, оларға өз жанларын берген аналар, – деп жуўап берипти.

Сонда Тәңри ойланып-ойланып, олардан бул имканды алып қойыпты. Соннан баслап инсан өзине берген жасты өзлери жасап өтетуғын болыпты. Бирақ перзентинен айрылған аналардың «Сениң орныңа мениң жанымды алса болады ғой» деген зары сол заманлардан қалған қусайды.

## ЖАҚСЫ НИЙЕТТИҢ ҚУДИРЕТИ

(Р-1292, №183767)

Баяғы өтмиште қалған заманлардың биринде қыян кести жаўгершиликтен аман қалған еки урыўдың халқы пана излеп посыпты. Олар дәрья жағасынан қоныс табыўды мақсет етип, шөл менен қырлардан асып, ҳарып-талып, ақыры бир кәрўан жолына тап болыпты. Жеўге нан таппай, шымшырқадай бала-шағасы жыласып отырғанда олардың алдынан бир кәрўан өтипти.

Қырық түйели жүкти баслап киятырған кәрўанбасы булардың жағдайын көрип, рехими ке-лип, урыў ақсақалларын жанына шақырып:

– Басыңызға жаман ис түскен екен. Мына түйедеги азықты жол бойы несийбе етерсиз, ал мы-на бийдай қыйын күнлериңизде күниңизге жарар, – деп, ҳәр урыў ақсақалына еки қалтадан бий-дай берипти.

Посып киятырған халық кәрўанбасыға мың-мың рахмет айтып, ол берген азықты халқас етип, және жолға түсипти. Көп күнлер жол жүрип өзлериниң дийдилеген маканына – дәрья бо-йына жетип келипти. Олар сол маканды өзара бөлисип алып, тиришилик ғамына кирисипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп узамай еки урыўдың да баяғы үнемлеп жеп киятырған азығы таўсылып, тек еки қалтадан берген бийдайы ғана қалыпты.

Еки урыўдың жасүлкенлери еки қап бийдайды алдына алып отырып, үлкен ойласық қурыпты. Сонда олардың арасында ең жасы үлкен биреўи:

– Ҳәзир бул бийдайды азық етсек, ол тек бир-еки ҳәптеге ғана жетеди. Оннан да бул бийдайды таяқ тықсаң өрре туратуғын мына ҳасыллар жерге егейик. Ҳәзирше дәрьядан балық аўлап, жемис терип, соны азық етип турсақ болады, – депти.

Биринши урыўдың ақсақалы бул усынысты өз адамларына айтып, ойласыпты. Сонда олардың биреўи бийдайды көзден өткерип отырып:

– Ақсақал, бул бийдай бираз төнерген екен. Еккенимиз бенен ол көгерип шыға қоймас. Соның ушын оны азық еткенимиз мақул, – депти.

Оның гәпи сөзлери ҳарып-шаршаған, оның үстине аш адамларға мақул түсип, олар еки қалта бийдайды еки ҳәпте азық етипти.

Ал екинши урыўдың адамлары бийдайды жерге себиўди мақул көрип, жер аўдарып, еки қалта бийдайдың ҳәммесин сол жерге себиўипти.

Олардың бул исин көрген биринши урыўдың адамлары: «Булар бийдайдың гөне екенин билмейтуғын қусайды-аў» деп, олардың үстинен күлипти.

Арадан бес-алты күн өткеннен кейин ҳасыллар жерге егилген бийдайдың бир данасы да қалмай өнип шығыпты. Халық дәрьядан балық тутып, жемис терип жеп, аш қалса да, бийдай писигин күтип, қолларынан келгенше бийдайдың күтимин берипти.

Соның арасында гүз де келип, олар бийдай атыздан мол өним алып, жеўге жетерлисин бөлип алып, қалғанын келеси баҳарге егиўге алып қойыпты. Ал, бийдайды мийнет етиўден қашып жеп қойған урыў адамлары қысы менен жеўге нәрсе таппай қатты жүдеген екен.

### ЖУПТАН ЖАРАЛҒАН ДҮНЬЯ

(Р-1292, №183767)

Рәўиятларда әңгиме етилиўлерине қарағанда, жаслай жесир қалып, қалған өмирин балаларына ҳәм тирилигинде ел басқарған күйеўиниң ийгиликли ислерин даўам еттириўге бағышлаған бир ҳаял қартайған шағында қасында ақлығы менен узақ сапардан қайтыпты. Олар қасындағы хызметкерлери менен узақ жол жүрип, бир қаланың үстинен атыпты.

Кемпир ақлығы менен қаланы аралап жүрип, бир қул базарының үстинен шығыпты. Олар базар бойлап саўдаға қойылған қулларды тамашалап киятырғанда кемпирдиң ақлығының көзи бир жас ҳәм шырайлы бир қулға түсипти де, қыздың жас қулға реҳими келип кемпирге:

– Апа, мына қулды сатып алсақ қалай болады? – депти.

Сонда кемпир қулдың ийесинен:

– Мына қулдың баҳасы қанша? – деп сорапты.

– Бул қулдың баҳасы бес жүз тилла, – депти қулдың ийеси.

Кемпир менен қыз ҳамиянынан бес жүз тилла санап берип, жас қулды ертип кетип баратырса, арманырақта және бир қулдар бир кексе ғарры қулды базарға салып отырған қусайды.

Кемпир қызықсынып қуллардың қасына келип:

– Мына ғаррының баҳасы қанша? – деп сорапты.

– Бес жүз тилла, – депти қулдың ийеси.

– Бизлер мына жас қулды бес жүз тиллаға алдық. Шарты кетип, парты қалған бул ғаррының бес жүз тиллаға арзығандай қандай қүдирети бар? – депти.

Сонда жаңағы ғарры қул кемпирге:

– Бийкем, мениң ҳеш асып-тасып атырған қүдиретим жоқ. Тек сиздей бир кемпир ташўишлерден ҳарып-шаршағанда «Қой, кемпир, күйинбе, шаршап қаларсаң» деп, алдына бир шайнек шай әкелип бирге әңгимелесип отырыўдан басқа ҳеш нәрсе қолымнан келмейди, – депти.

Сонда жесир қалғаннан берли ҳешкимнен бундай гәпти еситпеген кемпир көзине жас алып, ақлығына:

– Қызым, ҳамияннан бес жүз тилла алып, мына қулдың ийесине санап бер, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕЛИН ТАҢЛАЎ
(Р-1292, №183767)

Бир күни бир орта жастағы ҳаял баласына қалыңлық таңлаўға қыйналып, қайненесине келипти:

– Ене, маған келин болатуғындай еки қыздың дереги шығып турыпты. Солардың ишинде қайсысын келин қылыўды билмей турыппан, – депти.

Сонда кепти керген қайнене орнынан турып кийинип, келинине оны сол қызлардың үйине алып барыўды буйырыпты.

Болажақ қайнене енесин қызлардың биреўиниң үйине баслап барыпты. Сол үйге барғаннан кейин кемпир оған аталған қонақ асын болажақ келин асып бериўин сорапты.

Аўқат писерден алдын кемпир асханаға кирип, оны көзден кеширип, үндемей барып аўқатын жепти. Қонақ асын жеп болғаннан кейин келин менен қайнене екинши қыздың үйине барыпты. Сол жерде де баяғы ҳалат тәкирарланып, қайнене екинши қыздың асханасын көрип болып, алдына қойған асты жепти.

Миймандаршылық тамам болғаннан кейин кемпир келинин ертип үйине қайтыпты. Сонда ҳеш нәрсени түсинбеген болажақ қайнене енесине:

– Ене, маған ҳеш нәрсе демедиңиз ғой? – депти.

Сонда қайнене келинине:

– Балам, екинши қызды келин қыл. Себеби, мол нәрседен мазалы аўқат писириў – жүда қыйын ис емес, ал аз нәрседен мазалы аўқат писириў ҳәммениң де қолынан келе бермейди, – депти.

## ДӘРЬЯ БОЙЫНДАҒЫ БАҒ
(Р-1292, №183767)

Баяғы бир заманларда өмир бойы қырда жасап, мал бағып, соннан дәўлет арттырған бир бай қартайғанда дәрья жағасына қоныс басыўды қәлеп қалыпты. Солай етип, ол бар мүлкин түйелерине тийеп, халқын изине ертип, Әмиўдиң аяғына келип қоныс басыпты.

Күнлерден бир күни жаңағы адам Хорезмниң үлкен қалаларының бирине мал сатыў ушын жолға шығыпты. Ол малларын дийдилеген баҳасына сатып, жолда есигиниң алдында үлкен бағы бар бир шаңаракқа қудайы қонақ болыпты. Үйдиң ийеси оны жақсы күтип алып, мийман етип, қонақ асынан кейин қонақтың алдына бир лаген ўўылжып писken ерик қойыпты.

Өмиринде теректен үзилген ерикти жеп көрмеген жаңағы адамға ериктиң дәми жүда унап қалыпты. Ол кетеринде үй ийесинен ериктиң бир түп нәлин сорап алыпты. Үйине қайтып келгеннен кейин ол ериктиң нәлин есигиниң алдына егип, оны жүда әлпешлеп қарапты.

Арадан үш жыл өткеннен кейин ерик мийўе салыпты. Бай ериктиң мийўесинен барлық қоңсыларына, жаңалық етсин деп, үлестирип берипти.

Сол күннен баслап қоныстың үлкени-кишиги сол ерикке қатты ыш болыпты. Олар ерик енди сарғая баслағаннан сорап келип, байдың мазасын ала баслапты. Қыргығына, жүкли келинлердиң де ҳәммеси сол ерикке жерипти. Өзине бир дана да ерик аўыстыра алмаған байдың басы қатыпты.

Бир күнлери бай аўысық малларын сатыў ушын және баяғы қалаға жол алыпты. Ол берген ўәдеси бойынша және баяғы бағлы үйге мийман болыпты. Бай сол үйдиң некеse ғаррысы менен сәўбетлесип отырып, оған ерик ўақыясын айтып берип, оннан мағлаўат сорапты.

Сонда ғарры оған:

– Балам, буның жолы жүда аңсат. Сен өзиңниң көп жүйрик атыңнан биреўин базарға сал. Түскен пулының барине қаладан мийўе нәллерин сатып алып, қонысласан жериңдеги суў баратуғын барлық жерге тигип шық, – депти.

Бай ҳәммесин ғаррының айтқанындай етипти. Әреби аттан түскен пулға алынған нәл қырық түйеге жүк болыпты. Бай қонысының адамлары менен барлық нәлди суў баратуғын жерлерге тигип шығып, оған қолынан келгенинше күтим берипти.

Арадан үш жыл өтипти. Шеги көринбейтуғын көклемзарлыққа айланған бағ көз керип, қулақ еситпеген ҳасыл берипти. Халық өзи қайттыға миййўеге тойыпты. Енди олар байдың баяғы еригине қайрылып та қарамапты.

Бағман ғаррының берген ақылына қатты ырзы болған бай дарья бойында қад көтерген бул ажайып бағқа оның исмин берипти.

## ӘДАЛАТЛЫ ПӘРМАН

(Р-1292, №183767)

Қашан болғаны белгисиз, бирақ қәдимги заманлардың биринде үлкен жолға жақын жерде бир кишкене қала болған екен.

Бир күнлери усы қаланың бир адамы жол менен қаланың арасындағы бос жатырған жерди өзлестирип, оған бийдай египти. Бийдай енди көтерип баслағанда жолға шығып баратырған адамлар атызды айланып өтиўге еринип, оны басқылап өте берипти. Бийдайдың ийеси адамларға урысып та, жалынып та көрипти. Бирақ қасийетсизлери барибир өз билгенинен қалмапты. Ең ақырында диййхан жардем сорап қала ҳәкимине барыпты.

Диййханның мийнетине иши күйген дана ҳәким жәрдем беретуғынын айтып, оны үйине қайтарыпты.

Ҳәким ертеңине қаланың адамларының барин жыйнап, өзи шығарған жаңа пәрманды оқыпты. Ҳәкимниң шығарған бул пәрманына бола, бул бийдай атызды кесип өтиў ҳуқықы тек туўысқан қарындасынан хабар алыўға кетип баратырған еркек адамларға ғана берилипти.

Пәрманды еситкен диййхан жане жуўырып ҳәкимниң алдына келип:

– Тақсыр, мен сизиң пәрманыңыздың мәнисине түсинбедим, – депти.

Сонда ҳәким оған:

– Мен адамларға «атызды басып өтпең!» деп буйрық берсем, бул әдалаттан болмаған болар еди. Себеби сизиң бийдай еккен атызыңыз бурын олардың жүретуғын жолы еди. Мениң бул пәрманды берип қәтелеспегенимди көп узамай түсинип аласаң, – депти.

Арадан айлар өтипти. Бийдай ҳеш зая болмай, толық писипти. Усы айлар аралығында тек бир-еки еркек адам ғана писиўге қараған бийдай атызды кесип жолға қарай өтипти.

Сонда диййхан қаланың ҳәкиминиң данышпанлығына көўли толып, ҳәмийше оның атына дуўа етип жүрген екен.

## ӨЗГЕ ЖУРТТЫҢ ТЕРЕГИ

(Р-1292, №183767)

Раўийлердиң әңгиме етиўине қарағанда, өткен заманлардың биринде халқы абат, ҳүкимдарлары ақыллы, жери гүлленген бир мәмлекет болған екен. Бир күнлери усы мәмлекеттиң патшасы қартайып, өз тахтын баласына тапсырмақшы болыпты. Патшаның жалғыз баласы болып, ол анасынан жүда нәренжан болып туўылғаны ушын патша тәўиплердиң маслаҳәти менен оны теңиз бойындағы узақ бир мәмлекетте жасаўға жиберген екен.

Шахзада сол журтта жигирма жыл жасап, енди әкесиниң тилеги бойынша тахтқа ийелик етиў ушын, журтына келипти.

Патша сарайындағы барлық ақылгөйлери менен ўәзирлерин жыйнап алып, өзиниң мақсетин баянлапты.

Сонда бас ўәзир патшаға:

– Әпиў етиң, тақсыр! Шахзадамыз усы ўақытқа шекем сыртта жасады. Сонлықтан бул елдиң иши- тысынан хабарсыз, ол халыққа ҳүкимдарлық ете алмайды. Бизиңше, бул тахтқа минасип адам – бул сизиң кенже инициз, – депти.

Сарайда жыйналған барлық адамлар оның сөзин бир аўыздан мақуллапты. Патша жүда қыйын жағдайда қалыпты. Ол шахзаданың жүда зийрек ҳәм илимли екенин айтып, жыйналғанларды көндириўге урынғаны бийкар кетип, сарай ақылгөйлери оның усынысына көнбепти. Сонда пат-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ша өзиниң жүз жасты көрген устазына барып, оннан мəслəҳəт сорап, өзине қарсы болғанларды жеңдирип бериўди сорапты.

Патшаны дыққат пенен тыңлаған устазы:

– Балам, сен мениң бир сораўыма жуўап бер. Бул тартыстың шешими сол сениң маған берген жуўабыңның ишинде болады, – депти.

– Мен сораўыңызға жуўап бериўге таййынман, устаз, – депти патша.

Сонда дана устаз:

– Балам, нəл ўақтында сениң елиңнен алып кетилип, жери, суўы, ҳаўасы басқа узақ бир елдиң жерине тигилип, жамалға келген терек қайсы журттың тереги болады? – депти.

Сонда патша:

– Мен сизди түсиндим, устаз, – депти де, сарайға келип, генже инисине тахтты тапсыратуғынын халыққа жариялапты.

## ҮШ ЖОЛАЎШЫ

[Р 278, №84306]

Бағы заманлардың биринде үш адам жолда кетип баратырып жолдас болыпты. Олар бир жерлерге келгенде қатты жаўын жаўыпты. Үшеўи бир қыя тасты паналап отырып, жаўынның тыныўын күтипти. Ўақыт өткериў ушын бир-бири менен танысып, узақ əңгимелесипти. Бир ўақытта гəп олардың ҳəр бириниң басқаларға ислеген жақсылығына барып тақалыпты. Сонда биринши жолаўшы:

– Мен көп жерге ийе байман, – деп əңгимесин баслапты, – қараўымда көп диййханларислейди. Олардың ҳəр күнги мийнет ҳақыларын ертеңге қалдырмастан, сол күни беремен.

Бир күни бир адам түсте меннен жумыс сорап келди. Түсте келсе де, бир күнлик жумысын иследи. Кеште мийнет ҳақысын берген ўақытта оған да азаннан бери ислеп атырған адамлар менен теңдей ҳақы төледим. Сонда бир диййханым: «Бизлер азаннан бери иследик. Мына түсте келген адамға неге бизлер менен теңдей ҳақы берип атырсаң?» деп, сол күнги ҳақысын да алмай, маған өкпелеп кетип қалып, алдыма қайтып келмеди.

Мен оның бир күнлик мийнет ҳақысына бир таўық сатып алдым. Таўық бир неше мəртебе шөжеледи. Оларды сатып ылақлы ешки алдым. Бес-алты жылда олар отызлаған ешки болды. Ақыры, бағы маған өкпелеп кеткен диййханымды излеп таптырып:

– Мен сениң мийнет ҳақыңды усы ўақытқа шекем сақладым. Енди өзим бар ўақтымда оларды алып кет, – деп, оны ешкилер турған қорағa алып бардым.

Ол сонша ешкини көрип, ҳайран болып турды да, кейин ҳəммесин түсинип, бағы айтқан гəпи ушын кеширим сорады. Мениң адамларға ислеген жақсылықларымның ишинде есимде қалғаны усы, – деп сөзин жуўмақлапты ол.

– Мен бир падашыман, – деп сөзин баслапты екинши жолаўшы, – бир үлкен аўылдың малын бағып күн көретуғын едим. Үйимде көзи соқыр, еки аяғы мешел анам бар. Күнде ерте турып, оны тоғып, аўқатын берип, қасына суў-нанын қойып, жумысқа кетемен. Ол өзим келгенше үйде жалғыз өзи жата берди.

Бир күни анам түни менен уйқылай алмай, азанда кеш турды. Мен оның уйқыдан ояныўын күтип отырғанымда адамлар малларын өриске ерте əкелип, өзлери мени күтпей, малларын таслап кетип қалыпты. Басында падашысы жоқ маллар биреўдиң егинине түсипти. Атыздың ийеси келип, мени есимнен танғанша урды. Мениң анамнан басқа жақсылық еткен адамым жоқ, – деп жигит гəпин тамамлапты.

Сонда олардың гəпин индемей тыңлап отырған үшинши жолаўшы:

– Мен сизлердиң жаңағы айтып берген ўақыяларыңызды еситкенге дейин бир жолтосар қарақшы едим. Өмиримде бир адамға жақсылық етип көрген емеспен. Жигирма жылдан берги кəсибим усы. Бүгин сизлерди тыңлап, биринши мəртебе усы ўақытқа шекем ислеген кəримнен түңилдим, – депти де, орнынан турып жолға түсип кетип қалыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕҢ ТИЙИМЛИ ЖӘРДЕМ

(Р-1292, №183767)

Бир күни устаз өз шакиртлерин жыйнап алып:

– Мынандай саўалларым бар, сизлер тыңлап, дурыс жуўабын табың, – деп, сөзин даўам етипти:

– Төрт туўысқан жигит бир дарьяның бойында бөлек-бөлек турақласқан екен. Солардың ең үлкени дарьяның теңизге қуяр жерин макан тутыпты. Күнлердиң күнинде оның күн көриси қыйынласып, әбден жарлыланып қалыпты. Сонда оған ҳал жағдайынан хабар алыўға келген инилери, берген жәрдемимиз болсын деп, бири қолына мол-молақай пул услатыпты, екиншиси ағыл-тегил азықлық затлар берипти, ал ең кишкене иниси қармақ пенен аў саўға етипти. Усылардың қайсысын ең кереκли жәрдем деп түсинесиз? – деп сорапты.

Сонда шакиртлерден бири турып:

– Пуллай берген жәрдем тийимли. Пулға барлық нәрсени сатып алыўға болады, – десе, екиншиси турып:

– Ең тийимлиси азық-аўқат, аўқат мол болған жерде берекет, аўызбиршилик те мол болады, жаның-тәниң саламат болады, – деп жуўап берипти.

Гезек үшинши шакиртке келгенде ол ойланып турып:

– Устаз, берилген жуўаплардың барлығы да дурыс. Бирақ, мениңше, ағасына ең тийисли жәрдемди қармақ пенен аў саўға қылған иниси көрсеткен. Себеби ўақыттың өтиўи менен пул сарыланып кетеди, азық-аўқат таўсылып қалады, ал қармақ пенен аў – сол шаңараққа үзликсиз пайда келтиретуғын қураллар. Оны ислетип турсаң, удайы пул да табасаң, аўқаттан да тарықпайсаң, – депти.

Сонда устазы:

– Бәрекелла, балам, сениң жуўабың ең дурысы, – деп, шакиртинен ырза болыпты.

## ИСКЕНДЕРДИҢ ЎАСИЯТЫ

[Р-1292, №183767]

Өзиниң патшалық дәўиринде дүньяның ярымын жаўлап алған Искендер Зулқарнайын өлими алдында жақынларын қасына шақырып алып:

– Мен өлгеннен кейин табытымды мазарға алып баратырғанда қолымды табыттың сыртына шығарып қойың. Адамлар мениң дүньяның ярымын басып алсам да, бул дүньядан қуры қол кетип баратырғанымды көрсин, – депти.

## АТЫЛҒАН ОҚ

(Р-1292, №183767)

Бир күни пүткил өмири сарайда хызметте өтип, сексен жасты қаралаған бир ўәзир патшаның еле ақылға ене қоймаған әспирим улын орынсыз шоқлығы ушын кейипти. Сонда шахзада жаслық етип, оның гәпин көтере алмай, кексе ўәзирге:

– Сиз маған ақыл бергендей ҳешким емессиз, – деп айта салыпты.

Олардың арасындағы бул гәпти сол жерге тосыннан келип қалған патша еситипти. Сонда ол жас шахзадаға:

– Қане изиме ер! – депти де, оны сарай ҳәўлисине алып шығыпты. Кейин патша қолына бир оқжайды алып, оны оқлап, баласына берип:

– Қане, мына теректи гөзлеп ат! – депти ҳәўли ортасында өсип турған теректи көрсетип.

Шахзада ҳеш қатесиз оқты терекке тийгизипти.

Сонда патша баласына:

– Усы теректиң орнында адам турғанда не болар еди? – деп сорапты.

– Ол сөзсиз өлер еди, – деп жуўап берипти шахзада әкесиниң гәпине таңланып.

Сонда данышпан патша баласына:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Балам, аўыздан шыққан жаман сөз усы нышанға тийген оқжайдың оғына усайды. Соның ушын оны «аўыз» деп аталыўшы оқжайға оқлаўдан алдын жақсылап ойланып ал, – депти.

Әкесиниң нени назерде тутқанын түсинген шахзада дәрҳал жуўырып кексе ўәзирдиң алдына барып, айтқан гәпи ушын оннан диз шөгип кеширим сорапты.

## ӨТКИНШИ ДҮНЬЯ

(Р-1292, №183767)

Бурыңғы заманларда әлемге белгили бир ҳүкимдардың жалғыз перзенти, тахт мийрасхоры тосаттан қазаланып, патша бул нәрседен қатты қайғыға түсипти. Ол ҳеш нәрсе ишип-жемей, мәмлекет ислерине де араласпай қойыпты.

Бул аўҳалдан қатты ташўишленген сарай әмелдарлары ҳәр түрли шаралар излепти. Бирақ олардың биреўи де патшаның дәртин жеңиллете алмапты. Сарай әмелдарлары ойланып-ойланып, ақыры бул жағдайды патшаға тәлим берген, бирақ өзи де қартайып әлим төсегинде жатырған устазға айтыўдан басқа шара таба алмапты. Олар дәрҳал атларына минип, устаздың үйине қарап жол алыпты.

Устаз әмелдарлардың гәпин еситип болып:

– Маған қағаз бенен қәлем бериңлер, – депти.

Ол зорға орнынан турып отырып, қағазға бир қатар сөз жазыпты да, оны әмелдарларға берип:

– Мынаны ҳүкимдарға апарып бериң, – депти.

Әмелдарлар устаз жазған қағазды алып келип патшаға берипти.

Хатты оқыған патша индемей орнынан турып, өз тахтына барып отырыпты.

Бул иске ҳайран болған әмелдарлардың бири: «Ҳүкимдарды бир заманда өзине келтирген-ден, бул хатта не жазылған екен» деп хатты алып оқыпты. Қараса, хатта: «Бул күнлериң де өтип кетеди» деген сөзлер жазылған екен.

## ДУЗ ҲАҚЫ

(Р-1292, №183767)

Бурыңғы заманларда бир атқосшы хожайынына жақпайтуғын ис етип, оған жаманатлы болып қалыпты. Оның жақпас исине ашыўланған бий атқосшысын қуўып салып, оны бираз ўақыт үйине жақынластырмай қойыпты. Арадан ўақыт өтип, ашыўы басылғаннан кейин бийде атқосшыны бир сынап көриў нийети пайда болыпты. Ол атқосшы жигитке адам жиберип алдырыпты.

Жигит бийдиң үйине келип, оның алдында диз шөгип отырыпты.

Сонда бий оның алдына бир кесе ашып кеткен айран әкелип қойыпты. Жигит ләм-лим демес-тен айранды алып ишипти.

Сонда бий оған:

– Усындай ашшы айранды қалай иштиң? – деп сорапты.

Сонда атқосшы оған:

– Усы ўақытқа шекем сизиң мазалы дузыңызды ишип келдим, бир сапар ашшысын да ишсем ҳеш нәрсе етпес, – деп жуўап берипти.

Оның жуўабына көўли толған бий оны қайтадан атқосшы етип алыпты.

## ДАНЫШПАН ҲӘКИМ

(Р-1292, №183767)

Өткен заманларда өзи үлкен болмаса да, бирақ, халқы абат бир қаланың ақыллы ҳәкими болған екен. Усы ҳәкимниң арқасында қала халқы парахат ҳәм қурғынлықта турмыс кеширеди екен. Ҳәкимниң де мал-дәўлетиниң есабы жоқ екен. Соған қарамастан, ол жүдә әпиўайы кийи-нип, таңсық аўқатлардан өзин тыйып жүреди екен.

Күнлерден бир күни өз ҳәкимин басқа ҳәкимлердей айбатлы ҳәм дабдебели көргиси келген бир саўдагер оның алдына келип:

– Мырзам, аллам сизди мал-дәўлеттен ҳасла қыспаған. Солай екен, неге оннан соған мүнасип пайдаланбайсыз? – деп сорапты.

Сонда дана ҳаким оған:

– Ҳай, надан пухарам, инсанның ишип-жеп, үстине кийе алған нарселери ғана өзиники бола алады, – депти.

## ӨМИРДЕГИ БАСЛЫ ПАЗЫЙЛЕТ ҲӘМ ИЛЛЕТ
[Р-1292, №183767]

Бир күни бир адам уллы устазлардың бириниң алдына келип:

– Устаз, өлимге ен жақын ҳәм оған ең узақ нарсе не? – деп сорапты.

Сонда уллы данышпан оған:

– Өлимге ең жақын нарсе – бул уйқы, ал оннан ең узақ нарсе – бул мийнет, – депти.

## ҲАРАМ САДАҚА
[Р-1292, №183767]

Баяғы заманларда ата-бабасы қарақшылық болған бир жигит болған екен. Басқа ҳеш өнерди еплей алмағаннан кейин, бул да аталарына усап қарақшылық жолын таңлапты. Ол қасына өзине усап қарақшылықты кәр еткен жигитлерди жыйнап алып, назери түсип, күши жеткен бай, жарлының да мүлкин басып ала береди екен.

Бир күни сол қарақшы жигит жаңалық билиў мақсетинде турған жеринен шығып, қалаға қарай жол алыпты.

Ол жолда кетип баратырып бир ақ сақаллы ғарры менен жолдас болыпты. Еки жолаўшы бир-бири менен әңгиме қурып, бираз жол басыпты. Ғарры жигиттиң гапинен оның ким екенин аңлапты. Олар узақ жол жүрип, қалаға киргенде қарақшы жигит дәрўаза алдында турған тиленшиге бир неше теңге берипти.

Сонда буны көрген ғарры:

– Әй, балам, ҳарам пулдан берилген садақа саўап болмайды. Буны бир өмир ядыңда тут! – депти.

## ДӘМЕГӨЙЛИК
[Р-1292, №183767]

Раўийлердиң гапине қарағанда, баяғы заманларда марапатты жақсы көретуғын бир патша болған екен. Ол пухаралары ушын не ислесе де, ислеген иси менен мақтанып, қасындағы әмелдарларынан да мақтаў талап етеди екен. Соның ушын оның әтирапына патшаның пейлине сай жағыпаз әмелдарлар жыйналған екен. Олардың арасында көпти көрген, ғарры ўәзир ғана бул иллеттен ҳалы екен. Патша да усы минези ушын оны жақтырмайды екен.

Бир күни патшаның ўәзирди жақтырмайтуғынлығынан пайдаланғысы келген, әмелдарлар бир себеп таўып ўәзирди жаманатлы етип, оны зинданға таслатыпты.

Арадан көп ўақыт өтпей бир күнлери патша пухараларының күши менен үлкен арна қаздырыпты. Ол сонда «Ҳеш болмаса, усы исим ушын ғарры ўәзирдиң мақтаўына сазаўар боларман» деп ўәзирди зинданнан алдырып оған:

– Мен көп ўақытлардан берли суўсызлықтан қыйналып атырған пухараларым ушын үлкен арна қаздырып, олардың арманын әмелге асырдым. Усы исим қалай болыпты? – депти.

Сонда ғарры ўәзир дым үндемей изине бурылып, сарайдан шығып баратырған қусайды.

Буны көрген патша оның изинен:

– Мениң гапиме жуўап бермей қаяққа баратырсыз? – депти.

– Келген жағыма – зинданға, – депти.

– Маған айтатуғын гапиңиз жоқ па? – депти патша.

– Дәмегөйлик пенен ислеген жақсылық, қаншелли үлкен болмасын, нуқсанлы болады. Ал нуқсаны бар жақсылық – бул жақсылық емес, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИР АЎЫЗ СӨЗ

(Р-1292, №183767)

Бир күни Есенгелди маҳрем атлы аўылды аралап киятырса, бир аўыллас жигити гиддимандай дигирманның тасын көтерип кетип баратырған қусайды. Маҳрем «Бул тасты көтерип қаяққа баратыр екен» деп ойлап турыпты да, оннан:

– Балам, бул зилдей тасты көтерип қаяққа баратырсаң? – деп сорапты.

Жигит тасты жерге қойып:

– Усы дигирман тасын маған әкем өлмесинен алдын мийрас етип таслап кетип еди. Енди туўысқан ағам маған, күн қуры емес, «әкем дигирманды саған берип кетти» деп миллет етеди. Ҳәзир барып усы тас пенен оның басына уражақпан, – депти.

Сонда Есенгелди маҳрем жигитке:

– Ҳәй, надан балам-ай! Усындай аўыр дигирман тасын көтерипсең де, ағаңның бир аўыз гәпин көтере алмадың ба? – депти.

## ӘДАЛАТЛЫ ЖАЗА

(Р-1292, №183767)

Күнлерден бир күни көп жасап, көпти көрген ҳүкимдардың сарайының әмелдарлары оның алдына бир адамды жасаўылларға айдатып әкелип:

– Уллы ҳүкимдар, бизлер мына пухараңыздың сиз ҳаққыңызда халық арасында өсек таратқанын билип қалдық. Оның тилин кестирип жазалаң, сонда халық арасында бундай өсек айтыўларға барҳам берген боласыз, – депти.

Сонда патша:

– Бунын тилин кескенимиз бенен өсек кемеймейди. Ҳәзирден баслап өсек айтқанның тилин, оны еситкенниң қулағын кесиўге буйрық беремен. Бул өсекти сизлер де еситтиңиз, соның ушын жазаны сизлердиң қулағыңызды кесиўден баслайман, – депти.

Дана ҳүкимдардың бул гәпинен қорқып кеткен әмелдарлар оған жалынып-жалпайып, зорға ҳүкиминен ўаз кештирипти.

## АЙДАРҲА ҚӘЙИН ЕНЕ

(Р-1292, №183767)

Бағзы заманларда қолынан сыйқыр питкенниң бәри келетуғын бир күшли дуўахан болған екен. Ол ел аралап жүрип, мудамы оны тыңлағанларға: «Ҳәрбир адамның ишинде бир ҳайўан жасырынған» деген ибараны тәкирарлаўдан шаршамайды екен.

Күнлерден бир күни усы дуўахан бир аўылдың үстинен өтип баратырып бир үйде мийман болыўға нийетленипти. Жаңағы үйге келсе, үйде үш жас ҳаял үй жумыслары менен бәнт екен. Олар дуўаханның алдына дастурхан жайып, оны жақсылап мийман етип болып, оннан жол сорапты.

Сонда дуўахан оларға өзиниң ким екенин айтыпты ҳәм бағзы сөзин буларға да тәкирарлапты.

Оның сөзин еситкен үш ҳаялдың үлкени:

– Мениң бул үйге түскениме он жыл болды. Ишимде айбатлы ҳайўан жатырған болса да, қәйин енемниң алдында пышықтай мүлайим болыўға мәжбүрмен. Мына келинлердиң де аўҳалы мениңкиндей. Егер сен қәйин енемиз келгеннен кейин бир сылтаўын таўып, оның көз алдында бизлерди ишимизде жасырынып атырған ҳайўанға айландырсаң, енемиз ҳақыйнда бизлердиң ким екенимизди билип, бираз көзи қорқатуғын болармеди... – депти.

Келиншеклер оған бул иси ушын бираз ақша ўәде еткеннен кейин, дуўахан ыразы болыпты.

Кешке жақын келиншеклердиң қәйин енеси үйине келипти. Дуўахан бар өнерин иске салып, оны өзиниң дуўаханлық кәраматын тамашалаўға көндирипти. Ол дәслеп үлкен келинди алдына шақырып алып, дуўасын оқыған екен, келиншек гиддимандай айыўға айланып, буларға таслаңыпты. Дуўахан зорға дуўасын оқыўға үлгерип қалыпты. Келиншек қайтадан адамға айланыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Гезек енди ортаншы келинге келипти. Дуўахан қайтадан дуўасын оқыған екен, ол еки көзи маталадай жанған жолбарысқа айланыпты. Жолбарыс аяқларын әсте басып булар тәрепке әсте жылысшап келе баслапты. Дуўахан дәрриў дуўасын оқып, оны өз ҳалына қайтарыпты.

Ең соңғы гезек кенже келинге келипти. Кенже келин дуўаханның дуўасы менен бир көкжал қасқырға айланып, енеси менен абысынларына қарап өткир тислерин ғыжырлатыпты. Дуўахан оны да адам кебине қайтарыпты.

Сонда күни менен бул ислерди дым үндемей тамашалап отырған қайын ене дуўаханға:

– Мен бул шаңараққа бир өмир хызмет еттим. Еримниң алдында қойдай жуўас болып, келинлеримниң кемшиликлерине соқыр тышқан болып қарадым, мийнетти ешектей иследим. Ишимде қандай ҳайўанның жасырынып жатырғанын өзим де билмеймен. Сеннен өтинишим, мениң де ишимнен сол ҳайўанды шығар. Келинлерим бир көрип қойсын, – депти.

Дуўахан оның тилегин орынлап дуўасын оқыпты. Ол дуўаны оқып таўысыўдан дөгерек әтирапты қара думан басып, күшли даўыл көтерилипти. Бир ўақытта жаңағы қайын ене адам затының көзи түссе, жүреги жарылып өлетуғын, табаны көкти тиреген үш баслы айдарҳаға айланыпты.

Қорққанынан жүреклери жарылыўға келген үш келин менен дуўахан жақын жердеги тез келген ураға өзлерин урыпты. Дуўахан урада дирилдеп отырып, дуўасын оқыпты. Қайын ене қайтадан адамға айланыпты.

Сол-сол екен, үш келин қайын енесиниң сөзин еки қылмайтуғын, жақсы, пухта келинлерге айланыпты. Ал дуўахан буннан былай ҳеш қашан бул ис пенен шуғылланбаўға ант ишипти.

## КЕШИГИЎ

(Р-1292, №183767)

Жақында перзентли болған бир адам уллы данышпанның алдына келип:

– Көп ўақыттан берли перзентли болмай жүр едим, нийетим әмелге асып, жақында уллы болдым. Сол баламның тәрбиясы менен ушы бастан шуғылланбақшыман. Бала тәрбиясына байланыслы сиз маған қандай мəслаҳат бересиз? – депти.

– Баланның туўылғанына қанша ўақыт болды? – деп сорапты данышпан.

– Жаңа тоғыз ай болды, – депти ол.

– Ондай болса, тәрбияңды тоғыз айға кешиктирипсең, – депти данышпан.

## ТИРИШИЛИК НЕГИЗИ

(Р-1292, №183767)

Ийўа ханы өзине қараслы медреселерде тәлим алып атырған талабалардың билим дәрежесине, олардың жағдайларына итибар қаратып, тийисли мағлыўмат алып отырыўды үрдис еткен екен.

Ол бир күни медреседе оқып атырған моллалар арасында ең илгири, ең зейинлиси Ешим деген бала деп еситип, оның билим ҳәм ақылын сынап көриў мақсетинде оған:

– Инсан ушын бул дүньяда ең зәрүр ҳәм әҳмийетли нәрсе не? – деп сораў берипти.

Сонда еле жүдә жас талаба ханға:

– Тириликте инсан ушын ең зәрүр ҳәм әҳмийетли нәрсе – бул тиришиликтиң тийкары болған тамақты жей алыў ҳәм оны ҳәзим етип шығарып таслаў, – деп жуўап берипти.

Сонда хан:

– Бул мақтаған балаңыздың ақылының болғаны ма? – деп оның үстинен күлипти.

Арадан көп ўақыт өтпей, хан қатты аўырыпты. Иштейи болмай, өзин зорлап жеген тамағы бойына тарамай, жаны азапланыпты. Сонда ғана ол жас талабаның айтқан гәпиниң мәнисин шағып, өзиниң наданлық еткенин түсинипти. Ол дәрҳал Ешимди шақыртып оған:

– Усындай нәрсеге ақылың жеткен екен, мениң дәртиме де шыпа табыў қолыңнан келеди. Мени емле! – депти.

Ешим китап ақтарып, ханның дәртине дурыс шыпа да тапқан екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШҮКИРЛИК
(Р-1292, №183767)

Бурынғы заманларда перзентлеринин биреўинен айрылған бир адам үлкен қайғыға түсип, хеш кимниң тәселлесин тыңламай, хәр күни перзентиниң қабирине келип, жылап-сықлаўды әдет етипти.

Бир күни ол күндеги әдети бойынша баласының қабирине киятырса, қатара турған қабирдиң қасында Қуран оқып атырған бир адамға дус келипти. Ол жаңағы адамның қасына келип:

– Зыяратың қабыл болсын, замандас! Сиз қайсы жақыныңыздан айрылдыңыз? – деп сорапты.

– Дәртимди сорамаң! От бәлеси себепли бир күнниң ишинде бары-жоғым, бала-шағамнан айрылдым. Соларды зыяратлап келип едим, – депти.

Оның гәпин еситкен жаңағы адам «еле де мени Аллам аяған екен» деп, шүкиршилик еткен екен.

## ШАМ УСЛАҒАН СОҚЫР
(Р-1292, №183767)

Күнлерден бир күни кеште бир соқыр қолына жанып турған шам услап көше бойлап кетип баратырған қусайды. Оны көрген бир жолаўшы таңланып:

– Бирадар, еки көзиңиз көрмейтуғын болса, сизге шамның не кереги бар? – деп сорапты.

Сонда соқыр оған:

– Көзимниң көрмейтуғыны ырас. Мен бул шамды көзи көретуғынлар мени көрмей, қағып кетпеўи ушын алып жүрмен, – депти.

## ҲАҚЫЙҚЫЙ ПАЛЎАН
(Р-1292, №183767)

Раўийлердиң баян етиўлерине қарағанда, бурынғы заманларда ханлар өз журтының даңқын шығарыў ушын дүньяның төрт тәрепинен палўанларды жыйнатып, оларға гүрес туттырыўды жақсы көреди екен.

Бир күни Туран патшасы менен Иран шаҳы арасында «Кимниң палўанлары күшлирек» деген мәселеде тартыс болыпты. Ҳүкимдарлардың қасындағы әмелдарлардың биреўлери «Туран палўанлары күшлирек» десе, екинши биреўлери «Гүресте иранлы палўанларға жететуғыны жоқ» десипти. Олар ақыры буны палўанларды гүрестириў арқалы анықлап алмақшы болыпты.

Ҳүкимдарлар бир күнди белгилеп, сол күни еки елдиң ең күшли палўанлары гүрес түсетуғын болыпты. Еки тәрептиң барлық шақырылған палўанлары белгиленген жерге жетип келипти.

Сол күни Туранның арқасы хеш ўақытта жерге тийип көрмеген, жеңилиў не екенин билмейтуғын атақлы палўаны қаланы аралап жүрип, бир мешитке кирипти. Қараса, мешитте келбети келискен, нардай күши бар бир жас жигит жүгинип отырып:

– Аллам, ертең Туранның жаўырны жерге тиймеген палўаны менен гүреске түсемен. Мени өзиң қуўатла, – деп сыйынып отырған қусайды.

Туранлы палўан жигиттиң желкесиндеги қуллық таңбасын көрип, оның қасына келип:

– Ииим, сениң тилегиң әмелге асады. Усы жеңисиң ессесине шаҳыңнан өзиңе ең керек нәрсени сора. Сораған нәрсең сеннен жеңилген Туран палўанына мүнасип болсын! – деп, мешиттен шығып кетипти.

Ертеңине еки тәрептиң палўанлары ар-абырай ушын өз қарсыласлары менен шайдай айқасыпты. Олардың биреўлерине жеңис, биреўлерине әлемли жеңилис несип етипти.

Гезек баяғы иранлы жас палўанға келипти. Өзине қарсы гүреске шыққан палўанды көрип, қатты таңланыпты. Атақлы палўан кешеги мешитте көрген адамы екен.

Еки палўан нардай тиресип, шайдай айқасыпты. Жас палўан қарсыласының өзинен анағурлым үстем екенин сезипти. Бирақ ол негедур буны көтерип урыўға асықпай атырған қусайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ўақытта туранлы палўан жас палўанның қулағына сыбырлап:

– Аяғымнан шал, – депти.

Жас палўан оның айтқанындай етип, аяғынан шалған екен, туранлы палўан гүрс етип шалқасына жығылыпты. Оларды қоршап турған аламан гўў етипти.

Иран шаҳы ҳайран болып турған жас палўанды жанына шарлап:

– Тиле тилегиңди! – депти.

Сонда жас палўан туранлы палўанға бир қарапты да:

- Маған азатлық инам етиң, шаҳым, – депти.

Илажсыз қалған шаҳ оның тилегин орынлаўға мәжбүр болыпты.

## САБЫРЛЫЛЫҚ ШЕГИ

[Р-1292, №183767]

Рәўиятларға қарағанда, бағзыда, Ийса пайғамбар заманында бир ўақытлары татыў жасаған, кейин-ала жерге таласып, бир-бирине жаў болып қалған еки қәўим қоңсы жасаған екен. Олардың биреўиниң қәўим басшысы Ийсаның алдына келип:

– Қоңсы қәўимниң адамлары бизлерге ҳеш тынышлық бермей атыр. Бизге бул жағдайдан қутылыў ушын қандай маслаҳат бересиз? – депти.

Сонда пайғамбар оған:

- Сабыр етиң! – депти.

Арадан бир-еки ай өткеннен кейин олар және пайғамбардың алдына келип:

– Биз керегинше сабыр еттик, бирақ олар басқыншылық етиўин еле қоймады. Бизлердиң де оларға қурал менен қарсыласыўдан басқа илажымыз қалмады, – депти.

Сонда пайғамбар оған және:

- Еле де сабыр етиң, – депти.

Пайғамбардың гәпине көўли толмаған қәўимбасы:

- Пайғамбарым, ҳәр қандай сабырдың да шеги, муғдары болады. Айтыңшы, биз тынышлыққа ерисиўимиз ушын қанша сабыр керек? – депти.

Сонда пайғамбар оған:

- Қане изиме ер! – деп, оны шексиз умманның жағасына алып келип:

– Мына көз алдыңда турған не? – деп сорапты.

– Бул – умман, – депти қәўимбасы.

– Көкирегиңиздеги сабырлылық көлеми усы шексиз уммандай болсын, – депти пайғамбар.

## ЖҮРЕКТЕГИ ЖОЛБАРЫС

[Р-1292, №183767]

Рәўийлердиң сөзлерине қарағанда, бир заманларда бир байдың ҳаялы аўылындағы сөзге шешен, кейўаны бир ҳаялдың алдына барып:

– Бизлер күйеўим екеўимиз көп жыллар даўамында тыныш татыў жасадық. Бирақ соңғы ўақытлары күйеўим мениң айтқанларымды тыңламайтуғын, кешқурынлары үйге келмейтуғын әдет шығарды. Өзиме исенимли адамлардан себебин билсем, ол басқа бир ҳаял менен астыртын байланыс жасап жүрген қусайды. Не қылсам күйеўимди жолға салып аламан? Маған маслаҳат бериң, – депти.

Сонда жаңағы ҳаял оған:

– Аңшылардың айтыўына қарағанда, бизге жақын қоңсы тоғайда бир жолбарыс бар екен. Сен соны өз қолың менен аўқатландырып кел. Сонда мен саған күйеўиңди қалай өзиңе бойсындырыўдың жолын айтаман, – депти.

Ҳаял оның гәпине ҳайран болып үйине қайтыпты. Тоғайға барайын десе, жолбарыстан қорқады, бармайын десе, күйеўи қолдан кетип баратыр. Ҳаял ақыры бир қойды сойдырып, гөшти қалтаға салып тоғайға қарай жол алыпты. Ол бир теректиң түбине гөшти қойып, өзи бийик теректиң басына шығып жолбарыстың келиўин бақлап отырыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ўақытлары гөштин ийисин алған жолбарыс тоғайдан жылысып шығып келип, гөшти жепти де және тоғайға кирип кетипти.

Ҳаял ертеңине және бир қойды сойдырып, гөшин қалтаға салып баяғы жерге келипти. Бирақ ол бул сапары теректиң басына минбей, сәл арманырақ барып турыпты. Жолбарыс тоғайдан шығып гөштиң қасына барыпты да, ҳаялға бир қарап алып, гөшти жей баслапты. Гөшке тойып алған жолбарыс сол жерде бираз созылып жатыпты. Ҳаял да әсте оған жақынласыңқырап турыпты. Ол, жолбарыстың буған зыян тийгизбейтуғынын билгеннен кейин, изине әсте шегинип, үйине қайтыпты.

Үшинши күни бир қойдың гөшин арқалап, ҳаял және тоғайға келипти. Бул сапары ол гөшти қасына қойып, жолбарысты күтип отырыпты. Арадан көп ўақыт өтпей жолбарыс тоғайдан шығып, буның алдына келипти. Ҳаял оннан қанша қорқса да, сыр алдырмапты. Ол қалтадан гөшти алыпты да, оны әсте жолбарысқа созыпты. Жолбарыс балық гөшти жеп таўысқаннан кейин, әдеттегидей, ҳаялдың қасына созыла кетипти. Сонда ҳаял диз жүгинип отырып, әсте оның басынан сыйпапты. Бул жолбарысқа жүда жағып кетип, ол басын ҳаялдың дизесине қойып жатыпты.

Жолбарыс уйқысынан оянып тоғайға кирип кеткеннен кейин ҳаял туўры баяғы кейўаны ҳаялдың алдына барып:

– Мен сениң шәртиңди орынладым, енди сен маған күйеўимди өзиме бағындырыўдың жолын айт! – депти.

Сонда кейўаны ҳаял оған:

– Сен жолбарыстай жыртқыш ҳайўанды өзиңе бағындыра алдың. Ҳәрбир еркектиң ишинде бир жолбарыс жасырынған болады. Енди сен күйеўиңди де өз жолыңа сала аласаң, – депти.

## ЖАРАТҚАННЫҢ ЖЕЛКЕСИНДЕГИ ИНСАН

(Р-1292, №183767)

Бир адам Аллатааланың берген өмирин мүнасип жасап, енди бул дүньядағы несийбеси таўсылып, жаратқанның алдында турған ҳусайды.

– Жаратқан ийем, – депти ол, – сен мудамы мениң менен бирге болдың ба? Мен негедур сениң барлығыңды сезбедим, – депти.

Сонда Жаратқан оны тиришилик айнасының алдына алып келип:

–Мына айнада көрип турғаның сениң өмириң. Ондағы еки қатар излер – сениң ҳәм мениң излерим, – депти.

Сонда жаңағы адам айнаға жақсылап нәзер салып:

– Жаратқан ийем, ал мына жерлерде тек бир қатар ғана излер бар екен. Сол ўақытта сиз мениң қасымда жоқ па едиңиз? – депти.

Сонда Жаратқан оған:

– Бул мениң излерим, – депти.

– Сонда мен қаяқта едим? – деп сорапты адам.

– Сен мениң желкемде едиң, – депти оған уллы жаратыўшы.

## ЖАМАННЫҢ ЖАҚСЫ ТӘРЕПИ

(Р-1292, №183767)

Бир данышпан адамларға тәселле бергенде гәпиниң арасында «Ең жаман нәрсениң де жақсы жағы болады» деген сөзлерди жийи айтып жүреди екен. Оның бул гәпине түсинбеген бир адам оның алдына келип:

– Устаз, бул дүньяда өмир бойы көкнәр ишип ямаса нәше шегип өмирин зая етип жүрген адамлар баршылық. Қәне, айтыңызшы, усы иллеттиң қандай жақсы тәрепи болыўы мүмкин? – деп сорапты.

– Әлбетте, жақсы тәрепи бар, – депти данышпан, – бундай адамлар өмириниң паяны жеткенде денсаўлықтың қәдирин басқаларға қарағанда жақсырақ билип алады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Ал ҳәммемиз қатты қорқатуғын өлим деген нәрсениң қандай жақсы тәрепи бар? – депти жаңағы адам және.

– Өлим – бул бизиң бул дүньяда тартқан барлық азапларымыздың пайны. Оған жеткен адам ҳәмме азаплардан қутылады. Оның жақсы тәрепи усында, – деп жуўап берипти данышпан.

## БИЛИМНИҢ КҮШИ

(Р-1292, №183767)

Қарақалпақлардың арасында жүдә үлкен абыройға ийе болған Ешим ахунының бир ийгилик-ли иси ҳаққында халық арасында мынандай бир раўият бар екен.

Онда сөз етилиўине қарағанда, күнлерден бир күни қырдағы белгили адамлардың бири – Сырым байдың бир улы қайтыс болыпты. Сол улдың жылы өткеннен кейин келиншеги бала туўыпты. Усы ўақыядан кейин ел арасында бул ҳадийсе ҳаққында ҳәр түрли гәплер тарала баслапты.

Туўылған баланың кимниң перзенти екенин билиў ушын Сырым бай жасүлкен ҳаяллар арқалы буны келиншектен соратыпты.

Қыйын жағдайда қалған келиншек ҳаялларға ҳеш қашан күйеўине қыянет етпегенин айтып ант ишипти.

Сонда да кеўли жай таппаған Сырым бай бул ҳадийсениң анығына жетиў ушын қырдағы барлық уламa ҳәм оқымыслылардан бул ҳадийсени түсиндирип бериўди сорапты. Лекин олар буған жуўап таба алмай, «Буны бир билсе, Ешим ахун биледи» деп, оны Ешим ахунға силтепти.

Сырым бай Турым байға келип, оны Ешим ахунға апарыўды өтиниш етипти.

Ешим ахун Сырым байдан болған ҳадийсени тыңлап болып, бир неше күн китап ақтарыпты. Ҳадийсениң тәркинине жетиў ушын өзинде бар билимди жумсапты. Арадан үш күн өткеннен кейин ол алдына Сырым байды шақыртып, оған:

– Келиншектиң ҳеш айыбы жоқ. Ол күйеўи қайтыс болғаннан кейин көп күйинип, азапланған. Нәтийжеде оның ишиндеги ҳәмле шегип қалып, әсте раўажланған. Оның он айдан кейин туўы-лыў себеби усында. Бул ҳадийсе сийрек болса да адамлар арасында ушырасады, – депти.

Оның бундай билимданлық пенен шешкен исине Сырым байдың да, оның замандасларының да қатты кеўли толған екен.

## САҒЫНЫШ

(Р-1292, №183767)

Бурынғы замандарда жети ықлымды ийелеген бир атақлы патша болған екен. Сол патшаның үш ҳаялы болыпты. Ҳаяллардың дәслепки екеўи сол патшалықтың абыройлы адамларының қызлары болып, ал кишкене ҳаялы патша жаўлап алған узақ бир елден бенде болып түскен қыз екен. Патшаның усы кишкене ҳаялынан жалғыз перзенти болыпты.

Патшаның киши ҳаялы патшадан шаҳзаданы өзи тәрбиялаўға руқсат алып, оны мудамы қа-сында алып жүреди екен. Ол енди еси енип киятырған шаҳзадаға қолынан келгенинше жақсы тәрбия бериўге ҳәрекет етипти.

Күнлерден бир күни жас шаҳзада анасының мудамы мұңлы жүретуғынлығын сезип:

– Анажан, сиз не ушын басқаларға усамайсыз. Неге буншама мұңлысыз? Мен усы ўақытқа ше-кем ҳеш сизиң күлгениңизди көрмедим, – депти.

Сонда анасы перзентиниң басынан сыйпап:

– Әй, балам, мениң жүрегимде ўатан сағынышы деген нәрсе бар. Мудамы қапалығымның се-беби сол, – депти.

– Ондай болса, – депти шаҳзада, – маған сени соншелли сағындырған сол ўатаның ҳаққында айтып бер, – депти.

– Мениң туўылған жерим – дүньяның ең гөззал жери. Ҳәтте жәннет те оның менен гөззаллықта теңлесе алмайды. Оның көллериниң ушы-қыйыры жоқ, суўлары таўдан аққан булақ суўындай

www.ziyouz.com kutubxonasi

тынық. Таўлары аспан менен тутасқан. Терeклериниң төбеси бултқа тийип турады, – депти анасы.

Сол күннен баслап жас шаҳзада анасының сол жаннет теңлесе алмайтуғын ўатанын кериў арманы менен жасапты. Бирақ әкесиниң қаҳаринен қорқып, бул ҳаққында оған тис жарып айта алмай-ақ қойыпты.

Арадан жыллар өтип, жас шаҳзада камалға келип, ал патша қартайып, тахтын баласына тапсырыпты. Енди анасының арманын әмелге асыраман деп жүргенинде анасы тосаттан аўырып, төсек тартып жатып қалыпты. Жас патша мәмлекеттеги барлық атақлы тәўиплерди алдырып, анасын қаратыпты. Бирақ тәўиплер ҳаялдың өмириниң санаўлы күнлери қалғанын айтыпты.

Өмир бойы ўатанын тағы бир мәртебе кериўге зар болған ҳаялға ўатанын қайта кериў несип болмапты.

Анасын жерлегеннен кейин жас патша көп ойланып отырмастан, әкесинен анасының ўатанының қай жерде екенин сорап алып, қасына сақшыларын ертип жолға рәўана болыпты. Олар жүдә узақ жол жүрип, ақыры манзилге келип жетипти. Жолда бир жолаўшы оларға узақтан олар сораған аўылды силтепти.

Жас патша аўылдың ортасына келип, әтирапқа нәзер салып, анасы тәриплеген гөззаллықты излепти. Қараса, анасы тәриплеген көллердиң орнында кишкене ғана көл, таўлардың орнында қатарласқан бийикликлер, ал төбеси бултқа тийген тереклердиң орнында қара таллар шайқалып турған қусайды. Жас патша дәслеп ҳайран болыпты. Кейин «Ҳәркимге өз ўатаны мисли жаннетдур» деген сөздиң қаншелли ҳақ екенин түсинипти.

## АНАНЫҢ ҚОСЫҒЫ

(Р-1292, №183767)

Баяғы өткен заманлардың бир күнинде, ел аралап узақ жол жүрип киятырған бир жолаўшы қудайы қонақ болыў ушын жол шетиндеги бир үйге қайрылыпты. Ол сыртта турып үй ийесин шақырыпты. Бираздан кейин үйден бет әжары қайғыдан қарайып кеткен бир жас нашар шығыпты. Жолаўшы оған:

– Мен узақтан киятырған жолаўшы едим. Үйиңизде бир ақшам түнесем бола ма? – депти.

– Мейли, келиң, ишкерилең, – деп ҳаял оны үйине киргизипти.

Жолаўшы ишке кирип, ҳаялдың мирәти менен төрдеги көрпешеге отырыпты, ал ҳаял мийман ушын ас таярлаўға кирисипти.

Бир ўақытта үйдиң төринде турған әткеншектен баланың ыңырсып жылаған даўысы еситилип, ҳаял баланың қасына жылдам келип, мийманға арқасын қаратып балаға көкирегин тутыпты. Бирақ бала оны еме алмапты.

– Балаң наўқасланды ма? – деп сорапты жолаўшы оннан.

Сонда жас ҳаял көзине жас алып:

– Усы үшинши перзентимниң. Алдыңғы екеўи де усындай болғанында кеселленип шетнеди. Көп күннен берли аҳўалымыз усы. Күйеўим оны аман сақлап қалыў ушын билгир тәўип излеп кетти, – депти.

Жолаўшы түни менен көз илиндирмей жатыпты, ал ҳаял азанға шекем баласын баўырына басып отырып таңды атқарыпты.

Таң енди атып киятырғанда жолаўшы ҳаялға:

– Қызым, сен балаңа ананың «ҳайййиў» айтып бермедиң ғой, – депти.

– Аға, мен жетим өскенмен. Өмиримде «ҳайййиў» еситип көрмедим, оны қалай айтыў кереклигин де билмеймен, – депти.

Сонда жолаўшы оған:

– Бул қосықты саған жүрегиң үйретеди. Көўлиңде не арзыў-арманың, дәртиң болса, барин сыртына шығар, – депти.

Таң атып, мийман ҳаялға ақ пәтиясын берип хошласып, және жолын даўам етипти.

Ҳаял ол кетиўден баласының әткеншегиниң қасына барып отырып, ыңылдап қосық айтып баслапты. Бираз өтип оның көкирегинен шыққан дебдиўи намаға қосылып, дөгеректиң бари

www.ziyouz.com kutubxonasi

үнсиз оның қосығын тыңлағандай болыпты. Хаял енди ҳәр күни баласының әткеншегин тербетип отырып «ҳәййиў» айтыўды үрдис етипти.

Арадан бир неше күн өтип, ҳаялдың күйеўи қасында тәўиби менен үйине келсе, баласы ҳаялының қасында саў-саламат ойнап отырған қусайды.

## ЕРЛИК ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

(Р-1292, №183767)

Жүдә қәдимги, көшпели қәўимлер турақласыўға макан излеп, шығыстан батысқа, қубладан арқаға көшип жүрген бир заманларда, бир ел жақсы маканды гезлеп көшип баратырған қусайды.

Олар атлы, арбалы шөл-саҳраларды асып, жүдә көп жол жүрипти. Гөзлеген маканына бес күнлик жол қалғанда көшти қорғап киятырған издеги атлы сақшылар булардың изинен жане бир душпан қәўимниң лашкерлери киятырғанын хабарлапты.

Сонда узақ жол жүрип ҳарып-шаршап киятырған қәўимниң басшысы адамларына дәрҳал арбалардан айландырып қорған тосық жасаўды буйырыпты. Қәўимниң жасы-ғаррысы, еркек-нашары, бәри жабылысып оның буйрығын орынлаўға кирисипти. Олар енди тосықты иелеп болғанда, душпан да келип жетипти.

Қәўимниң қолына қурал алғандай еркек-нашары арба қорғанның ортасына майда балаларын отырғызып, өзлери душпан менен гүреске кирисипти.

Олардың арасындағы саўаш бир неше күнге созылыпты. Үшинши күнге қарай оныссыз да узақ жолды басып өтип ҳарып-шаршаған халықтың күши кемип, душпан үстем келе баслапты. Арба қорғанның иши тысы қарсыласқанлардың қырмызы қанына боялыпты.

Душпан саркардасы енди өзлериниң басым келгенлигин билип, соңғы шешиўши атланыстан алдын әскерлерине дем алыўға руxсат берипти.

Арба қамалда қалған адамлар бийрехим душпанның булардың басына салажақ азапларын көз алдына келтирип, жүреклерине үлкен ғулғула түсип, кеўиллерин азаплы түскинлик ийелепти.

Сонда қамалдың ишинде қолында қуралы, қанға боялып жатырған сол қәўимниң жыраўы қолындағы қуралын қасына қойып, қоржынынан қобызын алыпты. Ол соңғы күшин жыйнап, сол қәўимниң халқының аўзынан түсирмей айтып жүретуғын «Батырлар шежиресин» сазға салып айта баслапты. Оның қәўим адамларының жүрегине тамыс қаўазы кем-кем өз күшин көрсетип, түскинликке түскен адамлардың кеўлиндеги түскинлик ҳәм қорқынышты думандай тарқатып, оның орнын үмит, исеним ҳәм жигер ийелей баслапты.

Жыраў бар ҳаўазы менен жырлапты. Оның даўысы пәтке минген сайын қәўимниң адамлары бирим-бирим орынларынан турып, қолларына қуралларын алып, арба қорғанды дөгереклеп өз орынларын ийелей баслапты.

Болып атырған ҳәдийсени бақлап ҳайран қалып турған душпан саркардасы топылысты енди кешиктирип болмайтуғынын түсинип, әскерлерине оны баслаў кереклиги ҳаққында буйрық берипти.

Еки тәреп арасында өлим ҳәм өмир ушын аяўсыз гүрес басланыпты. Қорғандағылар ҳәр бир қарыс жер ушын жан алып, жан берипти. Жыраў қызу-кести саўаш күшейген сайын даўысын бәлентлетип, оларды жығылған орынларынан турғызыпты.

Қәўимниң адамларынан бундай қарсылықты күтпеген душпан саркардасы гәп неде екенин түсинип, пайыт пайлап турып, қолындағы оқжай менен жыраўдың көкирегин гезлеп атыпты. Оқ жыраўдың жүрегине барып қадалыпты. Ол сонда бир майдан қобызды шертиўден тоқтап, дөгерегине қарап анадай жерде қолынан келгенше басқаларға көмек берип жүрген он-онеки жаслардағы шакиртин ымлап қасына шақырыпты да, қолындағы қобызды оның қолына услатыпты.

Бала шырақтай сөнип баратырған устазына қарап отырып, толғаўды даўам етипти.

Бир ўақытта душпан саркардасы адамларына саўашты тоқтатыўды буйырыпты. Ҳаўаға көтерилген шаң-тозаң басылғаннан кейин ол тири қалған адамларының есабын алып, төбе шашы тикке болыпты. Өзиниң сонша әскерлеринен бир қысым ғана адам қалғанын көрипти. Ол ен-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ди бир бийик төбеге шығып, арба қорғанның ишине нәзер таслапты. Олардың да жағдайы булардыкинен хәм емес екен. Сонда сәркарданың көзи қобызын қолынан түсирмей еле жырлап отырған жас жыраўға түсипти. Ол балаға бираз қарап турыпты да, оларды жеңе алмаслығына көзи жетип, әскерлерине изге қайтыўға буйрық берипти.

Жаўға берилмеген қәўим адамларының тири қалғанлары өлилерин жерлеп, ат, арбаларын жыйнап, гөзлеген манзилине қарай және жол алыпты.

## ШАЙЫР ҲӘМ ПАТША
(Р-1292, №183767)

Раўиятларда айтылыўына қарағанда, ҳеш нәрседен кемиси жоқ, өзи де хошаметти жақсы көретуғын бир патша бир күни сарайда үлкен базим берип, оған үстинде жамаўлы шапанынан басқа ҳеш нәрсеси жоқ бир қәлендер шайырды да шақыртыпты.

Сарайға мийман етип шақырылған жарамсақ шайырлардың бәри патшаның салтанатын көклерге көтерип мақтаған қосықларын патшаға оқып берип, сыйлықланып атырған қусайды. Гезек баяғы пақыр шайырға да жетипти. Оның оқыған қосығын тыңлаған патша:

– Егер мениң дәўлетим менен салтанатымды мақтағаныңда, үстиңдеги қырық жамаў шапаныңның орнына, ҳеш болмаса, бир тәўирлеў шапан алар един, – депти.

– Әй, ҳүкимдар, мен усы жыртық шапаным менен-ақ сеннен мың есе байман. Бир атадан кейин сениң салтанатың да, дәўлетиң де өз пәянына жетеди. Сениң атың адамлар ядынан өшеди. Солай екен, өткинши нәрселерди мақтаўға не қәжет? – депти.

Оның бул гәпин еситкен патша узақ ойланып:

– Сен ҳақсаң, шайыр, – депти де, қасындағы хызметкерлерине: – Мына шайырға зер шапан әкелип жаўың! Ҳеш болмаса, пәлендей уллы шайырға зер шапан жапқан патша сыпатында атым тарийхта қалсын! – депти.

## АЙЫЎ КҮЙЕЎ
(Р-1292, №183767)

Қашан болғаны белгисиз, баяғы заманлардың биринде тоғайға жақын бир аўылда бир адам өз шаңарағы менен тыныш татыў турмыс кеширеди екен. Жаңағы адамның еки улы менен жалғыз қызы болыпты.

Арадан жыллар өтип, қыз бойжетипти, оны ҳаяллыққа сорап келиўшилер көбейипти. Шаңарақтың ийеси қызды кимге берерин билмей басы қатып жүргенде, суў алыўға шыққан қызды аўылға жақын тоғайлықтан шыққан бир айыў алып кетипти. Қыздың жақынлары оны ким алып кеткенин билмей, көп излепти. Бирақ оның ҳеш дерегин таба алмапты.

Арадан және жыллар өтип, бир күни бир жолаўшы бир үңгирдиң қасында еки кишкене баланың ойнап жүргенин, олардың баяғы жоғалған қызға жүдә уқсайтуғынын аўылға айтып келипти.

Жолаўшының гәпин еситкен қыздың ағалары қолларына қуралларын алып баяғы үңгирге келипти. Олар үңгирге кирсе, оның төринде отырған қарындасын көрипти.

Туўысқанлар жыласып көрисип, қыз оларға өзиниң усы үңгирде жасайтуғын айыўға турмысқа шығып, оннан еки балалы болғанын айтып берипти.

Қыздың ағалары қарындасын ҳәм оның еки баласын алып кетип баратырса, олардың алдынан айыў шығып буларға айбат шегипти. Қыздың ағасы дәрҳал оқжайын оқлап, айыўды атып өлтирипти.

Қыз аман-есен үйине қайтып келипти. Бирақ, ол ҳәр күни: «Айыў болса да қостарым еди-аў» деп айыў күйеўин жоқлап жылайды екен. Халық аўзында «Жаман болса да қостарым еди-аў» деген сөз соннан қалған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДОСЛАРДЫҢ САНЫ
(Р-1292, №183767)

Бир күни бир адам данышпаннан:

- Тақсыр, сиз өзиңиз байға да, жарлыға да бирдей адамсыз. Соған жараса, досларыңыз да көп шығар? – деп сорапты.

Сонда данышпан оған:

– Мениң басыма еле досларымның ким ҳәм қанша екенин билетуғындай саўда түскен жоқ, – деп жуўап берипти.

## ПАЙҒАМБАР ҲӘМ ҲӘККЕ
(Р-1292, №183767)

Рәўиятларда сөз етилиўине қарағанда, Мухаммед пайғамбар заманында бир күни пайғамбарымыз жолда киятырып кәпирлерге дус келипти. Кәпирлер оны услап алып өлтириў ушын изинен қуўыпты.

Олардан қашып киятырған пайғамбар кәпирлердиң көзиниң тасасын алып, бир иши геўек теректиң ишине кирип жасырыныпты.

Оның теректиң геўегине киргенин көрген бир ҳәкке пайғамбардың геўектен сал сыртқа шығып турған шапанының пешине қонып шықықлай берипти.

Буны көзген кәпирлер пайғамбардың геўекке киргенин билип, оны услап алыпты.

Сонда пайғамбар ҳәккеге:

– Бир өмир адамларға жек көриниўли болғайсаң! – деп қарғапты.

Сол-сол екен, адамлар ҳәккени қасийетсиз қус деп жаман көретуғын болыпты.

## ДОС ТАБЫЎ
(Р-45, № 50409)

Рәўийлердиң гүррин етиўине қарағанда, бул рәўият Әдил аталықтың баласы Ибрайым болыстың досты Искендер хожадан қалған екен.

Бир аңшы сұңқарды услаў ушын сұңқар қонатуғын теректиң басына дузақ қурыпты.

Сұңқар бириншы сапары қасына қарлығаны ертип келеди. Қарлыға дузақты сезип, сұңқарға бир қараған екен, Сұңқар дәрҳал теректи тәрк етип ушып кетипти.

Екинши сапары ол терекке келгенде қасында ийтелги бар екен. Ийтелги де сұңқарға қойылған торды сезип, дәрриў оған қәўиптен белги берипти. Сұңқар бул сапары да торға түспей, аман қутылып кетипти.

Үшинши сапары сұңқар қасына жолдасы етип ала карғаны ертип келипти. Карға аңшы қурған торды сезсе де, буны сұңқарға билдирмепти. Аңсыз қалған сұңқар бул сапары аңшының торына түсип қалыпты.

Сол-сол екен, адамлар арасында ҳәр ўақыт өз жолдасын таўып жүриў кереклиги ҳаққында ақыл қалыпты.

## ТИРИШИЛИКТИҢ ҒАМЫ
Р-1292, №183767

Бурыңғы заманларда бир қәўимниң сардары узақ сапарға шыққан екен. Сардар сапарда жүрип, өткен-кеткен адамлардан өзи жасайтуғын аймақта оба кеселиниң тарқалғанын еситип, дәрриў сапарын жыйнастырып, өз журтына рәўана болыпты.

Ол көп узамай-ақ үлкен гүзар жолдың еки бойында кеселден қашып қутылыўға ҳәрекет еткен адамлардың жансыз жатырған денелерине дус келе баслапты. Қалаға кирсе, дөгерек сессемирсиз.

Сардар қасындағы адамлары менен хабарласатуғын тири жан излеп, үйлерге бирим-бирим кирип көре баслапты. Бирақ ҳеш үйден тири қалған адамды таба алмапты. Сонда ол өлгенлерди гарға қуянына жем етип таслап кетиўди намыс көрип, қасындағы хызметкерлери менен қалада бир ай қалып, оларды зорға жерлеп болып, және өз журтына, арман қарай жолын даўам еттирипти. Және еки күн жол жүрип, ақыры туўылған маканына кирип келипти.

Қараса, жүйрик кесел буның маканын да шетлеп өтпей, бирталай адамның дастығын қуртып, ал тири қалғанлар олардың қасларында өз әжеллерин күтип отырған екен. Сонда сардар оларды көрип, бир суўық демин алып болып:

– Қане, турың орынларыңыздан! Өлилерди енди тынышына қойып, тиришиликтиң ғамына киристиң! – деп буйырыпты ҳәктем даўысы менен.

Өлилердиң басында жыласып отырған адамлардың бәри оның буйрығына итаат етип, әсте орынларынан турып, тиришиликтиң ғамына кирисипти.

## ДУШПАНЛАРДЫ ДОСЛАСТЫРҒАН ДӘСТҮРЛЕР

(Р-1292, №183767)

Раўиятларда аңгиме етиўлерине қарағанда, Әмиў толып тасып аққан әйемги заманлардың биринде бир-бирине ата душпан еки қәўим жасаған екен.

Күнлерден бир күни сол қәўимниң биреўиниң сардарының баласы жигитлери менен аң аўлаўға кеткенде, қоңсы қәўимниң жас сардары адамлары менен келип, буның әкесин өлтирип кетипти.

Сонда жигит әкесин жерлеп атырып, көп узамай-ақ оның өшин алатуғынын айтып ант ишипти. Арадан азалы он күн өтип, жигит қуралын белине байлап, атына минип, душпан қәўимниң маканына қарай жолға түсипти.

Ол көп узамай-ақ дийдилеген жерине келип жетипти. Келсе, дөгерек әтирапты суў басқан, қәўим жасаған жерде тири жан жоқ қусайды. Ол әтирапты сынлап қарап, қәўимниң суў тасқынына ушырап бул жерден көшкенин аңлапты. Жигит атына минип көш кеткен тәрепке қарай олардың изи менен және жолға түсипти. Ол қәўимниң дәрьяның сайыз жеринен кешип өтип атырған жеринде излеринен жетипти.

Жигит сер салып қараса, буның әкесин өлтирген жас саркарда да бир баласын мойнына мингизип, екеўин жетелеп, ағысы пәтли суўды кешип баратырған қусайды. Көп күтип турмай, бул да қылышын қынабынан суўырып алып оның изинен суўға түсипти. Жас саркарда да арқасына бурылып, душпанының буның изинен не себеп ерип киятырғанын сезипти.

Өш алыўға келген жигит душпанының қасына енди жақынлағанда жас саркарданың изинде бөлеўли баласы менен бесигин арқалап киятырған саркарданың жас ҳаялы сүрнигип кетип, оның қолындағы бесик суўға түсип кетипти.

Бесиктеги бала шырқыраўы менен суўда ағып кете берипти. Жас саркарда бесиктеги баласын қутқарайын десе, өзиндеги үш баласын суўға қоя алмай, жаны көзине көринипти.

Буның бәрин көрип киятырған душпан жигит бир ўақытта өзин бесиктиң изинен атып, оны услап алып жағаға шығарыпты.

Олар жағаға шыққаннан кейин жас саркарда өш алыўға келген жигиттиң қасына келип, көкирегин жалаңашлап:

– Сениң не ушын келгениңди билемен. Мен өлимиме тайынман, – депти.

Сонда өш алыўға келген жигит:

– Мениң қәўимимниң дәстүрине бола, енди мен сени өлтире алмайман. Себеби бизлерде душпанның баласын қутқарыўға болмайды. Оны өлимнен қутқардың ба, енди ол саған душпан емес, – депти.

Сонда жас саркарда суўдан шығып, буларға қарап турған адамлардың арасынан шырайлы, бир бойжеткен қызды жетеклеп келипти де, жаңағы жигитке:

– Мынаў мениң қарындасым. Енди ол сениңки. Бизлердеги дәстүр бойынша, қарындасыңды берген адам менен ҳеш қашан душпан бола алмайсаң, – депти.

Өш алыўға барған жигит қызды артына мингестирип, өз журтына қарай раўана болыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨНГИШ БЕНДЕ

(Р-1292, №183767)

Күнлерден бир күни өмири қара мийнет пенен өткен бир бенде дүньядан өтипти. Ол о дүньяға келерин келсе де, руўхы тыным таппай, о дүньяң менен бул дүньяның арасында зыр жуўырып жүрген қусайды.

Сонда Жаратқан оның бул исине ҳайран болып:

– Неге буншаматашўишленесең? – деп сорапты.

– Ўах, Жаратқан ийем, мениң жанымды биймаҳал алдың ба дедим. Үш балам үйли-жайлы болса да, еле мениң жәрдемиме мүтаж еди. Менсиз жерлери егилмей, маллары бағылмай қалатуғын болды. Мени олардың қасына қайтарағөр! – деп жалыныпты.

Сонда Жаратқан оны қасына шақырып:

– Мен жерде турып, саған оларды көрсетейин. Көўлиң толмаса, мейли, сени олардың алдына қайтарғаным болсын, – деп оны шарайнасының алдына алып келипти.

Жаңағы бенде шарайнаға қараса, хошжақпас деген үлкен баласы менен ерке кишкенеси екеўи егизге қосты қосып, әнедей болып жер сүрип, ал ортаншы баласы таң азаннан малларын жайлаўға айдап баратырған қусайды.

Сонда жаңағы адам ҳайран болып:

– Өзим барда оларға бул ислерди ислете алмайтуғын едим ғой! – деп ҳайран болыпты.

Сонда Жаратқан оған:

– Ҳай, надан бендем, мен сизлерди басына түскен ҳәмме нәрсеге көнетуғын етип жаратқанман, – депти.

Соннан кейин ғана аманатын ийесине тапсырған бендениң руўхы тыныш таўып, ол Жаратқанның ҳүкимине бола жәннеттиң төрине раўана болыпты.

## ПАТША ҲӘМ НАНБАЙ

(Р-1292, №183767)

Бир нанбай басына нан салынған себетин қойып қалаға нанларын сатыўға кетип баратырса, қаланың адамларға толы көшесин қақ жарып сол елдиң патшасы әскерлери менен киятырған қусайды. Нанбай көпшилик қатары бир шетке шығып, патшаға тәжим етип турыпты. Сонда ол узағырақта үстине бастан аяқ ҳасылдан кийинген, астына әреби ат минген патшаға қарап ишинен: «Қане енди, мына патшаның орнына патша болып қалсам! Не кийемен, не жеймен деп ойламас едим. Нени қәлесем соған қолым жетип, ҳәмме ҳәмирими бойсынар еди. Бул дүньяда әрмансыз болар едим» деп ойлапты.

Әлле нәрселерди ойлап ойға шүмип киятырған патша нанбайдың тусына келгенде, оған көзи түсип, бул да ишинен: «Қане, мына нанбайдың орнына әпиўайы нанбайшы болып қалсам! Ийнимдеги жүгим жеңилленип, тапқанымды бала-шағам менен бөлисип жеп, тыныш өмир сүрер едим» деп әрман етипти.

## ЖУПТЫ-ҲАЛАЛ

(Р-1292, №183767)

Енди ғана Хожа Ахмет Ясаўий медресесин питкерген Ҳаким ата халыққа тәлим бериў ушын Арал теңизиниң қубласында жасайтуғын халықтың арасына жиберилипти.

Ол бираз жол жүрип, түйеси келип шөккен жерде өзине қос қурыў ушын тоғайға ағаш алыўға барыпты.

Усы аймақтың сол ўақыттағы ханы Бууӯраханның бәжбаны оған: «Ханнан рухсатсыз неге келдиң?» деп, оны тоғайдан қуўып шығармақшы болыпты. Сонда дөгеректе өсип турған терек-лер тилге кирип, Ҳаким атаның тәрепин алыпты.

Бул ҳәдийседен ҳайран болған бәжбан ўақыяны ханға жеткерипти. Бууӯрахан Ҳаким атаның

www.ziyouz.com kutubxonasi

апиўайы адам емес екенлигин түсинип, оны өзине жақынласырыўды ойлапты. Ол өзиниң ержетип отырған үш қызының үлкенин шақырып алып:

– Қызым, сен бизиң журтымызға келген Ҳаким исмли жигиттиң жанына барып, оған баспана қурыўға көмеклес, – депти.

Қыз Ҳаким атаның ылай ислеп атырған қандегиниң бир шетинде отырып: «Әкем мени усындай пақыр адамға мүнасип көргени неси?» деп ойланып, Ҳаким атаға хабарласпастан кетип қалыпты.

Хан енди оның алдына екинши қызын жиберипти. Ҳаким ата оның екинши қызына да жақпапты. Гезек үшинши қызға келипти. Қыз Ҳаким атаның үй қурып атырған жерине келип, жигитти көрип, дарриў-ақ әкесиниң оны бийкарға жибермегенин түсинип, дарҳал ылай қандекке түсип Ҳаким атаға жәрдемлесе баслапты.

Ҳаким ата Буўраханның сол ақыллы қызына үйленип, оннан үш перзентли болыпты.

## ДАНА АЛЫМ

(Р-1292, №183767)

Рәўиятларға қарағанда, бурынғы заманларда Хорезмде Абу Райхан деген алым болып, оның билиминиң даңқы әлемге тарқалған екен. Алым Хорезм патшасының сарайында көп жыллар хызмет қылып, оған ең жақын маслаҳатгөй адамлардың бири болыпты.

Күнлерден бир күни Хорезм патшалығының қас душпаны болған Султан Махмуд деген патша Хорезмди өз патшалығына бағындырыў ушын көп ләшкерлери менен Хорезмге бастырып кирипти. Султан Махмудтың ләшкерлери гүлленген Хорезмниң қала, аўылларын от ишинде қалдырып, халқын қул етип айдап алып кетипти. Хорезм патшасы елин қорғайман деп өзи де саўаш майданында қаза таўыпты.

Хорезмлилер жеңилгеннен кейин, Султан Махмуд сарайдағы алымларды өзи менен бирге Ғазна деген қалаға алып кетипти. Олардың арасында баяғы Абу Райхан деген алым да бар екен. Алым өзиниң бир ўақытлары баслаған илимин ақырына жеткериў ушын илажсыздан Султан Махмудтың сарайында жүрип оған хызмет етиўге мәжбүр болыпты. Султанның сарайындағы ғазналы алымлар Абу Райханның өз ҳүкимдарының алдында абройының артыўынан қорқып, мудамы оны патшасына жаманлап жүреди екен.

Бир күни олар Абу Райханның Султан Махмудтың алдында абройын төгиў ушын оған:

– Уллы ҳүкимдар, сиз Хорезмнен алып келген Абу Райхан деген алым өзин дүньяның ең илимли алымыман деп есаплайды екен. Соны бир сынап көриң, – депти.

Султан Махмуд дарриў алымды алдына шақырып алып:

– Сен өзиңди алымлардың алымыман деп есаплайды екенсең. Қане, усы гәпиң дурыс болса, айт, мен ҳәзир отырған сарайымның қайсы есигинен сыртқа шығып кетемен? – депти.

Сонда алым Султан Махмудқа:

– Уллы ҳүкимдар, илим бул шексиз умман. Оның шегн жоқ. Дүньяда ҳеш бир алым оның шегине жеттим деп айта алмайды. Буған мениң де ҳаддим сыймайды. Бирақ, мени алдыңызға шақырған екенсиз, сиз айтқан тапсырманы орынлаўға рухсат етиң! – депти де, қолына өзи ойлап тапқан өлшеўш қуралы менен сарай ишин қайта-қайта өлшеп шығып, кейин исиниң нәтийжесин қағазға жазып тахттың алдына қойыпты.

Сол ўақытта Султан хызметкерлерин шақырып, өзи отырған тахттың арқасынан есик аштырып, өзи сол есиктен сыртқа шығыпты ҳәм қайтып келип баяғы қағазды алып оқыпты да, ҳайран қалыпты. Себеби, қағазда Султанның шығып кетиўди ойлаған жери тахттың арқасында екенлиги анық көрсетилген екен. Сонда Султан оған:

– Сен шынында да алымлардың алымы екенсең. Буны өзиң әмелде көрсеттиң. Бүгиннен баслап «Алымлардың алымы» деген ат сеники, – депти.

Солай етип, уллы алымның абырйын төгемен дегенлер өзлериниң барлы-жоқлы абройынан да айрылып, өз ҳүкимдарының алдында масқара болыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ХӘМЕЛГЕ МҮНӘСИП АДАМ
(Р 1292, №183767)

Рәўиятларға қарағанда, баяғы заманларда көп жыллар өз патшалығын әдил басқарып, елин гүллентиўген бир патша жасаған екен. Арадан жыллар өтип, жаңағы патша қартайып, тахтын баласына тапсырып болып, өзи дүньядан өтипти.

Жас патша әкесиниң буған маслаҳатгөй етип қалдырып кеткен кекссе ўәзири менен ҳәмме исти ойласып ислеп, патшалықты басқара берипти. Халық ҳеш нәрседен мүтәжлик көрмей парахат турмыс кеширe берипти.

Арадан бир неше жыллар өтип, баяғы кекссе ўәзир де жүда қартайып, ол жас патшадан, қалған өмирин мәмлекет ислеринен жырақта тыныш өткериўге руxсат етиўин сорапты. Патша ўәзирге қатты сүйенип қалса да, басқа илажы болмай, оның өтинишин орынлаўға мәжбүр болыпты.

Кекссе ўәзирдиң өз ўазыйпасынан кетип баратырғанын билген сарай әмелдарларының еки ийнине от түсип, ҳәр қайсысы буннан өз мапи ушын пайдаланыўдың ҳәрекетине түсипти. Олар екиге бөлинип, ҳәр тәреп бос қалған ўәзирлик лаўазымына өз адамын усыныпты. Патшалықты басқарыўға еле тәжирийбеси кемлеў жас патша ойланып-ойланып, ақыры, баяғы кекссе ўәзирден маслаҳат сораўды уйғарыпты. Ол қасына өзине садық бир еки хызметкерин ертип баяғы ўәзирдиң үйине келипти. Ўәзир патшаның гәпин еситип болып, хызметкерине еки адамға боларлық ески кийим келтириўди буйырыпты. Хызметкер шығып кетип, бираздан кейин ўәзирдиң алдына дәрўишлер кийетуғын бас-аяқ кийимлерди әкелип қойыпты. Кейин патшаға қарап кийимлерге ишара қылып:

– Балам, мына кийимлерди кий, –депти де, өзи де бир бөлек кийимлерди алып, қоңсы бөлмеге кирип кетипти.

Патша ҳеш нәрсени түсинбей бираз турыпты да, соң үндемей дәрўиш кийимин кийип алып, ўәзирди күтип отырыпты. Бир ўақытта ўәзир де дәрўиш кийиминде патшаның алдынакелип:

– Жүр кеттик, балам. Қалғанын кейин түсинип аласаң, – депти.

Патшаның хызметкерлери оларды атларға миндирип ўәзирдиң айтқан жерине алып келипти. Олар сарайдай етип салынған бир бай ҳаўлиге жақынласқанда, ўәзир хызметкерлерге буларды ҳаўлиден узатырақ жерде күтип турыўды буйырыпты да, өзи патшаны ертип жаңағы ҳаўлиниң дәрўазасының есигин қағыпты. Бираз ўақыт өткеннен кейин дәрўазаның есигин сол үйдиң бир хызметкери ашыпты.

– Бизлер бир ел гезген дәрўишлер едик. Хожайыныңыз руxсат етсе, үйиңизге қудайы қонақ болайық деп едик, – депти ўәзир хызметкерге.

– Бизиң хожайын диўана менен саяқларды өз үйинде ҳешқашан қондырмаған. Өзлериңизге басқа жер табың, – депти.

Патша ўәзирдиң бул гәпине бурынғыдан да бетер ҳайран қалса да, үндемей оның изине ере берипти. Олар атларына минип және жолға раўана болыпты. Бир күнлик жол жүрип, таң атқаннан кейин олар және бир шаҳарге жетип келипти. Жолаўшылар бағ-бақшалы бир үйдиң тусына келгенде ўәзир және хызметкерлерге арманырақ барып турыўды буйырып, өзи патшаны изине ертип, үйдиң қапысын қағыпты. Бул есикти де сол үйдиң хызметкери ашыпты.

Сонда ўәзир бул хызметкерге де баяғы гәпти тәкирарлап:

– Бизлер бир ел гезген дәрўишлер едик. Хожайыныңыз руxсат етсе, үйиңизге қудайы қонақ болайық деп едик, – депти.

Сонда хызметкер:

–Келиң! Ишкерилең, –деп, оларды ҳаўлиге баслап барып, қойыў саялы бағдағы орынға апарып отырғызып, хожайынының бир жумыслар менен жүргениниң, ҳәдемей келип қалатуғынлығын айтыпты. Бираздан кейин хызметкер олардың алдына бир табақ жақсы писирилген ас, бир гүзе суўсын әкелип қойыпты. Олар алдына қойылған аўқатты енди жеп болғанда:

– Кеширеңиз, мийманлар, сизлерди күттирип қойдым, –деп үйдиң хожайыны да келип, олардың қасынан орын алыпты. Олар үйдиң ийеси менен таңға дейин сәўбет қурып, азанда патша менен ўәзир оның менен хошласып, сарайға қарай жол алыпты. Жолда ўәзир патшаға:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Балам, сениң ākең уллы инсан еди. Ол маған көп жақсылық етти. Оның маған еткен жақсылығына бола, мен де оның перзентине тек жақсылықты раўа көремен. Кешеги бизлер үйине кире алмаған адам менен алдымызға ас қойдырған еки адам – сарайдағы амелдарлар мениң орныма ўәзирликке муназип көрген адамлар еди. Олардың бирин ўәзирликке усынған амелдарлар тек өзиниң қара басының мапин ойлайтуғынлар болса, екинши топары патшалықтың келешегин ойлаған, саған садық адамлар. Олардың арасындағы парқты өз көзиң менен көргенлигиң ушын саған буннан жуўмақ шығарыў қыйын болмайды, – депти.

Патша кексе ўәзирдиң бул исине қатты қуўаныш болып, оған өмиринше миннетдар болыпты.

## ҚУЛҚЫННЫҢ ҚУЛЫ
(Р-1292, №183767)

Бир жарлының баласы өзине тоқ шаңарақтың баласы менен бирге мектепке барады екен. Тоқ шаңарақтың баласы түсликте бийдай нан менен набат салынған шай ишсе, ал жарлының баласы түйениң көзиндей қатты зағараны суўға басып жеп отырады екен. Бир күни набат пенен шай ишип отырған бала қасындағы басқа балалардың алдында мақтанғысы келип, қатты зағараны гайзап, буған суқланып қарап отырған жарлы балаға:

– Егер ийт болып үрип берсең, бийдай нан менен набат беремен, – депти.

Ақ нан менен набатты қатты жегиси келген бала напсин тыя алмай, «Яқшы» дегенин билмей қалыпты. Ол ҳәммениң алдында ийт болып үрип, байдың баласынан бир бөлек бийдай нан менен набатты алып жепти.

Сонда бул ҳәдийсениң үстине келип қалған молла басын шайқап шәкиртлерине:

– Көрдиңлер ме, шәкиртлерим! Мына бала өз напсине үстем болып, бир бөлек қатты зағараға қанаат еткенде, биреўдиң ийти болып үрмес еди, – депти.

## ДОСЛЫҚТЫҢ ҚӘДИРИ
(Р-1292, №183767)

Бир данышпан улама қасына шәкиртлерин ертип кетип баратырса, олардың алдынан сол уламаның жаслығында оған көп жаманлық еткен бир кекге адам шығып қалыпты. Дәстүр бойынша ҳәмме оның менен сәлемлесипти. Ҳәмме қатарлы улама да оның менен сәлемлесип, ҳал жағдай сорапты. Сонда уламаның қасында киятырғанлардан бири таң қалып:

– Ҳәзирет, ол сизге өмир бойы душпан болып өткен адам ғой, неге оның менен жыллы сорастыңыз? – депти.

Сонда улама оған:

– Егер мениң сондай душпаным болмағанда, мен дослықтың қәдирин билмеген болар едим, – депти.

## КЕЛЕШЕКТИҢ ҒАМЫ
(Р-1292, №183767)

Бағы жаўгершилик заманлардың биринде бир урыўдың жас сардары изинен қуўған жаўдан қашып, бала-шағасын изине ертип, дәрьяның арғы жағасына өтип қутылыў ушын жағаға келипти. Келсе, жағада тек бир ғана қайық турған қусайды. Қайықшы булардың жағдайын дәрриў түсинип, сардардың жақынларын жылдам қайыққа отырғыза баслапты. Қайық сардардың жақынлары менен лыққа толып, онда тек бир адамды ғана әплеп жайғастыратуғын орын қалыпты. Соның арасында буларды қуўып киятырған жаўдың да қарасы көринипти. Сонда қайықшы:

– Егер қайыққа ҳәммеңизди мингизсем, бул жерден арғы жағаға жүзип өте алмаймыз, қайық салмағыңызды көтере алмай, суўға ғарқ болады, – депти.

Буны еситкен сардардың ҳаялы:

– Сардарым, маған рухсат ет! Жағада мен қалайын. Сен ҳәм балаларым ушын шыбындай жанымнан кешсем не болыпты, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Келинининң гапин еситкен сардардың кексе анасы қайықтан түсип, баласының қасына келип:

– Балам, буған ҳәгла ырazы болма! Ҳаялың – сениң ар-намысың ҳәм келешегиң. Мениң айтқан менен, барибир, өтмиширмен. Буның үстине, ҳәр қандай душпанның да анадан туўылғанын умытпа, балам, – депти.

Анасының бул гапине жас сардар көнбей, оның орнына өзи қалмақшы болып, оны қанша үгитлесе де, анасы өз сөзинде қатты турып алыпты. Жас сардар көп санлы жаўға бир өзи қарсы турған менен бала-шағасын олардан сақлап қала алмайтуғынлығын билип, анасын жағада қалдырып, қайыққа минип жағаны тәрк етиўге мәжбүр болыпты.

Балаларының жаўдан аман-есен қутылғанына қуўанған кексе ҳаял тәғдирдиң ҳүкимине қайыл болып, жағада қала берипти. Соның арасында қайық дарьяның ортасына жеткенде, душпанын қолдан шығарғанына қатты ашыўы келген жаў да жағаға жетип келипти. Душпан сардары жағада жалғыз қалған ҳаялды көрип, ҳайран болып:

– Сен кимсең? – деп сорапты.

Сонда ҳаял оған:

– Мен ана қайықта кеткенлердиң анасыман. Қайыққа ҳәммемиз минсек, ол суўға ғарқ болып, бәримиз өлетуғын болдық. Олар тири қалыўы ушын жанымды қурбанлыққа тигип турғаным, балам, – депти.

Өмиринде «балам» деген сөзди еситип көрмеген душпан саркардасы дарьяға тигилип узақ ойланып қалыпты да, соң қасындағыларға:

– Мен қалай болмасын мына ҳаялды дарьяның арғы тәрепине өткерип саламан. Сизлерге бүгиннен баслап саркарда емеслеп. Қалеген жағыңызға кетиўиңизге болады, – депти де, изине ергенлерди тарқатып жиберип, өзи жаңағы ананың қасында қалыпты.

## НАДАН ДОС

(Р-1292, №183767)

Раўиятларға қарағанда, қарақалпаққа аты белгили Айдос бийдиң бир күни аяғына жара шығып, жүре алмай жатып қалыпты. Сонда өзин бийдиң ең жақын достыман деп есаплайтуғын бир адам оның көўлин сораў ушын үйине барыпты. Ол бийдиң төсек тартып жатырғанын көрип:

– Ўах, достым, сен бүйтип жатырғанда мениң еки аяқта жүриўге ҳаққым жоқ, – депти де, қанжарын қынабынан шығарып, санына шаншыпты.

Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин, Айдос бийдиң аяғындағы жара питип, бий жүрип кетипти. Ал бағы адамның аяғындағы жарасы асқынып, ол ақыры шолақ болып қалыпты. Айдос бий жаңағы адамның көўлин сорап бир мәртебе де оның үйине бармапты. Ол буның себебин сорағанларға:

– Надан адам ҳеш қашан садық дос бола алмайды, – деп жуўап берген екен.

## ШҮКИРЛИК

(Р-1292, №183767)

Бағы заманлардың биринде мал-дәўлети мол, турмысы тыныш бир бай жасаған екен. Оның үш қыз перзенти болып, бирақ улы болмапты. Байдың жалғыз арманы уллы болыў екен. Ол ул перзент көриў ушын қолынан келген барлық шараларды көрипти. Узақ, жақын жерде әўлийе қоймай қатнап, небир данышпан тәўиплердиң, уламалардың алдынан өтипти. Халыққа садақа тарқатыпты. Бирақ оның дады Аллаға жетип бара қоймапты.

Арадан жыллар өтип, бай бир күни көп еллерди аралаған бир дәрўиштен олар жасап атырған жерден үш айлық жерде бир әўлийениң бар екенин ҳәм оның караматы менен ҳәр қандай тилек әмелге асатуғынын айтыпты. Бай дәрўиштиң гапин еситип, бир-еки түйеге ҳасыл затлардан тийеп, қасына хызметкерлерин алып, дәрўиш айтқан әўлийени излеп жолға шығыпты.

Арадан анық үш ай өткеннен кейин олар небир машақатлар шегип, гөзлеген манзилге жетип келипти. Бай дәрўиш айтқан әўлийени аралап кетип баратырса, бир адам ески мақбараның алдында дизерлеп отырып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Я, ҳәзирет! Сеннен мәдет сорап, даргайыңа бас урайын деп узақ жол басып келдим. Маған ул болса да, қыз болса да, ҳеш болмаса бир перзент берип кәраматыңды көрсет, – деп сыйынып отырған қусайды.

Оның дадын еситкен бай: «Мына бийшара қудайдан ул болса да, қыз болса да, ҳеш болмаса бир перзент тилеп отыр. Мен болсам бири биринен зыяда үш қызым бола тура, ҳәсилик етип, оннан ул сорайжақпан» деп ойлапты да, ҳәсилиги ушын жаратқаннан кеширим сорап, тәўбеге келип изине қайтыпты.

## ҚАЙТАР ДҮНЬЯ

(Р-1292, №183767)

Раўиятларда сөз етилиўине қарағанда, бир жас келиншек дүньядан өткен әкесин зыяратлаў ушын аўлийениң басына барған қусайды. Келиншек әкесин зыяратлап болып, үйине қайтып киятырса, бир қәбирдиң басында жасы жары ортаға барған бир ҳаял даўысының барынша бақырып, зар еңиреп жылап отырған қусайды.

Жас келиншек жаңағы ҳаялға рехими келип, оны бул аўҳалда таслап кете алмай, қасына барып турыпты. Ҳаял қумардан шыққанша жылап-сықлап болғаннан кейин ол оның қасына келип:

– Апа, бендешилик, бул ис ҳәммениң басында бар. Өзиңизди бүйтип алдырмаң! – депти.

Сонда жаңағы ҳаял áсте орнынан турып алдындағы қәбирге қарап:

– Енежан, мен кеттим, келеги пийшемби алдыңызға және келемен, – деп қәбирден узақласыпты.

Буны көрген жас келиншек жүда ҳайран болып ҳаялға:

– Усы ўақытқа шекем енесин буншелли қәдирлеген нәшарды көрген жоқ едим, – депти.

Сонда жаңағы ҳаял аўыр гүрсинип:

– Оны ҳәзиргидей қәдирлегенимде, қәбириниң басында буншелли аҳ урып отырмаған болар едим. Енем бийшара мениң мийримсизлигим себепли, бир күн аяқ созып отыра алмай, бул дүньяны ерте тәрк етти. Мениң оған берген азапларымды еситсең, бетиме түпиресең. Оған берген азапларымды енди мен өз келинимнен көрип атырман. «Қайтар дүнья» дегени ҳақ нәрсе екен, сиңлим, – депти.

Ҳаялдың айтқан гәпи жас келиншекке мәңгиге сабақ болып, ол енесин анасындай қәдирлеўди үйренипти.

## КЕЎИЛ СОҚЫРЛЫҒЫ

(Р-1292, №183767)

Бир гәпары бир кәрўан узақ сапарға шығыўға таярланып атырса, кәрўанбасының алдына бир адам келип, оннан усы қалаға мийман болып келген адамды да өзлери менен бирге алып кетиўди өтиниш етипти. Кәрўанбасы оны алып кетиўге ырзалы болыпты. Жаңағы адам көп узамай кәрўанбасының алдына бир соқыр адамды әкелип таслап кетипти.

Оның соқыр екенин көрген кәрўанбасы рехими келип, оны ең жақсы түйеге миндирипти. Кәрўан бираз жол жүргеннен кейин бир қолайлы жерге жайғасып аўқатланыўға отырып, кәрўанбасы жаңағы адамды қасына ертип әкелип, ортаға барын қойып оны аўқатланыўға мирәт етипти. Ол бир түўрам гөштиң ең жақсы, жумсақ жерин соқырдың алдына қойып:

– Мына гөштен жеп тойып алың, – депти.

Сонда жаңағы соқыр өзинше: «Бул бой мениң соқыр екенимнен пайдаланып, мени бир шуқым гөш пенен алдайжақ. Өзи қудай билсин, қандай тансық тағамларды жеп отырғаны» деп ойлапты.

Кәрўанбасы мәнзилге жеткенге шекем соқырды аяп, оны еки мезгил өзиндеги бар азықтың ең жақсысы менен бағып барыпты.

Соқыр үйине барғаннан кейин дус болған адамлардың барине өзиниң бир «жаман» кәрўанбасыға дус болып, оның буған аўқаттың жаманын берип келгенин айта берипти. Сонда кәрўанбасыны жақсы билген адамлар: «Көздиң соқырлығы кеўилдиң соқырлығы алдында ҳеш нәрсе емес екен» деп ҳайран қалысқан екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲҮКИМ
(Р-1292, 183767)

Рәўиятларда ҳикая етиўлерине қарағанда, молла, бажбан ҳам қарақшы бир күнде аманатын тапсырып, Таңрының алдында турған қусайды.

Таңри периштелерине бажбан менен қарақшыны бейишке ал, молланы дозаққа жибериўге ҳүким етипти. Сонда таңрының ҳүкимине наразы болған молла:

– Әй, жаратқан ийем, мен саған бир өмир хызмет еттим. Мына қарақшы бир өмир адамларды сорлатып келди. Бажбан пүткил өмирин бир таўдың басындағы тоғайда өткерип, мешитке бир мәртебе де қәдем баспады. Олар меннен әбзал болды ма? – депти.

Сонда Таңри оған:

– Әй, нақабыл бендем! Бажбан бир өмир таўда өмирин өткерип, мешитке бир мәртебе қәдем қоймаса да, мениң жаратқан бенделеримниң мүшкилин аңсат етиў ушын өмирин отын тасыў менен өткерди. Шапқан отынларының орнына дарақ екти. Ал қарақшы мениң жердеги қолым еди. Мен оның менен шайтанның мәкрине ерип, байлыққа аш болып, инсаныйлықты умытқан бенделеримди жазаладым.

Саған жүклеген ўазыйпам ҳәмме бенделеримдикине қарағанда ең жуўапкерлиси еди. Сен мениң ҳүкимим бойынша инсанларға илим үлестириўиң керек еди. Оның орнына сен олардан мәжбүрлеп ҳәм алдап садақа жыйнадың. Бала шағаңды сол ҳарам садақа менен бақтың. Маған сениң қәлбиңде ҳеш қашан орын болмаған. Соның ушын сениң орның тек дозақта, – депти.

## ӘРМАНЛЫ ДҮНЬЯ
(Р-1292, №183767)

Бир күни бир жас жигит ақ отаўынан шығып, әтирапты тамашалап турса, көз ушында үйиниң алдындағы жолда қадди қәўмети келисип қалған бир жас нәшар кетип баратырған қусайды. Көкирегине енди ғамал енген жигит, қыз бенен тиллесип қалайын деп, оның изинен тура умтылыпты. Жигит пәтленип қанша жуўырса да, қыз да араны ашып жеткермей кете берипти. Қыздың тақымына түскен еки бурым қара шашы, сәрўи талдай қәўмети жигитти лал етип, ҳеўлин ышқы оты бәнт етип, енди ол қалай болмасын қызға жетип алыўдың ҳәрекетин етип, бар күши менен жуўырыпты. Бирақ қыз да буның менен өшегискендей, артына қайрылып қарамай, кете берипти. Бийшара жигит томарға қағылып неше мәртебе жығылса да, алға қарай қыздың кейнинен жуўыра берипти.

Арадан қанша ўақыт өткени белгисиз, ҳалдан тайып, үсти басы дал-дал болған жигит ақыры қыздың изинен жетип барып, оның қолынан услап:

– Ҳәй, заманлас, тоқта! – депти.

Қыз тоқтап, артына қайрылып жигитке қарапты. Жигит қараса, оның алдында тиси сойлақ, бети қотыр, мурны орақтай иймейген нәшар турған қусайды. Барлық әрманлары пушқа шыққан жигит жерге отырып алып: «Ўаҳ, әрманлы дүнья-ай» деп өкирип-өкирип жылаған қусайды.

## ҚАРУН

Диний рәўиятларға көре, Қарун Муўса Пайғамбардың атасы менен туўысқан адамның улы болып, жүдә көп байлыққа ийе екен. Лекин ол оғада қызғаншақ ҳәм сықмар болыпты. Қәўим басшылары оған қәўимлеслерине жәрдем бериў туўралы қанша насийҳат етсе де, ол қулақ аспапты. Муўса пайғамбар оннан зәкат бериўди талап етипти. Бирақ Қарун мойын таўлап, зәкат бермейди, керисинше ол Муўсаға дәҳмет етип, оны зина еткенликте айыплапты, лекин оның дәҳмети тезде паш болыпты ҳәм Муўса оны нәлетлеп, терис пәтия берипти. Нәтийжеде жер жарылып, Қарунды пүткил байлығы менен жутыпты ҳәм о дүньяда Қарун менен оның яранлары дозақ отында жандырылған, деп айтысады рәўийлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАН МЕНЕН КИРГЕН ӘДЕТ
(Р-1292, №183767)

Баяғы заманларда бир патшалықта адамларды бай-жарлысына қарамай, күши жетсе бағып алып, күши жетпесе урлап алатуғын, нағыз ғаззап бир қарақшы, уры болған екен. Халық оның берген азапларына сабыр кесеси толып, ақыры патшаға арыз етипти. Патшаның пашшаплары жаңағы урыны услаў ушын күни-түни оны аңлып, әлдим азарда көп қыйыншылықлар менен зорға қолға түсирипти.

Патша оны халыққа берген азаплары ушын өлим жазасына буйырыпты. Қаланың орайлық майданына дар қурылып, урыны ҳәм оның шериклери дар алдына алып келинипти. Урының дарға асылғанын өз көзи менен көриў ушын патша да майданға келипти.

Дәслеп урының өзи, кейин оның шериклери бирим-бирим дарға асылыпты. Гезек урының бары жоғы тоғыз-он жаслардағы баласына келипти.

Сонда ҳәмме ўақыт елин әдил басқарып келген патшаның жас балаға рәҳими келип пашшапларға:

– Баланы дарға аспаң! – деп буйрық берипти.

Сонда патшаның кексе ўәзири оған:

– Тақсыр! Халықта «қан менен кирген әдет, жан менен шығады» деген гәп бар. Бала тири қалса, әкесине усап қарақшы, уры болмаслығына ҳешким кепил бола алмайды, – депти.

Бирақ патша өз сөзинен қайтпай, баланы сарайға өзи менен бирге алып кетипти. Ол сарайға келгеннен кейин қаладағы ең жақсы устазларды сарайға шақырып алып, оларға балаға тәлим-тәрбия бериўди тапсырыпты.

Арадан жыллар өтип, баяғы урының баласы көрген адам ҳаўес еткендей, билимли, ақыллы жигит болып камалға келипти. Патша да ўәзирге ҳәр қандай баланың камалға келиўинде тәрбияның орны уллы екенин дәлиллегенин айтыўды да умытпапты.

Арадан және бираз ўақыт өткеннен кейин, бир күни патша баяғы ўәзири менен сәўбетлесип отырса, хызметкер олардың алдына келип, патшаның ғәзийнеханасындағы барлық алтынлардың урланғанлығын хабар етипти. Патшаның төбе шашы тик болып, дәрҳал алтынларды ким урлағанын табыўды буйырыпты. Көп ўақыт өтпей, алтынларды баяғы дарға асылған урының сарайда тәлим-тәрбия алған баласының урлағаны мәлим болыпты. Патшаның адамлары жигит ҳәм урланған алтынларды ҳеш жерден таба алмапты. Сонда ол дана ўәзириниң ҳақ екенин мойынлапты.

## ЖЕРДЕ ҚАЛМАЙТУҒЫН ЖАҚСЫЛЫҚ
(Р-1292, 183767)

Рәўиятларда сөз етиўлерге қарағанда, бир патшалықтың абройлы ўәзирлериниң бири узақ сапардан қайтыпты. Кексе ўәзирдиң жолы ушы-қыйыры жоқ шөлистанлық екен. Ол адамлары менен сол шөлдиң ортасына келгенде олардың көзине жолдан узағырақта қумлардың арасында бир нәрсениң қараўытып жатырған сүлдери көринипти. Ўәзир дәрриў атын сол тәрепке бурып барып қараса, жаңағы қараўытқан нәрсе жас жигиттиң денеси екен. Ўәзир аттан түсип, жигиттиң басын сүйеп, дем алысын тексерип көрипти. Жигит ес-түссиз жатырған болса да, еле тири екен. Ўәзир дәрриў қасында алып киятырған суўынан жигиттиң аўзына тамызыпты да, оның тири қалыўынан үмитленип, қасындағыларға сол жерге шатыр қурып, жигит өзине келгенше усы жерде қалатуғынлығын айтыпты.

Еки-үш күннен кейин жигит өзине келип көзин ашыпты. Ўәзир оның қарнын тойдырыпты да, бирақ жигиттиң бул жағдайға қалай түскенлиги ҳаққында ҳеш нәрсе сорамапты. Жигит өзине бираз келип, күш жыйнағаннан кейин, олар және жолға түсипти. Жолаўшылар еки ҳәптедей жол жүргеннен кейин узақтан бир елатлықтың қарасы көринипти. Сонда жигит ўәзирге:

– Сизиң ислеген жақсылығыңызды ҳеш қашан умытпайман. Егер оны қайтара алмасам, маған ислеген жақсылығыңыз Алладан қайтсын, – депти де, ўәзир ҳәм оның қасындағылар менен жыллы хошласып, жаңағы елатқа қарай жол тартыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўазир ўатанына аман-есен қайтып келипти. Арадан жыллар өтипти. Бир күнлери ўазирдиң патшалығына қоңсы елдиң патшасының урыс жариялағанлығы ҳаққындағы хабар келипти. Көп ўақыт өтпей патшалыққа қоңсы елдиң лашкерлери бастырып кирипти. Олар елди қырғынға ушыратып, көп адамларды өлтирип, тири қалғанларды қул етип сатыў ушын алып кетипти. Олардың арасында баяғы ўазир ҳәм оның бала-шағасы да бар қусайды. Душпан әскерлери тутқынларды өзлериниң журтына әкелгеннен кейин өз патшасына тутқынлардың арасында басып алған елиниң ўәзириниң де бар екенин айтыпты.

Патша әскерлерине сол ўазирди алдына алып келиўди буйырыпты. Ўазир патшаның алдына әкелинипти. Патша ўазирге бир майдан таң қалып қарап турыпты да, соң тахтынан түсип, оның алдына келип:

– Мени кешириң, кеңпейил адам, мен сизиң жақсылығыңызды қайтарыўдың орнына сизге зыян жеткерippен, – депти.

Сонда ғана ўазир алдында турған патшаның баяғы шөлде өзи қутқарған жигит екенин таныпты. Олар қайтадан қушақласып көрисип, тағы ушырасқанына қуўанып қалыпты. Патша ўазирден қайта-қайта кеширим сорап, оның патшалығына жеткерген зыянын артығы менен төлеп, барлық тутқынларды да азат етип, енди ҳеш қашан оның елине душпан сыпатында қәдем қоймаўға ўәде берип, ўазирди өз ўатанына шығарып салыпты.

## АЛЫМ ҲӘМ ҚАРАҚШЫ
(Ғ-1292, №183767)

Бир заманларда еки патшалық арасында қырғын урыс болып, урыста жеңген патшаның әскерлери апиўайы пухаралар менен бирге сол елдиң белгили алымларын да тутқын етип өз журтына алып кетипти. Олар елге тутқынларды алып барғаннан кейин пухараны қул етип сатып, ал алымларды өз патшасына хызмет еттириў ушын сарайға патшаның алдына алып барыпты. Алымлардың көпшилиги жанларын аман қалыў ушын патшаға хызмет етиўге қайыл болыпты. Ыразы болмағанлар өлимге ҳүким етилипти.

Өлимге буйырылғанлардың арасында илим дүньясында тени тайы жоқ бир алым болып, патша оны қалай болмасын өзине хызмет еттириў ушын алым ыразы болмағанша, оны зинданда услап турыўды ойлапты. Алым патшаның буйрығы менен зинданға тасланыпты.

Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин патшаның адамлары алымнан оның патшаға хызмет етиўге қайылшылығын сорапты. Алым ыразы болмапты. Сонда ҳийлекер патша ойлап-ойлап, әскерлерине жақында патшалықтан усланған бир қарақшы геллекесерди алымның қасына зинданға таслаўды буйырыпты. Ол «алым қарақшының қысымына шыдамай, бизге хызмет етиўге мәжбүр болады» деп ойлапты. Қарақшы да алымның қасына зинданға тасланыпты.

Зинданға енди келип түскен қарақшы шаш-сақалы өсип, әбигер болған алымды көрип:

– Сен кимсең? – деп сорапты.

Алым оған өз исмин айтыпты. Алымның исмин еситкен қарақшы ҳайран қалып:

– Сиздей уллы адам менен көрисиў мендей қарақшы ушын үлкен мәртебе, – депти.

Сонда алым оған:

– Ҳешким анадан қарақшы болып туўылмайды. Қәлесең, бул жаман аттан қутылып, атың жети ықлымға белгили алым болыўың мүмкин, – депти.

– Буның ушын не ислеўим керек? – депти қарақшы.

– Мен усы жерде жатып ашқан жаңалықларым өзим менен кететуғын болды-аў деп жатыр един. Сол илимди саған берейин, сен оны мениң елиме апар, – депти.

Солай етип, алым зинданда жатып өзиниң билген илимин, ашқан жаңалықларын қарақшыға үйрете баслапты. Сол аралықта патшаның адамлары алымды неше мәртебе патшаның алдына апарса да, алым патшаға хызмет етиўден бас тартыпты. Ашыўы келген патша ол ыразы болмағанша зинданда қалдырыўды буйырыпты.

Алым зинданға қайтып келип, және қарақшыға сабақ бериўин даўам етипти.

Арадан жыллар өтипти. Алым зинданда жатып дүньядан өтипти. Қарақшы енди зиндан-

www.ziyouz.com kutubxonasi

нан шығыў пайты келгенин билип, зиндан қараўылына көп байлық ўәде етип, ол арқалы шериклерине буны зинданнан азат етиў ҳаққында астыртын хабар жиберипти. Бир күни түнде қарақшының шериклери зинданға жасырын кирип, қарақшыны өзлери менен бирге алып кетипти.

Зинданнан азатлыққа шыққан қарақшы дәрўиш кийимин кийип, көп мәнзиллер асып, баяғы алымның патшалығына келипти де, туўры сарайға, патшаның алдына барыпты. Ол патшаға тәжим етип:

– Тақсыр, мен сизиң буннан көп жыллар бурын душпанға тутқын түскен алымыңыздың шәкирти едим. Оның маған берген илими аманат еди. Мен оған өлими алдында сол аманатты сизлерге жеткериўди ўәде еттим, – депти.

Алымның атын еситкен патша қатты қуўанып, оның шәкиртине үлкен иззет-ҳүрмет көрсетипти. Арадан көп ўақыт өтпей патша оның қасына илимли адамларды қосып, оған барлық шараятларды жаратып берипти. Баяғы қарақшы жыллар өтип, аты жети ықлымға тарқалған алым болып жетилисипти.

## ҚАРЫЗ
(Р-1292, №183767)

Раўийлердиң әңгиме етиўлерине қарағанда, баяғы заманлардың биринде мал-дәўлетли, ақыр-ақыбетли бир адам жасаған екен.

Бир күни таңда, ҳәмме уйқыда жатырған ўақытта оның отаўының есиги қағылыпты. Ол орнынан турып барып есигин ашса, есиктиң алдында үсти-басы әбигер, өзи де ҳалдан тайған бир адам турған қусайды.

– Келиң, ишкерилең, – деп, үйдиң ийеси оны отаўға киргизипти.

Келген адам үйдиң ийеси берген суўсынды ишип қанып алып:

– Мен сизиң елиңизге саўда ислейин деп киятырған бир саўдагер едим. Жолда кәрўанымды қарақшылар тонап, ҳеш нәрсесиз қалдым. Басымдағы бар байлығым қарақшыларда кетти. Өзим зорға аман қутылдым. Маған елиме жетип алыўға жәрдем етиң, – депти.

Бай жаңағы адамды үйинде үш-төрт күн мийман еткеннен кейин, мийман бесинши күни байдан жолға шығыўға рухсат сорапты.

Бай хызметкерлерине бир нар түйени әкелиўди буйырыпты да, өзи екинши бир отаўға кирип, көп узамай бир кишкене қалта көтерип шығып:

– Мийман, мына қалтада мың тилла бар, нар түйе де сизики, жол азығыңызды да таярлатып қойыппан, – депти.

– Жасуллы, сиз маған бергенлериңиздиң бәрин қарыз деп билиң. Күни келгенде бәрин қайтараман, – депти.

Сонда бай оған:

– Мийман, бир бендениң басына ис түскенде оған жәрдем бермек, саўап болады. Мениң сизге бергенлерим қарыз емес, – депти.

Олар бир-бири менен ағалы инили болып хошласып, жолаўшы өз ўатанына қарай жолға түсипти.

Арадан жыллар өтип, байдың басына үлкен саўда түсипти. Сол жылы қырда қатты қурғақшылық болып, байдың есап-сансыз малы от-жемсиз қалыпты. Оның үстине, маллардың арасында кеселлик тарап, еки-үш күнниң ишинде бай бар малынан айрылыпты. Елде де ашаршылық ҳәм қымбатшылық басланыпты. Бай қолындағы бар жыйғанын аш қалғанларға берип, өзи де бала-шағасы менен бир тапса, бир таппай отыратуғын жағдайға жетипти.

Бир күни байдың ҳаялы үйинде қалған соңғы бир қысым бийдайды келиге түйип атырса, узақтан қараўытқан үлкен қара көринипти. Бәйбише дәрриў үйинен күйеўин шақырыпты. Бай сыртқа шығып, жаңағы қараның жақынласыўын күтипти. Қара кем-кем жақынласқаннан кейин оның ушы-қыйыры жоқ қойлардың падасы екенлиги көринипти. Паданың кейнинен атлылыр да киятырған қусайды. Олар туўры байдың үйиниң алдына келип тоқтапты.

Атлылардың арасынан бир адам айрылып шығып байдың алдына келип, атынан түсип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Сәлемимди қабыл ет, жасулллы, – депти.

Бай үстине хасылдан кийинип, белине қамарыдан қайыс таққан адамды көп ўақытқа шекем таный алмай турыпты.

– Жасуллы! Мени танымадыңыз ба? Мен буннан төрт-бес жыллар бурын сизден жақсылық көрген адам едим. Сол қарызымды өтейин деп келдим. Мына пада, нар түйелер, арәби атлардың ҳәммеси сизиң маған берген мың тиллаңызды жумсап тапқан дүньямның төрттен бир бөлеги. Екинши бөлеги мына қалтаның ишинде. Қалған еки бөлеги маған жетеди, – деп оның алдына бир шекийне тилла теңгени қойыпты.

Бай мийман менен қайтадан көрисип, отаўға кирип, екеўи кеўиллериниң шери тарқағанша сәўбет қурып, кеўил жазысыпты. Саўдагер байдың үйинде бир-неше күн мийман болып, бай менен қыяметлик ағайин тутынып, соң қарызын бергенине кеўли толып үйине қайтыпты.

## ЖАМАНЛЫҚ

(Р-1292, №183767)

Рәўиятларда сөз етилиўине қарағанда, бурынғы заманларда залымлықта теңи жоқ бир патшаның ақыбетли, зыялы бир ўәзири болыпты. Уәзирдиң халық арасында абройы балентлигин көре алмаған патша оны бир сылтаў таўып узақ ўәлаятлардың бирине сүргин етип жиберипти. Бирақ ўәзир қаланы тәрк еткен болса да, халық қыйын ислер басларына түскенде ўәзирди тез-тез еслеп турады екен. Тыңшыларынан буны еситкен патша ўәзиринен өш алыў ушын алдына бас саркардасын шақырып алып, оған сүргиндеги ўәзирди бала-шағасы менен қосып жасырын түрде өлтириўди буйырыпты.

Саркарда қасына бир-еки әскерди ертип, ўәзир сүргин етилген жерге келипти. Келсе, ўәзир қыласығының алдындағы бир қыйтақ жерде бала-шағасы менен бийдай егип атырған күсайды. Ол саркарданы көриўден ақ оның бул жерге неге келгенин дәрриў аңлапты.

– Патша сени ҳәм бала-шағаңды өлимге буйырды, – депти саркарда ўәзирге.

Ўәзир суўық демин алып:

– Екеўимиз узақ жыллар бир ҳүкимдарға хызмет еттип, жақсы-жаман күнлерди бирге көрдик. Мен өлимиме қайылман, бирақ ўатанласлығымыз ҳаққы, мениң бала-шағамды тири қалдыр, – депти.

Ўәзир саркардаға қанша жалынбасын, ол жуўапкершиликти мойнына алыўды қәлемей, ўәзирди ҳәм оның бала-шағасын да бирим-бирим қылыштан өткерипти де, изине қайтыпты.

Саркарда бир неше күн жол жүрип, үйине жақынласқанда үйиниң алдында көп адамлардың жыйналысып турғанын көрип, жүреги жағымсыз нәрсени сезип суў етипти. Ол атынан түсе сала үйине қарай жуўырыпты. Сонда есиктиң алдында турған елдиң жасүлкенлериниң бири оның алдынан шығып:

– Балам, жалғыз улыңнан айрылдың. Шамасы, сен дүньяда патшадан да уллырақ әдил ҳүкимдардың бар екенин, әттең, есапқа алмаған қусайсаң, – депти.

Ўәзир қылған исине бир өмир пушайман болып, зар қақсап қала берипти.

## ҲӘР ЗАМАНҒА БИР ЗАҢМАН

(Р-1297, -№18377)

Рәўийлердиң рәўият етиўине қарағанда, илгери заманлардың биринде шийеттей балалары көп бир кембағал жасаған екен. Оның бир тапқаны бир тапқанына жетпегеннен кейин өзинше тағы бир талап ислегиси келипти. Сол қыял менен бирнеше мәрте өзи көмир әкелген базардың аўзына жайғасып алып, бир-еки адамның тәғдирин болжап, сәўе айтқан екен, ҳәмме оны «сәўегөй» деп тан ала баслапты. Айтқаны айдай келип, сәўеси дурыс шыққаннан кейин адамлар оны үйине излеп келетуғын болады.

Күнлерден бир күни патшаның ғәзийнеханасына уры түсипти. Патша сол патшалықтың дийиминде турған қорра салыўшы қоррандозларды, пал ашыўшы палкерлерди, аты шыққан сәўегөй

менен әўлийе питкенниң барлығын жыйнап, урыны таўып бериўди мықлап тапсырады. Бирақ ҳешким урыны таба алмайды. Патша бутан ашыўы келип:

– Патшалықта биз билмеген енди ким қалды? – деп, илмиғайыптан хабары бар адамларды излестиреди.

Ўазирлери патшаға келип:

– Жақыннан берли бир сәўегей пайда болыпты. Бурын бир кембағал еди. Егер мақул көрсеңиз, соны алдыртайық, – дейди.

Патша оны әкелиўди буйырады.

Ўазирлер өзлери айтқан адамды патша даргайына тайын етеди. Патшаның алдына қорқа-қорқа келген кембағал ҳешкимге тис жарып ҳешнәрсе айтпайды. Патша оны қабыллап:

– Бизиң ғәзийнеханамызға уры түсти. Ҳеш изин қалдырмапты, бәшпелерлар! Егер сол урылардың қай жерде жасырынғанын айтып берсең, астыңа жорға миңгиземен, үстиңе тон кийгиземен ҳәм бир табақ толы зер беремен. Ал айтқаның дурыс шықпаса, сениң жалған сәўегей екениңди паш етип, ешекке терис миңгиздирип жиберемен, – деп зинҳарлайды.

Кембағал патшаның айтқанына бас шулғып отырады. Соны айтып болып, «Ал өзиң не дейсең?» дегенде:

– Тақсыр, маған бирер күн мәўлет берсеңиз, әўели мен сәўе көрейин, жуўабын соннан кейин берейин», – дейди.

Патша:

– Болады, онда. Жуўабын кешиктирме, – деп оның руқсатын береди.

Кембағал «Қайдан да ғана сәўе айтқыш болдым. Бәлени өз басыма сатып алдым. Өлетуғын жерим енди келди» деп басы салбырап қайтып киятырса, алдынан бирнеме жылыслап өткендей болады. Басын көтерип қараса, қарсы алдында бир сәржылан турған екен. Қорққанынан арқасына шегиншеклеў менен болады. Сол гезде сәржылан:

– Ҳей, адамзат! Жолымыз бир болып қалды. Сен меннен қорқпа. Бу не, үскиниң қуйылып киятыр?! Басыңа бир мусаллат ис түсти ме? – дейди.

Жыланның өзине сөйлеп турғанын көрген отыншы:

– Аўа, аўа! Мен бир кембағал жан едим. Күнкөрисим төмен болғаннан кейин аңғәдек адамларды алдап, өзимше бир сәўегей болып жүр едим. Бирер адамды алдайтуғын ҳийлем бар еди. Бирақ, бул ҳийлем өзимниң басымды жутайын деп тур. Патшаның ғәзийнеханасына уры түсипти. Соны тез арада табыўды маған тапсырды. Усыннан таба алмасам, басымнан айырыламан, жаманлығым, жалған сөйлегеним сүйекке тамға болып, кесирим бала-шағама тийеди, олар да қор болады», – дейди жыламсырап.

Сәржылан:

– Ҳей, адамзат! Напси бәлеси жаман-да. Мен сени түсиндим. Патшаның ғәзийнеханасына кимлердиң түскенин из кесип байқадым. Егер соны айтып берсем, сен патшаға барып айтсаң, бул мусаллаттан қутыласаң. Бирақ сен патшадан алған саўғаңды маған әкелип беретуғын болсаң ғана сол сырды саған айтаман, – дейди.

Кембағал:

– Алла, бәрекелла!, – дейди.

Сәржылан урылардың ҳәзир түлейде жасырынып отырғанлығын, үш күннен кейин жолға шығып кететуғынлығын айтады. Соны айтып болып, қайтыўда байшынардың астында күтетуғынлығын ескертеди. Кембағал жылан менен жыллы хошласып, қуўана-қуўана үйине қайтады.

Ертеңине ерте турған кембағал «Я, Алла!» деп патшаның сарайына жол тартады. Оның келгенин билгеннен кейин патша алдына шақыртады. Ол урылардың дәрегин айтып береди. Патша оны еситиўден бир топар қарыўлы әскерди түлейге атландырады. Ҳәммеси де кембағалдың айтқанындай болып шығады. Патша кембағалға ырза болып, «Таңир жарылқағыр! Шыны сәўегей екенсең!» – деп ўәде еткен саўғаларын береди.

Үстинде жаңа кийим, астында жорға ат, қоржыны зерге толы кембағал шалқайып қайта береди. Ўәде бойынша енди сәржыланға барып алған саўғаларын бериўи керек. Ўәдели жерге жақынлағанда кембағалдың ойына сумлық кирип, «Мен адамман. Жыланның айтқанын ислей

www.ziyouz.com kutubxonasi

берип не пишама?! Мыналарды бала-шағамның тиришилигине жумсайын. Жылан соншә зерди мази астында басып жатады. Ол тон киймесе, ат минбесе, қәў?!», - деп екиленеди де, айтылған байшынарға бармастан жолдан бурылады да, тууры үйине кетеди. Соның менен мас болып, тағы да сәўегейшилик қылып жүре береди.

Бир күнлери патшаның ғәзийнеханасындағы ҳасыл буйымлардың қоллы болғаны ҳаққында хабар тарқайды. Патша жар урдырып, барлық көзашықларды, коррандозлар менен палкерлерди, из кесиўшилерди шақыртып атырған екен. Оларға урыларды табыўды буйырады. Қанша ҳәлекленбесин, ҳешким урыларды таба алмайды. Патша жалған көзашықлардың, корра, пал салыўшылардың барлығын дарғазап еттиреди. Ўәзирлерин жыйнап:

– Биз билмеген ким қалды?, – деп сорайды.

Ўәзирлер баяғы адамды айтады. Кембағал дарҳал алдырылады.

Патша кембағалға:

– Ҳа, қарашам! Тез урылардың дерегин таўып бер. Таба алмасаң, өзиң өлимдар, малың патшалық болады. Бала-шағаңды қуллыққа саламан, – дейди қаҳарленип.

– Тақсыр, бир саўҳ көрип болып айтайын, – дейди.

– Яшш, ертең жуўабын айтатуғын бол! – деп оны үйине қайтарады.

Кембағалды қара уўайым басып, басы салбыраўы менен жолға шыға береди. Оның жолының үстинде баяғы саржыланның ордағы бар. Не қыларын билмей, илбип жүрип келе береди. Қанше жүргенин билмейди, бир жерлерге келгенде басын көтерсе, жолында қасқайып саржылан турған екен. Кембағалдың басы бурынғыдан да төменге кетип, сол жерде тилт тоқтайды.

Саржылан:

– Ҳей, адамзат! Бу не ақырзаманды түсирип киятырсаң? Жағдайың дым аўыр ғой. Жүзиң қуўарып кетипти. Не болды, буншелли? – дейди.

Кембағал қысына-қымтырыла:

– Қурып қалдым ғой, қурып қалдым. Басыма тағы да мүшкил ис түсти. Патшаның ғәзийнеханасындағы қымбат буйымлар қоллы болыпты. Соны урлаған урыларды табыўды маған буйырды. Мениң оны айта алатуғындай караматым жоқ. Ҳәммеси питти! – деп сөзиниң изин айта алмай өкирип қоя береди.

Сонда саржылан:

– Ҳа, жарамаслар-ей! Ол урылар еле узап кеткен жоқ. Мен урылардың жасырынган жерин де билемен. Егер мен олардың жайын айтып берсем, маған не кәдең бар? – дейди.

Патша не атаса, соның барлығын өзиңизге әкелип беремен. Берекет табың!», - деп кембағалдың жүзине қан жуўырады.

Саржылан урылардың таў арасындағы үңгирде жасырынғанлығын, сол жерде бирнеше күннен берли базим қурып атырғанлығын айтады. Ол сөзин питкергеннен кейин байшынардың астында күтетуғынлығын билдиреди. Кембағал саржыланга ўәдени берип үйине қайтады.

Бир кеш үйинде дем алып, ертеңине патшаның сарайына жол алады. Патша да асыға күтип отырған екен.

– Ҳа, қарашам, не болды? – дейди ол.

– Тақсыр, урылар ҳәзир таў арасындағы үңгирде, қуўғыншы жиберсеңиз, тал үстинен түседи, - дейди.

Оның айтқаны айдай шығып, урылар табылады, ғәзийне қайтарылады. Урылардың ҳәммеси дарға тартылады. Патша халыққа баяғы кембағалды «Патшалықтың сәўегейи» деп таныстырып, оған бастан-аяқ қымбат баҳалы кийим, саўыт-сайман, қурал-жарақ, төрт түликтиң ҳәр түринен мал берип, сән-салтанат пенен атландырады.

Буннан кембағалдың көўили ал-аспанға шығып, йошып келе береди. Саржылан менен ушырасатуғын манзилге келген жерде оған берген ўәдеси есине түседи де, бирден қыялы бузылады. Ол «Мен киммен, жылан ким? Мен патшаның сәўегейимен. Мениң қасымда ол не – бир жәнлик! Буған сөз бергендей, не өзи бул?!», - деп бир тасынып, бир басылып, қанасына сыймай турады. Байшынардың астында турған саржыланды көрген гезде ашыўы басына шаўшып, патшаның саўға қылған қылышын қынабынан суўырып алады да, жолына айдай қарап турған

www.ziyouz.com kutubxonasi

ўаделесин сол жерде шаўып-шаўып таслайды. Саржыланды бөлип-бөлип таслаған ол енди үйине арқайын қайтып, ийнинен бир жүк түскендей болады.

Дүнья-малға кенелип, өзин тиклеп алған кембағал шалқып даўран сүре береди. Қәлесе, саўе айтып адам қабыллайды, қәлемесе, оларды қайтарып отырады. Жыланды өлтиргеннен кейин кеўили де тыныш болады. Арадан бирнеше жыл өтеди.

Бир күни патша оны шақырттырады. Патшаның ғәзийнеханасынан тағы да бирталай дүнья жоғалған екен.

– Ал енди, саўеңди көре бер!, – дейди патша.

Бираз ўақыттан берли арқайынласып қалған ол «Яқшы, яқшы!» деп бас шулғыў менен болады. Патша оған бир күн мәўлет берип үйине қайтарады. Жолда ойланады: баяғы баратуғын жыланы жоқ, оны бир марте алдады, екиншисинде мылжа-мылжасын шығарып кескилеп кетти, енди қайтеди?! Әбден басы қатады. Соны ойлап киятырса, әдеттеги жылан менен ушырасатуғын жерге де келип қалған екен. Бурынғы ушырасқан жерин еслеп байшынарға қараса оның астында турған саржыланға көзи түседи. «Я, Ҳақ, бул тири екен ғой?! Мен бунық жақсылықларын жаманлық пенен қайтарып едим. Өлген жерим усы шығар?!», - деп не қыларын билмей, әбден дегбирден сасады. Қысынғанынан қара терге түсип, арқасы муздап сала береди. Сол гезде жылан:

- Ҳаў, адамзат, жол болсын!, – дейди.

Бунда үн жоқ.

– Билемен, билемен! Басыңа тағы да ис түсти. Ханның ғәзийнеханасына түскенлерди табыў тағы да саған буйырылған ғой, шамасы? – дейди жылан. Кембағал үнсиз бас ийзейди.

Саржылан бир гезде:

- Бул жолы да сени қутқараман. Урылар узақта емес, олар дарья ортасындағы атаўда. Сол жерде бирнеше күн дем алады. Сен усыны айтсаң, патша сени бурынғыдан да зыят сыйлайды. Бирақ, бизди умытып қойма. Мен мына байшынардың астында сени күтемен, – деп, басқа әңгиме қозғамайды.

Кембағал қуўана-қуўана үйине қайтып, бир күн дем алады.

Таңсаҳарден турып «Я, Ҳақ!» деп жолға раўана болады. Патшаның алдына да жетеди. Урылардың дерегин айтып береди. Сол күни-ақ урылар усланып, ғәзийне қайтарылып кембағалдың сөзи өз тастыйығын табады. Патша кембағалды қоярға жер таппай, патшалық есабынан көп-көп сыйсаўға береди. Алған сый-саўғасы бирнеше арбаға жүк болады. Баласының баласына жететуғын дүньяға ийе болғаннан кейин қуўанышында шек болмайды. Зор салтанат пенен жолға шыққан ол бир мезгилде баяғы саржылан менен ушырасатуғын жерге де келип қалады. Усы жерде ол ойланады. «Мениң мына байлыққа, мына дәрежеге ерисиўим саржыланның арқасы. Мен өзим ҳешнарсе билмеймен. Бир марте оны алдап кеттим, екинши марте өлтирип кетип едим. Мениң дәўлетим әўлад-әўладыма жетеди. Бул айрықша нышанлы жылан екен. Қой, енди алдағаным болмас. Усы жолы алғанымды солайы менен саржыланға берейин», – деп туўры байшынардың астына барады.

Саржылан да күтип турған екен. Кембағал жыланға миннетдаршылығын билдирип, «Саған Алланың нуры жаўсын! Маған үш марте жақсылық қылдың. Биринщисинде, сөзден тайып, жолдан бурылып кеттим. Екиншисинде, тиккелей келип, өлтирип кеттим. Үшиншисинде олай ислеўге кеўилим бармады. Усы ўақытқа шекем шайтаный жолдан жүрип келдим. Енди жалған «саўегөй» болғанды қойып, арқайын жасайман. Ал, мына дүньяның барлығы сеники, – деп өзиниң тоқтамын айтады.

Сонда саржылан:

– Өткен иске салаўат! Сенде айып жоқ, заманың сондай еди. Заманың сени ҳәрне иске гирилтар етти. Заманың солай, заңың солай болған соң, сен де соның ишинде айланасаң. Адам да заманына қарай өнеди. Сен де сөйттиң, бала-шаға бағыў ушын «саўегөй» болып та көрдиң. Маған биринши жолыққаныңда «Түлки заманы» еди. Сөзден тайып, түлкилик еткениң соның кери. Екинши ушырасқан гезиң «Бөри заманы» еди. Бөриниң қылығын ислеп, қанлығўыз болып келгениң де сол заманның кеби.

Заман тағы да айланды. Ҳәзир енди «Арыслан заманы». Бул заманда кеўили кең адам

www.ziyouz.com kutubxonasi

кемтарлық көрмейди. Маған мына дүньяларды әкелип турғанын да сол. Лекин, маған бул дүньяның кереги жоқ. Буларды бала-шағаңның ийгилигине жумса. Сен не ислесең де, бала-шағаңның ғамы ушын иследиң. Енди өзиңе қайтып, шын сәўегей болдың. Сениң «сәўегей» болыўды арман еткен тилегиңди периштелер қоллап, нийетиңе жеткизди. Ҳасла ҳадаллық жолынан шықпа! – деп, саржылан көзден ғайып болыпты.

Әне, «Ҳар заманға бир заңман» деген усы екен.

**ЖАЗМЫШ**

(Р-589, №180082)

Рәўийлердиң айтыўына қарағанда, бурынғы ўақытта Алланың сүйген бир бендеси болыпты. Сол адам Алла менен тиллесиў бахтына миясар болғаннан соң, Жаратқаннан өзине жан-жаныўарлардың тилин билетуғын айрықша қабилет бериўин сораныпты. Әлемпанай бул сөзге:

– Мен саған сол қасийетти берер едим, бирақ оның ақыбети жақсы емес, – деп жуўап береди.

Бенде сонда да жалынғанын қоймапты. Жаратыўшы ақыры:

– Мәйли онда, саған сораған ыңды бердим, енди жазмышыңа қайыл бол!, – депти.

Бенде өзин сынап көриў ушын сыртқа шықса, қолында бир жапырақ нан услаған геңжетай баласының далада ойнап жүргенине көзи түседи. Баланың ҳәрбир ҳәрекетин есик алдында жатқан көпек бақлап турған екен. Бир гезде баланың қолындағы нан жерге ушып түседи. Көпек нанды алыў ушын умтылғанда, қапталдан сол үйдиң шайтан таўығы келип қағып алып кетеди де, шоқып жей баслайды. Сонда көпекке тил питип:

– Ҳә, шайтан! Бул не қылғаның. Өзиң көрип жүрсең, мен тек ылақтырылған сүйек-сөяқ пенен ғана күнелтип жүрмен. Ол болмаса усы балалардың қолынан түсип қалған оны-мұны жеп, жүрек жалғайман. Несибемниң болғаны сол ғой. Ал сениң өзиңе де, шөжелериңе де ўақтын-ўақтын дән шашып турады, дастурханды қаққанда шығатуғын қатты-құттыны да сенлерге береди. Бизде ол жоқ ғой. Келип турған несибемнен айырдың, енди қудай билсин, неше күнге шекем аш жүретуғынымды, – деп өкпе-назын айтады.

Оған таўық:

– Уўайымлама тәбетим, ертең сен мол гөшке тоййын деп турсаң, – дейди.

Көпек таңланып:

– О не қылған гөш? – деп сорайды.

Таўық:

– Ертең хожейинниң сыйыры өледи. Әне соның гөшин үш-төрт күн арқайын жейсең, – дейди.

– Ҳа солай ма?! – деген көпек таўықтың сөзинен инанып, ашыўынан қайтады.

Буны еситип турған үй ийеси ишинен «Ҳе, булардың барлық сырды алдыннан билетуғыны рас екен-дә. Жаратқанның маған мына қабилетти бергени жақсы болды. Усындай болмағанымда, қарап-тан қарап сыйырымнан айырылып қалайын деп турған екенмен. Қой, бул сыйырды өлместен бурын сатып жиберейин» деп сол күнги базарға апарып пуллап, үйине хош кеўилли оралады.

Ертеңине сыртта турса, көпек пенен таўық тиллесип турған екен. Көпек таўыққа:

– Кешеги айтқаның болмады ғой, өлген сыйыр жоқ. Оны ийемиз барып сатып келди. Бизди бекиштирип алдапсаң да бир! – деп өз қапалылығын билдиреди.

Таўық:

– Яқ, ол өлиўи керек еди. Оны хожейин базарға апарып сатып келди ғой. Сен қапа болма, енди ат өледи. Аттың гөшине жақсылап тоятуғын болдың, – дейди.

Үй ийеси бул хабарды да еситип, дәрҳал атты базарға апарып сатып жибереди ҳәм иш-ишинен өзиниң питкерген исине ырза болады.

Азанда ерте турып, сыртқа шықса, тағы да көпеги менен таўығының мәлеллесип турғанын абайлайды. Бул жолы көпек ашыўлы екен. Ол таўыққа:

– Сыйыр да кетти, ат та сатылды, бизге келген несибе қане? Мениң таңлайымды түсирдиң го! Енди ҳешбир сөзиңе инанбайман, шынында шайтанлығың басым екен, – деп өзиниң әбден кеўили қалғанлығын айтады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Таўық:

– Ҳай, көпеғим-ай! Мен саған жал сөйлеп неғылайын. Маған барин шайтанларым айтып тур ғой. Сөзимниң ҳеш жалғаны жоқ. Туўрылап өлим булты келип еди, ол сыйырға аўды. Бирақ, хожейин оны сатып жиберди. Онсын ол атқа аўысты. Атты да хожейин базарға шығарды. Сөйтип, сен несибеден қағылдың. Әжел булты енди хожейинимиздиң өзине дөнип тур. Келген жаманшылық сыйыр я ат пенен кететуғын еди, оны хожейин өзине алып қалды. Үш күннен кейин ийемизден айырыламыз, – дейди қапа кейип пенен.

Ўгының барлығын еситип турған бенде «Ўаҳ, мен Алланың буйрығына қарсы келип, барин бийкар ислеппен ғой», – деп өзиниң ҳасилик еткенин сонда түсинипти.

## СҮЛӘЙМАН ПАЙҒАМБАРДЫҢ СЫНАЎЫ

(1299, №183812)

Раўийлердиң айтыўынша, Сүлайман пайғамбар аңның да, қустың да тилин билген дейди. Барлығы менен сөйлесип, жай-жағдайларын билип турады екен. Бир күни күндеги әдетинше тоғайға келатырса, бижынаған қумырсқаға тап болыпты. Олар тынбастан шөп-шардың қыйқымын, данның усағын, не азыққа жараса, соның барлығын ини-инине тасып атырған екен. Биреўлери биргелесип жүк тартысып баратыр. Бари де бир ис пенен әўре, бос жүрген биреўи жоқ. Жолда жолығысқаны бир-бири менен көрисип, жардемге келип атыр. Әйтеўир, қыбырлаған жан.

Сүлайман пайғамбар қумырсқалардың тиришилигине ырза болып қарап турыпты да, оларды сынамақшы болыпты. Биреўин қасына шақырып алып, саўалға тутыпты.

– Каллең неге үлкен, сениң? – депти.

– Ақылым көп, ақыр, – дейди екен қумырысқа.

– Қуйрығың онша жуўан? – деп сорапты пайғамбар.

– Күшим көп-та, – деп жуўаплыпты қумырсқа. – Өзимнен алпыс есе зыят жүкти арқамда, жетпис еге аўырды желкемде көтерип жүргеним ғой. Сол күштиң бари қуйрығымда да. Күшимди қуйрығыма жыйған соң солай болады-да. Болмаса, тоңқалақ асып, жумалап жатпадым ба, – депти.

– Ал, онда белиң нешик жиңишке? – дейди және.

– Шүкиршилигим көпдур, – депти қумырысқа.

Пайғамбар бир майдан ойланып қалыпты.

– Ақылыңның мол, күшиңниң зор екенине исендим. Енди шүкиршилигиңди байқап көрейин. Бул шәртке қалай қарадың? – депти.

– Куп! – депти қумырысқа.

– Онда, бир түйир дән берсем, соны қанша ўақытқа дейин үнем қылар едиң? – депти.

– Бир жылғаша, – дейди қумырысқа.

Пайғамбар қумырысқаның сөзине таңги қалып, оны қутышаға салып, қасына бир түйир дән қойды.

Күн де өтеди, ай да өтеди. Жылға жуўық ўақыт та болып қалады. Пайғамбар қутышаны ашып көрсе, қумырысқа бүрисип жатырған дейди. Оннан тиришилик белгиси билинбейди. Данди де толық жемепти, жартысын ғана жеген екен. Пайғамбар жәнликтиң өлгенине қыйналып қарап турса, бир пәстен соң оның мурты жыбырлап, оннан соң аяғы қыбырлап, қумырысқаның тири екени билинеди. Қумырысқа әсте қозғалып, орнынан турады.

– Бир түйир данди еле жеп болмағаның не, ярымы бар ғой буның?! – дейди пайғамбар.

– Дурыс, – дейди қумырысқа, – оны бир жылда жеп таўысқанымда да болар еди. Бирақ соңын ойладым. Оны толық жегенимде, бүйтип бүрисип жатпас та едим, диңке ентизер еди, күш болар еди-да.

– Онда неге жемедиң? – дейди пайғамбар.

– Оны мен бир жылда жеп питирсем, Сиз қутышаны ашыўды естен шығарып қойсаңыз, күним не кешер еди? Аштан өлип кете берер едим. Соны ойлап, жарты түйир данди талшық етип, соған шүкиршилик қылдым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Әҳә! Ал мен шыннан да умытып кеттим дейик. Сонда ол жарты түйирди қашанға дейин жеткизер түриң бар еди? – дейди пайғамбар таңланып.

- Онда илаж жоқ ғой, әйтип-бүйтип төрт бес жылға дейин жеткизер едим-да, – депти қумырысқа.

Пайғамбар қумырысқаның ғайратына, сабыр-бардашына шынеки миннетдар болыпты.

## ПЕРЗЕНТ

(Р-1292, №183767)

Рәўийлердиң әңгиме етиўлерине қарағанда, бир адам Султан бабаны зыяратлап, Аллатааладан ул перзент сораўды ниййет етип жолға шыққан кусайды. Ол бираз жол жүргеннен кейин кеш болып, бир карўансарайға қонып кетиў ушын қайрылыпты.

Карўансарайдың хызметкери мийманды бийик гүжим теректиң астына салынған сыпаға апарып отырғызыпты. Мийман теректиң астында отырған жасы әдеўирге барған адам менен сәлемлесип, екеўи аўқат жеп отырып, бир-биреўинен жол болсын сорасыпты.

– Мениң қудайдан ул перзент сорап бармаған әўлийем қалмады. Бар дүнья-малым, төрт қызым да ҳәзир көзиме көринип турған жоқ. Султан бабаны да бир зыяратлап, қудадан бир ул перзент сораў ушын жолға шықтым. Мәлел болмаса, өзиңиз қайда шықтыңыз? – депти биринши жолаўшы.

Сонда оны үндемей тыңлап отырған екинши жолаўшы аўыр гүрсинип:

– Ҳәй, замандас, меннен гәп сорасаң, мен қартайғанда сол қудайдан сорап алған ул перзентимнен раҳәт көрмей, туўылып өскен маканымды таслап, қызымның барған журтында жасаў ушын кетип баратырман, – деп көзине жас алыпты.

Бул гәпти естикен жаңағы адам түни менен ойланып, кирпик қақпай шығыпты. Ертеңине ол өзи менен бир кеше табақлас болған адам менен хошласып, Султан бабаға қарай жол алыпты. Ол Султан бабаны зыяратлап, оның атына дуўа етипти де, сөзиниң ақырында:

– Жаратқан ийем, маған берген перзентлердиң өмир-жасын берип, турмысын зыяда еткейсең, – деген екен.

## ДАР АСТЫНА АПАРҒАН МАРАПАТ

(Р-1292, -№183767)

Баяғы ханлар елге ҳүкимдарлық еткен заманлардың биринде бир жесир ҳаял жасаған екен. Оның тек жалғыз ғана перзенти болыпты.

Бир күни жаңағы жесир ҳаялдың баласы ашлыққа шыдамай, қоңсысының таўық қорасына кирип, бир-еки мәйек урлап үйине алып келипти. Буны көрген анасы баласына урысыўдың орнына, оның марапатын берип:

– Үйине азық таўып әкелген баламнан айланайын! – депти.

Анасының мақтағанынан, мен жақсы ис еткен екенмен, деп ойлаған бала кейин-ала қоңсысының таўығын урлапты. Анасы оны және мақтапты. Бала бара-бара өзиндей урыларға қосылып, енди майда шүйделерге қанаат етпей, ақыр ақыбет үлкен урлықларға қол урыпты.

Арадан жыллар өтип, бала әйне жигит жасына жеткенде, бир күни ол бир атақлы урының басшылығында ханның ғәзийнеханасына урлыққа түсипти. Ғәзийнеханаға урылар киргенин сезип қалған сақшылар оларды тутып алып, ханның алдына алып келипти. Хан қолға түскен барлық урыларды өлимге ҳүким етип, дарға асыўды буйырыпты. Урылар дар астына алып келинип, бирим – бирим дарға тартыла баслапты. Гезек баяғы уры жигитке келгенде, ол ханға қарап:

– Тақсыр, мениң бир тилегим бар, – депти.

– Қане, айт тилегиңди, – депти хан.

– Тақсыр, мен өлимиме ыразыман. Бирақ мени дарға асыўдан алдын, мениң өлимимниң себепшиси болған анамның тилин кесиўге буйрық берсеңиз, – депти жигит.

– Урлықты ислеген сен. Анаңның буған қандай қатнасы бар? – депти хан жигиттиң гәпине ҳайран болып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Ҳай, уллы ҳүкимдар, егер буннан бираз жыллар бурын биринши мартебе урлық еткенимде анам маған сол тили менен марапатымды берметенде, мен бүгин мына дар астында турмаған болар едим, – депти жигит.

## ИЛМИ-ҚАЛ ҲӘМ ИЛМИ-ҲАЛ

Илми-қал – дин, шарият ҳәм ақыл бараўар қылмайтуғын затлар ҳаққындағы илим, ал илми-ҳал – Алла менен бендесиниң арасындағы жағдайының сырларын үйрениў илими, ышқы илими, мистика. «Илми-ҳал» менен «илми-қал» арасында бир тийкарғы тапаўыт (қарама-қарсылық) бар. «Илми-ҳал» талийматы Алланы таныў ҳәм оған бирлесиў сөйлесиў арқалы емес, ал жүда күшли сезим-туйғы ҳәм оған шын жүректен берилиў нәтийжесинде мүмкин болады, деп түсиндиреди. Лекин «илми-қал» Алланы ҳақыйқый таныў ақыл арқалы жүзеге келеди, деп үйретеди, ал нәтийжесинде Алла менен тиллесиўге де болады, деп түсиндиреди.

Рәўиятларға көре, бир күни атақлы суўпы ҳәм шайыр Әбиў Сағит Әбилхайыр Абу Али Ибн-Сина менен ушырасып, олар бир неше ўақыт сәўбетлесипти. Әбиў Әлий Ибн-Сина кеткеннен соң отырған адамлар Әбиў Сағиттан: «Әбиў Әлийди қалай көрдиңиз?» деп сорағанда, ол: «Бизиң көрген нәрсемизди ол биледи ҳәм оның билген нәрсесин болса, биз көремиз, яғный бизиң жүрек, сезим-туйғы арқалы жеткен нәрсемизге ол ақыл арқалы жетисипти» деп жуўап қайтарыпты. Суўпылар «илми-ҳал» ўәкиллеридур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

82- ТОМ



# ШЕШЕНЛИК СӨЗЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖИЙРЕНШЕНИҢ ТУЎЫЛЫЎЫ

(Р-453, №176396)

Бурынғы заманларда Жанибек деген хан өткен. Ол өзиниң қасында сексен ўазири менен қус аўлаўға шығады екен. Бир күни ол аўдан қайтып киятырып, кершп салып атырған бир балықшы кисини көрипти. Хан балықшының қасынан өтип баратырып, балықшыға:

– Узақ пенен қалайсыз, жақын менен қалайсыз? – депти.

Ғарры:

– Узаққа ҳалым жететуғынбеди, жақын менен тарысып жүрсем де болғаны, – депти.

Хан және оған:

– Еки дарьядан суў аққанда қайда жүр един? – депти.

– Еки дарья аққанда қарным суўға динк-динк тийип, еки шоқыға асылып зорға турдым, – дейди ғарры.

Хан:

– Аласа теректен қар жаўғанда қайда един? – дейди.

Балықшы:

– Тақсыр, қайда баратуғын едим, аласа теректиң астынан шығып кете алмадым, – депти.

Патша және:

– Ҳай балықшы, қызыл менен қалайсаң, узын менен қалайсаң? – дейди.

Балықшы:

– Узынын аяғыма ораў қылғанша, қызыл-ақ болады, – депти.

Патша және:

– Бес пенен қалайсаң, алты менен қалайсаң? – депти.

Балықшы:

– Қанаатке берекет, беси ҳам болады? – депти.

Хан ең ақырында:

– Әгар-агар, – дейди.

Балықшы оған:

– Магар-магар, – деп салмақлап жуўап берипти.

Ханның қасындағы ўазирлер не қыларын билмей, аўзын буўған егиздей жым-жырт тура береди. Хан балықшы менен сөйлесип болған соң кейнине қайтты. Жолда кетип баратырып ўазирлерден хан:

– Балықшы не деди, түсиндиңиз бе? – деп сорайды.

Ўазирлер:

– Тақсыр, узақ дединиз, жақын дедиңиз, еки дарья, аласа терек, алты, агар-агар дедиңиз, оннан биз ҳеш нарсе уқпадық, – депти.

Патша ўазирлерин қарап:

– Мениң ғарры менен сөйлескенимди шешпесеңиз, өзлериңиз алимдар, малларыңыз патшалық, – депти.

Ўазирлердиң ишинде шаққанырақ биреўи:

– Бағана патша өзиниң сөзинде бести атап еди. Не де болса, шешиў ушын бес күн мәўлет сорайық, – депти.

Бул барине мақул түсип, патшадан бес күн мәўлет сорайды. Патша руқсат етеди.

Ўазирлер ойласып-ойласып, шеше алмай, ақыры баяғы балықшыны таўып алмақшы болады. Ўазирлер жыйналысып, кими ешегин сатты, кими байталын сатты, сөйтип балықшыға барады. Олар балықшыға барып:

– Хан менен сөйлескен сөзиңди шешип бересең, мың тилла беремиз, – деп жалынады.

Балықшы:

– Айтпайман, – дейди.

– Еки мың тилла беремиз, айт, – дейди.

Балықшы:

– Яқ, айттпайман, сезиңизге қулақ салмайман, – депти.

Ўазирлер үш мың тилла береди, бунда да балықшы айтпайды. Төрт мың тилла береди, бунда да айтпайды. Ақыры, бес мың тилла бергенде, балықшы:

– Мейли, айтсам айтайын – депти.

Сонда барып ўазирлер суўық демин алыпты.

Балықшы оларға:

– Ханның «Узақ пенен қалайсаң, жақын менен қалайсаң?» дегени – «узақ жерди көзиңиз болжай ма?» дегени еди. Мениң оған: «узағы қурсын, жақын менен тарысып жүргеним де жетеди» дегеним – «жақынды ғана көзим көреди» дегеним еди. «Еки дарьядан суў аққанда қайда жүр единң?» дегени – «Еки көзиңнен жас аққанда қайда жүр единң?» дегени еди. Мен оған «еки дарьядан суў аққанда еки шоқаға асылып турып едим» дегеним: еки көз – еки дарья, еки шоқа – еки қас, қарным диңк-диңк еткени – мурыным еди. Патшаның «аласа теректен қар жаўғанда қайда единң?» дегени – «шашың ағарғанша үйленбей жүргениң қалай?» дегени еди. Мениң «қар жаўғанда аласа теректиң астында едим» дегеним – «шашым ағарғанша жарлылықтың қысымында болдым, сол ушын еле үйленбей жүргеним» дегеним еди. Патшаның «Қызыл менен қалайсаң, узын менен қалайсаң?» дегени – «қыз бенен қалайсаң, ҳаял менен қалайсаң?» дегени еди. Мениң оған «Қызыл болса болады» дегеним – «егер жәрдем етсең, қыз алайын» дегеним еди. Патшаның «бес пенен қалайсаң, алты менен қалайсаң?» дегени – «бес адамның қуны керек пе, алты адамның қуны керек пе?» дегени. Мениң «бес» дегеним – «бес мың тилла» дегеним еди. Патшаның «ағар-ағар» дегени – «бизиң бул сырымызды ҳеш кимге айтпа, айтсаң өлтиремен» дегени еди, мениң «мағар-мағар» дегеним – «егер қунымды берсе, айтаман» дегеним еди, – деп сөзин тамамлады.

Ўазирлер балықшыға бес мың тилла берип, патшаға келип, баяғы сөздиң шешиўин айтып берди.

Патша ўазирлерден:

– Бул сөзди сизлерге ким шешип берди? – деп сорады.

Ўазирлер әдеп жасырып, кейнинен патшаның қаҳаринен қорқып, «баяғы балықшы айтты» деп ырасынан келеди.

Патша балықшыға жаллат жибереди. Жаллатлар балықшыны ханның даргайына айдап келеди. Патша балықшыдан:

– Өлимге мийсар болдың, бул не ҳал? – деп сорапты.

Сонда балықшы:

– Сексен адамның жүн жанлығыман, сениң қурбанлығыңман, патшайым. Бес мың тилласын алып, ўазирлерге гаптиң ырасын айттым. Енди өлтирсең ҳам ыразыман. Бес мың тилла мени көмиўге жетеди. Қалғанын не қылсаңыз да, өзиңиз билесиз, – деп қол қаўсырады.

Патша балықшының ақыл ойына, тапқырлығына ҳайран қалып, «әлбетте, саған балықтың мийин жегенниң ақылы толық болады» деп ойлапты. Кейин ол ўазирлерин шақырып:

– Балықшыға бир жаңа писken қаўын әкелип бериң! – депти.

Ўазирлер сонда: «Қыстың ақырында писken қаўын бола ма екен?» –деп ҳайран қалысады. Олар зер-зебил болып қаўын излеп, таба алмай патшаға «жоқ» деп келеди.

Патша және ўазирлерге «писken қаўын әкелиң!» деп жибереди. Патшадан ҳәмир болса, пухарада не турыс, ўазирлер және қаўын излеўге кетеди. Патшаның бир сипсекеши бар екен, сол сарайдың алдында отыр екен. Бир ҳаял сипсекештиң қасына келип:

– Әй, сипсекеш, қудай қарғаған жапакеш, муннан кеш, арыз жайға жет. Хан ҳәзир мәтерлерге: «балықшыға писken қаўын әкелип бериң» деп зобалаң салып атыр. Маңлайы қара ўазирлер бул гаптиң мәнисин түсинбей атыр. «Писken қаўын» дегенге қаўын излеп жүр. Хан «писken қаўын» дегенде писken, жетилисип атырған қызды айтып атыр. Хан алдына бар да, «Тақсыр ханым, писken қаўын бизде бар» деп ил. Дарриў үйиңде бой жетип отырған қызыңды апар да бер! Оны да, сени де бахыт күтип тур, – деп сипшекештиң алдынан өте берди.

Сипшекеш орнынан ушып турып, ханның алдына барып:

– Тақсыр ханым, дад, – дейди.

– Арзың болса, айт! – дейди хан.

– Ханым, «писken қаўын» бизде бар, – депти сипсекеш.

– Ҳазир келтириң! – дейди хан, күле шырай берип.

– Мине писken қаўын, – деп, сипсекеш ханның алдына қызын келтирди.

Патша қызды қыял менен кийиндириўге буйрық береди. Усы ўақытта баяғы ҳаял сарайдың алдынан өтип баратырып сипсекешке:

–Ҳазир сениң қызыңды балықшыға береди. Сен маңлайы қурыған, қуры қол қалма. Патшаның алдына бар, өтирик болса да жылап, жалбарынып: «Мениң маңлайта қадаған жалғыз қызым еди. Енди мениң күним қалай кешер екен» деп жыла. Сол балықшыға беретуғын ақшадан саған да бир нәрсе аўысар, – депти ҳаял.

Сипсекеш ҳаялдың айтқанын қылып, патшаның алдына жылап барады.

– Ҳей, патшайым, арзым бар. Маңлайыма қадаған жалғыз қызымды балықшыға берип атырсаң. Енди мен бийшараның ҳалы нешик болар? – депти.

Патша сипсекештиң сөзин есигитип:

– Бул да балықшының шарбағының дөгерегинде орналассын! – деп ҳәмир етеди.

Хан ҳәмири турсын ба, ҳәмме ис баржай болады.

Хан балықшыны шақырып алып, оған баяғы сипсекештиң қызын алып берип, өз алдына ҳәрем тиклетеди. Балықшы өзиниң шешенлиги, ақыллылығы арқасында бахытқа ерисипти. Усы балықшыдан ҳәр сөзине мың тилла алған Жийренше шешен туўылған екен.

## ЖИЙРЕНШЕНИҢ ҮЙЛЕНИЎИ

(Р-89, № 28527)

Жийренше шешен қыз айттырайын деп бир жақларға кетип баратырса, алдынан ешекли бир ғарры шығыпты. Жийренше ғарры менен жолдас болып баратырып:

– Отағасы, жолды қысқартайық, – депти.

Сонда жаңағы ғарры ишинен: «Бул қандай есаўан, узақ жол да қысқарамекен?» деп ойлапты. Олар тағы бираз жүргеннен кейин Жийренше:

– Ағаш қазанға тамақ писирейик, отағасы, – депти.

Ғарры және: «Ырасында да бунның дени саў емес екен. Болмаса, ағаш қазанда аўқат писе ме?» деп ойлапты.

Сөйтип екеўи бир-бирине сөз қатпай баратырса, олардың алдынан тезек терип киятырған үш қыз шығыпты. Сол ўақытта бирден сиылмаған жаўын жаўып, қызлардың екеўи қабындағы тезекти басына паналатып, отыра қалыпты. Үшинши қыз үстиндеги шекпениниң шешип, оны тезек толы қаптың үстине таслапты. Жаўын тынған ўақытта, анаў еки қыздың тезеги жибип, үшинши қыз болса қурғақ тезегин арқалап жолға түсипти.

Жийренше қыздың бул ҳийлесин көрип қызға:

– Буны саған ким үйретти? – депти.

– Бунның ушын үлкен ақылдың кереги жоқ, – деп жуўап берипти.

– Егер сизиң үйге барсам, мени не менен сыйлайсыз? – депти.

Қыз буған:

– Тапсақ биреўин, таппасақ екеўин соямыз, – деп жолын даўам еттирипти.

Жийренше қыздың изи менен оның үйине барыпты. Барса, барған үйи баяғы бунның менен жолда жолдас болған ғаррының үйи екен. Сонда ғарры қызын далаға шақырып алып:

– Бул адам бир мылжың киси екен. Сөзиниң дузы жоқ. Бағана жолда бирге жолдас болып едим. Ол маған: «Узақ жолды қысқартайық, ағаштан қазан асайық» деп басымды қатырды, – депти.

Сонда қыз атасына:

– Ата, сен оның гәпине түсинбепсең. Оның «узын жолды қысқартайық» дегени – «ғарры әңгиме айт», «ағаш қазанға тамақ асайық» дегени – «от жағып, нан қыздырып жейик» дегени еди, – депти.

Сөйтип, олар Жийреншени қонақ қылып, қонақ асына басқа мал таппай, жалғыз буўаз ешки-

www.ziyouz.com kutubxonasi

син сойып берипти. Қыздың «тапсаң биреўин, таппасаң екеўин союмыз» дегениниң мәниси усы екен.

Жийреншеге қыз мақул түсип, оны айттырыпты. Ол қызға қанша қалың мал кереклигин билмекши болыпты. Сонда қыз шашын сыйпапты. Буған жуўап ретинде Жийренше сақалын сыйпайды. Бунның мәниси – қыз «шашым шелли мал бересең» дегени, ал Жийреншениң сақалын сыйпағаны – «сақалым шелли мал беремен» дегени екен. Қыз сол қалың малға ыразы болыпты. Солай етип, Жийренше усы Қарашаш исимли қызға үйленипти.

## ЖӘНИБЕК ХАН МЕНЕН ҚАРАШАШ
(Р-1293, № 183768)

Жийренше менен Қарашаштың тойына келген Жәнибек хан Қарашаштың сулыўлығын көрип, оның ақылының даңқын еситип, ашық болып қалыпты. Ол Қарашашты Жийреншеге мүнасип көрмей, оны қалай болмасын Жийреншеден тартып алыўды ойлапты. Ол Жийреншени қалай өлтириўдиң есабын таппай, оны алдына шақыртып:

– Саған қырық қошқар беремен, соларды қырық күнде қозылатып бересең. Егер шәртимди орынламасаң, дарға асыласаң, –деп, оған қырық қойды айдатып жиберипти.

Жийренше үйине қайтып келип, буны ҳаялына айтады. Сонда ҳаялы Жийреншеге:

– Буннан ҳеш қорқпа, шабағым. Бул бир өзи келген дәўлет болды. Қойдың күнде биреўин соя бер, жуўабын өзим беремен, – депти.

Солай етип, Жийренше Қарашаштың айтыўы менен қырық қойдан күнде биреўин сойып жеп жата берипти. Отыз тоққызыншы қой сойылғанда, Жәнибек ўәзирлери менен Жийреншениң үйине келеди. Олардың келетуғынын билген Қарашаш қалған бир қошқарды да сойып, билегине қанды жағып отыра береди.

Жәнибек хан келип:

– Жийренше үйде бар ма? Бар болса, сыртқа шықсын, – депти.

Сонда Қарашаш қанға боялған билегин түринип шығып, ханға сәлем берипти.

– Жийренше қайда? – депти ол.

– Кеширесиз, тақсыр, Жийренше ҳәзир жас босанып еди, – депти.

Патша бул гәпке ҳайран болып:

– Не деп турсаң өзиң? Еркек адам да жас босанамекен? – деп бақырыпты.

Сонда Қарашаш ханға:

– Әпиў етиң, тақсыр! Қырық қошқар қозылағанда, Жийреншеге жас босаныўға болмай ма? – депти.

Өз сөзинен тутылған Жәнибек хан дым үндемей, изине тырра қайтып кетипти.

Сөйтип Жийреншениң ақыллы ҳаялы Қарашаш шешенликти Жийреншеден де өткерипти деседи халық.

## ҚАРАШАШТЫҢ ЖИЙРЕНШЕ МЕНЕН ЖӘНИБЕКТИ ТУТҚЫННАН ҚУТҚАРЫЎЫ
(Р-1293, № 183768)

Бир күнлери Жийренше менен Жәнибек хан қус салыўға шығыпты. Сол күни күн бултласып, жаўын жаўыпты. Жаўыннан кейин ысырапыл даўыл турып, аспан-жерди, адам-адамды көрместей думан басыпты. Жәнибек пенен Жийренше адасып, басқа бир патшаның елине түсипти. Патша адамлары оларды услап алып, аяқ-қолын байлап, өз патшасының алдына апарыпты. Бул патша бес жүз әскер менен қарыў-жарақланып, Жәнибектиң елине атланайын деп атырған екен.

Патша Жәнибекти шақырып алып:

– Биз сизиң елиңизге бес жүз ләшкер ҳәм қарыў-жарақ пенен атланайын деп атыр едик. Енди өзиң ап-аңсат қолға түстиң, қәне не қыласаң? Елиңди шаўып келейик пе, я өз қолыңнан бересең бе? – дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда Жанибек хан:

– Тақсыр, мен болсам қолға түстим, сен болсаң бес жүз лашкер менен елиме барарсаң, халықты шуўлатып, қаламды бузарсаң. Ийесиз елди шабыў – бул бир қатынның иси болады. Не де болса, өзимди босат! Мен де елиме барып, әскер жыйнайын. Сен мүддетли ўақтыңды айт. Сол күни айтқан жериңе шығайын. Оннан соң урысып, жеңип алсаң қайтеди? Егер бұған турмайтуғын болсаң, маған бир бет қағаз бер. Мениң қасымдағы хатшым хатымды жазсын. Сизиң еки жасаўылыңыз сол хатты алып бизиң елге барсын. Олар бизиң елди сизиң қол астыңызға көширип келсин. Усы шәртимниң биреўин таңлаң, – депти.

Сонда жаңағы патша: «Не де болса адам жиберип, көширип алғанымыз мақул болар» деп, соңғы шәртке ыразы болыпты.

Жанибектиң қасындағы Жийренше дәрриў хатты жазыпты.

Душпанның еки жасаўылы хатты алып, Жанибектиң елин көширип алып келиў ушын жолға раўана болыпты. Олар елге келип хатты Жанибектиң ҳаялына әкелип тапсырыпты. Ханның ҳаялы хаттағы астарлы сөзге түсинбей, Жийреншениң ҳаялы Қарашашты алдырыпты.

Қарашаш келип хатты оқыпты. Хатта Жанибек: «Елдеги алпыс адаўатым, сексен сергизданым қалмай келсин. Есиктиң алдындағы еки бәйтеректиң биреўин түбинен қопарып, екиншисиниң шақа путағын шаўып келсин. Үйде қалған жан қайрағым оларға усыларды айтсын» деген екен.

Дана Қарашаш Жанибектиң ҳаялына:

– Ханымыздың «алпыс адаўатым» дегени – елдеги алпыс молла. Сексен сергизданым дегени – сексен палўаны. Усылар келип, мени қутқарсын депти. Ал есиктиң алдындағы еки бәйтерек – булар хатты алып келген еки жасаўыл. Ханымыз олардың биреўин өлтирип, екиншисиниң қулақ-мурнын кесип, алдыңызға салып келиўди буйырыпты. Үйде қалған «жан қайрақ» - бул сиз, ханым. Сиз усы ислерге бас болады екенсиз, – депти.

Сонда Жанибектиң алпыс молласы, сексен палўаны жыйналыпты. Олар келген еки жасаўылдың биреўин өлтирип, екиншисиниң қулақ-мурнын кесип, алдына салып айдап келеди. Олар Жийренше менен Жанибекти қолға түсирген патшаның елин шаўып, Жанибек пенен Жийреншени өлимнен азат етипти. Халық ақыллы Қарашаштың тапқырлығы арқасында шабылыўдан қутылып қалыпты.

## ЖИЙРЕНШЕНИҢ ҚАҢБАҚ ПЕНЕН СӨЙЛЕСИЎИ

[Р-166, №88733]

Бир күни Жанибек хан аңға шығыпты. Аңға шыққанлардың ишинде Жийренше де болыпты. Жолда булар баратырса, бир шийдей далада жел менен бир қаңбақ домалап ушып баратырған екен. Иси ерикken хан Жийреншени мұқатпақшы болып:

– Ана қаңбақ қайдан киятырған екен, қайда барады екен, соны билип кел! – деп Жийреншени жумсайды.

Жийренше аты менен шаўып барып қаңбақты азғана иркеди де, қойып жибереди.

Хан сонда оған:

– Қаңбақ саған не деди? – депти.

–Тақсыр, қаңбақ маған:

– Мениң ушарымды жел билсин,

Қонарымды сай билсин,

Сени жиберген ханың ақылсыз,

Мени услаған сен де ақылсыз, – деди де қашып кетти, – депти Жийренше.

Сонда хан сөзден утылып, не дерин билмей үндемепти. Буны еситкен ўәзирлер бул сөзлерди ядында тоқып, реті келгенде көпшиликке айтып, соннан халық арасында тарқап кеткен екен деседи журт.

## ШӨЛЛЕГЕН ҚАМЫС
(Р-1293, № 183768)

Жийренше бир жақлардан хан менен қайтырғанда көлдеги қамысларды көрип Жийренше:

– Мына қамыстың шөллеп турғанын-ай, – депти.

Хан ҳайран болып, Жийреншеге:

– Қамыс ярым белинен суў турған болса, ол қалай шөллейди? – депти хан.

Сол ўақытта атлар шөллеп, өзлерин суўға урыпты. Жийренше де атын қантарып суўға жибереди. Ат суў ише алмайды, суўға түседи де, турады. Ханның аты суў ишеди. Жийреншениң аты еле тур.

Сонда хан Жийреншеге:

– Атты неге суўға жибермедиң? – депти.

Сонда Жийренше ханға:

– Туяғынан нәҳәр алып тур ғой, тақсыр, – депти.

Хан сонда:

– Аяғынан нәҳәр алып турғаны, суў ишти дегени емес ғой, – депти.

Сонда Жийренше ханға:

– Тақсыр қамыстың да суўда турғаны – оның суў ишип тур дегени емес, – депти.

## ЖИЙРЕНШЕНИҢ ӨЛИМНЕН ҚУТЫЛЫЎЫ
(Р-1293, № 183768)

Жийреншениң ҳаялы ким көрсе де қызығатуғын, ай десе аўзы, күн десе көзи бар, бир сулыў болған екен.

Хан Жийреншени өлтирип, сол ҳаялды алмақшы болады. Ол ақылгөйлерин шақырып алып, Жийреншени өлтириўдиң әмелин сорайды. Қоррандозлар пал ашып, ханға:

– Тақсыр, жақында үш күн суўық болады, ол күни ким де болса суўыққа ушып өледи. Жийренше де өлер. Соннан соң ҳаялын сиз аласыз, – десипти.

Бул сөз патшаға жағыпты.

Бул ҳадийсени Жийренше еситип ҳаялына келип айтыпты.

Ҳаялы дөрриў шыбық тиймеген қозының терисинен басына баскийим, аяғына мәси тигип береди де, күйеўине:

– Бар, ханның буйрығын орынлап кел, – деп жибереди.

Қоррандозлардың айтқанындай арадан үш күн өткеннен соң қақаман суўық болыпты. Хан Жийреншеге минардың басына шығып қараўыллық етиўди буйырыпты.

Жийренше минардың басына шығып отырыпты. Қасындағы басқа қараўыллар суўықтан ушып өлипти. Жийренше үш күн даўам еткен суўықтан аман қалыпты.

– Сен қалай аман қалдың? – депти хан оны сарайға алдырып.

– Узақта көринген ошақтың отына қарап отырып аман қалдым, – депти Жийренше.

Сарайдағылар енди «Буған суўықтан өлим болмаса, онда дарға асайық» деп ойласыпты. Жийренше буны билип, және ҳаялына ойласыпты. Сонда ҳаялы Жийреншеге:

– Ханды үйге қонаққа шақыр. «Бизиң үйге қонақ болып барыңыз, оннан соң мени дарға асағойың» деп айта ғой, – депти.

Жийренше ханға келип:

– Мениң бир қасық қанымнан кешиңиз, – депти.

– Кештик, айт! – депти хан.

– Бизиң үйге бир ақшам мийман болсаңыз, оннан соң мени дарға асағойың, – депти.

Хан ырazы болып, Жийреншениң үйине қонаққа барыпты. Жийреншениң ҳаялы қонақларды ишке мирәт етипти де, өзи тамақ асыўға кетипти. Күн батқанда асқан тамақ таң атқанша писпепти. Хан аш болыпты. Күтип-күтип шыдамай, ақыры өзи қазаннан хабар алыўға барыпты. Барса, Жийреншениң ҳаялы қара үйдиң шаңырағына қазанды асып, жерге от жағып отырған екен. Сонда хан ашыўланып, Жийреншениң ҳаялына:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Усы қазан да писер ме, оттың ҳәўири аспандағы қазанға быйыллыққа жетер ме, – деп бақырыпты.

Сонда Жийреншениң ҳаялы оған:

– Минардың басындағы Жийреншеге де узақта көринген ошақтың жылыўы жетер ме? – депти.

Хан сөзден утылып, қонақжайына кетипти. Жийреншениң қаялы шаңарақтағы қазанды алып, өзиниң сүтин қосып, ханға палаў асып береди. Хан палаўды жеп отырып:

– Пай, мына палаўдың мазасын-ай, – дейди.

Сонда Жийреншениң ҳаялы турып:

– Сизди өз балам болсын деп, палаўға сүтимди қосып едим. Оның мазалы болып турғаны сол. Енди сиз де бир балам болдыңыз, – депти.

Сөйтип Жийренше өлимнен қутылып қалыпты.

## ХАННЫҢ ЖИЙРЕНШЕНИҢ ҲАЯЛЫНА АШЫҚ БОЛЫЎЫ

(Р-89, №37578)

Жәнибек хан Жийреншениң ҳаялына ашық болыпты. Хан Жийреншени алысқа жумсап жибериўдиң есабын таппай ўәзирлери менен ойласыпты. Сонда бир ўәзири:

–Жийреншени узақ аўыллардың бирине салық жыйнаўға жибериң, – деп ақыл берипти.

Хан, ўәзирдиң айтқанындай, Жийреншени елден салық жыйнап қайтыўға жиберипти. Жийренше кеткеннен кейин хан оның үйине қонаққа келеди.

Жийреншениң ҳаялы ханды сыйлап қонақ асы берипти. Жатар ўақытта хан:

– Үйиңизге бир ақшам мийман боламыз, төсек салың, – депти.

Сол ўақытта Жийреншениң ҳаялы:

– Тақсыр, өткен ўақытта бир қасқыр бир малды аўере еткен екен, оның үстине бир аш жолбарыс келип, қасқырды қуўып салып, әликти жемекши болып, сол ўақытта жолбарыс өзинен өзи: «ҳәў, мен болсам жолбарыспан, анаў болса қасқыр, ал мен оның аўере еткениниң жейин деп атырман, қой, бул болмас» деп кетип қалған екен, – депти.

Хан ҳаялдың сөзине түсинип, сөзден утылып, үйине қайтып кетипти. Ертеңине түнде Жийренше үйине келипти. Сонда ҳаялы:

– Сен бүгин үйде жатпа, өйткени сен ханның тапсырмасын орынламағаның ушын ол сени өлтиреди. Ханның тулпарының жанына барып жат. Хан тулпарын көриўге бир түнде үш рет келип келеди. Ол сени көрип «не қылып жатырған адамсаң?» деп сорар, сонда сен «Мен Жийреншемен, үйдиң алдына барып едим, бир жолбарыстың үйге киргенин көрдим, соннан қорқып үйге бара алмай, усы жерде жатырман» деп айтқайсаң, – дейди.

Жийренше ханның тулпарының жанына барып жатады. Таң алдында хан келип, Жийреншеден:

– Не қылып отырған адамсаң? – деп сорайды.

Жийренше ҳаялына айтқанын айтады. Сонда хан:

– Ҳәй, бадбақ, екинши бундай сөзди айтпа! Бар! Ғәзийнеден көтергениңше алтын ал, – деп жуўап берип жиберипти.

Сөйтип Жийренше көп базарлық пенен үйине келипти.

## БАЙЫЎЛЫЛАРДЫҢ ҚУДАШЫЛЫҒЫ

(Р-1293, № 183768)

Бурынғы өткен заманда,
Жәнибек хан болады,
Семиз бенен тазларға,
Салық салып алады,
Сонда да қалта толмады,
Толар заман болмады,
Отырған халқын постырып,
Гене тамы қалады.

Әне, халық усындай тариплеген Жәнибек деген хан менен Жийренше қус салып киятырғанда бир гене тамда отырған үш байыўлыны көреди. Жәнибек хан Жийреншеге:

– Бар! Анаў байыўлылар не сөйлесип атыр екен? Билип кел, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жийренше байыўлылардың қасына барып, найзаға сүйенип турып-турып, ханның қасына қайтып келеди.

Хан Жийреншеге:

– Жийренше, байыўлылар менен сөйлестиң бе? – депти.

– Аўа, тақсыр, сөйлестим, – депти.

– Байыўлылар не десип атыр екен? Олар саған не деди? – деп сорапты хан.

Сонда Жийренше оған:

– Байыўлылар қуда түсип, қалың мал айтысып атыр екен, – депти.

Хан:

– Қалың малына не береди екен? – дейди.

Жийренше ханға:

– Гилең тене там береди екен. Биреўи қызының қалың малына үш жүз теңге там сорап отыр екен. Биреўи «үш жүз теңге там емес, еки жүз теңге там беремен» деп отыр екен. Сонда ортасындағы каткудағы: «Сен қыйналма, Жәнибек хан болып журт сораса, үш жүз теңге там емес, нешше бес жүз теңге там аўысып қалады. Соның ушын қызыңды берегой» деп отыр екен, – депти.

Соннан кейин Жәнибек хан өзининин залым болып, журт постырғанын билипти.

## ЖИЙРЕНШЕ ШЕШЕННИҢ СУЛТАН СҮЙИНГЕ ЖУЎАБЫ

(Р-1293, № 183768)

Жийренше менен Султан Сүйин патша жолдас болып киятыр екен. Олар бир атыз бийдайдың тусынан өте бергенде, Султан Сүйин Жийреншеге:

– Мынаў көгерип киятырған бийдай пискен бе, писпеген бе? – депти.

– Пискен, – депти Жийренше.

Жолдан бир өлини көтерип алып баратырған екен. Султан Сүйин Жийреншеге:

– Мынаў өли – өли ме, тири ме? – депти.

– Тири, – деп жуўап берипти Жийренше.

Үйге келгеннен кейинги жолдағы сөзлердин мәнисин сораса, Жийренше былай деп жуўап берипти:

– Көк бийдайды «писти» дегенимниң мәниси – сол бийдайды еккен гедей адам екен. Қатты тарығып, бийдайды көгине алып, алып ишип қойды екен. Өлген адамды «тири» дегеним – артында баласы киятыр екен, орнын басады, – депти.

## ЖИЙРЕНШЕНИҢ БАЙРАҚ АЛЫЎЫ

(Р-21, № 1075)

Баяғы заманда Жийренше шешен ханның алдына барып, сөздин қыйсынын келтирип айтып, ханнан ҳәр бир сөзи ушын байрақ алады екен.

Бир күнлери ханның бир ўәзири Жийреншениң алып жүрген байрағын қызғанып, ханға сөз айтып, байрақты өзи алмақшы болып, ханға барып:

– Тақсыр мен шикарға шығып, бир кийик атып едим, оғым барып кийиктиң оң қулағы менен артқы оң аяғына тийди, – депти.

Хан бул сөзге қайран болып:

– Қулақ болса жоқарыда, аяқ болса төменде. Қалай екеўине бирден тийеди? – депти.

Ўәзир не дерин билмей қалыпты.

Сонда оның қасында турған Жийренше ханға:

– Тақсыр, ўәзир кийикти атқанда мен қасында бар едим. Ол кийикти атқанда кийик оң аяғы менен оң қулағын қасып турып еди, – деп жуўап берипти.

Соннан соң хан байрақты Жийреншеге берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖИЙРЕНШЕ ШЕШЕННИҢ ҚЫРҒЫЗ ҒАРРЫҒА ЖУЎАБЫ
(Р-1293, № 183768)

Бир күни қырғыздың бир билгир ғаррысы Жийреншеге:

– Сени журт гапке жүда шешен дейди. Сен маған жигитликтиң он бес, жигирма бес, отыз бес, қырық бес, елиў бес, алпыс бес, жетпис бес, сексен, тоқсан ҳәм жүз жасын бир тәриплеп бер, – депти.

Сонда Жийренше оған:

– Он бес жас қуйын қуўған жел менен тең,
Жигирма бес даўыл урған кеш пенен тең,
Отыз бес ағып атырған сел менен тең,
Қырық бес шаршап шапқан нар менен тең,
Елиў бес еңтерилген жар менен тең,
Алпыс бес жерди ойпас бел менен тең,
Жетпис бесте кеўлиң қара жер менен тең,
Сексенде селкилдеген шал боларсаң,
Тоқсанда толық мийиң орта түсер,
Жүзде дүньядан гүдериң үз,
Өлмесең де өлиден артық болмассаң, – депти.

Сонда жаңағы ғаррьі:

– Сени журт бийкарға шешен демеген екен, – депти.

## ЗАЛЫМЛЫҚ ПЕНЕН БИЛМЕСЛИКТИҢ ТӨРКИНИ
(Р-1293, № 183768)

Жийренше хан сарайында жасайды екен. Бир күни сарайдағы көз-көреки иллетлерден шаршаған Жанибек хан Жийренше шешенге:

– Зулымлық пенен билмесликтиң төркини не? – деп сорапты.

Сонда Жийренше оған:

– Залымлықтың төркини заңсызлық,
Билмесликтиң төркини аңсызлық, – деп жуўап берипти.

## ЖИЙРЕНШЕНИҢ ХАН МЕНЕН АҢҒА ШЫҒЫЎЫ
(Р-1293, № 183768)

Жийренше қартайғанда хан оны әрмек етиў ушын аңға бирге алып шығып, астына мың урса бир жортлайтуғын ат берип, өзи менен бирге алып жүреди.

Жолда ханның жалпылдақлары Жийреншеден биресе озып, биресе тең жүрип, оны күлкиге ала берипти.

Бир ўақытлары булар бираз жерге барғанда жаўын жаўа баслапты.

Хан қасындағы жалпылдақлары менен пана жер излеп, алға шаўысып кетипти.

Жийренше олар кеткеннен кейин барлық кийимлерин шешип, ердиң астына басып жүре береди. Жаўын тынғаннан кейин ол кийимлерин қайтадан кийип алыпты.

Пана жерден шыққан хан ҳәм оның қасындағылар: «Жаўында жибиген Жийреншениң үстинен бир күлетуғын болдық» деп оның изинен жетипти. Қараса, Жийреншениң үстиндеги кийимлерине шық тиймеген. Сонда ҳайран болған хан:

– Ҳаў, Жийренше, бизлер сени мына жаўында қалып, ерип кеткен шығар десек, – депти.

Сонда Жийренше оған:

– Әй, тақсыр! Маған берген атың ат емес, тулпар екен, жаўын жаўа баслағаннан бұлттың үстине ушып шығып, жаўын тынғаннан кейин қайтып түсти, – деп жуўап берипти.

Хан қылған исине қатты өкинипти.

## ЖИЙРЕНШЕНИҢ АЛДАНЫЎЫ
(Р-1293, № 183768)

Хан иси ерисип отырып, Жийреншени шақырып алып:

– Қазнада дүнья болса таўсылып баратыр, көбейтиўдиң илажын таппайсаң ба? – депти.

Сонда Жийренше:

– Усы жерде биреўи көсе, екиншиси – сақалы қара, шашы ақ, үшиншиси – шашы қара, сақалы ақ адамлар бар. Соларды шақырт. Мен оларға сораў беремен, шешсе, мың тилла беремиз, шеше алмаса, мың тилланы олар береди. Солай етип қазнаны толтырамыз, – депти.

Хан тәрепинен хабар берилгеннен кейин үш киси келипти. Жолда көсе киси жолдасларына берилетуғын сораўларға жуўапты қалай қайтарыў керeклигин үйретипти.

Биринши адам ханға:

– Мениң сақалымның қара, шашымның ақ болыў себеби, мен туўылған ўақытта басымда шашым бар екен, сақалым жигирма жасқа шыққаннан кейин пайда болды. Шашым сақалымнан жигирма жас үлкен. Сол ушын сақалым қара, шашым ақ, – депти.

Екинши адам:

– Әй, тақсыр, мен жигит болып қамалға келгенде бир ат алдым хәм үйлендим. Алған атым жүрмейтуғын болып шықты. Ҳаялым қатты биймаза болды. Сонлықтан дүзде атымды жүргизе алмай, үйде ҳаялым менен оңыса алмай, ийегимди тислей-тислей, тисим сақалымның тамырын қыйып кетти. Сол ушын сақалым ақ, шашым қара, – деп жуўап берипти.

Көсеге гезек келип, ол:

– Бизге түк шықпағанның себеби, мениң ата-анам қартайғанша перзентсиз болып, екеўи бирден Қудайдан бала тилепти. Әкем ул, енем қыз сораған. Екеўиниң де көз жасы қабыл болып, мен туўылыппан. Сол ушын белимнен жоқарысы анама, төмен жағы әкеме усаған, – депти.

Олардың бул жуўабына хан да, Жийренше де ҳеш нәрсе айта алмай, қазнадан үшеўине де мың тилладан берипти.

Олар өз жөнине кеткеннен кейин Жийренше бир жақсы ат алып, көсениң изинен жетип:

– Ҳәй, көсе, мениң бир сораўым бар, соны шешсең, атымды аласаң, шеше алмасаң, мың тилланы қайтып бересең, – депти.

Көсе қабыл болыпты.

– Жердиң орайы қайсы жерде? – деп сорапты оннан Жийренше.

Сонда көсе Жийреншеге:

– Жан-жағыңа қара! Аспанның бәри жерге тийип тур, екеўимиздиң турған жеримиз жердиң орайы, – деп жуўап қайтарыпты.

Жийренше жан-жағына қараса, аспанның қыр әтирапы жерге тийип турғаны ырас екен. Сөзден утылған Жийренше атты көсеге берипти.

## КӨСЕ МЕНЕН ЖИЙРЕНШЕ
(Р-1293, № 183768)

Жийренше бир күни баяғы көсе менен тағы ушырасыпты. Бул сапары Жийренше көсеге:

– «Қудай берген» деген не? «Қудай бермеген» деген не? – депти.

Сонда көсе:

– Бул сораў күта қыйын сораў екен. Бизге бир ат пенен тон берсең, атты минип, тонды кийип, бир айланып келип, жуўап берейин, – депти.

Көсе атты минип, тонды кийип, бир айланып келип:

– «Қудай берген» дегени – биз атлы, тонлы болдық. «Қудай бермеген» дегени – сиз аттан, тоннан айрылдыңыз, – депти де жөнине кетипти.

Жийренше бул сапары да көседен жеңилгенин мойынлапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖИЙРЕНШЕНИҢ АНАР СУЎЫ

(Р-1293, № 183768)

Жийренше шешен бағ егеди екен. Бир күни хан ел аралап қыдырып Жийреншениң үйине келип қалыпты. Жийренше ханды үйине мират етип, шөлин басыў ушын бир кесе анардың суўын оның алдына қойыпты.

Хан ертеңине және келип Жийреншеге:

– Бағыңның ҳәр бир танабына неше сомнан салық салса болар екен? – депти.

Сонда Жийренше:

– Буны хан тақсырдың өзи шешер, – деп жуўап берипти.

Хан сарайына қайтып келип, Жийреншеге көп етип салық салыпты.

Бир күни хан Жийреншениң анар суўынан және ишкиси келип, Жийреншениң үйине келипти.

Бул сапары Жийренше оның алдына ярым кесе анар суўын әкелип қойыпты.

Сонда хан:

– Ҳаў, Жийренше мынаўың не? – депти.

Сонда Жийренше оған:

– Сорама тақсыр, сиз салық салғаннан кейин анардан да инсап кетти, – депти.

Сөзден утылған хан не дерин билмей, Жийреншениң бағын салықтан азат етипти.

## ЖИЙРЕНШЕ ШЕШЕН ҲӘМ ЖӘНИБЕК ХАН

(Р-455, № 176398)

Жәнибек хан бир күни қыдырып абайсыздан бир байдың шопанын өлтирип қойыпты. Хан шопанды өлтирерин өлтирсе де, «сол бай байлығы жағынан болсын, бийлиги жағынан болсын, маған тақаббил адам еди. Бул исим бийкар болды-аў» деп қатты ойланыпты.

Соның менен Жәнибек хан сол байдан кеширим сорап келиў ушын Жийреншени жиберипти.

Жийренше байдың үйине кеткен күни Жийреншениң ҳаялы өлипти. Хан қатты сасыпты «Ябырмай бала, бизиң талабымыз келиспеген шығар. Кеше анадай болды, бүгин Жийреншениң ҳаялы өлди, бул ҳаялды мен өлтиргендей көриндим-аў» деп, Жәнибек хан қатты қыйналыпты. Соның менен Жәнибек хан, не де болса, Жийреншеге өзим барып хабар етейин деп атланып, Жийреншениң изинен барыпты. Жәнибек хан Жийреншеге:

– Жийренше, мениң сеннен сорайтуғын саўалым бар еди. Кеше сорап қалыўға умытыппан, – депти.

Сонда Жийренше:

– Қандай саўал, сораң? – депти.

– Атаң өлсе, не болады? – депти.

– Асқар таўдың қулағаны, – дейди Жийренше.

– Анасы өлсе, не болады? – депти хан.

– Аққан булақтың тоқтағаны, – депти шешен.

– Қызы өлсе, не болады?

– Барып келер базарының жығылғаны, – депти.

– Баласы өлсе, не болады?

– Жүрек тамырының езилгени.

– Ал ҳаялы өлсе, не болады?

– Жақсы болса, қамшының сабының сынғаны. Жаман болса, төсектиң жаңарғаны, – депти Жийренше.

Сонда Жәнибек хан Жийреншеге:

– Олай болса, бүгин өткен ақшамда қамшыңыздың сабы сынды, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖИЙРЕНШЕНИҢ ДАНАЛЫҒЫ

(Р-89, № 37578)

Бурынғы өткен заманда Жанибек хан дегенниң Жийренше деген дана ақылгөйи болыпты. Хан бир жаққа кетсе, елдиң ишиндеги даў-тартысларды Жийренше шешен жайғастырады екен.

Сол заманда бир жигит узақ қалаға кететуғын болып, аўылының бир молласына жүз тилла аманат тапсырып кетипти. Арадан аз ба, көп пе, қанша ўақыт өткени намалим, баяғы жигит өзиниң аўылына қайтып келип, молладан аманатын сорапты. Молла жигиттиң сөзине ашыўланып:

– Балам, мен сеннен жүз тилла алғаным жоқ, – деп баланы қуўып салыпты.

Бала не дерин билмей, ҳайраны шығып, иши күйип, жүз тилладан айырылып кетип баратырғанда алдынан жанкүйер адамлар шығып: «Ханға барып, молланың үстинен арыз қыл» деп ақыл берипти. Жигит тап олардың айтқанындай ислепти. Хан бир жаққа кетип, адамлардың арзын Жийренше шешен сорап отырған екен. Жийренше молланы шақырып:

– Мына алдыңда турған жигиттен жүз тилла алдың ба? – деп сорапты.

Молла ханның алдында өтирик жылап, көзиниң жасын сыпырып турып:

– Мен бул жигиттен ҳеш ўақытта жүз тилла алғаным жоқ. Қойнымда қураным турып өтирик сөйлемеймен, – депти.

Оннан кейин Жийренше жигиттен:

– Сениң гүўаң бар ма? – деп сорапты.

Жигит:

– Гүўам жоқ, – деп басын шайқапты.

– Моллаға тилланы қай жерде берип един? – деп сорапты Жийренше.

– Бир гене тамның түбинде, – депти жигит.

– Сол гене тамға барып: «Хан сени гүўалыққа шақырып атыр» деп айтып қайт, – депти Жийренше.

Жигит ҳайран болып:

– Тақсыр, гене тамның жаны жоқ ғой, – депти.

– Сен айтқанымды қылып бара бер, келмесе өзинен көрсин, – депти.

Жигит ҳайран болып шығып кетипти.

Жийренше болса көзиниң асты менен моллаға қарап отыра берипти. Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин Жийренше моллаға:

– Жигит гене тамға жеттимекен? – деп сорапты.

– Еле жете алған жоқ, – депти молла.

–Ҳе солай ма?– депти Жийренше.

Арадан және бираз ўақыт өтип Жийренше моллаға:

– Енди жетти ме? – деп сорапты.

– Енди жеткен шығар, – депти молла.

Соның арасынша жигит қайтып келипти. Сонда Жийренше моллаға:

– Әй, тақсыр, мына жигиттиң тилласын қайтарып бер. Сен оның тилласын алмаған болсаң, гене тамның қайерде екенин де билмес един, – депти.

## ЖИЙРЕНШЕ ШЕШЕННИҢ ОРНЫ

(Р-1293, № 183768)

Хан әмелдарлары Жийреншениң ханның ақылгөйы болып жүргенин қызғанып, оны орнынан түсирмекши болып Жийреншени ханга жаманлайды.

Хан булардың сөзин мақул көргени менен, оны қалай сарайдан қуўыўдың есабын таба алмайды.

Сонда ханның бир ақылгөйи:

– Тақсыр! Ҳәзир Жийренше келеди. Сол ўақытта оның отыратуғын орнына басқа биреўди

www.ziyouz.com kutubxonasi

отырғызып қояйық. Жийренше кирип келгенде ҳеш қайсымыз оған: «келдиң бе, кеттиң бе» демейик, орынларымыздан турмайық. Жийренше күтә аршыл адам. Бизлердиң исимизди көрип, ол, сөз жоқ, сарайды таслап кетип қалады, – депти.

Бул ақыл ҳаммеге мақул түсипти. Бираздан кейин, оның айтқанындай, сарайға Жийренше кирип келипти.

Жийренше сарайға кирсе, өзиниң күндеги отыратуғын орнында жеринде басқа биреў отырыпты. Хан ҳәм оның әмелдарларының Жийренше менен иси болмағанын сезген ол:

– Дарғахына келдим кирип,
Мениң орным андайын тур,
Уллылардың сарайында,
Есик бет ҳәм төриндур, – деп есикте отыра берипти.

Хан Жийреншеге қайыл болып, оны өзиниң орнына шығарып ҳүрмет пенен сыйласық ислепти.

## ЖЕТИМНИҢ ТҮРЛЕРИ

(Р-1098, №182777)

Бир күни Жәнибек хан Жийренше шешеннен:
– Жетимниң неше түри бар? – деп сорапты.
Сонда Жийренше шешен оған:
– Тақсыр, жетимниң үш түри бар, – деп жуўап берипти.
– Бул үш жетимлер кимлер екен? – депти хан.
Сонда Жийренше Жәнибек ханға:
– Кемпири жоқ ғарры жетим,
Басшысы жоқ ел жетим,
Суў сағынған жер жетим, – деп жуўап берипти.

## КҮНДЕС ҚАТЫНЛАР

(Р-1299, №183812)

Жийренше шешен хан менен жолдас болып кетип баратырып, бир көшип кеткен үйдиң журтына қарап:
– Хан ҳәзирет! Мынаў көшип кеткен үйдиң қатыны екеў екен, – депти.
Сонда хан:
– Оны қайдан билдиң? – депти.
Жийренше:
– Көсеўдиң еки жағы көселипти. Күндес қатынлар көп урысады. Қатынлар урысып отырып көсеўдиң ояғын да, буяғын да отқа тыға береди, – депти.

## ЖАҚСЫ ХАН ТАЙЫН ТУР МА?

(Р-1098, №182777)

Күнлерден бир күни иси еригип отырған Жәнибек қасындағы Жийренше шешенге:
– Қәне, Жийренше, журт сени шешен дейди ғой. Сондай шешен болсаң, мени еки аўыз сөз бенен жаманлап, еки аўыз сөз бенен мақтап бер, – депти.
Сонда Жийренше Жәнибек ханға:
– Ҳәй, қудайым, Жәнибек ханға жолықтырма,
Жолықтырма дегеним болып тур ма?
Жаман, жақсы болса да өзимниң ханым,
Басқа жақта жақсы хан тайын тур ма?! – деп, Жәнибек ханнан мың тилла алыпты деседи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖИЙРЕНШЕ ҲӘМ ЖӘНИБЕК ХАННЫҢ АҒАЙИНИ
(Р-1293, № 183768)

Бурынғы өткен заманда, Жийренше шешенниң ўақтында Жәнибек ханның бир күншил ағайини болыпты. Ол Жийреншениң шешенлик пенен ханнан алған ақшаларын қызғанады екен.

Бир күни ол ханға барып:

– Жийреншеге берген ақшаңнан маған да бер, – депти.

– Олай болса, – депти Жәнибек хан, – мен саған бир сөз айтаман, егерде соны шешсең, мың тилла беремен, – депти.

– Яқшы, – депти жаңағы адам.

– Өтирик пенен ырастың арасы қанша жер? – деп сорапты хан оннан.

Ағайин ери ойланып, бери ойланып, үйине қайтыпты. Үйине келип те бир неше күнге шекем шеше алмай, ақыр соңында Жийреншеге барып сорапты.

Жийренше оған:

– Өтирик пенен ырастың арасы төрт ели. Аўзың менен өтирикти сөйлейсең, ал өтирикти ырас сөздей етип қулағың менен еситесең, – депти.

Ханның ағайини ертеңине азанда патшаның алдына барады. Барса, ханға әдәнеги сәлемди бериў ушын Жийренше келип отыр екен.

Ол ханға Жийреншениң айтқанларын айтып береди.

Буны ким тапқанын билсе де, Жәнибек хан оған мың тилла береди де:

– Бизлер Жийренше екеўимиз өз-ара сөйлесемиз. Сен бизлердиң не сөйлескенимизди айтып бересең, – депти.

Бир ўақытлары хан басына қолын тийгизеди, ал Жийренше болса қолы менен тилин услапты. Кейин хан ағайинине қарап:

– Бизлер не сөйлестик? – деп сорапты.

Сонда ҳеш нәрсени түсинбеген ағайини:

– Сизлер ҳешнәрсе де сөйлескен жоқсызлар. Тек биреўиңиз қолыңыз бенен басыңызды, ал биреўиңиз тилиңизди усладыңыз, – депти.

Сонда ақыллы хан:

– Бизлер Жийренше менен жақсы сөйлестик. Мениң қолым менен басымды услағаным – «Бас не менен тутылады?» дегеним еди. Ал Жийренше, болса тилин көрсетти. Бул оның «Адам ойланбай сөйлесе, тилинен тутылады» дегени еди. Сен буннан былай бундай ислерди ислеме, – деп ағайинин қуўып жиберипти. Ал, Жийренше болса бул күни де патшадан мың тилла алып үйине қайтыпты.

## ХАЯЛДЫҢ МӘККАРЛЫҒЫ
(Р-1293, № 183768)

Султан Сүйинхан заманында Жийренше өзиниң шеберлиги менен ханнан ҳәр ўақыт мың теңге алып жүреди екен.

Бир күни ақшасын таўысқан Жийренше ханның алдына келсе, хан өзиниң жақсы көретуғын ҳаялы менен отыр екен.

Иши пискен ханша Жийренше кирип келиўден ханға өзиниң таза балық жегиси келетуғынын айтады.

Хан Жийреншени балық алып келиўге базарға жумсап жибереди.

Жийренше базарға барып үш теңгеге бир таза сазан алып қайтып келеди.

Хан Жийреншениң хызметине ырза болып, мың тилла береди.

Жийренше кеткеннен ханға ҳаялы:

– Сениң ақылың қайда кетип қалған? Үш тиллалық балық ушын мың тилла берип жибердиң, бул исиң менен сен тез арада ғәзийнеден айрылып қалыўың мүмкин, – депти.

– Сонда не қыл дейсең? – деп патша ҳаялына қарапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Ҳәзир Жийреншени қайтадан шақырт. «Жаңағы әкелген балығың урғашы ма ямаса еркек пе?» деп сора. Еркек десе де, урғашы десе де, мың тилланы қайтып ал, – депти.

Соның менен Жийренше қайта шақыртылыпты.

– Жаңағы әкелген балығың урғашы ма ямаса еркек пе? – депти хан.

Жийренше:

– Мәрҳаматлы ханым, мениң әкелген балығым урғашы да, еркек те емес, балықтың ақтасы еди, – депти.

Хан не дерин билмей, сөзден жеңилип, тағы мың тилла берипти. Жийренше тиллаларды алып атырғанда бир теңгеси түсип кетеди. Ол жерге еңкейип, тилланы алып кетеди.

Жийренше шығыўдан ҳаялы тағы да:

– Әне, сениң аңқаўлығыңның себебинен мың тилладан тағы айрылдың. Жаңа сен Жийреншеге мың тилла бергенде, ол жерге түскен бир теңгени еңкейип алды. Еки мың тилла деген жоқтың аўзында, бардың қалтасында, соған қанаат қылмай, түскен бир теңгени еңкейип алды. Усындай сықмар адамға теңге бериўге бола ма? Жийреншени тағы шақырт! Усыны айтып, оны айыплап, алған теңгелериниң барин сыпырып ал, – депти.

Жийренше хан алдына тағы шақыртылыпты.

Хан Жийреншеге:

– Мен саған еки мың тилла бердим, бул бардың қалтасында, жоқтың аўзында, солай бола тура, мениң алдымда уялмай еңкейип, түскен бир тилланы алып, жалаңқаялық қылғаның не? – депти.

– Әй, тақсыр! Дурыс, еки мың тилла аз пул емес, мениң бир тилланы алғаным ырас, бирақ бунда мен қанаатсызлық етип алғаным жоқ. Түскен теңгеге қарасам, сизиң атаңыздың сүўрети ҳәм қолы бар екен, сол адамлардың аяғының астында қалмасын деп алғаным рас, инанбасаң мине көрсетейиң, – деп теңгени ханның алдына қойды.

Хан көрсе, ырасында да сондай екен.

Хан бул жерде де сөзден утылып, Жийреншеге мың тилла берипти.

Буннан кейин ол ҳаялының сөзине ермейтуғын болған екен.

## СУЛТАН СҮЙИН МЕНЕН ЖИЙРЕНШЕ

(Р-1293, №183768)

Султан Сүйин Жийренше менен бир жақтан қайтып, екеўи де көпирдиң үстине мингенде хан Жийреншеге қарап:

– Дүньяда не мазалы? – деп сорапты.

Жийренше:

– Дүньяда мазалысы мәйек, – деп жуўап берипти.

Сөз усының менен туўарылып, екеўи де сөйлеспей тарқасады.

Бир жыл арадан өткеннен кейин хан Жийренше менен тағы жолдас болып, бағы көпирге екеўи де мине бергенде хан:

– Не менен мазалы? – деп сорайды.

Жийренше:

– Дуз бенен, – деп жуўап берипти.

Хан Жийреншениң зейнине және тан берипти.

## ЖИЙРЕНШЕНИҢ ҚЫЗЫНЫҢ ХАНДЫ ЖЕҢИЎИ

(Р-1293, № 183768)

Жәнибек ханның заманында Жийренше деген адам болады. Бир күни хан Жийреншеге үлкен бир тасты әкелип берип:

– Үш күн мәўлет беремен, усы тастан геўиш тигип әкелип берегөр, – депти.

Жийренше үйине қапа болып келипти. Жийреншениң бир ақыллы қызы бар екен. Жийреншениң қапа болып келгенин көрген қыз атасынан буның себебин сорапты. Жийренше оған ханның буйрығын айтыпты. Сонда қызы:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Ата, деш қапа болма, бунын жолы аңсат. Ханға өзим жуўап беремен, – депти.
Мүддетли күн өткеннен кейин хан Жийреншениң үйине келип:
– Жийренше қайда? – деп сорапты.
Сонда қызы оған:
– Тақсыр ханымыз, атам сизиң буйрығыңыз бенен тасты тигиў ушын тас тигетуғын ийне излеп кетип еди, – депти.
Сонда хан:
– Ҳаў! Тасты тигетуғын ийне де боламекен? – деп айтып салыпты.
Соны күтип турған қыз:
– Тақсыр, тасты тигетуғын ийне болмаса, атам сиз берген тастан қалай геўиш тигеди? – деп ханды сөзден жеңипти.

## ЖӘНИБЕК ХАННЫҢ ТОЙЫ

(Р-1293, № 183768)

Жәнибек хан ақылгөйлерине ойласып:
– Мениң патшалығыма не ылайық? – депти.
Ақылгөйлери айтыпты:
– Елде жоқ медресе салдырсаң, атың қалады, – депти.
Хан медресе салдырып, атын Айдархан қойыпты. Сөйтип хан той берип, Асан қайғыны шақыртыпты. Бирақ Асан тойға келмепти.
Ақылгөйлери бир күни алысқа шыққан Жәнибек ханға «үйлен» деп ақыл берипти. Хан үйленип, және Асан қайғыны тойға шақыртады. Асан қайғы бул тойға да келмепти.
Бир күни Жәнибек хан қәлпегин шақырып:
– Қустың жақсысы қайсы қус? – депти.
Қәлпе:
– Қус төреси қуў, қус жаманы қуладин, – депти.
Сонда хан:
– Қуладинди күйине салып, қуў алдыр, – депти.
Қәлпе қуладинди күйине келтирип, қуў алдырыпты.
Хан буған да той береди. Асанды және шақырады. Асан келмейди. Бир күнлери Асанның өзи ханға келеди.
Сонда хан оған:
– Үш мәртебе той бердим. Неге келмедиң? – депти.
Сонда Асан:
– Берген тойларыңның ақылы болмаған соң келмедим, – деп жуўап берипти.

## ЖИЙРЕНШЕНИҢ ҚАРТАЙЫЎЫ

(Р-1293, № 183768)

Жийренше қартайған шағында ўазирлигинен босап қалыпты. Бары-жоғын ишип-жеп, жоқшылық ҳәм ғаррылық оны қатты алдыратыпты. Енди ол ылашығының едениме төсектиң орнына қара өлең төсеп отыратуғын дәрежеге жетипти.
Жәнибек хан Жийреншеден кейин ақыллы ўазир таба алмапты.
Бир күни хан жолы түсип, Жийреншени көре кетейин деп, оның үйине келипти. Жийреншениң жарлыланып қалғанын көрген хан:
– Ҳаў, Жийренше, жүдә жарлы болып қалыпсаң ғой, – депти.
Сонда Жийренше турып ханға:
– Ҳәм ғаррылық, ҳәм жарлылық,
Екеўледи патшайым,
Қатын шала, бала жас,
Төртеўледи патшайым.
Патша Жийреншениң бул сөзине үлкен сыйлық берген екен деседи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖӘНИБЕК ХАН ҲӘМ АСАН ҚАЙҒЫ

(Р-1293, № 183768)

Жанибек ханлық тахтына мингеннен кейин Асанды тойына мирәт етеди. Асан келмейди.

Жанибек өзиниң ханлық сүрип турған ўақтында атақлы орыс усталарын шақыртып қала салдырады. Бирақ усталарға жөнлеп ҳақы төлемейди. Буннан соң орыслар:

– Бизге бир малдың териси қурақым жер берсең болады, – десипти.

Хан «Бир малдың терисиндей» деген соң, жер алыўға руқсат етеди.

Сонда булар бир терини жиңишке сабақтай етип тилип, сол сабақты жерге қазық қағып, төрт тәрепке қарай созады. Ақыбетте бирталай жер олардың қармағына өтип кетипти. Буның үстине сол жерге орыслар биреўлеп-екеўлеп келип қоныс баса берипти.

Қала питкеннен соң Жанибек той берип, тойына Асан қайғыны шақырады. Бирақ Асан қайғы бул тойға келмейди. Жанибек хан үшинши мәртебе қызын узатып той береди. Асан қайғы бул тойға той базарлығы менен келеди.

Жанибек хан Асан қайғыға:

– Хан болып той бердим, келмедиң, қала салып той бердим, келмедиң, – дейди.

Сонда Асан айтады:

Биринши келмеўим – сен халыққа дурыслы басшылық қыла алмайтуғын хан болдың, соннан соң келмедим. Екинши тойда келмегеним – қаланы салған орысларға дурыслап ҳақы төлемедиң, соған өкпелеп келмедим. Ал қызыңның тойына келиўим – қыз мүсәпир, жат елге кетип баратыр, соның ушын келдим, – дейди.

Жанибек хан Асан қайғының таўып айтқан сөзине хеш нәрсе дей алмай, ат-тон сарпай берип қайтарыпты.

## ШАНҚАЙ ЖЫРАЎ

(Р-1293, № 183768)

Шаңқай жыраў картайғанша үйленбеген. Бир күни ол жолда бир аўылға келип қудайы қонақ болыпты. Үй ийеси оның атына от-жем бермепти. Сонда ол:

– Шаңқай жыраў мен дейди,
Қай жыраўдан кем дейди.
Катыным жоқ, балам жоқ,
Жалғыз атым жем дейди, – депти.

Усы сөзден кейин үй ийеси оның өзин жақсылап күтип, атына да от-жемди мол етип салыпты.

## АЛДАР КӨСЕНИҢ ЖИЙРЕНШЕНИ АЛДАЎЫ

(Р-1293, № 183768)

Бир күнлери Алдар көсе адамларға, «мени ханға апарың» деп қоймапты. Адамлар оны ханға апарыўға қорқыпты. Сонда Алдар көсе адамларға:

– Сизлер қорқпаң, мени ханға апарың да, «мына бир адам сизге апарың деп қоймайды, соннан соң әкелдик» дең де, ханға мени таслап, өзлериң үйлериңе кете бериң, – депти.

Соннан кейин хан адамлар Алдар көсени ханға апарыпты да:

– Мынаў адам сизге апар деп қоймайды, соннан соң әкелдик тақсыр, – деп кейин қайта берипти.

Алдар көсе ханның алдына барыўдан тили, қулағы жоқ гүң болыпты. Хан оның менен ым менен сөйлесиўге мәжбүр болыпты.

Сөйтип, хан Алдар көсеге өзиниң басын қолы менен көрсетипти.

Сонда Алдар көсе ханға қарап аўзын ашып, оған тилин көрсетипти.

Хан дәрҳал оған мың тилла ақша бергизипти де:

– Үйине қайтара қойың, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақытта ханның қасында Жийренше шешен отыр екен дейди.

– Хаў, тақсыр, сиз әйтеўир биреўге мың тилла бере қойдыңыз ғой, – депти.

Сонда Жийреншеге хан:

– Ол жүдә ақыллы адам екен, мен оған «Адамның басы неден бәлеге ушырайды?» дегенимде, ол «Адамның басы бәлеге өзиниң тилинен ушырайды» деп жуўап берди, соннан соң мың тилла бергеним еди, – депти хан.

Буны еситкен Жийреншениң жүдә қатты қаҳәри келеди. Өйткени, бурын хан қасында оннан ақыллы адам табылмай, ханнан да ақыллы болып турған адам бүгин әйтеўир бир нәрсеге түсинбей қалады. Сөйтип, Жийренше оны изинен жетип өлтирмекши болып қуўады. Оны Алдар көсе гөреди де, Жийреншени көриўден бир ушы айры ағашты таўып алып, оны алқымына тиреп тура қалады.

Жийренше оны қуўып жетип, оның аша ағашты алқымына тиреп турғанын көрип:

– Ха, сум, сен не қылып турсаң? – депти.

Сонда Алдар көсе:

– Мен ҳәзир қудайдың қүдиретин көрип турман, маған тиймей өте бер, – дейди.

Оның бул сөзине ашыўы келген Жийренше.

– Қане? Қудайдың қүдирети қандай екен? – деп оған дәпинеди.

Сонда Алдар көсе оған:

– Сен сол турысың менен қудайдың қүдиретин көретуғынбедиң, атыңнан түс, мениң қасыма кел, мениң жаман кийимлеримди кий, алқымыңа аша ағашты илдир, сонда сен де қудайдың қүдиретин көресең, – дейди.

Баяғыдан бери ашыўы келип турған Жийренше дәрҳал атынан түсип, Алдар көсениң барлық жаман кийимлерин кийип, алқымына аша ағашты илдирип жатыпты.

Сонда Алдар көсе Жийреншениң барлық жақсы кийимлерин кийип ҳәм оның атына минип турып:

– Ханның қасында бир алдансаң, ҳәзир бар кийимлериңнен айрылып ҳәм атыңнан айрылып, тағы алдансаң, ол қудайдың қүдирети емес пе? – деп хайт қойыпты.

Бул жерде тағы алданған Жийренше жаман кийимлер менен ханға бара алмай, туўры үйине қайтып, жети күн аўырып жатып өлипти дейди. Сөйтип Жийреншениң өлими Алдар көседен болған екен дейди.

## АБАТ МЫРЗА
(P-1293, № 183768)

Жәнибек хан Асанды шақырып алып:

– Өзиңнен өзгеше кең ойлы ким бар? – деп сорапты.

– Баласын мақтады демесең, мениң балам Абат мырза меннен де кең ойлы, – депти.

Хан және сораў берипти:

– Дүньяда ким мерген?

– Баласын еки мақтады демесең, Абат мырза мерген, – депти.

Хан оннан:

– Меннен не тилегиң бар? – депти.

Асан:

– Мениң сизден тилегим жоқ. Тилегим – Абаттың денсаўлығы. Енди тилекти Абат мырзаның өзи тилер, – депти.

– Абат мырзаны жибер маған, – депти хан.

Абат мырза ханға келеди. Хан оны сынап көриў ушын:

– Мениң қусымның еки қанатын бир қус аспаннан келип қыйып кетти. Сени әкең мерген деп еди, сол қустың еки көзинен атып бер, – депти.

Абат буған ыразы болып, қустың еки қанатынан атады. Қустың еки қанаты үзилип жерге түседи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Буны көрип турған хан Абаттан:

– Неге көзинен атпадың? – деп сорапты.

Сонда Аббат мырза:

– «Жақсыны асқа, жаманды тасқа ур» деген сөз бар. Мен оның еки қанатынан атып, ислеген исин өзиниң алдына келтирдим. Усы жазаның өзи оған жеткиликли, тақсыр, – депти.

## МАМАН БИЙДИҢ СЫЙЛАЎЫ

(Р-1293, № 183768)

Маман бийдиң егислик жери бар екен. Оған бир жарлы жигитлер руқсатсыз егин егип атыр екен. Сонда биреўлер:

– Маман бийден рухсат сорап егиңлер, – деп, оларды Маман бийге жибереди. Олар Маманды танымайды екен. Олар жетип баратырып бир үйдиң тусынан өтипти. Үйдиң алдында бир ҳаял тары қуўырып атыр екен. Қасында бир киси таяқ пенен ысырып от жағып отыр екен. Сол кисиден Маман бийди сорапты.

Сонда Маман бий оларға:

– Дуўым журттың Маманыман,
Өз үйимниң жаманыман, – депти.

Жигитлер Маманға келген жумысын айтып:

– Маман аға,
Келипти сизге быйыл заман, аға,
Биз азырақ жериңе егин ектик,
Оннан басқа жағы аман, аға, – депти.

Сонда Маман бий:

– Сөзлериңизди таўып айттыңлар, жигитлер. Ексеңиз еге қойыңлар, – деп оларға руқсат етипти.

## ЖЕР ДАЎЫ

(Р-1293, № 183768)

Өткен даўирде қытай менен қоңырат урыўларының арасында жер таласы болады. Бул ўақытта қоңырат қытайға қарағанда бай-даўлетли болған екен. Булар қытай урыўынан басым келип, жерди алатуғын болады.

Буннан кейин қыпшақ урыўының бийи Ақполат деген адам қытайлыларға жаны ашып, олардың арын арлап, жер пайын алыўына жәрдем етпекши болады. Сөйтип, Ақполат тоғыз қазының үлкенине барып, еки урыўдың арасындағы жер ҳаққындағы даўды айтады ҳәм қытайлыларға өзине тийисли жерин алып бериўди сорапты. Сонда қазы оған:

– Буннан маған қандай пайда бар? – деп сорапты.

– Мен сизге отыз тилла алып келдим. Соны аласыз. Ертең омыт үйип, жер белисиўге шығамыз. Сонда мен сизди үш рет сөгемен. Сиз соған қайыл болып турасыз. Кейнин өзим жайғастыраман, – депти.

Қазы отыз тиллаға көзи қызып, Ақполаттың сөгиўине қайыл болады.

Булар ертеңине жер белисип, омыт үйиўге шығады. Еки урыўдың адамлары жәм болып турғанда қазы да жетип келипти. Соны күтип турған Ақполат қазыға:

– Әй, налеттиң баласы. Болсаң-а, бул жыйналған адамларға бир нәрсе айтсаң-о, – деп, оны үш рет сөгипти.

Қазы дым үндемепти.

Ақполаттың бул сөгисин еситкен қоңыратлылар:

– Бизлер бул жерден кетейик, жерди усылар-ақ алсын. Ақполаттың қазыны сөгип атырғаны мынаў. Бул қызып кетсе, бизлерди де аямас, – деп жерлерин таслап, аўылына қайтқан екен. Сөйтип, Ақполаттың себебинен қытайлылар жерли болып қалыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТУРЫМ БИЙДИҢ ИНИСИ МЕНЕН ЖАРАСЫЎЫ
(Р-1293, № 183768)

Қарақалпақта Алланхор деген адам Аннақул ханның бас ўәзири болып турған екен. Бирақ Аннақул хан өлгеннен кейин ол кем-кемнен екинши орынға шығып, ақырында белгисиз болып кеткен. Аннақул ханның баласы Жанибек ханның ўақтында қарақалпақ бийлериниң ишинде ханға жақын адам Турым бий болған. Ол бир күнлери болар-болмас нәрсениң үстинде өзиниң туўысқан иниси менен аразласып, урысып қалған. Бул екеўин аты шыққан адамлардың бәри де бир-бирден келип, жарастыра алмаған. Елдиң жасүлкенлери ағайинли жигитлердиң аразласып жүргенин нәмақул көрип, жүйрик, шешен, қатқуда адамларды тағы да излестире баслаған.

Бир күни олар бурын ханның қасында кеңес берип отырған, бирақ ҳәзир белгисиз болып кеткен Алланхордың хабарын еситипти. Адам жиберип, оны алдырады. Сонда Алланхор Турым бийдиң үстине кирместен бурын оның иниси Турымбетти алдырып оған:

– Мен Турым бийдиң үстине киремен. Сәлемлесермен, аманлық-есенлик сорасарман. Соннан кейин «Турымбетжан көринбейди ғой» деп сорайман. Сол жерде биреў сизлердиң бир-бириңизди көрмей жүргениңизди, Турымның өкпели екенин айтар. Мен сонда «Адамлар ағайин таба алмай жүргенде, араз болады деген не сумлық. Бар, Турымжанды шақырып келиң» дермен. Сонда сен үйдиң қасында тур да, жаңағыны айтқанда еки бүйириңди таянып, ўай-ўайды сал да, үйге кире бер, – депти.

Солай етип, Алланхор Турым бийдиң үстине кирипти. Аманлық сорасып болғаннан кейин Алланхор Турымға өзиниң ким екенин таныстырыпты.

– Сизиң бир иниңиз бар еди. Сол бул жерде көринбейди ғой? – депти.

Сонда Турым бий ҳешнәрсе дей алмай төмен қарапты. Ылдый орнына отырған жигитлерден аўзы жеңил биреўи:

– Әй, ол бала бир оңбаған бала болды ғой. Оның несибесин ... Бий ағамның да зейинине тийип, соннан бий ағам оны көрмей жүр, – депти.

Сонда Алланхор бағанағы сөзди айтып: «Бар! Шақырып келиң» дегеннен Турымбет даўыс шығарып, үйге кире берипти.

Сонда жетп жибимей жүрген Турымбий де даўыс шығарып, инисине қолын бергенин билмей қалыпты. Иниси менен жарастырғанына Турым бий Алланхорға ырзы болып, оны қонақ етип күтип, сарпайлап жиберипти.

## АЛЛАНХОРДЫҢ ХАННАН АЛҒАН САРПАЙЫ
(Р-1293, № 183768)

Алланхор деген киси сөзге жүда шебер адам болған. Ол Жанибек ханның әкесиниң ханлық дәўиринде хан қасында ақылгөй екен. Хан өлген соң оның баласына адамлар Алланхорды жамайлап, хан сарайынан қуўдырады.

Бир күни ол ханға келеди.

– Не арзың бар? – депти хан.

Сонда ол былай депти:

– Сениң әкең Аннақул хан болды,
Мен сөз айттым пухталап,
Мақпал менен парша кийдим тахталап,
Сен хан болдың, сениң тусыңда,
Аяғыма шарық кийип,
Турман шыжым жип пенен ноқталап.

Сол ўақытлары хан қасындағы ўәзирлеринен:

– Әкемниң тусында хызмет еткени рас па? – деп сорапты.

Ўәзир:

– Дурыс тақсыр, – депти.

Хан Алланхорға өмирлик азық берип, сыйлап қайтарыпты. Сөйтип Алланхор сөзден жүйриклиги менен байыған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОТАРАЛЫ КӘРЎАНБАСЫ МЕНЕН ӨТЕПБЕРГЕН ҚЫЯТ
(Р-1293, № 183768)

Алты айлық арқада қазақтың «Қарақум» деген жеринде Отаралы деген карўанбасы бар екен. Ол адам «қазақта меннен жүйрик хеш ким жоқ» деп ойлайды екен.

Бир күнлери ол адамлардан «қарақалпақта Өтепберген қыят деген шешен бала бар, сөзден алдына адам салмайды» деп еситеди. Отаралы соны жеңип, биратола кеўилимди жай етип үйде отырсам деп ойлапты.

Солай етип, жигирма атқосшысы менен қарақалпаққа келипти. Олардың келип қулаған жери Тахтакөпирдиң үсти екен. Булар Тоғызтөре деген жердеги Есенғазы дегендикине қонады. Сол жерде отырып Өтепберген қыятты сорайды. Буны еситкен сол жердеги қарақалпақлар Өтепбергенге «Отаралы кәрўанбасы деген киси атқосшылары менен сениң менен айтысыў ушын киятыр, соған таярланып отырғайсаң» деп хабар жибереди. Отаралы ертеңине намазшам уақтында Өтепбергенниң үйине барып, «хабарлас» деп сыртта турып шақырады. Отаралы карўанбасы шақырған ўақытта Өтепберген қыят көрпешесин төрт буклеп, билегине сала шыққан екен.

Сонда Отаралы:

– Төсегиңди қолтығыңа иле шығыпсаң ғой, – депти.

– «Жайсыз жаў келсе, төсегиңди ала шық» деген, – депти Өтепберген қыят.

– Жайсыз жаў ким екен? – депти Отаралы.

– Жайсыз жаў намазшам, намазлытерде келген қонақ, – депти Өтепберген.

– Гәптиң ҳаслы не?

– Гәптиң ҳаслы қулақ, – депти Өтепберген.

– Жолдың ҳаслы не? – дейди Отаралы.

– Жолдың ҳаслы туяқ, – дейди Өтепберген.

Усыдан кейин Отаралы карўанбасы:

– Ал, бала, атымды байла! Аттан түсирип ал, – депти.

Отаралы Өтепбергеннен жеңилгенин мойынлапты. Өтепберген қонақларды түни менен сыйлайды. Ертеңине Отаралы Өтепбергенди өзи менен бирге алып кетип, оған көп сарпай берип елине әкелип кетеди.

## АШАМАЙЛЫЛАРДЫҢ САЛЫҚТАН ҚУТЫЛЫЎЫ
(Р-449, №176392)

Хийўа ханының жаллатлары ҳәр жылы халықтан салық жыйнайды екен. Бир жылы Хийўаның адамларының жети жүз үйли ашамайлыдан салық жыйнап қайтайын деп атырған хабарын еситкен молла Қораз салық жыйнаўшыларды сабап-сабап, жыйнаған ақшаларын алып қалады да, халыққа бөлип береди.

Ханнан келген адамлар молла Қораздың бул исин Хийўаға айтып барады. Хан адам жиберип, Молла Қоразды шақырып алыпты.

Бул ўақытта хан қытай урыўынан аз салық алады екен да, ашамайлы урыўы аш, салық төлеў мүмкиншилиги жоқ екен. Молла қораз ханның алдына барып:

– Тақсыр, қытайдың балалары қамырдан бөталақ қылып ойнайды. Ал жети жүз үйли ашамайлының балалары нан деп жылайды, – депти.

Хан усы сөзге бола ашамайлыларды бир-еки жылға салықтан азат еткен екен дейди.

## ТӨРЕБИЙ
(Р-1293, № 183768)

Төребий хан менен душпан болып, Хийўа ханына қарсы урыс ашып, Қоңыратты көп ўақытқа шекем қамал етип жатыпты. Хан әскери көп болып, ақырында Төребий урыста қазаланыпты.

Оның жақын жәрдемшиси Лапа деген киси Төребийдиң исин даўам еттирип, көп ўақыт ханға қарсы урыс жүргизипти.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күнлери Пана досларының үгитлеўи менен ханның алдына барыпты.

Хан оған:

– Усы ўақытқа шекем келип, неге кеширим сорамадың? Хан дәўлетиниң басым екенлигинен қорқтың ба? – депти.

Сонда Пана:

– Мен сениң дәўлетиңнен, даңқыңнан қорқып келгеним жоқ. Төребийдиң дузын көп ишип, хызметин аз ислеп едим. Сол хызметимди өтей бережақ едим. Бирақ сениң алдыңа халқымның ханын бийгуна текпейин деп келдим, – депти.

Хан буның ерлигине рийза болып, сарпай жаўып, әмелдар нөкербасы етип тайынлапты.

## ЕРНАЗАР АЛАКӨЗДИҢ ХИЙЎА ХАНЫН СӨЗДЕН ЖЕҢИЎИ

(Р-1293, №183768)

Ерназар алакөз бир күни үйине отын әкелиў ушын отын жибин алып тоғайға кетипти. Усы ўақытта Хийўа ханы Мәдемин хан қарақалпақлардан салық жыйнап әкелиўге еки жасаўылын Ерназар алакөзге жиберипти. Бул жасаўыллар жолда тоғайдың ишинде отын алып атырған Ерназар алакөзге жолығып, оннан Ерназар алакөздиң үйин сорапты.

Сол ўақытта Ерназар өзин таныттпай, үйине силтеп жиберипти, де өзи олардың изин-ала бир арқа отын арқалап үйине келипти. Ол үйине келгеннен кейин қонақлары менен қайта көрисип, өзи Ерназар алакөз екенин таныстырыпты.

Бирақ ханнан келген еки жасаўыл: «Ерназар деп көтермелей береди. Бул болса хаялының отынын тасып жүр» деп ойлап, буған кеўиллери толмапты.

Жасаўыллар сол күни мийман болып, ертеңине Ерназарға ханның тапсырмасын айтып, қайтып кетеди. Жасаўыллар ханға барып:

– Мақтап жүрген Ерназарың хаялының отынын тасып жүр. Оның қолынан салық жыйнаў келмейди, – депти Ерназарды жаманлап.

Хан бул сөзди еситип қатты ашыўы келеди.

Бир күнлери Ерназар халықтан жыйнаған салықты алып, Хийўа ханына барады. Барып ханның қабыллаўшысына өзиниң келгенлигин билдирипти. Бирақ хан бағағы жасаўыллардың айтқан сөзлерине ерип, Ерназар менен бир ҳаптеге шекем сөйлеспепти.

Ханның қабыллаўын ари-бери күткен Ерназар ақыры қатты ашыўы келип, ханның үстине кирип барыпты. Хан Ерназардың ашыў менен келгенин көрип:

– Ҳа, Ерназар қарақалпақ салықты алып келдиң бе? – депти.

– Аўа, алып келдим, – деп жуўап берипти.

– Онда ертең аңға шығамыз, соған атыңды таярла, – деп, хан Ерназарға рухсат етипти.

Ертеңине Ерназар, хан ҳәм оның ҳәмелдарлары бирге аң аўлаўға шығады. Бир жерлерге барғанда олардың алдынан бир кийик қашады. Булардың ҳәммеси кийикти қуўады. Бирақ ханның ҳәмелдарларының аты жолда қалып қойды, ал хан менен Ерназардың аты жүйриклик етип бираз жерге асып кетеди.

Кийикти услап алғаннан кейин хан Ерназарға:

– Мен отын әкелейин, сен от жағып, кабап исле, – депти.

Сонда Ерназар:

– Жоқ тақсыр, сиз отыра бериң. Ҳәммесин өзим тайын етемен, – деп услаған кийигин сойып отыра береди.

Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин хан аш болып шыдамайды.

– Мен отын әкелемен, сен от жағып тезирек писир, – деп, хан отын әкелип, олар кийиктиң гөшин кабап етип жейди.

Сол ўақытта Ерназар алакөз:

– Тақсыр, енди буны қасыңыздағылар билсе, «отын терип жүргеннен қандай хан болды» дейтуғын болды-аў, – депти.

## ХАН ҲӘМ ШЕШЕН ҒАРРЫ
(Р-369, №127277)

Хан бир күни шикарға шығып баратырса, алдынан бир жолаўшы шығыпты. Иси ериккен хан жолаўшыны ермек етип, сынаў ушын оған:

– Жолдың ийеси ким? Суўдың ийеси ким? Сөздиң ийеси ким? – деп сораў берипти.

Сонда жолаўшы ханға:

– Жолдың ийеси – туяқ, суўдың ийеси – булақ, сөздиң ийеси – қулақ деп шешип, жөнине кетеди.

Ханның әйтеўир бир жолда кетип баратырған жалаңаяқтан жулып алғандай етип жуўап еситкенине ызасы келип, барлық жумбақшыларды жыйдырып:

– Шығыс пенен батыстың арасы неше күнлик жол? Жердиң орайы қай жерде? Мениң сақалымның талы нешеў? Өтирик пенен шынның арасы қанша? Усыларды шешип бериң! – деп буйырыпты.

Бирақ ханның бул жумбағын сарай шайырларынан, ақылгөйлеринен хеш қайсысы болып дурыс шеше алмапты.

Ақырында бир ешекли ғарры ханға келип:

– Тақсыр, жумбағыңызды мен шешемен, – депти.

– Қане, шеш! – деп буйырыпты хан.

– Шығыс пенен батыстың арасы бир күнлик жол. Себеби қуяштың бир күнде шығып, сол күнниң өзинде бататуғынлығын өзиңиз де билесиз. Жердиң орайы мына мениң ешегимниң туяғының астында. Исенбесеңиз, адымлап өлшеп көриң. Сизиң сақалыңыздың талы мениң мына ешегимниң қуйрығының талының саны менен бирдей. Исенбесеңиз, санап шығаберйиң. Өтирик пенен шынның арасы – төрт ели, өйткени қулағыңыз еситкенди көзиңиз бенен көрмегенше исене бермең, алданып қаласыз, тақсыр, – деп жуўап берипти.

## ОРЫНЛАНБАҒАН ТАЛАП
(Р-84, № 37515)

Қанжығалы урыўында ақыллы ел ағасы Омар деген адам болыпты. Бир күни сол аўылдың бир адамы оны үйине мийман болыўға мирәт етипти.

Сонда Омар оған:

– Мени душпаным менен табақлас етпе! Аўқатқа заҳар қосып берме, – депти.

Жаңаты жигит оның гәпине түсинбей:

– Жоқ, тақсыр, ол не дегениңиз, ондай болмайды, – деп жуўап берипти.

Үйге келгеннен кейин қонақтың алдына табақ қойылып, үй ийеси қайта-қайта «алың-алың» деп мирәт етипти. Булардың үстине сол үйдиң баласы да келип, олар менен табақлас болыпты. Бир ўақытта мийман орнынан турып шығып кетипти. Жигит мийманның неге кетип қалғанын кейининен билипти.

Омардың «душпаным менен табақлас етпе» дегени – «жас бала менен табақлас етпе», «тамаққа заҳар салып берме» дегени – «тамақ қонақтың алдына келгенде «алың-алың» көп айтыла бермесин» дегени екен.

## ӨТЕПБЕРГЕННИҢ ҚОНАҚТЫ СӨЗДЕН ЖЕҢИЎИ
(Р-450, № 176393)

Қыят урыўының қурғынлы байы ҳәм бийи Өтепберген бий хеш кимнен сөзден жеңилмеген адам болады.

Өтепбергенниң даңқын еситкен бир қазақ оны излеп қонақ болып келипти. Ол Өтепберген менен ушырасып:

- Қара жерге қар жаўғалы неше жыл болды? Қара булақтан суў аққалы неше жыл болды? – деп сорапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтепберген қонақтың бул сораўына жуўап бере алмай, үйине мунайып келеди. Сонда хаялы ериниң мунайып келгениниң себебин сорапты. Өтепберген қонақтың сораўына жуўап таба алмағанын айтыпты. Сонда хаялы оған:

– Буның жуўабы дым аңсат еди ғой. «Басыңа ақ енгели неше жыл болды?», «Көзиңнен суў аққанына неше жыл болды» дегени еди, – депти.

Бул сөзди еситиўден Өтепберген қос ат жетип пайтон арба менен кетип баратырған қонақтың изинен жетип:

– Бағанағы еки сораўыңа жуўап беремен, – депти.

Сонда қазақ оған:

– Хаялың шешен шығар. Мениң сораўымды өзиң емес, хаялың тапқан, – деп, арбасын иркпей айдап кете береди.

Ашыўы келген Өтепберген қолындағы балтасы менен арбаның бир арысын шаўып жиберип:

– Қане, арбаңды енди айдап көр. Арбаң жалғыз арыс пенен жүре алармекен. Сениң сораўыңды еки арыстың қайсысы шешкенде не, барибир емес пе? – деп қонақты сөзден жеңеди.

## МЕРГЕНБЕК АШАМАЙЛЫ

(Р-1293, № 183768)

Қыятлар Ийшан көлден саға алып, өзлериниң жабына қуйдырмақшы болыпты. Олардың жап алатуғын жери ашамайлы урыўының жери екен. Ашамайлылар қыятларға жеринен жап алыўға келисим бермейди. Жап алыў жөнинде Өтепберген менен ашамайлының бийи Әўезбий айтысып, Хийўаға барады. Ең алды менен қыятлардың бийи ханға арыз етеди. Ол ханның алдына барып:

– Тақсыр ханымыз, халқымыздың еккен егини дизге жетпейди. Дизге жетсе де, ишейин десе, гүзге жетпейди. Ашамайлылардың жеринен жап алып, дийханшылық ислейик деп едик. Ашамайлылар жап алыўға рухсат етпей атыр. Усыған жәрдем етиўиңизди сораймыз, – депти.

Хан қыятлардың жап алыўына келисим береди.

Бул аўҳалды Әўезбий еситип, Хийўадағы ашамайлы урыўының ханға хызмет ететуғын, хан алдында үлкен абыройға ийе Мергенбек деген адамға қыятлар жап қазса, ашамайлылардың суўсыз қалатуғынын айтып түсиндирипти.

Мергенбек ханға барып:

– Жетим деген көл, тақсыр,
Жаңғыз деген шөл, тақсыр,
Екеўиниң арасы,
Жортақ атлы кисиге,
Үш күншилик жол, тақсыр,
Әўезбий деген бийимиз,
Пуқарасы биз тақсыр, – депти.

Бул сөзлерден кейин қыятлар ашамайлының жеринен жапты ала алмайтуғын болады. Буны қыятлардың бийи Өтепберген еситип ашамайлыларға:

– Енди сизлер менен тағы ханға барып айтыспай-ақ қояйық. Бизлердиң тағы айтысып барғанымыз ушын бизлерге пара бериң дейди, – депти.

Сонда Мергенбек оған:

–Туўғалақ бийден туўған жоқ,
Туўғансыз бийде ийман жоқ,
Қудай қылса, шарам жоқ,
Кисиге берер парам жоқ,

даўлагатуғын болсаң, жүр, ханға барайық, – деп, Мергенбек Өтепберген бийди даўдан жеңеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕРГЕНБЕКТИН АРЗЫ АТАЛЫҚТЫҢ БАЛАСЫН СӨЗДЕН ЖЕҢИЎИ

(Р-450, №176393)

Мергенбек дилўар сөзге шебер жүйрик адам болған. Арзы аталық өлгеннен кейин әкесиниң бийлиги баласына қалады. Арзы аталықтың баласы бийлик еткен ел Хийўа ханының қарамына өтип, халық дийханшылық ислемекши болыпты. Бирақ ханның адамлары дийханшылық ислеўге рухсат етпейди. Бул мәселени шешиў ушын халық Мергенбекти жибериўди ойласып, оның алдына барыпты.

Мергенбек айтысыў ушын қасына еки жигитти ертип алып, енди кетейин деп атырғанда Арзы аталықтың баласы оған:

– Сен еле өлмей жүрмедиң? – депти.

Бул сөз Мергенбекке қатты аўыр тийип:

– Сениң өлген әкең: «Меннен бир ҳарамзада бала қалып еди. Соны көрип кел» деп еди. Соның ушын сени көрип кетейин деп келдим, – деп жуўап берипти.

## АСАННЫҢ АТЫНА АЙТҚАНЫ

(Р-1239, № 183768)

Жанибек хан бир неше атлы адамларды мәжбүрлеп, бир елди шаўып, олжа таўып келиўге жумсапты. Усылардың ишинде Асан қайғы да бар екен. Булар жолда алып шыққан азығын таўысып, атлары да шаршап кеп азап кереди.

Асан азанда атын ертлейин десе, арқасының ер салатуғын жери жоқ, ошақтай жаўыр болып қалыпты. Оның үстине, аты жатқан жеринен турмапты. Сонда Асан атына қарап былай деген екен:

– Арқаң жаўыр болса, бағрыңа минемен,
Бағрың жаўыр болса, сағрыңа минемен,
Мен өлмей, саған тынышлық жоқ,
Жанибек хан өлмей, маған тынышлық жоқ.

## ПАТША БОЛҒАН МЕТЕР

(Р-450, №176393)

Бир күни бир патша өзиниң метерине жаманлық ойлап, оны өлтирмекши болыпты. Усы мақсетте патша бир күни метерин шақырып алып:

– Мен саған үш саўал беремен. Егер шеше алмасаң өлтиремен, – депти.

– Мейли, тақсыр, саўалларыңызды айтың, – депти метер.

Сонда патша оған:

– Сен маған ақыл менен иймānның қай жерде екенлигин, күнниң батысы менен шығысының аралығының қанша екенин ҳәм тәңириниң не қылып атырғанын ҳәм не қылажақ екенин айтып бересең, – депти.

Сонда метер:

– Тақсыр, ақыл баста, ийман көкиректе. Күнниң шығысы менен батысының арагы бир күнлик жол. Бирақ үшинши сораўыңызға, мениң бир шартиме көнсеңиз ғана, жуўап беремен, – депти.

Патшаның қызығыўшылығы үстин келип:

– Мейли, айт шартиңди, – депти.

– Тақсыр, рухсат етсеңиз, усы саўалға сизиң тахтыңызда отырып жуўап берсем, – депти.

Патша оның бул шартине көнип, орнынан турып, тахтын оған босатып берипти. Метер патшаның тахтына отырып болып:

– Жаллад, мына адамды инсан аяғы жетпейтуғын жерге сүргин етиң! – деп буйырыпты.

Жалладлар патшаны алдына салып айдап баратырғанда ол:

– Сен мениң үшинши сораўыма жуўап бермедиң, – депти метерге.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда метер пган:

– Ҳей, ақмақ патша, таңрынын қылажақ иси усы еди, – депти.

Халық ақыллы метерди биратола патша тахтында қалдырыўды уйғарыпты.

## ҲӘЗИРЕТИ ӘЛИЙДИҢ КӘПИРЛЕРДИ МУСЫЛМАН ЕТИЎИ
(Р-450, № 176393)

Ҳәзирети Әлий баласын көтерип турған ўақта қолына бир кептер ушып келип қоныпты. Сонда Әлийдиң баласы:

– Ата, мына кептерди услап бер, – депти.

Әлий кептерди услаған ўақта кептер Әлийди көтерип ушып кетип қалады. Ол сол ушыўдан кәпирлердиң ҳеш адам билмейтуғын шаҳарине апарып түсирипти.

Кәпирлердиң патшасы қараўындағы ўәзирлери менен үлкен жыйналыс өткерип атыр екен. Әлий олардың тобына араласыўы менен сол жердеги ўәзирлердиң тили байланып, сөйлей алмай қалыпты. Сонда олардың арасында биреўи:

– Бизлердиң арамызда бир мусылман бар. Сизлердиң сөйлей алмай турғаныңыздың себеби сол, – депти.

Патша сол жерде жыйналған барлық адамларды көзден өткериўге буйрық берипти. Олар басқа түсли Ҳәзирети Әлийди дәрриў таўып алады.

Сонда кәпирлердиң патшасы Әлийге қарап:

– Сен бизлерди тилден қалдыратуғын дәрежеде шешенбедиң? – депти.

– Шешенлик дәрежем тек бир Аллаға аян, тақсыр, – депти.

– Ондай болса, сеннен тоғыз саўал сорайман. Егер шеше алмасаң, өлимге ҳүким етилесең, – депти.

Ҳәзирети Әлий кәпирлер патшасының шәртине ырзы болыпты.

– Бир неге еки болмайды? – деп патша сораўын баслапты.

– Қудай биреў, ол ҳеш ўақытта екеў болмайды.

– Еки неге үш болмайды?

– Адамның еки ийнинде еки периште бар. Ол ҳеш ўақытта үш болмайды.

– Үш неге төрт болмайды?

– Үш талақ өткир, ол төрт болмайды.

– Төрт неге бес болмайды?

– Төрт тәкбир (адам өлгенде айтылады) ҳеш ўақытта бес болмайды.

– Бес неге алты болмайды?

– Бес ўақлы намаз ҳеш ўақытта алты болмайды.

– Алты неге жети болмайды?

– Алты келийма ҳеш ўақытта жети болмайды.

– Жети неге сегиз болмайды?

– Жети дозақ ҳеш ўақытта сегиз болмайды.

– Сегиз неге тоғыз болмайды?

– Сегиз бейиш ҳеш ўақытта тоғыз болмайды.

– Тоғыз неге он болмайды?

– Адам тоғыз айда анадан туўылады. Он айға жетпейди.

Усылай етип, Ҳәзирети Әлий кәпирлер патшасының барлық тоғыз саўалына жуўап берип болып:

– Тақсыр, мен сизлердиң сораўыңызға жуўап бердим. Сизлер мениң бир ғана сораўыма жуўап берсеңиз, – депти.

– Яқшы, саўалыңды айт, – депти кәпирлер патшасы.

Сонда Әлий кәпирлерге қарап:

– Аршыалланың дәрўазасына қандай сөз жазыўлы тур? – деп сорапты.

Кәпирлер бир-бирине қарасып, не дерин билмей турғанда баяғы адам:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Тақсыр, егер биз бул сөзди тилимизге алсақ ямаса қулағымыз бенен еситсек, бәримиз мусылманға айланамыз, – депти.

Сонда капирлер патшасы:

– Мейли, мусылман болсақ та, оның сораўына жуўап бер, – деп буйырыпты.

Сонда жаңағы адам:

– Тақсыр, аршыаалланың дарўазасына «Илаллаҳи иллалла, Муҳаммадур расулулла» деп жазылған , – дейди.

Усылай етип Ҳәзирети Әлий өзиниң ақыллылығы арқалы бир сораў менен-ақ капирлердиң бәрин мусылман еткен екен дейди.

## ШОМАНАЙДЫҢ ҚАЗЫЎЫ

(Р-450, № 176393)

Хийўаның ханы Шоманайды қаздырады. Сонда қазыў қазатуғын адамларға ханның адамларынан Юсуп беглербеги менен Курбанияз жасаўыл басшылық етипти. Ашамайлылардың катқудасы Сейилхан сөзге шебер, ақыллы адам болады. Хийўа ханы жапты он еки күн қаздырасыз деп буйрық береди. Ашамайлының катқудасы Сейилхан он еки күн қаздырыўдың орнына, сегиз күнде қайтарып жибереди.

Сонда Юсуп беглербеги менен Курбанияз жасаўыл ханға барып айтып Сейилханды гүнакар етпекши болады. Ханға Сейилхан да кетеди. Сейилхан ханға барып:

– Тақсыр! Арза пухараники, тил бизики. Бизлер барып-келиўи төрт күн, қазыўы сегиз күн. Бәри болып он еки күн қазыў қазып, сизиң буйрығыңызды орынладық, – дейди.

Адамлардың барып-келиўи бәрин есаплағанда он еки күн болған екен. Соны дәлийллеп берген. Солай етип ханның алдынан аман қайтады.

Сейилхан сол барғанында Шарибайға беглербеги амелин алып берген. Өзи ханның мағыты шекпенин алған. Беглербегиликти бережақ болғанда, өзи келисим бермей, алмаған. Соң Шарибайдың ислеген ҳәрекетлерине наразы болып, бегликти алмағанлығына пәнт жеген.

## ТУРЫМБЕТ ҚАЙҚЫНЫҢ КЕПЕЛИ ҚЫЗДЫ СӨЗДЕН ЖЕҢИЎИ

(Р-450, № 176393)

Бир қарақалпақ аўылында той болып, сол тойда аўылдың қыз-жигитлери әткеншек ушыпты. Әткеншек ушыў енди қызған ўақытта бирден әткеншектиң арқаны үзилип кетипти.

Сонда toғызақ урыўынан Турымбет қайқы деген жигит әткеншек байланған бийик теректиң басына шығып, үзилген арқанды байлапты. Ол терекке минерин минсе де, түсиўге келгенде қорқып, албырап атырған кусайды. Сонда сол аўылдың кепе урыўынан, сал отырыңқырап қалған, бирақ сөзге шешен бир қызы жеңине турмай:

– Турымбет қайқы, теректиң басында қалатуғын болдың ба? – деп оның үстинен күлипти.

Сонда Турымбет қайқы да бос келмей:

– Надиршадан қалған топ атылмай қалды,
Турымбет теректен түсе алмай қалды,
Кепениң бир қызы да әтлей, солай қалды, – деп қызды сөзден жеңипти.

## ОҢ ҚОЛЫМ, СОЛ ҚОЛЫМ...

(Р-1239, № 183768)

Қарақалпақлар алты аталықтан қуралып, олардың алты қазысы, жигирма төрт амелдары болған. Сол заманларда қоңыратлылар қытайлыларға ҳәмме ўақыт өкпели болыпты. Сол себепли Хийўа ханы жигирма төрт амелдарды Хийўаға шақыртқан екен. Соннан алтаўы Хийўаға пияда кетипти.

Бул хабарды еситкен Турым бий булардың изинен кетипти. Ол кеткен алтаўдың изинен жеткеннен кейин, олар Турым бийге:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Турым аға, егер сиз Хийўаға барсаңыз, бизлердиң киятырғанымызды айтарсыз, – депти.
Турым бий буларға жаўап айтпай:
– Мен Шаббазға баратырман, – деп кете берипти.
Турым бий Хийўаға келип, ханның алдына барыпты. Бул ўақытта Хийўада Мәдемин хан екен. Турым бий ханға қарап:

– Сорыў-сорыў бөгенди,
Бөгели қуўға майырар.
Сүйреңлеген қызыл тил,
Сүйгениннен айырар, – депти.

Мәдемин хан қоңыратлылардың айыплы болған алты бийин азат етип, қытайлылардың алты бийин айыпқа буйырған екен. Сол ўақытта қытай урыўының Пазыл деген бийи Турым бийден:
Не ушын бундай дедиңиз? – деп сорапты.
Сонда Турым бий:
– Егер басың қышыса, өз қолың менен басыңды қасы, – депти.
Сонда оның гәпине түсинген Пазылбий Турым бийге:
– Сиз тап мениң ойымның үстинен шықтыңыз, – депти.
Хан қытайлылардың алты бийин дарға асқақшы болғанын еситкен Пазыл бий Хийўа ханынан оларды апиў етиўди сораған екен, хан оны тыңламапты.
Буны еситкен Турым бий атын ертлеўге асығып, оны жайдақ минип келип, дардың жибин кесип жиберипти де, ханның алдына барыпты. Сонда хан Турым бийге:
– Мен қоңыраттың алты бийин өлимнен қутқарып жиберип едим, ал сен не ушын қытайлылардың бийлериниң арасына түстиң? – депти.
Сонда Турым бий оған:
– Оң қолым, сол қолым, бәри өз қолым. Қытай да, қоңырат та барибир қарақалпақ. Қытай бийлерине де соны ислеңиз, егер соны ислемейди екенсиз, бәрин өлтирип, Палўан атаға апарып бирге көмиңиз, – деп жуўап берипти.
Хан Турым бийдиң бул сөзине дәлил айта алмай, қытайдың да бийлерин босатып жибериўге мәжбүр болыпты. Солай етип Турым бий он еки бийди ертип, елине қайтқан екен.

## ЖИЙЕННИҢ ХАНҒА ЖУЎАБЫ

(Р-1239, № 183768)

Бир дәўирде Түркистанлы қарақалпақлар үлкен бүлгиншиликлерге ушыраған екен. Усындай күнлердиң биринде халық жаўгершиликке ушырап, душпанның қолына бенде болып түскен екен. Жаў қолға түскен қарақалпақлардың қырғанын қырып, қалғанын қойдай гүўенлеп азап береди.
Усылардың ишинде қарақалпақ халқының атақлы жыраўы Жийен де болған екен. Сол ўақта Жийен ханның алдына барып:

– Ертеде өткен ер Ноғай,
Тақсыр, сиздей болған жоқ,
Мусылманның балларын,
Қосақлап қойдай қырған жоқ,
Обалына қалған жоқ, – депти.

Хан оның сөзине ойланып, халықты бенделиктен азат етип жиберген қусайды.

## МАМАН БИЙ

(Р-1239, № 183768)

Қарақалпақлардың бир бөлегиниң Түркистанда отырған ўақты екен. Олар қазақлар менен аға, үке болып, қыз алысып, қыз берисип, отарда өриси ортақ, аўыз суў салмасы шерик болып, азын-аўлақ тыныш отырған жылларында Тәўке ханның баласы Батыр хан қарақалпақларға

www.ziyouz.com kutubxonasi

ағалық еткен екен. Ол жас жигитликке алып, басқа еллерден мал, адам тартып алыў менен шуғылланып, буған қарақалпақтың бас көтерген жигитлерин де қатнастырыпты.

Усы атланысларға қарақалпақлардан Есназар баҳадыр деген жигит те бастан-аяқ қатнасады екен. Хан әдеп түскен олжаны теңдей бөлисип, биймәлел тарқасады екен. Соңынан ханның пейли тарылып, қарақалпақ жигитлерин итибарға алмай кетеди. Ол өзи менен зәңгилес, батырлығы жағынан да оспаллаў емес Есназарға да соны ислейди. Ол өз исин «Хан ханлығын етеди» деп ақлап, басқаларды кемситеди.

Буннан хабар тапқан шериўши урыўынан шыққан Төбет деген батыр Батыр ханның озбырлығын бетине айтып, оның менен ерегисип қалады. Жанжел Төбеттиң Батыр ханды өлтириўи менен тамамланады.

Бул аўҳалдан хабар тапқан барлық қарақалпақ бийлери ойласып, бул истиң ақыбетиниң жаман болатуғынын билип, алдын алыў илажын ислемекши болыпты. Көп ойласықтан кейин басын өлимге тигип, Тәўке ханның алдына өзлери барып хабарласыўға келиседи.

Оларды Тәўке хан әдеттегидей қабыллап, қонақ етеди, жан-жосақ сорайды. Сонда қарақалпақ бийлериниң бири ханға:

– Тақсыр, қаршығаны ғарға өлтирди. Бул қалай болды? – депти.

Хан болған истиң мәнисин түсинип:

– Өриси кең оңады деген, сизлер де бир келата ел едиңиз. Өрисим кеңейсин деп Батыр ханды жиберип едим. Сизлердиң бириңиздиң маған душпанлық ететуғыныңызды билип едим, – деп, бийлердиң бетлерине бирим-бирим қарап шығып, – озбырлы адам олпылы-солпылы деген, урты салбыраған, қабағы қалың қайсарыңнан қәдиргим бар, – деп Төбетти көрсетеди.

Бийлердиң тили тамағына тығылып:

– Тақсыр, қарыйдарыңды таныдың. Жарылқасаңыз да, өлтирсеңиз де өзиңиз билиң. Биз азғана үй пухараңыз едик, – деп Тәўке ханға жалыныпты.

Сонда хан:

– Ханды қудай қарғаса,
Қараша менен қас болар,
Бийди қудай қарғаса,
Душпаны менен дос болар, –
деген сөз бар еди. Сизлер менен жаўласпай-ақ қояйын, – деп бийлерди қайтарыпты.

Бирақ буннан хабар тапқан ханның жақынлары оны азғырып:

- Бүгин балаңды өлтирсе, ертең өзиңди өлтиреди. Қанға қан алыўың лазым. Үйрениcкен жаў урыспаға жақсы деп, барғанды өлтире берсе, немиз қалады? Сен бармасаң, өзлеримиз барамыз, – деп бир топар бийлери жолға атланады.

Олар сол кетистен қарақалпақтың белгили бийлериниң бири Мәман бийдиң есигиниң алдына келип:

- Журтты бузған жаман ба,
Ханға берген жазан ба,
Батыр ханды өлтирип,
Өлмеймен деп санама, – деп,

бийдиң есигиниң алдында тепсинип турып алады.

Сонда Мәман бий сыртқа шығып, оларға қарап:

– Ғаз ғарқылдар ҳәр жерде,
Шешен тақылдар тар жерде,
Ийи бузға, аға дүзер бар жерде, – деп жуўап қайтарыпты.

Буннан кейин ол қазақ бийлерин аттан түсирип, қонақ етеди. Кейин ҳәммеси питимге келип, жанжелсиз тарқасады.

## МАМАН БИЙДИҢ ҚАЗАҚ ТАМЫРЫНА АЙТҚАНЫ

(Р-1239, № 183768)

Маман бий дийхан адам екен. Оның бир қазақ тамыры болыпты. Сол қазақ хәр жылы келип, Маман бийден дан алып кетеди екен. Бир келгенинде ол бийге шапан алып келип:

– Барекелла, Маманым,
Келисе берсин заманың,
Жаз болса, жарқылдасын кетпениң,
Пите берсин сепкениң,
Мынаў саған әкеп жапқан шекпеним, –

деп, оның үстине әкелген шапанын жаўыпты. Маман бий оған бир түйе дан берип сыйлапты.

Сонда Маман бийдиң қазақ тамыры, Маман бий не дер екен деп, қасындағы жолдасына:

– Бул қарекең бизиң егиншимиз, егинимизди егип береди, – депти.

Маман бий сөзден қалсын ба:

– Қазақ бизиң тигиншимиз, кийимимизди тигип береди, – депти.

## ЕЛИБАЙ БАТЫРДЫҢ СӨЗИ

(Р-590, 180083)

Ертеде Қазаяқлы урыўынан Елибай батыр деген болған екен. Өзи де сөзге шебер, қатқуда адам екен. Сол заманда Хийўа ханының Төлеген, Нурбай, Шоқмурын деген салықшылары халықты қыйнап, әзепке келтирипти.

Булардың қылықларына шыдамаған Елибай батыр Хийўа ханының алдына келип, оған:

– Аллаяр, тақсыр ханымыз,
Алдына келди қарашаң,
Арызды қабыл алыңыз,
Бизиң елде Нурбай бар,
Нурбайдың жүрген жеринде,
Жылаў менен ўай-ўай бар,
Шоқмурын деген молла бар,
Төлеген деген жорға бар,
Кели түби деп бир алады,
Келсаным деп тағы алады,
Бермесең, жәнжел салады.
Малдан закат, бастан питир,
Иретин таўып және алады, – депти.

Хан Елибайдың бул сөзин еситип, салық жыйнаўшыларына тәртип берген екен.

## ӨМИРБЕК-АШЫҚ

(Р-1295, №183770)

Жас жигит ўақтында Өмирбектиң бети қотырлаў екен. Сонда да хәкериси шығып, өзиниң сықылына қарамай, аўылдағы ең гөззал қызға ашық болыпты.

Буны еситкен менмен қыз:

– Сендей қотырды не қылайын? Меннен аўлақ жүр, – деп қатты ашыўланады да, оны даргайына жолатпайды.

Қыздан гүдерди үзген Өмирбек:

– Онда бир саўалым бар, соған жуўап бересең бе? – депти.

– Не саўал?

– Тикешти зағараға ура ма, я шерекке ме?

– Шерекке да! – деп иркилмей жуўап берипти қыз.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Ҳай, барекелла! Саўалыма дурыс жуўап бердиң. Ал енди мениң бетиме анықлап үңил. Ондағы қотырдай болып турған тикештиң излери емес пе? Демек, мен ҳаяра емес, шерек енеммен ғой! Ендиги жағын өзиң бил, – деп Өмирбек кетип баратырған екен, таптен утылған қыз оның шалғайына жабысыпты.

## ӨМИРБЕК ЛАҚҚЫНЫҢ ХАНДЫ ЖЕҢИУИ
(Р-1295, №183770)

Бир ўақытлар бир хан қыстың қатты суўық күнлеринде қалаға жар урдырыпты:

– Ким де ким минардың басында жалаңаш бир ақшам турып шықса, ким болыўына қарамастан, хан қызын береди, – деп ханның жаршысы жар урып жүрген кусайды. Буны Өмирбек лаққы еситип, барыпты. Өмирбекти шешиндирип, минараға шығармақшы болыпты. Сонда Өмирбек үлкен бир тасты арқалап миниипти. Усы тасты түни менен көтерип, тепгинип турып, таңды атқарыпты.

Ханның ўәзирлери азанда ерте турып қараса, Өмирбек лаққының маңлайының терин сыпырып турғанын көрипти. Хан Өмирбекти минарадан түсирип:

– Түни менен не көрдиң? Гәпиңди айт! – деп сорағанда, Өмирбек:

– Тақсыр, мен ҳеш нәрсе көрмедим. Бирақ, алысырақта жылтыраған оттың сәўлесин көрдим, – депти.

– Әй, ақмақ, сен отқа жылынған екенсең, – деп қаладан қуўып шығыпты.

Бир күнлери хан шикарға шығып, алған аңларын кабап етип жепти. Кабап күшлилик етип, шөллепти. Хан ўәзирлерине суў табыўды буйырыпты. Ўәзирлер суў излеп жүрип, Өмирбектиң үйиниң үстинен шығып, ханды ертип келип, Өмирбекке шай қайнаттырыпты. Өмирбек лаққы узын сырықтың ушына дүмшени байлап, астына жылтыратып от жағыпты. Шөлден өлер болған хан шыдамай, ўәзирлерин шайға жиберсе, ўәзирлер сырықтың басында турған дүмшени көрип, ханға айтып келипти. Хан буған ашыўланып Өмирбекке:

– Кимди ермек етесең, ақмақ? Ол жылтыраған отың менен сырықтың басында дүмше қайнай ма? – депти.

Сонда Өмирбек лаққы:

– Тақсыр, көз ушындағы от адамды жылытқанда, сырықтың астында жанған от қасындағы дүмшени қайната алмай ма? – депти.

## ҲӘР ҚАЙСЫСЫ ПАЙЫН АЛДЫ
(Р-1295, №183770)

Бағзы заманда ханның баласы бийдиң баласы менен аңға шығыпты. Сөйтип олар үш үйрек, бир безгелдек, суўда жүретуғын бир қоңыр ғаз ҳәм бир аққуў услапты. Енди олар үйлерине қайтыў ушын аңларды бөлисе алмай отырғанда, пишен орыўға барған бир дийхан шығыпты. Сонда жигитлер оған:

– Жасуллы, мына тутқанларымызды сиз бөлистирип бериң, – депти.

Сонда жаңағы адам:

– Хан балагына қасқалдақ, бий баласына безгелдек. Аққуўды пақырына тарт, сыбағама үш үйрек, үлесиме қоңыр ғаз, – деп, қалған аңды алып, үйине қарай тартыпты.

## СИЗДЕН ЕСИТИП ТУРМЫЗ
(Р-1295, №183770)

Өткен заманлардың биринде Хийўа ханының ең жақсы көретуғын аты күтпеген жерден қатты аўырып қалыпты. Не ислерин билмеген хан барлық ўәзирлерин шақырып алып:

– Мына атты жақсылап емлеңлер, таўир болатуғын болсын, «өлди» деген гәпти кимниң аўзынан еситсем де, туқымын қурт қыламан, – деп буйырыпты.

Хан ҳүкимин еки етпейтуғын ўәзирлер атты алып кетипти. Арадан көп ўақыт өтпестен-ақ таўир болмай, сол аўырыўынан өлипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўазирлер не қыларын билмей, ойласыўға Өмирбекке келипти. Өмирбек бул жумысты өз мойнына алып, хан алдына келипти.
– Тақсыр, мен ат тәрептен келдим, – депти.
– Ат қалай екен, таўирмекен? – депти хан.
– Уллы мәртебели ханымыз, сизиң атыңыздың аяғы аспанға қарап атыр, – депти Өмирбек.
– Онда өлди десеңши, – депти хан.
– «Өлди» деген сөзди сизден еситип турмыз, тақсыр, – депти Өмирбек.
Хан не дерин билмей қалыпты.

## АСАБАЙ БАБА МЕНЕН АСАН БИЙ

(Р-1294, №183769)

Жалайыр урыўында Асан деген бий өткен. Соның тусында бир даў болады. Даўды шешиўге Асан келеди. Ол пара алып, терис жатының исин дурысқа шығарады. Сөйтип көптиң алдында абыройы түсип қалады. Бийдиң салпаўсып жиятырғанын Асабай көрип қалады. Ол киси инисине қыз қарап жүрген екен. Асан бий:
– Биз бурыннан майлы балта менен араласқан елмиз ғой. Мына даў шешилмей атыр. Сонда бийликти өзин қолыңа ал. Сөз сизден болып, қыз бизден болсын, – деп өз басындағы жағдайды айтады.
– Жақсы! – деп келиседи Асабай бий.
Ертесине айтылған жерге келсе, төрдеги орын бос тур екен. Бурын сол жерде отыратуғын Асан бий есик бетке шығып қалыпты. Сонда ол Асан бийге:

– Ассалаўма әлейкум, Асан бийим,
Болған соң басың жалпақ, толы мийиң.
Көк ат пенен көк бөриге басармедиң,
Елиңде күнде-күнде болса жыйын,
Ертеден қара кешке сөйлермедиң.
Сөзиңнен пайда түссе берер тийин,
Отырар жериң сениң бул емес ғой,
Төрдеги орның мынаў өзиңе бейим, – деп, оны төрге шақырып, өзи даўды шешкен.

## АСАБАЙ БАБАНЫҢ ҚЫЗ АЙТТЫРЫЎЫ

(Р-1294, №183769)

Асабай баба қартайған ўағында жалайыр Бектурсын бийдиң аўылына барып, иниси Омарға қыз көрип жүрген екен. Ол Бектурсынның алдына барып:
– Ал, Бектурсын, жийениңди әкелдим, өзиң теңин таўып қос, – депти.
Соның арасынша өзлери арнап сорайын деп келген қыздың ағасы булардың қасына келеди. Сәлем-әликтен соң алдын хабарласқан сол үйден бир қыз шығып, қотыр қозыны сабап, қуўып кетеди.
Асабай баба енди қыз ағасына келген жумысын айтады. Ол бирден «Қыз парызым жоқ, жолыңнан қалман!» деп ерси сөйлепти.
Асабай баба да қарап турмай:

– Бир үйге сөйлес қылдық қарашалаў,
Сол үйден биреў шықты аласалаў,
Шықты да бир қозыны сабай берди,
Не оның қарындасы, ағасы анаў, – депти.

Булар дурыс жуўап ала алмай, я сөз сыйлап билмейтуғын бул бир түрли жерден кетиў менен болады. Енди олар Бектурсынның үйине қарай тартады.
Бектурсынның үйине жақын барса, оның хаялы қонақты көриўден «Не мынаў жүрисиң, бар муўға бар» деп тоңқылдап турған екен. Қонақты райы жақтырмай турғанын аңлап, Асабай баба

www.ziyouz.com kutubxonasi

аўылға қайтып кетиўди мақул көреди. Бектурсынға сонда айтып турған сөзи екен:

> – Бектурсын – бийге қайым, жуўан адам,
> Отаўы көринеди туў анадан,
> Үйине Бектурсынның барағойсаң,
> Қатыны «музға бар» деп қуўалаған.

Бектурсын Асабай бабаға:

– Жаңағы айтқаныңды ешкимге айтпа, – деп жалыныпты.

Бирақ бул сөз халыққа тарап кетипти.

## ЖАНЫЗАҚТЫҢ ПӘТИЯСЫ

(Р-1299, №183812)

Жанызақ бир күни жездеси Айтбайдың үйине барыпты. Айтбай қонақты дурыслап күтип алмай, алдына бир нан менен бир шайнек шай ғана қойыпты. Нанды да Жанызақ дастурханға барар-бармастан бала-шаға жаппай басыпты.

Айтбайдың баласы Турғанбай:

– Дайы, пәтия етиң, – депти.

Сонда Жанызақ жийенине қарап турып:

> – Айтбайдың улы Турғанбай,
> Дайы, дайы дедиң-аў,
> Тап бүйрегиң бурғандай,
> Бир шайнек шай,
> Бир нан қойдың,
> Барин де жедиң қуры қалмай,
> Дастурханың болып тур,
> Оңлап қудай урғандай, – дейди.

Жанызақ пәтия бере сала турып кетип баратырғанда жийенниң бари шалғайына жабысып, жолдан қайтарыпты. Сөйтип жақсылап қонақасы берип, шығарып салған екен.

## ТҮЙЕНИҢ ГИЙНЕСИ

(Р-589, №180082)

Қызылдың бир адамы үлкен қалалардың биринде туратуғын ашнасының үйине түйесин минип барыпты. Қаладағы ашнасы оны барын дастурханға қойып күтсе де мол гөшке үйренип қалған мийман қарнын қамлайтып тоя қоймапты. Әри-бери аўқатланған болып сыртқа шықса, түйесиниң жағдайы да буныкиндей қусайды. Түйеси буны көрип бақырып қоя берипти. Мийманның изинен шыққан үй ийеси түйениң бақырғанын көрип:

– Хаў, мийман, түйеңиз не деп атыр? – депти.

Сонда жаңағы адам:

> «Буйдамнан тарттың,
> Үстиме жүкти арттың,
> Үйине бардым,
> Я жем бермедиң,
> Я шөп бермедиң,
> Ийесин урайын,
> Усындай салттың» деп атыр, – дегенде ашнасы қып-қызыл болып кетипти.

## ӘМИР ТЕМИРДИҢ САЎАЛЫ
(Р-589, №180082)

Әмир Темир барлық нөкерин жыйнап алыпты да:

– Кәне ким айтады, мениң қуным қанша турады? – деп саўал қойыпты.

Биреў айтыпты:

– Сизиң қуныңыз жети ықлымның барлық дүнья-мүлкине барабар, – депти.

– Жалған! – депти Әмир Темир.

– Сизиң қуныңыз аспан астындағы, жердиң үстиндеги барлық байлықты жыйғанда, соған тең, – депти және биреў

– Бул да өтирик! – депти уллы ҳүкимдар.

– Енди, – депти Әмир Темир, – ким мени мақтап, лап айтса, оны өлим күтип тур. Егерде ким дурыс айтса, оған сыйға мийрар.

Темирдиң журтында бир уста бар екен. Әмирдиң дарғайына сол келипти.

– Айт! – депти, Әмир Темир.

– Тақсыр, бир қасық қанымнан кешсеңиз, айтайын, – дейди уста.

– Мақул, – дейди Әмир

– Тақсыр, сизиң қуныңыз бес жүз тилла, – депти уста.

Әмир Темир ўақҳалап күлип:

– Хаў, мениң белимдеги камарымның өзи бес жүз тилла ғой, – депти.

– Мен де соны айтып турғаным, – депти уста

Әмир Темир туўры сөз устаны сый-сыйға менен қайтарыпты.

## СӨЗСИЗ БАРАМАН
(Р-1299, №183812)

Бир адам өз достына қатты өкпелеп, «Үш күн ҳал үстинде аўырып жаттым, сен көўилимди сорап бармадың» дей берипти. Бир айтып та, еки айтып та қоймапты.

Сонда досты:

– Ендиги аўырғаныңда сөзсиз бараман,–депти

## ЕСИТТИРИЎ
(Р-1299, №183812)

Буқыштың қылшылдаған жас жигит ўақты екен. Жас болса да бас болып, ел-елат ишиндеги бийликке араласып жүргеннен кейин белли-белли бийлердиң өзи де оған ийек артып, кеңес сорап турған. Ҳәр қандай даўды питистириў де Буқыштың кесими менен питетуғын болған.

Сол дәўирде Тамдыбулақ әтирапына Қырдан көшип келген Дос, Қос деген батырлар жайғасып, олар да өз дөгерегине ҳүкимин жүргизе баслапты. Ырайы қатты бул батырлар аса қаҳарге минип турған екен. Олардың озбырлығы басқаларға да батыпты. Бир күнлери сол батырлардың бириниң баласы қайтыс болып, соны ҳешким еситтире алмайды. Дос, Қос батырдың әдети: ким суўық хабар айтып келсе, соның мүше-мүшесин кесип, азаплайтуғын көринеди. Ҳәтте, мына жағдайды айтыўға аўыл ақсақалларының ҳешқайсысының да жүреги даўамапты. Қырдан түскен бул еллердиң ағасы Анғара бий екен. Бийдиң өзи де ақсақалларға ҳешбир дәлийл айта алмайды. Ақыры болмағаннан соң Анғара бий «Иним, усы хабарды өзиң жеткизбесең, биз илажын таба алмадық» деп Буқышқа қағаз жазып, өз өтинишлерин билдиреди.

Хатты алғаннан кейин Буқыш суўыт Тамдыға атланады. Қосағайынли батырлардың қонысына жақынлаған туста бир қонып, таң алагеўимде олардың аўылына барып жетеди. Астында сайлы арғымақ аты бар екен. Аты менен дүсирлете шаўып келип, ағайинли батырлардың үлкени Достың ақ ордасының түңлигин сыпырып алады да, сол пәти менен шаңғытып өте шығады. Изинде ийтлер шабаланып қала береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ағалы-инили батырлар не болғанын түсинбей, үйлеринен жуўырысып сыртқа атлығып шығыў менен болады. Олар не де болса, бир жайсыз хабар болғанын аңлайды.

– Ким екен-ҳа, бул атаңа налет?! – деп Дос батыр қылышын жалаңлатып, жуўырады.

Сонда әдеўир узағырақ жерге барып, бул ҳәрекетине жуўап күтип турған Буқыш:

– Ассалаўма әлейкум, Дос аға,
Алтыннан бир соққан босаға,
Балаңыз қайтты илаж жоқ,
Алар жериң, асар жериң кес аға, – деп, өз миннетин атқарады да, атын тебинип шаба қашады.

Төбелеринен жай түскендей болған ағайинли батырлар Буқышқа жете алмасын билип, сол турған орнында силейип қала береди.

## ҲАЛАЛЛЫҚ ПЕНЕН ҲАРАМЛЫҚ

(Р-1299, №183812)

«Туўрылық туўғанға жақпас» дегендей, Буқыш бийдиң туўрысөз болыўы даўдан утылған тәрепке унамай, олар Бухар қазысына наразылық арзасын жоллапты. Сол ис бойынша Буқыш бий Бухараға шақыртылады. Алдына келген Буқышқа қазы:

– Хош, буған не дейсиз? – депти.

Шағым хатта: «Буқыш бий өзине пара берген тәрептиң сөзин сөйлеп, даўды солардың пайдасына шешип берди» деп жазылған екен.

Буқыш бий ойланып турып:

– Ҳәзиретим, Сизге бир саўал берсем..., – дейди.

– Мейли, – дейди қазы ҳәзиретлери.

– Сиз шикарға шығып, саятшылық етесиз бе? – дейди бий.

– Аўа, – деп басын ийзейди қазы.

– Онда, аўда жүрип аўқатландыңыз дейик, нәбада тисиңиз арасында гөш қыйқымы турып қалса, жаныңызға ҳәзар бермей ме? – дейди және.

– Аўа, – деп мақуллайды қазы оны да.

– Әне, сонда тисиңизге кирген гөшти қолыңызға түскен шөп пенен алса қалай болады? – дейди бий.

– Әлбетте, ҳарам, – деп жуўап береди қазы.

– Ал, соны тил менен орап алса ше? – деп сораўды даўам еттиреди бий.

– Ҳәрне, ҳалал болар, – дейди қазы.

– Олай болса, биз ҳәр қандай даў-шарды тек тилимиз бенен шешип жүрмиз, қолымыз бенен емес, – деп өз сөзине жуўмақ жасайды бий.

Қазы Буқыштың сөзди жүй-жүйи менен айтқанына ырза болып:

– Сиз бул ақылды қайдан алдыңыз? – дейди.

– Ҳәзиретим, бул – ата-баба жолы. Атамыздың:

– Бий болғың келсе, қазылықтан қалма, бай болғың келсе, қазаныңа ҳарам салма, – деген сөзи бар еди. Биз де бабалар жолынан жүрдик, даўды, қазылықты көрдик, бай болмасақ та қазанымызды ҳалал туттық, – депти.

Қазы тәрези басын тең услап жүрген Буқыш бийге пейили толып, миннетдаршылығын билдирипти ҳәм сый-ҳүрмет пенен шығарып салыпты.

## БАСҚАҚТЫҢ БАҲАСЫ

(Р-1299, Инв. №183812)

Бухара Орыслят патшалығына қарасты болғаннан кейин жаңадан тайынланған басқақ барлық болыс-бийлерди орайға шақыртып, барше ҳәмелдарларды бирме-бир көз алдынан өткереди. Наўбет Буқышқа келгенде ол бийдиң қолын узақ услап турып, басын қайта-қайта шайқапты да, «Бул адамның калласы ақылға толы екен» деген гәпти айтады ҳәм аўдармашысы

www.ziyouz.com kutubxonasi

арқалы оннан «Адамның дөрелиўн адамнан ба, алладан ба, периштеден бе?» деп сорайды.

Буқыш бий: «Периште денени, Алла тәлләни жаратады. Ҳәмме буйрық Жаратыўшы ийемниң жалғыз өзинен» деп жуўап береди. Басқақ Буқыштың жуўабына қанаатланады.

Басқақтың Буқыш пенен көп сөйлесип қалғанлығы менен қызықсынғанлар оннан:

– Бул қандай сырлы адам болды екен? – деп сорапты.

– Әттең, алдында ирейи, сонында тиреўи жоқтай көрдим. Егер жан-жағы сай болса, нағыз патшалыққа ылайық адам екен, - деп бас шайқаў менен болыпты басқақ.

## ҲАДАЛЫЙ ГӘП

(Р-1299, №183812

Орысият Хийўа ханлығын өз ықтыярына көндиргеннен кейин халық «Улық» деп атап кеткен Ақпатшаның ўәкили барлық ҳәмелдарлар менен ақсақалларды алдына шақыртады. Төменги журтының атынан Ережеп бий де келеди.

Шақырылған атқаминерлер Улық жанапларының қабыллаўханасына жақынлар-жақынламастан турып-ақ қуллық урып, қолларын көксилерине қойған халда еңкейип кирип, еңбеклеп шығып атырған екен. Қабыллаўхана алдына Ережеп бий де жетеди. Улықтың дыққатын тартқан жағдай, қартайса да қадди бүгилмеген ҳәм қасқырдай қаймығыўды билмеген қарақалпақ бийиниң қас батырларға тән түр-турпаты менен қайсарлығын танытып турған пәзер-сыпаты болады. Ол өз дилмашына бул бийдиң қол қаўсырмастан туппа-туўры келиўин ишара етип:

– Ақпатша ўәкилиниң алдына тәжим етпей, ийилместен келетуғын бул ким өзи, неге бизге ҳүрметсизлик көрсетеди? Усы сөзимди тез аўдар да, мына саҳрайы кимгеге айт ҳәм жуўабын бил, - деп буйырады.

Дилмаш өз басшысының айтқанын Ережеп бийге сөзбе-сөз жеткизеди. Ағабий ойланып турмастан:

– Ҳа, енеңди урайын, заңғар! Әттең, халқымыз аз, ҳалымыз ояў болып тур. Егер ондай болмағанда, ийилмек түўе, алдыңа келмен те емес едим, – деп сөзин бир-ақ туўарады.

Бундай жуўапты күтпей аңырап қалған аўдармашыға:

– Усы сөзимниң түсигин түсирмей улығыңа айт, қосшым, – дейди.

Айтылған сөзлердиң бийнсқыясын дилмаштан толық сорап-билген Улық кексе бийдиң әнейи емеслигин аңлайды да, өзин арнаўлы түрде қабыл етеди ҳәм хызметкерлерине бул кисиге айрықша ҳүрмет көрсетиўди зинҳарлайды. Ҳадалый гәпти айтқаны ушын Улық сол дәўирдеги сиясий мәселелерди шешиўде де Ережеп бий менен мәсләҳәтлесиўге мәжбүр болады.

## СӨЗ - СӨЗДИҢ МӘНИСИ

(Р-1299, Инв. №183812)

Хийўаның жаңа болған жас ханы желигип, жанына ерткен ҳәмелдарларды бир күлдирмекши нийетте Ережеп бийге:

– Усы журт не ушын сизди «тентек» дейди? – депти.

Сонда Ережеп бий иркилместен:

– Тақсыр, қарекен собылық бойлыны «зоңғақ» дейди, думалақша қыйлыны «томпақ» дейди, аўзы-бети түкли болса, «қул» дейди, әментергиз қалса, «тул» дейди, кесе-келтирди «мақаў» дейди, тили шүлдирди «сақаў» дейди, әбес сөйлегенди «әнтек» дейди, бас бермегенди «тентек» дейди, оннан өзгени «тентек» дегенниң, тап енесиниң өзгенеси «лантек» дейди, – деп жуўап береди.

Хан сөзден утылғанынан дым үндеместен қалған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲАҚЫЙҚЫЙ СЫН

[Р-1299, №183812]

Қарақалпаққа аға болған Қабыл бе́глербеги, Ораз аталық, Турым бий, Әдил бий, Арзы бийлер Ережеп тентек пенен бир дәўирде өмир сүрген. Бир-бириниң минезин, сырын, абырайын, орнын жақсы билетуғын алты арыстың арға шапқан атақлы ақсақаллары Хийўадан қайтып киятырып, араларындығы жасы кишиси – Ережеп бийден усы алтаўының қандай қасийетлериниң барлығын, қайсысының зор екенлигин айтыўды, өзлерине ҳақыйқый сын бериўди сорайды. Ережеп бий атына бир қамшы басып, сал ғана алға шығады да:

– Хан қасында сыйлы адам,
Көсемликке Қабыл зор,
Сөз қасылын сайлаған,
Шешенликке Турым зор,
Қара күши сыймаған,
Өгизликке Ораз зор,
Туўры сөзден таймаған,
Қарашаға Әдил зор,
Ердиң қадирин ойлаған,
Арашаға Арзы зор,
Барин айт та, бирин айт,
Тамашаға ҳәрким зор,
Майлышеңгелден өткен соң,
Қаратаўға жеткен соң,
Ҳәммеден де дәкен зор, –
деп дәрҳал жуўап таўып қайтарыпты.

## БУЙРЫҚТЫҢ ҚУБЫЛЫЎЫ

[Р-1299, №183812]

Ережеп бийден сыр тартқысы келген тили батырлаў бир ақсақал:

-Хийўа ханының буйрығы бизге жеткенше неге неше түрге енип, мың қубылып өзгерип келеди, усы дурыс па? – деп сорапты.

Бул ўақта Ережеп бийдиң жамбасына шыйқан шығып, тәўиплерди алдыртып отырған пайыты екен. Шыйқанның жағдайын билиў ушын бийдиң өзи арнайы тоғыз тәўипти бирден шақыртып, ҳәрқайсысының гәпин тыңлап көрипти:

– Писип шамаласыпты, – дейди биринши.

– Азығып кетипти, – деп басын шайқайды екиншиси.

– Жеп баратырған екен, – деген гәпти айтады үшиншиси.

– Аўзы сарғайып киятыр, – депти төртиншиси.

– Өтлескен көринеди, – деп өкинеди бесиншиси.

– Өзеги көринип-ақ тур ғой, – дейди алтыншысы.

– Еле де писинкиреўи керек, – деп сабырға шақырады жетиншиси.

– Жанлы жараға меңзейди, – дейди сегизиншиси.

– Түри жаман ғой мынаның, ақыры бий ағаны алып тынбаса болар еди, – деп қамсығады тоғызыншы тәўип.

Қулласы, ҳәр тәўиптиң сөзи ҳәртүрли болып шығады.

Сонда Ережеп бий қасында отырған жаңағы адамға:

– Хийўа ханының буйрығы сонша жерден қалай туўры жетип келсин, ҳәзир көрип турған шыйқанның өзин мына тәўиплер көз алдымда-ақ тоғыз түрли етип айтып отыр ғой, – деген екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘМИЎДӘРЬЯНЫ САТЫЎ

(Р-46, №50408)

Орыслар келип, қарақалпақларға «Бизге Әмиўдәрьяны сатың!» депти. Қарақалпақлардың бас көтерер жигитлериниң биразы: «Сатсақ сатағойяйық» деп келисим берипти. Бул хабар Турым бийге жетипти. Турым бий де келисим берип, жигитлерге:

– Орысларға былай деңлер: «Әмиўдәрьяның жағасына тарезисин әкелип қойсын. Тарезиниң бир жағына пулын салсын, екинши жағына суўдан қуйып беребериң. Соған көнсе, сатыңлар, – депти.

Жигитлер келип орысларға:

– Бизиң жасы үлкенимиз «жағаға тарезисин әкелип қурсын, бир жағына пулын салсын, сөйтип суўды өлшеп бериңиз» деди, – депти.

Сонда орыслар: «Биз буларды артта қалған, ҳешнәрсени билмейди деп жүрсек, буларда да билгишлер бар екен-аў» деп кетип қалыпты. Сөйтип Әмиўдәрья орысларға кетиўден бир рет аман қалыпты.

## БИР ҒАРРЫ ӨГИЗ БЕНЕН ЕКИ ТАНА

(Р-1293, №183768)

Бурыныракта бир жуўапшыл қыз болған. Қыз ким менен айтысса да жеңе береди екен. Бир күни үш жигит ойласып: «Биреўимиз бир гәп айтсақ, басқаларымыз ўа-ҳа-ҳаласып, әйтеўир, сол қызды жеңип қайтайық» десипти. Қызға келсе, қыз далада сыйыр сағып отыр екен. Жигитлер серлеп қараса, қыздың көйлегиниң үшкили ақтан екен.

– Ақ қолтық, қызыл қашар жойтып киятырмыз, – депти аттың үстинде турып жигитлердиң биреўи.

Қыз:

– Көрдик ағалар, сол жойытқан ақ қолтық, қызыл қашарды бир ғарры өгиз, бир-еки бас танатүлек қуўып баратыр еди, – дегенде, жигитлер не қыларын билмей, аттан түспестен қайта берипти.

## ӨМИРБЕК ҚАЛАҒА БАРДЫ

(Р-1295, №183770)

Өмирбектиң бир көзи соқыр болыпты. Бир күнлери қаладан қайтып киятырып ыссыға шыдамай, шөллепти. Мына үйден суў ишип шығайын деп бир үйге кирипти.

Кирип барса, төрде бир келиншек, еки қыз шарық ийирип отыр екен. Өмирбек есик бетинде отырыпты. Келиншек орнынан түрегелип Өмирбектиң бир көзи соқыр екенин көрип:

– Ата, бизиң атам қалаға бир көзи соқыр өгиз алып кетип еди, сатқан сатпағанын билдиң бе? – депти.

Сонда Өмирбек:

– Ақыр базар бир барғанымда бир киси бир көзи соқыр өгизди бир қашар, еки баспаққа бермей турып еди, – депти.

Келиншек сөзден утылып Өмирбекке шай қайнатып берипти.

## ТУРЫМБИЙДИҢ ТӨРТ БАЙДЫ ТӘРИЙПЛЕГЕНИ

Сырдәрьядан саға алатуғын Баршындәрьяның бойында «Қыйыл» деген жерде Сырым бий, Әмиўдәрьядан саға алатуғын Көкдәрьясының бойында Турымбий деген қарақалпақтың белгили бийлери жасапты. Олар туўысқан екен. Турымбий жылына еки мәртебе Қыйылға Сырымбийге сәлем бермеге барады екен.

Бир жолы Турымбий, Сырымбийге:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Аға ҳәр сапар сизге келгенимде жолларда әжеп жайлаўларды көремен. Сырдың бойына шамалы ел қондырсам қалай болады? – деп сорапты.

Сырымбий қарсы сораў берипти:

– Елиңде байлардың нешеўи бар?

– Төртеўи де бар ғой.

– Сениң көрип шөкелеген жерлериңде еки ғана бай бар. Төрт байдың талқанын түўел жеп үйренген халқыңның аўзын еки байдың бергени жарытпас, елиңди қыймылдатпа!

Яқшы аға, яқшы депти Турымбий.

Турымбий бесқалаға Ойылға қайтып киятырғанда қасында жолдас болып жүрген жас бийлердиң биреўи:

– Сырымбий байлардың нешеўи бар, дегенде, сиз төртеўи де бар дедиңиз, ол төрт бай адам кимлер, бизлер таныймыз ба? – деп Турымбийден сорапты.

– Таныйсыз, таныйсыз, балларым-ай. Ол байлардың биринишиси Жер бай деген. Жер бай бизге бийдайын, жүўери-тарысын, ерик-шабдалын, қаўын-ғарбызын береди.

Екинши бай Дәрьябай деген бай. Ол жаңағы жеримиздиң пәлин, халқымыздың мийрин қандырады.

Үшинши бай Тоғайбай деген бай. Ол бизге аң-қусларын береди, ошағымызға отын береди, қыста малларымызды баўырында сақлайды.

Төртинши бай Теңизбай – Көлбай. Ол бизге таўсылмас алтын ғәзийне балықларын береди, – депти Турымбий.

## ТАСКЕКИЛ ҚОРАЗ
(Р-449, №176392)

Жантемир ийшан екинши бир ийшанның қызын баласына алып берген екен. Бирақ жас келин тийген күйеўин қәлемей, әкесиниң үйине кетип қалыпты.

Усыннан кейин Жантемир ийшан қабасан урыўының бийи – Молла Қоразды шақырып алып, келинин әкелип бериўге жумсап жибереди.

Молла Қораз келиншектиң әкесине барып, жесирди алып кетиўге келгенин айтады. Бирақ ийшан немғурайды жуўап береди. Сол ўақытта Молла Қораз:

– Тақсыр, май айныса дуз салады, дуз айныса не салады? – депти.

Ийшан сөз мәнисине түсинип:

– Қораз деп еситиўим бар еди. Қораз болғанда да, өзиң бир таскекил қораз екенсен, – деп «бармайман» деп отырған қызын өзи-ақ арбаға салып жиберипти.

## ҚАРАҒАЗЫ БИЙДИҢ СЫНЫ
(Р-1299, №183812)

Қарағазы бий бир күни нөкерлери менен киятырса, Жалайыр аўылының Баймурат деген адамы алдынан шығыпты. Ол бийдиң келетуғынын еситип алдын ала таярланып отырғанлығын ҳәм жолусти болған соң өз үйинен дуз-дәмек татып кетиўин өтинеди. Қарағазы бий Баймураттың тилегин қабыл алып, жолындағы аўылға қайырылады.

Баймураттың Муҳаммеджан деген он төрт жасар баласы бар екен. Сөз арасында ол усы улын сынап бериўин сорайды. Бийдиң өзи де келгели берли баланы нәзерден қашырмай отырған екен. Қарапарақнен келген бул баланың түси тәжикнамай, бас сүйеги қысыңқы, шекеси жылтыр, сақалы қырқылжым, жаўырыны тар, қол-аяғы жиңишкелеў ҳәм келтелеў көринеди. Ас таныйн болғанда, Муҳаммеджан мийманлардың қолынан суў алып шығады. Сол ўақытта Баймурат

– Балам сын көтергендей адам болар ма екен? – деп, бийден сыр тартып көреди.

Бирақ бий жуўап бериўге асықпайды.

Қонақларға тартылған тамақ желинип, пәтия исленгеннен кейин Муҳаммеджан екинши мәрте суў алады. Үй ийеси баяғаны сораўды тағы да қояды. Ондағы ойы – баласының бийликке

www.ziyouz.com kutubxonasi

бейимлилигин яки бейим емеслигин билиў болады. Сонда бий өзинен утырлы жуўап күтип тынышсызланып отырған Баймуратқа бурылып:

– Бирленши, таўдан қорқаман,
Таўдың бериси бар,
Екиленши, тамнан қорқаман,
Тамның периси бар,
Үшиленши, уғы баладан қорқаман,
Сынының кемиси бар, – деп бир тоқтапты.

Соны айтып болып жан-жағына қараған екен, байқаса, хәммениң де дыққаты өзинде екенлигин аңлайды. Азы-кем үнсизликтен кейин сөзин тағы да сабақлап:

Бий болар десем, еки текеси қуўшық екен,
Палўан болар десем, ийини қысық екен,
Шабандоз болар десем, бақайы қысқа екен,
Мырза болар десем, маңлайы қасқа екен,
Қапылғанда, алыпсатар пайдагер болар,
Қаттықол, қапасақал саўдагер болар, – дейди.

Үй ийеси бийдиң өз ықласын жықпай келгенине хәм баласы исти қыпсаламастан баласын әдил сынап бергенине ырза болып, мийманларды жыллы шырай менен шығарып салады.

Әлқарез, Қарағазы бийдиң сыны мүлт кетпей, Мухаммеджан жасында да саўда-сатық пенен айланысып, несибесин сол касиптен айырған ортакеш саўдагер болып шығады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

83- ТОМ



# АЎЫЗЕКИ ГҮРРИҢЛЕР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАҚАТАЙДЫҢ ШОЛАНЫ МА?

(Р-1299, №183812)

Мақатайдың шоланы деген Таллық бойында болған. 1910-16-жылларда елде қатты ашаршылық болған. Елдеги адамлардың бәри жумыс ислеп күн көриўге тарқасқан. Көп адамлар балық жегенлердиң көбиреси гайзасақ та өлмеспиз деп, Мақатай дегенниң шоланына барған. Ол жерге ким барса да сыя берген. Жумыс ислеген де, ислемеген де Мақатайдың шоланын айланып жатып еллеп өлмей күн өткен. «Мақатайдың шоланына барсаң өлмейсең» дегенди еситип, адамлар толып кеткен. Бирақ ол жерде барлық адамларға жумыс табылған. Егер тар жерге адамлар тығыла берсе, «бул Мақатайдың шоланы ма?» деген гәп соннан қалған.

## ҚОЛЫҢ КЕЛДИ АННАҚУЛ, СЫРНАЙЫҢДЫ БЫЛҒАП УР!

(1-вариант)

(Р-1299, №183812)

Аннақул Хийўаға хан болған. Оның тусында қоңыратлы қарақалпақлар Хийўаға бағынбаған. Сол себепли Аннақул хан көп әскер менен келип, Қоңырат қаласын жетпис күн қамал етип турған. Халыққа сырттан азық-ауқат, қурал-жарақ келмеген. Хийўа әскерлериниң изинен азық-аўқат жетип турған соң, Қоңыратты асықпай қамал етип жата берген. Жетпис күнде қаланың халқы өлиўге келген. Жейге азық аўқат қалмаған. Ҳәмме аштан қырылатуғын болғаннан кейин, қаланың қариялары ойласа қылып, «Бәрше жанды аштан өлтиргеннен гөре, жаўға берилейик. Ол өлтиргенин өлтирсин, өлтирмегенин қалдырар», деп жаўға қаланың дарўазасын ашып берипти.

Ҳақыйқаттан да Аннақул хан жеңилген халыққа қолынан келгенин ислеген. Сонда халық «Қолың келди Аннақул, сырнайыңды былғап ур!» деген екен дейди.

## ҚОЛЫҢ КЕЛДИ АННАҚУЛ, СЫРНАЙЫҢДЫ БЫЛҒАП УР!

(2-вариант)

(Р-1299, №183812)

Қарақалпақлардың қарамойын урыўында Аннақул деген бир адам болыс болыпты. Ол Хийўа ханының салығын еки-үш есе қылып халыққа арттырып салады екен. Салық жыйнағанда Аннақулдың қасында жүрген адамы сырнай шертеди екен. Аннақул аўылларға салық жыйнаўға шықса, сырнайшы аўылдың бир шетине келгеннен сырнайын шертеди екен. Ел сырнайдың даўысын еситкеннен, оның елге салық жыйнаўға шыққанлығын түсине қояды екен. Болыстың сырнайы шертилиўден адамлардың жаны қалмайды екен, «Қолың келди Аннақул, сырнайыңды былғап ур!» деп суўық демин алады екен. Елдеги бул гәп усы Аннақулға байланыслы келип шығыпты дескен.

## БӨЛТЕБӨРИДЕЙ

(Р-1299, №183812)

Бурынғы заманларда ата-бабаларымыз Түркистаннан Хорезмге қарап посып көшкенде көп адамлар ашлықтан, жол азабынан қырылған. Бир тода бөрилер жолда қалып атырған лашларды азық етип, посып киятырған адамлардың изинен ерип келе берген.

Қарақалпақлар Хорезм ойпатлығына жеткенде сол бөрилер де Хорезмге келип жеткен. Халық Хорезмге келгеннен кейин балық аўлап, аң аўлап, егин егип, өлмей тиришилик қылған. Адам гөшин жеўге үйренип қалған бөрилер енди ашырқаған. Олар тири адамларға ҳүжим жасайтуғын болған. Әсиресе, адамлар қыста төледе жатқанда, уйқылап атырғанда бөрилер оларды тирилей арқалап қашатуғын болған. Бөлтебөрилер балаларға, қатынларға тиймеген. Олар семиз ер адамларға ош болған.

Бөлтебөрилердиң саны онша көп емес, не бары қырық-елиўден артпаған. Адамлар олардың азлығын билген соң, пүтин ел болып оларды атып, қақпанға түсирип, аўлап қурыткан. Оннан кейин барып халық еркин жасаған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҮЙ МЕНИКИ ДЕМЕҢИЗ, ҮЙ АРТЫНДА КИСИ БАР!
(Р-1299, №183812)

Бурынғы ўақытларда қарақалпақларда Саидқазы деген адам той берген. Оның тойына түркмен, өзбек, қазақ халықларынан миймanлар келген. Усы тойдағы гүресте қарақалпақлар өзбеклерден жеңилип қалыпты. Ертеңине ылақ ойнайтуғын, байраққа ат жиберетуғын болған.

Сейислер атларын баплап, таярланған. Қарақалпақ сейислериниң баслығы Ережеп тентек екен. Кеште ол өзиниң адамларын жыйнап алып:

– Патли, жүйрик атлар, мениңше, түркменде бар. Бас байрақты түркменлер алып кететуғын болды, – депти күйинип.

Сонда сейислер:

– Онда не қыламыз, Ережеп аға? – депти.

Ережеп тентек айтыпты:

– Мениң ойымша, түркменлердиң ат сейиси жатқан отаўдың дөгерегин аңлыў керек. Олар не дер екен, соны тыңлаў керек, соларға тыңшы жибериў керек, –депти.

Бул гәп ҳәммеге мақул түсипти. Дәрҳал биреў тыңшылыққа кетипти. Геўгим түскен ўақытта тыңшы түркменлердиң бас сейиси жататуғын отаўдың артындағы түрийўли турған шийдиң арасына барып кирип, түркменлер не сөйлесер екен деп тыңлап жата берипти.

Арадан бираз ўақыт өтип, сейислер өзлериниң басшы ат сейисинен:

– Яшуллы, бул тойда кимлердиң атлары озады? – деп сорапты.

Бас сейис үндемепти. Байраққа ат қосаман деген таманлар сейистен буны қайта-қайта сорап қоймапты.

Сонда түркменлердиң бас сейиси:

– Ҳәзир тис жарыўға болмайды. Бизлер қарақалпақлардың жериндемиз, – депти.

Сонда олардың арасынан биреўлери:

– Не қылады, қарақалпақлар тыңлап турғанды дейсең бе? – депти.

Сонда бас сейис тағы:

– «Үй меники демеңиз, үй артында киси бар» деген, – депти.

Отырғанлардың биреўи, мен көрип келейин, далада ким барды дейсең деп, далаға шығыпты. Ол үйди айланып олай-булай жүрипти. Ҳешким көринбеген соң, үйге келип:

– Айтса, аға, шыдамай баратырмыз, дөгеректе өзимизден басқа адам жоқ, – деп жалыныпты.

Сонда түркменлердиң бас сейиси:

– Бул тойда бизиң атлардан озатуғын ат жоқ, бирақ қарақалпақларда бир төбел торы бар. Оның ыйығына ер батып, хантеңгениң келеминдей қатыў қотыр. Бир майдан шапқаннан кейин ер батып, тосаңлай баслайды. Егер соныcы болмағанда, бул тойда озып кететуғын ат болмас еди, – депти сейис.

– Егер сондай қатыў бизиң атларда болса, нағада, оны жазыўға бола ма? –деп сорапты биреўи.

– Қойың бундай гәплерди. Мен айттым ғой, «үй меники демеңиз, үй артында киси бар деген», – депти тағы бас сейис.

– Дөгеректе адам жоқ. Ондай нәрселер болса, айтып қойың, яшуллы, – деп шабарман талабанлар сорап қоймапты.

Сонда сейис:

– Яқшы онда, тағы бир айланып үйдиң сыртын көриң! – депти.

Үйдиң сыртын тағы еки адам айланып шығыпты. Олардың көзине ҳеш жерде адам көринбепти. Олар үйге кирип:

– Яшуллы, арқайын бола бериң! Жақын жерде адам жоқ, – депти.

Сейис және:

– Тағы бир мәртебе айланып шығың! – деп буйрық берипти.

Және еки адам үйди айланып шығыпты да:

– Адам жоқ, яшуллы, қорқпай-ақ қойың, – депти.

– Онда айтайын, – деп сөзин баслапты сейис. – Егер қарақалпақлар ақ ылақ тауып сойып, оның пышқағын ҳәзирден баслап азанға шекем сол ер батқан жерге тартып, азанда жолға шығарда алып тасласа, онда сол ат жыйынға жыйналған атлардан бир майдан бурынырақ озып келиўине болады, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шийдиң артындағы тыңшы астен билдирмей шыға сала, өзиниң адамларына қарай тартыпты. Ол Ережеп тентекке келип еситкенлеринин барлығын айтып берипти.

Ережеп тентек ақ ылақ таптырып, оның пушқағын аттың ер батқан жерине тарттырыпты. Ертеңине байраққа жибереерде пушқақты алып таслап, төбел торыны бәйгите қосыпты.

Айтқанындай, төбел торы ҳәмме атлардан бир майдан бурын келип, бас байраққа ийе болыпты. Сонда түрименниң бас сейиси:

– «Үй меники демеңиз, үй артында киси бар» демеп пе едим, – деп өз адамларын жүндей сабапты.

Соннан бери халық аўзында «Үй меники демеңиз, үй артында киси бар» деген гәп қалған екен дейди.

## ШИЛЛЕГЕ ТҮСКЕНДЕЙ
(Р–1299, №183812)

Бурынғы заманларда моллалар билим алыў ушын мешитте оқыған. Илимди әбден ийелеп алыў ушын моллалар әўлийелерге барып, адам жоқ жерлерде бул дүньяның барлық рәҳәтинен, ғалмағалынан ўаз кешип, өзин суўдан, аўқаттан қысып, төсек-көрпеден тарығып, китап оқып, Құранды ядлайтуғын болған. Ең кем дегенде қырық күн, болмаса бир жыл әўлийеде жататуғын болған. Бул ўақытларда ол үйине де келмеген. Олардың изинен азық-аўқат бармаған. Барса да аз муғдарда баратуғын болған. Усындай өзин-өзи ҳадден зыят қыйнаўының себебинен олар қатты азған. Ҳәтте аўырыўы тауып қалатуғын болған. Буны халық тилинде «шиллеге түсиў» деп атаған. Ким бул дүньядан кешип, ол дүньясын көртиси келсе ғана шиллеге түскен.

Моллалар шилледе жатқанда көбинесе аўқат жеўден бас тартқан. Себеби ол ўақытларда «аш адамның басына сабақ қонғыш болады» деген гәп тарқалған. Сол себепли ол үш мезгил жейтуғын аўқатын еки мезгилге, соң бир мезгилге келтирген. Оны да қысқарта келе, күнине бир оймақ толы аўқат жететуғын етип өзин соған үйреткен. Сол себепли шиллеге түскен моллалар отыз-қырық күннен кейин өзи үйине келе алмай, оны адамлар арбалы әкелип үйине киргизген. Шиллеге түсип келген соң, ол адам анаў-мынаў тамақты көрдим билдим демейтуғын болған. Соннықтан тамақты көп жеген адамды «шиллеге түскендей» дейтуғын болыпты.

## ҚАМЫСТАҒЫ ТИСТИҢ ИЗИНДЕЙ
(Р–1299, №183812)

Бурын бир ханның сулыў қызы болған екен. Ол бир күни Жайҳун дәрьясына келип шомылыпты. Қыз жүзиўди жақсы билмеген соң, суўға кетип өлипти. Буның суўға кетип өлгенин ҳеш ким билмеген. Биреў алып кетти деўге, ҳеш жерден хабары шықпапты.

Арадан күнлер, айлар өтипти. Бир күни хан уйқылап жатырса, қызы түсине енипти. Түсинде қызы атасына:

– Ата, мен палендей күни, палендей жерде Жайҳунға келип шомылдым. Суўға түсип едим суўдың ағысы қатты екен, мени өзине қосып алып кететуғын болды. Мен жағада қолыма илингенди қармадым, қолым шаршады. Ең ақырында қамысты тислерим менен тислеп үш күн турдым. Изимнен адам келмеди, өзим жағаға шыға алмадым. Соннан кейин суўға кетип өлдим, – депти.

Усы гәптен кейин, хан уйқысынан оянып кетипти. Орнынан ушыптурып, дәрҳал изине ләшкерлерин ертип, қызы түсинде айтқан жерге – Жайҳунның бойына келсе, тап қыздың айтқан жеринде оның кийимлери жатыр екен. Хан қызының кийимлерин қушақлап ўай-ўай салып жылайды.

Ханның көўлин алыў ушын оның бир ўәзири ханға:

– Тақсыр! Қызыңыз бул жерге келмес еди. Келген менен де, бир өзи шомылмас еди. Оны бир душпан адам суўға атып жиберген шығар, – депти.

Хан ойланып, суўдың жағасын тексерип көрге, қыздың қамысты тислеп турғаны ырас екен. Ханның қызының аўзында алтын тиси бар екен. Соннан қызын адам өлтирмегенлигине, өзи шомылыўға келип, суўға кетип өлгени ырас екенлигине исенипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨРТЕКЕДЕЙ
(Р-1299, №183812)

Өртеке – қуурыршақ ойынның бир түри. Ол ағаштан исленеди. Усталар бурынлары келемин кишкене етип, шама менен сыя қуйылған шийшениң қарамағындай етип, ағаштан текениң киткене сүлдерин ислетен. Оның аяқларын өз алдына бос етип соғады, қар жеринен тесип узын жиңишке жип тағады. Ол жиплерди сазенде адамлар (тек ғана дуўтар шертетуғын адамлар) саз шерткенде перде услайтуғын бармақларына илдиреди. Бармақлар перделердиң арасында ойнағанына қарай жип тартылып созылғанлықтан өртеке де ойнаўға мәжбүр болады. Дуўтар қаншелли тез шертилсе, өртеке соншелли жылдам ойнайды. Бул көргенлердиң ериксиз күлкисин келтиреди.

Өртеке ҳақыйқаттан да биреў күлип атыр ма, күлмей атыр ма, оның ойнаўы перделеги бармақтың ҳәрекетине байланыслы болғанлықтан, гейде жай, гейде ериксиз ойнап, ерси ҳәрекетлерди көрсетеди. Ол гейде аяқларын алдына салып тырбаңлайды, гейде шалқаяды, гейде аўдарылып қалады, гейде бир жерге топ болып биригеди, гейде жаздырылады. Қулласы, ериксиз өрден-ыққа умтылады. Соның ушын да халық тилинде ер минезли адамларды «өртекедей» деп атаған.

Өртеке ойнаўды көбинесе қалалы жерлерде масқарапазлар, сазенделер үрдис еткен. Үлкен бақсылар оны сийрек қолланған.

## ТҮЛЕН ТҮРТТИ МЕ?
(1-вариант)
(Р-1299, №183812)

Бир заманларда қарақалпақлар «Түленли» деген жерде жасаған. Оның дөгерегиi суў, теңиз екен. Ол жерде түлен көп болған. Адамлар түнде уйқылап жатса, түленлер үйге кирип, олардың төсегин тумсығы менен түртип оятады екен. Ал күндиз адамлар жата алмайды да, отыра алмайды да екен. Отырса да, түлен келип түртип, адамлардың мазасын алған. Ол маканларда қатын, бала-шаға түленнен қорқып бүлинген. Соннан соң адамлар, бул жерлер бизлерге болмайды екен, неде болса бозлық ямаса таўлы жерге барайық деп ойласып, ол маканнан көшип «Сығырлы», «Уллы таў» деген жерлерге барып макан басыпты. Соннан соң халық тыныш жасаған дейди.

Егер биреў бир жерде тыныш турмай, анда-мында қозғала берсе, ямаса биреўдиң үйине биреў азан менен барса, ямаса асықпай баратуғын жерге биреў ерте барса, «сени түлен түртти ме?» дейди.

## ТҮЛЕН ТҮРТТИ МЕ?
(2-вариант)
(Р-1299, №183812)

Қалмақлар қарақалпақлардың ата-бабасынан киятырған жаўы екен. Қарақалпақлардың ата-бабалары бурынлары оларды «түленли» деп айтады екен.

Қарақалпақлар менен қалмақлар қоңсы турған. Олар қарақалпақлардың малларын басып алып, урлық қылып, ҳәтте қыз-келиншеклерин тартып алып, күн бермепти. Елдиң иши күнде уў-шуў болып, «түленлилер талады», «түленлилер сабады» деген гәплер көбейген. Соннан соң бизиң ата-бабаларымыз да ақыллы адамлар менен ойласық қылып, түленлилерден қутылыўдың жолларын қарастырыпты. Басқа жақлардан жайлаў излепти. Өзлерине қолайлы деп есаплап «Шығырлы»ны таўып алыпты. «Шығырлы» деген кең дала, бос жатқан майданлық дегенди аңлатса керек. Ол жер ата-бабаларымыздың маканы Түркистан дейди.

Солай етип, Шығырлыға көшип келип, түленлилерден қутылыпты. Егер бала жыласа да, бағы елдиң өмиринде тарийхый из қалдырған ўақыяға байланыслы «түлен тийди ме?» деп айтатуғын болған.

Оның мәниси: «Неге тынышсызланасаң? Жай-паракат ис қыла бермедиң бе? Неге асығасаң? Жаў тийип атырған жоқ ғой!» дегенди аңлатады дейди халқымыз.

## АҚ ТҮЙЕНИ КӨРДИҢ БЕ...

(1-вариант)

(Р-1299, №183812)

Бул гаптиң мәниси – «Өзиңе өзиң берик бол. Ишиңде сыр сақлансын! Бир нәрсени көрдим деп оған жуўап берип, гүўа болып атырғаннан, оны көрмеген болғаның жақсы» дегенди аңлатады. Яғный, «керек емес жерде өзиңди өзиң тутып берме, не билгениң ишиңде болсын» дегени.

Бул ибараның келип шығыў дереги ҳаққында елде мынадай аңгана бар екен.

Қарақалпақлар бурынлары Сағақ деген жерде жасаған екен. Сағақ сөзи – еки дарьяның теңизге қуятуғын сағасы, аўзы дегенди аңлатқан.

Сағақтың Қара Шүрен Туранлы деген патшасы болған екен. Оның қарамағындағы жер жүдә үлкен екен. Иран патшасы менен Аўған патшасы ҳәр жылы Қара Шүрен Туранлының жериниң үстинен карўан тартып өтеди екен. Олардың патшалықларын Қурбаслы деген шегара жер айырып турады екен. Сол шегараға келгенде Иранның патшасы да, Аўғанның патшасы да Қара Шүрен Туранлының рухсаты менен өз патшалықларына өтеди екен.

Өзге карўанлар шегарадан өткенде, Қара Шүрен Туранлының жаңаты карўанларды баслап өткеретуғын ақ бүўрасы бар екен. Патшаның адамлары усы ақ бүўраның изине карўанын тиркейди. Оннан кейин карўан қарақалпақлардың аймағынан еркин өте алады екен. Ақ түйениң карўанды баслап киятырғанын ел көрсе, Сағақтан басқа елдиң карўанының өтиўине рухсат етилгенин биледи екен ҳәм ҳешким бул елде усы карўанға тиймейди екен. Ақ түйе карўанды өз аймағынан шығарып салып, елинде қалады екен. Карўанлар елине қайтарда да өз аймағынан сол ақ түйе өткерип салады екен.

Бир жыллары қарақалпақлардың аймағынан карўан өтиў көбейип кетипти. Ақ түйе шаршапты. Қартайыпты. Карўанлар ақ түйениң ақын дурыслап бермейтуғын да болыпты. Ақ түйени жетелеўши Қара Шүрен Туранлыға түйениң жағдайынан арыз қылыпты. Патша түйекештиң арызын таңлап болып, халқы менен ойласық қылыпты. Халық сол ойласықта ақ түйени сойып, оның гөшин теберик сыпатында бөлисиўге келисипти.

Ақ түйени сойыпты. Ол сойылған күни қарақалпақларда үлкен той болыпты. Той болып атырғанда адамлар арасында «Иран менен Аўған патшасының карўанлары аймақтан өтиў ушын ақ түйени талап етип атыр» деген хабар таралыпты.

Қарақалпақлар ақ түйениң жоғалғанын айтып, оларды өз жеринен өткерип салатуғын басқа түйе жиберипти. Қарақалпақлардың жиберген түйесине карўанлар ермепти. Олар қарақалпақлардан бурынғы ақ түйени әкелиўди талап етипти.

Еки елдиң патшасының карўанлары шегарадан өтпей көп жатыпты. Буны еситип, Иран менен Аўған патшасы лашкер тартып Қара Шүрен Туранлының елине келипти. Егер қарақалпақлар «Ақ түйе қартайды, оны сойдық» десе, Сағақты шабатуғын болыпты.

Сонда Қара Шүрен Туранлы өз халқына мынандай парман берипти: «Ақ түйени көрдим-билдим деген адам болмасын».

Қарақалпақлар Сағаққа лашкер тартып келип турған Иран, Аўған патшасына «Ақ түйе жоғалды» деп билдирипти ҳәм өзлери де урысқа таярланыпты.

Сонда Қара Шүрен Туранлы ақ түйе туўралы және мынадай парман жазған екен дейди: «Ҳәрким белине белбеў буўсын! Қапталына қын тағып, оған пышақ байласын! Кимде-ким, нәбада жаңылысып, «ақ түйени көрип едим, етин жеп едим» деп қалса, дәрҳал белиндеги пышағы менен өзин өлтирсин!»

Қарақалпақ бурын белбеў буўған менен, пышақ асынбайды екен, сол Қара Шүрен Туранлының парманынан кейин белбеў буўса, қынға пышақ салып жүретуғын болған. Бул да елге дәстүр болып соннан қалған екен дейди.

Ақ түйе табылмай, карўанлары жүрмеген соң, Иран патшасы менен Аўған патшасы Сағақты шабыпты. Олар Қара Шүрен Туранлыны асып өлтирипти. «Ақ түйени жасырып қойыпсыз» деп елди де көп қыйнапты. Өзлери ақ түйени ақтарып қарапты, бирақ ақ түйени таба алмапты. Себеби, «Ақ түйени көрдим-билдим» деген адам болмапты. Халық өз ҳүкимдарына берген антына садық қалыпты.

Солай етип, бул елде «Қарақалпақлар антына садық халық. Егер олар ақ түйени көрдиң бе? десе, көрмедим дейди. Бул бир сөзли халық. Тайғалақламайтуғын халық» деген сөз тараған дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚ ТҮЙЕНИ КӨРДИҢ БЕ...

(2-вариант)

(Р-1299, №183812)

Бул гәптиң келип шығыў тарийхы ҳаққында Беруний, Төрткүл, Елликқала жақтың адамлары арасында мынадай аңыз бар. Ертеде Қаратаўда Көклен деген адам жасаған. Ол ушына шыққан баспашы болып, өзин Қаратаўдың нарыман деп есаплайды екен. Қыста да, жазда да ақ постынды терис аўдарып кийип жүреди екен. Гейде етектеги еллерге түсип, адамларға өзине шекпен, атына жона тиктирип, ер соқтырып алып кетеди екен. Егер оны биреў көрип қалса, қынабынан қылышын суўырып алып, оның алқымына тиреп турып:

– Ақ түйени көрдиң бе? – деп сорайды екен.

– Ол не дегениңиз? – десе.

– «Ақ түйе» деген мен. Егер мени көрдим десең, өлесең. Көрмедим десең, қутыласаң, – деп ескертеди екен.

Оннан соң «оны көрдим» деп бир адам айтпайды екен. Соннан елде «Ақ түйени көрдиң бе? Көргеним жоқ» деген сөз қалыптымыш деп айтысады.

## БУНША АСЫҒЫП, ӘКЕҢНИҢ ҚЫНАТОЙЫНА БАРАСАН БА?

(Р-1299, №183812)

Қына – испара деген сөз. Испара – ушлы темир. Халық тилинде «ҳәмме сеннен қаша береди, қолыңда испараң бар ма?» деген гәп бар. Демек, қына ҳешкимге жақпайды. Қына көбинесе көликке қолланылған. Мысалы, жүрмейтуғын ешекке қына бассаң, ешектиң аяғы жерге тиймей, шаўып кетеди екен.

Балалар әкесиниң екинши үйлениў тойын «қынатой» деп атаған. Бала-шағалы адам ҳаялы турып, екинши мәртебе оның үстине және үйленсе, бурынғы ҳаял ушын да оннан туўылған балалар ушын да қатты қыйын болған. Бул той ол үйге қуўаныш алып келмеген. Үйдеги улды, қызды, ананы қапа еткен.

Әкениң бул иси шаңарақтағы адамлар ушын қынадай, испарадай қадалған. Ел ишинде «пәленше қынатой берип атыр» деп қуўанатуғын адам болмаған. Ол үйде биреў той ушын хызмет етсе, ерси көринген. Соның ушын тилимизде «Әкеңниң қынатойына асығып баратырсаң ба?» деген гәп қалған.

## ТЫШҚАН ДА ЖЫЛҒА ИЛИНГЕН

(Р-1299, №183812)

Бир күнлери елге жаңа жыл келетуғын болыпты. Ҳәмме ҳайўанлар жаңа жылды күтип алыўға таярлық көрипти. «Жаңа жыл киятыр» дегенде ҳәмме ҳайўанлар оны күтип алыўға жолға шығыпты. Сонда түйе бойының узынлығына исенип: «жылды бир ҳайўан көрсе, биринши болып өзим көремен» деп жата берипти.

Мүшеси кишкене ҳайўанлар жаңа жылды көре алмай қаламыз ба деп жүдә қорқысыпты. Сонда тышқан алдын алып, ҳалын билип, түйениң басына минип, оның қулағының ушына өрмелеп алыпты. Солай етип, киятырған жаңа жылды биринши болып тышқан көрипти. Соннан жыл басы тышқан болыпты. Бойына исенген түйе ҳәгиге кетип, жыл басы болыў бахтынан бос қалыпты.

## ӘЎЕЗДИҢ ШАНАШЫНДАЙ АРТЫНДА ҚАЛАДЫ

(Р-1299, №183812)

Бурын Қара ой деген жерде Әўез деген бир бай киси өткен. Ол бар тапқан теңгесин түйениң мойнынан илеген шанашқа салып қоя береди екен. Солай етип, өмириниң ишинде ол ярым шанаш теңге жыйнапты. Енди ол басқа биреўлер туўе, үйдеги адамлардан да теңгени қызғанып, алып жүреме деп, шанашты ҳәмме ўақыт қасынан қалдырмапты. Шанаштағы теңгени алдырып қояман ба деп, соңғы ўақытларда аўылдағы той-мерекелерге барғанды қойыпты.

Әўез түнде жатқанда да шанашқа баў тағып, оны мойнына асып, басына дастанып жататуғын болған. Бир күнлери ол қатты аўырыпты. Сонда ол «Егер мен усыннан халдан кетсем, үйдегилер шанаштағы теңгеден алып қояр» деп, адамларға билдирмей, шанашты түнде әўлийеге апарып көмип кетипти. Ақыры ол сол аўырыўынан саўалмай, әжели жақынласыпты. Бир күнлери тили де байланып қалыпты.

Адамлар «Әўез өлетуғын болды. Өлсе, ақша керек, бунын жасырған теңгесин алып қалмай алып қалайық» деп кеңесипти. Солай етип, ағайинлери Әўезге келип:

– Жаман айтпай жақсы жоқ! Сен болсаң қатты жатырсаң. Олай-булай бола қалсаң, бала-шағаң тарығып жүрмесин. Енди шанапты балаларыңа бер. Тири қалсаң, теңгени түўеллерсең, балаларың қолына берер, – десипти.

Әўез олардың айтқанына түсинбепти. Балалары қайта-қайта жалынып:

– Айт, аға, көп ақша қалып қояр, өзиң барда алып қояйық. Өлмесең, тиймеймиз, – десипти.

Сонда Әўез әўлийеге қарап қолын силтепти. Өзиниң жүриўге халы жоқ. Оны үлкен баласы арқалапты. Адамлар ерип әўлийеге барыпты. Барса, Әўез қолларын бир жақларға қарап силтепти. Әўлийеге келген адамлар «айт!» десип атырған қусайды. Қулласы, есин жойытқан Әўез қолларын анда-мында силтей берипти.

Оның теңгеси ойына түсип силтеп жүр ме, я өзи-ақ есин билмей қолын силтеп жүр ме, адамлар оған түсинбепти. Қулласы, оның силтеўи менен әўлийеге көмилген шанапты таба алмапты.

Баласы шанаптың көмилген жерин әўлийеден таба алмағаннан кейин әкесин арқалап үйине алып келипти. Келгеннен соң Әўез жан тапсырыпты. Солай етип, Әўездиң өмир бойы адамға услатпай жыйнаған бир шанап теңгеси өзине де, басқаға да буйырмай, әўлийеде қалыпты. Соннан халық аўзында «Әўездиң шанапындай артында қалмасын» деген гәп қалыпты.

## ШОРТАНЫҢ ЖАҚСЫ БОЛҒАНДА, ХИЙЎАҒА БАРМАСПЕДИ?!

(Р-1299, №183812)

Қарақалпақлар Хийўа ханына қарағаннан кейин, халық ханның буйрығы бойынша Хийўаға балық жиберип турған. Қарақалпақлар балықшы халық болған. Балықшылық әлде дийханшылық, шарўашылық пенен теңдей тараў болған. Ол да халыққа салынған салықтың бир түри болған.

Қарақалпақтың бийлери сазан, бекире, ылақа балықлардың сайландыларын ханға жиберип турады екен. Ханға барған балықтың барлығын ханның шорығы қабыл қылып, өзи қыршып таярлайды екен. Мейли асып берсин, я қуўырып берсин, соның барлығы ханның шорысының қолынан өтетуғын болған. Хийўа ханы қарақалпақлардың балықларын мазалы деп таңлайы түсип мақтайтуғын болған.

Бир күнлери ханның ўазирлериниң биреўи ханға:

– Тақсыр, қарақалпақлардың балығын мазалы деп мақтайсыз. Бирақ көп жыллардан бери жейтуғынымыз тек сазан, сүўен, бекире, ылақа, Әмиўдәрья менен Аралда булардан басқа балық жоқпекен? Мүмкин, олардың буннан да мазалы балықлары бар шығар. Бәлки, бизлерге қарақалпақлар ең төмен балықларын берип атырған шығар. Тақсыр, Арал деген үлкен теңиз! – депти.

Бул гәпке хан бираз ойланыпты.

– Дурыс айттың, оны бир тексерип көриў керек екен, – депти хан.

Сол ўақытта ҳәмме ўазирлери жабырласып:

– Тақсыр, сол балық аўлап атырған жерге барып, қарақалпақлардың қандай балықларды услап атырғанын көриў керек, сонда белгили болады, – депти.

– Онда оған адам кетиў керек екен, – депти хан.

– Дурыс, тексерилип көрилсин! – депти ўазирлер.

– Оған ким барады? – деп сорапты хан ўазирлеринен.

Ўазирлерден ҳеш ким «Мен бараман» деп шықпапты. Сонда ана жасаўылды, мына жасаўылды жибериў керек деп ханның ўазирлери усыныс етипти.

Хан ойланып турып:

– Ол жаққа ҳеш ким бармайды. Балықтың барлық түрин билетуғын шорының өзи барады, – депти.

Ханның шорысы Аралда балық аўлап атырған балықшыларға келипти. Барса, балықшылар жылымды тартып балық шығарып атырған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шоры жылымы майланып атырған балықшылардың арасында балықларды көрип жүрип, бир ўақытлары ҳеш ким көрмеген балыққа көзи түсипти. Оны олай-булай услап, аўдарып-төңкерип көрип, ҳайран қалыпты. Балықтың аўзының үлкенлигине, оның тисиниң узынлығына жүда таңланыпты. Шоры бурын Хийўада ондай балықты өмиринде көрмеген екен. Түрине қарағанда, ханға миясар балық емес. Оны ханға асып я қуўырып бериўге болмайды. Хан шорысының таң қалғанлығын көрип турған балықшылар бул балықты соннан баслап «шоры таң қалған балық» деп атайды екен. Бурын бул балықтың аты жоқ екен.

Ханның шорысы балықшылардың арасында бир неше күн жүрип, қарақалпақлардың Хийўа-ға балықтың сайландыларын жиберип турғанына көзи жетеди. Хийўаға тек «шоры таң қалған балық» бармайды екен. Шоры балықлардың арасында өзи көрмеген балығын асып та, қуўырып та жеп көреди, лекин оннан балықтан маза таппайды. Соның ушын ол Хийўаға кетеринде балықшыларға:

– Бул балықты Хийўаға, ханға жибермей-ақ қойың, – деп айтып кетеди.

«Шортаның жақсы болса, Хийўаға бармас па еди» деген гап усыннан қалған екен дейди.

## ҚАРАҚАЛПАҚТЫҢ ТИРИШИЛИГИ

(Р-22а, № 82401)

Қарақалпақтың Айдос бийи Хийўа ханына барып сөйлесип отырғанда хан:

– Қарақалпақта не жемис бар, не жеп тиришилик етеди? – деген.

Айдос бий:

– Жемисимиз сүтилмек, атшокай ҳәм собық. Күн көрис тиришилигимиз – үш ай қабақ, үш ай шабақ, үш ай қаўын, үш ай саўын, – деп ханға жуўап берипти.

## БАБАҒАЗЫ ҚАРАҚАЛПАҚЛАРЫ

(Р-62, № 145349)

Бабағазы деген мәкандағы қарақалпақлар буннан еки жүз жылдай бурын Хийўа жақтан Хийўа ханлығы оларды жийи-жийи жаўгершиликлерге ушыратып, аўҳалын төменлете бергенлиги себепли көшип келген қусайды.

Олар Бабағазы деген жерге, бир дәрья дөгерегине жайласып, қоныс басыпты. Олар келген гезде бул жерде Қоқан ханлығы ҳүкимдарлық етеди екен. Қарақалпақлар келиўден-ақ жергиликли өзбеклерден бөлекленип, өз алдына аўыл болып жасаған.

Қарақалпақларды Қоқан хан жақсы көрип, олардың урысқаҳлығына қызығып, өзиниң нөкерлерине де қарақалпақлардан алған екен. Бул жерде олардың тийкарғы кәсиби шарўашылық, азы-кем балықшылық болған екен. Олар көшип келгеннен кейин жолдың узақлығы себепли ата мәканы Жийдели Байсын менен хаш қатнас жасай алмапты. Бул жерде қарақалпақлардың маңғыт-тәлмиң, үйирши найман, қоңырат, қыпшақ, қыят деген урыўлары бар.

Маңғытлар – ақмаңғыт, тоқмаңғыт, бекмаңғыт, тартымшым бәри, шоқмаңғыт болып бирнеше топарға бөлинеди. Маңғыттың тартымшым бәри бөлеги жүда урысқақ болса итимал, сол себепли артымшым бәри, яғный бул халық тилинде «айқасқыш бәри» деген мәнини аңлатқан.

## НИЛДЕЙ АЙНЫЙҒАН

(Р-1298, №183812)

Араб халықларының бизге тарқалған ертеклеринде, аңыз-әңгимелеринде, дәстанларында Нил дәрьясы ҳаққында көп гәп болады. Нил дәрьясы дүньядағы ең үлкен, ең узын, ең кәраматлы дәрьялардың бири сыпатында гәз етиледи.

Араб халық әпсаналарына қарағанда, Нил дәрьясы азанда тып-тынық, түсте қып-қызыл ылай суў болып, түстен кейин көк-көмбек, кеште ҳәм түнде қап-қара болып ағатуғын дәрья екен. Бул дәрья өзиниң усындай өзгермели ағысы менен жаҳан халықларын таңландырадымыш.

Нил дәрьясы ҳаққындағы бул әпсананы Мәкке, Мәдийнаға барып келген қарақалпақлар да, дәрьяны көрсин-көрмесин, бурынғы Нил ҳаққындағы әпсанадан да артық етип халыққа айтып беретуғын болған. Олар ҳәтте Нилди күндиз қублаға қарай, ал түнде терсекейине арқаға қарап

ағады деп тарийплеген. Буған адамлар исенген ҳәм Нил дәрьясын сондай кәраматлы, айнымалы дәрья деп түсинген. «Нилдей айнығансаң» деген гәп те усы жоқарыдағы ўақыяларға байланыслы келип шыққа итимал.

## МЕН ҚУЛЕН БОЛЫСПАН БА?

(Р-1299, №183812)

XIX әсирдиң ақырында Таллық болыслығына Қулен деген киси болыс болып сайланады. Ол халыққа қолынан келген қысымын ислепти. Халықты талап, бийзар етип, аяққа басады. Өзине ҳаялыққа биреўдиң ҳаялын да зорлық қылып тартып алады. Халық ҳеш жерге шағым етип бара алмапты.

Қулен болыстың бул жаўызлықларын орыс әмелдарлары да мақуллайды екен. Қулласы, Қулен болыс көўлине не келсе, соны ислейди.

Бир күнлери ол екинши рет те болыс болып сайланбақшы болыпты. Бул сапары да оны орыс ҳәкимлери болыслыққа усынады.

Жергиликли халық оның қайта болыс болып сайланыўына етип, буған қарсы көтерилис шығарады. Бул ўақыя 1898-жылы болады. Көтерилисте көп адамлар қамаққа алынып, Қулен екинши мәртебе орыс ҳәкимлериниң жәрдеми менен Таллық болыслығына болыс болып сайланады.

Буннан кейин ол өзине қарсы болғанлардың, ҳәтте гүман еткенлердиң барлығын жоқ қылады. Соннан берли қарақалпақлардың арасында кимге оның қолынан келмейтуғын ис буйырылса, ол адам «мен не саған, қолынан ҳәмме нәрсе келетуғын Қулен болыспан ба?» дейди екен.

## БИР БӘЛЕСИ БОЛМАСА, ШУДИГАРДА БАЛЫҚ НЕ ЖЕСИН!

(Р-1299, №183812)

Бурынғы бир заманларда «Ҳаял затының мийи жоқ, қолынан ҳеш ис келмейди» деп, ҳаялына күн бермейтуғын бир жигит болған екен. Күйеўиниң бундай кемситиўи жанына тийген ҳаял оған бир сабақ берип қоймақшы болыпты.

Солай етип, ҳаял бир күни қос айдап атырған күйеўине жарма менен бирге бир қып-қызыл сазанды да қоса алып кетипти.

Изинен жарма келиўден күйеўи қосты тоқтатып, атыздың ернегине шығып отырып, жарманы ише баслапты. Сонда ҳаял күйеўине сездирмей айдалып атырған шудигарға түсип, қойнындағы сазанды тап пазаның жүретуғын жерине көмипти.

Жигит жарманы ишип болып, гүзени ҳаялдың қолына услатып, қосыўлы турған қосқа келип өгизлерге «шүў!» деген екен, пазна сазанды көтере шығыпты. Буны көрген қосшы:

– Ҳаў, қатын, мына сазанға қара?! Құдай берди! Мә! Үйге апарып ас! Таза балық сорпаға бир тояйық! – депти.

Қатын балықты алып үйине қайтыпты. Үйге келип балықты аспапты.

Күйеўи түсте балық сорпа ишемен деп, қосты туўарып, ҳаплығып үйине келсе, қазан асылмаған. Жигиттиң ҳайраны шығып:

– Қатын, балықты неге аспадың? – деп бақырыпты.

Сонда ҳаялы:

– Қандай балық? – депти.

– Ҳаў, бағанағы қос айдап атырған жерден таўып алып, берип жиберген балығым не, – депти.

– Сен маған балық бериппедиң? – депти.

Сонда жигиттиң қатты ашыўы келип:

– Мынаў не дейди? – деп муштын түйип, ҳаялды сабамақшы болып умтылыпты. Ҳаял жан айбатта далаға жуўырып шығып:

– Мынаў мени өлтиреждақ! – деп даўысының барынша бақырыпты.

Оның даўысын қоңсы-қобаның барлығы еситип: «Не болды ҳа, не болды?!» десип, булардың үйине жуўырысып келипти.

Жигит еле сол бағанағы гәпи – «ҳаялым балықты аспады» дейтуғын қусайды. Адамлар оннан «не балық?» деп сораса, «Мен қос айдап атырғанда пазаның аўдарған жеринен үлкен бир балық

www.ziyouz.com kutubxonasi

шықты. Соны түсте ас деп үйге қайтарғанман. Ол өз қолы менен алған балығын енди көрмедим дей-ди» деп қатынын сабамақшы болып умтылатуғын қусайды.

Сонда адамлар: «Суў жоқ жерде балық не қылады. Буны сира жин урған шығар» деп, оның қол-аяғын байлап таслапты.

Ҳаял балықтың басын кесип алып қойнына салып, адамлардың көзиниң тасасын алып, ара тура оны күйеўине көрестип алатуғын қусайды. Сонда ол:

– Әне балық! Әне! – деп бақыратуғын қусайды.

Оннан кейин адамлар ҳақыйқаттан да буны жин урған екен деп, енди оның гәпин ҳешким тыңламапты.

Сол-сол екен, жигит ҳаялын кемситиўди қойып, оннан бираз айбынатуғын болыпты. Ал адамлардың арасында «Шүдигарда балық не жейди» деген ибара да соннан қалған екен.

### ПУСЫРМАН ҲӘМ ХИЙЎА ХАНЫ

(Р-1299, №183812)

Ертеде қарақалпақ халқының ашамайлы урыўының сақыў тийресинен Пусырман гарреў деген бийи болған екен. «Гарреў» лақабы оған мурнының бир сүйем болғанлығы ушын берилипти. Пусырман сықылсыз болса да, сөзге шебер, шешен, ақыллы адам болған.

Хийўаның ханы қарақалпақ халқынан салғырт өндирип алып турған заманда Пусырман барҳа салғырттың ярымын, гейде үштен бирин ғана төлейди екен.

Бир күни хан Пусырманға:

– Пусырман бий! Патшаның салғыртын сиз не ушын толық алып келмейсиз? – депти.

Сонда Пусырман ханға:

– Хан шырағым,
Мениң айтқан сөзиме,
Инан шырағым.
Қаяқтан суў барады бизге,
Ақыр егисте тары егемиз.
Ол келмейди дизге,
Оннан бес-алты батпан
Ушық аламыз,
Ол жетпейди гүзге.

Биз қалай ханның салығын толық төлеймиз? – деп жуўап берип, халықтың аўыр салғыртын жеңиллетиўге жәрдем еткен екен.

### АТҚОСШЫ ДӘЎЛЕТТИҢ БИЙ БОЛЫЎЫ

(Р-1299, №183812)

Қарақалпақ халқының бийлери ким болса соны өзлериниң атқосшысы етип ала бермеген. Атқосшыға келешеги бар, өзиниң орнына бий етиўге жарарлық ақыллы, сөзге шебер, қәлеген дәўды дурыс шеше алатуғын исенимли адамды сайлап алатуғын болған.

Сейилхан бий молла Еримниң баласы Дәўлетти өзиниң атқосшысы етип алады. Сол ўақта Дәўлет он жети жасында екен.

Сейилханның қартайғанда бийликти Дәўлетке бериў себеби мынадай болған екен.

Қарақалпақ халқында еки адам бир-бири менен қуда болады. Бирақ қыз қуда түскен жигит-ти қәлемей, қатты наразылығын билдиреди. Бул аўҳалды еситкен Сейилхан бий қызды өзиниң қәлеген жигитине берип жиберген.

Сонда қатты арланып, ашыўы келген жигиттиң атасы ханға көп муғдарда пара берип, арыз ете-ди:

– Мен бир жарлы адамның қызына баламды үйлендириў ушын оның менен қуда түсип едим. Қалың малын толық төледим. Бирақ бизиң елдиң бийи Сейилхан шарияттың ҳәмирин бузып, қызды басқа биреўге берип жиберди. Соның ушын Сейилхан бийге аяўсыз жаза бериўди сорайман, – депти.

Хан байдың арызын қабыл етип, Сейилхан бийге еки жасаўыл жибереди. Еки жасаўыл Сейилхан бийге барып:

– Сизди хан шақырып атыр, – дейди.

Сейилхан бул шақырыўдың мәнисин дәрриў түсинип, атқосшысы Дәўлетке:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Ханның алдына барамыз, – деп, оны өзи менен бирге алып кетеди.

Сейилхан атқосшысы Дәўлет пенен екеўи бирге ханның алдына кирип барады. Сонда хан:

– Сейилхан бий деген сиз бе? – дейди.

Сейилхан:

– Аўа, бий, тақсыр, – деп жуўап береди.

– Сиз болсаңыз неге шарияттың ҳәмирин бузып, биреўдиң қалың малы төленген қалыңлығын басқа биреўге берип жибердиңиз? – депти.

Сейилхан былай дейди:

– Тақсыр, қыз атастырған жигитти жақтырмайды. Шарияттың ҳәмири бойынша, қыз болажақ күйеўин қәлемесе, оған неке түспейди. Соның ушын да мен қызды өз сүйгенине берип жибердим, – депти.

Қатты қаҳәри келип турған хан Сейилханның сөзин қабыл етпей, Сейилханды дарға асып өлтириўге буйрық берипти.

Сол ўақта бийдиң жанында турған Дәўлет ханға:

– Тақсыр, сизге бир аўыз арзым бар? – депти.

Хан:

– Қане, арзыңды айт! – депти.

Сонда Дәўлет:

– Ханды алдаған Халмурат өлмейди,
Қазыны алдаған Елмурат өлмейди,
Шаппаттай нашардың үстинде,
Сейилхан неге өледи? – депти.

Хан бул сөзге жуўап айта алмай, Сейилханды жазадан азат етипти.

Сейилхан Хийўадан елине келгеннен кейин, бир малын сойып, елиниң жасы үлкен, жасы кишилерин жыйнап, Хийўадағы болған аўҳалды оларға айтып берип болып:

– Ал, халқым, мен қартайдым. Мениң сизлерге ислеген жақсы-жаман ислериме ыразы болың. Мен енди бийликти Дәўлетке беремен, – депти.

Соннан баслап Дәўлет Сейилханның орнына бий болады.

## ГҮМГҮМ

[Р-539, №176482]

Бурынғы заманлары бир кемпир ешкисин жайлаўға жиберсе де, ешкиси күнде кешке сүт бермейтуғын жағдайға ушырапты.

Кемпир бир күни бул ешкиниң сүти қайда кетеди екен деп ойлап, жайлаўға барып ешкисин аңлыйды. Қараса, бир жанлик ешкиниң емшегине жабысып, оны емип турған кусайды.

Сонда кемпир қолына таяғын алып, жаңағы жанликти урып:

– Қудайым, «гүм» болғайсаң, – депти.

Соннан баслап жаңағы жанлик «гүмгүм» атанған екен.

## УЙҚАС ҚУЎАЛАҒАН ШАЙЫР

[Р-1296, №183776]

Жоқ-жуқашылық, аштапшылықтың халық үстине қара булттай дөнип турған ўақытлары – хан заманы. Адамлар күн кешириўдиң жолларын излеп баслаған. Жарлылар байларға, хожалығы қурғын адамларға дийхан жүрген. Әмиўдәрьяның төменги жағына қарағанда өр бетиниң суўы да, жери де дийханшылыққа қолай болған. Сонлықтан дәрьяның төменги тәрепинен көп адамлар ҳәзирги Төрткүл, Беруний аймақларының қарамағына, Үргениш атирапларына барып, дийхан жүрип, күнликшилик еткен. Бул халық тилинде «Жоқарыға барып талап етиў» деп аталған.

Сол заманларда бир жигит бар екен. Ол биреў бир сөз айтса, оған дарҳал бир сөзди тапып, уйқастырыўға шебер екен. Мысалы, биреўдиң сөзиниң арасында «қаўын» деген сөз айтылса, оған дарҳал «саўын» деп, «жарма» деген сөз айтылса, оған «қарма» деп, «балта» деген сөз айтылса, оған «қалта» деп, қосып жибереди екен. Сонлықтан адамлар оны «шайыр жигит» деп атаған.

Жоқарыда талап ислеўге мине усы шайыр жигит те барыпты. Бир жыл киси егининде дийхан

журип, аzлы-кепли қарежетли болған. Ол тапқан қарежетинен бир ешек сатып алып, қалған пулын ешегиниң палақына қосып тигип таслаған. Себеби, жолларда уры ғаззаплар көп болған ҳәм олар жекке-жарым жүрген адамларды тонаған. Әсиресе, жолаўшыларды урылардың көбирек тонайтуғын жери – Қаратаўдың үстиндеги «Урысай» деп аталған орын екен.

Шайыр жигит бир күни ешегин минип аўылына қайтып киятырып, «Урысайға» келген жерде еки уры алдынан шығып, буны тоқтатып:

– Қуп келдиң, жигит, аланда, – депти.

– Пулымның бәри паланда, – депти шайыр жигит урылардың сөзине сөзин уйқастыраман деп.

Солай етип, уйқас қуўалаған шайыр урылар сорамастан бурын-ақ өзиниң пулының қай жерде турғанын айтып берипти ҳәм бир жыллық мийнет ҳақысынан айырылып қалыпты.

## ҚУРДЫМ

(Р-46, №50412)

Аралда балық аўлаған балықшылардың биреўлери балық аўлап жүрип, дөгерек әтирапты шыр айландырып турған карамат бир қурдымды өз көзлери менен көрген қусайды.

Теңиздиң не бир қылўаларын көрип, писип кеткен бир адам қурдымның қай жерде екенин билгиси келипти. Сейтип ол беккем ағаштан қақпақлы қайық соғып, көпти көрген балықшылардың силтеўи менен қурдымды излеп таўыпты да, өзин қайығы менен қурдымға урыпты.

Қурдымға түскен қайық ишиндеги адамы менен бир неше күннен кейин Аштарханнан шығыпты. Жаңағы адам небир машақатлар менен үйине қайтып келгеннен кейин адамлар оннан:

– Қурдымның ишинде не бар екен? – деп сорапты.

Сонда жаңағы адам:

– Мен өзим де оның ишинде не бар екен деп қолымды шығарып көрдим. Қолымды тийгизгенимде, қундыз питкенниң бәри сонда екен, – депти.

## ДӘЎЛЕТ ПУШЫҚ ТОЙДА

(Р-1299, №183812)

Сейитназар ҳажы той бергенде Дәўлет пушыққа айтылмай қалған. Дәўлет пушық Қылқалы аўылындағы пәтли бес-алты жигитти ертип тойға келеди. Тойханадағы ҳажыға бир адам келип:

– Ҳажы аға, бийдай атызды басып онлаған атлы бермән киятыр. Барып оларға жолды көрсетип қайтайын ба? - депти.

– Яқ, барма. Ол Дәўлет пушық шығар, оған тойға айтылмай қалыпты. Даў шығарайын деп киятырған. Оларға үндеме, – депти ҳажы.

Дәўлет пушық туўры тойханаға атты ойдан келип, Сейтназар ҳажыға:

– Қәне, ҳажы жора! Неге тойыңа айттырмадың? Әмел бар ўақта қызметлик дос болып едик. Әмелден түскен соң, дослық қойыла ма? – депти.

Сейитназар ҳажы сонда оның қолынан алып, аттан түсирип:

– Айтыўшыдан болыпты, ашыўды қой, достым. Той пайыңды жеп кет, – деп, бир қойды сойып берип күтипти дейди.

## КӘӘБАГА БАРМАҒАН АДАМ

(Р-1296, №183776)

Бир патша өзиниң қол астындағы халқын аралатып «Кәабаны зыяратлап келген адам болса, мың тилла сыйлық беремен» деп жар шақыртыпты. Бирақ, сол заматта халық арасынан «Кәабаны мен зыяратлап келип едим» деген адам шыға қоймапты. Сонда шетиректе жасайтуғын елаттан бир адам: «Кабаны мен зыяратлап келип едим, деп айта қояйын. Патша мениң барған-бармағанымды қаяқтан биле қояр дейсең» деп ойлапты да:

– Мен Кәабаға барып едим, – депти жар урдырғанларға.

Жаршылар оны патшаның алдына апарыпты.

– Кәабаға барыппедиң? - деп сорапты патша жаңағы кисиден.

– Барып едим, тақсыр! – деп жуўап қайтарыпты ол.

– Барған болсаң, Мехри буўешти көрдиң бе? – деп сорапты патша.

Кәабаға барған ҳәрбир адам Мехри буўешти ямаса «халқа» аталған тасқа қол тийгизеди екен.

– Көрдим, тақсыр, – деп жуўап берипти ол.

– Көрген болсаң, ол қандай екен? – деп сорапты патша.

– Бир узын бойлыдан келген ири қара киси екен, – деп жуўап берипти жаңағы адам.

– Ҳәй, бәдбақ! Ол адам емес, тас еди ғой, – деп ашыўланыпты патша.

– Тас болса, болған шығар, тақсыр. Өзи жүдә қатты адам еди, – депти жаңағы киси.

Патша да, патшаның қасындағы адамлары да бунық сөзине ишек-силеси қатып күлипти ҳәм оған «батырлығы» ушын мың тилла берилипти.

## ҚАЗЫ ҲӘМ ШАЙЫР ЖИГИТ

(Р-1296, №183776)

Бурынғы заманда бир қазы өзиниң нөкери менен ҳәр екшемби күни шаҳарге шығып, базарға келген адамлардан мусылманшылықтың шәртлерин сорайды екен. Ол саўалға толық жуўап қайтарғанларды аман-есен жибереди де, жуўап бере алмаған базаршыларды дүрре менен урдырады екен.

Бир жигит ата-анасынан жаслай жетим қалып, киси есигинде өмиринше хызмет еткенлиги ушын хат жазыў ҳәм хат оқыў дегенлери былай турсын, ҳәтте намаз сабағы менен мусылман-шылықтың шәртлерин де анық билмейди екен. Қырсығына, бир күни оған қазы дус болып, саўал сорапты. Жигит қазының сораўына жуўап бере алмапты. Қазы оған қырық дүрре урыўды буйырыпты. Бул жазаны алса, өлип ямаса майрылып қалыўдан қорққан жигит:

– Дад! Тақсыр, бир аўыз арзым бар! – депти.

– Арзың болса, қане, айт! – деп қазы оған сөйлеўге рухсат берипти.

– Тақсыр, мен шайыр едим. Пикиримди қосық пенен баянлайман, – депти ол.

Базарға жыйналған халайық:

– Қане, айт қосығым! Қулағымыздың қурышы қансын! – деп ғаўырласыпты.

Сонда шайыр жигит:

– Ҳәй, тақсыр, ойыныңба, ырасың ба?
Дүрре менен сен мени урасаң ба?
Ийман-исламды биреў билер, биреў билмес,
Билмегенниң барлығын қырасаң ба? – депти.

Қазы ҳүкимин орынлата алмай, базардан шығып кетиўге мәжбүр болыпты.

## ҚАЗЫ ҲӘМ АҚЫЛЛЫ ҚЫЗ

(Р-1296, №183776)

Бурынғы заманда ашлық ҳәм қытшылық жийи-жийи тәкирарланып турады екен. Жуўанның созылып, жиңишкениң үзилип, халық ашлықтан өлип атырған мәҳәлинде бир бай саўдагер бир жарлының жас қызына үйленипти. Саўдагер жасы жетпистен өтип сексенге шамаласқан ғарры екен.

Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин, саўдагер қызға:

– Мына қаўли ҳәрем, дүнья-мүлктиң ийеси өзиң. Не ишемен, не жеймен, не киймен десең, ықтыярың. Дүнья деген – қолдың кири. Ҳәрекет етпей, екеўимиз бирден үйде жата берсек, демде жоқ болыўы мүмкин. Сонлықтан мен жоқары қалаларға барып, саўда ислеп қайтайын, – депти бай.

Саўдагердиң үйинде бир жигит хызметкер болып ислейди екен. Оны жарлының қызы бурыннан жақсы көреди екен. Үйленейин десе, қалың малын төлеўге қәрежети болмапты. Сонлықтан олар бири-бири менен астыртын сөйлесип жүреди екен. Саўдагердиң аўылда жоқлығынан пайдаланып, екеўи қашып кетипти.

Бай үйине қайтып келсе, жайына сыртынан қулып урылған. Иште тири жан жоқ. Олардың қашып кеткенлиги мәлим болыпты. Қазыға арзы етейин десе, қыз бенен жигиттиң қайда екенлигин билмейди. Сонлықтан бай саўдасын ислеп жүре береди.

Бир күнлери саўдагер екинши бир шаҳарге барса, хызметкер жигит пенен бунық ҳаялы отын сатып турған қусайды. Ол дәрҳал қаланың қазысына булардың үстинен арзы етипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазы нөкерлерин жиберип, еки отыншыны тутып әкелдирипти. Ол жарлы жигитти зинданға салып, қызды саўдагерге қайтадан қосыўға буйрық берипти. Сол ўақытта ақыллы қыз қазыға:

– Неге керек шыны шәйнек, сырлы кесе,
Жүрегиңниң ҳәмирин етпесе,
Өзиң қалай көресең он сегизде,
Жетпис жасар жигитке некелесе? – депти.

Қазы қыздың саўалына дурыс жуўап таба алмай, өзиниң ҳүкимин бийкар етиўге мәжбүр болыпты.

## ДУЗ
(Р-1242, №183023)

Эрте заманларда дүньяда дуз болса да, адамлар оның пайдасын билмей, тамақларын дузсыз жейди екен.

Бир күни бир аңшы аң аўлап қиятырып, жолда дем алып, аңның етинен кәбап етип жемекши болыпты. Аңшының сол отырған орны дуздың кәни екен. Бир ўақытта истен тартып алынған бир бөлек ет жерге түсип кетипти. Аңшы оны жерден алып аўзына салса, еттиң мазасының өзгергенин аңлапты. Буған ҳайран қалып, тағы бир бөлек ет алып, өзи жерге басып, кейин аўзына салса, оннан да мазалы болыпты.

Аңшы бул жерде бир қасийеттиң бар екенин билип, қалған кәбабын дузлап, мазалы етип жеп алады да, дуздың таза жеринен топырақ-шаңын артып, дорбасына салып, үйине алып кетипти.

Дәслеп сынап көрип, кем-кем қазанға да сала баслапты. Дуз қайсы тағамға жантасса да, оған маза берипти. Кейин буны басқа адамлар да қоллана баслапты.

## СОҢҒЫ СӨЗ
(Р-22а, № 82401)

Атасы қартайып, өлер ўақты жақынлағанда баласы әкесине келип:

– Аға, басқа көп адамлардан түрли-түрли нақыл қалды. Сен усы күнге маған усындай нәрсе айтпалсаң-аў, – депти.

Сонда ғарры атасы баласына:

– Мен де бос кетпейин, қарағым, итималлы сөзге инанба, – депти.

## СЕЙИТЖАН УСТА
(Р-1299, №183812)

Оймаўыт аўылында Сейитжан темирши усталық етип, көп адамлардың жумысларын питкерген. Сонда устаға келген адамлар, белимди әмәгә орағымды қашан питкерип бересиз, десе

– Қуда пирлер яр болса, Майжап жаплар саў болса, ертең яки арғы күни келегой, – дейди екен. Жаңғыз баласы Матжан темирши уста болған.

## ДӘРБЕДАРЛЫҚ
(Р-62, № 145349)

Бурын қарақалпақлардың үлкен басшы адамлары ойласып отырып:

– Бизлер усы жерде мәкан басып отыра беремиз бе? Оннан да былай-былай шығып, басқа жақларды да көрейик. Егер таўир болса, көўилге унаса, сол жақларға көшип барайық, – десипти.

Сөйтип, олар уллы ойласық ислеп, жаңа қоныс өзгертиў мақсетинде Қоқан ханлығының ҳәзирги отырған Сырдарья, Нарын ҳәм Карадарьялардың жағасына жайласқан екен.

Қоқан ханы келгенлерге жер бөлип бергенде олар ханның усынған жерлерин қәлемеген усайды. Кейин хан: «Өзлериңиз қәлеген жерлериңизге орналасағойың» деп қол берипти.

Кейин бизиң ата-бабаларымыз өзиниң шарўашылық ҳәм балықшылық кәсиплерине қолайлы көрип, дарья жағалап отырысқан екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизиң кексе адамларымыздың айтыўына қарағанда, ата-бабаларымыз Жийдели Байсыннан келген усайды. Себеби олар:

Балларымның азығы,

Малларымның қазығы,

Жийдели Байсын, сеннен айырылдым, – деген қосықты жийи айтысатуғын еди. Ата-бабаларымыз Жийдели Байсыннан айрылғаннан кейин әдеўир ўақытларға дейин сол жақтағылар менен қарым қатнаста болса керек. Кекселеримиз: «Қабыл бий деген Жийдели Байсынға қайта барып, ат сарпайын әкелипти» деп гүрриң етип отыратуғын еди.

## ЕРНАЗАРДЫҢ АҚТӨБЕДЕГИ ДАҢҚЫ

(Р-62, № 145349)

Андижанлы қарақалпақлардың және бир жайлаған жери – бул «Ақтөбе» деген жер екен. Буның мәниси: Қарадарьяның жағасында бир бийик ақ төбешик болып, оны кейин дарья жемирип таслағанда ишинен бир пақса дийўал шыққан, соған қарай «Ақтөбе» деп аталған.

Ақтөбеде жасаўшы қарақалпақлардың ишинен бурын Хожагелди деген адам болып, оннан барлық ақтөбели қарақалпақлар өреген. Олар Хожагелдини өзлериниң атасы сыпатында биледи екен.

Ақтөбели қарақалпақлар көп жыллар даўамында әзелий ўатаны болған Жийдели-Байсынды өзлерине пана билип: «Егерде бизди ханлық қуўалап, қыйнай берсе, бир түнде сал менен Жийдели-Байсынға көшип кетемиз. Соған қолайлы болыў ушын дәрья жағалап отырмыз» деседи екен. Олар Жийдели-Байсын бул жерден қырық күнлик жол екен деп есаплаған. Бул қарақалпақлар арасында Ерназар алакөздиң аты жүдә белгили болып, олар батырды Хийўа ханы жүдә жаман көргени, батырдың қарақалпақларды жыйнап, ханға қарсы урыс апарғаны ҳаққында биледи екен. Олар өзлериниң перзентлерине Ерназарды мақтаныш етип: «Ерназар жүдә батыр адам болған. Ол урысқанда қарсы келген жаўын найзаға илип, артына ылақтыра береди екен» деп оның ерлик ислерин әпсанаға айландырған. Жийдели-Байсын қарақалпақларындағы батырлардың «Найзам ушындағы емес, Ерназар батырдыки» деген сөз сол батырға байланыслы айтылған екен.

## АНДИЖАННЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚ БАҚСЫЛАРЫ

(Р-62, № 145349)

Бурынырақта андижанлы қарақалпақлар арасында той-тамашалар жүдә үлкен салтанат пенен өткерилетуғын болыпты. Усындай тойларда олар тек өз миллетиниң бақсыларын әкелип, оларды узақ түнге тыңлайтуғын болған. Сондай бақсылардың бири Ақтепе, Бабағазы, Кемебашы жағалаўларында белгили Матқул бақсы болған. Ол жүдә шоңқараз бақсы болып, оның атқарыўындағы «Гөруғлы», «Алпамыс», «Юсуп-Ахмед», «Күнтуғмыш» дәстанлары қарақалпақлардың ең сүйикли дәстанлары болған.

Халық дәстанларды тыңлап болғаннан кейин Жаббарқул, Омарқул, Егембердиев сыяқлы бақсылардың қосықларын еситип, қулақларының қурышын қандырған. Солардың ишинде, әсиресе, Жаббарқул бақсының:

Қыяметтиң боларын баршаңыз билгейсиз,

Сәждеге бас урып тәўбе еткейсиз, – деп басланатуғын қосығын көпшилик биледи екен. Бул жердеги қарақалпақлар Жийен жыраўды да өзлериниң ата-бабасы жасаған Жийдели-Байсынлы жыраў деп есаплайды екен. Ескилер оның толғаўларын аўызларынан түсирмей айтып жүретуғын болған.

## ЕСТЕН ШЫҚПАЙТУҒЫН ЎАҚЫЯ

(Р-1098, №182777)

Бурында Хийўа ханы ўақтында Бабажан қотыр деген өткен. Оның Сәнем атлы сулыў қызы болған. Қыз ержеткеннен кейин, әкесиниң келискен адамына турмысқа шықпай, Теңел деген сүйген жигити менен қашып кеткен. Қызының бул исине ашыўланған Бабажан қотыр Хийўа ханына барып, оған жүз тилла берип, қызын жазалаўды сорапты. Қызды алып қашқан Теңелдиң де урыўласлары қызды

www.ziyouz.com kutubxonasi

қутқарыў ушын ханға барып, барлы-жоқлы қырық тилласын берип, бул исти басып тасламақшы болыпты.

Усы даўға қатнаслы ҳәм оны шешиўге келген адамлардың бәри ханның алдына жыйналыпты.

Сонда Теңелдиң тәреплерларының ханға қырық тилла бергенинен хабар тапқан Бабажан қотыр ханның екиленип турғанын көрип:

– Тақсыр, жүз бар, қәтере бар. Гәпти кесип-кесип айтсаңыз да! – депти жыйналғанларға айбат етип.

Хан жүз тилланы алғаннан кейин тили қысық болып, пайданы Бабажан қотырдың пайдасына шешипти. Оның қәлеўи бойынша қыз Хийўа майданында шалыныпты.

Бабажан қотыр үйине қайтып келип, көсилип арқайын жатырса, қызының күйигине шыдай алмаған ҳаялы үн салып жылап атырған қусайды.

Сонда Бабажан қотыр оған:

– Ҳә, әкеңди...өшир үниңди! – деп бақырыпты.

Бул ўақыяны еситкен адамлар көп ўақытқа шекем оны умыта алмай ақыллары ҳайран болып жүрген.

## «ОН ТОҒЫЗ» ЎАҚЫЯСЫ

(Р-1098, №182777)

Пүткил қарақалпақта «Он тоғыз» деген ат пенен белгили болған ўақыяны билмейтуғын адам болмаса керек. Бул ўақыя мынандай болған екен.

Сол ўақытта балғалылар Қараойда шалы еккен. Шалы пискеннен кейин оны Күлен болыстың адамлары барып басып алған. Болыстың адамлары бағым келип, балғалылар шалысын қайтарып алалмаған.

Келеси жылы болыслыққа сайлаў болып, Күлен және болыслықты алмақшы болыпты. Балғалылар болыслыққа Жақсымуратты усынған.

Бирақ Күлен ески таныслықты араға салып, пара берип, болыслықты және өзи алыпты.

Халық буған наразы болып, көтерилис баслаған. Көтерилисти усы он тоғыз адам басқарған. Көтерилисшилер ояздан келген адамды сабаған. Хийўадан көп нөкер келип, он тоғызды тутып, хатлап кеткен.

Халықтың талабы менен қайтадан сайлаў болып, Жақсымурат болыс болған. Көтерилисти баслаған «он тоғыз» Төрткүлдеги түрмеге апарып қамалған.

Соның арасында арадан көп өтпей, Күленди жек көретуғын Атамурат халық арасынан пул жыйнап, от арба менен Москваға барып, ақ патшадан «он тоғыз» азат етилсин деген мөрли қағаз әкеледи.

Атамураттың бул исине ашыўы келген ҳәм «он тоғыз»дан қорқып қалған ояз қағаз ақ патшадан алып келинген соң, илажсыз оларды азат етеди.

Сонда ол қасындағыларға:

– Он тоғызды бийкарға қамаған екенбиз. Зың-закунды билетуғын Атамуратты алды менен қамаўымыз керек екен, – деген екен.

## ОРЫНБАЙ БАҚСЫ

(Р-84, № 36809)

Қоңырат намаларының дөретилиўи, қәлиплесиўи Орынбай бақсының аты менен байланыслы. Ол айрықша, «Орынбай жолы» деген өз алдына нама түрин дөреткен. Қоңыратлылар музыканы, наманы сөз етсе, ең дәслеп Орынбай бақсыны еске түсиреди. Орынбай «Мухаллестиң» он еки түрин билер екен, тоғыз түрли «Шырўаны қатар» намасын, «Салки шырўан», «Ғыйрат кел», «Зар йетме», «Радим айле», «Салтық», «Табриз», «Гөрқыз», «Ешбай» «Ала қайыш», «Қошым палўан», «Қошадас», «Галалайлим», «Үштоп», «Қарадали», «Ылғал», «Хожа барман», «Орынбай» намаларын кәмине келтирип атқарған. Өзиниң дәстанларын да халық арасында айтып жүрген.

Орынбай бақсы қазақ жыраўы Дарьябай менен Шереке дегенниң тойында айтысады. Сол тойда ярым ақшамға шекем адамлар та Орынбайдың, та Дарьябайдың үстине толады. Ең соңында, ярым ақшам аўған соң, адамлардың көпшилиги Орынбай бақсының үстине жыйналады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Орынбай бақсы өзи жас болса да, Әлимбай ҳәм Мадирейим бақсыларды шәкирт етип таярлап, өз алдына айтатуғын бақсы етип шығарады.

Орынбай бақсы Ташаўыз, Гөне аймақларында болған ўақытта Жапақ бақсының устазы Әмет пенен таныcады. Әметти үйине шақырып, Қоңыратта айттырады. Әметтиң устазының устазы Сүйеў бақсы Қоңыратта көп болған. Орынбай бақсының Ешан бақсы менен айтысы, түркменлер менен айтысы ел аўзында сақланған.

## ОРЫНБАЙ БАҚСЫНЫҢ УСТАЗЛАРЫ

(Р-46, № 50412)

Орынбай бақсының устазы Қутым бояўшы деген адам болған. Орынбай оның қызына үйленген. Қутым бояўшының гүрлеп сазенде болып турған ўақытларында оның менен бир қатарда Бегнияз, Әўез бақсылар да өткен. Олар бир-бири менен жүда жақсы қарым-қатнаста болған.

Дәслеки ўақытларды Әўез бақсы жүда жақсы бақсышылық еткен. Бирақ кейин ол кеселленип, таңлайын қурт жеп, қосық айта алмайтуғын болып қалған. Әўез даўыстан қалған соң Орынбай бақсыға гиржекши болып жүрген.

Орынбайдың сазға шебер болыўында әдеп Қутым бояўшының, оннан кейин Әўез сазендениң орны үлкен болған. Олар саздың мың да бир сырларын Орынбайға еринбей үйретип келген. Орынбай бақсы да еринбей, еситкенин жаздырмай үйренип алған.

Орынбай менен Жаңабай бақсылар үйинде жатып, шыраны өширип, көрпеге кирип алып, сазды, сөзди бирме-бир, дәсме-дәс айтысып үйренеди екен.

Бир күни аўылдың жигитлери бир тойда Дарьябай менен Орынбайды жарыстырады. Сол күни адамлар ярым ақшамға шекем Орынбайдың дөгерегине жыйналса, ярым ақшамнан кейин Дарьябайдың қасына жыйналады.

## ОРЫНБАЙ БАҚСЫНЫҢ СОҢҒЫ КҮНЛЕРИ

(Р-46, №50412)

Орынбай бақсы 1945-жылдың бәҳәринде қатты аўырыпты, ҳәтте адамлар арасында «Орынбай бақсы өлипти» деген хабар да тарқалыпты. Ол соңынан бираз таўир болып, Қоңыратта жүрсе, алдынан бир танысы шығып:

– Ҳаў, Орынбай аға, саў-саламатсыз ба, айтыўға да тилим бармайды. Жақында сондай бир гәп еситип, қүта қапа болдым. Ой, сизиң шийрин даўысыңыз, дүўтар шерткен қолыңыз да бир адамның орнына кетеди-аў деп қатты қапа болдық аға, – депти.

Сонда Орынбай бақсы танысының бул гәпине ишинен қатты қапа болып: «Адамлар мениң өзиме қыйланама десем, тек даўысыма қыйналады екен ғо» деп ойлапты. Ол соннан үйине келип, тағы аўырып жатып қалғанша бақсышылық етип, шәкиртлерине де қүта ықлас пенен қарай баслаған.

## ЕКИ ЖИН

(Р-1242, № 183023)

Өткен заманлардың биринде Ақбеткей деген жерде еки жин жолдас болыпты. Олардың биреўи өлеси арық, биреўи қампайған семиз екен.

Бир күни арық жин семиз жиннен:

– Сен қалай семиз болдың? – деп сорапты.

– Мен семиз болмай, ким семиз болсын. Мен тамақ жесем, «бисмилла» айтып жеймен. Оның үстине, кимниң үйинде жәнжел, урыс-қағыс болса, урыс шығарған адамның аўзына кирип, ашыўын басаман. Оның ашыўының басылғанын көрип, ҳаялы мазалы тамақ писиреди, мен «бисмилла» айтып тойып аламан. Сол ушын семиз болып жүрмен.

– Өзиң неге арық болдың, буншама жағын қуўсыйып? – деп сорапты семиз жин арық жиннен.

– Мен ҳаялы менен ери урысқан күни сол үйге жетип келемен де, ҳаялды көбирек түрткилеп, урысқа гиж-гижлеймен. Ҳаялынан азап көрген адам мени жер-жебириме жеткерип сөгеди, мениң дымымды қалдырмай табалайды. Соннан болыў керек, сира мен етке шықпайман, – деп еки жин гәплесиен екен.

## ҚАЙДАЎЫЛ ӨТКЕЛИНИҢ ТАРИЙХЫ

(P-539, №176482)

Арал жағалаўында 1919-1935-жыллары көп халықлар жасаған. Сол ўақытлары теңизде суў жүдә көп болған. Халық өз несийбелерин усы теңизден терген. Адамлардың арасында жарлы да, бай да көп болған. Олардың жарлылары байларға жалланып жумыс ислесе, байлары несийбениң көп жерин өзлери ийелеп отырған. Байлардың арасында халыққа да, өзине де пайдасы тийетуғын ислердиң басында турғанлары да аз болмаған. Солардың бири Қайдаўыл деген бай болған.

Ол Арал теңизиндеги атаўда жасаған. Қайдаўыл бир атаўдан екинши атаўға өтиўди аңсатластырыў ушын өз адамларына томардан бөгет салдырған.

Өткел салынғаннан кейин адамлар малларын усы өткел арқалы тасыған. Ҳәзир ол жерди оның аты менен «Қайдаўыл өткели» деп атайды.

Қайдаўыл өткелиниң қасында, Арал теңизиниң шығыс-қубла атаўында Моншақ өткел деген жер бар. Қайдаўыл 1934-1948-жылларға дейин сол аралдың қолтығында жасаған. Ол колхозластырыў дәўиринде Бозөзек деген жерде халықты артель ағабында уйымластырып, сексеўилден, томардан көмир таярлаған. Таяр көмирлер үлкен моторлы кемелер менен көп жерлерге отын ретинде жеткерилип турған.

## ӨТЕПБЕРГЕННИҢ ДУЎПИЯЗ ҲАЯЛЫ

(P-449, №176392)

Бир күни Өтепбергенниң үйине миймаң келетуғын болыпты. Сонда Өтепберген бир бир жигитти анда, бир жигитти мында шаптырып, қазы таярлатып атырған қусайды. Келетуғын мийманның көп екенин билген Өтепбергенниң дуўпияз ҳаялы бир аттан еки самар қазы шығарған қусайды. Ҳаялына кеўли толған Өтепберген сонда ҳаялына қарап:

Ат сақлаған қатынды,
Ханым десең болмай ма?
Ис питирген жигитти,
Жаным десең бомай ма? – деген екен.

## ДӘМЕ

(P-1299, №183812)

Баяғыда өткеннен де кеткеннен де бир нәрсе береди деп дәме ете беретуғын бир дәмегөй адам болған екен. Сол себепли адамлар оның Қалбай деген атын өзгертип, Дәме деп ат қойып алыпты.

Бир күни Дәме тамның басын сыбап отырып, ҳаўада ушып баратырған ғазларға көзи түсипти. Сонда оның ески кесели тутып:

– Ҳәй, ғазлар, маған ең болмаса бир мәйек туўып берип кетиң! – деп етегин тутып тура жүўырыпты. Өзиниң қай жерде турғанын умытып кеткен ол тамнан гүрс етип қулап, басы жарылыпты.

## ЖАҚСЫНЫҢ АБЫРАЙЫ

(P-1299, №183812)

Қаңлыкөлли Есберген исмли бир жас бала қой бағып жүрип түркмен баспашыларының қолына түсип қалыпты. Баспашылардың басшысы оннан ким екенин сорағанда, Есберген оған өзиниң Ешим ахун медресесиниң оқыўшысы екенин айтыпты.

Баладан бул гәпти еситкен ол қасындағыларға:

– Балаға да, малларына да тиймеңлер, – деп, оны босатып жиберипти.

Ертеңине мешитке оқыўға келген Есберген болған ўақыяны устазына айтып берип:

– Ахун ата, мен сизиң атыңыздан пайдаланып аман қалдым, – депти.

Шәкиртиниң гәпин еситкен Ешим ахун:

– Бәрекелла, балам. Мениң атымды айтып аман қалып, дурыс ислепсең. Сеннен еле нелер уроқлар қалыўы керек, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖИЙЕН ЖЫРАЎ ӘЎЛАДЛАРЫ
(Р-89, № 37436)

Қарақалпақлар айырымлары бул жерге көшип келместен бурын Түркистанда Ақмешитти жайлаған. Халық сол жерден көшип келген. Олар ең дәслеп Қабақлы атаның қасына келип қоныс басқан. Қарақалпақлар көшип киятырғанда оларға Айбас, Сағындық деген кисилер басшылық еткен. Сол көштиң ишинде қарақалпақлардың атақлы Жийен жыраўы да болған.

Арадан көп жыллар өткеннен кейин Жийен жыраўдың ақлығы бухаралы мүйтенлер менен Бухардағы мүйтен Есимбеттиң үйине қыдырып келеди. Ол кетеринде Есимбетке:

– Егер күш-көлигим болғанда, сизлерди Хорезмге көширип әкетер едим, – депти.

Сонда Есимбет мүйтен:

– Жағдаймыз болғанда, бизлер де сениң изиңе ерер едик, – депти.

Жийен жыраўдың әўладларынан Өтеш те бабасының изин қуўып шайыр болған.

Өтеш шайыр өзиниң заманласы Матаў деген молла менен жақын дос екен. Бир күни сол жорасы оған: «Маған арнап қосық шығармайсаң ба?» дегенде, ол сол жерде-ақ суўырып салып, оған мына қосықты шығарған екен:

Алыстан көринеди көп қара ағаш,
Көп ишинде жарасады нарўан ағаш,
Бизлерге денең ашылса гүна дейгең,
Өзиң неге жүресең жап-жалаңаш?

Бул қосықтың кейнин ызғытып баратырғанда Матаў молла Өтештиң аўзын басып тоқтатыпты.

## ҚАРАЖАЛҒАС
(Р-1299, №183812)

Өткен әсирдиң басларында «Моншақлы көл» бойында Ибрайым қаўынши, Қошымбет, Қурбан деген ғәззаплар басқарған топарлар халықты жүдә бүлгиншиликке ушыратқан. Оларға қарсы саўашлардың биринде Қаражалғасқа оқ тийеди. Достлары оны саўаш майданынан алып шығып Хожелиге алып келеди.

Сонда өзи өлим тырнағында турғанына қарамастан, март жигит жолдасларына тәселле берип, мына ўәсият қосығын айтқан екен:

Жамбаста үлкен жара бар,
Сексеўилден пана бар,
Баспашыға оқ аттым,
Талайын оқтан қулаттым,
Тилегин тилеп Жалғастың,
Күни-түни зарлаған,
Үйде қалған ана бар.
Өлип кетсем усыннан,
Душпанлардан өш алар,
Үйде қара бала бар,
Аты оның Нурғалий,
Оған сәлем ала бар.

Қаражалғастың иниси Нурғалий туўысқанының ўәсиятын орынлап, баспашыларға қарсы гүреслерде талай ерликлерди көрсетип, ағасының өшин алады.

## МАРҚАБАЙ МЕНЕН ҚАРАЖАЛҒАС
(Р-46, № 50416)

Өткен әсирдиң басында Қоңыраттан Марқабай батыр менен Хожелиден Қара Жалғас деген жигитлердиң түркмен баспашылары менен гүресте аты шыққан. Бул халық арасынан шыққан жигитлер елдиң ары ушын аянбай қаҳарманлық көрсеткен.

Ҳәтте душпанға мийрим-шапаәт, қорқыў не екенин билмейтуғын бул жигитлерден баспашылар

www.ziyouz.com kutubxonasi

да қорққан. Олар пайыт пайлап, қалай болмасын оларды жоқ етиўдиң ниетинде жүрген.

Бир күни баспашылар елди талап, бирталай адамларды атып кетеди. Бул хабарды еситкен Марқабай адамлардың силтеўи менен қасына Қара Жалғасты алып, баспашыларды услаў ушын тоғайға кетеди, атларын байлап, дүз тоғайға киреди.

Булардың келетуғынын әлле қашан билип, жолын аңлып жатырған баспашылар қалың жыңғылдың арасында жасырынып отырады.

Бир ўақытта кеге жыңғылдың үстинен тарғып өте берейин дегенде Қара Жалғасқа оқ тийеди. Марқабай жарадар болған Қара Жалғасты бир пана жерге алып барып жатқарып, өзи буны айланшықлап киятырған баспашылар менен суўашқа кириседи. Булардың изиндеги жигитлер келгенше дегенше бир өзи баспашыларды услап турады. Баспашылар қырғатылады.

Марқабай Қара Жалғасы алып қайтып киятырғанда жолда март Қара Жалғастың жаны үзиледи.

Қарақалпақлар бул еки батыр ҳаққында аңызлар, дәстанлар дөретип, олардың мәртлигин ҳәмийше яд етип жүрген.

## ҚОСЫМ ҚАЗЫНЫҢ МЕРЕКЕСИ

(Р-1299, №183812)

Ешим ахун менен Қосым қазы Бухарадағы медресени питкергеннен кейин әмир тәрепинен ол екеўи ҳаққында Қоңырат бийине арнаўлы хат жиберилген. Сол хатты екеўи алып келип бийге тапсырыпты.

Бий хатты оқып көрсе, әмир Қосымды мәмлекетлик ислерде пайдаланыўды, ал Ешим ахунды тәлим-тәрбия, масләҳәт ҳәм диний ислерде пайдаланыўды масләҳәт еткен екен.

Соннан баслап бул екеўи бирликте халық мәпине хызмет етип баслапты.

Қосым қазы бир күнлери өзиниң елатындағы адамлар менен келисе алмай, оларға қатты өкпелеп, қасында масләҳәтгөй болып ислеп жүрген адамға, бул өлгеннен кейин оны ўатанласларына бермей, өзиниң жерлеўин несият етипти.

Арадан бираз ўақыт өтип Қосым қазы дүньядан өтипти. Ўатанласлары қазыны басқа журттың адамларының жерлеўине қатты қарсылық билдирипти. Қазының масләҳәтгөйи де кәсиплесиниң несиятын айтып, оларға қарсыласыпты.

Сонда аламан масләҳәт сорап Ешим ахунның алдына барыпты. Оларды тыңлаған Ешим ахун: «Қосым қазы бундай тентек адам емес еди» депти де, келгенлерге не қылыў кереклигин түсиндирипти.

Келисимге бола, бир неше адам қазының масләҳәтгөйи менен кәрабаға даўласып турғанда, және бир-еки адам жайдың ишине билдирмей кирип, Қосым қазының денесин алып шығып, жаназасын оқып, оны жерлепти.

Масләҳәтгөй олардың бул исине дәслеп қатты ашыўланса да, кейин оларды түсинип, кеширим берипти.

## ӨТЕШ БАТЫРДЫҢ ЕРЛИКЛЕРИ

(Р-84, № 96834)

Өтештиң әкеси Байназар мерген қарақалпақтың қазаяқлы урыўы, жүнли қазаяқлы тийресинен екен. Ол Гөнениң арқасында жасаған. Шешесиниң аты Инжигүл кенегес қызы болған. Атасы Байназар мерген қырық жасында жомытлар менен жер таласып, түрменлер оны атып өлтирген.

Атасы өлген соң Өтеш шопан болған. Ол түркменниң қойларын баққан, шопанлардың ишинде күшли болып, олардың ханы болған. Ҳәр жылы қойларды таўдың қырына жайған. Ол өзи қойын баққан бай түркменниң Халы, Аман, Тағаң деген балаларының қатарында баласындай болған. Байдың өзи дәўлетли, балалары батыр азамат болған деседи.

Өтеш шопан болып жүргенде бай түркменниң елиў қойын сатып, адай урыўынан бир қызды алып қашып кетеди. Ол қызды Орын дарьяның жағасындағы Мамытхан деген түркменге апарады.

Өтешти қыздың әкеси адамлары менен қуўған. Олар дусласқан жерде қазақ пенен түркмен атысатуғын болған. Күта үлкен даў болыпты. Араға елши түсип, тоғыз жүз тиллаға питим болған. Бес жүз тилла нашардың қуны болса, қалған зыяты сарпай болсын деп келисилипти. Сол пулды Аман, Тағаңның атағы бай түркмен төлейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақытта Гөнениң Хийўа тәрепинен қойылған усы ўақыттағы ҳәкими Шыйықназарбай болады. Ол алайдан қырық атлы жыйнап, жигирма жигитке Жуман деген жигитти, қалған жигирмасына Қажықул деген жигитти басшы қылды. Қырық жигиттиң ат жарақ пенен тәмийнлейди. Шыйықназарбай қай жерден түркменнен баспашы шықса, усы қырық атлыны жиберип, баспашыны бастырып отырған. Қырық жигит дабдебе ушын оқ атып, түскен геллелерди мылтық басына илдирип жүрген. Яўмыттың баспашыгын олар усылай басқан.

Бир жылы Жыланлының арқасынан Шамми кәл деген баспашы Хийўа ханына қарсы шығады. Ол бийиклиги үш ярым қулаш пақсаны еки жерден салдырып, ортасына қум тектирип, он танап жерди айландырып, үш жеринен қудық қазып азық-аўқат, от жеми, еки мың атлысы менен кимсең Шамми кәл болып даңқы шығады.

Шыйықназарбай Нуржан батырды, Жыланлыдан Көклен батырды, Гөнеден жигирма атлысы менен Жуманды, Қажықулды жигирма атлысы менен алдына шақырып:

– Сизлер қалай болмасын Шамми кәлди жоқ етесиз, жоқ етпесеңиз, өзлериңди дардың атында көресиз, – дейди.

Сол ўақытта Хийўа ханы Испандияр екен. Әне, сөйтип, олар Шамми кәлдиң қаласының қубла дәрўазасында Көклен, күншығарында Нуржан батыр, арқа тәрепинде Жуман, күнбатар тәрепинде Қажықул турып, қаланы он еки күн қамал етеди. Он екинши күни кешликте олар бир қойды сойып жеп отырып:

Шамминиң қамағанымызға он еки күн болды. Он еки күннен бери оның қаласын алалмадық. Енди қалай қылыў керек? – деп ойласыпты.

Олар ең ақырында қалтаға оқ дәри салып байлап, оған от тийгизип, усы алысып киятырған оқ дәрини қалаға қарай ылақтырып от бериўди ойлап табады.

Нуржан батыр менен Көклен усыны әмелге асырыў ушын қалаға қарай киятырғанда, олардың алдынан он төрт он бес жаслардағы бир бала қолында қуралы менен шығып:

– Қане, шығың атыспаға! – деп қышқырыпты.

Нуржан батыр менен Көклен, жас бала ғой деп, оны елестирмей өтип баратырғанда, бала олардың арқасынан атады. Нуржан батыр өлер алдында: «Мени елге апарман! Усы жерде, өликлердиң қатарында көмип кетиң! Елде душпаным көп, мениң сүйегимди қоймайды» деп, оқ тийген жерин услау менен көз жумған. Көклен батыр да сол жерде өледи.

Тири қалған Жуман менен Қажықул жигитлери менен түркменлер менен шайдай айқасады. Соның арасында Жуманға да оқ тиеди. Сонда ол жигитлерине «Мени иштен биреў атты. Етим жыртылады екен, сүйегим сынады екен деп ойламаң, мени аттың артына байлап Гөнеге апарып көмиң! Сүйегимди таслап кетпең, инилерим» деп, ол да жан тапсырған.

Қалған жигитлер Жуман менен Қажықулдың өлигин алып қайтқан. Сексен атлыдан тек он еки атлы қалған. Солай етип, Хорезмниң батырларының өлимине Шамми кәл себепши болған екен.

Қалған түркменлер қайтадан күш топлап, Шыйықназарбайға қарсы гүреседи, себеби хан оған жер салығын жыйнаўды тапсырады.

Шыйықназарбайдың жийенин усы атыспада Өтеш атып өлтиреди. Усы жерде Өтештиң батырлығы белгили болады. Ханның әскерлери басқы таўып қашады. Өтеш әдеўир жерге, Гөнеге келгенше хан әскерлерин қуўып келеди. Буның ушын хан Өтешти өлимдар етеди. Соннан кейин Өтеш ханның қолы жетпес жерге, Ақпатшаның қарамағына бас панаҳлап өтеди. Ол Инаят деген уйғыр ақсақалға қосшы болып, дәрьяның арқасында жүре берди.

Сөйтип жүрген ўағында Гөнениң әтирапында Ташмықтың атасы хан болды. Хан болып атланып, қарақалпақты бағындыраман деп көп ҳәрекет етеди, Шәниязды, Атамурат қазыны өлтиртеди.

Арадан бир жыл өткен соң Ташмықтың әкесин Мәмықтың иниси атып өлтиреди. Арадан бир ярым жыл өткен соң түркмен баспашылары қарақалпақ, қазақ, өзбек аўылларын шабады.

Усыннан кейин Өтеш батыр қарақалпақ жигитлериниң басшысы болып, бир жүз тоқсан оқты белине байлап, түркмен баспашыларына қарсы шығады. Мамыйдың ултанында түркменлер менен атысады. Жанақаланың күншығар-қубла тәрепинде Өтешти түркменлер абайсызда атып өлтиреди. Ол өлгенде қырық жасында екен. Өлген ўақты – жылан жылы, оразының биринши күни екен. Ол өлгенде Мамыт иниси қасында болған. Өтештиң ағайинлери бесеў болған. Соның ишинде Сайып, Қаржаўан да оқтан өлген.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨТЕШ БАТЫРДЫҢ ӨЛИМИ

(Р-449, №176392)

Бир ўақытлары даңқы жер жарған Өтеш батыр тийкарында төрт ағайинли болған: Өтеш, Қаражан, Сайыт, Мамыт ҳәм бир жийени болған. Оның әкеси қарақалпақтың қазаяқлы урыўынан екен. Өтештиң шешеси балларын ертип түркменлердиң ишинде болады. Өтеш иниси Қаражан менен Аман деген бай түркменнин мыңға жақын қойын бағады.

Туўысқанлар жаслайынан-ақ даўжүрек, анаў-мынаў нәрседен қорқпайтуғын болып өседи. Өтеш он жети-он сегиз жасларына келип сол өзи менен бирге қой бағып жүрген шопанлардың басшысы болады.

Бир күни Өтеш барлық шопанларды жыйнап, бағып жүрген бай түркменнин қойларынан елиў қой алып той береди. Ол гезде шопанларда ат бәйге, ешек жарыстырып, гүрес туттырып, жыққанлары менен озғанларына байрақ берип, тойды тарқатыпты.

Өтештиң иниси шылым шегеди екен. Бир күни еки түркмен келип Сайыттан шылым сорапты. Сайыт оларға шылым бермепти. Сонда түркменлер оған күш көрсетипти. Усы жанжелдиң үстине жетип барған Өтеш түркменлердиң биреўин атып өлтиреди. Усыннан баслап түркменлер Өтеш пенен қандар болған екен. Буннан кейин Өтеш инилерин ертип, Жаңақаланың үстине көшип келеди.

Қарақалпақлардың арасына келгеннен кейин ол көп жыллар даўамында түркменлер менен қарсыласып, қарақалпақлардың арын арлап келеди.

Күнлердиң бир күнинде Өтеш Қаңлы жапта йўмытлар менен урысады. Қорқыў не екенин билмейтуғын батыр саўашта: «Йўмытлар менен буғып атысқанша, турып барып-ақ атып өлтирейин» деп, Қаңлы жаптан шығып кетип баратырғанда оны йўмыт атып өлтиреди. Сонда оны өлтирген йўмыт адамларының қасына қайтып келгеннен кейин оларға: «Мурты бир тутам, айбатлы жигит екен. Өлтиргениме өкиндим» деп қыйналған екен.

Өтеш өлгеннен кейин йўмытлар ҳәмме жақты басып, халыққа көп азап береди. Жаны аман қалғанлар Ханмақсымның қамалына көшип кетеди. Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин Насраддин бий Өтешти атқан адамды өлтиртип, батырдың өшин алады.

## БЕГЖАП ЎАҚЫЯСЫ

(Р-1299, №183812)

Әмиўдәрьяның шеп жағасында, Қарабайлыдан сәл ериректе Бегжап деген саласы бар. Бир заманларда тек жаптың атын билдирип келген бу жер бир қанлы ўақыядан кейин, аўызға алыныўдан еситкен жүректи езетуғын бир аўыз сөзге айланды.

Кеңес ҳүкимети орнап атырған 20-жыллардың биринде Хорезм ҳәм Әмиўдәрья жағалаўларынан Мәскеўге оқыўға отыз еки жас жигит ҳәм қызлар жибериледи.

Ол ўақытлары Мәскеўге кеме менен Әмиўдәрья, Арал арқалы барыўға болатуғын еди. Оқыўға баратырған жаслар Хожелиден азық алып, ерте жолға шығады. Олардың оқыўға кетип баратырғанынан алдын ала хабар тапқан түркмен Турдықылыш баспашы олардың кемесин жыңғыллықтың арасында күтип турады. Кеме олардың тусына жақынлап келгенде, баспашылар қураллы жасларды оққа тутып, кемени услап алады.

Баспашылар жасларды жағаға алып шығып, оларды жаўызларша азаплайды. Олардың басларына май қуйып өртейди. Қалғанларын аяқ қолларын буўып жипке дизип байлап, Бегжапқа ылақтырып жибереди. Көзлери қанға толған баспашылар тири қалған алты жигит пенен төрт қызды өзлери менен алып кетип баратырғанда, олардың изинен баспашыларға қарсы гүрес топарының жигитлери жетип барып олар зорға аман қалады.

Қурбан болғанлар Хожели қаласының орайлық майданына жерленип, оларға естелик қойылады.

## АСҚАР БАТЫР

(Р-449, №176392)

Асқар жуз басы болып келгенен кейин, қазақлар бираз оңып қалып, оған арқа сүйеп, түркменлердиң басыныўынан бираз қутылады. Бул түркменлерге жақпай, олар батырдың жолын аңлыйды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күнлери Асқар қасындағы аз санлы адамы менен Қоңыраттан қайтып киятырып, түркменлерге дус болады. Еки тәреп арасында қызын кести саўаш болады. Сонда Асқар жигитлерине:

Қум Шоқатқа бир жетсем,
Табылар еди әмелим,
Қырық жигитим нөкерим,
Ҳалўа менен шекерим,
Атаңа нәлет жаў түркмен,
Қорқпай жарақ көтериң! – деп, жигитлерин алға баслайды. Түркменлердиң көпшилик екенин билип, Асқар адамларының арасынан бир жигитти шығарып, оған Қоңыратқа хабар бериўди буйырған.

Түркменлер Асқардың қасына келиўге қорқып, узақтан атыса берген. Саўаш бирнеше күнге созылған.

Соның арасында Асқардың жиберген адамы Султамурат бийдиң баласы Мадиярға Асқардың хабарын жеткерген.

Сонда Мадияр:

– Ал, жигитлер, мен қалай бараман, мени ат тарта алмайды, – деп, тарлан атын алдырып қасына жигитлерин ертип, жолға шығады. Мадияр келемен дегенше түркменлердиң үстине және адам келип қосылады. Булар келе сала түркменлерге тийиседи.

Теңсиз урыста түркменлер жеңип, жигитлердиң барлығы қырылып қалады. Түркменлер адамларын түўеллеп жүрип Асқар менен Мадиярдың денесин көрип, үстине шапанын жаўып кеткен. Асқар батыр ҳаққында халық арасында мына қосық қалады:

Шымбайдан Асқар келеди,
Асқардың батыр екенин,
Бүгин Қоңырат биледи,
Әдилликти сүйген халық,
«Жуўбасы бол» деп тиледи.

## МАРҚАБАЙДЫҢ ЕРЛИГИ

(Р-1098, №182777)

Хан Жөнейиттиң елди қорқынышта услап турған ўақты еди. Бир күни түнде ол Марқабай жасап турған елатқа катқудасын жиберипти. Келген катқуда Марқабайға:

– Маған үш жүз атлы нөкер, бес батпан май, он батпан гүриш үш күнниң ишинде таярлап бериди екенсиз, – депти.

Сонда Марқабай оның жиберген катқудасына:

– Сизлерге он батпан түўе, бир дана гүриш те бермеймен, – депти.

Ертеңине Марқабай Шымбайға кетип, сол жақтан қурал-жарақ әкелип, жигитлерге тарқатып береди. Арадан бес күн өткеннен соң Хан Жөнейиттиң адамлары үш жүз атлы болып, түнде Марқабайдың елатына ат қояды.

Баспашылар ел жатқаннан кейин келгенликтен, жигитлер олардың келгенин аңламай қалыпты. Таң қараңғысында бир келиншекти туўдырыўға баратырған бир кемпир оларды көрип, жигитлерге хабар береди.

Аўыл арасы уў-шуў болып, жигитлер қўмытлар менен шайдай айқасады. Ғалаўыт тапқан баспашылар олардан қорқып тымтырақай қаша баслайды. Олар жигирма баспашыны өлтирип, он баспашыны қолға алады. Халық Марқабайдың карыўының арқасында баспашылар басқынынан қутылып қалады.

## МЕРГЕНБЕК ҒАРРЫ МЕНЕН ЕРНАЗАР БОЛЫС

(Р-449, №176392)

Кенегес Шоңқы Қарабий деген болған. Оның баласы Әдил аталық. Әдилдиң баласы Ерназар болыс. Шоңқы бийдиң ўақтында қарақалпақтың Хийўа ханлығы менен шегарасы Ташаўыз екен.

Дәрьяның берги жүзин ашамайлы ийелеген. Арқасы – Шымбайдағы Буўданлы ата. Орта шегара-

www.ziyouz.com kutubxonasi

сы – Қарабайлы. Сол шегараның аржағы он төрт урыўға тийисли, бержағы қыят-ашамайлылардың жери екен.

Ерназар болыс болғаннан соң қыят-ашамайлыға зорлық қылып, шегараны Қоңырат қалаға дейин әкелген. Бир танап жерге ҳаўли салған. Қапталынан төрт танап жерди сыпыртып қойған. Адамларды сол сыпырылған жерден атлы жүргизбей, үйине дейин пияда барғызады екен.

Сол ўақытлары Саркоп деген жерде Мергенбек деген ғарры Ерназардың болыс болған ўағында тоқсан екиге шығып отыр екен. «Қыят-ашамайлының жигитлеринен Ерназар болысқа барып, халықтың ҳақыны аларлық ким бар?» дегенде, ҳеш ким батына алмапты.

Сонда Мергенбек ғарры Қутлымурат беглербегиге:

– Мениң қасыма мүйтен урыўынан Аманбай деген жигитти қос! – депти.

Мергенбек ғарры Қутлымурат беглербегиниң Берди қасқа деген бабасынан қалған қула жорғаны минип, қасына Аманбайды ертип Ерназар болыстың үйине жол алады. Ол жолда Аманбайға:

– Ерназар болыстың үйине барғанда атты оның үйиниң қасына дейин апар! Ҳеш иркилме, сени урып жиберер, саўал-жуўабын өзим беремен, – депти.

Аманбай Ерназар болыстың үйине келгеннен кейин Мергенбек ғаррының айтқанындай етип, атты туўры болыстың үйиниң алдына дейин апарыпты. Сонда болыстың адамлары шаўқым шығарып атырғанда Ерназар болыстың өзи олардың қасына келипти. Ол бийтаныс ғаррыны көрип:

– Сен кимсең? – депти.

– Биз бир қоңыраттың Мергенбек деген ғаррысы едик, – депти.

– Сизиң қатарларыңыз қашшан ақ өлип кетип еди, сиз неге қалып қойдыңыз? – дегенде, Мергенбек ғарры:

– Сениң әкең өлерде маған: «Меннен бир бийдәўлет қалып баратыр. Соның аўҳалынан хабар алып келерсең», – деп еди. Енди мен де шамаластым. Сениң аўҳалыңды билейин деп келип отырман. Ата-бабаңды жутқан жерди неге қызғанасаң? – депти.

Сонда Ерназар ғаррының бул сөзине ҳешнарсе айта алмай, төмен қарапты. Ол Мергенбек ғаррыны жақсылап мийман етип, сарпайлап жиберипти.

Арадан сегиз күн өтип, тоғызыншы күни Мергенбек ғарры қайтыс болыпты. Ол қайтыс болғанда Ерназар оны өз қолынан жерлеп, мерекесин жақсылап өткерип қайтыпты. Мергенбектиң әўлийеси Қызыл Шорда.

## АҚҚАПШЫҚ ЖЫЛЫ

(Р-1098, №182777)

1916-жыллар шамасында халықтың арасында қатты ашаршылық болды. Ҳаттеки айырым адамлар аштан өлиўге шекем барды. Жас балалар тиленшилик жолына түсип, азы-кем ишип жейтуғыны бар үйлерге барып: «Есигиңде жумысыңды ислейин, тек жейтуғын тамағымды берсең болды» деп жалынғанлар көп болды. Бойжеткен қызлар бир кеншик ғаллеге сатылған жағдайлар да көп болды. Ашлық пүткил елге тегис жайылды. Буның үстине арқадан аш қазақлар да келип қосылды.

Усы ашлық жылы «Ақ қапшық жылы» деген ат пенен қалды. Буның себеби мынандай болды.

Шымбайда Қалмурат бай деген адам болды. Ол кисиниң аты пүткил қарақалпаққа белгили еди. Бул киси сол ашлық жылы халықты аман алып қалыў ушын елден егиз арба, ат арба жыйнап, Орынбордан ақ ун алдырып турған. Орынбордан келген бул унлар ақ қапшыққа салынған болған. Унды Қалмурат бай халыққа қарызға үлестирип турған.

Халықтың көпшилиги усы ақ ун себепли сол жылғы қатты ашлықтан аман қалған. Қалмурат байдан алған ун қарызын биреўлер қайтарып берген, биреўлер бермеген. Бирақ ол кисиниң өзи халықтан қарызын талап етип сорап отырмаған.

Сол жыллардан кейин Қалмурат бай ҳүкиметтиң тусында судланып, бийдарек кеткен деседи.

## БАҚАЙБЕК БАБА

(Р-1299, №183812)

Халық арасындағы әңгимелерге қарағанда, Бақайбек баба атақлы Пирим ийшанның қырық шакиртиниң бири болған. Пирим ийшан шакиртиниң жүда зейинли екенин билип, оны басқа шакиртлерине үлги тутады екен.

Халық арасында Бақайбек бабаны әўлийе деп те атайды екен. Буған ол көрсеткен бир карамат

www.ziyouz.com kutubxonasi

себеп болған екен. Ол жылларда Әмиўдарья жүда толып-тасып, патли ағыс пенен ағады екен. Күнлерден бир күни Әмиўдарьяның аржағындағы бир тойға Пирим ийшан шакиртлери менен бирге мират етилипти.

Пирим ийшанның шакиртлериниң бири Бақайбекти үйинен таба алмай, оның тойға мират етилгенин үйиндегилерге айтып кетипти. Бақайбек үйине келсе, үйиндегилер оның Пирим ийшан басшылығында тойға мират етилгенин айтыпты.

Пирим ийшан шакирти Бақайбек кешиккеннен кейин басқа шакиртлери менен кеме арқалы Әмиўдарьядан өтип, тойханаға жетипти. Олар енди қонақ үйге жайғаса бергенде, Бақайбек те олардың изинен жетип келипти.

Сонда Пирим ийшан шакиртиниң усындай қысқа ўақыттың ишинде қайықсыз Әмиўдарьяны кешип өткенин билип, оның кераматлы инсан екенин сезген екен. Сол-сол екен, Бақайбек бабаның атына кераматлы әўлийе деген ат та қосылып айтылатуғын болған екен.

## ҚАБЫЛЖАН БАБА
(Р-1299, №183812)

Бир жүда ийманлы Сейит деген жас жигит Хожа елине барып, Пирим ийшанға қол бериўди нийет етип, узақ жолға шығыпты.

Сол ўақытта елде ашаршылық ҳүким сүрип, халық ашлықтан песып атырған заман екен. Сейиттиң қасында бары-жоғы жолда жермен деп алып шыққан еки зағарасы ғана бар екен. Сейит жүда узақ жол басып киятырып, қасындағы сол еки зағарасын өзи жемей, ашлықтан дийкеси қурып, қулаўға келген нәрестелерге берип кетеди. Өзи қуры қара суў ишип, жолын даўам еттиреди. Хожелиге жақынлаған жерде оның ашлықтан дийкеси қурып жығылып, сол жерде жан тапсырады. Бирақ оның тилеги қабыл болып, Пирим ийшан оны түсинде көреди. Ол өз адамларына жигиттиң денесин Хожелиниң күн шығар тәрепине қойыўды буйырады.

Соңынан Пирим ийшан адамларына: «Маған кимде-ким зияратқа келсе, әўеле Қабылжан бабаға барсын, соң маған келсин!» деп нәсият етеди. Бабаның да усы нийети қабыл болып, Қабылжан баба қойымшылығы үлкен муқаддес орынға айланады.

## АМАНГЕЛДИ
(Р-1006, №182685)

Қалмақтың ханының геллесин алыў Хорезмге көшип келгеннен кейинги қыз-жигитлердиң арманының басы болады. «Бул үлкен ҳәм қыйын жумысты ким атқара алады» дегенде, жигирма бес жасар Амангелди: «Мен атқараман» деп, қасына қырық жигит алып жолға шығады. Ханға барып, хызметкер жүреди. Ханның сақалын алып отырып: «Ойға түссе, нелер жоқ, қайым келди кегирдек» деп, ханның басын кесип алады. Сөйтип Хорезмге қайтады.

## СЕРИК ШОЛАҚ
(Р-1299, №183812)

Өмирбектиң Серик деген жан досты болады. Бир күни оның шеп қолын ешеги шайнап,соннан ол Серик шолақ атанады да кетеди. Серик Өмирбектиң үйине ҳәр келген сайын оның балалары: «Аға, аға, Серик шолақ киятыр» деп бақырысады екен.

Серик бул сөзди еситкен сайын қысынады екен. Буны сезген Өмирбек баласына:

– Шолақ деме, уят болады, шолақ болғанына қапа болады, – деп әсте түсиндирген менен, балалары умытып кетип, тағы «Серик шолақ» дей береди екен.

Бир күни ашыўы келип, баласын «Енди қайтип Серик шолақ деп айтасаң ба?» деп силейтип сабапты. Таяқтың зардабына шыдамаған бала:

– Енди қайтип Серик шолақ демеймен, – деп, таяқтан зорға қутылады.

Арадан және бираз ўақыт өткеннен кейин Серик шолақ Өмирбектиң үйине келеди. Ол жайғасып жаңа төрге отырғанда сырттан Өмирбектиң баласы келип, тым-тырыс сәлемлесип болып ағасына қарап:

– Аға, аға, Серик ағам шолақ емес, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## НУРАБЫЛЛА ЖЫРАЎДЫҢ ҚЫЗЛАРҒА ЖУЎАБЫ

(Р-449, №176392)

Нурабылла жыраў қасында еки-үш жолдасы менен теңиз бойындағы бир журтқа қыдырып шығыпты. Олар түсте бир үйге шай ишип шығыўға қайрылады. Барса, жаңағы үйде төрт қыз шапан сырып отыр екен. Сонда қызлардың биреўи Нурабыллаға:

– Атыңыз ким? – деп сорапты.

Сонда Нурабылла оған:

– Бизде ат көп, қайсы атты сорайсыз? – депти.

Қызлар:

– Ағай, бизики дәлкек емес, шын атыңызды сорап турмыз, – депти.

– Ҳе, солай де. Бизди билетуғын адамлар Нурабылла дейди, ал билмегенлер суўпының абзалы (масиўек) дейди, – деп жуўап берипти.

Қызлар Нурабылланың атын еситип, сол күни үйинде қондырып, түни менен айттырған екен дейди.

## ТАЗҒАРАНЫҢ ҚАЗЫЎЫ

(Р-449, № 176392)

Әдил аталық деген адам заманында жүдә зулым болған екен. Ол сол заманда Кегейлиден саға алып, Тазғарадан үлкен арна қаздырыпты. Қазыў қатты аўыр болыпты.

Сол қазыўға анна урыўынан бир қыз да барған екен. Бийшара қыз ултанда турып, қазыўға жарамай, шай қайнатыўшы болады. Қазыўдың аўыр екенлигин көрген қыз сонда мына қосықты шығарыпты:

Тазғара дегениң уллы салмады,
Аламанда диңке-дәрман қалмады,
Бурынғы қәўендер сирә болмады,
Аламаның өлер болды Тазғара.
Әлҳамды услаған Досхожа мурап,
Қатар-қатар аламан тур зар жылап.
Әлҳам пақыр қалды ултанда қулап,
Жылдан-жылға қыйын болды Тазғара.
Тазғараны Дәўлет ҳәким қаздырды,
Аламанды бир қағазға жазғызды.
Өлим берсин жасаўылдың бойына,
Суқсур бойлы Садық ағамды аздырды.
Садық ағам он еки күн қос баққан,
Оның қос бaққаны әлемге жаққан,
Қабақтың бойына ышқырын таққан,
Зиңкилдетип суўшы қылдың Тазғара.

## МӘТЕР ХОЖАНЫҢ ПӘТИЯСЫ

(Р-450, № 176393)

Мәтер хожа жети ханның сарқытын жеген, жети ханның дәўирин көрген ақыллы адам болады. Ол Ҳаким атаға тез-тез зиярatқа келип турады екен.

Бир күни оның Ҳаким атаға зияратқа келгенин еситкен Сайым зияратлап барып, пәтиясын алады. Соның изинше атпамайлы Молла Қораз да Мәтерден пәтия алады.

Есенгелди де Жантелди деген баласына ат, сарпай берип, Мәтер хожаның пәтиясын алып кел деп жибереди. Бул да барып оның пәтиясын алады.

Жантелди Мәтер хожаның пәтиясын алып үйине келгенде, әкеси Есенгелди баласынан:

– Сеннен алдын басқа биреў Мәтерден пәтия алып па екен? – деп сорайды.

Баласы:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Меннен бурын Сайым пәтия алыпты, – дейди.

Сонда әкеси:

– Ондай болса, ген атты, сарпайды алып қайта бермеген екенсең. Себеби, оның тек бир пәтиясы қалып еди. Оны да басқа биреў алған екен. Оннан соңғы алған сениң пәтияң енди саған жуқпайды, – депти.

Ырасында да, соннан кейин Матерден биринши пәтия алған Сайымның Төремурат аталық, Әўезбий, Елмурат бай, Әлибек аталық деген әўладлары жақсы әмеллерди ийелеген екен.

### ҮШ ӘЎЛАД ЖЫРАЎЛАР
(Р-84, № 34657)

Дәўлетмурат жыраў буннан жетпис жыл бурын Есим деген жерде туўылады, он жети жасына дейин Есимде диййқаншылық пенен шуғылланады. Әкесиниң жыраў-бақсышылығы болмайды. Бирақ өзи сазға, сөзге жасынан қызығады. Он жети жасында Әбдирасули жыраўға шәкирт болып барады. Әбдирасули Туреке дегенниң баласы, ол үш ағайинли болған. Он сегиз жасында Нурабуллаға ерип, оның ең жақсы шәкиртлеринен есапланған. Нурабулладан «Қоблан», «Алпамыс», «Шарьяр» дәстанларын үйренген. Әбдирасули жыраў көбинесе Әркиндәрьяның бойында жасаған ҳәм сол әтирапта жыраўшылық еткен.

Дәўлетмурат Әбдирасулиге бир қыс шәкирт болып, оннан көп нәрселерди үйренген. Сөзди жыраўдың айтқанынан ядласа, сазды жыраўдың өзи шәкиртлерине үйрететуғын болған.

Дәўлетмураттың айтыўынша, шәкиртлер тойларда адам жыйналғанша, жыраў шай ишкен ўақытлары айтатуғын болған. Усылай етип әдеўир ўақыт өткен соң, шәкирт жыраў болып айта алады-аў деген ўақытта устаз тексерип көрип, пәтия беретуғын болған.

Дәўлетмурат Әбдирасулиден «Қоблан», «Шарьяр» дәстанларын ҳәм басқа да термелерди үйренген. Ол Шаббаз, Шораxан, Гөне, Хожели, Ҳазарасп, Ханқа, Хийўа әтирапында жыраўшылық етеди. Қоңыратта он бир жыл жасап, Нурабулла жыраў менен бирнеше мәртебе ушырасады.

Дәўлетмурат жыраў жыраўшылық пенен изинен қалмай шуғылланады. Ол Торғай төреги, Салтыр қыпшақ деген жерлерде көп турады. Оның өзине усаған мийнеткеш Бийгенбай деген шәкирти де жүдә айтқыш болған.

Дәўлетмурат жыраўдан адамлар Нурабулла туўралы сорағанда ол:

– Нурабуллаға бир-еки мәртебе ерип жүрдим. Ол бир тойда «Қоблан»ды бир түрли бәйит пенен айтса, екинши тойда оны өзгертип айтатуғын еди. Мен оның «Адамның жаманын, жақсылығын билейин десең, тәўелле қыл» деген сөзин тең-тең еслеймен, – депти.

### БЕКИМБЕТ ЕСАПДАН
(Р-80, №50411)

Бурынғы ўақытларда елдиң арасында бирли-ярым ҳаўа райын болжайтуғын адамлар болатуғын еди. Бекимбет деген жасы жеткен ғарры адам болған. Ол ўақытлары адамлардың күн көриси – дийқаншылық, карўан тартып, саўда ислейтуғынлары да болған.

Усындай узақ жолларға шығарда бундай адамлар Бекимбет ғаррының алдына барып сөйлесип, жолға шығыўға, саўда ислеўге болатуғынын ямаса болмайтуғынын сорайды екен.

Бир күни бир бай карўанбасы Бекимбеттен узақ елатқа барып саўда ислейтуғын сапарын айтыпты. Бекимбет ғарры саўдагерге:

– Сизлер он-онбес күн тоқтай турың. Алдыңызда күн бузылып, үргин болатуғын күн бар, – депти.

Саўдагер ғаррының бул сөзине қарамай, жол алыс, кешигип қалармыз деп, елиў-алпыс түйесине жүгин артып, саўда ислеўге жүрип кетеди. Булар баратуғын жерине жете алмай-ақ, баяғы Бекимбет ғаррының айтқан күнлериниң биринде жолда қонады. Сол күни кешликке қатты шыбыр аяз болып, жатар ўақытта қар ушқынлай баслайды. Не де болса, бүгин жатып дем алайық деп, олар сол жерде аўқатланып болып, түйелерин шөгерип жатып қалады.

Азанда оянып қараса, қар басып таслаған, түйелери де, өзлери де көринбейди. Ишинде жеделлилеў биреўи түргелип, үстиндеги қарын сыпырып, жолдасларын турғызып алыпты. Қардың қалыңлығы соншама, адамның көкирек аўзынан келеди екен. Сол жерде қарыўлы-қарыўлы деген екиүш түйесин турғызып, қар басқылап жол салып Үстиртке шығады. Қалған түйелерин шығара алмай,

www.ziyouz.com kutubxonasi

қардың астында қалып қойды. Елге жеткендей азығын еки-үш түйесиниң белине салып, елине келипти.

Булар елине келгеннен кейин олар: «Баяғы ғаррының айтқанын тыңламай кетип едик, ғаррының айтқаны туўры келди. Ғаррыға барып сәлем берип, пәтиясын алайық» деп Бекимбет ғаррыға барып, алдынан өтип кеширим сораған екен дейди.

## БЕКИМБЕТ ЕСАПДАННЫҢ БАЛАСЫНА АЙТҚАНЫ

(Р-80, №50411)

Бекимбеттиң баласы базарлап қайтыў ушын атасынан руқсат сорапты. Сонда ғарры:

– Балам, сен усы базарға бармай-ақ қой, күнниң райы бузылатуғын жағдайы бар, – депти.

Сонда жолдан қалғысы келмеген баласы:

– Пай, ғарры, ҳәзир жыллы ғой, базар тарқайман дегенше ҳешнарсе қылмайды, – депти.

Бекимбет ғарры сонда баласына:

– Онда, базарға баратуғын болсаң, мынаў мениң тонымды атыңа бөктерип кете ғой. Биреў-миреў сорай қойса: «Қаладағы биреўдиң аманаты еди. Соған апаратырман дерсең» деп, постынды атына бөктерип баласын қалаға жибереди. Бекимбет ғарры және баласына:

– Сен түске қалмай қайтқайсаң. Сол ўақытта арқадан табақтай ақ булт көтериледи. Сол булт көтерилиўден жолдан қалма, – деп қулағына қуйып жибереди.

Бала базарлап жүрип, базар жумысын питкеремен дегенше түс болып қалады. Сол ўақытта арқадан табақтай ақ булт көтерилип қалғанын көрип, қасындағы жолдасына «қайтайық» дейди.

Жолдасы анаў-мынаў аламан дегенше булт жоқарыға көтерилип баслайды. Бала жолдасын ертип алып, жолға түседи. Аўылының жары жолына бармай-ақ қатты суўық болып, қар жапалақлап жаўады. Бала баяғы атасының бөктерип жиберген постынын айландырып кийип алады да, суўықты билмей кете береди. Ал қасындағы жолдасы суўықтан тоңып жүре алмай, жолдағы үйлердиң биреўине қонып қалады.

Ким де ким узақ сапарға шығатуғын болса, Бекимбет есапшыдан алдағы күнниң жағдайын сорап шығады екен. Бекимбеттиң аты дүйим журтқа жайылып, Бекимбет есапшы болып аталып, абыройы артыпты.

## БЕКИМБЕТ ЕСАПДАННЫҢ ҚЫРДАЛЫ МЕНЕН ЖАРЫСЫ

(Р-80, №50411)

Бекимбет есапшы деген шыбынның ушыўына қарап күнниң райын белгилейди екен.

Бир күни қырдан бир адам «Бекимбет деген есапдан бар» деп еситип, оны излеп келеди. Ол Бекимбетти пенен ушырасқанда:

– Бекимбет деген сен болсаң, мен сениң менен жарысқалы келдим, – депти.

Сонда Бекимбет:

– Мениң жасым ҳәзир жетпис сегизде. Алты жасымнан берги қурбанлықтың қайсы күни шалынғанын жазып қойыппан. Соны билсең, сениң менен жарысаман, – депти.

Сонда жаңағы қырдалы:

– Ой-бой, тақсыр-ай! Бизде ондай ес қайда. Биз сеннен жеңилдик, – депти.

Сөйтип қырдалы Бекимбет есапшыдан бир шекпен жаўып, сол жерден елине қайтыпты.

## БЕКИМБЕТ ЕСАПДАННЫҢ ҚОРАЗБЕК БОЛЫСҚА АЙТҚАНЫ

(Р-80, №50411)

Бир күни Қоразбек болыс барып, Бекимбеттен күнниң райын сорапты. Ол Төрткүлге барып ақша тапсырмақшы екен. Сораса, Бекимбет есапшы оған:

– Ҳәй, бала, жолға шықпа! Атыңды тағалата бер, ертең дәрьядан өтип, жақын жол менен кетерсең, – депти.

Ертеңине ырасында да бир ақшамда муз қатып, болыс дәрьядан муз үстинен өтип, Төрткүлге барыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

### АҚЫЛЛЫ ҲАЯЛ
(Р-80, №50411)

Түркмен баспашылары елден қыз-келин урлайтуғын заманларда, олар бир жигиттиң ҳаялын урлап алып кетеди. Соның арасында жигит ҳаялын алып қайтыў ушын түркменлердиң арасына барып, оны излепти. Жигит ҳаялының кимниң үйинде екенин билип алып, бир неше күн сол үйди аңлып, ақыры ҳаялы менен ушырасады.

Ҳаял күйеўиниң буны алып кетиўге келгенин еситип қатты қуўаныпты. Енди булар бул жерден қалай қашып кетиўди ойласа баслапты.

– Бул баспашының үйинде еки мылтығы бар. Қашқанымыз бенен, ол изимизден қуўып, екеўимизди де атып өлтиреди, – депти ҳаял.

– Онда не ислеймиз? – депти күйеўи.

Сонда ҳаял күйеўине:

– Сен еки-үш күн иркил! Мен қолай пайытын таўып, оның мылтығын ҳам оның тек атшабыста пайдаланатуғын еки жүйрик атын алып шығыўдың әмелин ислейин. Усыны ислей алсам, ол бизлерге ҳеш нәрсе қыла алмайды, – депти.

Ҳаял өзиниң айтқанындай етип, түркменниң үйинде болып атырған жағдайға қулақ түрип жүре берипти. Арадан еки күн өтип, түркмен бир узақлаў жердеги мерекеге шақырылып, қасындағы хызметкери менен сол мерекеге кетеди.

Жигиттиң ҳаялы түн аўғаннан кейин, ҳешкимге билдирмей керегеде асыўлы турған мылтықты алып болып, үйден жасырып алып шыққан гешин қораны қараўыллап жатырған түркменниң ийтине берип, еки атты да қорадан жетелеп алып шығады. Оны күтип турған күйеўи дәрҳал жетип келип, екеўи жолға раўана болады.

Түркменниң хызметкерлери буннан хабар таўып, изинен қуўған менен, булардың изинен жете алмай пант жеп қала береди.

### ЕРНАЗАР АТАЛЫҚТЫҢ БУЙЫРТПАСЫ
(Р-1299, №183812)

Ерназар аталық уста Дурысты шақыртып алып:

- Темир кесетуғын қанжар соғып берсең, ҳақысына бир батпан қаңылтыр беремен, Өтеш батыр келип алып кетеди, - дейди.

Бир күнлери Өтеш батыр устаханаға келип, аталықтың айтқан қанжарын сорайды. Ағаш талдан сапланған, пышақтан узынлаў етип соғылған қанжарды алдына қояды.

- Мениң айтқаным бундай емес, усыннан жарақ бола ма, усы кисен кеге ме? – деп алмапты.

Сонда уста Дурыс диййўалда илиўли турған узын қысқыштың темир сабына қанжары менен қыялап тартып жибергенде сабының ушын кесип түсиреди.

Сонда ол:

– Бундай жарақты сендей адамға ислеп бермеўим керек еди, тек аталықтың зорлығына ушырап соғып едим, – дейди уста Дурыс.

– Устеке, мен билмей қалыппан, кешир. Маған кереги тап усы пышақ, - деп алып кетеди.

Аталық Өтеш батырды яўмыттың ханы Ақтелпектиң даңқы шыққан жүйрик аты Аққоянды урлап қайтыўға жумсаған екен. Сейисханада кисенли турған атты Өтеш батыр кисенин кесип алып қашып, аталыққа әкелип берген екен.

### ОРАЗ АТАЛЫҚТЫҢ ЗУЛЫМЛЫҒЫ
(Р-80, №50411)

Николай патшаның заманларында Нәўпир болыслығында, Есим, Көкөзекти жайлаған, урыўы бескемпир Нияз дегенниң баласы Ораз аталық деген болған. Халық оны Ораз егиз деп атайды екен.

Бул киси өз заманында өзиниң қолдаўлы ағайинлеринен бөтен урыўлардан зорлық пенен ақша жыйнап, оязға пара берип «аталық» әмелин алған. Ораз аталықтың қасында оған қарсы шыққанлардың жылаўын жылаўлаған елиў жигити болған. Олар да гил байлардың, бийлердиң ба-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лаларынан болып, ҳәммеси тил саяқ, жермен болған. Аталық төменги қарақалпақ гедейлерине күн көрсетпегени менен турмай, жасынан атастырып қойылған қызларды да өз теңине жибермеген.

Қолдаўлы қарагыйрақ деген урыўда Нәжиматдин деген жигит болған. Жигит он сегиз жасар Асия деген қызға ашық болған. Қыз да жигитти жақсы көрген. Қосылайын десе, Ораз өгизден қорқатуғын болған.

Басқа шара таппаған ашықлар түркмен елатына, шаўдырлар арасына қашып барады. Олар барған жерде жигит басында қылыштан қалған тыртығы бар бир залым, газзаптың жумысын ислейди. Жаңағы газзап жигитти өлтирип, оның ҳаялын алыўды нийетлейди. Бирақ жаңағы газзаптың ҳаялы жигитке аўлақта күйеўиниң нийетин айтып, Асия менен екеўин теке түркмен арасына қашырып жибереди. Олар теке түркменлер арасында төрт жыл күнелтеди. Төрт жылдан кейин өзиниң туўған аўылы Наўпирге қайтады.

Асия менен Нәжиматдин бир нешше күн жол жүрип, өз аўылы Наўпирге жетеди. Булар: «Енди елге жеттик. Ел басшылары ашыўынан түскен болса, тыныш турмыс кеширемиз» деп ойлайды. Бирақ еки жастың бул мақсетин Ораз аталық бузады. Наўпирдеги атқа минерлер, дүмше моллалар, қазыкаланлар, байлар буларды тутып алады. Олар Нәжиматдинди арбаға байлап, өлгенше урып, жигирма еки жастағы Асияны жетпистеги Ораз аталыққа некелеп береди. Нәжиматдин узақ азаплаўдың зардабынан өлер ўақтында мына қосықты шығарып кеткен екен:

Таяқ зардабынан азапланған,
Гедейге де келер наўбет,
Меннен кетти шийрин саўбет,
Ағарттың шашымды ақырет.
Ҳеш гүнам жоқ, Ораз нәлет,
Қалдың меннен дүнья-пәлек,
Бул қапесте болдым ҳәлек.
Кеўилимди ғамға толтырдың,
Қызыл гүлимди солдырдың,
Мен ғарипти бир өлтирдиң,
Асияны тири өлтирдиң.
Жетписте көзиң соқыр,
Ҳарам молла нека оқыр,
Айырдың барлық затымнан,
Бала шаға ҳәм қатыннан,
Нәлет Ораз, ҳарам өлгир.
Жоқты мениң ҳеш гүнайым,
Нәлет Ораз терис қайтқан,
Гезип сергиздан түркменди,
Көрмедим бундай ақырет.
Өгиз Ораз, сүзип алдың,
Бир гүлимди үзип алдың,
Балта менен шабар едим,
Қамап алды барлық залым.
Тарқата алмай қумарымды,
Қурттың дийке-димарымды,
Өттим арзыў-арман менен,
Көре алмай әдиллик заман.

## САЙМӘМБЕТТИҢ ҚУЛАҒЫ

(Р-22а, № 82401)

Қарақалпақтың Саймамбет деген бийи хан алдында гүналы болып, хан оны жазалап, бир қулағын кесип қул еткен, сонда Саймамбеттиң айтқаны:

– Саймамбеттиң ҳаслын сорасаңыз қыятты,
Аламанға минип шыққан көк атты,
Қарақалпақтың қызларынан уятты,
Қарақалпаққа енди неғып бараман!
Зарлық хан, хан болды бизлер аламан,
Сизлер кетсеңиз, мен Қыпшақта қаламан,
Көкиректе көйлек жоқ, баста қулақ жоқ,
Қарақалпаққа енди не ғып бараман!
Пазылдың қулағы меннен де жаман,
Қудайға мың-мың шүкир, басымыз аман,
Қулағымды таңбаға келмейди шамам,
Аман-есен елге барсақ Саймамбет!

Сонда бийдиң қасындағы жоралары:
– Хийўалы жаў болса, бизди алмай ма?
Ат шапқанда таға түсип қалмай ма?
Бир басқа бир қулақ олжа болмай ма! – деген екен.

## АЛЛАМУРАТ ҚАЙҚЫ

(Р-450, №176393)

Күлен болыс заманында Алламурат қайқы деген болыпты. Оның әкеси Ернияз деген киси болыс болып даўран сүрип өткен екен. Әкесиниң ўағында шалқып жүрип, бийталап болып жүрген қайқы

www.ziyouz.com kutubxonasi

екен. Үйренип қалған адетти қойсын ба, әкеси өлгеннен кейин қыйыншылық буның ҳақыйқый жолдасы болыпты. Буның үстине, өзи перзентсиз екен.

Бир күнлери ел ашырқапты. Бир сыйыр сатқанда, қырық ағары бийдай болмапты. Аўылдың ғарры жаслары жыйналысып кеңесип, ақларға қазан басып, айран-талап ишип бийдайға жетисип кетермиз деген қарарға келипти. Аўқамның ойлағығын Алламурат қайқы да еситип, олардың алдына келип:

– Мени де қосың, отағасылар, – депти.

Сонда олардың жасы уллы биреўи:

– Жоқ, иним, сен қосылмай-ақ қой, кемиңе бир шортан берсек те, аштан өлмессең. Сен анаўмынаўды айтып адамларды жумыстан қалдырарсаң, оннан да өзиңниң жумысыңды ислеп жүре бер, – дейди.

Оның менен Алламурат қапаланбай, ғаррылардың изин алып, ополақ орағын белине шалып, көлден бес-алты баў қамыс орып, ғаррыларға барып жумыс питирген киси қусап отырған екен, бир жигит келип Алламуратқа:

– Аға, пәлен байдың қызына сөз салып жүр едим. Ағаларына шай пулы бердим, жеңгелерине көйлек кийдирдим. Оның менен барған қыз жоқ, я алған теңим жоқ, сымпыйып жүрмен. Усының бир ебабын таба алмайсаң ба деп келдим, – депти.

Адамлардың қасында иши писип отырған қайқы қаза салыўды да естен шығарып, етигин жамбасына басып, жигиттиң изине ерип өтә кетеди.

Алламурат сол жумысты питкерсин-питкермесин, арадан бирнеше күн өткеннен кейин және қантып қаза басып отырғанларға келип:

– Мен сизлерге көмек берейин деп келдим, отағасылар, – дейди.

Сонда олар:

– Әй, Алеке, сениң анаў күнги алдағаның да болар, – деп, оны жолатқысы келмейди.

Соның арасында алақайыгы алтыннан, үстинде дегменти бар, қара атлы бир келисксен жигит «қудайы қонақпан» деп жетип келеди.

Сол жердеги жигитлер үйинде бир тислем нанның жоғынан мийманды үйлерине мират етиўге тартынып, ҳәмме пиланып қалады. Сонда Алламурат:

– Әй, шырағым, бул жерге келе қойған екенсең, жарма-жаўған ишип жатарсаң, бизиң үйге жүре ғой, – деп оны үйине мират етеди.

Үйине апарып аттан түсиреди, байлайын десе, дегерегине қазық та жоқ екен, белдеўге байлап үйине киреди. Үйинде бир кесе де уны жоқ екен. Енди наилық ун излеп жанында қоңсы отырған ағасының үйине барады. Барса, ағасы намаз оқып отыр екен. Жеңгеси буның бир иске келгенин билип, сыртқа шығып хабарласады.

– Ал, жеңге, – дейди қайқы, – сениң даўлетиңниң арқасында бир жигитти үйиме қонақ еттим, өлтирмесең, бир нәрсе бер, – дейди.

Ҳаял:

– Ҳазир ағаң намазын оқып болып, малға шығып кетсин, бир илажын етермен, бир айланып келе ғой, – депти.

Жигит келсе, ҳаял бир қос айдынлыға бес кесе жазлық бийдайдың унын түйип таярлап қойған екен. Соны әкелгеннен, ҳаялы дәрриў бир патир қатырып, жигиттиң алдына шай менен қойыпты. Аўылды айланып, атқа жети баў от таўыпты.

Кейин Алламурат ҳаялына:

– Ҳа, қатын, жақсы адамның атын айтып келеғойып еди. Ҳадалдан тоғыз таўығымыз бар. Соның екеўин сойып, қонақ асы берейин, – дейди.

Сонда қатыны:

– Япырмай, отағасы-ай! Бул жигит ийшан емес, баҳардиң күнлери кекили қызарып туўайын деп жүрген тауықты усындай қолына сийип, бетине шапалақлап жүрген балаға да сойма екен? – дейди.

Сонда ол:

– Ҳан қызлай алған қатыным едиң! Мениң абыройымды ойлайтуғын шығар десем, тирилей жерге көмежақсаң. Бундай бала күнде келе бермес, тоғызын да сояман, – деп далаға шығып кетеди. Ол таўықтың тоғызын да сойып қатынға берип, жораларын да мийманға шақырып келеди. Сөйтип ўақ-шақ болып отырысады. Азанда ҳаялы бир кесе уннан петир ислеп, мийманды аўқатландырып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

жолландырыўға таярланады. Кетер алдында жигит:

– Алламурат аға, таңлайына берген да, маңлайыңа бермеген жигит екенсең. Пален сайдың пален жеринде еки үй турыпты, биреўи әкемдики, биреўи өзимдики. Барсаң бос кетпейсең, – депти.

– Ал, иним, дуз татқан күни бараман. Бир ақшам қонақ асына тоғыз жан сойдым. Ағаның бары усы маңлайындағы, – деп мийман менен хошласып қала берди.

Әне, жигит кеткеннен кейин үш айдан соң қайқы оның үйин излеп тауып алыпты. Бағғы жигиттиң аты Мырзан Тилеўмағамбет, әкесиниң аты Тоқтамысбай деген екен. Алламурат сәлем берип Тоқтамыстың үстине кирип отырыпты. Баласын сораған екен, оның жылқыға кеткенин айтыпты. Сол күни қонақ асына Алламуратқа олар жүўери гөже писирип берипти.

Азанда аўылына қайтыпты. Аўылдан көп жер шыққан соң алдынан көп жылқыны айдап баратырған бир жигитти көрип, сол ма я басқа ма деп, малақайын алып былғаған екен, жигит жылқы менен жумысы болмай, буны көриўден Алламуратқа қарай тартыпты. Келсе, бағғы қонған жигиттиң өзи екен. Ол Алламураттан аўхал сорапты. Ол Мырзанның үйине қонғанлығын, енди қайтып баратырғанлығын айтыпты. Сонда жигит:

– Бул болмайды! Үйге жүресең, – деп зорлап үйине қайтадан алып барыпты.

Үйине апарып бир қой сояйын деп қайымласып атырғанын көрген оның ғаррысы:

– Көшеде боқты басып жүрген адамға да мал сояған! Мен өлмей-ақ малдың зарын тартпасаң болар еди, – деп зарланыпты.

Сонда баласы:

– Япырмай, көке, «қартайғанда адам баладай болады» деген ырас екен-аў! Сен бир тоқлыға балаң өлгендей қыйналып отырсаң, ал бул ағай бир ақшамда маған тоғыз жан сойып қонақ асы берди, – дейди.

– Япырмай, Тилеўмағамбетжан, усы тоғыз жан соймақ түўе, биреўин де соя алмайды. Ол бир аңғы артына қатып жүрген бир жарлы, өтирик айтып турсаң, – депти ғаррысы.

Сөйтип, бала ғаррысының айтқанын қылмай, бир қойын сойып қонақ қылады, жақсылап күтеди.

Азанда Алламурат қайтыўға руқсат сорайды. Жигит өзи менен ертип атқа мингестирип алып кетеди. Бир таўдың бойына барып аттан түседи, атын байлап, қыл шылбыр алып жылқыға барып тарттен беске қараған бир асаў қунан алып келип берип:

– Егер маллы боламан десең, бес бузаўлы сыйыр болар, – депти жигит.

Алламурат атты жетелеп, тапқан олжасына қуўанып, үйине келгеннен кейин қатынын сыртта турып шақырып алады. Байлаўға қатыны қазық таярлап, атты үйиниң қасына байлайды. Бунда не бар дейсең, ҳаримнин гене-көксиси менен атының ер-турманын сазлайды. Аты менен бир еки той-тамашаға барады.

Бир күни түнде оны үш атлы келип оятады. Олар:

– Сени Күлен болыс келсин деп атыр, – дейди.

Күлен болыс соннан баслап буның сөзине қызып, өзине атқосшы жолдас етеди. Сөйтип жүрип Күлен оны әкесиниң орнына бий етеди.

**НУРҒАЗЫ УСТА**

**(Р-1299, №163812)**

Уста Мәмбетмураттың үлкен бабасы Алғазы бай да үш ул, бир қызы менен Түркистаннан көшип келген. Үлкен баласы Нурғазы мал баққан. Екинши баласының аты белгисиз, ол дийқаншылық пенен шуғылланған. Үшинши баласының аты Артық, ол аң аўлап, мергенлик еткен.

Нурғазы малларын Қызылқум ишинде отлатып жүрсе, қумның арасында қула дүзде жалғыз қақыраны көреди. Бул не қақыра деп жақынлап келсе, ҳал-дарманы кеткен бир ғаррының диўалға сүйенип отырғанын көреди. Сәлем берип, ғаррыға местеги суўынан суў ишкизеди. Ғаррры қәлленип, орнынан турып:

– Ендиги жағында ырысқы несийбең усы дүканнан болсын, балам, әўмийин, – деп пәтиясын береди.

Қақыраның ишине қараса, басыўлы көрикти, қызып турған темирлерди көреди. «Мен усташылық етип билмеймен, ата» дейин десе, ата ғайып болып кеткен. Қызып турған темирди сандал үстине қойып, шөккиш пенен урып еди, пышақ соғылды. Солай етип, Нурғазы темирши уста атанып, кимге орақ, кимге бел, керек-жарақтың бәрин соғып кете береди.

Нурғазы устадан Тастемир, Байтемир, Өстемир деген үш бала болып, үшеўи де ата кәсибин

www.ziyouz.com kutubxonasi

қуўып, темирши уста болған. Усы жерден оймаўытлардың Уста қараған көшеси пайда болады ҳәм оймаўыттан көп темирши усталар жетилисип шыға баслайды.

«Оймаўыттан ул туўды дегенше, темирге күн туўды десен-ғо» деген сөз соннан қалған деседи.

## ТАС БОЛҒАН ЕКЕН ДӘ...

(Р-533, №176476)

Аўылдағы қатар өскен үш жигит бир қыздың үйине қыдырып барыпты. Қыздың үйинде өзинен басқа ҳеш ким жоқ, әке шешеси бир жақларға қыдырып кеткен екен. Қыз жигитлерге шай демлеп берипти ҳәм тары гөже писирипти, бир табаққа қуйып, бир қасық пенен үшеўиниң алдына қойыпты.

Төрде отырған жигит алды менен қасықты толтырып, гөжеден бир уртлап жиберген екен, гөжениң ыссылығы сонша, көзиниң жасы айланып қоя берипти. Ол уртлаған гөжесин зорға жутып отырып:

– Пах, ас болған екен да, – депти.

Гөжениң ыссылығын қасындағы жигитлерге билдирмей, қасықты қапталындағы жигиттиң алдына қойыпты.

Гезеги келген соң оннан кейинги жигит те гөжеден аўзын толтырып уртлап жиберипти ҳәм көзинен жасы айланып:

– Пах, тас болған екен да, – депти.

Бул жигит те гөжениң ыссылығы ҳаққында ҳеш нәрсе демепти. Үшинши жигит те қасықты алып, гөжеден толтырып уртлап жиберипти. Ыссы гөжени өңешинен зорға өткерип отырып:

– Екеўи де ырасын айтпай, маған қас болған екен да, – депти.

Солай етип, олар өзлериниң гөжеге аўзы күйип қалғанлығын қызға билдирмепти.

## ЕКИ БИЙДИҢ ДОСЛЫҒЫ

(Р-1299, №183812)

Бир күни Турым бий қасындағы қырық жигити менен Үстиртте аң аўлап жүрип, қазақтың бийи Айтуўғанды қырық жигити менен ушыратып қалыпты. Олар бирге аң аўлап болып, сол заманның дәстүри бойынша, Турым бий оны үйине мийманға шақырыпты.

Айтуўған бий Турымның үйинде бир неше күн мийман болғаннан кейин бийден руқсат сорап, жигитлери менен жолға шығыпты. Жол узақ болғаннан кейин, Айтуўғанның жигитлери шаршап, олар сол жердеги бир мал-мүлкли, қурғын қазақтың үйине қарай қайрылыпты. Барса, олардың күйеўи қыслаўға кеткен сол үйдиң бәйбишеси күтип алыпты.

Бәйбише мийманларды бөлек отаўға киргизип, жақсылап мийман етипти. Күн кеш болғанда бәйбише Айтуўған бий менен сөйлесип, оған перзентсиз екенлигин айтып шағыныпты. Соң олардың арасында жыллылық пайда болып, бий бәйбишениң жатағында түнеп қалыпты.

Өз журтына қайтып келгеннен кейин Айтуўған бий көп жыллар даўамында өз халқын әдил басқарыпты. Жыллар өтип, бий қартайған шағында Турым бий досты ядына түсип, ол жолдан өтип баратырған бир кәрўанның кәрўанбасысын қасына шақырып алып, оған Турым бийге сәлем айтыўын тапсырыпты.

Қоңыратқа келген кәрўанбасы Турым бийдиң алдына келип, оған Айтуўған бийдиң аманатын айтып, бийдиң ҳәзир қартайып, ҳалдан кеткенин, оның бурынғы жағдайының жоқлығын, буның үстине, перзентсиз қалғанын да айтыпты.

Бул хабарды еситкен Турым бий қасына қырық жигитин алып, бары жоғын түйиншигине түйип, достынан хабар алайын деп жолға түсипти. Ол кетип баратырып, бағы Айтуўған бий қонып кеткен бәйбишениң үйине қайрылыпты. Бәйбише Турым бийдиң сапарының себебин билгеннен кейин, сыртта жүрген он бес жаслардағы баланы шақырып алып бийге:

– Мен мына баланың атын Суңқар деп қойдым, Айтуўған бий оған қәлеген атын қойып алсын. Усы аманат баланы Айтуўған бийге жеткергейсен. Қалғанын бийдиң өзи түсинеди, – депти.

Турым бий досты Айтуўған бийдиң журтына келсе, оның халқы жайлаўға көшиўге таярлық көрип атырған қусайды. Турым бий даўыслап Айтуўған бийдиң қара үйине кирип барыпты. Айтуўған оны даўысынан дәрриў таныпты. Еки дос аманлық сорасып, бираз шерин тарқатқаннан кейин Турым оннан:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Бир жаққа көше жақсы ба, бул не ғалаўыт? – деп сорапты.

Сонда Айтуўған бий түрсинип:

– Жесим қайтып бираз жерге барғаннан кейин, иниңди даўам етип, оларды басқаратуғын балаң болмағаннан кейин қалың қыйын болады екен. Олар жайлаўға кетип, мен усы жерде қалып баратырман, – депти.

Соның арасында Турым бийдиң қасына ерип келген қырық жигит бирим-бирим отаўға кирип, Айтуўған бий менен көрисе баслапты. Гезек Сунқарға келгенде Айтуўған бий Турым бийге:

– Мына баланың алақаны басқалардан өзгешелеў ме? – депти.

Сонда Турым бий:

– Бул сениң буннан он бес жыл бурын жолға таслап кеткен аманатың, – депти.

Бул гәпти еситкен Айтуўған бий отырған орнынан ушып турып:

– Бул мениң балам ғой! – деп баланы баўырына басыпты.

Айтуўған бий Турым бийдиң ҳүрметине үлкен зыяпат берипти. Зыяпаттан кейин Турым бий жақсы сарпайлар менен қарақалпаққа қайтып келипти. Ал, Сунқар кейин халық арасында Сүйиндик деген ат пенен көп жыллар даўамында әкесиниң исин даўам еттирген екен.

## ХИЙЎА ХАНЫ ҲӘМ ӨМИРБЕК

(Р-91, № 37515)

Өмирбек Хийўа базарына барып жүрсе, бир ғаўлаған адамлардың үстинен шығыпты.

Бул не ҳәдийсе деп, жанына барып сорастырса, ханның бир ҳәмелдары бир пуқара базаршыдан ярым теңге өндирип алып атыр екен, жазығы – биреўди сөккен екен.

Өмирбек былай шыға берип, бир хан ҳәмелдарына сүйкенип кетип, оны келистирип сөгипти.

Хан ҳәмелдары Өмирбекти услап алып:

– Сен ярым теңге төлейсең, – депти.

Өмирбек себебин сораса:

– Бизиң ханның «Ким базарда сөгинсе, төбелес шығарса, ярым теңге төлейтуғын болсын» деген парманы бар, – депти.

Өмирбектиң кисесинде бир пүтин теңгеси бар екен. Ол сол пүтин теңгесин ҳәмелдарға усыныпты. Ол майда таба алмапты.

Сонда Өмирбек:

– Жүр, усы парманды шығарған ханыңа барайық, ол бир ақылсыз адам болса керек, – депти.

Шорпып кеткен жасаўыл Өмирбекти ханның алдына алып барыпты.

Өмирбек ханның алдына пүтин бир теңгени атып урып:

– Сениң енеңди пәлен етейин, – депти де, – ярты теңгесин мына жасаўылға бересең, яртысын өзиң ал, – деп кете берипти.

Хан сонда ғана өзиниң бул парманының надурыс екенин түсинип, оны бийкарлапты дейди.

## СОҚЫР ҒАРРЫ МЕНЕН БАЛА

(Р-1299, №183812)

Өткен заманлары бир туўма соқыр ғарры бир баладан:

– Балам, «ақ» деген қандай болады? – деп сорапты.

Бала оған:

– «Ақ» деген, ата, қардай болады, – депти.

Сонда ғарры:

– Онда «ақ» жүдә суўық болады екен ғой, – дегенде, бала:

– «Ақ» деген, ата, пахтадай болады, – дегенде соқыр ғарры:

– Онда, жумсақ болады екен ғой, – десе, бала:

– «Ақ» деген, ата, сүттей болады, – депти.

Сонда соқыр:

– «Ақ» онда суйық болады екен ғой, – депти.

Бала туўма соқырға «ақ»тың не екенлигин түсиндире алмай-ақ қойыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕКИМБЕТ БАҚЫ

(Р-1299, №183812)

Бекимбет бақы қартайғанында кута абигер болыпты. Оған балалары оңлап тарбия бермепти. Бир күни ол өз балаларын жанына шақырып:

– Балаларым, мен болсам қартайдым, мүмкин көп кешикпей өлип те кетермен, меннен сизлерге ҳешқандай мийрас қалмай баратыр. Сизлер кишкенелигиңизде ишпей-жемей жыйнап, бир гүзе алтынды усы өзим жатқан жерге көмип едим. Мен өлгеннен кейин ашып алағызлар. Соны пайдаңызға сүртерсизлер, – депти.

Буны еситкен Бекимбеттиң балалары қуўанысып кетип, әкесине аз-маз ҳүрмет ете баслапты.

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ Бекимбет дүньядан қайтыпты. Балалары әкесин жайғастырып, қонақлардың изи сабыла келтенде бир түнде өз-ара келисип, әкеси кесел болып жатқан жерди қазыпты. Көп қазыспадан кейин алтын салған гүзе емес, бир егиздиң шақын таўып алады. Егиздиң шақының ишине қолын сукып қараса, бир қағаз шығыпты. Қағазда жазылған хат бар екен. Олар оқып қараса:

– Мениң атым Бекимбет бақы,
Атаның қалады балада ҳақы,
Атасын қәдирлеметен баланың,
Маңлайына егиздиң шақы, –
деп жазған екен.
Сонда ғана балалар өзлериниң қателигин түсиниптн.

## ТАЎЫҚ

(Р-1296, №183776)

Кегейлиде бир хожалықтың бөлимшесинде баслық, есапшы және еки-үш бригадир жумыс ўақтында еки таўықты астырып, аркайын отыр екен. Бир ўақытта «Ўәкил келди» деген хабар сап ете қалыпты. Баслық үйден шыға айдапты, кетип баратырып қазандағы қайнап турған таўықтың биреўин ала сала, оны қағазға орап дорбаға сала кетипти. Кейнинен шыққан есапшы да усылай ислепти.

Ал бригадирлер үйден шығалмай атырғанда машина менен ўәкил де келип жетипти. Не қыларын билмей албыраған бригадирлер Жуманазаровты көрип:

- Ўәкил аға, писип турған таўық бар, жейик, үйге кириң, – деп оны үйге мирәт етипти.

Бригадирлер таўықты алып атырған ҳаяллардан келип:

- Тез болың! Түртитин салың! – десе, ҳаяллар:

- Билмеймиз қайда кеткенин, қазанда тек сорпа қалыпты, таўықлар жоқ, – депти.

Албыраған бригадирлер не айтарын билмей:

- Ўәкил аға, иркилетуғын болдыңыз, таўықларды енди соямыз, – депти.

Ўәкил оған қарамай, кетип қалыпты.

Ал баяғы баслық пенен есапшы екеўи бир жерде ушырасыпты. Сонда есапшы баслығына:

– Жүр, менде бир писken таўық бар, – депти.

Сонда баслығы:

- Ал, қосшым, менде де бир таўық бар, – депти.

## ДАРҒАҒА ХАТ

(Р-1299, №183812)

Қарақум ийшанның бир суўпысы болған екен. Ол пийшемби күнлери ийшанды зыяратлаўға келип турады екен. Дарьядан ҳәр өткен сайын суўпы дарғаның немеси менен өтип, оған бәрха ақша төлейди екен. Суўпы бир күни дарғаға өзиниң Қарақум ийшанның суўпысы екенлигин айтып, оннан ақша алмай-ақ өткериўин өтиниипти.

– Онда ийшаннан «мынаў мениң суўпым еди, буны ақша алмай-ақ өткерип тур» деген хат алып келип берегой, сени пулсыз-ақ өткерейин, – депти дарға суўпыға.

Суўпы ийшанды зыяратлап болғаннан кейин оннан, өзиниң суўпысы екенлигин ҳәм дарьядан

www.ziyouz.com kutubxonasi

пул алмай өткерип турыўын айтып, дарғаға бир хат жазып бериўин сорапты.

– Хатты Дабылжан жазып берер. Мениң атымнан жазаўойсын. Соны Дабылға барып айт, – депти ийшан.

Суўпы дәрҳал Дабылға барып, ийшанның тапсырмасын айтыпты. Суўпы аўқат гүзаранлы, мал-мүлкли адам екенин Дабыл биледи екен. Сонда ол дарғаға берерген деп, оның қолына хат жазып берипти. Суўпының хатты оқығандай саўаты жоқ екен.

Ол аўылына қайтып, дәрьяның жағасына келгенде хатты дарғаға берипти. Дарға хатты даўыслап оқыпты. Хатта былай жазылған екен:

Суўпы бадбақтың өзинен алың теңгени,
Берсе берсин, бермесе, өткере берин әңгени,
Бары турып жоқ десе,
Урың суўпыға дүррени.

Дарға ҳәм ол жердеги буны еситкен адамлар күлкиден еки езиўин жыймапты. Суўпы болса бурыштай қызарып, қалтасынан ақша қарай баслапты.

## СЫҚМАР ҲӘМ УРЫЛАР

[Р-533, №176476]

Бурында бир сықмар киси болыпты. Ол бир жылы өзиниң атызына қаўын египти. Қаўыны жүдә болық болыпты. Сықмар қаўын сорап барған адамларға қаўын бермепти, өзи де жемепти. Әбден жетилип писсин деп, қаўынын бағып отыра берипти. Бир күни бул хабар урылардың басшысына жетипти. Ол қасына үш-төрт урыны ертип келип:

– Сизлер атызды аралап, сайлы-сайлысынан ала бериң, өзим оны сөзге айналдырып отыраман, – деп, қосқа барып сықмар менен сөйлесип отыра берипти. Урылардың басшысы қосқа жақын жердеги тысырлыны еситип, сықмарды сезиклендирмеў ушын:

– Қара, қара, қарасынан, секерпарасынан қапқа сал, жаўқа тарт, – деп отыра берипти.

Буған аңқаў сықмар:

– Пай сөз болғанына! – деп мәс болып қалыпты.

Сөйтип ол бар қаўынынан айрылып қалған екен.

## ӨМИРБЕКТИҢ ИЙШАНЫН ЖУБАТЫЎЫ

[Р-533, №176476]

Бир ийшанның үш суўпысы бар екен. Ийшан иши писип кетип, өз суўпыларын көрип, көўлин көтерип қайтыў ушын атланады.

Ол биринши суўпының үйине жақынлапты. Қараса, суўпысы есигиниң алдында бир таўығын кетекке қамай алмай:

– Егерде усыннан сени услап алып соймасам, өз биримди өзим сегейин, – деп боқланып жүрген қусайды.

Буны еситип турған ийшанның қатты ашыўы келип, сол жерден атланып, ҳешкимге хабарласпай-ақ екинши суўпының үйине тартыпты.

Екинши суўпы үйинде екен. Оның менен сөйлесип отырып, ийшан биринши суўпыдан қатты қапа болғанын айтып:

– Суўпым, мен күтә азып кеттим. Билмедим, неге булай болғаны, сениң менен сөйлесип зейнимди ашып кетейин деп келдим, – депти.

– Ҳай, тақсыр-ай, дурыс, усы күнлери азып кеттиңиз! Ҳеш тап, еле доңыздай болып семирип те кетерсиз, – депти суўпысы.

Ийшан оның гәпине ашыўы келип, жоқ жерден сылтаў тауып турып кетипти де, үшинши суўпының үйине тартады.

Үшинши суўпысы Өмирбек екен. Ийшан шаршап Өмирбектиң үйине келе қулайды. Шаршаўы басылғаннан кейин ийшан Өмирбекке өзиниң еки суўпысынан көрген жәбирин, еситкен сөзин айтып шағынады.

Өмирбек тыңлап отырады да, ийшан сөйлеп болғаннан кейин қатты ашыўланып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Ўай, атаңа нәлетлер, адам сыйқы болмаса, нағыз доңыз екен-аў. Сизиң көўлиңизди қабартқан сол суўпыларды көрсем, услап алып пирин урар едим, – депти.

## ОРЫНСЫЗ ЖЫЛАЎ

Р-533, №176476

Бир күни Әмирбек қоңсы аўылға намазға кетип баратырған кусайды. Намаз шығатуғын жерге жақынлағанда оның артынан ўай-ўай салысқан даўыслар еситилипти. Лаққы ҳайран болып артына қараса, бир топар адамлар еле намаз берип атырған үйге жетпестен-ақ уў-шуў болып жыласып киятырған кусайды. Ол булардың бул исин ерси көрип, бир лапт бериўди ойлап, олар өтетуғын пәтилди суўға түсирипти де:

– Әне, енди көресиз ўай-ўайды, – деп кете берипти.

## КӘРАМАТЛЫ ҚАМШЫ

(Р-533, №176476)

Бир күни Өмирбек тоғайға отынға барады. Шешинип отынға тийисе бергенде торańғылдың бир бөлеги ушып, оған тийип, тула бойын көк-көңбек етеди. Оның ашыўына шыдамаған Өмирбек:

– Тап сениң төбеңе шығып алып, ҳаққыңнан шығайын, – дейди де, бир торańғылдың басына шығып, оның шақасын шаўа баслайды.

Оны көрген бир жолаўшы:

– Ҳаў, отағасы, жығылып кетесең ғой, – депти.

– Қудай болсаң, өзиңди жарылқа, үндемей жолыңа түсе бер, – депти ол.

Көп узамай-ақ Өмирбек ағаш-пағашы менен жерге гүрс етип қулапты. Сонда ол үстиниң шаңын қағып атырып:

– Жаңағы киси бир кәраматлы адам шығар, ол ғой мениң жығылатуғынымды билди. Оннан қашан өлетуғынымды да сорап қалайын, – деп, жолаўшының изинен жуўырады.

Оған жетип алып:

– Ал, иним, бағана маған теректен жығыласаң деп едиң, айтқаның келди, жығылдым. Енди қашан өлетуғынымды да айт?

– Мен сениң қашан өлетуғыныңды қайдан билейин, – депти ол ҳайран қалып.

– Жоқ, иним, биледи екенсең, айтып кет.

Әмирбек тежей бергеннен кейин ол:

– Етиң суўыса, өлерсең, ал етиң ысыса, тирилерсең, – депти.

Әмирбек анадай жерге бармай-ақ етин услап көрге, муз кесек, өлейин дегеним шығар усы, – депти де, көпирдиң астына барып жатады. Сол ўақытта бес-алты арба көпирдиң шығарлығына келип тоқтайды да, илгери алға жүрмейди. Арбашылар атларды зорласа да, олар кейин баса береди. Арбашылардан биреўи барып көпирдиң астына үңилсе, биреў қурылдап уйқылап атыр. Арбашы оған жақын келип оятады.

– Бул жерде неге жатырсаң?

– Өлип атырман.

– Өлген адам сөйлесе ме екен?

– Жан айбат пенен сөйлеп атырғаным ғой.

– Қой, түргел, атларымыз сеннен үркип тур, арбаға гүпшеклес.

– Гүпшеклесе алмайман, өлейин деп атырман.

– Онда көпирдиң астынан шық.

– Көпирдиң астынан шыққанша өлгеним жақсы, – деп, Әмирбек ыңқылдысын бурынғысынан да бетер күшейтиңкиреп, қымтана берипти.

Бұған арбашының қатты ашыўы келип, қолындағы қамшысы менен сабап-сабап, Әмирбекти көпирдиң астынан шығарып жиберипти.

Әмирбек жолға шығып баратырып етин тағы да услап көрсе, қамшының зардабына шыдамаған денеси ысып тула бойы парлап жанып тур. Ол қамшыда карамат бар шығар, өлип қалған мени тирилтти. Қалай болмасын сатып алып қалайын, – деп арбашылардың изинен қуўалы.

Арбашылардың кейнине жетип ол:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Қане, бизге жаңағы қамшыңызды сатың, не сорасаңыз да берейин, – деп жабысады.
– Он тилла берерсиз, – дейди арбашы оған.
Әмирбек он тилласын санап берип қамшыны алады.
Бир аўылдың тусына жақынлай бергенде ўай-ўайлаған даўыс шығады. Келсе, бир үйдиң кемпири жаңа ғана жан тапсырған екен. Әмирбек ишке кире сала жыласып атырғанлардың тоқтатып:
– Сизлер жыламаң, кемпирди тирилтиў қолымнан келеди, кераматым бар арўақлы адамман, – депти.
Олар Әмирбекке инанарын я инанбасын билмей ҳайран болады. Ақырында оның гәзине көнип, кемпирди тирилтиўине руқсат етеди. Ол үйде өзи қалып, есикти де иштен илип таслайды. Сөйтип қолындағы қамшысы менен кемпирди шыртылдатып сабай береди.
Бир ўақытта сырттағылар шийди сығалап ишке үңилсе, өлини сабап атырғанын көреди.
– Есикти аш, – дейди аўыл адамлары, бирақ ол ашпайды.
Адамлар бираздан соң ерегенекти бузып ишке киреди. Сөйтип олар зорға дегенде Әмирбекти үйден қуўып шығарып, оның кераматлы қамшысын да сындырып отқа жағып, өзин аўылдан қуўып жибереди.

## ӘКЕМ ШАҚҚАН ЕДИ
(Р-533, №176476)

Әмирбек ҳәмме ўақта аўқаттың кейин пәтия еткенде «Марҳум анама тийе берсин, анамның жаны жәннетте болсын» дейди екен. Бир күни адамлар Әмирбекке:
– Сен неге, анамның жаны жәннетте болсын дейсең де, атаңды тилге алмайсаң? – депти.
Сонда Әмирбек оларға:
– Әй, туўысқанлар, оның несин сорайсызлар, анам аңқаў, ақкөкирек, босаң адам еди. О дүньяға барғанда оның Мүңкир-наңкирлерден өтип, жәннетке барыўы әмри маҳал. Соның ушын оның тилегин тилеймен. Ал атам болса пысық жулпыс адам еди. Ол Мүңкир-наңкирди алдап, қалай болмасын жәннетке өте алады, – депти.

## САДА БАЛА
(Р-533, №176476)

Бир қырдың адамы баласының қолына ақша берип қалаға жиберипти. Бала қалаға келип, базар аралап, әкесиниң айтқан затларын алыпты. Бир ўақытта оның көзи сатылып атырған қаўын-ғарбызларға түсипти. Өмиринде қаўын менен ғарбызды көрмеген қырдың баласы ғарбыз сатып отырған Әмирбекке:
– Жасүлкен, мынаў не зат? – деп сорапты.
Баланың садалығына ҳайран болған Әмирбек:
– Бул жүйрик тулпардың бир түри, – депти, оған бир сабақ берип қояйын деп.
– Онда буны бизге сат! – депти бала.
– Алағой, – депти Әмирбек.
Бала пулын санап берипти де, ғарбызды аттың алдына алып қайта берипти. Бир жерлерге келгенде ғарбыз баланың қолынан сыпырылып түсип кетипти де, қақ жарылыпты, сол ғарбыз түскен жерден бир қоян қаша жөнелипти.
Сонда сада бала қоянның изинен әри-бери қуўып, жете алмапты. Сонда ол:
– Пах, мына тулпардың еле кирттай ўағында жүўырысы сол болса, үлкейгенде қандай болар еди? – деп қала берипти.

## ЖЕРДЕН ШЫҒАТУҒЫН АҚША
(Р-533, №176476)

Өткен ўақытта Әмирбек баласын изине ертип атызға келип, бир жерди көрсетип:
– Балам, мына жерден неше манат ақша шығады? – депти.
– Ҳаў, аға, қуўрап турған жерден де ақша шыға бере ме? – депти ҳайран қалып.
Әмирбек баласын қасына алып, жаңағы жерде баҳарден гүзге дейин мийнет етип, егин египти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүзде ол жерден бирталай жүүери алыпты. Қыста жейтуғынын алып қалып, қалғанын базарға сатыпты. Базардан келгеннен кейин жүүери сатқан ақшасын баласына көрсетип:

– Ҳәй, надан балам-ай! Маған усамағансаң, маған усаған ақыллы болғаныңда жерден қанша манат ақша шығатуғынын билер едиң, – депти.

## ҚАНСОНАР
(Р-1294, №183769)

Бир жигиттиң қайин енеси қайтыс болып, соның хабарын айтып келсе, ол: «Бүгин сонар ғой» деп, аңға шығыўға таярлығын көре берипти. Сонда хабар айтып келген адам:

– Мамайдың қара асын ким береди? – десе, жаңағы жигит:

– Мамай өлсе қойылар,
Малым өлсе сойылар,
Мынадайын қансонар,
Маған қайдан таўылар, –
деп, өз жумысы менен бола берипти.

## ӘРЎАҚҚА ЕШКИ АТАЛМАЙДЫ
(Р-589, №180082)

Барлық маллар арасында ешки әўелден мал қатарында саналмайды екен. Пайғамбарымыз садақаға шақы айланған қошқар сойған. Оны алланың өзи жибергенмиш. Соған дейин садақаға адам шалыў да бар екен.

Ешкини әрўаққа арнап соймайтуғын себеби, адам о дүньяға кеткенде ешки өз жанын сорап, басында маңырап туратуғын қусайды.

## ШЫЛЫМБЕТТИҢ ТӘЛЕГЕНИ
(Р-1294, №183769)

Сыр бойы қарақалпақтың ески журты екен. Қалың қыпшақ сонда қалған. Жабылардың биразы Сырдан, ҳүкимет дүзилген соң келген. Асасы жабы қыпшаққа тийисли. Жабы урыўында еки үлкен тармақ бар. Сырда Арық аталығынан қалған тұқым да көп қусайды. Жабы менен Арық бир бирине жақын урыўлар. Шылымбет те Сырда қалған көп қыпшақтың әўладынан есапланады. Халықтың аўзындағы Шылымбеттиң Тәлегени деген киси сол атаның баласы екен.

Бир жылан жылы сондай аўыр келип, Сырдан көп халық шубырып далиятқа түскен. Көплердиң бала-шағасы жол жүре алмай, қалып кеткен. Сонда Шылымбеттиң Тәлегени айтыпты:

– Кешеги өткен жыланда,
Өршиген байдың дәўлети,
Кейинге қарай шегинди,
Санаўлы халқым сарт болып,
Баласы тәжик үйренди, – деген.

## ҚАРАХОЖА ТУҚЫМЫ
(Р-1294, №183769)

Қаратамырлар негизи Үргениш жақтан келген екен. Түби – қарахожа деген урыў екен. Нөкистеги қарахожалар ўақыттың өтиўи менен шөмекейге қосылып кеткен. Қаратамырдың түби басқа болғаннан кейин, оларға «қул» деген атты қосады. Қарамырда Тилеўқул деген киси Ыспанқудыққа мүдир болып келген. Сол Тилеўқулға өзин қарахожа тұқымы едим деп жүрген Жанузақ шайыр бир жумысы болып келеди. Тилеўқул оннан «неге келдиң, жол болсын» деп бир аўыз жағдай сорамапты. Жанузақ шайыр сонда оған:

– Қаратамыр Тилеўқул,
Ҳикая сөйле қызыл тил,
Бағыңда бахыт турғанда,
Алдыңа келип сөйлейди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Неше қузғын, неше бүлбил,
Ағайиннен жат жақсы,
Қарамойын сарт жақсы

Соны айта гала, ешегине минип кетип баратырғанда, Тилеўқул оның изинен қуўып жетип, кеширим сорап, бир қойдың гөши менен алты шелек бийдай берип жиберген екен.

## МОЛЛА ХОЖАБЕК
(Р-1299, №183812)

Молла Хожабек қытай арысының қайшылы тайпасынан шыққан үлкен уламалардың бири болып, Бухарда тәлим алған. Аққан суўды терис ағызатуғын қудиретли болған екен.

Таза ҳүкимет уламаларды жазықлы етип қамап атырғанда көп уламалар қатары Молла Хожабек те түрмеге қамалыпты. Түрмедеги жағдай қанша жаман болса да, улама бес ўақыт намазын қаза қылмаған. Қасындағылардың да аўырын жеңиллетиўге жәрдем етип, дәртине даўа болған.

Уламаның бул ислери бир орыс түрме сақшысына жақпай, ол уламаға қатты зулым өткерип, қолынан келген жаманлығын қылған. Ол сонда да өзин оған жаманлық етиўден тыйған. Бирақ бир күни жаңағы сақшы түрмеде отырған және бир адамға жаманлық етипти. Өзи оннан зулымлық көргенде дым үндемей шыдаған улама, басқаға ислеген жаманлықты көтере алмай, сақшыны ешекке айландырып жиберген. Кейин қайта дуўа оқып, оны өз ҳалына қайтарыпты.

Уламаның кераматынан қорқып қалған сақшы өзине келгеннен кейин оның аяғына бас урып, кеширим сорапты. Молла Хожабек те қайтып ҳешкимге бул кераматын көрсетпепти. Заманның гәрдиши менен усындай уламаның бар кераматы, билими, дерекген мийнетлери өзи менен кетипти.

## БАЯҒЫДАЙ БОЛДЫ
(Р-1298, №183789)

Ертеректе, қарақалпақтың бир неше шарўа аўыллары Қыйында жасап турған ўақытта, олар Тахтакөпир, Шораҳан, Шаббаз, Шымбайдан базарлап қайтса, аўылласларына «Ойылдан келдик», «Ойылдан қалалап қайттық» деп айтысады екен.

Бир жылы Қыйылдың бир келата ели Ойылдың түбине келип қыслапты. Ол заманда жигит-қызлардың мейлис-гештек отыры спасы тез-тез болып турады екен. Сол жердиң Ағабий жигитти еки атқосшысына:

– Мына еңсеңизге ел келди. Олар менен аралас-қуралас болайық. Олардың мейлисте отырғандай жигитлериниң бәрин ендиги отырыспаға мират етип келиң. Қай үйге түсетуғынын түсиндирип айтың. Ҳәзир биринши шақырыўымыз. Соның ушын қызларына, жаўанларына мират етпең, – депти.

Отырыспа Қыйылдың жигитлерине жүде унап қалыпты. Әсиресе, Ағабий бир дизерлесе, бир дизерлеп, малдас қурса, малдас қурып, жүресине отырса, жүресине отырып, жигитлердиң оны айнытпай қайталағанына ҳайран қалыпты. Бир жигиттиң қызлар менен жуўап айтыста қызып кетип уят сөз айтып қойғаны ушын кол паллаққа асылып, табаннан дүрре жегенине ишек-силелери қатып, мас болып күлисипти. Мийманларға әсиресе, бир сөзге шебер жигиттиң Ағабийдиң уртына жабысып қалған бир гүришти:

- Мейлисте отырған беглердиң ханы,
Мен бир сөз айтайын тыңласаң аны,
Сарҳаўыз бойында бир жаяў қалды,
Бес атлы жиберип алдырсаң аны, –

деп, тымсал етип алдырғаны оларды қатты ҳайран қалдырыпты.

Қыйылдан келген қарақалпақлар аўылына қайтып баратырып, секгеўиллердиң арасында қатара дизилип далаға шығып атырғанда, олардың Ағабийи:

– Әне, көрдиңлер, ертең биз шақырғанымызда солардан кем болмаўымыз керек. Басқасының бәрин қыламыз-аў, олар бир қой сойған болса, биз екеўин соярмыз, бизлер де паллақ асып қызық көрсетермиз. Лекин мениң де солардың ағабийиндей болғым келеди. Муртымның қасында гүртик қойып, аңламағандай болып отырғанымда, қайсыңыз «Мейлисте отырған беглердиң ханы»

www.ziyouz.com kutubxonasi

дегенди айтасыз? – десе, оның қасында отырған жас бала:

– Мен айтаман ғой, аға, – депти.

Ўақты-сааты менен Ойылдың жигитлери Қыйылға зыяпатқа келипти. Қызықлар етип, аўқат жеп болына келгенде Ағабий муртына гүртиктиң қыйқымын жабыстырып отырыпты. Оны жигитлериниң биреўи көрип, қуўанып:

– Ағабий аға, баяғыдай болды, баяғыдай болды, – депти.

– Не баяғыдай болды? – деп сорапты Ағабий.

– Ҳаў, аға, анаў күни Ойылдан қиятырғанда сексеўилдин арасында қатара далаға шығып отырғанымызда айтыстық ғой, әне сондай болды, – депти.

Қыйылдың жигитлери қысынғанынан киреrге тесик таппай қалыпты.

## СИЗДЕ ҚАРШЫҒА, БИЗДЕ СУҢҚАР...

(Р-1298, №183789)

Қыйылдың көп халқы аўылды дәреклеп жасап қалыпты. Бутан елдиң жасүлкенлери қатты қуўанып, адамларға бурынғы отырықшы елге ара-қатнасықты, сыйласықты жақсы тутыўды насиятлапты.

Соның менен Айеке деген киси бийлерге:

– Мына Сайекежанды үйлендирсем деп едим. Сол жақлардан қыз көрейик пе онда? – депти.

– Сол елде Бекимбет аға дегенниң қаршығадай қыялланған қызы бар. Бизлер қолынан қымыран қымыз ишип көрдик. Табақ-сабалары таза, көркине қарайсаң да отырасаң, – депти сол жақларға жақында барып келген биреў.

Айеке үш киси болып Бекимбеттиң үйине келип түседи. Үш киси келди, ишинде бийи де бар екен деген соң, сол елдиң үш-төрт ирығаба кисилери булар менен бирге әңгиме-дүкан қурып отырысыпты. Ас қайтарылып, «әўмийин» етилгеннен соң Ойылдан барған бий гәп баслапты:

– Ал, ағайинлер, мына қасымыздағы Айеке деген ағамыз, елдеги белгили адамлардың бири, қудайға шүкир, дүнья-малы да өзине жетеди. Усы Айеке ағаның үйинде суңқары бар, мына Бекимбет ағамыздың қаршығасы бар екен, сол екеўин бир туғырға қондырайық деп сизлерден сорап келдик, – депти.

Қыйылдың адамлары ҳеш нәрсе дей қоймапты. Сонда Ойылдың бийи:

– Биз түсинемиз, бундай ўақта бирден бир нәрсе деў қыйын, егер бизиң тилегимиз жақса, бир ҳәптелерден бир хабарын билдирерсизлер, ал бизлер турдық, – депти.

Қонақларды атландырып болған соң Бекимбет қасындағыларға:

– Мына ағайинлер не деп келди, не сорады, мен түсинбедим, – депти.

Сонда биреўи:

– Айеке ағаның суңқар қусы бар екен, соған сизден қаршыға қусыңды бер, екеўин бир туғырға қондырайық деп сорады, – деп билгенин түсиндирипти.

– Мен қус тазы сақламайман ғой? – деп Бекең ҳайран болыпты. – Анаў ийтим жатыр, ол төбет, отар бағады. Буларға мени аңшы-қусшы деп ким айтты екен-ай? – депти.

Үш ҳәпте өтсе де, Қыйылдан келген ағайинлерден хабар болмапты. Сонда, ай, булар түсинбей қалған-аў, түсиндиригиңкиреп айтайық деп, баяғы үш атлы Бекеңниң үйине қайттан түсипти. Баяғыдай әңгимелесип, аўқатласыпты. Әўмийиннен соң Ойылдың бийи өзинше анықлаңқырап гәп баслапты:

– Ал, ағалар, қудай жеткерип аралас-құралас болып отырмыз, соған ҳәмме қуўанышлы, бизлер де қатнасықты беккемлейик деген нийет бар. Ана сапары ушлығын айттық, енди гәптиң тоқетери, мына Айеке ағаның бир тәнекейи бар, Бекеңниң қашары бар екен. Ол екеўин бир қораға қамасақ қалай болады, – депти.

Қыйылдың бийлери үндемепти. Сөз сөйлеген бий:

– Әлбетте, бундай ўақта бир жуўап айтыў қыйын, гәпимиз жаққандай болса, бир ҳәптениң аяқбуўғында «хош көрдик» деген хабар күтемиз, – депти.

Қонақлар кеткен соң Бекең:

– Маған өзимиздин Қырдың, Қыйылдың тили менен жатық етип түсиндириң, жаңағы қонақлар не деп кетти? – депти.

– Мен билсем, – депти бийлердиң биреўи, ана Айеке деген ағамыздың қорағында тана ма, буға ма,

www.ziyouz.com kutubxonasi

бар көринеди, сизден қашар сорап келди-аў.

Үш ҳапте өтсе де, Қыйылдан келип қонған аўылдан хабар келе бермепти. Баяғы үш атлы Бекеңниң үйине қайттан келип түсипти. «Әўмийин»нен кейин қонақ былай гәп баслапты:

– Ағалар, мына Айеке атаның Сайеке деген қолға илинген баласы бар. Соған, Бекимбет аға, сизиң қызыңызды айттырып, сорап келдик. Келиссеңиз, еки жасты қосып, тойларда қатнасып отырайық.

– Баяғы биринши келгениңизде усыны айтыппедиңиз? – депти Бекимбет.

– Аўа, аға, екинши келгенде де усыны айттық ғой.

– Болды-болды, – депти Бекең ҳәм қасындағы үйге сүренлепти.

– Айдай қызым-ай, шешеңе айт, сандықтан таза кийимлериңди аперсин, мына Айеке ағаның баласына байға кетесең!

– Тоқта, аға, асықтырма, – депти қыз. – Айекежанның өзи келип, қәде-қәўметин ислеп алып кетеди.

– Ал, онда үш күннен қалдырма. Қызылға отарды шығарайын деп отырман, барыңлар, елине сәлем айтың, – деген екен.

## АҚКӨКИРЕК ҚАРАҚАЛПАҚ
(Р-1298, №183789)

Қыйылда жасайтуғын бир қарақалпақ дым ақкөкирек екен. Көп жылға шекем перзентли болмаған ол, бир сапары келиншегин ертип, Ойылға келип, Шылпыққа тырмасып шығыпты. Ол көкке қарап бақырып:

– Әй, қудайым, бизлерге ул берсең-о! Әтирапта даўысы қайталаныпты: «Ул берсең-о, ул берсең-о» деп.

Қудай еситпей қалды-аў деген ой менен қайттан бақырыпты: «Қудайым, бизлерге ул берсең-о!» Әтирапта «Ул берсең-о, ул берсең-о» деген жаңғырықлар еситилипти. Бирақ қудай үндемепти.

Үшинши мәрте де бақырыпты, қудай үндемепти.

– Не илаж, – депти ол келиншегине, қудайдың бизлерге перзент бергиси келмей атыр, қайттық.

Шылпықтан түсерлик ол заманда ҳәзиргиден де тик болған. Түсерликтиң ярымына келгенде олар қол усласыўы менен ентелеп, өзлерин ирке алмай, қатты жүрип кетипти. Бир жерлерге келгенде зорға өзлерин оңлап алыпты. Жаңағы адам аяғын бир тасқа тиреп, мойнын Шылпықтың төбесине қаратып бақырыпты:

– Әй, қудайым, берметен улыңды бермедиң, енди еңсемизден ийтермесең-о.

Сөйтсе, аяқ тиреген тасы тайынып кетип, келиншегин қушақлаўы менен төмен қарай жумалап кетипти. Екеўи күлисип, «зыяратымыз қабыл болғай» деп қайтыпты.

Қуданың ҳәмириндей, бир жыл өтер-өтпес олар перзентли болыпты. Ертеде перзент көргиси келген келиншеклерди Шылпықтың, Хожелидеги Жемарт қассаптың дөңинен төмен қарай жумалататуғын, яmаса қайықта Әмиўдәрьядан бир-еки мәрте өткеретуғын сәлт болған.

## ҚУДЫҚҚА ТҮСКЕН КҮЙЕЎ
(Р-1298, №183789)

Ойыл менен Қыйыл халқының әбден араласқан дәўирлери. Бурын қудалыққа ене-шешелери келисип қойған жерге Қыйылдан бир жигит келеди. Ол заманда айттырып қойған қыздың үйине жигиттиң қыдырып барыўы, көрисип турыўы ерси емес екен. Жигит қалыңлығы, болажақ қайин атасы-енеси менен танысып, бираз сөйлесипти. Жатарда мийманға үйдиң қапталына тақыр жерге төсек салып берипти. Жигит көйлегин шешип көпшигиниң астына, ыштанын шешип аяқ ушына қойып жатыпты.

Таң атар ўақытта тасырлыға уқсаған сестен оянып қараса, бир сыйырдың ыштанын жалмап, жеп турғанын көрипти. Аўзынан жулып алайын деп умтылса, сыйыр арман қашыпты. Қыпла жалаңаш адамнан үркти ме, сыйыр қайта шапқылап қашыпты. Айланып қапыўға ўақты бар ма, сыйыр қудықтың үстинен секирип өткенде, ақшелеп киятырған жигит сол қудыққа түсип кетипти.

Жигит келген үйдиң келиншеги – қалыңлығының жеңгеси ерте суўға келип, қудыққа еңкейгенде ишиндеги турған адамды көрип қорқып кетипти. Шелек-пелеги менен ол да қудыққа түсипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Суўға келген басқа келиншеклер қудықта турған еки адамды көрип, аўылды әрре турғызыпты.

Жигитти шаңлаққа байлап қойып, қатқудалар мәселе шешип атырған қусайды.

– Қайтсе де бул өлиўи керек, не бәле өзи, қарындасыма күйеўлеп келген бе, я қатыныма келген бе? Ана «Жети жарғы» китабыңызды ашып, жазасын бериң, – деп болажақ қайнағасы турып алыпты.

«Жети жарғы» китабында бундай жағдайдың жазасы өлим екенлиги көрсетилген екен. Сонда Қыйылдан келген жигиттиң мәртлиги тутып:

– Сизлер мени гәйлетесиз бе, я бурынғының жабайы адамларындай қурыдан-қуры өлтире бересиз бе? – депти.

– Гәйлетиўдиң не кереги бар, өлтириў керек, – деп бақырыпты намыс қысып турған қыздың үйиниң жақынлары.

Лекин бийлер, қатқудалар оған сөз берипти.

– Мени емес, қудығының аўзын бастырмай қойған адамларды өлтириў керек, – депти жигит ҳәм ыштанын жалмап жеп қойған сыйырдың түр-түсин айтып берипти. Сыйырды таўып әкелсе, жигит оны танып:

– Тап усы сыйыр, мен көргенде ыштанымның бир балағы ғана жалбырап көринип тур еди. Оны қайтып шығарып таслай алмайды. Жалмап жутқаны анық, усы сыйырдың қарнынан ыштаным шықпаса, өлтире бериң!

Ийесиниң наразылығына қарамай, қатқудалар сыйырды сойдырыпты. Шынында да оның қарнынан ыштан шығыпты. Уялған елдиң ерлери «Сен бизге қалың мал да бермей-ақ қой» деп, қалыңлығына мол жасаў берип, бир-еки жеңгелерин алдына салып, сол күни жигитке қосып жиберипти.

## КӨЗИ МЫЛТЫҚЛАР
(Р-1298, №183789)

Назар майшы қолдаўлының бескемпир урыўынан еди. Ол Қараөзекте Майшы аўылда жасаған. Оның назери кетсе, ашылған гүл солып, қулпырған терек қуўрап қалады екен. Соның ушын оны көбинше мерекелерге шақырмай, атайынлар үйине қант-шай, тақыя пулын берип жиберип отырады екен.

Бир күни Назар ата Шымбайдан кемпирине таза атлаў-шелек әкелип берипти. Шелекти ҳәстениң үстине қойып, нәпе етип шай ишип отырып:

– Усы, кемпир, шелектиң маңлайын алдым ба деймен, ана ҳәстениң үстине жарасып турыўына қарап, – деп айтып аўзын жыйғанша, ҳәстениң үстиндеги шелек секирип-секирип қақ айрылыған екен дейди.

Соннан Назар атаны «Шелек жарған» атапты.

## БИРКӨЗ МЕРГЕН
(Р-1298, №183789)

Бир қыста Нөкисте туратуғын бир жийени келипти де, Назар майшыға:

– Жүр, дайы, қыдырып қайтамыз. Жолда қолдаўлының тарийхын айтып бересең, – депти.

Қараса, қосарға аты да бар қусайды. Жолда түсленген-қонған жерлеринде жақсылап күтип жиберетуғын көринеди. Олар жүре-жүре Әмиўдәрьяның ырашына да минипти. Ебберген шығанақтан айлана берген жерде Назар майшы:

– Мәмбетуллажан, мына аўкийип турған нәрсе не? – деп сорапты.

– Әй, сен ғой, аға, қадимги қыстың сеңи-дә, – депти жийени бийпәрўалық пенен.

– Әстапуралла, сең дегениң де усындай болады екен-аў, асқар таўдай мунарланып, алтындай жарқыраўына қара, – деген екен, сеңлер солманда суў болып ерип, сынаптай жылысып ағып кете берипти.

Булардың әңгимесин қорасының артында бир наймыт тыңлап турған екен. Жаңағы адам:

– Әмиўдәрьяның сеңлерин суў етип ағызған, пай! Көзиң-ам көз екен! – деген екен, Назар майшының сол киси тәрептеги көзи парта ағып түсипти. Әне, усыннан соң Назар майшы «бир көз

www.ziyouz.com kutubxonasi

мерген» атанылты. Назар атаны билетуғын елдиң басшыларынан бири:

– Музды жарып, сенди ығызатуғын аманалымыз жоқ. Елди тығылған суў басып кетежақ, – деп, Қараөзекке Мәмбетуллаңы жумсап, Назар майшыны алдырған екен дейди.

## АТТЫМ, АТТЫМ

(Р-1298, №183789)

Қарақалпақтың шоқ жигитлериниң мерекеге сән беретуғын, аўыз толтырып айтып мақтанса арзыйтуғын мың да бир әдетлери, дәстүрлери бар. Және мақуллаўға ылайық емес те дәстүрлери де бар. Ол шешенге шешенди, шайырға шайырды ушырастырып айтыстырыўға усаған әдетлерден ибарат. Соның менен, бир пара жигитлер талап етип Назар майшыны, Тахтакөпир бетте ушқан қусты аман жибермейтуғын Еримбет деген көз мерген менен ушырастырады.

Ушырасыў Көкөзектеги Аққөпир деген жерде болыпты. Олар бурын бири-бирин көрмеген адамлар екен. Көпирдиң ортасында бир-бирине қапталлап жол берместен, ийин тиресиңкиреп өтеди. Көпирден өте бере жаңағы адам изине қайрылып қарап:

– Мен сени аттым, – депти.

Назар майшы да жалғыз көзин оның өңмениңе қадап турып:

– Мен де сени аттым. Сен Еримбетписең? – деп сорапты.

– Ўай, аға, сиз Назар майшысыз ба? Жигитлердиң ойынының қурбаны болдық, сиз бенен бүйтип көрисемен деп жүрген жоқ едим. Ырайы болағер, аға! – депти Еримбет.

– Сен де ырайы бол, – депти Назар майшы.

Соның менен, атақлы еки көзмерген бир-бирин атып, бир күнде әлемнен өткен екен.

## ТЕМИРДИ ТЕҢ БӨЛГЕН ДАЎЫТ

(Р-1298, №183789)

Назар майшыдан соң оның туқымы Даўыт Қараөзекте Таз аўылында жасап өткен. Бесжемпирлерден шыққан көз мергенлердиң ең күшлиси сол болған.

Бир күни Даўыт гөне журты «Майшының тамы» деген жаққа өтип баратса, «Бегистиң қумы» деген жердиң етегиндеги атызды сүрмеге үш трактор келип түсипти. Қайтып өтсе, недаўир жер сүрилип қалған, сүдигардың ийиси аңқып, қуслар ушып-қонып жүрген. Ғаз қатар тап алып, үш трактор кетип баратқан.

– Жарықлық! Тракторлысаң деген, булар үйреўлеге жер шыдатпайды екен ғой. Тырнадай дизилисип, түтинлери теңдей бурқырап тартыўына қара, тайналырлардың, – деп Даўыт қуўанып сөйленген екен, тракторлардың биреўиниң бортовойы еки бөлинипти. Ана қалған екеўи де тарса тоқтапты. Үшеўи де тырнадай дизилисиўи менен атыздың ортасында қалып кетипти. Бригадир, баслық туқымының бари:

– Пай! Аға, не қылдың? – деп жетип келипти.

Сонда Даўыт:

– Қарақларым, темирге көз өтеди деп өмирде ойлағаным жоқ, қуўанып, сүйсинип, зейним кетип қарағаным рас еди, – депти.

Сол күннен баслап ол «Темирди тең бөлген Даўыт» атанылты.

## ҚУЛАҒАН МИНАР

(Р-1298, №183789)

Есим арнаның аяқлаўына, Бегежейли аўылдың тусына үлкен тарнаў қурылып, оның ашылыўы салтанатына районның, республиканың басшылары қатнасыўы күтилмекте екен.

Хожалық басшылары Даўытқа шапан, маси-гөйиш, қант-шай апарып берип, пәтиясын алып:

– Ал, аға, сен тарнаўдың ашылыўына бармайақ қой, – депти.

Ол:

– Бармай-ақ қойайын, тил-көзим тасқа, өзлериң тойлай қойың, – деп үйинде қалыпты.

Таза шапан, гөйиш-маси кийип көўли хош болған Даўыт малларына от тастайын деп намазлыгер-

www.ziyouz.com kutubxonasi

де қорасының басына шығыпты. Отты алып атырып Егимдеги тарнаўға көзи түсипти.

– Садаған кетейин, «тарнаў» дегени мынаў екен-ғо. Бунның минары Хийўаның минарындай бийик болады екен-аў! Тап биз4иң үйдиң қасында турғандай, – деп қуўанып сөйлегени де сол екен, тарнаўдың минары қублаға қарай жамбаслап қулаған қусайды. Оның «тил-көзим тасқа» дегени пайда бермепти. Хожалықтың иске басшылары ең күшли техникаларды жәмлеп, тарнаўдың минарын таң атаман дегенше тикейтип, қайтып қуламастай етип беккемлепти.

## ДАЎЫТТЫҢ ӨЗ КЕМПИРИН ҚУЛАТҚАНЫ

(Р-1298, №183789)

Даўыт кешке жақын бир шақырықтан қайтып, аўылына кирип киятырса, гүл нағысы ашық, жарқылдаған көйлек кийген бир нашарға көзи түсипти. Сонда ол: «Кийим адамның сәни ғой, мына гүл нағыслы көйлектиң ишиндеги былқылдаған нашар ким болды екен-ай, пай-пай, нашармысаң, нашар екен!» депти ишинен.

Атын қораға жайғастырып шықса, баяғы гүлнағыс көйлек кийген нашардың ерте-ектен үйине кирип киятырғанын көрипти. Қараса, өзиниң кемпири екен.

– Ўай-ўай, кемпир, маңлайым қурып қалды, саған зейиним кетип қалды, – депти Даўыт.

Кемпир байғус сол күни бақыйға жол алыпты. Кемпириниң өлиминен соң Даўыт дерлик қеш жаққа шықпапты, үйинде жатып қалған өмирин өткерипти.

Көз мергенлер хаққындағы гәплердиң бәри болған ўақыя. Қараөзекте еки адамның биреўи оған гүўалық береди.

## АЛБАСТЫ

(Р-589, №180082)

Халықтың айтыўына қарағанда, албасты – түри сары, шашы қызыл, көзи көгерип, биресе пышықтың көзиндей денип туратуғын пәлекет қусайды. Ол мудамы шашын жайып жүреди екен. Соның ушын кемпирлер шашын жайып жүрген қызларға «Албастыға усап» деп урысады екен. Адамлар жаман минез нашар туқымын да көбинесе албастыға теңейди. Балалар арасында да

Албасты, албасты,

Алдап сени ким басты, – деп, оларды келеке қылып айтылатуғын қосық бар екен.

Албастының адамларға зыяны көп екен: олар балаларды урлап, келинлерге зыян жеткереди, төсегине аўнап, баланың есин урлап кетеди. Баланың есин жеп қойса, ол есалаң болып қалады. Ол жас гөдектиң етин жеп, қанын ишеди екен. Жас босанған ананың емшегине тийсе, анадан сүт шықпай қалады. Албастының көкиреги салбырап, киндигине түсип турады. Бурында жас аналар қараўсыз қалып, баласын албастыға алдыртып алған жағдайлар көп болған.

Аңшылардың айтыўларына қарағанда, албастылар таўда жасайдымыш. Анда-санда аңшылар оларды туў сыртынан көрип қалып, атып алып, итке жегизеди екен. Ийт бир ийисин алып алса, албастыны төрден болса да таўып алады. Бирақ албасты гөрге жоламайды. Гөрде гөрбар менен обыр болады екен.

Албастының үсти алба жулба болып жүреди. Кийим сықылы жоқ бир нәрселерди үстине байлап алып, жарым-жалаңаш жүре береди. Оны қумай тазы я ийттиң жулқары алмаса, анаў-мынаў ўәўилдеген көпек ала алмайды.

## ДОСЕКБАЙДЫҢ ҮЙЛЕНИЎИ

(Р-589, №180082)

Халық арасында «Меңлибай мыңбасы», «Меңлибай бай» деп ат қалдырған адам жаслайынан-ақ тодабасы болған екен. Оның әкеси де, туўысқанлары да, балалары да шетинен қарыўлы, шетинен атпал, атақлы шабандоз ғой.

«Меңлекем сери киси екен» дейди көпшилик. Еншисине берилген малдың бәрин қонағына сойып болып, туяқсыз да қалған. Сөйтип, «Есиң кетсе, ешки жый» дегендей, ешки жыйнаған. «Ешки – елдиң қуты, үйдиң сүти» дегендей, ол ешки өсирип, қайтадан байыған. «Ешкили бай», «Меңлибай мырза» атанған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Меңлибайдың Досекбай деген қаратамыр жорасы бар екен. Сол бир күни Меңлекеңди күйеў жолдас етип, айттырып қойған қызын алыўға кетеди. Аўыл-ел «Досекбай келин әкеледи» деп күтип отырған. Меңлекең менен Досекең барса, ол бай Досекеңди менсинбей, қыз да әкесиниң сөзинен шыға алмай, басқа бир бақуўат жерге узатқан екен. Екеўи салысы суўға кетип қайтыпты.

«Жеңгем қайда?», «Келиншек қани?» деп Меңлекеңниң қарындасы олардың алдынан жуўырысып шығыпты. Таўен қатты қысылыпты. Сол ўақытта Меңлекең «жеңге де – сен, келин де – сен» деп, өз қарындасының басына орамалды салып жиберип, қыздың қолын достына услатқан екен. Досекбайдың жүзи жерге қарамай, назери пәс болмай, достына ырза болыпты.

## МАМАН БИЙДИҢ ЕЛИБАЙҒА КЕЛИЎИ

(Р-589, №180082)

Маман бий ҳәр жылы Елибайға келип турған. Бир жылы келгенинде Қырдағы қарақалпақ жаўгершилик ҳәм қурғақшылық себепли қыйналып атырғанын айтып, оларға қарүй ушын үзиктуўырлыққа кийиз, терме үй жибертипти. Есесине Маман бийге Қырдың қызыл сыйырынан еки жүзин айдатып жибереди. Сыйыр көрмеген халық әўелги ўақытта оны көрип таң-тамаша қылған. Қызылдың халқының сыйырды усламағанына көп заман болған екен.

Маман бийдиң Саят деген қызы да Қызылға түсипти. Маман бийди қырдың халқы да қатты сыйлайды. Усы ортаның халқы Маман бийдиң үлгили сөзин көп биледи екен.

## АДАМ ЕМЛЕГЕН «АМАНБАЙ БАТЫР» МЕНЕН «АЛПАМЫС»

(Р-589, №180082)

Тасбай деген киси Қарадарақ деген жерге қой айдап барған усайды. Қасында бир жолдасы да бар екен.

Жолда олар, баласы аўырып, не қыларын билмей, зыр жуўырып жүрген бир кисиге тап болыпты. Бул киси оларға:

– Ал, ағалар, балама ислемеген емим қалмады. Сизлер де бир «бәдик» айтсаңыз, шыпасы тийип, баламның бети бери қарар, – депти.

Ана еки адам бунық ықласын жыға алмай, не қыларын билмей турғанда, ол екеўин зорлап үйине алып келипти. Жолда Тасбайдың қасындағы жолдасы:

– Сиз «Бәдик» билесиз бе? – деп сорағанда, ол:

– Билемен, – деп айтып салыпты.

Үйге киргеннен кейин Тасбай сөзиниң басында «Бисмилла» деп айтып алып, жыраў жолы менен термелетип «Аманбай батыр» жырлаўын айтып, қайырмасына келгенде «Кеш, кеш бәдик!», «Кеш, кеш, бадбақ!», «Кеш гулансаң, кеш!» деп бир қайырыпты. Арасында «Алпамыс» жырлаўынан да қосып:

Шадылар қурған шатыр ма?
Шатырда шери жатыр ма?
Шерлериң бизден батыр ма?
Не көрдиң Қара ат, не көрдиң?
Не билдиң Қара ат, не билдиң? – деп бир тоқтап алып, «Кеш, кеш, бәдик!» деп дем салған болыпты. Буны еситип отырған қасындағы адам күлкиден өзин зорға басып отырған.

Үш күн жатып ол «Аманбай батыр»,«Алпамыс» жырлаўлары менен «Бәдик»ти қосып айтқан екен, баласы түспегир, жазылып кетипти. Баланың әкеси буларды ырзы етип қайтарыпты.

## ӘБДИРЕЙИМ ТАҚЫЛДАҚ ПЕНЕН ОМАР

(Р-589, №180082)

Қарақалпақта Жабының тоғыз жабы деген тийресинен Әбдирейим тақылдақ деген сөзге шебер киси өтти. Сол кисиниң бир жерге барса, ақырына дейин орнынан турмай отыратуғын әдети болған екен.

Бир күни ол Омар деген жорасы менен бир жыйынға барып қалыпты. Омар отыра берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әбдирейим далаға шыққысы келип, әри-бери шыдапты. Ақыры болмағаннан кейин, ол қасындағы биарға:

- Қыстың күни қыраў турар суўықта,
Суўсын ишсем жуўырып барар қуўыққа,
Сыртқа дарриў барып келейин, ағажан,
Мен келгенше мына шайды суўытпа, – деп сыртқа шығып кетипти.

## САДАҚ АЎЫЛЫ

(Р-589, №180082)

Ҳәзирги Аққабақ аўылы бурын Садақ деп аталған. Отырықшы халықтың айтыўына қарағанда, бул жерде бурын қарақалпақтың Садақ деген урыўы отырған. Садақлар қазаяқлы болған. Садақтан Келеген әрбиген. Кейин-ала Садақтың бәри басқе көшип кетип, бул жерге бастырмалы қора салынғаннан кейин аты «Темирқора» болып кеткен. Аўылдың туў сыртынан «Жаў жолы» өткен. Сол жерде қырғын урыс болған екен. Садақ пенен мылтықтың сынығы елеге шекем табылады екен. Адамлар төне мектептиң орнында түнде от жанып турғанын көп мәрте көрген екен. Сонлықтан олар өз жерин көп қан төгилген, әўлийели жер деп есаплайды екен.

## ҚАРА БУХАР

(Р-590, №180083)

Бухария журтын ата-баба «Қара Бухар» ямаса «Бухартан» дейди. Бирақ «Қара Бухар» деген аты жийи қолланған. Мусылман әлеми оны «Бухарайы шарип» дейди.

Бухар – бир батырдың аты екен. Өзи дәўдей, қара киси болған. Сол Бухар батырдың журты «Қара Бухар» аталыпты.

Булдыр,булдыр күн өткен,
Бурынғыда ким өткен,
Булдырықтың журтында,
Бухар деген ер өткен, – деген сөзлер де сол киси ҳаққында айтылған.

Бухар менен қарақалпақтың Бухарбай батыры бир адам емес. Қара Бухар Булдырықтан да бурын жасапты. Жыраўлар Булдырық қаққан туўралы да айтады. Ол кейин болған саўда. Кейин ўәлаят жақты «Булдырықтың журты» деп кеткен. Биз сол жақты «Бухар» деймиз. Сол бетте туўылған балаға «Бухарбай», қыз болса «Бухаргүл» қояды. Басқа жақты «Бухар» демейди. Пасти «Нур» дейди. Мына қабақты «Нура» дейди. «Нураның қара қумы» дейди түў ана қырға шейин. Әне, негизи Бухар бабаның журты усы Кенимықтың туғы болған.

## СЫНАЎ

(Р-1299, №1[illegible])

Ережеп тентек узын бойлы адам болып, узын кирпиклери көзин жаўып турады екен. Адамлар ер жетип киятырған балаларын, байраққа шабатуғын атларын Ережеп тентекке алып келип, сынатады екен. Ережеп қолы менен кирпигин жоқары көтерип турып:

- Сениң мына балаң адам болады яки адам болмайды, - деп баҳа береди екен.

Той-тамашаларда байраққа атлар кеткенде Ережеп тентектиң «Мына ат озып келеди» деп сынаған, баҳа берген аты ырасында да байрақтан озып келеди екен дейди.

## ЕЛИБАЙ

(Р-590, №180083)

Таўелибайдың негизги аты – Елибай. Әўел бастан жердиң халқын да «Елибай» деп атап келген. Усы арадан көшкен қолдаўлылар бир-бирин «елибайлы» дейди. Қырдың халқы жердиң де, ел-халықтың да қуўатлы болғанлығы себепли, «Елибайдың жери бай» деп буяққа қызыққан. Аз-аздан келе берген, ҳәр урыўға қызын берип, бирине «ўәкил бала» болып, әбден қарақалпаққа сиңискен

www.ziyouz.com kutubxonasi

Киши жүз сөйтип келген бул ортаға. Бир жерге қылышын көмген, бир жерге қоржынын көмген, бир жерге атын көмген, Қырдан тас әкелип, сада қарақалпақтың мазарына қойған. Ақыр соңында соны дәлил еткен.

## ЕР СУЛТАН

(Р-590, №180083)

Түркистандағы Ҳәзирети Султанды ата-баба ев бабамыз дейди. Қарақалпақтың қытайы екен. Негизи Арысланбапқа барып тақалады. Биз балаға ат қойсақ та, әўлийелерге жан атасақ та, Арыслан бапты алды менен тилге аламыз. Сол Арыслан баптан қурма алған Әжи Аҳметти Ҳәзирети Султан, Ер Султан дейди. Ер Султан ҳәр жылы Бухардың қарақалпағына келип турған. Нур Атадағы ата-бабалардың қәбирине зыярат қылып, соларға ас берген. Тап қылўетке киргенше солай болған.

## ҚАЙТАР ДҮНЬЯ

(Р-590, №180083)

Бир карўан кетип баратырған екен. Жол бойы бир көлдиң бойына түнепти. Азанда және жүрип кетипти. Бир мезгил жол жүреди. Жолда карўанбасы алтын камарының жоқ екенин билип: «Не де болса, кешеги түнеген көлдиң бойында қалды-аў» деп, изине қайтады. Келсе, бир ғарры көлдиң жағасында отырған екен.

Ол ғаррыдан:

– Алтын камарды көрдиң бе? – деп сорайды.

Ғарры:

– Яқ, – депти.

Карўанбасы житит ғаррының гәпине исенбей, оны өлтириўге буйрық береди. Карўанбасының нөкерлери ғаррыны сабап-сабап өлтиреди. Соның арасында ғаррының туўысқан-туўғаны келип қалып, олардың бул исин көрипти. Олар карўанбасыны қазыға берипти. Ол сонда ғаррының туўысқанларына «Ол айыбына бола жазасын алды» дейди.

Қазы аўылдағы барлық үйди тинтип шығыўта буйрық береди. Бир үйден карўанбасының алтын камары табылады. Оны сол үйдиң баласы көлдиң бойында жүрип таўып алған екен. Сөйтип, өлген ғарры камарды алмаған болып шығады.

Қазы баланы да жазаламайды. Камарды карўанбасыға берместен бурын қазының бир ўақыя есине түсип, китап ашады. Ол заманда ҳәр бир болып өткен ўақыя китапқа жазылып қалынады екен. Соның менен, китап ақтарады. Бир ўақытлары жаңағы баланың бабасы биреўлердиң қолынан жазықсыз өлип кеткен екен. Изин кескенде, биреўлер оның белиндеги камарын шешип алып кеткен болып шығады. Адамлар из қуўған менен, айыпкерди таба алмайды. Сол ўақыя солайынша жабылып қалған екен.

Қазы тилсим китабын ашып қараса, бул баланың бабасын көл бойындағы ғарры өлтирген екен. Ол мына келген карўанбасының бабасының тапсырыўы менен солай қылған екен. Карўанбасы камарға қызығып, сондай буйрық берген екен. Соларды бир-бир айтып берген қазы, «камар өз ийесин тапты» деп жария қылады. Карўанбасыға еки кисиниң қуны ушын мың қой төлетеди. Ақыр-ақыбет ҳақыйқат кеш болса да ашылыпты.

## ШЕГЕН ҚУДЫҚ

(Р-590, №180083)

Қызылқумда суў қәҳәт. Соның ушын адамлар оның ҳәрбир тамшысын айрықша қәдирлеген. Оны табыўдың қам сақлаўдың барлық тәсилин излеген. Қудықлар сол жердеги адамлар ушын тийкарғы тиришилик дәреги болған.

Бурын олар небир машақат пенен қудықты қолы менен қазған. Кейин ишин қандым менен өрип шыққан. Қандым менен қарыстырылып өрилген қудық көпке дейин шыдаған. Бундай қудықты адамлар «шегенқудық» деп атаған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУДЫҚШЫЛАР

(Р-590, №180083)

Қудықшылық – барлық жумыслар арасында ең аўыры ҳам машақатлысы есапланған. Оны қазыўда сал қателикке жол қойғаны себепли өлип кеткенлер де болған. Соның ушын бул кәсипти ийелегенлерден айрықша билим талап етилген.

Бурынғы ўақытта қудықшылар абыройлы кәсип саналған. Олар болмаса, халық суўсыз қалады. Бул Уллы Қызылдың қыр-сырын тек қарақалпақ биледи. Бақты ашаршылықта келген қазақ ағайин я суў таппай, я қудық таппай дәрдесерге түскенде, олар қудықшы қарақалпақларды бир үйир жылқыға, бир келе түйеге сорап алып, қудық қаздыртқан. Қызылдағы ең атақлы қудық қазыўшы – Қумар қудықшы болды. Қумар қудықшының устазы Қулман қудықшы (қарақалпақтың шүйит урыўынан). Қумар – Меңлибай бийдиң төртинши баласы. Қумардың қазған қудығы: Майлы, Түлкибай, Қумар (Аққудық жақта), Бузаўбай (Үшқудықтың сыртында, тап Төрткүлге жақын). Түлкибай – Қумардың ағасының лақабы, шын аты Жумабай. Жас ўақтында Жумай деген. Өз атына қазған Қумар қудықтан бир жүз жигирма метрдей жерден суў шығарған. Бул Қызылқумда суў аса тереңнен шығады. Бузаўбай Мүсиреп те тоқсан қулаш жерден дәрьяға бергисиз суў шығарған.

Екинши жаҳан урысы ўағында сондай тереңнен суў шығарып, ҳүкиметтиң малын аман алып қалған.

## ҚУМАР ҚУДЫҚШЫ

(Р-590, №180083)

Қумар қудықшының шәкирти – Сейилбай қыпшақ (Сейилбай Өтемурат улы, қарақалпақтың салдыр-қыпшақ урыўынан). Ол өз туўысқаны Жалғас Бекен улы менен иниси Омардың баласы Пердебайға да устазлық еткен.

Қудықшылықтың ең қыйын усылы – «пайги қазыў». Пайги – қудықтан суў тартатуғын түйениң барып қайтып туратуғын жолы. Қудықты қазғанда да қумды шелекке, қаўғаға салып шығарып турады. Оны да түйе тартады. «Түйетартар» деген де сол. Қудықтың түби қырық адым болса, жоқарыда да қырық адым жерден жарма қылып, қыялата қазылып барылады. Сонда қудықтың түбине саррас жетеди. Қудық тикке қазылса, ол қудықшылардың үстине қулап кетип, көмилип қалыўы мүмкин екен. Ыспа қум қуйылып кетсе, басады да қалады.

Қумар қудықшы қудықтың түбинде қалып қойған еки адамды пайги қазып шығарып алған. Суў тартып атырып та қулап кеткен адам көп болған. Оларды жаңағыдай әдис пенен шығарып, ақ кийизге орап, бир неше күнге шейин қараңғы үйде жатқарып қойған. Егер сөйтпесе, қараңғыдан бирден жарыққа шықса, адам соқыр болып қалады екен. Ондайдан аман қалған адам да шамалы екен.

Қудық қулап кеткенде Жалғас қудықшы бирнеше күнде пайги қазып, өзи шыққан. Қудықшылық сондай қийели кәсип. Қудықшылар елдиң нағыз ерлери саналады екен.

## ӘСКЕРБАСЫ

(Р-1299, №183812)

Ережеп Хийўа нәкерлериниң әскербасшысы болып урысқа түскенде кешқурын Хийўа ханының алдына келип:

– Хан ҳазиретимиз! Үш марте жаў бизлерди басындырып қуўды, ал бизлер алты марте жаўға басым келип, жаўды бағындырдық, енди күн кеш болып баратыр, кейин шегинип, күш жыйнап, ертең азанда жаўға топылсақ қайтеди? – дегенде ханның бир әмелдары:

– Жаўды алты марте басындырдық дейсең, басындырғаныңды бизлер көрмедик ғой? – дегенде, Ережеп:

– Урыс болса енди болып атыр, ал сизлер ханыңыз бенен әмелдар, ҳәкимлериңиз шоқ қаңбақтың астында тығылып, бәлени көресиз бе? – дегенде хан қамшысының сабы менен ериниң басына тықылдатып урып, бир ойланып турып, Ережептиң мына айтқан сөзине түсинип:

– Ал, енди бәримиз бир тойлайық, – деп, хан атқа қамшы басып шаўыпты.

Ханның артынан ҳәмме әмелдарлар шаўып, Хийўа әскерлери буған қуўанып, қыйқыў салып шаўып, жаўды қуўып салыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАРЛЫҚ ЖАМАН ЕМЕС, ЖОҚЛЫҚ ЖАМАН

(Р-1299, №183812)

Бурынғы өткен заманда Барлық деген бир жарлы киси болыпты. Оның бир тапқаны бир тапқанына жетпепти. Сол себепли «Барлық жаман» атаныпты.

Бир ўақытлары өзинин мийнети арқасында байып кетипти. Соннан кейин Барлықбай атаныпты.

Сол ўақытта усы елде бир еки аға-инили жарлы жигит болған екен. Бир күни екеўи ойласып:«Барлықбай деген бай бар дейди, жүдә сақый деп айтады, жетим-жесир, аш-камбағалға қарасады дейди. Бизлер де соған барып, балларға саўынға сыйыр сорап барсақ, ўақытша берип турмас па екен» деседи.

Солай етип, екеўи Барлықбайды излеп кетеди. Барлықбайдың аўылына барып сорастырады, бирақ излеп таба алмай, ҳайран болады. Себеби ол аўылда Барлықбай деген көп екен. Бир үйге барып:

– Барлық жаман дегенниң үйин билесиз бе? - дейди.

– Сол Барлық жаманың мен боламан, – деп, оларды үйине апарады. Сыйлайды, күтеди. Екеўи қатты уялады, бизлердиң буннан бир зат сорап келгенимиз қайсы, өзинше «жаман» дегенимиз қалай болды?! Енди бул қалай бизиң жумысымызды питкереди деп, қорқады.

Барлық булардың неге келгенин сорап, олардың екеўине бир-бирден саўын сыйыр берипти. Еки жигит қуўанып, сыйырды жетелеп жолға шығарда Барлықтан оны «жаман» дегени ушын кеширим сорап атырған қусайды.

Сонда Барлық оларға:

– Жигитлер, барлық жаман емес, дүньяда жоқлық жаман болады, – депти.

Сөйтип еки жигитти уялтады.

## ҚАЛМУРАТ ҚЫПШАҚ

(Р-1299, №183812)

1916-жылы жети үйден бир адам мардикарға алып, оларды Шымбайға жыйнайды. Елдиң ишинде көп адамлар буған наразы болады. Соның менен Шымбайдағы приставты өлтирмекши болып, бир неше адам кеңеседи. Олар қатын көйлегин кийип, приставты өлтириўге таярланады.

Приставтың жайы Шымбайдың ҳәзирги кеселханасының турған жайында екен. Түнде бир топар адам болып жайдың есигинен киреди, үйиндеги приставты далаға шығарып алып, оны Қалмурат қыпшақ деген мардикаршы тас пенен урып өлтиреди ҳәм оны Кегейлиге атып жибереди. Бала-шағаларын да қалдырмай өлтиреди. Бирақ приставтың бир қызы ғана өлмей аман қалады.

Усы ўақыядан кейин олар сол күни түнде қашып кетеди, яғный қарақалпақ аймағынан шығып, Әзербайжанға шығып кетеди.

## ПАРАХОР БИЙ

(Р-1299, №183812)

Бир аўылда парахор бир бий болған екен. Сол бийдиң жалғыз қызы бар екен. Бий қызды биреўлер айттырып келсе, ҳеш келисимге келмей, оларды үйинен қуўып шығады екен.

Бир күни биреў қуда түсип келсе, оны да үйинен айдап шығыпты. Жаңағы адам бийдиң парахор екенин биледи екен. Ол парахор бий үйинен шыққанда оның кисесине еки тилла салыпты.

Парахор бий кисесин қараса, еки тилла бар екен, оның пара екенин билип, үйине кирип, жоралары на:

– Ҳаў, жоралар, қызымды жаңа айттырып келген адамның баласына бере қойсақ та болады, – депти.

## ҚУУАҚЫ ЖИГИТ

(Р-1299, №183812)

Аўылдағы бир қуўақы жигит бир күни бир байдың үйине келипти. Жигит үйге келип отырған соң оның алдына тек айран қойылыпты. Нансыз айранға қуўақы жигиттиң көўили питпей, мынаны айтқан екен:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Ассалаўма-алейкум, айран
Мен сеннен қашып жүрсем,
Маған сен келдиң қайдан?
Қатынлар менен урысып,
Ертели-кеш жулқысып,
Айрылып қалыпсаң сой майдан,
Ақ деген атың болмаға,
Артық емеген-аў пайдан, – депти.

## ИЙШАН АТА ҚУДЫҒЫ

(Р-1299, №183812)

Ийшан ата қудығы ҳәзирги Ийшан әўлийе жанында болып, бул қудықты Ийшан ата деп танылған үлкен ийшан салдырған. Бул қудықтың аўзы тек бир шелек сыйғандай болған, шелекке суў толыў ушын ийилә алмаған оған бос шелек батып толып шығатуғын караматы болған. Бирақ бул қудық көмилип ҳәзир тек орны ғана қалған.

## АЛБАСТЫНЫ САБАҒАН ӨТЕГЕН

(Р-1299, №183812)

Қарақалпақта албасты ҳаял келбетинде сүўретленеди. Ол көбинесе тоғайда жүрип, адам жоқ жерде алдыннан шығады екен. Оның емшеги дизесине түскен, жалаңаш, өзи семиз, шашы узын көбинесе сары шашлы болады екен.

Бул ўақыя өткен әсирдиң 20-жылларында болған. Өтеген деген киси тоғайда кетип баратырса, алдынан путаның түбинде отырып шашын тарап отырған албасты шыққан. Өтеген өзиниң аталарынан албасты алдынан шықса, не қылыў кереклигин еситкен екен, дәрриў албастының үстине далинип барып, шашынан услап сабайды.

Албасты бар даўысы менен шыңғырып жылаған ўақытта таңлайындағы түйинни жерге түсип кетеди. Өтеген түйинди алады. Албасты түйинин түсирсе, болмайды екен. Оның барлық күши сол таңлайындағы түйининде болады екен. Ол Өтегенге:

– Сениң жети бабаңа шекем зыяным ды тийгизбейин, түйинимди бер, – деп жалынады. Сонда ғана ол түйинин береди. Албасты көзден ғайып болады.

## КӨПИРДИ ЖАРЫЎ

(Р-1299, №183812)

Кеңес ҳүкиметиниң отыз жетинши жылы адамларды қамап, атып атырған ўақыты. Усындай ўақытта бир колхозшы да көп пенен бирге қамалыпты. Тергеўшилер күнде түнги саат үште жаңағы кисиден сорау алады екен.

Сорайтуғыны «ҳүкиметтиң душпанлары ким, қандай астыртын шөлкем бар, ағзалары ким, мақсети не?» деп сорайды екен. Өзи аўылдың колхозшысы, ҳүкиметке қарсы «организация»ны қайдан билсин. Күнде усы сораўды берип, талдырып ура ғутын қусайды. Бир күни ол таяқтан қутылыў ушын «Сол сораған организацияңыз бар. Мен соның ағзасыман» депти. «Қандай планларыңыз бар?» десе, мақсетимиз – «көпирлерди жарыў» депти. Қайсы көпирди десе, айтеўир аўызына келген жерди, көпирди айтыпты. Ертеңине милициялар жаңағы жердеги көпирди излеп барса, ондай көпир болмай шығыпты.

## МӘМЕЛЕК

(Р-1299, №183812)

Тахтакөпирдиң «Қара ой» деген жерине жақын «Жин келди» деген жер бар. Жақын күнлерге шекем усы жерден өткен адамды жин айналдыратуғын болған.

Дәўлетияр атлы киси атлы Тахтакөпирде жасайтуғын ағайинлериниң тойына барып қайтыў

www.ziyouz.com kutubxonasi

ушын жолға шығады. Қараөзектен шығып Тахтакөпирге жақынлаған жерде Ерқыял деген тоғай болған. Сол тоғайға жақын «Аманбайдың тамы» деген гене жай болған. Күн батқанда сол жерге зордан жеткен. Даўлетияр тоғайдан өттим бе деп алдына қараса, баяғы Аманбайдың жайына және келген. Ол және атын қамшылап жолға түссе, баяғы жайға және айланып келген. Таң атқанша ол усылай қайта-қайта бир келген жерине келип жүре берген. Таң атқан соң қараса, бир жайды айналып жүре бергенин атының изинен билген. Сонда ол өзин мәмелек айналдырғанын түсинген.

## МҮЙТЕНЛЕР

(Р-1299, №183812)

Хорезмли мүйтенлерди өзлериниң атайынлери деп есаплаған бухаралы мүйтенлер оларды Бухараға көширип әкетиў ушын келген. Келген ўәкил тәррыларға сол жақтағы мүйтенлерден «мүйтенлерди көширип әкелесиз» деген тапсырма болған. Мүйтенлердиң ақсақаллары, абыройлы адамлары жыйналып маслаҳат қурған. Сол маслаҳатте олар мүйтенлердиң хожалықларын Бухараға көширип алыўы ушын қанша көлик кереклигин есаплап шығып, көшетуғын күнди белгилепти.

Көшетуғын сәне жақынлағанда Тахтакөпирли мүйтенлер «Ата-бабалар жатырған Қабақлы ата әўлийесин таслап кетиў гүна» деп, көшиўден ўаз кешипти. Бухаралы мүйтенлер Бухараға қайтып кетипти. Солай етип, мүйтенлер өзлериниң баяғы урыўласларына қосылыў ниетинен қайтқан екен.

## БУХАРА ӘМИРИ БАТЫРХАН

(Р-1242, №183023)

Бухара әмири Батырхан деген қарақалпақ болған. Халық оны қарақалпақтың маңғыт урыўынан деп айтысады екен. Батырханнан соң Бухараға Темирхан, оннан Ахатхан, буннан соң Музаппар, ең соңғы Сайд Алимхан – бәри де атадан балаға ханлық мийрас болған адамлар екен.

Батырхан деген үлкен әўлийе адам болып өткен. Ол Бухараның патшасына үш жүз әскер менен елши болып барады. Ол өзи айбатлы ири киси екен. Оны көрип Бухара ханы қорқып кетеди. Патшаның алдына барып:

– Орныңнан тур, – деп патшаға буйрық береди. Патша орнынан турғанын билмей қалады.

– Жети қәдем жүр, – дейди. Патша жети қәдем жүреди. Сөйтип өзи патшаның орнына отырып алады. Патша Батырханға Бийбиханым деген қызын береди.

## ҚЫЗКЕТКЕН КАНАЛЫНЫҢ АТАЛЫЎЫ

(Р-539, №176382)

Қызкеткен дәслеп арна болған, дәрьядан сағá алып, үлкен канал атанған. Қызкеткен деп аталыўының себеби, ертеде бир қыз өтипти, өзи жүдә сулыў болыпты. Сүйген жигитине бермей үйиниң иши бай баласына бермекши болған. Соның ушын қыз усы каналға келип өзин таслап өледи. Қыз өлими алдынан «Ким арманлы болса, сол жерге бара берсин»деп айтып кеткен екен. Тәғдири усы қыз сыяқлы болған көп қызлар усы каналға келип бойын таслаған. Соннан «Қызкеткен» деп аталған.

## СӘЛМЕН АТА

(Р-1299, №183812)

Сәлмен ата деп аталыўшы әўлийениң аты бизиң дәўирде пайда болған. Кеңес ҳүкимети орнаған жыллары ҳүкимет молла, ийшан, ахунларды қамап, қуўдалап атырғанда Сәлмен атаны да қамайды. Бул киси мусылман growing дининен жүдә саўатлы адам болып, ҳүкимет оның халыққа тәсиринен қорқады.

Ҳүкимет адамлары Сәлмен атаны қамап, сыртынан қулпырып қойса, күнде қулпы ашылып кете береди екен. Сәлмен ата сонда оларға:

– Мениң сыртымнан қулпырмай-ақ қойың, бәри бир мениң перийштелерим қулпты ашып, түнде келеди, – дейди екен.

Айтқанындай, ҳәр күни кеште қулпырған қулып азанда ашық болып туратуғын қусайды. Сәлмен

www.ziyouz.com kutubxonasi

ата түрмеде өледи. Ҳүкимет оны әўлийеге қослай, қаланың сыртына бир өзин көмип таслайды. Соңынан ол өлген жер үлкен қойымшылыққа айналады. Сонда оны билген адамлар: «Ҳүкимет оны өз халқынан қанша узақластырмасын, барибир олар уламаны дөгереклеп жатыр» деген екен.

### МАРЖАНТАМ
(Р-539, №176382)

Бир жигит сулыў бир қызға ашық болып, оны айттырыпты. Бирақ қыз оны қәлемей, өз сүйген адамына турмысқа шығыпты. Сонда қыздан өш алыўды ойлаған баяғы жигит қыздың ҳинжиў-маржан таққан сәўкелесин урлап алып, бир тамның түбине көмип кеткен екен. Оны биреў таўып алыпты. Сол «Тамның түбинен маржан табылыпты» деген сөз елге жайылып, сол жердиң аты «Маржан там» болып аталып кетипти.

### МОЙНАҚ
(Р-1294, №183769)

Бурынты теңиз жүдә ашшы болған, адамлар қарды ҳәзирги Мойнақтың жерине топлап үйеди екен. Сол қар ерип, суў болып, ойда жазы менен турады екен. Үйилген қар узақтан қараған адамға атаўда мойын болып көринеди екен. «Мойны ақ атаў, мойны ақ атаў» деп усыдан келип шыққан деп тәғарйылар айтады. Бул ўақыя буннан бир жүз қырық-бир жүз елиў жыллар бурын болған.

### ЖЫЛЫНА ҮШ РЕТ ПИСЕТУТЫН ЖЕМИС
(Р-1299, №183812)

Дәўлетназар медресени питкергеннен кейин Хийўаның ханы оған барлық бийлердиң үстинен қарайтуғын беглербеги деген атақ берип, ҳүжжетине мөр басып, астына ат миндирип, сарпайлап қайтарады.

Күнлердиң биринде қарақалпақлардың арқа тәрепиндеги бийлерден салық келмей қалады. Хийўаның ханы буған дарғазап болып, салық жыйнаўға нөкерлерин жибереди. Сонда Дәўлетназар беглербеги ханға өзи барады. Хан орнынан қалай турғанын сезбей қалады (Айтыўларына қарағанда, хан Дәўлетназардың шешенлигине таң қалады екен). Аманлық есенлик сорасқаннан кейин Дәўлетназар беглербеги ханға:

– Уллы ханымыз, дарьяның арқа жағындағы халық оғада аш, бизлердиң сизге төлейтуғын тилламыз жоқ, – деп жасырмай айтады.

Хан бираз ойланып турып:

– Балам, өзлериңизди өзлериңиз бағa аласыз ба? – дейди.

– Аўа! – дейди Дәўлетназар беглер беги.

– Сизлердиң я бир миййеңиз, жемисиңиз жоқ, халықты не менен бағасаң? – дейди хан ҳайран болып.

– Миййе бар, – дейди Дәўлетназар беглер беги.

– Қандай миййе?! – дейди хан еле де ҳайран болып.

– Жылына үш марте писеди, – дейди Дәўлетназар беглербеги.

– Бул қандай миййе болды?! Сол миййени көрсет! – дейди хан.

– Әжеп болады, ханымыз! – деп беглербеги толы бир қапшықты усынады. Қараса, сүтилмек есимлиги толып турған екен.

– Бул не? – дейди хан.

– Сүтилмек.

– Усы есимлик жылына үш марте писеди дегениң ырас па? – дейди хан.

– Ырас, ханымыз. Биринши өзин, гүллеген ўақытта гүлин, миййелеген ўақытта собығын жеймиз, – дейди Дәўлетназар.

Хан бул сөзлерди еситип, оның ҳақыйқатында да сөзге шешен, тапқыр екенлигин тан алады ҳәм сөзден утылып, арқа жақтағы қарақалпақ аўылларын бир жыллық салықтан азат етеди. Бул сапары да Дәўлетназар беглербеги ханның сарпайын алып, зер шапан жамылып қайтқан екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫДЫР КӨРГЕН ДӘЎЛЕТНАЗАР
(Р-1299, №183812)

Күнлердиң биринде Дәўлетназар беглербеги жолда баратырып бир жолаўшыны ушыратады ҳәм «Ассалаўма-әлейкум» деп сәлем берип, қолынан алады. Серли Дәўлетназар беглербеги жолаўшының алақанынан оның әпиўайы адам емес, ал Ҳәзирети Қыдыр екенлигин сезип қалады. Қолын қысып жибермей турады. Сонда Қыдыр оған қарап:

– Қолымды жибер, адамзат! Сен мениң ким екенимди сезип қойдың. Сениң тилегиңди орынлайын, бирақ мениң бир шәртим бар, – дейди.

– Қандай шәрт екен? – дейди Дәўлетназар беглербеги.

– Мен ҳәзир атым менен сеннен алысқа қашаман. Сен мениң изимнен жетсең жеткениң, жетпесең қалғаның. Егер жете алсаң, саған пәтиямды беремен, – дейди Қыдыр.

Солай етип, Қыдыр ата қумлықта жети ағырым басып өтеди. Сегизинши төбеде оны Дәўлетназар беглербеги услап алады. Сонда Қыдыр артына қайрылып қарап:

– Илайым, жети ата-бабаңа дейин шық түспесин, аллаҳу-әкбар, – дейди де, көзден ғайып болады.

Әне, соннан берли оның әўладлары халыққа белгили азаматлар болып жетилиседи.

## ҚЫРЫҚ ҚАБАТЛЫ МЕШИТ
Р–1299, №183812

Дәўлетназар беглербеги қарақалпақтың барлық бийлерин жыйнап, ойласып-кеңесип, халыққа тәлим-тәрбия бериў, бунық ушын ең дәслеп мешит салдырыў кереклигин айтып өтеди. Басшылар қосшылар – барлығы оның гәпин мақуллайды. Ҳәдемей усталар алып келинип, олардың шарапатлары жаратылып, қырық қабат мешит қурылады.

Беглербеги бир қатар бийлер менен биргеликте Хийўаға барып, ханнан мешитте оқытатуғын моллаларды сорайды. Хан бундай ийгиликли ислерди қоллап-қуўатлайды ҳәм ҳәр жақтан бир қатар ийшан-моллаларды шақыртады. Олардың арасында Мәмутжан ахун белгили орынды тутқан еди. Оның менен бирге Қудайберген мақсым да қарақалпақтың балаларына қураннан, ҳәдистен сабақ берген.

Усы билим дәргайында қарақалпақ халқына белгили Айназар тәўип те тәлим тәрбия алған. Айназар тәўип «Түп китап» деген китапты қунт пенен оқып, ондағы пайдалы мәсләҳәтлерди әмелде қолланып, халықтың денсаўлығын сақлаўда тынбай хызмет еткен.

## АЙНАЗАР ТӘЎИП ҲАҚҚЫНДА
(Р-1299, №183812)

Дәўлетназар беглербегиниң улы Қудайназар, оның баласы Байжан, оның перзенти Айназар. Әне, сол Айназар халық арасында тәўиплешилик етип, адамлардың денсаўлығын сақлаўда мийнет еткен. Ол он төрт жасында ата-анасынан айрылып, жетим қалады. Балалығы оғада қыйын кешкен. Ат шаўып, ылақ ойнап, қус салған, аң аўлап күн кеширген. Қарақалпақстанның арқасы да, қубласы да оның атын мақтаныш пенен тилге алады. Себеби, Айназар тәўип оғада саўатлы шыпакер еди. Ол ертедеги «Түп китап» деген бийбаҳа китаптан барлық кеселликлерди емлеўдиң усылларын, дәри-дәрмақлардың таярланыўы усылларын ҳәм олардың дәрилик қәсийетлерин жазып алып, оқып үйренген, излеген, әмелде де сынап көрген.

Күнлерден бир күн елдиң бир ақсақалы, ең абыройлы басшыларының бири аўырып қалады. Бул суўық хабарды еситип, ел басшысының туўған-туўысқанлары, жақын жуўықлары қәўетерге түседи. Белгили шыпакерлер оның емин таба алмайды. Ақырында Айназар тәўипти шақырыўға мәжбүр болады. Ол келип, сол ақсақалды ҳәр тәреплеме тексерип, кеселин анықлайды. Ақсақал қылтамақ болған екен. Сол пайытлары бул кеселликтиң емин табыў оғада қыйын еди. Бирақ Айназар тәўип ел басшысынан қумда жүретуғын келик сорайды да, келик пенен қубла жақлардан бир жылан тутып, кесип, майдалап, унтақ етип бийтапқа береди. Ҳәдемей бундай шыпалы дәрини қабыл еткен ел басшысы тәўир болып кетеди.

Ҳәмме Айназардың ҳақыйқый тәўип екенлигин тан алады ҳәм оған терең миннетдаршылық билдиреди. Ҳаттеки, ақсақалдың қызы да Айназар тәўиптен қылтамақтың емин үйренген екен. Тәўип өмириниң ақырына шекем қарақалпақ халқының денсаўлығын сақлаўда мийнет етти, атақ-абыройға, мәртебеге, ҳүрметке миясар болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПУЛЖОЙ АЛТЫН КӘНИ
(Р-1207, № 182886)

Бир ўақытларда Пулжойда «алтын қараў» деген болған. Адамлар қыста Пулжойға кетип, ақан етип шуқыр қазып, ишин қарға толтырып қайтады. Сейтип бәҳәрде барып алтын қарайды. Баяғы төледеги суўды суўсынға қум жуўып алтын табыўға пайдаланады.

Қанжығалылардан еки ағайин адам алтын излеп барды. Ағанда иниси ағасына:

– Бүгин түсимде биреў күн шығарға қарап жүр деп айтты, – деп, белине жип байлап күн шығарға жүре берипти. Алдынан алтын толы қум (гүзе) шығыпты. Ағасы да оның изинен аңлып келе берген екен. Инисиниң көтере алмай атырған гүзесин, арқаңа салайын деп қолайласып атырғанда, урып өлтирип, өзи алтынды аўылына алып қайтады.

Бираз ўақыттан кейин оны алтынның пуўы көтерип, үйине барыўдан қаялына:

– Шық үйден, қыз аламан, – деп порсылдатып урып атырғанының үстине қоңсы-қобалар арашаға түседи.

Шунатай бармағына ийне суғып қанатып, өзине соргызып уйқылатады.

Сол ўақытта Қоңыраттың ханы Мадирейим пушық деген киси екен. «Алтынды бөлисиўге тәрези излеп жүрмиз» деген гәпти еситип, ол «Алтын хандики» деген ҳүким шығарады. Сейтип алтын тапқан адамның үйине жасаўылын жибереди. Үй ийеси жасаўылға үш жүз теңге аўыз бастырық берип қайтарады. Жасаўыл ханға «майда-шүйде нәрсе екен» деп айтып барады.

Ол адам он бес жыл байлық көрген, кейин елди баспашы шаўып, барлық жыйған-тергенин алып кетиен. «Мийнетсиз дүнья дүнья болмас» деген усы.

## ӘПЛАТУННЫҢ ЫЛАҒЫ
(Р-1207, 182886)

«Әплатунның ылағы» деген сөзди еситкен болсаңыз, оның тарийхы мынандай екен.

Бир күни Әплатунның ылағы өтлап келгеннен кейин өнер шығарып, секеңлеп ойнай береди. Буның мәниси не екен деп, Әплатун ылағын аңлыйды. Қараса, ылақ таўға барып ғозалы шөп жейди екен. «Бул шөпте нәтийже бар шығар» деп тексерип көрсе, ол ҳәзирги көкнар екен. Ғаррылар көкнарды аязға, асқазанға, бастың кеселлерине ем деп айтады. Бирақ барлығына ем бола бермейтуғын шығар, мәселен, бабасыр кеселиниң жети түри бар. Соның биреўине ғана тәсир етиўи мүмкин.

## ЕЛИБАЙ ЕСАБЫ

Елибай есабы – қарақалпақ халқының ески жыл қайырыў, күн тергеў түри. Бул есап шарўалар арасында қолланылады. Елибай есабы бойынша жылдың басы Наўрыз күнинен бир ҳәпте бурын басланады. Жылдың дәслепки айы Әз деп аталады. Халық бул айды улықлап «Әз кирди, хәз кирди» дейди. Әз – жети маманың бири. Оны Әз мама деп те атайды. Әзден кейингиси – Көрик айы. Шарўалар Әздиң кириўин «алты айшылық жаздың басы» деп биледи. Әздиң киргенине қуўанған журт:

«Әз келсе – жаз болар,

Жаз келсе, еллер мәс болар» - дейди. Бул айдың кириўи Қырда бир күн бурын басланады. Қыр халқы сол күни «Наўрыз» байрамын тойлаўды баслайды. Оны олар «Амал» деп тойлайды.

Елибай есабы бойынша Әзден кейин Көрик айы киреди. Қырда бул айды Көкек айы деп жүритеди. Елибай есабы Әййем маманың қыдырып келиўи менен тамамланып, Әз маманың кириўи менен қайтадан басланады.

## ХАЛЫҚ ЕСАПДАНЛАРЫ

Халық арасында күнниң, ҳәптениң, айдың, жылдың есабын алып, ҳаўа райын болжаўшыларды «есапшы» ямаса «есапдан» деп атаған. Асан Қайғы бабаның өзи атақлы есапдан болған. Ол ҳәр күнниң қалтарыс-бултарысын айтып, қайғырып отырады екен. Мәнке бий де айтыўлы есапдан болып, айтқаны айтқандай келе берген. Берги заманда Бухара қарақалпақлары арасында Ердан есап-

www.ziyouz.com kutubxonasi

дан, Нуралы есапдан, Ереке есапдан, Қосан есапдан деген арқалы болжаўшылар болған. Ерте заманларда Қоишыбай айтқыш, Қозыбай майрық деген есапданлар өткен. Бухар әмириниң қасында Абылла уәлии деген есапдан болған. «Бухар есабы» деген есаплаў Абылла ўәлийден басланған.

Қосан есапдан Тоғыс есабының билимданы болған. Ҳәр аймақтың есабы бир-биринен парық қылады. Тоғыс есабындағы Қамбардың келиўин Қырдың халқы Қосанның аты менен байланыстырып, «Қосан тоғысы» ямаса «Қарақалпақ тоғысы» деп атап кеткен. Тоғыс арасындағы күнлер «Әлиара» деп аталады. Қосан өзи жүриткен есапты «күнганақ» деген. Күнниң есабын анық алғаннан кейин. Қосанның есабында жаңылыс болмаған. Бухара шарўалары Қосанның есаплаўы бойынша көшқоным бағдарын анықлаған.

## БЕСҚОНАҚ

Баяғы заманда бир үйге бес жолаўшы келеди. Булар қалаға шыққан базаршылар екен. Ешеклеринде теңлеп артқан жүклери де бар екен. Үй ийеси мийманларды жыллы шырай менен күтип алып, оларға қонақасы береди. Қонақлар өзлериниң таң қараңғысынан жолға шығатуғынлығын ескерте-ди. Қоныққай

– Тәңирдиң таңы атсын, қуяш шықсын, күнниң ырайын билип болып, азанғы алқастан соң жолға шығарсыздағы, – дейди.

Қонақтың биреўи түнниң бир ўағында оянып, сыртқа шығады. Аспанға қараса, жарқырап турған бир жақты жулдызға көзи түседи. «Хе, Шолпан жулдыз туўған екен ғой. Таңның алды болып қалыпты ғой» деп, шериклерин де турғызып, елес-алеңде жолға раўана бола береди.

Булар қанша жүрсе де таң ата қоймайды. Бираздан соң күн бирден суўытып, ызғырын басланады. Изинен адам-адамды көрмес дүбелей болады. Қонақлар жолдан адасып, жүк артқан ешеклери бир жақта, өзлери бир жақта қалады. Дүбелейдиң изи сыран суўыққа айланады. Биймезгил жолға шыққан базаршылардың бесеўи бес жерге жасырынып, бас панасын излеп кетеди.

Оларды үйинде қондырған Қоныққай азанда турса, қонақлары жоқ. Қоныққай қатты қәўетерленеди. Күнниң ырайы сынғаннан кейин бирнеше адам менен қонақларын излеп шығады. Бир жерлерге келсе, қонағының бесеўи бес жерде бүрисип, жан тапсырған екен. Ешеклердиң де ҳәр жер, ҳәр жерде өлип атырғанының үстинен шығады. Адамлар «Аҳ-ўай» деп басларын шайқап, аманат денелерди алып қайтады. Соннан баслап алдамшы жулдыз «Ешекқырған», ал айтпай келетуғын тоғыс суўық «Бесқонақ» болып аталып кеткен қусайды.

## ҒАЙЫПБЕРГЕН ДАРЫМШЫ

Халық арасында илаҳий даўалаўшылық қабилет қонған кәрият ийелерин «дарымшылар» деп атаған. Дарымшылардың зиян-зәҳметти қайтаратуғын, кеселди көширетуғын дуўаларын «дарым» дейди.

Ғайыпберген дарымшы да өз заманының атаўлы таўипи болған. Кесел аўыр болса, оны орнынан қозғамай, ол үйди де қысындырмай, өзиниң баспанасында отырып-ақ, сыртынан даўалаған. Жаңа аўырғанларды дәрҳал барып көрип, сол заматта емин айтып кеткен ҳәм оқыўын өзи оқып отырған күйиктиң үстине адам жибермеген. Шилледе отырған гезде шилтенлер жәрдеми менен адам емлеген. Ғайыпберген дарымшының емшилигиниң күшли екенлиги туўралы «Отыз жыл төсек тартып жатқан адамды орнынан турғызған, қырық жылғы аўрыўды бир жазда жазған» деген сөз қалған. Ғайыпберген дарымшының тұқымынан баба қасийети ғайбана қонған Ерман дарымшы, Байназар дарымшылар шыққан.

## ТУРЕКЕ ҒАЎҚЫМ

Туреке ғаўқым – қарақалпақ халқы арасынан шыққан атаўлы таўиплердиң бири болған. Турекениң әкеси Қайыпназар жамғыршы деген киси. Арғы бабасы Гулмурат көреген. Бул тұқым таўипшилик дарыған, көп дарымшылар шыққан әўлад. Туреке де сол жолды даўам еттирген.

Туреке ғаўқым бир наўқасты даўалап болып, қайтып киятырған екен. Төбеликтен түсе бергенинде, ойда ҳак терип жүрген бир жас өспирим баланы көреди. Бала жумысын қоя сала «Ассалаўма

www.ziyouz.com kutubxonasi

әлейкум, ата!» деп емпилдеп келип, сәлем береди. Таўип «Уа әлейкум ассалам, балам!» деп оның қолын қысып турған ҳалда жүзине сер салса, бетиниң бир жағында қараўытып турған жараға көзи түседи.

Түреке ғаўқым оның бетине үңилиўи менен, «Балам сениң мына жараңа ем болатуғын гүлди жаңа ғана көрип келдим. Мениң келген жолым менен барып бир қырдан асып түссең, сол гүл өсип тур. Соны алып үйиңе апар да, қайнақ суўға салып алып, жараның үстине баса бер. Жара өз-өзинен жоқ болып кетеди» дейди. Таўип соны айтады да, жолына түсип жүре береди.

«Бул киси ким болды екен?» деп ойланып қалған бала иш-ишинен «Нем кетти, барсам, барып көрейин» деп жан-жағын барлаў менен силтеў берилген жерге жетеди. Айтылған мәнзилге келип турып айланып қараса, қырдың беткейинде бирден көзге түскендей солыңқыраған бир гүл өсип тур екен. Бала гүлди тамыры менен үзип, көйлегиниң етегине буўып алады да аўылына қайтады. Үйине жақын қалғанында, бағанағы жолда ушырасқан бийтаныс кисиниң де усы аўылда тоқтап, қоңсыгының үйине түскенин көрип қалады. Бала да туўырлап сол үйге барады. Сәлем бере кирип, етегиндеги гүлди Түреке ғаўқымға көрсетеди. Таўип гүлди көрип, «Бәлли, балам! Мениң айтқаным да дәл усы гүл еди. Тап үстинен түсипсең. Енди усыны ыссы суўға сал да, жараңа баса бер» дейди.

Бала ғайыптан тайып келген бул кисиниң айтқан еми бойынша гүлди бирнеше мәрте қайнаған суўға салып алып бетине басқан екен, жарасы биртин-биртин кетип, бирер күннен кейин оның орны да қалмапты.

## ТАҢКЕ ШАЛ

Таңкениң арғы аталары қытайдың ишинде атқа шыққан Қанжарлы Теңей, Меңей. Теңейден Қудайберген айырсақал. Қудайберген айырсақалды Қудайке деп те атаған. Қудайбергеннен Таңирберген, Жаңаберген деген еки бала туўылады. Әкеси Таңирбергенди Таңке, Жаңабергенди Жанай деп атайды екен. Таңирберген қуўақы, Жаңаберген аңқаў екен. Таңке қуўақы болғаны ушын оны «Таңке шал» деп атап кеткен. Бурынғы ўақытта халықты аралап, журтты күлдиртип жүретуғын дәли жигитлерди де «шал» деп айтқан.

Бир жылы қарақалпақты түркмен шаўып, бул еки бала да қуллыққа түсип кетеди. Түркменлер жас балаларды қазақларға сататуғын болған. Қазақлар мал бақтырыў ушын түркменлерден көплеп қолбала сатып алып турған. Таңирбергенди де қазақтың бир байы сатып алады. Оның атын сорағанда өзин Таңке деп таныстырады. Жасы жигирма үшке шыққанша, Қырда мал баққан Таңке әмири қара қойдың соңында өтип кетерин билип, өткен-кеткеннен жолдың бағытын сорап алып, өз елине жетип келеди. Келгеннен кейин бирнеше жыл Қылышлы Өрис бийдиң атқосшысы болады ҳәм бийминнет хызметин ислеп жүре береди.

Өрис бий үсти-үстине тоқал ала береди екен. Бирде тағы бир жас қызды әкелгенде, Таңирберген босағаның аўзында жатып алыпты. Сықырлаўықтың алдында жатырған «бу ким екен?» деп таңырқаған Өрис бий «Кимсең?» дегенде, «Таңири жазған Таңкемен» деп жуўап берипти. Сонда бий «Сонша жыл хызметимде жүрген мына бийғуўсты ойламаппан ғой. Қой буның болмас, усы әкелген нәшарды атқосшыма қосайын. Сүйегимиз бир еди. Әрўақ ыразы болсын» деп өз қалыңлығын Таңкеге берипти. Таңке Өрис бий узатып алған Тоқбийкеге үйленип, соннан Анна, Қуйын, Әйтеке, Шериўши деген төрт ул дөрейди. Олар бөлек аўыл болғаннан кейин биреўлер «Таңке қуўдың аўылы», «Таңке шалдың аўылы» десе, тағы биреўлер «Тоқбийкениң аўылы», «Тоқтың аўылы» деп тилге алады екен. Тоқбийке сулыў да өзиниң молбийкелиги менен аты шыққан қайыр-сақаўатлы ана болыпты.

## ҚАРАДӘЛИ

Қара дәли өз заманында дуўтардың қулағына бүлбил қондырған атақлы сазенде болыпты. Қара сазға жан берген Қарадәли дуўтарды да сөйлетип, оны қол менен де, аяқ пенен де бирдей шертеди екен. Ҳәтте, арқасына қойып та саз шерткенде журтты таңқалдырған. Қарадәлиниң өнерине қайыл қалған халық оның заўықлы ойынларына тоймай, бирнеше күн бойына тамаша бергизген. Ол қай аўылға барса, алдынғы қонып кеткен аўылының адамлары да кейинги барған жерине ерип барады екен. Бул Қарадәлиге үлкен қоллаў болып, оны және де жигерлендирген. Қарадәли жоқ жерден күлдирги ҳәрекетлерди ойлап таўып, тамашаның түр-түрин көрсеткен өнерпаз болған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## САРЫПОСТЫН ҲӘГЕН СЫПАЙЫ

Бәрғыда сарыпостынларда Ҳәген сыпайы деген өтипти. Өзи нағыз сатең, оның үстине тек ғана «сиз» деп сөйлейтуғын сыпайының сыпайысы екен. Ҳәтте, ешегине де сондай сыйласықлы қатнасықта болып, астен ғана «шықныз!» деп айтатуғынға усайды. Сарыпостынлардың сыпайылығы усы бабасынан жуғыпты.

## ӘННЕТ ИЙШАН

Әннет ийшан кәраматы күшли әўлийе адам болған. Халық жаўгершиликке ушырап, мал-ҳалдан айырылғанда кембағалларға, жетим-жесирлерге жәрдем берген. Әннет ийшан шақырған ўақытта кең жазийрада жүрген кийиклер келе-келе болып келиўи менен гүўеннинң алдында ийирилип тура қалады екен. Сонда ийшан аўыл-елдиң келинлерин жыйнап, «Ал енди балаларым, саўып ала бериңлер» дейтуғын болған. Келин-кепшиклер, бала-шағалар жабылып саўып алғаннан кейин, кийиклер қайтадан келе-келе болып кете берген. Халық Әннет ийшан тұқымларын «Кийиксаўған Жабы» деп атайды.

## САБЫЛТ ХОЖА
(Р-589, №3180082)

Сабылт хожалардың арғы бабасы Үргениште жасаған, устазлық еткен ҳәм уста болған. Сол ушын «Уста ата» дейди екен. Дин илимин ийелеў ушын Қорасанға барып оқып қайтыпты. Ел-журтына қуўанып, бираз шакирт таярлағаннан кейин Түркистанға барыпты. Барғанда, шакиртлерин де ала барған екен. Отырымлы журт булардың пакизелигин, әдеп-икрамлығын көрип, «сап улт екен», «азада журт екен» деп сүйсинип, балаларын шакиртликке бере басланты. Устаздың «Уста ата» деген аты умытылып, «Сабулт» атаныпты. Устазға қол берип, «Сабылт хожа» атапты. Сабылт атаның кәраматын көрген халық уллы устазды «Сап бултлы хожа» деген ат пенен де атайды екен. Уллы устаздың төбесинде аппақ булты жүреди екен, бир ўақлары өзи де сол булт үстинде турады екен. Сол ушын «Бултқа минген хожа» деген аңыз қалыпты.

## МАҢҒЫТ ЖУРТЛАҒЫ

Маңғыттың түп бабасы – Мазин бий. Мазин бий әрўақлы адам болған. Ол перилерди байлап, жинлерди жумсаған екен. Мазин бийдин отыз улы болып, олар отыз аўылды қураған. Усы отыз улдың мәканы «Маңғытқыслаў» деп аталған. Маңғыттың жери Уалы тениздиң қолтығына дейин жеткен. Түслик жағы Балқан болған. «Көрмедиңиз қыйын бол жайлаўы – Балқан, қара суўға қатып ишерлер талқан» деген Балқантаў Маңғытқыслаў менен иргелес болады. Маңғыт кеткеннен кейин ол жерге түркмен келген.

Едиге заманында маңғытлар Маңғытқыслаўды тағы да алған. Маңғыттан кейин ол жерде қоңыратлар отырған. Қоңираттан кейин тағы да түркмен мәкан басқан. Халық ол жерди келке шекем «Маңғыт журтлағы», «Маңғыт отырағы», «Маңғыт қыслаўы» деп атаған. Соңынан ол жер «Маңғыслаў» болып аталып кеткен.

## ЕШИ БИЙ

Еши бийдиң шын аты – Ешназар. Ол қарақалпақтағы соңғы бийлердиң бири. Бурынғы ўақытта бийди сайламайды екен. Оны кәтқудалардың өзи сынға салып көреди екен ҳәм халық мақулласа болды, «бий» деген атты береди екен.

Буқыш бий баслаған бирнеше бийлер бийликке қайым азаматлар менен ушырасып, анна-мынан гәп қозғап гүррриңлеседи. Аўыл аралап жүрип, бир тилге илинип қалған жигитти өзлери отырған жерге шақыртады. Бийлер оның менен бираз сөйлеседи. Бир пайыт Буқыш бий:

– Иним, бий болыўға қалайсаң? – деп сәўал қояды.

Сонда ол:

www.ziyouz.com kutubxonasi

- «Кеп айтса, қунтиймесинди бер» деген ғой. Неси бар, бий болсам, өзим де соны ойлап жүрген едим, – дейди.

Бийлер бул жигиттиң сөзиниң бийдарлық, өзиниң әсирекызыл сыпайы екенин билип, атланып жүре берипти.

Олар соннан шығып, бирнеше жамия жағалтайлардың отырған жерине барады. Бул аўылдағы Ешназар исмли азамат көптен бийлердиң нәзерин тартып жүрген екен. Бийлер келип түскен үйге, сол жигиттиң өзи де сәлемге келеди. Олар әңгиме арасында бул жигиттен де сыр тартып көргенде, сөзлерине дәм киргендей болады. Ең соңғы саўалды Буқыш бий береди:

- Иним, сени бий болыўға ылайық көрип отырмыз. Бизиң бул ойымызға қалай қарайсаң? – дейди.

Сонда жигит:

- «Кеп айтса, көк денениңди сой» деген емес пе?! Сизлер исеним билдирсеңиз, көпшилик мақуллап турса, биз не деймиз?!, – деп жуўап береди ҳәм өз үйине мират етеди.

Бийлер бул бөлагынлы жигитке пәтиясын берип, оны «бий» деп жәриялаған екен. Бийлерден пәтия алған Ешназар бирқанша жыл әдил бийлик жүргизип, «Еши бий» атанып, ел-халықтың жанашыр ағасы сыпатында ҳүрмет иззетке сазаўар болады.

## АЛЛАЯР НАРЛАН

Аллаяр Нарлан – қарақалпақ халқының Ақпатшаға қарсы урысқан атышуўлы ерлериниң бири. Орысият әскерлери Түркистанды жаўлап аларда, Аллаяр азғана қол менен қайтпастан гүреске түскен. Халық аўзында «Аллаяр Нарлан», «Аллаяр бек» деп аталған бул батырдың ҳаслы қарақалпақлардың муйтен елинен болған. Ол Тели Нар батырдың тұқымы. Аллаяр көп ўақытқа шекем Ақпатша әскерлерин Қышкөпирден өткизбей турған. Ақыры қарсы жақтың зеңбиреклери бағым келип, Аллаяр өз нөкерлери менен шегиниўге мәжбүр болған. Бирақ, қарсыласына берилмей, қашып жүрип урыс сала берген. Жиззақ түбинде де бирнеше мәрте соққы берип, Орысият қолын албыратқан. Батырға ерген нөкерлер урысқа киргенде, оның өзин уранға қосқан. «Аллаяр Нарлан'», «Аллаяр Нарлан!» деген уран еситилгенде, ақкулақлардың зәрреси ушқан. Аллаярға ерген әскерлердиң бирде биреўи қолға түспестен, биреўлери Аўғанстан кеткен, базылары Иранға өтип кеткен.

## ТӨСКЕ ЖҮРГЕНДЕЙ

Бурынлары күйеў отырған үйге табақ жасалып, тас салынып келетуғын болған. Буны «тастабақ» дейди. Тас салыўлы табақты бир ҳаял есикте услап турады, ал күйеў сол табақты жүрип келип алатуғын болған. Күйеў жалаңаяқ жүреди. Қыз жеңгеси қолына атешкирди алып турады. Егерде жүргенде еки аяғының бармағы биреў-биреўинен өтсе, күйеўдиң аяғына урады. «Қайтадан жүр» деп, күйеўди өз орнына апарып отырғызады. Жигит әўел бир аяғын бир аяғынан асырмай табаққа жетип, тастабақты алыўға ҳәрекет еткен. Егер күйеў жалатайшылық етип, табақ алып келип турған қыз жеңгесиниң көзин алып жүрип кетсе, онда «жөн-жосақты билмейтуғын күйеў» деп, оған өкпелеген. Халық тилинде усыған байланыслы «төске жүргендей» ямаса «күйеўдиң жүргениндей» деген сөз қалған.

## СЫҚМАРДЫ АЛДАЎ

(Р-22а, №82401)

Бурынғы ўақытта қайсыбир аўылда Нурымбет деген оғыры сықмар адам болыпты. Ол тамақ жеп отырғанда үстине адам келсе, өзи тойған кисиге уқсап табақтан шетлеп, сол адам кеткен соң тағы сол табақты жасырып жейди екен. Нурымбеттиң бул қылығын ҳәмме еситип, ҳаттеки көбиси оннан пант жейди.

Бир күни Нурымбеттиң шығыры сынып қалады. Сол шығырды оңлатыў ушын өзи менен атлас жорасы Нурымбет тасырақты шақырады. Ол күни менен шығырды дүзетеди. Кеш болғанда устаға арнап палаў асылады. Нурымбет тасырақ қалай болмасын жорасын алдаўды ойлапты.

Олар дәстурханға келип отырғанда алдынларына палаў әкелип қойылады. «Алың-алың» басланғаннан кейин Нурымбет қәдимги әдетине бола

– Мен болдым, жора, көп жедим, - деп сақалын сыйпап отырып алады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үй ийесиниң қойғанына қарайтуғын уғта жоқ, Нурымбет тасырақ табақтағы палаўды сыпырып-сыйырып жеп алады.

Аздан кейин Нурымбет тасырақ жорасы менен хошласып сыртқа шығады да, «Енди бул не қылар екен. Тағы бурынғы әдетин баслап, қайтадан палаў жер ме екен, я болмаса солай аштан аш жатар ма екен?!» деп қарүйдиң сыртында тың тыңлап турып алады.

Бир ўақытта иштен:

– Ҳаял, ҳа ҳаял, бир нәрсең бар ма? Мен қойсам, қояр деп бурын қойып едим. Жаңағы зәңгар сыпырып-сыйырып жеп кетти ғой, тойыңқырамай қалдым, – деген даўыс еситиледи.

Ҳаялы:

– Азғана бар еди, – деп оған тамақ салып береди.

Нурымбет сықмар жаңа табақты алдына ала бергенде:

– Ассалаўма әлейкум, мен де тоймай қалдым, – деп Нурымбет тасырақ кирип келипти.

Нурымбет бурыштан қызарып, бир сөз айтыўға да тили гүрмелип қалады. Сөйтип Нурымбет тасырақ табақтағы палаўды тағы да тең жепти.

## ТӘСПИ ТАРТЫЎ

Өзин «мусылманман» деп есаплайтуғын адам бес ўақыт намаз оқып, ораза тутады, қудайға қуллылық қылады, шарияттың барлық қағыйдаларын орынлайды. Намазға жығылған адам бес ўақыт намаздан кейин қолы тийсе, тәспи санап, тилек тилеўден басқа нәрселер ойында болмаған. Себеби, бос ўақытларында тәспи санамаса, кеўили басқа нәрселерди қәлеп, ҳәркыйлы дүньяның ғалмағалын ойлап гүнаға батып қалады деп түсинген.

Тәспи деген бир жипке дизилген жүз моншақ тас. Соны отыз үш тастан бөлип, араларына белги қойылады. Мысалы: отыз үшинши тас я үлкен бир моншақ ямаса басқа моншақлардан өзгешерек ақ болмаса көк моншақ болады. Ал усындай тоқсан тоғыз моншақтан кейин жүзинши өз алдына бөлек бир ири моншақ болады. Ол көп жағдайларда ағаштан болады. Тәспи санаўшы диний айтымларды тәкирарлап, тасларды бирме-бир санап өткереди.

## ТЕЛИБАЙ

(Р-589, №180082)

Бурынғы ўақытта көптамғалы кенегеслерде Телибай деген өткен. Лақабы Телибай тенти. Сол дарұаз ойынын ойнап, ағашаяқ кийип, ат үстинде секирип, халыққа өнер көрсетеди екен. Жигиттиң ең сынаўлы ойыны «серик-серик». Оны атта жүрип ойнайды. Оны ойнаўшыларды серкеш дейди. Телибай да сондай серкештиң бири болған. Халықтың аўзында Телибай туўралы:

– Телибай туллар минеди,
Телибай жорға гүреди,
Серик ойнап, секирип,
Серкеш болып келеди, – деген сөз қалған.

## КӘРЎАНБАСЫ ҲӘМ АТҚЫШ

(Р-22а, №82401)

Бурынғы өткен заманда бир кәрўанбасы кәрўан тартып киятыр екен. Ол жол бойы алдынан шыққан аўылға тоқтап, месин суўға толтырып алайын деп бир үйге киреди. Кирип барса, үйде бир ҳаял қозақ тоқып отыр екен.

Кәрўанбасының көзи бирден ҳаялдың биресе былай, биресе былай атып отырған мәкисине түседи. Ҳайран болған кәрўанбасы ҳаялдан оның не екенин сорапты. Сонда жаңағы ҳаял:

– Бул «атқыш» деген, – депти.

Көринген нәрсеге қызығып, оннан пайда табыўды үйренип қалған кәрўанбасы «Бул бир маған керек нәрсеге уқсайды ғой» деп ойлапты да жаңағы ҳаялға:

– Усыныңды маған сат, – депти.

Ҳаял да оның бул исин қызық көрип, оған мәкини бирталай пулға сатыпты. Кәрўанбасы ҳаялға айтқан пулын санап берип, және жолға раўана болыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйине келгеннен кейин карўанбасы макини ҳаялына көрсетип мақтанбақшы болып оны шақырып:

– Шабазым, мынаны қара! Бул «атқыш» деген қурал, – дейди.

Макини көрген карўанбасының ҳаялы:

– Бай-бай, шабазым-ай, буны қаяқтан алдың? – депти.

– Жолда бир ҳаялдан елли тиллаға сатып алдым, – дейди.

– Онда ол ҳаял сени баплаған екен. Және бир жолың түссе, елли тилланы қайтарып аларсаң, – деп күйеўине макиниң не екенин айтыпты.

Сонда карўанбасы басын бир шайқап:

– Ўаҳ! Мен атқышты алған ўақтымда, ҳаял ярым белине шекем жерге кирип отыр еди. Бул ўаққа ол жерге сиңип те кеткен шығар, – деген екен.

## ГУМГУМ ТИСИН САНАҒАН

Ойын балалары «Егер тисиңди гумгум санаса, тислериң түсип қалады» дейди. Соның ушын балалар ылақ бағып, сүтилмек терип жүргенде ямаса топ ойнаўға шыққанда гумгумди көре қойса аўызларын томпайтып, «гумм-гум, гумм» деп тислерин жасырып, гумгумди кесеклеўге кириседи. Балалар гумгумге тислерин көрсетпеўге тырысады. Гумгум тисти көрсе тислери түсип қалады-мыш. Усы гап үлкенлердиң арасында басқаша айтылып жүреди. Мысалы, кимниң тиси түсип опырылып қалған болса, оны «опырық» деп кемситпестен, сыпайы қылып «тисин гумгум санаған» дейди.

## БАЙЫЎЛЫ АТЛАҒАН

Қарақалпақлар байыўлыны кийели қус деп есаплаған. Егер байыўлы қарүйдиң шаңарағына қонып шықылықласа, ол үйде сөзсиз апатшылық болады деп жорыған. Егер, байыўлы аўыл арасында шықылықласа «жас балаларда аўқасланыўшылық көп болады, кеселлик көбейеди» деп адамлар қорыққан.

Байыўлы тийкарынан гөне ҳамларда, еski қыслаўларда болады. Соның ушын «үстиннен байыўлы атлайды» деп балаларды гөне ҳамға жибермейди. Ал малларда белинен майырылып тура алмай қалатуғын кеселлик бар. Ол жазылмайды. Егер, жылқы, қарамал болса, тек сойып алыў керек. Ешек болса сол жатқан жеринде өледи. Бул кеселди халық «Үстинен байыўлы атлаған» деп айтады. Кийели қус тепкеннен кейин «мал белинен майырылған» деп түсинеди. Усыннан тилде «байыўлы атлаған» деген уғым қалған. Белаўрыў адамларды ҳазил иретинде «Үстинен байыўлы атлаған» деп айтады.

## ҚУЛАҚ АТА
(Р-589, №180082)

Қулақ ата – қудирети күшли әўлийе болған. Басына ғырғысы үлкен қалпақ кийип жүреди екен. Соған бола бул кисини «Қулақ ата» деп атапты. Тәжик тилинде «қалпақ» дегенди «қулақ» дейди. Қулақ атаның хаслы-нәсили маңғыт болған. Маңғыттың бүркитли урыўынан болады. Анасы Қарабуўра бабаның әўладынан екен. Ата арўағы да, ана арўағы да күшли болып, Қулақ ата да сондай кәраматқа ийе болыпты.

Қулақ атаның арғы бабасы Әжи мерген. Соң Әжи батыр атанған. Берги бабалары дин жолын тутқан улама болған. Қулақ ата жаяў жүргенде аяғы жерге тиймей, ушып жүретуғын көринеди. Соны билдирмеў ушын узын шапан кийип, соның петпи жер сызып жүреди екен. Журт Қулақ ата жүргенде аяғының басқанын, изин көрмегеннен кейин барып, атаның кәраматына исенген.

Қулақ ата өз дәўиринде аш-арықты тойындырған, жетим-жесирге пана болған адам болған. Атаның қәбирине түнеген адамның жолы болып, иси оңына басады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕС МҮЙТЕН
(Р-1297, №18377)

Мүйит бий адам түбе, перилерге де ҳүкими жүрген карамат ийеси екен. Бий бабаның перилери ең бийик таўлардың басын макан тутып, бир-биринен хабар алып туратуғын болыпты. Бир шети – Алалай таўында болса, бир шети – Булалай таўында, бири – Дағыстан таўларын, тағы биразы Кегистан таўларын жайлапты. Ол заманда оқыўы күшли дарымшылар менен күннен күш алған шамшылар перилерди жер бетинде жүргизбейди екен. Сөйтип олар таўлардан макан таўыпты.

Мүйит бий дүньядан өткеннен кейин перилерди тутып отыратуғын ийе болмай, олар өз еркине кетипти. Бийден бес бала қалады. Олар бес тайпа болып, «Мүйтен» деп аталады. Айлар менен Байлар тұқымы – тенstation теңиздиң арқа жағын жайлайды. Алпылар тұқымы - күнбатар жақты тутады. Абызлар менен Баршалар – түсликте қалады. Мүйит бийден тараған бул тайпалар «Бес Мүйтен» деген атақ алады. Топан суў басқан ўақытта халық аўып, Созақ бабаның тұқымы тум-тусқа дағысып кетеди. Сонда мүйтенлер де өзлерине оң түскен жерлерге жайласып, маканласып қалған. Қайтып келгенлери елге қосылған. «Мүйтенниң periden де қолы бар» деген сөз олардың түп бабасы Мүйит бийдиң атынан шыққан.

## БАЙДЫҢ ИЗЗЕТИ
(Р-22а, №8240)

Бурында ҳәўли-ҳаремли, бирақ ҳийлекер бир бай адам болыпты. Бир күнлери жаңағы байдың үйине үш-төрт адам жумыс сорап келипти. Бай оларға:

– Егер, сизлер мениң ушын жақсы хызмет ислесеңизлер, үстиңизге таза кийим беремен ҳәм тамағыңызды тойдырып қояман. Ҳақ кеўилден хызмет ислегени ушын Дошымбет деген дийқаныма бағымның ҳәм ғазийнеханамның гилтин бердим. Сизлерди де сондай етип ҳүрметлеймен, - депти.

Дийқанлар байдың сөзине қуўанысып, сол Дошымбетке барады.

Сонда Дошымбет олардың гәпин еситип:

- Несин айтасыз! Бай маған «жүда иззет етип», жазда жатыўға сабанханасының, қыста бағының гилтин берип қойыпты, – депти.

Буны еситкен жалшылар «байдың иззети» не екенине көзи жетипти.

## ҚАҢҒАЙЛЫ ХОЖАЛАРЫ
(Р-589,-№180082)

Хожаның барлығын бурын «Қаңғайлы хожалары» деп атаған. Қарақалпақтың Түркистандағы бөлеги аўғанда, хожалар бөлек-бөлек болып көшкен. Көп хожалар Самарқан сайдалына барып жайласқан. Бираз хожалар Сырдың бойындағы Арыс, Хожатоғай, Бесторангыл деген жерлерди макан тутып қалған. Қорасан тұқымы Өгизкент қаласының дөгерегинде болған. Арыслан бап, Ҳәзирети Султан, Әўлийе ата, Баба ата, Қылыш ата, Суўнақ аталардың басында отырған аз үйли хожалар менен суўнақлар көшпеген. Әўлийе ата әтирапының шыйықлары «қарахан хожа» атағын алған. Қаразандағы хожалар маканынан қозғалмаған. Ябыхожа тұқымынан уланхожа, қосымхожалар тарқаған. Олар да Түркистанда қалған. Бул тұқымға қултай менен гедей топары да қосылады. Түрикпенхожа тұқымы да соларға жақын. Ябыхожалардың бир бөлеги «қоңырүйли хожалар» деп аталған.

Түркистанда Қорасан бабаның басын шамшы урыўы ийелеп қалады. Буларды халық «шамшы хожа» деп атап келген. Байполат шайық пенен Қудайқулдың тусында бул жерге Қорасан баба әўладлары қайтып оралған. Бақсейис бабаның да бираз тұқымы Түркистанда қалып, Қырдағы урыўларға бир болған.

Айрықалпақ Ақтарма бийдиң зүриятлары пайғамбар әўладларына қол берип, олардан тараған аталар да «хожа», «шайық», «азиз», «төре» атақларын алған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

### АЛЛАЙ БИЙ ҲӘМ МОЛЛА АЛЫМ

(Р-589, №180082)

Аллай бий - ханга да, халыққа да сыйлы адам болыпты. Оның заманында ҳешким қазы-қаленге дәўға бармаған. Аллай бийдиң шын аты Алланазар екен. Арғы бабалары Маман бий менен аталас болған. Булардың бабалары туўды-питти Бухар менен Сыр аралығын макан тутқан. Бабалары журт қорғап, ханнан, әмирден сый алып турған. Сол ушын булардың сөзи оларға да өтимли болған. Аллай бийдиң араласқан даўы шешилмей қалмаған. Маканы Таллық деген жер. Ол Нуратаға онша қашық емес.

Аллай бийдиң баласы Молла Алым да оқымыслы адам болған. Көкелдес медиресесин питкерген Молла Алым илимли болыўы менен бирге, адамлар оған да жүгиниўге келип турған. Ҳарқандай даўды әдил шешкен екен. Бирақ жасы қырыққа да жетпестен ерте қайтыс болыпты. Халық тилек тилегенде «Аллай бийдиң бийлигин берсин, Алым бийдиң билимин берсин» деп нийет етеди. Себеби Молла Алым да өз ортасына «бий» болып таныл ған. «Жақсыдан ат қалар» деген нақыл усындай инсанларға айтылған екен.

### НУЎ ҚУС ОРДАСЫ

(Р-589, №180082)

Ҳәзирги Нөкистиң орны ертеде суўалма болыпты. Шораның қаласы менен Диўтөбеге шекемги аралықта адамлар кемели қатнапты. Суў қайтқаннан кейин бул жерди қалың қамысзарлық басып, қамыс арасына түрли-түрли қуслар келип уя салыпты. Сырттан қарағанда нағыз «қус базары» болып көринеди екен. Сөйтип бул жер нуў қустың ордасына айланыпты. Олай-былай қатнағанлар қаплаған қусты көргеннен кейин ортадағы қурғақлықты «нуў қустың журты», «нуў қустың ордасы» деп атапты. «Нуўқус» деген ат соннан қалыпты. Суў басқан жыллары Диўтөбе де ортадағы атаўға айланып, қустың барлығы сол төбени ийелегеннен соң ол жер «Қусхана» аталыпты. Бурынғы суўалма орнындағы «Нуўқус» деген ат айтылмай, бул жер Нөкис аўылының аты менен аталып кетипти.

### НУРҚУС

(Р-589, №180082)

Нөкистиң бир аты Нурқус болыпты. Нурқус – отқа жанбайтуғын, суўға батпайтуғын қус екен. Сол қус усы Нурқус деген жерде уя қурып, жалғыз жасапты. Дәрья қатты тасыған бир заманда нурқустың уясы да бузылып, ол бул жерден ғайып болады. Бирақ жердиң «Нурқус» деген аты қалып кетипти. Нурқус маканына Шора батыр көшип келгеннен кейин бул жерде Нөкис деген аўыл да пайда болыпты.

### СУЛТАН ЎАЙИС БАБА

Султан Ўайис баба 625-жылы Йемен мәмлекетиниң Гарани деген аўылында дүньяға келеди. Жети жасына келгенде ол адамлардың қалбиндеги ойларын, алдағы болажақ ўақыяларды болжап биле алатуғын қәсийетке ийе болады. Оның бул көзи ашықлығын, кәраматын көрген аўылласлары сескенип, Султан Ўайисти қуўдалайды. Нәтийжеде ол анасы менен аўылдан шығып кетип, Әмиўдәрьяның төменги бойындағы Қаратаў жанбаўырына келип макан басады. Бул жерге олардың панналаўына шопанлар жәрдемлеседи. Султан Ўайис Юябай деген байдың түйелери менен қойларына шопанлық етеди. Басқа шопанлардың баққан малларына қарағанда оның маллары тез өсип, егизден балалайды. Ол халық арасында өзиниң үш қәсийети менен мәлим болады.

«Мақоми той» – қәлеген жайда болады, қәлеген жайға барады. «Кашифул кулуб» – ҳәр бир адамның қалбинде қандай нийети болса биледи. «Кашифул кубру» – қәбирдеги марҳумның аўҳалын жанынан өткенде айта алады. Усы кәраматлы қәсийетлерин көрген халық оны тан алады. Мухаммед пайғамбар кеселликтен ҳижрийдиң 12 (632) жылы дүньядан өтеди, өлмесинен алдын пайғамбар ҳәзирети Әлий, ҳәзирети Омарларды алдына шақырып, өзи әлемнен өткеннен кейин оның бир қырқасын, шапанын, сәллесин ҳәм хурманы досты Султан Ўайис Корайнийге жеткерип бериўлерин ўәсият қылады. Пайғанбарымыз Саллалаҳу алайҳи Вассаламның ўәсият қылып, үмметлериминиң гүнасын Аллатаалдан тилесин деп берип жиберген бул саўғалары ўақтында ийесине табыс етиледи. Ҳижрийдиң 34 (656) жылы ҳәзирети Әлий Фарс мәмлекетлерине ислам тәлийматын орнатыў

www.ziyouz.com kutubxonasi

мақсетинде жүрис жасайды. Оған пүткил мусылман мәмлекетлериниң патшалары қатарында қатнасқан Султан Ўайис ҳижрийдиң 37 (659) жылы шаввал айының 17-санегинде шейит болады. Ислам динин тарқатып, пайғамбар жолын тутқан, Аллатааланың ышқында «ҳүў-хақ» айтып өмирин өткизген әулиелер әулиеси көз жумғанын көрген урысқа қатнасқан мәмлекетлердиң патшалары оның жасадларын өз еллерине алып кетиў ушын тартысады. Сонда Ҳазирети Әлий бул мәселенин шешимин тапқанша оларды тоқтатып, бир күн мәўлет алады да, нийет қылып жатады. Оның түсине пайғамбарымыз Мухаммед енип, Султан Уайис Қорайниниң мәканы Хорезм екенлигин айтады. Ҳазирети Әлий уйқыдан турып, патшаларға табыт жасаўды буйырады. Пайғамбардың караматы менен Султан Уайис жасады жети патшаның соқтырған табытында да көринеди. Бирақ ҳақыйқый жасад Хорезм патшасы жасатқан табытқа салынып, Хорезмге жибериледи ҳәм өзиниң өмири өткен Султан Ўәйс таўына жерленеди.

Султан Ўайис баба қәбирине 998-жылы Султан Мухаммед Хорезмшах тәрепинен биринши рет мақбара салынады. Шыңғысхан шабыўылы ўақтында зақымланған бина 1805–1806 жыллары Хийўа ханы Елтезер хан тәрепинен қайта тикленеди.

Оренбургта тәлим алып, елине қайтып баратырған шахзада Аллақул Султан Ўайис таўында дем алады, баба руўхларына тилаўат қылады. Түс көреди, түсинде баба оған елине барғаннан кейин Хийўаға хан боласаң дейди. Ҳақыйқатында да, Хийўаға қайтып келгеннен кейин көп узамай Мухаммед Рахим дүньядан өтеди, Аллақулды Хийўаға хан (1825–1842) етип көтереди. Түси оңынан келген хан Султан Уайис баба ҳүрметине мақбара қурдырады. Мақбараны тиклеген уста усы жерде өзине де арнап мақбара қурады. Бирақ, ол дүньядан көз жумған ўақытта Әмиўдәрьяда музлын абыржы болыўы ақыбетинде, оның денеси дәрьяның сол тәрепинде ҳәзирги Хорезм ўәлаятының Шават қаласындағы қәбиристанға жерленеди.

## ҚАЗЫП АҚҚАН ҚАЗҒАҚ ДӘРЬЯ

(Р-589, №180082)

Бир заманларда Әмиўдәрьяны «Жайықдәрья» деген. Дәрья жайылып, жай ағады екен. Усы Жайықдәрья бойынан көшкен еллер барған жериндеги тағы бир дәрьяға «Жайық» деп ат берген. Арадан он еки-он үш ата өткенде бираз халық өзиниң бурынғы мәканына қайтып келеди. Келгенде бағы дәрьяның теңизге қуяр жердеги ағысы пәтли екен. Дәрья жан-жағын жемирип, қатты қазып ағып турған көринеди. Солтип уллы дәрьяның бир саласы «Қазғақдәрья» деп аталып кетипти. Бара-бара оны «Қазақдәрья» деп атап кеткен. Мине сол, Қазақдәрья деген. Ол қуярлық жер болғаны ушын оның «Қазғақ аяғы» деген аты да бар.

## ҚОРЖЫНЛЫ ЖОРАБАЙ

(Р-589, №180082)

Бурынғылар «Қарақалпақтың базары да – Нурата, қара мазары да – Нурата» деп айтып кеткен. Әмир заманында Нурата базары узақ жыл Жорабай мыңбасының қолында болады. Ол қыпшақтың шунақ урыўының қоржынлы деген тийресинен шыққан. Сол ушын оны «Қоржынлы Жорабай» деп те атаған. Атағына сай өзи де қоржынсыз болмаған. Сырттың айтатуғын лақап аты – Жорабай жырық. Оның заманында Нурата базары Ғыждуўаннан да зор болған. Жорабай мыңбасының қасында қарақалпақтың небир шарбузар, ордабузар ерлери топланған. Солар тәртипти сақлап турған. Жорабайдың абырайы Нуртай батырдан кем түспеген.

## БАБЫЛ ӘЎЛИЙЕ

(Р-589, №180082)

Бабыл әўлийе – Көккөз бийдиң зүрияты. Ол киси көзиниң тири ўақтында караматын билдирмеген. Тилсимди билген адам үш марте өз караматын көрсетип қойса, барлық қәсийетинен айырылып қалады екен. Халыққа қайыр-сақаўаты мол адам болған. Дүньядан өтеринде «Мениң қәбиримди неше жылдан кейин ашып көрсеңиз де, денем бузылмайды» деп айтыпты. Арадан әлленеше жыл өткенде ашып көргенде, шынында да денеси сол қалпинде бузылмастан турған екен. Дәртине даўа излеген адамлар Бабыл әўлиени зиярatлайды. Бабыл әўлийениң қәбири Ақтаўдың баўрайында

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШЫМБАЙ АЎЫЛЫ

(Р-589, №180082)

Шымбай аўылының аты Шынбай батырдың атынан келип шығыпты. Қалмақлар Түркистанға бастырып келгенде, ол жаққа жәрдем ушын Бухарадан бираз күш, бираз қол барған. Соларға қолбасы болған батыр Тайлақ баҳадыр деген сардар екен. Тайлақ баҳадырдың ең жақын шериклери Жанбай, Шынбай, Тыңбай батырлар ҳәм ең кишиси Генжебай батыр болыпты. Бул батырлар қашан қалмақты жеңбегенше қайтпаған.

Шардара қорғанының түбинде үлкен урыс болып, қалмақты сол арадан қайтарған. Қалмақлар ишкери өте алмаған. Ташкентти де, Самарқанды да, Бухараны да ала алмаған. Шардарадағы урыс болған жерди «Жаўшықум» дейди. «Жаўдың бети Жаўшықумда қайтты» деген сөз соннан қалған.

Қарақалпақ пенен қазақтың батырлары биригип барып, қалмақты қуўып салған. Урыстан кейин батырлар ханлардан жер алған, биреўлери бурынғы маканына қайтқан. Тайлақ баҳадыр менен Жанбай батыр Самарқанның қасында қалған. Сол жерде Тайлақ, Жанбай деген жерлер бар. Шынбай батыр да бираз жыл Самарқан жақта жасаған. Тыңбай батыр урыста қазаланған. Генжебай батыр Байырқумда қалған. Бул урысқа Қылышбек батыр да қатнасқан. Ол да өзиниң әскерлери менен Түркистанда қалып қойған.

Шынбай батыр мал басы көбейгеннен кейин Елибайға келген. Сөйтип батырдың макан басқан жери Шынбай батырдың атын алған. Ол айтыла айтыла келе «Шымбай» болып кеткен. Шымбай аўылының тарийхы сондай.

## ШЫМБАЙ ШЕЖИРЕСИ

(Р-589, №180082)

Атақлы Алыўшы батыр Хийўа ханына қарсы шығып, атабийдиң ақыл бериўи менен Қызылға келипти. Бир өзи емес, бирнеше жамиў болып келген. Және қасында өзиниң шериклери де болған. Олар да атақлы батырлар екен. Олардың ишинде атақлылары Байман батыр, Сайман батыр, Шопырық батыр, Қулман батырлар болған. Усы бес батыр Бухар әмирине хабар түсирип, Елибайдағы қарақалпақлардың арасынан келип қоныс тапқан. Булар Шымбай әтирапынан келгеннен кейин олардың келип, көш түсирген жери де «Шымбай» деп аталған. Сол бес батырдың биригип қазған қудығын «Бесбатыр» дейди. Олардың тоғызтомалақ ойнаған тақтасы «Тоқтың тоғыз томалағы» деген жерде. Ол бәяғы Тоғанас батырдан қалған белги. Алыўшы батыр өз алдына тағы бир қудық қаздыртқан. «Алыўшы қудығы» деген сол. Араға онлаған жылды салып бәяғы батырлар қайтадан Шымбай ўәлаятына қайтқан. Бирақ жерге қойылған «Шымбай» деген ат соннан қалып кеткен.

## БЕЙИ

(Р-1299, №183812)

Бурында бейи уўылжып писетуғын, пости жумсақ, дәми шийрин жемис болғанмыш. Журт «Бейи – бейиштиң жемиси емиш» деп мақтасады екен. Оның ҳәзиргидей керимсиқ болып қалыўына бир ҳадийсе себеп болғанмыш.

Таў етегиндеги қайсыбир абақоңыр аўылда бир уста жасағанмыш. Ол устаханасы ысып кеткен гезде сыртқа шыға берип, қыс айында өкпесин алдырып алған екен. Уста жаны-жансыздың тилин билетуғын бир атақлы таўипке көринсе, «Енди буның еми жоқ. Қырық күннен кейин демин питеди. Таўға барып, журттан аўлақ жерде бол!» деп кесип сөйлепти. О заманда кимниң үйинде наўқас-сырқас болса, аўылдан аўлаққа жибередимиш. Халық кеселдиң кесапатынан қырылып қала береди-син сөйтедимиш. Басқа адамға жуқпасын деген нийетте устаның да аўылдан шығып кетиўин солай буйырғанмыш.

Соның менен уста үй-иши, бала-шағасы менен ырзаласып, жападан жалғыз жаяў таўға кетипти. Өзи ҳәлден тайған ол бийшара әзер дегенде таўға да жеткенмиш. Сүйретилип барып бир дарақтың түбине жата кеткен көринеди. Уста пақыр былай-былай қымылдаўға муршасы келмей, со жатыстан жата береди. Тек бар болғаны ыңқылап жатқан ҳалде көзин зорға ашып, қуяшқа қарап қоярды

www.ziyouz.com kutubxonasi

екен. Бир ўағында ернине бир нәрсе тамады. Жалап көрсе, шийрин дәми бар емиш. Устаның қарны да қатты ашыққан екен. Ол байнағы шийринге аўзын тутып, соны қорек етип жата береди. Шийриншик те алдын ара-гидик бир тамшылап турса, енди сағылдап тама бергенмиш. Күннен-күнге устаның дем алыўы жақсарғанмыш. Бетине қызыл енип, бойына ҳал енипти. Арадан қырық күн де өтипти, елиў күн де өтипти, алпыс күн де өтипти. Уста әптен сайалғанмыш. Тағы он күн таўда болыпты. Өзиниң қулан-таза айыққанына анық көзи жетипти.

О заманда таўиптен пәтиўа егиткен қәсте қайтып аўылға дарымас екен. Сонда да уста байғус үйине қайтыўға бел байлапты. Үйине тин-аман келип, айласы менен жылап еңиреп қаўышқанмыш. Ертесине устаның үйине жол алыпты. Таўип устаның тин-аман турғанын көрип аңырып қалғанмыш. Устадан «Бу қалай?» деп сорағанмыш. Уста со кетистен таўға барғанын, диңкеси қурып бирнеше күн жатқанын, кейин аўзына бир ширелик тамып, соннан таўир болғанын түсигин қалдырмай айтып бергенмиш. «Онда мени сайерге апар» дегенмиш таўип.

Уста менен таўип таўға барыпты. Таўипке өзи таўир болған жемис ағашты көрсетипти. Қараса, алмадай-алмадай жемиси бар емиш. Суўы ағып писип турғанмыш. Жеп көрсе, пал татыйды. Таўип «Бе-ҳи, бе-ҳи, бунын да сырын билдик» деп ойланып қалады. Бирақ өзиниң устаға «Қырық күннен кейин өмириң тамам» деген сөзиниң болмай қалғанына өкинип, дарақты кейиптимиш. Дарақ пенен сөйлесиптимиш.

– Бе-ҳи, бе-ҳи, бунын да сырын билдик» деп маған айттыңыз ба? – дегенмиш дарақ.

– Ҳа! – депти таўип.

– Мениң сырым, ех-ҳе, көп ғой! – дептимиш дарақ.

– Сен бу адамға ем болмаўың керек еди, сонда да. Мен енди шәрменде болдым. Журт сөзиме исенбейди, – деп налыныптымыш таўип.

Дарақ болса:

– Адам баласы енди мени жақсы көреди. Жанына шыпа табады, – деп өзине кеўили толыптымыш. Таўип өз сөзиниң кериси болғанына қыйналып, «Илайым, суўың сарқылып, кеўип қалсаң етти» деп қарғаптымыш. Қарғыстың күшинен дарақ қуўарған түске өзгериптимиш. Енди оның жемиси де әўелгидей уўылжыған түсте емес, пости қатты, иши аўызды кеуттирип жибергендей нәрсиз, мазасы аз болып қалғанмыш. Бул мийўели дарақ соннан берли бурынғы секилинен айырылғанмыш. Таўиптиң «Бе-ҳи, бе-ҳи» деп таңланған сөзине бола бу дарақтың жемисиниң аты әўели «беҳи», соң-соң «бейи» болып кеткенмиш.

## ХОЖАЛАР

(Р-539, №176382)

Бурынғы өткен заманда, Хийўа ханлығының ўақтында хожалар көбейип кеткен. Хийўа ханы «хожалар көбейип кетти» деп жарлық шығарыпты. Себеби олар тойларда, садақада, өлим-жийында пай алатуғын болған. Соның ушын Хийўа ханы булардың бәри хожа емес шығар, мен булардың арасынан ең ақыллысын таўып алайын деп, сарайына хожаларды «ас беремен» деп шақыртады да, палаўға пышықтың гөшин салдырады. Егер хожалар шын әўлийе болса, пышықтың гөшин билиў керек, депти. Сонда хожалардың ишинде Қосым хожа деген палаўды жемепти. Сонда хан:

– Сен неге жемей отырыпсаң? – дегенде, хожа үндемей дуўа оқып отырып палаўдың үстиндеги пышықларды тирилтип, ханның көзинше шығарып жиберипти. Бул хожа жүдә күшли, саўатлы екен деп, оған тәўбе етипти. Сонда хан:

– Қосым хожа менен атқосшысы палаўдан жеген жоқ, екеўин алып қал да, қалған хожаларды дарға асып, басын ал, – дейди.

Сонда Қосым хожа ханға:

– Өзиңиз сый, ас беремен деп шақырттыңыз, булардың бир қасық қанынан кешиң, – деп ханға арыз етип, хожаларды аман алып қалыпты.

Қосым хожа Ақмешит тәрепте, Сыр бойында жасаған. Жүдә билгир, құран бойынша билими күшли, алдын болжайтуғын адам болған. Жүдә билимли бир шәкирти бар екен. Шәкиртиниң билимлилигин, даналығын, болжамлылығын сынаў ушын оған былай дейди:

– Мен қай ўақытта, қайғы мезгилде, неше жасымда қудаға тағдир боламан? Болжап бер, – депти.

Шәкирти оған:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Мен сизден бурын айта алмайман, – депти.

– Жоқ, өзим руқсат еттим, – депти.

Шакирти менен екеўи жүрип киятырып болжаў жасапты.

– Сиз жасыңыз жетпис беске келгенде, зилле айының ишинде, күн песинге келгенде тәғдир боласыз. Сизди анаў қумның қабағына қояды, – депти шакирти.

Сонда Қосым хожа:

– Сизде бир натийже бар, дурыс болжадыңыз, – депти.

Сонда шакирти:

– Мен сизден бес жылдан кейин тәғдир боламан, күн сәскеликке келген ўақытта. Бирақ екеўимизди бир жерге қоймайды, мени қумның басқа қабағына қояды. Халық «Қосым хожа» деп келип, сизиң басыңызда түнейди. Атақ сизики болады да, аян бериў бизики болады, – деген.

Сол айтқандай, ҳәзирги ўақытта Қосым хожаның басына халық түнейди. «Қосым хожа» деп түнейди, бирақ аян бериў шакиртиники болады екен. Оның себеби төмендегише: Шакирти зикир салып, қобыз тартатуғын хожа екен, соның ушын да, түнеген адамлардың айтыўынша, таң алдында қобыз тартып аян береди екен.

Шакирти менен билим санасады екен, сонда Қосым хожа:

– Мен ҳәзир жасырынаман, сен мени излеп тaўып ал, – дейди екен.

Бул билимниң, дуўаның натийжесинде болатуғын зат. Биринши болып Қасым хожа жасырынады екен. Сонда шакирти таба алмай, көп қыйналады. Пирлерине сыйынып дуўасын оқыса да, таба алмайды. Сөйтип, ең ақырында бир кишкентай қоянсүйектиң түбинде кишкентай қоянның көжеги болып жасырынып жатқан жеринен таўып алады.

Ендиги гезекти шакиртине береди. Шакирти жасырынады. Қосым хожа пирлерине сыйынып дуўасын оқыса да, ол да таба алмай, көп қыйналады. Сөйтип шакиртинен жеңилиске ушырайман ба деп әбден сасып, ойланып, сақалын қасып отырса, сақалының арасына кене болып қатып турған жеринен шакиртин таўып алады.

Бул адамлардың қәбири Сырдың бойында қалған.

## СҮЙЕЎ БАҚСЫ
(Р-90, № 37593)

Гөнедеги Мәдемин ийшанның қызын Хожелидеги Нурабулла хожаның баласы алмақшы болып, күйеўлеп келеди. Ол ўақтың дәстүри бойынша қуда бақсы әкелетуғын еди. Қуда бақсыға Сүйеў бақсы менен Ерполат жыраўды әкеледи.

Сүйеў бақсыны гүллан Гөне Үргенииштиң халқына айттырып береди. Ерполат жыраўға «Едиге» дәстанын айттырады.

Сүйеў елиў-елиў бес жасларында екен. Оның айтқанына пүткил Гөне халқы таңланады.

Бир күнлери Сүйеў бақсыны Хийўа ханы алдырып, он төрт күнге шекем Мақтумқулыдан айттырыпты. Хан Сүйеўден:

– Айтып шамаластың ба? – деп сорағанында:

– Жаңа үштен бирине келдим. Буны бир ай толық айтқанда да, таўыса алмаспан, – депти.

– Онда келген жериңде қойып, «Ғарип ашық» дәстанынан айтып бер, – депти хан.

## МУЎСА БАҚСЫНЫҢ ӘМИРИ
(Р-61, №34628)

«Муўса бақсы ҳаққында қандай қызық әңгиме билесиз?» дегенимде Әмет бақсы төмендегилерди айтып берди.

Муўсаның заманында үш сазенде қыдырып шығыпты. Журтта бир сазенде екен олардың өзлери: биреўи ғарры, биреўи орта жасар, биреўи жас жигит. Олардан басқа сазенде болмаған сол журтта. Бир қуйының үстинен шығыпты олар. Сол ўақлары қуйыдан суў алыўға бир жас келиншек те келип, суў алайын деп атырып жаңағы үш сазенде кисиге көзи түседи. Дәрриў басына орамалын бүркенип, қуйының қасында отыра берипти.

Үш сазенде жақынласып келип, аман-есенлик сорасайын десе, сира үндемепти де, бетин де ашпастан отыра берипти. Не ушын келин бетин ашпайды, үндемейди деп, ҳайран болыпты олар. Ойла-

www.ziyouz.com kutubxonasi

сып, енди оның бетин саз бенен аштырайық деген жуўмаққа келипти.

Сонда екеўи турып:

– Ең жасы үлкенимиз сен едиң, сен баслап шерт, – дептилер.

Гарры «Мухамлар басы»н шертеди (Мухамлар басы – нама басы дегени). Шертип те айтады... Лекин нашар қарамайды.

Орта жасары «Суў серпер» намасын шертеди. Оған да қарамайды.

Жас бала «Илме султан» деген наманы шерткен екен, жаңағы келин бетин ашыпты да:

– Шу йерде бизин аўылымыз бар еди. Үйге келип шай-пай ишип кетиң азырақ, – деп, кәдисин арқалап жете берипти.

Олар да ҳаялдың изинен ерип жүре береди. Үйине барып қараса, бир суп-сулыў үй. Нашар қара үйдиң ишине тегехлерди жайып, ошаққа отты да жағып жибереди. Қараса, бир қапталда қап-қара бир адам жатыпты, оннан басқа жан жоқ. Жаңағы ҳаял болса кирип-шығып шай қойып, нан қойып, хызмет етип жүрипти.

Жас бала қара үйдиң ишиндеги дийўалға асыўлы турған бир алақайыслы дуўтарға көзи түсип кетеди де, жүреги «зуў» етеди. Жаңағы жатқан адам қозғалмастан жата береди. Өзи қап-қара, ҳамме жерин жүн басқан, муртлы. Қойлары да бар екен. Орнынан турады да, қойларын қуўып кетип қалады.

Келин сонда:

– Жаңағы шығып кеткен адам бизиң жасы үлкенимиз болады, – деп үндемеген қалды.

Жас бала дуўтарды көрсетип, ким шертетуғынын сорайды. Сонда келин:

– Өзим шертемен, – деп жуўап береди ҳам балаға:

– Екеўимизди қара жип пенен ақ жипти қосып уйқастырып, бир қосық айтып бер, – дейди.

Сонда бала дуўтарды қолына алып, «Мертеўил» деген наманы шертип жибереди. Ҳаялдың аты да Бербеўил екен.

## МУЎСА БАҚСЫ

(Р-61, №34628)

Муўса бақсы жүда сыпайы адам болған, ал Ақымбет болса қатты бақыл адам болған екен. Үш жылға дейин Муўса Ақымбет бақсының томарын тасып мийнет етип жүрген. Соңында Муўса өз устазынан да озып кетип, халықтың дыққатын өзине аўдарған. Тойларда тыңлаўшылар «кишкене бала айтсын, Муўсаны айттыр» дей береди екен. Муўса угылайынша бес-алты жылдай Ақымбеттиң изине ерип, шәкирт жүреди. Ақымбеттиң бир жарамас минези – шәкиртлери өзинен озып кетсе, оған жасырынша қастыяншылық ойлап, даўысын қалдырыў мақсетинде суўға қосып дәри ишкизеди екен. Көп ере берген соң Ақымбеттиң үлкен ҳаялы Муўсаға жасырынша кеңес береди:

– Сен, Муўсажан, тезирек кет бул жерден, болмаса Ақымбет бир бәле қылып жүрер. Сен мениң хызметимди көп етип едиң, – деп ескертеди.

Соннан кейин Муўса Ақымбетке хабарласпай кетип қалады.

## АСАН ҚАЙҒЫ

(Р-1299, №184812)

Асан қайғы – Тәўке ханның тусында болған адам. Оның Абат атқыш деген баласы болады. Хан Абатты шақырып алып:

– Бир жыртқыш қус бар, соны атып түсирсең, оннан кейин не тилегиң болса да, орынлайман, – деген екен.

Асан қайғы баласына:

– Ханның жумысын питкергеннен кейин тек қарақалпақ ушын қоныс жер сорағайсаң, – депти.

Абат ханның тапсырмасын орынлағаннан кейин ханның берген ҳәр түрли сыйлықларын алмайды да, оннан қоныс жер сорапты. Тәўке хан Абаттың тилегин орынлап, қоныс жер берген екен дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

84- ТОМ



# ЖҮЙЕЛИ СӨЗЛЕР ҲӘМ ЛАПЛАР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

***ЖҮЙЕЛИ СӨЗЛЕР***

## МАМАН БИЙ ҚӘСТЕ БОЛҒАНДА

(Р-46, №50408)

Маман бий қартайып, аўырып жатқанда аўыл бийлери:

– Маман аға, сен өлсең, бизиң халқымыз қалай болады? – дегенде, Маман бий бир-еки жас жигитти шақырып:

– Пәленшежан, мениң басымды, геўдемди дастықтан көтериң, – депти.

Еки жигит бийтиң геўдесин жоқары көтерипти. Сонда Маман бий қасындағы бийлерге қарап:

– Қыпшақтың Маманы өлсе, басқалардың Маманы да өледи. Мен дүньяға тулға бола алмайман, мен өлгеннен кейин басқалардан дақыңызды ала алмасаңлар, өле қалың! – депти.

## БУХАР ӘМИРИ ҲӘМ БУҚЫШ БИЙ

(Р-586, №180080)

Бухардан әмири Буқыш бийдиң батырларға мегзес түр турпатына өзинше сын берген кейинте.

– Бийеке, мен Сизди Бухардың адам базарында көрмедим ғой, – деп кекесинли күледи.

Буқыш бий де еглenip турмастан:

– Тақсыр, Сиз адам базарында ўақтыңызда биз ақыл базарында едик, – деп әмирдиң қуның өзине еслетип қойды.

Ойланбай айтқан сөзинен пант жеген тахт ийеси Буқыш бийдиң алдында наўийе бийжөн сөйлеместей болыпты.

## БИЙ БОЛЫП ДАЎДА ЖҮРМЕН

(Р-1299, №184812)

Хийўаның ханы омыраўлы бийлерди әтирапынан онша алыслатпай, даў-жәнжеллерди шешиўге жумсап отырады екен. Хийўада турғанында Қыйылдағы ағасы Сырымбийден Турымбийге пәтек келипти.

– Жылына еки келетуғын един. Төбеңди хәр көргенде мен пақыр «туғырыма суңқарым келип қонды» деп қуўанатуғын едим. Жигит ўағыңда «жаўда жүрмен» деп туттырмадың. Енди не сылтаўың бар? – деп жазған екен пәтекте.

Турымбий дәрҳал жуўап жазыпты.

– Сырым аға, Сырым аға! Қарақалпақтың жигитин жаўда, бийин даўда көр, – деп айтатуғын един бурын аға. Жигитимде батыр болып жаўда жүрсем, қартайғанда бий болып даўда жүрмен, қарайтуғын ойым жоқ саған қырым аға! Зыяратыңа бара алмай атқанымды ханнан баслап барлық халық биледи. Бир жаўым, еки даўым қалып тур, соларды бир жақлы қылсам, барып қаларман усы гүзектен бурын, аға!

Соныңменен Турымбий Қыйылдан Хийўаға дейин излеп барған туўысқанларын ушқондырып, қаланы қыдыртыпты да, қолларына сәўға-сәлем және пәтекти услатып, Әмиўдәрьядан өткертип жиберипти.

## САЎАЛЫНА ЫЛАЙЫҚ ЖУЎАБЫ

(Р-534, №176477)

Хийўа ханлығы дәўиринде хан әмелдарлары «Гөже» деген жерге кетип баратырып адасқан екен. Олар жолда турған бир баладан «Гөже деген мәканға баратуғын жол қайда?» деўдиң орнына:

– Гөжениң жолы қайда? Айт бала! – деп, балаға ат үстинен дапинипти.

Сонда бала:

– Гөжениң жолы мине, – деп, ийегин жоқары көтерип, геңирдегин көрсетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕРЕЙИН ДЕСЕ...
(Р-1296, №183776)

Баяғы заманларда қарақалпақтың барлық бийлери Хийўа ханының алдына барыў ушын жыйналысып атырған қусайды. Сонда Хийўа ханына пара берип бий болып алған бир жасырақ бий жасүлкен, бийперзент бийге шешенсип:

– Қалай, аман-есен жүрсиз бе, «қанаты шонтық» бий аға? – депти.

Сонда жас бийдиң гапи қатты көўлине келген жасүлкен бий:

– Қудай берейин десе мени, алайын десе сени көрмей жүрген жоқ, надан, – депти.

## САБЫРСЫЗ ЖИГИТТИҢ САЗАСЫ
(Р- 84, №34657)

Бир жигит бир сулыў келиншектиң үйине жумысы болып барады. Келиншек қатыбыламық писирип атыр екен. Ол жигиттиң алдына ыссы қатыбыламықты қойған. Жигит ҳәй-пәйине қарамастан, қасықты толтырып уртлағанда қатыбыламық таңлайына қата қойған.

– Мынаў қайердиң ағашы? – деген жигит, көзинен жас ағып, төмен қарай алмай аңқайып шаңараққа қарап.

Сонда келиншек:

– Сазлаў жердиң ағашы, сабырсыз жигиттиң сазасы, – деп, жигитти жуўаптан да утыпты.

## ӘКЕСИНЕ УҚСАҒАН ҚЫЗ
(Р-1299, №183812)

Қоңыратлылар менен қыпшақлар ҳәр қайсысы өз алдына ел болып, жасап жүрген баяғы ўақытларда қоңыраттың тутқан жерин кеслетуғын, қашқан жаўды қуўса жететуғын бир батыр урыўбасшысының қызы қыпшақлардың бийиниң баласына кеўил қойып, бирақ әкеси буны қалемегени ушын, жигит пенен қашып кетипти.

Бир жылы қыпшақлар қазақлар менен жаўласып, үлкен бүлгиншиликке ушырапты. Алды қыс, барлық нәрсесинен айырылған қыпшақлар ойланып-ойланып, ақыры, қоңыратлы келинди ортаға салып, қоңыратлылардың елине барып пана табыўды уйғарыпты. Солай етип, олар бары-жоғын арқалап қоңыратлылар жасайтуғын мәканға жол алыпты.

Қоңыраттың баяғы хатқудасы таңда атына минип кетейин деп атырса, узақтан бир көш көрингипти. Көш жақынлап келгенде қараса, қызы бирталай адамды изине ертип киятырған қусайды. Соның арасында қызы келип әкеси менен саламласыпты.

– Ҳәў, қызым, бул не келис? – депти әкеси.

– Ҳәй, әкежан-ай, мен өзи баяғыда усы қыпшақларды жаўлап алыўға кетип едим. Мине көрип турғаныңдай, сөзимниң үстинен шығып келип турғаным. Барибир, саған усағанлығыма бардым, – депти.

Қыпшақлыларды жақтырмаса да, қызына сөз таўып айта алмаған қоңыраттың хатқудасы қыпшақларды қабыл етиўге мәжбүр болыпты.

## ҚУДАНЫҢ РӘҲМЕТИ
(Р-46, №50408)

Хийўа ханы ҳәр сапары Ережеп бий менен гүрриңлессе, ўақты хош болып, сол ушын өткир тилли жас перини себеп таўып шақыртып турады екен. Бир күни хан Ережеп бийди түслике мирәт етип, соң миймаңнан ас қайырыўын сорайды. Бий қолын жеңинен шығармастан пәтия етеди.

– Ҳәў, Ережеп балам, қолды жеңнен шығарып пәтия ислеге, қуданың рәҳмети жаўар, дейдилер. Сиз неге қолыңызды тоныңыздан шығармадыңыз? – деп саўал қойды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Тақсыр, жети қат көкти ҳәм Сизиң айқаттай сарайыңызды тесип өткен қуданың рәҳмети мениң тонымның жеңинен өте алмаса, қол бериң онда оны...?! – дейди.

Хан Ережеп бийдиң ҳәзиржуўаплылығына ҳәм ҳәзилнамай гәпине ырза болып, жүзине күлки үйирилипти.

## АБАЙЛАП СӨЙЛЕ, ЖИГИТ

(Р-455, №183022)

Бир жас жигит атын зәртең-зәбертең ертлейди де, азан менен жолға рәўана болады. Ол әдеўир жол жүргеннен кейин атының артына ер жетип қалған қызды мингестирип кетип баратырған бир жигиттиң изинен жетипти.

Жигит атқа мингесип киятырған жолаўшылар менен сәлемлесип болғаннан кейин жол бойы дәлкеклесиўди көбейтип, келмели-кетпели, анаў-мынаў сөзлерди айта берипти. Дәслеп буған алдында отырған жигит те, кейнинде отырған қыз да ҳеш нәрсе деп тил қайтпайды. Булардың изинен жеткен жигит сөзди кем-кем үдете бергеннен соң, аға атлыға мингесип киятырған қыз сөйлеп киятырған жигитке былай депти:

– Ҳаў-ҳаў, жигит, ҳаў жигит,
Абайлап сөйле сен жигит,
Бул жигиттиң анасы,
Анамның қайин енеси, – депти.

Бул сөзди еситкеннен кейин жаңағы жигит аўзын ашпаған ҳәм атының жүрисин бирден пәсеңлетип, кем-кем кейинлей берген.

## ЕРЕЖЕП ЛЕНЕН ӨМИРБЕК

(Р-46, №50408)

Бир күни Өмирбек Ережептиң үйине келсе, Ережеп басына гүбидей узын шегирме кийип отырған екен. Сонда Өмирбек Ережепке:

– Басыңдағы не? – дегенде:

– Қарсақ, – депти.

Сонда Өмирбек Ережепке:

– Екеўимизге телпек болмас па екен ортасынан тең жарсақ, – депти.

## ӨМИРБЕК ҲӘМ ЖОЛАЙШЫЛАР

(Р-533, №176476)

Өмирбек бир күни жолдың бойында турған екен, бир топар ханның жаўшылары келе берипти. Олар Өмирбектиң жанына келип иркиледи де:

– Ябының жолы қайсы? – деп сорапты.

– Аттан түсип келиң, көрсетемен, – депти Өмирбек.

Жаўшылар аттан түсип, Өмирбектиң жанына келипти.

Сонда Өмирбек жолдың ортасына келип, талтайып турып:

– Мынаў арғаның дигиршигиниң жолы, мынаў ябының жолы, – деп көрсетипти.

Сонда жолаўшылардың оның сөзине ашыўы келип:

– Шабың, үйи күйгирдиң баласын! – депти.

– Шаппасаңыз да барасыз, жол жақын, – депти сонда Өмирбек.

– Берип жибериң ақмақтың басына! – депти жаўшылардың баслығы ғәзепленип.

– Берсеңиз бериң, қайтарсын аларсыз, – депти Өмирбек олардың үстинен күлип.

– Салып жибериң ләдәнның маңлайына! – деп жолаўшылар Өмирбекке тура умтылыпты.

Өмирбек олардың үстинен күлип:

– Салсаңыз салып жибериң, айрылысқан жерде аларсыз, – деп жуўап берип, өте кетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## НАСЫБАЙДЫ ҚОЙЫЎ
(Р–533, №176476)

Өмирбекке бир жақсы көретуғын досты келип:
– Достым Өмирбек, мен насыбайды қойдым, – депти.
Сонда Өмирбек достына қарап:
– Қайерге? Дастығыңның астына ма? – депти.
Досты айтқанына пәнт жепти.

## БИЗГЕ ҚАНДАЙ ӨКПЕСИ БАР?
(Р-534, №176477)

Бир күни кеште Өмирбектен баласы:
– Бизлер барлық ўақытта жарлымыз, сен болсаң көп нәрсени билесең, ақыллысаң да, сонда неге усы жарлылық бизлерден кетпейди? – деп сорапты.
Сонда әкеси:
– Сен болсаң жақсы баласаң. Анаң болса ақыллы ҳаял, мен болсам, не тапсам да, адамлар менен ортақласаман. Бизлерден кетип, жарлылықтың бизге қандай өкпеси бар? – деп жуўап қайтарыпты.

## ӨМИРБЕКТИҢ ҚЫЗЫНАН ЖЕҢИЛИЎИ
(Р-533, №176476)

Бир күни Өмирбек өзиниң қызына «қызым сен оңбайсаң, гирә оңбайсаң» деп бақыра берипти. Сонда қызы:
– Ҳай, аға, оңбасақ қызыл шырайлы болып-ақ жүремиз да, – депти.
Өмирбек сөзден жеңилип, үндемей қалыпты.

## АСҚАБАҚ ЖЕМЕГЕН ӘКЕ
(Р-46, № 50408)

Базар күни Өмирбекти бир шаҳарли жорасы көрип қалып:
– Өмеке, тап усы бүгин бизикине қонып кетпесең, жүзиңди көрмей өкпелеймен, - деп, қоярда-қоймай жалыныпты.
Өмирбек қонған екен, өзи аш адамға асқабақ асып берипти. Оның үстине асқабақты жеп отырып, үйдиң ийеси оны қайта-қайта мақтай берип:
–Асқабақ жесең, саўап болады, демин санаўсыз, – дей берсе керек.
Сонда Өмирбек ашыўланғанын билдирмей, сыпайыгершилик пенен үй ийесинен сорапты:
– Сизиң әкеңиз тири ме?
– Жоқ, әкемиз пақыр бес-алты жыллықта қайтыс болып еди, – деп жуўап береди үй ийеси.
Сонда Өмирбек:
– Пай, әкең пақыр асқабақ жемеген екен да, – депти.

## ӘЎЛИЙЕНИҢ БӘРИ БИР ӘЎЛИЙЕ...
(Р-46, № 50408)

Өмирбекке өлейин деп атырса, жақын-жуўықлары келип, басында отырып:
– Өмирбекжан, жаман айтпай жақсы жоқ, аўырыў бар жерде қәтер бар деген, олай-булай болып кеткен күниңде адамның бир көўилге алған нийети болады ғой, қайсы әўлийеге қояйық, – деп сорапты.
– Әўлийениң бәри бир әўлийе ғой, өлгеннен кейин қайсысында жатқанда не? Қайсы әўлийе маған қызын берер дейсең, – депти Өмирбек.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘКЕМ ӨЛГЕЛИ КӨРИНБЕЙТУҒЫН БОЛДЫ
(Р-533, №176476)

Өмирбектиң бир жорасы оның әкесине патияға келмей жүрип-жүрип, соңында Өмирбектиң әкесиниң өлгенин умытып та кетипти. Сол жигит бир күни Өмирбектен:

– Хаў, Өмеке, әкеңиз көптен берли көринбей ме, қалай-қалай? – деп сорапты.

Сонда Өмирбек оған терис қарап:

– Әкем өлгели бери, пақыр, көринбейтуғын болды, – депти.

## ОНДА УСЛАЎДЫҢ НЕ КЕРЕГИ БАР?
(Р-533, №176476)

Өмирбек кишкене бала ўақтында үйиниң алдында ойнап жүрсе, атлы бир адам суў ишейин деп қайырылыпты ҳәм Өмирбекке:

– Ҳә, бала, мына атты услап тур, –депти.

– Тислей ме?

– Яқ.

– Теппей ме?

– Теплейди.

– Қашып кетпей ме?

– Қашпайды.

– Онда оны услап турыўдың не кереги бар? – деп бала Өмирбек ойнаўын даўам етипти.

## СҮЎРЕТИ БОЛҒАН СОҢ БЕРМЕДИМ
(Р-533, №176476)

Бир молла танысының үйинде қонып отырып:

– Кимниң үйинде сүўрет болса, ол үйде берекет болмайды, – депти.

Молла аўқатланып болғаннан кейин қайтайын деп далаға шығыпты. Үй ийеси молланы шығарып алып:

– Жағүлкен, сизге пул берермен деп едим, онда сүўрет болғаннан кейин берекетиң қашар деп, бермедим, – депти.

Молла өз тилине өзи байланып, айтқанына пушайман жепти.

## ЕСИК АШЫЎДЫҢ НЕ КЕРЕГИ БАР?
(Р-533, №176476)

Өмирбек үйинде отырса, биреў есик қағыпты.

– Бул ким? – депти Өмирбек.

– Бул – барлығын ислей алатуғын адам.

– Барлығын ислей алатуғын адамға есик ашыўдың не кереги бар? – деп, Өмирбек өз жумысын ислей берипти.

## ЖҮЗ БАР, ҚӘТЕРЕ БАР
(Р-533, №176476)

Өмирбек қазы болыпты. Оған еки адам арыз айтып келипти. Биреўи келген күни-ақ қазыға қырық тилла пара өткерипти.

Биринши күни сөз қырық тилла пара берген адамның пайдасына шешилипти.

Екинши адам сол күни түнде Өмирбекке жүз тилла пара берипти.

Кейинги күни сөз жүз тилла берген адамның пайдасына көше берген соң:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Қазымыя, гапти қырқып-қырқып айтпайсаң ба? – депти қырқ тилла берген адам.

Сонда Өмирбек:

– Ҳай ладан, жүз бар, қатере бар, – деп, игти жүз тилла берген адамның пайдасына шешкен екен.

## ЕКИ КӨЗИН ЖУМСА, КӨРМЕЙДИ ҒОЙ

(Р-533, №176476)

Бир күни Өмирбектен досты:

– Неге мергенлер аңды атқанда бир көзин жумып атады? – деп сорапты.

Сонда Өмирбек:

– Еки көзин бирден жумса, көрмейди ғой, – деп жуўап берген екен.

## ТАБАҒЫМДЫ ТАБА АЛМАЙ ЖҮРМЕН

(Р-533, №176476)

Өмирбек кишкентай бала ўағында үйи бир таўық сойып, туўрама ислепти де, табаққа туўрама салып, сорпа қуйып, шешеси Өмирбектен қонсы үйине берип жиберипти.

Өмирбек үйден туўраманы алып шыға бергенде есик алдында төгилген суўға тайып кетип, шалқортасына жығылыпты. Буны еситкен кемпири:

– Тектиң бе, қыршын?! – деп бақырыпты.

Сонда Өмирбек:

– Яғаў, апа, табағымды таба алмай жүриппен, – депти.

## ТАЗЫ БОЛЫЎЫ ТАҚЫЙЫҚ

(Р-455, №183022)

Өмирбек ийшанның қолында суўпы болып жүрип, аўылын сағынып, бир күни үйине барып келиўге ийшаннан жуўап сорапты.

Ийшан Өмирбекке үйине жуўап берип атырып:

– Жақсылап дем ал, бала-шағаңның аманлығын билип қайт, қайтарсың маған бир тазы әкелиўди умытпа. Маған дым керек, – депти.

Өмирбек аўылына барып дем алып, ағайин-туўғанларды аралап болғаннан кейин қайтыўға жақынлағанда тазы табыўды ойлап, излей баслайды. Бирақ ҳеш жерден тазы табылмайды.

Жўда болмағаннан кейин Өмирбек тазының орнына бир кепекти алып ийшанға келеди. Ийшан:

– Ҳаў, мынаўың тазы емес, кепек ғой, – депти.

Сонда Өмирбек:

– Сизиң үйде азырақ болса, бул кепек те тезирек тазы болыўы тақыйық, – деп жуўап берипти.

## БУНЫҢ ЖЕГЕН ДӘРИСИН ЖЕГЕНДЕ...

(Р-539, №176476)

Өмирбектиң балалық дәўири екен. Ол бир күни өзиниң жүўерисин шымшықтан қорып турса, бир жолаўшы өтип баратырып:

– Япырмай, мына жүўериниң басының аппағын-ай, – деп таңланып өте берипти.

Сонда Өмирбек жолаўшыға қарап:

– Буның жеген дәрисин жегенде, сениң де көзиң аппақ болар еди, – деп жуўап берипти.

Жолаўшы не дерин билмей қысынып қалыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨМИРБЕК ЛАҚҚЫ ҲӘМ ДОСНАЗАР СОЛАҚАЙ
(Р-455, №183022)

Өмирбек Досназар менен дос екен. Бирақ Досназардың ата-анасы өлгенде де, қызлы болғанда да келе алмапты. Сөйтип, уяла-уяла, бир күни жорасының үйине келипти. Досназардың ҳаялы қатыбыламық писирип, Досназар менен Өмирбектиң алдына әкелип берипти.

Досназар сумлық қылып, қатыбыламықты бармағы менен сызып жиберип, сарымайды өзиниң алдына ағызады. Не қыларын билмеген Өмирбек:

– Бендешилик деген, жора, әкең өлгенде келе алмадым, тап сол күнлери ҳаялым туўып, үйде бир қонақ басты болды, – деп қатыбыламықты бир сызған екен, бирақ май алдына оңлап ақпапты.

– Кемпириң өлгенде келе алмадым. Алыстағы бир жорамның баласының үйлениў тойына ат келип, соған кеткен едим. Бул жора екинши гүнам, – деп Өмирбек қатыбыламықты екинши сапар сызыпты. Бирақ Досназар солақай оған:

– Залели жоқ, жора. Сен келген менен әке-шешем тириле ме, тек көўил ғой. Бирақ көўлиме келди. Ең жақын жорам – сен келмегеннен кейин тап табағым қыйсайғандай болды, – деп табақты өз алдына қарай қыйсайтқан екен, майдың бәри Досназардың алдына жыйылыпты.

Өмирбек ис енди шатаққа айланғанын, майсыз қуры быламықты жеўге туўры келгенин биледи. Сөйтип ол сөзин соза түсип:

– Қызлы болғанда ат жибердиң, рахмет жора. Бирақ келе алмадым. Енди келейин деп атырғанымда қар борап, үргин урып, бир былағай болдыма дейсең, –деп, қатыбыламықты былғап-былғап жиберген екен, майдың бәри быламыққа қарысып, өзиниң алдына келипти.

## ӨМИРБЕКТИҢ ҚАЛАҒА БАРЫЎЫ
(Р-455, №183022)

Өмирбектиң бир көзи соқыр болыпты. Бир күнлери қаладан қайтып киятырып, ыссыға шыдамай шөллепти. Суў ишип шығайын деп бир байдың үйине кирипти. Кирип барса, төрде бир келиншек, еки қыз шарық ийирип отыр екен. Өмирбек есик бетинде отырыпты. Келиншек орнынан турып, Өмирбектиң бир көзи соқыр екенин көрип:

– Ата, бизиң атам қалаға бир көзи соқыр өгиз алып кетип еди, сатқан-сатпағанын билдиңиз бе? – депти Өмирбекти ермеклеп.

Сонда Өмирбек:

– Ақырбазар бир барғанымда бир киси бир көзи соқыр өгизди бир қашар, еки баспаққа бермей турып еди, – депти.

Келиншек сөзден утылып, Өмирбекке шай қайнатып берипти.

## МӘКИРИЎ ҚАСЫҚ
(Р-455, №183022)

Өмирбек лаққы ел қыдырып шығып, бир таныс жорасының үйине барыпты. Барғаннан кейин оған жарма писирип берипти. Өмирбек жармадан бир уртлап, қасықты жалай берипти. Сонда үй ийеси:

– Қасықты жалама, мәкириў болады, – депти.

Буннан соң Өмирбек жарманы бир уртлапты да, қасықты далаға ылақтырып:

– Маған басқа қасық әпер? – депти.

– Ҳа, неге ол қасықты далаға ылақтырдың? – депти үй ийесиниң ҳаялы.

– Ҳаў, қасық адамның тилине тийсе, мәкириў болады дедиңиз ғой, сол ушын ылақтырдым, – депти.

Үй ийеси дым үндемей сөзден утылып қала берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨТЕРИП КИЯТЫРҒАНЫМ ЕКИ ЕШЕКТИҢ ЖҮГИ

(Р-455, №183022)

Өмирбек ийшаны менен жолға шығыпты. Жолда екеўиниң минген ешеги де шаршап жатып қала берипти. Қанша азап берсе де, жүрмепти. Олар ешеклерин алдына салып айдап жүрген екен, ешеклери бирте-бирте озып, кейин буларға жеткермейди. Өзи жаздың айы болса керек, үстилериндеги кийимлери кем-кем аўырлық ете баслайды. Өзлери де шаң аралас қара терге батады.

Бир ўақытта ийшан үстиндеги кийимлерин шешип, Өмирбекке береди. Өзи шаршап, болдырып киятырған адамға еки адамның кийими аўырлаў болады. Не илаж, Өмирбектиң келиўине туўра келеди. Аз-маз жүргеннен кейин ийшан да артында киятырған Өмирбекке:

– Бунша неге қаралай өшип терлеп киятырсаң? Көтерип киятырғаның бир ешектиң-ақ жүги емес пе? – депти.

– Жоқ тақсыр, – депти Өмирбек, – көтерип киятырғаным еки ешектиң жүги.

Ийшан үндемей жүриўин даўам етипти.

## ЖОЛ ӨЗИМЕ ДЕ КЕРЕК

(Р-455, №183022)

Өмирбек үйинде отыр екен, бир топар атлы келип, Өмирбектиң үйиниң жанына иркилип:

– Ҳа, отағасы, бизге жол силтеп жибериң, – деп өтиниш етипти.

Далаға шыққан Өмирбек:

– Жол өзиме де керек, жүрейин деп турыппан, – деп үйине кирип кетипти.

## ТАБЫТТЫҢ ИШИНДЕ БОЛМАҒАН ЖАҚСЫ

(Р-534, №176477)

Өмирбектен бир күни бир досты:

– Өли адамның табытын көтергенде алдында жүрген жақсы ма? Артында жүрген жақсы ма? – деп сорапты.

Сонда Өмирбек:

– Бәринен де табыттың ишинде болмаған жақсы! – деп жуўап берген екен.

## ҮЙИНДЕ ПАТША ЖОҚ ПА?

(Р-534, №176477)

Бир күни Өмирбек қус аўлап жүрип, бир үйге қонбақшы болыпты. Сейтип ол аттан түспей турып, үй ийесинен:

– Үйиңиздиң патшасы жоқ па? –деп сорапты.

Үй ийеси бул саўалға түсинбей:

– Патша дегениңиз не, тақсыр? – депти.

Сонда Өмирбек:

– Жас бала, – деп жуўап берипти.

## ЕШЕК ГЕЎИШТЕН ҚЫМБАТ ЕМЕС ПЕ?

(Р-455, №183022)

Өмирбек бир жақтан ешекли шаршап киятырып, мешиттиң жанына келгенде күн батып, дем алыўға туўра келипти.

Ешегин адамлардың намазға уйыйтуғын жерге байлап, өзи мешиттиң алдында уйқылап қалыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Таң намазы ўақтында иймам намаз оқыўға келсе, ешек байлаўлы тур екен. Ашыўы келген имам:

– Бул қандай ақмақ, намаз оқыйтуғын жерге ешек байлап қойған, – деп шаўқым салыпты.

Оянып кеткен Өмирбек жуўырып келип:

– Бул жерде бирнеше онлаған геўишлер де турыпты ғой. Оннан ешек бир неше мартебе қымбат емес пе, – депти.

## ЯРЫМЫ СУЎ ҒОЙ
(Р-455, №183022)

Бир күни қазы Өмирбектиң шарап ишип отырғанын көрип қалыпты. Сонда ол буған:

– Әй, Өмирбек, сен мусылман болып един ғой, енди неге шарап ишип отырсаң? – депти.

Өмирбек буған:

– Сиз де жипек көйлек кийип жүрсиз ғой, – депти.

– Әй, Өмирбек, мениң көйлегим толық жипек емес, жартысы пахта, – деп жуўап берипти қысылғанынан.

– Мениң ишип отырған шарабым да қайбир шарап дейсиз, ярымы суў ғой, –депти Өмирбек оған.

## ӨЛИМ ДЕ ТУҚЫМ ҚУЎАЛАЙДЫ ЕКЕН-АЎ!
(Р-534, №176477)

Бир адам Өмирбекти жаназаға айттырып келипти.

– Ха, ким өлди? – деп сорапты Өмирбек айттырыўшыдан.

Хабаршы марҳумның атын айтыпты.

– Па, пақыр-ай! Өлим де туқым қуўалайды екен-аў. Оның бабасы да өлди, әкеси де өлди, шешеси де өлди, енди өзи де өлипти-аў!

## САҒАН ЖЕТИЎ ҚАЙДА
(Р-534, №176477)

Бир бай Өмирбекке:

– Сен қандай шешен адамсаң? Сениң шешен тилиңнен ҳеш ким қашып қутыла алмайды, – деп мақтапты.

Сонда Өмирбек байға қарап:

– Сеннен ҳеш бир камбағалдың үйиндеги бир түйир дәни де, бир тийин пулы да аман қалмайды, саған жетиў қайда! – депти.

## БЕЙИШ ЕШЕКТИҢ БОЙЫНДАЙ ЕКЕН ҒОЙ
(Р-534, №176477)

Өмирбек пияда жүрип киятыр екен. Ол күта шаршапты, изинен қуўып жетken бир ешекли адам жақсы қайырқом адам екен. Ол Өмирбекти мингестирипти. Азмаз жүрип демин алған Өмирбек:

– Бейиш деген онша узақ емес, ешектиң бойындай-ақ екен ғой, – депти.

## ОЙЫН-ОЙЫН МЕНЕН КӨП ЖЕРГЕ АСЫППЫЗ
(Р-1299, №183812)

Өмирбек бир күни өзиниң бир достынан жүйрик атын сорап алып қыдырып кетипти. Жолда кетип баратырса, бир байдың баласына дус келеди. Оның да аты бар екен. Өмирбек серлеп


www.ziyouz.com kutubxonasi

қараса, жолдас болған жигиттиң басында жақсылап тигилген қалпағы бар екен.

Өмирбек: «Усының қалпағын алып қашпасам, астымдағы атым гой жүйрик, қутылып кетиўим мүмкин, егерде қутыла алмаған жағдайда, ойнап едим деп айтарман» деген ой менен жолдас болған адамның қалпағын алып қашады. Ол жигит әдеп ойын шығар деп қозғала қоймайды. Ең кейнинде Өмирбектиң алыслап баратырғанын көргеннен кейин, өзинен ол да атты қойып жибереди. Оның аты Өмирбектиң атынан да жүйрик екен.

Анаў-мынаўына қаратпай-ақ Өмирбекти қуўсырады. Бир ўақытта Өмирбек артына қараса, жаңағы атлының қуўсырып келип қалғанын көреди. Қанша қатты айдаған менен қутыла алмасын билген Өмирбек атын иркип, өзинен жеткен жигитке қарап:

– Ма, дослым, қалпағың, ойын-ойын менен көп жерге асыппыз, – деп қалпағын қайтып берипти.
Ол жигит те, ойын болса, ойын шығар деп, үндемепти.

## БАЛАҢНЫҢ АТЫН ОШАҒАН ҚОЯҒОЙ

(Р-534, №176477)

Өмирбек жол жүрип киятырып бир үйге мийман болыпты.
Шай ишип отырғанда Өмирбек үйдиң ийесинен:
– Сениң атың ким? – депти.
– Мениң атым Торанғылбай, – депти ол.
– Келиншегиңниң аты ким? – депти Өмирбек.
– Қалеўенбийке, – депти ол.
Сонда Өмирбек:
– Енди балалы болсаңыз, атын Ошаған қоярсыздар, – деп, жөнине кетипти.

## АТЛАРДЫ АТАМАН

(Р-1299, №183812)

Өмирбек бир күни бир жолдасының атын сорап алып, тойға қыдырып барыпты. Тойханада буны жақсы қарсы алып, бир үйге түсирипти. Азмаз ўақыттан кейин Өмирбек майданға шығып, атына от салайын десе, ол өзиниң минип келген атын танымай қалыпты.

Не қыларын билмей үйге қайтып келсе, керегеде илдириўли турған мылтыққа көзи түсипти. Ол мылтықты қолына алып, майданға шығып барлық даўысы менен «атларды атаман» деп бақырыпты. Бул даўысты еситкен адамлар үйлерден жуўырысып шығып, ҳәр қайсысы өзлериниң атларының жанына барып тура қалыпты. Бир аттың жанына ҳешким бармапты. Сонда ғана Өмирбек адамсыз турған аттың жанына барып, ер-турманын алып, арқасын қасып, от салып, қонақ үйине қайта кирипти.

Солай етип, ол өзи минип келген атын таўып алыпты.

## ҚОРҚЫТ ДЕГЕНГЕ, УСЫНДАЙ ЕТИП ҚОРҚЫТА МА ЕКЕН?

(Р-1299, №183812)

Өмирбектиң бир жорасы болыпты. Ол Өмирбекке:
– Мени ҳеш ким қорқыта алмайды, мен ҳеш нәрседен қорықпайман, – депти.
Бир күни Өмирбек жорасына:
– Мен сени қорқытаман, – депти.
– Қорқыт, қорқыт, бирақ сен қорқыта алмайсаң, – депти жорасы.

Өмирбек жорасының келетуғын жолындағы бир шоқ урықлықтың арасында сыйырдың терисин жолбарыстың терисиндей алалап, жамылып отыра берипти. Жорасы да ҳеш нәрседен хабарсыз келе берипти. Енди тусына жақ келди-аў дегенде, Өмирбек жолбарыстай гүркиреп, гөўдесин көрсеткен ўақтында жорасы қорққанынан талқортасына таслапты.

Бираз ўақыт өткеннен кейин Өмирбек жорасының қасына барып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

- Ҳа, қорқтың ба? – деген екен, жорасы көзин ашып:
- Қорқыт дегенде угылай етип қорқыта ма екен, – деп пәнт жепти.

МОЛЛА ҲӘМ ӨМИРБЕК
(Р-1299, №183812)

Өмирбек бир жақтан қыдырып киятырып, алды кеш болғанлықтан, бир үйге кирипти. Бул үйде бир ақсақаллы ғарры да қонақ екен. Сораса келе Өмирбек ғаррының молла екенин билип:
- Тақсыр, мениң түсинбей жүрген сораўыма жуўап берерсиз бе? – депти.
- Айта бериңиз, жуўап беремен, – депти молла.
Мен көп жерлерди аралайман. Адамлар айтады, бир жериң ылас болса, жуўыў керек ямаса сүртиў керек деп. Усы дурыс па, қалайша ҳадал болады, – депти.
Сонда молла:
- Адамлар өтирик айтады, ол қәте түсиник. Егер бир жериң ылас болды ма, оны шорта кесип таслаў керек, кеспесең, ҳадал болмайды, тазаланбайды да, – деп жуўап берипти.
- Сиз усы түсинигиңиз бойынша оны ис жүзинде орынлап жүрсиз бе?
- Аўа, кесип таслап жүриппен, – деп шәгирмесин көрсетипти.
- Бунын қаяғын кестиң тақсыр?
- Еки қулағын кесип тасладым, – деп, силкип-силкип басына кийипти.
Сол күни қонақ үйи молла менен Өмирбекке жалғыз таўығын сойған екен. Молла қараңғыда далаға шыққанда сойған таўықтың далаға тасланған ишегин басып, ишиндеги суйықлығы геўишине кирипти.
Оны көрген Өмирбек:
- Тақсыр, жаңағы айтыўыңыз бойынша геўишиңизди кесип таслаңыз, – депти.
Геўишине қыйналған молла:
- Мен қәте айтқан екенмен, еки қулағы болмаған соң шәгирмемди көрсетип едим. Енди геўишиме ишим уўдай ашып, кесип таслағым келмей тур. Кессе емес, жуўса таза болады деген халықтың айтқаны дурыс екен, – депти де, молла Өмирбектен уялып, сол күни қысынғанынан конбастан кетип қалыпты.

ҚАРЫНДАСЫҢДЫ ДА АЛА ҒОЙ
(Р-1299, №183812)

Өмирбектиң келиншегиниң туўысқанлары күта жаман адамлар екен. Күнде келип, «мына бир нәрсе керек болып тур, мына нәрсени берип тур» деп, қолына илингенин алып кете береди екен.
Бир күни келиншегиниң ағасы келип:
- Маған бир нәрсе керек еди? – депти.
Сонда Өмирбек:
- Мен саған бир нәрсе емес, еки нәрсе берип жиберемен. Енди мына қарындасыңды да ала ғой, – депти.

ҚОНАҚ, ЖОҚАРЫЛАҢ...
(Р-1299, №183812)

Бир күни Өмирбек лаққы қонақ болып отыр екен, сол аўылдың адамлары усы Өмирбекке бир пәнт берейик деп ойласыпты. Сейтип, олар үйдиң ийесине:
- Бизлер бирим-бирим кире берейик, соң ҳәр келген адамға «қонақ, жоқарылаң» дей бер, сейтип бирте-бирте шығарып жиберемиз, – депти.
Оған үй ийеси де қайыл болыпты ҳәм Өмирбекти жақсылап күтип, палаўды аса берипти. Аўылдың жигитлери де бирим-бирим келе берипти, келгенин келгендей үй ийеси «қонақ жоқарылаң» деп, Өмирбектен жоқары отырғыза берипти. Ең ақырында Өмирбек тап есикке тақалып, истиң шатаққа кеткенин сезип отыра берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ўақытлары тағы биреўлер келипти, оған да «қонақ жоқарылаң» деп Өмирбектен жоқары отырғызыўға мират етипти. Кейинги келген жигитке айти де ерип келген екен. Өмирбек те орнынан өрре турып, тазыны қушақлап турып:

– Қонақ жоқарылаң, – деп, қайнап турған қазанға урып жиберип, өзи шығып кете берипти.

Сөйтип, Өмирбек пант беремен дегенлерге пант берипти.

## АҚЫЛЫҢ БОЛСА, АЙТЫҢ МАҒАН...

(Р-534, №176477)

Өмирбек картайып, аўырып, өлетуғын аўҳалға жетипти.

Оның басында отырған туўған-туўысқанлары бир күни Өмирбекке:

– Сиз енди бизлерди қалдырып, бул дүньядан ол дүньяға кетпекшисиз, бизлер қалып баратырмыз. Ақылгөйимиз сиз единиз, енди бизлер қалай күн көремиз, – деп жалбарыныпты.

Сонда Өмирбек:

– Сизлер бул дүньяда, өзлериңиздиң үйренискен жериңизде қалып баратырсыз. Мен болсам бурын көрмеген жерге кетип баратырман, сизлерден өтинишим, ақылыңыз болса, маған айтың – деп Өмирбек көзин жумған екен.

## ДОСНАЗАР СОЛАҚАЙДЫҢ ҚАЙТЫС БОЛЫЎЫ

(Р-46, № 50408)

Досназар солақай өлейин деп, еси бир кирип, бир шығып атырған екен, ҳаялы келип:

– Шабазым. Енди дүньядан марҳум болатуғын болдың. Өлер алдында не тилегиң бар? – депти.

– Мени бир сазан менен қақтырсаң еди.

– Ҳаў шабазым, сен қақтырыўды көтере алмайсаң ғой.

– Ҳай, сениң бир марданыңда сазанның туўлап атырмеди. Бир айттымдағы, – деп жан тапсырыпты.

## МӘТЕКЕНИҢ СӨЗДЕН ЖЕҢИЛИЎИ

(Р-1296, №183776)

Қандай лаққы ямаса шешен болса да, қам сүт емген бенде емес пе, ол да сөзден жеңилиўи мүмкин. Әдетте оларды өз жынысындағы еркек кисилер емес, ҳаял-қызлар сөзден утады. Мәтеке ағаның өмиринде де усындай ўақыя жүз берипти.

М.Жуманазаров Шоманай районында ўәкил екен. Түсте азырақ дем алып қайтайын деп, Қасқажолдың тусындағы шарўа аўылына келип, Асаў дегенниң үйине мийман болыпты. Асаўдың жасы алпысқа жақынласып қалған, шырайлы кемпири бар екен. Соған Мәтеке ағаның ықласы кетипти.

– Пай, жеңге! – депти М. Жуманазаров, – жас гезиңде бир зор қыз болған екенсиз.

– Аўа, қайним, – депти Асаўдың кемпири. – Ҳәрне ҳалымызға ылайық болған шығармыз.

– Пай, жеңге! – депти тағы да М.Жуманазаров. – Талай жигитлердиң жумысын питкерген шығарсыз?

– Аўа, қайним, – депти Асаўдың кемпири. – Несип еткенин көргенбиз.

– Ўақ, жеңге! – депти бираздан кейин М.Жуманазаров. – Даўраныңыз өте қойған екен.

Бул сөзлерге Асаўдың кемпириниң ашыўы келипти.

– Мәтеке, сен неге гәпти майдалап жибердиң? Сен, жас ўақытта ондай болған шығарсаң, бундай болған шығарсаң, деп отырсаң. Сен болмадың ба? Мәтеке деген қарақалпақ шықты деп даңқың жер жарып жатты. Мен болсам тек өз аўылыма ғана белгили болдым. Мениң көрген қызықларымды сен көрмедиң бе? «Даўраның өте қойған екен» дейсең. Қалсам бала көтериўден қалыппан. Буннан басқа меннен не кемис табасаң? Қане, Мәтеке гәптиң тоқ етерин айт. Өзиңе не керек? Мен еле шатындаман. Сен қусаған бир-еки Мәтекени қабыллап жибериўиме болады, – депти Асаўдың кемпири.

www.ziyouz.com kutubxonasi

М.Жуманазаров жайға да, қара үйге де кирмей, тамның алдындағы қара талдың саясына төсек салдырып дем алып отыр екен. Ол сезден жеңилтенин сезип, машинасына қайтадан минипти. Шарўалар:

– Матеке аға, келмей-келмей бир келген екенсиз. Сизге арнап бир қой сойып атырмыз. Қонақ асыңызды жеп кетиңиз, – деп жалыныпты.

М.Жуманазаров оларға не жуўап берерин билмей тур екен, сонда Агаўдың кемпири:

– Балаларым, Матеке ағаңызды иркпей-ақ қойыңлар. Оны өзим тойдырып жибердим, – депти.

## ТАМАШАНЫҢ БӘРИ ИЙШАН ҚАЛАДА БОЛЫП АТЫР, ДЕСЕҢШИ...

(Р-1296, №183776)

М.Жуманазаров ўәкиллер бригадасының баслығы екен. Бир министр хаял оннан еки-үш күнге жуўап алайын деп, кабинетине келипти.

– Келин, аўҳалыңыз қалай? – депти оған Матеке аға.

– Қайнаға, ўәкилшилик, – депти жаңағы министр хаял. – Тыным жоқ. Бул күнде бир аяғымыз Шымбайда болса, бир аяғымыз Нөкисте, қыйналып атырмыз...

– Келин, ондай болса, тамашаның бәри Ийшан қалада болып атыр, десеңши, – депти М.Жуманазаров.

Министр хаял сөзден утылғанын билип, үндеместен Матеке ағаның кабинетинен шығып кетипти.

## АНАМНЫҢ ОЙНАСЫ ШЫҒАРСАҢ

(Р-1296, №183776)

М.Жуманазаровтың анасы қартайып дүньядан қайтыпты. Жаназаға келген аўылының бир ғаррысы көп жылапты. Адамлар оған:

– Аға, шүкир ет, жылағаныңды қой. Мына кемпирди тезирек шығарайық. Адамлар асығып тур, – десе де, ол ғарры тыңламай, тағы да даўыс шығарып жылаўын даўам ете берипти.

Сонда Матеке аға оған былай деген екен:

– Мениң анам күта жас ўақтында күйеўи өлип, жесир қалып еди. Көп болса анамның ойнасы шығарсаң. Жаның ашып жылай бердиң ғой, қой енди, аға! – депти.

## БАЗАРЫНА ТҮСКЕН ЕКЕНСЕҢ, БИРАҚ...

(Р-1296, №183776)

Қарақалпақстаннан Москваға оқыўға барған аспирант бир офицердиң хаялы менен жүреди екен. Хаял еки қабат болып қалып, нәкисли жигит оған үйлениўге мәжбүр болыпты. Олардың қосылыў тойында Матеке аға жаңағы аспирантқа былай деген екен:

– Иним, анық базарына түскен екенсең да, бирақ ортарағына жетпей, бир шетинен қолыңа илингенин алып қайтыпсаң ғой...

## «ШЕР» ЖИГИТЛЕР

(Р-1296, №183776)

М.Жуманазаров командировкада жүргенде бир әҳмийетли мәселени шешпекши болып, жора-жолдаслары менен ўәделесипен екен. Тилекке қарсы, олар аўылға келгеннен кейин айнып кетипти. Сонда Матеке аға күйинип былай деген екен:

– Қарақалпақстанның жигитлерин тек дүзде гейлетип қоя бер. Олар өзлерин шер қылып көрсетеди. Ал үйине келип, келин баланың қасында бир түнеп шықса болды, бәри пышық болып қалады.

## ТОҚЫМЫҢ АЎЫП ЕЛЕ ЖҮРСЕҢ БЕ?
[Р-1296, №183776]

Бир студент Қаллы ағаның сабағынан қарыздар болып қалыпты.

– Енди таярланыңқырап, гүзги имтиханда қайтадан тапсырарсаң, – депти Қаллы аға.

Бирақ студент оны тыңламай, күнде келип, мазасын ала берипти.

Сонда Қаллы аға гүзги сынаққа қалған студентке:

– Тоқымың аўып еле жүрсең бе? – деген екен.

– Муғаллим, оның усылы аңсат. Бир-еки еңкелесем, тоқымым орнына түседи, – деп ол Қаллы ағаны сөзден жеңип қойыпты.

## ТӨРТ АЭРОДРОМ
[Р-1296, №183776]

Елиўинши жыллардың басында Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетинде төрт таз бирге оқыды. Олардың үшеўи қоңыратлы жигитлер еди. Қаллы ағаның қайын журты – Ҳаким атаның хожалары болғанлықтан, үш жигит пенен жезде ҳәм балдыз ретинде ҳәзиллесип туратуғын еди. Жаздың ыссы күнлериниң биринде форточкадан бир ешек ҳәрре аудиторияға кирип кетип, көп ўақытқа дейин дызылдап ушып жүрди. Студентлер «шағып алады» деп қорқып, оны дәптери менен урып түсирмекши болды. Бирақ ешек ҳәрре адамның жақынлағанын сезип, алыслап кетеди, соң тағы айланып келе береди. Аудиторияда тәўирли басланып, Қаллы ағаның лекциясы бузылатуғын болды. Сонда студентлердиң биреўи:

– Бул ешек ҳәрре не ушын жайдан сыртқа шықпай кетпейди ямаса бир жерге қонбайды? – деп сораў берген еди.

– Егер Москва қаласында үш аэродром болса, бизде төрт аэродром бар. Сонлықтан самолетымыз қайсысына қонарын билмей айланып жүр, – деп Қаллы аға студентлерди бир жайдан күлдирип алды.

## МЕНИҢ БАТПАҒЫМ ЕМЕС, ИСПОЛКОМНЫҢ БАТПАҒЫ
[Р-1296, №183776]

Бәҳәрдиң жаўын-шашынлы күнлериниң биринде Республика белсендилериниң жыйналысы шақырылыпты. Қаллы аға Айымбетов областлық партия комитетиниң мәжилислер залына келемен дегенше үсти-басы суў болып, жаўрап қалыпты. Залға шақырылған адамлардың барлығы жыйналып, енди обкомның бюро ағзалары ишке кирейин деп турған екен. Қаллы аға олардың алдынан өтип баратырғанда бир үлкен ҳәмелдар:

– Жасуллы, батпағыңызды тазалап келмепсиз ғой? – деп оған ескертиў жасапты.

– Қосшым, мениң үйимнен арқалап шыққан батпағым жоқ, – депти Қаллы аға бир аяғындағы ботинкесин сал–пал жоқары көтерип. – Мынаў сүмеп исполкомның батпағы ғой. Егер керек болса, өзи алып қалсын ямаса кепелерди тазалап қойсын! – деп ол залға кирип кетипти.

Үлкен ҳәмелдар сөзден утылып, үндей алмай қалыпты. Сол күни тағы бир мәжилис шақырылып, онда жумысларда жиберилген қәте-кемшиликлери ушын Нөкис қалалық атқарыў комитетиниң баслығы лаўазым орнынан босатылыпты ҳәм Қаллы ағаның жүретуғын жолларын асфальтлаў керелиги ҳаққында арнаўлы қарар қабыл алыныпты.

## ТОҒЫЗ ҚУДАЙ
[Р-1296, №183776]

Бул ўақыя өткен әсирдиң 20-жыллары ақыры ҳәм 30-жыллары басында Қоңырат районында болып өткен еди. Аўыл белсендилери Сабыр ийшанға келип:

– Қудай нешеў? – деп сораў берипти

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Қуда бир. Расули хақ. Еки ийниңде екки периште. Рууайы барҳақ, – деген екен ол.

Белсендилер Сабыр ийшанды түрмеге қаматып таслапты. Бул жерде тергеўшилер оны күнде саўалға тутып, күта қыйнай берипти. Егер әўелги жуўабын тәкирарласа, «Кеңес ҳүкиметине жат-жамайдың ўәкили» сыпатында айыпланып, сүргинге кететуғыны оған мәлим болыпты. Сонлықтан Сабыр ийшан суд мәжилисинде «қудай нешеў?» деген сораўға «қудай тоғыз» деп жуўап қайтарыпты. Сонда мәжилисти басқарып отырған судья:

– Бурын «Қуда бир» деген едиңиз, енди не ушын «Қудай тоғыз» деп, пикириңизди өзгертип отырсыз? – депти.

– Қуданың бир, Расулиниң хақ екенин бийкарламайман, – депти Сабыр ийшан. – Бирақ ғарры киси болғанлықтан, алжасқан екенмен, шырағым. Қудай көп екен, оларды енди ғана билип отырман.

– Олар кимлер? Кәне, атпа-ат санап бер, – депти судья.

– Өзлерин қудайман деп есаплап жүргенлер мыналар: районлық атқарыў комитетиниң баслығы, районлық партия комитетиниң хаткерлери, районлық ишки ислер бөлиминиң баслығы, районның прокуроры, түрмениң баслығы, тергеўшилер, түрмениң қараўыллары.

Сабыр ийшанның бул сөзлерине суд мәжилисине қатнасқан адамлар күлип жиберипти. Судья қоңыраўын қағып:

– Жасуллы, уят болады. Бүйтип сөйлемең. Сиз қамақтан азатсыз, – дегенин билмей қалыпты.

## МИНЕЗИҢИЗ ЖЫЛЫҢЫЗҒА УҚСАЙДЫ ЕКЕН

(Р-1296, №183776)

Сабыр ийшан бир мерекеде ғаррыларға гүррин берип отыр екен. Оны екинши аўылдан келген ийшан унатпапты. Ол:

–Тақсыр, жылыңыз не? – деп сөзден тоқтатпақшы болыпты.

– Тышқан еди, – депти Сабыр ийшан.

– Минезиңиз де жылыңызға уқсайды екен, – депти жаңағы ийшан. – Әйтеўир, қабаққа түскен тышқандай тықырлап, мазамызды алдың ғой.

– Тақсыр, Сизиң жылыңыз не еди? – деп сорапты Сабыр ийшан.

– Ийт еди, – депти қыдырып келген ийшан.

– Сизиң минезиңиз де жылыңызға усайды екен, – депти Сабыр ийшан. – Бес адам бир табақтан ас ишетуғын болса, еки ийт жуўынды үстинде таласып қалады. Әйтеўир, Сиз де ийтке усап, қасыңызға жақынлаған кисиге аўыз сала баслайдыңыз.

Сабыр ийшанды заманласлары тили жүйрик, ырасын айтатуғын улама сыпатында ҳүрмет пенен еске түсиретуғын еди.

## МЕНДЕ САЎАЛ БАР

(Р-1296, №183776)

Өткен әсирдиң 50-жылларында Куйбышев районының орайы Халқабад поселкасында еди. Районлық партия комитети ҳәм атқарыў комитетиниң кеңеси бир имаратқа орналасқан. Дәлиздиң бир жағында райкомның биринши хаткериниң, екинши жағында районлық атқарыў комитети баслығының кабинетлери болып, есиги ашылса, олар бирин-бири көрип отырады екен. Райкомның биринши хаткери адамлардың пикирин билмекши болып:

– Кимде саўал бар? – деп сорапты.

Сонда Палўанияз Абдуллаев орнынан турып:

– Бир кеңседе еки қотыр, бири-бирине қарап отыр. Олар кимлер? Усы саўалыма жуўап бериўиңизди өтинемен, – депти.

Ҳақыйқатында, райкомның биринши хаткери де, районлық атқарыў комитетиниң баслығы да қотыр (бужыр) адамлар екен. Сонлықтан райкомның биринши хаткери:

– Бүгинги жыйналыс тамам. Үйиңизге қайтыўыңызға рухсат, – деп жуўап берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАҒАН ҚЫРЫҚ ШЕЛЕК ТАЎЫП БЕРИҢ
(Р-1296, №183776)

Районның басшылары Палўанияздан ушырма сөзлери ушын өш болмақшы болыпты ҳәм ертеңги жыйналыста оның мәселесин қарапты.

– Сиз жетик қәнийге екенсиз. 1945-жылдан партия ағзасысыз. Сонлықтан Сизди бир колхоздың председатели лаўазымына усынбақшымыз. Республиканың басшылары биз¬иң пикиримизди мақуллап отыр. Енди өзиңиз бул мәселеге қалай қарайсыз? – депти районлық партия комитетиниң биринши хаткери.

– Мен партияның солдатыман. Жумсаған жағыңызға кете беремен. Бир өтинишим бар. Соны орынласаңыз, болды, – депти Палўанияз.

– Өтинишиңизди орынлаймыз, қәне айт, – депти биринши хаткер.

– Маған қырық шелек таўып бериңлер, – депти Палўанияз.

– Бунның не кереги бар? – деп таңланыпты районның басшылары.

– Сизлерге керек болмаса да, қырқ шелек маған керек. Өйткени ол колхоздың ағзалары қанқызба екен. Бурынғы баслығының басы жарылып, республикалық емлеўханада жатыр. Олар мени де урмақшы болса, шелекти басыма кийип алып, төбелеске кирисип кетемен. Қырық шелек жампыяман дегенше қанқызбаларды жөнге саламан, – депти П. Абдуллаев.

Бул ушырма сөзлерди еситип, жыйналыста зеригип отырған адамлар бир майдан ҳәз етип күлисипти.

## БИЗИҢ ҚЫЗҒА КҮЙЕЎ БОЛА АЛМАЙСАҢ
(Р-1296, №183776)

Палўанияздың ержеткен қызы бар екен. Үш жигит айттырып келипти. Ол бул хабарды еситип, саўшылар отырған бөлмеге келипти, қонақлар орнынан турып сәлемлесипти.

– Бизиң қызды сен алажақсаң ба? – деп сорапты Палўанияз биринши ири, узын бойлыдан.

– Яқ, мен жигит ағасыман, – депти ол.

– Сен аласаң ба? – деп сорапты орта бойлы, томпағынан.

– Яқ, мен жигит ағасының атқосшысыман, – депти ол.

Үшиншиси бойы келте, пәжмүрделеў жигит екен. Оған Палўанияздың көўли толмапты ҳәм:

– Сеннен оңлы төл түспейди. Бизиң қызға бай бола алмайсаң, қосшым, үйиңе қайта бер, – депти.

## ҲӘ, БАЛА, НАСЫБАЙЫҢ БАР МА?
(Р-1296, №183776)

Жоқарыдағы гәп елге тарамып кетип, Палўанияздың қызын ҳешким айттырып келмейтуғын болыпты. Бир жигит тәўекел етип, қыздың әкеси жоқта сөйлесип турады екен. Геўгим түскен ўақытта Палўанияз жумыстан қайтыпты. Бир жигиттиң үйинен шыққанын көрип қалыпты да:

– Ҳә, бала, насыбайың бар ма? – деп даўыслапты.

Ол жигит албырап қалып:

– Аға, насыбайым жоқ еди, – депти.

– Ҳай, найсап, – депти Палўанияз, – насыбайың болмаса, бизиң қызға келип не қыласаң?

## ЖОЛБАРЫС ЕКЕЎИМИЗ...
(Р-1296, №183776)

«Таптакөпир» хожалығы гене кеңсесиниң жанында Куўанышжарманың бойындағы гүжим теректиң астында обкомның көшпели бюросы өткерилип атыр екен. Палўанияз бюроға кеширигип келипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

- Абдуллаев, бул не тартипсизлик? – депти обкомның биринши секретары Қаллыбек Камалов.

– Жолдас секретарь, бюроға ўақтында жетейин деп асығып-ақ киятыр едим. Көпирдин үстинде қарсы алдымнан жолбарыс шығып, иркилип қалдым.

– Гәпиң бар болғын, ишкен екенсең ғой!

– Жолбарыс екеўимиздин ишкенимиз бир шийше арақ, Қаллыбек Камалович, оннан Қалый ақсаққа да бердик. Ийиси Сизге де барып тур ма? – депти.

Толайым журт дуў күлисипти.

## ТЕК «ЎАЙ-ЎАЙ»Ы КЕМИС...
(Р-1296, №183776)

Палўанияз Республикалық емлеўханада аўырып жатырғанда изинен бир топар жигитлер көўил сорап барыпты.

– Қалайсыз, Палўанияз аға, таўирмисиз?

– Шүкирмен, инилерим, шүкирмен, - депти ол. – Енди тек қарақалпақтың «ўайы-ўайы» кемис болып тур.

## ҚУДАЙДАН ЕТ ҚАРЫЗЫМ ЖОҚ
(Р-1296, №183776)

Палўанияз емлеўханада жатырғанда заманласлары Әбиў, Айман, Бектурсынлар көўил сорап барады.

- Палеке, сени бүйтип жатып қалды деп ойлаған жоқ едик, – депти Айман отырып. – Қармаққа шаншар етиң қалмапты ғой.

- Ҳаў, Айман! Мениң қудайдан ет қарызым жоқ. Он еки мүшесин түўел апарып берсем, болар. Қудаи етин алып болды, енди сүйегин алыў қалды, - депти Палўанияз сонда.

## ӘЎЛИЙЕГЕ ӘКЕТЕРМЕКЕН
(Р-1296, №183776)

Палўанияз аўырып атырып түс көрипти. Түсинде үлкен бир қуўраған терекке өрмелеп баратыр екен. Изинен келген Хожахмет деген жасүлкенге түсин айтып берипти.

– Несийбең бурын да жаман емес еди, – депти Хожахмет, – ел үстинде жүрдиң. Аўырыўыңнан жазылып кетип, еле де мәртебели, несийбели боларсаң.

– Я, бала, жазылып кетермекенмен, ямаса өрмелеп атырғаным ағаш ат болып, мени әўлийеге әкетермекен? – депти Палўанияз.

## ЕСИКТИ АШПАЙТУҒЫН БОЛДЫҢ ҒОЙ?!
(Р-1296, №183776)

Райкомның бюросы басланардан алдын жыйналғанлар бюроның басланыўын күтип турған екен. Палуанияз топар-топар болып турған жигитлерге келип, бир топарды күлдирип, екинши топарға өтеди, екинши топарды күлдирип, үшинши топарға...

- Ҳалыз! - депти усындай топардың биреўине келип.

– Лаббай, аға!

– Сеннен-ам көўилим қалды, иним.

– Хе, неге?

– Ара-турағарып, сәлем берип туратуғын един. Қызларды узатып болғалы есикти ашпайтуғын болдың ғой?! – депти.

## ИШИҢ КҮЙСЕ ДУЗ ЖАЛА

Р-1296, №183776

Бир күни Палўанияз бенен Нөкистен келген ўәкил аўыл аралап кетип баратырса, ўәкилдиң көзи ийнағаш пенен суў көтерип баратырған қызға түсипти, жигиттиң қызға ықласы кетипти.

– Пай, Палўанияз аға, айтайын демейсиз. Аўылыңызда не бир гөззал қызлар бар екен да! – депти тамсанып.

– Қосшым, ишиң күйсе, дуз жала, бул бизиң қыз, – депти Палўанияз.

## БАЙТАЛ МИНГИЗИП ҚОЙЫППАН

(Р-1296, №183776)

Палўанияз қудалыққа барғанда қудасы:

– Қуда, ат мингиздим, – депти.

Палўанияз үндемепти.

– Қуда, ат мингиздим, – депти тағы.

Палўанияз еситпегендей отыра берипти.

– Қуда, ат мингиздим, – депти қудасы үшинши мәртебе.

Сонда Палекең:

– Қуда, «ат мингиздим» деп неге қайта-қайта айта бересең. Мениң қашша-ан саған байтал мингизип қойғаным, – депти.

Адамлар дуў күлисипти.

## ПАЛ ВАН ЯЗ

(Р-1296, №183776)

Палўанияз Москваға аўылхожалығы жетискенликлериниң көргизбесине барады. Мийманханаға қытайлы делегация келип, алдын оларды орналастырып болыў ушын басқаларды иркип қойған екен.

Палўанияз иркилместен өтип кете берипти. Мийманхана хызметкерлери буны да қытайлы деп түсинип:

– Сизиң фамилияңыз? – деп сорапты.

– Пал Ван Яз! – деп, ол иркилмей өтип кете берипти.

## БИЗЛЕРДЕН-ӘМ АСЫҒЫС ҚУСАЙДЫ

(Р-1296, №183776)

Палўанияз пахта атызларын аралап жүрип, төртинши аўыл – «Сапарбек аўылдың» тусына барғанда орпаң жердиң шаңы машинаның алдына дейин уйтқып көмип таслапты.

– Тоқтат, бала! – депти сонда ол шоферына. – Мына атаңа нәлеттиң самаллары бизлерден-әм асығыс қусайды, өтип кетсин.

## ДУРЫС, АҒА...

(Р-1296, №183776)

Палўанияз бир күни Тахтакөпир районлық атқарыў комитетиниң баслығы Исмамыт Усақовқа келип өтиниш етипти:

– Бизди, я директорды бир жаққа тайдырмасаңыз, келисе алатуғын түримиз жоқ.

– Қызық екенсең, Палўанияз! Сен туўды-питти усы жердиң адамысаң, ол болса Төрткүлден келип отыр. «Сеники дурыс» деп, билгениңди ислей бермейсең бе?

Арадан бир жыл өтпей-ақ Исмамыт Усақов атқарыў комитетинен босап, бағы Төрткүллиниң

www.ziyouz.com kutubxonasi

орнына директор болып барыпты. Бир күни ол агроном Палўаниязды алдына шақырып, егислик жерлердиң аўҳалы ҳаққында пәласық қылады.

– Дарханбай жер, Реймқул жер тапқа келген қусайды, ертең бир күн сүргизип тасласақ болмай ма?

– Дурыс, аға.

– Қалабай шүңгилдеги Алламберген жерге шигит таслап берсек, дурыс болармекен?

– Дурыс, аға.

– Айжамал жердиң кесеклери ирилеў екен, дискилетейик пе?

– Дурыс, аға.

– Ҳай, Палўанияз! – депти директор, – биз муғаллим адамбыз, сен агрономсаң. «Жердиң тилин биледи» деп ойлассам, «дурыс, аға»дан бери келмедиң ғой.

– Өзиң айттың ғой: «Сеники дурыс» де де, өз билдигиңди ислей бер» деп, сизге «Сизники дурыс» деп, өз билгенимди ислеп жүрмен. Баслыққа ақыл айтып, наныңнан айрылып қалайын ба? – депти Палўанияз.

## ГҮЛЛИ ФОРМА СЕНДЕ

(P-1296, №183776)

Палўанияз аўылласы Исмамут пенен бирге Нөкиске жыйналысқа барыпты. Қайтарсын қызын көрип кетейин деп медучилищеге барса, қызы сыртта жүрген екен.

– Ҳе, қызым, сабақ жоқ па? – депти Палўанияз.

– Бар ғо, дене тәрбиясы сабағы. Муғаллим «формаң жоқ» деп шығарып жиберди.

– Қане, арман қара, – депти Палўанияз қызына, – енди берман қара. Муғаллимиң соққыны жепти, гүлли форма сенде тур ғой, қызым!

## ПАЛАЎҚАБАҚ

(P-1296, №183776)

Палўанияз үйине бир машын палаўқабақ түсирип, таныс-билислерине:

– Үйге барып, палаўқабақ алып кетиң, – депти.

Солардан Бекберген дегенниң ҳаялы келип, палаўқабақты сайлап отырса, солыңқыраған көп екен.

– Неге палаўқабақ әкет деп отыр десем, солыңқыраған екен ғой, – депти ҳаял.

– Алып кете бер, Сәўле, – депти Палўанияз сонда, – үйиңе барған соң солымағанын Бекберген берер.

## ТОН КИЙИЎ

(P-1296, №183776

Исмамыт Усаҳов курортқа кетип, орнына бас агроном Палўанияз Абдуллаев ўақытша директор болып қалыпты.

– Палеке достым, сениң директор ўақтыңда складтағы тонлардан бир-бир тон кийейик та, – депти бөлим баслықлары ўақытша директорға келип.

– Болпты. Арза жаза қойың, – депти Палўанияз.

Баслықлар арза жазып, Палўанияз арзаларына қол қойып, бир-бирден тонлы болыпты.

Исмамыт дем алыстан келип, складқа барса, тонлар жоқ.

– Тонлар қаяққа кетти? – депти ол складшыға.

– Палўанияз аға бөлим баслықларына бергизди, – депти складшы.

Исмамыт ашыўланып, Палўаниязды алдына шақырыпты.

– Мен өлиўге кеткеним жоқ. Неге меннен бир аўыз сорамадың? Барып тонларды жыйнап кел! – деп жиберипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Палўанияз тон алған бөлим баслықларының барин директордың алдына алып келипти.

– Сен директор болып, тон кийип едик. Исмамыт директор болып, шешип алды ғой, – депти баслықлар кетип баратырып.

– Әй, жигитлер, несин айтасыз. Ешкиниң қуйрығы мудамы түрилип жүреди, сонда да оның билинбейди. Қой бийшара салмадан атлаған ўақытта бир ашылып кеткен екен, оның-ам дәрриў көринип қалғаны ғой, – депти Алланияз сонда.

Исмамыт тап таба алмай, тонларды бөлим баслықларына қайтарып берип жиберген екен.

## СЕН-ӘМ ТОҢЫП ТУРСАҢ БА?

(Р-1296, №183776)

1969-жылдың қаҳарли қысында бандиртиде турған бир жигит қалпағының жийегин қайтарып қойып, суўықтан қалшылдап турған екен. Ол жыллары жас жигитлерге қалпақ кийиў дәстүр болған.

Палўанияз жигиттиң қасына барып:

– Иним, усы қалпақ пенен сен әм тоңып турсаң ба? – депти.

## БИР БАСҚА БИР КӨЗ

(Р-1296, №183776)

Палўанияздың «Тахтакөпир» совхозында бас агроном болып ислеп жүрген ўақытлары екен. Бир күни атыз аралап жүрип, Қудайберген деген бригадтың үйинде аўырып жатырғанын еситеди. Ол кеўилин сорап қайтпақшы болып, жол-жөнекей фельдшерди де ала кетеди.

– Қудайбергенниң қайери аўырып атыр екен? – деп сорайды жолда фельдшерден.

Фельдшер:

– Өзиниң қошқарын услайман деп сүрнигип жығылған. Соннан қошқардың шақы кирип кетип, бир көзи ағып түсипти. Қолымнан келген жәрдемди иследим, енди...

Кеўил сорап келген Палўанияз:

– Қудайберген жора, ҳеш гәп, бир басқа бир көз болады. Мен бир сүйек жарып, шыйқанпыйқан шықтымекен деп қорқып едим, – депти.

## ЕСИК БАҒЫЎ

(Р-1296, №183776)

Тахтакөпир районлық партия комитетиниң биринши секретары Қәлендер Тайыров қараўыл Алланазар деген кисини шақырып алып:

– Тез барып Палўанияз Абдуллаевты шақырып кел, –деп жибереди.

Палўанияз Алланазар менен бирге кийинип шығады да, сыртқа шыққан жерде:

– Ҳеҳ-ий, айтқыш дәптерим үйде қалыпты ғой. Усы жерде тура тур, алып шығайын, – деп ишке кирип кетеди де, шарбақтан екинши есиктен шығып шығып кетеди.

Алланазар тура-тура, ақыры ишке кирип, болған ўақыяны билип, изине қайтады.

– Алланазар шақырып барды ма? – дейди райком секретары алдына кирген Палўанияздан.

– Яқ, өзим-ақ ислеген жумысларға есап берейин, деп киятырман.

Райком секретары Палўанияз кеткен соң қараўылды шақырып алып, көп кейип таслайды. Қараўыл қанша айтқаны менен, сезине инандыра алмайды.

Бир күнлери Алланазар Палўаниязды ушыратып қалып:

–Палеке, ол не қылғаның, маған райкомнан сонша гәп еситтирдиң ғой, – деп өкпелепти.

– Алеке, сениң талабың есик бағыў емес пе? – депти оған Палўанияз. – Бир күн райкомның есигин бақтың не, бизиң есикти бақтың не?

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КОМПОЗИТОР БОЛАТУҒЫН ЎАҚТЫҢ БОЛДЫ
(Р-1296, №183776)

Агроном Бекбаўлы Туржанов деген киси мудамы кеўили хош, өзинше ҳәр намаға бир ыңылдап жүреди екен. Бир күни Палўанияз оған:

– Бекбаўлы аға, сонша жылдан бери ыңылдайсаң, бул ўақытқа шекем композитор болатуғын ўақтың болды ғой, – депти.

## КУРОРТҚА МЕН БАРМАЙ...
(Р-1296, №183776)

Палўанияз аўырып, емлеўханадан жақсырақ болып шыққаннан кейин курортқа бармақшы болып талапланыпты.

– Палеке, курортқа барайын деп атырсаң ба? – депти буны еситкен жоқарғы Айман.

Сонда Палўанияз:

– Қаҳармандай бетим болса, Әбийдей бөксем болса, Нураттай қарным болса, Аймандай сымбатым болса, курортқа бармай-ақ қояр едим. Мынаў турқым, мынаў сыйқым, курортқа мен бармай, ийтиң бара ма? – деген екен.

## КӨП ТАРТҚЫҒА ТҮСИПСЕҢ
(Р-1296, №183776)

– Қайнаға, нан жеңиз! – депти тандырда нан жаўып атырған бир келиншек Палўаниязға.

Келиншектиң қолына мүйеш-мүйеш нан илине қойыпты.

–Пай, садаған кетейин, тандырға түсөмен дегенше көп келиншеклердиң тартқысына түсипсең-аў, – деп наннан аўыз тийипти.

## ШӘЙНЕГИМ АҚ ПА, АЛА МА?
(Р-1296, №183776)

Агроном болып ислеп жүрген Палўанияз обкомның бюросынан гәп еситип келип:

– Аўа да, басшы ақ десе, ақ, қара десе, қара деў керек екен-аў. Қарап жиберши, Саке. Мениң ишип отырған шәйнегим ақ па, ала ма? – деген екен.

## КЕСЕ БЕЛДЕН ШАБА БЕРМЕ...
(Р-1296, №183776)

Исмамыт Усақов директор ўақтында Палўанияз – бас агрономның арқасы қозып, гәп келген жерде кесе белден урып жибере береди екен. Бир күни Усақов ескертипти:

– Палўанияз, бул жумыс деген. Мен сөйлеген ўақытта кесе белден ура берме тапти.

– Мақул, – депти Палекең.

Совхозда Убай деген атақлы макке бригадир бар екен. Сол Исмамытқа жақпай қалып, Палўаниязды шақырып алып айтыпты:

– Убайды шығарамыз.

– Дурыс етесиз, – депти Палўанияз, – қашшан шығарыў керек еди, өзи оңбаған адам.

– Орнына Өтешти қоямыз, – депти Усақов.

– Жүда мақул, таптырмайтуғын жақсы адам, – депти Палўанияз.

Сол жылы Өтеш мотоциклден авария болып, егис ўақтында егилмей, жыл ақырында ғазыйпаны орынлай алмай қалыпты.

– Болмайды, Өтешти шығарамыз, – депти Усақов жыл ақырында.

– Дурыс етесиз. Қолынан ис келмейтуғын, қосжақпас, оңбаған адам, – депти Палўанияз.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Палеке, қалай-қалайсыз? Кеше қоярда «жақсы адам» деп едиңиз, енди бүгин оңбаған адам дейсиз, түсинбедим ғой.

Сонда Палўанияз:

– Өзиңиз: Мен сөйлеген ўақытта кес-кеслеп шаба берме, – деп ескертиңиз ғой, – депти.

## ҚАЛАЙ ТУЎАДЫ?

(Р-1296, №183776)

Кегейлиде бир отырыспада Палўанияз бенен бирге усы районда агроном Әбдикерим Атажанов та отырып қалыпты.

– Қосшым, кемпир ғаррының нешинши баласысаң? – депти Палўанияз Әбдиркеримге.

– Ең кенжетайыман.

– Сеннен кейин туўмаған ба?

– Яқ.

– Қалай туўады, кемпириңниң жатырын басыңа кийип шыққаң? – депти сонда Палўанияз.

Әбдикеримниң басында түк жоқ, жылтыр бас екен.

## ИЙТШИЛИК БОЛДЫ

(Р-1296, №183776)

Палўанияз ымырт жабылғанда сыртқа шықса, өзиниң ҳаўлисинде жүрген қоңсының күшиги буған үре баслапты.

– Дурыс, ўазыйпаңды атқарып атырсаң, – депти Палўанияз күшикке қарап. – Бирақ, бизиң ҳаўлиде жүрип маған үргениң ийтшилик болды.

## ҚАШШАН ТАБАР ЕДИҢ

(Р-1296, №183776)

Палўанияз бир жаққа бармақшы болып сыртқа шықса, күн салқынлаў екен.

– Иштен плащымды әкелип бер, – депти қызына.

Плашқа кеткен қыз ҳа дегенде таба алмай, бираз ўақытта шығыпты.

– Бунша неге кешиктиң? – депти Палўанияз қызына.

– Таба алмай жүрдим, аға.

– Сол плащтың ишинде бир жигит жасырынып тур, – десе, қашшан табар едиң-аў, – депти сонда Палўанияз.

## СҮЙИР ШЫБЫН ТАЛАП ӨЛТИРЕДИ

(Р-1296, №183776)

Түске таман гезүгим арада Палўанияз сыртта шәй ишип отыр екен. Егиктиң алдындағы жүўери атыздан «шарп-шарп» етип шаппатлаған даўыс келе берипти.

– Тезирек барағойсаң-о, – депти Палўанияз қызына. – Анаў қара маңлайды сүйир шыбын талап өлтиретуғын болды ғой.

Жүўери атызға жасырынып турған жигитти Палўанияз сезип отырған екен.

## УСЫ АДАМ ТАНЫЎЫҢ БОЛСА...

(Р-534, №176477)

Палўанияз ағаның бир жақсы көретуғын ҳәм жуўап айтысып ойнайтуғын досты Даўлетмир Қосымов соңғы мәртебе узақ аўырып жатты. Палўанияз аға достының көўлин сораўға үйине келген екен, олар екеўи бурыннан айтысып, бирин-бири га жеңип, га жеңилип жүреди екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Келсе, жорасы ҳақыйқатында қатты жатқан қусайды. Сонда наўқастың қасындағы ҳаялы:
– Ғарры, көзиңди аш, сени көриўге Палеке келип отыр, – депти.
Бийтап жорасы көзин ашып, Палўанниязды көрип, тағы ҳәзил айтып:
– Мына отырған ким? Бизиң қатын ба? – депти.
Сонда Палўанияз:
– Усы адам танығың болса, қудайдың маркине жазыларсаң, – депти.
Сонда бийтап дәсты әсте көзин ашып, бир күлген екен.

## ҲӘРКИМ ӨЗ БАЛАСЫН АЛЫП ҚАЛАДЫ

(Р-1296, №183776)

Балаларын базарға ертип баратырған жорасынан Палўанияз:
– Ҳа, жол болсын! – деп сорапты.
– Базарға, – депти жорасы.
– Аўа, есиң болса, балларды базарға ертип бар. Қайтарсын бир өзиң қайтқың келген шығар.
– Ҳе-е, о неге? Ертип барған адам ертип қайтпай ма? – депти жорасы.
– Ҳәрким өзиниң баласын танып алып қалады да! – депти сонда Палўанияз.

## ҚАРА ШӘЙНЕК ЕКЕН

(Р-1296, №183776)

Бир отырыспада Палўанияз дөгерегинде отырған жигитлерге:
– Егер қасыңда отырған адамның ҳәмели сеннен бир ели үлкен болса, ол адам мына аппақ чайникти қара чайник десе, сен «шыныры қара екен» деп отырығың керек. Болмаса, ол саған қапа болады, – деп насият берген.

## МАҒАН КЕРЕК ЕКЕН...

(Р-1296, №183776)

1956-жылы Палўанияз Ленинградтағы әмелий зоология ҳәм фитопатология институтын питкерип келгеннен кейин азмаз күн жумысқа орналаса алмай жүреди. Оны Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясының Қарақалпақстан Экономика ҳәм мәдeният институтының директоры Р.Қосбергенов жумысқа шақырып:
– Институттың Кегейли районында жайласқан тәжирийбе станциясына директор болып ислеңиз, – дейди. – Станцияның ўазыйпасы – елде пахташылық ислери бойынша тәжирийбелер жүргизиў, – дейди.
Сонда Палўанияз былай депти:
– Бир мешкей адам екинши бир мешкейдиң аўқатқа жарылып өлгени туўралы еситкенде, ол: – Бундай өлим маған да керек өлим екен, – деген екен. Сол айтқандай, мына усынып атырған жумысыңыз нағыз маған керек жумыс екен, – депти.

## ҮШ ПЕНЕН ОҚЫСАҢ, ДИРЕКТОР БОЛАСАҢ

(Р-1296, №183776)

Бир жас қанийге оқыўды питкерип келип:
– Арза жазайын деп едим, – деп Палўанниязадан бир бет ақ қағаз сорапты.
– Неше менен оқыдың? – депти оған Палўанияз.
Жас жигит күтилмеген сораўдан албырап қалыпты.
– Айта бер, қосшым, тартынба, – депти Палўанияз, – бес пенен оқысаң, агроном, үш пенен оқысаң, директор боласаң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БУЛ ЎАҚҚА ШЕКЕМ САСЫП КЕТЕР ЕДИҢ
(Р-1296, №183776)

Азанда жумысқа кеткен Палўанияз түски шайға үйине келсе, кеше кеште отырыспаға кеткен баласы еле уйқылап атырған екен.

– Еледе геўдеңде жанының бары, – депти Палўанияз, – болмаса бул ўаққа шекем сасып кетер едиң

## ГҮЗЕТПЕГЕ КЕЛГЕН ЕКЕНМЕН
(Р-1296, №183776)

1956-жылы пахта отақ күнлери Кегейли районлық партия комитетиниң секретары Қалбай Қулымов сол районындағы Калинин атындағы колхозда ўәкил болып жүргенде бир колхозшы оны қой сойып, түслик аўқатқа шақырады. Үйде бес-алты жигит жыйналып, аўқатты күтип отырғанда Қалбай Қулымов:

– Институттың тәжирийбе станциясының директоры Палўанияз Абдуллаевты да аўқатқа шақырың, – дейди.

Палўанияз келсе, шаршаған жигитлер бетлерине бет орамалларын жаўып, көз илиндирип атырған екен. Үйге кирип келип, буны көрген Палўанияз:

– Хаў, мен отырыспаға келдим бе десем, гүзетпеге келген екенмен ғой, – деген екен.

## ЎӘКИЛ
(Р-1296, №183776)

Палўанияз агроном хызметинде ислеп жүрген күнлеринде районнан бир ўәкил келеди. Атызларды аралатып көрсетиў ушын еки машина таярланады. Биринишисине ўәкилдиң бир өзи минеди де, екиншисине Палеке ҳәм жеке төрт қәнийге минеди.

Жолда бир салма ушырасады. Бес адам минген машина оннан дәслеп өтеди, соң ўәкил машинасын өткермекши болады. Тилекке қарсы, салмадан шығарлықта ол машинаның рессоры сынып кетипти. Сонда Палўанияз жағасын услап:

– Ҳәмелди көтере алмай сынған темирди биринши көрип турғаным, – депти.

## ТЕК ИСПОЛКОМЫ КЕМИС
(Р-1296, №183776)

Тахтакөпир районлық атқарыў комитетиниң баслығы Исмамыт Усаков Палўаниязды машинасына миндирип алып, атыз аралап жүр екен. Бир әўлийешиликтиң тусына келгенде Исмамыт:

–Палеке, мына қойымшылықта не бир райкомлар, не бир совхоз директорлары жатырған шығар-аў? – депти.

– Аўа. Буның енди тек исполкомы кемис болып тур, – депти сонда Палўанияз.

## ШОШҚА ДЕГЕН КӨП ОЙЛАНАДЫ ҒОЙ
(Р-534, №176477)

1960-жыллары гөш мәселесин шешиў ушын ҳәмме жерде шошқашылықты раўажландырыў туўралы мәселе көтерилип, Тахтакөпир районынан Пердебай Рзамбетов деген жас комсомол баслама көтерип, шошқа бақты. Шошқалар көбейип, дәслебинде даңқы Республикаға тарады. Бирақ кейнинде оба кеселине ушырап, қырылып, ферма басқа жаққа көширилди. Соннан соң совхоздың үстинен арза түсип, изи тексериўге айланған. Соны тексерип жүргенлер жумысын жыйналыста қарап отырып, Пердебайдан сораған қусайды:

– Сиз айтың, шошқалардың өзи неге ҳәм қалай өледи?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда Пердебай:

– Билмедим неге әлетуғынын, от-жеми бар, асты таза. Өзинен-өзи арасында шыр айланады. Сөйтип, мийи айланады. Сөйтеди де қайтып турмайды, өледи, – депти.

– Ҳаў, мийи айланбай не қылады? Шошқа деген өзи көп ойланады ғой, – депти Палекең.

## ШАҚЫРЫП АЛЫП КӨРИП АТЫР
(Р-1296, №183776)

Бир жылы қыстың күни Палўаниязтың танысы оны Нөкистеги Министрлер Кеңесиниң жайында көрип қалып:

– Ҳаў, Палўанияз, бул жерде көринесең ғой, – дегенде, ол:

– Жазда булар бет-алтеримизди районға барып көретуғын еди. Қыста пахта жоқ, ғарынды ма, билмеймен, енди бет-алтеримизди шақырып алып көрип атыр, – деген екен.

## ӨЛГЕН АДАМ ЕКЕН..
(Р-1296, №183776)

Палўанияз Нөкиске келгенинде бир министрге жолыққақшы болып, телефоннан:

– Сенде жумысым бар еди. Ертең азанда өзиңде боласаң ба? – дегенде, министр:

– Боламан. Бирақ ертең азанда Ташкентке кететуғын едим, – деген.

Сонда Палўанияз:

– Пай, иним-ай, «мына жайда бир адам бар екен да, бирақ өлген адам екен» дегендей қылдың ғой, – депти.

## МӘСЕЛЕНИҢ ШЕШИЛИЎИ
(Р-1299, №183812)

Жеке адамға сыйыныўды қаралаў жыйналысынан қайтқан колхоз баслығы колхозға келсе, дүканшы келип, оған дүканға бир қурым етик, жипек шаршы, аяқ машын келгенин хабарлапты.

Бурын өзи ала берип үйренген баслық тағы да солай ислеўге ууалып, ертеңине колхоз бойынша жалпы жыйналыс шақырыпты.

– Жолдаслар! – депти, жыйналысты ашып турып баслық, – бүгинги жыйналыста қаралатуғын мәселе биреў, ол да болса, дүканға келген затларды бөлистириў.

Тигиў аяқ машинасын ҳаялыма беремен. Жипек шаршысын иниминиң ҳаялына, ал етикти өзим кийемен. Өзи колхозға келген үш зат еди, оны жыйналыста усылай бөлистиремиз, қарсылықларыңыз жоқ па? – депти.

Көпшилик:

– Жоқ, – депти.

– Онда жыйналысты жабық деп дағазалайман, – депти баслық.

## ҚЫРҒА УЗАТЫЛҒАН ҚЫЗ
(Р-1299, №183812)

Қарекенниң бир қызы Қырға узатылған екен. Келиншектиң мисилсиз сулыўлығын ҳәм аса дилўарлығын еситкен еки бий бир жағынан халықтың «оң болсын» айтыў дәстүрин ислеген болып, екинши тәрептен журт аўзындағы тәрипине қызығып, келин түскен үйге келеди. Сынаў әдети менен келиншектиң аяқ алысын барлайды. Ақ шаршылы жас келин аяғы-аяғына тиймей хызмет етип жүрген екен. Бийлер келиншектиң жүзин толық көрмесе де, оның тақыйық сулыў екенлигине анық көзи жетеди. Усы сулыўлықтан көз жаздырғысы келмей, келин кирсе де, шықса да оннан нәзерин үзе алмайды.

Өзиниң ҳәр басқан қәдемин қалт жибермей қарап отырған ҳәм сыбырланып сөйлесип отырға-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нын қулағы шалып қалған жас келин олар тәрепке көзи түсип кеткенинде бийлердиң бири:

– Ой, соққан екен да! – деп таңлайын қағады.

Халықтың жуўапкерлик дәстүрине үйренип қалған келин де сөзди жиберместен:

– Устасы екеў ғой, – депти.

Бундай жуўапты күтпеген ҳәм жаңа түскен келинниң келе сала үлкенлер алдында сөйлеўин әбес санаған бийлердиң екиншиси:

– Әттең, бир кемшилиги бар екен да-а! – деп басын шайқапты.

Буған да жуўабы таяр турған келиншек:

– Түнде соққан ғой, – депти.

Бийлер буннан ары сөз жарыстыра алмай, асығыс үйден шығыпты да, атларына мине сала жөнепти.

## ЕКИ ҒАРРЫ
(Р-1299, №183812)

Өткен ўақытта еки ғарры қыдырып киятырып адасып кетипти де, өзлери баратуғын жерин таба алмайтуғын болған соң, бир үйге қона кетипти. Қонған үйдиң ҳаялы гөш асып атыр екен, гөшти түсирип таслап, қонақларға жүўери гөже писирип берипти. Азанда ғаррылар қайтатуғын болып:

– Келиң, келиң, пәтия берейик, – деп шақырып, мынадай депти:

– Жүўери деген ас екен,
Өзи шөптиң басы екен,
Қырманына үйдирген,
Ағаш келиге түйдирген,
Қойыўы жүрек күйдирген,
Суўығын ишсең етерде,
Далаға шық деп бүлдирген,
Жапсардағы етти-ай,
Қыдырып келген ғаррылар,
Ет жемей-aқ кетти-ай, – депти.

Буны еситкен ҳаял не қыларын билмей, күйип писипти.

Сонда ғаррылардың биреўи:

– Несине күйип писесең? Болары болып өтти ғой, – деп, жолына түсип кете берипти.

## ИЙТКЕ ДУЎА
(Р-1299, №183812)

Бир күнлери қолында бир асым ети бар, бир бериклик териси бар бир адам Дабылға келип, өзиниң жақсы ийти бар екенлигин, оның жақыннан бери аўырғанлығын айтып, ийтине дуўа сорапты. Дабыл оған ийтке дуўа жүрмейтуғынлығын айтып, жалынышпты. Жаңағы адам өкпелеп, үлкен кеўил қалыспақ болатуғын болыпты. Сонда Дабыл ол кисиге «ийтиңниң мойнына тағып қой» деп, мына төмендегилерди жазып берген екен:

Ийтиң, ийтиң – ийтиңе
Силекейи бетиңе,
Ийтке дуўа жүрмейди
Дуўа бердим мен саған
Елтири менен етиңе.

## ЖАМАНЫ ЖОҚ
(Р-1299, №183812)

Бурынғы заманда бир атақлы ағаш устасы шәкиртине:

– Тоғайдан маған ағаштың ең жаманын әкелип бер, – депти.

Шәкирти тоғайға барып, ағаштың жаманын излей-излей, ақыры, бир қыйсық ағашты устаға алып барады.

Бул ағашты уста көрип:

– Балам, сен еле де меннен көбирек үйренесең, жетилип уста болмапсаң, өйткени ағаштың жаманы деп қыйсық ағашты алып келипсең. Ағаштың ҳеш қандай жаманы болмайды, – депти.

**ДУЎА**

(Р-1299, №163812)

Бир күни Дабыл ийшанға бир ҳаял келип:

– Гүбимнен май түспейди. Маған бир дуўа жазып бер, – деп коймапты.

Қайта-қайта келип қоймаған соң, Дабыл ийшан дуўа берипти. Ҳаял дуўаны гүбиге тағыпты. Бир күни гүбидеги салбырап турған дуўаны аўылдағы молла көрип, оқыса, дуўада:

«Ерте жатпа, ерте тур.
Бир пискекти артық ур,
Сонда майың түседур» деген сөзлер жазып қойылған екен дейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЛАП СӨЗЛЕР

### АЙДОС ПЕНЕН ЖУМАҒУЛ МЕРГЕН
(Р-450, №176393)

Айдос Жумағул мергенге қонақ болыпты. Жумағул мерген Айдосқа:

– Қане, саған қыр семизин сойайын ба, суў семизин сойайын ба? – депти.

Сонда Айдос:

– Қыр семизин жеп жүриппиз, тапсаң, суў семизин сояғой, – депти.

Жумағул:

– Жасымда билезик өткерип жиберген балығым бар еди. Ҳәзир соны шаншып әкелип сояман, – дейди.

Сөйтип кетеди де, бир бес қарыс сазанды шаншып алып келеди.

Айдос:

– Бул ол балық емес шығар. Оны қалай таныйсаң? – дейди.

Жумағул сазанды жарып, пышақ пенен иреп жиберген ўақытта билезик қуйрығына енип кеткен екен, пышаққа тийип шықыр ете қалады. Буған ҳайран қалған Айдос:

– Сен буны қайдан билдиң? – деп сорапты.

– Жылқының үйириндей, балық та бир үйир алған жеринен кетпейди.

Айдос балықты жеп отырып:

– Сен усы Даўқараны жайлап жүрсең, бул жерде өрескил не көрдиң? – депти.

Сонда Жумағул мерген:

– Өрескил үш нәрсе көрдим. Биринши: бир салы шыққан екен. Соның түбине дейин қанша жер екен деп, тас байлап жибердим. Түбине шекем жети қулаш арқан кетти. Екиншиси: бир күни кетип баратырсам, суўда қырық-елиў сазан кетип баратыр екен. Оларды кишкентай ғана бир сазан баслап баратыр екен. Сол сазан қалай жүрсе, кейниндеги басқа сазанлар да солай жүре берди. Соның мәнисин билейин деп, кирттай сазанды шаншыўға қорқып, шанышқы менен иреп жиберип, бир қабығын алдым. Қарасам, жаңағы қабыршақ алтын екен. Соны өрескил көрдим. Үшиншиси: Бақашының таўының басына барып жатып едим, күшиктей үрип, бир нәҳән жайын уйқылатпады. Үйге келип устаға он сери бир шанышқы, қырық ағары бир шанышқы соқтырдым. Сөйтип, алты түйе шегетуғын қайық пенен соған бардым. Қырық қулаш арқан естим. Шанышқының түбине байладым. Сөйтип, жайынға барсам, жайын мурты таяқтай болып, маған айбат шегип келди. Оны әдеп он сери шанышқы менен урдым. Шанышқанымды билемен, қабағым суўға шарп ете қалды. Жайынның қайда кеткенин билмей қалдым. Үш күннен соң барсам, Жаман жар деген жерде қабағым батып-шығып тур екен. Даўқараның суўының тереңлигиниң қырық қулаш екенлигин соннан билдим. Арқаннан тартып қалған едим, жайын Даўқараның көлин үш айланып шықты. Соннан жуўасытып, қырық ағары шанышқы менен және шаныштым. Жағаға көп адам болып сүйреп шыққанымызда бир өрим қулаш суўға тийип қалды. Соны төрт түйеге мойындырық салып қырға тартып шығардық. Үлкен-кишисин өзиң бил, оның омыртқа сүйегине суўсын қуйып ишкенде адамның шөллегени қана берди.

Соннан соң Жүйриктиң басында қақпан салып жүрсем, Даўқарадан бир қара булт көтерилип, жаңбыр қуя берди. Соның астында дөгершиктей бир нәрсе домалап киятырғанын көрдим. Бул не екен деп қарасам, баяғы қалған жайынның биреўи екен. Жаўын үстинде қуйып киятыр, ол астында домалап киятыр, соның менен услайын десем, қорқтым. Ол барып Аўшының қара көли деген жерге түсти. Оны да жип таслап шенеп көрип едим, оның да суўының тереңлиги қырық қулаш екен. Сөйтип жайынның Аўшының қара көлине түскенин де көрдим.

Сонда Айдос айтты:

– Бәрекелла, Жумағул, жети қулаш суўдан салы шыға береди, ол өрескил нәрсе емес. Сазанды шаншып алып жегениңде я патша болар едиң, я ўәлий болар едиң, себеби ол балықтың патшасы еди. Жайын болса, Даўқараның ийеси еди, биреўин шаншып алыпсаң, бирақ ол екеў еди, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УСЫГАН АСПАЙ, КӨЛГЕ АСАСАҢ БА?
(Р-533, №176476)

Өмирбек лаққы болып қалмастан, лапгөй де болыпты.

Бир күни Өмирбек Бухарда бир лапгөйдиң атын еситип, соны излеп барыпты. Екеўи ушырасыпты.

– Қане сизиң елде қандай ажайып, үлкен нәрсе бар? – депти Өмирбек.

– Бизиң елде бир карамат нәрсе бар, – депти бухаралы лапгөй.

– Ҳа, не нәрсе? – депти Өмирбек.

– Бизиң елде шалғам деген есимлик бар, оның үлкенлигин айтып жеткере алмайсаң. Оның бир жапрағының түскен саясына сен қусаған қырық қарақалпақ аты менен көлеңкелегенде де, көлеңкеси әдеўир аўысып қалады, – депти бухар лапгөйи.

– Оҳо, күта үлкен екен ғой, – депти Өмирбек.

– Ал, сизиң елде қандай ажайып нәрсе бар? – деп сорапты Бухар лапгөйи.

– Бизиң елде ондай үлкен нәрсе жоқ-та, бирақ мен елден шығарда бир бай қазан соқтырып атыр еди. Ол қазанның үлкенлигин соннан бил, оның қырық қулағы бар, ҳәр қулағында қырық адам турып балға урғанда, бириниң урған балғасының даўысы екиншисине жетпейди екен, – депти Өмирбек.

Сонда Бухар лапгөйи:

– Ой, меники келиңкип еди-дә, сеники жарыға жуўымай кетти ғой, ондай да қазан болама екен? – депти.

– Ой, каллағар, жаңағы сен айтқан шалғамды сондай қазанға аспай, көлге асасаң ба? – депти Өмирбек.

Сонда бухар лапгөйи не дерин билмей қалыпты.

## КӨКНАРШЫЛАР
(Р-534, №176477)

Бир күни төрт көкнаршы Каабаға барып зиярат қылап қайтыў ушын жол жүрипти. Бир жерлерге барғанда көп тоғайлыққа ушырап, сол жерде от жағып көкнар ишиўге отырыпты. Көкнаршылар мас болып, басы айланып отырғанда алдыларынан бир тышқан жуўырып өтипти. Сонда көкнаршылардың биреўи:

– Япырмай бала, усы тоғайда жолбарыслар көп дейтуғын еди, усы жолбарыс қусайды, – деп қорқып, орынларынан ушып турса, алдыларында жарқырап атырған төгилген суўды көрипти. Сонда бир көкнаршы:

– Қарадәрья деген дәрья Каабаға жақын дейтуғын еди, бизлер Каабаға келип қалыппыз, – деп қуўанысып қалыпты.

Бир ўақлары көкнаршылар баслары таўир болып, кетпекши болып атырғанда баяғы жолбарыс дегени – тышқан, дәрья деп жүргени – төгилген суў екенин билип, пәнт жепти.

## ӨМИРБЕКТИҢ БИР ЛАПГӨЙГЕ УШЫРАСЫЎЫ
(Р-534, №176477)

Өмирбек заманында бир лапгөй болып, ол Өмирбекти көриўге күта қуштар екен.

Бир күни базарда ол Өмирбек пенен ушырасып қалыпты да, Өмирбекке өзин шәкирт етип алыўды өтинипти.

Өмирбек:

– Ол жағын көре бермиз. Бүгин екеўимиз базардан бирге аўылға қайтамыз, – депти.

Жолда киятырып Өмирбек лапгөйден әдеўир жерге озып кетипти. Өмирбектиң алдынан бир топар адам шығып:

– Базарда қандай қызықлы ўақыялар болды, не арзан, не қымбат болады? – деп сорапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда Өмирбек:

– Базардың нырқы өз турысында да, бирақ базардың қапталындағы көлге от тийип, көл қамысларының бәри өртенип кетти, – деп жуўап қайтарыпты.

Ҳайран болған жолаўшылар не дерин билмей киятырса, алдынан лапгөй шыға келипти. Олар лапгөйди иркип турып:

– Жаңағы бир адамнан базардың хабарын сорап едик, ол бизлерге көлге от тийди дей ме, әйтеўир, болмаған өтирикти айтты, өзиниң дени саўы ямаса жилли екенин айыра алмадық, сиз базарда болған болсаңыз, айтып бериң, – депти.

Сонда лапгөй:

– Көлге от тийгени ырас шығар, бүгин базарға түскен балықлардың бәриниң қуйрық-қалақлары күйип қалған екен, – депти.

Жолаўшылар инанарын да, инанбасын да билмей, жөнине кетипти.

Өмирбек ишинен жеткен лапгөйдиң жолаўшыларға берген жуўабын билип алыпты да, шәкирт етип алыўға келисим берипти.

## ӨМИРБЕКТИҢ ШӘКИРТИ

(Р-453, № 176396)

Бир күни Өмирбек бир үйде қонып, аўыл адамлары менен сөйлесип отырғанда аўыл адамлары Өмирбектен оның аўылындағы аўҳаллардан сорай баслапты. Сонда Өмирбек:

– Бизиң аўыл тутасы менен аспанға ушып кетти, – депти.

Аўыл адамлары ҳайран болып, не дерин билмей тарқасыпты. Ертеңине усы Өмирбек қонған үйге бир лапгөй келип қоныпты. Аўыл адамлары Өмирбектиң айтқан сөзлерин лапгөйге айтып, өзлериниң ҳайран болғанлығын билдирипти. Лапгөй сонда:

– Оны мен билмедим да, бирақ сол Өмирбектиң аўылының тусынан өтип баратырсам, аспаннан кели-келсап түсип атыр екен, – депти.

Адамлар Өмирбектиң сөзине сонда инаныпты. Буны еситип Өмирбек жаңағы лапгөйди өзине шәкирт етип алыпты.

## ӨМИРБЕКТИҢ ҚЫЗЫ

(Р-533, №176476)

Бир күни Өмирбек пенен айтысыўға келген бир жигит Өмирбектиң жайының алдында оның қызына жолығады.

– Қарындасым, атаң үйде бар ма? – деп сорапты.

– Аўа, үйде уйқылап атыр, – дейди қыз.

Сонда келген жигит:

– Ағаң оянған соң айт, мен оған сыйлыққа бир палас әкелдим, бир ушы қолымда, бир ушы Гене Үргенипте жатыр, – дейди.

Сонда қыз:

– Сол болғаны ма? Онда иркилмей қайта бер. Әкелген сыйлығың әкем астына төсеп отыратуғын кишкене паласының жыртығына жамаў да болмайды екен, – депти.

Жаңағы келген жигит, қызынан утылдым деп, Өмирбек пенен айтысыўға бата алмай, изине ғырра қайтады.

## ҚУДАЙБЕРГЕН ЛАПГӨЙ

(Р-569, №180082)

Биз Қудайымберди деймиз, негизги аты Қудайберген. Райымбердиниң аты да Рейимберген. Ол иниси, өзи сағыр адам.

Қудайымберди айтыпты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Мени бала гезимде аспаннан айдик бир қарақус келди де, иле көтерип алып кетти. Үйдиң алдында бир нар сексеўил өсип турған еди, туппа-туўра соның үсти менен ушып өтти де, тике көтерилди. Аспанның нақ төрине апарды. Мен де ари-бери арпалысып едим. Бир ўақта тастап кеп жиберди. Содан төмен қарай қулдыйладым. Туппа-туўры үйдиң тусындағы нар сексеўилге келип илинип қалдым. Салбырап турып едим, бир қарасам, мынаў жүгирип келатыр екен. Ол сексеўилдиң шақасын сындырып жиберип еди, жерге топ ете түстим.

– Сол ырас па? – деп Райымбердиге қараса, ол да басын ийзейтуғын қусайды.

## БУЛТҚА ТИЙГЕН БОЙ

(Р-450, №176393)

Бир күни Өмирбек бала ўақтында әкесиниң изине ерип Шымбайдың базарына барған қусайды. Олар базарды аралап, керек-жарағын алып болып, бир кеседен шай ишиў ушын шайханаға кирипти. Кирсе, шайхананың иши толған адам қусайды. Булар екеўи де олардың қасына бир шәйнек шайы менен жайғасыпты.

Соның арасында олардың қасында отырған бир лапгөй:

– Өткен жылы Хийўаның базарына барғанымда, астапыралла, бойы ақтерек пенен тең адам көрдим. Хийўаның шаштарезн оның шашын зәңгите минип алып атыр екен, – депти.

Дөгеректе отырғанлардың бәри «астаўпыралла-астаўпыралла» десип атырған қусайды. Сонда бутан шыдай алмаған бала Өмирбек:

– Пай, бой болғанына! Мен Шымбайдың өткен базарында бир жигитти көрдим. Бизиң Шымбайдың шаштарези оның шашын алып атырғанда, паки тийип кесип кеткен жерлерин қасынан өтип баратырған бултлардан қысымлап жулып алып, сыпырып отырған екен, – депти.

## ӨМИРБЕКТИҢ БАЛАСЫ

(Р-450, №176393)

Бир күни бир лапгөй жигит Өмирбекти лаптан жеңиў ушын оны үйине излеп келипти. Келсе, Өмирбектиң үйиниң алдында оның баласы ойнап жүрген қусайды.

– Әкең үйинде ме? – деп сорапты жаңағы лапгөй Өмирбектиң баласынан.

– Әкем бир жерге кетип еди, – депти Өмирбектиң баласы.

Сонда жаңағы лапгөй баланы сынап көриў ушын:

– Пай, мына Өмирбектиң үйинде болмаўын қара! Мен оған Әмиўдарьяның арғы жағасында бир жағын услап турсаң, екинши жағы берги жағаға жететуғын көрпе әкелип едим, – депти.

Сонда Өмирбектиң баласы жаңағы лапгөйге:

–Ўах, аға, сонша жерден кирттай көрпени көтерип келип ҳәлек болыпсаң. Бул көрпе әкемниң жамылып жүрген төне көрпесине жамаў болыўға да жетпейди ғой! – депти.

## ӘКЕСИН ЖЕҢГЕН БАЛА ЛАПГӨЙ

(Р-450, №176393)

Бир адам баласын лапгөйликке үйретип жүр екен. Ол бир күни баласына мына лап сөзди айтыпты.

– Балам, мен теңизде жүр едим. Бир үлкен ылақа қуйрық таслады дейсең. Сол ўақытта теңиздиң суўы жан-жаққа жаңбыр жаўғандай шашырап кетти, – депти.

Сонда баласы:

– Ылақа қуйрық тасласа, таслаған шығар. Соның суўы бизлердиң бетлеримизге де бир-еки тамды,– деп, лапгөйликтен әкесин жеңипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## САҚПАН
(Р-1299, №183812)

Еки аўылдың адамлары бир мерекеде отырысып қалған екен. Сонда биринши аўылдың лапгөйи қызық таўып отырайын деп гәп баслапты:

– Бизиң аўылдағы Тәлегенди нағыз сақпаншы десең болады. Енеғардың баласы, үйинде отырып-ақ қоңсы аўылдағы Сайман байдың жүўери атызына қарай сақпан атып, жүўерисин қорып, мийнет ҳақысына байдың еки қойын алды, – депти.

Сонда оны тыңлап отырған екинши аўылдың лапгөйи:

– Сениң айтып отырған Тәлегениң бизиң аўылдағы Берди сақпаншыға шәкиртликке де жарамайды екен. Берди сақпаншы өзи Мойнақта отырып, Хожелидеги Мамыт байдың жүўери атызына сақпан атып, қорып, байдың еки қойын алып еди, – депти.

## ЖАЙЫН
(Р-1299, №183812)

Бир күни Қудайберген лапгөй Маңғытқа қонақ болып барыпты. Маңғыттың жигитлери жыйналысып, оны көриўге келипти. Сонда жигитлердиң бири Қудайбергенди лаптан жеңбекши болып:

– Жақында Әмиўдәрьяға балыққа бардық. Барсақ, бир наҳан жайын дәрьяны пәтеңге келтирип жүрген екен. Онбеслеген қайық болып жайынды шанышқы менен услай алмай, оны жағаға қуўып, зорға усладық. Ишин жарып қарасақ, төрт жасар таналы шықты, – депти.

Сонда Қудайберген лапгөй:

– Пай, жайын болғанына! Ондайларды бизиң жигитлер «шабақ» дейди. Өткен жылы бизиң жигитлер Әмиўден бир жайынды тутып жағаға шығарып бәлталап ишин жарып еди, жайынның ишинен бир пада қойды алдына салған падашы шығып, «Берекет табың!» деп қойларын алдына салып, айдап кетеберди, – депти.

## ...ОЛ ӨГИЗ БЕ ЕДИ?!
(Р-588, -№180401)

Еки кекнәршы әбден кәйипи асып, пайекке қашып отырған екен. Үнсизликти бузып, биреўи гәп баслапты:

– Бағана көлден бир балық шықты да, жағыстағы нарўан тораңғылға өрмелеп кетти!

Сонда оның сөзин тыңлап отырған шериги:

– Өйтип не, ол, өгизбеди?! – депти.

## КӨРГЕНИҢДИ АЙТ!
(Р-141, №50413)

Бир күни жолда еки лапгөй жолдас болыпты.

– Қане, не қызық көргениңди айт, жол қысқарсын, – депти олардың биреўи екиншисине.

– Жаңаракта усыяққа киятырсам, жолдағы бир падаға қасқыр шапты. Паданы баслап жүрген өгиз қасқырлар менен шайдай айқасып, шақына илдирип алып, бир қасқырды оңқа және биреўин буяққа ылақтырды-аў! – депти.

– Пай, лап болғанына! – депти екинши лапгөй. – Мен кеше дәрьяда қармақ салып отыр едим. Бир жолбарыс изине еки баласын ертип, жағаға келе береди. Суўға жолбарыстың балалары жақынлай бергенде бирден суўдан үлкен бир жайын шығып, оларды бир жалмап-ақ жутып жиберди.

Жолбарыс ашыўы келип, жаңағы жайынды аңлып жата берди. Бир ўақытта жаңағы жайын жолбарысты да жутайын деп жағаға келгенде, ашыўлы жолбарыс жайынды тырнағы менен илип алып, бир шақырымдай жерге ылақтырып жиберди дейсең, жайын тап ортасынан қақ бөлинди, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚТЫҢ БӨЛИНИЎИ

(Р-22а, №Я2401)

Қарақалпақтың ата-бабасы Жаңадарьяның жағасын жайлаған күнлери екен. Сол күнлерде бир адам Жаңадарьяны жағалап киятырған қусайды. Бир ўақытта жаңағы адамның көзи жағада орта белинен бүкленип жатқан бир наҳан балыққа түсипти. Жақынлап барып қараса, жағыста жатқан балық шынында да жайын екен. Ол дәрриў аўылына келип, адамларға наҳан жайынның жағыста жатқанын айтады. Көп жыйналысып аламан болып, топланып барыпты. Олар жайынды енди кемеге жүклейин деп атырғанда, олардың қасына бир қария келип:

– Ҳәй, халайық, бул балықты жемеңиз! – депти.

– Не ушын жемеймиз? – депти аламан шуўласып.

Сонда қария оларға:

– Бул наҳанның ишин жарып қараңлар, – депти.

Жыйналғанлар жайынның ишин жарады. Жарса, ишинен үлкен бир бүркит шығады. Халайық бүркитке қарап турғанда, қария:

– Бүркиттиң ишин жарың! – дейди.

Жыйналған аламан бүркиттиң ишин жарады. Бүркиттиң ишинен бир шымшық шығады.

– Ҳо, халайық, енди шымшықтың ишин жарың, – дейди.

Аламан шымшықтың да ишин жарады. Шымшықты жарып қараса, ишинен еки тары дәни шығады. Қария көпке қарап:

– Аламан, бул тары дәнди де жемең! – депти.

Жыйналған аламан:

– Бул қалай? Неге несибемизге түскен бул тарыны, жайынды жемес екенбиз?! Себебин айтың, – дейди қарияға.

Сонда қария:

– Баяғыда бир жолаўшы жол жүрип киятырып, бир гене тамның алдындағы ошақты көреди. Сол ошақтың қапталында еки тал тары өсип тур екен. Жолаўшы қараса, жаңағы еки тары бир-бири менен шаўласып, урысып турған көринеди. Бир ўақытта жаңағы еки тарыны бир шымшық келип жеп қойыпты. Қутырған тентек тарыларды жеген шымшықты, қутырған мына жатқан бүркит жеген. Бүркит қутырып, суўдағы наҳан балықты жемекши болып панже урғанда, жайын оны жутып жиберген. Қутырған балық өзин өрден ыққа урып, ақыры жағаға шығып қалған. Соның ушын бул балықты жемеңлер, – депти.

Бирақ жыйналған аламан қарияның айтқанын тыңламай наҳанды бузып жарып, бөлип-бөлип бөлисип алыпты ҳәм асып-писирип жепти. Мине сол қарияны тыңламай, қутырған жайынды жеген қарақалпақлар бир жерде тынып отыра алмай, бир бири менен урысып-керисип, басы писпегеннен кейин бөлинип-бөлинип, тум-тусқа тарыдай шашырап кеткен екен дейди.

## ЖОЛАЎШЫНЫҢ ШӘРТИ

(Р-22а, №Я2401)

Қыстың күнлери бир жолаўшы тоғайдан киятырып адасып кетипти. Ол жолды табаман деп излеп жүргенде күн батып, боран болып, үргин үреди. Сөйтип жүрип, ол бир үйдиң алдынан шығыпты. Үйге кирип қонып кетиўге руқсат сорапты. Сонда үй ийелери:

– Егер түни бойына әңгиме яки ертек айтып берсеңиз, руқсат етемиз, – деп оған шәрт қойыпты.

Жолаўшы жылынып алғанша үйдиң адамлары шаршаған жолаўшының дөгерегине жыйналысып алыпты.

– Басламастан бурын мениң де сизлерге шәртим бар, – депти жолаўшы. – Мен ертек айтып атырған ўақтымда ҳешқайсыңыз ҳеш нәрсе сорамайсыз. Егер кимде-ким сөзимди бөлсе, айтып отырған ертегимди тоқтатып, дәрриў жатып уйқылайман, – дейди.

Үйдегилердиң ҳәммеси оған келисим берипти. Жолаўшы ертекти баслапты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Күнлерден бир күни тоғайдан, шетсиз-шексиз жыс тоғайдан өтип баратыр едим. Сонда тап сол жердиң өзинде ғарға уша баслады. Аўа, қап-қара ғарға, дәл сондай, қап-қара ғарға. Арыға ушады, айланып-айланып тағы да ушады, тынбай ушады, тыным таппастан ушады, тынбастан ушады. Биресе төменге ушады, биресе бийикке ушады, хо-о бийиклеп ушады. Бул ғарға, бул қап-қара ғарға ушады, ушады ҳәм және ушады, бул қап-қара ғарға...

– Ҳәммеси усы ма? – депти тыңлаўшылардың биреўи шыдамай.

– Сизлер мениң сөзимди бөлдиңлер. Шәртимиз бойынша, енди ертекти тоқтатаман, – депти де, жолаўшы ыссы керпеге кирип алып, ертеңине сәскеге шекем раҳатланып уйқылапты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЙЫПЛЫ ГҮЗЕ
(Р-448, № 176391)

Күнлерден бир күни Хожа Насратдин бир бай менен жанжеллесип, қазының алдына тереллесиўге бармақшы болады. Байдың қалтасы ақшалы болғаннан кейин, қазы оның сөзин сөйлемейтуғынын билген Хожа Насратдин үлкен тас гүзени суўға толтырып, далаға шығарып тоңдырады. Суў тоңлағаннан кейин гүзеге әзғантай сары май қуйды. Гүзени қолтығына қысып, қазының алдына келеди. Қазы Хожа Насратдинниң қолтығындағы гүзени көрип, бир гүзе май әкелген екен, – деп ойлап, жанжелди Хожа Насратдинниң пайдасына шешеди. Хожа Насратдин кеткеннен кейин қазы гүзени алып қараса, май дегени бир гүзе муз болып шығады. Ол сол ўақытта бир хызметкерин шақырып алып:

– Хожа Насратдинди шақыр! Айып соның мойнында екен, – депти.

Қазының алдына қайтып келген Хожа Насратдин:

– Айып Хожа Насратдинде емес, ал суўлы гүзениң ишинде, – деп жуўап берипти.

## МЫР ДЕЙСЕҢ БЕ?
(Р-535, №176478)

Аты шыққан бир көкнәршы үйинде бир өзи көкнәрды тойғанынша ишип, мүмия болып отырса, жанына сары пышығы келип мияўлай берипти. Көкнәршының әбден кейпи ушыпты. «Қоясаң ба енди» деп, бир-еки рет ылақтырған екен, пышық қайтып келип мияўлай берипти.

Әбден ашыўы келген көкнәршы көзин тарса жумып отырып, қапталларын қармалапты. Қолына былқылдақ бир нәрсе илинипти. Көкнәршы:

– Сени отқа тығып өлтирейин. Енди мыр дейсең бе, мыр дейсең бе?» – деп, бир-еки ирет оны шоққа басып-басып алыпты да, ылақтырып жиберипти.

Көкнәршы көкнәрдың мәслиги тарқағаннан кейин абайлап қараса, пышық деп отқа басқаны өзиниң түлки малақайы екенин билип пант жепти.

## БАЛЫҚ БОЛ-Ә, ЕНЕҒАР!
(Р-535, №176478)

Бир көкнәршы қыдырып киятырып өзиниң көкнәршы достының үйине түсипти. Екеўи қызып сөйлесип отырып:

– Бүгинлери Ерimбет қайда, бала? Көринбейди, – депти жаңағы келген көкнәршы досына.

– Оны қудай урды, үйиниң дөгерегинде баспақтың изи көринеди, – дейди досы.

– Япырмай бала, ол ырас-ақ қатық ишетуғын болды ма?! – дейди ол шоршып кетип.

Сөйтип екеўи көкнәрдың бәзарын қыздырыпты.

– Достым, быйыл жаз ыссы келди, шомылап алдың ба сира? – депти биреўи екиншисинен.

– Сәратанның ыссысы екен деймен, бир қуман суўды қайнатып, легенге де қуйып, қолыма пахта алып, суўға малып, үстиме әбден сыйпап рәҳәтленгеним бар, – депти.

– Енеғардың баласы, балық бола-ә..., – деп күлисипти.

## АЛДАНҒАН ХАН
(Р-535, №176478)

Алдар көсе бир көпирте жаңа көтерилген екен, алдынан хан шығыпты. Ол Алдар көсеге қарап:

– Қәне Алдар, усы жерде мени алдамасаң, дарға асып өлтиремен! – депти.

Алдаркөсе жортаға жылайды.

– Сен неге жылайсаң, алдай алмайсаң ба?

– Жоқ, тақсыр, олай емес-аў, мен аппўайы алдамайтуғын едим. Мениң алдайтуғын китабым бар еди, әне сол үйде қалып қойғанда сизиң дус келгенińизге қара. Үйим алыс емес, анаў төбениң

www.ziyouz.com kutubxonasi

артында, егер анық алдағанымды көргиңиз келсе, атыңызды берип турың, – депти ол ханға.

Хан атынан түсипти. Ал Алдар болса атты минип қашып кетипти ҳәм елимнен қутылыпты, деседи халық.

## ЕКИ КӨКНАРШЫ
(Р-535, №176478)

Еки көкнаршы көкнар ишип, пайекке қапып отырғанда биреўи екиншисине:

– Таза ай туўады, гөне ай жоқ болып кетеди. Сиз оның не қылатуғынын билесиз бе? – деп сораў берипти.

Сонда екинши көкнаршы:

– Гөне ай өзи-ақ тозыўы жеткен соң жулдыз болады, – депти.

## ҚИРААТ ПЕНЕН СӨЙЛЕЎ
(Р-535, №176478)

– Сен енди суўпысаң, суўпы адам алдам-салдам болмай, салмақлы ҳәм парасатлы болыўы лазым. Сен енди бурынғы тезлазлығыңды, ўарракышылығыңды тасла, қираат пенен сөйлеўге әдеплен, – депти пири Өмирбекке.

– Әжеп болады, тақсыр. Ендигиден былай патырлап, тез сөйлемеўге тырысаман, – депти Өмирбек.

Сөйтип жүргенде, бир күни ийшан көзин жумып тасли санап, ал Өмирбек оның алдында от жағып отыр екен, жантақтың шытырлаған ушқыны шатырлап барып ийшанның саллесине түсипти. Салле жана баслапты, ал ийшан буны сезбепти. Сонда Өмирбек ҳәр сөзин қираатке салып:

– Тааксы-ыр..., саллең-и-и-из ...күйип бараты-ы-ы-ыр, – депти.

Бирақ Өмирбек айтып боламан дегенше ийшанның өзи-ақ саллениң жанып атырғанын сезипти.

– Ҳа, бадбақ, неге дарриў айтпадың! – деп қатты кейипти.

Сонда Өмирбек:

– Ҳаў, тақсыр-аў, ҳәр сөзиңди асықпай, қираатке салып айт деген өзиңиз ғой, – деп жуўап берипти.

## МОЛЛАНЫ ЖЫЛАТҚАН ШОПАН
(Р-535, №176478)

Бурынғы ўақытта бир молланың шопаны болыпты. Бир күни молла оқый алмаса да китап ашып отыр екен. Шопан қасына келип, бул да китапқа үңилипти. Бир ўақытлары шопан:

– Моллеке, тиришиликте мал жыйнап не қыламыз. Өлген соң мына китаптағы азапларды көретуғын болсақ, – деп жортаға жылап қоя берипти.

Саўатсыз молла да ырас болса, ырас шығар деп, бул да еңкилеп жылай берипти. Сол ўақытта шопан:

– Моллеке, усындай пейлиң болса, дозаққа сен бармай, ким барады, – деп күлип жиберипти.

## ТАРЫДАН БОС ҚАЛҒАН АДАМ
(Р-535, №176478)

Өткенде бир киси иниси менен биригип тары египти. Тарысы пискеннен кейин, қырманға үйип түйеклеп, тарыны қырманға қызыллап, азанда сүзермиз деп келисипти.

Ол адам инисин қызыллаўлы тарыға қараўыл қойып:

– Қызыллаўлы қырманға Қыдыр дарыйды деген сөз бар, түнде қырманға ҳәзирети Қыдыр келеди, ол келсе, ҳеш исиң болмасын, ҳасасын қырманға шаншып кетеди, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

85- ТОМ



# АНЕКДОТЛАР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит тарыны қорып жатса, таң атыўға шамаласқанда бир киси келип түйесин шөгирип, тарыны жүклей береди. Жигит бул келген Қыдыр ата шығар деп, буғып отыра берипти. Азанда ағасы келсе, орнында тары жоқ.

- Тары қаяқта? – деп инисине бақырыпты.

- Түнде бир адам келип түйеге жүклеп алып кетти, мен ол келген адамды Қыдыр ата шығар деп ойлап, үндемедим. – депти иниси.

Ағасы сонда ғана өзиниң ақмақлығын түсинипти.

## ӨЗ ҮЙИНДЕ ПИСКЕН ТАМАҚ

(Р-535, №176478)

Бир киси базарға барып бир қоян сатып алыпты. Қоян писиўге шамаласқанда үйине үш жигит кирип келипти. Қанша жек көргени менен не пайда, тамақты бирге отырып жеўге туўра келипти.

Аўқат желине баслаған соң азмаздан кейин үй ийеси қолын жалапты да, жеп болдым деп кейин ысырылып отыра берипти. Келген адамлар бунның ысырылғанына итибар бермей, тамақты жей берипти. Тамақтың таусылып баратырғанын көрген үй ийеси қайтадан табаққа жақынлай берип:

– Өз үйинде писken аўқат болған соң жегиң келе береди екен, – деп табаққа қолын созғанын билмей қалыпты.

## ПАЛАЎДЫ БИРГЕ ЖЕЙИК

(Р-455, №183022)

Өмирбектиң пири ҳәр күни Өмирбекке:

– Бейиште ҳәмме нәрсе табылады. Бул дүньяда қаншама ашлықтың азабын шексең, ол дүньяда тоқшылықта боласаң, – дей берипти.

Бир күни Өмирбек пирине:

– Тақсыр, бүгин биздиң үйге барсаңыз, таза салының гүришинен ишине таўық тесетип палаў писиртип қоймақ, – деп, оны үйине мирәт етипти. Пири кешқурын Өмирбектиң үйине бармаға ўәде етипти.

Кешкисин пириниң киятырғанын көрген Өмирбек ийтиниң мойнынан қушақлап отыра берипти. Буны көрген Өмирбектиң пири:

– Әй, Өмирбек, мынаў қушақлап отырғаның қызың ба, балаң ба, ямаса ҳаялың ба? - депти

Өмирбек ҳеш иркилместен:

- Тақсыр, бул бизиң пиримиз, – деп жуўап берипти.

Пирин үйине киргизипти де, Өмирбектиң өзи далаға шығып кетипти. Келген пир жан-жағына қараса, писип атырған ямаса ошақтан түсип атырған палаў жоқ, ҳайран қалыпты. Ақырында пир турып:

– Өмирбек, палаўың писип шамаласса, әкелсеңо? – депти.

Сонда Өмирбек:

- Тақсыр, «Бул дүньяда аш болсаң, о дүньяда тоқ боласаң» деп едиң, таўық тесеген палаўды о дүньядағы бейиштен бирге барып жермиз, отыра бериң, – деп үйден шығып кетипти.

## БИР АЙТАМАН

(Р-455, №183022)

Бир күни Өмирбектиң жорасы онан:

- Нешеге келдиң? - деп сорапты.

- Жасым елиўде, – деп жуўап берипти Өмирбек.

Арадан бес-алты жыл өткеннен кейин жорасы Өмирбектиң жасын сораған екен, ол және

www.ziyouz.com kutubxonasi

«елиўге келдим» депти. Бес-алты жылдан кейин және сорапты. Бунда да «елиўдемен» деп жуўап берипти. Буннан кейин жорасы:

– Өмирбек, мен сеннен буннан он жыл бурын жасыңды сорағанымда «елиўдемен» деп жуўап берип един, ал бүгин де «елиўдемен» деп отырсаң, сен сира алпысқа шықпайсаң ба? – депти.

Сол ўақытта Өмирбек:

– Адам деген бир сөзли болыўы керек, елиў деген болсам, сол елиўде тура беремен, – деп жуўап берипти.

## ТҮЙИЛИП ҚАЛАРСАҢ!
(P-455, №183022)

Өмирбек қасына бир-еки адам ертип, бир жорасының үйине қыдырып барыпты. Барған үйи гөшли палаў писирип берипти. Өмирбек табақ келиўден еки түйир гөштен алып, палаўды салдырта берипти. Сол ўақытта қасындағы жорасының биреўи:

– Өмирбек, түйилип қаларсаң, биреўден алсаң да жетеди, – деген екен, сонда Өмирбек:

– Қолыма сыймаса қайтейин, - деп жуўап берипти.

## ҚАЗАЛАНҒАН ҚАЗАН
(P-455, №183022)

Өмирбек бир күни той бермекши болып қоңсысының үлкен қазанын алыпты. Тойын тарқатып болғаннан кейин қазанның ишине киширек қазан салып, қоңсысының үйине апарыпты. Қазанның ийеси қазанның ишиндеги қазанды көрип:

– Мынаў кимниң қазаны? – деп сорапты.

Өмирбек:

– Буны сизиң қазан туўды, – деп жуўап берипти.

Қазанның ийеси дым үндеместен қазанды алып қала берипти.

Арадан бир неше ай өткеннен кейин Өмирбек баяғы қазанды және сорап әкелипти. Бирақ бул сапары Өмирбек қазанды сындырып алып, ийесине не айтарын билмей жүре берипти.

Бир күни қоңсысы қазанын алып кетейин деп Өмирбектиң үйине келипти. Ал Өмирбек болса төмен қарап отыра берипти. Қоңсысы:

– Өмирбек, неге төмен қарап отырасаң, бир жериң аўырып отыр ма? – депти.

Сонда Өмирбек:

– Аўырып отырғаным жоқ. Сениң қазаныңның туўалмай, бала үстинен өлгенине қапа болып отырман, – деп жуўап берипти.

Қоңсысы аң-таң болып:

– Қазан да өле ме екен? – депти.

Сонда Өмирбек:

– Сен қазанның туўатуғынына исенесең да, ал өлгенине неге исенбейсең? – деп жуўап берипти.

## ҮЛКЕЙСЕ, БАСПАҒЫ ДА ҚАШАДЫ
(P-455, №183022)

Бир күни Өмирбектиң байлаўда турған сыйыры жибин үзип кетип қалыпты. Өмирбек буған ашыўы келип, байлаўда турған баспағын ура берипти. Буны көрген қоңсысы:

– Баспақты неге урып атырсаң, оннан анасын урсаң-о, – депти.

Өмирбек сонда қоңсысына:

– Бул өсеғойса, анасынан да бетер қашады, – деп жуўап берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУДАЙ ДАЙЫМ ЕМЕС
(P-1295, №183770)

Бир күни Өмирбектен биреўлер:
– Қудай қайда турады? – деп сорапты.
– Қудай мениң дайым емес, қайда туратуғынын билмеймен, – деп жуўап берипти.

## ҚӘЛЕМНИҢ УШЫН СОНЫҢ МЕНЕН ШЫҒАРДЫМ
(P-1295, №183770)

Өмирбек бир күни сақалын сабынлап, қырыныўға отырған екен, алмасы өтпепти. Ол қасында отырған баласына:
- Балам, айнаның алдындағы алмасты алып бермесең, мынаў алмас өтпейди екен, – депти.
Сонда баласы:
– Бийкар айтасыз, ол жүда өткир, себеби мен бүтин барлық қәлемлеримниң ушын сол алмас пенен шығардым, – депти.

## ОРАЗАНЫҢ ЖҮЗ КҮНИ ӨТТИ
(P-1295, №183770)

Өмирбек ораза тутса, неше күни кетип, неше күни қалғанын умытып қала береди екен. Өмирбек бир оразада ҳәр күн өткен сайын қалтасына бир қумалақ салып қоя берипти. Өмирбектиң қызы әкесиниң қалтасындағы қумалақты көрип, үстине бир уўыс қумалақты салып жиберипти.
Бир күни аўылының адамлары бир отырыспада бир-биринен оразаның неше күни өткенин сорасыпты. Бирақ ҳешқайсысы дурыс жуўап бере алмапты. Сол ўақытта Өмирбек қалтасындағы қумалақты санап, жүз күни өтти десем, адамлар иланбас, оннан жартысын кемитейин деп:
– Бүгин оразаның елиў күни өтти, – депти.
Сонда қасындағы адамлар:
– Өмирбек, сениң тапқан қалай-қалай, оразаның өзи отыз күн, қалайынша елиў күни өтеди? – депти.
Сонда Өмирбек:
– Бәрекелла, мен қайта жартысын кемитип айттым, егер қалтамдағы қумалақты санаған-ларыңда, бүгин оразаның жүз күни өтти, – деп жуўап берипти.

## ТАБЫЛСА, АЛЫП ҚАЛАМЫЗ
(P-1295, №183770)

Бир күни Өмирбектиң үйине урылар түсипти. Өмирбектиң ҳаялы олардың келгенин билип:
– Өмирбек, ҳа, Өмирбек! Тур орныңнан, үйге урылар түсти, – деп сыбырлапты.
Сонда Өмирбек:
– Даўысыңды шығарма, урылардың келгенин өзим де сезип атырман. Үйден дәртке асқандай бир нәрсе табатуғын болса, алып қалыўымыз қыйын емес, – депти.

## ҚУДАЙДЫҢ ЕШЕГИ ЖОҚ
(P-1295, №183770)

Өмирбектиң мал дегеннен қалған жалғыз ешеги де өлип, қапаланып отырғанын көрген қоңсысы:
– Өмирбек, неге қапа боласаң, қудай бүгин ешегиңди алса, ертең орнына қапылғанда гүрре берер, – тәселле айтыпты.
Ал Өмирбек болса:
– Ол айтқаның туўры, бирақ мен билетуғын қудай болса, ол пулсыз ҳеш нәрсе бермейтуғынын жақсы билемен, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕШКИСИН УРМА, ИЙЕСИН УР
(Р-1295, №183770)

Бир күни қоңсысының ешкиси боғанып кетип Өмирбектиң жоңышқасына түсипти. Тап усы ўақытта қоңсысының ҳаялы да келип қалыпты.

Сонда Өмирбек ешкини қуўалап жүрген ҳаялына:

– Ешкисин урма, ийесин ур, екинши рет ешки атызға түспейди, – деп бақырыпты.

## ӨМИРБЕКТИҢ ЕШЕГИНЕ ҚЫЙНАЛЫЎЫ
(Р-1295, №183770)

Өмирбек ҳаялы өлгенде онша қапаланбапты да, ал ешеги өлгенде басын жоқары көтермепти. Өмирбектиң бул қылығына өкпелеген ағайин-туўғанлары менен қоңсы-қобалары:

– Өмирбек, сен неге ҳаялың өлгенде қапаланбадың да, ал ешегиң өлгенде қабағың ашылмады? – депти.

– Оның себеби бар, ҳаялым өлгенде қатар жораларым: «Өмирбек, ҳеш қапа болма, өлгенниң кейнинен өлмек жоқ, ҳаялыңның орнына оннан да жақсы ҳаял алып беремиз» деп көўлимди алып еди, ал ешегим өлгенде ҳешким «Ешегиңниң орнына ешек алып беремиз» деп айтпайды, мен соған қыйналып отырман, – депти.

## ТИС АЎЫРЫЎ
(Р-1295, №183770)

Бир күнлери Өмирбектиң бир тиси аўырып, көргетиў ушын еки таўықты қолтығына қысып, аўылындағы бир таўипке барыпты. Таўип Өмирбектиң аўырған тиси менен бир саў тисин де жулып алыпты.

– Тақсыр, бул не қылғаның? Мениң бир тисим аўыратуғын еди ғой, неге еки тисимди қопардың? – депти Өмирбек.

– Еки таўық алып келгеннен кейин еки тисиңиз аўырған шығар деп қопарғаным еди, – деп жегисинипти таўип.

## АҚЫРЗАМАН
(Р-1295, №183770)

Бир күни адамлар Өмирбектен:

– Өмирбек, сизиң пириңиз ақырзаман болады депти, ол қашан болады екен, пириңизден сорап көрдиңиз бе? – депти.

Сонда Өмирбек:

– Пир-сириңди билмеймен, ақырзаман мен өлген күни болады, – деп жуўап берипти.

## МЕН АЙЫПЛЫ ЕМЕС...
(Р-1295, №183770)

Бир күни Өмирбек түсинде бир жесир ҳаялды көрип, қушақлап сүйе берипти. Бирақ омыраўынан ийтермелеген адамның қолынан оянып кетипти. Қараса, қасында отырған ҳаялын көрипти.

– Саған не болды, бурын бундай емес единң ғой, тас болмаса мурнымды тислеп ала жаздың, – депти ҳаялы.

– Буған мен айыплы емес, ал..... депти, – Өмирбек не айтарын билмей.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕШЕГИМ СӘЛЕМ БЕРИЎГЕ БАРАДЫ

(Р-1295, №183770)

Өмирбек ешеги өлгеннен кейин, басқа бир ешек сатып алыпты. Бир күни Өмирбек қаладан шығып үйине киятырса, ешеги Өмирбектиң үйине емес, ал басқа жаққа қарай кете берипти.

Өмирбектиң алдынан бир таныс адамы шығып:

– Өмирбек, сен қайда баратырсаң? Аўылың мына жақта қалдығой, – депти.

Сонда Өмибек оған:

– Ешегимниң бурынғы ийеси усы жақта еди, ешегим соған сәлем бериўге баратыр, – депти.

## ҚАРАҚАЗЫ МЕНЕН ӨМИРБЕК

(Р-1295, №183770)

Шымбайда Қарақазы деген болған екен. Ол ўақытта қазылар дус келген адамнан Қураныың ишинен үзиндилер сорайды екен. Егер айта алмаса, сабайды екен.

Бир күни Кегейлиниң жағасында Қара қазы менен Өмирбек ушырасып қалыпты. Сонда Қарақазы Өмирбекке:

– «Куддусун»ды айт, – депти.

Өмирбек буны билмейди екен. Сонда ол:

– Куддуўсын-суўддуўсын, о халайық, масайық, мына жағым Қарақазы, мына жағым Кегейли, енди қаяққа қашайын, – депти.

Сонда қазы да, қасындағы адамлар да күлип жиберипти. Сөйтип Өмирбек таяқтан қутылыпты.

## КЕСЕНИ СЫНДЫРЫП АЛМА

(Р-1295, №183770)

Өмирбек баласына шай демлеп берип атырып:

– Кесени сындырып алма, – деп бир шаппат урыпты.

Буны көрген Өмирбектиң ҳаялы:

– Ҳаў, атасы, кесе сынған жоқ, баланы неге урдың? – депти Өмирбекке жаман көзи менен қарап.

Сонда Өмирбек:

– Сен есиң кеткен ҳаял екенсең. Кесени сындырып алғаннан кейин урыўдың қандай кәжети бар? – депти.

## ҚАЛАЙЫНША МЕН ӨЛЕМЕН

(Р-1295, №183770)

Күнлердиң бир күнинде Өмирбек қатты аўырыпты. Буны еситкен Өмирбектиң жора жолдаслары оның көўлин сораў ушын үсти-үстине келе берипти. Өмирбек адамлардың үсти-үстине келе бергенинен қәўипсинип, ҳаялын шақырыпты.

– Ҳаял, адамлардың көбирек келиўине қарағанда, аўырыўым қатты күсайды. Булар бир нәрсени билетуғын шығар, япырмай бала, қалайынша мен өлемен, – деп қатты ҳаўлығыпты.

## ӨМИРБЕКТИҢ ДӘМЕСИ

(Р-1295, №183770)

Өмирбек ешеги өлгеннен кейин пиядa киятырса, жолда жатырған ешектиң тақ тағасын таўып алыпты. Өмирбек қуўанышы қойнына сыймай:

– Қудайдың жеткергенине қара, және үш тағa ҳәм бир ешек тапсам, пияда жүриўден қутылады екенмен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨМИРБЕКТИҢ ӨЗИНЕ СӘЛЕМ БЕРИУИ

(Р-1295, №183770)

Өмирбектиң баласы бир күни үлкен шарайна акелипти. Өмирбек түр-түсин көриў ушын айнаның алдына барса, қарсы алдында турған үлкен кисини көрипти.

Жасүлкен адамға сәлем бериў халықтың дәстүри ғой, Өмирбек айнада көрген адамға сәлем берип қолын соза бергенде, абынып кетип, айна пәшақ-пашағы шығыпты. Сада Өмирбек өзин бурын айнада көрмеген екен.

## БУХАР ЛАҚҚЫСЫ МЕНЕН ӨМИРБЕКТИҢ ҚЫЗЫ

(Р-1295, №183770)

Бир күни Бухарадан бир лаққы Өмирбек пенен айтысыўға Шымбайға келипти.

Өмирбектиң үйине келсе, өзи үйинде жоқ екен да, бирақ он жасар шамасындағы қызы бар екен. Бухар лаққысы «Әўели Өмирбектиң қызын жеңип алайын» деген ойға кетип, қыздың қолына он тийин берипти.

– Мине, мына пулға ешегиме от-жем, өзиме аўқат және де үйимде саўынлы ешким бар еди, соған желиндқап акелип бер, – деп, Шымбайдың базарына жумсап жиберипти.

Қыз он тийинди алып кетип, базардан бир қаўын қам шемиш сатып алыпты. Сөйтип қаўын менен шемишти Бухар лаққысының алдына қойыпты.

– Бул не, балам? – депти лаққы.

Сонда Өмирбектиң қызы турып:

– Мынаў қаўын шопағы ешегиңе жем, паллеси от болады, ал бунның ети өзиңе аўқат болады, мына шемиштиң сабын артына тықсаң, бас бети ешкиңе желинқап болады, – депти.

Сонда Бухар лаққысы не дерин билмей, «Өмирбектиң қызы усындай болса, өзи адам шыдатпас» деп, кетиў менен болыпты.

## ЕШКИСИН ЖЕП, ҚАСҚЫР ҚЫРДАН АСТЫ

(Р-1295, №183770)

Бухардың бир лаққысы Өмирбекти жеңип қайтайын деп елинен шығыпты. Ол «Мен бир нәрсени гүмилжи етип айтаман, сал тил гүрмелсе болды, басқысын берип жеңип қайтаман» деп ойлапты.

Ол Өмирбекти көриўден:

– Ешкили қасқыр көрдиң бе? – депти.

– Ҳа, көрдим, – депти Өмирбек.

– Ол қайжерде баратыр? – депти Бухардың лаққысы.

– Ешкини жеп, қасқыр қырдан асты, – депти Өмирбек.

Бухардың лаққысы ҳешнәрсе айталмапты.

## ӨМИРБЕКТИҢ СУУПЫЛЫҚТАН БЕЗИЎИ

(Р-1295, №183770)

Өмирбек бала-шағаларына қаўын-қамек егип беремен деп көп ўақытқа шекем пирине сәлемге баралмапты. Сөйтип жүргенде қаўыны писип, оның қорығынан шығалмай, және бара алмапты.

Бир күни Өмирбек өз-өзинен ойланып, «бул суўпылық мениң бала-шағамның несийбесинен қағар. Оннан қайта ийшанға барып, суўпы бола алмайтуғынымды айтып қайтайын» деп, ийшанға барыпты.

Ийшан Өмирбекти көриўден сәлемин де оңлы алмай, терис қарап отыра берипти.

– Тақсыр, бала-шағаға деп қаўын-қамек егип едим, соның қорығынан шығалмадым, – депти Өмирбек пириниң өкпелегенин билип.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал ийшан болса:

– Қысқарт, бадбақ, сондай да өтирик бола ма, сениң қаўынынды ким урлайтуғын еди, – деп жекирип таслапты.

Өмирбек және жағдайын айтайын деген екен, пири сөйлетпепти. Буннан кейин Өмирбектиң қатты ашыўы келип:

– Күндиз мал, ийшаным,
Түнде доңыз, ийшаным,
Қорықшы мендей, доңыз сендей,
Қоймады ғой, тақсыр ийшаным
Мен усыны айтып отырман
Суўпылықты қойдым, капир ийшаным, – деп Өмирбек турып кетип қалыпты.

## АТЫ «ГҮРРЕ» БОЛСЫН
(Р-1295, №183770)

Өмирбектиң бир жорасының аты Ешмурат екен, оны Өмирбек көрген жерде «Ешеке» дейди екен.

Бир күни Ешмурат бир қой сойып, жора-жолдаслары менен қосып Өмирбекти үйине шақырыпты. Аўқатын берип болғаннан кейин келген адамларға атын «Ешеке» деп атамаўын өтинипти. Сол ўақытта Өмирбек жорасына:

– «Ешеке» атыңды қойдық, енди атың «Гүрре» болсын, – деп турып кетипти.

## АЖЫРЫҚ БОЛМАСА, АТЫҢ ШЕҢГЕЛ ЖЕЙ МЕ?
(Р-1295, №183770)

Өмирбек узақ жолдан қыятырып бир үйге мийман болып түсипти. Аўқатланып болғаннан кейин Өмирбек пенен үй ийеси ат сорасып танысыпты.

– Атыңыз ким болады? – депти Өмирбек жеңиллик етип үй ийесинен.

– Ябы, – депти ол.

– Өзиңизиң атыңыз ким болады?

– Ажырық, – депти Өмирбек.

– Бундай да ат бола ма екен? – деп таңланыпты үй ийеси.

– Ажырық болмаса, ябың шеңгел жей ме? – депти Өмирбек.

Үй ийеси не дерин билмей қалыпты.

## ЖАЛАҢАЯҚ МОЛЛА
(Р-1295, №183770)

Өмирбекке бир молла ушырасып:

– Балам, шерик болып егин егейик, жер-көлик бизден болсын, хызмет сеннен болсын, – депти.

Өмирбекке бул мақул түсипти. Ортақ болып егин егип, жүўери, тарыны байытыпты. Өмирбек егинниң басына қос тигип кешип те барыпты.

Өмирбектиң ҳаялы сулыў болса керек, молланың қыялы бузылып, күнде Өмирбектиң ҳаялына қыңқылдап қоймапты. Буны ҳаялы Өмирбекке айтыпты.

– Сен сыр билдирме, оны бир баплайық, – депти Өмирбек.

Ертеңине Өмирбек молланың үйине барып:

– Моллеке, мениң аш-жалаңаш болып жүргеним өзимнен. Жылда егин егемен. Бирақ тәрбиясына келгенде биреўлер менен айтысқым келип, таслайман да кетемен. Тәрбиясыз қалған егин егин бола ма, гейде туқымын алсам, гейде оны да алалмай қаламан. Ҳәтте орақ силтемей қалған жылларым да болды. Сол кеселим быйыл да келип тур. Биреў менен айтысып, я жеңип, я жеңилип келмесем, қаныма сыймай жарылып өлетуғындайман. Мен келгенше келиниңиз бенен егинге қарап турарсыз, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Молла кеўлиндегисин тапқан соң қуўжыңлап, Өмирбекке урықсат етипти.

Өмирбек «Ал кеттим» деп кетип қалыпты. Кеште молла келипти. Сонда Өмирбектиң ҳаялы:

– Екеўмиздиң отырғанымызда биреў болмаса, биреў көрсе, уят болар. Мен пешехана қурып берейин, сиз пешехананың ишинде ҳаз етип шешинип жата бериңиз, мен аўқат писиремен, – деп сыртқа шығып кетипти.

Аўыр жатар ўақытта Өмирбек үйге кирип келипти.

– Ҳаял, мениң бүгин жолым болмады. Өзектен суў жүрип кетип, аржаққа өте алмадым, – депти.

– Жүдә жақсы болыпты, кешлетип келип жүре ме деп палаў демлеп қойып едим, соны жеп, жата қал, ертең-ақ кетерсең, – депти ҳаялы.

Өмирбек пешехanадағы моллаға көзи түсип, қатынына:

– Ҳаял, пешехананы қашан қурдың? – деп сорапты.

– Ымырт жабылмастан бурын, – депти.

– Ымырт жабылмастан бурын қурылған пешеханаға жин-шайтан үймелейди дейтуғын еди, буған да жин-шайтан кирген шығар, қатырмасақ болмас, – деп, керегениң басындағы мылтықты умтылыпты.

Буны сезип отырған молла пешеханадан шыға қашыпты. Молла сол қашыўынан жалаңаяқ-жалаңбас үйине келипти.

«Молла жалаңаяқ» деген жер аты соннан қалса керек.

## ҚАРСАҚ ПЕНЕН ӨМИРБЕКТИҢ АЙТЫСЫ

(Р-1295, №183770)

Бурында Қарсақ деген бир бай Өмирбектиң мал баққан ҳаққысын бермей жүре берипти. Қарсақ ширип атырған бай, өзи семиз май екен.

Бир күнлери Өмирбек және барыпты.

– Ассалаўма алайкум, Қарсақ! – депти.

– Мал-дүнья табыла ма, аўылыңа барсақ? – депти ол.

– Бизиң аўылға барып не қыласаң, жетеди маған сени дал ортаннан жарсақ, – депти Өмирбек өзиниң ашыўланғанын билдирип.

Бай сөзге түсинип, аўзын ашпапты.

## ӨМИРБЕК ҲӘМ ОРАЗ АТАЛЫҚ

(Р-1295, №183770)

Өмирбектиң заманында Ораз аталық деген болған екен. Ол саққа жүгинип отырғанда, кереге менен бирдей болып отырады екен. Оны халық Ораз егиз дейди екен.

Бир күни Ораз Өмирбекти шақырып алып:

– Қане, Өмирбек, сени халық лақќы дейди. Егерде сен лаққы-басқылағыш болсаң, мени басқылап бер? – депти.

– Аталық аға, лаққының сөзинде инсап бола ма, бир сөз болмаса бир сөз аўыр тийип, жазаланып қаларман, басқыламай-ақ қойсам қалай болады? – депти Өмирбек.

– Жазықлы болмайсаң, басқылай бер, – депти аталық.

– Сизди басқылаўға шама қайда, сиз егиз болсаңыз, алдыңызға наҳән дүўден менен отырғыныңыз, еки жигит арба менен асқабақты тасып турса, сиз жел турсаңыз, сизден шыққан тегиннен жер тегинсиз қалмас еди, – депти.

Сонда Ораз аталық:

– Тут, зыңғарды! – депти.

Сонда Өмирбек өрре турып:

– Ўай, аталық аға, мени урғанша, егизди ур, – депти.

Сонда Ораз егиз не дерин билмей басын төмен салыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨМИРБЕКТИҢ АТЫ ҮШ РЕТ СЕКИРИПТИ
(Р-1295, №183770)

Бир күни Өмирбек ақсақал, аталық, қазылар менен бирге жолдас болыпты. Өмирбектиң астында арық байталы бар екен, ҳаммесиниң кейнинен келе берипти. Бир ўақытта аталық:

– Ҳа, Өмирбек, алдыға түс, – депти.

– Жоқ, аталық аға, бизге алдыға түсиўге болмайды ғой, кейинде-ақ жүре берейин, – депти.

– Неге болмайды, түс алдыға! – депти ақсақал.

Өмирбек алдына түсип, атын қамшылаған екен, байталы үш рет секирипти де, шапқылап, басқалардан озып кетипти. Бир ўақытта кейниндегилер Өмирбектиң изинен жетип:

– Ҳа, Өмирбек, неге озып кеттиң, байталың неге үш рет секирди? – депти аталық.

– Байталымның биринши секиргени – «Булардың ишиндеги аталығы қайсы?» деп сорағаны еди. Мен сизди көрсеттим. Екинши секиргенини – «Қазысы қайсы?» дегени еди. Мен анаў адам деп қазыны көрсеттим. Ал үшинши секиргени болса – «Бизиң артымызда аталық, қазылардың киятырғаны уят емес пе? Я озып кет, я кейин қал» дегени еди. Сол ушын артта қалыўға уруқсат етпес, алдына озып кетейин деп озғаным еди, – депти Өмирбек.

Сол жерде қазы, аталықлардың тили байланып, не дерин билмепти.

## ШАПАНЫМ МЕНЕН ЖАЎЫП ҚОЙДЫМ
(Р-1295, №183770)

Бир күнлери Өмирбек бир байға диййқан жүрипти. Бай Өмирбекти жүўери отаўға алып келипти.

- Мен жүўери дегенди билмеймен, маған оны қалай отайтуғынымды көрсет, – депти.

Бай оған жүўериниң түбин сызып көрсетип:

- Минекей, мына өсип турғанды жулма, ал басқаларын қалдырмай ала бер, – деп кетип қалыпты.

Өмирбек байдың көрсеткен жүўерисине шапанын жаўып қойып, атызды тап-тақыр етип шыпыпты. Кешке бай келсе, атызда бир түп те жүўериниң қалмағанын көрипти.

- Ҳаў! Өмирбек атыздағы жүўерилер қайда? – деп сорапты бай.

- Сен маған мынаны жулма, басқаларын жула бер дедиң ғой! Оны шапаным менен жаўып қойдым да, басқаларын жулып тасладым, – депти Өмирбек.

Бай не дерин билмей қалыпты.

## АЎЫР БОЛЫП-АҚ ЖҮРЕЙИН
(Р-1295, №183770)

Өмирбектиң жаңа жигит болып киятырған ўақты екен, оған анасы:

- Балам, жеңил болма, халық сени жеңил дейди, – депти.

Сонда Өмирбек:

– Аўа, апа, мени жеңил деген болса, енди аўыр болып-ақ жүрейин, – деп, он сегиз қарыс қазанды түбинен тесип, мойнына кийип алыпты.

## ӨЗИ АЙТЫП КЕТТИ
(Р-1295, №183770)

Өмирбек жыланнан өлердей қорқады екен. Бир күни киятырса, алдынан бир жылан өте берипти. Өмирбек жыланды көриўден шалқа ортасына таслап, мен өлдим деп жата кетипти.

Ол сол жатыстан жата берипти. Буннан ҳешким хабар алмапты. Ақыры ол үйине келип, ҳаялына қай жерде өлип атырғанын айтып кетипти де, баяғы жерине барып жата берипти.

Өмирбектиң ҳаялы өзин-өзи жулып, даўыс шығарып отыра берипти. Буны еситкен қоңсылары неге жылап атырғанын сораған екен:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Өмирбек далада өлип қалыпты, – деп солқылдап жылай берипти.
– Қашан өлипти, қай жерде, ким айтып келди? – депти қоңсылары жабырласып.
– Қай жерде жатқанын өзи айтып кетти, – деп адамларды Өмирбектиң жатқан жерине алып барыпты.

## ЖАТАР ЖЕРДИҢ ТАРШЫЛЫҒЫНАН
(Р-1295, №183770)

Өмирбек ҳаялы өлип, екинши рет және үйленипти. Бирақ ҳаялы бурынғы байын, ал Өмирбек бурынғы ҳаялын мақтап, арасында урыс-жанжел бола берипти.
Бир күни Өмирбек усындай жағдай менен урысып, қасында жатқан ҳаялын кеттен ийтерип жиберипти.
Ҳаялы ертеңине қазыға арыз етип барыпты.
Қазы Өмирбектен:
– Сен не ушын қасыңдағы ҳаялыңды кеттен теўип түсиресең? – депти.
– Төрт адамның бир кетте сыйысып жатыўы мүмкин бе? Бул жатар жер таршылық етип, жығылып түсти, – деп жуўап берипти.
– Төрт адамның ким? – деп сорапты қазы.
– Мен, мениң өлген ҳаялым, ҳаялым ҳәм оның бурынғы байы, – деп жуўап берипти.

## КЕМПИРИМЕ ҚОЛЫМДЫ СОЗЫП ЖАТАЙЫН
(Р-1295, №183770)

Өмирбек қартайғанда да лаққышылығын қоймапты. Өлериниң алдында бир-бирине күта жақын қылып еки қәбир қаздырыпты.
Адамлар оннан:
– Өмеке, неге еки қәбирди бир-бирине оншама жақын қаздырдыңыз? – депти.
– Оның ҳеш өрсилиги жоқ. Өлгенде кемпириме қолымды созып жатайын деп жақын қаздырғаным едим, – деп жуўап берипти Өмирбек.

## ШАРШАҒАН АДАМНАН НЕ ШЫҚПАЙДЫ!
(Р-1295, №183770)

Хийўа ханы «Қызыл тақыр» деген жерде қазыў қаздырып, ол қазыўға Өмирбек те барған екен. Қазыў күта аўыр болыпты, қазалмағанларды сораўшылар сабапты.
Өмирбек азырақ дем алайын деп бир түп жыңғылдың түбине барып отыра кетипти. Арадан азғантай ўақыт өткеннен изинен ханның бир жасаўылы келип:
– Тур-ҳа, Өмирбек, сениң отырғаныңа ет писирим ўақыт болды, – деп қамшы менен тартып жиберген екен, Өмирбек ушып турыпты.
Жасаўыл Өмирбектиң отырған жеринде аттың жас тезегин көрип:
– Ҳаў, сениң астыңдағы жылқының тезеги ғой, – депти.
Сонда Өмирбек:
– Ой, аға, шаршаған адамнан не шықпайды, бизиң жағдай да усы, – депти.
Жасаўыл не дерин билмей, тым-тырыс кете берипти.

## ЕРКЕКПЕДИ, Я УРҒАШЫМЕДИ?
(Р-1295, №183770)

Өмирбек лаққы сондай күлдиргиш болған екен. Ол намазға жылап барған адамларды да күлдиртетуғын болған екен. Бир күнлери бир жигит Өмирбекке келип:
– Бүгин мениң бир ағам өлип еди, соған жылап барғанда күлдирмесең, бир ылағымды берейин, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмирбек «Күлдирмейин» деп оның ылағын алып қалады. Бираздан кейин Өмирбек те оның изинен сол мамазға барыпты. Сонда ол бағанағы жигитти көрип:

– Жаңағы берген ылағың еркекпеди, ўай-ўай, урғашымеди, ўай-ўай, – деп бақырып жылапты. Жигит шыдай алмай күлип жиберипти.

## ОҒЫМ ӨЗИМЕ ТИЙЕДИ ЕКЕН ҒОЙ

(Р-1295, №183770)

Өмирбек бир күни түнде майданға шықса, қой қораның қасында селтийип турған биреўди көрипти. Дарриў үйине кирип, мылтығын алыпты да, бул уры екен деп, атып салыпты. Жаңағы биреў қулапты.

Өмирбек орнына барып жатып, азанда баяғы жерге барып қараса, келиге жуўып жайып қойған көйлеги екен.

Сонда Өмирбек:

– Ўай, көйлегим болмағанда, оғым өзиме тийеди екен, – депти.

## ПАЛАЎ МЕНЕН ГӨШ ЖЕЙДИ

(Р-1295, №183770)

Бир күни Өмирбек қарежеттен тарығып, үйиндеги жалғыз сыйырын сатыўға базарға апарыпты. Сыйырды саўдаласқанлар:

– Сыйырың жас па, ғарры ма? – деп сораса, ол:

– Жас, быйыл он жети-он сегизге ге шығады, – депти.

– Сыйырыңның от-жем жеўи қалай? – десе, ол:

– Палаў менен гөш жейди, – депти.

## ОРАҚТАЙ ДҮЗИЎМЕН

(Р-1295, №183770)

Өмирбек қалаға барып базарлап, кешлетип үйине қайтады. Жол узақ болса керек, үйине жете алмасын билген Өмирбек жолда бир молланың үйине қоныўға иркилипти.

Бул молла Өмирбек туўралы бурыннан көп гәп еситип жүреди екен.

Ол, Өмирбекке лаққышылығын қой десем қояр, деген үмит пенен:

– Өмирбек иним, усы ўақытқа шекем лаққы болғаның болмай ма, жасың болса бираза барып қалды, енди ҳахислики қойып, дүзелсең болмай ма? – депти.

Сонда Өмирбек:

– Хаў, тақсыр! Мен орақтай дүзиўмен ғой, – депти.

## ӨМИРБЕКТИҢ СУЎПЫ БОЛЫЎЫ

(Р-1295, №183770)

Өмирбек орта жасларға барғанда бир ийшанға суўпы болыпты. Бир күнлери Өмирбек өзиниң пири менен бир жаққа бармақшы болып, жолға раўана болыпты.

Жолда екеўи кетип баратырса, алдынан бир үлкен жап шығыпты, жалтың көпири болмай, оның орнында кишкене қылтылдаўық пәпыл бар екен.

Ийшан Өмирбекке пәпылдан биринши болып өтиўге ишара етипти.

Өмирбек:

– Тақсыр, сиз турғанда, мен өтип, мени қудай урар. Сиз өтиңиз! – депти.

Соның менен, ийшан алдында, Өмирбек кейнинде, салмадан пәпыл бойлап өте баслапты. Жары ортаға барғанда Өмирбек:

– Ўай-ўай тақсыр! Мен кеттим! – деп, ийшанның белбеўинен услап, суўға өзин таслапты да, ийшанды да суўға түсирипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Суўдың ишинде Өмирбек албыраған киси болып, ийшанның еңсесинен басып бир-еки мәртебе маңтықтырып алыпты.

Суўдан әлдим-тәлдимде шыққаннан кейин ийшанның қатты ашыўы келип:

– Сендей суўпының пәдерине мың нәлет, маған бир тийинге керегиң жоқ! – деп бақырыпты.

Сонда Өмирбек:

– Сендей пирдиң де маған кереги жоқ. Мен саған суўпы болғанда «ол дүньяда қылкөпир деген болады, соннан аман алып өтеди» деп жүрмен. Сен болсаң, қыл көпир түўе, мына кишкене ғана салмадағы пәпилден алып өте алмай масқара болып атырғаның, – деп өз жөнине кете берипти.

## МОЛЛАНЫҢ АЛДАНЫЎЫ

(Р-1295, №183770)

Бир күни Өмирбектиң танасы қоңсы бир молланың танасын сүзип өлтирип қойыпты. Өмирбек ойланып-ойланып, ең ақырында молланың алдына барыпты да:

– Тақсыр, кеше сизиң танаңыз бизиң тананы сүзип өлтирип қойыпты. Ол қалай болар екен, китапты көрип жибересиз бе? – деп өтинипти.

Молла китапты әри-бери ашып көрип, бир жерин бармағы менен нусқап көрсетип:

– Мына жерде «Тана тананы сүзип өлтирсе, ийесине қуны төленбесин» деген рәўият бар екен, – депти.

Өмирбек қутә рийза болған пишин менен, моллаға қарап:

– Онда, тақсыр, адам жиберип, танаңыздың терисин ала қойарсыз, – деп жөнине кетипти.

Аң-таң болған молла не ислерин билмей отырып қалыпты.

## ҚАНАТЫ БАР ТҮЙЕ

(Р-89, № 37593)

Бир күни Әпенди айтыпты:

– Түйеге қанат бермегени жақсы болған екен. Егер түйеге қанат берсе, ол ушып барып жайға қонар болса, жайды пәр еди, – депти.

## МИЙМАН КҮТИЎ

(Р-84, № 37515)

Бир үйге қонақ келген екен, үйдиң ийеси ҳаялына:

– Қонақты жақсылап сыйла, балаларды келистирип тойдыр, – депти.

## ӨМИРБЕК ҲӘМ БАЙДЫҢ ПУШЫҚ БАЛАСЫ

(Р-84, № 37515)

Бир байдың пушық баласы қыз айттырып жүрип, Өмирбектиң аўылына келипти. Бир таныссының үйине барып аўыл қызларын жыйнап, отырыспа етип атырғанында үстине Өмирбек кирип келип:

– Ассалаўма әлейкум, «Пушық», – депти.

Бай баласы қысынғанынан жерге кире жазлапты.

Олар басқа бир үйге барып, ертеңине отырыспа қурып атырса, Өмирбек кирип келип:

– Ассалаўма әлейкум, «Кешеги пушық», – депти.

Бай баласы және жерге кирип кете жазлапты. Уялғанынан ертеңине бай баласы үйине келип отырса, Өмирбек кирип келип:

– Ассалаўма-әлейкум, «Баяғы пушық», – депти.

Бай баласы әлгенше қысыныпты. Ең кейнинде ол Өмирбекке көп зат берип, «Пушық» деген атынан зорға қутылыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЫРАС БОЛСА, ЫРАС ШЫҒАР
(Р-89, №37593)

Әпенди бир күни киятырса, ойнап отырған бир топ балаларды көреди. Усы балаларды не де болса бир алдайын деп, олардың қасына келеди. Сөйтип, ойнап отырған балаларға:

– Биреў аўылға бир қап ғоза әкелипти, – дейди.

Оның тапине исентен балалардың ҳаммеси орынларынан турып, ғоза әкелген адамды излеп кетеди. Барлық балалар жуўырысып кетип қалғаннан соң Әпендиниң өзи де «Ырас болса, ырас шығар-ай» деп, өзи де олардың изинен жуўырып кетипти. Сөйтип, Әпенди балаларды алдайман деп жүрип өзи де алданыпты.

## ТЕТИГИМ ТАЯЙЫН ДЕП ТУР
(Р-450, № 176393)

Өмирбек картайып турған дәўиринде қатты аўырып қалыпты. Оның дослары, ағайин-туўғанлары көўлин сорап келеди екен.

Бир күни Генжегүл деген қарындасы оның көўлин сорап барып:

– Аға, қалайсаң, тетикписең? – деп сорапты.

Сонда Өмирбек:

– Ҳай, қарағым, ағаңның тетиги таяйын-таяйын деп турыпты, – деп жуўап берипти.

## ӘПЕНДИНИҢ БАЗАРҒА МАЙҒА БАРЫЎЫ
(Р-89, № 37593)

Бир күни Әпендиге ҳаялы:

– Базарға барып май алып кел, – деп, қолына кесе берип базарға жибереди.

Әпенди базарға барып еки қадақ май алады. Дәслеп кесениң ишине қуйдырады. Кесе толғаннан кейин, май сатыўшы:

– Кеседен басқа аўысқан майды қуятуғын ыдысың бар ма? – деп сорайды.

Әпенди кесени төңкерип, түбине қалған майды қуйдырып, базардан үйине қайтып келеди. Келгеннен соң ҳаялы:

– Әкелген майың қайда? – деп сорайды.

– Мине, – деп, Әпенди кесениң түбиндеги майды көрсетеди.

Ҳаялы:

– Усы болғаны ма? – дейди.

– Яқ, мына жағында да бар, – деп кесениң ишки жағын аўдарып, кесениң түбиндеги майдан да айырылып қалады. Солай етип, Әпенди барлық майдан айырылады. Ҳаялы Әпендини енди қайтып майға жибермейтуғын болады.

## СЕРКЕ БОЛСА, ГӘР БОЛСЫН
(Р-450, № 176393)

Бир күни Хожекеңе бир ой келипти: «Базарға барып балаларыма бир ешки алайын. Егер ылағы бар саўын ешки табылып қалса, жүда жақсы. Балаларымның сүт-қатық ишип, қурсақты тыр-тыр қасып жатқанына не жетсин» деп, базарға кетипти. Базарды аралап әри-бери сандалған менен, Хожа ешки сатып отырған адам таба алмапты. Базардың қайсы жерине барса да, көзи серке сатайын деп турған адамға түсе берипти.

Хожеке барыпты да, серкени сатып алғаннан кейин серкениң ийесинен:

– Бул не, урғашы ма, еркек пе? – деп сорапты.

Сонда ийеси:

– Серке, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хожекең:

– Серке болса, гер болсын. Балаларыма саўын болса болар, – деп серкени бас жибинен жетелеп үйине кете берипти.

## АҚМАҚТЫҢ ҮЛКЕНИ МЕНЕН КИШИСИ

(Р-80, № 50411)

Бир күни Хожа Насратдин киятырса, алдынан бала жетелеген бир ғарры шығады.

– Хожеке, ақмақтың үлкени, кишиси бола ма? –деп сорапты ғарры.

Хожа Насратдин азырақ ойланып турып:

– Ақмақтың үлкени – өзиң, кишиси – балаң, – деп жайына кете берипти.

## ЖЕРДИ ҚОРҚЫТЫЎ

(Р-450, № 176393)

Бир дийхан еситиниң алдындағы жерине егин егип, жылда диййдилеген зүрәәтин алады екен. Бир неше жыл үсти-үстине ете бергеннен кейин жери зүрәәт бермепти. Ол жерине ашыўланып, аўылындағы моллаға барып:

– Мениң егис жерим соңғы ўақытлары зүрәәт бермейтуғын болды. Соған зүрәәт беретуғын етип, дуўа бер, – дейди.

Молла диййқанға дуўа жазып береди.

Дуўада «Усы быйыл зүрәәт бермесең, олла, орнына темеки егемен» деп жазған екен.

Сол жылдан баслап диййхан жеринен мол зүрәәт ала баслапты.

## БАЛА ӨМИРБЕК ҲӘМ КӨКНАРШЫ

(Р-1295, №183770)

Өмирбектиң кишкене бала ўақтында үйине бир көкнаршы кыдырып келипти. Көкнарға мас болып отырса, ойнап жүрген Өмирбек келип, оның мазағын ала берипти.

Қатты ашыўы келген көкнаршы Өмирбекти услап алып тас төбесинен келистирип урыпты.

Бала шыр-р етип жылапты. Өмирбектиң кемпири даладан шай қайнатып жүр екен, баланың даўысын еситип ишке жүўырып кирипти. Сонда жаңағы көкнаршы баланы алдына алып:

– Абынып жығылып кеттиң-аў қарағым, – деп жорғаса жубатып атырған қусайды.

Сонда Өмирбек:

– Аўа, абынып жығылып қалған шығар жүде, шүй төбеме урдың ғой, – депти.

Көкнаршы қысынғанынан әле жазлапты.

## ОЙНАМА, КӨЗДИ ШЫҒАРАСАҢ

(Р-450, № 176393)

Хожа Насратдин урысқа атланыпты. Бир шабыўыл ўақтында Хожа Насратдинге автомат гезенген бир душпан әскери қарсы келип қалыпты. Сонда Хожекең автоматқа зор бериўдиң орнына:

– Ойнама бала, көзге тийип кетеди, – депти.

## МАРДАНДАҒЫ ШОРТАН

(Р-450, № 176393)

Өмирбек қатты аўырып отырғанда, ҳаялы бир күни оннан:

– Не жетиң келеди? – деп сорапты.

Сонда ол:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Балық болса, жер едим, – деп жуўап берипти.
Бул ўақыт қеш жерде балықтың болмайтуғын ўақты екен.
– Хаў, шабазым, ҳәзир балықты қайдан табаман. Ҳәзир балық болмайды ғой, – депти ҳаялы.
– Хәй, қатын-ай, бир айттық да, болмаса, сениң марданыңда шортаның ойнап турма?! – деп жуўап берипти.

## ӨМИРБЕКТИҢ ҮЙИ
(Р-450, № 176393)

Өмирбек қоңсы жигитлери менен бир төбениң басына шығып, сөйлесип отыр екен. Олар көп отырса керек, аш бола баслапты. Сол ўақытта бир қуўақылаў жигит Өмирбек мират етер деген үмит пенен:
– Бир үйи жақынлаў адам болса, аўқатланып келер едик, – депти.
Сонда Өмирбек:
– Бизиң үй сизиң үйлердиң аржағында, – деп отыра берипти.

## ӨМИРБЕК ҲӘМ БАЛАСЫ
(Р-1295, №183770)

Өмирбектиң баласы бир күни Өмирбектен:
– Ата, ыштанымды басымның астына қойсам, не болады? – деп сораған екен, Өмирбек:
– Не болатуғын еди, балам, бурынғыдан төре балентлеў болады да, – деп жуўап қайтарыпты.

## СИЗЛЕРДЕН УЯЛЫП ОТЫРМАН
(Р-1295, №183770)

Насратдин бир күни түнде уйқылап атырса, үйине урры түсипти. Ол қорққанынан ба ямаса сақлығынан ба, әйтеўир сандықтың ишине кирип отыра берипти.
Урылар апыр-тапыр үйдиң ишин харап болып, сандықты ашса, ишинде бир адам отыр:
– Хаў, сен не қылып отырсаң? – деп сораса:
– Үйде ҳештеме болмағаннан кейин, сизлерден уялып, сандықтың ишине кирип отырғаным, – деп жуўап берипти.

## КӨПТИҢ БИРИ
(Р-1295, №183770)

Өмирбек базарға барып саўда ислеп жүрип, қоржынын жоғалтып алыпты. Ол көп қаталанған менен орнына келе ме, ақырында үйине келипти.
Бирден қоржынның жойтылғаны жөнинде ҳаялына айтыўға тартыныпты да:
– Япырмай, бала, бүгинги базарда қоржын жойытқан көп екен-аў, ҳаял, – депти.
– Хаў, ағасы, сен де қоржыныңды жойтып па единң? – депти ҳаялы.
– Аўа, қатын, қоржынды жойытып алдым, – депти.
– Көптиң бири болсаң, не қылар дейсең, – деп ҳаялы ашыўланбапты.
Солай етип, Өмирбек ҳаялының бақырысынан қутылыпты.

## ЕШКИМ ЯДЫМА ТҮСИП ОТЫР
(Р-1295, №183770)

Бир күни Өмирбек ерте менен мешитке барыпты. Мешитте адамлар намаз оқыўға жыйналып атыр екен. Адамлар менен бирге Өмирбекте намазға жығылыпты.
Намазды басқарыўшы намаз оқып атырса, Өмирбек көз жасы көл-дарья болып жылап отырған қусайды. Буны қасындағылар көрип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Пай-пай, мына жигиттиң намаздың манисин түсиниўин-ай, – деп ҳайран қалысыпты.
Намаздан кейин олар Өмирбектен жылағанының себебин сорапты. Сонда Өмирбек:
– Мениң бир ешким бар еди. Ол жақында ҳарам өлип қалды. Мына имамның сақалы ҳам даўысы сол ешкимниң дәл өзи екен. Соннан кейин ешким ядыма түсип, жылап отырғаным еди, – деп жуўап берипти.

## ҚЫЗЫҚ ТҮС

(Р-1295, №183770)

Бир күни Өмирбек уйқыдан оянып, ҳаялына:
– Ҳаял, ҳаял, тез мениң көзәйнегимди алып бер? – депти.
– Түнде саған көзәйнектиң не керети бар? Уйқыла! – дейди ҳаялы.
– Пай, қызық түс көрип атыр едим, майда-шүйделерин жақсы көре алмай атырғаннан кейин көзәйнек сорап едим, – депти.

## НАМАДАН БАСЫЛМАСАҢ, БОЛЫПТЫ

(Р-1295, №183770)

Бир күни Өмирбек қатты аўырып қалыпты. Ғәрежеттен қысылғаннан кейин үйиндеги жалғыз сыйырын сатыў ушын ҳаялынан базарға берип жиберипти.
Өмирбектиң ҳаялы сыйырды базарға алып барып сатып, азмаз ақшасын үйине ғәрежет етип киятырып үлкен бир тойдың үстинен шығыпты.
Өтип баратырған Өмирбектиң ҳаялын той басқарып жүрген жигитлер көрип қойып, оны аттан түсирип, тойда белгили жерге отырғызып сыйлай баслапты.
Соның арасында тойдың бақсысы, нама алыспасы басланып кетеди.
Сол аўылдың бир қайқылаў жигити қызып кетип, Өмирбектиң ҳаялының үстинен нама алыпты. Ол да наманы қайтарып алады. Қысқасы усы нама алыспа ўақтында ҳаялдың сыйырының пулының барлығы жоқ болады. Бирақ Өмирбектиң ҳаялы жигитлерди намадан басылдырады. Ақшадан айрылған ҳаял үйине келеди. Өмирбек ҳаялынан сыйыр саўдасының қалай болғанын сорайды.
Ҳаял сыйырды сатқанын ҳам азмаз ғәрежеттен аўысқанын тойда нама алыспаға жумсағанын айтыпты. Сонда Өмирбек:
– Нама алыспадан басылмадың ба, қатын? – деп сорапты.
– Намадан жигитлерди басылдырдым, – депти ҳаялы.
Өмирбек сонда:
– Намадан басылмасаң болыпты, қатын, – деп, сыйыр жөнинде гәп еткенди қойыпты.

## КЕМПИРИҢ ӨЛДИ МЕ ДЕЙМЕН

(Р-1295, №183770)

Өмирбек жолдасы менен бир жерге қыдырып барыпты. Қонақ үй оларға қойыў жарма писирип, алдына қойыпты.
Өмирбек үсти қатыўашланып турған быламық жарманы уртлап жиберипти де, аўзы күйип, «ўах» депти.
Сонда жолдасы менен үй ийеси оннан:
– Ҳе, не болды? – деп сорапты.
Сонда Өмирбек:
– Үйде кемпир аўырып атыр еди. Соннан қаўип етип турыппан, – депти не дерин билмей.
Жолдасы да ыссы гөжеден бир уртлаған екен, аўзы күйип, оның да көзинен жас шығып кетипти.
– Ҳа, саған не болды? – депти Өмирбек.
– Ҳай, сол сениң кемпириң өлди ме деймен, – депти жолдасы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨМИРБЕК ҲӘМ ЕРЕЖЕП БИЙ

(Р-46, № 50408)

Бир күни Өмирбек лаққы балық аўлаўға барып, ҳешнарсе алалмай қайтыпты. Ашыўланып қайтып киятырса, алдында бир томар жатырғанын көреди. Өмирбек томарды шекпенге орап алып жүре береди. Аўылға жақынлағанда алдынан Ережеп бий шығып:

– Өмирбек иним қайдан киятырсаң? – депти.

– Балықтан, аға, – депти Өмирбек.

– Балығыңды бизиң үйге апарып тасла, – дейди бий.

– Пул берсең, апараман, – депти Өмирбек те қалыспай.

Өмирбек бийдиң пулын алып, томарды оның үйине апарып таслапты. Пант жеген бий Өмирбекти де бир пантлеўди ойлап қойыпты.

Бир күни ол және Өмирбектиң алдынан шығыпты:

– Өмирбек иним, жылымың майланып турыпты па? – депти.

– Яқ, аға, сизиң үйге балық апарып бергели ушынды ма билмеймен, ат қақпайды, – депти.

## ҚУЙРЫҒЫН ТҮЙИП ӨЛШЕСЕҢ

(Р-46, № 50408)

Бир ғарры баласына:

– Балам, мынаў үйден қырық ағары тас алып кел, – депти.

Сонда баласы еринип:

– Қойса, аға, тоңып отырман, – депти.

– Қой, балам, барып кел, – депти атасы қыстастырып.

Сонда бала атасына:

– Ата, мына пышықты түнеў күни өлшеп едим, қырқ ағары келди. Соны пайдалана ғой, – депти.

– Қойса, балам, маған бес ағарылық тас та керек еди, – дейди.

Атасының айтқанын қылғысы келмеген бала:

– Қуйрығын түйип өлшесең, бес ағары келеди, – депти.

## ӨЗИ МЫЛЖЫҢ ҲӘМ СОҚЫР МА ДЕЙМЕН

(Р-1295, №183770)

Өмирбекти ески мектепке оқыўға жиберипти. Кеште келгенде Өмирбектен әкеси:

– Қалай, молла унады ма? – деп сорапты.

– Молла мылжың ҳәм оның үстине соқыр ма деймен, мудамы көзин жумып, мыңғырлайды да отырады, – депти Өмирбек.

## АҚЫРЗАМАННЫҢ КЕЛИЎИ

(Р-46, № 50408)

Әпендиниң үйинде үлкен бир қошқар байлаўлы турған екен. Буны жоралары көрип, «әпендини алдап, усы қойын жейик» деп ойласады. Бир күни жоралары сыпайы кийинип Әпендиниң үйине келеди:

– Ал, әпенди, мына қошқарыңды сой, жақында ақырзаман болады, «Қудайдан саза келипти» деседи, – депти.

– Ақырзаман болса, буны қалдырып не қыламан. Сойсаңыз соя қойың, – депти Әпенди де.

Солай етип олар гөшти қазанға толтырып салып, атландырып жиберип, шайды ишип болып, ҳаўизге бир сүңгип алмақшы болыпты. Жоралары кийимлерин шешип суўға шомылып атырған ўақытта, Әпенди кийимлерди жыйнап, тандырға салып жағып жиберипти. Жоралары шығып кейинейин десе, кийимлери жоқ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Әпенди, кийимлер қайда? – десе:
– Ақырзаман болса, кийимниң не кереги бар деп, отқа жағып жибердим, – депти.
Жигитлер пант жегенин сонда билипти.

## ЖОЛҒА ТАЛАСЫЎ
(Р-80, № 50411)

Өмирбек ийшан минген арбаны айдап баратырғанда алдынан қазыныҢ арбасы шығыпты. Қазының арабакеши буған исинип:
– Жолдан пош деймен саған, Өмирбек, сен билесең бе өзиң, мен қаламыздың қазысын алып киятырман, – деп жекиринипти.
Сонда Өмирбек оған:
– Сен неге шаңқилдей бересең, мен не, ийт тайеп киятырман ба? – депти.

## СЕМИРДИМЕКЕН, ЖӘНИУАР
(Р-1295, №183770)

Өмирбек базарға қой сатып алыў ушын барыпты. Бир қойды көрип турып, «кута арық екен» деп кетип баратырған екен, қойдың ийеси Өмирбекти иркип:
– Сатып ала бер, жем берсең семиреди, – депти.
Өмирбек қойды сатып алып, үйине әкелип бир ууыс арпа берипти де, қойдың арқасын услап көрип:
– Семирдимекен, жәниуар, – депти.

## КЕЛГЕН ӨМИРБЕК ҚЫЙСЫҚ ПА?
(Р-80, № 50411)

Өмирбек бир үйге кирип барған екен. Қараса, үйде бир қыз шарық ийирип отырған екен. Қыздың ийирип отырған шарқы ерси сес шығарып, «шыйық» етипти. Қыз да сум екен, шарық пенен сөйлескен киси усап:
– Аўа, – депти.
– Қарындасым, шарқың не деп атыр, «аўах дедиң ғой, – депти көўилинде хеш нәрсе жоқ Өмирбек.
– Әй, шарқым маған: «Өмирбек қыйсық па, келген?» деп еди, мен «аўа» дей салдым, – депти қыз.

## БИР ШЫБЫҚ ТА СОРАМАС ЕДИМ
(Р-1243, №183024)

Бир күни Өмирбек бийтаныс бир сықмар байдан қарыз пул сорапты. Бай Өмирбекке:
– Ҳаў! Сен ким боласаң, танымаған адамға қалай пул беремен? – депти.
– Мен сеннен танымағаның ушын пул сорап турман, таныганда, бир шыбық та сорамас едим, – деп жуўап берипти.

## НАН ЖЕЎИҢНЕН БАЙҚАДЫМ
(Р-80, № 50411)

Бир жигит аш болып киятырып, бир үйге иркилипти. Ишке кирсе, үйде бир ғарры ғана бар екен.
Сәлем берип отыра бергенде ғарры жигиттиң алдына нан қойыпты. Аш болған жигит ерли-ғурлы асап нанды жеўге тийисипти.
Қарап отырған ғарры:

www.ziyouz.com kutubxonasi

- Балам, қарыўлы екенсең ғой, – депти.
- Қалай билдиң, ата, – депти жигит.
- Нан жеўиңнен байқадым, балам, – деген екен ғарры.

## ДАЙЫЛЫ-ЖИЙЕНЛЕР
(Р-1295, №183770)

Өмирбек ақшадан тарығып, маңлайындағы жалғыз ешкисин базарға апармақшы болады. Ешкисиниң қоң ети жоқ арық екен. Өмирбектиң жоралары ешкисин саттырмай, Өмирбекке пант бермекши болады. Базарға салып турғанда, келген қайырдарларға:

- Буның ешкиси жаман, ылағы турмайды, өзи арық қотыр, – дей берипти.

Сонда Өмирбек күлип турып оларға:

- Қойғойың енди, бизлердиң дайылы-жийен екенлигимизди базардағылар қайдан билсин, – депти.

## ОНДА БИЗГЕ ӘКЕНИҢ НЕ КЕРЕГИ БАР?
(Р-1295, №183770)

Кишкентай ўақтында Өмирбек анасынан:

- Молла бизлерге: «Бизлерди асырап отырған – Қудай» дейди. Сол сөз дурыс па? – деп сорапты.
- Дурыс, қарағым, – депти анасы.

Өмирбек сонда:

- Бирөўлер «Қудай береди» дейди ғой, сол да дурыс па?
- Ондай болса, ол да дурыс, – депти анасы.
- Егер солай болса, бизге әкениң неге кереги бар? – депти Өмирбек.

## ҚАЛТАНЫ МЕН КӨТЕРДИМ
(Р-1295, №183770)

Өмирбек кемпир апасы менен базардан қайтып киятыр екен, қасынан өтип баратырған бир адам толы қалтаны көтерип киятырған кемпирди көрип, қасындағы Өмирбекке:

- Кемпир апаңа неге көмек бермейсең? – депти.

Өмирбек:

- Көмек бердим, – депти.
- Қашан? – депти жаңағы адам.
- Қалтаны базарға келгенше мен көтерип келдим, енди үйге шекем кемпир апам көтереди, – депти.

## БУЗАЎ ДА ҚАРМА ЖЕСИН
(Р-1295, №183770)

Өмирбектиң жас ўақты екен. Қоңсы үйи балық қарма писирипти. Буннан хабары бар Өмирбек балық жаңа писти-аў дегенде сол үйге кирип барыпты. Қоңсы үй Өмирбектиң келгенин жақтырмай, тезирек кетсин деген мақсет пенен қолына ыссы қарманы сала қойыпты. Қолы күйип, шыдамай баратырған Өмирбек қара үйдиң бир шетинде бос жатқан бузаўдың үстине қарманы жаға қойыпты. Арқасы күйген бузаў ойнақлап, үйдиң ўайранын шығарыпты да, қарма-кеспелерди жерге аўдарып заялапты. Буны көрген үй ийеси Өмирбекке:

- Бул не қылғаның? – депти.

Сонда Өмирбек:

- Бузаў да қарма жесин, – деп жуўап берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨЗИҢ ТҮЎЕ, СҮЙЕГИҢ ДЕ ҚАЛМАС
(Р-1295, №183770)

Ҳар ўақыт Өмирбекке өлиге жылаўға барған адамлар:
– Көзиңнен жас шықпайды, – десипти.
Сонда Өмирбек:
– Ҳаржерде усындай жас шықса, өзиң түўе, сүйегиң де қалмас, – депти.

## ҚАЛТАДА ХЕШТЕМЕ ҚАЛҒАН ЖОҚ
(Р-1295, №183770)

Өмирбек бир күни жолдан ақшалы бир кишкене қалта таўып алыпты.
Оны қазы билип қалып, Өмирбекти шақырыпты.
– Ақшаны таўып алған күни неге бизге әкелип бермедиң? – депти.
– Ол күни қазыханада хешким жоқ еди, – депти Өмирбек.
– Ертеңине неге әкелип бермедиң? – депти қазы.
– Ертеңине қалтада хештеме қалған жоқ, – депти Өмирбек.

## ОЛ АЎЫРЫЎДЫ СИЗГЕ ЖИБЕРЕМЕН
(Р-1295, №183770)

Өмирбек бир таўипке шәкирт болып, үйрениўди тамамлап, таўипке сынақтан өтиўге келипти.
– Аўырыўды жақсылап терлетиў керек болса, не қылар едиңиз? – деп сорапты таўип Өмирбектен.
– Терлетиўдиң бир илажын ислеймен, – депти Өмирбек.
– Қайтип? – депти таўип.
– Ыссы шай, әдираспанның суўы.
– Олар жәрдем бермесе?
– Сынап езип беремен.
– Ол да жәрдем бермесе?
Өмирбектиң маңлайынан моншақ-моншақ тер аға баслапты. Сонда Өмирбек:
– Ол аўырыўды сизге жиберемен, – депти.

## ӨЛГЕН АДАМ СЕНИҢ ДЕ ӘКЕҢ БЕ?
(Р-1243, №183024)

Бир ийшан әке-шешеси өлген жетим балларға әкесинен қалған дүньяны бөлистириўге шақырылыпты. Бул жерге Өмирбек те келипти.
Ийшан үйдеги затларды бөлистирип отырып, өзине де бир бөлегин таслапты. Шыдамы әбден таўсылған Өмирбек:
– Тақсыр, өлген адам сениң де әкеңбеди? – депти.

## ҚОЙЛАР ЕТ ПЕНЕН ЖҮННЕН
(Р-1295, №183770)

Бир күни Өмирбек лаққы базарға қой сатайын деп еки-үш қой алып барса, базарда базаршылар оннан «қойларың неден?» деп сорай берипти.
Өмирбек лаққы оларға «қойларым ет пенен жүннен» деп жуўап берипти. Ең ақырында Өмирбек қойларын сата алмай, үйине қайтып алып келипти. Қойларын саталмағанын көрген Өмирбектиң ҳаялы оған:
– Сен барып турған тирсексең, журт қусап сөйлегениңде, сен де қойларыңды сатқан болар едиң, – депти.

Сонда Әмирбек ҳаялына:

– Мен тирсек емеспен, бүгинги базардағы адамлардың өзлери тирсек екен, болмаса, неге «Қойларын неден» деп сорай береди, – депти.

**ӘМИРБЕК ҲӘМ ҚАРАЖАН КӨБИК**

(Р-1243, №183024)

Бурынғы ўақытларда Қаражан көбик деген адам өзинин ўадыўасыллығы менен дуўым журтты таң қалдырыпты.

Бир күни Қаражан көбик Әмирбек пенен Шымбайға жол тартыпты.

Тап Шымбайға келгенше Әмирбек Қаражан көбикке сөз бермепти.

Сонда Қаражан көбик:

– Ҳа, Әмирбек, Қаражан көбик атын мен көтеремен, ал сөйлегенде сөз бермей көпириўин сен көпиресең, қысқарт енди, мен де бир сөйлеп алейин, – депти.

Әмирбек сөзин даўам ете берипти.

**СЕНИҢ ДАЙЫҢ УСЫ ЖЕРДЕ**

(Р-1243, №183024)

Әмирбек көшеде кетип баратырса, алдынан бир жап-жас жигит қалпағын қолына алып, Әмирбекти жүргизбепти. Лаққы оннан себебин сораса, «Мен қудайдың жетимимен, маған жардем етиң» деп жалбарына берипти.

Сонда Әмирбек жаңағы жигиттиң оң қолынан услап жетеклеп мешитке алып барыпты. Буған ҳайран қалған жигитке Әмирбек:

– Мине усы жерде сениң дайың турады, – депти.

**ЖАС ЎАҚТЫМДА ДА ҒАРҚ ЕМЕС ЕДИМ**

(Р-1243, №183024)

Әмирбек картайған ўағында көкнар ишетуғын болыпты. Бир күни көкнарға тойып, ўақты хош болып киятырса, алдынан бир жап шығып қалыпты. Көкнардың қызғыны ма, ямаса ўақтыхошлықтан ба, Әмирбек жаслық ўақтын еске алып, жаптан бир ырғып көрейин деген қыялға кетипти. Жуўырып келип секирген екен, жаптың ортасына түсипти.

Суў болған үсти-басын сығып атырып Әмирбек өзинше гүбирленип:

– Жас ўақтымда да ғарқ емес едим-аў, – деп мұңайыпты.

**СЕНИКИ ДЕ ДУРЫС**

(Р-1243, №183024)

Әмирбек аўылында қазы болыпты деседи. Сол ўақытта бир қоңсысы:

– Мениң баламды қоңсымның баласы урды. Мен де оны урдым, соның жағдайы қалай болады? – депти.

Әмирбек:

– Көрермиз, – деп оны қоя берипти.

Ол кетиўи менен, жаңағы қоңсысы келипти. Ол да өзиниң жағдайын айтып, Әмирбекке шағыныпты.

Әмирбек оған да:

– Сеники де дурыс, көрермиз, анықлаймыз, – деп айтып болмай атырып-ақ ҳаялы кирип келип:

– Сеники бул қалай, ҳақ та, гүнакар да бирдей болып кетти ғой, инсап деген сенде бар ма өзи? – депти.

– Қатын, сеники де дурыс, – депти Әмирбек қас қақпай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕТКЕ ТОЙЫП АЛСАМ, СОРПАҒА ИЙТШИЛИГИМИЗ ЖОҚ
(Р-1243, №183024)

Өмирбекке бир жорасының үйине қонышға туўра келип қалыпты. Сол күни жорасы оған бир семиз түйетаўық сойып берипти.

Пискен аўқатты әкелгени маттал, Өмирбек әрли-ғурлы асай берипти. Түйетаўықтың гөшине илесе алмаған жорасы не дерин билмей:

– Өмирбекжан дем алып, дем алып жей берсең-о, – депти.

Сонда Өмирбек:

– Жора, қысынбай-ақ қой, мен етке тойып алағойсам, сорпаға ийтшилигим жоқ, – деп аўқатты жей берипти.

## МЫЛЖЫҢДЫ ҮЙГЕ КИРГИЗБЕҢ
(Р-1243, №183024)

Өмирбек қатты аўырып қалыпты. Оның кеўлин сорап адамлар келип турады екен.

Бир күни бир мылжың келип Өмирбектиң кеўлин сорапты. Өмирбек жағдайын айтыпты. Сонда мылжың:

– Сен бул аўырыўыңнан таўир болмайсаң. Оннан да балаларыңды шақырып ырзаласа берсең болады, – деп қоймағаннан кейин Өмирбек балаларын шақырып алыпты.

– Балаларым, ендигиден былай мына мылжыңды үйге киргизбең, – депти.

## МЕН ДЕ ЖҮЗИЎ БИЛМЕЙМЕН
(Р-1243, №183024)

Өмирбек бир жолдасы менен дарьяны жағалап кетип баратырса, бир адам батып-шүмип кетип баратырып:

– Ўай-ўай, жәрдем етиңлер, мен суўға кетип баратырман, жүзиў билмейтуғын едим, – деп бақырыпты.

Сонда Өмирбек:

– Мен де жүзиў билмеймен, сонда да даўысымның барынша бақырмайман ғой, – деген екен.

## ОЯТПАЎЫМ КЕРЕК ЕКЕН
(Р-1243, №183024)

Өмирбектиң ҳаялы қоңсы-қобаларын бездиргени менен турмай, ҳәр күни бәне таўып, Өмирбекти де мыжып қоймайтуғын болыпты. Бир күни Өмирбектиң ҳаялы өз-өзинен гүбирленип бақырып жиберипти.

Ҳаялының қатты бақырысынан сескенген Өмирбек ҳаялын оятып, оннан бақырғанының себебин сорапты. Ҳаялы:

– Түсимде мени қасқыр талап өлтирип, енди жерлейин деп атыр екен, – депти.

Ҳаялына қатты ашыўы келген Өмирбек:

– Ўай, әттегене-ай, ондай болғанда оятпаўым керек екен, – депти.

## ҚАЎЫН ЖЕП БОЛЫП, ҚАЙДА ЖАТАМАН
(Р-1243, №183024)

Өмирбек бир сықмар байдың үйине қонаққа барыпты. Шай-пай ишип болғаннан кейин үйдиң ийеси Өмирбекке:

– Қандай аўқат писирейик, палаў ма ямаса сорпа ма? – деп сорапты.

Сонда Өмирбек:

– Не ези, бай аға, қазаныңыз биреў болмаса, екеўин де писире бериң, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сорпаны ишип, палаўды жеп болғаннан кейин Өмирбектиң қаўын жегиси келипти. Оның менен бай қаўынды әкеле қоймапты.

Өмирбек байға қарап турып:

– Бай аға, қаўынды жеп болғаннан кейин, мен қай жерде уйқылайман? – депти.

Бай қысынғанынан қаўын әкелип жарып берген екен.

## ГӨШ БАР, ПЫШЫҚ ЖОҚ

(Р-1243, №183024)

Әмирбек бир күни базардан базар сорпа ушын еки қадақ гөш әкелип, ҳаялына палаў писир деп, өзи қоңсысының үйине кетипти.

Әмирбектиң жайбасар қатыны гөшти соң аларман деп қорасының қыспағына илипти де, алыўға умытып кетипти. Кеште палаў асайын деп гөшти алып келиўге барса, гөштиң жоқ екенин көрип: «Гөшти пышық жеп кетипти» деймен деп отыра берипти.

Кеште Әмирбек палаў тайын болған шығар деп үйине келсе, писип турған палаў жоқ, ҳаялынан себебин сорапты:

– Сорым қурысын, ағасы, етти пышық жеп кетипти, – дейди.

Әмирбек ҳайран болып, пышық жеп кетти дегенге гүманланып, пышығын өлшеп көрсе, сарраң еки қадақ шығыпты. Сонда Әмирбек:

– Гөштиң дереги табылды, ал пышықтың өзи қайда? – деп ҳайран қалыпты.

## ЖЫЛЫМ – ТЫШҚАН

(Р-1243, №183024)

Диқаншылықтың болық болған жылы екен. Әмирбектиң пири дийханлардың егининен үшир деп, кеусен деп, барлығын жыйнап алыпты.

Бир күни Әмирбек өзиниң пирине келип:

– Тақсыр, сизиң жылыңыз не еди? – деп сорапты.

– Мениң жылым тышқан, – депти пири.

– Енди барлығы түсиникли болды. Дийханлардың барлық галлесин жыйнап алғаныңыздай бар екен, – депти Әмирбек.

## ИЙТИ ҚУРҒЫР БИЛМЕЙДИ ЕКЕН

(Р-1243, №183024)

Әмирбек түнде бир жорасының үйинен қайтыр екен, жолда абайсызда бир ийт Әмирбекти тислеп алыпты.

Аяғынан қан ағып, оның үстине жаны аўырып турған Әмирбек бир таныс таўиптиң үйине барыпты. Сонда таўип:

– Ярым ақшамда келгениң қалай. Ўақыттың қанша болғанын билесең бе? – деп бақырыпты.

Әмирбек:

– Мен билемен-аў, мына ийт қурғыр билмейди екен, – депти.

## СЕН ӨТ

(Р-1243, №183024)

Шымбай тәрепте Әмирбек пенен қатар және бир өжет адам болыпты.

Бир күни екеўи де Шымбайға бармақшы болып жолға шығып, жолда бир көпирдиң үстинде ушырасыпты да, Әмирбек ол адамға «Сен өт!» депти. Жаңағы адам «Сен өт!» депти. Олар сол еретис пенен кешке шекем турыпты.

Кеште базардан қайтқан базаршылар оларды алып қайтыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПАЛАЎДАН ҚАЛАМАН БА ДЕП ҚОРЫҚТЫМ

(Р-1243, №183024)

Бир күни Өмирбек Хийўадан киятырып бир үлкен тойдың үстинен шығыпты. Сорастырып қараса, бир хан маҳреминиң тойы екен. Қайырылып палаў жеп кетейин десе, танымайтуғын жер палаў бере ме, бермей ме, деп ойланып турғанда ойына бир қыял келеди.

Өмирбек ақ қағаз таўып алып, оны шыйратып, тойханаға келеди. Той берип атырған маҳремди таўып алып:

– Мына хаты тақсыр ханымыз берип атыр еди, – деп хаты қолына услатады.

Маҳрем ханның атын еситиўден Өмирбекке қос қоллап бир табақ палаў әкелип қойыпты.

Усы ўақытта маҳрем ханның хатын оқып көрейин деп ашып қараса, ишинде хат жоқ, қуры ақ қағаз екенин көрип:

– Әкелип берген қағазыңның арасында хат жоқ. Сен кимди ермек қылып жүрсең? – деп жекирнипти.

Сонда Өмирбек:

– Ол айтқаныңыз дурыс, хан бул хатты жазаман дегенше, палаўдан қуры қаламан ба деп қорқтым, – деп жуўап берипти.

## БАЛАМ КИМГЕ УСАҒАН?

(Р-1243, №183024)

Өмирбек үйине келип отырған қонаққа өзиниң баласын көрсетип:

– Мениң балам кимге усаған, әкесине ме ямаса шешесине ме? – деп сорапты.

Келген қонақ, басы үлкенлеў, көзи аларған, бети жалпақлаў балаға қарап отырып:

– Балаңыздың басы қабаққа, аўзы табаққа, көзи шанаққа, аяқ-қолы таяққа, минези қонаққа, өзи адамға усаған бала екен, – деп жуўап қайтарыпты.

## ҚЫЗЫМНЫҢ ҮЙИНЕ БАРАМАН

(Р-1243, №183024)

Өмирбектиң кемпириниң қулағы гереӊ екен. Кемпири бир күни дастүрханланып, қызының үйине баратырса, алдынан еки жигит шығыпты:

– Сәлем бердик шеше, – депти.

Өмирбектиң кемпири жигитлердиң бетине қарап турыпты да:

– Қызымның үйине бараман, – деп жуўап қайтарып, жолына кете берипти.

## ГЕЎИШИМДИ ҚОЛЫМА АЛЫП КЕЛДИМ

(Р-1243, №183024)

Өмирбек басқа адам түўе өзиниң хожалығынан да не болса соны қызғана береди екен.

Бир күни Өмирбек бир таныспныкине кешлетип қыдырып барып, үйге кире бергенде жанып турған шыраны көрип, үйиндеги жанып қалған шыра ядына түсип, зырра кейнине қайтыпты. Үйине келип сырттан хабарласып:

– Ҳа, қызым, есикти ашпай-ақ қой, зулпы тозып қалар, шыраны өшир, мениң ядымнан шығыпты, – дейди.

Сонда қызы:

– Шыраны сениң кетиўиңе өширгенмен, сонша жерден келип, геўишиңниң ултанының желинетуғынын билмедиң бе, – деп жуўап қайтарыпты.

Сонда Өмирбек:

– Қызым, оннан қәтержем болабер, мен геўишимди қолыма алып келгенмен, – депти де, келген изине қайтыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨМИРБЕКТИҢ КҮШИ
(Р-1243, №183024)

Бир күни жаслық ҳәм ғаррылық ҳаққында гүрриң болыпты. Сөйлеў гезеги Өмирбекке келгенде ол:

– Мен ҳәзир қартайсам да, күшим жас ўақытларымдағыдай, ҳеш кемиген жоқ, – депти.

– Сен буны қайдан билдиң? – депти оған қасындағы адамлар.

– Бизиң шарбақта үлкен берен бар. Сол беренди мен жас ўақытларымда да көтере алмаған едим, ҳәзир де көтере алмайман, – депти.

## АСАҒАНЫМ БИР ГҮРТИК
(Р-1243, №183024)

Арпа егиси жақынлағанда Өмирбек кешлетип қоңсы байдың үйине гүнде сорап барса, тамақтың үстине шығыпты. Байдың үй иши туўрама таярлап атыр екен. Өмирбектиң келгенин жек көрсе де, оны үйдиң бир шетине отырғызып, гүртик туўрата берипти.

Усы ўақытта бирден шыра өшип қалыпты. Усы жағдайдан пайдаланған Өмирбек бир гүртикти аўзына тығып жиберипти. Сонда бай:

– Көрдик, шыраны жағып жибер, – депти.

– Көрсең көресең де, асағаным бир гүртик, – депти Өмирбек.

Байдың қызының аты Көрдик екен.

## ЖОЛБАРЫС СОҒАГОЙ
(Р-1243, №183024)

Өмирбектиң баласы темир уста болған екен. Ол баласына балта соқтырып алайын деп барыпты.

Баласы балта соғаман деп, полатты күйдирип заялап алыпты.

– Бир пышқы соғып бере ғой, балам, – депти Өмирбек.

Баласы оны да күйдирип алып заялапты.

– Енди бир биз соғып бере ғой, – депти ашыўланған Өмирбек.

Бала буны да келистире алмай:

– Аға, енди не соғып берейин? – депти.

Сонда Өмирбек:

– Балам, енди бир жолбарыс соғагой, саған ис буйырған мени де, қолыңнан ис келмейтуғын сени де жеп тыныш табағойсын, – депти.

## КӨРСЕТКИШ БАРМАҚ
(Р-1243, №183024)

Өмирбек бир күни есап шығарыпты. Бирақ шығарған есабының жуўабы дурыс келмепти. Муғаллим тексерип көрип:

– Анықлап қара, мынаў не? – депти бармағы менен көрсетип.

– Көрсеткиш бармақ, – деп жуўап берипти Өмирбек.

## САБАҚҚА ТАЯРЛАНЫЎ КЕРЕК
(Р-1243, №183024)

Бир төмен оқыйтуғын оқыўшы бир қулағына пахта тығып жүрсе, оны Өмирбек көрип:

– Сен неге қулағыңа пахта тығып жүрсең? – деп сорапты.

– Муғаллим маған, бир қулағыңнан кирген сөз екинши қулағыңнан шығып кетеди деп еди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

соның ушын бир қулағымнан еситкен сөзим екинши қулағымнан шығып кетпесин деп пахта тығып қойыппан, – депти.

Сонда Өмирбек:

– Сениң қулағыңа пахта тығып қоймақ түўе, ылай сылап қойсаң да, пайдасы жоқ, – депти.

## КЕЛЕСИ ЖЫЛЫ ОЙНАЙМАН
(Р-1243, №183024)

– Өмирбек, кел ойнаймыз, – депти бир бала.

– Хе, сениң менен қалай ойнайман, меннен жасың киши ғой, – депти Өмирбек

– Онда қашан ойнайсаң?

– Мен ҳәзир сегизге шықтым. Келеси жылы сен де сегизге шығасаң, соннан кейин жасымыз теңлеседи. Сол ўақлары сениң менен ойнайман, – депти Өмирбек.

## ПЕРИШТЕ ЖУЎАДЫ
(Р-1243, №183024)

Өмирбек жас ўақтында қолын жуўмастан қап-қара болған кир қолы менен оқыўға бара бериpти. Муғаллими Өмирбекти досканың алдына шығарып:

– Қолыңды сабын менен неге жақсылап жуўып келмейсең? - десе, Өмирбек муғаллимге қарап:

– Апам, жас балалардың қолын периште жуўып қояды деп еди ғой, – депти.

## ЧЕМОДАНҒА САЛЫП ҚОЙЫППАН
(Р-1243, №183024)

Өмирбек ҳәр күни оқыўға барса, китабын үйине таслап, китапсыз бара бериpти. Сонда муғаллим Өмирбекти турғызып:

– Хаў, сен неге оқыўға китапсыз келесең? – десе, Өмирбек:

– Муғаллим, баяғыда сиз «Китапты таза сақлаң, жыртпаң, ҳешқандай кир тийгизбең» деген едиңиз, соның ушын китапларымды таза қылып, буўып чемоданға салып қойыппан, – депти.

## ШӨЖЕГЕ ДЕ ПУЛ СОРАЙДЫ
(Р-1243, №183024)

Өмирбек бир досты менен асханаға барыпты. Асханада мәйектен басқа ҳеш нәрсе жоқ екен. Төрт мәйектен алып жолдасы менен жейге отырыпты. Мәйектиң төртеўиниң ишинен де шөже шығыпты. Мәйеклер бузылған екен. Өмирбектиң жолдасы аспазды шақырмақшы болып оқталған екен, Өмирбек оған:

– Тыныш отыр! Ол буны билсе, шөже ушын да пул сорайды, – депти.

## ЕРТЕҢ ОҚЫЎҒА БАРАДЫ
(Р-1243, №183024)

Өмирбек үйленгеннен кейин бес күннен соң ҳаялы ул туўыпты. Ертеңине қағаз, қәлем, сумка сатып әкелип, баласының бас ушына қойыпты. Үйине қутлы болсынға келген адамлар баланың бас ушындағы қағаз, қәлемди көрип:

– Өмирбек, балаңның туўылғаны кеше, бунша неге асықтыңыз? – деп сорапты.

Сонда Өмирбек:

– Тоғыз айлық жолды бес күнде өткен бала, бирнеше күннен кейин мектепке де бармай ма, ақшам барда алып қояйын дедим, – деп жуўап бериpти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨЗИМШЕ ДУРЫС
(Р-1243, №183024)

Өмирбек муғаллимниң арифметикадан берген тапсырмасын шығара алмапты.
Соннан кейин дуканға барып дуканшыға:
– Ярым кило қант, еки жүз грамм конфет, үш жүз грамм май, бир кило печенье неше сом болады? – деп сорапты.
Дуканшы суммасын айтыпты. Өмирбек кете берипти.
Дуканшы:
– Ҳаў алмайсыз ба? – десе, Өмирбек:
– Яқ, бул мениң тапсырмам еди, рахмет! – деп жөнине кетипти.
Ертеңине Өмирбек және сол дуканға келип:
– Сениң есаплағаның дурыс емес екен ғой, елиў сегиз тийин артық шықты, –депти. Сонда дуканшы:
– Сениңше дурыс болмаған менен, өзимше дурыс, – деп жуўап берипти.

## МЕН БУЛ ЖЕРДИҢ АДАМЫ ЕМЕСПЕН
(Р-1243, №183024)

Еки киси түнде биреўин-биреўи сүйеп әўере болып киятырса, алыстан жылтыраған бир жақтыны көрипти. Биреўиси:
– Анаў көринген күн, – депти.
Екиншиси:
– Ол – ай, – депти.
Солай етип екеўи тентиреклеп киятырса, олардың алдынан Өмирбек шығыпты. Олар Өмирбекти иркип:
– Айтшы, достым, анаў көринген ай ма, күн бе? – деп сорапты.
Өмирбек көринген жақтыға қарап турып, не екенин бул да айыра алмапты. Буннан кейин ол:
– Кеширерсиз, жигитлер, мен бул жердиң адамы емеспен, – деп кете берипти.
Өмирбек ана екеўинен де бетер мас екен.

## КЕСЕК ПЕНЕН УРСАҢ, НЕ ҚЫЛАДЫ?
(Р-1243, №183024)

Өмирбектиң әкеси үйине приемник сатып әкелипти. Приемникти қурып атырып, әкеси Өмирбекке:
– Балам, мына приемникке тийме, тийсең, тоқ урады, жаман болады, – депти.
– Шыбық пенен түртсем не қылады? – депти Өмирбек.
– Онда да болмайды. Қолыңды силкип жибереди, – депти әкеси.
– Ал, кесек пенен урсаң не қылады? – депти Өмирбек.
Әкеси не дерин билмей қалыпты.

## АЯҒЫМ АЎЫРЫП ТУР
(Р-1243, №183024)

Бир күни Өмирбекке биреў:
– Маған хат жазып бериңиз, – деп өтиниш етипти.
Оған Өмирбек:
– Аяғым аўырады, жазалмайман, – деп жуўап берипти.
Сонда ол ҳайран болып:
– Ҳаў! Өйтип, хатты аяғыңыз бенен жазасыз ба? – деп сорапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда Өмирбек оған:

– Мен жазарман, бирақ жазғанымды адам оқый алмайды. Соның ушын хатты барып өзим оқып бериўиме туўра келеди, – депти.

## БИЗЛЕР УРЫСЫП ЕДИК
(Р-1243, №183024)

Өмирбек армияда өз хызметин атқарып жургенде өзинен ҳаялынан хат келипти.

Конверттиң ишин ашып қараса, ҳешнарсе жазылмаған ақ қағаз шығыпты.

Буны көрип турған жолдасы Өмирбектен себебин сораса, Өмирбек:

– Мен армияға кетпестен бурын ҳаялым менен азырақ урысқан едим, соннан бери бир-биреўмиз бенен сөйлеспеймиз, – деп жуўап берипти.

## ҮЙИҢНИҢ АДРЕСИН ЖАЗБА
(Р-1243, №183024)

Бир жас ҳәўескер жазыўшы Өмирбекке ойласыўға келипти.

– Өмирбек аға, – депти ол азмаздан кейин, – мен аттың жақсы көлик екенлиги ҳаққында очерк жазып жиберсем, төрт реттен берли редакциядан қайтып келе береди. Енди мениң не ислеўим керек? – депти.

Сонда Өмирбек:

– Сен очеркиңди редакцияға жибергенде үйиңниң адресин жазбаўың керек, сонда очеркиңди жибермейтуғын болады, – деген екен.

## МАҢЛАЙЫҢНАН ҚУЙРЫҚ ШЫҒАРАҒОЙ, БАЛАМ
(Р-1243, №183024)

Өмирбектиң маңлайына тиккен жалғыз баласы бар екен. Ол да моданың жиллиси болып өсипти. Бир күни ол шашын желкесинен де төмен түсирип өсирип, бет аўзын сақалға бастырып, Өмирбектиң алдына келип:

– Аға, қалай, маған жараса ма? – деп сорапты.

Өмирбек баласының бет-әлшерине қарап турып, мыйығынан күлипти, де:

– Балам, еле де кемисиң бар екен. Егерде оны да ислесең, күта әжайып болады екен, – депти.

– Ол не өзи, аға, тезирек айт, қолдан келетуғын болса ислеймен, тезирек айт, – деп жалына берипти.

Сонда Өмирбек күлимсиреп турып баласына қарап турыпты да:

– Ҳәзирги турысыңда кебирек маймылға усайды екенсең. Енди және бир басқа мақлуққа усамаў ушын қақ маңлайыңнан қуйрық шығарып алағой, – деген екен.

## ӨМИРБЕК АКТ ЖАСАПТЫ
(Р-1243, №183024)

Өмирбек колхоз председатели болыпты. Бир күни ол қос айдап атырған адамға жолығыпты. Өмирбек оның менен әри-бери сөйлескен екен, қос айдаған адам жөнин айта қоймапты.

Ашыўланған Өмирбек өзиниң ҳәмелин айтып қанша бақырған менен де, ҳешteme шығара алмапты.

Күта ашыўы келген Өмирбек акт дүзейин деп жаңағы адамнан аты-жөнин сораса да, ҳештеме шығара алмапты.

Ең кейининде ол «Ала ҳәм қара өгизи бар, қостың алды қублаға қараған, бир қара пәреңтолық адам мениң менен хабарласпады» деп акт дүзип өта кетипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

**ОЛ МЕНИҢ ЖУМЫСЫМ**
**(Р-1243, №183024)**

Өмирбек араққа мас болып киятыр екен, алдынан милиционер шығып
– Неге мас болып жүрсең? – депти.
– Ол мениң жумысым, – депти Өмирбек.
– Ҳәзир сени сайалтатуғын жайға қамайман, – депти милиционер
– Ол сениң жумысың, – депти Өмирбек.

**КЕЎЛИҢИЗГЕ КЕЛМЕСИН**
**(Р-1243, №183024)**

Өмирбек өзиниң жақсы көретуғын достын көшеде ушыратып қалып:
– Достым, кеўлиңе келмесин, мениң ҳаялым бир қымбат пальто сатып алып еди, – депти
– Оның несине мениң кеўлиме келеди?! – депти досты күлип.
– Ол ҳәзир пальтоны сениң ҳаялыңа көргетиў ушын кетти, – депти Өмирбек.

**БИЗЛЕР ДЕ ЕСИТПЕЙМИЗ**
**(Р-1243, №183024)**

– Жаңадан кирген жайыңыз унады ма? – деп сорапты бир таныс Өмирбек жаңа қонысқа көшкеннен кейин.

– Унады, бирақ бир кемшилиги бар, – депти Өмирбек.

– Қандай кемшилик?

– Бизлер ҳаялымыз екеўимиз не айтыссақ та, бәри қоңсыларымызға туппа-туўры еситилип турады.

– Ондай болса, даўыс жетпейтуғын етип, темирден дийўал ислетип алағойың

– Барлық гәп сонда. Егер ондай етсек, қоңсыларымыздың не айтысып отырғанын бизлер де еситпей қаламыз да, – деп жуўап береди Өмирбек.

**СЫЙЫР КЕТИП ҚАЛҒАН**
**(Р-1243, №183024)**

Өмирбек сүўретши болыпты. Ол ҳеш сүўрет салынбаған қағазын бир адамға көрсетип:
– Мынаны қара, жайылып жүрген сыйырды салдым, – депти.
Сонда жаңағы адам сыр билдирмей:
– Сыйырдың жейтуғын шөплери қайда? – депти.
Сонда Өмирбек:
– Сыйыр жеп қойған ғой, – деп жуўап берипти.
– Ҳаў, сол шөпти жеген сыйырың қайда? – депти анаў адам да оннан қалыспай.
– Шөпти жеп болған соң сыйыр да кетип қалған ғой, – депти Өмирбек.

**ШАҚҚЫҢ ҚУТЛЫ БОЛСЫН**
**(Р-1243, №183024)**

Өмирбек бир мәкемеде баслық болып турған ўақтында жигитлердиң басы қосылған жерде кимниң жақсы нәрсеси болса, сорамай ала береди екен. Усыған үйренип қалған хызметкерлери оны ерси көрмеўге үйренип кетипти.

Бир жигит әрмиядан келип Өмирбектиң қараўына жумысқа өтипти. Бир отырыспада жаңағы жигит гешти туўраўға шаққысын шығарыпты. Шаққы жигирма төрт тилли, күтә жақсы екен. Өмирбектиң шаққыға ықласы кетип, алғысы келип отырғанын билген хызметкерлер:
– Өмирбек аға, шаққың қутлы болсын, – деп жабырласыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда Өмирбек шаққыны қолына алып турып:

– Бул шаққы бизге қутлы болса да болады, болмаса да болады, – деп кисесине салып қойыпты.

## ТЕЛЕФОНДЫ УСЛАМАДЫМ

(Р-1243, №183024)

Өмирбек үйине телефон қурдырыпты. Ол жумысқа кетеринде кемпирине:

– Телефон шыңғырласа, мени «жоқ» деп айтарсаң, – деп тапсырыпты.

Азмаздан кейин кемпири жайға кирсе, телефон шыңғыр ете қалыпты. Кемпир:

– Балам үйде жоқ, – деп шығып кетипти.

Усындай аўҳал кешке шекем үш рет болыпты. Кеште Өмирбек кемпиринен сораса, болған аўҳалды айтыпты.

– Трубканы көтердиңиз бе? – депти Өмирбек.

– Жоқ, шырағым, көтермедим, шыңғырлаған ўақтында қасына келип, «балам жоқ» деп айттым, – деп жуўап берипти.

## ОНДА КЕЙИН КЕЛЕРМЕН

(Р-1243, №183024)

Өмирбек жумыс излеп кеңсе қоймай ақтарып жүрип, бир мәкемеден жумыстың саңлағын тапыпты. Мәкемениң баслығы менен жумыстың жағдайы жөнинде гәплесип отырса керек. Мәкеме баслығы:

– Ҳәзирше айлығың елиў манат болады, бирақ кейин көбейеди, ислеймен десең, жумысқа аламыз, – депти.

Сонда Өмирбек:

– Онда кейин келермен, – деп кетип қалыпты.

## ҚЫСЫНСЫН ДЕП ИСЛЕЙМЕН

(Р-1243, №183024)

Өмирбек көше бойлап досты менен кетип баратырса, алдынан бир жигит шығыпты. Өмирбек оның менен қалпағын алып ҳүрмет пенен сәлемлесипти.

– Бул ким өзи? Сен жүда ҳүрмет пенен сәлемлестиң ғой? – депти досты Өмирбекке.

– Ҳаў, сен оны танымайсаң ба, ол аптеканың баслығы ғой.

– Сонда қалай болғаны, оны соншама ҳүрметлеп?

– Мениң шашым түсе беретуғын болды. Бир күни сол аптека баслығына барып жағдайымды айтсам, ол меннен әдеўир ақша алып дәри берип еди. Сол дәрини пайдаланғаннан кейин шашымды қалмай түсип қалды. Соннан бери, сол жигитти көрсем, қалпағымды алып сәлем беремен, – депти.

## БИЗИКИ ДЕ МОДА

(Р-1243, №183024)

Қақаман қыс күнлериниң ысырапыл қатты суўықларының бир күнинде Өмирбек үстине сеңсең тон, басына әреби шетирме кийип, қулағын ақсүп таўар менен орап, көшеде бүрсеңлеп жуўырып киятырса, алдынан бир әр двсы шығып:

– Ҳаў, жора, бул не? – деп сорапты, таңланған пишинде.

– Мода, – деп жуўап берипти Өмирбек ҳеш ойланбастан.

– Қойға, жора, сен де қарап жүрмей, қаяқтағыны табасаң. Басыңа малақай кийгенде қапыңды ма, сонда қулағыңды суўық шалмайды ғой, – депти ол тағы тынышына турмай.

Сонда Өмирбек сол жерде тусынан өтип баратырған жалаңбас жас жигитти көрсете қойыпты.

– Буныки – мода, – депти таныс.

– Жора, бул мода болса, бизики де мода, – деп, Өмирбек жөнине кетеберипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАСЫНДА МИЙИ БОЛМАСА, НЕСИ ТОҢАДЫ?
[Р-1243, №183024]

Әмирбек бир жасүлкен таныcы менен қыстың қақаман суўығында көшеде кетип баратыр екен, алдынан бир жас жигит жалаңбас өте берипти.

– Астаўпыралла, – депти Әмирбектиң жолдасы, – мына баланың басы тоңбаймекен, күн болса жүдә суўық, – депти.

Сонда Әмирбек:

– Оның басында мийи болмаса, несине тоңсын, – деп жөнине жүрип кете берипти.

## УМЫТШАҚ ҒАРРЫ МЕНЕН СӨЙЛЕМПАЗ КЕМПИР
(Р-533, №176476)

Бир кемпир ғаррысының қулағына күнде қурт болып, мынадай дейди екен:

– Масим жыртылды, оны басын жамаў керек. Қашан устаға апарасаң? Маған қарамайсаң? Өзиңниң аяғың пүтин болғаннан соң сөйтесең, – деп мыңғырлап қоймапты.

Ғарры бийшара ҳәр күни устаға барайын десе, жумыслар араласып, қолы тиймепти. Бир күни кемпири тағы сөзин баслаған екен, ғарры:

– Қане, масини алып бер, қолтығыма қысып кетип, устаға жаматып қайтайын, –депти.

– Яқшы, ҳәзир беремен, – деп кемпири орнынан турыпты да:

– Жақсылап ислесин, масиниң басын сулыўлап қондырсын, гүлшинин қатты, қалың былғары-дан салсын, ултанын жаманнан ислетсең, киймеймен. Билдиң бе? Түсиникли ме? – деп кемпир сөйлей берипти.

– Түсиндим, устаға ҳәммесин айтып тапсыраман, – деп, ғарры үйден шығып кете берипти.

Ғарры устаға келгенше көп ойларды ойлапты. "Усыннан масини жаман ислесе, кемпир маған кейийди ғой. Уста жақсылап ислеп бересе биймалел болар еди аў" – деп ойланыўы менен устаға келипти. Ол қолтығын қысып турып, уста менен сәлемлесип, келген жумысын айтыпты. Сонда уста:

– Қане, масиңди бер, – депти.

Ғарры қолтығына қараса, маси жоқ. "Жаңа ғана бар еди, үйден шыққанда қолтығыма қысып шығып едим ғой, қайда түсип қалған болады" деп ғаррының шыр-пыры шығыпты. Сол жерден ғарры, келиспетен талап шығар деп, үйине келип, кемпирине:

– Масини жойтып алдым, – деген екен, кемпири:

– Әй, аңқаў ғаррым-ай, азанда саған масини алып бериўге умытып, үлай ислет, былай ис-лет, жақсы болсын деп айта берипппен. Сен де масини алдым ғой деп қолтығыңды қысып кете берипсең, – депти.

## ДИЙХАННАН КЕЎЛИ ҚАЛҒАН МОЛЛА
(Р-533, №176476)

Бир молла бир жаққа бармақшы болып жолға шығыпты. Молла баратуғын жерине жете алмай, бир дийқанның үйине қонақ болады. Аўқат таяр болып, тамақ жей баслайды. Бир ўақытлары дийхан моллаға қараса, қолын табаққа бир салып, бир алып отырғанын көрип:

– Тақсыр, аўқат кеўилиңизге унамады ма, неге жемей отырсыз? – дейди.

– Аўқат күта мазалы болған екен-да, бирақ ыссы болып, қолым күйип тур, –депти.

– Тақсыр, онда сизге бир ем бар, ислеймиз бе? – депти дийқан.

– Ислейик, қандай ем? – депти молла қуўанып.

– Тақсыр, сиз бир жыл қазыў қазың, сонда сизиң қолыңыз ыссыға да, суўыққа да шыдамлы болады.

Сонда молла:

– Буныңыз қыйын екен, – деп тым тырыс болыпты.

## ДИЙХАННАН ПАНТ ЖЕГЕН УРЫ
(Р-533, №176476)

Бурынғы заманларда бир жарлы дийқан болыпты. Оның үйинде тек болғаны бир көрпе, бир шыпта ҳәм қазан табағынан басқа хеш нарсеси болмапты.

Бир күни аўыл бойынша хеш нәрсе таппаған бир уры тап усы жарлының үйине урлыққа түсипти. Үй қараңғы болғанлықтан, урының қолына хеш нәрсе илинбепти. Сол ўақытта уры:

– Енди шыра жағып қарамасам болмас, – деп, уйқылап атырған дийқанның үстинен атлап өтип, шүтик шыраны жағып қараса, қолына илингендей хеш нәрсе көринбепти. Сол ўақытта дийхан оянып кетип:

– Хаў, уры жора, не излеп жүрсең? Мен бул үйден күндиз излеп хеш нәрсе таппағанымда, сен түнде шыра жағып не таппақшысаң? – депти.

Сөйтип уры сол күни дийханнан пант жеп үйине қайтыпты.

## ӨМИРБЕК ХӘМ ОНЫҢ БАЛАСЫ
(Р-1296, №183776)

Бир күни Өмирбек баласын узатырақ аўылға жумсап атырып:

– Балам, баратуғын жериң узақ ҳәм бийтаныс, жолдың ой-шуқыры көп болады, есерленип шаўа берме, аяғың шуқырға түсип кетип, селк ете қалма, – деп қайта-қайта тежей берипти.

Сонда баласы:

– Хаў, аға, есерленип шаппасам, әстерек-ақ шабарман да, – депти.

## НАСРАТДИННИҢ ҚӘДИРЛИ ҚОНАҒЫ
(Р-533, №176476)

Әпендиниң көптен көрмеген бир жорасы бар екен. Ол келмей-келмей, бир күнлери Әпендиниң үйине қыдырып келипти. Әпенди ҳүрметли қонағына сол күни бир үйлерден гүриш, тағы бир үйлерден май қарыз әкелип, аўқат писиртип, төсекти қалың салып қондырыпты.

Әпендиниң мазалы палаўын жеген қонақ ертеңине де кеткиси келмей, тағы қонып қалыпты. Енди бүгин гүриш пенен майды қарыз алатуғын жер болмаған соң, май быламық ислеп берипти. Самарға салынып, жаңа ғана қонақтың алдына келгенде Хожа:

– Ала бер, қонағым, ала бер, сен уялмасаң, биз уялмаймыз, – деп, табақты қонақтың алдына таман ысырыңқырап қойыпты.

Сол қонақ үшинши күни де кетпей қоныпты. Буны көрген Хожа далада байлаўлы турған қонақтың атын қазықтан шеше сала, хаялына:

– Қане, ғоштым, арқама мин, – депти.

– Ха, Хожеке, қаяққа? – депти қонақ.

Сонда ол:

– Хаў, сен еле бизикине көшип келгениң жоқпеди? – депти.

## УРЫ
(Р-533,№176476)

Бир уры биреўдиң сыйырын алып кетипти. Сыйыры урланған адам урының изинен жетип, оны услап алыпты.

– Көшеде бир жип жатыр екен, керек болар деп алып киятыр едим, – депти уры.

– Онда мынаў не? – депти сыйырдың ийеси сыйырды көрсетип.

– Хаў, жиптиң ушына сыйыр байлап қойғанын мен қайдан билиппен? – депти уры да бос келмей.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАРЫП КӨР, ӨЛГЕН ШЫҒАР
(Р-533, №176476)

Бир көкнаршы балқып отырған екен. Даланнан бир бала жуўырып келе сала бир шөлмек муздай суўды ишипти де, қайтадан далаға жуўырып шығып кетипти. Буны көрип отырған көкнаршы қорқып кеткенинен селк ете қалыпты да, қасындағыға:

– Барып көрип кел! Бала қашшан өлген шығар, – депти.

## ЕНДИГИ ТҮСИМДЕ ИШЕРМЕН
(Р-533, №176476)

Бир күни Насратдин аш болып жатып уйқылап қалып, түс көрипти.

Түсинде бир табақ жарма турған усайды, оны Насратдин қалай ишерин билмепти, қолын әри созыпты, бери созыпты, жутыныпты сөйтип жатып оянып кетипти. Сонда ол: «Ендиги түсимде ишермен» деп, қасына шөмиш алып жатыпты.

## ӨМИРБЕК ЛАҚҚЫНЫҢ МИЙМАН КҮТИЎИ
(Р-533, №176476)

Өмирбектиң үйине бир күни мийман келипти. Мийманды сыйлаған болып, ол мийманның алдына бир зерен сүт әкелип қойыпты. Мийман сүтти ишиўге қайымласқан сайын оның иши күйип ақырында мийманға:

– Мийманым, сүтти уйытсақ қатық болады, қатықты писсе май болады, оннан қалғаны торақ болады. Ишип-ақ қойсақ не болады? – депти де, мийманның алдындағы сүтти алып кетипти.

Мийман не дерин билмей қалыпты.

## ӨМИРБЕКТИҢ ҚЫЗЫН АЙТТЫРЫЎ
(Р-1296, №183776)

Ержеткен қызын айттырыў ушын Өмирбектиң үйине биймалим еки адам келеди. Олар жайғасып отырғаннан кейин, қызыңызға жаўшы болып келдик деп бирден айтыўды қолайсыз көрип, сөзди қыз алатуғын жигитти мақтаўдан баслайды.

– Аўылымызда бир жасүлкенниң баласы бар. Саў болғыр, адамның жанындай, өзи ақыллы, өзи сыпайы, қолы өнерли, услаған жерин алып түсетуғын өткир. Оның сын-сымбатын айтсаң, нағыз азамат-аў, – деген жерге келгенде булардың қызына келген жаўшы екенин түсинген Өмирбек:

– Ал мийманлар, бизиң қыз да шеп емес, қолынан ис келетуғын, парасатлы. Егер тырнағы илсе, қағып түседи. Адамға сүйкимли, қылығын көргенинде «меники болса екен» дейтуғын нағыз нazалим. Ертең узатайын деп атырмыз, – деп оларды тоқтатып таслапты.

## ӨМИРБЕК ЛАҚҚЫНЫҢ НАСБАЙ ҚАБАҒЫ
(Р-533, №176476)

Өмирбек лаққы гейпара ўақытларда жоғалып кетпесин деп насбай қабағына баў тағып, мойнына асып жүреди екен.

Күнлерден бир күн оның жолы түсип базарға барыпты. Оның насбай қабағын мойнына асып жүргенин көрген бир адам, билдирмей оны алып, өзиниң мойнына тағыпты.

Бир ўақытлары насбай қумары тутып Өмирбек өңирине қараса, насбай қабағы мойнында жоқ. Ол сонда:

– Хәй, базаршы бирадарлар, жолдасым Өмирбек лаққыны жоғалттым, көрген-билген болса, саўап ушын маған жүрген жерин мәлим етиң, – деп жар салады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ўақытта ол бунын насбай қабағын алған адамға кези түсип, шап берип оның қолынан услап:

– Әй, жора, сени мен десем, сақалың жоқ. Өзимди сен десем, мойнымда насбай қабағым жоқ. Әне, қызық. Бүгин кеште бизикине қайсысымыз барар екенбиз. Мейли, жүр, екеўмиз де барамыз. Бизиң балалардың анасы қайсымызды қалесе, насбай қабақ соныки бола қойсын, – депти.

## ӨМИРБЕК ҲӘМ ЕРЕЖЕП ТЕНТЕК

(Р-533, №176476)

Бир күни Өмирбек пиядалап баратырса, изде бир топар атлы киятырғанын көрипти. Ақбоз атта шегирмеси ғаўқыйып киятырған даў де болса, Ережеп тентек шығар, деп шамалаған Өмирбек қасындағы жолдасына:

– Ал, мениң үстиме шекпенимди жап та, басымда турып «ўай-ўайды» жибере бер.

Ережеп бир топар атлы менен жетип келсе, арба жолдың үстинде Өмирбек жатыр, төбесинде биреў ўай-ўай салып тур.

– Бул не аўҳал, не жағдай? – депти Ережеп заңгиге ширенип турып.

– Ўай-ўай, Өмекең өтти дүньядан! – деп еңкилдепти көзине түкирик жағып алған лаққының жорасы.

– Ҳәй, аттеген-ай, – депти Ережеп көўили босасып. – Тили менен орақ орып жүрген лаққы жорам өткен екен-да дүньядан! Мә, мынаны алып, Өмекеңниң жыназасын таярлай бер. Мен де кешикпей айланарман, – деп, бир ҳамиян таслап, өте берипти.

Сол пайытта Ережеп пенен «өлген» Өмекең шар базарда гезлесип қалыпты.

– Ҳә, атаңның... Өмирбек, өлгениң қәне сениң!? Әнел батанаңы жүз теңгени, – депти Ережеп.

– Қойсаң-а, жора! Сеннен ғой жүз теңгени өлип алдық. Енди кейретте аларсаң, – деп ғарқылдап күлипти Өмекең.

## ӨМИРБЕК ҲӘМ ӨПЕПЕК

(Р-533, №176476)

Өмирбек бир күни Ережепке барыпты.

– Ҳаў, жора, неге ҳала көринесең, жайша ма? - депти Ережеп тентек.

– Жайшағы, жайша-аў. Жақында уллы болып едим. Ғоған қоятуғын ат таппай жүрмен, – депти Өмирбек.

– Сол да гәп болып па? – депти Ережеп не көп, ат көп, қоя бермейсең бе?

– Ат көби – көп ғой. Бирақ өзимниң атыма уйқас келетуғынын таппай жүриппен.

– Уйқасы ма? Ҳасылбек, Қаллыбек, Сейитбек, – деп көп атларды айтыпты Ережеп.

– Олардың бәри ағайин-туўған, қоңсы-қобалардың атлары. Маған ҳешкимде жоқ ат керек, – депти лаққы.

– Ҳә, таптым, – деген екен тентек қуўжыңлап. – Баланның атын Өпепек қоя ғой. Ҳешкимде жоқ ҳәм Өмирбекке уйқас. Өмирбек – Өпепек.

Сөйтип Ережеп тентек Өмирбек лаққыны бир баплаған екен.

## ҚУБЛАҒА ҚАРАЙТУҒЫН БЕТ ЖОҚ...

(Р-1299, №183812)

Таза пери еки молла бири-бири менен жаслайынан дос, екеўи талай кесе қағыстырған, ергенек тайдырысқанлардан екен.

Екеўи бир күни ушырасып қалып, бири-бирине мират салысып, ақыры биреўиниң үйине қыдырып барыпты. Жатқаннан кейин екеўи жататуғын бөлмеде қалып, үй ийесиниң жасырып қойған бир шийше арағын белисип ишипти. Бул азлық етип, пештиң ишине жасырып қойған тағы бир шийшеси бар екен, оны да ишипти.

Азанда келини ерте турып, ғаррылардың таҳарет суўын қапының аўзына қойып кетипти. Бирақ бул қуманлар сол турысында тура берипти. «Атамлар уйқылап қалған қусайды-аў» деп келини кирип барса, еки молла арқаға қарап намаз оқып турған екен.

– Ҳаў, ата, арқаға қарап намаз оқып турсыз ғой, – депти келини.

– Балам-ай, бүгин бизлерде қублаға қарайтуғын бет жоқ, – деген екен моллалар.

## ТАЛАЙ ТӨБЕЛЕСТИҢ ЖӨНИ КЕЛИП ЕДИ

(Р-1299, №183812))

Темирхан болыс бир мерекени басқарып турып, шатағырақ, мереке бузар бир жигитти шақырып:

– Сен балам, бүгин тойда шатақ шығарма! Егер мереке төбелессиз тарқаса, саған өзим бир көйлек кийгиземен, – депти.

Мереке ап-аңедей, ың-жыңсыз тарқапты.

– Болыс аға, той төбелессиз тарқады, енди бағанағы ўәде еткен көйлегиңди бер, – депти шатақ жигит келип.

Темирхан болыс жигиттиң үстиндеги көйлегин услап турып:

– Ол көйлек мине, үстиңде тур ғой. Егер төбелес шығарғаныңда, көйлектен нәрсе қалмай, пыррым-пыррым болатуғын еди.

– Ўаа, нетесен! – депти жигит жамбасқа бир урып, – талай төбелестиң жөни келип турған еди-аў.

## МУРНЫМ ҚЫСЫЛДЫ

(Р-533, №176476)

Ерте де бир зоңмурын шала молла аўылдың адамларын мешитке жыйнап алып, намаз үйретпекши болады. Адамларды қатарластырып турғызып, өзи ең алдында турып:

– Мен не айтсам, соны айтың, не ислесем, соны ислең, одан басқа сөз сөйлеўши басқа ҳәрекет ислеўши болмаң, – депти.

Молла даўыслап оқып, жатып-турып атырғанда едендеги жарықтың арасына мурны қысылып қалыпты.

– Ўах-ўах, мурным қысылып қ-а-л-д-ы! – деп бақырыпты ол.

Сонда шакиртлери де мурнынан сөйлеп:

– Ўах-ўах, мурным қысылып қ-а-л-д-ы – деп бақырысады.

– Бадбақлар, жәрдем бериңлер! – депти молла.

«Шакиртлери» де оның айтқанын қайталапты.

Молланың таянған қоллары талып жығылғанда мурны да жаздырылады.

– Нете мени ермеклейсизлер, бадбақлар! – деп, еки тәрепинен қыршылған мурнын услап, молла мешиттен шығып кетеди.

Бүгинги сабақтың болғаны шығар деп, «шакиртлери» де шығып, үйлерине тарқасады.

## ӨЗЛЕРИ САЎА АЛМАЙ ЖҮРГЕН ШЫҒАР

(Р-533, №176476)

Насратдин Әпендиниң ҳаялы күнде Әпендиге:

– Сыйырдан сүт шықпайды, қалаға апарып сатып орнына басқа биреўин алмасаң болмайды, – деп қойманты.

Соның менен сыйырын жетелеп базарға барыпты, бир даллалшыға:

– Бизиң сыйырды не өткенине сатып бер, – депти.

Даллалшы сыйырды:

– Өзи сүтли сыйыр, ойнаққа саўып, дәўетке уйтасаң, – деп мақтапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Буны еситип турған Эпенди де:

– Сүтли болса, сүтли шығар-ай! Бала-шағалар саўалмай жүрген шығар, – деп, сыйырын алып қайтыпты.

## ӨМИРБЕКТИҢ ҲИЙЛЕСИ

[Р-533, №176476]

Өмирбек жасаған заманда шығымсыз бир бай болыпты. Ол қандай қонақ болса да ҳеш нәрсе шығармайды екен.

Бир күни Өмирбек өзиниң бир жолдасы менен усы байдың үйине қонаққа барыпты. Еки күн удайына отырыстан кейин байдың ҳаялы илажсыздан майды күта аз қуйып, кеўерип кеткен нан салып, нан сорпа ислепти. Бул Өмирбекке унамапты да, байға пәнт бериўдиң жолын излей баслапты. Усы ўақытта керегениң басында турған қойдың төсин көрип қалыпты. Өмирбек өзиниң жолдасы менен сыртқа шығып:

– Ҳәзир екеўимиз өтирикке жанжеллескен болайық, төбелеске шекем барайық, бай екеўимизди арашалап, биреўимизди сыртқа алып шығар, сонда иште қалғанымыз төсти аламыз, – депти.

Булар үйге қайтып келгеннен кейин, сал нәрседен жанжел шығарып урысыпты, бара-бара төбелесиўге ыңғайласқанда, бай, буларды арашалап, көп күш пенен биреўин далаға алып шығыпты. Иште қалған Өмирбектиң жолдасы төсти алып, ҳеш жерине жайғастыра алмай атырып қатты сөйлепти:

– Бул ақмақтың гәпи я қонышқа, я қалтаға сыймайды, не қыларсаң, – депти.

Өмирбек буған түсинип:

– Ҳәссений, сени ме, қолтыққа тығып, мойныңды төмен қайырып жиберер ме еди, тым-тырыс болар единң-аў, – депти.

Жолдасы солай ислеген екен, төс жай болыпты. Екеўи индемей, төсти алып кете берипти.

## ОҢАЙ

[Р-533, №176476]

Бир жигит досты үйленгенде бир себеплер болып, достының үйине «қутлы болсын»ға кешигирек барыпты. Ол шай ишип отырып достының ҳаялынан:

– Қурдас, атыңыз ким болады? – деп сораған екен:

– Оңай болады, – деп жуўап берипти достының ҳаялы.

Бунан ол түсинбей:

– Қурдас, атыңыз оңай болса да, биз таба алмадық. Өзиңиз-ақ айта бериң, – депти.

## ҚАЙСЫСЫ ПАЙДАЛЫ

[Р-533, №176476]

Бир күни биреўлер Хожа Насратдиннен:

– Хожеке, күн менен айдың қайсысы пайдалы? – деп сорапты.

Сонда ол:

– Күн күндиз шығады, қараңғы түскенде оннан келер пайда жоқ. Ал, ай болса түнде шығып, átирапқа жарық береди. Демек, күннен ай пайдалы болғаны-да, – депти.

## ЕНДИ ОЛАРДЫҢ ҲӘР ҚАЙСЫСЫНЫҢ ҮЙИНДЕ ҚОНЫП ШЫҒЫЎ КЕРЕК ПЕ?

[Р-533, №176476]

Бир күни Өмирбектиң қоңсысы өлип қалып, Өмирбекти шақыртыўшы етип жиберипти. Өмирбек атланып кетип, биринши үйдиң тусына барыпты да:

– Атамурат үйдемисең?

– Аўа.

–Үйде болсаң үйде бол, –деп шаўып кете берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Екинши үйге барып:
- Жийемурат бармысаң?
- Барман, кел Өмирбек.
- Бар болсаң бар бол, – деп буннан да кете берипти.
Мине усындай етип, Өмирбек шақыртыўшы болған үйлерден ҳеш ким намазға келмепти.
Ертеңине буның себебин Өмирбектен сораған екен ол:
-Адамларға түсиниң болмайды, мен ғой барлығы менен хабарластым, енди не, олардың ҳар қайсысының үйинде бир-бирден қонып шығыў керек пе екен? –депти.

## ПАТША АШТАН ӨЛМЕЙ МЕ?
(Р-533, №176476)

Биреўлер Хожа Насратдиннен:
– Патша үлкен бе, ямаса шарўа үлкен бе? – деп сорапты.
Сонда ол:
– Шарўа менен дийқан үлкен,– депти.
– Қалайынша? – депти адамлар.
– Егер патшаға геш ҳам нан бермесең, ол сорлы аштан өлмей ме, – депти ол.

## ТАЎЫҚ ШАҚЫРҒАНДА КЕТЕРСЕҢ
(Р-533, №176476)

Ерте заманда бир жолаўшы бир кисиниң үйине келип қоныпты. Ол қонақтың қолы суғанақ екен. Қонаққа үй ийеси қонақ асы берип, аўқат жегеннен кейин ҳамме уйқыға кетипти. Түн жарпы болғанда қонақ орнынан турып, үй ийесиниң үш қоразын кетектен алып, шапанына орапты. Енди кетейин деп турғанда үй ийеси оянып кетип:
– Мийман, таўық шақырған соң кетерсең, – депти, оны кетип баратыр деп ойлап.
Сонда қонақ:
– Кете берейин. Жолда-ақ шақырар, – депти.

## ЕСИККЕ ҚУЛЫП УРЫП ҚОЙЫП ЕДИМ
(Р-533, №176476)

Әпенди бир күни базарға барыпты. Базарда турған жақсы-жақсы есиклерди көрипти ҳам биреўин ала қашыпты. Әпендиниң есикти алып қашқанын көрген есиктиң ийеси изиннен қуўа берипти. Әпенди қуўып киятырған есиктиң ийесин көрип, есикке қулыпты урып өзи есикти сүйеп тура береди. Ашыўы келген есиктиң ийеси келип Әпендини салып жибереди. Сонда Әпенди:
– Хаў, мен есикке қулып урып қойып едим, сен қаяқтан келдиң? – депти.

## УМЫТШАҚ МОЛЛА
(Р-533, №176476)

Бурынғы ўақытта бир аўылда мектеп молласы болыпты. Ол бүгин еситкенин ертең умытып кететуғын умытшақ екен.
Бир күни молла намаз оқып отырып, «Ассалаўма-әлейкум, рахматулла» деген намаздың ишинде айтылатуғын «рахматулла» деген сөзин умытып қалыпты. Ол қайта-қайта «ассалаўма-әлейкум» деп, кейинги сөзи ҳеш ядына түспепти. Анық ядына түспегеннен кейин молла нан қатырып отырған ғаррысына:
– Хай, ҳай, анаў үйге келе беретуғын тери жыйнайтуғын адамның аты ким еди? – депти.
Сонда кемпири:
– Рахматулла ма? – депти.
– Тап өзи, – деп, молла намазын даўам ете берипти.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## БӘҢГИЛЕР
(Р-533, №176476)

Күнлерде бир күн көп бәңгилер бир үйге жийналысып бәңги шегисип отырса, бир бәңги кийиздиң астында жатқан пәкини көрипти. Ол пәкини қолына алып, атын билмей хайран болып, қасындағы бәңгилерден сорапты. Ҳәмме бәңгилер жийналып, оны қолына алып: «Бул не, бул не» деп хайран қалысыпты. Мас болып, басы айланып отырған бәңгилердиң ҳеш қайсысы оның атын табалмапты.

Бир ўақытта бир бәңги:

– Ха, мен таптым! – деп әлленше қуўаныпты.

Ҳәммеси:

– Айт, айт, – деп жабырласыпты.

Сонда бәңги:

– Бул пышықтың тиси шықпаған баласы, – депти.

## ФЕРМА БАСЛЫҒЫНЫҢ ИШТЕЙИ БИЛЕДИ
(Р-533, №176476)

Өмирбек шопан екен. Бир күни колхозға ўәкил келип, ол Өмирбектен:

– Быйыл малдың қайсы түрин көбейтпекшисиз, – деп сорап қалыпты.

Сонда Өмирбек ойланбастан:

– Оны ферма баслығымыздың иштейи биледи, – депти.

## ЕКЕЎИМИЗДИҢ АРАМЫЗДАЙ ПАРҚ БАР
(Р-533, №176476)

Бир күни қала қазысы Өмирбекти шақырып алып:

– Ешек пенен сизиң араңызда қандай парқ бар, – депти.

– Екеўимиздиң арамыздағыдай парқ бар, – депти Өмирбек тартынбастан.

## ШАШЫМДЫ ӨЗИМЕ ҚАЙТЫП ЖИБЕРЕРҒОЙ...
(Р-533, №176476)

Өмирбек газета оқып отырса, газетаның бир жеринде адамның басына шаш шығаратуғын клиника бар деп адресин берген мақалаға көзи түсип қалыпты.

Өмирбек дәрриў, сол клиниканың бас докторына хат жазыпты. Бир күнлери жуўап келип, олар Өмирбекке шашының бир талын жибериўди сорапты.

Өмирбек шашының бир талын конвертке салып жиберипти. Бир күни клиникадан және хат келипти. Онда «Жиберген шашыңды алдық. Тағы бир тал шашыңды жибериң» деп жазылған екен.

Сонда Өмирбек оларға «Басыма шаш шықпаса қойсын, өзимниң шашымның талын қайтарып жиберерғойын. Басымда өзи барлығы болып еки шашым бар еди» деп хат жазып жиберипти.

## ШОМЫЛЫП ЖҮРГЕН ШЫҒАР
(Р-533, №176476)

Өмирбек сүўретши болып ислейди екен. Бир күни көлдиң бойына барып, шомылып жүрген ерли зайыплы еки адамды сүўретке түсирипти.

Тайын болған сүўретти ийелерине тапсырса, ҳаял өзиниң сүўретин зордан таныпты, ал байы сүўретте жоқ қусайды. Сонда ҳаял ҳаўлығып:

– Мениң байым қайда? – деп сорапты.

– Байың шомылып жүрген шығар, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨМИРБЕКТИҢ БАЛАСЫ
(Р-533, №176476)

Бир күни Өмирбекке баласы келип:

– Аға,аға, басқа баллардың барлығының жоралары бар, мениң неге жораларым жоқ, – деп сорапты.

Сонда Өмирбек:

– Әй балам, өзиң жақсы болсаң барлық балалар сениң жораң болады, – деп жуўап берипти.

## АЛЫП УША МА?
(Р-533, №176476)

Өмирбек бир күни қолын жуўып атырса қызы қолына суў қуйыпты. Ол қолына суў қуйып болып, алдына түсип турған хәр түрли шашбаў менен хәйкел моншақларын артына қағып жибергенде, бир тумар Өмирбектиң маңлайына сақ ете қалыпты. Сонда Өмирбек:

– Қызым, соншама нәрселерди шашыңа байламағанда сени аспанға алып уша ма, – депти.

## ЖОЛАЎШЫҒА ЖУЎАП
(Р-533, №176476)

Өмирбек жолдың бойында отырса, еки жолаўшы келе берипти.

Олар Өмирбекти көрип жол сорапты.

– Жасүлкен, мына жол қаяққа барады, – депти.

Сонда Өмирбек:

– Мен ҳәзир қырық жасқа шықтым, усы дәўир ишинде бул жолдың хеш жаққа барғанын көрген жоқпан, усы жерде турады да қояды, – депти.

## КЕЛГЕНДЕ НЕ ҚЫЛАДЫ?
(Р-533, №176476)

Өмирбек бир күни дарьяның жағасына барып тур екен, бир тақтайдай нәрсеге минип турған кисини көрипти де, оның жанына барып:

– Мына минип турғаның не?, –деп сорапты.

– Кеме,– деп жуўап берипти ол.

– Хе, келгенде не қыласаң, –депти Өмирбек те қырсығып.

## АЛҒАНДА НЕ ҚЫЛАСАҢ
(Р-533, №176476)

Өмирбек базарға барып кеп аралап жүрипти. Ең кейининде мийўа базарына барып, алма сатып турған бир адамнан:

– Мынаў сатып турғаның не? – деп сорапты.

– Алма, – депти ол.

– Алғанда не қыласаң, – деп ең үлкен биреўин алып жепти.

## ДИЙДИМСЕҢ, МӘМБЕТЖАН
(Р-533, №176476)

Өмирбек бир күни үйиниң қапталында қора тутып атыр екен. Қораның бир қыспақлайтуғын жери сира келиспепти. Әри-бери ислейгеннийин десе де сәти түспепти.

Сол ўақытта оның қоңсысы Мамбет деген киси келип Өмирбекке жардемлесипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол қораның арғы жағына шығып қора қыспағына дизесин тиреп тартқан екен, қыспақ бир-бирине жабысыпты да қалыпты.

- Хе-хе, дийдимсең, Мамбетжан, үйге барып ыссы жарма иш, – депти Өмирбек

## СЕНИҢ КҮЙЕЎ БАЛАҢ МЕНЕН КИЙИМ АЎМАСТЫРДЫМ

(Р-533, №176476)

Бир күни Өмирбеклаққы бир қызы бар үйге қонып жатырса, бир жигиттиң кирип киятырғанын көрипти де, не қылар екен деп индемей жата берипти.

Қонақ жақсылап шешинип, етиклерин, шапаларын бас ушына қойып, қыз бенен бираз сөйлесип жатқан соң уйқылап қалыпты. Өмирбек те орнынан турып, оның барлық жақсы кийим-лерин етиклерин алып, оның орнына өзиниң жаман кийимлери менен етиклерин тап жигиттиң қойғанындай етип қойыпты. Жигит таң атарда кийинип жөнеп кетипти, оның барлық жақсы кийимлери Өмирбекте қалыпты. Азанда үй ийеси Өмирбектиң жақсы кийимлерин көрип ҳайран қалыпты:

– Кеше кийимлериң жаман еди, бир түнде қалай жаңаладың? – деп сораса, Өмирбек оған:

– Бүгин түнде сениң күйеў балаң менен кийим алмастырдық, – деп жуўап берипти.

## ЖАСЫҢЫЗДА АҚЫЛЛЫ БОЛҒАН ЕКЕНСИЗ

(Р-1299, №183812)

Бир күни бир иши тар, ҳәзилди жақтырмайтуғын адам бала Өмирбектиң лаққышылығы ҳаққында еситип:

– Буның неси ҳайран қаларлық екен. Бундай тап еки баланың биреўинен шығады, – деп басқалардың сөзин өрре бастырмапты.

Бир күни сол ғарры қасындағы аўылласлары менен киятырып ойнап жүрген бала Өмирбектиң үстинен шығыпты. Қасындағылар оған баланың сол мақталған Өмирбек екенин айтыпты.

Сонда жаңағы ғарры баяғы гәпин такирарлап:

– Буның ҳеш ҳайран қалатуғын жери жоқ. Бала жасында қанша ақыллы болса, қартайғанда соншелли ақмақ болады, – депти Өмирбекке еситтирип.

Сонда кишкене Өмирбек ғаррыға қарап:

– Ата, онда сиз бала ўақтыңызда жүдә ақыллы болған екенсиз да, – депти.

## ТҮРТИП КӨРСЕТ

(Р-533, №176476)

Бир күни Өмирбек қырық жамаўы бар етикти кийип қалаға барыпты. Сонда адамлар Өмирбекти масқаралап:

– Өмирбек жамаўды қашан жамадың? – депти.

- Мениң етигимниң қырық жамаўы бар, қайсысын сорап атырсаң? Түртип көрсет, - депти.

## ТЕРИС

(Р-533, №176476)

Бир аўылдың бир адамы суўға кетип өлипти. Оны адамлар суўға түсип қарап жүрсе, Өмирбек:

– Сизлер оны суўдың өринен излең! Тири ўақтында ол терис жүретуғын адам еди, – деп жөнине жете берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШЕРТЕКТИҢ БАҚАНЫ ТАЙДЫ
(Р-533, №176476)

Бир күни Өмирбек лаққы үлкен қалпақ кийип Хийўаға барған екен. Адамлар оны көрип бир саялайық, жақсы шертек екен, деп Өмирбектиң тум-тусына келе қалыпты. Өмирбек олардан қашып тағы бир жаққа барып отырса, бәри бир тағы солар жыйналып, шертекке бир саялайық деп тағы қасына келе берипти. Булардан қутылмасын билген Өмирбек еки жағындағы еки адамның маңлайына муштı менен сарт еткизип қалыпты.

– Бул не? – деп адамлар оннан сораса, Өмирбек оларға:

– Шертектиң бақаны тайып кетти, – деп жуўап берипти.

## МАҒАН БИРЕЎИН ДЕ БЕРМЕДИҢ
(Р-533, №176476)

Өмирбектиң аўылынан биреў атын сатыўға базарға апарыпты. Аты арық, қурғаңқы екен. Базар аралап жүрип Өмирбек жолдасының қасына келеди. Жолдасы Өмирбекке:

– Мына атты мақтап сатайық, – депти. Сонда Өмирбек:

– Сатылмаса турсын, мақтамайман, ана қар жаўған күни атыңа жети қоянды бастырып алғанда, маған биреўин де берген жоқсаң, – депти.

Сөйтип Өмирбектиң себебинен жолдасы атын пуллап сатқан екен.

## ТАП СОҒАН УСАЙСАҢ
(Р-533, №176476)

Бир кекнарпы кекнарға мас болып, Өмирбекке келип:

– Мен кимге усайман, айтшы жора? – депти.

– Сен арысланға усайсаң, – депти Өмирбек.

– Сен көрдиң бе?

– Жазда шеңгеллер арасында қур-қурлап жүргенин еситкеним бар.

– Ол шошқа ғой.

– Онда сен тап соған усайды екенсең, – депти Өмирбек.

## ШЫРПЫНЫ ЖАҚСАҢ ТАБЫЛАДЫ
(Р-533, №176476)

Тамақ жеп атырғанда Өмирбектиң шырасы өшип қалыпты. Сонда Өмирбек баласына:

– Балам, дәрриў шырпыны таўып, шыраны жағып жибер, – депти.

Баласы қараңғыда өйер-бүйерди сыйпалап шырпы табылмағаннан соң ағасына:

– Аға, аға, шырпы бер! – дейди.

– Балам, шырпыны жақсаң, табылады, – депти Өмирбек.

## САТСАҚ САТАРМЫЗ, САТПАСАҚ АЛЫП ҚАЙТАРМЫЗ
(Р-533, №176476)

Өмирбек қалаға сыйырын сатыўға алып барыпты. Апарған сыйыры өтпей, песинге шекем ирkилип қалыпты.

Сыйырдың ийеси песин намазын оқыўға отырған екен бир киси келип сыйырды жаманлай берипти.

Әбден шыдамы кеткен сыйырдың ийеси Өмирбек намазды буза алмай тыпыршып отырып, намаздың «Ассалаўма әлейкум рахматулла» деген жерине келгенде «Сатсақ сатармыз, сатпасақ алып қайтармыз» деп намазын даўам еттире берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТИРИ ЎАҚТЫМДА МЫНА ЖАҚТАН ӨТЕТУҒЫН ЕДИМ
(Р-533, №176476)

Бир күни Өмирбектиң теректиң басына минип, минип отырған шақасын шаўып атырғаның бир адам көрип:

– Ҳа Өмирбек, минип отырған шақаңды шаўып, жығылып өлерсең, – деп кетип қалыпты.

Өмирбек жаңағы адамның айтқанындай, гүрс етип жерге қулап түсип, өлдим,– деп жата берипти.

Буны көрген аўыл адамлары, Өмирбекти кересеге салып аўылына алып киятырса, жолды суў алып кеткенин көрип өте алмапты. Сонда Өмирбек:

– Мен тири ўақтымда мына жақтан өтетуғын едим, – деп өзин көтерип алып киятырған адамларға жол силтепти.

## ТОМАР-ТОМАР
(Р-533, №176476)

Журт балыққа барады дегенге, Өмирбек те балыққа барады. Адамлар ана жерден де, мына жерден де балық аўлап отырғанын көреди. Өмирбек балық аўлаўдың орнына көл жағасынан томар жыйнапты. Адамлар мардан-мардан балығын арқалап қайтыпты. Ал, Өмирбек болса шапанын томарға толтырып, томарды арқалап үйине келеди. Балықшылардың алдынан аўылдың адамлары шубырып шығады. Өмирбекке бир жорасы:

- Жора, балығыңнан бир асым бер, – депти.

– Ма, –деп Өмирбек шапанды сол турысы менен арқалатыпты.

Жорасы үйине барып ишин ашып қараса, толып турған томар екен. Ол Өмирбекке келип:

– Өмирбек, маған бергениң балық емес, томар, – депти. Сонда Өмирбек:

– Томар, жақсаң тула бойың қызар, – деп ғарқылдап күлипти.

## ТОҒЫЗ ТИЛЛАҢДЫ БЕРЕҒОЙ
(Р-533, №176476)

Бир күни Өмирбек қоразын сатыў ушын базарға алып барыпты. Бирақ, базарда кешке дейин отырса да, қоразын бир тилладан артыққа сорамай, ол үйине қайтып келипти.

Сол күни түнде Өмирбек түс көрипти. Бир киси оның қоразын бир тилладан тоғыз тиллаға сорапты, бирақ ол бермепти. Оянып көзин ашып жиберсе, қасында ҳешким жоқ екен. Сонда Өмирбек қайтадан көзин жумып: «тоғыз тиллаңды береғой, береғой» депти.

## ҲӘЎЕСЕК ПЕНЕН КӨРГЕН ТӨБЕЛЕС
(Р-533, №176476)

Ол аўылында төбелес пенен даңқы шыққан Өмирбек деген өмир сүрипти. Ол күнде бир рет төбелеспесе, уйқысы келмейди екен. Бир күнлери сәти түспей Өмирбек бир ҳаптеге шекем төбелесе алмапты.

Өмирбек бир күни үйинде отырса, даладан шаўқым еситилипти. Өмирбек үйден жуўырып шығып, жанжел шығарыўшыларға араласып, кетипти. Қоңсылары барып арашалай баслаған екен:

– Ҳәўесек пенен көрген бир төбелес, арашалай көрме, жоражан! – деп, Өмирбек төбелеске шаққанырақ араласыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨМИРБЕКТИҢ ӨЗ ЕШЕГИН ӨЗИ САТЫП АЛЫЎЫ
(Р-533, №176476)

Өмирбектиң бир жаман ешеги болыпты. Ол ойланып-ойланып қалай болмасын сол ешекти пуллап сатып, орнына бир жақсы ешек алыўды ойлапты. Күнлердиң күнинде Өмирбек ешегин минип базарға барыпты. Ол бир далдалшыны таўып, оған:

– Қалай болмасын, ешегимди сатып бер, мен саған ақша берейин, – деп жалынып жалбарыпты.

Ол да келисип ешекти алады да оны дарьяға апарып үстиндеги кирлерин кеткенинше тазалап жуўып, бир-еки күн жем менен жоңышқаға бағыпты. Ешек бурынғысынан азғантай болса да өзгерипти. Жаңағы адам базар күни азанда ешектиң жүнлерин тарап, үстине нағысланған жабыў ҳәм ер салып еки жеринен беккем етип айыл шалып, аўзына жүўен салып баплап базарға апарыпты.

Ешекти көрген базаршылар оған қызығып баҳасын сорастырыпты. Бирəге бул жағынан бирəсе о жағынан ешекти айландырыпты. Адамлар көплеп жыйналып ешекке қызыққанлар көп болыпты. Ешектиң баҳасын бири-биринен көп айта баслапты.

Базарға ешек алыўға келген Өмирбек бирталай пулға өз ешегин сатып алып, кеўли толып аўылына қайтыпты.

## ШАЙҒА ОЯТПАЙ-АҚ ҚОЙ
(Р-533, №176476)

Жумыстан шаршап келип Өмирбек баласына:

– Мени шайға оятпай-ақ қой уйықлап атырған соң ишермен дейди де уйықлап қалады. Баласы шайды қайнатып болып уйықлап жатқан Өмирбектиң қасына келип:

– Аға, сени шайға оятпай-ақ қоя ба? – депти.

Сөйтип, баласы уйықлап жатқан Өмирбекти оятып алыпты.

## СОНЫҢ МЕНЕН БЕСЕЎ...
(Р-533, №176476)

Өмирбек қасындағы жолдасы менен сөйлесип киятырса, алдынан жайылып жүрген қырғаўылдың шөжелерин көреди.

Олар ешеклеринен түседи де, еки жерге ешеклерин байлап қырғаўыл шөжелерин услаўға киреседи.

Өмирбек үш шөже услайды, жолдасы еки шөже услайды.

Жолдасы Өмирбектен:

– Нешеўин усладың? – деп сорапти.

Өмирбек:

– Үшеўин усладым, еки шөжени қуўып жүрмен, соның менен бесеў болады, – деп жуўап берипти.

## МАҒАН ҚАЛҒАНЫ СОЛ ҒОЙ
(Р-533, №176476)

Өмирбектиң қулағы аўырып иейип кетипти. Буны көрип қалған бир киси:

– Ҳаў, Өмирбек, ешектиң қулағын алғансаң ба, қалай-қалай? – депти.

Сонда Өмирбек:

– Сен ешектиң мийин алғансоң, маған қалғаны сол ғой, – деп жуўап қайтарыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАЗ, ЖАЛАҚ ҲӘМ СУЎКӘЗ
[Р-533, №176476]

Таздың басы қышып, қасығысы келип, жалақтың ерни тырысып, жалағысы келип, суўкәздиң көзинен суў жубырып ағып, сыпырғысы келип, жанын шығарыпты.

Ең ақырында шыдамы таўсылған таз сөз баслапты:

– Мениң әкем жасымда маған бир малақай алып берип еди. Мен сол малақайды шекемниң мына шетине бир, мына шетине бир шығарып кийип жүрдим, – деп аналарға билдирмегенсиған басын қасып алыпты.

Сол ўақытта суўкәз:

– Маған да ағам балалығымда бир мылтық сатып алып берди. Мен сол мылтықты былай да аттым, олай да аттым, – деп еки жағына еки қолын силтеп көзин жени менен сыпырып алыпты.

Сонда жалақ:

– Екеўиңиздиң де айтқаныңыз бийкар, бәри өтирик, бәри өтирик, – деп ернин жалап-жалап алыпты да: – Мен де кишкене ўақтымда әкемниң әкелген қантларын жегенмен. Қантты жеп болып еринлеримди жалап отыратуғын едим, – деп ернин екинши мәртебе жалап алыпты.

Солай етип үшеўи де өзлериниң әдетлерин бир-бирине билдирмей ислеген екен.

## ӨМИРБЕКТИҢ НАМАЗ САТЫЎЫ
[Р-533, №176476]

Бурынғы ўақытта бир адам намаз сатып алмақшы болып Өмирбектиң үйиниң үстинен шығыпты. Ол Өмирбекке бир дорба намаз алатуғынын айтыпты. Өмирбек буған пәнт берейин деп қолынан дорбасын алып:

– Сен бир айланып кел, соған дейин дорбаны намазыңды толтырып қояман, – дейди.

Ол дорбаға ешек ҳәррелерди толтырып, жаңағы адам қайтып келгеннен кейин, бир дорба намазын берип оған намазды дорбадан қалай алыўдың жолын түсиндиреди:

– Сен үйиңе барғаннан кейин бир қазан тамақ асып, астына от жақ, үйди де қыздыр, соннан кейин дорбаның аўзын ашып намазыңды аласаң, ал соған шекем дорбаның аўзын ашпа, – деп үйретип жибереди.

Ол қуўанышы қойнына сыймай үйине келип айтқанларының бәрин ислей баслайды. Дорбасын ашып «Сатып алған намазын» алайын деп атырғанда, отқа қызып турған ешек ҳәррелер үйдиң ишине толып кетеди ҳәм жабылып шаға баслайды. Сол ўақытта «намаздың» шаққан атыўына шыдай алмай үйдиң есигин бузып алды-артына қарамай қашады.

## БАС БЕТИ ГӨНЕРМЕСИН ДЕП
[Р-533, №176476]

Өмирбектиң гөне шерим етигин қыйсайтып қонышынан басып баратырғанын көрген бай оны еликлеп:

– Ҳәй, қудай урған Өмирбек, неге етигиңди қонышынан басасаң, – деп күлипти.

Сонда Өмирбек:

– Етигимниң бас бети гөнерип қалар деп қонышынан басып жүрмен, – деп жөнине кетипти. Буны еситкен бай не дерин билмей қалыпты.

## САРАҢНЫҢ ӨМИРБЕКТИ КҮТИЎИ
[Р-533, №176476]

Бир күни Өмирбек көптен бери бармай жүрген бир достының үйине қонақ болыпты. Досты Өмирбектен:

– Қандай тамақты қәлейсең, – деп сорапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмирбек:

– Палаў писире ғой, – депти.

Сонда досты әжеп болады деп үйден шығып кетип, әллен ўақыттан кейин қайтып келип:

– Мен сораўға умытқан екенмен, палаўды қандай майға писирейин, зығыр майына ма, қуйрық майына ма, гүнжи майына ма, кендир майына ма?– депти.

– Қандай май болса да, әйтеўир, палаў ассаң болар, – депти.

Сонда үй ийеси шығып кетип және көп ўақыттан кейин қайтып келип:

– Палаўға қандай гөш түсейик, мал гөши ме, қой гөши ме, таўық гөши ме, қырғаўыл гөши ме? – дейди.

– Әйтеўир гөш болса болар, тек көсе палаў болмасын, – депти.

Сонда үй ийеси шығып кетип тағы көп ўақыттан кейин келип:

– Палаўды қандай гүриштен писирейик? Қызылша салы ма, ақ салы ма? – дегенде Өмирбек:

– Қандай салы болса да, әйтеўир, гүриш болса болар, тезирек бол аш болып, ишимде ийт үрип тур, – депти.

Үй ийеси:

– Палаўдың гешири көп болсын ба, аз болсын ба? Палаўға кишмиш салайық па, ерик салайық па? –деп және есикке жақынлай берип: – Достым палаў қатты болсын ба, жумсақ болсын ба, палаўдың дузы басым болсын ба, я душшы болсын ба, яки түршик болсын ба? – деп қайта-қайта сорай береди.

Сонда Өмирбек:

– Палаўды басыңа жақ, писирмесең терис писир, усы тойғаным болар, – деп кетип қалыпты.

## АЛМАСТЫРАМАН

(Р-533, №176476)

Өмирбектиң аўылы өз қонысын таслап, басқа бир аўылға көшипти. Көшиў ушын Өмирбектиң көлиги болмай, бир байдың зорға дегенде арба сорап алыпты.

Сол байдың еки баласы бар екен. Байдың жүгин де өзиниң жүгин де жүклеў тек ғана Өмирбектиң мойнына қалыпты. Байдың еки баласы ислемепти, олар молла екен.

Сонда Өмирбек:

– Еки молланы бир дийханға алмастыраман, – деп жар салыпты.

## БАТЫР ЖАРА ТҮСИРЕ МЕ?

(Р-533, №176476)

Өмирбек бир күни иси ерикип отырып, жолдасларына:

– Мен батырман, талай урыс-қағысларды басымнан кеширдим, – деп мақтаныпты.

Сонда тыңлап отырған адамлар:

– Батыр болсаң, хеш жериңе жара түспеген ғой, ол қалай? – деп сорапты.

– Ҳай, сада азаматлар-ай, жара түсиргенде батыр бола ма? – деп жуўап берипти Өмирбек.

## АЛЛАНЫҢ СЕННЕН БАСҚА ИСИ ЖОҚ ПА?

(Р-1299, №183812)

Кишкене Өмирбектиң анасының аўзынан күни бойы «я алла» деген сөз түспейди екен. Бир күни ол анасын бир баплайын деп:

– Апа, – деп шақырыпты сыртқа шығып кеткен анасын.

– Не дейсең? – депти анасы.

– Ҳеш нәрсе, – депти Өмирбек.

– Ҳеш нәрсе болса, неге мени шақырасаң? – депти анасы.

Сонда Өмирбек анасына:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Кердиң бе апа, сен Алланы болар-болмас нәрсеге күнине жүз мәртебе шақырасаң. Өзиң болсаң, мениң бир бир себепсиз шақырғаныма ашыўланып атырсаң. Алланың сенен басқа қылатуғын иси жоқ па? – депти.

## ӘРКЕШТИҢ ҮСТИ МЕНЕН ТУЎРЫ ШЫҒАСАҢ
(Р-533, №176476)

Өмирбек бир аўылдан қыдырып киятырса, алдынан бир жолаўшы шығып:
– Иниң Түйемойынға қалай шығаман? – деп сорапты.
Сонда Өмирбек:
– Артқы жағынан минип, әркештиң үсти менен туўры шығасаң, аға, – депти.

## ЕГЕР ЫЛАЙЫМ ЖЕТСЕ
(Р-1299, №183812)

Бир күни бала Өмирбек ылайдан ықлас пенен бир нәрселерди соғып отырған қусайды. Сонда оның қасынан өтип баратырған бир адам:
– Ҳәй бала, не қылып атырсаң? – деп сорапты.
– Мешит соғып атырман, – депти Өмирбек оған қырсығып.
– Мешитиңниң молласы бар ма? – депти жолаўшы оның қырсық сөйлегенин билип.
– Ылайым жетсе, молласын да соғаман, – депти бала Өмирбек.

## УСЫ ЖЕРДЕН ТУРЫП ЕСИТЕ БЕРЕМЕН
(Р-1299, №183812)

Бир күни кишкене Өмирбек аўылының балалары менен ойнап жүрип, биреўдиң жүўерисине түсипти. Үйдиң ийеси басқыланып қалған жүўерини көрип, ишиндеги естиярлылаў Өмирбекке бир шапалақ урмақшы болып, оны алдастырып:
– Берман кел, балам, мен саған қызық зат айтып беремен, – депти.
– Яқшы, аға, сиз қызықты сол жерде турып айтабериң. Мен усы жерде турып ақ есите беремен, – депти.

## ҚАРЫН ӨЗИҢДИКИ ҒОЙ!
(Р-1299, №183812)

Бир күни Өмирбек бир аўыллас жорасы менен тойдан қайтыпты. Ярым жолда жорасының иши аўырып, жаны еки көзине көринип атырған қусайды.
– Ҳә, саған не болды, – деп сорапты Өмирбек оннан.
– Тойда алдыма қойылған аўқат басқаники болған соң, өлгенимди билмей жей берриппен, – депти жорасы ыңқылдап.
– Ўай, найсап, аўқат басқаники болғаны менен, қарын өзиңдики ғой, – депти Өмирбек пыжа-пыжа болып.

## ЕШЕК ЖОЙТПАҒАННЫҢ БӘРИ АҚЫЛЛЫ
(Р-1299, №183812)

Бир күни биреў Өмирбектиң ешегин урлап кетипти. Буны еситкен оның аўылласлары Өмирбектиң үйине келипти.
– Ешекти жақсылап байлаўың керек еди, – депти жан қоңсысы.
– Адам уйықлағанда сал сергеклеў уйықлаў керек-та! Бизиң Өмирбек әлидей уйқылайды, – депти екинши аўылласы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Eшекти үйге жақынырақ жерге байлаў керек еди, – депти және биреў.
Сонда оларға ашыўы келген Өмирбек:
– Аўа, ешек жойтпағанның бари ақыллы, – деген екен.

## ЕСИ КЕТКЕН ӨМИРБЕК
(Р-1299, №183812)

Бир күни Өмирбек Шымбайдың жолында кетип баратырса, алдынан бир топар атлы шығып, олардың биреўи Өмирбектен жол сорап болып:
– Хийўаның қазысы қандай адам? – деп сорапты.
– Еситиўимше дүньяда оннан өтетуғын парахор жоқ қусайды, – депти Өмирбек.
– Сен мениң ким екенимди билесең бе? – депти атлы.
– Яқ, билмеймен, – депти Өмирбек.
– Онда, билмесең енди билип қой мен сол сен айтқан Хийўаның қазысыман, – депти.
Сонда Өмирбек:
– Ондай болса, тақсыр сиз мениң ким екенимди билесиз бе? – депти.
– Мен қайдан билейин сениң ким екенимди, – депти қазы.
– Ара тура ақыл есин жойтып туратуғын Өмирбек деген мен боламан. Бүгин де тап сондай болып турыппан, тақсыр, – депти.

## БАЛАЛАРДЫҢ ТИЛЕГИ
(Р-1299, №183812)

Бир күни Өмирбектиң иси бир моллаға түсип, ол молланы мешитке излеп келипти. Келсе, мешиттеги бир топар бала аспанға қолларын созып, сыйынып атырған қусайды.
Буған ҳайран қалған Өмирбек моллаға:
– Ҳаў, тақсыр, мыналар не қылып атыр? – депти.
Сонда молла:
– Быйыл мәўсим қурғақ келди. Балалардың кеўли таза болғанлығы ушын олардың тилеги тез қабыл болады. Соның ушын оларға Алладан суў соратып атырман, – депти.
– Ўай, тақсыр-ей. Булардың тилеги анық қабыл болғанда бул дүньяда бир де молла қалмас еди, – депти сонда Өмирбек.

## ТАП УСЫ ЖЕРДЕ ЖЫЛАЙ ҒОЙ
(Р-1299, №183812)

Бир күни Өмирбектиң ҳаялы узақ ағайинлериниң биреўи қайтыс болып, қоңсы аўылға атланайын деп атырып Өмирбекке:
– Сен үйде отыра бер, мен бир майдан ағайинлеримниң қатарында отырып жыласып қайтайын, – депти.
– Балаларға жейтуғын бир нәрсе бар ма? – депти Өмирбек.
– Үйде жейтуғын хеш нәрсе болмаса, не қалдырайын? – депти ҳаялы.
– Ондай болса, сен үйде-ақ жылай ғой. Өзи жылайтуғындай-ақ болып турған екенбиз, – депти Өмирбек.

## БЕС ҚОЙДАН КЕМИНЕ КӨНБЕЙДИ
(Р-1299, №183812)

Бир күни Өмирбек үйиниң саясында отырса, қоңсысы қолына бир таўығын алып кетип баратырған қусайды.
– Ҳаў жора, жол болсын? Қайда атландың? – депти оған Өмирбек

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Торама жора, мына таўықты моллаға берип, Алланың жолына садақа қылсам, бир нәрсе берер ме деп баратырғаным, – депти.

– Ўай достым-аў, садасаң да. Бул қудай деген сениң бир таўығыңа қане ме. Оннан бир нәрсе алыў ушын кеминде бес қой апарасаң, – депти.

## ҚАЙСЫ ҚУДАЙ?
(Р-1299, №183812)

Бир күни Әмирбектиң күнине жарап жүрген жалғыз ешеги өлип қалыпты. Оның өлген ешегине қыйналып сүмирейип жүргенин көрген аўыл молласы оған:

– Хаў, өйтпе Әмеке, ешегиң өлсе, қуда қәлесе, оның орнына басқасын берер, – депти оны жубатып.

– Қайсы қудай? – депти Әмирбек.

– Хаў, астаўпыралла, қудай биреў емес пе? Бүйтип ҳаси болма, – депти молла.

– Хай, тақсыр, сол сиз айтқан қудай болса, ол маған дымын да бермейди. Мен басқа бир қудайды айтып атыр ма деппен, – депти.

## ҚУДАЙ ҒАРҒАҒАН ЕШЕК
(Р-1299, №183812)

Әмирбектиң ешеги өзине усап жүдә қайсар екен. Бир күни Әмирбек усы жаман ешегин сатып орнына жуўасырақ ешек алмақшы болып, оны базарға апарыпты. Ол ешекти сатыў ушын оны дәлдалшыға берип, өзи қуўырдақханаға кетипти.

Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин, Әмирбектиң ешегин сүйреп баяғы дәлдалшы Әмирбекке келип:

– Мына ешегиңди сата алмадым. Бул қудайдың ғарғысы тийген, алдынан келгенди тислеп, артынан келгенди тепти. Буны өзиң сатағой, – депти ашыўланып.

Сонда Әмирбек те қалыспай:

– Сен бир күнге ашыўланып атырсаң. Мен ғой бул найсапты он жылдан бери шыдап минип жүрипмен, – деп ешегин минип аўылына қарай тартыпты.

## ГӨШЛИ ПАЛАЎ ЖЕЙТУҒЫН ҚОШҚАР
(Р-1299, №183812)

Бир күни Әмирбек маңлайына питкен жалғыз қошқарын сатайын деп базарға апарыпты. Базарда иши пискен қарыйдарлар Әмирбектиң қошқарының дөгерегине жыйналысып, қошқардың анаиер, мынаиерин түртип көреберипти. Ақыры бир қарыйдар:

–Қошқарың неше жаста?–депти.

- Сениң менен жаслы болса керек. Әйтеўир әлимсақтан берли бар,–депти Әмирбек.

– Қошқарыңның иштейи қалай? Не жейди? – депти екинши қарыйдар.

Сонда ашыўы келген Әмирбек:

– Қошқарым тек гөшли палаў жейди, – депти.

## ОЛ ДҮНЬЯДА СЫЙЫНАСЫЗ
(Р-1299, №183812)

Әмирбектиң аўылының молласы адамлар бас қосқан жерде «О дүньяда бейишке түсиўди қәлесеңиз, бул дүньяда күни-түни қудайға сыйыныңыз» дейди де жүреди екен. Бир күни ол бир жыйында және сол гәпин айтыпты.

Сонда Досназар солақай жаңағы моллаға:

– Егер бул дүньяда бейиштегидей жасаў ушын не қылыўымыз керек? – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда оларды тыңлап турған Өмирбек:

– Онда о дүньяда турып күни түни құдайға сыйыныў керек, – депти.

## ТӨРТ ТИСИН ҚОПАРДЫМ

(Р-1299, №183812)

Бир күни Өмирбектиң бир аўылласының тиси аўырыпты. Ол тисин алдырыўға таўип таппай Өмирбекти шақыртып, тисин алса, оған таўық беретуғынын айтыпты.

Арадан бираз өткеннен кейин, Өмирбек үйине бир емес төрт таўықты көтерип келип турған қусайды.

Буған ҳайран қалған ҳаялы:

– Ҳаў, бир таўықтың орнына төрт таўық берди ме? – депти.

– Аўа, бир емес тап төрт тисин қопардым, – депти.

Сонда ҳаялы Өмирбекке:

– Пай шабазым, биротала бес тисин қопармапсаң да, – депти.

– Өзи бары жоғы төрт тиси бар екен да, – депти Өмирбек.

## ТЕК СИЗ КЕМИССИЗ

(Р-1299, №183812)

Бир паңқылдақ адам өзи өлмесинен алдын мазар салдырыпты. Мазар тайын болғанда ол аўылының адамларын апарып, мазарды көрсетип мақтанғысы келипти.

– Мазар қалай болыпты? Буның енди қандай кемиси бар екен? – деп сорапты ол аўылласларынан.

Сонда Өмирбек оған:

– Буның кемиси тек өзиңиз ғана екен. Келсеңиз, бари жүзикке қас қондырғандай болады екен, – депти.

## АДАМ ЖЕЙТУҒЫН ҚОЙ

(Р-1299, №183812)

Өмирбек бала ўақтында бир байдың қойын бағады екен. Бир күни бай падасынан хабар алыўға келгенде, бир қой келип Өмирбектиң шапанының шетин жалмай баслапты.

Сонда бай Өмирбектиң үстинен бир күлмекши болып:

- Ҳаў, Өмирбек мына қой сени жеймен дейди ғой, – депти.

Сонда ашыўы келген Өмирбек:

– Жасуллы, бизиң аўылда адамлар қойды жейтуғын еди, сизлерде қой адам жейтуғын қусайды-аў, – депти.

## КИМ ГӨРҚАЎ?

(Р-1299, №183812)

Бир күни Өмирбек пенен Досназар солақай қаратaлдың астында отырып, қақ ерик гүйсеп отырған қусайды. Досназар Өмирбекти бир баплайын деп өзиниң жеген ериклериниң шаңғалақларын Өмирбектиң алдындағы шаңғалақларға қосып қоя берипти.

Соның арасында булар екеўиниң қасына бир-еки аўыллысы келип қалыпты. Сонда Досназар солақай оларға:

– Сизлер мени мешкей десиз-аў. Мына Өмирбек мешкейликти меннен де өткереди екен, – деп Өмирбектиң алдындағы шаңғалақларды көрсетипти.

Сонда Өмирбек те қарап турмай:

– Яқ, мен бары жоғы ериктиң етин жедим. Досназар ериктиң шаңғалағын да қалдырмай жутып отыр, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

### ПАЛАЎ ЖЕМЕЎ УШЫН ЕШЕК БОЛЫЎ КЕРЕК
(Р-1299, №183812)

Бир күни Өмирбектиң бир сыңмар аўылласы қараталдың астында отырып, алдына бир табақ палаўды ала бергенде, оның қасына Өмирбек бир жумыслары менен келе кетипти. Ол илажсыз Өмирбекти дастурханға мират етипти.

Өмирбек те дым индемей дастурханға отыра кетип палаўдан жей баслапты. Буған ишинен ашыўы келген сыңмар бир қысым палаўды алып оны сол жерде байлаўлы турған ешектиң алдына салыпты. Ешек палаўды жемепти. Сонда жаңағы сыңмар Өмирбекке қарап:

– Ҳатте мына ешек те палаўды жегиси келмейди, – депти.

– Дурыс айтасыз, жасуллы, палаўдан бас тартыў ушын ешек болыў керек та, – депти сонда Өмирбек.

### ҚАЗАННЫҢ ТЫҚЫЛДЫСЫ
(Р-1299, №183812)

Бир жылы Өмирбектиң Хийўаға жолы түсип ол бир хийўалы сазенде достының үйине мийманға барыпты. Сазенде досты Өмирбекти төрге отырғызып, оған бар өнерин көрсетип мақтанғысы келипти. Ол Өмирбекке бир майдан дуўтар шалып бергеннен кейин, қолына танбурын алып оны да бираз шалыпты. Ендиги гезек дапке келипти.

Аш болған Өмирбек ари-бери шыдып отырыпты. Мийман енди қолына және бир сазын алып оны да шалып болып Өмирбекке:

– Достым, саған қайсысының даўысы көбирек унады, – деп сорапты.

Сонда қарны сырнай шертип отырған Өмирбек:

– Достым, маған көбирек ошаққа асылайын деп атырған қазанның даўысы унайды, – депти.

### ИЙТЛЕР УШЫН ДУЎА
(Р-1299, №183812)

Бир күнлери Өмирбектиң жоралары ҳазиллесип адамлардың арасында «Өмирбектиң дуўаханлық қасийети бар» деген гәп тарқатып жиберипти. Буны бир көп ел аралайтуғын дийўана еситип, Өмирбектиң үйине келип:

– Сизди адамлар күшли дуўахан деседи. Маған ийттен сақлайтуғын бир дуўа жазып бер, – деп өтиниш етипти.

Сонда Өмирбек жаңағы дийўанаға:

– Сени қоймайтуғын ийтлер ушын ең жақсы дуўа бул – беккем жыңғыл таяқ, – депти.

### ӨЛИП ҚАЛҒАН ЖОҚПАН БА?
(Р-1299, №183812)

Бир күни Өмирбек қатты аўырып төсек тартып жатып қалыпты. Оның аўырып қалғанын еситкенниң бәри аўҳал сорап келип, оның еситиин тындырмапты. Сонда Өмирбек ҳаялына:

– Усы мен өлип қалған жоқпан ба? Жақсылап қарайгөрш, – депти.

– Ҳаў! Бул не дегениң ғарры, – депти ҳаялы.

– Қайдан билейин. Айдың аманлығында бир хабар алмайтуғын адамлардың бул келисин көрип, өлип қалған шығарман деп едим, – депти.

### ХОЖА НАСРАТДИННИҢ БАЛАСЫ
(Р-1296, №183776)

Күнлердиң биринде бир патша қырық жигити менен аң аўлаўдан қайтып киятыр екен. Қалаға келген жерде, олар жети-сегиз жаслар шамасындағы бир топ баланың үстинен шығыпты. Балалардың ишинде Хожа Насратдинниң баласы да бар екен. Патшаның ўәзириниң биреўи оны танып, патшаға айтыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Патшаға: «Баланы сынап көрейик, гәпке шеберме екен?» деген ой келип, ол баланы қасына шақыртыпты.

Хожа Насратдинниң баласы патшаның жанына келипти. Патша оған:

– Үйиңе апар балам, – деп еки тилла берипти. Бала оны алмапты.

– Неге алмайсаң? Мен саған әке-шешеңе апарсын деп берип атырман, – депти патша.

– Биреў пул берсе, ала бересең бе? деп маған үйимниң иши бақырып таслайды, – депти бала патшаға.

– Ҳәў, балам, мен әйтеўир биреў емеспен ғой. Мен патшаман ғой, – депти патша өзин балаға таныстырып.

– Мениң «патша берди» дегениме инанбайды, – депти бала.

– Неге инанбайды? – деп сорапты патша баладан.

– Себеби, олар патша болғанда кеминде жүз тилла берер еди деп ойлайды, – депти.

Патша балаға буннан артық айтыўға сөз таба алмай қалыпты ҳәм баланың қолына жүз тилла берипти.

## ҚЫРЫҚТАН КЕЙИН КӨНЛИГИП КЕТЕДИ

(Р-1299, №183812)

Өмирбек баласын алым қылмақшы болып, жақсы устаз таўып оған:

– Баламды адам қылып бер, алымлар қатарына қос. Не тилесеңде тайынман, – депти.

Сонда устазы:

– Алымлардың наны жуқа болады, қырық жасқа шекем қатты қыйналады, – депти.

Сонда Өмирбек:

– Қырықтан кейин не болады? – деп қызығып сорапты.

Устаз:

– Қырықтан кейин көнлигип кетеди, – деп жуўап берген екен.

## МӘЖИЛИСПАЗ

(Р-534, № 176477)

Өмирбек бир күни үлкен мәкемеге баслық болып тайынланған екен, болар-болмас нәрсеге ақ мәжилис шақыра берипти. Соннан кейин бир күни оннан хызметкери:

– Бүгин қандай «әҳмийетли» мәселе қаралады? – деп сорапты.

– Еки өндирислик жыйналыс, төрт салтанатлы жыйналыс, бир митинг өткиземен. Бунның арасында активлер менен үш төрт саат өз алдына гүрриңлесип алмақшыман, – депти Өмирбек оған.

– Күнде күнде мәжилис, жыйналыс, сөйлесип алыў, бәри де жанға тийип болды. Усы мәжилиспазлық дегенди қашан қоясыз? – деп қыйналыпты хызметкер.

– Бул ҳаққындағы мәселени шешиў ушын өз алдына бир мәжилис шақыраман, – деп Өмирбек сол заматта мәжилис шақырыпты.

## СӘЛЛЕ ОРАҒАН САҒАЛ

(Р-534, № 176477)

Өмирбектиң ҳәўли-ҳареми бар екен. Ол таўықларын сағал жеп қоймағаннан кейин, кетек қазып, оларды хареминде сақлапты. Бир күни сағалдың таўық кетекке кирип баратырғанын көрген Өмирбек басындағы сәллесин таўық кетектиң аўзына тығып қойыпты да, өзи қолға түскен сағалды урып өлтирейин деп, таяқ әкелиўге кеткен екен, сағал сәлени басына кийе сала кетектен шыға жөнелипти. Өмирбек сасқанынан жалаңаш турған атын жайдақ минип, сәлле ораған сағал көрдиңиз бе? деп, қуўып кете берипти. Өмирбек еле сәллесин таба алмай жүр дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨЛИП АЛДЫМ ҒОЙ
(Р-534, № 176477)

Бир күнлери Өмирбек ғәрежеттен жүдә тарығып, бала-шағасының алдында қысынысқа түсип қалыпты. Не қыларын билмей қала болған Өмирбек бир сумлық ойлайды. Ол азанда сес семирсиз шапанын жамылып, бүккесине түсип жата береди.

Күнде азаннан турып шайға отыратуғын Өмирбек бүгин қозғалмай жатаберген соң хаялы:

– Ағасы, ағасы, шайың сууып қалды, – деп дауыслайды.

Қараса, сес жоқ. Ийнинен услап әсте силкип көреди. Және тым тырыс. Шапанын ашып қараса, көзи тастай жумыўлы, сира тириликтен дерек жоқ. Хаўлығып кеткен ҳаялдың бай-байы жер жарып, жаиды басына көтереди. Шаўқымға жыйналған қоңсы-қобалары Өмирбекти оң жаққа қойып, келистирип даўыс шығарады да, өлини жайғастырыўдың әнжамына киреседи.

Ҳәрким бар тапқанын жәрдемге әкелип, ортаға таслайды. Жыйналған ғәрежеттиң барин Өмирбек ишинен билип жата береди. Қатқудалар әкелинген ғәрежетти өлиге сарп етиў ушын тақсымлай баслағанда, шыдамай кеткен Өмирбек жатқан орнынан әрре турып:

– Мен ғой, бул затларды сизлерден өлип алдым. Өлмегенде, маған нәрсе де жоқ еди, – деп жыйналған затларды тарпа басады.

## ҒАРРЫЛЫҚ-АЙ, ҒАРРЫЛЫҚ!
(Р-534, № 176477)

«Қартайған шағымда атқа минип, бир көўлимди көтерейин», -деп ойлаған Өмирбек, аяғын ердиң зәңгисине апарарын апарса да, қайта-қайта еңмеңлеп мине алмай атырған қусайды. Өзиниң бул аўҳалына налынған ол: «Ғаррылық-ай, ғаррылық» дей берипти.

Журтқа еситтирип налынып көрмеген Өмирбек дөгерегине қараса, өзинен басқа жан жоқ екен. Усыннан пайдаланып:

– Әй, жасыңда да қарқ емес един-аў, – депти өзине өзи.

## ҚОРҚАҚ
(Р-534, № 176477)

Тис докторы Өмирбектиң тисин емлеп, атырып:

- Енди «ам» де, – депти.

– Баслығым руқсат етпей, мен аўзымды ашпайман, – депти Өмирбек.

## ЕРТЕҢ КЕЛИҢ
(Р-534, № 176477)

Өмирбек бир мекемеге жумысқа өтпекши болып барғанда, оның баслығы «ертең келиң, арғы күни келиң, және бир күни келиң» деп Өмирбекти көп ҳәлек етипти. Буннан кейин, ол бул мекемеден үмитин үзип, соған жақын жердеги шаштаразханада ислей баслапты.

Бир күни сол мекемениң баслығы шаш алдырыўға келип, Өмирбектиң алдында отырыпты. Өмирбек оның шашының жартысын алыпты да:

– Турың, қалған жағын алдырыўға ертең келиң, – деп турғызып жиберипти.

## ӨМИРБЕК ҲӘМ ТӘЎИП
(Р-534, № 176477)

Өмирбек заманында бир тәўип болыпты. Ол адамлардың балаларын, өзлерин емлеймен деп алдап ақшаларын алады екен.

Бир күни усы тәўиптиң өзи қатты аўырып қалыпты. Ол өзин өзи емлей алмай, Өмирбектен жәрдем сорапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Мен өзим сени жақсылап емлеймен, – депти Өмирбек.

Таўип иляжсыздан келисим берипти.

Өмирбек үйине барып, сол таўип берген бир дарини әкелип оған ишкизипти. Таўип дарини ишкеннен кейин көп ўақыт өтпей, таўиптиң иши аўырып, далаға жуўырыўменен болыпты. Орнына келип жатса, бир майданнан кейин, иши және аўырып далаға жуўырыпты. Сонда ол Өмирбекке:

– Хаў, бул не қылғаның? – депти.

Сонда Өмирбек оған:

– Енди де аўырғаныңды айт, болмаса дәри ишип иш аўрыў болыў не екенин билмей кетер едиң, – депти.

## КИМ КҮШЛИ
(Р-534, № 176477)

Өмирбектиң бир бай қоңсысы иси еригип отырып бир күни Өмирбектен:

– Дүньяда ким күшли, мен бе ямаса Хийўаның ханы ма?– депти.

Сонда Өмирбек:

– Күшлилик жағынан қарап айтсаң, екеўиңизден де мениң ешегим күшли. Себеби, ол үстиндеги бес батпан жүктиң үстине мен минсем де биймәлел көтерип кете береди, – депти.

## ШАЙХАНАШЫ МЕНИҢ БАЛАМ БОЛАДЫ
(Р-534, № 176477)

Өмирбекке бир досты келип:

– Өмирбек жора, сен кешеги мәжлисте мен қартайған шағымда қалада чайханада ислеймен деп айтып едиң ғой. Соннан бери көп ўақыт өтти, сени мен хеш жерде көре алмадым ғой, – деп сорапты.

Сонда Өмирбек:

– Мен ол пикиримнен қайттым. Шайханада мениң еки жасар балам ислейтуғын болды, – депти.

## ЕНДИ БУНЫ ДА КӨРДИМ
(Р-534, № 176477)

Өмирбек дарья бойына шомылыўға барып, хаз етип шомылып атырса, еки балықшы келип дарьяға ау таслапты. Бир ўақытта суўға сүңгиген Өмирбек олардың аўына илинипти. Аўдың тартылып турғанын көрген балықшылар, үлкен балық түскен екен деп ойлап, аўды дәрриў тартса, ишинде Өмирбек жүрипти. Балықшылар хайран қалып атырса, Өмирбек:

– Балық болып аўға түсиўден басқасының бәри басымнан өтти деп жүретуғын едим, енди буны да көрдим, – деп аўдан жаздырылып шығып өз жайына кетеберипти.

## СИЗИҢ ОРНЫҢЫЗ ДОЗАҚТА
(Р-534, № 176477)

Бир күни Хийўа ханы қыдырып барған Өмирбектен:

– Әжелим жетип, бул дүньядан өткен соң, мен қайда бараман, дозаққа ма, бейишке ме? – деп сорапты.

Сонда Өмирбек:

– Тақсыр, бейиш сиз өлтирткен гүнасызлар менен-ақ толған шығар. Енди сизге дозақтан басқа жерде орын қалмаған да шығар, – депти.

## ИЙШАНҒА УСАҒАН ЕКЕН
(Р-534, № 176477)

Бир ийшан басқа бир аўылға намазға баратуғын болыпты. Ол Өмирбектен гүррин тыңлап, хызметин еттириў ушын оны да өзи менен бирге ала кетипти. Өмирбекке жүни өскен жабағы бир ябыны мингизипти.

Жолда киятырса, бир қоңыз өзиниң тапқан напақасын домалатып кетип баратырған қусайды. Буған көзи түскен ийшан Өмирбекке:

– Мына қоңыз тапқан дүньясын тезирек үйине жеткериў ушын асығып баратыр. Усы қылўасы кимге усайды екен? – депти.

Сонда Өмирбек ябыдан түсип қоңыздың жанына барып, аяғы менен менен түртип қоңызды олжасынан айырған екен. Қоңыз еки аяғын көтерип турып қалыпты. Буны көрген Өмирбек изине қайтып ябыға минипти де ийшанға қарап:

– Тақсыр, бул қоңыз ийшанға усайды екен. Мен оның олжасын тартып алып едим, еки қолын көтерип пātия қыла баслады, – депти.

## ЕНДИ СИЗ ТЕК АРТЫМДЫ КӨРЕСИЗ
(Р-534, № 176477)

Бир күнлери Хийўа ханы Өмирбектиң ушырма сөзинен жаны қалмай:

– Ендигиден былай Хийўаға атлап басыўшы болма, мен сениң жүзиңди көрмейтуғын болайын, – деп Өмирбекти Хийўадан шығарып жиберипти.

Бир күнлери Хийўа ханы зеригип Өмирбекти хан сарайына шақыртып алдырыпты. Бул сапарында Өмирбек хан алдына арты менен басип келе берипти. Хийўа ханы Өмирбектиң арты менен шегинип киятырғанын көрип, қатты қаҳари келип:

– Өмирбек, сен неге мениң алдыма артың менен келесең? – депти. Сонда Өмирбек:

– Тақсыр, сиз баяғыда «Сениң жүзиңди көрмеймен» деп едиңиз. Енди соған бола тек артымды көресиз, – деп жуўап берипти.

## МЕН ДЕ АМАН ҚАЛМАС ЕДИМ
(Р-534, № 176477)

Өмирбек бир күни узақ жақтан киятырып, қалтасындағы пулы таўсылып, күта аш болыпты. Сол ўақытта алдынан бир адам шығып:

– Усы жерде таўиптиң үйи бар деп еди, сиз билесиз бе? – деп сорапты.

– Сол излеп киятырған таўибиң мен боламан, – депти Өмирбек, – мени сол кеселиңе апарағой.

Бул кесел бир байдың қаялы екен. Өмирбек бийтаптың үйине барыўдан:

– Маған бир кесе сары май менен ыссы шөрек әкелип бер, – дейди.

Жаны көзине көринип атырған бийтаптың жақынлары оның айтқанын тайын қылыпты. Өмирбек сары май, ыссы шөрекке тойып алып, бийтаптың қулағына бир нәрселер айтып, дем салып кетип қалыпты.

Өмирбек кетиўден бийтап көз жумыпты. Бай Өмирбектиң изинен жетип:

– Ҳәй таўип, сениң емиңниң пайдасы болмады, қаялым өлип қалды, – депти.

Сонда Өмирбек:

– Оның өмири келте болған шығар, ал, мен бағанағы сары май менен ыссы шөректи жемегенде, оның изинен кетер едим, – деп жөнине кете берипти.

## БУЗАЎДЫҢ ЖАБЫЎЫН АЛЫП КЕЛ
(Р-1299, №183812)

Баяғыда бир адамның бир арық бузаўы бар екен, қыс суўық, бузаўы арық, бузаўға кийизден жабыў ислеп жаўып бағады екен.

Бир күни бузаўдың ийеси азанда машаба писирип, ишине тоғыз ашшы қызыл бурыш салып, терлеп ишип отырып баласына:

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Күн ысып кетти, бузаўдың жабыўын алып кел, – дейди.

Баласы жуўырып барып арық бузаўдың үстиндеги кийиз жабыўын шешип алып, бузаўын жалаңаш қалдырып үйине келеди. Бузаў азаннан кешке дейин ҳәм түни менен жалаңаш қалыпты. Азанда барып бузаўын көрсе, бузаўы суўыққа тоңып өлип қалыпты.

## ҚАЛҒАН ЖЕРИНЕ ГЕШИР ЕГЕМЕН

[Р-534, № 176477]

Бир күни Өмирбектиң шашы өсип кетип шаштарезге барыпты. Шаштарез таза үйреншик екен. Өмирбектиң жарым шашын алып болғанша, бираз жерин кесип пахта басып болыпты. Буны көрген Өмирбек:

– Берекет тап, мениң басымның жартысына пахта өсирип болдың. Ендиги жағын алмай-ақ ғой, қалған жерине өзим гешир егемен, – деп турып кетипти.

## ТҮЙЕ ТАЎЫҚ СОЙДЫМ

[Р-534, № 176477]

Аўыл болған соң үсти жол болады, оннан адамлар жүрип өтеди. Бир күни жолдың бойындағы үйге бир адам келип қудайы қонақ болыпты.

Үйдиң ийеси қонақтың түйесин шөгирип, затларын жерге алысып, ишкерилетипти де оның алдына шай қойып:

– Ал, аға, ише бер, мен ҳәзир келемен, – деп сыртқа шығып кетипти де бираздан кейин қайтып келип:

– Ал, аға, мас болып отыра бериң. Сизге ҳаў етип сорпа ишсин деп, түйе таўық сойдым, – десе, қонағы:

– Қарағым-ай, бүлиниў қалыпсаң ғой! Түйениң өзи де болатуғын еди, таўықты сойып не қыламын деп едиң, – деген екен.

## СЕНИҢ ЗАТЫҢБЕДИ?

[Р-534, № 176477]

Қалаға өмиринде келип көрмеген, қырдың бир адамы жақынлаў жер, Тахтакөпирден базарлап қайтпақшы болып киятырса, жолдың шетинде бир нәрсе күнге шағлысып жатырған қусайды. «Мағар алтын таўып алдым аў, оны алып, Тахтакөпирди қойып, тап Шымбайға қалалап қайтайын деп ойлапты» жолаўшы. Ол жарқыраған затты қолына алып, жүзине жақынлатып қараса, көз алдында шегирмеси ғаўқыйған, сақалы селдиреген бир адам пайда болыпты.

– Ҳе, сениң затыңбеди? – деп қолындағыны ылақтырып жиберипти. Аўдарылып түскен зат енди жалтырамай қалыпты. Оның таўып алғаны айна екен.

## ЖЕРДИ ҮШ ТЕПКЕНДЕ АРБАДАН ТҮСИРЕМЕН

[Р-1299, №183812]

Бурын Өтепберген деген бала жорасы Төлепберген менен ерегисип қалыпты. Өтепберген оғада сум, ал, Төлепберген аңқаўлаў екен. Өтепберген Төлепбергенге:

– Сен анаў турған арбаға мин. Мен жерди үш тепкенде сени арбадан түсиремен, – депти.

– Түсире алмайсаң! – деп ерегисипти Төлепберген.

– Түсиремен дедим бе, түсиремен, – депти Өтепберген.

Төлепберген арбаның үстине минип, «ал, мени жерди үш тепип түсире ғой» деп арбаның көкиреклигине қатты асылып турып алыпты.

– Ал, мине ҳәзир жерди бир тебемен, қарап тур, – депти Өтепберген. – Қалғанын түс болғанда тебемен. Үшиншисин күн батқаннан кейин...

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда Тәлепберген «кешке дейин аш болып қаламан ғой» деп арбадан түсиў менен болыпты. Сонда Әтепберген:

– Әне, айтпадым ба, жерди бир тепкенде-ақ арбадан түстиң ғой! – депти.

## АРБА КӨЛИГИҢ БАР, СЕН КӨШ
(Р-1299, №183812)

Бир жарлы диййқанның жалғыз ешкиси күнде-күнде байдың егинине түсе берипти. Бай бир күни ашыўланып:

– Бул жерден көш! – депти диййханға.

Диййқан сонда:

– Мениң көшиўге көлигим жоқ, арба көлигиң бар, сен көш, – депти.

## ӘНЕ БИР БАЎЫРСАҚ БЕР
(Р-1299, №183812)

Бир бай адамның ҳаялы ошаққа баўырсақ писирип атырған екен, от жағып отырған жетим бала қазаннан шыққан баўырсаққа суқланып қарай берипти. Буны көрген сықмар бай ҳаялына:

– Мына балаға баўырсақ бердиң бе? – депти.

– Ҳаялы:

– Жаңа бир баўырсақ берип едим, – депти.

Сонда сықмар бай:

– Әне бир баўырсақ бер, жарылып өлсин, – депти.

## КӨРИНБЕГЕЙМЕН, БАЛАМ
(Р-1299, №183812)

Бир сықмар адам еккен бийдайын орып, түйеклеп, атып, тазалап болғаннан кейин дәнин қырманның ортасына үйип, баласын қырманның бир жағына қойып, өзи бир жағында турып:

– Балам, мен көринемен бе? – деп сорапты.

Баласы:

– Көринбейсең аға,–деп жуўап берипти.

Сонда әкеси баласына:

– Илайым, көринбегеймен, балам, көринбегеймен, – депти.

## СЫҚМАР ҲАМ САҚЫЙ
(Р-1299, №183812)

Бир сықмар адам сақый адамның үйине қонақ болып барады. Сақый адам оны жақсылап күтип жиберипти.

Бир күн сақый адамның жолы бағзы сықмардың үйине түсип, ол оның үйине қонақ болыпты. Сықмар қонағына асқабақ писирип алдына қойып:

– Асқабақ жеген саўап болады, демиңиз таўсылмайды, өмириңиз узақ болады, – деп қайта-қайта айта берипти.

Сонда қонақ оған:

– Әкеңиз бар ма? – деп сорапты.

– Тийе берсин, бийшара, әкемниң өлгенине быйыл он жыл болды, – деп жуўап берипти.

Сонда сақый:

– Пақыр, асқабақ жемеген екен-да, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИР ПАРҚ БАР
(Р-1299, №183812)

Бурынғы заманлары бир жигит бир қызға үйленбекши болады. Жигит қызды түнде ата-анасына билдирмей, атына мингестирип алып, қашып кетеди. Олар аўылдың тусынан өте бергенде, жигит биреў көрип қояр, тезирек өтип кетейин, деп атын қамшылап қатты айдай бергенде қыз:

– Аға, ирамалым түсип қалды, – дейди.

Сонда жигит:

– Үндеме, қосшым, бир парқ бар, – деп атын қатты желдирип айдай берипти.

Азғантай жүргеннен кейин қыз тағы:

– Аға, бир етигим түсип қалды, – дегенде жигит:

– Үндеме, қосшым, бир парқ бар, – депти.

– Мына етигим де түсип баратыр, – депти қыз.

– Үндеме, қосшым, бир парқ бар, – деп және айтқан екен, қыз:

– Парқыңның таңдыры шықсын, илайым, – деп аттан секирип түсип, үйине қайтып кетипти.

## БЕС БАЎЫРСАҚ БИР ГҮЛШЕ
(Р-1299, №183812)

Бурынғы ўақытта бир баланың егеде болған үлкен ағасы бар екен. Ол бир күни балаға:

– Мынаў мениң тапсырған жумысымды мен атыздан келгенше ислеп қой, болмаса бес баўырсақ, бир гүлше жейсең, – деп өзи атызға жумысқа кетеди.

Ол кеткеннен кейин бала:

– Бари бир жумыс ислемесем де бес баўырсақ пенен бир гүлше жеймен, – деп, балалар менен ойнап кетеди.

Ағасы жумыстан келсе, тапсырылған жумысты ислемей баланың ойнап жүргенин көреди. Оны шақырып алып жағына бир шаппат урыпты. Сонда ғана бала бес баўырсақ, бир гүлше не екенин түсинипти.

## ҚУДАЙ
(Р-1299, №183812)

Бурынғы қазыў қазған заманда Қудайберген деген адам да көпшилик қатары қазыўға барып, шегине түскен жерди ўақтында қазып бола алмай бөгелип атырғанда үстине ханның адамы келип қалыпты.

Ол шектиң ўақтында болынбағанын көрип,

– Хәй, жүўермек, атың ким? – деп бақырыпты.

Қорқып кеткен Қудайберген тили гүрмелмей:

– Ққ-у–да–й, – деп атырғанда ханның адамы оны сүйреп мураптың алдына алып барып:

– Мына ақмағың өзин «Қудайман» деп атыр, – депти.

– Хаў! Бул не қылғаның? – депти мурап.

– Мурап аға, атым Қудайберген еди. Соның «Қудайын» айтып, енди «берген»ин айтаман дегенше, мынаў мени алдыңызға сүйреп келди, – депти.

## СУМ КЕМПИР
(Р-1299, №183812)

Байдың ҳаялы үш баласына бир кемпирге үш гүлше писиртипти. Кемпир үш гүлше писирип, ҳәр қайсысының қолына бир гүлшеден берипти. Сонда балалар:

– Бул үш гүлшени үшеўимизге бердиңиз, өзиңиз не жейсиз? – депти.

Сонда кемпир:

– Балаларым, кемпирдиң не қурсағы бар? Жарты гүлшеден берсеңиз тойып қаламан, – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҮЙИҢИЗДИҢ ПАТШАСЫ ЖОҚ ПА?

(Р-1299, №183812)

Бир хан қус салып киятырып, бир үйге қонбақшы болыпты. Сейтип ол аттан түспей турып, үй ийесинен:

– Үйиңиздиң патшасы жоқ па? – деп сорағанда үй ийеси бул сораўға түсинбей:

– Патша дегениңиз не, тақсыр? – депти.

Сонда хан:

– Жас бала, – деп жуўап берипти.

## ИШИҢ ҒЫЖ-ҒЫЖ ҚАЙНАП ТУРҒАН ШЫҒАР-АЎ

(Р-1299, №183812)

Бурынғы ўақытлары бир геркаў, аңқаў адам бир үйге қонақ болып келеди. Күта ашырқаған екен, қонақ жери алдына қойған шалғамды ағыпып аўзына тығып жиберге, аўзы күйип қалыпты.

Геркаў азанда атланып жолға раўана болады. Ол жолда киятырып, бир атызда жапырағын қыраў басып еле қопарылмай турған шалғамды көреди. Кешеги аўзының күйгенин еле умытпаған ол:

– Сыртыңды қыраў басса да, еле ишиң ғыж-ғыж қайнап турған шығар-аў? – деп атын қамшылай берип шалғамның тусынан тез өтип кетеди.

## ҲӘРИПЛЕРИҢДИ ТАЎЫСТЫМ

(Р-1299, №183812)

Өткен әсирдиң басларында бир адам муғаллим болыпты. Ол биринши класты оқытады екен. Бир күнлери барлық ҳәрипти оқыўшыларға таныстырып болып, Билимлендириў Министрлигине «Жиберген ҳәриплериңди таўыстым, тағы ҳәрибиң болса жибер» деп хат жоллапты.

## ҚОРҚАҚ АДАМ

(Р-1299, №183812)

Бурын бир адам менен еки бала жолдас болып Қаратаўдың үстинде жаяў киятырғанда күн батып қалады. Сейтип буларға Қаратаўдың үстинде далада қоныўға туўра келипти. Сонда жаңағы адам қорққанын билдирмей:

– Балалар, қорқсаңыз еки жағымда жатып қойың, мен ортаңызда-ақ жатайын, – депти.

## АТТЫ ҮРКИТИЎ

(Р-1299, №183812)

Бурында Қутлымурат мурап деген адам атақлы, абройлы болып өткен болса керек.

Бир күни нан жаўып атырған тандыр басындағы ҳаяллардың тусынан өте бергенде, мурапқа бир ҳаял «Нан жеп кетиңиз!» деп рапида менен нан усыныпты. Сол ўақытта мурaптың аты рапидадан қорқып, үркип кетипти де, Қутлымурат тандырдың үстине жалп етип түсипти. Сейтип ҳаяллар Қутлымурат мурaптың ҳаққынан бир шыққан екен дейди.

## ЖАҢЫЛМАС ЖАҚ БОЛМАС

(Р-1299, №183812)

Баяғыда бир гөшшақ жигит алыс жолдан жаяўлап, ҳарып-шаршап бир аўылдың қасына келсе, арнадан суў алып атырған төрт-бес келиншеклерди көрипти. Арнаның аржағында турып:

– Қызлар, тусыңыздан өтетуғын тус бар ма? – депти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Олар жигиттиң алжасқанына жымыңласып күлисе баслапты. Сонда жигит те қарап қалмайын деп.

– Қарындасларым, алжасып айтқанларыма күлмей-ақ қойыңлар, «Жаңылмас жамбас болмас, сүринбес бас болмас» – депти де өз жөнине кетипти.

## ӘМИРБЕКТИҢ ЕШЕККЕ МИНИЎИ
(Р-1299, №183812)

Күнлерден бир күн Әмекең аўылдың сыртындағы егинине барыў ушын ешегин эертеңзабертең ертлепти. Дизгинин шешип ешегине минбекши болып, бир «ҳәп» деген екен, мине алмапты. Сонда Әмирбек:

– Я үш жүз әлпыс әўлийе, – деп секирген екен, ешектиң аржағына торс етип жығылыпты. Буған Әмирбектиң ызасы келип:

– Мени үш жүз алпысыңыз бирден көтергенше, биреў-екеўиңиз көтерсеңиз болады ғой, – деп жекиринипти.

## ТҮС КӨРГЕН ШОПАН
(Р-1299, №183812)

Бир шопан қой бағып жүрип, түнде түсинде писип турған шәўлени көрипти. Қанша жей қояйын деп умтылғаны менен қасық таба алмапты.

Ертеңине қойына қасық алып жатқан екен. Түсине кешеги шәўле енбепти. Сонда шопан:

– Әттеген-ай, кешеги түсиме кирген шәўлени қолым менен-ақ жеўим керек екен ғой, – деп өкинипти.

## НЕГЕ ПАҢҚЫЛДАТЫП АТА БЕРМЕЙСЕҢ?
(Р-1299, №183812)

Бурынғы заманда он сегиз жасар Сатибай деген бала алты жасар иниси Матибайды ертип, қара сыйрақ пилтели қара мылтығын алып аңға шығыпты. Ол заманның мылтығы қара мылтық деп аталады екен. Ал, оны атар ўақытта еки аша сыйрағын жерге тиреп қойып ататуғын болған. Сыйрақлы қара мылтықта жам болмаған, оның орнына пахтаны есип, пилте етип, оның бир ушын от пенен тутатып, өшип қалмасын деп үплеп жүреди екен. Алдынан қоян, қырғаўыл шыққанда мылтықтың сыйрағын жерге тиреў қылып, қашқан аңға гөзлеп алады. Сөйтип мылтықтың шүриппесине пилтеде туғанып киятырған отты тийгизип, мылтықты кеширеди екен. Сатибайдың алдынан я қоян, я қырғаўыл болып жеш нәрсе ушыраспай, көп жүрип қалыпты. Сонда иниси Матибай:

– Сатибай, Сатибай! Сен неге мылтықты паңқылдатып ата бермейсең? Қолыңнан келмесе маған бер, оны паңқылдатайын, – депти.

Инисиниң аңқаўлығына Сатибайдың ишек-силеси қатқанша күлипти.

## ӘМИРБЕК ЛАҚҚЫНЫҢ ӨЛИЎИ
(Р-533, №176476)

Әмирбек лаққы бир күни кеш летип қәбиристанға жақын жердеги жол менен кетип баратырса, узағырақта киятырған урыларды көрип, көзиме көринсем, мени де урлап кетер деп, қорққанынан бир қәбирге кирип отырыпты.

Урылар оны көрип қалып, «Кеш болғанда қәбир аралап жүрген бул қандай адам болды» деп ҳайран болып:

– Әй, кимсең? Жети түнде не ислеп жүрген адамсаң? – депти.

Сонда Әмирбек лаққы:

– Басыңыз искен адам екенсиз. Мениң ким екенимди не қылайын деп едиңиз? Анық билгиңиз келсе, мен усы өлилерденмен, – дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

– Тири болсаң, не қылып жүрсең? – дейди урылар.
– Қабиристанда сейил етип жүрмен, – дейди.
– Өлген адам жүрмейди, сөйлемейди, – депти.
– Алла барекелла, сизлерден қорқып қабирге киргенимде өлген шығарман деп едим. Тири екенмен-аў еле, – депти.
Келген урылар Әмирбек лаққының сөзине ишек-силеси қатып күлипти.

## ЖЕР БӨЛИСКЕНДЕ
(Р-1299, №183812)

Қарақалпақлардың кенегес, маңғыт урыўлары менен қытай, қыпшақ урыўлары Шымбай әтирапын мақан етип, жер бөлискен. Жер бөлискенде қытай, қыпшақлардың бийлерин баслап Ережеп тентек келипти. Жер бөлисиўге шек салар алдында кенегес, маңғыт бийлери Хийўа ҳәмелдарларына тоқсан өгиз пара берген екен.
Ол ўақытта Шымбайдың батыс қубласы егин егиўге қолайлы, жақсы екен. Ал, Шымбайдың арқа тәрепи көлатлық, батпақшылық екен. Хийўа ҳәмелдарлары биринши шекти кенегес, маңғыт бийлерине берип, «тут буны» депти. Шекти алып қараса жонылған тут ағашынан исленген екен. Туттан исленген шек жақсы жерге түсипти. Ережеп тентек бул ҳийлени сезип қалып, «мен қайыл емеспен» деп даў шығарыпты. Хийўа ҳәмелдары жақсы жерлерди кенегес, маңғытларға бериўге ҳүким қылыпты.
Сонда Ережеп:
– Қудай қылса шараң жоқ, тоқсан өгиз параң жоқ, –деп аўылына келип:
– Мен кенегес, маңғытты күнсүмер қылып қайттым. Олар Шымбайға базарлағанда күн алдынан шығады, ал, базардан қайтқанда түстен кейин олардың маңлайын күйдиреди,–депти.

## СУМ ЕШЕК
(Р-1299, №183812)

Биреўдиң бир өгизи, бир ешеги бар екен. Булардың ийеси екеўин қосқа қосып жер сүрипти. Кеште келгенде ешек өгизге:
– Сен аўыр, жер сүриў миннетинен қутыламыз, – депти.
Сонда өгиз азанда орнынан турмапты. Булардың ийеси ешектиң бир өзин қосқа қосып, жер айдаған екен. Ешек қулағы салбырап шаршап келип өгизге:
– Сен тез тәўир бол, орныңнан тур, болмаса ийемиз сени деңгенеге берейин деп атыр, – депти.

## ӨЗИМЕ ТИЙСЕҢ ДЕ, МУРНЫМА ТИЙЕГӨРМЕҢ
(Р-1299, №183812)

Бурынғы заманларда бир топар балалар урлық ислеп атырған жеринен урыны услап алыпты. Сол ўақытта ури балаларға:
– Өзиме тийсең де, мурныма тийегөрмең, – деп шырлап жалынып қоя берипти. Буны еситкен балалардың үлкен биреўи:
– Ҳа, бәле, урының мурны да болады гой, услаң қане оның мурнынан! – деп басқаларға буйрық берипти.
Жабадай қоллар урының мурнын қамтылыпты. Қолға сира адамның мурны илине ме, ури зып етип қашып кетипти. Алданғанын сезген балалар жамбасына бир урып, кейнинен қарап қала берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГӨРҚАЎ ЖҮРИМ ТИЛЕМЕЙДИ

(Р-1299, №183812)

Бурынлары ишсе тамаққа тоймайтуғын мешкей адамға биреўеўдиң тосыннан өлип қалғаны туўралы хабар айтқан екен. Сонда гөрқаў:

– Ол қалай өлипти? – деп сорапты.

– Гүбиге писиен сары майды жеп отырып бирден өлипти де қалыпты, – деп жуўап берипти. Буны еситкен гөрқаўдың силекейи ағып:

– Пай, маған керек өлим екен-да, – деп әкинипти.

## МАЛАҚАЙ БАЗАРДА ТАБЫСАМЫЗ...

(Р-1299, №183812)

Аң аўлап жүрген қусшы қәлпелердиң жүйрик тазыийтлериниң алдынан еки түлки жолығыпты.

Тазылар түлкилерге жақынлай бергенде, алдыңғы түлки кейинги түлкиге:

– Сен былай қаш, мен былай қашайын, сөйтип бул тазыларды алдайық, – десе, кейинги түлки:

– Ал, онда мен былай бурылдым, ертең қаерден табысамыз, – депти.

Сонда екинши түлки:

– Тазының мына қуўыўы болса, ертең кулақшын, малақай базарына бара бер, – депти.

## ӨГИЗДИҢ ЖОЛЫ

(Р-1299, №183812)

Хийўаның ҳәмелдарлары Хийўадан шығып Қоңырат әтирапындағы «Өгиз жолы» деген жерге баратырып адасыпты. Булардың алдынан Өмирбек шығыпты. Өмирбектен жол сорамақшы болып:

– «Өгиздиң жолы» қайсы? – депти.

Сонда Өмирбек атынан секирип түсип, арба жолдағы арбаның еки дөгершиги жүретуғын жерди аяғы менен басып турып, қолы менен арба жолдағы соқпақты көрсетип:

– Мынаў өгиздиң жолы, мынаў еки дөгершиктиң жүретуғын жолы, – депти.

## ӨМИРБЕК ШЫМБАЙ БАЗАРЫНДА

(Р-1299, №183812)

Өмирбек Шымбайға базарға сатайын деп бир қап бийдай әкелип ғалле базарында турса, қарыйдарлар келип:

– Бийдайыңды неден бересең? – десе, Өмирбек:

– Қаптан беремен, – депти.

Сонда қарыйдар:

– Бийдайдың батпаны неден? – десе, Өмирбек:

– Тастан, – депти.

Қарыйдар:

– Бийдайдың батпанын неге бересең? – десе, Өмирбек:

– Ақшаға беремен, – депти.

Сөйтип Өмирбек базарға әкелген бийдайын сата алмай қайтып кетипти.

## ӨМИРБЕК ҚАЗАНҒА ДУЗ ПАЙЫН САЛДЫ

(Р-1299, №183812)

Өмирбек бир үйге қонақ болған. Өмирбектиң қонақ болған үйиниң қатыны үшеў екен. Қатынлардың биреўи суў қуйып, ет салып, қазан асып, дуз салып шығып кетипти. Бираздан

www.ziyouz.com kutubxonasi

кейин екинши қатыны келип қазанға дуз салып, далаға шығып кеткен екен. Ушинши қатын да қазанға дуз салып кетипти. Сонда Өмирбек «Мен де пайымды салайын» деп қазанға бир уўыс дуз салыпты.

## СЕНИҢ КӨЗИҢ ДЕ АППАҚ БОЛАР ЕДИ

(Р-1299, №183812)

Өмирбектиң еккен жүўериси писип, шымшығын қорып, сақпан менен кесек атып, палақпанының ушын шыйырып, шартылдатып шымшықты үркитип тур екен. Биреў келип «жүўериң писипти» деўдиң орнына:

– Өмирбек, жүўериңниң көзи аппақ болыпты ғой, – депти.

Өмирбек оған:

– Усы жүўеримниң қыйын жесең, сениң де көзиң аппақ болар, – деп жуўап берипти.

## ОНДА УСЛАП ОТЫРА ҒОЙ

(Р-46, №50408)

Ережеп тентекке биреў шаш алдырмақшы болыпты. Ережептиң тентеклигинен хабары бар адам екен. Шашын алдырып атырып:

– Ережепжан, қулағымды кесип алма, – депти.

Сонда Ережеп:

– Ма, онда өзиң қолыңа услап отыра ғой, – деп оның қулағын кесип алып қолына берипти.

## ДҮНЬЯҒА КЕЛМЕЙ-АҚ ӨЛИП КЕТТИ

(Р-46, №50408)

Бир күни Насратдин әпенди узақ сапардан қайтып киятырып, бийтаныс журттың қойымшылығының үстинен өтипти. Ол мархумлардың хүрметине бир қуран оқып кетейин деп қойым-шылыққа келипти. Қараса, бир гүмбезли мазардағы қабирдиң басындағы қулпы тасқа «Бул мархум тирилигинде қазы болған. Ол бары жоғы қырық күн өмир сүрген» деген жазыў жазылған екен. Әпенди қайран болып, қасынан өтип баратырған адамлардан:

– Хаў, бул қалай болғаны? Мына киси туўыла сала қазы болған ба? – депти.

Сонда жаңағы жолаўшылар оған:

– Яқ, бирадар, бизиң елдиң дәстүри бойынша, мархумның бул дүньяда жасаған өмириниң ең жақсы күнлери ғана есапқа киреди, – депти.

Сонда Насратдин әпенди оларға:

– Сизлерден бир өтинишим: мабада сизлердиң журтыңызда өлип қала ғойсам, мениң қабир тасыма «Бул жерде жатырған мархум Насратдин әпенди бул дүньяға келмей-ақ өлип кеткен» деп жазыўды умытпаң, – депти.

## ТҮСЕ АЛМАСЫН БИЛГЕН СОҢ...

(Р-1299, №183812)

Ертеде бир қалаға дарўаз келипти. Дарўаз болар алдында, сырнайшы аўырып қалыпты. Дарўаздың болатуғынын хабарлаў ушын сырнайшы бир жаршы менен келисип, адамларды хабарландырыўды айтыпты.

Жаршы қаладағы бир бийик жайдың басына шығып, жар ура берипти. Азанда бир герең адам жаршының минип турған жайының қасынан өтипти. Кеште жаңағы герең адам қайтадан үйине қарап өтип баратырып, баяғы жаршының тамның басында аўзын ашып жумып турғанын көрип:

– Ўай, сорқайнаған-ай, түсе алмасын билген соң тамның басына неге минди екен? – деп кете берипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРЫН-ИШЕКТЕН ДЕ САЛ

(Р-1299, №183812)

Бир күни Әмирбек қассаптан гөш алыўға барып, қассапқа:

– Бир қадақ гөш өлше, – депти.

Қассап қарап турып, гилең сыйрақтың сүйеклери менен гелләниң, мойынның гөшлерин салып:

– Мине, артық болса, сизге болсын, алың, – депти.

– Және азырақ ишек, қарын таўып салың, енди бүтин шорпа ишиў ниетимиздиң келиспейин дегени шығар, – депти Әмирбек.

## ҚАШШАН-АҚ САЎАЛДЫМ

(Р-1299, №183812)

Әмирбек көп ўақыт жатып кесел болыпты. Күнде адамлар келип, оның көўлин сорап тынбапты. Келген адамларға аўқат писириў керек, оны күтиў керек. Қысқасы, Әмирбек көп шығынға қалыпты. Ҳаттеки, Әмирбек таўир болып кеткеннен кейин де адамлар оның көўлин сорап келе берипти. Әбден шыдамы таўсылған Әмирбек:

– Сизлер неге келе бересизлер? Мен қашшан-ақ таўир болып кеттим ғой, – депти.

## ХОЖА НАСЫРАТДИННИҢ СЫҚМАР БАЙДЫ АЛДАЎЫ

(Р-1299, №183812)

Хожа Насыратдин күнде намазынан кейин: «Қудайым, бир мың тилла бергейсең. Егер мың тилланы берсең пүтин бер, бири кемис я артық болса да, алмайман» деп тилек тилей берипти.

Хожа Насыратдинниң бул тилегин өмиринде киси менен алысып-берисиўди билмейтуғын бир сықмар бай қоңсысы еситип, сықмар бай оны сынап көриў ушын жайының морысынан мың тилла салынған қалтаны таслап жиберипти. Бул ўақытта Хожа тилегин тилеп болып, намаз жайынан турайын деп атыр екен. Аспаннан түскен қалтаны ҳайран болып ашып қараса, иши толы алтын теңге қусайды. Дәрриў санай баслайды. Қараса, бири кем мың тилла болып шығады. Сонда ол «Қудай да есаптан алжасады екен-аў» деп ойлапты. Кейин кемпирин шақырып, бири кем мың тилланы сандыққа салып қойыўды буйырады. Хожаны сырттан бақлап турған сықмар бай кирип келип:

– Хожеке! Қалай, бапладым ба? – депти.

– Нени айтып атырсаң? – депти Хожа.

– Жаңағы аспаннан түскен тилланы қудай емес, мен тасладым, – депти.

Сонда Хожа:

– Бул тилланы берген сен емес, қудайым. Егер сен беретуғын болсаң, сениң менен бир неше жылдан берли қоңсыман, алтын түўе, жак тийинди де маған раўа көрмпедиң? – депти.

Олар көп даўласыпты. Ақыры, бай оны қазыға апармақшы болыпты.

Сонда Хожа:

– Яқ, қазыға бармайман. Қазыға сен жақсы ғашырыңды минип бараға, мен болсам жаяў бараман. Қазы жаяў адамның арзасын тыңламайды, – депти.

Сол ўақытта бай:

– Хожеке, сен мениң ғашырыма мин, мен жаяў-ақ барайын, – депти.

Хожа:

– Бармайман дедим, бармайман, сен жаяў барған менен, үстиңде таза тигилген шекпениң бар, мениң болса, таза шекпен түўе, жамаўсыз шапаным да жоқ, – деп аяқ тиреп турып алыпты.

Сонда бай:

– Яқшы, үстиңе мениң таза шекпенимди кий, астыңа ғашырымды мин, әйтеўир, қазыға барайық, – деп Хожаға жалынады.

Хожа астына байдың ғашырын минип, үстине байдың шекпенин кийеди де, сықмар бай менен қазыға барады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазы дәслеп байдан не ушын қазыласып келгенин сорайды.

Сонда бай:

– Тақсыр, мына Хожа менен көп жылдан берли қоңсы едим. Ол ҳәр намазынан кейин «Қудайым, мың тилла берегөр, берсең пүтин мың тилла бер, бири кемис болса алмайман деп» тилек тилей берди. Бир күни оны байлайын деп, бири кем мың тилланы қалтаға салып, жайының морысынан тасладым. Енди ол тилланы маған қайтып бермей атыр, – депти.

– Қане, сен не дейсең? – депти қазы енди Хожаға.

– Ҳәмирине қуллық, қазымыз! Байдың сықмар екенин ҳәмме биледи. Сықмарлығының үстине, бул қып-қызыл өтирикши де екен. Мың тилла мың тилла ғой, ҳәзир ол далада турған ғашырды да, үстимдеги шекпенди де меники демесе, маған келиң, – депти.

Сонда сықмар бай көзи аларып:

– Аўа, аўа, минип келген ғашыры, кийип келген шекпениң де меники, – деп, отырған орнынан ушып турыпты.

Буны көрген қазы даўды Хожаның пайдасына шешипти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

86- ТОМ



# ЫРЫМЛАР ҲӘМ ТЫЙЫМЛАР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЫРЫМЛАР

### *Адамның тәбиятына ҳәм тәғдирине байланыслы ырымлар*

Адам баласының минези киндик шешесине тартады.

•

Баланың басы үлкен болса – бай болады, аяғы үлкен болса – малай болады.

•

Бала жаўырынлы болса, палўан болып шығады.

•

Баланың билегинде меңи болса, байлық, дәўлет питеди.

•

Ер бала көзин ашып уйықласа, келиншеги сулыў болады.

•

Ер бала күлгенде бетинде ойықша пайда болса, сулыў қызға үйленеди.

•

Егер лықлық тийсе, кимдур биреўдиң ойлап отырғаны болып саналады.

•

Лықлық тийгенде ким екенин билиў ушын таныс-билислердиң биреўиниң атын еске алып, оң қолының шынатай бармағына түпириклеп, оның менен оң қабақ сыйпаланады. Егер қас үзилип бармаққа илинбесе, тағы басқа танысты ойлап, қастың бир талы қашан бир бармаққа илинип шықпағанша, әдепки ҳәрекетлер қайталанады. Қастың бир талы бармаққа илинип шықса, ойлаған таныс сол болады. Буны кирпикти жулып та анықлайды.

•

Адам тосаттан түшкирип жиберсе, еситкен хабары дурыс болып шығады.

•

Оң қас қышыса – қуўанышлы ўақыя болады, шеп қас қышыса – унамсыз жағдай жүзеге келеди.

•

Мойын қышыса той болады.

•

Желке қышыса, таяқлаў яки теппелеў дус болады.

•

Оң қабақ тартса – жақын адам менен ушырасыў күтеди, қуўанышлы хабар келеди, шеп қабақ тартса – қапашылық жағдай жүз береди.

•

Ийин тартса, жақын адамың менен көрисиўдиң сәти түседи.

•

Ийек қышыса, сорпалы аўқат ишиледи.

•

Қулақтың иши қышыса, хабар келеди.

•

Оң көз қышыса – қуўанарлық ис болады, шеп көз қышыса – унамсыз жағдай орын алады.

•

Оң қулақ қышыса – биреў өзиңди мақтап атырған болады, шеп қулақ қышыса – жаманлап атырған болады.

•

Қулақ шыңлағанда сорағанда қайсы қулақтың шыңылдағаны дурыс табылса, «биреўдиң мақтап атырғаны», надурыс болса, «жаманлап атырғаны» болып шығады.

•

Оң алақан қышыса, жақын адам менен ушырасыў күтеди.

•

Оң алақан қышыса – олжа түседи, шеп алақан қышыса – шығасы шығады.

•

Мурынның ушы қышыса, шарап ишиледи, қапталы қышыса, хабар келеди.

•

Мурынның үсти қышыса, үйге қонақ келеди.
Мурынның иши қышыса, ўақтыхошлықтың күтип турғаны болады ҳәм түшкириктиң ҳәсерети есапланады.

•

Ерниниң қышыўы – сағынысып көрисиў, сүйисип-өбисиўден дәрек береди.

•

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерин тартса, ушырасыў шығады.

•

Тил қышыса, сәзге келиўге, урыс-кейиске себеп табылады.

•

Тилиңди тислеп алсаң, сени гәп қылып атырған болады.

•

Шығанақ қышыса, қапаланыў, жас тегиў күтеди.

•

Адамның тиси қышыса, биреў менен тислескенде урысады.

•

Қытығы басым адам қызғаншақ келеди, қытығы жоқ адам арсыз болады.

•

Шашы тараққа көнбей, тик өскен адамлардың минези қайсар болып келеди.

•

Өз түпирigин өзине шашыраса, жаңа мүлкли болыўдың нышаны саналады.

•

Адамның қаслары арасында, мурнының үстинде қанша әжим болса, ол сонша жыл бойдақ болып жүреди.

•

Егер адамның өзине көринбейтуғын жеринде (мойнында, арқасында т.б.) қаллары болса, ол несибели, бахыт-саадатлы болады.

•

Алдырылған шашын жерге таслаған адамның шашынан бир талын болса да шымшық алып кетсе, адамның басы таз болады яки бас аўырыўға шатылады.

•

Үш айлық нәресте кимге қарап оң аяғын көтерсе, сол адамның арзыў-үмитлери орынланады.

•

Бала ийнин тартса, узақтағы ағайинлерден биреўиниң киятырғанының дерекшиси болады.

•

Егер аўзы бир жағына тартса, урыс-қағыстың, жанжелдиң болыўының дәреги саналады.

•

Оң жақтан турған күни, ис оңынан келеди, шеп жақтан турған күни шебекейине кетеди.

•

Кеш болғанда тырнақ алынса, үйдиң ишин зиян-заҳмет жайлайды.

•

Түнде тырнақ алынса, алған адамның өмири қысқарады.

•

Дүйшемби күни тырнақ алынса, бойға қуўат дарыйды.

•

Сийшемби күни тырнақ алынса, денсаўлыққа шикәс жетеди.

•

Сәршемби күни тырнақ алынса, қәтер туўылады.

•

Пийшемби күни тырнақ алынса, қудай алдында саўалға тутылады.

•

Жума күни тырнақ алынса, гүналар төгиледи.

•

Шемби күни тырнақ алынса, ис артады.

•

Екшемби күни тырнақ алынса, байлық орта түседи.

Бармақтың тырнақларына ақ сызат түсce, жақсылық хабар келеди.

•

Башпайдың тырнақларына ақ тап түссе, жаңа аяқкийим кийиў несип етеди.

•

Табан қышыса, узақ жолдың күтип турғаны ҳәм тосаттан сапарға шығылады.

•

Оң табан қышыса, биреў қонаққа шақырады, шеп табан қышыса, күтилмеген қонақ келеди.

•

Бала табанын тартса, бойы өспей қалады.

•

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала аяғының астынан басын шығарып жол қараса, алыстан мийман келеди.

•

Бөбек уйқылағанда қулашын жайып жатса, халық ғамын ойлаған данышпан болады ямаса журт басқарады.

•

Уйқылағанда аяқ-қолын бақырына жыйнап уйқылаған бала пысық ҳам жыйнақлы болады.

***Ана ҳам бала күтими менен байланыслы ырымлар***

Қурсағы билинген ҳаялды «еникат», «екиқабат», «аяғы аўыр», «жүкли», «жүги бар», «гөжеге тойған», «қарбыз жутып қойған», «бойы толы», «дуўжан» деген астарлы сөзлер менен уқтырады.

•

Айы-күни жақынлаған келиншекти «иштеги бала үлкейип кетеди» деген ырым менен көп жатқызбайды.

•

Аяғы аўыр ҳаял тыйық (пышқы, пышақ, қайшы ҳәм т.б.) усласа, мезгилинен бурын босанып қойды.

•

Жүкли ҳаял түйениң гөшин жесе, босана алмай, қыйналып көп жүрип қалады. Қыйналып жүрип қалса, қағазға түйениң сүўретин салғызып атлатылады.

•

Екиқабат ҳаял қоянның гөшин жесе, баласының ерни қоянжырық болып туўылады.

•

«Бала киндигине шырматылып қалады» деген ырым менен екиқабат ҳаялларға ийне-сабақ услатылмайды.

•

Аяғы аўырласқан ҳаял шаш буйралатса, баласы терис келеди.

•

Ҳамилели ҳаял шаш кессе, болажақ пәрзенттиң өмири қысқа болады.

•

Туўылмаған балаға кийим-кеншек пишсе, толғақ иркилип қалады.

•

Бойы толы ҳаял толарсақ жесе, толғағы аўыр өтеди.

•

Жас ананың бойында толғақ басланса, көпти көрген мамалар «келин жеңил босансын» деген ырым менен түйиншеклерди шешип, арбаның аўзын, ыдыслардың қақпағын аштырады, келинниң илгеклерин де жаздыртады.

•

Жериги тутқанда жерик асын жемеген ҳаялдың баласының аўзынан суў ағып жүреди.

•

Жерик ҳаялдың жерик асын таўып бергенлерге бес есе саўап жазылады.

•

Баланың туўылыўы қыйын кешсе, толғақ тутқан ҳаялды жалаңаяқ жүргизип, «Жер ийеси – Жер-Ана, ҳаял қуўат бер ана!» деген тилекти айтқызады ҳәм жүзине топырақ сүрткизеди.

•

«Келин жеңил босансын, тез бойын көтерип кетсин» деген ырым менен қоңсылар қазан көтерип, қайўаны аналар атала писиреди.

•

Ҳамиледар ҳаял жеңил босаныўы ушын қыз баланың көйлегиниң етегинен, ул баланың шалбарының балағынан «ырымлық» кесип алынады.

•

Баланың денесинде меңи, қалы яки нары болса, ени аўып кеткен болса, оған Меңлибай, Меңлибийке, Меңсулыў, Қалбай, Қаллыхан, Нарбай, Анаргүл, Ендирбай исимлеринен таңланып, жарнақ ат бериледи.

•

Қалы, нары үлкейип кетпеўи ушын қалы ҳәм нары менен туўылған балаларға Қалбай, Қаллыбек, Қалназар, Қалжигит (Қалтай), Бийбиқал, Қаллықыз, Қаллыхан, Қалжан, Қалбийке, Қалбийби (Қалыш), Анарбай, Нарбай, Наржан, Нархан, Нарjигит (Нартай), Нарқыз, Нарбийке, Нарбийби, Наргүл, Нарсулыў, Нарқал (Нарыш) деп ат қояды.

•

Ерси ат баланы тил-суқтан сақлайды.

•

Емизиўли ана дамнен даме етсе, көкиреги аўырады, сийнеси исинеди. Сонлықтан «дәмеленген» дәмегин әкелип бериў шәрт. Үйдиң қасында той-мереке болса, ағылған аўқаттан пай жибериледи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

- Бөбекке зиян-зәҳмет жоламаўы ушын бесиктиң бети жаўып қойылады.
- Көп ўақыт бөленбеген бесик иши аласлатылған ҳалда «Кет, пәлекет, кет, кет!» деп адыраспан түтетиледи.
- Нәресте бесикке бөленип атырғанда келген адам бала уйықламастан бурын кетсе, бөбектиң де уйқысын алып кетеди.
- Бесик бос турғанда биреў шайқаса, бесик баласының қулағы ағады.
- Бесикти еки адам көтерсе, бала бийтапланып қалады.
- Бала уйықлаған ўақытта бесик бир өжиреден бир өжиреге көширилмейди, жан ийесин таба алмай сергизданға түседи.
- Ана баласын таҳәратсыз келип алса, емизсе, бала шоршынып шығады.
- Емизиўли ана баласын жалаңбас емизсе, нәресте қақалғыш болады.
- Баланың тили былдырлап шыға баслағаннан кейин дилўар ҳәм аўзы дуўалы адамға апарып, аўзына, таңлайына түпирттиреди ҳәм таңлайын көтерткизеди.
- Баланың таңлайына ким түпирсе, оның жақсы қәсийети менен қәбилети балаға өтеди.
- Жас босанған ҳаяллларға «баласының мойны қатсын» деген ырым менен таўықтың мойнын жегизеди.
- Қырқынан шықпаған нәрестениң үстине жат адам киргизилмейди.
- Шилледен шықпаған нәрестениң үстине шийки гөш алып кирсе денесине етлик шығады.
- Баланың қырқынан шыққандағы «шиллели суўы» аяқ баспас жерге, тийкарынан тандыр ишине төгиледи.
- Бөбектиң ийткөйлеги ҳәр жерде қалып кетсе, бала ескисимли болады.
- Гөдек қырқынан шыққаннан соң ийткөйлеги ийтке кийгизилсе, өмир жасы узақ болады.
- Шақалақты биринши мәрте үйден шығарғанда, аяғы менен басы тең алып шығылса, аяғы да, тили де тез ҳәм тең шығады.
- Тили шықпаған бала үйге келсе, душпаныңның баласы Болса да «Өз балаңның да жолы қуры болмасын» деген тилек пенен бос қайтарылмайды.
- Нәрестениң үстине келген адам, қайтыўында көшиликтиң көзинше бөбектиң жүзине, жөлесине түпиреди. Егер түпирмей кетип бала бийтапланса, оны шақыртып түпирттиреди ямаса жаны ашыйтуғын баҳалы кийиминен кесип алып қалынады.
- Суқ-нәзерден сақландырыў ушын нәрестениң қалпақшасына, бесигине пар қыстырылады ями бас-кийим, сырткийимлерине дуўа, бурыш тигип қойылады. Узақ жасаған кисилердиң намазына шашылған теңгелерди тесип, тигип қойса да болады.
- Жас нәрестени түнде зәрүр болып алып шыққанда, бетине ҳәм мурнына күйе жағып шығылады. Сонда жин-жипир жоламайды, шоршынбайды.
- Келген адамның суқ нәзеринен гүманланылса, оның басқан изи, усла ған жерлерине атанақ сызылып, жолы кесиледи.
- Нәрестеге ер адамның «көзи тийсе», яғный көзи өтсе, денеси суўық, ал ҳаял адамның көзи өтсе ыссы болады. Көз тийген бала қусады, иши өтеди, мурнының үсти көгерип, демде азып, солып қалады.
- 

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баланың киндиги түссе, оны ақ сүт пенен жуўып, аршаға салып қояды.
•

Балаға көз тиймеўи ушын оның бойтумарының ишине дуз, хантеңге, көзмоншақ, балықтың таңлайы салынады.
•

Баланың тусаўкесери берилгенде, «нандай қәдирли болсын, тез жуўырып кетсин» деген нийетте аяғының арасынан шөрек домалатылады.

Балаға айдың саўлеси түссе, қорқынышлы болады.
•

Бала уйқылаған ўақытта дастығының астына нан, пышақ ямаса пияз қойылса, қорқып оянбайтуғын болады.
•

Жаназаның ўақтында бөбекти уйқылатпай көтерип турады, есаўан болып қалыўдан сақландырады.
•

Жас босанған ҳаялдың үстине туўмаған ҳаял кирсе, шилледи ҳаял иллетли болады.

***Қыз балаға байланыслы ырымлар***

Қыз сыйлаған үйге Қыдыр келеди.
•

Қыздың қырық жаны болады, қырық шырағы болады.
•

Әкесине уқсаған қызға әкениң ырысы өтеди.
•

Қыз балаға «шашы узын болсын, бурымлы болсын» деген ырым менен желке жегизиледи.
•

Қызалақ қазық жалатып болса, болажақта қасқабас жигитке тап болады.
•

Қыз бала үйдиң оң жағына отырғызылады.
•

Қыз бала есик аўзында отырып қалса, қуты қашады.
•

Қыз балаға жилик услатса, жигити басқаға үйленип кетеди.
•

Қыз бала ийнениң сабағын узын етип алса, дуз-несибеси узаққа шашылады.

Қыздың мурнында меңи болса, ени ерге басын шатады.
•

Қыз баланың ҳалы көп болса, күйеўи келбетли болады.
•

Қыз баланың сыртынан өсек айтқанның дәўлети қайтады.
•

Бойжеткен қыз ер адамның баскийимине қызығып басына кийип қойса, баскийим ийесин сүйип қалады.
•

Бой жетип қалған қыз шығанағын бирнемеге абайламай урып алса, жигиттиң гүйип қалғаны ҳәм ойлап отырғаны болады.
•

Бойжеткен қыз өзиниң қайсы тәрепке турмысқа шығатуғынын анықлаў ушын аяқкийиминиң биреўин шарбақтан сыртқа ылақтырып жиберип, өзинен екинши аяқ кийими менен ҳәкиелеп барғанда, ылақтырылған аяқкийиминиң тумсығы қайсы тәрепке қарап турса, сол тәрепке турмысқа шығады.
•

Қыз бала қыдыргыш болса, болажақ күйеўи жүргиш болады.
•

Қыз бала шайқумар болса, күйеўи қумарпаз болады.
•

Қыз баланың маңлайы жазық болса, турмысқа узаққа шығады.
•

Аўзы үлкен қыз зийнетти жақсы көреди, аўзы кишкене қыз мийнетти жақсы көреди.
•



www.ziyouz.com kutubxonasi

От жаға алмаған қыздың күйеўи оңсыз болады
•
Қыздың ининен излеп барғанға қырық марте саўап жазылады
•
Қыз бала даўысын қатты шығарып күле берсе, палекет басады
•
Қыз бала түпиршшен болса, атайы әсекшиге айланады
•
Қыз бала муйешке көп отырса, турмысқа кешигип шығады
•
Қыз бала бәпени жақсы көрсе, турмыста көп перзентли болады.
•
Айнаға көп қараған қыздың жүзиниң қызылы кетеди
•
Аға-жеңгени сыйлаған қыздың ығбалы артады
•
Қыз бала есик алдында жығылса, сол үйге соның аўырлығындай байлық келеди
•
Қыз баланың бир тал шашы болғын жерге түсип, қус алып кетсе, «басы сақыйналы болады»
•
Қыз шашын буўғанда шаш түйдегине желке шашы қосылмай қалса, қурбысына жеңгетайлық етеди
•
Қыз бала аўқаттың дузын өткир қылып жиберсе, биреўди унатып қалған саналады
•
Қыз бала қатты жерге отырса, қайыненеси қатты болады
•
Қыз бала қамырды бос ийлесе, енеси босаң болады
•
Қыз баланы айттырып атырғанда қыз үйде жоқ болып шықса, жылап ямаса уйқылап атырған болса, ол қызға қуда түсилмейди.
•
Қыз өкпешил болса, несийбеси кемип барады
•
Қызды сәниенниң иеси қырып кетеди
•
Қызды урған бәлеге жолығады
•
Түнде сыртқы айнаға қарай берген қызды жин айландырады.
•
Қыз бала қар жерде жата берсе, гүманлы болады.
•
Қыз баланың тәгегине сырт көз түссе, қыздың бахтына нус түседи
•
Қыздың (тигиўшиниң) биринши марте тиккен мийўетин шешеси отқа тасласа – сулыў, суўға тасласа – шаққан тигетуғын тигиўши болып шығады
•
Тигис тиккен қыз ийнени бармағына суғып ала берсе, биреўге көўли кеткениниң белгиси ҳәм оны қалеўлиги ойлап отырған болады
•
Қыз узатқанда «уллы болсын» деп, көрпе қаплаған көрпетысының ишине төрт асық салып жибереди
•
Беташар салтын өткергенде жаңа түскен келиншектиң «кеўили ақ, минези жумсақ болсын» деп аяғының астына ақтүкли пестек төселеди
•
Шымылдыққа қара, көк, сары араластырылмай, жылтыр қызылдан тигиледи
•
Келиншектиң шымылдығына қара қусы бар ҳаял киргизилмейди
•
Некелик қумғанды ерли-зайыплылардың өзлери ғана тутынады
•
Жаңа түскен келинге «келген журтына жуғыслы болсын» деп ырымланып, бәрек писирилип бериледи

www.ziyouz.com kutubxonasi

- Көтермей жүрген келиншеклерге әўлийеден мәдет тилеп, әўлийели жерде жумалатылады.
- Жас келиншеклер бойына питкенде, аман-есен көз жарыўы ушын қурбы-қурдасларына «қарын палаў» писирип береди.
- Толғағы аўыр келген келиншеклерге «тандыр айландырыў» салты исленеди.
- Жас келин жеңил босаныўы ушын көрпеге салып аўнатылады.
- Ұллы толғағы келген келиншекти «тез босансын» деп жасүлкен кийими менен қағады.

***Халық емшилиги менен байланыслы ырымлар***

- Етлик шыққан балаға таза балық яки сүттиң көбиги жағылады.
- Егер баланың үстине етлик яки шийқан шыға берсе, жақсы кийим кийгизиледи. Кийимге таңланғанларға ырым ушын «Сатаман, аласаң ба?» деп жуўап бериледи яки сатпай-ақ «Ала ғой» деп бир неше мәрте айтылады.
- Нәрестениң аўзын жара басса, анасының ишкийими менен ысылады.
- Шақалақтың аўзынан суў аға берсе, бир үйдиң жалғыз қызына қайшы берип, аналы-баланың көз алдында «Меннен қаш, меннен қаш!» деп бир затты қыйып атырғандай ҳәрекет ислеттиреди.
- Баланың иши тырысса, «Умай ана!», «Май ана!» деп ақмайды сәл ысытып, тула бәденине жақса, иштырыспа жазылып кетеди.
- Бала қайтара берсе, шешеси бир әйелдиң (бийкешиниң болса, мәлелсизлеў болады) алып киятырған суўын төгип, ашыўландырса, қояды.
- Егерде бөпе тынбай ишекенин қайтара берсе, киндикшешесиниң қыйналатуғындай бир нәрсеси бүлдирилсе, нәресте айығады.
- Бала қусса, қолы шыпалы адамға таңлай тиси бастырылады.
- Кепкирди дене күйместей етип қыздырып басса, шоршыў қояды.
- Йиттийме болған баланы шошқаның майы менен сылайды. Шошқа майы менен сылаған балаға көз тиймейди, йиттийме менен аўырмайды.
- Йиттийме баланың иши өте берсе, киндиги шыға беретуғын болса, киндигин шымшып, бурап «Мен де қайттым, ал енди сен де қайт!» деп ем исленеди.
- Көзиккен баланың денесине таза сазанның көзин жағып уўқаласа, дарыўы болады.
- Көзжара тил-суқтан шығады. Бундай ўақытта әрўақлы, арқалы адамларға қақтырылады, ушықлатылады.
- Йиттийме менен аўырған баланы айландырып адыраспан түтетилсе яки отқа сүйекти таслап күйдирсе де бала таўир болып кетеди.
- Қызылша шыққан баланың үстине басқалар кирмеўи ушын сол үйдиң қапысына пахта илдирилип қойылады.
- Қызылша шыққан балаға қызылдан тигилген кийимлер кийдириледи.
- Қызылша шыққанда қозға гүйек таслап қойылса, денедеги қызыл тез қайтады.
- Баланың йиткөйлегин биреў ырымлап алса, анасы көйлек шетинен ырымлық кесип алып қалады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баланың үстине ешекжем шықса, күнде азанда етегине жем салып, ешекке жегизсе, кетеди.

•

Балаға «қылтамақ болады» деп көк жийде жегизилмейди.

•

Жас балалардың дуздан қам қалып, қызарып кете беретуғын жерлерин ямаса суўласып кете беретуғын жараларды киши дәрет пенен жуўса жазылады.

•

Жасында тусаўы кесилмеген бала сүриншек, жығылғыш болады.

•

Қорыққанда жаман түс көргенде, ийис шығарылып, қоңсы-қобаға, жетим-жесирлерге шелпек тарқатылады.

•

Басында дуўасы бар адам ийтаяқтан күнде азанда үш мәрте ийттей болып жалпылдатып суў ишсе, ийтаяққа басын жуўса, дуўаның күши қайтады.

•

Қайнаған суўға, отқа күйип қалған адамнан «күйип қалдың ба?» деп соралмайды, күйиги улғайып кетеди.

•

Күйикке баланың сарыған суйықлығын жақса, ақмай яки қатық жақса, шыпа болады.

•

Ҳаял адамның тулабойы қурысып қалғанда, үй тусынан атқан сәтен адамның изинен ийилип сәлем салса, қурыс-тырысы жаздырылады.

•

Ҳәрре шаққанда киши дәрет яки ылай жағылады.

•

Мурынның ишине жара шыққанда киши дәрет атса, тез жазылады.

•

Тандырға себилген суўдан ишсең, бетиңе сепкил түседи.

•

Түнде суў төгиў – суў ийесин қапаландырады.

•

Көзге шеп тийге, сол тийген зат пенен ушықлайды, яғный, сол нәрсе көрсетилип айландырылып, үш мәрте «ушық-ушық» деп тәкирарланады.

•

Терисген оң көзге шықса, шеп қолға ортаңғы еки бармаққа, шеп көзге шықса, оң қолға көк сабақ байланады.

•

Терисген шықса, тутылмаған таза ийнени ва жағаңа яки басқийимге (орамалға, малақайға) қадап қойса, тез игип жарылады ҳәм жазылады.

•

Денеге шүйел шықса, оны кетириў ушын бөтекениң ишине бийдай салынып босағаға көмиледи. Ашыўшақ қыздың шашынан түскен талды алып шүйелге байласа да шүйел ушады.

•

Шүйелден қутылыў ушын шүйелдиң саны менен тең сабақ түйилип, айлы түндеги ашық ҳаўада айға қаратылып:

Ай! Ай!

Сениң шүйелиң бар ма?

Мениң шүйелим бар.

Машшаў, машшаў! – деп оны қызықтырғандай ҳалда қолындағы шүйеллер көз-көз етиледи ҳәм түйилген жиплер ҳешкимге көрсетилмей, соң таба алатуғындай белгили бир жерге көмиледи. Түйилген сабақлар ширигенде, шүйеллер де кетеди.

•

Шүйелге сүтилмектиң сүти жағылса да, тез ушып кетеди.

•

Қурбақаны жалаңаш қол менен усласаң, қолыңа шүйел шығады.

•

Аўрыўшаң адамлар балықтың қанын ишсе, бойы жеңилленеди, шыпа табады.

•

Қулаққа сырға таққанда жара болып кете берсе, жақын жердеги суўдан атып аўлаққа тасланады ҳәм әғайинлес қызлардың бирине саўға етиледи. Орнына басқасын алып тақса, қулақтың жарасы жазылып, жақсы болып кетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

•

Қулақ аға берсе, картайған адамның «топырақ жалама» баўырсағын писирген майынан тамызылса, қулақ ағыўы қояды.

•

Шомылып атырғанда қайсы қулаққа суў кирип кетсе, басты қапталлап еңкейтип, бир аяқта турған ҳалда:

Ақ гүбелек, көк гүбелек,

Қулағымның суўын төк!, - деп жети мәрте секирсе, суў төгиледи.

•

Күнбатардың алдында қесте адам да уйқылатылмай, тикейтилип отырғызылады. Уйқылап қалса, әлилердиң есабына киреди.

•

Жаңа түскен келин қырық күнге шекем түнде далаға жалғыз шығарылмайды.

•

Көкиреги аўырған ҳаял жай, жер тандыр қушақласа таўир болады.

•

Емизиўли ҳаял бир нәрседен аязлап көкиреги исип кетсе, әли жуўған қолғап пенен қақса кетеди.

•

Суўды қазанға қуйып, иләп дуз салып қайнатып, соң оны үлкен легенге алып, соған бели аўырған адам отырса, таўир болады.

•

Журт таң қалатуғындай жай салғанда, кирер есикке, яки жайдың бирден көзге түсетуғын жерине шийшеге салып яки түйиншикке түйип, дуз, бурыш ямаса пияз қойылса, я бирде таға, қошқардың шақы сыяқлы ерсилеў затлар қыстырылса, тил-суқ өтпейди.

•

Бир жерге барып сол жерден манисиң болмай қайтсаң, яки туўыў үйинен, емлеўханадан келсең, үйге от атлатып кириў керек.

•

Ерли-зайыплы татыў турмаса, олардың биреўин дуўалап татыўластырыўға болады. Лекин оның ақыбети жақсы болмайды. Жас басқаннан соң бастан тутады яки бир жерден услап кесел болыўы мүмкин. Бирақ оларды татыўластыратуғын «ысытыў» («ысық дуўа») усылының зияны жоқ емиш.

Туўмаған тымса ҳаял атасының басына таўап етсе, арўақлар тилегинде болады.

•

Жас жубайлар перзент көрмесе, әнип-өскен, бала-шағалы кожалықтан майек алып писирип жесе, нийети оңына басады.

•

Жарымжан, бир мүшеси кемис адамлар кераматлы әўлийелерге, ата- бабаларының басына үш пийшемби қатнатылады.

•

Көз тийгенде тәўиплерге тил-суқ шығартылады, сорытылады.

•

Бир жеринде нуқсаны бар адам журт басқарса, журт арасы бүлинеди.

•

Бийперзент адам журт басқарса, жут болады.

•

Асты мишкиң келип турға ишпеген де, мишкиң келмей ишген де саўалын береген.

•

Нанның усағын жеген бай болады.

•

Әрўаты бар адам патия алып адам емлемесе, майырылып қалыўы итимал.

•

Тамағы аўырған адам бармақларын ыссы шайнекке, пешке басып, «Мениң қолым емес, Бийпатпа пийримниң қолы. Мен де қайттым, ал енди сен де қайт» деп ырымлап, өзине-өзи ем ислейди.

•

Өлиниң жатқан орнында қырқына шекем шыра жағып қойылады. Айтқаны бул ўақытлары оның жаны, руўҳы сол жерлерде гезип жүреди.

•

Жолдың бир жерине қан төгилген болса, сол орынға апарып жан шығарылса, бахытсыз ҳәдийсе қайталанбайды.

•

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сил кесели бенен аўырған наўқасларға тез саўалыўы ушын айтымын айтып, порсық жирпиткениңе гөшин жегизиледи.

•

Ийтсийгек өсимлигиниң тамыры сил, көкирек кеселлигине ем болады.

•

Суўшақырғыш адамның кийимин кешинше суўға ылғыйлады. Сонда суў шақырыў кеселинен қутылады.

•

Аспа кеселине ушыраған адамның бул аўрыўдан арылыўы ушын оның кешинше өзи асылған арқанға ийт яки пышық асылады.

•

Мый, өрмекши түскен суўдан ишкен адам аспа кеселине дуўшакер болады.

•

Бесбийдай менен меңдуўананың данин жеген адам жарымес болып қалады.

•

Көзге түскен ақты биринши болып көрген адам, билдирмей шаппаты менен қаққышласа, кетеди.

•

Жүкли ҳаял түйениң гөшин, сүтин, шубатын өзи де, күйеўи де бөлек ишсе, босаныў мезгили кешеўиллейди.

•

Жаңа қоныстқа киргенде яки көптен бери адам жасамаған жайға көшип келгенде, өжирелердиң ишин от пенен аласлап шығылса, бәле-мәтер кетеди.

•

Анасына уқсайтуғын ул бахытлы болады.

•

Жылан шаққанда тышқанды еки бөлип, ыссылай басса, зәҳәрди сорып алады.

•

Көзге түскен гирт-пиртти дарымын айтқан ҳалда тил менен алады.

•

Мал иш аўырыў кеселлигине тап болса, қуйрығына қызыл жип шуўып қойылады.

•

Мал түпти болса, Зәңги бабаның аты айтылып, аўзына ақмай қуйылады ҳәм ишин босатқанша жетеклеп жүргизиледи.

•

Кептердиң қанын көзге жағылса, көз рәўшанлағады.

•

Кекликтиң баўыры ыссылай желинсе, талма (қояншық) кесели қалады.

•

Егер қулаққа дайылық жара шықса, дайысының аяқкийиминиң ултарағы қыйып алынып өртелсе ҳәм күли жараға себилсе, шыпа береди.

•

Аяқтың шуўашын кетириў ушын дузлы суўға түпирип, соннан кейин жуўылса, кетеди.

•

«Р»ға тили келмейтуғын балаға сүтти ямаса суўды жалатып ишкизе берилсе, нуқсаны кетип, оны айта алатуғын болады.

•

Өлиге шашылған дан тиске басылса, тис аўырыў қояды.

•

Шыйқан қайта қайта шыға берсе, қырық бир бөрек писирип, көшениң айрығында отырып желинсе, өз-өзинен жоқ болады.

•

Жумыс ислеп атырғанда биреў шын ықласы менен таңланса, «көзиңе дуз» деп нәзерин қайтарыў керек.

•

Азанғы ўақытта ыссылай шалғам жеген, көкирегиң жумсарып, ҳаўазың ашылады.

•

Жасында саз кеўек жеген бала үлкейгенде ақыллы болады.

•

Түлкиниң тиси аўырыў тиске қосып таңылса, аўырғаны қояды.

•

Түлкиниң аяғы қуян кесели бар адамға «ем» деп берилсе, шыпа табады.

•

Түйениң жүнин, шуўдасын ямаса кийизди күйдирип жараға сепсе, таўир болады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жараға айтымын айтып, атқулақ байласаң, аўзы ашылып, ириңди сорып алады.

•

Даўыс қарлыққанда қойдың сүти менен шайылса, тамақ ашылады.

•

Иш бурып аўырғанда, «Я пирим, бирим!» деп қасқырдың терисин ем қылса, аўырғаны қойды.

•

Көз аўырғанда, «Шекшек Ата, емин бер!» деп, текениң етин сүрме сүрткендей етип жақса, шыпасы тийеди.

•

Көз жасаўрағанда қоянның қанын «Дәрмың болғай таўшаным, шыпа алғай раўшаным» деп көзге жағылса, ем болады.

•

«Балықмайым – балғым, шамшырағым – жарығым» деп балықтың майын көзге сүртсе, көз раўшанласады.

Көзге «ақ түсти» деп айтылмайды, «гүл түсти» делинеди. «Ақ түсти» десе, ағы көбейип кетеди.

•

Көзге гүл түскенде де, қоянның ети тартылса, көздиң ағы кетеди.

•

Қоянның қанын қойыўласқаннан соң көзге тартылса, көз қышыўын қойды.

•

Қутырған ийт тислесе, сол ийттиң өкпесин алып жесе, қарсы ем болады.

•

Ийттиң шарбымайы аяққа жағылса, аяқтың суўық тартыўы қалады.

•

Бетлери лаң болған адам пышықтың гөшин жесе, таўир болады.

•

Кирпитикенниң гөши бүйирдеги шаншыўды жоқ етеди, иштеги желди айдайды.

•

Шегирткени отқа салсаң, түтини сүйек аўырыўы менен аўырған наўқасқа пайда береди.

•

Кекликтиң ети ҳәр айда көзге тамызылса, көз раўшанласады, зейин ашылады, умытшақлық азаяды.

•

Шешек, лаң болған адам «Перий, перий, перилерим, жебиң таслап, бери келиң!» деп кептерлерди шақырып, кептерханада турса, кептеркепли перилер жәрдемге келип, дәртине даўа болады.

•

Кептердиң қаны көзден жарақат алғанда пайдасы тийеди.

•

Көзи қатты адам бирер нәрсеге нәзери кеткенин сезсе, «түпалам» деп түпириўи шәрт яки оны сезген адам түпирттирип, «Көзиңе дуз, суғын тасқа!» деп қайтарса, зыяннан қалыс болады.

•

Ҳайўанлардың, қуслардың жанын көп қыйғанның ақыбети жақсы болмайды, қаны тутады.

•

Жантақтан демленген шай ыссыда да шөллетпейди.

•

Тис аўырғанда оның қақсағанын қойдырыў ушын билектиң алақанға жақын жериндеги тамыры сарымсақ пенен ысқыланып, сол жерге сарымсақ таңылады. Оң жақтағы тис аўырса, шеп билекке, шеп жақтағы аўырса, оң билекке таңылады. Тис қойғаннан кейин, байлаў шешилип, билекти жыллы суў менен жуўса, сарымсақтың да ийиси қалмайды.

•

Шымшықтың мәйегин усласаң, бетиңе сепкил шығады.

•

Тамақ аўырғанда, сол адамның аўзына үлкен қурбақаны жақынлатып, бийтапқа бирнеше мәрте «ўўқ-қа» деп дем алдырады. Сол ўақытта қурбақаның жүреги қатты-қатты соғады. Қурбақаны қойып жиберген-де, азғанадан соң ол өлип қалады, ал бийтап саўалады.

•

Жүйке кеселлиги барлар «Етиң ет болғын, шыпасы сеп болсын» деп пышықтың гөшинен жесе, аўрыўынан айығады.

•

Лықлық тийген адамға суў ишкизип, оны бирер сөз бенен жеркендирсең, яки ашыўына тийсең лықлық тарқайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Асқабақ жегенниң деми санаўсыз болады.

Сексеўил жантақтың шоғына бирнеше мәрте жалаңашланып отырылса, бабасыр кеселлиги кетеди.

Перзент болғаннан (қумға, дузға түскеннен) соң суўық сууға шомылса, денени аламыш басады.

Тумаў тийгенде таза гөштен болған ямаса балықтан (әсиресе, шортаннан) исленген сорпаға қызыл бурыш салып ишилсе, ҳешбир нышан да қалмайды

Мурын қанағанда танаўға пахта тығылып, маңлайға суўық сууға басылып, сүлги қойылса, қан тыйылады

Дузден аўырып келген адамды үш мәрте оттан атлаттырып үйге киргизсе, бойы жеңилленеди.

Қысқы уйқыдағы тасбақаның аўзындағы мәргия шөбин алған адам кеселине шыпа табады ҳәм тилеги бәржай болады.

Ат шаншыўлағанда, бир шеттен қәбирдиң парамындай шуқыр қазылып, атты үш мәрте айландырып, ат ақ тер, көк тер болып терлегенше шапса, шаншыўы қалады. Халық буны «Едигениң қәбиринен айландырыў» деп атайды.

Сары аўрыў болған қасте қулағының артындағы тамырын үш мәрте тарттырса, тәўир болады.

Сарый адам пал жағылған қатты нанды анар суўына батырып асаса, асқабақ гешир, қақ ерик жесе, шыпа табады

Кирпитикенниң гөши денедеги ийне менен шаншыўды алады

Тилдиң ушын жеп жеген бала дилўар болады

Гөшти көп жеген қыз тез бой жетеди.

Гөшти көп жеген ер адам ерте қартаяды, жүзин ажым басады

Азанғы ўақытта хошийисли гүллер арасында жүрип, ийисин алған адамның умытшақлығы кетеди.

Жаман аўрыўдың аты айтыла берсе, кесел қонақлап қалады.

***Диний тутымларға ҳәм ески исенимлерге байланыслы ырымлар***

Шашты жума күни алдырса, зәлели кем болады. Сол күни әлийлердиң байрамы емиш. Сонлықтан мүңкир-нәңкирлердиң саўал алыўға қолы тиймейди екен.

Сүўретке түсе бериў, жанлы затлардың сүўретлерин салыўға шәрият жол бермейди. Себеби, о дүньяда салған сүўретиңе жан бериў талап етиледи

Пышыққа аўқат бергенде маңлайына бир шертип отырылады. Өйткени, ийт, пышық сөйлескенде ийт «Мен сыртта турсам да, тамағым жоқ» десе, пышық: «Мен ишпан» дейди екен. Шертип отырыў тамақ бергенди есине салады.

Таўыққа дән бергенде тықыр-тықыр ететуғын нәрсениң үстине салып берилмесе, жегенин умытып кетеди.

Жығылғанда, жаман түс көргенде, қорыққанда калийма-шәҳадат қайтарылып, азанда ерте менен айыз (бәйшешек, шеллек) писирилсе, қәтерлердиң бети қайтады.

Үйде жети жасар ул турғанда, жетпис жасар кемпирге аят оқыттырылмайды.

Жаңа ай туўғанда, үш мәрте ийилип сәлем берилип, «Жаңа айда жарылқа, ески айда есирке!» айдың айтымы айтылады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаңа ай туўғанда ҳәм биринши көргенде бала-шаға менен бирге тәжим етип: «Қудайым, жаңа ай, жаңа жылларға бала шағам менен аман-саў, ойнап-күлип, ырысқы-несибемиз бенен жеткере бергейсең!» деп жақсы тилек тилесе, айдың саўабы алынады.
•

Ораза тутпағанлар ораза тутқан адамларға ҳадал хызмет ислесе, ораза тутқанның саўабы менен барабар саўап алады.
•

Мал, жанлық, таўық ҳәм т.б. баўызларда басы қублаға қаратылып шалынады.
•

Марҳум ҳаялдың денесин үйден шығарғаннан соң намазы оқылып болғанша, қапыны жаўылып қойылады.
•

Аспаннан жулдыз ағып түссе, биреўдың қазасының жеткени. Бундай ўақытта «Жулдызым жоқары!» деп үш мәрте даўыслап айтылады.
•

Пийшемби күни «өлиниң арўағы кир суў ишип қояды» деп кир жуўылмайды.
•

Жаңа кийим алғаннан ийеси кийип көриўи тийис, болмаса шайтан кийип қояды.
•

Жаңа түскен келиншек күйеўиниң бас кийимин кийип көре берсе, үйдиң бас ийесине айланады.
•

Кешкилик жаптан өткенде, нешине кесек таслап, «бисмилла» деп айтылады.
•

Қырман ататуғын ўақытта самал шақырыў мақсетинде, «Айдар, Айдар» деп шамал кийесиниң аты айтып шақырылады.
•

Кеште ҳәм түнде түс айтылмайды. Түсти айтпаса болмайтуғын жағдайда алдын «Алдым – күндиз» деп айтылады.
•

Түске қайтыс болған жақын адамлар кире берсе, ийис шығарылып турылса, ас-тағамнан дәме еткен арўақлардың руўхы тынышланады.
•

Ҳайтлық күнлери үш күнге шекем ыдыслар суўға толтырылып қойылады.
•

Зиyaратқа азанда ерте барылады.
•

Жаңа түскен келин үйге от атлатылып киргизиледи.
•

Сыйыр күн батқанда ашық далада саўылмайды. Ай, жулдызлар көрсе, көз тийип, тез суўалып кетеди.
•

Түнде жатарда «Жатқызғайсаң я Алла, турғызғайсаң иншалла, турғызбастай ис болса, сақла өзиң илаҳа иллалла» деп тилек тиленеди.
•

Бир үйден еки адам қазаланса, биринщиси есиктен, екиншиси айнадан шығарылады.
•

Өли оң жаққа шығарылганнан соң ғана даўыс шығарылады.
•

Өли адамның басы қыймылдап турса, байланады. Болмаса және бир адамды шақырып турады.
•

Өли суўға ендирилип атырғанда даўыс шығарылмайды.

Марҳумды шығарарда үстине жүўери, гүриш ҳәм т.б. дан шашады. Сонда ол адамның гүналары төгиледи.
•

Намазжайда аят оқылып, ҳәмме уйып атырган ўақытта даўыс шығарылмайды.
•

Намаз тек қублаға қаратылып оқылады.
•

Өлини жерлеп болып қырық адым санап шығып дуўа, Қуран оқып болғаннан соң, сүйекшилер изине қарамай, қайырылмай қайтады.
•

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп жасаған қария ҳәм көптиң сүйикли адамы қайтыс болғанда, оның кийимлери менен услап тутқан затларын «төберик» деп билисип алғанларға марҳумның жақсы қасийетлери де дарыйды.

•

Марҳумның ас-абатына қара сорпа қайнатылады.

•

Өлиниң денеси қатпай қалса, ол жатқан жерге шеге қағылады.

•

Өли арўақ жабысласлығы ушын марҳумның жатқан жерине май тамызылатылады.

•

Намаз шығарылғаннан кейин жерпеше терис төселип қойылады.

Ҳәр жыныстың өз пири бар болып, ер адамлар «Я, пирим Шаҳмардан!» деп сыйынса, ҳаял-қызлар «Я, пирим Бийпатпа!» деп тилге алады.

•

Саўда-сатық пенен шуғылланыўшылар базардың пири – Баҳаўатдин атаға, темиршилер усталар темирдиң пири – Даўыт атаға, шығыр тартыўшылар – Лайлеж бабаға, кеме айдаўшылар суўдың пири – Сулайманға, балық аўлаўшылар балықшының пири – Мардан атаға, түйекешлер түйениң пири – Ўайсил Қара бабаға, падашылар сыйырдың пири – Зәнги бабаға, жылқышылар жылқының пири – Жылқышы атаға, қойшыманлар қойдың пири – Шопан атаға, жыраўлар қобыздың пири – Ҳәзирети Бурық ҳәм Қорқыт атаға, бақсылар – Қамбар ата менен Ашық Айдын пирге сыйынады. Сыйынып баслаған ис барқулла сәтли болады.

•

Дийқанлар қырман суўырғанда, дән тазалағанда, балықшылар желқомлы қайық айдағанда ҳаўа райы тымық болса:

Қамыс басын қалтырат,
Жеңен басын жалтырат,
Кишшийт-кишшийт, кел самал,
Бизге жәрдем бер, самал!, - деп шақырып, самал пириниң атын атаған ҳалда «Айдар, Айдар!» ямаса «Ҳуппа!» деп көпшилик болып даўыслайды.

•

Мейлиң алса, не нәрсени жесең де ҳадал болады.

•

Жылымына балық түспей жүрген балықшы бир жанлықты пири Мардан атаның жолына бағышлап, қанын суўға ағызса, жылымы майланады.

•

Тасли санағанның өмири узын болады.

•

Әткеншектен қулап қазаланғанлар «шейит» есапланады.

•

Урыста жери, ел-халқы ушын гүресип қаза болғанлар шейит болып саналады.

•

Ериниң ашыў ызасына ерген, тил қайрамаған ҳаялға о дүньяда дозақ оты ҳарам болып табылады.

•

Ҳаял адам «ерим – пирим» деген түсиникти санасына сиңдирмегенше, үйине берекет дарымайды.

•

### *Салт түрлери ҳәм үрп-әдетлер менен байланыслы ырымлар*

Аяғы аўыр ҳаял ул туўғысы келсе, еркектиң қурал-жарақларын дастанып жатады, қыз туўғысы келсе, тағыншақларын бас ушына қойды.

Жаңа түскен келиншектиң табағына «қурсағы толы ул болғай!» деген ырым менен малдың уятбары салынады.

•

Баласы турмаған жубайлар жақсы нийет пенен қоныс жаңалайды.

•

Гедекти жерден ким көтерип алса, киндигин сол кеседи.

•

Баланың киндиги түссе, оны ақ сүпке орап «өсип өнсин, мийўелесин» деген ырым менен мийўели дарақтың түбине көмеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кимниң баласы турмаса, кусшыдан қарақустың кебин алып, соған дуўа оқытып, үйиниң шаңарағына илип қояды. Баласы есин билип: - Мынаны неге шаңараққа асып қойыпсыз? - дегенше илдириўли орнынан алынбайды.

•

Ана үшем туўса, биреўи нийшанға, биреўи күйеў тәрептен жақын туўысқанға бериледи.

•

Ана төртем туўса, биреўи алыс туўысқанға бериледи.

•

Жерик асын қызғанған ҳаял қыз туўады.

•

Жерик асын қызғанбаған ҳаял уллы болады.

•

Инсанның тәғдири қай ўақытта, қай жерде туўылғанына да байланыслы болып келеди.

•

Бесик аларда саўдаласылмайды, устаның айтқан баҳасына шаппат урылады.

•

Баланың сүт тиси түскенде, «Тышқан, тышқан, сениң тисиң сүйек тис, азыў тисиңди балама бер!» деп ошаққа ылақтырып жиберилсе, орнындағы тислер тез жетилип, беккем болып шығады.

•

Туңғыш перзент «даўлет ийеси» саналады.

•

Туңғыш перзент асыраўға берилсе, үйдиң даўлети қайтады.

•

Туңғыш перзенттиң аты ата-анасы тәрепинен де аталмайды. Әсиресе, ул баланы «Бекей» (Бекеш, Бекежан, Бекей, Бекетай ҳәм т.б.) деп атайды.

•

Жаўын тынбай жаўғанда туңғыш бала:

Жаўма күним, жаўма,

Мен анамның туңғышыман,

Қазан қырар қырғышыман, - деп жол қарағандай етип жер тирениp турса, жаўын тынады.

•

«Баламның қалың малы аз болсын, қызымдики көп болсын» деген нийетте, ул бала отыз бес күнде күнде, қыз бала қырық бес күнде қырқынан шығарылады.

•

Баланың еки аяғына байланған тусаўжип шаққан, ҳәрекетшең адамға кестирилсе, аяқ-қолы жеңил болады. Тусаў кесерде:

Ғаз-ғаз балам, ғаз балам,

Қурысыңды жаз балам,

Адымыңды керейик,

Көз тиймегей түлирейик, - деп «тусаўкесер» айтымы айтылады.

•

Баланың тиси түскенде жайдың тырнағына «Таў бол, тас бол, мениң менен жас бол!» деп көмиледи.

•

Биреў сөйлеп отырғанда бала түшкирсе, сөйлеўши ҳақ гәпти айтып отырған болады.

•

Баланы тақ (үш, бес, жети) жасында сүннет еттиреди.

•

Бала туңғыш жолға шыққанда кишигирим болса да, «жолашар» салты бериледи.

•

Бала туңғыш мәрте аңға шығып олжалы болса, «қанжығасы қанлы болсын» деп өзиниң қанжығасына байлатады.

•

Балалығында таўықтың мойнын жеген жигит көп үйленбей жүрип қалады.

•

Келиншек шымылдықтың шеп жағында отырғызылады.

•

Жас келинниң жалқан наны жумсақ болса, көўили де жумсақ болады.

•

Ҳаял адам жалаңбас жүрсе, ер азаматтың, ел-журттың бахтына кес болады.

•

Ҳаял заты киймизиниң жеңин тақоай жүрсе, бахты қайтады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ер адам дастурхан басында жалаңбас отырмайды. Ас қайырып, пәтия әлеслеренде де баскийим кийип оқылыўы лазым, болмаса үйдиң периштеси қашады.

•

Ер адам үйден азанда жолға атланғанда, үй бийкеси хожейиниңиң қайда баратырғанын сорамайды. Сораған жағдайда жолы болмай қалады.

•

Турмыста жүз берген қәрқандай қуўаныш кишигирим етип болса да белгиленип барылса, үйге ырыс-береке дарыйды.

•

Адам дүньядан қайтқанда, оның жасалма тислери алынып жерленеди. Егер алынбаған қалда, ийесине аўырлық етеди.

•

Дастурханды жайғанда, ашық жағы есикке қаратылып, туйық тәрепи төрге қаратылып қойылса, ырысқы-несибе арылмайды.

•

Ас үстинде келген адамға «қайнененңиз сүйеди екен», «бизлерди мақтап жүреди екенсиз» деп аўқаттың қойыўы, сыбағаның сыйлысы усынылады.

•

Дастурхан жыйналғаннан кейин келген адамды ҳешким хош көрмей, ишлеринен «сыртымыздан жаманлап жүреди екенсиз» дейди ҳәм «жаманлығың шайылып кетсин» деп шайға мирәт етеди.

•

Жүн үйдиң оң тәрепинде болып, оңына жыйналады. Солай болғанда, Қыдыр атаның жүзин көреди, үйге дәўлет шақырып турады.

•

Қарүйди тигеннде, шаңарақты үлкен күйеўге көтертиреди.

•

Есикти арқалаўға, сондай-ақ жоқарысынан услап тартылыўға, асылыўға болмайды.

•

Кийим оң жақтан кийиледи, қәдем оң аяқтан тасланады.

•

Той гәрщемби́ниң гетли күни берилсе, арўақлар тилеклес болады.

•

Той үстинде жуплап табақ тартылмайды, екеўлеп табақ тасылмайды.

•

Жасында қаспақ жегенниң тойында қар жаўады.

•

Исти шала қалдыратуғын жигит сүйгенине қосыла алмайды.

•

Күйеўдиң алдына «тәслигиң мол болсын» деген ырым менен тәс қойылады.

•

Күйеў келгенде, дастурханда тыйық турса, изи қайырсызлыққа әкеледи.

•

Құданың егигин ашыў ушын қойдың қолдаўы менен жамбасы жибериледи.

•

Құда келгенде дастурханда ашшы зат қойылса, араға аразлық түседи.

•

Құда түсиў ўақтында «қудалығымыз мазалы болсын» деген ырым менен дастурханга қаўын-гарбыз, алма-жүзим, қант-набат, пал, халўа ҳәм ҳәрқыйлы шийринликлер қойылады.

•

Дийқанлар қырманның кейинин өзлери алады, биреўге берсе қырманның берекети соған кетеди.

•

Бурын барған жерине және баратырған адамнан «жоллық» сералады.

•

Қара лышық жолды кесип өтсе, жол кесиледи. Ондай жағдайда кейинге, үйге қайтылады ҳәм қапы ашып, қайтадан шығылады. Аса асығыс жағдайда, өзге жети қәдем таслап, қайтадан алға жүриледи.

•

Ағайин адамлар бир бири менен пышық күшик алысса, арасы «ийтли-пышықлы болады».

•

Шыны ыдыс (шайнек неге) сынса, үйге дәўлет келип, несибе қосылады.

•

Шайды таўысып ишлеген жигиттиң сүйгени өзге биреўди унатып қалады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Узақ жасаған мама кемпир шаўлық көргенде, шаўлығының алақанына сарымай салып «ырыслы болсын, жуғыслы болсын» деп жалайды.

•

Егер үйде қыз туўыла берсе, келеси бала «ул болсын» деген нийетте оған ер баланың атын қояды.

•

Келиншек түскенде «қазаны майлы болсын» деп ошаққа май қуйылады.

•

Шаўып ойнап жүрген ойын баласы қолындағысын «шашыў» деп шашса, сол үйде той болады.

•

Тойға айтып келген хабаршыға «қоралақ той болсын» деген нийетте жуп нан, намазға айтып келген хабаршыға «өлиге шерик қосылмасын» деп тақ нан усынылады.

•

Кеседе шәмбе көринсе, «қонақ киятыр» деп түсиниледи. Шәмбе узын болса – узын, келте болса – келте, қатты болса – ер адам, жумсақ болса – ҳаял адам киятырғаны саналады.

•

«Келген адам несибеси менен кирсин, дәўлет әкелсин» деген нийетте босағаға пәстек таслап қойылады.

•

Баспақлы сыйыр әкелингенде, үй бийкеси «Туяғы қутлы болсын, туўарым қутлы болсын» деп баспағының маңлайына ун жағады.

•

Нәл отырғызажақ адам нәллеринен «өспейди-аў» деп гүманланып, басқа адамға берсе, бағының қут-дәўлети сол нәлде кетип қалады.

Туқымның аўысқаны жаңа ис баслаған адамға берилсе, берекет соған аўысады.

•

Гүби писилип май алынғанда үй бийкеси:

Босағамыз майлана берсин,

Бақ-дәўлет айлана берсин, – деп биринши алынған майды алды менен қарүйдиң босағасына, уўықларына айландыра жағып шығады. Соннан кейин барып өзи аўыз тийеди.

•

Қазан төңкерилип қалса, несибе кемип, дәўлет қашады.

•

Гелленин қулағы «қатықулақ болсын» деген нийетте үйдиң кенже баласына асатылады.

•

Аңкийимге «қутлы болсын» деп айтылмайды, душпанның басына шығады. Сонлықтан «душпан аңқасты» деп тилек айтылады.

•

Жаңа кийим кийгенде «қутлы болсын» айтылмаса, кийим жақсы хийис бермейди.

•

Жас жигит «басым аўырды» десе, жақсы нийет пенен «басына бас қосылады екен» деп жорылады.

•

Көпшилик пенен сәлемлесип атырғанда қоллар кесилисип қалса, той күтеди.

•

Ерли-зайыплылар сәлемлесе, арасы алшақ түседи.

•

Мал өндирилген өнимниң муғдары саналса, шығын көбейеди.

•

Ошақтағы отынның сыртқа шыққан бөлегин аяқ пенен ысырыў, отты, хожалықты тебиў менен тең саналады.

•

Узақ жерлерге көп ўақытқа баратуғын сапар шығып қалса, дуз, топырақ салып шығылса, үйдиң дуз-дәмеги менен туўған жер шақырып турады.

•

Жолаўшының қайда баратырғаны соралмайды, «жол болсын» айтылады.

•

Тойда келгенлердиң дастурханына жуп наннан, лазымда келгенлерге тақ наннан түйиледи.

•

Еки адам бир-бири менен ойласпаған ҳалда екеўи бирдей бир адамның атын айтса, көп узамай сол адамның өзи яки хабары келеди.

•

Келин шымылдықта отырғанда қайын енеси оған «үй жумысларына ушықтай айлансын» деген нийе-

www.ziyouz.com kutubxonasi

етте урлық пенен азын-аўлақ пахта береди. Келин соны азырақ ийирип, урлыққа орайды.

•

Беташардың ўақтында келинниң аяғының астына, «минези қойдай алпайым, жүндей жумсақ болсын» деген нийетте қойдың териси жайып қойылады.

•

Беташарда келиншекке жүзин жапқан ақжаўлықтың ушына «мийўедарақтай мийўели болсын, өзинен өнип-өссин» деген нийетте мийўе ағашының шақасы байланады.

•

Көп жасаған қариялар қайтыс болғанда «топырақ жалама» баўырсақ пишириледи. Оны адамлар тәбәрик деп таласып жейди.

•

Алыс жерге жолға шығып баратырған сапар шегиўши жақын-жуўықларына жоллық берип атланса, жолы ашылып, сапары сәтли болады.

•

Қыста биринши жаўған қарды кимдур мойынға салса, оған ашыўланбастан, оны «қарнамаңа қарма же» деп қарма ислеп шақырса, арўақлар ырзы болады.

•

Егер биреў сени ғабырысып биреўге уғатса, онда қандай да бир олжа келеди.

•

Қырмантүп екинши биреўге берилмейди, берилсе, даўлет ушады, қут қашады.

•

***Тәртип-интизам менен байланыслы ырымлар***

Ҳамиледар ҳаял салма бойына қараласа, баласы ақпақулақ болады.

•

Бас кийимди аяқасты еткен адамның басы айланып, тили байланады.

•

Емизиўли бала анасының көкирегин услап емсе – сықмар, қолын таздырып емсе – сақый болады.

•

Нәрестениң несибесине тийген, қудай берген өз несибесинен айрылады.

•

Тиси шыққан бала жәнсиз жылай берсе, аяқ кийиминиң ултаны менен аўзына әсте урылады. Сонда үйге киятырған бахытсызлықтың алдын алған болып саналады.

•

Нан кесилмейди, қос қоллап үзиледи.

•

Гөш туўрап атырған адам «өтиригиң бар екен» деген сөзди еситпеўи ушын гөштиң усағын да қалдырмай табаққа салады.

•

Биреўге қарап керилгенниң еринщеклиги жуғады.

•

Көпшик үстинде көп отырған баланың ақылы кемис болады.

•

Бала өз-өзинен жүкке отырға, мине берсе, қыз апасы оң жақта отырып жүкли болып қалады.

•

Ер бала аршаның, жүктиң үстине көтерип отырғызылса, узақтан қыз алады, қыз бала болса, алысқа турмысқа шығады.

•

Кийимди жамылмай, жеңине қолды суғып кийип жүриў лазым.

•

Шемиш пенен аўқат ишкен жигиттиң, қалыңлығының мурны шемиштей болады.

•

Еки түрли шулық кийгенниң, келиншегиниң қолы суқлы болып келеди.

•

Аяқкийиминиң биреўин кийип, екиншисин киймей жүрген жигиттиң келиншеги уры болып шығады.

•

Жерде жатқан нан алынып маңлайға тийгизилсе, жети мәрте саўап жазылады.

•

Нанды, унды тас төбеге қойып жүрсе, жут, қымбатшылық басланады.

•

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолға шыққанда, дастурханға жуп нан қалдырылса, периштелер үйдиң ырысқығын тилеп отырады.
•
Табақтан аўқат жегенде, алды менен үй ийесиниң өзи баслайды.
•
Аяққийим төрге, жоқарыға қойылса, душпан төбеге шығып кетеди.
•
Ер баланың ықласы кеткен нәрсеси қолына алып берилмесе, алып жүрген адам бийперзент болады.
•
Қасыңды жулсаң, өлгениңде кирпигиң менен тергизеди.
•
Аўқат жегенде дастурханға түскен гүриштен жетеўин терип жеген адамның гүнасы төгиледи.
•
Пышақты түгине (жүзине, жоқары қаратып та) қойып кетилсе, кеўилсизлик жүз береди.
•
Китапты оқып отырып ашық таслап кетсе, шайтан оқып кетеди.
•
Тандыр ишине түскен нанды алып жеген адамның несибеси пүтин болады.
•
Дастурханды бос жыйнаса, ашаршылық жүз береди.
•
Түнде ағарған берсең, сыйырдың сүти ирий баслайды.
•
Қатық уйытпақшы болып қоңсыға барғанда «уйытқы» демей, «аз мաз қатық бер» деп соралады. Болмаса «хожалығымның уйытқысы кетеди» деп бермей қалады.
•
Ер адам түнде суўға барғанда суў алмастан бурын:
Суўдың пири Сулайман,
Сеннен бир қумған суў сорайман, - деп етиниш-тилек айтылады.
•
Еснеген ўақытта шеп қол менен бет көлегейленип, оң қол менен аўыз басып турылады.
•
Жүз мәрте себепсиз өтирик сөйлеген адам дозаққа туппа-туўры барады.
•
Қыз бала аўқатланып отырғанында ыдысын төгип алса, күйеўи маскүнем болады.
•
Қыдырып барғанда қонақ ийеси қыз баланы төрге шығарса, сол үйге берекет, байлық келеди.
•
Ҳаял-қызлар шашын қырықса, о дүньяда қырқылған шашты суўдан, оттан, жерден болса да таптырады.
•
Қыз бала малдас қурынса, әкеден ерте айырылады.
•
Кийимди терис аўдарылып қойылса, ойлаған нийетлер терсекейине кетеди.
•
Пышақ пенен аўқат жеген адам ашыўшақ болады.
•
Көкти жулған көклей солады.
•
Аўқатты уялып жемеген де «гүна» есапланады.
•
Нанды әўели жаўып келген жанның өзи жейди, басқалар соннан кейин аўыз тийеди.
•
Азанда күн шықпай турған адамның ырысқысы артық болады. Кеш турғанның несибеси кемийди.
•
Суўдан ушынғанның келеге келиўи қыйын кешеди.
•
Уйықлағанда ақ жамылып жатпайды, әдетте ақ кепин өлиге жабылады.
•
Астынан өтиўге болмайтуғын жерден жүриў қадаған етиледи, егер абайламай өтип кетсе, изине қайтып, қайтадан өтеди. Бала өтсе, бойы өспей қалады, ересек адам өтсе, жолы болмайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала бир жерге узақ тығыла берсе, шайтанның қойын баққан болады

*

Гүрилли аўқат жетенде дастурханға түскен гүрингтен жетеўин жеген адамның ырысына ырыс қосылады.

*

Кесе түбинде шай қалдырып ишкен қыздың болажақ күйеўи маскүнем болады

*

Нанның күйигин жеген ер бала бай болады, қыз бала узақ жасайды

*

Қағазды аяқасты еткен адам жесапатқа ушырайды

*

Сүтке шомылған адамды ағарғанның кепетейн урады

*

Қамыс түбине сүйелмейди, тек оли шыққанда ғана оны солай тикейтип қояды

*

Үйди еки сыпсе менен еки адам сыпырмайды

*

Олжа таўып алғанда «Мынаў кимдики?» деп үзип-үзип үш мәрте даўыслаў тийис, егерде ийеси табылмаса, оны ийелеўге болады

*

Алдын жүрип өткен адамның изин басып жүрилсе, алдынғы адамның дымары қурыйды

*

Уйқышыл бойдақ жеси қыйтар қызға үйленеди

*

Себепсиз көп күлген, себеп пенен бир жылайды

*

Жуўылған кийимди терис аўдарып жайып қояды

*

Өлиниң көрпе-төсеги, кийим-кеншеги жулдызлы түнлери жайылып қойылады

*

Марқумның ас абатына қара сорпа қайнатылады

*

Өлиниң денеси қатпай қалса, ол жатқан жерге шеге қағылады

*

Қабиристанға апарылған затлардың (гербиш, ағаш ҳәм т.б.) аўысқаны алып қайтылмайды, бир шетке жыйнап қалдырылады

*

Өли арўақ жабыспаўы ушын марқумның жатқан жерине май тамызылатылады

*

Намаз шығарылғаннан кейин көрпеше терис төселип қойылады

*

Гөр қазыў пайытында бел екинши биреўге қолма-қол берилмейди, жерге тасланады

*

Тәберикке берилген кийимниң илгеги қыйып алып қалынады

*Тазалыққа байланыслы ырымлар*

Ана баласын таҳәретсиз емизсе, бала бийпәрқ болып өседи.

*

Үйге мийман келгенде көрпеше бир қағып салынады

*

Үйге келген мийманға көрпешениң оң жағы төселеди

*

Қол жуўылғанда тарақлап жуўылады.

*

Жуўып болып қол силкисе, аўқаттан дәме етип келген арўақлар аўлақ кетеди

*

Дастурхан пышақ пенен қырылса, қағаз бенен тазаланса, сол үйдиң берекети қашады

*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нанның арқасына жабысқан тандырдың кесегин нан жабыўшы майлықты дизесине маўып, үстине нанды қойып, арқасын пышақ пенен қырып тазаласа болады

*

Ҳаял адам шашын отқа жақса, о дүньяда сол ананың балалары «Анамыздың шашы отқа кетти» деп қолларын отқа тығыўға мәжбүр болады

*

Түпиргенде түпирик жайылған суў мәкирүў саналмайды

*

Бала табанын тартса, әкесиниң баслаған иси табанлап қалып, кери кетеди

*

Өрмекшини өлтирген қырық гүнасынан қутылады

*

Шайды ишпестен алдын үш мәрте қайтарса, шығымы жақсы болады

*

Ағарған төгилсе малдың желини кетеди.

*

Қазанның түбиндеги сүттиң қатқанын қол менен тартып жуўсаң, сыйырдың емшегине жара шығады

*

Тандыр басында ийт-пышыққа нан берилсе, ырысқы-несибең далаға кетеди

*

Ыдысты пышық жаласа, үш мәрте, ийт жаласа, жети мәрте «бисмиллә» деп шайылады

*

Гүриш жуўған суўды төкпей, оның менен майлы қазан-табақ жуўылса, майдың ысын алады, үйге береket дарыйды

*

Түнде ас суў ишкен орын тазаланбай қалса, сол жерди жин-шайтан ийелейди

*

Дүзде қалып қойған кийим от пенен аласлап болып, кийиледи.

*

Тозығы жеткен жарамсыз кийим өртеп жибериледи, ал пайдаланылса, кийим ийеси бас аўрыўына тап болады

*

Тандырға ийттиң тезеги тасланса, нан турмайды

*

Тандырдан аўысқан суў үйге әкелинбейди, тандырдың дөгерегине серпип жибериледи

*

Кир жуўған ләген үш мәрте жуўылады

*

Түнде суў қуйылған ыдыслардың үсти бастырылып қойылмаса, пери дем салып кетеди

*

Жанып турған отқа суў себилсе, отың өшеди, шаңарағың ортасына түседи

*

Тырнақты алғаннан соң еслеп қалғандай жерге көмип тасланса, о дүньядағы саўалың жеңил болады

*

Үйдиң алды таң ата сыпырылса, перишителер несибеңе несибе қосып кетеди

*

Киси тарағы менен шаш таралса, кери тәсири тийеди

*

Майлы аўқат жеп болып майын қасқа жағылса, қастың ғәўабы алынады

*

Гүби пискенде алынған май әўели қасқа жағылып, соң аўыз тийиледи

*

Қан шығарылмаған мал ҳарамға есапланады, ҳадаллап жеў ушын қыяқ пенен баўызланса да қан шығарылады ҳәм соннан кейин ҳадалланады

### *Аўызбиршиликке, әдеплилик, сыйласыққа байланыслы ырымлар*

Ағайинниң балалары бир-бирине мийримли болыўы ушын жаңа туўылған нәрестениң аяғынан баслап үстилерине шийринликлер байлап көрсетиледи

*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәбектиң атын қойдыртыў ушын әўели кеўилжақын жасүлкенге мират етиледи.

•

«Нан же» деген миратти қабыл алып, аўыз тийип етилсе, әрўақлар жылаўында жүреди.

•

Әўлийеге қарап қол шошайтып қойғанда, көрсеткиш бармақ тисленеди ҳәм аяқтың табанларына бир-бир басылады.

•

Күлкини тыйыў қыйын болса, тырнақтың жағыўына қаралады.

•

Ер адам тандырға үңилсе, ҳаўлдың қуты қашады.

•

Босағаға келип жығылған адамның аўзына май менен нан асатылады.

•

Босағада турып сәлемлескен яки қошласқан адамлар тез арада бири-бири менен гийнелесип қалады.

•

Малдың төсиниң қасындағы шемиршекти тамға ылақтырылып жабыстырылады.

•

Үй бийкеси сыпсерин биреўге қаратып сыпырса, ислеген хызмети қабыл болмай, өзине жазылған сәўабы жоғалады.

•

Үй бийкеси итке тас ылақтырса, үйдиң ырысқы-несийбеси кетеди.

•

Үйден биреў узақ сапарға атланғанда үш күнге шекем үй сыпырылмайды, сыпырылса, кеткен адамның сапары қәтерли болады.

•

Келген мийманның төсеги үйдиң оң жағына салынады.

•

Жолды беклегенниң жолы кесиледи.

•

Бойдақ жигит босағада отырса, өмири тақ өтеди.

•

Кеседеги шай төгилсе, алыстан мийман келеди.

•

Қайиненеси жақсы көретуғын адам писken астың үстинен шығады.

•

Алағы қарыз үш мәрте соралады, алған адам бермесе, гүнасы қарыз алыўшының мойнына илиnеди.

•

Қарызды «қарыз» деп бергенниң де, «қарыз» деп алғанның да гүнағы еселеп көбейип турады.

•

Әкениң қарызын бала өтесе, сәўабы еки есеге артады.

•

Жас бала бас усласа, әкесиниң өмири қысқа болады.

•

Түс ер адамға жорытылады, бирақ қазиля бар адамға айтылмайды.

•

Түсти азанда турған бойы жорытады ҳәм жорыўшы табылмаса, түс көриўшиниң өзи жақсылыққа жорып қойса, жақсылық келеди. Түс – ериўли қорғасын, қалай жорыса, солай қуйылады. Түс – түлкиниң тезеги, түйениң қумалағы, қалай жорылса, солай жумалайды.

•

Түсти бет-қол жуўып болып жорытса, түс жуўылып кетеди.

•

Таңның алдында көрген түс дурыс келеди.

•

Сүтке суў қосқанлар, о дүньяда кирпигинен айырылады.

•

Сүт-қатық сатқанның гүнасы батпан-батпан аўырласады.

•

Биреўге береси қарыз ўақтында берилмесе, қарыздар адамды о дүньяда ешек етип минип жүреди.

•

Әўлийеге барғанда елиниң басында жақын-жуўығы көп жыласа, көз жаслар думан болып, марҳумның өзине изинен ким келгенин көрсетпей қалады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өли шығарылар ўақытта ҳамиледар ҳаял белин орамал менен буўып турады.

•

Өли шығарылар ўақытта бет жуўылмайды, үйде уйқылаған адам қалдырылмайды.

•

Лазымға барғанда өлиниң үстинен ғыйбат сөз айтылса, гүнасы айтқан адамның атына жазылады.

•

Лазымға барып болып, намазы тарқамай турып кетип қалған адам марҳумның ең аўыр гүнасын арқалайды.

•

Намаз шықпай турып бас жуўылса, кир жуўылса, жуўған адамның басына қайғы түседи, өли кирдиң суўына батады.

•

Әкетип баратырған табыттың алдынан кесе-көлденең өткен адамға өлиниң шилләси түседи.

•

Қазанды көсеў менен қақса, сол үйдиң қазаны орта түседи, ырысы азаяды.

•

Оразашыларға аўызашар берген үй ораза тутқанлар менен теңдей саўап алады.

•

Тайын асты аўыз тиймей таслап кеткенниң несийбеси кемийди.

•

Жаңа түскен келиншек үйге ийилип киргенде, босағаға маңлайын тийгизип, ишинен «Ақ босағам!» деп атлайды.

•

Жаңа түскен келин аўқаттың дузын дәслеп енесине көрсетип алады, соң «Қолым мазалы болсын!» деп нийетлеп, өзи дәм татады.

•

Жас келиншек анаў-мынаў затларды жасырып жей берсе, баласы суғанақ болады.

•

Жас келиншек бийкешинен бурын аўқатқа қол созса, баласы кемис болып туўылады.

•

Неке жүзигин жойтқан адамның өмири қысқа болады.

•

Наўқастың кеўилин биймезгил сораған адамның ташўиши артады.

•

Жаңа турмыс қурған жас жубайлар бир-бириниң аяғын ким биринши болып басып алса, басып алғаны үйдиң бийи болады.

•

Биреўдиң үйинде аўқатқа түйилип қалған адам келеси жылы тағы да сол үйден дуз ишеди.

•

Босағада турған ерси есапланады, себеби, өлини босағада бир қойып болып шығарады.

•

Бала босағаны баса берсе, үйдиң де, үй ийесиниң де дәўлети қайтады.

•

Қыдырып барған жеринде қыз бала төрде отырғызылса, сол үйге дәўлет дарыйды.

•

Бой жеткен қыз өзиниң жақын арада турмысқа шығатуғынын-шықпайтуғынын анықлаў мақсетинде жазда дәрьяның бойына барып, бир шамен гүлди суўға таслайды. Егер шамен батпай ағып кетсе, қыз сол жылы турмысқа шығады, ал шамен жағада ықпай иркилип қалса, сол жылы дузы көтерилмейди.

•

Аўқатланып отырғанда, қасық түсип кетсе – ҳаял адам, пышақ түсип кетсе – ер адам келеди.

•

Бир салым дуз сорағанға «өз дузыңнан ала ғой» деп үш салым дуз бериледи.

•

Ерли-зайыплылар аўқатты қараңғыда жесе, баласы уры болады.

•

Ата анасы бар адам олардың көзинше жилик кемирсе де, майын шағып жемеўи тийис, ата-анаға мийримсиз болады.

•

Мийман келгенде үй сыпырылса, қазан-табақ тақырлысы еситилсе, мийманның тынышы кетеди, үйдиң ырысы кетеди.

•

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсылық хабарды жеткерген айтыўшы қурықол қайтарылса, соңы қайырсыз болады

•

Ҳаял адам күйеўиниң атын айтыўды әдетке айландырса, үй бийкеси бас аўырыўға шатылады

•

Келген адам үйден қурыаўыз шықса, сол күнги несибе де азаяды

•

Әкеси бар адам малдас қурынса, әкесиниң аяғы қақсайтуғын болады

•

Бала жиликтиң ортасындағы майын жесе, ата-анаға мийримсиз болып шығады

•

Жоқын адам қарындасына табақ берсе, сүйеги сырқырайды

•

Усынылған саўғадан бас тартылса, саўға ийесиниң қолы аўырады.

•

Қазанның шетине қасық қағылса, қазанның қуты қашады

•

Ашшы дәм-дәмеклер (бурыш, пияз, дуз) қолдан-қолға берилсе, алыс-берис қылғанлар бир-бири менен ашшыласып қалады, үйде урыс-жәнжел шығады

•

Тыйық буйымлар жерге қойылып берилмесе, оны алыўшы менен бериўши арасында тосаттан аразлық пайда болады

•

Намаз оқып отырғанда намазға уйыўшының алдынан кесип өткен адам шайтанның жылаўында кетеди

•

Есиктиң еки жағында турып сәлемлесилмейди, я иште, яки сыртта турып сәлемлесиледи.

•

Еки қумған қатарластырылып қойылса, үйге аза шақырады

•

Намазға айтыўшыға «нан аўыз тий» деп айтылмайды

•

Ер адам алыс сапарға атланғанда ҳаял адам шығарып салмайды

•

Ер адам ҳаялдың жаўлығын басына кийсе, қуўаты кемийди, тез қартаяды

***Ҳайўанат, қуслар, жәнликлер менен байланыслы ырымлар***

Үйдиң жанына ҳәккелер қонып шықылықлай берсе, мийман келеди. Егер үйде наўқас болса, жазылып кетеди

•

Жайдың төбесине топ-топ болып сарғыш, узақшалар жыйналса, үйде той болады

Пышық бет аўзын жуўса, күтилмеген қонақ келеди

•

Қоразлар биймезгил шақырса, патшаның жаңа парманы шығады

•

Қораздың басын күн батарға қаратып сойса, басқалары шақырмайды

•

Түстен кейин қораз шақыра берсе, кесеклеп қуўылады. Сонда жаманлықтың алды алынады. Онда да қоймай, үзликсиз шақырса, услап шалып тасланады

•

Аўқат-шайға пышық түссе, саўға-сәлем келеди

•

Әтиўек қанша мәрте шақырса, еситкен адамның және сонша жыл жасайтуғынынан дерек береди. Егерде шақырғаны биринши мәрте артыннан еситилсе, демниң таўсылажақлығын аңлатқаны делинеди.

•

Балықшының тор-жылымына, қармағына бириншиден киши балық түссе «Анаңды, әкеңди жибер!» деп суўға тасланады. Сонда аў оңынан келеди.

•

Тасбақа, қурбақа төңкерип қойылса, жаўын жаўады

www.ziyouz.com kutubxonasi

Пышық ыссы жерде жатса, күн суўытады.

•

Шыбын көп болса, сол жылы молшылық, тоқшылық болады.

•

Егинге түскен қуртты жоқ етиў ушын балықты унтап, атызға себелесе, қурт кетеди, суў мол болады.

•

Ийттиң тилеги жақсы болады: «Усы үйдиң он баласы болғай, ҳеш болмаса солардағы нанды қағып алып жесем де күнимди көрер едим» дейди.

•

Пышықтың тилеги жаман болады: «Бул үйде кемпир-ғарры ғана қалғай, биреўиниң оң көзи, екиншисиниң шеп көзи шыққай! Биреўиниң оң жағынан, екиншисиниң шеп жағынан барып, алдындағысын тартып жер едим» дейди.

•

Күшиклей асыраған ийттиң аўқатына суў қосып бериўге болмайды. Араластырсаң, о дүньяда аўқаттан суўды айырыўға мәжбүрлейди.

•

Базарға мал сатыўдан алдын ҳәрренин уясын түтетсе, қарыйдар ҳәрредей бызынайды.

•

Сыйырдың сүти ирисе, орақ өңгерип қарыйды.

•

Қой бағқанға питеди, қой бейиштен шыққан жаныўарлар қатарына киреди.

•

Гүллыгулықтың қанын ершесине жаққан бала жуўырғыш болады.

•

Қапыда турған өрмекшини көргенде:
Қонақ болсаң қолға түс
Жолаўшы болсаң жолға түс!, - дейди. Әгер қолға түссе, қонақ келеди, жолға, жерге түссе, жолаўшы болады.

•

Қой сақлаған үйге берекет дарыйды.

•

Шақы жоқ сыйыр асыраған үйдиң несибеси кемийди.

•

Ийт аспанға қарап улый берсе жақсылық нышаны саналмайды. Ондайда урып, улығанын қойдыртады.

•

Кийели қусларға (кептер, қумыры, байыўлы т.б.) азар тийгизилсе, қарғысы тез өтеди.

•

Байыўлыны «байыўлы» десең, «бай-байлап қалғайсаң» деп қарғанады-мыш. Сол ушын оған «мурат қусы», «мурадалы», «мурадқусы» деп айтылады. Сонда муратыңа жетиўиңе тилеклес болады.

•

Қарамал егиз туўса, биреўи садақаға айтылады.

•

Мылтық кешпей қала берсе аңшы олжасыз болса, ийт атылады.

•

Қақпанға аң түспесе, ғарға түсириледи. Сол ырымнан соң қақпан олжалы болады.

•

Аңды үйге тирилей әкелмейди.

•

Денеге жарқанаттың қаны тамса, жара шығады.

•

Байыўлы тепкен адам қуныш болады.

•

Пышық қапының аўзына келип керилсе, үйге мийман келеди.

•

Байыўлылар үйдиң тусына келип шақыра берсе, жайсыз хабарды жеткерип турған болып саналады.

•

Атлы баратырғанда мәмелек айландырғаны сезилсе, аттың басын өз еркине жибериледи, сонда ат адаспастан мәнзилге жеткереди.

•

Ийт те өз ырысқысы менен жатады.

•

www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреўге ийт, пышық берилгенде, «қут кетип қалмасын» деп азғана түк қыйып алып қалынады.

*

Балықты баўызлап қан шығарылмаса да ҳадал, себеби оған «дуўа кеткен» деп есапланады.

*

Үйге кирген жыланды өлтирмейди. «Периштелер жылан келбетине кирип жер бетин шарлап жүреди» деп басына қатық қуйып шығарып жибериледи.

*

Ордалы жыланлар орнын өзгертип басқа жаққа көше басласа, жақын арада жер силкинеди.

*

Қуслар төменлеп уша басласа, жақын мезгилде жаўын жаўады.

*

Жаўын жаўып турғанда күшли самал ессе, қарлығашлар көрине басласа, тез арада жаўын тынады.

*

Қыстың күни ғарғалар ғарқылдасып төменнен ушса қар жаўады.

***Турмыстың ҳәрқыйлы тараўларына байланыслы ырымлар***

Қолда бар ўақтында жетим-жесирге, ғарип-қасерге қайыр-сақаўат исленип, садақа берилсе, әрўақлар тилеклес болып турады.

*

Садақаны зәриў емес адамларға берсең, берекетиң кетеди. Орынсыз садақадан қарыз бергенниң алатуғын саўабы көбирек болады. Қарыз алыўшы мұтәжиниң питкенине қуўанып, миннетдар болады ҳәм шын кеўилинен алғыслайды, ақ пәтия береди.

*

Гүжимди жасы барған адам егеди. Гүжим «Еккен адамның жасынан шегеремен, еткен жақсылығын изиндегилерге беремен» деп тилек тилеп турады.

Үйге қонақ келмей кетсе, дастурханды жайып болып, қайта сыйкип алып қойсаң, көп узамай қонақ келеди.

*

Байқаўсызда кийим терис кийилсе, оңсыз ўақыя дус болады.

*

Абайсызда қолдағы затыңды түсирип алсаң, кимдур асығып күтып турған болады.

*

Биреўдиң үйинен шығып баратырғанда қапының тутқасы, шеге т.б. илмек бир жериңди илип қалса, тосыннан соқлығысып қалсаң, көп узамай сол үйге тағы да жолың түседи.

*

Дастурханның үстине келген адам дәмге мирәт етилмесе, үй ийеси болса – ҳаялы, үй бийкеси болса – күйеўи сырттан кеўиллес табады.

*

Дән суўырғанда ысқырса, Айдарға хабар жетип, самал еседи.

*

Сүйинши сораўшы «Сүйинши!», «Сүйинши!» деп жар салып келсе, жаңалық қайырлы болады.

*

Шебер кийим тиккенде азғана бөлегин алып қалмаса, шеберлиги кетип қалады.

*

Мал сатқанда ноқтасы менен ямаға бас жиби қосып берилсе, малдың бағы кемип кетеди.

*

Қосжақпас адам бир ис питирсе, «қырық қырсығым бирден күйрелсин» деген ырым менен шәптиң басын сындырады.

*

Қумырсқа азықлық затларын дөң жерлерге, тереклерге тасып шығарса, сол жерде жақын арада суў тасқыны болады.

*

Суў көтерип келген адам қапыны өзи ашып киреди, соны ислемесе, әкелген суўы «ели жуўғайман» деп тилеп турады.

*

Етикти шешип болып жатқарып қойсаң, мийнетиң азайды.

*

Бел тиклейтип қойылса, «гөр қазғайман» деп тилек тилеп турады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

- Кендир дақылды ҳаркыйлы зыянкеслерден аман сақлайды ҳам ығал шақырып турады.
- Ийтсийгек етинге зыянкеслерди жолатпайды ҳам молшылық тилейди.
- Бир, үш, бес, жети, қырық, жүз санлары кийели деп саналады.
- Ай шалқалап туўылса, күн суўытыўдың нышаны. «Бизге жайлы, өзиңе жайсыз болсын» деп тилесе, ҳаўа райы өзгереди.
- Күн қызарып батса, «жылылығым бойымда» дегени, келеси күни жыллы болады.
- Қыраў түссе, күнниң қаҳары пәсейип, пишелли суўық болмайды.
- Қаўынның мурты атанақ етип кесилип, тәртке бөлип тасланады.



## ТЫЙЫМЛАР

***Ас тағамға байланыслы тыйымлар***

- Ағарғанды төкпе
- Ағарғанды айға көрсетпе.
- Ағарғанның бетин ашық қалдырма.
- Ағарған әкелген ыдысты бос қайтарма.
- Ағарғанды сатпа.
- Ағарғаннан уйытқы берме
- Сүтке суў қоспа.
- Сүт сораўшыға саўын басынан сүт берме
- Асты назырқанба
- Асқа мин тақпа
- Асқа сын тақпа
- Асты қорлама
- Асты аяқасты етпе
- Ас үстинде сөйлеме.
- Ас үстинде кекирме
- Ас үстинде керилме
- Ас үстинде есneме
- Ас үстинде қасынба.
- Ас үстинде тис шуқылама.
- Ас-суўды шалпылдатып ишпе.
- Азанғы асты таслама
- Аўқатты шайнамай жеме
- Аўқат жеп отырып, суў ишпе
- Аўыз тиймей турып, пышыққа нан берме
- Өзиңе қуйылған асты қалдырма.
- Пискен асты телмиртпе
- Пискен асты үплеме
- Пискен асқа кекирейип қарама.
- Пискен асты таслама
- Нанды басып кетпе
- Нанды майдалап туўрама.
- Нанның усағын да заялама.
- Нанды бир қолың менен сындырма.
- Нанды бармақ арасында қысып услама
- Нанның шетин аўзың менен тислеме
- Нанды ойып жеме
- Нанның үстине зат қойма.
- Нанның үстине ашшы қойма
- Нанды терис аўдарып қойма
- Нанды пышақ пенен кеспе
- Нансыз жолға шықпа.
- Дизерлемей нан жеме.
- Есик аўзында нан берме
- Қамыр менен ойнама.
- Жақын-жуўыққа дуз берме.
- Дузды патаслама
- Дуз бенен ойнама
- Дузды басқылама.
- Дузды шашпа
- Суўды сапырма
- Суўды исирап қылма
- Суўға түпирме.
- Суўды заялама
- Шелектеги суўға аўзыңды батырма
- Жуўырып келип суў ишпе
- Кеште суўсаўытты бос қойма
- Ыдыс саўытты теппе
- Аўқаттың жуғынын жалама

- Аўқатты қазаны менен берме
- Қазанның басында қасықлап ас ишпе.
- Аўқатты жей сала уйқыға жатпа
- Сол қолына қасық услама
- Аўқатты шеп қол менен жеме
- Аўзындағыны түпирип таслама
- Жасүлкеннен бурын дамге умтылма
- Қурбанлықтың устықанын кемирме
- Дастурханды нангыя қойма
- Дастурханды ашық қалдырма
- Дастурханды пышақ пенен қырма

- Дастурханды қағаз бенен сүртпе
- Дастурханды сүйретпе.
- Дастурханнан атлама
- Дастурхан басында мурын шуқылама
- Жамбаслап аўқат жеме
- Тикейип турып ас ишпе
- Терис қарап отырып аўқатланба
- Балық жегеннен соң қатық ишпе.
- Кеште жуўынды төкпе
- Алдына ағарған келгенде кери сөз айтпа
- Ағарғанның үстин ашық қалдырма

***Тылсим менен байланыслы тыйымлар:***

- Алладан бурын сөйлеме
- Алланың буйрығына қарсы келме.
- Қабирстанға қарап қолыңды шошайтпа
- Қойымшылықтың қасында дәретке шықпа
- Қойымшылыққа қарап саралама
- Әўлийе басынан қайтқанда изиңе қарама
- Әўлийе басында көп жылама.
- Әўлийеге атаған садақаңды бермей қалма.
- Марқумның изинен тез-тез бара берме.
- Әлини көп еслеме
- Майиттиң қасында узақ отырма.
- Қорымнан топырақ алма.
- Қабирди басқылама.
- Қойымшылыққа келип тәҳарет алма

- Мазараттың ишинде намаз оқыма
- Әўлийе аралағанда даўысыңды көтерип сөйлеме
- Әўлийеге барғанда күлме.
- Қойымшылықта патас зат қалдырма
- Қорымнан зат алма
- Түнде қорымды аралама
- Әўлийени тиллеме.
- Әўлийениң тусынан жүўырып өтпе
- Әўлийеге қарай кесек ылақтырма.
- Әўлийе басынан қайтыўда екинши жерде еглен-бе.
- Бейитти жаңғыртпа.
- Гене тамда уйқылама
- Молаға гене-кекси апарма

***Жанзатлар ҳәм өсимлик дүньясы менен байланыслы тыйымлар:***

- Жаҳмылындағы жанзатқа ҳазар берме.
- Жөнсиз жан қыйма
- Жанлыққа жәбир берме.

- Қумырсқаның инлеўин бузба
- Қумырсқаның жолын баспа

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қумырсқаны азаплама.
Тышқанның инин қазба

•

Қустың уясын бузба.

•

Қурқылтайдың уясын түткилеме.

•

Шымшықтың майегин урлама

•

Ғуллығулыққа аш болма.

•

Ийтти несеклеме

•

Ийтке ийне берме

•

Ийтке шөмиш пенен ас қуйма

•

[illegible]

•

Жатқан пышықтың уйқысын бузба

Малды басқа теппе

•

Түйени сөкпе

•

Түйениң майын шашына жақпа.

•

Қойдың үстине минип ойнама

•

Түнде мал санама

•

Көкти жулқылма.

•

Кегеленди басқылама.

•

Тахаретсиз адырaспан жулма

•

Сораўсыз отын қайырма.

•

Шөпти өртеме

•

Жалғыз ағашты кеспе

•

Мийўе дарағына асылма

•

Қоянсүйекти шаппа.

•

Қайырыўлы ағашты атлама

•

Айқас ағашты атлама

*Үй иши менен байланыслы тыйымлар*

Үйде ысқырма

•

Үйди айланба.

•

Үй айлана жуўырма

•

Үйден жуўырып шықпа.

•

Үйге жуўырып кирме

•

Үйге сыңсып келме

•

Үйге жылап келме.

•

Үйге сүйретилип, салпаўсып келме.

•

Үйге келип, суўық дем алма.

•

Үйде турған бос бесикти шайқама

Үйге кирген жыланды ақсыз қайтарма.

•

Үйди сабалама.

•

Үйди екеў болып сыпырма

•

Үйдеги қумғанды қатарластырып қойма.

•

Шаңарақты сөкпе

•

Үйдиң гене шаңарағын тасляма.

•

Табалдырықта отырма
Табалдырықты басып турма.

•

Табалдырықты теппе

•

Босағаны керме.

Босағаны қушақлама

•

Босағада турып сәлемлеспе.

•

Босағада турып хошласпа.

•

Оттың үстине суў сеппе.

•

Ушақты теппе.

•

Ошақтың отын аяқ пенен ысырма

•

Сиптени босаға сүйеме

•

Сиптени тикейтип қойма

•

Сиптени баспа

•

Түнде үй сыпырма

•

Киси үйинде тикейип турма

•

Босағада турып қалма

•

Ортадағы отты атлама.

www.ziyouz.com kutubxonasi

***Ер балаға тийисли тыйымлар***

Қудайға тил тийгизбе

•

Әрўақты датлама

•

Ата анаңа қарсы келме.

•

Өтирик жыламсырама

•

Биймезгил жылама.

•

Уйқышыл болма

•

Қуяш шыққанша жатпа

•

Күн менен таласып уйқылама

•

Басыңды шайқама

•

Басыңды уўыслама

•

Басыңа шалбар шулығыңды қойып жатпа

•

Басқаның баскийимин кийме

•

Баскийимиңди терис кийме

•

Баскийимди астыңа басып отырма.

•

Баскийим алмастырма

•

Кийилген баскийимди сатпа

•

Желкеңди уўыслап турма.

•

Маңлайыңды урғылама

•

Қасыңды жулма

•

Қалыңды айқастырма.

Көзиңди қысып қарама.

•

Көзиңди жыпылықлатпа.

•

Қылыйланып қарама

•

Сынық айнаға қарама

•

Түнде айнаға қарама

•

Мойныңа аркан-тусаў салма.

•

Мойныңа белбеў салма

•

Ийнине белбеў салма

•

Бетиңди баспа

•

Ийегиңди таянба

Тилиңди тислеме.

•

Тилиңди шығарма.

•

Таңлайыңды қақпа

•

Мурныңды жалама

•

Мурныңды тарта берме

•

Ерниңди шығарма

•

Биреўге қарап еснеме

•

Жағыңды таянба.

•

Бармағыңды аўзыңа салма

•

Тырнағыңды тислеме.

Тырнағыңды қырма.

•

Түнде тырнақ алма

•

Тырнақты жасырыўсыз қалдырма

•

Қолыңды байлама

•

Қолыңа кисен салып ойнама

•

Қолыңды қаўсырма

•

Қолыңды тарақлама

•

Қолыңды табеңе қойма

•

Қолыңды гөйдеңде айқастырып турма.

•

Қолды жуўып болып, силкиме.

•

Қолыңды аркаңа қайырма

•

Қол таянып отырма

•

Шалқалап отырма

•

Керилгиш болма

•

Диземди қушақлама

•

Табаныңды тартпа

•

Табаныңа жип салып тартпа

•

Аяғыңды тугама

•

Аяқты жоқарыға көтерип жатпа.

•

www.ziyouz.com kutubxonasi

Таяққа сүйенбе

Дүс тәмениңнен жатпа

•

Кийинип турып, үстиңди тикпе.

•

Түргелип турып шалбар кийме

•

Жалғыз шулықты кийме

•

Аяқкийимди төрге шығарма.

•

Тақ аяқкийимди кийме

•

Аяқкийимди терис кийме

Аяқкийимди аўдарып таслама.

•

Аяқкийимди баўсыз қалдырма

•

Аяқкийимниң табанына қарама

•

Арқанды атлама

•

Адамды санама.

•

Үлкен адамды айланба

•

Үлкен адамның сөзин бөлме.

•

Үлкеннен бурын сөйлеме.

•

Үлкенниң сөзин тәкирарлама

•

Үлкенниң бетинен алма

•

Үлкенлер менен жақ жарыстырма

•

Үлкенниң алдын кесип өтпе

•

Бөпениң бетине үңилме

•

Бөпе жатқан жерге патас зат киргизбе

•

Бөпени шошытпа

•

Бөбекти қорқытпа

•

Жетимди жылатпа

•

Биреўдиң изин басып жүрме

•

Биреўдиң сөзин келекелеп тәкирарлама.

•

Қуран оқылып атырғанда турып кетпе.

•

Қуранды басып кетпе.

•

Кесеўди атлама

•

Кепшикке отырма

•

Өзгениң төсегине отырма

Жатарда бөлекленип ас ишпе

•

Кесеўди ойыншық қылма

•

Күн менен таласып ис иследе

•

Оқып отырған китабыңның бетин ашық қалдырма

•

Күлди баспа

•

Өз үйиңнен келген дамды қызғанба.

•

Асықтың етин ғайзама.

•

Тилдиң ушын жеме.

•

Киси алдындағы аўқатқа қол созба

•

Айды қол менен нусқама

•

Көкке қарап түпирме

•

Қуйыға түпирме

•

Биреўдиң орына тийип сөйлеме

•

Отырған адамның қасында зиңирейип турма.

•

Адамға қарап түпиринбе

•

Көпке қарсы турма

•

Жерди шуқылай берме

•

Жерди сабама

•

Жерди тепкилеме

•

Жулдызды санама.

•

Қалшықты баспа

•

Диниңди сатпа

•

Ийесиз затқа қол тийгизбе

•

Урлық қылма, зорлық қылма

•

Атыспашақ ойнама

•

Жинойнақ ойнама

•

Жин шақырма

•

Ақ қағазды аяқасты етпе

•

Кеште шайтан туўралы айтпа

•

Шамалға қарсы түпиринбе.

www.ziyouz.com kutubxonasi

- Атқа терис отырма
- Өтирик күлме
Ишегиңди тартпа.
- Аҳылап-ўҳилеме.
- Пышақтың жүзин жалама.
- Кисиге пышақ гезенбе.
- Пышақты шалқалатып қойма
- Суўық демиңди алма.
- Аўыр гүрсинбе
- Түнде суўға барма.
- Түнде қуйыға үңилме.
- Түнги шақырған даўысқа барма
- Түнде түс айтпа
- Қурбақаны услама
- Желге қарап тарама.
- Пышықтың маңлайын шертпей, тамақ берме
- Ойынға ашыўланба
- Қолға суў алғанда, сарылдатып қуйма
- Аўқаттан алдын қол жуўғанда, қолды сыпырма
Қәрели шаңғалағының данесин жеме.
- Түйнекти көклей үзбе.
- Атыздағы қаўын-ғарбызды жарып кетпе
- Жиликтиң майын жалғыз жеме
- Шөмиш пенен тамақ ишпе.
- Талақ жеме
- Жулын жеме
- Қаспақ жеме.
- Туяқ жеме
- Пышақ пенен аўқат жеме
- Жуўынды төгилген жерди басып өтпе
- Мал сойылған жерди баспа
- Көсе турған заттың астынан өтпе
- Қалийма қайтармай, уйқыға бас қойма
- Әкеңнен жол сорама.
- Таўға қарай тас атпа.
- Қудыққа тас таслама
- Ерси ҳәрекет ислеме

***Қыз балаға тийисли ырымлар:***

- Айнаға көп қарама
- Нәрестениң табанын сүйме
- Шашыңды кеспе.
- Шашыңды жайма
- Түскен шашты жерге таслама.
- Шалқалалап жатпа.
- Көзиңди бояма.
- Ерниңди түртийтпе
- Қолың менен ийне берме
- Күн менен таласып жумыс ислеме
- Есиктиң аўзында отырма
- Төрге шығып кетпе
- Мүйеште отырма.
- Биреўге қолыңнан қайшы берме
- Мақтаншақ болма.
- Өзиңди мақтама.
- Мақтаў сүйме
- Тәкаппыр болма
- Жеңсиз күлме
- Қатты күлме.
- Гез тасыма
- Ер адамның кийимин кийме

www.ziyouz.com kutubxonasi

•

Бүйириңди таянба

•

Киси минине күлме.

•

Кемтарды кемситпе

•

Орынсыз жерге барма

•

Талтайып отырма

•

Шайналап саққыз шайнама

•

Қайшыны қайшылама

•

Қайшыны қысыўсыз қалдырма

•

Орамалды қыйсайтып тартпа

•

Бр баланы басқа урма

•

Шықылықлап күлме.

•

Өзгеге бармағыңды гезенбе

•

Қол силтеп турып сөйлеме

•

Ер адамның айыбын бетине баспа

•

Көп ишинде сөйлеме.

•

Арыңды сатпа.

•

Мазы налына берме.

•

Руқсатсыз үйге кирме.

•

Жеңге менен ежеспе

Мийман келгенде үй сыпырма

•

Пийшемби күни кир жуўма

•

Жума күни кийим пишпе.

•

Сынық ыдысқа ас қуйма.

•

Кетик қасықты пайдаланба

•

Қазанды қыйсайтып аспа.

•

Орамалсыз ас пиширме

•

Үйге кирген жыланды өлтирме

•

Орынсыз ереден қурт алып жеме

•

Қызыл келип, қатық ишпе

•

Дастурханды қағаз бенен сүртпе.

•

Босағаға, дастурханға қарап керилме

•

Түнде шашыңды жайып сыртқа шықпа

•

Үстиңе ақ жамылып жатпа

•

Ким керингенге түс жорытпа

•

Түсиңди тең-тусыңа айтпа

•

Кир жуўғанда, суўды артықша исырап етпе

•

Жуўылған кийимди оңғарып жайып қойма

***Ересек адамға тийисли тыйымлар:***

Үйге сәлемсиз кирме

•

Үйдиң ишинде үстиңди қақпа

•

Үйге сүйенип турма

•

Жаман аўырыўдың атын айта берме.

•

Нәўқас адамға суўық хабар айтып барма

•

Кемтар адамның кемислигин сез қылма.

•

Киси үйинде шаш алдырма

•

Жат жерде тырнақ алма

•

Есикти керип турма

•

Ишкиликке қәўесленбе

•

Қалыс берилген суўдан бас тартпа

Керингеннен кеңес сорама

•

Кеспини келиспегеннен кеңес сорама

•

Өзгениң арттырған байлығына қызықпа

•

Кеш ўақытта бириңши тапқан табысыңнан қарыз берме

•

Азан менен қарыз берме

•

Түнде қарыз берме

•

Мийман келгенде, төрге өзиң отырма

•

Мийманнан бурын асқа қол созба

•

Үлкеннен алдын аўқатты баслама

•

Той үстинде қос-қослап табақ тартпа

www.ziyouz.com kutubxonasi

- Жан сойылганда жасүлкенди шақырыўсыз қалдырма.
- Каллени жалғыз жеме
- Қол менен аяқтың тырнағын бир ўақытта алма
- Баярсыз үйге барма
- Шақырыўсыз жерге барма.
- Ортанғы бармаққа жүзик салма
- Агайин менен араз болма
- Шығыгыңды жасырма,
- Сүйегиңди сатпа.
- Сүйегиңди қорлатпа
- Ант ишпе.
- Тандырды бузба
- Тандырға үңилме
- Көзине «гүлли болған» адамға «ақ түсти ме?» деп сорама.
- Биреўдиң көзине шилле түссе алма
- Бир айтқаныңды такирарлай берме
- Достыңа жалған сөйлеме
- Биреўдиң сырын биреўге айтпа
  Таныбасқа сырыңды шашпа
- Бос ерге отырма
- Бел-кетпенди сүйретип жүрме
- Кепирдиң ағашын алма
- Жолды бекleme
- Оң жениңди услатпа хәм басып турғыза
- Жийдениң астында уйқылама
- Басты батыс пенен арқаға берип уйқылама
- Басқаның тарағы менен шаш тарама.
- Биреўдиң қол орамалын алма.
- Аттың аўызлығын атлама
- Кийимди желбегей жамылма
- Дизкийимди бас ушына қойып уйқылама
- Тал түсте қастениң кеўилин сорап барма
- Күн батқанда үй шығарма
- Геўгимде кийиз қақпа.
- Жаман жерге майданға шықпа.
- Түргелип турып сарыма
- Сүрникken, жығылған жерге түнирмей кетпе.
- Бүлингеннен бүлдирги алма
- Қастениң изинен түс аўа барып, кеўил сорама
- Күйип қалған наўқастың изинен барма.
- Бийтаптың соңынан таза гөш апарма
- Дорқа тыйық сыйлама.
- Қыз баланы урма, сөкпе.
- Қызға жилик услатпа
- Қыз баланы еркелетпе
- Келтиң көзинше балаға кейиме
- Жийенди урма
- Қызыл шүберек байланған үйге бас суқпа.
- Жылан жылы күмға түспе
- Аманатқа қыянет исleme
- Жалған гүўалық берме
- Долтизге күш көрсетпе.
- Аўға иргезорлық қылма
- Қамшыны босқа ойнатпа
- Намазды бузба
- Қайықты тербелтпе.
- Балықты қуйрығынан тутпа
- Кепшилик ишинде қулақ мурныңды шуқыма
- Бос мылтық болса да гезенбе.
- Жаман ырымды қолланба

www.ziyouz.com kutubxonasi

Күлге дәрет сындырма.
Қораға дәретке шықпа.

•

Бийдай атызға саралама.

•

Жаман жерди баспа.

•

Жақын адамнан тыйық сатып алма.

•

Жас көўилин қайтарма.

•

Сыртыннан гайған адам менен ежеспе.

•

Даў қуўма.

•

Өлген адамды ғыйбатлама.

•

Киси есегине қосылма.

•

Намазжайда жаман сөз айтпа.

•

Намаздан қайтыўда басқа үйге қайырылма.

•

Намаздан қайтыўда қора аралап келиўди әдеттен шығарма.

Лазымға баскийимсиз барма.

•

Намазға келген адамды шығарып салма.

•

Табыт алып баратырғанда алдынан кесе өтпе.

•

Сапар айында жолға шықпа.

•

Сапар айында той баслама.

•

Жолға шыққан адамның алдын кес-кеслеме.

•

Дүйшембиде жолға шықпа, кийиўши болма.

Дүйшембиде қарыз берме.
Қамысты тикейткен ҳалда тамға сүйеме.

•

Мал сатқанда ноқтасы менен бас жибин берме.

•

Ийт-пышықтан бир тутам түк алып қалмай, биреўге берме.

•

Туўымның ўақтында мал сойма.

•

Туўымның ўақтында басқаға мал берме.

•

Туўымның ўақтында мал саўдаласпа, мал айыр-бас қылма.

•

Өзиң егисти басламай, дән сеппей турып, өзгеге тұқым берме.

•

Шиллели үйге барма.

•

Шиллели үйге ыссы суў алып кирме.

•

Шиллеханаға қанлы гөш берип жиберме.

•

Жас босанған ҳаялды жалғыз таслама.

•

Шийки гөштиң қасында уйқылап қалма.

•

Қазанды төңкерип, үстинде отырма.

•

Түнде пердели түсирмей, қапыны илдирмей жатпа.

•

Атар таңға жүрсең де, батар күнге жүрме.

•

Жолға шыққанда изиңе ийт ерип шықса, қуўып жиберме.

•

Өлиниң кийимин жуўмай, жулдызға көрсетпей.

***Ҳаял адамға тийисли тыйымлар***

Тәҳаретсиз бала емизбе.

•

Жаўлықсыз бала емизбе.

•

Бесикти аласламай, баланы бөлеме.

•

Бала уйқылағаннан кейин бесикти басқа жерге көширме.

•

Бос бесикти жабыўсыз қалдырма.

•

Тамның иргесине бала жатқарма.

•

Уйқылап атырған бөбекти сүйме.

•

Бөбекти жүкке отырғызба.

•

Нәрестениң жуўылған кийимин жыйнап алыўды қараңғыға қалдырма.

•

Туўылмаған балаға тон пишпе.

•

Тили шықпаған баланы бос қайтарма.

•

Бийға тикен питсе, рапийда тикпе.

Тикенегин тысламағанша, ийне-сабақ услама.

•

Дуўжан ўақта шаш кесле.

•

Аяқ аўырласқан соң арқан атлама.

•

Ҳамиләң билинсе, түйениң гөшин жеме.

•

Нәрес қыймылдаса, намазжайға барма.

•

Бойың толысса, толарсақ жеме.

•

Айы-күниң жетсе де, қоянның қалжасынан дәметпе.

•

Жерик асыңды қызғанба.

•

Толғақ басланса, тыйық услама.

•

Күниң жақынласа да, күн санама.

Туңғыш перзентти биреўдиң етегине салма.

•

Жасырынып тамақ ишпе.

•

Сүтке шомылма.

•

Ағарғанның жуғын да аяқбасар жерге төкпе.

•

Үйде қорымның топырағын сақлама.

•

Үйде дуўа сақлама.

•

Мийман келгенде жатып алма.

•

Күйеў бала туңғыш келгенде, алдына ашшы қойма.

•

Төсегиңди жыйнаўсыз қалдырма.

•

Орамалсыз нан ийлеме.

•

Қазаныңа ҳарам салма.

•

Пәтия боларда дастурханда тыйық қалдырма.

•

Жалғыз суўға барма.

•

Еркекке тигилип қарама.

•

Жигиттиң жүрисин сөз етпе.

•

Шайдозның шүмегин ошақтың аўзына қаратпа.

•

Кешеге кир төкпе.

•

Жуўғы жерге кир төкпе.

•

Жуўғы жерди баспа.

•

Балтаны атлама.

•

Ески сыпсеңи отқа жақпа.

•

Баланы сыпсе менен урма.

•

Сыпсени қалеген жерге таслап кетпе.

•

Байрам күни бас жуўма.

•

Байрам күни кир жайма.

Жума күни кир жуўма.

•

Кир жуўыўға қойған суўдан ишпе.

•

Жума күни үй сыпырма.

•

Күн батарда үй алдын сыпырма.

•

Күйеўиң сапарға шығарда үй сыпырма.

•

Күйеўиң келгенде, қол алысып қойма.

•

Ҳешким жоқта да малдас қурынба.

•

Өзгениң жубайына көз сүзбе.

•

Қызды жеңгиз қыдыртпа.

•

Қыз баланы шолжаңлатпа.

•

Қайнене, қайнатаның алдында сораўсыз гәплеме.

•

Қайнене менен урыспа.

•

Қайнатаға сөз қайтарма.

•

Кишкене бала болса да, ер адамның алдын кесип өтпе.

•

Жол үстинде отырма.

•

Үйге қара байлама.

•

Үйге көк байлама.

•

Намаз шығарда бет жуўма.

•

Сүт сораўшыға қорадан сүт берме.

•

Қоңсы-қоба сораса, түнде ағарған берме.

•

Баланың үстине атлама.

•

Бала уйықлаған ўақытта үстине ақ таўар жаппа.

•

Балаға бас услатпа.

•

Балаға тастың гүрмишегин жегизбе.

•

Балаға талақ берме.

•

Балаға жулын жегизбе.

•

Егиз шыққан данекти бир балаға берме.

•

Қыз балаға устыхан берме.

•

Балаға тилдиң ушын берме.

•



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келиден сөк жеме.

Күйеўиңниң, ер адамның қайда баратырғанын сорама.

•

Неке жүзигиңди жойытып қойма

•

Өзгениң неке жүзигин ойнап та тақпа

•

Геўгим ўақтында күл төкпе

•

Түнде суў төкпе

•

Ымыртта суўға барма

•

Қараңғыда ыбырсық шығарма

•

Жума күни үй шығарма.

•

Баланың жолдасын көмиўсиз қалдырма

•

Баланың жолдасын ийт-пышыққа жегизбе

•

Баланың киндигин түйип қойыўды умытпа

•

Ер баланың шүметегиниң ушын далаға таслама.

•

Баланың қарынғашын шашып жиберме

•

Бала шайланған суўды аяқбасар жерге төкпе

•

Баланың шилдеси шықпай, сыртқа шықпа.

•

Баланың бетине айдың нурын түсирме

•

Тили шықпаған баланы айнаға қаратпа

•

Тили шықпаған нәрестени үйде жалғыз таслама.

Табыт алып баратырғанда баланы жерге отырғызба

•

Намазға айтып келген айтыўшыға «нан аўыз» тийдирме.

•

Өзиң аспаған аштың дузын көрме

•

Қазанды кепкир менен урма

•

Қазан қасында сүйек-саяқ қалдырма

•

Тандырда нан қалдырма

•

Тандыр басында ийтке нан берме

•

Тандырдан аўысқан суўды үйге әкелме

•

Тандырдан қайтқанда нантабақты тас төбеге қойма.

•

Қоңсыдан ун сорап алғанда, ыдысты баста көтерип келме.

•

Балаң болса да, шашын алма

•

Баланың арасына түспе.

•

Балаға көшеде бақырма.

•

Ер бала турып, жан қыйыўшы болма

•

Ер бала болған жерде әпт оқыма

•

Ер бала бар жерде патия исleме

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

87- ТОМ



# АЛҒЫСЛАР ҲӘМ ҚАРҒЫСЛАР

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛҒЫСЛАР

### *ТОЙ ЖЫЙЫНҒА ТИЛЕК*

Нийетиңиз ақ болғай,
Басыңызға бақ қонғай,
Тәңири берген несийбең,
Негийе емес, нақ болғай,
Тайларың өсип ат болғай,
Талларың өсип бағ болғай,
Пирлерден болып шарапат,
Кеўилиң мудам шад болғай,
Тапқаныңыз тойға буйырып,
Тойларыңыз тойларға уласқай,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Мийманың келсе төрлегин,
Мал дәўлетиң өрлесин,
Қыдыр дарып, бақ қарап,
Ошағыңның оты гүрлесин,
Той үстине той болсын,
Нур үстине нур болсын,
Үйленбегенлер үйленсин,
Үйленгенлер гүллensин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Үйиңде мудам той болсын,
Қораң толы қой болсын,
Өриғиң дүбирли болсын,
Улы-қызың өнип-өсип,
Үбирли-шүбирли болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Еситиңниң алды ой болсын,
Жайлаўың толы қой болсын,
Жыйғаның жақсылыққа буйырып,
Көргениң бәрҳа той болсын,

Басларың аман болсын,
Бақ қараған заман болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Ҳақ жарылқағай,
Әўлийе қоллағай,
Журт парахат,
Ел-улыс аман болып,
Тойдан басыңыз шықпағай,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Әўелден ақырын берсин,
Узақтың жақынын берсин,
Жастың ғайратын берсин,
Жасамыстың ақылын берсин,
Журтшының тирлигин берсин,
Журттың бирлигин берсин,
Жегениңиз қой болғай,
Көп тилеги көл болғай,
Бәрқулла алғыс алып,
Несийбелериң мол болғай,
Балаларың күлип-ойнап,
Күнде усындай той болғай,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Әўелги сөз Ҳақтан болсын,
Ҳақ тилеги нақтан болсын,
Тилегиңизди Алла оңласын,
Қолыңыз жан-жақтан болсын,
Ишкениңиз шубат болсын,
Жегениңиз нәбат болсын,
Қос тойыңыз қабат болсын,
Еки дүньяңыз абат болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

### *КӨПШИЛИККЕ ТИЛЕК*

Әўели қудай оңласын,
Хеш таўқымет болмасын,
Әўлийелер жебесин,
Ҳәмий пирлер демесин,
Ас бергенге бас берсин,
Алла узақ жас берсин,
Кең пейил берсин,
Кетпес дәўлет берсин,
Жан-жақтан қолды берсин,
Жортқанда жолды берсин,
Аллатаала шын жарылқап,
Айтқанымның бәри келсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

Ортаңыз толсын,
Ордаңыз толсын,
Жолыңыз өшпесин,
Журтыңыз көшпесин,
Орныңыз жоғалмасын,
Алла бериўин жазбасын,
Абырай берип, аман сақлап,
Ел-халық өссин, өнсин,
Илайым, төрт көз түўел болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кетер, халқым, билекти,
Алла бергей тилекти,
Бирлик бергей басыңа,
Берекет бергей асыңа,
Еренлер напеси тийгей,
Үлкениң менен жасыңа,
Қыдыр ата жаныңа келгей,
Келмегей душпан қасыңа,
Исиң Аллаға жақсын,
Есигиң қублаға бақсын,
Дининнен өсип-енип,
Дәўлетиң суўдай тассын,
Мадийнеде Мухаммед,
Түркистанда Хожахмет,
Қараның туўын көтерген,
Қарлығаныл ҳәзирет,
Тилегимизди кәмил ет,
Нийетимизди қабыл ет,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

### ЖОЛ ТИЛЕГИ

Ай барғайсыз,
Аман жүргейсиз,
Сапарыңыз сәтли болып,
Сапа келгейсиз,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Жолларың ақ болсын,
Қоллаўшың Хақ болсын,
Әндемли болсын жолдасың,
Әўлийе-пирлер қорғасын,
Айланыўың тез болсын,
Аты Қыдыр бабамыз,
Алдыңнан өзи тез болсын,
Қолынан услап қалғайсаң,
Ақ петиясын алғайсаң,
Ай барып, аман қайтып,
Оңлы болып сапарың,
Ордаңа оралғайсаң,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Жортқанда жолың болсын,
Қыдыр ата жолдасың болсын,
Ғайып ерен, шилтенлер қоллап,
Әўлийелер қолдасың болсын,
Билмеген жерди билип қайт,
Көрмеген елди көрип қайт,
Жақсыларға жантасып,
Хақ сәлемин берип қайт,
Сыртта да болса несийбең,
Оны да тегис терип қайт,
Барин айт та, бирин айт,
Барше пирлер желеп-жебеп,
Желип бар да, желип қайт,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Сапарыңның оңын бергей,
Сапарлының жолын бергей,
Жүрисиң жайлы болсын,
Түниң айлы болсын,
Ай бар да аман қайт,
Сорағанға сәлем айт,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Жолға шыққан жорғала,
Жорғала да шаўып шық,
Жалғыз өзиң болмасаң,
Жолдағыңды таўып шық,
Жан-жағыңа қарама,
Жабығыңды жаўып шық,
Жаратқан ийем қолласын,
Жолыңды пирлер оңласын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Жолға шыққан жол болғай,
Дуа-несийбең мол болғай,
Сапарың сәтли келип,
Ҳарне исиң оң болғай,
Бәледен сақласын,
Батерден сақласын,
Қәўиптен сақласын,
Қәтерден сақласын,
Ай барып, аман кел,
Абырайың зор болғай,
Аллаҳыў акбар!

* * *

Дәўлет берсин басыңа,
Зийнет берсин басыңа,
Бәле-бәтер, жин-шайтан,
Жоламасын қасыңа,
Жолан баба қолласын,
Жоллы мама қолласын,
Куртлы ата қолласын,
Қыдыр ата қолласын,
Ғайып ерен, қырық шилтен,
Ғайбана болсын жолдасың,
Аллатаала жолыңды оңлап,
Барлық пирлер қорғасын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

www.ziyouz.com kutubxonasi

### КӨШ-ҚОНЫМ ТИЛЕГИ

Көш көликли болсын,
Көлигиң мүликли болсын,
Барған жериң жайлы болып,
Балаларың түликли болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Көш көликли болсын,
Көшебен мүликли болсын,
Жортқанда жолың болсын,
Қыдыр ата жолдасың болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

*

Жарылқа, қудай, қабыл ет,
Жарылқаўдың гамын ет,
Қыдыр дарып, бақ қонып,
Не тилесе бандеги,
Соның барин тайын ет,
Тап өзине қайым ет,
Көшкен жери от болсын,
Бале-қаза жоқ болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

Көш-көлигиң сай болсын,
Көшкен журтың бай болсын,
Қоналқанды бергендей,
Қонғаның қонақжай болсын,
Қонысың жайлы болсын,
Қоңсың жайдары болсын,
Қолың узарып, жаның жайланып,
Қора-қопсың сайлы болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Көш көликли болсын,
Көлик мүликли болсын,
Аллатаала қолласын,
Ата-баба қолласын,
Куртлы ата қолласын,
Журтлы ата қолласын,
Суў ийеси Сулайман,
Таў ийеси Талайман,
Жол ийеси Жолайман,
Жан-жағыңнан қорғасын,
Тәңирим өзи бас болсын,
Еренлер жолдас болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

### ШАҢАРАҚ ИЙЕЛЕРИНЕ ТИЛЕК

Даўреңниң басы мерекели болсын,
Даўлетиңниң басы берекели болсын,
Душпанға банде қылмасын,
Дастурханға кенде қылмасын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Жоқары болсын жулдызың,
Жайдары болсын ул-қызың,
Дүбирли болсын шабысың,
Түбирли болсын табысың,
Таса берсин даўлетиң,
Келе берсин әўметиң,
Әўели қудай оңласын,
Әўлийелер қорғасын,
Түркистанда түмен бап,
Самарқанда сансыз бап,
Түп бабамыз Арыслан бап,
Арыстың пири Қорасан,
Бари бирдей қолласын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

### ЖАС ЖУБАЙЛАРҒА ТИЛЕК

Жубыңыз жарассын,
Жулдызыңыз жарассын,
Әўели қудай яр болып,
Пирлер өзи қарассын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Үлкенниң алғысын ал,
Кишиниң ықласын ал,
Жақсы-жаманды көрип өс,
Өз-өзиңнен өнип-өс,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

Пирлер қолласын илайым,
Бирге жүриң ҳардайым,
Бахтыңызды Алла берип,
Тең жүрип, теңнен қартайың,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

«Әмин!» десең қолыңды жай,
Жарылқасын бир қудай,
Алла нийетиңе жеткизип,
Алғаның болсын сайма-сай,
Жаз кийгениң қулпы болсын,
Қыс кийгениң түлки болсын,
Қосылғаның менен қоса қуўанып,
Үйиңде күнде күлки болсын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қудайым атыңнан дуўа берсин,
Жаманның жағын буўа берсин,
Келинниң баласынан бала саўлап,
Жылма-жыл кези жарып, туўа берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

«Әмин!» десең, қолыңды жай,
Жарылқағай бир қудай,
Жасаған ийем яр болып,
Жаратқан ези қоллағай,
Жан-жағыңыз сайлы болсын,
Жаслар абырайлы болсын,
Жаскишиге қайырқом болсын,
Жақсыға жақын болсын,
Жаманнан сақын болсын,
Жубы жазылмасын,
Жулдызы жарқырасын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Әўели қудай оңласын,
Ҳеш жаманлық болмасын,
Әрўақлар желеп-жебеп,
Әўлийелер қолласын,
Оң жағына қарасаң,
Алтыннан терек орнасын,
Сол жағыңа қарасаң,
Гүмистен терек орнасын,
Ким жаманшылық қылса,
Еки дүньяда да оңбасын,
Алла жолыңызды ашып,
Периштелер қорғасын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

### АТА-АНАҒА АРНАЛҒАН ТИЛЕК

Ай, ай болсын, ай болсын,
Тум-тусың сайма-сай болсын,
Дәўлетиң артып күн сайын,
Шайнағаның май болсын,
Алла тилегиңизди берип,
Балаларың бай болсын,
Ҳақ жарылқасын, пирлер қолласын,
Ҳешўақ отырған орныңыз жоғалмасын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Усы үйдиң дуз-дәмине,
Бизден болсын рахмет,
Уллары өсип ер болсын,
Уллыларға тең болсын,
Жақсылардың жолын берсин,
Жети пир келип қолын берсин,
Ҳәрбир истиң оңын берсин,
Не ойлаған тилеги болса,
Соның барин ийем қоллап,
Неки сораганын берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Бизден емес, ерден болсын,
Ер Қорасан пирден болсын,
Арыслан баба сорасын,
Еренлер жамий қолласын,
Жолға шықсаң жол берип,
Қыдыр болсын жолдасың,
Пейиллериң бай болсын,
Кеўиллериң жай болсын,
Жаратқанның бергени,
Тилегиңе сай болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Басына бергей берекет,
Асына бергей берекет,
Улы қызың өсип-өнгей,
Жасына бергей берекет,
Алла жолыңды тарылтпасын,
Жақсылықтан арылтпасын,
Бас басыңа бергей берекет,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Орныңыз төр болсын,
Дәўлетиңиз зор болсын,
Ортаңыз толы болсын,
Дастурханыңыз мол болсын,
Орынлы жерден келин түсиргейсиз,
Орынлы жерге қыз бергейсиз,
Баўырларың аман болып,
Балаларың мийирбан болып,
Бариниң жақсылығын көргейсиз,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Алла берсин, бергизсин,
Ырысқыңды молдан тергизсин,
Жан-жақлардан қолың келип,
Ығбалыңды ерге ергизсин,
Жаманның басында жүргизсин,
Жақсының қасында жүргизсин,
Еситкениң жақсы хабар болып,
Тек ғана жақсылық көргизсин,
Ақлық-шаўлықларың өсип-өнип,
Қуўлық туўлықлар сүйгизсин,
Баўлық, жаўлықлар сүйгизсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

* * *

Я, қудайым қабыл ет,
Нийетимизди камил ет,

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАС КЕЛИНГЕ АРНАЛҒАН ТИЛЕК

Аяқ изин жарассын!
*
Қедемине нур жаўсын!
*
Орамалың қутлы болсын!
*
Үбирли бол, шүбирли бол,
Жантақтай түбирли бол!
*
Кең қушақлы бол,
Боқлы ошақлы бол!
*
Ошағын қонға толсын,
Қушағын улға толсын!
*
Үмитин қоша-қоша болғай,
Үйинде той-тамаша болғай!
*
Ҳүрли, ҳүрли, ҳүрли бол,
Ҳүр қызындай нурлы бол,
Жыңғылдай гүлли бол,
Торańғылдай бүрли бол,
Ҳақ жарылқап, пир қоллап,
Алтын шашлы қызлы бол,
Ай маңлайлы уллы бол,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Бахтың ашылып, жулдызың жанған болсын,
Дуз-несибеңди жақсы жерден салған болсын,
Ҳақ жарылқап, әўлийелер қоллап,
Енең менен екеўиңнин торпағыңды,
Илайым бир жерден алған болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Өмирин узын болсын,
Услағаның қызыл болсын,
Саўғаның түйе болсын,
Мингениң бийе болсын,
Жаратқан жаббар жарылқап,
Ишкен-жегенимиздин саўабы,
Жети атаңның арўағына тийе берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Жарылқап берсин, кеп берсин,
Жасаған ийем сеп болсын,
Қозыларың қой болсын,
Үйлеринде той болсын,
Қозышағың бай болсын,
Үлеўлери сай болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Асқа толсын табағың,
Ашық болсын қабағың,
Анық болсын нийетиң,
Алға ерлегин талабың,
Жақын болсын алысың,
Тасый берсин табысың,
Атақ даңқың жайылып,
Атың көпке танылсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Бизге берген асыңыз,
Сыйлы болсын басыңыз,
Үйиңизге Қыдыр түнеп,
Бақ қарап, Ҳақ жарылқап,
Жүзге жеткей жасыңыз,
Алла берийин жазбасын,
Аталы туқым азбасын,
Ҳадалынан, ҳақтан берсин,
Жаманатын жатқа берсин,
Жақсылығын түўел етип,
Түбирли шаңараққа берсин,
Тилегиңизди қабыл етсин,
Нийетиңизди камил етсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Алла алқасын, оңласын,
Әўлийелер қолласын,
Қосағың менен қоса қары,
Ҳадал болсын жолдасың,
Ашық болсын аспаның,
Узақ болсын жасларың,
Саналы болсын ул-қызың,
Сыйлы болсын дәм-дузың,
Дәм татқаннан сәлем кеп,
Жарқырай берсин жулдызың,
Келген даўлет кетпесин,
Жаманлық келип жетпесин,
Кеткениң келе берсин,
Кемтигиң тола берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

## ҲӘМИЛЕДАР КЕЛИНШЕККЕ ТИЛЕК

Алла жарылқасын,
Әрўақлар қолласын,
Тикениң сыртқа шығып,
Еки жаның бир қалсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

Аллатаала қолласын,
Ата-баба қолласын,
Қуртлы ата қолласын,
Қырық қуртқа қолласын,
Барше тилегиңде болсын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Толғағың жеңил келсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Аллатаала қоллағай,
Ҳаўа ене қоллағай,
Умай ана қоллағай,
Тумар ана қоллағай,
Улпан ана қоллағай,
Жупар ана қоллағай,
Қырық қуртқа қоллағай,
Барлық мама қоллағай,
Аман-есен көзиң жарып,
Еки жаның бир қалғай,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Алла өзи алқағын,
Алдыңнан жарылқасын,
Ата-баба яр болып,
Жети ғайып қолласын,
Бийпатпа, Әнбар ана,
Бийбиш ая, Зуўра мама,
Барше пирлер қорғасын,
Тилегимиз қамил болсын,
Толғағың жеңил болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

## НӘРЕСТЕГЕ АРНАЛҒАН САЛТ ТИЛЕКЛЕРИ

***Бәбекти қолға алғанда:***

Мийши-сынышың пүткил аўыл болсын,
Минезиң қара жердей аўыр болсын!
*
Арлы бол, зийсиз бол,
Ақылы бол, мүңсиз бол!

***Бәбекти шомылдырғанда:***

Ҳап, ҳап, ҳапле,
Пакле, суўым, пакле,
Бекрелегим пакленсин,
Бепелегим пакленсин,
Шықайы кетсин, шықайы кетсин!
*
Банди, банди, банди суў,
Балекейдиң танин жуў,
Бәденин пак қыл,
Бәлени жоқ қыл!
*
Бала, бала, балқысын,
Балық болып қалқысын,
Бәденлери тазарып,
Бық суўлары сарқылсын,
Буйығып ғана уйқыласын,
Уйқылары шын қансын,
Ояна сала ойнасын,
Ойнасын да қуўнасын!
*
Сүттен ақ болсын,
Гуўдан пак болсын,
Жолы ашық болсын,
Жоллығы тақ болсын,
Журтқа садық болсын,
Жаўдан сақ болсын!

***Бәбектиң аяқ-қолын созғылағанда:***

Қайыңдай бийик бол,
Қандымдай ийик бол!
*
Керилгенде кендир бойы,
Созылғанда сеңгир бойы,
Бүгин-ертең бесик тойы,
Өс, бөкетей, өс, өс!
*
Өс, күним, өс, өс,
Өс, өскиним, өс, өс,
Аяқ-қолың созайық,
Қанатыңды жазайық,
Қабырғаң қабыспасын,
Жаўырының жабыспасын,
Епкиниң патли болсын,
Тепкиң қатты болсын,
Өс, қарағым, өс, өс!
*
Азаў-азаў, азайың,
Аяқ-қолың созайын,
Арқа-басың уўқалап,
Қанатыңды жазайын,
Қабырғаң қабыспасын,
Жаўырының жабыспасын,
Жаўдыр көзим, өс, өс,
Жаным қозым, өс, өс!
*
Өс, шүкирим, өс,
Ҳәр күни бир өс,
Екшембиде еки өс,
Жумада жети өс,
Жети кетең өтти,
Еселеп өс, еле өс!

www.ziyouz.com kutubxonasi

***Бесикке салғанда:***

Үкили бол, үкили бол,
Үй күшиктей уйқылы бол,
Түлендей сүйкимли бол,
Түлкишиктей күлкили бол!

***Бөбек жамбас басқанда:***

Отырсын, бөке, отырсын,
Ортамызды толтырсын,
Ордалы төре болсын,
Орны төрде болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***Бөбекке биринши көйлек кийгизгенде:***

Көйлетиң зер болсын,
Несибең көп болсын,
Кийимиң тоза берсин,
Өмириң оза берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Көйлеги зер болсын,
Минези кең болсын,
Таўдай бойы болсын,
Теңиздей ойы болсын,
Кийими көп болсын,
Кегири жоқ болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***Көрмене салтын өткергенде:***

Көрдик, баланы, көрдик,
Көримлигин бердик,
Көримли болсын,
Көргенли болсын,
Көптиң дегени болсын,
Йүсиптиң дийдарын берсин,
Муҳаммедтиң иймандын берсин,
Аўыл-елге қуўаныш болсын,
Ата-анаға жубаныш болсын,
Айдатысыз маллы болсын,
Алты арыстың алды болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Көрген, көрген, көрген күн,
Көрмене салтын берген күн,
Мамасы келип бул күни,
Сақлағанын берген күн,
Атасы келип бул күни,
Атағанын берген күн,
Дайысы келип бул күни,
Айтқан тайын берген күн,
Ата-анасы қуўанып,
Көпке пайын берген күн,
Көп жыйылып бул күни,
Көримлигин берген күн,
Түмен арўақ булт болып,
Төбемизден енген күн,
Жақсы хабар еситип,
Жақсылықты көрген күн,
Көрмене жолы оң болсын,
Көримлиги мол болсын,
Көк ийеси жарылқап,
Көзден сақлап, тилден сақлап,
Көримли бир ер болсын,
Келешеги зор болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Түпалем, балам, түпалем,
Әўели Тәңирден сәлем,
Пирден сәлем, ерден сәлем,
Аўыл-аймақ, елден сәлем,
Берсин, Алла, берсин,
Бергенин балам терсин,
Алла алқасын, жақласын,
Ала көзлерден сақласын,
Алажағы мол болсын,
Аламаннан қол болсын,
Алты арысқа ас берсин,
Ақылы асқан бай болғай,
Аллатаала өзи қоллап,
Уллылардай бас берсин,
Улықмандай жас берсин,
Толы журтқа аға болсын,
Толайым журт изине ерсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***Бөбектиң тусаўын кескенде:***

Таўдай бийик бол,
Таўшандай жүйрик бол,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Алла алқасын, алқасын,
Алғы қәдемин алқасын,
Ала жиби кесилсин,
Аяқбаўы шешилсин,
Аяғы дыйнақ болсын,
Адымы шыйрақ болсын,
Қәдемлери оң болсын,
Қайда жүрсе жол болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Алла алқасын, алқасын,
Алғы қәдемин алқасын,
Адақ-адақ жүре берсин,
Аяғы табыслы болсын,
Адақ арбалар айдасын,
Арбасы табыслы болсын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атасы азанлы болсын,
Анасы қазанлы болсын,
Алла тилегимизди берип,
Айланасы базарлы болсын,
Аллаҳыў акбар!
•
Алла алқасын, алқасын,
Алғы қәдемин алқасын,
Аймақ журты қуўансын,
Алдынан жарылқасын,
Адақ-адақ жүре берсей,
Ата-анасы күле берсей,
Аяқлары тең болсын,
Адымлары кең болсын,
Алтын шашлы болсын,
Айдай қаслы болсын,
Аллатаала қолласын,
Ата-бабалар қорғасын,
Аллаҳыў акбар!

***Балаға «Тилашар» салтын өткергенде:***
***(таңлайына түпиртиў дәстүри)***

Маңлайына да берсин,
Таңлайына да берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Аман болсын, есен болсын,
Журт баслаған көсем болсын,
Алты ордаға даңқы кеткен,
Жийреншешедей шешен болсын,
Алла «ал қулым» десин,
Муҳаммед «үмметим» десин,
Сейитлер «достым» десин,
Сейдинлер «қосшым» десин,
Шайқылар жолын ашсын,
Шайтанлар жолдан қашсын,
Жақсылар жолы азбасын,
Жаратқан бериўин жазбасын,
Жаңылмас жақ берсин,
Жақсылығын нақ берсин,
Таўдай тақ бермесе де,
Бармақтай бақ берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***Бала жасқа толғанда:***

Жасына жас қосылсын,
Асына ас қосылсын,
Арыстай жигит болып,
Басына бас қосылсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Айналайын қарағым,
Таўдай болсын талабың,
Алпамыстай батыр бол,
Алтыннан болсын жарағың,
Едигедей султан бол,
Айдынлы болсын садағың,
Қубылыдай мерген бол,
Қырымға жетсин атағың,
Алла узақ жас берсин,
Ер болып өссин қатарың,
Алғысларын ала бер,
Ата менен ананың,
Аллаҳыў акбар!

***Балаға қалпақ кийгизгенде:***

Қалпағың жасыл болсын,
Мурадың ҳасыл болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
Қалпағың керимли болсын,
Айдарың еримли болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
Қалпағың мол болсын,
Қажарың зор болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***Бала түңғыш жолға шыққанда:***

Жортқанда жолың болсын,
Кыдыр ата жолдасың болсын,
Қубылылар қолдасың болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Жолдың пири Жолайман,
Суўдың пири Сулайман,
Таўдың пири Талайман,
Нураның пири Нурайман,
Тәңирим өзиң бас болғай,
Жайыл улы жолға шықты,
Бәриңнен мәдет сорайман,
Қәдир ийем жол берсин,
Қыдыр ата қол берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***Анасы ҳәмиледар ўақытта:***

Бақан-шоқан бақалақ,
Аяшы туўсын шақалақ,
Шақалағы ул болсын,
Шашыўлары мол болсын!
•
Бала, бала, балпақ,
Баланың путы салпақ,
Анаң сениң ул туўғай,
Изиңе үкең ергей,
Илесип қалмай жүргей!

*Ойын баласына тилек*

Ақ шашлы, сары тисли болғайсаң!
Қатарының алды болғайсаң!
•
Ишкениң қатық болсын,
Минезиң жатық болсын,
Несибең артық болсын!

*Балаға сөз үйреткенде:*

Ҳәр исиң сәтли болсын,
Ҳәўижиң пәтли болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***ЕР АЗАМАТЛАРҒА ТИЛЕК***

Я қудайым оңласын,
Әўлийе-пирлер қолласын,
Кеўилиң тоқ болсын,
Уўайымың жоқ болсын,
Тапқаның берекетли болып,
Ырысқы-несийбең көп болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***АС ҚАЙЫРЫЎ ТИЛЕГИ***

Ә, иззети абырай,
Абырайдан айырмағай,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Көп берсин, берекет берсин,
Есесин Алла жеткерсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Оразғарың берекели болсын,
Отының басы мерекели болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Бастың байлығын берсин,
Денниң саўлығын берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Берсин, ийем, берсин,
Әўелден әўмет берсин,
Малдан дәўлет берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Көп берсин, берекет берсин,
Есесин Алла жеткерсин,
Өткенлерге тийе берсин,
Кейингиге жүрим берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Алты арыстың асын берсин,
Адам атаның жасын берсин,
Абы-әўладың өсип-өнсин,
Алла тилегиңди берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
А, қудайым оңласын,
Басқа қайғы салмасын,
Әўелдиң ақырын берсин,
Бақ дәўлет берсин,
Мийримли перзент берсин,
Илайым, айтқанымыз келсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Әмин десең, қолыңды жай,
Жарылқағай бир қудай,
Маллы қыл, жанлы қыл,
Алты арыстың алды қыл,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***МҮШЕ ТАРТЫЎ ТИЛЕГИ***

Алдымызға қойдың бас,
Алла берсин узақ жас,
Және усындың жамбас,
Жақсыларға жан бас,
Қосып бердиң жаўырын,
Қолқанат болғай аўылың,
Бизге қойдың төс,
Бир уядан өнип-өс,
Тарттың тағы омыртқа,
Талайыңнан қорықпа,
Ҳәм де бердиң қабыртқа,
Ҳәрне истен қамықпа,
Аман болып, саў жүргил,
Алла қолласын ҳәр ўақта,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***ҚОНАҚАСЫ ТИЛЕГИ***

Асың, асың, асыңа,
Берекет бергей басыңа,
Қырғаўылдай қорғалап,
Беденедей жорғалап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыдыр атлы атамыз,
Өзи келгей қасына,
Берген асың оң болсын,
Бул дәўлетиң мол болсын,
Балаларың мырза болсын,
Бабалар руўхы қоллап,
Әрўақлер ырза болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

### УЗАТЫЛҒАН ҚЫЗҒА ТИЛЕК

Барған жериңде бахтың болсын,
Бақ дарыған тахтың болсын,
Алдыңнан ай туўсын,
Арқаңнан күн туўсын,
Жаманға қатыў бол,
Жақсы менен татыў бол,
Қолың ашық болсын,
Душпаның қашық болсын,
Жүзиң жарқын болсын,
Тутқаның алтын болсын,
Алтын басын саў болсын,
Алла тилегиңди берсин,
Ал тилекшиң халқың болсын,
Аллаҳыў акбар!

*

Басың аман болсын,
Бақ қараған заман болсын,
Әўлийелер қорғасын,
Әрўақлар қолласын,
Елиңе елеўли бол,
Халқыңа қалеўли бол,
Жақсыны жақлағайсаң,
Сырласты сақлағайсаң,
Барған жериңе сый болып,
Тастай батып, суўдай сиңип,
Атаңның ақ патиясын,
Анаңның ақ сүтин ақлағайсаң,
Аллаҳыў акбар!

*

Жыллы жүзли бол,
Жумсақ сөзли бол,
Ериңе жайлы бол,
Ел-журтқа сыйлы бол,
Қазаның оттан түспегин,
Үйиңнен дәўлет кетпесин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

*

Кең пейил бергин,
Кетпес дәўлет берсин,
Узақ өмир бергин,
Үзилмес әўмет бергин,
Елиңе муңлас бол,
Ериңе сырлас бол,
Үбирли-шүбирли бол,
Жуўсандай түбирли бол,
Босағаң мықлы болсын,
Аяғың қутлы болсын,
Аллаҳыў акбар!

*

Ер адамның алдынан кесе өтпе,
Өз билгениң менен кетпе,
Ата-енеңди сый бил,
Күйеўиңди пир бил,
Көпшиликке кең бол,
Еки жаққа тең бол,
Баба салтыңды умытпа,
Туўған халқыңды умытпа,
Ағайинге қайырымлы бол,
Аға-иниге мийримли бол,
Сырласқа қуўаныш бол,
Муңласқа жубаныш бол,
Үлкенге ҳүрметте бол,
Кишиге иззетте бол,
Ата атандырма,
Сүйек сындырма,
Алла жолыңды оңласын,
Бийби Патпа қолласын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

### ХОЖАЛЫҚ ТУРМЫСЫНА БАЙЛАНЫСЛЫ ПӘТИЯ-ТИЛЕКЛЕР

#### *Жылбасы тилеги*

Наўрыз тойы оң болсын,
Несийбемиз мол болсын,
Ел-елаттың бирлигин берип,
Аўызбиршилик зор болсын,
Ерлердиң дәўлети жүрип,
Аллатаала жол бергин,
Ееэнлер қол берсин,
Ҳарымас талап берсин,
Талмас қанат берсин,
Ийман байлығын берсин,
Денниң саўлығын берсин,
Нийетимиз қабыл болып,
Илая, айтқанымыз келсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

*

Улыс күни оң болсын,
Ырысқымыз мол болсын,
Жылдан жылға жете берейик,
Жылысып өте берейик,
Берекетимиз жоғалмасын,

Бирлигимиз бузылмасын,
Ел-халқымыз тоқ болсын,
Бале-жала жоқ болсын,
Ер-азаматымыз иззэли болсын,
Жасы кишимиз иззетли болсын,
Жасы жеткенге қутим болсын,
Журт тыныш, бас аман,
Бауырымыз пүтин болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Алла берсин, берсин,
Айтқанымыз келсин,
Жылымыз қутлы болып,
Бале-матер жерге енсин,
Таңир бериўин жазбасын,
Банде азбасын, тозбасын,
Патшаның қаҳаринен сақласын,
Шайтанның заҳаринен сақласын,
Асып-тасқаннан сақласын,
Албырап-сасқаннан сақласын,
Буйрықсыз қазадан сақласын,
Бийорын жазадан сақласын,
Отлағымыз жасыл болсын,
Мурадымыз ҳасыл болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Жаңа жыл оң болсын,
Жақсылық мол болсын,
Байлығымыз көп болсын,
Бале-матер жоқ болсын,
Арыслан бап апаттан сақласын,
Шайқы Ахмет шатақтан сақласын,
Шыбылый ата шығыннан сақласын,
Ғайып ата ғыйбаттан сақласын,
Ҳаким ата ҳакистен сақласын,
Ҳамий ата ҳар истен сақласын,
Қошқар ата қырсықтан сақласын,
Тоқпақ ата тил-суқтан сақласын,
Бауетдин ата баледен сақласын,
Жалил ата жаладан сақласын,
Нарынжан баба насақтан сақласын,
Жантемир ата жалсақтан сақласын,
Маштақ ата мәдеткер болсын,
Сейтен ата себепкер болсын,
Жаратқан ийем тилегимизди берип,
Жылымыз илая оңынан келсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Алла алқасын, сақласын,
Аты жоқ жаласынан сақласын,
Атаның назасынан сақласын,
Ананың наласынан сақласын,
Ағайиннин аласынан сақласын,
Аламанның таласынан сақласын,
Қасарысқан дауdан сақласын,
Қасыммер жаудан сақласын,
Қанлы ауыз бериден сақласын,
Қанлы қол урыдан сақласын,
Қарабас дауылдан сақласын,
Қар аралас жауыннан сақласын,
Қатымсыз дуздан сақласын,
Қайтып келген қыздан сақласын,
Қарымсыз телимнен сақласын,
Қайырымсыз келиннен сақласын,
Қайғысыз улдан сақласын,
Қаранийет қулдан сақласын,
Қарашыл күннен сақласын,
Қаралы күннен сақласын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Алла алқасын, сақласын,
Алағат булттан сақласын,
Алаўыз журттан сақласын,
Алдау сөзден сақласын,
Арбау көзден сақласын,
Алағайым ерден сақласын,
Алакеўек жерден сақласын,
Асығыс шапқаннан сақласын,
Асып-тасқаннан сақласын,
Азып-тозғаннан сақласын,
Антты бузғаннан сақласын,
Ақбайтал азғыннан сақласын,
Арсыз мажгүннен сақласын,
Ай аман, жыл жақсы келип,
Абыржы күннен сақласын,
Аллаҳыў акбар!
•
Көп берсин, көп қылсын,
Несибемизди мол қылсын,
Жарылқа да жанлы қыл,
Есирке де маллы қыл,
Ҳақтан болсын инаят,
Пайғамберден шапаат,
Жақсылардан шарапат,
Пирлерим азиң жыйылып,
Тум-тусымызды қамал ет,
Түрли баледен аман ет,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Жыл оң болсын,
Жыл азығы мол болсын,
Түмек толы қор болсын,
Түлик басы көбейип,
Төле-төле төл болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Жыл оң болсын,
Мийўе-шийўе мол болсын,
Ширинже жоқ болсын,
Ширинекке береке берип,
Ширемик көп болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ырзай Алла, жалғыз пана,
Абырай бер, өзиң жақла,
Наўрыздан Наўрызға жеткерип,
Атаўсыз баледен аман сақла,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Наўрыз келсин, жыл келсин,
Бале-бәтер жерге енсин,
Қут-берекет мол болып,
Дүньяйы жаҳан гүллесин,
Көптен күткен күн болсын,
Ырысқымыз пүтин болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***Сүмелек тилеги:***

Дам, дам болсын, дам болсын,
Телеклер толы дан болсын,
Буўдайымыз писик болсын,
Тәңирим өзи яр болсын,
Отымыз қызғын болсын,
Сүмелегимиз қызыл болсын,
Сүмелектен дам татқанның,
Өмир жасы узын болсын,
Периштелер қолласын,
Пийрим Патпа қолласын,
Жети мама нәпеси тийип,
Алла исимизди оңлагын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Дам, дам болсын , дам болсын,
Дастурханда нан болсын,
Буўдайымыз болық болсын,
Телегимизде дан болсын,
Тилегимиз жам болсын,
Сөздиң басы ақ болсын,
Сүйенгенимиз Ҳақ болсын,
Сүмемиз нәрли болсын,
Сүмелегимиз дәмли болсын,
Майсамыз жасыл болсын,
Муратымыз ҳасыл болсын,
Малеклер өзи қолласын,
Мамалар өзи қорғасын,
Ата-бабалар желеп-жебеп,
Алла исимизди оңласын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Дам, дам болсын, дам болсын,
Жамиймыз жам болсын,
Буўдайымыз болық болсын,
Ырысқымыз толық болсын,
Қолымыз алық болсын,
Сүмелек қызылланып,
Жүзимиз жарық болсын,
Асымыз ас болсын,
Ас ийеси халық болсын,
Алланың нәзери түсип,
Асханата халық толсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***Қаўын-ғарбыз тилеги:***

Шийриннабат, манзил абат,
Өткенлерге салаўат,
Еккенниң, тиккенниң,
Кескенниң, жегенниң,
Баршеси болғай саламат,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Дийқанға ҳәрекет берсин,
Шашмеге берекет берсин,
Мәдийнеде Муҳаммед,
Түркистанда Хожаәмет,
Дайым бизди қоллаған,
Дуйым пирлерге рахмет,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Оңнан болсын, солдан болсын,
Қаўын-ғарбыз молдан болсын,
Базаршы базар барсын,
Балалар кеўин алсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

***Ағарған тилеги:***

Ағарған көп болсын,
Ел-халық тоқ болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Саўын мол болсын,
Ағарған көл болсын,
Өрисимиз от болсын,
Жутшылық жоқ болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Ақ көп болсын,
Халық тоқ болсын,
Тақшылық жоқ болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Ақ, ақ, ақтан болсын,
Ақ тилегим ҳақтан болсын,
Ҳақ жарылқап, пирлер қоллап,
Ырысқымыз нақтан болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*
Жаратқан ағарғаннан айырмасын,
Жаймақтың төрт мушы жыйылмасын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*

www.ziyouz.com kutubxonasi

### *Шай-суў тилеги:*

Есигиңниң алды ой болсын,
Ойдың тусы сай болсын,
Ел-журтың мерекели болсын,
Ҳәр күни ишкениң шай болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Ишкениңиз шай болсын,
Кеўилиңиз жай болсын,
Ул-қызыңыз өсип-өнип,
Журт сыйлаған бай болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Ишкениңиз шай болсын,
Шайнағаныңыз май болсын,
Мингениңиз бийе болсын,
Желинде қулын-тай болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Ишкениңиз шай болсын,
Ели-халқың бай болсын,
Қурсағыңыз тоқ болсын,
Қутханаңызда той болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Мүтиренде суў болсын,
Үйинде күлки-дуў болсын,
Қай ўақ, бир ўақ келмейик,
Елинде мудам той болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Суўсыныңыз суў болсын,
Суўат бойы нуў болсын,
Суў усынған қолларыңыз,
Нурға толсын, нур болсын,
Аллаҳыў акбар!
•
Саздиң басы суў болсын,
Суў бар жерде дуў болсын,
Суўыңыздан мийримиз қансын,
Илайым, бахтыңыз жансын,
Аллаҳыў акбар!
•
Қаўған суўға толғай,
Қутханаң нурға толғай,
Ағыўа сарқылмасын,
Ағыўлар тартылмасын,
Аллаҳыў акбар!
•
Қаўғаң суўға толсын,
Қапшығың унға толсын,
Бизди сыйласаң, Алла сыйлап,
Қалталарың пулға толсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Бол, бол, болсын – бол болсын,
Бақ-несийбең мол болсын,
Булақ көзи жоғалмасын,
Ағыўа суўлар суўалмасын,
Ағыўлар жайыла берсин,
Аспаныў-замин ҳәл болсын,
Ай далалар суўға қанып,
Айдын-шалқар көл болсын,
Аллаҳыў акбар!

### *Жемис-жийдек тилеги:*

Тутымыз көп болсын,
Түмен бале жоқ болсын,
Туттай бүрли болыңлар,
Тең-тусыңа үлги болыңлар,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Жегениңиз жүзим болсын,
Өмириңиз узын болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

### *Ширене тилеги:*

Ширинек зор болсын,
Ширене мол болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

### *Аўызашар тилеги:*

Болшы, болшы – болшыл бол,
Боз бийедей төлшил бол,
Бозыларың қулынлап,
Боз атаўға сыймасын,
Қула бийең қулынлап,
Қула атаўға сыймасын,
Ала бийең қулынлап,
Ала атаўға сыймасын,
Қара бийең қулынлап,
Қара атаўға сыймасын,
Сары бийең қулынлап,
Сары атаўға сыймасын,
Жийрен бийең қулынлап,
Жер бетине сыймасын,
Сеннен дәўлет артпасын,
Сом-сом алтын, сом алтын,
Суўға салса батпасын,
Сениң байлық өтпесин,
Тәңир берген несийбе,
Төгилсе кетпесин,
Отағың толы күл болсын,
Отаўың толы ул болсын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
•
Болшы, болшы, болшыл бол,
Буқым бийдей ойшыл бол,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Барин айт та, бирин айт,
Буқар байдай төлшил бол,
Тем, тем басқан, тем басқан,
Төрт аяғын тең басқан,
Төрем сүйген жаныўар,
Түйе бассын үйиңди,
Жалдыр жулдыр киснеген,
Жал-қуйрығын тислеген,
Желден жүйрик жаныўар,
Жылқы бассын үйиңди,
Саны, саны, саныўар,
Сасық мурын сантуўар,
Сырдан келген жаныўар,
Сыйыр бассын үйиңди,
Бала, бала, балаған,
Балалы үй – балақан,
Балалы үйде базар бар,
Бала бассын үйиңди,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*

*Ерийлик тилеги*

Асың, асың, асыңа,
Бақ-дәўлет қонғай басыңа,
Жаратқан ийем яр болып,
Жас қосылғай жасыңа,
Жүрген жериң той болып,
Жақсылар келсин асыға,
Жаслар ерсин қасыңа,
Журтыңа қадириң ассын,
Несийбең суўдай тассын,
Әмин, Аллаҳыў акбар!
*

Дастурханың мол болсын,
Абырайың зор болсын,
Мәртебең аса берсин,
Дәўлетиң таса берсин,
Алла ырazы қылсын,
Елдиң сыны – ерийлик,
Ердиң сыны – ерийлик,
Ерийлик бола берсин,
Ел-журт тола берсин,
Үйиңизге бақ қарап,
Қыдыр ата қона берсин,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

*Қырмантой тилеги*

Алла алқасын, оңласын,
Дийқан баба қолласын,
Дийқанға ҳәрекет берсин,
Дарьяға берекет берсин,
Суў ийеси яр болғай,
Суўымыз бисяр болғай,
Қолымыз алық болғай,
Екенимиз болық болғай,
Ырысқымыз мол болғай,
Қырмантой оң болғай,
Әмин, Аллаҳыў акбар!

## ҚЫСҚА ТИЛЕКЛЕР

*Қой қозылағанда:*

Бағар көбейсин!
*

Қой қос-қостан қозыласын!
*

Төл басы өссин!

*Сыйыр таллағанда:*

Туўар көбейсин,
Саўар көбейсин!
*

Ағарған көбейсин!

*Түйе боталағанда:*

Көлик көбейсин,
Керлик көбейсин!
*

Қараң көбейсин,
Қымыран көбейсин!

*Бийе қулынлағанда:*

Ис көбейсин,
Минис көбейсин!
*

Жели көбейсин!
*

Бозы сыймасын!

*Тұқым шашқанда:*

Жериң тың болсын,
Тиккениң көгерип,
Бириң мың болсын!
*

Берекет кесек көбейсин!

*Жай салғанда:*

Тырнағы беккем болсын!
*

Ҳайўаның төлге толсын,
Ҳәўлиң гөнте толсын!

*Гилем тоқығанда:*

Қолыңыз гүл болсын!

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Жүн ийиргенде:*

Түтер көбейсин!

•

Үмеге берекет берсин!

•

Қырық қуртқа жол берсин,
Қыдыр ата қол берсин!

## УЛЫЎМА АЙТЫЛАТУҒЫН ТИЛЕКЛЕР

Тәңир жарылқасын!

•

Алла зияят етсин!

•

Көп жасаңлар!

•

Жаныңыз саў болғай!

•

Алла тилегиңизди бергей!

•

Жолларың ашық болғай!

•

Өскейсиз, өнгейсиз!

•

Жаманлық көрмегейсиз!

•

Әрекенлериң өссин!

•

Көсеўиң көгерсин!

Шыбығың шынар болсын!

•

Қолларың берекет келсин!

•

Аттан түспегейсең!

•

Жаның жайылсын!

•

Ошағыңның оты сөнбесин!

•

Берекет тапқайсыз!

•

Шаңағың көп болсын!

•

Мал-басың аман болсын!

•

Несибең артаймасын!

## ЖАС ИНСАНҒА ТИЛЕК



Асығың алшы түссин!

•

Атың шыға шапсын!

•

Исиң берекетли болсын!

•

Өсип-өнгейсең!

•

Кем болмағайсаң!

•

Иймәнбайы бол!

•

Иймән-инсаплы бол!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРҒЫСЛАР

***Ата-тек, тұқым-тəберик пенен байланыслы қарғыслар***

Ата-бабаңа мың бир нəлет!

Жети атаңның жаны қыйналғыр!

Отың өшип, күлиң көшкир!

Улың – қул,
Қызың күң болғыр!

Балаң күшиккүйеў болғыр!

Келгинди атанғыр!

Кирме болғыр!

Қулдың қулы болғыр!

Құдай қара қул болғыр!

Улың Урымға,
Қызың Қырымға кеткей!

Қызыңды қул алғыр!

Басың даўда қалғай,
Балаң жаўда қалғай!

Улың уры-гəззап болғай,
Қызың журтқа мазақ болғай,
Бу дүньяда көргениң азап болғай,
О дүньяда көргениң дозақ болғай!

Қызыңның бахты қара болғай!

Келиниң суғанақ болғыр!

Жақсы келинге жарымағайсаң!

Илайым, балаң қызтеке болғай!

Улы-қызыңның ийгилигин көрме!

Тұқымың дуздай қурығыр!

Тұқымқурт болғыр!

Изиңде из қалмағай!

Қарыңды қарғыс атқын!

Қуў басың қалғыр!

*Қара басың қалғыр!

Туўмай туўа төккир!

Сүйегиң сипсе болғыр!

Тири арўақ болғыр!

Туўлағың шыққыр!

Туў-талақайың шыққыр!

Шилдиң тезегиндей шашырап кеткир!

Қуў жетим қалғыр!

Жесир қалғыр!

Тул қалғыр!

Төсек буйырмағыр!

Босаға көрмегир!

Шымылдыққа кирмегир!

Өкшең қанамағыр!

Емшегиң иймегир!

Жөргек жуўмағыр!

Қыршыныңнан қыйылғыр!

Тандырың шыққыр!

Жоқ болғыр!

Байсыз қалғыр!

Жасийис буйырмағыр!

Нəзериң нəрестеге түспегир!

Ийт хабарласпай қалғыр!

Үйиң зимистан болғыр!

Ордаң ойран болғыр!

Төбең үстиңе қулағыр!
Шаңарағың ортасына түскир!

Үйиң жанғыр!
Үйиң өртенгир!

Үйиң мазарға айланғыр!

Келе болмағыр!

Ақта болғыр!

Хатек болғыр!
Бетиң күйе болғыр!

Қызың екиқабат болғыр!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Туяқ көрмегир!

•

Тырнаққа зар болғыр!

•

О дүнья, бу дүньяда оңбай қалғыр!

•

Намазын оқылмағыр!

•

Иймансыз кеткир!

•

Қулиң кекке сууырылғыр!

•

Кемиўгия қалғыр!

•

Топрақ буйырмағыр!

•

Ийт қапқыр!

•

Тұқымың жарыққа шықпағыр!

•

Тұқымың дуздай қурығыр!

•

Жер баўырлап қалғыр!

•

Налет жаўғыр!

***Тилсим (арўақ, кәрмиш) туўралы***

Үйиңди әли арўақ басқай!

•

Табеңе көк түскир!

•

Тас болып, топрақ жегир!

•

Айдарха жутқыр!

•

Әрўақ урғыр!

•

Әрўақ атқыр!

•

Жүзиңди бабалы көргир!

•

Қара албаслы басқыр!

•

Қара басқыр!

•

Мартыў басқыр!

•

Перииниң қанаты қаққыр!

•

Жин урғыр!

•

Кийениң кепетейине утырағыр!

•

Көрим көрингир!

Гөриге дус болғыр!

•

Гөрбарға жолыққыр!

•

Даладол урғыр!

•

Бабалы басқыр!

Зыянкес айландырғыр!

•

Пери көтерип кеткир!

•

Перииниң салқыны тийгир!

•

Өли арўақ жабысқыр!

•

Бале-матер орағыр!

•

Арқаңа қарап қалғайсаң!

•

Не болса, қара бағыңа көрингир!

•

Дәўди көрип, даўсың шықпай қалғыр!

•

Мәмелек айландырғыр!

•

Бақыраўық тутып алғай!

•

Арқаңа бақыраўық жабысқай!

•

Қақылдап қалғыр!

•

Пери қағып кеткир!

•

Жолың болмағыр!

•

Исиң кери кеткир!

***Келтепамлик, мағқоралық ҳәм берекетсизлик ҳаққында***

Өзиң билме, билгенниң тилин алма!

•

Қула дүзде қонып қал,
Қулдан буўаз болып қал,
Жол үстинде қонып қал,
Жегиден буўаз болып қал,
Гөристанда қонып қал,
Бөриден буўаз болып қал!

•

Қойыңды бөри басқай,
Үйиңди гөри басқай!

•

Басыңа ийт териси қапланғыр!

•

Ийттен қор болғыр!

•

Ийттен бир сүйек қарыз болғыр!

•

Ийт сүйегиңди ғайзағыр!

•

Тасының тамырын жегир!

•

Жер геўлеп кеткир!

•

Тас терип кеткир!

•

Маңлайы ашылмағыр!

•

Зар болғыр!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Расиўа шыққыр!

Қарабет болғыр!

Астың басыңнан асқай!

Айттырған қызың қашып кеткир!

Көптиң жазғырыўына,
Көрмиштиң азғырыўына ушырағыр!

Еки дүньяда қор болғыр!

Қара мола болғыр!

Морыңның түтини тығылғыр!

Қуманың тесилгир!

Шамың жанбағыр!

Қазаның суўға кеткир!

Сыпырақ үнсиз қалғыр!

Жалшымағыр!

Жарымағыр!

Турақ таппағыр!

Бетиң күйе болғыр!

Жүзи қара болғыр!

Бетиң тилингир!

Палекетке ушырағыр!

Баддуўа болғыр!

Басыңа ийт териси қапланғыр!

Даўда басың қалғыр!

Айдарың кесилгир!

Тулымың кесилгир!

Сақал-муртың кесилгир!

Қанатыңнан қайырылғыр!

Асқаның қара асыңа буйырғай!

Қурбақа жутқыр!

Аўзыңнан шығып,
Жағыңа жабысқыр!

Қолың артыңа қайырылғыр!

Мақсетиңе жетпегир!

Қуйрығың жер ийискемегир!

Барған жериң батыл болғыр!

Жүрген жериңе шөп шықпағыр!

Баспанасыз қалғыр!

Үйиң жанғыр!

Үйиңди қуйын аўдарғыр!

Үшетиңди жел ушырғыр!

Жалаңпут қалғыр!

Исиң кисиге қарағыр!

Исиң келиспегир!

Баслаған исиң илгери баспағыр!

Жумысың жүриспегир!

Арбаң аўдарылғыр!

Жүгиң жолда қалғыр!

Дегениңе жетпегир!

Ийтмасқара болғыр!

Пышықтың гөшин жегир!

### *Өлим тилеў ҳаққында*

Қараң батқыр!

Көзиңе көк шыбын үймелегир!

Үйиңди байыўлы уялағыр!

Уйқыдан оянбағыр!

Жатқан жериңде жайрап қалғыр!

Басың денеңнен жуда болғай!

Желкең қыйылғыр!

Жулының үзилгир!

Атың жолда өлгей,
Қатының үйде өлгей,
Улың шөлде өлгей,
Қызың көлде өлгей!

Ошағың сөнгир!

Үйиңнен түтин шықпағыр!

Жер таянып қалғыр!

Қарның қақ айырылғыр!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тил тартпай кеткир!

Тилиң тамағыңа тығылғыр!

Қусығыңа қақалғыр!

Жөтелип өлгир!

Дем келмей қалғыр!

Напес жетпей қалғыр!

Жер тартқыр!

Жүўернемек болғыр!

Тил тартпай кеткир!

Уйықтан шыға алмай қалғыр!

Батпаққа батқыр!

Шардан адасқыр!

Базарда басың қалғыр!

Есиктен төрге жетпегир!

Айна-қапыңнан қос өлик шыққай!

Қара тастың астында қалғыр!

Ғәйирдиң қолында өлгир!

Төриңде тикке турғыр!

Өкпең осылғыр!

Ылашың ийтке қалғыр!

Көзиңе көк шыбын үймелегир!

Көзиңди қара қузғын шоқығыр!

Өлигиң далада қалғыр!

Гөшиң гөрбарға буйырғыр!

Төриңде өкиргир!

Талқаның табытыңа буйырғыр!

Қара суўға шақалып өлгир!

Тамағыңнан ас өтпегир!

Көкирегиңди от басқыр!

Үстиңди қара қум басқыр!

Үйиң өшкир!

Ҳарам қатқыр!

Көклей солғыр!

Қулыңның қолында қор болғыр!

Кийимиң қырық жамаў болғыр!

Жаман кийим жабысып қалғыр!

Тесик тийинсиз қалғыр!

Қара бақырға зар болғыр!

***Кесел тилеў ҳаққында***

Бийҳуш болып бир ай жат,
Ернин исип еки ай жат,
Үсик алып үш ай жат,
Төсек тартып төрт ай жат,
Белиң талып бес ай жат,
Аяқтан қалып алты ай жат,
Жилигиң жарылып жети ай жат,
Өлимши болып жата бер,
Әле қалсаң, әмирем қап!

Жөтелесип қалғыр!

Басың искир!

Басың жарылғыр!

Басыңның сақыйнасы услағыр!

Мийайлан болғыр!

Көзмайың таўсылғыр!

Көзиң көрмей қалғыр!

Жүргенде жолыңды көре алмағыр!

Маңлайыңдағы көз емес, без болғыр!

Қос жанарың сөнгир!

Көзиңе шүйел шыққыр!

Көзиң шыққыр!

Көзиң аққыр!

Көзиңе гүл түскир!

Көзиң көр болғыр!

Көзиң суўқараңғы болғыр!

Көзиңе шешек шыққыр!

Көзиңди ақ басқыр!

Көзиңнен жасың сорғалағыр!

Көзиңнен қан сорғалағыр!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қасың кирпигиңнен айырылғыр!
*
Қулағыныңның булағы аққыр!
*
Мурның тыйылмағыр!
*
Бетиң қотыр болғыр!
*
Жағың тесилгир!
*
Тисиң қақсағыр!
*
Таңлай тисиң қағылғыр!
*
Даўысың шыңлай қалғыр!
*
Жағыңа жылан жумыртқалағыр!
*
Жағың қарысқыр!
*
Жағың тайғыр!
*
Тил-жағың байланғыр!
*
Аўзың қыйсайып кеткир!
*
Аўзың ирип кеткир!
*
Аўзыңнан қара қаның келгир!
*
Жағың қаўсап қалғыр!
*
Ерниң кеседей искир!
*
Ерниңди ушық басқыр!
*
Тисиңе қурт түскир!
Демиңе адам шыдамағыр!
*
Асқазаның тесилгир!
*
Қарның жарылғыр!
*
Ишкениң ириң, жегениң желим болғыр!
*
Жегениң желкеңнен шыққыр!
*
Демиң қысылғай!
*
Қолың сынғыр!
*
Қолың шыққыр!
*
Белиңнен шойырылғыр!
*
Жамбасың тесилгир!
*
Жамбаслап қалғыр!
*
Түйе таплап кеткир!
*
Терқатпа болғыр!
*
Қылтамақ болғыр!

Өкпең өткир!
*
Силекпе болғыр!
*
Силикпең шыққыр!
*
Өкпең ширигир!
*
Өкпең аўзыңа тығылғыр!
*
Жаның көзиңе көринтир!
*
Емешең қурығыр!
*
Баўырың иригир!
*
Баўырың күйгир!
*
Бүйрегиң ширигир!
*
Талағың тесилгир!
*
Қабырғаң сөгилгир!
*
Қарың сынғыр!
*
Қарның жарылғыр!
*
Кеселиң ишиңе түскир!
*
Иңбегиңе жара шыққыр!
*
Қуртаўрыў болғыр!
*
Үстиңди жатақжара басқыр!
*
Қазаныңда қан қайнағыр!
*
Алапес болғыр!
*
Үсик алғыр!
*
Үстиңнен ирең түспегир!
*
Ениң искир!
*
Күйменек болғыр!
*
Көтенқурт болғыр!
*
Бабасыр болғыр!
*
Тилиң уўылып, аўзыңнан суў аққыр!
*
Тилиңе күйдирги шыққай!
*
Мыспыл болып, ағыл атқайсаң!
*
Илая, гүм болғыр!
*
Қарғыс қара басыңды жутқыр!
*
Ишкениң ириң, жегениң желим болғыр!
*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ишиңе от түскир!

•

Сидитиң турмағыр!

•

Мешел болғыр!

•

Салсүйек болғыр!

•

Сал болғыр!

•

Қуяң болып, белиң шойырылғыр!

•

Шойнаңлап қалғыр!

•

Төсекке жабысып қалғыр!

•

Төсек тартып қалғыр!

•

Аўрының алып кеткей!

•

Астыңа шыйқан шыққай!

•

Табаның ойылғыр!

•

Тобығың тайғыр!

•

Тобанаяқ болғыр!

•

Аяғыңа аяққы болмағыр!

•

Аяғың сынғыр!

•

Шатың айырылғыр!

•

Путың айырылғыр!

•

Жилигиң шил-парше болғыр!

•

Шүтегиңнен сил аққыр!

•

Қара тастай қатып қал!

•

Күлиң көкке суўырылғай!

•

Гөриң қазылғай!

•

Гөр шығарып тасласғай!

•

Көзиңе көк шыбын үймелегир!

•

Сүйегиң ҳәр жерде қалғай!

•

Денеңде саў тамтық қалмағай!

•

Әжелиңнен он күн бурын өлгейсең!

•

Жасыма жасың жетпегир!

•

Қарилық таштиң сүрмегейсең!

•

Басың жазылмай қалғай!

•

Үниң өшкир!

•

Қудай атқыр!

•

Кийе урғыр!

•

Өлсең – өмирем қап!

•

Атың тул болғыр!

•

Кепин кийгир!

•

Кийгениң кепин болғыр!

•

Орның ойсырап қалғыр!

•

Отырған жериңде омалғыр!

•

Өлигиңди гөр шығарып тасласғыр!

•

Қәбирине тикен шыққар!

•

Тақаның таўсылғыр!

•

Демиң питкир.

•

Дегениңе жетпегир!

•

Алды-артыңа ақ топрақ!

•

Намаз буйырмағыр!

•

Периниң қудығына түскир!

•

Өлимши болып қалғыр!

•

Өлигиң көшеде қалғыр!

•

Әжел алғыр!

•

Көк тигилгир!

•

Қара тигилгир!

•

Қара байланғыр!

•

Қаралы болғыр!

•

Қазаң жеткир!

•

Ийман буйырмағыр!

•

Иймансыз болғыр!

•

Зар-еңиреп қалғыр!

•

Көзиңниң жасы кеппегир!

•

Қат-қабат өлим көргейсең!

•

Үйиңнен жас өлимегей!

•

Балаларың турмағай!

•

Бесигиң бос турғай!

•

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бос бесик шайқағайсаң!

•

Бесик таянбағайсаң!

•

Байдың ратин кєрмегир!

•

Орнына сарығыр!

•

Орныңнан тура алмай қалғыр!

•

Төсекке таңылгыр!

•

Орның күл болғыр!

•

Изсиз кеткир!

### *Ашлық, мешкейлик ҳаққында*

Ашапат болғыр!

•

Атаўыңды ишкир!

•

Аўзың аққа жарымағыр!

•

Жаланып, жалақ болғайсаң!

•

Аўзыңнан суўың аққыр!

•

Силекейиң шубырғыр!

•

Қулқының қурығыр!

•

Бермесең булқынына қуй!

•

Заҳар ишкир!

•

Түлкишек болғыр!

•

Жылқыдай биришек болғыр!

•

Басың денеңнен жуда болғай!

•

Ишиң турмағыр!

•

Ишиң суў болып өткир!

•

Бир тапқаның бир тапқаныңа жетпегир!

•

Кесең ағармағыр!

•

Көзмайың татымағыр!

•

Нантепти болғыр!

•

Наныңның кийесине ушырағыр!

•

Ишиң жарылып өлгир!

•

Бириң еки болмағыр!

•

Тапқаның тапқаныңа жетпегир!

•

Дымсыз қалғыр!

•

Қарның терис айланғыр!

•

Ишегиң сыртына шыққыр!

•

Ишегиң үзилип өлгир!

•

Үмитиң пушқа шыққыр!

•

Үмитсиз қалғыр!

•

Күткениң келмегир!

•

Ишпесең ишиўсиз қал,<br>
Жемесең жеўсиз қал!

•

Қулдан бир сүйек қарыз болғыр!

•

Үйиң Үшқорғаннан көрингир!

•

Үйиңнен жылан шыққыр!

•

Үйиңнен жыланның ордасы шыққыр!

•

Үйиң жин-жыпырға толғыр!<br>
Аўзың Пайшембеге қарағыр!

•

Отырған жериң өмән болғыр!

•

Шөлистанда қалғыр!

•

Той көрмегир!

•

Тойыңда қар жаўғыр!

•

Қара жаўынның астында қалғыр!

•

Қызғанғанның қызыл ийтке жем болғыр!

•

Оразың оралмағыр!

### *Бурынғы ўақытларға тийисли қарғыслар*

Арқаңнан күл шашылғыр!

•

Өрисиң өртенгир!

•

Карўаның тоналғыр!

•

Малыңды қарақшы шапқыр!

•

Ул-қызың жаўдың қолында қалғыр!

•

Көшиң қара даўылға ушырағыр!

•

Үй ишиң менен күңликши болғыр!

•

Тентиреп кеткир!

•

Тентене болғыр!

•

Аўылға қайтыў буйырмағыр!

## *ЖАН-ЖАНЫЎАРЛАР, ХАЙЎАНЛАР ТУЎРАЛЫ*

### *Ешкини қарғаў*

Ешкимар емгир!

Жаның шыққыр!

Бақылдап қалғыр!

Ҳалекке келтир!

Нықпырт тийгир!

Қасқырға тап болғыр!

Жараған түйе басқыр!

Өлим келтир!

Туўа алмай өлгир!

Туяғың сынғыр!

Тастан ушқыр!

Ҳарам қатқыр!

Ийттен қашқыр!

Тыным таппағыр!

Желлеп кеткир!

Шыбжыңлап өлгир!

### *Қойды қарғаў*

Топалаң тийгир!

Ушпа тийгир!

Шешек болғыр!

Бөриниң ортасында қалғыр!

Қасқыр тамақлағыр!

Ийт-қус ем болғыр!

Қырылып қалғыр!

Үйелеп өлгир!

Жайрап қалғыр!

Шардан шықпағыр!

Аңқаң кепкир!

Жаныққып өлгир!

Қумқата болғыр!

Шөлден қатқыр!

Ақыр таба алмай жүргир!

### *Сыйырды қарғаў*

Қарасан болғыр!

Шөлиң қанбағыр!

Шөллеп қалғыр!

Аўсыл болғыр!

Тилиң аўзыңа сыймағыр!

Тилиң тығылып қалғыр!

Тилиң кеткир!

Шыбынлап өлгир!

Бөгелек үйирилгир!

Бағыўсыз қалғыр!

Қараң келгир!

Топан суўдың астында қалғыр!

Желиниң жабысқыр!

Ха, суўалғыр!

Емшегиң искир!

Сүйегиң жыйналмай қалғыр!

Мурныңнан суў аққыр!

Сағырмай қалғыр!

Қысыр қалғыр!

Мүйизиң қанағыр!

Мийиңди қурт жегир!

Көлеге таппағыр!

Пададан айырылғыр!

Тезегиң кеппей өлгир!

Жапаң жамбасыңа жабысқыр!

Поппалап өлгир!

Жипке оралып өлгир!

Арқанға тусалып қалғыр!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өристен қайтпағыр!
*
Аўнақтан шықпағыр!
*
Таланға түскир!
*
Гөшиң деңгене болғыр!

### *Атты қарғаў*

Үйирге қосылмағыр!
*
Жаўыр болғыр!
*
Қанзил болғыр!
*
Таңлақ болғыр!
*
Саяқ қалғыр!

Мойныңды тесип, қан ишкир!
*
Пери минтир!
*
Мәмелек айландырғыр!
*
Қуйрықтан байланып қалғыр!
*
Шидериң шешилмегир!

### *Түйени қарғаў*

Сарталта өлгир!
*
Қызылша таппағыр!
*
Жантаққа зар болғыр!
*
Дузсыз қалғыр!
*
Табыннан айырылғыр!
*
Ботаң далада қалғыр!
*
Буўраға жарымағыр!
*
Жол таппай қалғыр!
*
Қудықтан шықпағыр!
*
Қараң батқыр!
*
Қайып кетир!

### *Таўықты қарғаў*

Қырғый илгир, қырғын тийгир!
*
Шоңқайма болғыр!
*
Таскене басқыр!
*
Шытыр тийгир!
*

Ийтке жем болғыр!
*
Малим алғыр!
*
Келеске тап болғыр!
*
Сойымханадан бир шыққыр!
*
Ийтшыбын айландырғыр!
*
Ушпа болғыр!

### *Ешекти қарғаў*

Жүгиң аўып кеткир!
*
Күлде аўнағыр!
*
Зырпық урғыр!
*
Зиңгиритиң үзилгир!
*
Қылғынып өлгир!
*
Бөрige жем болғыр!
*
Сыртлан тийгир!
*
Аштан қатқыр!
*
Қаңғырып кеткир!

### *Қасқырды қарғаў*

Жағың қарысқыр!
*
Бөрибасар алғыр!
*
Уяласың қырылғыр!
*
Аланның астында қалғыр!
*
Басыңа тас түскир!
*
Алдыңнан жолбарыс шыққыр!

Гүм болғыр!

Атың айтылмағыр!

Қараң батқыр!

www.ziyouz.com kutubxonasi

**Топламдағы гейпара сөзлерге түсиниклер**

**абақоңыр** – *қараторым*
**ағыў** – *ағын суў*
**ағыўа** – *сарқырама, қулама суў*
**адам базары** – *қул базары*
**айқаттай** – *жүда үлкен, дәбдебели*
**айқобыз** – *үлкен қобыз*
**айла** – *шаңарақ*
**айя** – *ҳәййиў (ҳәйя), бесик жыры*
**ақ** – тексте: *ағарған (сүт қатық өнимлери)*
**ақта** – *пишик, пиштирилген*
**ақ үйли етиў** – *сүргинге жибериў, қамаў, жазалаў*
**ақыр** – *текстте: ас-суў ушын арнаўлы аслаў*
**алқас (ҳалқас)** – *азанғы аўқат*
**алты арыс** – *қарақалпақ халқының санлық атамасы*
**амангер** – *әмеңгер, қәўендер, ғамхор*
**амуд** – *устын*
**Ана жақ** – *жоқары қарақалпақлар түсинигинде: Арал бойы*
**аңызақ** – *ыссы қурғақ шамал, аптаптың жүриўи*
**апан** – текстте: *қасқырдың уясы, қазғақ жер*
**ара-тидин** – *анда-санда, ара тура*
**араста** – *зийнет берилген, безетилген*
**арш** – *1. уллы тахт, аспанның ең жоқарғы қабаты 2. жулдызлардың ең жоқарысы*
**арш буржы** – *аспанның ең жоқарғы шыңы*
**арыс балалары** – *қарақалпақлардың шежирелик атамасы*
**асасы** – *негизи, тийкары*
**аспа** – *асып-асып кеселди, асылма*
**асый** – *гунакар, исеними жоқ, қазғалаң көтериўши*
**ата** – текстте: *сайға, атаўлы зат*
**атаў** – текстте: *ақырғы ас, қара ас (атаўкере)*
**атаўсыз** – текстте: *тилге алыўға болмайтуғын түрли-түрли бәлемет*
**атшуўлы** – *аты шаў шуўлы, аты ҳаўазалы (атҳаўазалы)*
**аўнақ** – *сыйыр жатағы*
**аўсыл** – *кеселлик, тил үйылып аўырыў*
**аўылбайы** – текстте: *саҳрайы, жабаный*
**афарийниш (афарийнаш)** – *1. жаратылыў, пайда болыў; 2. барлық, әлем, жаратылыс*
**аяққы** – *аяққийим*
**аяш** – *ана (еркелетиў мәнисинде)*
**әдип** – *тигилген буйымның яки кийимниң жийеклен-ген шети*
**әжиз** – *ҳәлсиз, күшсиз, қуўатсыз, илажсыз*
**әле** – *еле*
**әлем** – текстте: *акиниш, ызалылық*
**Әнбар ана** – *Ҳаким атаның қостары*
**әнедей** – *әнейидей, әлкиге*
**әнше** – *олай болмағанда*
**әпенде** – текстте: *аққөкирек, сада*
**әсиреқызыл** – *сырты жылтырақ, қаллеки*
**әўла** – *абзал, жақсы, дурыс*
**әўлийе** – текстте: *карамаtлы, көреген*
**бад** – *самал*
**бады саба** – *таң самалы, әллең самал*
**базарлы** – текстте: *қызықлы, ойын-күлкили, тамашалы*
**байнағы** – *сол, жаңағы (бәнеги)*
**Байсары балалары** – Қоңыр бийдиң тұқымлары
**бақуўат** – *қуўатлы, қорғаўлы*
**бақыраўық** – *албастының баласы*
**басқақ** – текстте: *басшы, басқарыўшы*
**бараң** – *қарақоңыр*
**басы сақыйналы болыў** – *созылмалы бас аўырыў*
**баспай** – *аяқ панжеси (баспай)*
**баяр** – текстте: *ер адам үй ийеси*
**базер** – *зорға, әлдим азарда*
**банде** – текстте: *бенде, тутқын*
**бейи** – *бийи (айяо)*
**Бийбиш ә** – *Сабыйт атаның жубайы*
**Бийпатма** – *Бийби Патийма мама*
**бийшиннеш** – *бий болыўға талабан*
**биртыма** – *бираз, бир заман*
**бисар** – *мал, көп*
**бозы** – *жылқы*
**бозыбаq** – *жылқы қәсийетин билиўши, ат сейислеўши*
**болтысы** – *бала жиқ, баласы*
**бөлтебөри** – *шийбөри, гөрбөр*
**Бурақ** – *Муҳаммед алайҳиссалам мийраж кешеси минип аспанға көтерилген ат*
**бурж** – *жулдызлар дүркини*
**буўдай** – *бийдай*
**Бухартан** – *Бухария (Бухар әмирлиги)*
**бүршек** – *мүйеш, муш, шет-тус*
**бық** – текстте: *патас, былық, ипласс*
**генетоз** – *гөне, тозыўы жеткен*
**гери** – *гөрбоп (гөр адамы)*
**геристан** – *қойымшылық, қәбиристан*
**гүлшин** – текстте: *қыйықша, мәсиниң әкшесине салынатуғын қыйма тәлетин*
**гүўенлеў** – *гүўенге дизиў, басын байлаў*
**дабара** – *ҳаўаза*
**дағы** – текстте: *тағы басқа*
**данайы аркан** – *дана, данышпан*
**дарым** – *ем сөз, дәри сөз, даўалаў айтымы*
**дарымшы** – *сөз ҳәм ем қолланыў арқалы руўхый даўалаўшы арўақлы емши*
**даўдиреў** – *албыраў, дәлдарыў*
**даўре** – текстте: *от басы, ошақ қасы*
**деўир** – *дейин*
**дин** – текстте: *тин, тамыр, түбир, сүйеклес*
**дуўжан** – *ҳәмилдар, екиқабат (екижанлы)*
**дыйнақ** – *тың, пық, пәтли*
**дымақ** – *жутқыншақ*
**егели** – *ийели*
**егер** – *ер (ат әбзели)*

**екинсимли** – *еки если, жиллисурей*
**елик** – *сайғақтың ылағы*
**емесин** – *шыпабоғыш, ем-дарым*
**ешкимар** – *ешки емер, келес (жабайы ҳайўан)*
**жазмыш** – текстте: *мүшел есабы*
**жаймақ** – *жайдары дастурхан*
**жаланқая** – *жуллыс, бийҳая, арсыз*
**жанасып отырыў** – *жақын барыў, жантасыў*
**жаншық** – *жанлик*
**жаны-жансыз** – *жанлы-жансыз*
**жасамыс** – *көп жасаған, егеде, көксе*
**жам** – *кесе*
**жамия** – текстте: *бир хожалық ағзалары*
**жән** – *урыс, саўаш, шайқас*
**жентек** – *қатқалақ, қатты түйиршик*
**жизия** – *салық*
**жона** – *ер астына салынатуғын ат әбзели*
**жорабай** – текстте: *пақыр, байғус*
**жорық** – *жол жүриў, сапар етиў*
**жупты ҳалал** – *әмирлик қостар (ҳадал жубай)*
**журтты** – *түбирли отырықшы халық*
**жутшылық** – *қурғақшылық, жутаўшылық*
**жуўғарада** – *жақында, жақын бериде (жуўық арада)*
**жырғалы** – *ойласықлы, көп талқылаўлы*
**заңмен** – текстте: *жол-жорық, бағыт-бағдар, заңнама, қағыйда*
**заў-зат** – *зүрият*
**зәўмет** – текстте *ойымпаншылық мийнет шеккишилик*
**зеби-зийнет** – *ҳасыл тағыншақ*
**зер** – *алтын*
**зулманый** – *залым, зулым, зулметгей*
**Зуўра мама** – *Бийби Зуўҳра (Бийби Зәўре)*
**зыққы тығыў** – *бийзар болыў*
**зым** – *айдарҳа, ордалы жылан*
**иззетли** – *ҳүрмет-итибарлы, иззетли*
**ийек артыў** – *исениў, арқа сүйеў*
**илмиғайып** – *ғайып илими, тилсиматлығы*
**илми ҳал** – *тил менен сүўретлеп болатуғын илим-лер. Шарият илими де усыған киреди*
**илтипат** – *ҳүрмет-иззет, сыйласық*
**ире** – *ағада, арасан*
**исиян-зибаны** – *тил қайтарыў, даўыс көтериў*
**итаат** – текстте *жағымпазлық, ығына жығылыў*
**кадя** – *қабақ*
**канде** – *алқы, кең, бос (кенде)*
**кәрият** – текстте: *сыр, қүдирет, кәрамат*
**келе-келе** – текстте: *тода-тода, топ-топ*
**келели** – текстте: *ужыбатлы, патиўалы (келеўли)*
**керши** – *балықшы қуралы*
**кесим** – текстте: *шешим*
**кираман катиби** – *катиблердиң улығы, уллысы, (кираман катибайн)*
**кирие болғыр** – *«басқа журтқа араласқыр, кирик-кир» деген мәнисте*
**көгелең** – *майсазар, көгал (газон)*
**көк** – текстте: *көк жалаў (жас әлими белгиси)*
**көк** – *ыраң, какшал*
**көлеге** – *пана, соя, көлеңке*
**көрдемпе** – *некесиз туўылған перзент*
**көримли** – *көркем, көрикли*
**көрлик** – *Түйениң санын билиў ушын ҳәр он түйеден бирўиниң көзин шығарып, көр қылады. Соны «көрлик» дейди. Көрлик түйелер табын (түйе келеси) ырысы болады*
**көтебе** – *көш жегилмеси, күш көлик*
**күнсүмер** – *күнсимер, күнқақты болыў*
**күрси** – *арштың екинши атамасы, жети қабат аспаннан тысқары, сегизинши аспан да түсиниледи*
**күшиккүйеў** – *дурысы: күшкүйеў (текстте кекесин-ли мәнисте қолланылған)*
**қадым** – *кең адым*
**қажар** – *күш жигер, күш-ғайрат*
**қайтыў** – *қайтыс болыў*
**қайыў** – *гүйлеў, күйге келиў*
**қал** – *сөз, сөйлеў, гәп*
**қалжа** – *жуғымлы жумсақ гөш*
**Қалқаман** – *Қоңырат Хожай батырдан тарқалған әўлад*
**қалпал** – *қалпеки сөз, жалған*
**қандым** – *жүзимдей өйретилип өсетуғын дала дарағы*
**қанзил** – *жылқы кеселлиги*
**қар** – текстте: *тұқым-теберик, урим-путақ*
**қар** – *сүйек*
**қарабас даўыл** – *баҳарғы он күнлик қара даўыл*
**Қарағазы Қоңыр улы** – *Бухар қарақалпақларының белгили бийи*
**қарақус** – текстте: *зиянкес, зулым арўақ*
**қарайым** – *толайым, гүллан*
**қаралаў** – текстте: *жас жасаў, жас толтырыў, жас миниў*
**қарасан** – *күйдирги кеселлиги*
**қарашыл** – текстте: *сетемшил, жолтоқ*
**қарийе** – *қория, егеде, көксе*
**қарпақ** – *«қарақалпақ» атамасының қысқарып айтылыўы*
**қарымсыз телим** – *сүйегн басқадан сақлап алынған әўлад, тегн белгисиз урпақ*
**қатыл етиў** – *әлим жазасына кесиў, өлтириў*
**қаўта** – *қудықтан суў алыўға ҳәм суў қуйып қойыўға арналған ыдыс*
**қәндил** – 1. *аспа шам* 2. *қуяш яки ай*
**қаҳат** – *табылмайтуғын, жоқ жағдай, жоқшылық*
**қойшыман** – *шопан*
**қол** – текстте: *әскерий күш, ләшкер*
**қолдаў** – *малдың алдыңғы аяғының жоқарғы жағы*
**қолдаўлы** – *қоңырат арысының белгили тайпасы*
**қоналқа** – *қонақасы, қонақғыбага*
**қоныққбай** – *үй ийеси, қоныңқ алыўшы, қонақ күтиўши*
**қор** – текстте: *сақлаўлы азық аўқат ғәзнеси*
**қорым** – *қорықлаўлы орын, қойымшылық*
**қослас** – *қостар, жубай*
**қоша-қоша** – *қос-қостан, қоса-қоса*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**Қубыпы** – *Қоблан батырдың тийкарғы аты*
**қубыры** – текстте: *әўлийе инсанлар, арўақлар, карамат ийелери*
**қуйрық таслаў** – *қуйрықурыў, қуйрық пенен таўлаўыў*
**қурамы** – *тұңғыйық*
**Қуртлы ата** – *ата пир*
**қурық** – *жылқы услаў ушын басы илмекли сырық*
**қутхана** – текстте: *үй, шаңарақ, хожалық*
**куты ушыў** – *куты қашыў, абигерлениў*
**қызылша** – *түйениң қыс азығы, путалы өсимлик*
**Қыйыл (Қуйыл)** – *Сырдарьяның қуярлығы*
**қымылдаў** – *қыймылдаў*
**қымыран** – *шубаттың тийкарғы атамасы*
**қырдалы** – *қырдың халқы, қыр адамы*
**қырмыш** – *қырмыш бөрек (пирожок)*
**қырық қуртка** – *мама пирлер*
**лапыы** – *лапгей*
**лаўха** – *жалпақ тахта, жазыў тахтасы*
**Лаўхал Маҳфуз** – *гяя аспанның ең жоқарғы қабатындағы тиришилик сырлары, инсанлардың тәғдири жазылған тахта*
**мақбара** – *мазар, қәбир үстине тикленген зияратхана*
**майлы** – *қылшақтың майлыбалта урыўы*
**Майлышеңгел** – *қарақалпақлар менен Хийўа ханлығы арасындағы тарийхый шегара*
**мама** – *үлкен ана*
**масала** – *от-шырақ, машал (маяк)*
**маслық** – *шығырдың өреси*
**масыл** – *мусаллат*
**мазҳәб** – текстте: *диний тәртип-қағыйда*
**Мәлакүл маўит** – *әжел периштеси, Әзирайыл*
**малеллесиў** – *келиспей қалыў, сөзге барысыў*
**матғапыл** – *ғапылда қалыў*
**машиўрат** – *кеңес, маслаҳат*
**мезирет** – *мийман күтими, мийман назири*
**мийлаў** – *ақпақулақ, мийсиз*
**Микайыл** – *әлемди материаллық жақтан тәмийинлеўши периште*
**молбийке** – *қолы ашық, сақый, пейли кең ҳаял*
**муңлық** – *ҳаял заты*
**мүдаррис** – *медиреседе оқытыўшысы*
**мүтире** – *суў алып жүриўге арналған ыдыс (метире)*
**мысқал** – *бурынғы аўырлық өлшеми (шама менен 4,24 грамм)*
**наза** – *наразылық, әкпе-наз, қолошылық*
**нарсексеўил** – *ири сексеўил*
**нафхи сур** – *ақырзаман басланғанын билдирип шертилетуғын әсбап*
**нағахдан** – *бир қараўдан, тосаттан*
**нарес** – *бойға питкен ҳамиле*
**неки** – *ҳарқандай, не-не*
**нида** – *ҳаўаз, сес, шақырық*
**нукта** – *терең мәнили сөз, ҳикмет*
**нура** – *қыр, бийиклик*
**нус** – *нуқсан, кемшилик*
**ныш** – *тыйық, өткир ушлы зат (ниш)*
**Ойыл** – *Туран ойпаты, Үстирт үлкеси*
**оқтаў** – *ерек, бөлек, узақ*
**омыт** – *үйиншик*
**оңқасы** – *рети, қолайы, пурсаты*
**оңғыз** – *қолайсыз, олағайым, шолағай*
**оразгар** – *үй ише тиришилигь, руўзыгершилик*
**ояз** – *төмен, жеткиликсиз, аз*
**оял** – *кеўил, ой*
**өмиргүзаранлық** – *жасаў, тиришилик*
**өрели кийиз** – *үлкен кийиз*
**палаң** – *ер астына салатуғын қалың тоқым*
**Палўан ата** – *Хийўа қаласындағы Махмуд Палўан ата қәбиршылығы*
**пансат** – *Қоқан ханлығындағы лаўазым түри*
**парай сексеўил** – *сыйдам сексеўил (парей сексеўил)*
**парығ болыў** – *босаў, қутылыў*
**пажмурде** – *солғын, арық, келте*
**пайти** – текстте: *қудық қазыў усылы*
**пантек** – *олағайым, ақмақ, пантқор*
**паре** – *пара*
**Пас** – *Қуйыл ямаса Қыйыл, Сырдарьяның қуярлығы*
**пәтиўа** – текстте: *тастыйықланған ҳүким*
**пилтежип** – *пахтадан сабақланған жип*
**питистириў** – текстте: *питимге келтириў, мәмилеге әкелиў, келистириў*
**пост** – *қабық*
**постырма** – *жасырып қойылған әскер (пустырма)*
**пөстек** – *қой-жанлық териси*
**пушқақ** – *дизеден төменги аяқ териси, тулақ*
**пысқы фасад** – *дәҳмет, жала, бирєў ҳаққында таркатылған өсек гәп*
**раўий** – *ўақыяны баянлаўшы, ески сөз билиўши*
**рукн** – *үстин, таяныш, тийкар*
**сағыр** – текстте: *биймәлел адам*
**саты сыныў** – *сақты сыныў, таўы қайтыў, пәти қайтып қалыў*
**сақын болыў** – *сақланыў, сақ болыў*
**салпаўсыў** – *басасып қалыў*
**саман** – *самен, шубар*
**сандаў** – *артқы аяқтың жоқарғы жағы*
**сартап** – *түйе жатағы*
**сарый адам** – *жүзи сарғайған, сары аўырыўға шатылған адам*
**сарыпостын** – *қытай арығынан тарқайтуғын тийре*
**саўмалаў** – *сүўмрыў, тартыў*
**саржылан** – *айдарлы жылан*
**сафе** – *тилсим хабары: сыр, оян, көрим*
**серяк ойыны** – текстте: *әскерий машқы*
**сижжин** – *жердиң жетинши қабатындағы дозақты көтерип турған қатты тас*
**сил** – *өкпе кеселлиги (туберкулез)*
**суўалыў** – *суў тартылыў, томтарыс болыў*
**суўыт** – *асығыс, қыстаўлы*
**сүйек** – текстте: *тек-тийкар, ата-тек*
**сүтүн** – *аспан таянышы, дүнья үстини*
**сықырлаўық** – *қара үйдиң жарма есиги (ергенек)*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**тайын** – текстте: *түйе үйири (төбен)*
**тақшылық** – *қытшылық, жетпесинлик, топшылық, таңқыслық*
**талай** – *тағдир-талай, жазмыш*
**таңқыс** – *қахат, қыт*
**тасбиx** – *субханаллах (Алла пакдур) деп такирарлаў (Алла атын зикир етиў)*
**тасбиx сана** – *таспи тарыли*
**таўқымет** – *қыйыншылық, мушкиллик*
**Таўрат** – *Мууса әлейҳиссаламға түсирилген илаҳий китап*
**таўтан** – *қоян*
**табдил** – *шаш*
**такибай** – *тықымай*
**тамби** – *қапы тиреўши*
**тане** – текстте: *дене, тән*
**танти** – *алдам-ғалдам, қолы ашық*
**татаррик** – *таярлық*
**тахият** – *сәлемлесиў, сәлемлер*
**тапиш** – *ташыўш*
**тегеўрин** – *жабайы қустың аяғындағы артқы тырнағы (тепкир)*
**тентек** – текстте: *жилли, делбе, тентене*
**терсекей** – *терис, кери*
**тиюн (тикенек)** – текстте: *ҳамиле*
**тиленсек** – *тилемпаз, тиленшилик етиўши*
**тин-аман** – *саў-саламат, дин-аман*
**тирлик** – *ҳәрекет*
**төбебий** – *даўды шешиўши бас бий*
**төбел** – *жылқының төбе жолы*
**төленгит** – текстте: *хан тансақшысы, хан тұқымын қорғаўшы*
**төртем** – *төртинши сынар, төртиленши курсақ*
**туўарыў** – *таўысыў, питкериў*
**туўма** – текстте: *жаўдан қорғанған туўысқан, асырап алынған, урыўға сиңискен*
**туўырлық** – *қара үйдиң үстине жабатуғын кийиз*
**түл** – *шаш, сақал мурт, түк*
**түлей** – *қараңғы куўыслық*
**түлкишик** – *мыршай, түлки күшиги (түлкишек)*
**түнек** – текстте: *азық аўқат сақлайтуғын қараңғы бөлме*
**Түпкитап** – *тиб (медицина) илими, тиб билими*
**тырнақтың жағыўы** – *тырнақтың шыққан жериндеги ақ доға, тырнақтың көзь*
**умман** – *аман суў, кеңдей суў (океан)*
**үддесинен шығыў (үддолеў)** – *орынлаў, атқарыў, бежериў*
**үжмоли** – *жарамлы, орынлы*
**үзик** – *қорғў жолқыны*
**үйелеў** – *бастырылыў*
**үлеў** – *куш-калик, улаў*
**үме/үмме** – *ҳаял-қызлар кемеги (үме салыў)*
**үсик алыў** – *суўыққа үсип қалыў, суўыққа алдырыў*
**үшем** – *үшинши сынар, үшиленши курсақ*
**ўасўас** – *кери үгит, азғырыўшылық*
**ўақым жер** – *диний мәкемеге ямаса диндарлар ықтиярына пайдаланыў ушын, лекин сатпаў шәрти менен өткерилген яки ўасият етип қалдырылған жер*
**ўыслат** – *жетисиў, ерисиў*
**халқ** – *жаратыўшы*
**хожа** – текстте: *ийе, басшы (хожайын)*
**хүны наҳақ** – *бийгүна төгилген қан*
**ҳалақыт** – *кесент*
**ҳалы** – *аўлақ, аңаша*
**ҳалыйқа** – *жаратыўшы*
**ҳаўайы** – *қыялый, ҳаўлеки*
**ҳазим қылыў** – *сиңириў*
**ҳакери** – *ҳәкис сөйлеўши, терисаяқ*
**ҳалде** – *ҳалда, күйде*
**ҳалеме** – *ешки кеселлиги*
**ҳамий** – *қәўендер, болысыўшы, жәрдем бериўши*
**ҳамиян** – *шыжлан*
**ҳарем** – текстте: *шарбақ, ҳаўли-ҳарем*
**ҳаршанд** – *қанша, қаншелли*
**ҳасе** – *ҳаса*
**ҳатек** – *қатынек, қызтеке (пишик)*
**ҳидаят** – *дурыс жол көрсетиў, Ҳақ жолына жетеклеў*
**шабыр** – *алап, масгиа*
**шайла** – *асхана ушын тикленген төбеси ашық шалашық*
**шақ болыў** – *жарылыў, кесилиў, екиге бөлиниў*
**шар** – текстте: *қыйыршан-шыйыршан из*
**шаркесе** – *лаўабы кесе*
**шарлаў** – текстте: *шақырыў*
**шайдоз** – *отқа қойыўға арналған шәйнек, шаўгим*
**шавияҳ** – *шаппат*
**шарли** – *шаҳарли, қалалы*
**шетенқудық** – *иши қатты ағаш пенен қаланып, бегенленген қуйы*
**шейим** – *дейин, шейин*
**шешен** – текстте: *гүл кеселлиги*
**шикар** – *аў, аңға шығыў*
**ширемин** – *қурғатылған мазалы дәм-дәмеклер*
**ширене** – *ширели жемислер қайнатпасы (варенье)*
**ширин** – *шийрин*
**ширинже** – *шырынжа мийўели дарақка түсетуғын жабысқақ зыянкес*
**ширинек** – *мийўе писикшилиги, жемис молшылығы*
**ширинлик** – *ширелик*
**шынеки** – *шыны, ҳақыйқый*
**шыңыраў қудық** – *жүдә терең, түпсиз қудық*
**шоқалақ** – *майда-майда төбешикли жер*
**шолан** – *балық сақлайтуғын салқын аран (қазанақ)*
**ыспа қум** – *қуйылма қум, көшпе қум*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

*Көп томлық*

77–87-томлар

*Нөкис «Илим» 2014*

Редактор *А. Альниязов*
Художник *Б Айтмуратов*
Тех редактор *В Султангулова*
Компьютер дизайны *Б Исмаилов*

www.ziyouz.com kutubxonasi



Баспахана лицензиясы AI №137, 27.04.2009. Басыўға 18.11.2014-ж. руқсат етилди.
Қағаз форматы 60x84 1/16. Таймс гарнитурасы. Офсет усылында басылды.
Шәртли б.т. 65,1+2,55. Есап б.т. 59,9+5,3. Жәми 2000 нусқа. Буйыртпа № 3675.

«Илим» баспасы. Нөкис қаласы, Бердақ гузары, 41-үй. Шәртнама 8/113.

«Шарқ» баспа-полиграфия акционерлик компаниясының баспаханасында басылды.
100000, Ташкент қаласы, Буюк Туран көшеси, 41-үй. 2014

www.ziyouz.com kutubxonasi